# АДЫГЭБЗЭ

**- ПСЭЛЪЭБЗЭР ЗЭРЫУХУАРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭР МАКЪ ЛЪАБЖЬЭКIЭ КЪЭЗЫУАТЭ ТХЫЛЪ -**

# II

**БЕР ХЬИКМЭТ**

# АДЫГЭБЗЭ
# - ПСЭЛЪЭБЗЭР ЗЭРЫУХУАРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭР МАКЪ ЛЪАБЖЬЭКIЭ КЪЭЗЫУАТЭ ТХЫЛЪ - II

**Япэрей тэдзэгъуэ**

**Тхылъ тедзапIэ: е-тхылъ**

**Зэхэзылъхьар - Мизанпаж: Бер Хьикмэт**

**2014**

**Анкара/Туркия**

# ИТХЭР

**ПСЭЛЪАЩХЬЭХЭР**.....Т.НЭПЭКlУЭЦl

**ЛЭЖЬЫГЪЭМ ХЭЗЫГЪЭГЪУАЗЭ ПЭУБЛЭ**..... 4
**МАКЪХЭР БЗЭМ ЗЭРЫХЭХЬЭРЭ ПСАЛЪЭХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭУ ЗЭРЫЛАЖЬЭР**.....23
**I. "МАКЪ lУЭР"ХЭР БЗЭМ ЗЭРЫХЭХЬЭРЭ ПСАЛЪЭХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭУ ЗЭРЫЛАЖЬЭР**.....23
«Ы, lЫ» МАКЪ ГУПЫР.....25
«Э, А, lЭ» МАКЪ ГУПЫР.....42
«И, Й, Е (ИЭ, ИЭЙ; ЭЙ, ЭЙЙ), Я (ИА, ЕА), lИ, lЕ» МАКЪ ГУПЫР.....69
«У, lУ, О» МАКЪ ГУПЫР.....103
"МАКЪ lУЭР"ХЭМ ТЕУХУАУЭ ПЫЩАПХЪЭХЭР.....119
**II. "МАКЪ ЩЭХУ"ХЭР БЗЭМ ЗЭРЫХЭХЬЭРЭ ПСАЛЪЭХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭУ ЗЭРЫЛАЖЬЭР**.....126
БЗЭГУПЭР ЗИ КЪЭХЪУПlЭ МАКЪЫР: «Р».....127
ПЭЩХЬЫНЭР ЗИ КЪЭХЪУПlЭ МАКЪХЭР: «М, Н».....147
КЪУРМАКЪЕЙР ЗИ КЪЭХЪУПlЭ МАКЪХЭР: «ХЬ, "Хы, h"».....172
ТЭМАКЪЫМРЭ БЗЭГУ ЛЪЭДАКЪЭ НЭГЪУНЭР ЗИ КЪЭХЪУПlЭ МАКЪХЭР: «КЪ; КХЪ; ХЪ; ГЪ»; «КЪУ; КХЪУ; ХЪУ; ГЪУ».....188
ТЭМАКЪЫМРЭ БЗЭГУ ЛЪЭДАКЪЭ НЭГЪУНЭР ЗИ КЪЭХЪУПlЭ МАКЪХЭМ ЖЬЭ КlУЭЦlРЭ БЗЭГУМ КЪАТЕХЪУКlЫЖ МАКЪХЭР: «КЪ → "Кl (→Ч) → КlУ"»; «КХЪ → "К (→ Ч) → КУ"»; «ХЪ → "Х → ХУ"»; «ГЪ → "Г → ГЬ (→ ДЖ) → ГУ; ДЗ"».....219
БЗЭГУ ЛЪЭДАКЪЭРЭ НЭУЖЬ БЗЭГУЛЪЭР ЗИ КЪЭХЪУПlЭ МАКЪХЭМРЭ, АБЫХЭМ КЪАТЕХЪУКlЫЖ МАКЪХЭР: «ЖЬ, Ш»; «ЖЬ → "Ж; З"»; «Щ → "Щl, Ш; С"».....252
БЗЭГУЛЪЭБГЪУР (ИЖЬРАБГЪУР) ЗИ КЪЭХЪУПlЭ МАКЪХЭР: «ЛЪ, Л, Лl».....289
БЗЭГУПЭ КЪАРУКlЭ ДЗЭПЭ ДУРЭШЫР ЗИ КЪЭХЪУПlЭ МАКЪХЭР: «Д, Т, Тl»....303
ДЗЭРЭ lУПЭР ЗИ КЪЭХЪУПlЭ МАКЪХЭР: «Ф, Фl, В».....318
lУПЭР ЗИ КЪЭХЪУПlЭ МАКЪХЭР: «П, Пl, Б».....330
БЗЭГУПЭРЭ ДЗЭПЭР КЪЭlУПlЭ ЗЫХУЭХЪУА МАКЪХЭР: «Цl, Ц».....343
**III. "МАКЪ ЩЭХУ ЗЭГУЭТ"ХЭР БЗЭМ ЗЭРЫХЭХЬЭРЭ ПСАЛЪЭХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭУ ЗЭРЫЛАЖЬЭР**.....349
"Т" МАКЪЫМКlЭ КЪЕЖЬЭ "МАКЪ ЗЭГУЭТ"ХЭР: «ТХЪ, ТХЪУ; ТХ, ТХУ; ТХЬЭ»..352
"Тl" МАКЪЫМКlЭ КЪЕЖЬЭ "МАКЪ ЗЭГУЭТ"ХЭР: «ТКl, ТКlУ».....360
"Щ" МАКЪЫМКlЭ КЪЕЖЬЭ "МАКЪ ЗЭГУЭТ"ХЭР: «ЩТ; ЩХЪ, ЩХЪУ; ЩХЬЭ»....361
"Ш" МАКЪЫМКlЭ КЪЕЖЬЭ "МАКЪ ЗЭГУЭТ"ХЭР: «ШХ, ШХУ».....370
"ЛЪ" МАКЪЫМКlЭ КЪЕЖЬЭ "МАКЪ ЗЭГУЭТ"ЫР: «ЛЪХУ».....373
"П" МАКЪЫМКlЭ КЪЕЖЬЭ "МАКЪ ЗЭГУЭТ"ХЭР: «ПС; ПЩ, ПЩl, ПШ; ПХЪ, ПХЪУ; ПХ; ПЛЪ».....374
"Пl" МАКЪЫМКlЭ КЪЕЖЬЭ "МАКЪ ЗЭГУЭТ"ХЭР: «ПЦl; ПЩl; ПКЪ; ПКl; ПЛl».....396
"Б" МАКЪЫМКlЭ КЪЕЖЬЭ "МАКЪ ЗЭГУЭТ"ХЭР: «БЗ; БДЗ; БГЪ, БГЪУ; БГ; БЖЬ, БЖ; БЛ».....405
"Ф" МАКЪЫМКlЭ КЪЕЖЬЭ "МАКЪ ЗЭГУЭТ"ЫР: «ФТ».....429

## МЫ ЛЭЖЬЫГЪЭМ ХЭЗЫГЪЭГЪУАЗЭ ПЭУБЛЭ

Макъхэр утыку къызэрихьэмрэ ахэр бзэм зэрыхэхьэр зэщхьэщыкl lуэхугъуитlщ. Къызэрыхъу щlыкlэм теухуауэ макъхэм ″макъ мыхьэнэ″ яlэщ, икlи макъыгъуэр зэрыухуэмрэ абы хагъэзэщlыхь къалэни яlэщ. Мыпхуэдэу къэхъуа макъхэмкlэрэщ псэлъэбзэ зэрыухуэри, макъхэмкlэрэ псэлъэбзэр зэрыухуэрэ икlи макъхэр бзэм зэрыхыхьэ щlыкlэри мы я къэхъукlэм еипкъ иткlэрэ мы я мыхьэнэрэ къалэным теухуащ. Аращи, макъхэм я къэхъукlэмрэ ахэр псэлъэбзэм хэхьэу зэрыхэлэжьыхьыр зэхуэмыдэ lуэхугъуэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ, ауэ псэлъэбзэр макъхэмкlэрэ зэрыухуэр макъхэм я къэхъукlэм зэрытеухуари гурыlуэгъуэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, макъхэр бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм и лъабжьэр макъхэм я къэхъукlэм ипкъ иткlэ я мыхьэнэрэ къалэнращ зытеухуарэ зыпыщlар.

Макъхэр утыку къыщихьэгъащlэм ахэр псэущхьэм зэрызырихьэ щlыкlэм дежщ псэлъэбзэм и пэщlэдзэри, мыпхуэдэу ухуэу щlэзыдзэ псэлъэбзэм макъхэм хагъэзэщlыхьыр макъхэм я къэхъукlэм теухуа мыхьэнэрэ къалэнкlэрэщ. Псэлъэбзэр мыпхуэдэу ухуэу щlидза нэужьи макъ къэхъуныгъэм пищэу макъыщlэхэр утыку къохэри, псэлъэбзэр зы системэу мыухуэ ипэ къэхъуа макъхэмкlэрэ ухуэу зэрыщlидзэм нэмыщl, мыпхуэдэу ухуэу щlэзыдза псэлъэбзэр зэрыужьынум ипкъ зэриткlэрэ къэхъуу утыку къихьагъащlэ макъыр къызэрыхъуа щlыкlэм теухуауэ псэущхьэм зэрызэрихьэкlэрэ псэлъэбзэм хохьэр. Зэрыгурыlуэгъуэщи, псэущхьэм къызщыхигъэlукla дыдэм зы макъым ″макъ мыхьэнэрэ къалэн″ иlщи, ар бзэм щыхэмыхьарэ щыхэмылэжьыхь мы макъ къэхъупlэ дыдэр иджыри бзэ мыхьэнэкъым. Аращи, утыку къызэрихьа мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ макъхэр псэущхьэм зэрихьэу зэрыщlидзэкlэрэщ псэлъэбзэри зэрыухуэри, псэлъэбзэр макъхэмкlэрэ зэрыухуэм ипкъ иткlэ, дэтхэнэ зы макъым бзэ мыхьэнэи егъуэтыр. Мыпхуэдэ лэжьэкlэмкlэ зэпкъырыуварэ мы и зэпкъырыувэкlэр зыхэмыкlуэдыкlыжар зы макъыбзэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ лэжьэкlэ зиlэ зы псэлъэбзэращ макъхэр я мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ зыхэплъагъуэ бзэ лlэужьыгъуэри, ар зы макъыбзэщ. Адыгэбзэр мыпхуэдэ зы бзэщ.

Бзэ мыхьэнэ жыхуэтlэхэр макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ къэхъуращи, ар макъыр къызэрыхъуа щlыкlэм теухуауэ макъ мыхьэнэрэ къалэнхэм къытехъукlыжращ. Бзэм и гугъу тщla мы и къэхъукlэрэ и ужьыныгъэм дежрауи жыlэпхъэщ макъхэр къызэрыlу щlыкlэкlэ щхьэжу бзэ мыхьэнэуэ бзэм зэрыхэхьэкlэрэ ″макъ псалъэ″ жыхуэтlэхэри къыщыхъур. Ауэ, макъхэм я къэхъуныгъэр зэрызэхуэмыдэми ипщэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъэххэщи, макъхэр бзэм ″макъ псалъэ″у зэрыхэхьэ щlыкlэхэри зэщхьэщокlыр: макъ гуэрхэр къызэрыхъуа щlыкlэм ипкъ иткlэ занщlэу бзэм ″макъ псалъэ″у хохьэ; макъ гуэрхэр бзэ лэжьэкlэрэ

ухуэныгъэм куэду иужькlэу жыlэпхъэщ ″макъ псалъэ″хэу бзэм щызэрыхэхьэжыр. Аращи, мыхьэнэ зиlэ макъ нэхъыбэр бзэм зэрыхэхьэ щlыкlэр занщlэу ″макъ псалъэ″у щыт щхьэ, дэтхэнэ зы ″макъ псалъэ″р мыпхуэдэу зэрыщымытыр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу зэщхьэщыкlыу ″макъ псалъэ″хэр утыку къызэрихьэмрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым илъабжьэкlэ псалъэ къэхъукlэрэ лэжьэкlэ лlэужьыгъуэхэм я пэщlэдзэрэ я зы lыхьэу щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*

Псэущхьэм макъ къызхигъэlукlыу зэрыщlидзам дежращ псэлъэбзэм и ухуэныгъэри къыздыщlидзэри, макъхэр утыку къызэрихьэр зи лъабжьэу ухуэ мыпхуэдэ псэлъэбзэри зы макъыбзэу зэрыщытынур жытlагъэххэщ. Аращи, макъхэр утыку къызэрихьа лъабжьэм тету ухуэ псэлъэбзэм мы и ухуэныгъэ лъабжьэр хэмыгъуэщарэ мыкlуэдамэ, зы псэлъэбзэр макъыбзэм къызэрытенэрэ макъыбзэу зэрызекlуэнури гурыlуэгъуэнщ. Къызэрыхъуа мы щlыкlэр хэмыкlуэдэжарэ и лъабжьэр щlэмыуда зы бзэр макъыбзэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, ар и макъхэр утыку къызэрихьа щlыкlэрэ лъабжьэри зыхэлъыжу лэжьэкlэ зиlэ зы бзэрщ.

Макъхэр утыку къихьарэ я къэlукlэр псэлъэбзэ ухуэныгъэм дэкlуу зэрызэхъуэкlыфынури гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щlыкlэкlэ бзэм икlуа зэманыгъуэр зэрымымащlэри гурыlуэгъуэнщ. Ауэ макъхэм я къэlукlэр зэрызэхъуэкlкlэрэ нобэ ахэр бзэм зэрыхэт щlыкlэм иувэжами, макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэрэ я мыхьэнэм хэкlуэдыныгъэшхуэ имыlэу псэлъэбзэм хэлэжьыхьу нобэм къызэрынэсари макъыбзэ лэжьэкlэм гурыlуэгъуэ къыпхуещlыр.

Дэтхэнэ и зы макъыр утыку къызэрихьа лъабжьэр зэриlэжкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа лэжьэкlэ зиlэ псэлъэбзэщ макъыбзэр. Мыпхуэдэ лэжьэкlэм зэпыудыгъуэ имыlэу гъуэгуанэ кlыхь къызэригъуэгурыкlуар гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ зы лъагъуэ зэрытеткlэрэ мы гъуэгуанэ кlыхьым макъхэм я къэlукlэрэ я мыхьэнэ зэхъуэкlыныгъэри зэпычыгъуэ зимыlэу къызэрыдэгъуэгурыкlуам папщlэ, ахэр къызэрыхъуарэ я мыхьэнэр бзэ лэжьэкlэм хэмыкlуэдыкlыу къэгъуэгурыкlууэ лъытапхъэщ. Мыпхуэдэщ нобэм къынэса макъыбзэу щыт адыгэбзэр зэрызэпкъырыуварэ зэрылажьэ щlыкlэри, зэманыгъуэ кlыхькlэ гъэзэщlарэ зэпыудыгъуэ имыlэу ухуа мыпхуэдэ бзэ лэжьэкlэм дэтхэнэ и зы lыхьэри адрей и lыхьэхэм пыщlарэ елъытауэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Араши, зы макъыбзэм дэтхэнэ зы lыхьэри, дэтхэнэ и зы макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри адрей lыхьэрэ макъхэм елъытарэ пыщlащ. Икlи, макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэри зыр зым зэрелъытарэ зэрыпыщlауэ зэрыщытми мы лэжьыгъэм ипэ къихуэ lыхьэхэм гурыlуэгъуэ къещlыр.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къызэращlщи, зы макъыбзэм и лэжьэкlэр пычыгъуэ пычыгъуэрэ lэнатlэ lэнатlэу яджрэ щыгъуазэ зыхуэхъу

″псэлъэпкъыбзэ″хэм хуэдэкъым. Макъыбзэр макъхэр утыку къызэрихьа лъабжьэ зыхэлъыжрэ зэпычыгъуэ зимыIэу ухуа зы псэлъэбзэщ. Ауэ ″псэлъэпкъыбзэ″у нобэ дуней бзэщIэныгъэу ялъытэр къызтехъукIа бзэхэр мыпхуэдэкъым; абыхэм макъыбзэ лэжьэкIэр ящIэкIуэдыкIащи, бзэ лэжьэкIэ Iыхьэу ялъытахэр щхьэж лэжьэкIэу ядж, икIи я зэхуакуми зэпыщIэныгъэшхуэ дэмылъу утыку къыралъхьэр.

*

Макъыбзэм и макъхэр къызэрихъуарэ къызэрыIухэри зэпыщIарэ зэлъытащ, я мыхьэнэрэ я къалэнхэри ар дыдэу зэпыщIарэ зэлъытауэ щытщ. ИкIи дэтхэнэ и зы макъым бзэм хигъэзэщIыхь и зы къалэнрэ мыхьэнэмрэ нэгъуэщI и зы къалэнрэ мыхьэнэм я зэхуакум зэпыщIэныгъэрэ зэлъытэныгъэ дэлъщи, дэтхэнэ зы макъыр къызэрихъуарэ къыздыщыхъуар и лъабжьэу, бзэм зэщхьэщыкI мыхьэнэ къигъэщIыIу зэрыхэлэжьыхьми зэпычыгъуэ иIэкъым.

Мы псалъэхэм къызэрыгуэкIщи, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и лэжьэкIэ Iыхьэ гуэрхэр щхьэжу лъытэныр, ахэр бзэм и адрей лэжьэкIэ Iыхьэхэм пымыщIарэ емылъытауэ къэIуэтэнрэ джыныр игъуэу зэрыщымытынур гурыIуэгъуэщ. Ар щыхъукIи, макъыбзэу щыт адыгэбзэм и лэжьэкIэ Iыхьэхэр щхьэж лэжьэкIэхэу лъытэныр, ахэр категорие жыхуаIэ щIыкIэу Iыхьэ Iыхьэу гуэшынрэ адрейхэм пымыщIарэ емылъытауэ гурыIуэгъуэ зыхуэщIынрэ джыныр гугъущ, икIи игъуэкъым. Дэтхэнэ зы лэжьэкIэрэ еплъыкIэр зы категориеу плъытэми, ар икIи адыгэбзэ лэжьэкIэм и зы нэгъуэщI категориеуи зэрылъытэфынури гулъытапхъэщ.

И лэжьэкIэм щыгъуазэ дыхуэхъун папщIэ, адыгэбзэм и псалъэхэр утыку къызэрихьэрэ зэрылажьэм щыгъуазэ дызхуэхъу зы лэжьыгъэщ мы къытпэщытри, мы лэжьыгъэр адыгэбзэм и лэжьэкIэмрэ и псалъэхэр къатегориерэ псэлъащхьэ гуэрхэм теухуауэ къыдогъэкIуэкIыр. Ауэ мы зэрыжытIауэ, адыгэбзэм и лэжьэкIэм теухуа категориехэр зэрытлъытэ щIыкIэкIэ ахэр щхьэхуэ щхьэхуэу псэлъащхьэ зэрытщIкIэрэ мы лэжьыгъэр къедгъэкIуэкIми, мыр дэтхэнэ и зы Iыхьэр зэпыщIарэ зэрызэлъытауэ зэпкъырылъу щыт адыгэбзэм теухуауэ зэрымытыншыр, икIи сытым дежи зэрыимыгъуащэр мы илъабжьэкIэ къедгъэкIуэкI лэжьыгъэм къыхощыр. Псалъэм папщIэ, зы категориемрэ псэлъащхьэм зи гугъу щыщытщI зы псалъэрэ бзэ лэжьэкIэр нэгъуэщI категориерэ псэлъащхьэ гуэрхэми теухуэу къызэрытпыщIэхуэжынуращ мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къытхуащIри, мыпхуэдэхэр мы къытпэщыт лэжьыгъэм хыболъагъуэр.

НытIэ, мы къытпэщыт лэжьыгъэрэ тхылъ Iыхьэр къызэрекIуэкIыну щIыкIэу, макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа псэлъащхьэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мы лэжьыгъэр макъыбзэр зэрызэпкъырыувэрэ зэрылажьэм езэгъ зэкIэлъхьэужьыкIэкIэ къегъэкIуэкIын хуейуэ

зэрыщытри гурыIуэгъуэнщи, дэтхэнэ зы макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьым езэгъ псэлъащхьэхэм щIэту щIоджыкIыр мы лэжьыгъэр; тIанэ, псэлъащхьэхэм я зэкIэлъхьэужьыкIэр - Iэмал зэриIэкIэрэ- макъхэр бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхь зэкIэлъхьэужьыкIэм теухуауэ зэрыгъэпсын хуейри гурыIуэгъуэщ.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, макъыбзэр ухуэу зэрыщIидзэрэ зэрылажьэ зэкIэлъхьэужьыкIэм зэрезэгъкIэрэщ мы лэжьыгъэр дэтхэнэ зы макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ къызэрекIуэкIынур. НытIэ, макъыбзэ лэжьэкIэр макъыр къызэрыIу щIыкIэкIэ занщIэу бзэм зэрыхэхьэкIэрэщ къызэрежьэри, мыпхуэдэу "макъ псалъэ" утыку къызэрихьэм теухуа Iыхьэращ япэрей псэлъащхьэр. "Макъ псалъэ"р мыпхуэдэу бзэм хэхьа нэужь, къыпыхьэ макърэ псалъэхэмкIэ ар бзэм зэрыхэлэжьыхьынур гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ лэжьэкIэхэми зы псэлъащхьэм щIэту щыгъуазэ дыхуэхъунщ. "Макъ псалъэ"р зы макъым къытехъукI япэрей "бзэ мыхьэнэ"уэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, ар бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа псэлъащхьэ нэужьым, зы макъыр макъ гупым хэту бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэми зы псэлъащхьэм щIэту щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыпхуэдэу макъ гупкIэрэ ухуа дэтхэнэ зы псалъэри бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэр зы "макъ псалъэ"р бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм хуэдэщи, макъ гупкIэрэ ухуа псалъэхэр аргуэру бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм и гугъу тщIыжын хуэныкъуэкъым. НытIэ, мыпхуэдэщ макъхэр я "макъ мыхьэнэрэ къалэн"кIэрэ бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхьу абыхэм "бзэ мыхьэнэрэ къалэн" зэраухуэри, мы зи гугъу тщIа псэлъащхьэхэм я зэкIэлъхьэужьыкIэр икIи макъхэр бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхь зэкIэлъхьэужьыкIэм зэрезэгъыр гулъытапхъэщ.

Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, дэтхэнэ зы макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ гъэпсащ мы лэжьыгъэр. Япэрауи макъхэр занщIэу бзэм зэрыхэхьэр дэтхэнэ зы макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьым и пэщIэдзэущ зэрылъытари, абдежыр "макъ псалъэ" жыхуэтIэращ. Дэтхэнэ зы макъым теухуауэ къекIуэкI лэжьыгъэ Iыхьэм и япэрей псэлъащхьэр а *"макъым къытехъукI макъ псалъэ"*у гъэпсащ.

Дэтхэнэ зы макъыр япэу бзэм зэрыхэхьэр нэхъыбэм деж "макъ псалъэ"ущ. Ауэ "макъ псалъэ"у бзэм хэт дэтхэнэ зы псалъэр а макъыр флэкIыпIэ зэримыIэкIэрэ япэу бзэм зэрыхэхьа щIыкIэу зэрыщымытри гурыIуэгъуэщ. Аращи, нэгъуэщI макърэ псалъэхэм къыпыхьэущ макъ гуэрхэр бзэм япэу зэрыхэхьэрэ хэлэжьыхьу зэрыщIидзари, мыпхуэдэ макъхэм "макъ псалъэ" къытехъуклами, ар мы зэрыжытIауэ бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхь нэужьращ. Мыбы нэмыщI, "макъ псалъэ" гуэрхэри иужькIэ зэхъуэкIыжурэщ бзэм щыхэхъухьар. НытIэ, зы макъыр занщIэрэ япэу бзэм "макъ псалъэ" зэрыхэхъухьамрэ, мы зи гугъу зэрытщIауэ макъ гуэрхэм иужькIэ "макъ псалъэ" къызэрытехъукIыжари дэтхэнэ зы макъым теухуа мы лэжьыгъэ Iыхьэм къыщыхэдгъэщынщ.

"Макъ псалъэ" къызтехъукl макъхэр "макъ мыхьэнэ" зиlэу утыку къихьэ макъхэрауэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ, ауэ мыхьэнэ яlэу утыку къихьами, дэтхэнэ зы макъым "макъ псалъэ" къызэрытемыхъукlыр е нобэ мыпхуэдэу "макъ псалъэ"у бзэм зэрыхэмытыжыр гурыlуэгъуэнщи, макъхэм теухуауэ къедгъэкlуэкl лэжьыгъэ lэнатlэхэм мыхэри къыхэдгъэщынщ.

Зы макъыр бзэм занщlэу "макъ псалъэ" хэхъухьа нэужь, ар щхьэжу бзэм щызэрызекlуэм къыщымынэу, къыпыхьэ макърэ псалъэхэмкlэрэи зэрылэжьэфынур гурыlуэгъуэнщ. Мыри дэтхэнэ зы "псалъэ"р бзэм зэрыхэлэжьыхьым и зы щапхъэщ. Аращи, зы "макъ псалъэ"р бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр дэтхэнэ зы псалъэм хуэдэщи, ар щхьэж зы псалъэу бзэм зэрыхэлэжьыхьым нэмыщl, абы нэгъуэщl макърэ псалъэ къыпыхьэуи бзэм зэрыхэлэжьыхьынур гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мыпхуэдэ зы лэжьэкlэми *"макъ псалъэхэр къыпыхьэ макърэ псалъэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр"* зи псэлъащхьэм щlэту щыгъуазэ хуэхъун зэрыхуейр гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэ зы псэлъащхьэм lуэхугъуитl зэрыхиубыдэр гурыlуэгъуэщ: зыр "макъ псалъэ"р къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьращ, адрейри "макъ псалъэ"м нэгъуэщl "псалъэ" къызэрыпыхьэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьращ. Мыпхуэдэ lуэхугъуитlыр щхьэхуэ щхьэхуэу "макъ псалъэр къыпыхьэ макърэ псалъэхэмкlэ бзэм зэрыхэлэжьыхь" псэлъащхьэ лъабжьэуи къыхэгъэщын зэрыхуейр гурыlуэгъуэщи, дэтхэнэ зы макъым къытехъукla *"макъ псалъэ"р къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь*ымрэ, *"макъ псалъэ"р къыпыхьэ псалъэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь*ыр зи гугъу тщlы псэлъащхьэ къуэдзитlу къыхэгъэщын хуейщ.

Мыбы нэмыщl, зы *"макъ псалъэ"р къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь* щlыкlэми лъэныкъуитl иlэщ: зыр а "макъ псалъэ"м и мыхьэнэр зэрызэмыхъукlкlэрэ къыпыхьэ макъым "префикс, суффикс" къалэн зэригъэзащкlэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэращ, адрейри "макъ псалъэ"м къыпыхьэ макъкlэрэ "псэлъэщlэ" къытехъукlынращ.

Зы "макъ псалъэ"р къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа мы лэжьэкlитlым и япэрейуэ щыт "префикс, суффикс" лэжьэкlэм икlи дэтхэнэ зы макъым игъэзащlэ "префикс, сууфикс" къалэным щыгъуэй щыгъуазэ дыхуэхъунущ. Ауэ мыбдежми ди "макъ псалъэ" щапхъэр "префикс, суффикс"кlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ.

Зы "макъ псалъэ"м и мыхьэнэр зэрызэмыхъуэкlкlэрэ къыпыхьэ макъым абы "префикс, суффикс" хуигъэзащlэу бзэм зэрыхэлэжьыхьым нэмыщl, "макъ псалъэ"м къыпыхьэ макъкlэрэ "псэлъэщlэ" къызэрытехъукl лэжьэкlэ зэрыщыlэм и гугъуи тщlагъэххэщи, мыпхуэдэ

лэжьэкlэми *"макъ псалъэ"хэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэ*хэу щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

"Псалъэ" жыхуэтlэр зы цlэ лlэужьыгъуэу (зы хьэрычэтыр зэрылъытэ цlэ лlэужьыгъуэу глагол; щыlэцlэ, плъыфlэцlэ, бжыгъэцlэ, цlэпапщlэ...) зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мыбдежым "псэлъэщlэ" щыжытlэм деж, зи гугъу тщlыри мыпхуэдэ зы цlэ лlэужьыгъуэщlэщ. Ауэ псалъэ мыхьэнэр зэримыхъуэкlыу абы къыпыхьэ макъхэм хуагъэзащlэ "префикс, суффикс"кlэрэ "макъ псалъэ"р бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм мы зи гугъу зэрытщlауэ зы "псэлъэщlэ" утыку къызэримыгъэхьэр гурыlуэгъуэщ.

Зы "макъ псалъэ"р бзэм зэрыхэлэжьыхьым и зы lыхьэщ абы нэгъущl псалъэ къызэрыпыхьэри, мыпхуэдэ лэжьэкlэми щыгъуазэ дыщыхуэхъу псэлъащхьэми и гугъу тщlагъэххэщ. Дэтхэнэ зы псалъэр къыпыхьэ макъхэмкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьымрэ абы къыпыхьэ макъкlэрэ псэлъэщlэхэри къызэрытехъукlым нэмыщl, псалъэм псалъэ къыпыхьэуи "псэлъэщlэ"у лъытапхъэ бзэ мыхьэнэхэр къызэрыхъуфынури гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэхэр "псалъэ зэхэлъ"рэ "псалъэ зэгуэт"ущ зэрылъытапхъэр. – "Псалъэ зэхэлъ" псалъэм псалъэхэр ауэ къызэрыкlуэ щlыкlэу зэхэпхъауэ зэрыщытыр дигу къызэригъэкlым папщlэрэ, адыгэбзэм псалъэхэр зэрыщыту зэрызэгухьэми нэхъ езэгъ зы псалъэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, мы зи гугъу тщlы бзэ лэжьэкlэм теухуауэ "псалъэ зэгуэт"ыр зехьэныр нэхъ игъуэу долъытэр -. Нытlэ, *"макъ псалъэхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь"* псэлъащхьэм щlэту зы псэлъащхьэ къуэдзэри а *"макъ псалъэ"р зыхэту ухуэ "псалъэ зэгуэт"*хэращ.

Макъыбзэ лэжьэкlэм ипкъ иткlэ, "псалъэ зэгуэт"у лъытапхъэ гуэрхэм икlи макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа щхьэж псалъэуи зэреджапхъэрэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэри ди лэжьыгъэм къыхэдгъэщынщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэм теухуауэ жыlэпхъэхэр ахэр къызщыгъэлъэгъуа псэлъащхьэм щlэту, е/икlи зыхэхьэ дэтхэнэ зы псэлъащхьэм щlэтуи къыщыхэдгъэщыжынщ.

Зы "макъ псалъэ"р бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуащ мы зи гугъу тщlахэри, дэтхэнэ зы псалъэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри мыпхуэдэщ. Ар щыхъукlи, дэтхэнэ зы макъым теухуауэ къедгъэкlуэкlыу щытрэ дэтхэнэ зы макъым къытехъукl "макъ псалъэ"хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа мы лэжьыгъэ lыхьэр адыгэбзэм дэтхэнэ и зы псалъэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа зы щапхъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Аращи, дэтхэнэ зы псалъэм къыпыхьэ макъхэмкlэ "псэлъэщlэ"хэр къытехъукlыфынщ; дэтхэнэ зы псалъэр нэгъуэщl псалъэхэм зэрыгухьэкlэрэ "псалъэ зэгуэт"хэр ухуэфынщ; дэтхэнэ зы псалъэр и мыхьэнэр зэмыхъуэкlыу къыпыхьэ макъхэм "префикс, суффикс" къалэн зэрыхуагъэзащlэкlэрэ бзэм хэлэжьыхьыфынщ.

Зы "макъ псалъэ"р бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэу мы къэтlуэтахэм зэрезэгърэ, зы "макъ псалъэ"р мыпхуэдэу бзэм зэрыхэлэжьыхьри дэтхэнэ

зы ″псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьым и зы щапхъэу зэрыщыткlэрэ, макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэу мы къытпэщыт лэжьыгъэм псалъэхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ къэтхь щапхъэхэри нэхъыбэу ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ къэтхьыныр игъуэщ.

Аращи, дэтхэнэ зы псалъэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр ″макъ псалъэ″хэр мы и гугъу зэрытщlауэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм ухуэдэщ. Ауэ зы макъыр бзэм бзэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхьыр абы зы ″макъ псалъэ″ къытехъукlынрэ а ″макъ псалъэ″р бзэм хэлэжьыхьын закъуэу зэрыщымытыр гурыlуэгъуэщ. Апхуэдэу щытатэмэ, бзэм и лэжьэкlэр мащlэ дыдэу къызэтенэнт.

Аращи, ″макъ псалъэ″ къызтехъукl макъхэр икlи я ″макъ мыхьэнэ″кlэрэи бзэм холэжьыхьри, зы макъыбзэм и лэжьэкlэ нэхъыбапlэри мыращ къэзыгъэхъурэ зытеухуар. Икlи зы макъыбзэр псалъэрэ бзэ лэжьэкlэу зэрыкъарууфlэрэ адрей бзэхэм къазэрыщхьэщыкlым и lыхьэшхуэри макъхэр я мыхьэнэкlэрэ бзэм мы зэрыхэлэжьыхьрауэ лъытапхъэщ. Ныtlэ, дэтхэнэ зы макъым теухуа лэжьыгъэ lыхьэм *″макъхэр я мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэхэр″* хуэдэ зы псэлъащхьэри хэтын зэрыхуейр гурыlуэгъуэнщ.

Мы зи гугъу тщlы псэлъащхьэхэм щlэту зи гугъу тщlы псалъэ гуэрхэр адрей псэлъащхьэхэм щlэтуи зэрылъытэфынур гурыlуэгъуэщи, апхуэдэхэри лэжьыгъэм къыщыхэдгъэщынщ. Ауэ мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщи, макъ гуэрхэр къызэрыхъуа мыхьэнэкlэрэ бзэм занщlэу макъ псалъэу зэрыхэхьам хуэдэу еджапхъэщ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ псалъэхэм зэрыхэт я мыхьэнэри, мыпхуэдэхэр икlи *″макъ псалъэ″м къыпыхьэ макъкlэрэ ухуэ псалъэ*хэуи зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ зы щапхъэщ -псалъэм папщlэ- ″щl″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри, и мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь дэтхэнэ зы щlыпlэр и макъ мыхьэнэкlэрэ занщlэу бзэм зэрыхэхьа ″макъ псалъэ″хэу щыт ″щlы, щlын, щlэ, щlэн″ мыхьэнэхэу еджапхъэщ.

Мы зи гугъу тщla псэлъащхьэу, дэтхэнэ зы *макъыр и мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэхэр* бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри ″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэу ипэкlэ зи гугъу тщlахэм зэрыхуэдэнур гурыlуэгъуэщ. Зы псалъэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм и зы щапхъэщ ″макъ псалъэ″хэри, ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэу ипэкlэ къэта лэжьэкlэхэм хуэдэщ мыбдежым зи гугъу тщlыу ″макъхэр я мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэ″хэри бзэм зэрыхэлэжьыхьыну щlыкlэр. Аращи, мыбдежым зи гугъу тщlы псалъэхэр аргуэру макърэ псалъэ къазэрыпыхьэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм теухуа щапхъэхэр къэхьын хуеижкъым.

Макъхэр я мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэхэм я гугъу щытщlым деж, ар зы ″макъ мыхьэнэ″ е макъыр бзэм зэрыхэхьа зы ″бзэ

мыхьэнэ″ закъуэу зэрыщымытынури гурыIуэгъуэнщи, мыбы теухуауэ жыIэпхъэхэм пыщапхъэщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, зы макъыр утыку къызэрихьам теухуащ абы и ″макъ мыхьэнэ″ри, ар ″макъ псалъэ″у занщIэу бзэм хохьэ, икIи/е и макъ мыхьэнэкIэрэ бзэм хэлэжьыхьу щIедзэр. Зы макъыр ″макъ псалъэ″у бзэм хэхьарэ, мы и ″макъ псалъэ мыхьэнэ″р зэмыхъуэкIыу нэгъуэщI макърэ псалъэхэр къыпыхьэжу бзэм хэлэжьыхьу щIидзами, мы и мыхьэнэр лъабжьэ зэрыхуэхъукIрэ абы къытехъукIыжрэ щхьэщыкIыныгъэ зиIэ бзэ мыхьэнэи къегъэщIыфыр. Араща, зы макъыр и ″макъ мыхьэнэ″кIэрэ бзэм зэрыхэхьэкIэрэ абы бзэ мыхьэнэ къегъэщIри, и ″макъ мыхьэнэ″мрэ мы къигъэщIа и ″бзэ мыхьэнэ″р бзэм холэжьыхьыр.

Ауэ и ″макъ мыхьэнэм″ елъытащи, зы макъыр бзэм мы зэрыхэхьа щIыкIэми къыщымынэу, бзэ лэжьэкIэм щызекIуэху, нэгъуэщI ″бзэ мыхьэнэ″хэри къегъэщIыфыр. Дэтхэнэ зы макъыр мыпхуэдэкъым, ауэ адыгэбзэм и макъ нэхъыбэр мыпхуэдэ ″мыхьэнэбэ″у бзэм хэлэжьыхьу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

ИкIи макъхэм бзэм къыщагъэщIыфу мы зи гугъу тщIы я ″бзэ мыхьэнэ″хэр щхьэжрэ зэмылъытауэ зэрыщымытри гурыIуэгъуэщи, макъым къыщIидзэу ухуэрэ зэпычыгъуэ имыIэу зызыужь адыгэбзэм и макъхэр бзэм зэрызекIуэми зэпычыгъуэ зэримыIэнур гурыIуэгъуэнщ. Араща, дэтхэнэ зы макъыр къызэрихъуа щIыкIэм елъытауэщ бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхьри, ар бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхь щIыкIэр къызэрихъуа и ″макъ мыхьэнэ″м къыщIидзэу зэпычыгъуэ зэримыIэкIэрэ и зы бзэ мыхьэнэм къыкIэлъыкIуэ зы бзэ мыхьэнэр къызэригъэщIрэ къызэрытехъукIкIэрэщ. Ар щыхъукIи, бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэр ″мыхьэнэбэ″у зэрыщытыр щыжытIэм деж, мыпхэдэр икIи зы макъым къигъэщI ″бзэ мыхьэнэ убгъуа″рэ ″мыхьэнэбгъуэ″уи лъытапхъэщ.

Макъыр бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхьым къигъэщI мы ″мыхьэнэбэ″рэ ″мыхьэнэбгъуэ″р абы и ″бзэ мыхьэнэ марж″у лъытапхъэщ. Адыгэбзэм и макъ нэхъыбэр мыхьэнэбэу жытIагъэххэщи, бзэм зы ″макъ мыхьэнэ марж″ яIэу хэтщ.

Мыпхуэдэ макъхэр я мыхьэнэкIэрэ бзэм хэлэжьыхьу зэмылIэужьыгъуэ lуэхугъуэхэр бзэм утыку къырилъхьэнкIэрэ щхьэпэ мэхъухэр. Ауэ зы макъым къыриIуэфыр зэмылIэужьыгъуэ lуэхугъуэ хуэдэми, ахэр къэхъуныгъэрэ щыIэгъуэкIэ зэхуэдэрэ зэлъабжьэгъуу зэрыщытым папщIэщ а зы макъкIэрэ бзэм зэрыщылъытэфрэ къызэрыIуэтэфым лъабжьэ хуэхъур.

Мы къэтIуэтахэр зэрыхэлъращ макъыбзэрэ адыгэбзэм и псалъэ нэхъыбэм ″мыхьэнэбэ″у узэреджэфынум и лъабжьэр: макъ гупкIэ ухуа зы псалъэм хэт дэтхэнэ зы макъым ар бзэм щызэрекIуэ мыхьэнэхэмкIэрэ узэреджэфынур гурыIуэгъуэщи, дэтхэнэ зы макъым мыпхуэдэу

узэреджэкlэрэ макъ гупкlэ ухуа зы псалъэм и мыхьэнэр зэрыбэгъуэнур гулъытапхъэщ. Аращи, макъ мыхьэнэбэу щыт макъхэмкlэ ухуа зы псалъэр бзэм щызекlуэу зы lуэхугъуэм теухуарэ мыхьэнэуэ хроникэ зэрыхъуам нэмыщl, ар и ″макъ мыхьэнэ″рэ бзэм къыщигъэщl и ″бзэ мыхьэнэ марж″ым хиубыдэ дэтхэнэ зы мыхьэнэкlэрэи гурыlуэгъуэ зэрызыхуэпщlыфыну зэрыщыткlэрэ потанциалу мыхьэнэбэщ.

Ауэ ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэ ди бзэщlэныгъэрэ литературэбзэм адыгэбзэм мы и лэжьэкlэр игъэмэщlэну хущlокъур. Адыгэбзэм и дэтхэнэ зы псалъэр зы мыхьэнэрэ lуэхугъуэ закъуэм теухуэ зехьэн лъэныкъуэмкlэ йокъур нобэрей ди бзэщlэныгъэрэ литературэбзэри, псалъэхэм я мыхьэнэбэм хигъэщlыу бзэм къигъэщl мыхьэнэр игъэмэщlэну хущlокъур.

Мыбы нэгъунэ мы зи гугъу зэрытщlа щlыкlэу лъытапхъэщ адыгэбзэм и псалъэхэр утыку къызэрихьэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, ″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым хуэдэщ макъ гупым зэрыхэткlэрэ макъхэр я мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэхэри бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр. Аращи, макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэм езэгъ мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхьым ″макъ псалъэ″хэмрэ ″макъ гупкlэ ухуа псалъэ″ утыку къызэрегъэхьэри, ахэри къыпыхьэ макърэ псалъэкlэрэ бзэм хэлэжьыхь мэхъухэр. Псалъэхэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм хэлэжьыхьу щыжытlэм деж, мыбы и зы лэжьэкlэр а псалъэм и мыхьэнэр зэрызэмыхъуэкl щlыкlэкlэ макъ къыпыхьэу бзэм зэрыхэлэжьыхьращи, мыр макъым игъэзащlэ ″префикс, суффикс″ къалэну долъытэр. Мыпхуэдэ лэжьэкlэм ″макъ псалъэ″хэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа псэлъащхьэм щlэту щыгъуазэ дыхуохъур. Ауэ абдежым ди lуэхур ″макъ псалъэ″ращи, абы и зы лэжьэкlэу, и мыхьэнэр зэрызэмыхъуэкlкlэрэ къыпыхьэ макъхэм хуагъэзащlэ ″префикс, суффикс″кlэ бзэм зэрыхэлэжьыхьращ. Аращи нытlэ, дэтхэнэ зы макъым къытехъукl псалъэхэмрэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа мы лэжьыгъэм макъхэм ягъэзащlэ ″префикс, суффикс″ къалэнхэми, - мыпхуэдэ къалэн зыгъэзащlэрэ зымыгъэзащlэ макъхэми- щыгъуазэ дызэрыхуэхъур гулъытапхъэщ.

Псалъэ къэхъуныгъэрэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр хиубыдэу зэрыщытынур гулъытапхъэщ мы лэжьыгъэр къызэрекlуэкl щlыкlэу мыбы нэгъунэ ипэкlэ зи гугъу тщlахэми, мыбы къыкlэлъыкlуэу макъхэм ягъэзащlэ ″префикс, суффикс″ къалэнхэмрэ ахэр зэрагъэзащlэ щlыкlэми зы псалъэлъащхьэу щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, бзэ лэжьэкlэу псалъэхэр ухуа нэужьрауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ абыхэм ″префикс, суффикс″ къапыхьэныгъэкlэрэ къекlуэкl бзэ лэжьэкlэр.

Нытlэ, макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа мы лэжьыгъэм зы псэлъащхьэм щlэту дэтхэнэ зы макъым игъэзащlэ ″префикс, суффикс къалэн″ми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Псалъэм и мыхьэнэр зимыхъуэкlыу

ищхьэм къыпыхьэу а псалъэ мыхьэнэр зыгъэлажьэ макъыр ″префикс″у долъытэр; псалъэм и мыхьэнэр зимыхъуэкlыу ищхьэм къыпыхьэрэ а псалъэ мыхьэнэр зыгъэлажьэ макъри ″суффикс″у долъытэр. Дэтхэнэ зы *″макъым игъэзащlэ префикс, суффикс къалэн″*у лъыта мы псэлъащхьэмкlи макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа лэжьыгъэ lэнатlэр мэухыр.

Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэщи, ″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр дэтхэнэ зы псалъэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм и зы щапхъэу зэрыщытым папщlэ, дэтхэнэ зы макъым псалъэхэм хуигъэзащlэ ″префикс, суффикс″ къалэнхэм теухуа щапхъэхэри - нэхъыбэм деж- ахэр ″макъ псалъэ – макъ глагол″хэм къазэрыпыхьэкlэрэ къэдгъэлъэгъуэныр игъуэщ. Икlи, зы макъыбзэр мыхьэнэбэу зэрыщытрэ псалъэхэми къыпыхьэ макъкlэрэ псэлъэщlэ къызэрытехъукlыфынур гурыlуэгъуэщи, лэжьыгъэм нэхъри зедымгъэубгъуу ″префикс, суффикс″ лэжьэкlэ закъуэм щыгъуазэ дыхуэхъун папщlэ, мы псэлъащхьэм щlэту къекlуэкl лэжьыгъэр ″макъ псалъэ – макъ глагол″хэм я зы мыхьэнэм теухуауэщ къызэредгъэкlуэкlынур.

*

Япэрауэ макъхэр бзэм зэрыхэхьэрэ псалъэхэр къызэрыхъуу зэрылажьэм теухуауэ къедгъэкlуэкlыну жыхуэтlа мы лэжьыгъэр ″макъ псалъэ″хэм деж къызэрыщlидзэр гулъытапхъэщи, дэтхэнэ зы макъым игъэзащlэ ″префикс, суффикс″ къалэнхэм теухуа щапхъэхэри ″макъ псалъэ″рэ ″макъ глагол″хэм теухуауэщ зэрыгъэлъагъуэр. ″Префикс, суффикс″хэр икlи нэхъыбэу глаголхэм зэрытеухуари гурыlуэгъуэщи, дэтхэнэ зы макъым игъэзащlэ ″префикс, суффикс″ къалэныр нэхъыбэу ″макъ глагол″рэ нэгъуэщl ″префикс, суффикс″ къэзымыщтауэ щытхэм теухуауэщ къызэрыдгъэлъагъуэр. Мыбдежым зы макъым игъэзащlэ ″префикс, суффикс″ къалэным теухуа щапхъэхэр ″преикс, суффикс″ыншэ ″занщlэ глагол″ым икlи ″макъ псалъэ″рэ ″макъ глагол″хэм щхьэжу къызэрыпыхьэм теухуауэ къэдгъэлъагъуэ щхьэ, адыгэбзэ лэжьэкlэу зы псалъэрэ глаголым къищтэфыну ″префикс, суффикс″ыр зы закъуэм къызэрыщымынэр гурыlуэгъуэщи, псалъэрэ глаголхэр ″префиксыбэ, суффиксыбэ″у зэрыухуэфым теухуа щапхъэхэр мы тлъылъым къыкlэлъыкlуэну ″АДЫГЭБЗЭ III″ тхылъым хиубыдэну ″адыгэбзэм и псалъэ ухуэкlэ″ хуэдэ зы псэлъащхьэм хиубыдэу къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

″Префикс, суффикс″хэм теухуауэ ипэкlэ мы къэтlуэтахэм нэмыщl, аргуэру тежыlыхьыпхъэхэр щыlэщи, мыпхуэдэхэри мыбдежым къыпытщэжынщ.

Зы макъыбзэр макъ мыхьэнэ лэжьэкlэ зиlэ псэлъэбзэщи, зы макъым ″префикс, суффикс″ къалэн зэригъэзащlэри и ″макъ мыхьэнэ″р зэрилъабжьэкlэрэ ар бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ къэхъу и бзэ мыхьэнэхэмкlэрэщ. Аращи, зы макъым игъэзащlэ ″префикс, суффикс″

къалэныр абы и макъ мыхьэнэрэ къалэнращ зэлъытари, мыбырэ а макъым бзэм хигъэзэщlыхь мыхьэнэрэ къалэнхэр зэщхьэщыкlкъым.

Зы макъыр бзэм мыпхуэдэу щlыпlитlым зэхуэдэ мыхьэнэкlэрэ - ауэ зэщхьэщыкl къалэнкlэрэ- холэжьыхьыфри, мы къалэнитlым языхэзу щыт ″прификс, суффикс″ къалэныр зэрыгъэзэщlэфыр а макъым бзэм хигъэзэщlыхь мыхьэнэрэ къалэным нэмыщl, а макъыр ищхьэрэ икlэ къызпыхьэ ″псалъэ″м и мыхьэнэми елъытащ. Икlи мыпхуэдэ къалэнитl щагъэзащlэм деж, ягъэзащlэр дэтхэнэрами зэхэхугъуафlэ щымыхъуи щыlэщи, апхуэдэхэр псалъэр къызэрыlуатэ щlыкlэкlэщ щызэрызэхэхур.

Зы макъыр псалъэм икlэрэ ищхьэм къыщыпыхьэм деж, абы цlэ лlэужьыгъуэу зы псэлъэщlэ (щыlэцlэ, плъыфэцlэ...) къытехъукlмэ, а макъым игъэзащlэр ″префикс, суффикс″ къалэну лъытапхъэкъым. Ауэ зы псалъэм къыпыхьэ макъкlэрэ зы псэлъэщlэр къызэрыхъу щlыкlэри ″префикс, суффикс″кlэрэ къэхъу псалъэущ нобэ ди бзэщlэныгъэм зэрилъытэри, мыр зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэ еплъыкlэм и грамматикэ термину щыт ″префикс, суффикс″ыр псалъэ къэхъуныгъэм лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ зэрыхуэхъуу зэрилъытаращ зытеухуар.

Аращи, зы макъым игъэзащlэ ″префикс, суффикс″ къалэным теухуа щапхъэхэр мы зи гугъу тщlы псэлъащхьэм щlэту къыщытхьым деж, зы макъым игъэзащlэ мы ″префикс, суффикс″ къалэным нэмыщl, ар зы псалъэм икlэрэ ищхьэм къыпыхьэу псалъэм зы ″псэлъэщlэ″ къызэрытехъукlым теухуа лэжьэкlэ щапхъэхэри мы лэжьыгъэм деж къыщыхэгъэщыпхъэщ, е апхуэдэхэр икlи зи игъуэ псэлъащхьэм щlэту щыдгъэлъэгъуэнщ.

Зы макъым и мыхьэнэрэ къалэныр зэрилъабжьэкlэрэ абы бзэм хигъэзэщlыхь мыхьэнэрэ къалэнращ ″префикс, суффикс″ къалэныр зытеухуари, адыгэбзэм и макъхэм щыщу мыпхуэдэ къалэн зэригъэзэщlэфыну макъым гулъытэ хубощlыфыр. Мы псалъэм зэрезэгъщи, адыгэбзэм ″префикс″ е ″сууфикс″ зыгъэзэщlэф макъхэу лъытапхъэхэри хэтщ. Аращи, ″префикс″ къалэн зыгъэзэщlэфыну макъыр зы псалъэр (нэхъыбэуи глаголыр) зэрыгъэзащlэ щlыкlэ къэзыгъэлъагъуэф мыхьэнэ зиlэ макъращ; ″суффикс″ къалэн зыгъэзэщlэфыну макъри зы псалъэр (нэхъыбэуи глаголыр) зыгъэлэжьэфыну мыхьэнэ зиlэ макъращ. Ауэ мыпхуэдэ къалэн зыгъэзащlэ макъхэр сытым дежрэ дэтхэнэ зы псалъэм (глаголым) мы игъэзэщlэфыну къалэныр зэрыхуимыгъэзащlэри пыщапхъэщ.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, ″префикс, суффикс″ къалэн лъэныкъуэкlэ макъхэм теухуауэ мыхэри пыщапхъэщ: «дэтхэнэ зы макъми ″префикс, суффикс″ къалэн игъэзащlэкъым; макъ гуэрхэм ″префикс, суффикс″ къалэнхэр е зы къалэныр (е префикс е суффикс) щагъэзащlэ щыlэщ; макъ гуэрхэми сытым дежи ″префикс, суффикс″ е абы щыщ зы къалэн щагъэзащlэр; макъ гуэрхэм нalуэу ″префикс, суффикс″ къалэн

ямыгъэзащlэу лъытапхъэми, ″префикс″ е ″суффикс″ къалэн игъэзэщlэну зэрыхущlэкъури гулъытапхъэщи, дэтхэнэ зы макъым теухуауэ ″префикс, суффикс″ къалэным теухуа псэлъащхьэм щlэту мыхэр къыхэдгъэщынщ».

Макъхэм ягъэзащlэ ″префикс, суффикс″ къалэныр къызэрекlуэкlращ мыбдежым зи гугъу тщlы псэлъащхьэр зытеухуари, дызтелэжьыхь макъыр утыку къихьагъэххэу щыт псалъэхэм ″префикс, суффикс″ зэрыхуэхъуращ мы псэлъащхьэм щlэту щыгъуазэ дызхуэхъур. Псалъэхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэращ абыхэм ″префикс, суффикс″ къалэн зыгъэзащlэ макъхэр къазэрыпыхьэри, мыр псалъэ къэхъуныгъэу ипэкlэ къэта псэлъащхьэхэм къакlэлъыкlуэ бзэ лэжьэкlэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Икlи макъхэм ягъэзащlэ ″префикс, суффикс″ къалэну мы зи гугъу тщlы псэлъащхьэр дэтхэнэ зы макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ псалъэхэр зэрыухуэм теухуэ бзэ лэжьэкlэм и ухыпlэ псэлъащхьэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ.

Ауэ псалъэхэм ″префикс, суффикс″ къалэн зыгъэзащlэ макъ къапыхьэу зэрылажьэ щlыкlэр псалъэ къэхъуныгъэм къыкlэлъыкlуэ бзэ лэжьэкlэу щытми, псалъэ гуэрхэр –нэхъыбэуи глаголхэр- ″префикс, суффикс″кlэрэ ухуэу утыку къызэрихьэри гурыlуэгъуэщ. Ныtlэ, мыпхуэдэу зы макъыр и мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэу псалъэ зэрыухуэр *″макъхэр я мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэ″*у ипэкlэ къэта псэлъащхьэм деж къыщыгъэлъэгъуэныр зэрыигъуэри гулъытапхъэщ. Аращи, мыпхуэдэ глаголхэр утыку къызэрихьэрэ зы псалъэу зэрыухуэ щlыкlэр ″префиксиал глагол″ущи, зы псалъэр мыпхуэдэу утыку къихьэн хуей зэрыхъурэ къызтехъукlри мыращ: иджыри щхьэжу ″макъ глагол″ мыхъуарэ и макъ мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэ глаголу лэжьэн хуэщlэкъуу ″глагол потанциал″рэ ″глаголыпхъэ″у тлъытэ макъхэм мы я мыхьэнэр лэжьэфынрэ гъэзэщlэн папщlэ, ахэр зыхуэныкъуэ кондицэр къизыlуэ макъ гуэрхэр абыхэм ″префикс″ язэрыхуэхъукlэрэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэщи, адыгэбзэм зы макъым ″префикс, суффикс″ къалэну игъэзащlэр а макъым бзэм хигъэзэщlыхь зы мыхьэнэм е мыхьэнэхэм теухуащ. Зы макъым ″префикс, суффикс″ къалэн зэригъэзащlэр и макъ мыхьэнэрэ къалэным елъытауэ бзэм хигъэзэщlыхь мыхьэнэрэ къалэнхэм зэрытеухуам нэмыщl, ищхьэрэ икlэм къызпыхьэу ″префикс, суффикс″ къалэн зыхуигъэзащlэ псалъэм и мыхьэнэми зэрелъытар жытlагъэххэщи, ″префикс, суффикс″ къалэн зыгъэзэщlэф дэтхэнэ зы макъыр сытым дежрэ дэтхэнэ зы псалъэм ищхьэрэ икlэм къыпыхьэу а псалъэм ″префикс, суффикс″ къалэн зэрыхуимыгъэзащlэр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, адыгэбзэм дэтхэнэ и зы макъыр дэтхэнэ зы псалъэм сытым деж ″префикс, суффикс″у къыпыхьэкъым. Мыри псалъэхэр зэрыухуарэ зэрылажьэ макъхэр нэмыплъ зэрымыщlыпхъэу адыгэбзэр зэрымакъыбзэм теухуа зы лэжьэкlэщ.

Мы жытlахэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, макъыбзэу щыт адыгэбзэм и лэжьэкlэм ″префикс, суффикс″ lуэхугъуэр къызэрекlуэкl щlыкlэр ар ″псэлъэпкъыбзэ″хэм къызэрекlуэкl щlыкlэм ещхьми, зэщхьэщыкlыныгъэ зыхуаlэщ. ″Псэлъэпкъыбзэ″хэм бзэ мыхьэнэуэ щыт ″псалъэ″хэр ″псэлъэпкъ″хэм ″префикс, суффикс″ къызэрыпыхьэкlэрэущ утыку къызэрихьэу зэралъытэр, ауэ зы макъыбзэм бзэ мыхьэнэрэ псалъэ къэхъун папщlэ ″префикс, суффикс″хэр узхуэмыныкъуэрщ. Аращи, макъыр мыхьэнэншэу зылъытэ ″псэлъэпкъыбзэ″хэм я лэжьэкlэр макъхэмкlэ ухуарэ езыри мыхьэнэншэу щыт ″псэлъэпкъ″ым ″префикс, суффикс″ къызэрищтэкlэрэщи, бзэм ″псалъэ″ къызэригъэхъурэ зэрыхэлэжьыхьыр мыпхуэдэщ зэралъытэр. Ауэ икlи апхуэдэ дэтхэнэ зы бзэм ″префикс, суффикс″ къалэн зыгъэзащlэ зы макъ бжанэ яlэщи, а макъхэм сытым дежрэ дэтхэнэ зы псалъэми ″префикс, суффикс″ къалэн хуагъэзащlэр.

Зи гугъу тщlы ″псэлъэпкъыбзэ″ лэжьэкlэр мыпхуэдэщи, адыгэбзэр абы къытехъукlа зы бзэщlэныгъэм зэрыщlаджыкlым ипкъ иткlэ, нобэ утыку итрэ адыгэбзэщlэныгъэу ялъытам адыгэбзэм ″префикс, суффикс″ lуэхугъуэр къызэрекlуэкl щlыкlэу ялъытэми щыуагъэ зэрыхэлъынур гурыlуэгъуэщ. Зи гугъу тщla бзэщlэныгъэм зэрилъытэкlэрэ зы бзэм ″префикс, суффикс″ зыгъэзащlэ макъхэр иlэщи, а макъхэм мы я къалэныр дэтхэнэ зы псалъэм хуигъэзэщlэн хуейщ. Мыпхуэдэу ″префикс, суффикс″ къалэн зыгъэзащlэ макъхэм дэтхэнэ зы псалъэм сытым дежи ″префикс, суффикс″ къалэныр зэрыхуамыгъэзащlэри ″эргатив″ыгъэущ зэралъытэр.

Зэхуэмыдэу ухуэкlэрэ лэжьэкlэ зиlэ бзэ категорие нэхъыщхьэу зэщхьэщыщыныгъэ зыхуиlэ бзитlым я лэжьэкlэр зэхуэдэу зэралъытэм къытехъукl щыуагъэщи, адыгэбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэр нэмыплъ зыщl бгъэдыхьэкlэу, езым хуэlуа лэжьэкlэ зиlэж адыгэбзэм ″префикс, суффикс″ къалэн зыгъэзащlэ макъ гуэрхэм игъуэ щымыхъум деж ″префикс, суффикс″ къалэн зэрамыгъэзащlэр щыуагъэу ″эргатив″ыгъэущ зэралъытэр. Хамэ бзэщlэныгъэлlхэм адыгэбзэм мы зи гугъу тщlы и лэжьэкlэ гуэрхэр ″эргатив″у зэралъытэм къыщымынэу, абы я бзэм къытехъукlа бзэщlэныгъэм адыгэбзэр зэрыщlаджыкlым къызэрыгуэкlщи, ди бзэщlэныгъэлlэхэм адыгэбзэм теухуа мыпхуэдэ лэжьэкlэхэр зэралъытэри ″эргатив″ыгъэущ. Зэрыгурыlуэгъуэу, ″эргатив″ терминыр псэлъэпкъыбзэ еплъыкlэм теухуащи, а еплъыкlэм емызэгъ лэжьэкlэр зэралъытэрщ; а еплъыкlэр зи гъуазэ нобэрей адыгэбзэщlэныгъэлlхэми мы терминыр -имыгъуэми- адыгэбзэм и лэжьэкlэ гуэрхэр зэралъытэ щlыкlэу зэрахьэр. Аращи, ди бзэщlэныгъэлlэхэм я lэдэкъэщlэкl тхыгъэрэ тхылъхэми адыгэбзэм и лэжьэкlэ гуэрхэр ″эргатив″ лэжьэкlэу ялъытауэ хыболъагъуэр. Ауэ икlи, адыгэбзэм теухуауэ абыхэм ″эргатив″ лэжьэкlэу ялъытэр икlи мыбдежым зи гугъу тщlы ″префикс, суффикс″ lуэхугъуэм къыщынэкъым: зи гугъу тщlы бзэщlэныгъэ лэжьэкlэм емыщхьрэ

щхьэщыкlыныгъэ зыхуиlэ дэтхэнэ зы лэжьэкlэ lыхьэр – адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкlэр нэмыплъ зэращlкlэрэ- ″эргатив″ лэжьэкlэу ялъытэр.

Ар щхьэ, зы макъыбзэ щыт адыгэбзэр макъ мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ зэрылажьэ щlыкlэр псэлъэпкъыбзэ лэжьэкlэм зэремызэгъынурэ езым хуэlуагъэжу зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ; макъым къыщlидзэу ухуарэ макъыр зи лъабжьэкlэрэ адыгэбзэ макъыбзэм и лэжьэкlэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, ар зыхуэмыфащэ бзэщlэныгъэм зэрыщlаджыкlым къихьу мы зи гугъу тщlы щыуагъэхэми щыгъуазэ ухуэхъунщ. Аращи, зы макъыбзэр макъыр мыхьэнэншэрэ зы материал пэлъытэу бзэм хэлэжьыхьу зылъытэ зы бзэщlэныгъэм и унафэкlэрэ лэжьэн хуейуэ зэрыщымытынур гурыlуэгъуащэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″псэлъэпкъыбзэ″ еплъыкlэкlэ мы зи гугъу тщlыуэ адыгэбзэм и лэжьэкlэ lыхьэ гуэрхэр ″эргатив″у зэрилъытэм хуэдэжу, ″макъыбзэ″ еплъыкlэкlэ ″псэлъэпкъыбзэ″ лэжьэкlэм теухуауэ ″эргатив″ лэжьэкlэ хуэдэу лъытапхъэ куэд хэплъэгъуэфынщ. Икlи мыбыи къыщымынэу, псэлъэбзэ ухуэныгъэ лъабжьэр макъыбзэщи, зи лъабжьэр щlэударэ макъыбзэу щымытыж псэлъэбзэхэм я лэжьэкlэрагъэнщ ″эргатив″ лэжьэкlэбэу щытрэ икlи а терминыр нэхъ зыхуэфащэу лъытапхъэр!

″Префикс, суффикс″ терминхэм теухуауэ пыщапхъэщи, ар ″псэлъэпкъыбзэ″ терминологием щыщу зы псалъэщ. Икlи апхуэдэ бзэхэр зэрылажьэ щlыкlэр ″префикс, суффикс″кlэрэщи, дэтхэнэ зы ″псэлъэпкъ″ыр ″префикс, суффикс″кlэрэщ зэрылажьэрэ зы ″псалъэ″у утыку къызэрихьэу зэралъытэр. Ауэ зэрыгурыlуэгъуэщи, зы макъыбзэм и лэжьэкlэр мыпхуэдэкъым; абы и макъхэр псэлъэбзэм ипэ къихуэ мыхьэнэ зиlэхэрщи, псэлъэбзэри макъхэр утыку къызэрихьарэ я мыхьэнэхэр лъабжьэ зэрыхъукlэрэщ зэрыухуэрэ зэрылажьэ щlыкlэр. Ар щыхъукlи, дэтхэнэ зы макъыр е макъ гупыр я мыхьэнэкlэрэ лажьэущ макъыбзэр зэрыхуэрэ зэрылажьэри, абы и псалъэхэр зэрыхуэхуэрэ зэрылажьэри мыпхуэдэ щlыкlэкlэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, дэтхэнэ зы макъ гупыр ″псэлъэпкъ″у лъытэнрэ ар къыпыхьэ макъкlэрэ лажьэу зэралъытэр игъуэкъым. Нытlэ, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм дежкlэ ″псэлъэпкъ″ терминри, абы къыпыхьэ макъхэр ″префикс, суффикс″у зэралъытэ терминри нэхъыбэм деж узхуэмыныкъуэ терминхэу лъытапхъэщ. Ауэ, адыгэбзэ лэжьэкlэу къытпыщlэхуэу мы зи гугъу тщlы лэжьэкlэм теухуауэ нэгъуэщl зы цlэ къэлъыхъуэн нэхърэ, зэрахьэу зэрыщытри хэтыжу, ягъэзащlэ къалэнми гулъытэ зэрыхуэтщlкlэрэ ″префикс, суффикс″ терминыр зехьэныр иджыркlэ игъуэу тлъытащ. Икlи, мы лэжьыгъэм игъуэ къыщыхъум деж, глагол инфинитиву мыгъэпса псалъэр ″псэлъэпкъ″у зэрытлъытэри зи гугъу тщlы терминологием теухуауэ гурыlуэгъуэ зыхуэщlын хуейкъым. Адыгэбзэр зы макъыбзэу и щlэныгъэр яджу щыщадзэм деж, абы езым хуэфащэрэ хуэигъуэ терминологиери

езым къызэрыуигъэлъэгъуэнури гурыIуэгъуэнщи, мы зи гугъу тщIы Iуэхугъуэхэмхуэигъуэрэхуэфащэ терминхэри адыгэбзэм хуиту къызэригъэщIыфынури мыбдежым щыжыIэпхъэщ.

Зи гугъу тщIы бзэхэмрэ къатехъукIа бзэщIэныгъэм зэрилъытэ щIыкIэм езэгъ дыдэу зэрылъытапхъэкIэрэ адыгэбзэм ″префикс, суффикс″хэр зэрыхэлэжьыхьыр адыгэбзэм макъ мыхьэнэншэу къигъэщIа псалъэхэмрэ (ахэр бзэ лэжьэкIэ IыхьэуматщIэ дыдэуи лъытапхъэщ) хамэбзэу адыгэбзэм къыхэхьа псалъэхэм я лэжьэкIэрауэ зэрыщытри мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ.

*

″Префикс, суффикс″хэм теухуау мы къпытщэжахэри хэтыжу, мыбы нэгъунэ зи гугъу тщIахэр макъхэр бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхьу псалъэхэр зэрыухуэм теухуащ. Араци, мы къытпэщыт лэжьыгъэр дэтхэнэ зы макъым бзэм хигъэзэщIыхь лэжьыгъэр IыхьэIыхьэрэ псэлъащхьэ псэлъащхьэу зэрыгуэшакIэрэш къызэрекIуэкIынур. Мы лэжьыгъэр зэрыгъэпса псэлъащхьэхэм я зэкIэлъхьэужьыкIэр икIи бзэ ухуэкIэ зэкIэлъхьэужьыкIэм зэрезэгъыр ипэкIи жытIагъащ.

Макъхэр бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ псэлъащхьэхэу мы зи гугъу тщIа дэтхэнэ зым теухуа деталхэм мыбы нэгъунэ я гугъу тщIащ; икIи дэтхэнэ зы макъыр бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхьыр езым и къэхъукIэм зэрыпыщIарэ зэрелъытам папщIэ, макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьу мы зи гугъу тщIахэр зэрызэщхьэщыкIри ипэкIэ къыхэдгъэщагъэххэщ. Араци, дэтхэнэ зы макъыр къызэрыхъуарэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм теухуауэ мы лэжьыгъэр къызэрекIуэкI псэлъащхьэхэр дэтхэнэ зы макъым теухуарэ хуэIуауэ мащIэу зэщхьэщокIыр. Ауэ макъ нэхъыбэм теухуауэ псалъэ къэхъукIэрэ лэжьэкIэр зыхэзыубыдэу ипэкIэ зи гугъу тщIа ″псэлъащхьэ″хэр зэрызэкIэлхьэужьыкIэу мыбдежми къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

- *"" макъым къытехъукI "**макъ псалъэ**"хэр.*

- *"" макъым къытехъукIа **"макъ псалъэ"хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукIыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **"псалъэ зэгуэтхэр"**.*

- *"" макъыр - и къалэнрэ и мыхьэнэкIэрэ- **"бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэ**"хэр.*

- *"" макъым "**префикс – суффикс къалэн**"у игъэзащIэр.*

НытIэ, мы ипэкIэ къэтIуэтахэм теухуауэщ мы лэжьыгъэ IыхьэрзэрыухуарэкъызэрекIуэкIри, **″АДЫГЭБЗЭ II -ПСЭЛЪЭБЗЭР ЗЭРЫУХУАРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭР МАКЪ ЛЪАБЖЬЭКIЭ КЪЭЗЫУАТЭ ТХЫЛЪ-″** зи цIэ мы тхылъ томыр зытеухуа лэжьыгъэр **″макъхэр бзэм зэрыхэхьэрэ псалъэхэр утыку къызэрихьэу зэрылажьэр″**ащ.

*

Мы лэжьыгъэр дэтхэнэ зы макъыр бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэхэр мы ипэкlэ къэта псэлъащхьэхэм зэрыщlэджыкlкlэрэщ къызэреклуэкlыр. Мыпхуэдэу дэтхэнэ зы макъым и мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ бзэм хигъэзэщlыхь бзэ мыхьэнэрэ къалэным щыгъуазэ дызэрыхуэхъукlэрэщ лэжьыгъэр къызэреклуэкlри, игъуэ къыщысым деж, мы къедгъэклуэкl лэжьыгъэкlэрэ къэунэху бзэ лэжьэкlэм емызэгъыу нобэрей ди бзэщlэныгъэмрэ литературэбзэм и бгъэдыхьэкlэри къыхэдгъэщрэ щыдъуби щыlэщ. Аращи, макъыбзэу щыт адыгэбзэм емызэгърэ щыуагъэу лъытапхъэхэр нобэ адыгэбзэм хищlэу зэрыщlидзэр адыгэбзэр зыхуэмыдэрэ зэмыщхь бзэхэм я бзэщlэныгъэм зэрыщlаджыкlращ къызтехъукlри, адыгэбзэм езым и щlэныгъэр езыр зэрыухуарэ зэрылажьэм езэгъыу зэрыухуэн хуейм гулъытэ хуэщlарэ абы хущlэкъуу зэрылэжьэн хуейр гулъытапхъэщ.

Мы лэжьыгъэр макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьклэрэ псалъэхэр зэрыухуэм теухуащи, мы лэжьыгъэ lыхьэр япэрей лэжьыгъэхэу "Адыгэбзэ (Макъыбзэ)"мрэ къыклэлъыклуэ лэжьыгъэхэм ещхьу жыпlэ хъунущ. Ауэ мы зи гугъу тщlы япэрей лэжьыгъэхэр адыгэбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэри зыхэлъыжу, адыгэбзэм къигъэщl гупщысэхэр зыдэзыщlыгъу лэжьыгъэхэрти, мы къытпэщыт лэжьыгъэ lыхьэр адыгэбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэм нэхъ тегъэпсыхьауэ зы лэжьыгъэу, мы ипэкlэ къэта псалъащхьэхэм теухуауэ псалъэхэр класификацэ щlауэ телэжьыхьын luэхугъуэщ. Макъхэр я мыхьэнэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыклэкlэрэ къеклуэкl мы лэжьыгъэми къыщытпыщlэхуэм деж, макърэ псалъэ мыхьэнэхэм дыщытепсэлъыхьи щыlэщи, мы лэжьыгъэм япэрей лэжьыгъэхэм къыщымыунэхуа еплъыкlэрэ гупщысэ мащlэи хэлъкъым. Аращи, япэрей лэжьыгъэхэм хуэдэу, ауэ бзэ лэжьэкlэм нэхъ тегъэчыныхьарэ хуэluауэ щыт мы лэжьыгъэри адыгэбзэрэ макъыбзэ щlэныгъэм и пэублэу зэрытлъытэм ипкъ зэритlрагъэнщи, мы лэжьыгъэми макъхэр я мыхьэнэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ къытпыщlэхуэ гуэрхэр къыхэдымгъэщрэ пыдмыщэу дыщыблэкlыфынкъым.

Мы лэжьыгъэр къызэреклуэкlым теухуауэ мы ипэкlэ къэта псэлъащхьэхэр зэрызэкlэлъыклуэр макъхэр утыку къихьэу бзэм зэрыхэлэжьыхьклэрэ псалъэхэр зэрыухуэ зэкlэлъхьэужьыкlэм езэгъыуи жыlэпхъэщ. Ауэ мы псэлъащхьэхэр зэрызэкlэлъхьэужьыкlэри дэтхэнэ зы макъым бзэм хигъэзэщlыхь luэхугъуэхэм фlэкlыпlэ имыlэу теухуа зэкlэлъхьэужьыкlэуи жыlэпхъэкъым. Аращи, дэтхэнэ зы макъыр бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхьклэрэ псалъэхэр зэрыухуэр фlэкlыпlэ зэримыlэкlэрэ мы псэлъащхьэхэр зэрызэкlэлъхьэужь щlыкlэ дыдэм тету жыlэпхъэкъым. Ауэ икlи мы псэлъащхьэхэр зэрызэкlэлъхьэужьыкlэм макъхэр бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхьу псалъэхэр утыку къызэрихьэм теухуа зы зэкlэлъхьэужьыкlэ лъагъуэ гурыlуэгъуэ къытхуищlыу жыlэпхъэщ.

Дэтхэнэ зы макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьымрэ дэтхэнэ зы псалъэр утыку къызэрихьэрэ бзэм хигъэзэщlыхь мыхьэнэм щыгъуазэ ухуэхъуныр зы псэлъащхьэмкlэ зэрыримыкъуращ мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къащlри, мыр зы макъыбзэу адыгэбзэр зэрыухуаращ зытеухуар. Аращи, цlыхум (хьэ) къызхигъэlукl макъхэмкlэрэ ухуа псэлъэбзэм и къежьапlэр а макъхэр утыку къызэрихьэм дежщи, макъхэр къызэрыхъу щlыкlэрэ я мыхьэнэр псэлъэбзэм и лъабжьэщ. Мыпхуэдэ лъабжьэкlэрэ ухуэу щlэзыдзэ псэлъэбзэм дэтхэнэ и зы лъэбакъуэм къыщыхъу мыхьэнэщlэри мы лъабжьэм елъытауэщ утыку къызэрихьэр. Мыпхуэдэ лъабжьэкlэрэ къежьэрэ лажьэу щlидзэу, дэтхэнэ зы лъэбакъуэр абы ипэ къихуэ лэжьэкlэм зэрытещlыхьыжкlэрэщ бзэм и ухуэкlэри, дэтхэнэ зы макъым къигъэщl мыхьэнэмрэ икlуэ къалэныр а макъыр утыку къызэрихьам пыщlарэ зэрелъытам ипкъ иткlэ, дэтхэнэ зы макъым бзэм хигъэзэщlыхьри, мыпхуэдэу утыку къихьэ дэтхэнэ зы псалъэрэ бзэ лэжьэкlэри зэпыщlарэ зэрызэлъытауэщ бзэм и лэжьэкlэр. Макъхэр утку къызэрихьарэ бзэм хагъэзэщlыхьри ар дыдэу зэрызэпыщlари хэлъыжщи, бзэ лэжьэкlэрэ псалъэ къэхъукlэхэм зэпыщlэныгъэ зэрамыlэкlэрэ щхьэхуэ щхьэхуэрэ lыхьэ lыхьэу лъытэныр гугъущ. Аращи, бзэм и къэхъуныгъэрэ и лэжьэкlэр щыlэгъуэ лэжьэкlэрэ ужьыгъуэм хуэдэу, зы щыlэгъуэм къыкlэлъыкlуэ щыlэгъуэр къызэрытехъукlым зэрыхуэдэр мы зи гугъу тщlы лэжьэкlэрэ ужьыныгъэ зиlэ адыгэбзэм хыболъагъуэр. Адыгэбзэм и лэжьэкlэм щыгъазэ узэрыхуэхъунур макъхэм я лэжьэкlэкlэщ; макъхэр зэрылъытэкlэрэщ адыгэбзэм и лэжьэкlэм щыгъуазэ узэрыхуэхъуфынури, мыбы гулъытэ зэрыхуэщlакlэрэщ зи гугъу тщlы псэлъащхьэхэри зэрыгъэпсар; ауэ икlи псэлъащхьэхэри зэрызэпыщlарэ я зэкlэлъхьэужьыкlэри адыгэбзэр къызэрыхъуарэ зэрызекlуэм езэгъыу зэрыщытри, зы псэлъащхьэм щlэту щыгъуазэ дызхуэхъу зы лэжьэкlэр адрей псэлъащхьэ гуэрхэми зэрытеухуари мы лэжьыгъэм къыхощыр.

Дэтхэнэ зы макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр lэнатlэ lэнатlэу зэрылъытакlэрэщ мы псэлъащхьэхэр зэрыгъэпсар; икlи дэтхэнэ зы макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр мы псэлъащхьэм зэрыщlэдджыкlри lэмал зэриlэкlэ а макъым къытехъукl псалъэхэр зэрызэкlэлъхьэужькlэрэщ. Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къызэращlщи, мы лэжьыгъэр дэтхэнэ зы макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьымрэ псалъэхэр зэрыухуэм теухуа зэкlэлъхьэужьыкlэу зэрылъытапхъэм къызэрыгуэкlкlэ, мы лэжьыгъэм бзэм и диахроникэ лэжьэкlэр зыдищlыгъу лэжьыгъэщ. Аращи, мы лэжьыгъэр макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ псалъэхэр утыку къызэрихьэу адыгэбзэм и зэпкъырыувэныгъэ зэкlэлъхьэужьыкlэр къызхэщ лэжьыгъэу, бзэм и диахроникэ лъэныкъуэри къызхэщ лэжьыгъэщи, бзэ зэпкъырыувэныгъэм икlуэ зэманыгъуэри къызхэщ лэжьыгъэщ.

Ауэ мы лэжьыгъэр адыгэбзэр зэрызэпкъырыувэм икlуэ зэманыгъуэр къызхэщу бзэ диахроникэ лэжьыгъэ закъуэу ухуа зы лэжьыгъэкъыми,

апхуэдэр зыхэлърэ апхуэдэ еплъыкlэри зыдищlыгъу зы лэжьыгъэщ. Мы лэжьыгъэр нэхъыбэу зытеухуар дэтхэнэ зы макъыр бзэм зэрыхэхьэу зэрыхэлэжьыхькlэрэ утыку къихьэ псалъэхэм я зэпкъырыувэкlэращи, мыпхуэдэу бзэм и конструктурэ лэжьыгъэу зэрылъытапхъэм ипкъ иткlэ, нэсу диахроникэ лэжьыгъэу зэрымыгъэпсар гурыlуэгъуэнщ.

Адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытым зэрезэгъкlэрэ, мы лэжьыгъэ lыхьэр макъ мыхьэнэрэ къалэнхэр бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ псалъэхэр зэрыухуэращ зытеухуар. Ауэ мыбы ипэрей лэжьыгъэхэми къызэрыхэщщи, макъыбзэу щытми, адыгэбзэм "макъ мыхьэнэ" зимыlэу ухуэ псалъэхэри хэтщ. Нытlэ, макъ мыхьэнэ зэримыlэкlэрэ ухуа апхуэдэ псалъэхэр мы лэжьыгъэм и lуэхугъуэу лъытапхъэкъым. Арауэ щытми, мы лэжьыгъэр къызэрекlуэкlым ипкъ иткlэ, адыгэбзэм и макъ мыхьэнэрэ къалэн зыхэмылъ лэжьэкlэу ухуа щапхъэхэри къэтхьу макъ мыхьэнэ зимыlэри мы лэжьыгъэм къыщыхыдогъэщыр, ауэ апхуэдэ псалъэхэр зэрыухуэми икlэ нэгъунэ дытепсэлъыхькъым. Ар щыхъукlи, макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэм я мыхьэнэрэ къалэн зыхэмылъ псалъэ гуэрхэр зэрыухуэм теухуа мыпхуэдэ бзэ лэжьэкlэхэми иужькlэ дытелэжьыхьын хуейуэ къызэрытпэщытыр гулъытапхъэщ.

Псэлъэбзэ къежьапlэр макъыбзэу зэрыщыткlэрэ, макъхэр я мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр псэлъэбзэм и къежьапlэм теухуа зы лэжьыгъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ. Псэлъэбзэ къежьапlэщ макъыбзэ лэжьэкlэри, макъ мыхьэнэншэкlэ ухуэ псалъэхэр макъыбзэ лэжьэкlэм иужьыlуэкlэ къэхъуа бзэ лэжьэкlэу утыку къызэрихьари гурыlуэгъуэщ. Аращи, макъ мыхьэнэншэ лэжьэкlэр макъыбзэ лэжьэкlэм хиубыдэ бзэ лэжьэкlэкъым. Псэлъэбзэм и къежьапlэм макъыбзэщи, макъ мыхьэнэкlэрэ псалъэхэр зэрыухуэ щlыкlэу макъыбзэ лэжьэкlэмрэ макъ мыхьэнэншэу псалъэхэр зэрыухуэф бзэ лэжьэкlэм я зэхуакум зы зэманыгъуэфl зэрыдэлъри гурыlуэгъуэщ. Икlи мыпхуэдэ лэжьэкlитlым я зэхуакуми ахэр зыпызыщlэу жыlэпхъэ нэгъуэщl бзэ лэжьэкlэ зэрыдэлъын хуейри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, макъыбзэр зэрылажьэкlэрэ псалъэхэр зэрыухуэм теухуа мы лэжьыгъэ нэужьым, абы къыкlэлъыкlуэу макъ мыхьэнэншэ лэжьэкlэм хуэкlуэ бзэ лэжьэкlэри къэгъэунэхун зэрыхуейри гулъытапхъэщи, ари мы лэжьыгъэ нэужьым къытпыщэт lуэхугъуэрщ.

Макъыбзэ лэжьэкlэр макъыр псэущхьэм къызэрыхигъэlукlым къыщlидзэ лэжьэкlэращи, ар дэтхэнэ зы бзэ лэжьэкlэм ипэ къихуэращ. Зы макъыбзэр зэрыухуа щlыкlэр nalуэ къэмыхъуу, абы къыкlэлъыкlуэ бзэ лэжьэкlэхэри къызэрымыунэхунур гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мы лэжьыгъэр лъабжьэ зэрыхъукlэрэ макъыбзэ лэжьэкlэр къызэрекlуэкlымрэ абы къыкlэлъыкlуэ бзэ лэжьэкlэхэри утыку къызэрихьэу къызэрекlуэкlым хэплъэжын lуэхури мы лэжьыгъэ нэужьу къытпэщыт зы lуэхугъуэу лъытапхъэщ.

Мыпхуэдэ хэплъэжыныгъэм къагъэунэхунщ псалъэхэр макъыбзэ лэжьэкlэу зэрыухуэм нэмыщl, мыпхуэдэу макъыбзэ щlыкlэкlэ ухуами, икlи ″этимологие″ лъабжьэ зыгъуэтауэ - е этимологие дициплинэмкlэ зи лъабжьэр къэгъэунэхупхъэу- бзэм хэлэжьыхь псалъэхэр. Аращи, макъыбзэ лэжьэкlэу къэхъуа псалъэхэр къызэрыхъуарэ зытеухуа lуэхугъуэр лъабжьэ зэрыхъуклэрэ, нэгъуэщl lуэхугъуэхэм теухуэуи бзэм хэлэжьыхьу зэрыщlидзэ щlыкlэу щыт этимологие еплъыкlэр адыгэбзэм и псалъэ гуэрхэм теухуауэ къызэребгъэкlуэкlыфынуми мы лэжьыгъэ нэужьым щыгъуазэ дыхуэхъун хуейуэ къытпэщытщ.

Адыгэбзэм и макъхэм я мыхьэнэрэ къалэныр зэрылажьэу макъыбзэ ухуэкlэращ мы лэжьыгъэм и къалэнри, макъыбзэ лэжьэкlэу щытми, ″къэкlыгъэцlэ″рэ ″псэущхьэцlэ″хэми щхьэхуэ лэжьыгъэу телэжьыхьын хуейуэ лъытапхъэщ. Макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа мы лэжьыгъэм игъуэ къыщыхъум деж, къэкlыгъэцlэрэ псэущхьэцlэ гуэрхэри къыхыдогъэщыр. Ауэ адыгэбзэм езым къигъэщlахэмрэ абы къыхэхьэжауэ лъытапхъэ къэкlыгъэцlэрэ псэущхьэцlэхэм мы лэжьыгъэ нэужьым хэплъэжын хуейуэ къыдолъытэр.

Ар дыдэу лъытапхъэщ цlыхуцlэхэри, анэцlэу щыт цlыхуцlэхэр адыгэбзэм макъыбзэ лэжьэкlэу макъ мыхьэнэкlэрэ зэрыухуам ипэрей лэжьыгъэхэм я гугъу щытщlащ. Ауэ игъуэр къыщысым деж, мы лэжьыгъэми макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа цlыхуцlэ гуэрхэр щапхъэу къыщыдгъэлъагъуэми, цlыхуцlэхэр зэрыухуэрэ зэрызэщхьэщыкlми щхьэхуэу зы лэжьыгъэ lыхьэу мы лэжьыгъэ нэужьым хэплъэжын хуейуэ долъытэр.

Цlыхуцlэхэм нэмыщl, макъ мыхьэнэкlэрэ ухуарэ къэхъуныгъэрэ щыlэгъуэм теухуауэ зэрыщытыр япэрей лэжьыгъэхэм наlуэ дыдэ къытхуэхъуауэ щыт Адыгэ мифологием хэт цlэхэми щхьэж зы лэжьыгъэ lэнатlэу тепсэлъыхьыжын хуейуэ зэрытлъытэм папщlэ, мыхэри мы лэжьыгъэм хиубыдэкъым.

Макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ псалъэ ухуэныгъэр зи lуэхуу щыт мы лэжьыгъэм - грамматикэ класификацэу дауи щырет- дэтхэнэ зы псалъэ лlэужьыгъуэр зэрызыхиубыдэр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, цlэ лlэужьыгъуэу мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэм нэмыщl, бзэм и лэжьэкlэ lыхьэхэу щытрэ утыку къызэрихьахэмрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьхэм теухуа гупщысэхэр щхьэхуэ щхьэхуэу утыку къилъхьэн хуейуэ лъытапхъэщ ″плъыфlэцlэ, бжыгъэцlэ″хэри, абыхэми мы лэжьыгъэ нэужьым дытелэжьыхьыжын хуейуэ долъытэр.

Зэрыжытlауэщи, мы лэжьыгъэр адыгэбзэр макъыбзэу зэрылажьэ щlыкlэу псалъэхэр макъ мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ зэрыухуэм теухуащ; къызэрыхъуа щlыкlэм ипкъ зэриткlэрэ макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэмкlэрэ псалъэ ухуэныгъэкlэ къатехуэр къэгъэунэхун lуэхугъуэм теухуащ. Ар щыхъукlи, псалъэ лlэужьыгъуэу щыт ″глагол″хэр

зэрыухуэри, ахэр макъ мыхьэнэкlэрэ зэрылажьэ щlыкlэри зыхэзыубыдэу зы лэжьыгъэщ. Аращи, глагол лэжьээкlэу ухуэ псалъэхэр макъ мыхьэнэкlэрэ зэрызэпкъырыувэм теухуа щапхъэхэр игъуэ макъхэм теухуауэ мы лэжьыгъэм къыщогъэлъагъуэр. Ар щхьэ, ″глагол″хэм теухуарэ хуэlуауэ щхьэхуэу зы лэжьыгъэ lыхьэ къегъэкlуэкlын хуейуэ зэрытлъытэм папщlэ, а лэжьыгъэм хиубыдэну тлъытэ ″глаголхэр утыку къызэрихьэрэ зэрылажьэ″м теухуа класификацэрэ категоризацэхэр мы лэжьыгъэм хиубыдэкъыми, ахэри мы лэжьыгъэ нэужь къыпэкlуэну лэжьыгъэхэм хиубыдэну lуэхугъуэрщ.

″Глагол лэжьэкlэ″хэм нэмыщl, глаголхэр префиксрэ суффикскlэрэ зэрыгъэпсыжу зэрылажьэри хэтыжу адыгэбзэм и псалъэхэр зэрызэпкъырыувэрэ я конструктурэмрэ псалъэухыгъэ гъэпсыкlэхэри мы лэжьыгъэм къыпэкlуэн хуей зы lуэхугъуэу къытпэщытщ.

## МАКЪХЭР БЗЭМ ЗЭРЫХЭХЬЭРЭ ПСАЛЪЭХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭУ ЗЭРЫЛАЖЬЭР

### I
### ″МАКЪ lУЭР″ХЭР БЗЭМ ЗЭРЫХЭХЬЭРЭ ПСАЛЪЭХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭУ ЗЭРЫЛАЖЬЭР

Мы пычыгъуэм макъ lуэрхэр къызэрыхъуа щlыкlэкlэ бзэм занщlэу зэрыхэхьэрэ ″макъ псалъэ″хэр утыку къызэрихьэм къыщlидзэу макъ lуэрхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэкlэ псалъэхэр зэрыухуэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Макъ lуэр лъабжьэу тлъытащ «ы, э, и, у» макъхэр. Макъ lуэр къэхъуным и къежьапlэ ″ы″ макъымрэ, абы къытехьукlарэ и кlуэтэгъуэу лъытапхъэ ″э″ макъым мы къызэрыхъуа щlыкlэм езэгъ къалэнщ макъыгъуэм хагъэзэщlыхьри, мы макъхэр бзэм зэрыхэхьэ щlыкlэри мы я къэхъукlэрэ къэlукlэу макъыгъуэм хагъэзэщlыхь къалэнкlэрэщ. Япэрей макъ lуэррэ (ы) абы къыкlэлъыкlу япэрей лъэбакъуэкlэ къызэрыхъуам (э) ипкъ зэриткlэ макъ мыхьэнэ зэрамыгъуэтым папщlэ, ″ы, э″ макъхэм щхьэжу бзэм мыхьэнэи щагъуэткъыми, ″макъ псалъэ″уи бзэм зэрыхэмыхьэнур гурыlуэгъуэщ. Макъ lуэр къежьапlэрэ купщlэу лъытапхъэ ″ы″м къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ ″э″ макъыр макъ lуэр бэгъуэныгъэм и япэрей лъэбакъуэу лъытапхъэщи, мыхэр макъ мыхьэнэ ямыгъуэтрэ бзэми мыхьэнэ щамыгъуэту хэлэжьыхь макъхэращ. Ауэ мы макъ lуэр къэхъуныгъэ лъагъуэм тету ещанэ лъэбакъуэу утыку къихьэу лъытапхъэ ″и″ макъым макъ мыхьэнэ егъуэт; мы и макъ мыхьэнэкlэрэи бзэм холэжьыхьыр, икlи ″макъ псалъэ″уи бзэ лэжьэкlэм хохьэжыфыр. Мы

макъ lуэр къэхъуныгъэ лъагъуэм тету ″и″м къыклэлъыклуэу утыку къихьэ ″у″ макъри макъ мыхьэнэ зыгъуэт макъщи, мы и макъ мыхьэнэклэрэ бзэм холэжьыхь, икли щхьэж зы макъыу бзэм бзэ мыхьэнэрэ ″макъ псалъэ″уи хохьэр.

Мыхьэр макъ lуэр клэужьыгъуэ лъабжьэхэрщи, мыбыхэм нэмыщl макъ lуэру бзэм хэтыр мы зи гугъу тщlы макъ lуэрхэм къатехъуклыжащ. Макъ lуэр къэхъуныгъэм ипкъ иткlэ, мы зи гугъу тщlы макъ lуэр лъабжьэхэм дэтхэнэ зыр утыку къихьа нэужь, мы макъ lуэр лъабжьэм къыклэлъыклуэ макъ lуэр лъабжьэ клэужьыгъуэр къэмыхъу ипэ, утыку къихьагъэххэу щыт макъ lуэр лъабжьэм и къэхъуклэрэ и къэхъупlм нэгъуэщl макъ къытехъуклыгъэнщ. Макъ lуэр лъабжьэм къытехъукla мы макъыр щхьэж езым хуэlуа къэхъуыклэ зиlэу зы макъыу щыткъыми, ар къызтехъукla макъ lуэр лъабжьэм и къэхъуклэм пыщlауэ утыку къихьащ. Ауэ макъ lуэр лъабжьэ жыхуэтlэхэр зи гугъу тщlы зэклэлъхьэужьыклэклэ къэхъуауэ щытрэ езым хуэlуа къэхъуыклэ зиlэ макъ lуэрхэрщи, абыхэм нэгъуэщl макъ lуэрхэри къатехъуклыжу, езыхэр макъ lуэр лъабжьэхэрщ. Аращи, псалъэм папщlэ, ″и″р утыку къимыхьэу ″а″р ″э″м къытемыхъуклауэ жытlэкъым: ″а″р ″э″м къытехъуклыжа макъщи, макъ lуэр клэужьыгъуэу ″э″ макъ lуэр лъабжьэм къытехъуклыжарэ абы и гупым хэту зы макъщ. Макъ lуэрхэм я къэхъуклэр зэрызэклэлъхьэужьым теухуауэ лъэщу зыгуэр жыпlэфыныр гугъущ, ауэ я зэклэлъхьэужьыклэр зыхуэдэр гъунэгъуу къэгъэлъэгъуапхъэмэ, мыпхуэдэу е и гъунэгъуу къыщlэклынщ: «ы, э, а, и, у, е (иэ), lы, lэ, lу, lи, я (иа, еа), й, е (эй), о (эу)». Мыхэри lыхьэ lыхьэу зэрызэклэлъхьэужьыклэр мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «ы, э, а, и, у» – «е (иэ)» – «lы, lэ, lи, lу» – «я (иа, еа)» – «й – е (эй) – о (эу)».

Мыбыхэм щыщу макъ lуэр лъабжьэхэм зэрытекъузэрэ къэхъуарэ абыхэм я лимитацэ мыхьэнэрэ къалэн зыгъэзащlэ ″lы, lэ, lи, lу″ макъхэр ″къ″ макъыр утыку къихьа нэужь къэхъуауэ лъытапхъэщ. Тэмакъыр макъ къэхъуныгъэм зэрыlухклэрэ къэхъуа ″къ″ макъ нэужь, макъ къэхъуныгъэр жьэ клуэцlрэ бзэгу лъэныкъуэмклэ зэрыунэтlыр гурыlуэгъуэщи, ″къ″ым ипэ утыку къихьэфыну щытрэ къигъагъэххэу щыт макъ гуэрхэми тэмакъым зэрытекъузэклэрэ макъхэр къызэрытехъуклжынур гурыlуэгъуэщ. Аращи, тхьэмбылым къиклыж жьыр тэмакъ lуэхугъуэ хэмылъу къызэрыlуфым теухуауэ къэхъуарэ къэlуу щыт ″ы, э, и, у″ макъхэм къатехъуклыжа ″lы, lэ, lи, lу″ макъхэр ″къ″ыр къызэрыхъуа щlыклэу жьыр тэмакъым зэрыдэплытlэклэрэ утыку къихьа макъхэращи, абы я къэхъуныгъэр ″къ″ макъ нэужьым макъ бэгъуэныгъэклэ цlыхур хуэныкъуэ щыхъурауэ жыlэпхъэщ. Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, ″lы, lэ, lи, lу″ макъхэр зэуэ занщlэрэ зэклэлъхьэужьу къэхъуауэ жыlэпхъэкъым, ауэ ахэр ″ы, э, и, у″м къытехъуклыжарэ ″къ″ нэужьу къэхъуныгъэ зыгъуэта макъхэращи, бзэ лэжьэклэу къэхъуауэ зи гугъу тщlы ″я, й, е (эй), о (эу)″ макъхэм мымащlэу ипlэlуэклэ къэхъуа макъхэщ.

Макъ lуэр къэхъуныгъэу зы лъагъуэм тету утыку къихьэ мы макъ lуэр лъабжьэхэм дэтхэнэ зым къытехъукlыж макъхэр щыlэщи, мы макъ lуэр лъабжьэхэм дэтхэнэ зыр зыхэтыжу макъ lуэр гупу тлъытахэр илъабжьэклэ къэтащ. Мыбыхэм я макъ мыхьэнэрэ къалэнхэр, ахэр бзэ лэжьэклэм зэрыхэхьэмрэ ″макъ псалъэ″и къызтехъукlхэм илъабжьэклэ гуп гупу щыгъуазэ дыхуэхъужынщ.

Япэрей лъэжыгъэхэми къызэрыхэщщи, макъ lуэрхэр къызэрыхъурэ зэрызэлъыта щlыклэм ипкъ иткlэ, геометрие мыхьэнэрэ къалэн зиlэ макъхэщ. Ахэр бзэр зэрыухуэрэ зэрызэпкъырыувэр и геометриер зэпкъырызгъэувэ макъхэщ. Адыгэбзэм и макъхэм я мыхьэнэр математикэрэ физикэу къэгъэлъэгъуапхъэщ, ауэ къызэрыхъуарэ зэрылажьэр геометрие lэнатlэ зэраджрэ утыку къызэрыралъхьэу зэрыщытыр наlуэщи, макъ lуэрхэр математикэу къэгъэлъэгъуэныр нэхъ тыншщ. Икlи геометрие системэр зэрыухуэм теухуа геометрие пщалъэхэщ макъ lуэрхэри, геометрие координат системэм теухуащ ягъэзащlэрэ я мыхьэнэр. Нэхъри уеблэмэ, ахэр геометрие координат системэр зэрыухуа логиехэращ, ар къызэрыlуатэ макъхэщ. Нытlэ, зы бзэм и макъхэм мыпхуэдэу геометрие координат системэр утыку къырилъхьэмэ, макъыгъуэрэ бзэр зэрыдж геометрие системэр къызэрыгъэунэхуращ мыри, мы макъыгъуэм къыщыхъу дэтхэнэ зы макъыр зы геометрие lэнатlэм къыщызэрыхъум ипкъ иткlэ, математикэ мыхьэнэ зиlэрэ математикэ терминклэрэ къызэрыlуэтэфу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

Координат системэр зэрызэпкъырыувэм теухуарэ дэтхэнэ и зы измерениер къызэрыlуатэ макъ lуэрхэр къэдгъэлъагъуэмэ, системэр адыгэбзэм и макъхэмклэ зэрыухуэр наlуэ щlагъэххэщи, математикэ системэ лъабжьэр макъ lуэр къалэнрэ мыхьэнэклэрэ къэтагъэххэщ. Мы макъхэр икlи макъ lуэр лъабжьэу зи гугъу тщlы макъхэращи, макъ къэхъуныгъэм къыщlидзэу ухуэр щыlэгъуэ геометриерэ логиеращ, щыlэгъуэр къызэрыхъу зы геометрие системэрщ. Ар щыхъукlи, дэтхэнэ зы щыlэгъуэ къэхъуныгъэм, икlи щыlэгъуэм езым и къэхъуныгъэм и зы моделщ адыгэбзэм и макъхэм я къэхъуклэр, икlи мы макъхэр ноби мы логиер зезыхьэу адыгэбзэм хэлэжьыхьу зэрыхэтри гулъытапхъэщ.

## «Ы, lЫ» МАКЪ ГУПЫР

### ″Ы″ макъыр.

″Ы″ макъыр ″м″ макъым дэщlыгъуу япэ къэхъуа макъ lуэрщ. Япэу къэхъуауэ лъытапхъэ ″м″ макъыр къызэрыlуфрэ зэрызэхэхыфыр ″ы″klэрэ утыку къызэрихьэращ. Ар ″м″ыр къыздыщыхъуа щlыпlэм къизышрэ утыку къызэрихьэр зыгъэзэщlараши, япэрауэ ″м″ макъзешэрэ щэхум и

макъзешэу къэхъуа зы макъ lуэрщ. Мы къызэрыхъуа щlыклэм зэрезэгъклэрэи, ар япэрей макъзешэ къалэн зыгъэзащlэу утыку къихьа зы макъ lуэрщ. Ар а нэхъ макъ lуэр цlыкlуу япэу утыку къихьа макъ lуэрращ. Мы и къэхъуклэм къызэрыгуэкlкlи, ар япэрей макъ lуэррэ макъзешэращ, икlи макъ lуэрхэмрэ макъзешэхэр къызэрыхъуами лъабжьэ хуэхъуу, ахэр къызтехъуклыжащ. А нэхъ макъ lуэр къару цlыкlуу зэрыщытрэ, къэlум папщlэ псэущхьэм зыхуэныкъуэ а нэхъ къару мащlэ зыхуэныкъуэу къэlуф макъ lуэрращ ″ы″ри, ″м″ыр утыку къизыгъэхьа макъ lуэру макъзешэращ. Ар ″м″ым дэщlыгъуу къызэрыхъуарэ утыку къызэрихьа мы и щlыклэр абы игъэзэщlа япэрей lуэхугъуэщи, ″ы″р макъхэр утыку къызэрихьэрэ къызэрыlуф макъщ. Дэтхэнэ зы макъыр и мыхьэнэрэ къалэнклэрэ япэу утыку къызэрихьэр а нэхъ макъ lуэр къару цlыкlуу щыт ″ы″клэрэщ. Къэlуу утыку къихьэу зы макъыу зэхэхыпхъэ хъун папщlэ макъзешэ къалэн зыхуэзыгъэзэщlэну зы макъ lуэр зыхуэныкъуэ макъхэр япэрей макъзешэрэ макъ lуэр ″ы″клэрэщ къызэрыlур. ″Ы″ макъзешэклэ къэlу макъыр къызэрыхъуа щlыклэм тет зы макъыу зэрызэхэпхращи, мыр абы и мыхьэнэ оригиналрауэ лъытапхъэщ. ″Ы″ыр а нэхъ къэру мащlэ зытебгъэклуадэу къэlуыклэ зиlэ макъ lуэрращи, ар зи клэухыу къэlурэ утыку къихьэ макъыр и оригиналыплэм иту лъытапхъэщ.

Мы псалъэхэм зэрезэгъклэрэ ″ы″клэрэ къэlуущ зы макъыр щхьэжу зэрылъытэри, щхьэжу къэlуыклэ зиlэ ″макъ lуэр″хэм нэмыщlыр ″ы″ клуэх зиlэущ щхьэж макъыу зэрылъытэр. Къызэрыхъуа щlыклэм зэрезэгърэ къызэрыгуэкlклэ, мыри ″ы″ макъым и япэрей къалэнращ. Ар езым занщlэу къытехъукlа ″э″м нэмыщl макъ lуэр лъабжьэхэри утыку къызэрихьэ макъ lуэрщ: «и(ы), у(ы)». Икlи, езымрэ ″э″м иужькlэ къытехъуклыжа макъ lуэм нэмыщlыу, ″и″мрэ ″у″ макъ lуэр лъабжьэхэм къытехъуклыжа макъ lуэр гуэрхэри къызэрыlум хэплъагъуэ макъ lуэрщ: «lи(ы); ly(ы)». Ауэ зэрыгурыlуэгъуэщи, къэlун папщlэ зы макъ lуэрым и макъзешэ къалэн зыхуэныкъуэу макъдэклуашэу щыт макъ щэхухэр щхьэж макъыу утыку къызэрихьэ макъ lуэррэ макъзешэщ: «мы, ны; хьы, хъу, х, ху(ы); къы, клы, клу(ы); кхъы, кхъу(ы), кы, чы; гъы, гъу(ы), гы, гьы, гу(ы), джы; жьы, жы, зы; щы, щlы, шы, сы; лъы, лlы, лы, ...».

″Ы″р яэпу утыку къызэрихьар ″м″ макъым дэщlыгъуу, ар зы макъыу къэlурэ утыку къихьэнклэрэщи, мы утыку къызэрихьам хуэдэу, адрей макъхэри зы макъыу къэlунрэ утыку къихьэн къалэн егъэзащlэр. Макъхэм къыклэхэlуклыу утыку къихьа ″ы″ макъыр щхьэжу бзэм хэлэжьыхькъым. Ар макъхэр къэlунрэ утыку къихьэн къалэн игъэзащlэу япэрейрэ а нэхъ къару мащlэклэ макъзешэ къалэн игъэзащlэу утыку къихьами, зы макъ lуэру щхьэжу къызэрыlури гурыlуэгъуэщ. Макъ lуэр къэхъуныгъэ лъабжьэрэ къежьаплэу псэущхьэм япэ дыдэу къыриlуф макъ lуэр ″ы″р мы и къэхъуныгъэм ипкъ иткlэ, псэущхьэм щхьэжу къызэрыlу щlыклэклэ натуруалу ″хъуныгъэ {ы(!), ыы(!)}, мыхъуныгъэ {ы(!), ыы(!)},

гурыIуэныгъэ {ы(!), ыы(!)}, мыгурыIуэныгъэу {ы(!), ыы(!)}, упщIэу {ы(?)}″ зэрихьэу щытауэ жыIэпхъэщи, ар натуралу ноби мыпхуэдэ къалэн зыгъэзащIэ макъщ.

Ар псэлъэбзэм зэрыхэхьар натуралу абы гурыIуэгъуэ къищIыу мы зи гугъу тщIахэм теухуакъым, икIи мы натуралу гъэзащIэ къалэныр зыгуэрым зэрытеухуар гурыIуэгъуэщи, зытеухуа макъым къыкIэлъыкIуэущ ″ы″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. Ар къызэрыхъуа щIыкIэрэ япэу игъэзэщIа къалэным зэрезэгъкIэрэ макъхэм къыкIэлъыкIуэу макъзешэ къалэн зэригъэзащIэ щIыкIэкIэщ бзэм зэрыхэлэжьыхь закъуэр. Зы макъыр а нэхъ къару мащIэкIэ утыку къихьэу къэIункIэрэ мы къызэрыхъуа щIыкIэм зэрезэгъщи, ″ы″кIэрэ къэIу зы макъыр и оригиналыпIэм итщ; ″ы″м бзэми хигъэзэщIыхь закъуэр мыращ.

″Ы″ макъыр къызэрыхъуа щIыкIэм зэрезэгъкIэрэ макъхэр щхьэжрэ оргиналу зэрылъытэрэ къызэрыIу щIыкIэм теухуа щапхъэхэщ мыхэри, ар япэрей макъзешэ макъыу зэрыщытым зэрезэгъкIэрэ макъхэм къыкIэлъыкIуэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. Ар щхьэжу бзэм хэлэжьыхьу зы макъкъыми, абы ***″макъ псалъэ″*** *къытехъукIкъым*, икIи псалъэхэм ищхьэми къыпыхьэкъым.

НытIэ, ***″ы″*** *макъыр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэ″***хэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Макъхэр щхьэжу я оргинал мыхьэнэкIэрэ къызэрыIу щIыкIэращ и къэхъукIэми зэрезэгъкIэрэ ″ы″м бзэм зэрыхэхьарэ хигъэзэщIыхьу зэрыхэтри, макъхэр ″ы″кIэрэ къызэрыIу щIыкIэу ухуа ″макъ псалъэ″хэращ ″ы″р бзэм япэу зэрыхэхьарэ зэрыхэплъагъуэр. Макъ гупкIэрэ ухуа псалъэхэм макъхэр я оригинал мыхьэнэкIэрэ зэрыхэхьэри ″ы″кIэрэ къызэрыIу щIыкIэкIэщи, мыпхуэдэ псалъэхэм хэтрэ макъхэр ″ы″кIэ къызэрыIу щIыкIэри мыращ. Макъхэр оргиналу къызэрыIу щIыкIэр ″ы″ кIэухкIэрэми, макъ гупкIэрэ ухуа псалъэ нэхъыбэм ″ы″кIэрэ къэIу и макъ кIэухым ″ы″р къызэрыхэмыIукIыр гурыIуэгъуэщи, мыри бзэ лэжьэкIэ ужьыгъуэм теухуауэ иужькIэ къэхъуа lуэхугъуэщ. Араща, псалъэхэр зэрыухуа макъхэм я къэIукIэм зэрезэгъкIэрэ кIэух макъым ″ы″ къыхэмыIукIми, абы псалъэм хигъэзэщIыхьыр и оргинал мыхьэнэращ. КIэух макъыу щымытми, бзэм хигъэзэщIыхьым елъытауэ псалъэм икум ″ы″ншэу къыхэIукIыу бзэм и оригинал къалэнрэ мыхьэнэкIэрэ хэлэжьыхь макъхэри щыIэщи, мыпхуэдэ макъхэм илъабжьэкIи, абыхэм дыщытепсэлъыхькIи щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Ауэ ″ы″р къыхэмыIукIми, и оригинал къалэнрэ мыхьэнэкIэрэ макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьу мы зи гугъу тщIахэм нэмыщI, ″ы″ншэу псалъэм зэрыхэтым зэрезэгъкIэрэ и эффекткIэрэ лажьэу псалъэхэм хэт макъхэри щыIэщи, мыпхуэдэ лэжьэкIэри бзэ зыужьыгъуэм къигъэхъуа lуэхугъуэхэу илъабжьэкIэ зи гугъу тщIынухэм щыщщ. КIэщIыу жыпIэмэ, мыпхуэдэ зэкIэлъхьэужьыкIэу жыIэпхъэщ ″ы″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь

щlыкlэри, ар макъхэм къыхэlуклрэ къыхэмыlуклыу къекlуэкl бзэ лэжьэкlэмрэ мыпхуэдэ псалъэ къэхъукlэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Ы″м и къэхъукlэм тету псэущхьэм натуралу зэрызырихьэу мы зи гугъу тщlар иджыри псэлъэбзэр зэрымыухуам зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ. Ауэ ар ухуэу щlэзыдза псэлъэбзэм и зы макъыу зэрыхыхьэ щlыкlэр абы и къэхъуныгъэм зэрытеухуари гурыlуэгъуэнщ. Ар (ы) япэрей макърэ а нэхъ макъ lуэр цlыкlущи, псэущхьэм япэ къызхигъэlуклыфа макъ lуэру зэрыщытым ипкъ иткlэ, ″ы″р щхьэжрэ натуралу мы зи гугъу тщlахэм теухуауэ зэрихьэу щlидзами, къэхъурэ утыку къихьэ макъхэмкlэ ухуэу щlэзыдза бзэ лэжьэкlэм ″ы″ макъыр макъ мыхьэнэ зиlэрэ щхьэжу лажьэу бзэм зэрыхэмыхьари жытlагъэххэщ. И къэхъукlэм ипкъ иткlэ, макъхэр а нэхъ цlыкlурэ я къежьапlэкlэ къызэрыlу щlыкlэр ″ы″уэ зэрыщыту ипэкlэ зи гугъу тщlам зэрезэгъщи, ″ы″ макъым ухуэу щlэзыдза бзэм зэрыхыхьа щlыкlэрэ хигъэзэщlыхьри мыпхуэдэ lуэхугъуэщ: ″ы″м макъхэм хуигъэзащlэрэ бзэми хигъэзэщlыхьыр макърэ псалъэхэр оргиналу утыку къихьэнрэ къэlун къалэнщ.

″Ы″р япэу къэхъууэ лъытапхъэ ″м″ макъым дэщlыгъуу, ар къызэрыlуф щlыкlэу утыку къызэрихьам хуэдэщи, ипэкlэ зи гугъу тщla макъхэр ″ы″кlэрэ къэlуущ щхьэж зы макъыу утыку къызэрихьэр. ″Ы″кlэрэ къэlуу утыку къызэрихьарэ, мы къызэрыхъуа щlыкlэрэ мыхьэнэми зэрытетыжкlэрэ псэлъэбзэм ″макъ псалъэ″у зэрыхэхьар гурыlуэгъуэщ макъ нэхъыбэри, ″ы″кlэрэ къэlуу бзэм ″макъ псалъэ″ хэхъухьарэ нобэ бзэм хэтхэр – глаголрэ глагол формэу ухуа псалъэхэри хэтыжу- къэдгъэлъэгъуэжынщ. ″Ы″кlэрэ къэlу макъ lуэрхэр (и, у, lу) зэрытхыр ″ы″ншэми, кlэух макъ щыхъукlэ къахэlукl ″ы″р тхыхьым дэту къэдгъэлъэгъуэнщ: «и(ы), ин-2, ун, lу(ы), lун, сын-2, цы, зы, зын, дзын, гъын, гъун, гын, джын, гу(ы)-2, дын-2, тын-2, тlын, жын, жьын, щын, щlын, шын, шы, чы, чын, ку(ы), кlы, кlын, къу(ы), хъы, хъу(ы), хъун, хы-2, ху(ы)-2, хун, хьын, лъы, лы, лlы, пlын, бын, фын, фlы, вы, вын, мы-2».

″Ы″кlэрэ ухыу мы къэта ″макъ псалъэ″хэм щыщ гуэрхэр иужькlэ ″ы″кlэрэ къэlуж хъууэ зэрыухуэжар гурыlуэгъуэщи, ″э″ кlэух зиlэ псалъэм къытехъукlыжу ″э-ы″ зэхъуэкlыныгъэу псалъэ къэхъуыкlэ зиlэу ухуа ″макъ псалъэ″хэщ ахэр. Мыбыхэм ″э″ макъым деж нэхъри и гугъу щытщlынщ, ауэ мыбдежым ″ы″кlэрэ ухыжу ухууэ зи гугъу тщlы ″макъ псалъэ″хэр къызэрихъуа щlыкlэри къэдгъэлъэгъуэнщ: «″шэ-ы″ → шы; ″вэ-ы″ → вы; ″кlэ-ы″ → кlы».

Мыбыхэм хэббжэ хъунущ ″мы″ псалъэри, ар ″мэ″ зиlэ мыхьэнэкlэрэ къэхъуауи зэрылъытапхъэу ″мэ-ы → мы″уэ ухуауэ зы ″макъ псалъэ″у лъытапхъэщ. Мы ″макъ псалъэ″хэм нэмыщlыуи ″э-ы″ зэхъуэкlыныгъэу псалъэхэр къыхохъукlыр адыгэбзэми, мыпхуэдэ бзэ лэжьэкlэхэм ″э″ макъым деж щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Макъ псалъэ″у мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, ″ы″кlэрэ къэlу макъ lуэрхэм (и, у, lу) макъ къащыкlэлъыкlуэм щыгъуэ, щхьэж макъыу къызэрыlу ″ы″р къахэlукlыжкъым. Щхьэжу зы макъыу ″и, у, lу″м нэмыщl, ″у″кlэрэ къэlуу къэхъуа макъхэри (къу, кхъу, ху, хъу, гъу) щхьэжу ″ы″кlэрэ къэlу щхьэ, ″н″ къакlэлъыкlуэу глагол инфинитив формэ щыухуэм щыгъуэ, абыхэми ″ы″р къазэрыхэмыlукlыжыр гурыlуэгъуэщ: «ин, ун, lун, гъун, хъун, хун».

Мы щапхъэхэм нэмыщl, ″ы″р зи кlэух макъыу щыту ухуэ псалъэхэм щыщщ ″макъ зэгуэт″ жыхуэтlэхэм я оргинал къэlукlэу (″ы″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэу) къатехъукl ″макъ зэгуэт псалъэ″хэр. Нытlэ, ″ы″кlэрэ къэlу ″макъ зэгуэт псалъэ″хэр - глаголхэри хэтыжу- къэдгъэлъэгъуэнщ: «тхъын, тхъу(ы), тхъун, тхын, тху(ы), ткlун, щтын, шхын, шху(ы), лъхун, псы, пщы, пхъы, пхъу(ы), пхын, плъын, пщlы, пщlы, пкlын, пкъы, плlы, бзы, бзын, бдзы, бгъу(ы), бгы, бжы, бжьын, блы, фты».

Щхьэж макъхэмрэ макъ зэгуэтхэр щхьэжу къызэрыlум зэрезэгъщи, ахэр занщlэу бзэм зэрыхэхьэу къэхъу ″макъ псалъэ″хэмрэ ″макъ зэгуэт псалъэ″хэр ″ы″кlэрэ къызэрыlур гурыlуэгъуэщ. Мыхэр макъхэр оригиналу къызэрыlу щlыкlэу къэхъуа псалъэхэращи, къэlун папщlэ ″ы″ кlэух зыхуэныкъуэ псалъэхэращ. Ауэ, къэlун папщlэу ″ы″ кlэух зыхуэмыныкъуэу макъ гупкlэ ухуа псалъэхэри хэтщ адыгэбзэми, ахэр ″ы″ кlэух зиlэу къызэрыlур къаlуатэ lуэхугъуэращ зэлъытарэ зытеухуар. Мыпхуэдэу ″ы″ кlэух зиlэу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «абы, мыбы, мобы».

Нобэ къэбэрдеибзэм щыземыкlуащэми, мы псалъэхэм хуэдэу къэхъуарэ зы упщlэ псалъэу щыт ″табы″ псалъэри ″ы″кlэ къэlуу ухуа зы псалъэщ. Мы щапхъэхэр ″б″ макъым зэрытеухуар гулъытапхъэщи, абы и мыхьэнэм елъытащ. Мыпхуэдэу ухуа зы псалъэ хэтщ аргуэру адыгэбзэми, къызкlэлъыкlуэ макърэ псалъэр гурыlуэгъуэ зыщlыу къыпэкlуэнум пыщlэныгъэу ″падеж″ къалэни зыгъэзащlэ ″м″ макъым ипlэ иувэрэ ″ы″кlэ къэlуу ″б″ыр зыхэту ухуэ псалъэщ мыри: «езым → езбы».

Ауэ псалъэ кlэух макъыу щытрэ ″ы″ къызхэlукl псалъэ бжыгъэр мащlэу щытрэ зы бжанэщи, мы къэта щапхъэхэм нэмыщl аргуэру зы псалъэ хэтщ адыгэбзэм и кlэух макъым ″ы″ къыхэlукlрэ псалъэр ″ы″кlэрэ ухыу: «иджы».

Къэгъэлъэгъуам {а, мы, мо (мэу)} ″зэрелъыта ужьыгъуэ″ къизыlуэ ″б″ макъыр щхьэж макъыу къызэрыlу щlыкlэкlэ ″ы″ри къыхэlукlыжу хэхьэу ухуащ ″абы, мыбы, мобы″ псалъэхэри, ″а, мы, мэу/мо″уэ къэгъэлъэгъуар зэрелъытарэ зэпыщlэныгъэ зыхуиlэу къызэрыlуэтар ″б″ макъыр оригиналрэ ″ы″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэкlэщ. Мы псалъэхэм кlэух ″б″ макъыр ″бы″уэ къэlуу зэрыхэхьар ″б″ макъым и мыхьэнэмрэ мы псалъэхэм къаlуатэм теухуащи, мыпхуэдэу лъытапхъэщ ″иджы″ псалъэм и ″дж″ макъри оригиналрэ ″ы″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэкlэ псалъэм кlэух

зэрыхуэхъуар. Аращи, джыгъуэрэ джыпlэу (и) щытыр а зэрыщыткlэрэ зэрыджыр (джы) къызэрыlуатэ ″иджы″ псалъэри кlэух ″дж″ макъыр щхьэж зы макъыу къызэрыlу щlыкlэу ″ы″кlэрэ къэlуу щlэухуар ″иджы″р зытеухуа lуэхугъуэр зэрыгъэзащlэрэ къызэрекlуэкlращ.

Зы макъыр къэlунрэ утыку къихьэн къалэныр а нэхъ къару цlыкlу зытекlуадэ ″ы″кlэрэщи, ″ы″ макъым игъэзащlэр къызхэlукl макъхэр утыку къихьэн папщlэщ. Макъхэр утыку къихьэн къалэнщ ″ы″м игъэзащlэри, псалъэм икlэм къыпыхьарэ щхьэж зы макъыу и къэlукlэр ″ы″кlэрэу щыт зы макъыр псалъэм хэт адрей макъхэмкlэ къэlуфу щытмэ, абы аргуэру ″ы″ къыхэlукlын хуэныкъуэнкъым. Аращи, ″ы″кlэ къэlу макъхэр псалъэ кlэухыу щытмэ, абыхэм аргуэру ″ы″ къахэlукlыжын хуэныкъуэкъыми, псалъэри ″ы″ кlэухкlэрэ ухкъым. Мыпхуэдэ лэжьэкlэм хуэмыдэу къэхъуа ″абы, мыбы, мобы″ псалъэхэмрэ ″иджы″ псалъэр къызэрыхъуа щхьэусыгъуэри къэдгъэунэхуащ. Псалъэ кlэухыр ″ы″кlэрэ къэlу макъхэу щыщыткlэ, абыхэм ″ы″р къазэрыхэмыlукlыжым теухуа щапхъэщ ипэкlэ глагол инфинитив формэу ″н″ кlэухкlэрэ ухуа псалъэхэри, мыпхуэдэу псалъэ кlэух макъхэр ″ы″ншэу къызэрыlум теухуа нэгъуэщl щапхъэхэри къэтхьынщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, ″ы″кlэрэ къэlуу утыку къихьэ макъхэр макъдэкlуашэхэм изакъуэкъым. Макъ lуэру ″ы″кlэрэ къэlу щхьэж макъхэр зэрыщыlэри гурыlуэгъуэщ: «и(ы), у(ы), lу(ы)». Ахэр псалъэ кlэух щыхъукlэ, щхьэж макъыу къызэрыlу ″ы″р къащыхэмыlукlыж щыlэщи, мыпхуэдэ къызэрыхъум лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъу lуэхугъуэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Зэрыгурыlуэгъуэу, макъ lуэрхэм макъ геометрие lэнатlэщ ягъэзащlэри, мы макъ lуэрхэм ″ы″ къащыхэмыlукlыжми ягъэзащlэ геометриер зэхъуэкlыщэкъым. Ауэ ″ы″ къахэмыlукlыжу къыщыlум деж, мы макъ lуэрхэм я геометрие эффектращ гъэзащlэр. Аращи, зы геометрие lэнатlэ утыку къизылъхьэ макъ lуэр нэужьым аргуэру зы геометрие lэнатlэ утыку къизылъхьэ зы макъ lуэр къыщыкlуэм деж, мы иужьрейр и эффекткlэрэ гъэзащlэмэ, lуэхур щырикъу щыlэщи, ″ы″кlэрэ къэlуу зи гугъу тщla мы макъ lуэрхэм ″ы″ къыхэмыlукlыжын щыхъур мыпхуэдэ щlыпlэхэращ. Нытlэ, ахэр ″ы″ншэу къыщыlу щlыпlэр зы макъ lуэрым къыкlэлъыкlуэу псалъэ кlэух щыхъуращи, езым ипэ къихуэ макъ lуэркlэрэ гъэзэщla зы геометрие lэнатlэм езым и эффектри щыхэхьэжкlэ и къалэныр мэгъэзэщlэфыр. Мыращ ″ы″кlэрэ къэlуыкlэ зиlэ мы макъ lуэрхэр псалъэ кlэух щыхъум деж, абыхэм ″ы″ къащыхэмыlукlыж зэрыхъури, игъэзащlэр и эффекткlэрэ зэрыгъэзэщlэфым папщlэщ. Ауэ макъ lуэрым къыкlэлъыкlуэу псалъэ кlэух щыхъукlэ, мы макъ lуэрхэм сытым дежи ″ы″р къахэмыlукlыжу аракъым; мыпхуэдэхэми абыхэм ″ы″ къащыхэlукlи щыlэщи, ар ″ы″кlэрэ къэlурэ къэмыlуу псалъэм кlэух зэрыхуэхъум елъытауэщ а псалъэри зэригъэлажьэу ухуэ мыхьэнэри зэлъытар.

Мы макъхэр ″ы″рэ ″ы″ншэу къызэрыlу щlыкlэу бзэм зэрыхэлэжьыхьым ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхь лэжьыгъэ lэнатlэхэми дыщытепсэлъыхьынщ, ауэ мыбдежым мы къэтlуэтахэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ.

″И″м ″ы″ къыхэмыlукlыу и къэlукlэр ″й″уэ тхауэ бзэм хэхьащи, зи гугъу тщla lуэхугъуэу ″и″м ″ы″ къыхэмыlукlыж щыхъур зэрытх щlыкlэр ″й″уэщ псалъэхэм зэрыхэплъагъуэр. Нытlэ, зы макъ lуэрым къыкlэлъыкlуэ ″и″р а зэрыщыткlэрэ къызэрыlумрэ, ″ы″ншэу ″й″уэ къызэрыlу щlыкlэу псалъэ кlэух зэрыхъум теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ. Мыпхуэдэ лэжьэкlитlым зэщхьэщыкlыныгъэ зэраlэри гулъытапхъэщ: «кlуэи – кlуэй, къакlуэи – къакlуэй, щlыи – щlый, плъэи – плъэй, псалъэи – псалъэй».

Мы къэта щапхъэхэр глагол лэжьэкlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ахэр ″и″ кlэухкlэрэ щыухуэм деж, а lуэхур ″и″ макъ мыхьэнэкlэрэ икlэ нэгъунэ зэрыгъэзащlэ щlыкlэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ; ауэ ″й″кlэ ухыу къэlуатэ псалъэм а lуэхум емыгугъущэу ауэ къызэрыкlуэрэ псынщlэlуэу зэрыгъэзащlэр къызэриlуатэри гулъытапхъэщ. Мы къэта щапхъэхэм нэмыщl, къыкlэлъыкlуэ макъ lуэрым елъытауэ ″и″ эффектклэрэ (й) гъэзащlэу ухуэ псалъэхэри хэтщ адыгэбзэми, щапхъэхэр къэтхьынщ: «ей, хуей, тlей; тlий, кlий, ткlий, пlий, бий, фий; цей, кхъуей, фlей, лей, пклэлъей; къуий, бзий, тхъуий».

″И″мрэ ар ″ы″ншэу къызэрыlу ″й″м теухуауэ мы къэта щапхъэхэр икlи ″у″р кlэух зэрыхъум теухуауи къэдгъэлъэгъуэнщ. ″У″м теухуа лэжьыгъэ lэнатlэм щыгъэлъэгъуэнущ ар бзэм зэрыхэлэжьыхьыр, ауэ мыбдежым макъ lуэрым къыкlэлъыкlуэ псалъэ кlэухыу ″у″р ″ы″ншэу къызэрыlу щlыкlэр ипэкlэ ″й″р зи кlэухыу къэта глагол лэжьэкlэу ухуа щапхъэхэм теухуауэ къэтхьынщ: «кlуэу, къакlуэу, ищlыу, плъэу, псалъэу».

Аргуру ″й″ кlэух зиlэу ухуарэ етlуанэ lыхьэу къэта псалъэхэри ″у″ кlэухкlэрэ къызэрыlуатэ щlыкlэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ. Ауэ мы зи гугъу тщla макъ lуэрхэр (и, у, lу) кlэухыу ″ы″ншэу къэlун папщlэ, къызкlэлъыкlуэ макъ lуэрыр зы макъ псоуэ къэlун зэрыхуейр гурыlуэгъуэщи, езыр ″и″м къытехъукlарэ макъ ныкъуэу щыт ″й″ кlэух зиlэ псалъэм ″у″р ″ы″ншэу кlэух хуэхъуфын папщlэ, ″й″хэр ″ы″кlэрэ къызэрыlуж щlыкlэу ″и″уэ зэхъуэкlын хуейщ. Аращи, ″й″кlэ ухыу ипэкlэ къэта щапхъэхэр ″ы″ншэ ″у″ кlэух зиlэу къызэрыlуатэ щlыкlэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «еиу, хуеиу, тlеиу; тlииу, кlииу, ткlииу, пlииу, биу, фиу; цеиу, кхъуеиу, фlеиу, леиу, пклэлъеиу; къуиу, бзиу, тхъуиу».

Мыбы нэмыщl, ″у″кlэ къэlуыкlэ зиlэ ″къу, кхъу, хъу, гъу, кlу, ку, ху, гу″ макъхэр псалъэ кlэух щыхъукlэ, ″ы″ къазэрыхэмыlукlыжынури гулъытапхъэщ: «фэлъэкъу, шыуаныкъу, къэкхъу, мэхъу, псэлъыхъу, шыхъу, гугъу, псэлъэгъу, екlу, зэдэкlу, ику, псэлъэку, кlэху, пэху, хъуху, къэпсэлъэху, lэгу, щхьэщыгу».

Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″макъ щэху″хэращ щхьэж макъыу ″ы″кlэрэ къэlуу утыку къихьэхэри, ахэр икlи къэlунрэ зэхэхыфын папщlэ макъзешэ зыхуэныкъуэ макъхэу ″макъдэкlуашэ″уи лъытахэрщ. Зы макъдэкlуашэр псалъэм ″ы″кlэрэ къэlуу зэрыхэтыр а макъыр щхьэжу оргинал мыхьэнэкlэрэ псалъэм зэрыхэлэжьыхьращ. Ауэ мыпхуэдэ лэжьэкlэ иlэми, ″ы″р къызхэмыlукlрэ зыпымыту псалъэхэм хэплъагъуэ макъдэкlуашэ зэрыщыlэр гурыlуэгъуэщи, мыри нэхъыбэу псалъэ кlэух макъдэкlуашэ къэlукlэращ зытеухуар. Щхьэж макъыу ″ы″кlэрэ къэlу зы макъдэкlуашэр псалъэ кlэух щыхъум деж, абы ипэкlэ къэlу макъхэм я къэlукlэкlэ езыри къэlуфу щытмэ, ″ы″кlэрэ къэlунрэ ″ы″ къыпыхьэжын хуэныкъуэкъым. Щхьэж макъыу ″ы″кlэ къэlу мы макъыр псалъэ кlэух зэрыхъум ипкъ иткlэ, абы ″ы″ къыхэмыlукlыжрэ пымыхьэжми, ар и оргиналыпlэм итущ зэрылъытапхъэр: «lэщ, уэщ, жэщ, уэд, лъэпэд, гъур, гуэр, плъыжь, хужь, лlыжь, нэщl, зэш, зэуэлl, дэп, нып, кумб, нэф, хуэфl, тхьэв, хуэм, шхын».

Мы зи гугъу зэрытщlауэ ″ы″кlэ къэlу макъ lуэрхэр ″ы″ншэу къэlуу псалъэ кlэух зэрыхъумрэ, макъдэкlуашэхэр ″ы″ншэу къызэрыlуу псалъэ кlэух зэрыхъу щlыкlэри нэхъыбэу къэбэрдеибзэращ зыдыхэплъагъуэр; адрей адыгэбзэ жьэрыпсалъэ нэхъыбэм мы макъхэр кlэух щыхъукlи ″ы″ макъри къыхolукlыр.

Зы макъдэкlуашэр щхьэж макъыу оргиналу ″ы″кlэ къызэрыlум хуэдэу, зы псалъэм хэт дэтхэнэ зы макъдэкlуашэр а зэрыщытрэ и оргинал мыхьэнэкlэ къызэрыlу щlыкlэри ″ы″ кlэухкlэрэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. ″Ы″р макъ геометрием и оригиналыпlэр къизыlуэ макъщи, абыкlэ къэlу макъдэкlуашэр и оригинал мыхьэнэпlэращ зыдитыр. Зы макъдэкlуашэр ″ы″м нэмыщl макъзешэхэмкlэ къэlуу щытмэ, ар и оригиналыпlэм нэмыщl макъ геометрие щlыпlэхэм къыщыlуу аращи, ар псалъэм зыдыхэту зыщыдж щlыпlэри и оригиналыпlэм иту зэрыщымытыр гурыlуэгъуэщ. Аращи, зы макъдэкlуашэр ″ы″м нэмыщl макъзешэкlэ къэlуу псалъэм зэрыхэтыр а макъдэкlуашэм и мыхьэнэр ар къызэрыlу макъзешэм игъэзащlэ геометрие lэнатlэращ щыгъэзащlэр.

Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, псалъэ кlэух макъдэкlуашэр ипэ ит макъхэм я къэlукlэм зэрызекlукlэрэ къэlуфу щытмэ, ″ы″ кlэух къыпыхьэн зыхуэмыныкъуэрщи, ар и оригинал мыхьэнэкlэрэ къызэрыlу щlыкlэу ″ы″ кlэух зиlэущ зэрылъытэр. Мыбы нэмыщl, псалъэм дэтхэнэ и зы щlыпlэм хэтми, зы макъдэкlуашэр нэгъуэщl макъзешэкlэ къэмыlуу щытмэ, зэрызекlуэр ″ы″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэу и щхьэж макъ мыхьэнэкlэрэу лъытапхъэщ.

″Ы″кlэрэ къэlу макъхэр псэлъэкум ″ы″ къыпымыхьарэ къыхэмыlукlыжу хэтмэ, псалъэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр и макъ эффектkлэрэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Ауэ псалъэ кlэух щыхъукlэ, ипэ ит макъхэм я къэlукlэм зыдигъэкlуу къызэрыlуфым папщlэ, ″ы″ къызхэмыlукlыж макъдэкlуашэхэр я эффектkлэрэ къэlуу лъытапхъэкъым.

Ахэр псалъэ кlэухрэ ″ы″ншэу къыщыlукlэ я къалэныр зыгъэзащlэущ а псалъэм зэрыхэт щlыкlэри, мыри къэбэрдеибзэм и лэжьэкlэу зэрыщытри жытlагъэххэщ. Ауэ псалъэ кlэух мыхъуу псалъэм икум ″ы″ншэу къыкlэлъыкlуэ макъым пыщlауэ щыт макъыр и эффектклэрэ лажьэу зэрыщытри жытlагъэххэщ. Мыпхуэдэхэм теухуа щапхъэхэр илъабжьэкlэ къэтхьынщ, ауэ мыпхуэдэхэм и нэхъ щапхъэфlыр ″макъдэкlуашэ зэгуэт″хэр къызэрыхъу щlыкlэрауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Макъдэкlуашэ зэгуэт/зэхэжыхьахэр япэрей макъым ″ы″ кlэух пымытрэ и макъ эффектклэрэ къыкlэлъыкlуэ макъым зэрыпыхьэкlэрэщ къызэрыхъур. ″Макъдэкlуашэ зэгуэт″ жыхуэтlэр япэрей макъдэкlуашэр ″ы″ншэу къыкlэлъыкlуэ макъдэкlуашэм зэрыгуэхьэкlэрэщ къызэрыхъури, иужьрей макъдэкlуашэр зэрыщыту ″ы″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэу, абы ипэ ″ы″ншэ къыпыхьа макъри хэтыжу, зы макъ пэлъытэу зэгуэтрэ зэхэжыхьауэ къэlуыкlэ ягъуэтыр: «″тlы, кlу(ы)″ → ″тl-кlу(ы)″ → ткlу(ы); ″щы, ты″ → ″щ-ты″ → щты; ″пы, лъы″ → ″п-лъы″ → плъы; ″пы, щы″ → ″п-щы″ → пщы; ″бы, зы″ → ″б-зы″ → бзы».

Мы зи гугъу тщlа макъдэкlуашэ зэгуэтхэм нэмыщl, псалъэм хэт макъдэкlуашэ псори щхьэжу ″ы″ кlэух зэриlэкlэ къыщымыlу щыlэщи, мыбыи щхьэусыгъуэ иlэщ. Аращи, макъдэкlуашэ зэгуэтрэ зэхэжыхьар зы макъ пэлъытэущ бзэм зэрыхэхьэрэ зэрыхэлэжьыхьыр, ауэ зы lуэхугъуэр зэрыгъэзащlэр къызэрыlуэтэ псалъэхэм зэкlэлъхьэужь макъдэкlуашитlыр ″ы″ншэу зэрызэгухьэ щlыкlэ гуэрхэр бзэ лэжьэкlэм теухуарэ зэрезэгъкlэрэщ. Мыпхуэдэ ухуэ псалъэм хэту ″ы″ншэу къэlу макъыр и эффектклэрэщ къыкlэлъыкlуэ макъым зэрыпыхьэри, псалъэм къиlуатэр зэрыигъуэкlэрэ мыпхуэдэ ухуэкlэкlэ къызэрыlуатэри гурыlуэгъуэщ: «илъхьэн, гуэлъхьэн, игъуэлъхьэн, гуэгъуэлъхьэн».

Бзэ лэжьэкlэу макъдэкlуашэр ″ы″ншэу къыкlэлъыкlуэ макъым зэрызэгухьэ мы лэжьэкlэм нэмыщl щапхъэхэри иlэщ адыгэбзэми, мыпхуэдэ щапхъэхэм и нэхъыбэр ″м, н, р″ макъ зыхэту ухуэ псалъэхэращ. Я къэхъукlэм зэрелъытакlэрэ ″м, н, р″ макъхэм бзэм хагъэзэщlыхь къалэнращ мыр зэлъытари, ахэр къызкlэлъыкlуэ макърэ псалъэр къэзыгъэлъагъуэрэ утыку къизылъхьэ макъхэщи, мыпхуэдэу макърэ псалъэр ″м, н, р″кlэрэ къэгъэлъэгъуа нэужь, мыбыхэм ″ы″ къыкlэлъымыкlуэу зы макъдэкlуашэр тыншу къыпыхьэу псалъэ мэухуэфыр. Аращи, кlэух зыхъуэухъу макърэ псалъэхэр а зэрыщыту е къыпыщэн гуэр зэрыщыlэкlэрэ къэгъэлъэгъуэн къалэн зыгъэзащlэ ″м, н, р″ макъхэм ″ы″ншэу къыкlэлъыкlуэ макъхэмкlэ ухуэж псалъэщ мыхэр: «lэмбатэ, lумплэ, гъуэмб, кумб, думп, хъымплар, хъумплэрдзэдж, хьэмбыlу, лъэмбыlу, бамплэ»; «lэнлъэ, lункlыбзэ, къундэпсэу, шэнт, къуаншэ, ухуэнщlын, хуэнщlий, пэнцlыв, вынд, пщlэнтlэн, пщlэнтlэпс, пхъэнкlын, пхъэнкlий»; «къурш, къурмакъей, къурт, кlуртlэ».

Мы щапхъэхэр ″м, н, р″ макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэу ухуа псалъэхэщи, мыхэр псалъэ кIуэцIым ″ы″ншэу къыкIэлъыкIуэ макъдэкIуашэм пыщIэ макъдэкIуашэхэм хуэдэу лъытапхъэкъым. ИкIи мыбдежым ″м, н, р″ыр зэры″ы″ншэу къыкIэлъыкIуэ макъдэкIуашэм зэрыпыхьэ щIыкIэри ″м, н, р″ макъхэм я эффектКIэрэу лъытапхъэкъым. Аращи, мыбдежым къэта щапхъэхэмрэ псалъэ кIэухыу ″ы″ншэу къэIу макъдэкIуашэр зэхуэдэ Iуэхугъуэуэлъытапхъэщ.

Дэтхэнэ зы макъдэкIуашэр щхьэжу зы макърэ оргиналу къызэрыIу щIыкIэр ″ы″кIэрэщи, ахэр псалъэхэм ″ы″кIэрэ къэIуу зэрыхэт щIыкIэри мыпхуэдэщ. Ауэ макъдэкIуашэ зэгуэт къызэрыхъу щIыкIэри, зы макъыр ″ы″ кIэух къыхэмыIукIыу къыкIэлъыкIуэ макърэ псалъэм зэрыпыхьэри макъыр оргиналрэ псоуэ къызэрымыIу щIыкIэущи, ар и оргинал мыхьэнэм и эффектКIэрэщ къыкIэлъыкIуэ макърэ псалъэм зэрыпыхьэ щIыкIэр. Абы игъэзащIэ IухуэхъугъуэрипхъэщIыкIэр и макъ мыхьэнэ оргиналым езыракъыми, абы и эффектращ.

Зы макъыр псалъэм хэту ″ы″ кIэухкIэ къыщыIум щыгъуэ, а макъым и мыхьэнэр а зэрыщытрэ зэрыоригиналу мэгъэлъагъуэр. А макъыр ″ы″кIэрэ къэIуу оргиналу гъэлъэгъуауэщ къыкIэлъыкIуэ макърэ псалъэм зэрыпыщIэ щIыкIэр. Макъзешэхэр макъыр къэIун къалэн зыгъэзащIэ макъ IуэрхэращмыбынэмыщI, къызкIэлъыкIуэ макъыр къыкIэлъыкIуэ макъым зыпызыщIэ къалэн зыгъэзащIэ макъ IуэрхэщмакъзешэхэрЯпэу къэхъуа макъзешэу щыт ″ы″ри къызкIэлъыкIуэ макъыр къэIунрэ и оргинал мыхьэнэу утыку къихьэн къалэн зыгъэзащIэ макъ IуэрщмыбынэмыщI, мы оригиналу утыку къырилъхьарэ къигъэIуа макъыр къыкIэлъыкIуэ макъми пызыщIэ макъзешэщ. Аращи, ″ы″ макъым игъэзащIэ зы IуэхуризикIэух макъыр къыкIэлъыкIуэ макърэ псалъэм пыщIэн IуэхугъуэщЪ Псалъэм и кIэух макъдэкIуашэм къыкIэлъыкIуэ макъ зэрыщымыIэм папщIэ, ар ″ы″ кIэухкIэрэ къэIун зэрыхуэмыныкъуэри мыбдежым аргуэру наIуэ зэрыхъур гурыIуэгъуэщ.

Макъзешэхэр къызкIэлъыкIуэ макъыр зезышэ макъ IуэрхэращикIэух зыхуэхъуа макъыр зыдашэри езы дэтхэнэ зы макъзешэм игъэзащIэ геометриращ. Мыпхуэдэу зыдашэ геометием теухуауэщ къыкIэлъыкIуэ макърэ псалъэм зэрыпыщIэ щIыкIэри, макъзешэхэр макъхэр зезышэ макъ IуэрхэуякъызкIэлъыкIуэ макърэ псалъэхэр зыдыщигъэIурэ зыщидж щIыпIэу езым и геометрие IэнатIэм деж, къыкIэлъыкIуэ макърэ псалъэхэм зыпызыщIэ макъхэращ. Псалъэ ухуэныгъэм теухуауэ бзэм мыпхуэдэ къалэн хагъэзэщIыхьыр макъзешэхэми, абыхэм макъхэр макъхэм, макъхэр псалъэхэм, псалъэхэр макъхэм, псалъэхэр зыр зым зэпащIэу ягъэлажьэр. НытIэ, ″ы″р кIэух зыхуэхъу макърэ псалъэр къыкIэлъыкIуэ макърэ псалъэм зэрызыпищIэр а макърэ псалъэ мыхьэнэр и оригиналыпIэм зэриткIэрэщ. Макърэ псалъэхэр ″ы″кIэрэ зэрыпыщIэу ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщи, мыпхуэдэу макъхэр

″ы″кlэрэ псалъэхэм ищхьэм къызэрыпыхьэрэ префикс зэрыхуэхъум, псалъэхэм ″ы″кlэрэ къэlуыкlэ зэрагъуэт щlыкlэкlэ макъхэр кlэухрэ суффикс язэрыхуэхъум, зы псалъэр ″ы″кlэрэ къыкlэлъыкlуэ псалъэм зэрызэпыщlэу ухуэ ″псалъэ зэгуэт″ зэрыухуэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «″къы-ры″ → къыр; ″ны-джэ″ → ныджэ; ″ны-вэ″ → нывэ; ″пы-щы-ны″ → пыщын; къы-пыщын″ → къыпыщын; ″къыпыщын-гъэ″ → къыпыщын-ы-гъэ → къыпыщыныгъэ; ″пыху(ы)-жы-ны″ → пыху(ы)жын → пыхужын; ″жэщ, кlэ″ → жэщ-ы-кlэ → жэщыкlэ; ″мэш, фlы″ → мэш-ы-фlы → мэшыфl».

Мы къэта псалъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, дэтхэнэ зы макърэ псалъэр къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм зэрыпыхьэ щlыкlэр ″ы″кlэрэщ. Зы макъыр и оригинал мыхьэнэкlэрэ къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм зэрыпыщlэр ″ы″кlэрэщ; икlи зы псалъэр ″ы″кlэрэ мыухми, абы и мыхьэнэр зэмыхъуэкlрэ а зэрыщыткlэрэ къызкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм зэрыпыхьэ щlыкlэр ″ы″кlэрэщ.

Макърэ псалъэхэхэр ″ы″кlэ зэрызэпыхьэу псалъэ къэхъукlэрэ лэжьэкlэм теухуа щапхъэхэр къэтхьащ. Ауэ псалъэхэм ″ы″ншэу кlэух хуэхъу макъхэри щыlэщи, мыпхуэдэ макъхэр а псалъэм щыщ мыхъурэ а псалъэр зымыгъэлажьэу, псалъэ мыхьэнэр а зэрыщыту утыку къизылъхьэ макъхэращ. Кlэух къыхуэхъу макъхэмкlэ зы псалъэр а зэрыщытрэ зэрыгъэпсакlэрэ утыку къилъхьэн lуэхущ мы лэжьэкlэри, а псалъэр зэрызэпкъырыува щlыкlэу абы и щыlэгъуэм теухуауэ ″щыlэ, щымыlэ, упщlэ″ къезытрэ ″падеж″ къалэн хуэзгъэзащlэ макъхэр псалъэм кlэухыу къызэрыпыхьэ щlыкlэхэращ.

Аращи, зы псалъэр а зэрыщытрэ зэрыгъэпсакlэрэ ″щыlэ, щымыlэ, упщlэ″у зыгъэпсыж макъхэмрэ а псалъэр а зэрыщыткlэрэ утыку къырилъхьэу зэпыщlэныгъэ къезыт ″падеж″ къалэн зыгъэзащlэ макъхэр псалъэм ″ы″ншэрэ занщlэу кlэух хуохъур. Зыгуэрыр зэрыщыlэрэ зэрыщымыlэр, упщlэр, падеж къалэныр псалъэр зэрыщыту утыку къилъхьэнрэ къэгъэлъэгъуэнкlэрэщ зэрыгъэзащlэр. Мыпхуэдэу утыку къилъхьа зы псалъэр щхьэжу зэрыгъэпсауэщ къызэрызэтенэжыр. Зы псалъэм къыпыхьэу ар зыгъэлажьэ макъымрэ, псалъэм къытехъукl псалъэ зэгуэт″ыр ″ы″кlэрэщ а псалъэм къызэрыпыхьэри, псалъэм ″ы″кlэрэ къыпыхьа макъымрэ псалъэр а псалъэр зыгъэлажьэрэ щыщ зэрыхъум папщlэ, утыку къихьа псалъэ гъэпсыкlэри зохъуэкl, псалъэр къыпыхьа макърэ псалъэхэмкlэ аргуэру мэгъэпсыжыр. Ауэ мыбдежым зи гугъу тщlыр псалъэм ″ы″ншэу икlэм къыпыхьэ макъым а псалъэр а зэрыщытрэ зэрыгъэпса щlыкlэу къызэрытенэжкlэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэращи, ″ы″ншэу псалъэм къыпыхьэ макъыр а псалъэм щыщ хъукъым, икlи ″ы″кlэрэ къызпыхьа псалъэр зыгъэлажьэ суффикс къалэни игъэзащlэкъым.

Мыпхуэдэ къалэныр дэтхэнэ зы макъым зэримыгъэзэщlэфынур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ къалэн зыгъэзэщlэфынур макъым и бзэм щигъэзащlэ къалэнрэ мыхьэнэращ зэлъытарэ зытеухуар. Мыпхуэдэ макъхэр илъабжьэкlэ къэттынщ, икlи абыхэм ягъэзащlэу мы зи гугъу тщla къалэнхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ.

Псалъэр зы псалъэу а зэрыухуарэ зэрыгъэпса щlыкlэу къызэтенэжрэ ″ы″ къызэримыщтэкlэрэ абы кlэух зэрыхуэхъукlэрэщ псалъэ мыхьэнэм щыlэгъуэрэ упщlэ статие къезыт ″щ, т, къ(ым), къэ, и″ макъхэмрэ, псалъэ мыхьэнэм и куэдагъэ къэзыгъэлъагъуэ ″хэ″ макъыр къызэрыпыхьэр. Мы макъхэр псалъэр зэрыщытрэ зэрыгъэпса щlыкlэу ″ы″ къимыщтэу кlэух зэрыхуэхъум теухуа щапхъэхэр зэрыхэплъэгъуэну щlыкlэу макъдэкlуашэкlэ ух зы псалъэм теухуауэ къэтхьынщ. – Макъ lуэркlэ ух псалъэхэм мы макъхэр занщlэу (″ы″ншэу е нэгъуэщl макъзешэкlэ) кlэух язэрыхуэхъур зэрыхыумылъэгъуэнур гурыlуэгъуэнщ: «мэшщ, мэшт, мэшкъым, мэшкъэ(?), мэши(?)»; «мэшхэр».

″Падеж″ къалэн зыгъэзащlэ макъхэри псалъэр а зэрыщытрэ зэрыгъэпсакlэрэ къызэтенэжу, псалъэм ″ы″ къыпымыхьэу занщlэу кlэух зэрыхъун хуейри гурыlуэгъуэнщи, ″падеж″ къалэн зыгъэзащlэ ″и, у/уэ, кlэ, м, р″ макъхэр псалъэхэм ″ы″ншэу къызэрыпыхьэ щапхъэхэри къэтхьынщ: «мэши, мэшу/мэшуэ, мэш, мэшкlэ, мэшым, мэшмэ, мэшыр, мэшрэ».

Мыбыхэм щыщ гуэрхэм ″ы″ зэрыхэтыр нэрылъагъущи (мэшым, мэшыр), мыбдежым ″ы″р псалъэм къызэрыкlэлъыкlуэ щхьэусыгъуэр псалъэм къыкlэлъыкlуэ макъыр (м, р) тыншу къэlуфын папщlэщ. Ауэ ″м, р″ макъхэм ″э″ кlэух е нэгъуэщl макъ къыщащтэм деж, къэlун папщlэ зыхуэмыныкъуэж ″ы″р псалъэм икlэм къызэрыпымыхьэр гулъытапхъэщ: «мэшмэ, мэшми; мэшрэ, мэшри, мэшра, мэшращ, мэщракъым, мэшракъэ, мэшрами, мэшрауэ, мэшрауэми».

Мыпхуэдэщ падеж къалэн зыгъэзащlэ макъхэр псалъэм къызэрыпыхьэри, зэрыгъэпса щlыкlэр зэмыхъуэкlыу щыт псалъэм икlэм занщlэрэ ″ы″ншэущ къазэрыпыхьэр. Ауэ макъдэкlуашэкlэ ух псалъэхэм ″м, р″ макъхэр - къэlуфын папщlэ- ″ы″кlэрэ къызэрыпыхьэм хуэдэу ятхрэ къаlуатэ хъуащ нобэ ди бзэщlэныгъэрэ литературэбзэм и бгъэдэхьэкlэм ипкъ иткlи, мы макъхэр ″падеж″ къалэн зэриlэкlэрэ псалъэм ″ы″ кlэух къищтэу зэратх щlыкlэр зэрымыигъуэр къэзыгъэлъагъуэ щапхъэхэмрэ ахэр зэрытхынрэ къызэрыlуэтэн хуейри тхыхьым дэту къэтащ: «мэшымэ (мэшмэ), жэщымэ (жэщмэ), псэфымэ (псэфмэ), лъэсымэ (лъэсмэ), лъэмыlэсымэ (лъэмlэсмэ), щlэтымэ (щlэтмэ), ихьымэ (ихьмэ), еплъымэ (еплъмэ), ныпымэ (ныпмэ), къэбымэ (къэбмэ), lэфlымэ (lэфlмэ), хуэмымэ (хуэммэ), бынымэ (бынмэ)»; «мэшырэ (мэшрэ), жэщырэ (жэщрэ), псэфырэ (псыфрэ), лъэlэсырэ (лъэlэсрэ), лъэмыlэсырэ (лъэмыlэсрэ),

щlэтырэ (щlэтрэ), ихьырэ (ихьрэ), еплъырэ (еплърэ), ныпырэ (ныпрэ), къэбырэ (къэбрэ), lэфlырэ (lэфlрэ), хуэмырэ (хуэмрэ), бынырэ (бынрэ)».

″Мэ, рэ″р псалъэм ″ы″ къызэрищтэкlэрэ кlэух зыхуэхъуу ухуэ лэжьэкlэхэр падеж лэжьэкlэу зэрыщымытыжыр гурыlуэгъуэщи, ахэр псалъэм ″ы″ къыкlэлъыкlуэу кlэух щыхуэхъум деж, псалъэр абы кlэух хуэхъуа мы макърэ псалъэмкlэ лэжьэкlэ игъуэту псалъэ лэжьэкlэрэ псэлъэщlэ зэрыухуэнур гурыlуэгъуэнщ. Ар щыхъукlэ, мы макъхэм суффикс къалэн ягъэзащlэу псалъэхэр зэрагъэлэжьэнур гурыlуэгъуэнщ, икlи мы макъхэм щыщ гуэрхэр ″макъ псалъэ″у зэрыщыткlэрэи, ″ы″кlэрэ къызкlэлъыкlуэу зыпыхьэ псалъэмрэ абырэ зы ″псалъэ зэгуэт″ зэраухуэнури гурыlуэгъуэщ. Ипэкlэ къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэр мыпхуэдэщи, псалъэм папщlэ, ″мэ″р икlи зы псалъэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, къыкlэлъыкlуэ псалъэм ″ы″ къищтэу щыпыхьэкlэ, къэхъур зы ″псалъэ зэгуэт″щ: «″мэш, мэ″ → мэшымэ; ″жэщ, мэ″ → жэщымэ; ″нып, мэ″ → ныпымэ; ″къэб, мэ″ → къэбымэ; ″lэфl, мэ″ → lэфlымэ; ″бын, мэ″ → бынымэ».

Араща, мы макъхэм ″падеж″ къалэн щагъэзащlэм деж, псалъэм ″ы″ къызэримыщтэкlэрэщ кlэух язэрыхуэхъур; ауэ мы макъхэм я къалэнрэ я мыхьэнэм елъытащи, ахэр псалъэхэм ″ы″ къызэращтэкlэрэ кlэух щыхуэхъум деж, я мыхьэнэрэ къалэным елъытауэ ягъэзащlэ lуэхугъуэр нэгъуэщlщ.

Ауэ адыгэбзэ алфавитым макъхэр зэрытха щlыкlэм папщlэщи, мыпхуэдэ падеж къалэн игъэзащlэми, псалъэ кlэух макъымрэ абы къыкlэлъыкlуэу къыпыхьэну щыт падеж къалэн зыгъэзащlэ макъыр зэхэгъуэщауэ къэмыlун щхьэ, псалъэм ″ы″ къыпыхьэжущ зэрытхын хуейр падеж къалэн зыгъэзащlэ макъыр псалъэм кlэух щыхуэхъукlэ. Мыпхуэдэр зытеухуари ″у″м падеж къалэн игъэзащlэу ″у″кlэ ухыуи макъ къызтехъукlа макъхэращ. Нытlэ мыпхуэдэхэмрэ ″у″р зэхэмыгъуэщэн папщlэ, псалъэ кlэух макъым ″ы″ макъ е ″ъ″ нэгъыщэ къыпыхьэн хуейщ. Ауэ ″ъ″ыкlи макъ къызэрыхъу щыlэщи, сытым дежми ″ъ″р lуэхум и хэкlыплэу щыткъым. Мыпхуэдэ щапхъэщ илъабжьэкlэ къэтахэри, псалъэ кlэух макъыр зэрытха щlыкlэм падеж къалэн зыгъэзащlэ ″у″р хэмыгъуэщэн папщlэ, ар псалъэм икlэм ″ы″ къыпыхьэу псалъэм кlэух хуохъур. Араща, падеж къалэн зыгъэзащlэ ″у″р псалъэм занщlэу кlэух зэрыхуэхъумрэ, ″у″кlэ ух макъхэр (lу, къу, кхъу, хъу, гъу, кlу, ку, ху, гу) псалъэ кlэух зэрыхъум хэмыгъуэщэн папщlэ, псалъэм ″ы″ къыкlэлъыкlуэу падеж ″у″р кlэух зэрыхуэхъуу зэрытхын хуейр къэдгъэлъэгъуэнщ: «″ух-у″ → ухыу; ″къех-у″ → къехыу; ″пырхъ-у″ → пырхъыу; ″быкъ-у″ → быкъыу; ″зэрылъэпкъ-у″ → зэрылъэпкъыу; ″зэдэгъ-у″ → зэдэгъыу; ″сэкl-у″ → сэкlыу; ″щэкl-у″ → щэкlыу; ″lэфl-у″ → lэфlыу; ″зэригъэдзэкl-у″ → зэригъэдзэкlыу».

″У″ макъыр а зэрыщыту ″ы″ къыхэlуклыу къызэрыlури, ″ы″ къыхэмыlуклыу къызэрыlури зэхуэдэу ″у″ тхыпкъымклэщ зэрытхри, ар зыхэплъагъуэ щlыплэ гуэрхэм къызэрыlу щlыклэр зэхэхугъуафlэкъым. Ар узэреджэну щlыклэр щызэхэмыхум дежи, псалъэм и мыхьэнэр зэрызэхэмыхури гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу зэхуэдэ тхарэ мыхьэнитl зыгъуэт псалъэхэр щыlэщи, я мыхьэнэр зэхэхун папщlэ, ″у″м ″ы″ къыхэlуклыу къызэрыlур апхуэдэу тхын хуейщ. Къэтхьынщ мыпхуэдэ щапхъэхэмрэ ахэр бзэм зэрызеклуэ щапхъэхэр: «къэхъуыклэ (сытми зы къэхъуыклэ иlэщ) – къэхъуклэ (ар къэхъуклэ сыт хъунур)».

Пэжу еджэнрэ зэхэхун папщlэ ″ы″клэ тхынрэ ″ы″ншэу тхын хуей псалъэхэм теухуауэ зытепсэлъыхьын хуейр мыбы къыщынэкъым. Ауэ ди бзэщlэныгъэр къызтехъукларэ ди бзэр зыщlаджыкl бзэщlэныгъэ нэхъыщхьэм къызэрыгуэкlщи, ″ы″клэрэ къэlун хуей макъыр ″р″ым ипэ къыщихуэкlэ ″ы″ншэу тхынрэ къиlуэнри ди бзэм емызэгъ зы хабзэу зокlуэр. Зэрытхын хуейрэ нобэ литературэбзэрэ бзэщlэныгъэм зэрилъытэкlэрэ зэратх хъуа щlыклэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ. илъабжьэкlэ къэта щапхъэхэм япэрей псалъэр нобэ зэратхращи, къыкlэлъыкlуэр ар зэрытхын хуей щlыкlэращ: «кърикlуэн → къырикlуэн; крагъэхьащ → къырагъэхьащ; сриклуащ → сырикlуащ; дрещlей → дырещlей; кърешэх → къырешэх; Црым → Цырым».

″Р″ым ипэ къихуэ макъыр ″ы″ншэу тхыныр хабзэ зэрыхъум ипкъ иткlэ, ″р″ым ипэ къихуэ префикс макъхэр щыуагъэу ″ы″ншэу зэрытхым нэмыщl, глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэри пэжу къэlуэтэнрэ тхыныр щызэхекъутэхэм урохьэлlэр. Мыбы къыщымынэу, цlыхуцlэрэ унэгъуэцlэхэт теухуауи ″р″ макъым ипэ къихуэ макъыр ″ы″ншэу тхын хабзэр ягъэлажьэр. Аращи, мы къэта щапхъэм ″цы″р зы ″макъ псалъэ″ущ зэрыхэтыр гурыlуэгъуэщи, ар ″р″ым ипэ къызэрихуэм папщlэ, ″ы″ншэу ятхри псалъэм (цы) и мыхьэнэр ягъэкlуэдыр. Псалъэм макъхэр ″ы″ншэу зэрыхэтрэ зэрыгуэхьэм теухуа щапхъэхэр къэтащ ипэкlи, апхуэдэ лэжьэкlэм макъыбзэу щыт адыгэбзэм зы лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ зыхуиlэжщ. Абы ″р″ым ипэ къихуэ макъыр ″ы″ншэу къыпыхьэн хабзэр зэремызэгъыр гурыlуэгъуэщ, икlи зы псалъэр ″р″ым ипэ къызэрихуэм папщlэ зэхэкъутэныр емызэгъ lуэхуу зэрыщытри гурыlуэгъуэжщ.

Зы глаголыр зыгъэлажьэрэ зытеухуа нэрыбгэр къэзыгъэлъагъуэ макъыр (нэрыбгэ гъэлъагъуэ - нэрыбгэ цlэпапщlэ) глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэм префиксу къыпохьэри, мы ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″ макъхэр ″lуэху глагол″ лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэм префикс язэрыхуэхъури ″ы″ншэущ. ″lуэху глагол″ лэжьэкlэу ухуэ псалъэм и ухуэкlэр ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″р ″ы″ншэу префикс къызэрыхуэхъуклэрэщи, мы иухуэкlэм гурыlуэгъуэ къытхуищlыр мыращ: игъэзащlэрэ ищхьэ къырикlуэ lуэхум нэрыбгэр эффективу хэхьэу щыщ мэхъур. Мы лэжьэкlэри макъхэр псалъэм ″ы″ншэу зэрыхэхьэм и зы щапхъэщ. Ауэ икlи адыгэбзэм и макъхэр

зэрытха щIыкIэм ипкъ иткIэ, мы зи гугъу тщIы макъхэр ″ы″ншэу къыкIэлъыкIуэ макъым щыгухьэм деж, мы макъитIыр ахэр зэрытха тхыпкъитIыр зыхэту тха макъым хуэдэу къэIурэ щылъытэ щыIэщи, мыхэр зэхэмыгъуэщэн папщIэ зэрытх щIыкIэм хуэсакъын хуейщ.

Адыгэбзэ макъхэр зэрытха щIыкIэм ипкъ иткIэ, мы зи гугъу тщIы лэжьэкIэу ухуэ псалъэхэм хиубыдэ макъитIыр а тхыпкъхэмкIэ тха макъыу зыхэплъагъуэ щапхъэхэщ мыхэр: «жысIэщ, жыпIэщ, жысIэнщ, жыпIэнщ, жытIэнщ, жытIэнущ, жытIащ»; «къыбжеIэ, къыбжызоIэ, къызжыбоIэ, къызжепIэнщ».

Мы псалъэхэм ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″ макъхэр (пI/п, тI)/т, б) ″ы″ншэу къыкIэлъыкIуэ ″Iэ, ж″ макъхэм щыгухьэм щыгъуэ ″пIэ, тIэ, бж″уи еджапхъэ зэрыхъур нэрылъагъущ. Ауэ адыгъэбзэр зыщIэм мы псалъэхэм хэплъагъуэхэр ″пIэ, тIэ, бж″уэ зэремыджэнури гурыIуэгъуэщ. Ар щхьэ, ахэр щызэхэгъуащэ щIыпIэхэри къохъури, апхуэдэхэр зэрытхын хуей щIыкIэм хуэсакъын хуейщ.

Щапхъэу къэтахэм къаIуатэмрэ къатехъукI ыу зи гугъу тщIа макъхэр зэхэгъуащэкъым, ауэ мы щапхъэхэм хуэдэ псалъэхэр щытхкIэ къэхъу макъхэмкIи еджапхъэ зэрыхъуфынур гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэу лъэныкъуитIкIи еджапхъэ хъу щапхъэхэр къэтхьу, псалъэм къиIуатэр пэжу гурыIуэгъуэ хъун папщIи зэрытхын хуейм и хэкIыгъуапIэри къэдгъэлъэгъуэнщ. – Мы къэта щапхъэхэр етIуанэ щхьэж нэрыбгэм теухуащи, ″Iуэху глагол″ лIэужьыгъуэм теухуауэ абы и нэрыбгэ гъэлъагъуэу щыт ″б″ыр ипэ къызпыхьэ макъым зыригъэкIуу къызэрыIукIэрэ ″п, пI″уи зэрызэхъуэкIыр гурыIуэгъуэщ; мыбдежым ″Iэ″ макъым ипэ къызэрихуэкIэ ″пI″ыуэщ къызэрыIур: «IэрылъхьэнпIэрылъщ → пIIэрылъщ»; «IэрыхьэнпIэрыхьащ → пIIэрыхьащ»; «IэрыхынпIэрихащ → пIIэрихащ».

Мыпхуэдэ щапхъэщ илъабжьэкIэ къэтахэри, ″етIуанэ нэрыбгэ куэд гъэлъагъуэ″у щыт ″д″ыр ″ы″ншэу къыкIэлъыкIуэ ″ж″ым щыгуэхьэм деж, абы ″дж″ макъыуи узэреджэфыр гулъытапхъэщ. НытIэ зэкIэлъыкIуэу зэгуэту щыт ″д″ымрэ ″ж″ макъыр щхьэж макъхэу уеджэнрэ зы ″дж″ макъыу уемыджэн папщIэ, ″д″ нэужьым ″ъ″ нэгъыщэр къыпыгъэхьэн хуейщи, ″д″ымрэ ″ж″ыр зэхэгъуэщэфыну зэрытхымрэ ″д″ нэужьым ″ъ″ нэгъыщэ къыпыхьэу зэрытхын хуейр къэдгъэлъэгъуэнщ: «къыджеIэ → къыдъжеIэ; къыджыбоIэ → къыдъжыбоIэ; къыджепIащ → къыдъжепIащ; къыджиIэнщ → къыдъжиIэнщ; къыджепIэнущ → къыдъжепIэнущ; къыджепIэщ → къыдъжепIэнщ».

″И, у″ макъхэр щхьэж макъыу бзэм хэлэжьыхьуи щытщ, икIи ″макъ псалъэ″уи хэтщ. Ауэ абыхэм икIи ″макъзешэ″ къалэни зэрагъэзащIэри гурыIуэгъуэщ. Ар щыхъукIэ, а макъхэр щхьэжу зы псалъэрэ псалъэ гуэрхэри къызэрежьэ макъхэу щытмэ, абы ищхьэм ″ы″ншэу къыпхьэну макърэ псалъэм макъзешэ къалэн хуигъэзэщIэнур гурыIуэгъуэщи, мыр

къэмыхъун папщlэ, ″и, у″мрэ абы ипэ ″ы″ншэу къихуэ макъым я зэхуакум ″ъ″ нэгъыщэ къыдэгъувэн хуейщ. Мыхъумэ, я макъ мыхьэнэклэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым макъзешэ къалэну деджэфынщ. Мыпхуэдэу ″и, у″клэ къежьэ псалъэм ищхьэм ″ы″ншэу къыпыхьэну макъхэмрэ псалъэ къежьаплэ макъхэу щыт ″и, у″р зэхэгъэклын хуейщи, мыпхуэдэ щапхъэри нэхъыбэу къызэрыхъурэ зытеухуар ″lуэху глагол″ лэжьэклэу ухуэ псалъэхэм ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″ макъхэр ″ы″ншэу префикс щыхуэхъуращ. Аращи, ″lуэху глагол″ лэжьэклэм теухуа ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″хэр псалъэм ищхьэм ″ы″ншэу къыпыхьэн хуей щыхъуклu, ″lуэху глагол″ лэжьэклэ ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″ къалэн зыгъэзащlэ макъдэклуашэмрэ псалъэр къызэрежьэ ″и, у″ макъым я зэхуакум ″ъ″ нэгъышэ къыдэхьэн хуейщ.

Нытlэ, ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″ къалэн зыгъэзащlэ макъыр ″и, у″клэ къежьэ псалъэм ″ы″ншэу щыгуэхьэклэ, ″и, у″м мы макъхэм макъзешэ къалэн зэрыхуимыгъэзащlэр нaluэ щlын папщlэ, я зэхуакум ″ъ″ нэгъыщэ къыдэгъэхьэн хуейщи, мыпхуэдэ щапхъэхэр къэтхьу, ахэр нобэ зэратхымрэ зэрытхын хуейуэ зэрыщытыр зэклэлъыклуэу къэдгъэлъэгъуэнщ.

″И″м теухуа щапхъэхэр ″ин″ глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэхэм теухуауэ къэтхьынщ. И лэжьэклэр къызэрыluатэм елъытащи, ит зэман лэжьэклэмрэ, ″иа″р къызэрыlу ″я″м зыщигъэлъагъуэ блэкla зэманыгъуэм деж, зэхэгъуэщэныгъэ къэхъукъым: «ин: ″сой, бой, ей; зящ, бящ, иящ″».

Ауэ ″ин″ глаголыр адрей зэманыгъуэхэм теухуауэ щылажьэклэ, ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″ къалэн зыгъэзащlэ макъхэр ″ы″ншэу ″и″м ипэ къызэрихуэм ипкъ иткlэ, ″и″м а макъым макъзешэ къалэн хуигъэзащlэу узэреджэнур гурыluэгъуэнщ. Нытlэ мыпхуэдэу ухуэ псалъэхэр нобэ зэрыт щlыклэхэмрэ, я зэхуакум ″ъ″ нэгъыщэ къыдэхьэу зэрытхын хуей щlыклэр зэклэлъыклуэу къэдгъэлъэгъуэнщ: «″сыинщ – сиинщ – зыинщ – зиинщ″ → зъинщ; ″быинщ – биинщ″ → бъинщ; ″дыинщ – диин″ → дъинщ; ″фыинщ – фиин″ → фъинщ».

″У″м теухуа щапхъэхэри ″ухын, уклын, ухуэн″ глаголхэм теухуауэ къэтхьынщи, ахэр нобэ зэратх щlыклэм къыклэлъыклуэу зэрытхын хуей щlыклэри къэдгъэлъэгъуэнщ: «ухын: ″сухаш – сыухащ″ → съухащ; ″бухащ – быухащ″ → бъухащ; ″духащ – дыухащ″ → дъухащ; ″фухащ – фыухащ″ → фъухащ»; «уклын: ″суклащ – сыуклащ″ → съуклащ; ″буклащ – быуклащ″ → бъуклащ; ″дуклащ – дыуклащ″ → дъуклащ; ″фуклащ – фыуклащ″ → фъуклащ»; «ухуэн: ″сухуащ – сыухуащ″ → съухуащ; ″бухуащ – быухуащ″ → бъухуащ; ″духуащ – дыухуащ″ → дъухуащ; ″фухуащ – фыухуащ″ → фъухуащ».

Мыпхуэдэщ ″ы″р бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыклэри, абы игъэзащlэ къалэныр мащlэкъым, ауэ *″ы″ макъым* бзэм ***″префикс-суффикс къалэн″*** *хигъэзэщlыхькъым.*

**″Iы″ макъыр.**

Япэу къэхъуарэ а нэхъ макъ Iуэр цIыкIуу щыт ″ы″р макъ Iуэр къэхъуныгъэ лъабжьэщ. Ар макъ Iуэрхэм я къэхъуныгъэм лъабжьэ хуэхъуарэ ахэр къызтехъукIа макъыу, макъ геометриеми и оргиналыпIэрщ. А нэхъ къару цIыкIукIэ къэIу макъ Iуэру щытрэ макъ геометриери къызтехъукI оригиналыпIэу щыт ″ы″м къыкIэлъыкIуэущ абы и къэхъуыкIэ къарур зэрыхэхъукIэрэ макъ Iуэрхэр къызэрытехъукIыр. Абы и къарур макъ Iуэр къэхъуныгъэкIэ а нэхъ къару цIыкIуращи, ар лимитацэ щыпщIкIэ макъ къэхъуныгъэ къарур кIуэду аращ. Мыпхуэдэу ″ы″м и къэIукIэрэ и къарум хэщIыныгъэ къызэрыхуэкIуэкIэрэ къытехъукI ″Iы″р хъупхъэу зэрыщымытынур гурыIуэгъуэнщ.

Аращи, ″ы″ макъыр япэрейрэ натуралу къэхъуа макъщ, икIи абы мы и къэIукIэм и натуралрэ хуитыныгъэр зэрыкIуэд щIыкIэу къытехъукIыж ″Iы″ макъыр мыхъуныгъэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ. ″Ы″м натуралу игъэзащIэ къалэнхэм щыщу ″мыхъуныгъэ″р нэхъ игъуэу зыгъэзэщIэфыну зы макъщ ар: «Iы(!), Iыы(!), Iыl(!)». ″Iы″р бзэм зэрыхэхьэ щIыкIэр мыпхуэдэщи, икIэм къызпыхьэ макърэ псалъэр мыхъуныгъэм хуигъакIуэу адыгэбзэм жьэрыпсалъэ гуэрхэм кIэух ″къ″ым ипIэкIэ щызокIуэр: «хъукъым → хъуIым; хъункъым → хъунIым; хъуакъым → хъуaIым; хъунукъым → хъунуIым».

″Iы″р къызэрыхъуарэ къызэрыIукIэрэ мыхъуныгъэ зэригъэзащIэу суффикс ″къ″ым ипIэ зэриувэу мы къэта щапхъэхэм хуэдэщи, ″къэ″м ипIэ зэриувэкIэрэи ″мыхъуныгъэ упщIэ″ри адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм ″Iы-э → Iэ″ кIэухкIэрэщ. Мыпхуэдэу ″Iы″м и кIуэтэгъуэу къэхъуа ″Iэ″р ″Iы″уэ щытыныгъэ зи мыхьэнэуэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. ″Къэ″м ипIэ иувэу мыхъуныгъэ упщIэ зэрыухуэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «хъукъэ → хъуIэ; хъункъэ → хъунIэ; хъуакъэ → хъуaIэ; хъунукъэ → хъунуIэ».

Мы щапхъэхэми къызэрагъэлъагъуэу, ″Iы″р бзэм зэрхэлэжьыхь закъуэр мыхъуныгъэ мыхьэнэ зэригъэзащIэкIэрэщи, мыбы нэмыщIыу ″Iы″р зыхэплъагъуэ щIыпIэм ″Iэ-ы → Iы″ зэхъуэкIыныгъэу къэхъуауэщ. Мы зэхъуэкIыныгъэр ″Iэ″м теухуа Iуэхур абы ехьэлIауэ зэрыгъэзащIэр къызэрыIуатэ щIыкIэращ. Псалъэм ищхьэмрэ икIэм хэт ″Iэ″р ″Iэ-ы → Iы″уэ зэрызэхъуэкI щIыкIэу псалъэр зэрыухуэжым теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «″Iэ-ы-гъэ-ы-н″ → Iыгъын; щыIэн → ″щыIэ-ы-н″ → щыIын; шыIэн → ″шыIэ-ы-н″ → шыIын».

″Iы″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм мыпхуэдэщи, *″Iы″м* ***″макъ псалъэ″*** *къызэрытемыхъукIыр* гурыIуэгъуэнщ. Абы игъэзащIэ ***″суффикс″*** *къалэнри ″къ″ макъым ипIэ зэриувэкIэрэщ.*

## «Э, А, lЭ» МАКЪ ГУПЫР

**″Э″ макъыр.**

″Ы″ макъ нэужьу макъ lуэр къэхъуныгъэм и япэрей лъэбакъуэр ″э″ макъращи, ар оригиналыпlэм итыныгъэр зыгъэзащlэ ″ы″м къызэрыкlэлъыкlуэм ипкъ иткlэ, кlуэтэгъуэ къалэнрэ оригинал кlуэтэгъуэу къэхъууэ зы макъщ. Ар оригиналыпlэр зышэ макъыу, оригиным къытехъукlыну макъ геометриер къэхъуныгъэм и япэрей лъэбакъуэ макъращ. Ар оригиналыгъэ зиlэр гъуэгу тезыгъахьэрэ зезышэращи, зы макъыр оргиалалу къэзыгъэlуу япэрей макъзешэу щыт ″ы″м къыкlэлъыкlуэу, зы макъыр ″ы″м къызэригъэlурэ оригиналу зэрызыришэм къыкlэлъыкlуэу макъзешэ къалэн зыгъэзащlэу етlуанэ макъ lуэру утыку къихьэращи, зыришэ макъыр оригиналыпlэм къыришэу гъуэгу тезыгъэхьэращ. Абы зыришэ макъыр зыдишэ зы щlыпlэи щыlэкъым, абы макъыр зэришэу щытщ, макъыр гъуэгу тыригъэхьэрэ зэришэу щытщи, мы зэришэн щlыкlэр увыlэпlэрэ гъунэ зимыlэрщ, абы зэрызыришэ щlыкlэр функциалщ. Араща, ″э″м игъэзащlэ макъзешэ къалэныр ар оригиным къытехъукlыу кlуэтэгъуэу утыку къызэрихьам зэрезэгъщи, функциал кlуэтэгъуэщ. Къызтехъукlа ″ы″р макъ геометрие оригину зэрыщыткlэрэ, абы и къэlуыкlэ къарур мащlэу зэрыхэхъукlэкlэ къэхъуа ″э″ макъыр зы оригиным и функциал кlуэтэгъуэу къэхъууэ лъытапхъэ функциал зэманыгъуэм игъэзащlэм теухууэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Араща, ″э″м бзэм хигъэзэщlыхьри функциал кlуэтэгъуэрэ функциал зэманыгъуэщ. Функциал зэманыгъуэр щхьэжу зы щыlэгъуэ зиlэракъыми, щыlэгъуэр зэрыджрэ зэрызэщlэджыкlыжыр зэрыгъэзащlэу, щыlэгъуэм и функциал кlуэтэгъуэу лъытапхъэщ. Функциал зэманыгъуэрэ космикэ зэманыгъуэ жыхуэтlэр зытеухуарэ зэлъытар щыlэгъуэрэ космосращ, мыхъумэ, функциал зэманыгъэр щхьэж зы щыlэгъуэ зиlэ гуэркъым. Мыбы хуэдэщи, ″э″ри функциал кlуэтэгъуэщ; абы бзэм хигъэзэщlыхь къалэн закъуэри макъзешэ къалэнщ; ар щхьэж макъыу бзэм хэлэжьыхькъым, ар псалъэхэм ищхьэми къыпыхьэкъым. Бзэм зэрыхэлэжьыхьыр мыпхуэдэущи, зэрыгурыlуэгъуэу ***″э″*** *макъым* ***″макъ псалъэ″*** *къытехъукlкъым.*

Функциал зэманыгъуэр щыlэгъуэр функциалу зэрыкlуатэрэ зэрызекlуэр зэрылъытэращи, мыбы хуэдэу лъытапхъэщ ″э″ми макъ геометрие къэхъуныгъэм теухууэ игъэзащlэр. Икlи функциал зэманыгъуэм дэтхэнэ и зы лъэбакъуэм щыlэгъуэр аргуэру зэрыджрэ зэрызэщlэджэжым хуэдэу лъытапхъэщи, макъ геометриер зэрызэпкъырыувэ щlыкlэу къэхъу макъ lуэрхэри функциал кlуэтэгъуэу къэхъуа ″э″ макъым къыкlэлъыкlуэущ утыку къызэрихьэр.

″Ы″м и къэхъуныгъэ къарум мащlэу щыхэхъуэм щыгъуэ къэхъур ″э″ращи, мы къызэрыхъуа щlыкlэм гурыlуэгъуэ къызэрищlыу, ″ы″м къыкlэлъыкlуэущ ″э″р къызэрыхъуари, икlи къэхъукlэрэ къэlукlэкlэ ″ы″мрэ ″э″м я зэхуакум нэгъуэщl макъ lуэр зэрыдэмытынури гурыlуэгъуэщ. ″Э″ макъыр ″ы″м къыкlэлъыкlуэу къэмыхъуатэмэ, ″э″м къыкlэлъыкlуэ макъ lуэрхэми къэхъуныгъэ ягъуэтынтэкъым.

Мы и къэхъукlэм къызэрыгуэкlкlэщ, ар бзэ зэпкъырыувэм зэрыхыхьэрэ хэлэжьыхьу зэрыщlидзэр. Ауэ ар бзэм хэлэжьыхьу щlимыдзэ ипэ, щхьэжрэ натуралу псэущхьэм зэрызырихьа щlыкlэри ″ы″р зэрызырихьа щlыкlэм хуэдэу лъытапхъэщ, ауэ ″ы″м елъытауэ нэхъ убгъуарэ наlуэу лъытапхъэщ ″э″м натуралу гурыlуэгъуэ ищlри, натуралу къызэрыlукlэрэ ″э″м гурыlуэгъуэ ищlхэр мыпхуэдэу лъытапхъэщ: «хъуныгъэрэ {э(!), ээ(!)} мыхъуныгъэ {э(!), ээ(!)}, гурыlуэгъуэрэ {э(!), ээ(!)} мыгурыlуэгъуэ {э(!), ээ(!)}, упщlэ {э(?)}».

Натуралу мы къызэрыlукlэрэ игъэзащlэхэм езэгъыукъым ″э″ макъыр бзэм зэрыхэхьар. Ар щхьэж макъыу бзэм хэхьакъым, икlи псалъэхэм ищхьэми къыпыхьэкъым; ар бзэм зэрыхэлэжьыхь закъуэр кlэух макъыущ.

Нытlэ, мыпхуэдэу ***″э″*** *макъыр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэм″*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ..

Зы макъым ″э″ къыщыпыхьэкlэ утыку къихьэ мыхьэнэр а макъым и мыхьэнэм теухуащ. ″Э″р къызэрыхъуам зэрезэгъкlэрэ бзэми кlуэтэгъуэ зыхэзыгъэзэщlыхь функциал макъращи, ар къызпыхьэ зы макъ мыхьэнэм занщlэу и кlуэтэгъуэращ утыку къихьэр. Ар къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ функциал зэманым теухуэ къалэн зыгъэзащlэу бзэм хэт макъщи, къызпыхьэ макъ мыхьэнэм теухуауэ зэманыгъуэ мыхьэнэ утыку къихьэфынщ. Кlэух зыхуэхъу макъ мыхьэнэм елъытащи, ″э″р къызпыхьа макъ гуэрхэм я мыхьэнэр зыгъэзащlэу щыlэгъуэ зиlэр къырelуэр, макъ гуэрхэм я мыхьэнэр гъэзащlэу зэрыщытыр, макъ гуэрхэм я мыхьэнэкlэрэ щыlэгъуэ зиlэр къегъэлъагъуэр, макъ гуэрхэм я мыхьэнэр зэрыкlуатэр утыку къырелъхьэр, макъ гуэрхэм я мыхьэнэр а зэрыщыту зэрылажьэр гурыlуэгъуэ къещlыр.

Макъхэр оригиналрэ ″ы″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэу утыку къихьа ″макъ псалъэ″хэм хуэдэу, макъхэм я оригинал мыхьэнэм и кlуэтэгъуэу, ахэр ″э″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэу утыку къихьа ″макъ псалъэ″хэри зэрыщыlэр гурыlуэгъуэщи, ипэкlэ ″э″кlэ къэlу макърэ псалъэхэм ягъуэт мыхьэнэуэу мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэм зэрыхуэдэр гулъытапхъэщ. Дэтхэнэ зы макъыр ″э″ макъзешэкlэ къыщыlукlэ къэхъу мыхьэнэр а макъым и оригинал мыхьэнэм зэрелъытарэ зэрытеухуар гурыlуэгъуэщи, абыхэм иужькlэ нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Ауэ мыбдежым ″э″ кlэухкlэрэ ухуэ псалъэхэм и пэщlэдзэу лъытапхъэщи, ″э″кlэрэ къэlу макъхэм къытехъукlа ″макъ псалъэ″хэм – инифинитиву зэрыгъэпса

глаголхэмрэ глагол инфинитив формэу ухуэ псалъэхэри (щыlэцlэ) хэтыжу- деплъынщ: «е (иэ)-2, уэ-2, lуэ, lуэн-2, сэ-2, сэн, цlэ-2, зэ, дзэ-2, гъэ, гъуэ, гэ, джэн, гуэн, дэ-2, дэн-2, тlэ, тlэн, жэн, жьэ, жьэн, щэ-4, щэн, щlэ, щlэн-4, шэ-2, шэн, чэ, чэн, куэ, кlэ, кlэн, кlуэн, къуэ-2, кхъэ, кхъуэ, хъуэн, хьэ-3, лъэ, лъэн, лэн, лlэн, пэ, пlэ, пlэн, бэ, бэн, фэ, вэн-2, мэ-4, нэ».

″Э″кlэ къэуу ухуа мы ″макъ псалъэ″хэр къызкlэлъыкlуэ макъым и мыхьэнэм и кlуэтэгъуэрэ зэманыгъуэущ къызэрыхъуари, мы ″макъ псалъэ″хэр а ″макъ мыхьэнэ″м и кlуэтэгъуэу утыку къызэрихьар макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэми деплъынщ: «е (иэ)-2 (1: джыгъуэ гуэритl зыхэзыубыдэу хэдэныгъэ къэзыгъэщl. 2: зыми пымыщlа джыгъуэу мыфlыныгъэ); уэ-2 (1: зыужьыгъуэу щыт. 2: ″сэ″м дежкlэ ужьыгъуэу щыт); lуэ (гъунэрэ lум икlуэ - къэхухь), lуэн-2 (1: lууэ щытын, къэlуу щытын. 2: зы гъунэрэ зы lум икlуэн - къекlуэкlын); сэ-2 (1: сытри къызнэсрэ сытми нэс, мыпхуэдэуи бзэр къызэрыlуатэ япэрей нэрыбгэ. 2: нэсыныгъэрэ сыныгъэ зи щlыкlэу щыт гуэр - lэмэпсымэ); сэн (нэсрэ сыуэ къытехъукlыпхъэ хъун); цlэ-2 (1: зытеухуам щымыщрэ нэмыlэс - флэщыныгъэ. 2: щымыlэ пэлъытэу лъытапхъэу цlыкlу, - псэущхьэ); зэ (а зэрыщыту щыт, къэувыlэгъуэ); дзэ-2 (1: дзыныгъэу къэхъуа, дзыныгъэ зиlэ. 2: дзыныгъэрэ лъэщыгъэ зиlэ); гъэ (″гъ″ым щыlэгъуэ зэригъуэту къэзыгъэхъурэ зыгъэлажьэ къарууэ илъэсым къыщекlуэкl, гъащlэр къызхэкl); гъуэ (″гъу″м щыlэгъуэ зэригъуэт); гэ (джыпlэрэ къарууфlэдж); джэн (джыуэ щытын, теджыкlын); гуэн (илъхьэпlэрэ игуапхъэу щытын); дэ-2 (1: ″сэ″р зыхэт гуп. 2: быдагъ зиlэу ку зиlэу щыт); дэн-2 (1. дын lуэху гъэзащlэу щытын. 2: дэщlыгъуныгъэ гугъэ зыхуиlэн); тlэ (унэтlыгъэ пэщlэдзэ лъэбакъуэ); тlэн (тlыуэ щытын, тlыныгъэ гъэзащlэ); жэн (псынщlэрыкlуэн); жьэ (хьэрычэт зиlэу щыlэ); жьэн (зэрыщытым текlыныгъэ хьэрычэту зэхъуэкlын); щэ-4 (1: гъэбыдэныгъэрэ лъэщагъ къэзыlуатэ кlэух псалъэ: мэуэ-щэ. 2: ″щы (3)″уэ щыт. 3: щыlэгъуэ кlуэтэгъуэрэ бэгъуэныгъэ къэзыlуатэ псалъэу ″100″ым бжыгъэцlэ хуэхъужа. 4: псэущхьэпкъ хэхъуэныгъэу пшэрагъ зыщl лыпцlэ); щэн-2 (1: щыlэн зэрыхуей щlыкlэ зиlэу щыт. 2: щыlэпlэ зэхъуэкlыныгъэ); щlэ (щlын къекlуэкlыр мыщlагъэххэм зэрыхуэкlуэ, мыщlагъэххэу иджы дыдэ щlы, иджыри мыщlарэ щlыныр зыхуэкlуэу щlыпхъэу щыт); щlэн-4 (1: щlын гъэзащlэ. 2: щlыным хуэкlуэныгъэу щlынрэ щlэкlэ лъэкl зиlэн. 3: зэрыщlа щlыкlэу ухуарэ гъэпса. 4: щlэнрэ щlын лъэкl); шэ-2 (1: къэкlыгъэрэ псэущхьэм къыщlэхъуэ ткlуаткlуэ. 2: lэщэм къыхэкlрэ ядзу зытегъэпсыхьам кlуэ); шэн (къыздыхэкlым къыгуэкlыу гъэкlуэн, зыгуэрыр зыгуэрым хуэгъэкlуэтэн); чэ (зэгуэчыныгъэ зиlэ, чын-чэныгъэ зиlэу щыт); чэн (чыуэ щытын, зэгуэчын); куэ (ку зиlэу щыт); кlэ (кlыныгъэ ухыпlэ, кlыгъуэ); кlэн (ухыпlэрэ кlэ хъун къалэн зыгъэзащlэ); кlуэн (зэкlуныгъэкlэ гъэзащlэ); къуэ-2 (1: къу зэхуэкlуэ, къу зэхуаку. 2:

цIыхум ″бын″ къыщIэ″хъу″э); кхъэ (хьэдэр зыдыщIалъхьэ щIы лъабжьэу кхъыуэ щыт); кхъуэ (кхъууэ щыту лъыта псэущхьэ лъэпкъ); хъуэн (хъуныгъэм текIыныгъэ зиIэрэ мыхъуныгъэ - псалъэ); хьэ-3 (1: зызгъэлъагъуэ макъ ″хь″ыр къызхигъэIукIыу ″хьы″уэ щытыныгъэу, цIыхум япэу зызэрилъыта псалъэ. 2: зызгъэлъагъуэ ″хь″ макъыр къызхэзыгъэIукI псэущхьэхэри зэрылъыта псалъэу, нобэ зы псэущхьэ закъуэм теухуауэ бзэм щызекIуэ псалъэ. 3: япэу цIыхум къигъэкIарэ шхыныгъуэу зызэрихьэлIэж гуэдз лъэпкъ); лъэ (лъым зэманкIэрэ къигъэщI), лъэн (лъэр зэрыщыту зэрыкIуатэрэ зэрыдз щIыкIэ); лэн (зыгуэрым и гущIыIурэ и лым ирикIуэныгъэу теен); лIэн (абы аткIэ щымыIэжу зыдэкIапIэм кIуэн); пэ (пыуэ щытрэ пым щыIэгъуэ зэригъуэт); пIэ (пIын IуэхукъыздыщекIуэкI, зыхапIыхь, зыдапI, пIыпIэ); пIэн (пIэ хъуныгъэу ящI); бэ (зэрелъыта ужьыгъуэ зиIэу кIуэ, - куэдагъ); бэн (хуэбэрэ хуэбыхъуу щыт дэлъыпIэрэ дэтыпIэ); фэ (кIэцI къарукIэрэ дэтхэнэ гуэрым и гущIыIум тырищIэжу теплъапIэ хуэхъур); вэн-2 (зыгуэрым и фэр щIагъ-щIыIу хъунрэ зэхэтхъуэнращи, псым теухуауи-1, щIым теухуауи-2 бзэм щызокIуэр); мэ-3 (1: къыздыщыхъуа пэм и къалэныр зытеухуарэ зэхихуращ. 2: мы и мэм папщIэрагъэнщ зы пхъэщхьэмыщхьэри ″мэ/мы″уэ лъытащ. 3: къэхъум гулъытэ хуэщIынрэ гъэлъэгъуэн. 4: гъэлъэгъуэнрэ етын псалъэ), нэ (″н″ыуэ щыт: къежьапIэрэ къэхъупIэ)».

″Э″кIэрэ къэIуу ухуа мы ″макъ псалъэ″хэр къыпыхьэ макъхэмкIэ бзэм зэрыхэлэжьыхьынур гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ лэжьэкIэм дэтхэнэ зы макъым деж щыгъуазэ дыхуэхъунущ. Ауэ мы макъхэм ищхьэрэ икIэм макъхэр къыпыхьэу зэрылажьэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «е (иэ)-2 → ″емынэ, ерыщ, уае; ар е мыр, абы е мыбы″; уэ-2 → ″уэм, уэлбанэ, уэсэпс, уащхъуэ; уэрэ сэрэ, уэращ″; Iуэ → ″Iуэшхуэ, выIуэ″; Iуэн-2 → ″къэIуэн, Iуэтэн, Iуэрыуэ, Iуэрыуатэ; мэш Iуэн - мэшыIуэ″; сэ-2 → ″сэращ, сэрами; сэшхуэ, дзасэ″; сэн → ″тесэн, хэсэн″; цIэ-2 → ″цIыхуцIэ, флэщыгъэцIэ; хьэпIацIэ, мацIэ″; зэ → ″зэуэ, зэкъым тIэукъым″; дзэ-2 → ″дзэщхьэл, дзагуэ; дзэфIыцIэ, хыдзэ″; гъэ → ″мэгъэ/мыгъэ, нэгъабэ″; гъуэ → ″бэджыхъыгъуэ, бзуугъуэ, игъуэ″; гэ → ″выгэ, шыгэ″; джэн → ″еджэн, къеджэн″; гуэн → ″гуэнэщ, гуэдзгуэн″; дэ-2 → ″дэращ, фэрэ дэрэ; дэшхуэ, дэцIыкIу, дэжьей″; дэн-2 → ″зэщIэдэн, хэдэн – хэдыкIын; идэн, хэдэн″; тIэ → ″атIэ, нытIэ, нетIэ, тIанэ″; тIэн → ″етIэн, хэтIэн″; жэн → зэдэжэн, жэрыжэ, жагъын″; жьэ → ″жьэжь, жьэшхуэ, жьащхьэ, жьакIэ″; жьэн → ″гъэжьэн, зэхэжьэн″ щэ-4 → ″мэуэ-щэ, псалъэри-щэ; щэкIэ (3 бжыгъэкIэ), щэней; щэрэ тIощIрэ, цIыхуищэ, щэней; щэныбэ″; щэн → ″ещэн, къэщэхун″; щIэ → ″псэлъэщIэ, хьэщIэ″; щIэн-4 → ″зэдэщIэн, хуэщIэн; къэщIэн, зэгъэщIэн; щIэныгъэ, щIэнхабзэ″ шэ-2 → ″мэлышэ, шыкIэрышэ; шабзэшэ, топышэ″; шэн → ″хуэшэн, зэдэшэн, къэшэн″ чэ → ″чэпкъ, чэбгъу″; чэн → ″къэчэн, зэщIэчэн″; куэ → ″куэл, куэпкъ″; кIэ →

″мэлыкlэ, шыкlэ, кlэбз″; кlэн → ″кlэнтlыlу, кlэн къуагуэ″; кlуэн → ″дэкlуэн, зэдэкlуэн, къэкlуэн, кlуэтэн″; къуэ-2 → ″къуэрылъху, мылъхукъуэ; куалэ, къуэладжэ, къуэлэбзу″; кхъэ → ″кхъэдэсэ, кхъащхьэ, кхъэлэгъунэ″; кхъуэ → ″кхъуэшыр, кхъуэпlащlэ″; хъуэн → ″хъуэн псалъэ″; хьэ-3 → ″хьэщlэ, хьэдэ, хьэдагъэ; хьэцlыкlуэ, хьэщхъурыlуэ; хьэдзэ, хьэнцэ, хьэуазэ″; лъэ → ″lэпкълъэпкъ, вылъэ″; лъэн → ″елъэн, елъэхын, къелъэн″; лэн → ″щlэлэн, зэдэлэн″; лlэн → ″илlэн, дэлlэн″; пэ → ″пэщхъынэ, пэпкъ, выпэ″; пlэ → ″пlэщхьэгъ, пlэтепхъуэ″; пlэн → ″пlэнцlыкlу, пlэнышхуэ, тепlэн″; бэ → ″бэгъуэн, цыбэ, хуабэ″; бэн → ″бэнцlыкlу, бэнышхуэ″; фэ → ″щхьэфэ, мэлыфэ, шыфэ″; вэн-2 → ″къэвэн, зэхэвэн; щlэвэн, вэнвей″; мэ-4 → ″бамэ, мэфl; мэlэрысэ/мыlэрысэ, мей/мый; мэ тlэ, мыэ нытl; мэ узот″».

Макъзешэ къалэн зэригъэзащlэм ипкъ иткlэ, ″э″ макъым макъ зэпыщlэныгъэ зэригъэзащlэри мы щапхъэхэм хыболъагъуэр. ″Э″кlэ къэlу макъхэр къыкlэлъыкlуэ макъым пищlэу макъ гупкlэ ухуэ псалъэ къызэрыхъум нэмыщl, ″э″м псалъэхэри зэпищlэу псэлъэщlэ къэхъукlэи егъэзащlэр. Мыпхуэдэу псалъэ зэпыщlэкlэ къэхъу псалъэр зы ″псалъэ зэгуэт″уи лъытапхъэщ, ауэ мыпхуэдэу къэхъу псалъэхэр а псэлъитlым къытехъукlа зы псэлъэщlэ щыхъу щыlэщи, мыпхэдэ щапхъэхэщ мыхэр: «″уэс, псы″ → уэсэпс; ″жэп, уэгъуэ″ → жэпэуэгъуэ».

Макъзешэу щыт ″э″ макъыр зы зэпыщlэщи, ″э″кlэрэ къэlу макъыр къыкlэлъыкlуэ макъым зэпищlэу макъ гупкlэ ухуэ псэлъэщlэхэри къызэрыхъум теухуа щапхъэщ мыхэр. Дэтхэнэ зы макъым зы макъыр ″э″кlэ къэlуу зэрызэпыщlэри, а макъ мыхьэнэм езым и кlуэтэгъуэущ. Мы къэта ″макъ псалъэ″хэм макъхэр къыпыхьэу псалъэ щыухуэм деж, ипэ къихуэ макърэ псалъэр ″э″кlэ къызэрыlу щlыкlэр ″а″уэ зэрызэхъуэкlри хыболъагъуэр. Мыпхуэдэ зэхъуэкlыныгъэр къызэрыхъум и щхьэусыгъуэми ″а″ макъым дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Макъ мыхьэнэ″р ″э″кlэрэ лажьэу къэхъуа ″макъ псалъэ″хэмрэ, ахэр макъ мыхьэнэкlэрэ зэрыухуа щlыкlэр къызэрыlуэтапхъэм, икlи нэгъуэщl макъ гуэрхэр къапыхьэу ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым и гугъущ тщlыуэ щапхъэхэри къэтхьащ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″макъ мыхьэнэ″р ″э″кlэрэ зэрылажьэкlэрэ къэхъуа мы ″макъ псалъэ″хэмрэ, макъхэр къызэрыхъуа оригиналыгъэу ″ы″кlэ къызэрыlуу бзэм занщlэу хэхьэу къэхъу ″макъ псалъэ″хэм щхьэщыкl бзэ мыхьэнэ зэраlэр гулъытапхъэщ. Игъэзащlэ къалэныр гурыlуэгъуэщи, ″э″р макърэ псалъэхэм икlэм къыщыпыхьэм деж, макърэ псалъэ мыхьэнэр и кlуэтэгъуэкlэ егъэлажьэр. Нытlэ, ″э″ кlэух ямыlэу ухуагъэххэ псалъэхэми мыпхуэдэ лэжьэкlэ зэрагъуэтыфынур гурыlуэгъуэщи, мыбы теухуа щапхъэу, ″ы″кlэ къэlуу ухуа ″макъ псалъэ″хэр ″э″ кlэухкlэрэ зэрылэжьэфми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыпхуэдэу утыку къызэрихьа щlыкlэр ″ы″кlэрэ къэlуу

щытрэ ″э″кlэрэ ухуэжыну ″макъ псалъэ″хэм я ухуэкlэр ″э″кlэ къэlуу ухуауэ зи гугъу тщla ″макъ псалъэ″хэм хуэдэ къэlуыкlэ зэраlэр гурыlуэгъуэщ; ауэ, ухуагъэххэу щыт псалъэм икlэм ″э″ къыпыхьэу мы псалъэм и лэжьэкlэу ухуэж псалъэмрэ, ″макъ мыхьэнэ″р ″э″кlэрэ къызэрыlукlэрэ ухуа ″макъ псалъэ″хэр бзэ мыхьэнэуэ зэрызэхуэмыдэнури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, ″э″ кlэух зимыlэу ухуа псалъэхэр ″э″ кlэух къызэращтэкlэрэ зэрылажьэм теухуа щапхъэхэр япэу ″ы″кlэрэ къэlуу ухуа ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ къэтхьынщ. Мыпхуэдэ лэжьэкlэр глаголхэм нэхъ зэрытеухуэнур гурыlуэгъуэнщи, глаголыр зытеухуа lуэхугъуэр гъэзащlэу зэрыщытыр къызэрыlуатэу ″э″ кlэухкlэрэ зэрыухуэж щlыкlэм деплъынщ: «ин → ен*; ун → уэн*; lун → lуэн; сын → сэн*; зын → зэн; дзын → дзэн*; гъын → гъэн*; гъун → гъуэн; джын → джэн; дын → дэн; тын → тэн*; тlын → тlэн; жын → жэн; жьын → жьэн; щын → щэн; щlын → щlэн; чын → чэн; кlын → кlэн; хъун → хъуэн*; хун → хуэн*; хьын → хьэн*; пlын → пlэн; фын → фэн*; вын → вэн».

Макъхэр ″ы″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэкlэ ухуа глаголхэр гъэзащlэу зэрыщытыр абыхэм ″э″ къазэрыпыхьэкlэрэ зэрылъажьэу ухуэж глаголхэщ мыхэр, ауэ мыбыхэм щыщ глагол гуэрхэр зытеухуа lуэхугъуэм елъытащи, апхуэдэ lуэхугъуэхэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр нэхъ игъуэрэ езэгъыу къызэрыlуатэр абыхэм нэгъуэщl макъхэр къызэрыпыхьэкlэрэщ. Аращи, ухуагъэххэ зы глаголыр зытеухуа lуэхугъуэр гъэзащlэу зэрыщытыр нэхъ lупщlрэ пыухытыкlауэ къызэрыlуатэ щlыкlэу, а lуэхугъуэр къыздыщекlуэкlрэ къызэрекlуэкl щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъ гуэрхэр глаголым префиксу къыпыхьэу мэухуэжыр. Нытlэ, макъхэр оригиналу ″ы″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэкlэ бзэм зэрыхэхьарэ ухуа ″макъ глагол″хэм мыпхуэдэ префикс къызэращтэрэ ″э″ кlэухкlэ лэжьэкlэ зэрагъуэту зэрыухуэжым деплъынщ. Префикс къащтэрэ ″э″кlэ лажьэу ухуэж мы глаголхэм щыщ гуэрхэм ″э″м игъэзащlэ lуэхугъуэр нэхъ пыухытыкlауэ зыгъэзащlэ макъ гуэрхэр суффикс язэрыхуэхъукlэрэ ухуэжу бзэ лэжьэкlэр зэрыужь щlыкlэу къэхъу глаголыщlэхэри щыlэщи, ахэр тхыхьым дэту къэттынщ; икlи ахэр къызтехъукlыжрэ къиlуатэр гурыlуэгъуафlэ къытхуэмыхъуу ″э″ кlэухкlэ ухуа глаголхэри ″*″ нэгъыщэкlэ къэдгъэлъэгъуэнщ: «ин → щlэен; ун → дэуэн* (дэукlын) - дэуеин; lун → щlэдэlуэн (щlэдэlукlын); сын → исэн* (исыхьын), зын → щlэзэн* (щlэзыкlын), дзын → хэдзэн; гъын → щlэгъэн (щlэгъыхьын); гъун → хэгъуэн (хэгъухьын); джын → щlэджэн* (щlэджыкlын), дын → щlэдэн (щlэдыхьын, щlэдыкlын), тын → дэтэн (дэтыхьын), етэн* (етэ: езыт, зыт, зыхуэт); тlын → етlэн; жын → дэжэн* (дэжыхьын); жьын → зэдэжьэн - дэжьеин – дэжьэен; щын → зэщlэщэн (зэщlэщыхьын); щlын → зэдэщlэн, дэщlэн (дэщlыхьын); чын → хэчэн (хэчыхьын); кlын → дэкlэн (дэкlыхьын); хъун → къыдэхъуэн (къыдэхъухьын); хун → щlэхуэн; хьын

→ къыщlэхьэн; пlын → зэдэпlэн; фын → зэхэфэн* (зэхэфыхьын); вын → гуэвэн (гуэвыхьын)».

Щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, ″э″кlэ лажьэу ухуэж глаголхэр ″э″м игъэзащlэ lуэхур нэхъ lупщlрэ пыухытыкlауэ зыгъэзащlэ макъхэр щыlэщи, мыр бзэ лэжьэкlэм и зыужьыныгъэу ″э″ кlэухкlэ къэlуатэ псалъэхэр къызэрыlуэтэж щlыкlэу иужькlэ ухуэж псалъэхэу къызэрыхъуар гурыlуэгъуэщ; икlи глагол нэхъыбэр ″э″ кlэух нэхърэ мыпхуэдэ макъхэр суффиксу къащтэу зэрыухуэж щlыкlэущ къызэрыlуатэу нобэ бзэм зэрыхэтыр.

″Ы″кlэрэ къэlуу ухуа ″макъ глагол″хэм нэмыщl, ″ы″кlэрэ къэlуу ухуа ″макъ псалъэ″ гуэрхэри ″э″ кlэухкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыфынур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ зы щыlэ гуэрыр зэрылъытарэ къызэрыlуэтагъэххэ псалъэр зэрызэмыхъуэкlынур гурыlуэгъуэщи, щыlэцlэу щыт мыпхуэдэ псалъэ мыхьэнэр зэмыхъуэкlыу ″э″ кlэухкlэрэи зэрымылэжьэнур гурыlуэгъуэнщ. Араща, щыlэцlэхэм ″э″ кlэух къапыхьэу къэхъу бзэ лэжьэкlэр а щыlэцlэ мыхьэнэм токlыр, а щыlэцlэ мыхьэнэр зэрехъуэкlыр. Щыlэцlэм ″э″ къыпыхьэу бзэ лэжьэкlэ къыщыхъум деж, мы лэжьэкlэр а щыlэцlэ мыхьэнэрауэ щытыжкъым. Ауэ зытеухуам елъытащи, щыlэцlэу щытрэ мыпхуэдэ лэжьэкlэ зыгъуэт зы-тlу щапхъэ щыlэщи, мыбыхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Щыlэцlэхэм ″э″ кlэух къапыхьэу я мыхьэнэкlэрэ бзэм лэжьэкlэ щамыгъуэтми, плъыфэцlэрэ бжыгъэцlэхэм ″э″ къащыпыхьэкlи я мыхьэнэкlэрэ бзэм лэжьэкlэ щагъуэтыфыр. Мыпхуэдэ щапхъэхэми ″ы″кlэ къэlуу ухуа ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ деплъынщ.

Щыlэцlэхэм щыщу ″э″ кlэух къыщищтэкlэ а щыlэцlэм теухуарэ ещхь lуэхугъуэ къиlуатэу бзэ лэжьэкlэ зыгъуэт ″макъ псалъэ″хэр щыlэщи, мыпхуэдэу бзэм хэлэжьыхьыф ″макъ псалъэ″хэр я мыхьэнэрэ зытеухуа lуэхугъуэкlи зэщхьу щыт ″цы, чы″хэращ. Икlи мы щыlэцlэхэр ″э″кlэ лажьэу бзэм зэрыхэхьэ щlыкlэр ″псалъэ″ лэжьэкlэу щымыту, ″макъ″ лэжьэкlэу зэрылъытапхъэри мы щапхъэхэм хыболъагъуэр: «цы → цэ (″цы″ куэдагърэ ″цы″м хуэдэу лъытапхъэ: бацэ, бэлацэ, цакуэ; хьэнцэ, хьэцэпэцэ, къуацэ, къуацэ-чыцэ); чы → чэ (″чы″ зэхэлърэ куэдагъ, ″чы″ лlэужьыгъуэ: чэу → чо/чоу; чэнж/чэндж, чэщей)».

Мыбыхэм нэмыщl щыlэцlэ ″макъ псалъэ″хэр ″э″ кlэухкlэрэ я мыхьэнэр зэмыхъуэкlыу бзэм хэлэжьыхькъым. Плъыфэцlэрэ бжыгъэцlэхэм ″э″ къызэрыпыхьэкlэрэ я мыхьэнэр зэмыхъуэкlыщэу бзэм зэрыхэлэжьыхьыфым ипэкlэ и гугъу тщlащи, мыпхуэдэ бзэ лэжьэкlэ щапхъэхэри ″ы″кlэ ух плъыфэцlэрэ бжыгъэцlэ лlэужьыгъуэу щыт ″макъ псалъэ″хэм ″э″ кlэух къазэрыпыхьэм теухуауэ къэтхьынщ. Мыпхуэдэ лэжьэкlэр нэхъыбэу зыхуэигъуэри бжыгъэцlэхэращ. Бжыгъэцlэхэр ″а зэрыщыт″у зэрылъытэрэ къызэрыlуатэр абыхэм ″э″ кlэух къазэрыпыхьэкlэрэщи, ″ы″ кlэух зиlэу ″макъ псалъэ″у щыт бжыгъэцlэхэр ″э″ кlэухкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэр: «зы (:1) →

зэ (″1″уэ щыт); щы (3) → щэ* (″3″уэ щыт); хы* (6) → хэ (″6″уэ щыт); плIы (:4) → плIэ (″4″уэ щыт); тху (:5) → тхуэ (″5″уэ щыт); блы (:7) → блэ* (″7″уэ щыт); и (:8) → е* (″8″уэ щыт); бгъу* (:9) → бгъуэ* (″9″уэ щыт); пщIы (:10) → пщIэ* (″10″уэ щыт)».

Мыбыхэм щыщу ди ″макъ псалъэ″хэм етIуанэ мыхьэнэ зиIэхэмрэ, ″э″ кIэух къыщащтэкIэ утыку къихьэ псалъэм нэгъуэщI мыхьэнэи зэригъуэтыр ″*″ нэгъыщэкIэ къэгъэлъэгъуащи, ахэр мыбдежым зи гугъу тщIы бжыгъэцIэхэм къазэрытемыхъукIари гурыIуэгъуэщ.

БжыгъэцIэхэр ″э″ кIэухкIэрэ хуиту зэрыхэлэжьыхьым хуэдэу лъытапхъэкъым плъыфэцIэхэм ″э″ къызэращтэр, ауэ мыпхуэдэу лэжьэкIэ зыгъуэту бзэм щызекIуэхэри щыIэщ: «фIы (плъыфэцIэ) → фIэ (фIыуэ щытын лэжьэкIэ: фIэрэфIэн, фIэрафIэ)».

Глагол формэу ухуарэ щыIэцIэрэ плъыфэцIэ лIэужьыгъуэ псалъэхэр а зэрыгъэпса щIыкIэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэщи, абыхэми ″э″ кIэух къащтэу я мыхьэнэр зэмыхъуэкIыу бзэ лэжьэкIэ къазэрытемыхъукIынур гулъытапхъэщ: «ин, сын, гын, дын, тын, щIэн, шын, хъун».

Утыку къызэрихьарэ ″ы″кIэрэ къызэрыIу щIыкIэу бзэм занщIэу ″макъ псалъэ″ хэхъухьахэр мы я бзэ мыхьэнэкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэу ″э″ кIэух къызэращтэ лэжьэкIэм теухуа щапхъэхэщ мы къэтахэр. ЗэкIэлъыкIуэу къэхъуа макъ lуэрщ ″ы″мрэ ″э″ри, къызэрыхъуа щIыкIэм зэрезэгъкIэрэ макъзэшэ къалэн закъуэщ бзэм хагъэзэщIыхьыр; ″ы″мрэ ″э″м зыр зым утыку къырилъхьэ бзэ лэжьэкIэр имыкъутэрэ зэримыхъуэкIыщэу, зыр зым ипIэ иувэурэ бзэр ягъэлэжьэкIэу бзэ лэжьэкIэр ягъэбагъуэр; бзэм и лэжьэкIэм нэхъыбэу хэплъагъуэ макъщ ахэр, икIи макъзешэ къалэнкIэрэ бзэм нэхъыбэу хэлэжьыхь макъхэращ. Зы макъыр утыку къызэрихьарэ къызэрыIуфар ″ы″кIэщи, ″ы″кIэ къэIу макъыр оригинал мыхьэнэ зиIэрщ; абы мы и оригиналыгъэр зимыхъуэкIыщэу зыгъэкIуатэри ″э″ макъращ. Араши, ″ы″кIэрэ къэIу е макъдэкIуашэкIэ ух дэтхэнэ зы псалъэм и мыхьэнэр зэмыхъуэкIыщэу ″э″ кIэухкIэрэ лэжьэкIэ егъуэтыфыр. Мы псалъэм зэрезэгъщи, ″ы″кIэрэ къэIуу лъытапхъэрэ макъдэкIуашэкIэ ух дэтхэнэ зы псалъэр ″э″ кIэухкIэрэ лэжьэфынуи щытщ. Ауэ ″э″м и къалэныр нэхъ lупщIрэ пыухытыкIауэ зыгъэзащIэ макъхэр утыку къихьэрэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыщIидзэм къызэрыгуэкIщи, апхуэдэхэр псалъэ кIэух ″э″м ипIэ иувэу мы бзэ лэжьэкIэри мэужьыр.

Бзэ лэжьэкIэу ″ы″кIэ къэIурэ макъдэкIуашэ кIэух зиIэ псалъэр ″э″кIэрэ лажьэу зи гугъу тщIы бзэ лэжьэкIэм и пхэндж лэжьэкIэри адыгэбзэм къыщохъур: ″э″ кIэух зиIэу ухуа псалъэхэри ″э → ы″уэ зэхъуэкIыныгъэкIэ ухуэжу бзэ лэжьэкIэхэри къохъур. НытIэ, мыпхуэдэ щапхъэхэр япэу ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ къэтхьынщи, ″э″ кIэух зиIэ ″макъ псалъэ″хэм ″э″р пыхуу лэжьэкIэ зэрагъуэтрэ мыпхуэдэуи къэхъу ″макъ псалъэ″хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ: «шэн → шэ-ы → шы: вэн → вэ-ы → вы».

Мыхэр ″шэн″ lуэхумрэ ″вэн″ lуэхум хуэlуарэ зэхьэлlар къызэрыlуатэ псалъэу ухуащи, ″э → ы″ зэхъуэкlыныгъэр къыщыхъум деж, ″э″кlэ ух псалъэр зытеухуарэ къызпкъырыкlращ къэlуатэр. Къиlуатэ lуэхур зытеухуарэ зэхьэлlар ″э → ы″ зэхъуэкlыныгъэкlэ къызэрыгъэлъагъуэу ухуэ глаголхэри щыlэщи, мыпхуэдэ щапхъэщ мыри: «lэ-гъэ-н → lэ-ы-гъэ-ы-н → lыгъын».

Мыпхуэдэ зэхъуэкlыныгъэм хуэдэрэ ещхьщ ″э → и″ зэхъуэкlыныгъэкlэ къэхъу псалъэхэри щыlэщ. Мыпхуэдэщи, ″э → ы″ зэхъуэкlыныгъэр хомылъагъуэми, абы ″и″кlэрэ къежьэ псалъэ къызэрыпыхьэжкlэрэ ухуащ мы глаголхэр: «lэ-ихын → lихын; къы-lэ-ихын → къыlихын».

Кlэух ″э″р ″ы″уэ зэрызэхъуэкl щlыкlэу къэхъуа псалъэхэщ мы илъабжьэкlэ къэта щапхъэхэри, зэрыухуа щlыкlэм ″э″ зэрыпытар къыхэщу гъэпсауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ мы псалъэхэр: «щlагъ; lэщlагъэ → lэщlагъ; куэдагъэ → куэдагъ; lущагъэ → lущагъ».

″Э → ы″ зэхъуэкlыныгъэу мы къэта щапхъэхэм нэхъри щыгъуазэ дыхуэхъун папщlэ, ″ы″мрэ ″э″р зэрызэпыщlарэ зэрызэщхьэщыкlым, бзэм хагъэзэщlыхь lуэхугъуэр зэрызэпыщlарэ зэрызэщхьэщыкlым деплъыжынщ. Араща, зы макъыр ″ы″рэ ″э″кlэрэ къызэрыlу щlыкlэу ухуа ″макъ глагол″хэм я мыхьэнэр зэпыщlауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Мыхьэнэкlэ зэпыщlами, зэщхьэщыкl lуэхугъуэи къэзыlуатэ глаголхэр яхэтщ мыбыхэми, мыри ″э″м игъэзащlэ lуэхугъуэм зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ. Ауэ ″ы″рэ ″э″кlэ къэlу макъкlэ ухуа мы глаголхэм дэтхэнэ зым адрейм и мыхьэнэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэу зэреджапхъэри гурыlуэгъуэщ. Араща, зэхуэдэ макъдэкlуашэкlэ ухуа глаголитlым щыщу ″э″кlэ къэlуу ухуа глаголым ″ы″кlэ къэlуу ухуа глаголыр зытеухуа lуэхур гъэзащlэу зэрыщытрауэ еджапхъэщи, ″макъ глагол″у къэта щапхъэхэм мыпхуэдэ лъэныкъуэкlэ деджэу, ″ы″мрэ ″э″м бзэм хагъэзэщlыхь lуэхугъуэр зэрызэпыщlарэ зэрызэщхьэщыкlым щыгъуазэ дыхуэхъунщ: «lун – lуэн, джын – джэн, дын – дэн, тlын – тlэн, щlын – щlэн, чын- чэн, вын - вэн».

Мыхэр зэхуэдэ lуэхугъуэр къызэрыlуатэ глаголхэу зэрыщытыр ахэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къизыlуэ макъ къыпыхьэу префиксиал глаголу щыухуэжращ нэхъри гурыlуэгъуафlэ щыхъури, мыпхуэдэ щапхъэхэми деплъынщ: «иlун – иlуэн, щlэджын – щlэджэн, щlэдын – щlэдэн, дэтlын – дэтlэн, хуэщlын – хуэщlэн, хэчын – хэчэн, щlэвын - щlэвэн».

″Ы″кlэ ух дэтхэнэ зы глаголыр ″э″кlэ гъэзащlэу зэрыщытыфынум теухуа щапхъэхэм ипщэкlэ и гугъу тщlащ, ауэ мыпхуэдэу ухуауэ щыт глагол гуэрхэр гъэзащlэу зэрыщытыр ″э″ къызэрыпыхьэкlэрэ занщlэу къызэрыlуэтэнур гурыlуэгъуэщ: «ин → ″щlэин – щlэен″; lун → ″иlун – иlуэн″; дзын → ″идзын – идзэн″; жын → ″ижын – ижэн″; хъун →

″къыдэхъун – къыдэхъуэн″; хун → ″дэхун – дэхуэн″; » «ижэн – ижын, ишэн – ишэн, дэун – дэуэн

Префиксым теухуауэ зэрылажьэкlэрэ зэхъуэкl: «хьын → ″хуэхьын – ихьэн″. Префиксиал глаголу щытрэ мыпхуэдэу къэхъухэри щыlэщ: «икlын – икlэн».

Мыхэр щхьэжу утыку къихьэ псалъэхэм теухуащ, ауэ утыку къихьагъэххэ зы псалъэри ″э→ы″ зэхъуэкlыныгъэкlэ бзэм холэжьыхьыфри, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «къэпсэлъэн → ″къэпсэлъэ-ы-н″ → къэпсэлъын».

″Э→ы″ зэхъуэкlыныгъэр къызэрыхъурэ зы lуэхур къызэрыlуатэ щlыкlэм теухуа щапхъэхэщ мыхэри, ″э″кlэ къэlу глагол гуэрхэри къызпкъырыкlрэ къызгуэкl щlыпlэм теухуауэ зэрыгъэзащlэри ″э→ы″ зэхъуэкlыныгъэкlэ ухуэж глаголхэмкlэ къоlуатэр. Зы lуэхур зы щlыпlэм хуэкlуэу зэрыгъэзащlэр а щlыпlэр къизыlуэ макъ префикс зэрыхуэхъукlэрэщи, а щlыпlэм къыпкъырыкlрэ къыгуэкlыу зэрыгъэзащlэр ″э→ы″ зэхъуэкlыныгъэкlэщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэр ″э″кlэ ух ″макъ глагол″хэм префикс къызэращтэ щlыкlэу зэрыухуэжхэм теухуауэ къэтхьынщ: «жэн → ″дэжэн, дэжын (дэ-жэ-ы-н); гуэжэн, гуэжын (гуэ-жэ-ы-н)″»; «шэн → ″lушэн, lушын (lу-шэ-ы-н); щlэшэн, щlэшын (щlэ-шэ-ы-н)″».

Мы гъэзащlэ lуэхур зэрыгъэзащlэ щlыкlэр гурыlуэгъуэщи, ″э″кlэ мыух глаголхэр кlуэтэгъуэу зэрыгъэзащlэ щlыкlэу ″ы→э″кlэрэ ухуэж глаголхэм теухуа щапхъи къэтхьынщ: «дзын → ″идзын, идзэн (и-дзы-э-н); гуэдзын, гуэдзэн (гуэ-дзы-э-н)″».

Мыпхуэдэу префикскlэрэ ухуэж глаголхэри щыlэщи, зытеухуауэ гъэзащlэм зэрыхуэкlуэрэ къызэрыгуэкlыр къызэрыlуатэр ″э″кlэрэ зохъуэкlыр: «гуэкlын, гуэкlэн».

Ипэкlи префиксиал глагол щапхъэхэр къэтащ, мыбдежым мы зи гугъу тщla глаголхэри префиксиал глаголхэщ. Аращи, глаголхэм макъхэр префикс зэрыхуэхъу щlыкlэри зэщхьэщокlыр. Нэгъуэщl макъзешэ къызпымыхьэ зы макъыр префиксу зы псалъэм къызэрыпыхьэ щlыкlэр ″ы″кlэ къэlуущ, е ″э″кlэ къэlуущ. Зы макъыр глаголым занщlэу префикс щыхуэхъум деж, ″э″кlэ къэlуущ. Ауэ зы галолым префикс иlэххэу, абы ищхьэмкlэ аргуэру къыпыхьэж префиксыр ″ы″кlэ къэlуущ къызэрыпыхьэр. Мыпхуэдэ щапхъэхэм деплъынщ: «ин → щlэин → къыщlэин; ун → дэун → къыдэун; уэн → хэуэн → хухэуэн; lун → дэlун → къыдэlун; lуэн → хуэlуэн → къыхуэlуэн; дзын → дэдзын → къыдэдзын; джэн → щlэджын → хущlэджын; дэн → хуэдэн → къыхуэдэн».

Префикс макъхэр глаголым къызэрыпыхьэ зэкlэлъхьэужьыкlэи щыlэщи, абыхэм игъуэр къыщысым деж дытепсэлъыхьынщ. Ауэ глаголыпкъым ищхьэ дыдэм къыпыхьэми, ″ы″кlэ къэlу макъхэр щыlэщи,

мыр а макъхэм я мыхьэнэмрэ ягъэзащlэ къалэнращ зытеухуар. Мыпхуэдэщ ″щы, lу″ макъхэр глаголым префикс зэрыхъури, къэтхьынщ щапхъэ: «щыуэн, щыкlын, щыхьэн; щыкlуэм, къыщыкlуэм»; «lукlын, lукlэн, lугуэн, lутын, lулъын, lусын; lуин – lуен, lуун, lууэн, lудзын – lудзэн, lудэн, lутlын - lутlэн».

″З″ макъыр префикс зэрыхъу щlыкlэр зохъуэкlыр: ар lуэхур зыхуэзыгъэзащlэр къыщыриlуэкlэ ″зы″уэщ, ауэ а lуэхур зыгуэрхэм теухуауэ зэрыгъэзащlэр къэзыгъэлъагъуэ префиксыр сытым дежи ″зэ″уэщ зыкъызэригъэлъагъуэр. Къэтхьынщ ″зы″рэ ″зэ″р сытым дежи префикс зэрыхъу щlыкlэм теухуа щапхъэхэр: «зыин, зыщиин; зыlуэтэн, зыхуэlуэтэн, къэзыlуэтэн; зыдзын, къэзыдзын, дэзыдзын»; «зэдэин, къызэдэин; зэхуэlуэтэн, зэрызыхуэlуэтэн, къызэхуэlуэтэн; зэдзын, къызэдзын, зэдэзэдзын».

″Э″ макъым клэухыу игъэзащlэу мы зи гугъу тщlахэр ″суффикс″ къалэну лъытапхъэкъым; аращи, *″**э**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″ игъэзащlэкъым.*

**″А″ макъыр.**

″Э″м и къэхъукlэм къытехъукlыжрэ, абы елъытауэ жьэр нэхъ зэтеха щlыкlэкlэ къэlуу утыку къихьэр ″а″ макъращи, ар къызтехъукla ″э″м елъытауэ егъэлеяуэ нэхъ лъагэу къэlуыкlэ зиlэ макъщ. Мыбы папщlи, ″а″р ″э″м елъытауэ нэхъ зэхэхыгъуафlэрэ зэхэщlыгъуафlэу щыт макъщ. ″Э″м и къэхъукlэм къыкlэлъыкlуэу абы къытехъукla япэрей макъри ″а″ращ.

Мыпхуэдэу ″э″м къытехъукlарэ и къэlукlэри абы и егъэлеиныгъэу къэlуу утыку къызэрихьам зэрезэгъщи, ″э″ макъыр псэущхьэм натуралу зэрызырихьэм хуэдэрэ ар нэхъ къарууфlэу зэригъэзащlэ щlыкlэр ″а″ макъымкlи игъэзащlэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″э″м елъытауэ нэхъ хэlэтыкlарэ къарууфlэу ″а″м натуралу игъэзащlэ lуэхугъуэхэри мыпхуэдэщ: «хъуныгъэрэ {а(!), ахь(!), аа(!)} мыхъуныгъэу {аа(!), al(!)}; гурыlуэгъуэрэ {а(!), аа(!) мыгурыlуэгъуэу {al(!)}; упщlэу {а(?), аа(?)}».

*″**А**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъ**″хэр.*

″Э″м и къэlуклэм елъытауэ егъэлеярэ лъагэу къэlуыкlэ зиlэ макъщ ″а″ри, ″э″м игъэзащlэ функциал клуэтэгъуэр ″а″м и къэlукlэм игъэзэщlэнкъым. А функциал клуэтэгъуэр зэрыкlуэд щlыкlэщ ″а″м и къэlуыкlэр. Фунциал клуэтэгъуэ зыгъэзащlэрэ къызэрыхъуарэ къызэрыlу щlыкlэми елъытауэ макъ мыхьэнэ зимыlэ ″э″м къытехъукla ″а″р къызэрыхъуарэ къыщыхъуа елъытащи, щхьэжу къэlурэ макъ мыхьэнэи зиlэрщ. ″А″р ″э″ куэдагърэ lувагъэу лъытапхъэращи, ″э″м и функциал клуэтэгъуэр зэрыкlуэдкlэрэ lупщlыу зэрылъытэращ. ″А″р ″э″м и

фунциалыгъэм икlыныгъэщи, ″э″р функциалу иджым щыджыр зэрыдж функциалыгъэу зэрыщытклэрэ, ″э″ куэдагъэрэ lувагъэу щыт ″а″р lупщlыу щытрэ функциалыгъэр зэрыклуэдауэ иджым имытыжу джагъэххэу щытрэ щыджари зи блэклауэ щытыр къизыlуэ макъщ. ″Э″р иджым щыджыр къизыlуэ функциалыгъэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, гурыlуэгъуафlэрэ къэубыдыпхъэу lупщlыу зэрыщымытым и пхэнджыгъэу, иджым имытыжрэ джагъэххэу щытыр къизыlуэ ″а″р мы утыку къихьагъэххэр щыджари блэклауэ гурыlуэгъуэ къызэрыпхуэхъур зэрылъытэ макъщ. Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къызэращlыу, ″э″р функциал макъыу зэрыщытрэ макъ мыхьэнэи зимыlэ макъыу зэрыщытым и пхэнджыгъэу, ″а″р функциалу щымытрэ lупщlыу щыт макъ мыхьэнэ иlэу зы макъщ.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къызэрыщlщи, ″а″ макъыр и мыхьэнэкlэрэ щхьэжу бзэм хохьэри, ″макъ псалъэ″и къытохъукlыр. Иджым имытрэ джыуэ щымыту, зы жыжьагъэу наlуэрэ гурыlуэгъуэ къэхъур къызэрыlуатэ макъщ ″а″ри, зы жыжьагъэмрэ зы жыжьагъэ зиlэу лъытэ дэтхэнэ гуэрыр зы ″макъ псалъэ″у ″**а**″клэрэщ зэрылъытэрэ къызэрыlуатэр: «а; а жыг(р), а lуэху(р), а лlыр».

*″А″ макъым къытехъукla* ***″макъ псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукlыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

Япэу ***″а″*** *макъым къытехъукla* ***″макъ псалъэ″р макъ къыпыхьэу*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьклэрэ* ***ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″А″р щхьэжу зыгуэрыр зэрылъытэрэ зэрыгъэлъагъуэ ″макъ псалъэ″у бзэм щызекlуэу зэрыщlидзар гурыlуэгъуэщи, ″а″клэрэ къэгъэлъагъуэ (а жыг, а lуэху) дэтхэнэ гуэрыр а зэрыщытклэрэ зэрылъытэрэ щхьэжу къызэрыlуатэпхъэ псалъэр ″а″м ″р″ къыклэлъыклуэу зэрыухуапхъэр гурыlуэгъуэщ: «ар».

Бзэр къэзыlуатэ ″сэ″мрэ ар (сэ) зыпыщlарэ зыхэту субъективыгъэ зиlэ нэрыбгэхэм щымыщрэ хэмыту объективыгъэ зиlэ нэрыбгэр а зэрыщытклэрэ зэрылъытэу къызэрыlуатэращ ″ар″ псалъэри, ар зы жыжьагъэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр щхьэжу а зэрыщытклэрэ къызэрыlуатэ псалъэу зэрыщытым папщlэ, зэрыигъуэклэрэ ещанэ нэрыбгэр щхьэжу зэрыщытклэрэ зэрылъытэрэ къызэрыlуатэ цlэпапщlэщ. Ещанэ нэрыбгэ куэдри ″а″ макъ псалъэмкlэ къэгъэлъэгъуам и куэдагъэр (хэ) а зэрыщытклэрэ зэрылъытапхъэ ″р″ым къызэрыклэлъыклуэклэрэ ухуащ: «ахэр».

″Ар, ахэр″ыр жыжьагъэ зиlэ/зиlэхэр а зэрыщытклэрэ къызэрыlуатэ псалъэхэу ухуащи, ещанэ нэрыбгэ/нэрыбгэхэр а зэрыщытклэрэ къызэрыlуатэращ, абыхэм я щыlэгъуэрэ щыlэклэм теухуауэ гъэзащlэри мы ещанэ суетым теухуауэ къызэрыlуатэращ. Ауэ ещанэ нэрыбгэ/нэрыбгэхэм ягъэзащlэ зы lуэхугъуэр ар/ахэр а lуэхугъуэм зэрыпыщlаклэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщи, ещанэ

нэрыбгэр/нэрыбгэхэр зыпыщlауэ гъэзащlэ мыпхуэдэ lуэхугъуэхэм теухуауэ къызэрыlуэтапхъэр ″зэлъытэныгъэ ужьыгъуэ″ къизыlуэ ″б″ макъыр ″а″м къызэрыкlэлъыкlуэ ухуэж псалъэхэмкlэщ: «абы, абыхэм».

Мы къэlуэтарэ псалъэу ухуахэм гурыlуэгъуэ къызэращlщи, ещанэ нэрыбгэ цlэпапщlэхэр къызтехъукlар зы ″макъ псалъэ″у бзэм щызекlуэрэ жыжьагъэу щыт дэтхэнэ гуэрыр къызэрыгъэлъагъуэ ″а″ращ. Ауэ ″а″м къытехъукlарэ ещанэ нэрыбгэ цlэпапщlэу зи гугъу тщla мы псалъэхэм нэмыщl псалъэхэри къытохъукlыр. Аращи, зы ″макъ псалъэ″у щыт ″а″кlэ къэгъэлъэгъуар апхуэдэу зэрыщыткlэрэ къызэрыlуатэ зы псалъэри ″а″м къыкlэлъыкlуэ ″уэ″кlэрэщ зэрыухуэр: «ауэ».

″Ауэ″ псалъэр мыпхуэдэ мыхьэнэкlэрэщ зэрыухуари, зыгуэрыр а зэрыщыткlэрэри, а зэрыщыlэ щlыкlэри, зы щlыпlэри зэрылъытэрэ къызэрыlуатэ псалъэщ. Мыбы къыщымынэу, къэlуэта псалъэм хуэмыдэрэ къыпыщэжыныгъэри ″ар щхьэ″ мыхьэнэ зиlэу ″ауэ″кlэ къоlуатэр: «дыкlуащ, ауэ тлъэгъуакъым». Икlи, ″а″р блэкlарэ утыку къихьауэ щытыр зэрылъытэ макъ мыхьэнэщи, утыку къихьарэ къекlуэкlыу щытым хуэдэри ″ауэ″ псалъэмкlэщ къызэрыlуатэр: «ар ауэ къызэрыгуэкlщ; ар ауэ къызэрыгуэкl lуэхукъым».

″А″м зы щlыпlэри зэрилъытэр, икlи ″ауэ″ псалъэр щlыпlэм теухуауэ зэрызекlуэр гурыlуэгъуэщ. Мыбы нэмыщl, ″а″м къыпыхьэ ″д″ макъымкlэ ухуэу зы жыжьапlэ щlыпlэр къызэрыlуатэ псалъэ мэухуэр: «адэ (жыжьагъ), аддэ (жыжьагъ дыдэ)».

Мыпхуэдэ зы щlыпlэ жыжьэр ″сэ″мрэ и пышэгъухэмрэ зыдэщымыlэ щlыпlэращ. Ахэр субъективыгъэ зыхуаlэ нэрыбгэхэращи, абыхэм хэмытрэ щымыщыр абыхэм япэжыжьэу щытращи, ″адэ, аддэ″р зи щыlэпlэрэ зейрауэ зэрылъытэу ухуа псалъэхэщ. Мыпхуэдэу ухуэ псалъэр ещанэ нэрыбгэм зэрытеухуам хуэдэжу, зы жыжьапlэрэ жыжьагъ зиlэу щытри зэрылъытэ псалъэщ: «адрей (″адэ″у щыт, къэзыlуатэм щымыщу япэжыжьэу щыт), адрыщl (адрей щlы; ″атlкlэ/адэкlэ/адэ -щыlэ- щlы)».

″Ар, ахэр″ыр зыхэту ухуэж псалъэхэри щыlэщи, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «арамэ, арами, амырамэ, арыншэ, арагъэнщ, ахэрагъэнщ, арыххэщ».

″Абы, абыхэм″ыр lуэху гъэзащlэрэ зэпыщlэныгъэ зиlэу ещанэ нэрыбгэ(хэ)м теухуа цlэпапщlэщи, мыбыхэм нэгъуэщl макъ къыпыхьэу ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «абыкlэ, абыи»; «апхуэдэ, апщыгъуэ, абдей, абдеж».

Мы иужьрей щапхъэхэр ″абы″ псалъэм нэгъуэщl псалъэ къыкlэлъыкlуэу къызэрыlуатэ щlыкlэм къытехъукlыжа ″псалъэ зэгуэт″хэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, илъабжьэкlэ я къэхъукlэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Нытlэ, мы къэта щапхъэхэри зыхэту, *"**а**"м къытехъукla "**макъ псалъэ**"р зыхэту ухуа "**псалъэ зэгуэт**"*хэм деплъынщ.

″А″р жыжьагъэр зэрылъытэрэ къызэрыгъэлъагъуэщи, дэтхэнэ гуэрыр зы жыжьагъэу а зэрыщыту зыхиубыдэу зэрылъытэрэ къызэрыгъэлъагъуэ ″макъ псалъэ″щ. Абы нэгъуэщl макъхэр къыпыхьэу къытехъукl псалъэхэр мащlэкъыми, мыпхуэдэщ ″а″р зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэри. ″А″уэ къэгъэлъэгъуарэ зытеухуар къызэрыlуэта псалъэри къыкlэлъыкlуэу бзэм щызекlуэм иужькlэ къытехъукlыжа ″псалъэ зэгуэт″ыр мащlэкъым. Аращи, япэу зы ″макъ псалъэ″у щыт ″а″мрэ абы къигъэлъагъуэ ″псалъэ″р щхьэжу къэlуу бзэм щызекlуэу зэрыхэтыр иужькlэ зэрызэгухьэжкlэрэ къэхъуа ″псалъэ зэгуэт″щ мыхэр: «″а хуэдэ″ → ахуэдэ; ″а хуэмыдэ″ → ахуэмыдэ; ″а лъандэ, а лъандэрэ″ → алъандэ, алъандэрэ; ″а пщlэндэ – а пщlэундэ″ → апщlэундэ → апщlондэ; ″а пщlэндэху″ → апщlэндэху». Мыпхуэдэ зэкlэлъыкlуэ псэлъитlыр зэрызэгухьэжкlэрэ къэхъуа ″псалъэ зэгуэт″щ мыхэри: «афlэкl, афlэкla, ахъумэ, амыхъумэ».

Мы щапхъэхэр ″а″ макъ псалъэм къытехъукla ″псалъэ зэгуэт″щи, ″а″м къытехъукlыжа ″ар, абы″ псалъэхэми мыпхуэдэ щlыкlэкlэ ″псалъэ зэгуэт″ къатохъукlыжыр. Зэрыгурыlуэгъуэу, мып勝уэдэу къэхъуа ″псалъэ зэгуэт″хэм и нэхъыбэри ″ар, абы″мрэ, къакlэлъыкlуэ псалъэр щхьэжу зэкlэлъыкlуэу бзэм щызекlуэу хэту, кlуэ пэтрэ зэрызэгухьэкlэрэ ″псалъэ зэгуэт″ къатехъукlащ. Мыпхуэдэу ухуэжа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэхэри илъабжьэкlэ къэтащ.

″Ар″ыр зыхэту ухуэхэм теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «″ар мыр″ → ар-мыр → армыр, армырмэ, армырми, армырами; ″ар мыхъумэ″ → армыхъумэ, армыхъуми».

″Абы″р зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэми щыгъуазэ дыхуэхъуанщ. Ауэ ″абы″м къыкlэлъыкlуэ псалъэр щызэгухьэм деж, псалъэр къызэрежьэ макъым елъытащи, а макъым ″б″ыр зыригъэкlуу къызэрыlу щlыкlэр ″п, пl″ыуэщ. Мыпхуэдэу къэхъуа ″псалъэ зэгуэт″хэм ″б″ыр зэхъуэкlыу ″п, пl″уэ къызэрыlу щапхъэхэри хэтщ илъабжьэкlэ къэта щапхъэхэм: «абы хуэдэ →(аб-хуэдэ)→ апхуэдэ; абы щыгъуэ →(аб-щыгъуэ)→ апщыгъуэ»; «абы и дей → абы дей → абдей; абы и деж → абы деж → абдеж».

″А″м къыпыхьэ макъхэмкlэ ухуа ″адрей″ псалъэм къыгуэхьэ ″щlы″ псалъэмкlэ ухуа ″псалъэ зэгуэт″щ мыри, щхьэжрэ зэкlэлъыкlуэ псэлъитlыр иужькlэ зэгухьэу къэхъуа ″псалъэ зэгуэт″у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ: «″адрей щlы″ → адреищl → адрыщl».

*″А″ макъ мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″***.

″А″р ″э″ лlэужьыгъуэу ″э″ куэдагърэ ″э″ lувагъщи, функциалыгъэ кlуэтэгъуэр зэрылъытэ ″э″м и функциалыгъэр зэрыкlуэд щlыкlэу, функциалу щымытыжыр зэрылъытэ макъщ. Мыбы папщlи, ″а″р зэрыхъун хъуарэ утыку къихьауэ щытыр зэрылъытэрэ зы жыжьагъэр къызэрыlуатэ макъщ. ″А″р бзэм хэту дэтхэнэ зы щlыпlэм щыплъагъуми, абдежыр функциалу щымытыж ″э″ращи, ″э″кlэрэ джарэ утыку къихьауэ зэрыхъун хъуауэ щытыр зэрызэфlэкlаращ. Мыбы папщlэщи, ″а″р зы

жыжьагъэрэ блэкlагъэр къызэрыгъэлъагъуэ макъщ. ″А″м псалъэм ищхьэми, псалъэм икуми, псалъэм икlэми щигъэзащlэр мыращ.

″А″ макыр и мыхьэнэкlэрэ зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыlуэгъуэщи, мыбы теухуа щапхъэхэр ипэкlэ къэтащ. Ауэ ″а″р и макъ мыхьэнэкlэри бзэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыlуэгъуэщ, икlи и макъ мыхьэнэкlэрэ ″а″р псалъэхэм ищхьэм, икум, икlэм къыпыхьэу холэжьыхьри, мыпхуэдэ лэжьэкlэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Япэрауэ ″а″р псалъэхэм ищхьэм къызэрыпыхьэрэ, псалъэхэр ″а″кlэ къызэрежьэу зэрыухуэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. ″А″р псалъэм ищхьэм къызэрыпыхьэ лэжьэкlэр икlи ″а″р зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм хуэбгъэдэн лэжьэкlэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″а″кlэ къежьэу ухуэ псалъэхэм щыщу ″а″ макъ псалъэ мыхьэнэм зэрещхьыр нэхъ lупщlыу лъытапхъэ псалъэхэщ мыхэр: «ае {а зэрыщытрэ зэрылъытэу (а) къызэрыпыщэрэ зэрызекlуэр (е)}; атlэ {а зэрыщытрэ зэрылъытэу (а) багъуэрэ (тl) къыпыщэу зэрыщытыр (э)}, атlэми».

″А″р зыгуэрыр зэрыщытрэ а зэрыпсоуэ зэрылъытэ макъ мыхьэнэщ, икlи зыгуэрыр мыпхуэдэу лъытэныр теплъэгъуэ къызэрыпхуэхъурэ зы жыжьагъэу къызэрыпхущытрауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. Икlи мыпхуэдэу лъытапхъэ къыпхуэхъу гуэрыр зэманыгъуэу щыдж дыдэу щымытрэ блэкlауэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ. Аращи, ″а″р псалъэхэм ищхьэм къыщыпыхьэкlэ мыпхуэдэ мыхьэнэщ гъэзащlэр. Мы псалъэхэм зэрезэгъщ, ипэкlэ къэта мы псалъэхэм ″а″м хигъэзэщlыхьри.

Зыгуэрыр а зэрыщыткlэрэ зыхиубыдэу елъытэр ″а″ми, а зэрыщытрэ къызэрыхъуа щlыкlэу къызэрыпыщэрэ зэрызекlуэр ″ае″ псалъэмкlэ къызэрыlуатэм хуэдэу жыlэпхъэщ ″а″м мыхъуныгъэ ″lы″р къыкlэлъыкlуэу а зэрыщыту хъуар мыхъуныгъэм зэрихуэр къызэрыlуатэ ″al″ псалъэр: «al (а-lы) → alэ {″al (а-lы)″уэ щыт (э) → ″а-lы-э″ → alэ}».

Псалъэм ищхьэм зыпытрэ псалъэр къызэрежьэ щlыкlэу, ″а″м а псалъэр зэрыухуэ щlыкlэм хигъэзэщlыхьыр гурыlуэгъуэщи, нэхъапэрэ блэкlауэ, нэхъыжьрэ къызтехъукlыныгъэу щытри ″а″кlэрэ къежьэ псалъэу зэрыухуапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу ″а″кlэрэ къежьэу и мыхьэнэри наlуэ дыдэ къытхуэхъуу ухуа псалъэхэщ ″анэ, адэ″ псалъэхэр: «анэ, анэшхуэ, анэш; адэ, адэшхуэ, адэш».

″А″р зыгуэрыр а зэрыщытрэ зэрыпсоуэ утыку къизылъхьэщи, абы къыпыхьэ макърэ псалъэ мыхьэнэр къызтехъукlыр къыриlуэн lуэху егъэзащlэр. ″А″м мы игъэзащlэ lуэхугъуэр гурыlуэгъуафlэ зыщl щапхъэу лъытапхъэщ мы псалъэр: «аущ {ущыгъэ (ущиягъ) къызпкъырыкl, зыущий, ущиякlуэ}».

Мы къэта щапхъэм хуэдэу гурыlуэгъуафlэу щыту лъытапхъэщ мы псалъэхэри: «акъужь {къызщыхъурэ къызтехъукlыр (а) ″къу″уэ щыт

″жьы″; ″къу″м -а зэрыщыткlэрэ (а)- къыщlэхъуэ ″жьы″}; аужь {зэкlэлъызекlуэ ужьыгъуэ; зэкlэлъхьужьыгъуэ зиlэ}».

Зыгуэрыр а зэрыщыту зэрылъытэр ″а″ращи, зы макърэ псалъэ мыхьэнэр зыгуэрым зэрыщыту зэрытеухуарэ зэрыхуэхъур а макърэ псалъэр ″а″кlэ къежьэу ухуэ псалъэкlэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ: «афэ, афэ джанэ».

Мы псалъэм икlи нэгъуэщl зы мыхьэнэи иlэщи, ар зэхуэдэ зэхуагъэ зиlэ зы теплъэ зиlэ зы фэм къыхэщхьэхукlари къызэрыlуатэ псалъэщ. Аращи, зыгуэрыр зэрыщыту зыхиубыдэу утыку къилъхьэн lуэхур псэлъащхьэу щыт ″а″кlэрэ къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэщи, зы тэфагъэрэ губгъуэм елъытауэ къурэ бгылъэу щытыныр зэрылъытэу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «афэ, афэбг, афэ-тафэ».

Нэм илъагъур афэ-тафэ защlэу къурэ бгы зэхэту щыт щlыналъэшхуэр мы къуэбэбжьэбагъэу къызэрыхъуракlэрэ къызэрыlуатэ псалъэщ мыри: «арыкъ {быркъуэ-шыркъуагъ (къурэ бгы защlэ) зиlэ щlыпlэшхуэ}».

Зыгуэрыр а зэрыщыткlэрэ зэрылъытэрэ къэзыгъэлъагъуэ ″а″ макъым куэдагъэрэ инагъри, жыжьагъэри, улъэмыlэсыфыныгъэри, зыгуэррэ щlыпlэр зэрыщыту зыхиубыдэнри, щхьэщыкlыныгъэу къэхъу къекlуэкlри зэрилъытэфынур гурыlуэгъуэщ. Псалъэ къежьапlэу щыт ″а″м мыпхуэдэ мыхьэнэ зэригъэзащlэр зыхэплъагъуэ псалъэхэщ мыхэр: «архъуанэ (арыхъуанэ){увыlэгъуэ зэримыlэкlэрэ (а) къекlэрэхъуэкlыу (...ры-хъуэ) щыт ″нэ″ (ресурс)}»; «абгъуэ»; «алэрыбгъу, арджэн; аркъэн»; «абрэмывэ, абрагъуэ, абрэдж».

″А″кlэ къежьэу ухуэ мы псалъэхэм ″а″м яхигъэзэщlыхьыр гурыlуэгъуэщ. Ауэ ″а″ зыпымыту зетхьэ псалъэ гуэрхэр икlи ″а″кlэрэ къежьэу зэрыухуакlэрэ адыгэбзэм щызэрызекlуэри гурыlуэгъуэщи, ищхьэм ″а″ къыпыхьэу къызэрыlуэтэфымрэ, къыщыlуатэкlи игъуэт мыхьэнэми гулъытэ хуэщlыпхъэ щапхъэхэщ мыхэр: «хъий → ахъий; лей → алей; лейкlэ → алейкlэ; лейуэ → алейуэ».

″А″кlэ къежьэу зэрыщытым хуэдэжу ″lэ″кlэ къежьэуи бзэм щызекlуэ псалъэхэр щыlэщи, зэрыухуэ щlыкlэм зэреджэн щlыкlэр зэрызэщхьэщыкlынур гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу лъэныкъуитlкlи еджапхъэу щыт псалъэхэм щыщщ мыхэр: «аджэ {а зэрыщытрэ зэрылъытэу (а) ″джы″уэ щытыр (э)} – lэджэ {зы зэманыгъуэкlэрэ джыуэ щыту мымащlэ; зы джыгъуэ lыхьэу щыту мымащlэ}; абдж {блэкla (а) зэманыгъуэм елъытауэ (б) джы} – lэбдж {″lэ″м зэрелъытэгъуэкlэ (б) джы}; акlэ {а зэрыщыту ″кlэ″} – lэкlэ {″lэ″м къыlэщlэхьэ ″кlэ″}; аргъынэ {щхьэжу зыгуэрым къытехуэу щыт (а-ры) гъэзэщlапхъэ (″гъэ-ы″→гъ) lыхьэ (нэ)} – lэргъынэ {зы lэнатlэу щыт (lэ-ры) гъэзэщlапхъэ (″гъэ-ы″→гъ) lыхьэ (нэ)}».

Адыгэм и lэщ тхьэпэлъытэ ″Амыщ″ри, лъэпкъыщlэ гуэрхэри ″а″кlэ къежьэу ухуа псалъэхэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мыхэри зи гугъу

тщlарэ щапхъэхэри къызхуэтхьа ″а″ макъ мыхьэнэклэ зэджапхъэщ: «Адыгэ, Абазэ; Абэзэхэ (Абазэ щlыналъэмклэ ехыплэм тес Адыгэ жылагъуэ)».

″А″клэрэ къежьэу ухуа псэущхьэцlэхэри щыlэщи, мыпхуэдэу ухуа псалъэ гуэрхэм ″а″м хигъэзэщlыхьыр гурыlуэгъуэми, псалъэ гуэрхэм хигъэзэщlыхьри гурыlуэгъуафlэкъым: «ажэ, адакъэ, аргъей, аргъуей».

Иджырэ функциалу щытыр зэрызеклуэр къэзыгъэлъагъуэ ″э″м и куэдагъэрэ lувагъэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, ″а″ макъ мыхьэнэр иджырэ функциалу щымытыр, узлъэмыlэсрэ жыжьагъэр къизыlуэращи, блэкla зэманыгъуэри ″а″ макъклэрэ зэрылъытэу къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ. Зыгуэрыр зэрыблэклауэ зэрыщытыр, глаголыр блэкla зэману зэрылажьэрэ къызэрыlуатэ псалъэхэр кэух ″а″клэрэщ зэрызэпкъырыувэр. Иклu ″а″ клэух илэу блэкla зэману лэжьэклэ зыгъуэта псалъэр мыпхуэдэу утыку къызэрихьарэ зэрыщытыр lупщlыу (″а″м ″щ″ клэух къыпыхьэжу) щымыгъэлъагъуэм деж, ″а″р зи клэухыр а зэрыщыту зыгъэлъагъуэращи, мыпхуэдэу гъэлъэгъуар иклu зы lупщlэу зэрылъытэфынури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, дэтхэнэ зы глаголым къыпыхьэф ″а″ клэухыр ″блэкla зэман″рэ ″упщlэ″ лэжьэклэу псалъэ гъэпсыклэщи, мыпхуэдэ лэжьэклэр суффикс къалэну зэрыщытым теухуа щапхъэхэр илъабжьэклэ къэтхьынщ.

Зы псалъэм ″а″р клэух щыхуэхъум деж, а псалъэ мыхьэнэр флэклыплэ имыlэу блэклауэ зэрылэжьэнурэ, ″щ″ клэух къыщимыщтэм дежми упщlэ къызэрытехъуклынур гурыlуэгъуэщи, дэтхэнэ зы гуэррэ зы lуэхугъуэр хэткlu къызэрыlуатэ зы псалъэр (хэткlu зэхуэдэрэ объективу ухуа зы системэу) ″а″ клэухклэрэ гъэпсауэ ухуауэ зэрыщымытын хуейр гурыlуэгъуэщ. Зы псалъэр хэтым дежрэ сытым деж объективыгъэ илэу, хэтым дежрэ сытым дежи лэжьэфыну хьэзыру ухуэклэ илэущ зэрызэпкъырыувэн хуейрэ зэрыгъэпсын хуей щlыклэри, ар псалъэ лэжьэклэ модэу блэкla зэману ″а″ клэух иэlу щытынкъым. блэкla зэману гэпсагъэххэрэ функциалу щымытыж, мыпхуэдэуи иклu упщlэи зытелъыпхъэ хъуа зы псалъэр сытым дежрэ хэткlu объективрэ зэхуэдэу лэжьэклэ зимыlэж зы псалъэщ. Аращи, клэух зыхуэхъу псалъэр ″блэкla зэман″рэ ″упщlэ″у зыгъэлажьэр ″а″ макъращи, хэтым дежрэ сытри объективыгъэ зиlэ зы псалъэр ″а″ клэух илэу ухуэнкъым.

″А″ макъ мыхьэнэмрэ ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыклэу макърэ псалъэхэм ищхьэмрэ иклэм къызэрыпыхьэу гъэзащlэ lуэхугъуэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, ныtlэ, ″а″ макъыр псэлъэкум хэту зэрыхэлэжьыхь щlыклэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″А″р псэлъэкум щыхэткlэ игъэзащlэ lуэхугъуэри псалъэм ищхьэм къызэрыпыхьэрэ иклэм къызэрыпыхьэм хуэдэ къалэнрэ мыхьэнэращ. Зэрыгурыlуэгъуэу, псэлъэкум щыхэплъагъуэ ″а″р зы макърэ псалъэм иклэм зэрыпытрэ, къыклэлъыклуэ макърэ псалъэм ищхьэми зэрыпытыр

гулъытапхъэщи, ″а″р икlэм зыпыт макърэ псалъэм и кlэухщ, ищхьэм зыпыт макърэ псалъэми и къежьапlэщ. Аращи, икlэм зыпыт макърэ псалъэр зэрыблэкlар къегъэлъагъуэри, къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэми къежьапlэ хуохъур. Ар щыхъукIи, ищхьэм зыпыт макърэ псалъэм и блэкlар ″а″р кlэух зыхуэхъууэ щыт макърэ псалъэрауэ зэрыщыткlэрэщ ″а″р псэлъэкум хиубыдауэ ухуэ псалъэр зэрызэпкъырыувэ щlыкlэр. Нытlэ, ″а″р зи кlэух макърэ псалъэр а зэрыщыту къызэрыгъэлъэгъуакlэрэщ ″а″м къыкlэлъыкlуэрэ ″а″р ищхьэм зыпыт макърэ псалъэр къызэрежьэри, мыри макърэ псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэ ″а″ макъым игъэзащlэм хуэдэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Мыбдежым псэлъэкум хиубыдэ ″а″р къежьапlэ зыхуэхъу макърэ псалъэм и къежьапlэр мы ″а″р зи кlэухрэ ″а″кlэрэ лэжьэкlэ зыгъуэта макърэ псалъэращи, ″а″ кlэух зиlэу блэкlауэ къэгъэлъэгъуа мы макърэ псалъэр ″а″м къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм зэрыпыщlа щlыкlэущ ухуэ псалъэм зэреджапхъэр. Мыри ″а″кlэрэ къежьэ псалъэхэм зэреджэн щlыкlэу ипэкlэ къэта щапхъэхэм зэрыхуэдэр гулъытапхъщ, ауэ мыбдежым ″а″р зи кlэух макърэ псалъэ мыхьэнэри хэтыжу зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщ.

Мыпхуэдэщ ″а″р псэлъэкум хэту зыхэплъагъуэ щlыпlэм щыгъэзащlэ lуэхугъуэри, мыпхуэдэу ухуэ псалъэхэм ″а″м яхуигъэзэщlыхь къалэнрэ мыхьэнэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зы гуэррэ зы lуэхугъуэр функциалу сытым дежрэ хэткIи объективу утыку къизылъхьэущ щыlэгъуэцlэ, плъыфэцlэ, бжыгъэцlэ, цlэпапщlэ жыхуэтlэ псалъэхэри, ахэр ″а″ кlэухкlэрэ гъэпскъым. Ауэ, псэлъэкум щыхэплъагъуэ щlыпlэм ″а″м хигъэзэщlыхьым и гугъу зэрытщlам езэгъ lуэхугъуэу, ″э″ кlэух зиlэу ухуэ зы псалъэм и гъэпсыкlэр кlэух ″э″м ипэ къихуэ ″э″р ″а″уэ зэрызэхъуэкlыущ. Ар щыхъукIи, ″э″ кlэух зиlэрэ псалъэ кlэух хъуа макърэ псалъэм ипэ къихуэ макърэ псалъэм и ″э″р ″а″уэ зэхъуэкlыу, ″а″р кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэр а зэрыщыткlэрэ къигъэлъагъуэущ зэрыгъэпсри, функциал кlуэтэгъуэ зиlэу ″э″ кlэухкlэрэ гъэпса псалъэм хэт ″а″р зи кlэух макъ/макъ гупрэ псалъэр а зэрыщыткlэрэ псалъэм хэбжэн къалэн мэгъэзащlэр. Икlи, псэлъэкум хэту ″а″ зыщыплъагъу нэхъыбэр зытеухуар ″э″ кlэух зиlэу щыт псалъэхэращи, ″э″ кlэух зимыlэу псалъэм икум ″а″ зэрыхэплъагъуэм и щхьэусыгъуэми игъуэр къыщысым щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″А″р ″э″ куэдагърэ lувагъэ макъыу ″э″м къытехъукlауэ зэрыщытыр зэрыгурыlуэгъуэу, псалъэр ″э″ кlэух зиlэу щытрэ ″э″кlэрэ унэтlарэ гъэзащlэу щыщыткlэ, абы ипэ къихуэ ″э″р блэкlагъэххэ lухугъуэу ″а″уэ зохъуэкlыр. Псэлъэкум щыплъагъу ″а″ макъыр ″э″ гъэзэщlагъэххэу утыку къихьаращи, кlэух ″э″м псалъэм хуигъэзащlэ кlуэтэныгъэр щlэмыхъумэн папщlэрэ елъытауэщ псалъэ кlэух ″э″м ипэ къихуэ ″э″р ″а″уэ зэхъуэкlыу къызэрыlукlэрэ гъэзащlэр. Аращи, зы псалъэр ″э″ кlэухкlэрэ щыухым деж, псалъэр зэрылажьэ кlэух ″э″м мы и функциалыгъэр къыхэгъэщынрэ

хъумэн папщlэ, абы ипэ къихуэ ″э″р блэкlа ″э″уэ зэрылъытэкlэрэ ″а″уэ зохъуэкlри, ″а″р зи кlэух макърэ псалъэр а зэрыщыту зэрылъытакlэрэ ″э″кlэ ухыу псалъэ кlэухыуи щыт макърэ псалъэм зэригъэлажьэкlэрэщ псалъэр зэрыухуэр.

Мы къэтlуатэхэр псэлъэкум хэт ″а″ макъым игъэзащlэу ипэкlэ зи гугъу тщlам зэрыхуэдэр гурыlуэгъуэщ: къызкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм и блэкlарэ къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм и къежьапlэу, ″а″р зи къежьапlэ макърэ псалъэр кlэух зыхуэхъуа макърэ псалъэр а зэрыщытыххэу (блэкlарэ утыку итыххэу) мэгъэпсри, мыпхуэдэу гъэпсагъэххэр ″а″р зи къежьапlэ макърэ псалъэкlэ лажьэущ псалъэр зэрызэпкъырыувэ щlыкlэр. Я зэхуакум ″а″ дэту макъитl зыхэту ухуэ мы псалъэхэм узэреджэну щlыкlэр - ″а″р къызкlэлъыкlуэ макъым и мыхьэнэри зэрылъытэкlэрэ- ″а″ макъымкlэ къежьэ псалъэхэм узэреджэн щlыкlэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ, ауэ мыбдежым ″а″р зи кlэух макърэ псалъэ мыхьэнэр ″а зэрыщыткlэрэ″ущ узэреджэну щlыкlэр.

Нытlэ, ″э″кlэ ух макъитl/псэлъитl зэкlэлъыкlуэу ухуэ псалъэхэр мы къызэрыlуэтам хуэдэу зэрыухуэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщи, мыпхуэдэу ухуэ псалъэхэм я мыхьэнэми деплъынщ: «″уэ-фэ″ → уафэ {″уэ″уэ щыт ″фэ″, ″уэ″уэ щыт теплъэ (фэ), ″уэ″м а зэрыщыту и теплъэгъуэ}; ″уэ-е″ → уае {″уэ″м къыщlэхъуэ (а) егъэлея кlуэкlэ (е: иэ), ″уэ″м къыщlэхъуэ зэрызехьэ); ″зэ-хуэ″ → захуэ {″зы″ хъууэ (за) ″ху″кlэ зиlэ (э)}; ″щlэ, кlуэ″ → щlакlуэ {щlэхьэпlэрэ щlэтыпlэ (щl) хъуным (а) хуэфlыу (кlу) щыт (э)}; ″хуэ-бэ″ → хуабэ {хуэ(хъуа)-бэ(куэд), къехуэбэкlын}; ″лъэ-пlэ″ → лъапlэ {лъэ(хъуа)-пlэ, лъэрыпlэ, лъэр зи пlэ}; ″пlэ-лъэ″ → пlалъэ {пlэ(хъуа)-лъэ, пlагъэххэу щыт лъэ, зэрыухуакlэрэ (а) ″пlэ″ зыгъуэтыныгъэ (лъэ), ипlэ къэсыныгъэ}; ″мэ-хуэ″ → махуэ {езыр езыру (мэ) зэрыщыткlэрэ (а) ″ху″уэ щыт (э)}; ″нэ-хуэ″ → нахуэ {″нэ″-″ху″уэ щыт (э), къызэрыхъуа (нэ) щlыкlэу (а) зекlуэу (ху) щыт (э)}; ″нэ, lуэ″ → наlуэ {зыхуэкlуэу (нэ) щытыр (а) ″lу″пщl, ″lу″пщl къытхуэхъу, къызэрыхъуам къыпыщэ lужьыгъуэ}; ″псэ-лъэ″ → псалъэ {пса-лъэ, ″псэ″м къыщlэхъуэу (а) гъэпс (лъэ), ″псэ″м къыхэхъукlыу ″лъэ″ зыгъуэт}; лъэ-псэ → лъапсэ {лъэр зыдынэс, лъэр зыдынэсу лъэ къуапэрэ лъэр къыздыщlидзэ; лъэм и псэ}».

Мыпхуэдэу ухуа псалъэхэм ″э″кlэ ух макъ къыпыхьэжу ухуэж псалъэри зи гугъу тщla псалъэ ухуэкlэм хуэдэщи, ухуэжа псалъэм кlэух хуэхъужа ″э″м ипэ къихуэ ″э″ращ ″а″уэ зэхъуэкlыжыр. Икlэм къыпыхьэ макъкlэрэ зы псалъэм къытехъукlыж псалъэр мыпхуэдэу зэрыухуэжым теухуа щапхъэщ мыхэр: «″псалъэ-кlуэ″ → псэлъакlуэ; ″псалъэ-пхъэ псэлъапхъэ; ″псалъэ-лъэ″ → псэлъалъэ».

″Э″ кlэух зиlэу ухуэ псалъэм и гъэпсыкlэр мыпхуэдэщи, зы ″псалъэ зэгуэт″ым и гъэпсыкlэри мыпхуэдэщ: «унэ, щхьэ → унащхьэ, ....».

Ауэ ″э″ кlэух зимыlэ зы псалъэр зэрыухуэ щlыкlэр псалъэм хиубыдэ ″э″хэр а зэрыщыткlэрэщи, мыбдежым мыпхуэдэ щапхъэи къэтхьынщ: «″псалъэ-н″ → псэлъэн; ″псалъэ-ху″ → псэлъэху»; «″псалъэ, фlы″ → псэлъэфl; ″унэ, цlыкlу″ → унэцlыкlу».

Мыбдежым къытпыщlэхуа lуэхур ″удэренэ″ lуэхуу зэрыщымытыр гулъытапхъэщи, ар адыгэбзэм и ухуэкlэу, абы лъабжьэ хуэхъу логиемрэ щхьэусыгъуэри наlуэщ. Зы макъыбзэм и лэжьэкlэщ мыри, зы макъыр къызэрыlу щlыкlэ дыдэу тхын зэрыхуейр гурыlуэгъуэщи, макъыбзэу зэрымылъытам къызэрыгуэкlкlэ, псэлъэпкъыбзэм я щlэныгъэм ирагъэкlуу ″уларенэ″ терминкlэ ″а″кlэ ятхыу ″э″уэ къеджэн хуейуэщ мы къэта щапхъэхэр зэралъытар.

Ауэ lуэхур зытетыр гурыlуэгъуэщ, икlи мы къэта щапхъэхэми къыщымынэу, зыгуэрыр щхьэжу къэзыlуатэ зы псалъэм и ухуэкlэри мыпхуэдэщи, псэлъитl зэкlэлъыкlуэу занщlэу ухуэ зы ″псалъэ зэпха″м и макъхэр къызэрыхэlукl щlыкlэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ: «″псалъэ гуащlэ″ → псэлъэ гуащlэ; ″псалъэ гуауэ″ → псэлъэ гуауэ; ″псалъэ дыдж″ → псэлъэ дыдж; ″псалъэ lэфl″ → псэлъэ lэфl».

Мыпхуэдэщ адыгэбзэ лэжьэкlэу ″а″р псэлъэкум щыхэплъагъуэм гъэзащlэ lуэхугъуэр, ауэ псалъэ кlэух ″э″м ипэ къихуэ ″э″р ″а″уэ зэмыхъуэкlыу ухуэ псалъэ гуэрхэр зэрыщыlэри гурыlуэгъуэщи, псалъэр мыпхуэдэу зэрыухуэм и лъабжьэмрэ и щхьэусыгъуэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. И кlэух макъыр ″э″уэ щытми, а зэрыщытрэ зэмыхъуэкlыу псалъэм хэплъагъуэ ″макъ псалъэ″щ ″хьэ″ри, мыбы и лъабжьэрэ и щхьэусыгъуэр гурыlуэгъуэщ: ″хьэ″р япэу цlыхум зыфlищыжа цlэращи, ар зэмыхъуэкlыу а зэрыщыткlэрэщ псалъэхэм зэрыхэтыр. Цlыхум езым зызэрилъыта зы псалъэу щыт ″хьэ″р икlи зы псэущхьэмрэ гуэдз лъэпкъри зэрилъыта псалъэщи, ахэр зэрылъыта ″хьэ″ри зэмыхъуэкlыущ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. Аращи, ″цlыху″ зи мыхьэнэ ″хьэ″мрэ псэущхьэ лъэпкъымрэ гуэдз лъэпкъ зи мыхьэнэ ″хьэ″р зэмыхъуэкlыу псалъэхэм зэрыхэтым теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «хьэуэ, хьэгъуэ-лlыгъуэ, хьэщlэ, хьэлъэ, хьэмэрэ, Хьэрэмэ lуащхьэ»; «хьэфэ, хьэпэ; хьэщхъуэ»; «хьэнцэ, хьэсэ, хьэпэцыпэ, хьэдзэ, хьэку».

″Тхьэ, щхьэ″ псалъэхэри ″цlыху″ зи мыхьэнэ ″хьэ″м къытехъукlа псалъэхэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мыхэри ″хьэ″р зэрызэмыхъуэкlым хуэдэущ псалъэхэм зэрыхэт щlыкlэр: «щхьэнтэ, щхьэшэ, щхьэншэ, щхьэкlуэ, щхьэхуэ, щхьэпэ, ныщхьэбэ, щхьэфэ»; «тхьэшхуэ, тхьэбзэ, тхьэпэ - тхьэмпэ».

Мыбы къыщымынэу, ″хьэ″ зыхэту ухуа глаголхэмрэ ″тхьэ, щхьэ″ зыхэту ухуа глаголхэм я лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэми ″хьэ, тхьэ, щхьэ″ псалъэхэр зэмыхъуэкlыу хэтщи, къэтхьынщ мыпхуэдэ щапхъэхэр: «ехьэжьэн → ″изохьэжьэ, ибохьэжьэ, ирехьэжьэ″; хьэжэн → ″сохьэжэ, уохьэжэ, мэхьэжэ″»; «тхьэлэн → ″дотхьэлэ, фотхьэлэ, ятхьэлэ; тхьэщlэн

→ сотхьэщlэ, уотхьэщlэ, мэтхьэщlэ»; «щхьэпэн → сощхьэпэ, уощхьэмэ, мэщхьэпэ».

Псалъэр ″э″кlэрэ мыухми, абы ″э″кlэ ух кlэух макъ къыпыхьэу къытехъукl псалъэхэр ″а″ зыхиубыдэу щыухуэ щыlэщи, мыпхуэдэ псалъэхэр къызтехъукl псалъэм ″э″кlэрэ кlуэтэгъуэ зэригъуэтым папщlэ, абы къыпыхьэжу ″э″ кlэух зиlэ макъым ипэ къыщихуэкlэ ″а″уэ зохъуэкlыр. Мыпхуэдэ щапхъэхэщ мыхэри, къызэрыхъу щlыкlэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ: «зы-э-хуэ → зэ-хуэ→ ″захуэ″; зы-э-къуэ → зэ-къуэ → ″закъуэ″; гу-э-кlуэ → гуэ-кlуэ → ″гуакlуэ″; lэгу-еуэ → lэгу-э-уэ → ″lэгуауэ″».

Зи гугъу тщlы ″э″р ″а″уэ зэхъуэкlыу, икlи зэмыхъуэкlыу ухуэ псалъэхэри щыlэщи, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «щlэпlэ → щlапlэ; ″кlыпlэ″ → кlы-э-пlэ → кlэ-пlэ → ″кlапlэ″».

″Е (иэ)″ макъым ″э″ зэрыхэтыр нэрылъагъуэщ, ар икlи зы ″макъ псалъэ″у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Мыбы ″э″ кlэух зиlэ макъ къыпыхьэу псэлъэщlэ къыщытехъукlым деж, езыр макъ зэхэжыхьауэ зэрыщытрэ хиубыдэ макъхэр щхьэжу къыхэмыlукlми, ″е (иэ)″м хэт ″э″р ″а″уэ зэхъуэкlыу къэlуущ къытехъукl псалъэр зэрыухуэ щlыкlэр. Ар щыхъукlи, ″е (иэ)″р ″я (иа)″уэ зохъукlыр. ″Е″м къыпыхьэ макъкlэрэ мыпхуэдэ псалъэ къызэрыхъум щыгъуазэ дыхуэхъуу, мыпхуэдэ псалъэ къэхъукlэхэм теухуа нэгъуэщl щапхъэхэми деплъынщ: «е → егъэ {е(иэ)-гъэ}→ ягъэ {я(еиа)-гъэ}; leигъэ → lей-э-гъэ → leйагъэ → leягъэ → leягъэ-ы → leягъ; elу-ещlэ → elу-еащlэ → elу-ящlэ → elуящlэ».

Мыбы нэгъунэ псэлъэкум хиубыдэ ″а″р къызэрыхъу щlыкlэмрэ мы ″а″ макъым псалъэм хигъэзэщlыхьым щыгъуазэ дыхуэхъуащи, псэлъэкум ″а″рэ ″э″уэ макъ щыхэтым деж утыку къихьэ мыхьэнэ зэхъуэкlыныгъэр зэгъэпщэн папщlэ мыпхуэдэу ухуа псэлъитlыр щапхъэу къэтхьыжынщ: «къуэншэ {″къуэ″ хъуным (н) ишауэ щыт (шэ): къуэ зимыlэ}; къуаншэ {къызтеужьыкlа (къу-а) къэхъуныгъэм (н) къытешауэ щыт (шэ): къызтехъукlа лъагъуэм темытыж}».

Мыбы нэгъунэ псэлъэкум хиубыдэ ″а″м теухуауэ зи гугъу тщlахэр ″э″ кlэух зиlэу ухуа псалъэхэращ. Ауэ ″э″ кlэух имыlэми, псэлъэкум ″а″ щыхэплъагъуэ щыlэщи, мыпхуэдэу псалъэ ухуэнми зы лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ зэриlэнур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″э″кlэ мыух псалъэм икум хэплъагъуэ ″а″м игъэзащlэри жыжьагъэ lуэхущ. Мыпхуэдэщ ″лъагъун″ псалъэм и ухуэкlэри, мы псалъэр зытеухуа lуэхугъуэр жыжьаплъэу зы ″лъэ″р и гъунапкъэрэ и гъуэм идеалу джын lуэхущ.

*″**А**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

″А″ макъ мыхьэнэм куэдагъ къызэригъэлъэгъуэнури гурыlуэгъуэщи, ″ещанэ нэрыбгэ куэд″ыр (ахэр), нэгъуэщlыу жыпlэмэ, ″ещанэ куэдагъэ″р (ахэр) ″а″кlэрэ зэрыгъэлъэгъуапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″а″р ″ещанэ куэдагъ гъэлъагъуэ″у псалъэхэм ″префикс″у хуохъур. Ауэ зэпыщlэныгъэ

зэриIэкIэрэ ещанэ куэдагъ цIэпапщIэр къызэрыIуатэ ″абыхэм″ыр ″IуэхуI лIэужьыгъэхэм зэрытеухуам папщIэщи, ещанэ куэдагъ цIэпапщIэм теухуауэ ″IуэхуI глагол″ лэжьэкIэу ухуэ псалъэхэм къыпыхьэ ″цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″р ″я″уэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. ″Я″р ″иа, еа (иэа)″ макъхэр зэрытх тхыпкъыу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, ар (я) ″ещанэ куэдагъ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″ зэрыхъум и лъабжьэри ″ещанэ щхьэж цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″м (и, е) и куэдагъэу (а) зэрыщытращ. ″IуэхуI глагол″ лIэужьыгъуэхэм я ″ещанэ щхьэж цIэпапщIэ (абы) гъэлъагъуэ″р ″и, е (иэ, иэй)″уэ зэрыщытым папщIэщи, абыхэм я куэдагъэри (иэа → иа → я; иэйа → иа → я) ″я″уэ зэрыщытым ипкъ иткIэщ ″я″р ″ещанэ куэдагъ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″у зэрыщытым и лъабжьэр. Ауэ мы ″е (иэ, иэй)″м нэгъуэщI префикс къыщыпыхьэм деж, и къэIукIэр зохъуэкIри, ″эй, эйй″ макъ зэхэжыхьауэ къоIур. НытIэ, абыхэм я куэдагъэри (эйа → а; эййа → а) ″а″уэ зэрылъытэм ипкъ иткIэ, псалъэм ищхьэм ″я″уэ къыхэIукIыр псалъэм икум къызэрыIу щIыкIэр ″а″уэщ.

Мы зи гугъу тщIахэр зэрызыхиубыдэрэ ″я → а″ зэхъуэкIыныгъэхэри къызэрыхэщкIэрэ ″а, я″р ″ещанэ нэрыбгэ куэд гъэлъагъуэ″у псалъэхэм префиксу къызэрыпыхьэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «ищIащ → ящIащ; къищIащ → къайщIащ, къащIащ; ещIэ → ящIэ; къещIэ → къайщIэ, къащIэ; къехъулIащ → къайхъулIащ, къахъулIащ».

НытIэ, ди ″макъ глагол″хэм щыщ ″IуэхуI глагол″хэр ещанэ нэрыбгэ куэдым теухуауэ зэрылажьэ щапхъэхэмрэ, абыхэм префикс къыщащтэкIэ къызэрыIуэтэжым теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «яй → зэдай; яунщ → щIаунщ; яIуэнущ → зэдаIуэнущ; язащ → зэдазащ; ядз → къадз; яджынщ → къаджынщ; ядынущ → щIадынущ; ятIащ → къатIащ; яжь → къажь; ящынущ → зэдащынущ; ящIащ → къащIащ; яшэ → къашэ, яч → зэдач».

″А″ макъыр жыжьагъэрэ куэдагъ къизыIуэ макъ мыхьэнэщи, ″ещанэ нэрыбгэ куэд гъэлъагъуэ″у глагол лэжьэкIэхэм префикс хуохъур. Мыбы нэмыщI, префикс къалэн игъэзащIэу бзэм хэлэжьыхьу жыIэпхъэкъым. Ауэ ″а″ макъкIэ къежьэ псалъэхэр зэрыщытыр, икIи и макъ мыхьэнэкIэрэ псалъэ гуэрхэм ищхьэм къызэрыпыхьэфынур гурыIуэгъуэщи, ″а″р префикс къалэн игъэзэщIэну хущIэкъу макъыу лъытапхъэщ.

″А″р псалъэхэм икIэм къыщыпыхьэм деж, и макъ мыхьэнэм зэрезэгъкIэрэ а псалъэр зи зэманыгъуэр зэрыблэкIакIэрэ егъэлажьэр. Мыпхуэдэ лэжьэкIэр суффикс къалэну зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, глаголхэр блэкIа зэманым теухуауэ къызэрыIуатэ щIыкIэр ″а″ суффикскIэрэщ. Ауэ глагол лэжьэкIэм ″а″р суффикс хуэхъу закъуэу ухуэ псалъэр блэкIа зэманыу зэрылъытэр гурыIуэгъуэрэ адгэбзэм жьэрыпсалъэ гуэрхэми мыр блэкIа зэману лъытэнкIэ ирикъуми, къэбэрдеибзэм ″а″ суффиксым икIэми ″щ″ къыпыхьэжын хуейуэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Глагол лэжьэкIэр ″а″ суффиксым икIэм ″щ″ыр суффиксу къыщыпыхьэм деж, а Iуэхур зэрыгъэзэщIам гурыщхъуэ

къытримыхьэу гъэпса мэхъур. Блэкlа зэман гъэлъагъуэ суффикс ″а″м ″щ″ыр суффиксу къыпыхьэмэ, а lуэхур зэрыблэкlауэ зэрыщытым гурыщхъуэ хэлъкъым, ауэ абы ″щ″ къыпымыхьэмэ, къэlуатэ псалъэр зэрызэфlэкlам гурыщхъуэ телъыфынщи, а псалъэр упщlэуи зэпкъырыувэфынщ. Мыпхуэдэ лэжьэкlэ щапхъэхэр япэу ″а″кlэ ухыу зэрыухуэкlэрэ ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщи, мыхэр упщlэ зэрыхъуфынури къыхэдгъэщынщ: «зя(?), буа(?) (→бъуа), еуа(?), сыlуа(?), clуа(?), са(?), бза(?), идза(?), сыгъа(?), гъуа(?), бджа(?), уджа(?), зда(?), сыда(?), пта(?), итlа(?), тlа(?), сыжа(?), ужа(?), ижьа(?), жьа(?), сща(?), сща(?), иша(?)».

Ауэ глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэм ″а″ суффиксыр къыпыхьэу блэкlа зэманыгъуэу ухуа псалъэм гурыщхъуэ къытемыхьэу утыку къызэрихьауэ зэрыщытыр ″щ″ суффикскlэрэщ зэрыгъэбыдэжри, мыпхуэдэ щапхъэхэри ипэкlэ къэта щапхъэхэм ″щ″ къызэрыпыхьэжкlэрэ къэтхьынщ: «зящ, буащ (→бъуащ), еуащ, сыlуащ, clуащ, сащ, бзащ, идзащ, сыгъащ, гъуащ, бджащ, уджащ, здащ, сыдащ, птащ, итlащ, тlащ, сыжащ, ужащ, ижьащ, жьащ, сщащ, сщащ, ишащ».

### ″lЭ″ макъыр.

″Э″р функциал кlуэтэгъуэщи, сытым щыгъуи кlэ зимыlэрэ иджым щыгъуэ лажьэращ. Мы и щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ ар функциал зэманым теухуауэ бзэм хэлэжьыхьу щlэзыдзэ макъщ. Функциал кlуэтэгъуэщ ″э″ри, функциал зэманым хуэдэуи зэпыудыгъуэрэ къуапэи зимыlэ, къэубыдыпlэуи щымытращ.

Бзэм функциал зэманым теухуауэ щызекlуэрэ увыlэпlэрэ къуапэ зимыlэ ″э″м и лимитацэу утыку къихьэ ″lэ″ макъыр зы функциал зэман lэнатlэ къизыlуэу ″э″м къытехъукlа макъщ. Макъхэмкlэ псэлъэбзэ иухуэу щlэзыдза псэущхьэм ″lэ″р къыриlун щlэхъуарэ ″э″м къыщытехъукlари ″къ″ макъыр къэхъуа нэужьрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщи, хуиту къэlуу щыт макъ lуэр лъабжьэхэр къэзыгъэхъу жьыр ″къ″ къэхъупlэу щыт тэмакъым зэрытекъузэкlэрэ я лимитацэ макъхэр къызэрыхъуу щыщlидзэм хуэзэу, ″э″ми ″lэ″р къызэрытехъукlар гулъытапхъэщ.

″lэ″ макъыр къызэрыlу щlыкlэм натуралу гурыlуэгъуэ ищlри мы зи гугъу тщla и къэхъукlэрэ къэlукlэм теухуащи, зэ щхьэрэ зэуэ къэхъум, и кlэщlыпlэкlэрэ занщlэу къэхъум теухуауэ цlыхум натуралу и реакцэрэ рефлексу къыригъэкl макъщ ″lэ″р: «lэ(!)». Мыпхуэдэм къытехъукlауэ жыlэпхъэщ Адыгэм зыгуэрыр зэригъэщlагъуэр къызэрыриlу щlыкlэу ноби бзэм щызекlуэу макъ мыхьэнэкlэрэ зэпкъырыхыпхъэуи щымыт ″lэгъу(!)″ псалъэри.

*″lЭ″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″р.*

"lэ"р "э"м и лимитацэу къэхъуа зы макъщи, ар цIыхум мыпхуэдэу натуралу къызэрыригъэIукI щIыкIэри къызэрыхъуарэ и къэIукIэм зэрезэгъкIэрэщ. Ар къэхъуа нэужь бзэм зэман пыухытыкIа къыриIуэу щIидзагъэнти, "lэ"р макърэ псалъэхэм я кIэухыу, а макърэ псалъэхэм къаIуатэ IуэхугъуэрзытеухуамзызэманпыухытакIэрэзэманыгъуэрэ щыIэгъуэ яхуигъэзащIэу бзэм щызекIуэу щIидзагъэнщ: «щыIэ, щIыIэ, кхъыIэ».

Мы и лэжьэкIэкIэ бзэм хэхьа нэужь мащIэ дэкIагъэнкъым "lэ" макъыр щхьэж зы "макъ псалъэ"у бзэм аргуэру хэхьэжыхункIэ: "зэманыгъуэ IэнатIэ" къыриIуэу "lэ"р бзэм хэлэжьыхьыу зэрыхэт щIыкIэрагъэнщ иужькIэ зы "макъ псалъэ"у "lэ"р бзэм зэрыхэхьэжым лъабжьэ хуэхъуар. Аращи, зы зэманыгъуэ IэнатIэ къизыIуэ макъ мыхьэнэкIэрэ макърэ псалъэ кIэухыу бзэм щызекIуэу хэт "lэ" макъым мыпхуэдэ пыухытыкIа IэнатIэу щытыныр щхьэжу къыриIуэу зэрыщIидзэкIэрэщ "lэ" макъыр щхьэжу бзэм щызекIуэу зэрыщIидзари, ар зы "макъ псалъэ"у бзэм хэхьэжауэ жыIэпхъэщ: уи пащхьэм илърэ къыпIIэщIэхьэрэ къыпIIэщIэхуу уи "lэ"м илърэ икIыр къызэрыхъуарэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм зэрезэгъкIэрэ щхьэж "lэ"м макъкIэрэ къызэрыIуэтапхъэр гулъытапхъэщи, "lэ"р зы "макъ псалъэ"у утыку къыригъэхьар мыпхуэдэу жыIэпхъэщ. Мыпхуэдэхэр зытеухуарэ зэрыгъэзащIэ Iэпкълъэпкъыр щхьэж зы "макъ псалъэ"у "**lэ**"уэщ зэрылъытар.

*"lЭ" макъым къытехъукIа* ***"макъ псалъэ"р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукIыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***"псалъэ зэгуэтхэр"****.*

Зы IэпкълъэпкъыцIэу бзэм хэт ***"макъ псалъэ"****у щыт* ***"lэ"р къыпыхьэ макъкIэрэ*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьу* ***ухуэ псалъэхэм*** теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «IэсэIэзэIэгу, Iэдэ, Iэтын, Iэтэ, Iэжьэ, Iэжьэгъу, Iэщ, Iэщэ, Iэшэ, IэщтIым – IэштIым, Iэкlэ, Iэкlуэ, Iэщмыгу – Iэшмыгу, Iэлъэ, Iэпэ, Iэбэн, Iэбын, eIэбын, Iэблэ, Iэфэ, IэфракIэ, Iэмэпсымэ, Iэнэ, Iэнлъэ, IэплIэ, Iэбжьанэ, Iэпхъуамбэ – Iэхъуамбэ, Iэпхъуалъэ, Iэпхъуэн, Iэмбатэ, Iэрыгъынэ – Iэргъынэ (Iэ-ры-гъэ-ы-нэ)».

Зы IэпкълъэпкъыцIэу щыт "lэ"м нэгъуэщl макъхэр къыпыхьэу бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэу къэхъуауэ къэта мы щапхъэхэм щыщ гуэрхэм икIи "псалъэ зэгуэт"уи зэреджапхъэр гурыIуэгъуэщ.

"IэпхъуэнпсалъэмрэабыкъытехъукIыжауэжыIэпхъэ "IэпхъуэшапхъуэIэрпхъуэр"псалъэхэр"lэ"мкъытехъукIа"IэпхъуамбэIэхъуамбэ"псалъэхэмкъыкIэлъыкIуэукъэхъуарэIэпкълъэпкъыцIэ"lэ"мкъытехъукIауэжыIэпхъэщ. Мыбы хуэдэщи, IэпкълъэпкъыущытIэ"lэ"мкъыIэщIыхьэр"Iэмбатэ"у, абы къилэжьыпхъэ зы IэнатIэри"IэргъынэущзэрылъытарАуэмыхэрикIи фIэкIыпIэимыIэуIэпкълъэпкъыцIэ"lэ"мкъытехъукIауэ лъытапхъэкъыми, мы псалъэхэр икIи "lэ" макъ мыхьэнэуэ къэхъуауи еджапхъэщ.

Зыгуэрхэр ″lэ″ lэпкълъэпкъым теухуауэ зэрыгъэзащlэри ″lэ″кlэрэ къежьэ псалъэхэмкlэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэщ мы псалъэр: «lэщlагъэ – lэщlагъ».

Зы lэпкълъэпкъыщlэу щыт ″lэ″м игъэзащlэ lуэхугъуэхэр ар кlэух зыхуэхъу глаголкlэрэщ къызэрыlуатэр. Ар щхьэж зы глагол хъукъым, ауэ lэкlэ гъэзащlэр къэзыгъэлъагъу макъхэр префикс къызэрыхуэхъукlэрэщ ″lэн″ глаголыпхъэр глаголу щызэпкъырыувэр. Мыпхуэдэу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «elэн, зэlэн, гуэlэн, дэlэн, delэн, telэн, щlэlэн, къelэн, хэlэн, хуelэн, пыlэн, флelэн, нelэн».

Зы lэпкълъэпкъыщlэу щыт ***″lэ″ макъ псалъэм*** *нэгъуэщl псалъэ къыпыхьэу* ***″псалъэ зэгуэт″*** къызэрытехъукlми деплъынщ.

Ипэкlэ ″lэ″ макъ псалъэм нэгъуэщl макъхэр къыпыхьэу къэхъуа псалъэхэм щыщ гуэрхэр икlи ″псалъэ зэгуэт″у зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, ахэр зэрыухуа щlыкlэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ: «″lэ, кlэ″ → lэкlэ; ″lэ, кlуэ(н)/екlу(н)″ → lэкlуэ; ″lэкlуэ, лъакlуэ″ → lэкlуэлъакlуэ; ″lэ, пэ″ → lэпэ; ″lэ, фэ″ → lэфэ; ″lэфэ, кlэ″ → lэфэрэкlэ → lэфракlэ; ″lэ, бжьанэ″ → lэбжьанэ; ″lэ, гуэтхъ(ын)″ → lэ-ры-гуэтхь → lэрыгуэтхъ → lэргуэтхъ; ″lэ, пхъуэн″ → lэ-ры-пхъуэн → lэрыпхъуэн, lэрыпхъуэр – lэрпхъуэр; ″lэпхъуэ, шапхъуэ″ → lэпхъуэ-шапхъуэ → lэпхъуэшапхъуэ».

Мыбыхэм нэмыщlыу lэпкълъэпкъыщlэ ″lэ″м нэгъуэщl псалъэ къыпыхьэу ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм щыщ щапхъэщ мыхэри: «″lэтэ, щхьэ″ → lэтащхьэ; ″lэ, lэт(ын)″ → lэlэт; ″lэпэ, шыпс″ → lэпэшыпс; ″lэпэ, пшынэ″ → lэпэпшынэ; ″lэпэ, убыд(ын)″ → lэпэубыд; ″lэгу, (е)уэ(н)″ → lэгууэ; ″lэ, ужь(ын)″ → lэужь; ″lэ, дакъэ″ → lэдакъэ; ″lэдакъэ, щlэкl(ын)″ → lэдэкъэщlэкl».

*″lЭ″ макъ мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″***.

Япэрауэ lэпкълъэпкъыр зэрылъытэ ″lэ″р зыгуэрыр къызпкъырыкlрэ зыухуэри къызэрыlуатэ щlыкlэу бзэм холэжьыхьри, мыпхуэдэ лэжьэкlэр ″lэ″ макъыр lэпкълъэпкъыщlэ ″lэ″ макъ псалъэ мыхьэнэр зэрилъабжьэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэу зэрылъытапхъэм ипкъ иткlэ, мыбдежым и гугъу щытщlынщ. Зы глаголым къиlуатэ lуэхугъуэр мыпхуэдэу къызпкъырыкlрэ зи lэщlагъэр къыхэщу къызэрыlуатэр ″lэ″р а глаголым а глаголым префикс зэрыхуэхъукlэрэщ. Мыпхуэдэ зы lуэхур къызпкъырыкlрэ къыпкъырыкlыныгъэу ″lэ″р префикс зэрыхъукlэрэ къызэрыlуэтэнум хуэдэжщи, зы lэпкълъэпкъыу ″lэ″м къыпкъырыкlынкlи ″lэ″р префикс зэрыхъукlэрэщ. Дауи щырет, мыпхуэдэу гъэзащlэ lуэхугъуэр къызэрыlуатэ щlыкlэр ″lэ″ макъым имызакъуэу, зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ нэгъуэщl макъи ″lэ″м къыкlэлъыкlэуэущ зэрыухуэр. Мыпхуэдэщ ″lэ″м къыкlэлъыкlуэ ″щl″ макъри хэтыжу ухуэ префиксклэрэ ухуа мы глаголхэр: «lэщlэлъын, lэщlэлъхьэн, lэщlэхын, lэщlэхун, lэщlэхуэн».

Мы щапхъэхэр гулъытапхъэщи, ″щl″ префикскlэрэ ухуагъэххэ глаголхэм аргуэру ″lэ″р префикс зэрыхуэхъужым теухуауэ лъытапхъэщ (щlэлъын → lэ-щlэлъын → lэщlэлъын). Ауэ мыбы нэмыщl, ″lэ″м езыр ″р″ыкlэрэ къызэрыхэгъэщу зэрыгъэлъагъуэрэ глаголхэм префикс яхуэхъуу префиксиал глаголхэри мэухуэри, дэтхэнэ зы глаголыр мыпхуэдэу зэрыухуэфым папщlэ, мыпхуэдэ щапхъэхэр ″lэ″м префикс къалэн зэригъэзащlэм теухуауэ илъабжьэкlэ къэтхьынщ. Ауэ мыпхуэдэу префиксиалу къэхъу глаголхэри щыlэщи, ″lэры″ префикс зиlэу ухуэ глаголхэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «lэрылъын, lэрылъхьэн, lэрыхын, lэрыхун, lэрыхуэн; lэрыцlэн, lэрыгуэн, lэрыкуэн, lэрыкъуэн, lэрыхъуэн, lэрылъэн, lэрынэн».

″lэры″ префикскlэ ухуэ глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэри щыlэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэщ мыхэр: «lэрысэ, lэрыщl, lэрыгуэтхъ – lэргуэтхъ».

Ипэкlэ игъуэ щlыпlэм къызэрыlуэтауэщи, ″lэ″ макъыр къэхъуа нэужь, бзэм и макъ мыхьэнэкlэрэ хэлэжьыхьу щlидзауэ зэрыжыlэпхъэу, ар (lэ) зы ″макъ псалъэ″у бзэм щызекlуэу щыщlидзар иужьрей lуэхугъуэу лъытапхъэщ. Икlи зы ″макъ псалъэ″у зи гугъу тщla ″lэ″р ″lэ″ макъ мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм къытехъукlауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. Ар щыхъукlи, ″lэ″м макъы мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуа псалъэхэу мыбдежым зи гугъу тщlынухэм я нэхъыбэр зы ″макъ псалъэ″у щыт ″lэ″мрэ абы къытехъукlыжа псалъэхэм елъытауэ нэхъыжьу лъытапхъэщ.

Зы ″макъ псалъэ″у щыт ″lэ″р къызтехъукlар ″lэ″ макъ мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэрауэ зэрыщытыр жытlагъэххэщи, ипэкlэ зы lэпкълъэпкъыцlэу щыт ″lэ″м къыпыхьэж макъхэмкlэрэ къытехъукlыжауэ лъытапхъэу къэта псалъэ гуэрхэр икlи ″lэ″ макъ мыхьэнэм къытехъукlыжа псалъэхэуи еджапхъуэщ. Аращи, ипэкlэ ″lэ″ макъ псалъэм къытехъукlауэ къэта щапхъэ гуэрхэм икlи ″lэ″ макъ мыхьэнэкlэрэ зэреджапхъэми деплъынщ: «lэсэ (зэтеувыlарэ зэтелыгъыныгъэм нэса, еса), lэщ (уиlэу щыlэр), lэтэ (зы lэнатlэу лъэгагъ зиlэ), lэрамэ (lэщlэхьапхъэрэ гупу лъытапхъэу щыт), lэмбатэ (зы lэрамэу щыт lэтэ; lэщэхьапхъэу щыт бэ lэтэрэ батэу зэхэлъ-зэтелъ), lэнатlэ (lэ-нэ-тlэ), lэргъынэ (зы lэнатlэ гъэзэщlапхъэ);

Мы псалъэхэм хуэдэ щапхъэу лъытапхъэщ ″lэхьэ – lыхьэ (lэ-ы-хь-э)″ри, ар зыгуэрым иlэныгъэ хуэхъуу къылъыс зы lэнатlэр къызэрыlуатэ псалъэщ, икlи мыпхуэдэу къылъысыныгъэр ″lэ″ lэпкълъэпкъым къыlэщlэхьэныгъэу зэрыщыткlэрэи еджапхъэу зы псалъэщ. Аращи, ″lэ″ макъ мыхьэнэм мыпхуэдэ псалъэхэр къызэрытехъукlыу бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэращ зы lэпкълъэпкъыцlэу щыт ″lэ″р зы ″макъ псалъэ″у утыку къызэрихьа щlыкlэри.

Адыгэбзэм псалъэ куэд хэтщ ″lэ″р и макъ мыхьэнэкlэ икlи ″макъ псалъэ″у узэреджэфыну. Ауэ зы ″макъ псалъэ″у щыт ″lэ″м

къызэрытемыхъукlар lупщlыу зэрыщытыр гурыlуэгъуащэ псалъэхэри мащlэкъыми, мыпхуэдэу ″lэ″ макъ мыхьэнэкlэрэ узэреджэн хуейуэ щыт зы щапхъэфlщ мыр: «lэфl».

Зы ″макъ псалъэ″у щыт ″lэ″р къызтехъукlарэ и макъ мыхьэнэкlэрэ ″lэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьу къэхъуа псалъэхэм и гугъу тщlащ. Ауэ ″lэ″ макъыр къызэрыхъуарэ и мыхьэнэкlэрэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыщlидзам елъытауэ мы къэта щапхъэхэр ″lэ″ макъ мыхьэнэм и иужьрей лэжьэкlэхэрауэ жыlэпхъэщ; икlи зы ″макъ псалъэ″у щыт ″lэ″р къызтехъукlа ″lэ″ макъ мыхьэнэ лэжьэкlэхэращ мы зи гугъу тщlахэр. Аращи, ″lэ″р бзэм хэлэжьыхьу зэрыщlидзар ар къызтехъукlа ″э″м елъытауэщ: ″lэ″ макъыр функциал зэманыгъуэ ″э″м и зы лимитацэщи, зы зэманыгъуэ пыухытыкlарэ lэнатlэ къыриlуэущ япэрауэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыщlидзар. Мыпхуэдэу бзэм хэлэжьыхьу щlидза нэужьи, зы зэманыгъуэ lэнатlэкlэ къыппыщlэхуэрэ къыпlэрыхьэри къыриlуэу зэрыщlидзар гурыlуэгъуэщи, зы ″макъ псалъэ″у щыт ″lэ″р мы лэжьэкlэ нэужьу къэхъуауэ жыlэпхъэщ.

Къызтехъукlа ″э″м елъытарэ къызэрыхъуа щlыкlэми зэрезэгъкlэрэ, ″э″р кlэухыу бзэм зэрыхэтым хуэдэущ ″lэ″ри бзэм зэрыхэлэжьыхьу зэрыщlидзари, и макъ мыхьэнэкlэрэ макърэ псалъэхэм кlэух язэрыхуэхъукlэрэщ. Мыпхуэдэу къэхъуа псалъэхэщ мыхэри, ахэр къызэрыхъуа зэкlэлъхьэужьыкlэр къыхэщу лъытапхъэщ мы къызэрыта зэкlэлъхьэужьыкlэм: «щыlэн, иlэн, щlыlэ, уlэн, гулэн, псыlэ, пщыlэ, кхъыlэ, хьэlэ, шыlэн, хэlэн, жыlэн, желэн, нэlэ, пыlэ».

Адыгэбзэ лэжьэкlэм ″э-ы″ зэхуэкlыныгъэр мымащlэу зэрызекlуэр гурыlуэгъуэщи, ″lэ″р кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэм и мыхьэнэм ехьэлlарэ къызэрыгуэкl щlыкlэр ″lэ-ы → lы″ кlэухкlэрэи къоlуэтэфыр. Мы ипэкlэ къэта щапхъэхэри мыпхуэдэу къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэнщи, глаголхэм ″lы (lэ-ы)″уэ къызэрыхэlукl щапхъэщ мыхэр: «щыlын, иlын, уlын, гулын, шыlын, хэlын, жыlын, желын».

″lэ″р мыпхуэдэу и макъ мыхьэнэуэ щырет, ″макъ псалъэ″уи щырет, ″lэ-ы → lы″ зэхъуэкlыныгъэу псалъэхэм хэтщи, мыбдежым къыщытам нэхъыбэу мы зэхъуэкlыныгъэр ″lэ″р псалъэм ищхьэм къыщыпыхьэм дежщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэщ lэпкълъэпкъыу щыт ″lэ″м ехьэлlарэ теухуауэ гъэзащlэ мы lуэхугъуэхэр къызэрыlуатэу ухуа глаголщ мыхэр: «″lэ-ы-гъэ-ы-н″ → lыгъын; ″lэ-и-хы-н″ → lихын».

*″lЭ″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

″lэ″кlэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэр глаголхэм ″lэры″р префикс къызэрыхуэхъукlэрэщ зэрыгъэзащlэри, ди ″макъ глагол″хэр ″lэры″ префикскlэрэ зэрыухуэжу утыку къихьэ префиксиал глаголхэм деплъынщ. Глагол гуэрхэр зытеухуа lуэхугъуэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэм елъытащи, ахэр ″lэры″ префикскlэ щыухуэжым деж, суффикс къалэн зыгъэзащlэ макъи къыпохьэри, мыпхуэдэхэр ″*″ нэгъыщэкlэ

къыхэгъэщащ: «lэрыин, lэрыун, lэрыуэн, lэрысыхьын*, lэрызын, lэрыдзын, lэрыгъухьын*, lэрыджыхьын*, lэрыдыхьын*, lэрыдэн, lэрытlыхьын*, lэрытlэн, lэрыжыхьын*, lэрыжэн, lэрыжьыхьын*, lэрыжьэн, lэрыщыхьын*, lэрыщэн, lэрыщlын, lэрыщlыхьын*, lэрыщlэн, lэрышэн, lэрычын, lэрычыкlын*, lэрыкlын, lэрыкlуэн, lэрыхъухьын*, lэрыхун, lэрылъэн, lэрылэн, lэрылlэн, lэрыпlын, lэрыпlыхьын*, lэрыфыхьын*, lэрывыхьын*, lэрывэн».

″lэ″р зы зэманыгъуэ пыухытыкlарэ зэ щхьэ, икlи зы lэнатlэкlэ утыку къихьэныгъэр зэрылъытэ макъ мыхьэнэ зиlэу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, ар глаголхэм мыпхуэдэкlэрэ суффикс ящыхуэхъум деж, а lуэхугъуэр мыпхуэдэ щlыкlэкlэ упщlапlэм ирегъэхьэр. Мыпхуэдэу гъэпса псалъэм теухуа lуэхугъуэр утыку къызэрихьэ упщlэу зэреджапхъэм нэмыщl, а lуэхугъуэр зыгъэзащlэмрэ зытегъэзэщlыхьым теухуа упщlэуи еджапхъэщ. Нытlэ, мыпхуэдэ лъэныкъуэхэмкlэрэ еджапхъэу ″lэ″ суффикскlэрэ гъэзащlэ упщlэр ди ″макъ глагол″ гуэрхэр зэхуэмыдэ зэманыгъуэкlэрэ зэрылажьэ щlыкlэхэм теухуа щапхъэхэу къэдгъэлъэгъуэнщ: «ин → ″иlэ, яlэ, инулэ″; ун → ″улэ, уаlэ, унулэ″; уэн → ″уэlэ, уаlэ, уэнулэ″; lун → ″lулэ, lуаlэ, lунулэ″; lуэн → ″lуэlэ, lуаlэ, lуэнулэ″; сын → ″сыlэ, саlэ, сынулэ″; сэн → ″сэlэ, саlэ, сэнулэ″; дзын → ″дзыlэ, дзаlэ, дзынулэ″».

## «И, Й, Е (ИЭ, ИЭЙ; ЭЙ, ЭЙЙ), Я (ИА, ЕА), lИ, lЕ» МАКЪ ГУПЫР

### ″И″ макъыр.

″И″р зы макъ lуэр лlэжьыгъуэщlэу ″э″м къыкlэлъыкlуэу утыку къихьауэ зы макъ lуэр лъабжьэщ. ″Ы″ нэужь къэхъуарэ абы и кlуэтэгъуэу утыку къихьа ″э″ нэужь макъыу утыку къихьащ ″и″ри, макъ геометриер зэрызэпкъырыувэ макъ lуэр къэхъуныгъэм и ещанэ лъэбакъуэу утыку къихьа ″и″р мы геометриер ″щы″пlэм зэриувэ макъыу утыку къихьащ. Мы макъищкlэрэ макъ къэхъуныгъэ геометриер ″щы″ыпlэм иувэу зэпкъырыуващ: «ы (оргин), э (ординат), и (абзсис)».

Макъ къэхъуныгъэ оргиным (ы) и кlуэтэгъуэу утыку къихьа ″э″р макъ къэхъуныгъэм и япэрей лъэбакъуэрэ етlуанэ макъ lуэру утыку къихьащи, ар (э) мы геометрием и ординату зэрылъытапхъэм хуэдэжу, абы мы и кlуэтэгъуэм теджыкlыхьрэ абы хуэпэзадэу утыку къихьа ″и″ макъри мы геометрие системэм и абзсисщ.

″И″р ″э″м къыкlэлъыкlуэрэ хуэпэзадэ къэlукlи зиlэу къэхъуа зы макъщи, къызкlэлъыкlуэ макъ ″э″р къызэрихъуа щlыкlэм ипкъ иткlэ функциал кlуэтэгъуэу зэрыщытрэ функциал зэман къалэни зыгъэзащlэращи, абы (э) къыкlэлъыкlуэрэ теджыхьыжу утыку къихьа ″и″ макъри функциал зэманыгъуэм иджыр къизыlуэ зы макъ мыхьэнэуэ

утыку къихьащ. Аращи, зэманыгъуэм щыджрэ щыIэгъуэ зиIэу утыку къихьэ дэтхэнэ гуэрыр ″и″уэ зэрылъытапхъэм езэгъ lуэхугъуэщ ″и″ макъым бзэм хигъэзэщIыхьыр. Ар (и) бзэр зэрызэпкъырыувэ дэтхэнэ зы макърэ псалъэм ипIэ иувэфу, ахэр зылъытэф макъщ. Макъ lуэр къэхъуныгъэм и оргин ″ы″ макъми, абы и кIуэтэгъуэу къэхъуа ″э″ макъми ″макъ мыхьэнэ″ яIэкъым, ауэ ещанэ макъыу утыку къихьэу макъ lуэр къэхъуныгъэр ″щы″пIэм зэриуварэ макъ геометриери ″щы″пIэ иувэу ухуэныгъэ лъабжьэр къызэрыхъуа ″и″ макъым ″макъ мыхьэнэ″ иIэщ. Мы и къэхъукIэм зэрезэгъыу, ″и″р адыгэбзэм и макъ lуэрхэм ″макъ мыхьэнэ″ зиIэ и япэрей макъщ.

Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, ″и″ макъыр псэлъэбзэ ухуэныгъэ пэщIэдзэм щхьэжу дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэрэ къызэрыгъэлъагъуэу {и(!)}, мы къигъэлъагъуэм теухуа упщIэу {и(?)} цIыхум натуралу зэрихьэу щытагъэнщ. Ар мы игъэзащIэ мыхьэнэрэ къалэнкIэрэи, кIуэ пэтрэ, бзэ лэжьэкIэм макърэ псалъэу кIэух зыхуэхъур къигъэлъагъуэу (мэи, гъуэи, lэщэи, lэщи, ари, сэри), кIэух зыхуэхъу макърэ псалъэр зытеухуар зэрыарам теухуа упщIэу {мэи(?), мэми(?), гъуэи(?), гъуэми(?)}, зы псалъэр зытеухуар а псалъэм ищхьэм къызэрыпыхьэкIэрэ къигъэлъагъуэу (ищхьэ, и щхьэ, икIэ, и кIэ, ику, и ку; ит, илъ, ис) бзэм хэлэжьыхьу щIидзагъэнщ. Макърэ псалъэхэм префиксрэ суффикс къалэни зэрыхуигъэзащIэ щIыкIэщ мыхэри, мыпхуэдэ лэжьэкIэхэм илъабжьэкIэ и гугъу щытщIынщ.

*″**И**″ макъым къытехъукI ″**макъ псалъэ**″хэр.*

И макъ мыхьэнэрэ къалэныр гурыIуэгъуэщ ″и″ми, ар дэтхэнэ гуэрыр зэрыджрэ щыджращ. Дэтхэнэ гуэрым теджыкIыхьри ″и″ макъ мыхьэнэкIэрэ къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэщи, зыгуэрыр и гущIыIукIэрэ зыгуэркIэ джын lуэхугъуэри ″и″р глаголыпкъ зыхуэхъу ″**и**н″ глаголкIэщ къызэрыIуатэр (блын джабэр ин).

Мыр зы глаголщ, ауэ мыпхуэдэ глагол формэкIэ ухуауэ щыт ″**ин**″ псалъэр ″и″ макъ мыхьэнэр нэхъыфIыу гурыIуэгъуэ зыщIыу ухуа зы псалъэу жыIэпхъэщ. Геометрие координат системэм и абзсис лъэныкъуэмкIэ джыурэ дэкIыныгъэр зи мыхьэнэщ ″ин″ псалъэри, мыпхуэдэу глагол инфинитив формэу ухуа ″ин″ псалъэм къиIуатэр абзсис лъэныкъуэу гъэзащIэ lуэхугъуэу зэрыщытыр lупщIыу утыку къырелъхьэр. Мыпхуэдэу ухуа ″ин″ псалъэр икIи ″и″м и абзсисыгъэ къалэнрэ мыхьэнэр гурыIуэгъуафIэ зыщIыу зы псалъэщ.

ЩыIэгъуэ ужьыгъуэм щыIэгъуэ зэригъуэтыр къызэрыIуатэ ″блы″ псалъэм къыкIэлъыкIэу, щыIэгъуэ ужьыгъуэр ″блы″м икIыныгъэу аргуэру зэрыужьыр къызэрыIуэтари щхьэжу зы ″макъ псалъэ″у ″**и**″р бзэм зэрыхэхьэущ. Ар мыпхуэдэу утыку къихьауэ щыту, цIыхум ″бжэн″ lуэхур къигъэунэхуа нэужь, зы бжыгъэр (8) мы ″и″ псалъэмкIэщ зэрылъытари, мыбы иужьым ″**и**″р щхьэж зы ″макъ псалъэ″ бзэм щызекIуэу зэрыхэтар

зы бжыгъэцlэущ. Аращи, ″и″р зы ″макъ псалъэ″у утыку къызэрихьамрэ бзэм зы бжыгъэцlэу щызекlуэу зэрыщlидзам я зэхуакум зэманыгъуэфl зэрыдэлъыр гурыlуэгъуэщ.

*″**И**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэрауэ *″**и**″* макъым къытехъукla *″**макъ псалъэ**″*хэм *нэгъуэщl* ***макъхэр къапыхьэу*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ* ***ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″**И**н″ глаголым къиlуатэ lуэхугъуэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэрэ зыдэгъэзащlэр абы префикс хуэхъу макъхэмкlэщ зэрылъытэр. Я макъ мыхьэнэм елъытауэ утыку къыралъхьэ формэм иту ″ин″ глаголыр зэрыгъэзащlэр абы префикс хуэхъу макъхэращи, мы макъхэр префикс зыхуэхъурэ префиксиалу зэрыухуэжкlэрэ ″ин″ глаголым къытехъукlыж щапхъэхэщ мыхэр: «иин, lуин, гуэин, дэин, теин, щlэин, кlэрыин, къэин, къуэин, хэин, хуэин, пыин, фlэин, нэин».

″Ин″ глаголыр гъэзащlэу зэрыщытыр ″и″м ″э″ къыпыхьэжущ (иэ → е) къызэрыlуатэри, мыпхуэдэу утыку къихьэ ″ен″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэкlэщ нэхъыбэу бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. Аращи, ипэкlэ къэта префиксиал глаголхэр икlи гъэзащlэу зэрыщыткlэрэ ″ин″ глаголыпкъыр ″иэ-н″у лажьэу мэухуэжри, мыхэр икlи ″е″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьми зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ: «иен, lуен, гуэен, дэен, теен, щlэен, кlэрыен, къэен, къуэен, хэен, хуэен, пыен, фlэен, нэен».

″Ин″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэу суффикс макъкlэрэ лажьэуи зэрыухуэжым теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «ижын, ифын, ищэн, иlуэн: дэижын, дэифын, дэищэн, дэиlуэн; ииххэн, дэиххэн, щlэиххэн, хэиххэн».

Глагол инфинитив формэу ухуа ″**ин**″ псалъэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм теухуа щапхъэхр: «гъэинин, хуэинын, хуэин, фlэинин, фlэин; иныIихуэ, иныжь, иныlуэ, иныщэ».

″И″р и макъ мыхьэнэм ипкъ иткlэ, абзсисрэ джыгъуэщи, мыпхуэдэу щыlэгъуэрэ къэхъуныгъэм теухуауэ къиlуатэр иужькlэ бзэм зы бжыгъэцlэу зэрыхэхьар гурыlуэгъуэщ. Зы бжыгъэцlэу щыт ″**и** (8)″р бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «е (″и″уэ щыт, ″и″кlэ, ″и″рэ), икlэ (8-кlэ), иуэ (8-уэ), икlэрэ (8-кlэрэ), янэ (ианэ: 8-нэ), янэрей (8-нэрей), еянэ (еианэ: е″8″-а-нэ), еянэрей (е″8″-а-нэрей)»

*″**И**″м къытеухъукla **″макъ псалъэ″**хэр зыхэту ухуэ **″псалъэ зэгуэт″***хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″**И**н″ глаголым къыпыхьэ псалъэхэмкlэ ухуэж ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэхэщ мыхэр: «″и(н), щlэ″ → ищlэ; ″и(н), щlэ″ → я-гъэ-щlэ → ягъащlэ; ″блын, и(н)″ → блыный, блыные».

″**Ин**″ псалъэр зытеухуар къызэрыlуатэр ″псалъэ зэпха″уэщи (lуэху ин, ин дыдэ), абы къыпыхьэу ″псалъэ зэгуэт″ ухуэкъым.

Зы бжыгъэцlэу щыт ″**и** (8)″р зыхэт ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэхэщ мыхэр: «″пщlы (10), и (8)″ → пщlы-кlу-и → пщlыкlий (18); ″и (8), щlы(н)″ → ищl (80); ″пщlы (10), и (8)″ → пщlей (″пщlы″уэ и: 80)».

*″**И**″ макъыр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

Джыпlэрэ джыгъуэ зи мыхьэнэ ″и″ макъыр джарэ щыlэгъуэ зыгъуэта дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэ макъ мыхьэнэщи, дэтхэнэ зы псалъэр зытеухуауэ зыхуэджыр зэрылъытэрэ къызэрыгъэлъагъуэри ″и″ макъкlэрэщ. Зыгуэрыр зэрыщыткlэрэ мыпхуэдэу къызэрыгъэлъагъуэр а гуэрыр къызэрыlуатэ псалъэм ищхьэм ″и″р къызэрыпыхьэкlэрэщ: «и анэ, и адэ, и бын, и къуэ, и пхъу, и щхьэ, и пкъы, и лъэ».

″И″р щхьэжу ищхьэмкlэ къыпыхьэу къэгъэлъэгъуа мы псалъэхэр щыlэцlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, дэтхэнэ зы щыlэцlэр зытеухуарэ зэпхар къызэрыlуатэ псалъэм ипlэ иувэн къалэнщ мыбдежым ″и″м игъэзащlэр. Ауэ ″и″м ипэкlэ а псалъэми зыкъигъэлъэгъуэфынщи, мыпхуэдэуи зы ″псалъэ зэпха″ зэрыухуэнур гурыlуэгъуэнщ: «абы и анэ, абы и адэ, абы и бын, абы и къуэ, абы и пхъу, абы и щхьэ, абы и пкъы, абы и лъэ».

″И″м мы игъэзащlэ къалэныр ар къызэрыхъуарэ и мыхьэнэращ зэлъытарэ къызтехъукlри, дэтхэнэ гуэрыр зэрыджрэ джыпlэу щытыр зи мыхьэнэ ″и″р сытым елъытауэ зэхуэдэу объективыгъэ зиlэрщ. Дэтхэнэ гуэрыр зы джыгъуэрэ джыпlэу зэрыщыткlэрэ сытри объективу зэрылъытапхъэр ″и″уэщ. Объективыгъэр дэтхэнэ гуэррэ хэткlи зэхуэдэщи, ″сэ″м елъытауэ къэмыlуэтапхъэрэ ″сэ″р зыхэтым хуэдэу субъективыгъэ зиlэу щымытращ. Мыпхуэдэр щхьэж къэхъукlэрэ щыlэкlэ зиlэу лъытапхъэращи, ″и″м игъэзащlэу зи гугъу тщla мы щапхъэхэр ″сэ″м дежкlэ адрейуэ щытрэ ″сэ″м и субъектывыгъэм имытым зэрыхуэфlри гулъытапхъэщ. Аращи, мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу ″и″м игъэзащlэ къалэнымрэ, мыпхуэдэуи ухуа ″псалъэ зэпха″уэ къэта щапхъэхэр ″ещанэ нэрыбгэ″м зэрытеухуар гулъытапхъэщ. Аращи, ″и″р къызэрыхъуарэ и макъ мыхьэнэм зэрелъытащи, занщlэу ″ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэ″ къалэни игъэзащlэу бзэм холэжьыхьыр. ″И″р зи гугъу тщla и макъ мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэщ занщlэу ″ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэ″ къалэни игъэзащlэу бзэм щызэрызекlуари, мыр къызхэкlар ″и″мрэ ещанэ нэрыбгэр зэхуэбгъэдэн пэлъытэу объективыгъэ зэраlэращ. Ауэ ″и″р хэткlи зэхуэдэныгъэ зиlэу джыпlэрэ джыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ″и″м и мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэ мыбдежым занщlэу игъэзащlэ къалэныр адрей нэрыбгэхэм теухуауэ гъэзэщlэфын папщlэ, ″и″р субъективыгъэ зиlэ нэрыбгэхэр зэрылъытэ ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″хэмкlэ лъытэжын хуейщ: ар (и) субъективыгъэ зиlэ нэрыбгэхэм теухуа ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″кlэрэ къэlуэтэн хуейщ. Нытlэ, ипэкlэ къэтарэ ещанэ нэрыбгэм хуэlуа хъуа щапхъэхэр адрей нэрыбгэхэм теухуауи къэдгъэлъэгъуэнщ: «си анэ, уи адэ, ди бын, фи къуэ, си пхъу, уи

щхьэ, ди пкъы, фи лъэ»; «сэ си анэ, уэ уи адэ, дэ ди бын, фэ фи къуэ, сэ си пхъу, уэ уи щхьэ, дэ ди пкъы, фэ фи лъэ».

Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, псалъэ мыхьэнэр зытеухуарэ зейр псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэрэ щхьэхуэу тха ″и″кlэрэщ къызэрыlуатэр. Мы псалъэхэр щхьэж щыlэгъуэ зиlэу лъытапхъэхэр къызэрыlуатэ псалъэхэу зэрыщытри гулъытапхъэщи, мыбы зэрезэгъкlэщ а псалъэ мыхьэнэр зэмыхъуэкlыу ар зытеухуарэ зейр зэрылъытэ ″и″р псалъэм пымытрэ щымыщу щхьэхуэу зэрытхар. Ауэ мыпхуэдэу зытеухуарэ зэпхар къиlуатэу ″и″р псалъэм ищхьэм къыпыхьэрэ щыщу ухуэ псалъэхэр щыlэщи, мыпхуэдэ псалъэхэр ″и″м къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэ мыхьэнэр зытеухуарэ зэпха гуэрыр къэзыlуатэ псалъэщ: «игу, ику, икlэ, иужь, ипэ, ибгъу, ипlэ, ифэ, ищхьэ, илъабжьэ, ищхьэрэ».

″И″кlэ къежьэу ухуа мы псалъэхэм къаlуатэр ″и″м къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэр зыгуэрым зэрытеухуарэ зэрепхауэ зэрыщытращи, ар зытеухуарэ зэпхар абзсисыгъэ зи мыхьэнэрэ дэтхэнэ джыгъуэрэ гуэрыр зэрылъытэ ″и″кlэрэщ гурыlуэгъуэ зэрыщlыр. ″И″м гурыlуэгъуэ къытхуищl а зытеухуарэ зэпхар наlуэу зы псалъэкlэ къыщыlуатэм деж, ″и″кlэрэ къежьэ мы псалъэхэр зытеухуа псалъэр ″и″м ипlэ иувэу зэрыухуэфынур гурыlуэгъуэнщ. ″И″кlэрэ къежьэу мы зи гугъу тщla псалъэхэм зытеухуарэ зэпха гуэрыр цlэимыlуэу ″и″кlэрэ гурыlуэгъуэ къещlри, ахэр щхьэж щызекlуэкlэ зы лъэныкъуэ цlэпапщlэщ, ауэ ″и″м ипlэкlэ псалъэ къыпыхьэу щыуэхуэм деж, а псалъэ мыхьэнэм и гъунэ лъэныкъуэ lыхьэр къызэрыlуатэущ зэрыухуэжыр. Мыбыхэм теухуа щапхъэхэр а макъхэм дыщытепсэлъыхьым деж къыщытхьынущ; ″и″кlэ къежьэ мы псалъэхэр щхьэжу зэрызекlуэмрэ ″и″м ипl къиувэ псалъэхэм и кlэухыу зэрызекlуэ мыхьэнэр зэрызэхъуэкlыри (зыр лъэныкъуэрэ lыхьэ, адрейр lыхьэ) хэтыжу, мыбыхэм теухуауэ мыбдежым щыжытlахэр гурыlуэгъуэ ищlыну щапхъэхэри къэтхьынщ: «щlы(лъэ)м игу → щlыгу; дэм ику → дэку; псалъэм икlэ → псэлъэкlэ; лъэм иужь → лъэужь; псалъэм ипэ → псэлъэпэ; lэнэм ибгъу → lэнэбгъу; жыlэн ипlэ → жыlэпlэ; жьым ифэ → жьыфэ; ищхьэ → псалъэм ищхьэ → псэлъащхьэ»; «мы зи гугъу тщla мыхьэнэкlэрэ ″илъабжьэ, ищхьэрэ″ псалъэхэр бзэм нэхъыбэу лъэныкъуэ плъыфэцlэу щхьэжу щызокlуэр».

Лъэныкъуэ плъыфэцlэ лъэужьыгъуэу мы къэта псалъэхэм хуэдэ ухуэкlэ зиlэу зы псалъэщ ″ижь″ри, ар блэкlарэ жыжьагъ зиlэр зэрылъытэрэ къызэрыlуатэу бзэм зэрыхэлэжьыхьыр: «ижь, ижьыж; ижь ижьыж лъандэрэ...».

Псалъэ къэlуатэм икlэм псалъэ къыпыщэжыныр а къэlуэтам ″икlэ″у зэрыщыткlэрэ къызэрыпыщэжыр ″икlи″ псалъэмкlэщ къызэрыlуатэри, ″э″м ″и″ макъ къыщыкlэлъыкlэм щыгъуэ ″э″р зэрыпыхукlэрэ ухуа зы псалъэщ: «икlэи → икlи». Икlи, ″икlи″ псалъэр къызэрыхъуа щlыкlэр къэlуэта псалъэм икlыныгъэкlэрэ ухуауи лъытапхъэщ: «икlи». Мыпхуэдэ

къэхъукlэ зиlэу ухуарэ бзэм зы псалъэу хэлэжьыхьу щlэзыдза ″икlи″ псалъэм езыри ″и″ кlэухкlэрэ зэрыгъэлъэгъуэжуи бзэм холэжьыхьыр: «икlии».

″И″кlэ къежьэу ухуэ мы псалъэхэр макъ мыхьэнэкlэрэщ зэрыухуарэ зэреджапхъэр. Икlи, мы псалъэхэм щыщ гуэрхэр ″и″м къыкlэлъыкlуэ макъхэм яухуа псалъэхэу щытщи, а псалъэхэм къаlуатэ лъэныкъуэращ ″и″р зыпыту къэlуэтауэ мы зи гугъу тщlарэ къэта псалъэхэр зытеухуар. Ауэ, ″и″м къыкlэлъыкlуэ макъхэмкlэ ухуауэ зи гугъу тщlы псалъэхэр и мыхьэнэкlэрэ зытеухуар къэгъэлъэгъуэн хуей щыхъум деж, ″и″р а псалъэм пымыхьэрэ щымыщу, абы ищхьэмкlэ зыкъызэригъэлъэгъуэнури гурыlуэгъуэщ: «и гу, и ку, и кlэ, и пэ, и пlэ, и фэ, и щхьэ, и лъабжьэ, и бгъу».

Лъэныкъуэ къизыlуэ псалъэ гуэрхэр ипэкlэ къызэрыта щlыкlэу ″и″кlэрэ къежьэу къызэрыlуэтэфым нэмыщl, а лъэныкъуэр зытеухуа щlыпlэр щхьэж къызэрыlуатэ псалъэу, абы ″и″р пымыхьэуи къэгъэлъэгъуапхъэщ: «ищlагъ – и щlагъ, ищхьэщыгу - и щхьэщыгу, и гущlыlу».

″Ижь″рэ ″сэмэгу″р зы пкъыгъуэм и бгъуитl лъэныкъуэр зэрылъытэ псалъэхэщ. Ауэ а лъэныкъуитlым зыр ″ижь″рэ адрейри ″сэмэгу″у зэрылъыта щlыкlэм щыгъуазэ хуэхъун хуейщ. Аращи, зэрыухуэ макъхэм гулъытэ щыхуэпщlым деж, джыгъуэрэ джыпlэ мыхьэнэ зиlэ ″и″ макъкlэ къежьэрэ хьэрычэт зи мыхьэнэ ″жь″ыкlэрэ лажьэу ″ижь″ псалъэр джыныгъэ хьэрычэтрэ джыным хуэфl лъэныкъуэр зэрылъытарауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ижьым и пхэндж лъэныкъуэу щытри ″сэмэгу″ущ зэрылъытарэ къызэрыlуатэри, ар ″ижь″ым хуэдэу хьэрычэтрэ джыныгъэм теухуауэ зэрымылъытар гурыlуэгъуэщ. ″Сэмэгу″ псалъэри сытри зынэсу (с) щыт (сэ) пкъыгъуэ лъэныкъуэ lэнатlэу (гу) лъытапхъэщи, сынрэ нэсыныгъэр джыным ипэ къихуэу зэрыщытрэ ″гу″ри джыпlэрэ мыувыlэу джыр къизыlуэ макъ мыхьэнэуэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Ар щыхъукlи, ″сэмэгу″р сытри зынэсрэ пкъыгъуэм зыхищlапlэу лъытапхъэщ, а лъэныкъуэр икlи псэущхьэм и пкъыгъуэ лъабжьэу зы lэпкълъэпкъыу щыт ″гу″ри зыдэщытращ.

Дэтхэнэ зы пкъыгъуэр а нэхъ мащlэу лъэныкъуитl зиlэрщи, дэтхэнэ и зы лъэныкъуэр щхьэж зэрылъытэр ″бгъу″уэщи, а гуэрым и ″бгъу″ лъэныкъуэри ″ибгъу″ущ зэрылъытэр. Зыгуэрым ″ижь″ымкlэ щыт и ″бгъу″ лъэныкъуэ ибгъур ″ижьрабгъу″ущ къызэрыlуатэри, зэмэгумкlэ къыщынэ и ″бгъу″ лъэныкъуэ ″ибгъу″р къызэрыlуатэри ″сэмэгурабгъу″ущ.

″И″кlэрэ къежьэу ухуэ псалъэхэр джыпlэрэ джыгъуэ мыхьэнэкlэрэ къежьэу зэрыухуэр гурыlуэгъуэщи, ″и″кlэрэ къежьэу ухуарэ лъэныкъуэ къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр а лъэныкъуэр зытеухуа щlыпlэр зэрыджрэ щыджыпlэр къизыlуэу ухуэ псалъэхэщ. ″И″кlэрэ къежьэу ухуэ мы

псалъэхэм елъытауэ нэхъри псалъэм щыщрэ псалъэ мыхьэнэр зэрыджым лъабжьэ дыдэ хуэхъуу ухуэ псалъэхэри щыlэщ. Аращи, зыгуэрыр зыгуэрым теухуарэ зэрыхуэlуар "и"кlэрэ къежьэу къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщи, нэгъуэщl гуэрым хуэlуарэ абы папщlэ щыlэныгъэ зиlэр, икlи мыпхуэдэ щlыкlэкlэ зыгуэрым зы плъыфэ къищтэныр къызэриlуатэкlэрэ мыхьэнитl зиlэ псалъэу мы ухуар икlи "и" макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэфl зыщl зы псалъэщ: «иlэн».

Мыбы нэмыщlыу, "и"кlэрэ къежьэ псалъэхэми и нэхъыщхьэуи лъытапхъэрэ, "и" макъ мыхьэнэри а нэхъ гурыlуэгъуафl зыщl зы псалъэ иlэщ адыгэбзэм: «иджы». Зэрыгурыlуэгъуэу "иджы"р сытри щыдж зэманыгъуэращи, ар къызэрыlуатэ "иджы" псалъэр "зэман"у ялъыта функциал кlуэтэгъуэм щыдж абзсисыр зэрыджыр къизыlуэ псалъэщ.

Утыку къихьэрэ щыlэгъуэ зыгъуэт дэтхэнэ гуэрыр зы джыгъуэрэ абзсисыгъэу зэрылъытэм ипкъ иткlэ, зы джыгъуэрэ джыпlэри "и" макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщи, щыгъэзащlэ щlыпlэр къыриlуэу "и"р глаголхэм префикс язэрыхуэхъуфынур гурыlуэгъуэщ. Ауэ "и" префиксым къигъэлъагъуэр зыгуэрыр щыгъэзащlэ щlыпlэ закъуэу зэрыщымытыр гурыlуэгъуэщи, "ихьэн" глаголым префикс хуэхъу "и"р икlи суетым теухуащ, икlи а lуэхур зытеухуауэ зыхуэгъэзащlэм теухуащ. Мы псалъэм къызэрыгуэкlщи, "ихьэн" глаголым и префикс "и"р зы суетыр (и) зы щlыпlэм зэрихьэри, а суетыр зы щlыпlэм (и) зэрихьэри, а суетым зыгуэрыр (и) зы щlыпlэм зэрырихьэри къэзыгъэлъагъу префикс къалэн зыгъэзащlэу еджапхъэщ. "И"р глаголхэм префикс язэрыхуэхъу щlыкlэм илъабжьэкlэ абы "префикс – суффикс къалэн" зэригъэзащlэм деж, икlи нэхъыбэу глагол лэжьэкlэхэм теухуа лэжьыгъэ lыхьэм деж щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Ауэ мыпхуэдэу дэтхэнэ гуэрыр объективрэ цlэимыlуэу "и"кlэрэ къызэрыгъэлъагъуэм и лъабжьэр "и"м и мыхьэнэм теухуарэ зэлъытар гурыlуэгъуэщи, дэтхэнэ гуэрыр мыпхуэдэу объективу къызэригъэлъэгъуэфым папщlэщ "и"м икlи "ар, абы" цlэпапщlэ гъэлъагъуэ къалэн зэригъэзащlэр. Аращи, мы "цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"у зэрыщытрэ ещанэ нэрыбгэм игъэзащlэрэ теухуауэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэри "и"р псалъэхэм префикс зэрыхуэхъукlэрэ къызэрыlуатэм ипэкlэ и гугъу тщlагъэххэщ. "И"р мыпхуэдэ щlыкlэхэу префиксу глаголхэм къазэрыпыхьэм теухуа щапхъэхэр абы игъэзащlэ "префикс – суффикс къалэн"хэу илъабжьэкlэ къыщытхьынщ. Ауэ зыгуэрыр "зыдж, зыщыдж, зэрыдж"ыр "и"кlэрэ префиксиалу ухуэу утыку къихьэ глаголхэр щыlэщи, мыпхуэдэу утыку къихьэ глаголхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «исын, итын, исын, ицlын – ицlэн, изын, игуэн, ихын, инэн».

"И"р зы джыгъуэрэ джыпlэу зэрыщытым папщlэщи, зыгуэрыр зы джыгъуэу къызэрыхъуращ "и" префиксым игъэзащlэр. Къигъэлъагъуэрэ зытеухуар мынаlуэу зэрыщыткlэрэ "и"р префикс щыхъум деж, префикс зыхуэхъуа глаголыр "зыгъэзащlэ, щыгъэзащlэ, зэрыгъэзащlэ"р

къегъэлъагъуэфри, мыхэр зэхэгъэкlарэ зэпыщlауэ къэгъэлъэгъуэн lуэхугъуэри ″и″ зэпыщlар префикс зэрыхъукlэрэ къогъэлъагъуэр. Мыпхуэдэ зы щапхъэщи, ″и″р щхьэжу префикс зэрыхъум нэмыщl, ″ири, ирыри″уи префикс яхуохъуфыр глаголхэм. Аращи, псалъэм папщlэ, ″ири″ префикскlэрэ къэгъэлъагъуэр ″зы гуэрыр зыгуэркlэ зэрыгъэзащlэр; зыгуэрыр зы щlыпlэ щыгъэзащlэр; зыгуэрым зыгуэр зэригъэзащlэр; зыгуэрым зы щlыпlэ щигъэзащlэр″ мыхьэнэхэу еджапхъэщ. Мы псалъэхэм къызэрыхэщщи, ″и″ префикскlэ ухуэ дэтхэнэ зы глаголыр икlи ″ири, ирыри″ префиксхэмкlэрэи мэухуэфыр. ″Ири″р утыку къихьагъэххэ глаголхэм префикс язэрыхуэхъум нэмыщl (мыпхуэдэ префикс щапхъэхэри илъабжьэкlэ къэтынущи), мыпхуэдэуи ухуэу утыку къихьэ глаголыщlэхэри щыlэщи, мыпхуэдэ щапхъэщ мыр: «ирикъун».

Зэрыгурыlуэгъуэщи, дэтхэнэ зы джыгъуэр къэзыгъэлъагъуэ ″и″р префикс щыхъум деж, а lуэхур ″зыгъэзащlэ, щыгъэзащlэ, зэрыгъэзащlэ″м дэтхэнэ зыр цlэимыlуэкlэ къэгъэлъэгъуэн къалэнщ гъэзащlэри, ″и″кlэрэ къэгъэлъэгъуа мыпхуэдэ дэтхэнэ зыр икlи нэхъ наlуэу къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэщ. Аращи, псалъэм папщlэ ″ири″уэ ухуауэ мы къэта щапхъэр икlи ипэрей ″и″м ипlэ иувапхъэ нэгъуэщl префикс макъкlэрэи къэlуэтэфынщ: «хурикъун».

″И″ макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, ар кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэ мыхьэнэр аргуэру джыжынщ. Мыпхуэдэ лэжьэкlэр псалъэхэм теухуауэ зэрыгъэзащlэр суффикс къалэну зэрыщытынур гурыlуэгъуэщи, абы теухуа щапхъэхэр илъабжьэкlэ къэтхьынщ, ауэ мыбдежым ″и″р кlэух зыхуэхъу макъхэмкlэ ухуэу утыку къихьэ псалъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″И″ абзсисыгъэу зэрыщытым къызэрыгуэкlщи, ар кlэух зыхуэхъу макъ мыхьэнэр абзсис лъэныкъуэу мэджыр. Ар щыхъукlи, зи кlэух макъым елъытауэ джыгъуэрэ къэхъуныгъэ зиlэу, укъуэдиныгъэ зиlэу, дэlэтеиныгъэрэ дэкlуеиныгъэ зиlэ щlыкlэу гъэзащlэ псалъэхэр утыку къохьэр. Мыпхуэдэу ″и″р зи кlэухыу ухуа глаголхэм теухуа щапхъэхэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэкlэ гуп гупу къэтхьынщ.

″И″р абзсисыгъэрэ функциал кlуэтэгъуэу щыт зэманкlэрэ джырэ утыку къихьэращи, ар икlи зэманыгъуэм къихьрэ субъективу мыгъэзащlэращ, ар сытрэ хэткlи объективыгъэ зиlэу утыку къихьэращ. Ар зэманыгъуэм къихьращ илъабжьэкlи, къызпкъырыкlрэ къызхэкlым теджыкlыхьрэ утыку къихьэри а зытеджыкlыхьым и абзсисыгъэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэу ухуауэ лъытапхъэ псалъэхэщ мыхэр: «еин, хуеин (еиныгъэкlэ хущlэкъун)».

″Еин″ псалъэр мыхьэнищ зиlэу гурыlуэгъуэ мэхъури, абы мы и мыхьэнищыр ″и″м и кlуэтэгъуэ (э) макъыу утыку къихьа ″е″ макъым теухуа лэжьыгъэм деж щызэпкъырытхынщ. Мыбдежым ″и″ макъ кlэухкlэрэ ухуэ псалъэхэм деплъынщ.

Аращи, зыгуэрым къытеджыкlрэ къытехъукlыр а гуэрыр зэрылъытэ макъ мыхьэнэм ″и″р къызэрыпыхьэжкlэрэ ухуэ псалъэхэмкlэ къэlуэтапхъэщи, къытехъукlыныгъэр щхьэж зы псалъэу ″и″ кlэухкlэрэ (мыбдежым ″и″ эффект ″й″кlэрэ) къэlуэтагъэххэхэр (фlей, лей, хей, жей) зэрыгъэзащlэ глаголхэщ мыхэр: ″фlей хъун″ → фlеин – уфlеин; ″лейуэ щытын″ → леин; ″хейуэ щытын″ → хеин; ″жейм хуэкlуэн″ → жеин».

Мыбыхэм хуэдэрэ къыкlэлъыкlуэу, зы lуэхугъуэр гъэзащlэу пыщэныгъэ къэхъунри ″и″ кlэухкlэрэ ухуэ глаголхэщ мыхэри: «lуеин (lууэ щытыныгъэу ″lуей″ макъ къигъэкlын), гъеин (гъыныр пыщэн, зыгуэрым теухуауэ гъын)».

Зыгуэрым хуэмыфlрэ а гуэрым елъытауэ ужьыгъуэ зыгъуэтыр а гуэрым хуэ″бий″ращи, мыр зэрыгъэзащlэ глаголри ″биин″ращ.

Зыгуэрыр ипlэм икlрэ абзсис лъэныкъуэу зэрыджрэ зэрыдэlэтейри ″и″кlэ гъэзащlэ lуэхугъуэщи, къызпыхьэ макъ мыхьэнэм елъытауэ ″и″кlэрэ гъэзащlэу ухуэ глаголщ мыхэр: «хъеин, лъеин, фтыреин пlиин, тlиин, тlеин, еупсеин, дэуеин, дэкlуеин».

Лъабжьэрэ къэхъупlэ макъ мыхьэнэщ ″хъ″ыри, ар щыlэгъуэ зиlэм пlэ зэрыхуэхъукlэрэ зэрылъытам къызэрыгуэкlкlэ, зыгуэрыр зэрыхъун хуейрэ зэпlэзэрытыпlэм зэрикlыр мыпхуэдэщ къызэрыlуатэр: «хъий: хъийм икlын».

Къыхэlукl макъыр псыгъуэрэ дэкlыу зэрыщытри, мыпхуэдэ хэlэныгъэ зиlэнри къызэрыlуатэр ″и″ кlэухкlэрэ ухуэ псалъэущ: «кlиин, фиин, ткlиин».

″Д″ым и макъ мыхьэнэр зэхэлъыныгъэрэ быдагъэу зэрыщыткlэрэ, зы ткlуатlуагъэ зиlэм быдагъ къищтэнкlэ зэрыджыр ″д″ым ″и″ кlэух къыпыхьэу ухуэ мы псалъэмкlэщ: «диин».

Мы щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэщи, къызкlэлъыкlуэ макъым и мыхьэнэми елъытащ ″и″р абы кlэух хуэхъуу ухуэ псалъэм и мыхьэнэр. Аращи, лъэгапlэрэ дэкlыныгъэ зи мыхьэнэуэу ухуа мы псалъэхэм къыщымынэу, къызкlэлъыкlуэ макъ мыхьэнэм елъытауэ зы линием тету кlуэтэныгъэу къэхъурэ джыри ″и″ кlэух зиlэ глаголхэмкlэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ: «шиин, укъуэдиин, кlуриин».

″Бзэгу″р зэрыукъуэдийрэ зэрышийкlэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэри мы къэта щапхъэхэм ещхьущ къызэрыlуатэр: «бзеин - ебзеин».

Зыгуэрым теджыкlыхьыр къызэрыlуатэ щlыкlэу бзэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыlуэгъуэщ ″и″ макъри, мыпхуэдэу къэхъур сытым дежи зы джыгъуэрэ ужьыгъуэу лъытапхъэкъым. Аращи, еджыхынрэ хэщlыныгъэу къэхъу джыгъуэхэри ″и″ макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуэтапхъэщи, мыпхуэдэу зы плъыфэкlэ иlэнрэ зэманкlэрэ лажьэу жьы зэрыхъум къихь lуэхугъуэхэри ″и″ макъ мыхьэнэкlэрэ лажьэ псалъэхэу къоlуатэр: «лъиин – улъиин, укъуеин».

″И″ кlэух зиlэу глагол формэм итрэ мыглаголу щыт псалъэхэри щыlэщ: «щlэин - щlеин, къиин».

И макъ мыхьэнэм елъытащи, ″и″р кlэух зыхуэхъу дэтхэнэ гуэрыр зэрыджрэ абзсисыгъэ зэригъуэтыр къегъэлъагъуэр. Ар дэтхэнэ зы псалъэм суффикс зэрыхуэхъуфыр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьыр илъабжьэкlэ кътащ. Ауэ мы ипэкlэ къэтауэ ″и″р зи кlэухыу ухуа псалъэхэми зэрыхэплъагъуэу, щlыкlэрэ къарактеристикэ зи мыхьэнэ дэтхэнэ псалъэм ″и″р кlэух хуэхъуфу, мыпхуэдэ щlыкlэрэ теплъэ зэриlэр къызэрыlуэтэфыр гулъытапхъэщ. Адыгэбзэм имызакъуэу, ″и″р мыпхуэдэ мыхьэнэ зэридж щlыкlэкlэ индея-евопэбзэ псалъэхэм я кlэухыу зэрыхэлэжьыхьри гулъытапхъэщ.

*″**И**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

Зы lуэхугъуэм и къэхъупlэр ″и″кlэрэ къызэрыгъэлъагъуэу дэтхэнэ зы lуэхур зы щlыпlэм къыщекlуэкlыу къызэрыlуатэри а lуэхур къизыlуэ глаголым ″и″р префикс зэрыхъукlэрэ къоlуатэр. Мыпхуэдэ щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ, икlи глагол гуэрхэр зытеухуа lуэхугъуэр мыпхуэдэ зы щlыпlэм зэрыгъэзащlэ щlыкlэр суффикс гуэрхэмкlэщ къызэрыlуатэри, мыпхуэдэхэри ″*″ нэгъыщэкlэ къыхэдгъэщынщ: «иин, иун, иlун, иlуэн, исыхьын*, изын, идзын, игъыхьын*, игъухьын*, иджыхьын*, иджэн, идыхьын*, идэн, итыхьын*, итlыхьын*, итlэн, ижыхьын*, ижэн, ижьын, ижьыхьын*, ищыхьын*, ищэн, ищlыхьын*, ищlэн, ишэн, ичын, ичыхьын*, икlын, икlыхьын*, икlуэн, икlухьын*, ихъухьын*, ихун, илъэн, илэн, илlэн, ипlыхьын*, ифыхьын*, ивыхьын*, ивэн».

″И″р джыгъуэрэ джыпlэщи, ар джырэ утыку къихьэ гуэрыр дэнкlэрэ хэткlи объективыгъэ зиlэ джыгъуэщ. Мыбы зэрезэгъкlэрэи, ″сэ″р зыхэтрэ ″сэ″м дежкlэ субъективыгъэ зиlэ нэрыбгэхэм щымыщу, ″сэ″м дежкlэ объективыгъэ зиlэ ещанэ нэрыбгэм игъэзащlэ lуэхур ″и″рэ абы къытехъукlа макъхэу ″е (иэ)″рэ ″я (иа)″кlэрэ къэlуэтапхъэщ. Мы псалъэм къызэрыхэщрэ ″и″р абзсисыгъэрэ джыгъуэ мыхьэнэуэ зэрыщыткlэрэ, ещанэ нэрыбгэм игъэзащlэ lуэхуращ абы теухуа ″нэрыбгэ гъэлъагъэ″ур ″и″м къыщыриlуэри, ″ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэ″у ″и″р префикс зыхуэхъуу зи гугъу тщlыну глаголхэр ″lуэху глагол″ лlэужьыгъуэхэращ. ″Езырыж глагол″ лэжьэкlэм и ″ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэ″р ″мэ″щ. Мыбдежым ещанэ нэрыбгэм игъэзащlэрэ абы теухуауэ гъэзащlэр ″ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэ″у ″и″р префис зыхуэхъу глаголхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ. Ауэ икlи ″и″р джыгъуэ къэзыгъэлъагъуэ макъ мыхьэнэуэ зэрыщытым ипкъ иткlэ, глаголыр ещанэ нэрыбгэм теухуауэ зэрыгъэзащlэрэ зэрылажьэр ит зэманыгъуэу щыгъэзащlэ дыдэу щытын хуейкъым; апхуэдэр екlуэлlэныгъэкlэщ (е) зэрыгъэзащlэр. Нытlэ, мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ зэращlщи, ″lуэху глагол″хэращ ″и″р префикс зыхуэхъур, икlи ″и″р префикс зыхуэхъу дэтхэнэ глаголри ″lуэху глагол″

лIэужьыгъуэу къоIуатэр. Аращи, ди ″макъ глагол″хэм щыщрэ ещанэ нэрыбгэм теухуауэ ″Iуэху глагол″ лIэужьыгъуэу гъэзэщIэкIэ зиIэ глаголхэр инфинитиврэ ит зэманыгъуэм нэмыщI лэжьэкIэу зэрыухуэхэм ″и″р ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэу префикс язэрыхуэхъум теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ.

Инфинитиву гъэпса глаголхэм ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэу ″и″р префикс хуэхъуу ухуэ псалъэхэр икIи ещанэ нэрыбгэм игъэзэщIапхъэу къыпэщыт Iуэхугъуэ зи мыхьэнэ псалъэхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, мыри мыпхуэдэу ухуэ псалъэхэм ягъуэт етIуанэ мыхьэнэщ: «иин, иун, иIун, иIуэн, исын, изын, идзын, игъын, иджын, иджэн, идын, идэн, итын, итIын, итIэн, ижын, ижэн, ижьын, ижьэн, ищын, ищэн, ищIын, ищIэн».

Ит зэманыгъуэм нэмыщI ″Iуэху глагол″ лэжьэкIэхэм ″и″р ″ещанэ нэрыгъэ закъуэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″у къызэрыпыхьэм теухуа щапхъэхэри зэхуэмыдэ лэжьэкIэхэм теухуауэ къэтхьынщ: «иящ, иунщ, иуэнущ, иIуащ, иIуэнщ, исынущ, изащ, идзынщ, игъынущ, идащ, идэнщ, итынущ, итIащ, итIынщ, ищынущ, ищащ, ищIынщ, ищIэнущ»

Глагол лэжьэкIэрэ глаголыпкъым ″и″р префиксу къыщыпыхьэкIэ, а глаголыр зытеухуа Iуэхур гъэзэщIэн гугъэрэ хуеиныгъэ мыхьэнэ мэгъэзащIэри, мыпхуэдэу зэрыхъун гугъэр къыхуэхъулIэныгъэ жыIэкIэу ухуэ псалъэхэр ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ: «ий, иу, иуэ, иIу, иIуэ, ис, из, идз, игъ, игъу, идж, иджэ, ид, идэ, ит, итI, итIэ, иж, ижэ, ижь, ижьэ, ищ, ищэ, ищI, ищIэ, ишэ».

″И″р префикс зыхуэхъу глаголхэр зыгуэрыр зэрыгъэзащIэрэ зы щIыпIэм щыгъэзэщIэныгъэр хиубыдэу лъэныкъуитI мыхьэнэ иIэу зэреджапхъэр гурыIуэгъуэщи, мыбыхэм теухуа щапхъэхэри къэтащ. Мыпхуэдэу зыгуэрыр зыгуэркIэ зы щIыпIэ щызэрыгъэзащIэри ″ири″ префикскIэрэщ зэрыгъэлъагъуэри, ипэкIэ ″и″р префикс зыхуэхъуа глаголхэм ″ири″р префикс зэрыхуэхъу щапхъэхэри къэтхьынщ. Глагол мыхьэнэм елъытащи, ″ри″ префикскIэ щыгъэзащIэми зэхъуэкIыныгъэ къэхъур ″**″ нэгъыщэкIэ къэтащ: «ириин – ириен**, ириун, ириIун, ириIуэн, ирисыхьын*, иризын, иридзын, иригъэн**, иригъуэн*, ириджыхьын*, ириджэн, иридыхьын*, иридэн, иритын, ритIыхьын*, иритIэн, ирижыхьын*, ирижэн, ирижьын, ирижьыхьын*, ирищыхьын*, ирищэн, ирищIыхьын*, ирищIэн, иришэн, иричын, иричыхьын*, ирикIын, ирикIыхьын*, ирикIуэн, ирикIухьын*, ирихъухьын*, ирихун, ирилъэн, ирилэн, ирилIэн, ирипIыхьын*, ирифыхьын*, иривыхьын*, иривэн».

Къызэрыхъуарэ и макъ мыхьэнэм теухуащи, ″и″р кIэух зыхуэхъу дэтхэнэ зы псалъэр аргуэру мэгъэлъагъуэ, мэджыжыр. Мыпхуэдэу дэтхэнэ зы псалъэр зэрыгъэлъэгъуэну щIыкIэр ″и″ суффикскIэрэщ зэрыгъэзащIэри, мыпхуэдэ щапхъэхэри ди ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ къэтхьынщ. ″И″р суффиксу дэтхэнэ зы псалъэр аргуэру

къэгъэлъэгъуэжын къалэн зыгъэзащlэщи, псалъэм нэгъуэщ суффикс къищтауэ щытми ″и″р абыхэми кlэух яхуохъур. Мыпхэдэ щапхъэхэр щхьэж ди ″макъ псалъэ″хэмрэ абыхэм ″м, р″ыр суффикс язэрыхуэхъум теухуауэ къэтхьынщ: «lэи, lуи, lуэи, сэи, цlэи, цыи, зыи, дзэи, гъуэи, гуи, дэи, тlыи, жьыи, жьэи, щыи, щэи, щlыи, щlэи»; «lэми, lуми, lуэми, сэми, цlэми, цыми, зыми, дзэми, гъуэми, гуми, дэми, тlыми, жьыми, жьэми, щыми, щэми, щlыми, щlэми»; «lэри, lури, lуэри, сэри, цlэри, цыри, зыри, дзэри, гъуэри, гури, дэри, тlыри, жьыри, жьэри, щыри, щэри, щlыри, щlэри».

″И″р глагол инфинитивхэми, глагол лэжьэкlэхэми мыпхуэдэ къалэнкlэрэ суффикс язэрыхуэхъунур гурыlуэгъуэнщ, икlи абыхэм нэгъуэщl суффикс къызэращта щlыкlэми кlэух хуэхъунщ. Глагол инфинитивым ″и″р суффикс щыхуэхъум деж, утыку къихьэ мыхьэнэр ипэкlэ къэта щапхъэхэм хуэдэу лъытапхъэщ. Ауэ ″и″р глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэхэм суффикс щыхуэхъум деж щыгъэзащlэм гулъытэ хуэщlын хуейщи, мыбыхэм глаголхэм теухуа лэжьыгъэм нэхъри щыгъуазэ дыхуэхъунущ. Ауэ мыбдежым мыпхуэдэ лэжьэкlэ щапхъэхэри ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ. ″И″р инфинитиву гъэпса глаголми, глагол лэжьэкlуэ ухуэ псалъэхэми суффикс язэрыхуэхъуфынур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэр зэкlэлъыкlуэу къэтхьынщ: «ини, уни, lуни, lуэни, сыни, зыни, дзыни, гъыни, гъуни, джыни, джэни, дыни, дэни, тыни, тlыни, тlэни, жыни, жэни, жьыни, жьэни, щыни, щэни, щlыни, щlэни»; «ияи, уи, lунуи, lуаи, сыни, зынуи, дзаи, гъыи, гъуни, джынуи, джэи, даи, дэни, тынуи, тlыи, тlаи, жыни, жэнуи, жьаи, жьэи, щыни, щэнуи, щlыи, щlаи».

″И″р суффикс зыхуэхъу псалъэр аргуэру джыпlэм иришэу къызэригъэлъэгъуэжыр гурыlуэгъуэщи, а псалъэр аргуэру лъытэнрэ lуэхум хэбжэжыныгъэ егъэзащlэр. Ауэ утыку къихьагъэххэу щыт зы псалъэр аргуэру къэгъэлъэгъуэжын lуэхур икlи абы и мыхьэнэм аргуэру хэплъэжыныгъэу, а псалъэ мыхьэнэм теухуа упщlэри къэзыгъэщlыу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ″и″р суффикс зэрыхъукlэрэ мы ипэкlэ къэта дэтхэнэ зы псалъэр икlи зы упщlэщ. Къэтхьынщ къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэри, упщlэ нэгъыщэр пытлъхьэжынщ: «цыи?, зыи?, дзэи?, гъуэи?, гуи?, дэи?, тlыи?, жьыи?, жьэи?, щыи?; дзэми?, гъуэми?, гуми?, дэми?, тlыми?, жьыми?, жьэми?; lэри?, lури?, lуэри?, сэри?, цlэри?, цыри?, зыри?; джыи?, джаи?, дыни, дэнуи?, тыи?, тlаи?, тlэни, жэнуи?, жьыи?, жьаи?».

**″Й″ макъыр.**

″Й″ тхыпкъкlэ тхар ″и″ макъыр къызэрыlу ″ы″р зэрыпыхуакlэрэ къэlуращи, щхьэж зы макъкъым, ар ″и″м и эффектщ. Бзэм

зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри макъзешэ къалэн зыгъэзащlэ макъ lуэрхэм ищхьэрэ икlэм къыпыхьэ ″и″м и къэlуэкlэщ. ″И″ макъ эффектщ ″й″ макъри, ″и″р макъзешэхэм къыкlэлъыкlуэу псынщlэрыlукlэрэ къызэрыlум къытехъукlа макъщ ″й″р. Ар икlи мы къызэрыхъуа щlыкlэкlэ бзэм щызекlуэу зэрыщlидзар псэлъэбзэр зэпкъырыуварэ зэрыхъун хъуа нэужьращи, бзэ лэжьэкlэм гъуэнэгъу лъэхъэнэхэм ″и″ эффекту утыку къихьащ. Ар мы къызэрыхъуа щlыкlэм къызэрыгуэкlкlэ, щхьэж зы мыхьэнэ зиlэу зы макъкъыми, *″й″ макъым* ***″макъ псалъэ″*** *къытехъукlкъым.*

Макъ псалъэу зэрыщымытым папащlэ, ″й″м теухуауэ макъ псалъэхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэи щыlэкъым. Ауэ ″и″м и эффект макъыу щытщ ″й″ри, ″и″р макъ lуэрым къыщыкlэлъыкlуэкlэ ″й″уэ къызэрыlум папщlэ, псалъэхэм я кlуэх макъыу, икlи ″и″м къытехъукl ″псалъэ зэгуэт″хэми ″и″м ипlэкlэ кlуэх макъыу хыболъагъуэр.

***″Й″*** *макъыр (″и″м ипlэкlэ)* ***″бзэм щыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″****.*

Макъ мыхьэнэ зэримыlэм ипкъ иткlи, псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэкъым. Ар бзэм хэту щыхэплъагъуэ дэтхэнэ зы щlыплэм щигъэзащlэ lуэхугъуэр ″и″м и мыхьэнэрэ къалэнращ.

Ар зыхэт дэтхэнэ зы псалъэр ″и″уэ къэlуу щытати, мы псалъэхэм хэт макъзешэхэм къыкlэлъыкlуэ ″и″м мы макъзешэхэм я къэlукlэм зыдигъэкlуу псынщlэрыlукlэ утыку къызэрихьэм къытехъукlыжа макъщ ″й″ри, кlуэ пэтрэ бзэм мыпхуэдэ зекlуэкlэр къыхэхъухьу ″и″м ″й″р къытехъукlыжащ. Мыпхуэдэ щlыкlэу ″й″р хуиту щызекlуэу зыхэт адыгэбзэ жьэрыпсалъэри къэбэрдейбзэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, абы ″й″кlэрэ къэlуу хэт псалъэхэр нэгъуэщl адыгэбзэ жьэрыпсалъэ нэхъыбэм ноби зэрыхэтыр ″и″уэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

Ар мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэращlщи, псалъэ кlэух макъ lуэрхэм къыкlэлъыкlуэущ бзэм зэрыхэтрэ зэрыхэлэжьыхьыр. Мыпхуэдэу ″й″р зи кlэухыу ухуэ псалъэхэр зэрыщыту ″и″ макъ мыхьэнэ зиlэу ухуа псалъэхэращи, мыпхуэдэ щапхъэхэр къэтхьынщ. Икlи ″и″м и зы къэlукlэу зэрыщытым гулъытэ хуэнщlын папщlэ, ″и″кlэрэ ухыу ухуа глаголхэр зытеухуарэ глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэм деплъынщ: «еин → сысейт; lеин → lейщ; ин → сой; lуеин → мэlуей; гъеин → богъей; диин → мэдий; дэуеин → сыдоуей; дэкlуеин → удокlуей; тlиин → мэтlий; тlеин → мэтlей; жеин → дожей; ущиин → сеущий; ущlиин → боущlий; шиин → фоший; кlиин → мэкlийхэ; кlуриин → сокlурий; хуеин → ухуейщ; лъеин → сыдолъей; лъиин – улъиин → мэулъий; пlиин → мэпlий; биин → йобий, уфlеин → мэуфlей».

Мы глаголхэр зытеухуа lуэхугъуэхэр щхьэж къызэрыlуатэ псалъэхэр къызэрыlуатэри ″й″ макъыу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ: «lей, флей, lуей, жей, бий».

Мыбыхэм нэмыщl, къызкlэлъыкlуэ макъ мыхьэнэм къытехъукlрэ джыр, абзсис лъэныкъуэ зиlэу утыку къихьэныгъэ зиlэр кlэух ″и″ макъ мыхьэнэкlэрэщ къызэрыlуатэри, мыпхуэдэ псалъэхэр ″и″м иlэкlэ ″й″уэ къызэрыlурэ зэрыухуэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «цей, ткlий, чей, къуий, кхъуей, хъий, хъурей, хей, лъей, лей, бий, вей, вэнвей, хьей, мей, нэпсей, пщэдей, бзий, бдзей, бдзэжьей».

Жыг лъэпкъыр дэкlейуэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ, икlи дэтхэнэ зы жыгыр щхьэпэ зэрыхъурэ абы къыпыкlэ пхъэщхьэмыщхьэ зиlэращи, мыхэр зэхуэдэ хиубыдэу лъытапхъэщ жыг гуэрхэр ″и″ эффект ″й″кlэрэ ух псалъэхэу къызэрыlуатэр: «жыгей, кlей, бжей, уэздыгъей, псей, дей, кхъужьей, пхъэгулъей, мей, мыlэрысей».

Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщ ″й″р бзэм зэрыхэлэжьыхьри, бзэм зыхэт дэтхэнэ щlыпlэм ″й″м игъэзащlэ къалэныр ″и″м и мыхьэнэр и эффектклэрэ гъэзэщlэнращ. ″И″м и къэlуклэм ″ы″р зэрыпыху щlыкlэщ ″й″р къызэрыlурэ щызэхэпх щlыпlэри, мыпхуэдэ къэlуклэр макъзешэхэм ищхьэм ″и″ къыщыпыхьэкlи къыщохъур. Мыр ″и″ зыхэту къэlу макъ lуэр зэхэжыхьа ″е (иэ)″ми зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэщ екlуэлlэныгъэ (е: иэ) префикс зиlэ глаголхэр ещанерей нэрыбгэм теухуауэ ит зэману зэрылажьэкlэрэ ухуэ псалъэхэмрэ, ″lуэху глагол″у ещэнэрей нэрыбгэр зэрекlуалlэкlэрэ (е) гъэзащlэ глаголхэм я ит зэман лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэр: «есэн →(еосэ)→ йосэ; екlуэлlэн →(еокlуалlэ)→ йокlуалlэ; еуэн →(еоуэ)→ йоуэ; биин →(еобий)→ йобий»; «къехъулlэн →(къаехъулlащ)→ къайхъулlащ».

*″**Й**″м игъэзащlэ ″**префикс – суффикс къалэн**″ри ″**и**″м иплэкlэщ.*

″Й″р ″и″м къытехъукlарэ ″и эффектщи, ″и″м къызэрытехъукlрэ къыздыщыlури макъ lуэрым къыкlэлъыкlуэ ″и″р псынщlэу къыщыlуращ. Нытlэ, ″и″р макъ lуэрхэм кlэух хуэхъуу ухуа дэтхэнэ зы псалъэр икlи ″й″ кlэухыу къэlуу бзэм щызекlуэфынщ. Ар щыхъукlи, ″и″р зи кlэух псалъэр ″и″м и макъ мыхьэнэкlэрэ нэсу къэlуатэрэ зэпкъырыува хъунщи, ″и″м ипlэкlэ ″й″р къэlуу ухуа псалъэм и мыхьэнэр псынщlэlуэу ″и″ мыхьэнэкlэ гъэзащlэрэ ″и″ эффект зыхэлъ мыхьэнэ зиlэ хъунщ. Мы псалъэхэм къызэрыхэщщи, зы lуэхугъуэр ″и″ кlэухкlэ щыгъэзащlэмрэ ″й″ кlэухкlэ зэрыгъэзащlэр мащlэми зэщхьэщокlыр. Аращи, ″и″кlэрэ гъэзащlэр икlэ нэгъунэ ″и″ макъ мыхьэнэкlэрэ мэгъэзащlэри, мыпхуэдэу ухуэ псалъэр игъуэ нэсу мэгъэзащlэр. Ауэ ″и″м ипlэкlэ ″й″ къэзыщтэу ухуа псалъэр ″и″ мыхьэнэкlэрэ псынщlэlуэу мэгъэзащlэри, игъуэрэ икlэ нэгъунэ гъэзащlэу лъытапхъэкъым. Мыр глагол лэжьэкlэхэм нэхъ игъуэу зэрыхэплъэгъуэнур гурыlуэгъуэщи, ″и″ суффикскlэрэ гъэзащlэмрэ ″й″ суффикскlэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэр зэрызэщхьэщыкlым гулъытэ хуэщlын папщlэ ″и″ макъыр суффикс зэрыхъум теухуауэ макъ lуэрхэм къыкlэлъыкlуэу ухуа глагол лэжьэкlэ щапхъэхэмрэ абыхэм ″й″ къызэращтэу зэрыухуэж щlыкlэр щапхъэу къэтхьынщ: «ияи - ияй, уи - уй, уэи - уэй, lунуи - lунуй, lуаи -

lуай, зынуи - зынуй, дзыи - дзый, гъаи - гъай, джынуи - джынуй, джэи – джэй, даи - дай, тынуи - тынуй, тlыи - тlый, тlаи - тlай, жэнуи – жэнуй, жьаи - жьай, жьэи - жьэй, щэнуи - щынуй, щlыи - щlый, щlаи - щlай».

″У″ макъым и къэlуклэм елъытащи, абы къыклэлъыклуэ ″й″р зэхэхыгъуафlэкъым; аращи, мы къэта щапхъэхэм щыщу ″й″р ″у″м къыклэлъыклуэу къэта щапхъэхэр нэхъыбэм деж ″и″уэ тхыныр зэрыигъуэр гурыlуэгъуэщ.

Зы макъ lуэрым къыклэлъыклуэу ″и″р псалъэм суффикс хуэхъуу ухуэ псалъэхэр икlи ″и″м ипlэ ″й″р зэриувэклэрэ къызэрыlуэтапхъэр глагол лэжьэклэхэм изакъуэкъым. Аргуэру утыку къилъхьэнрэ къэгъэлъэгъуэн къалэнклэрэ псалъэхэм ″и″р суффикс зэрыхуэхъум теухуа щапхъэхэр ипэклэ ″и″ макъ лэжьыгъэм къыщыдгъэлъэгъуащи, ″и″м ипlэкlи ″й″ри а псалъэхэм суффикс язэрыхуэхъуфынур гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ ипэклэ ″и″ суффикскlэ къэlуэтарэ къэтауэ щыт щапхъэхэр ″й″клэрэ къызэрыlуатэми деплъынщ. ″И″мрэ ″й″р суффикс зэрыхъум къигъэхъу лэжьэклэри ипэклэ къызэрытlуэтам хуэдэу, етарэ етысэхауэ къэгъэлъэгъуэнрэ псынщlэ дыдэрэ гурыlуэгъуащэ мыхъуауэ къэгъэлъэгъуэн lуэхугъуэу зэрызэщхьэщыклыр гулъытапхъэщ: «lэи - lэй, lуи - lуй, lуэи - lуэй, сэи - сэй, цlэи - цlэй, цыи - цый, зыи - зый, дзэи - дзэй, гъуэи - гъуэй, гуи - гуй, дэи - дэй, тlыи - тlый, жьыи - жьый, жьэи - жьэй, щыи - щый, щэи - щэй, щlыи - щlый, щlэи - щlэй».

Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, макъ lуэр клэух зиlэ псалъэхэу ″и″ клэух къэзыщтэхэу къэгъэлъэгъуахэр икlи ″й″ клэухклэрэи мэгъэлъэгъуэфри, мыпхуэдэщ мыри: «икlии → икlий».

Мыхэр гурыlуэгъуэщ, ауэ ″и″р клэух зыхуэхъу дэтхэнэ зы псалъэр икlи упщlэу утыку къызэрырилъхьэри жытlауэ щытащи, абы и эффектрэ псынщlэрыlуэ щlыкlэ ″й″м мыр игъэзащlэкъым. ″Й″р суффикс зыхуэхъу псалъэр псынщlэlуэу къызэригъэлъагъуэм папщlэщи, къигъэлъагъуэм тегупщысыхьыныгъэрэ гурыщхъуэ къызэрыхъуфын зэманыгъуэ къызэрыдимытым папщlи, суффикс зыхуэхъур упщlэу утыку къырилъхьэфкъым.

**″Е (иэ, иэй; эй, эйй)″ макъ lуэр зэгуэтрэ зэхэжыхьахэр.**

Зэщхьэщыклыныгъэ зиlэу къэlу макъ lуэр зэгуэтрэ зэхэжыхьахэр зэхуэдэу ″е″ тхыпкъымклэщ зэрытхари, мыбдежым ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым и гугъу щытщlынщ. Мыбыхэм щыщрэ япэу къэхъуари ″и″ макъ клуэтэгъуэу къэхъуа ″иэ″рауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Ар (иэ) бзэ лэжьэклэу ″и″ макъым ищхьэм къыщыпыхьэклэ утыку къихьэ ″иэи″ макъ зэгуэтрэ зэхэжыхьари ″е″ тхыпкъымклэщ зэрытхар. Бзэ лэжьэклэм ″е (иэ)″ макъклэ къежьэ псалъэм ищхьэм нэгъуэщl макъ къыщыпыхьэжклэ къызэрыlу щlыклэмрэ, ″э″ клэ ух макърэ псалъэм ″и″ къыщыпыхьэклэ

къызэрыlу щlыклэри ″эй/эй″ макъ lуэр зэгуэтрэ зэхэжыхьари ″е″ тхыпкъымклэщ зэрытхар. Аращи, бзэм зэщхьэщыклыу къэlуу хэт мы макъ lуэр зэгуэтхэр зэхэжыхьауэ къызэрыlу щlыклэр зэхуэдэу ″е″ тхыпкъымклэ тхауэ хэтщи, мы зи гугъу тщlы макъ lуэр зэгуэт-зэхэжыхьахэр бзэм къызэрыхъуа щlыклэри мы къызэрыта зэклэлъхьэужьыклуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

″Е″клэ тха мы макъ зэгуэт-зэхэжахэм щыщу япэу къэхъуарэ бзэм нэхъыбэу хэлэжьыхьыр, икlи ″е″клэ тхауэ зи гугъу тщlа адрей макъ зэхэжыхьахэр къызтехъукларэ я къэхъуныгъэм лъабжьэ хуэхъуар ″иэ″рауэ лъытапхъэщ. Ар (иэ) япэ къызэрыхъуарэ ″и″ клуэтэгъуэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, бзэм щхьэжу хэлэжьыхьрэ ″макъ псалъэ″и къызтехъуклауэ щыт макъщ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″е″ тхыпкъклэ тхар мы зи гугъу тщlы макъхэм теухуа мы лэжьыгъэр нэхъыбэуи ″иэ″ращ зытеухуауэ къызэреклуэклынур. Адрей макъ зэгуэт-зэхэжыхьарэ ″е″клэ тхахэр (иэй, эй) къызэрыхъуарэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыклэри мыбы (иэ) и лэжьэклэр къызэрыlуатэм къыклэлъыклуэрэ пыщэжу илъабжьэклэ къоlуатэр.

″Е (иэ)″р щыlэгъуэм пыщlарэ теухуауэ – псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэу- бзэм щыхэлэжьыхькlэ, а псалъэ мыхьэнэр екlуэлlэныгъэрэ клуэтэныгъэклэрэ игъэлэжьэнщ. Ауэ ар щхьэжрэ зы псалъэм пымыщlауэ къызэрыlур фlынкъыми, икlи ″е (иэ)″ макъыр щхьэжу натуралу мыфlрэ емызэгъым теухуащ. ″Иэ″р бзэм щхьэж макъ зэхэжыхьауэ къэlуу зэрыщlидзари натуралу мыфlрэ емызэгъым зэрытеухуар гурыlуэгъуэнщи, ар щхьэж къыщиплуэклэ ноби натуралу емызэгърэ мыдэныгъэ мыхьэнэ къикlыу зокlуэр: «е (!), ее (!), еей(!)».

***″Е (иэ)″*** *макъым къытехъукl* ***″макъ псалъэ″****хэр.*

″И″ макъ lуэр лъабжьэм и клуэтэгъуэу щыт ″е (иэ)″р макъ lуэр ″и″мрэ ″э″м и зэхэжыхьауэ ″и″м япэу къытехъукla макъыу жыlэпхъэщ. ″И″р щхьэжу бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ ″макъ псалъэ″ къызэрытехъуклым зэрезэгъклэрэ, абы (и) и клуэтэгъуэ ″иэ″ макъ зэхэжыхьари бзэм щхьэжу хэлэжьыхьу ″макъ псалъэ″и къытохъуклыр.

″И″р джыплэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, джырэ щыlэр къэзыгъэлъагъуэрэ абы ипlэм иувэфу зы макъ мыхьэнэщи, сытым дежи джырэ утыку къихьэу щыlэгъуэ зиlэращ зытеухуарэ къигъэлъагъуэр. Мы и макъ мыхьэнэм къызэрыгуэклкlи, ар (и) натуралу упщlэщ; - упщlэр зытеухуэри щыlэгъуэ зиlэрэ къэхъу-къэщl лъабжьэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Джыплэрэ джыгъуэу щыт ″и″м мы и клуэтэгъуэр (иэ) джыплэрэ джыгъуэ гуэрым елъытауэ зэрыщытымрэ зыгуэрым емылъытарэ пымыщlауэ зэрыщытым утыку къыралъхьэ мыхьэнэр зэрызэщхьэщыклынур гурыlуэгъуэщи, ″е (иэ)″р бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыклэм мыпхуэдэ лъэныкъуитlклэщ.

Джырэ щыIэгъуэ зыгъуэтыр шыджрэ къыздыщыхъу щыIэгъуэмрэ щыIэгъуэ зиIэу утыку къихьэ дэтхэнэ гуэрым теухуарэ пыщIащи, мыр щыIэгъуэрэ къэхъу-къэщIыр къызэрыхъу щIыкIэу хъугъуэ-фIыгъуэщ. Мыпхуэдэ щыIэгъуэрэ джыгъуэу зэманым езыр езырурэ къигъэхъуу щыт къэхъу-къэщIыр къизыIуэ ″и″ макъым и кIуэтэгъуэ ″е (иэ)″ри щыIэгъуэ зиIэм хуэкIуэрэ пыщIэныгъэ зиIэу зэрылэжьэнур гурыIуэгъуэщ, икIи ″е (иэ)″р псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэу бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри мыпхуэдэщ.

Ауэ джыпIэрэ джыгъуэу зэрыщытым ипкъ иткIэ щыIэгъуэ зиIэм ипIэ иувэф ″и″ макъым и кIуэтэгъуэр (иэ) зыми пымыщIарэ емылъытауэ щхьэжу къыщипIум деж, зыми пымыщIарэ и щхьэр зыхьыж щIыкIэ зиIэу зэрылэжьэнур гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэ лэжьэкIэр зэрымыфIри гурыIуэгъуэщ. Ар (е: иэ) зыми пымыщIарэ емылъытауэ щхьэжу къэIурэ утыку къыщихьэр зы къэхъу-къэщIрэ хъугъуэ-фIыгъуэм зэремылъытарэ зэрыпымыщIам папщIэ, фIынкъым.

Натуралуи, бзэ лэжьэкIэуи мыфIыр къизыIуэу зехьапхъэщ щхьэжу ″е (иэ)″ри, игъуэр къыщысым деж, ар зы ″макъ псалъэ″у бзэм мыпхуэдэуи хэхьагъэнщ. Джыгъуэрэ щыIэгъуэм теухуарэ хъугъуэ-фIыгъуэ къизыIуэ ″и″м и кIуэтэгъуэу утыку къихьа ″**е** (иэ)″р щхьэжрэ зыми пымыщIауэ къыщыIукIэ, абы игъэзащIэ мы джын IуэхугъуэкIуэкIэр щыIэгъуэрэ джыгъуэу щытхэм пымыщIарэ емызэгъ кIуэкIэщи, ар зы ″макъ псалъэ″у мыфI къыриIуэущ бзэм щызэрызекIуэр. – Адыгэбзэм ″фIы″р щыIэгъуэм езэгъыу щыIэгъуэрэ къарууфIэу джырэ утыку къихьэрауэ зэрыщытри дигу къыщыдгъэкIыжынщ.

Щхьэжу зы макъыу бзэм зэрыхэтым нэмыщI, мы и хэтыкIэм къытехъукIарэ езым гурыIуэгъуэ къищIыр къэзыгъэлъагъуэрэ щыгъуазэ дыхуэзыщI (м, р) макъхэр къыпыхьэжуи бзэм хэтщ; ар щхьэж макъыу глагол инфинитив формэм зэриувэри ар дыдэу мыфIыгъэ лэжьэкIэм теухуащ: «**е**м, **е**р; **е**н».

″Е (иэ)″ макъ Iуэр зэхэжыхьар натуралу зэрахьэрэ бзэми мыпхуэдэу щхьэж зы ″макъ псалъэ″у зэрыхэлэжьыхьым нэмыщI, мы игъэзащIэ Iуэхугъуэм хуэдэ къалэнкIэрэ макърэ псалъэхэм икIэм къыпыхьэжу, а макърэ псалъэ мыхьэнэр увыIэгъуэ зэримыIэрэ егъэлеяуэ гъэлэжьэн къалэни игъэзащIэу бзэм хэлэжьыхьу хэтщи, псалъэхэм кIэухрэ суффикс язэрыхуэхъум теухуа мыпхуэдэ лэжьэкIэхэм илъабжьэкIэ и гугъу щытщIынщ.

ИпэкIэ ″и″ кIуэтэгъуэ ″иэ″м зэщхьэщыкIыныгъэ зиIэ IуэхугъуитI зэригъэзэщIапхъэм и гугъу щытщIащи, мыфIыныгъэу мы игъэзащIэм нэмыщI, джыгъуэрэ щыIэгъуэм елъытарэ теухуауэ ″и″ кIуэтэгъуэу ″е (иэ)″р щхьэжу бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ ″макъ псалъэ″ къалэну игъэзащIэ щыIэщи, мыбыи и гугъу тщIынщ.

Джыгъуэрэ джыпlэу щыт ″и″р щыlэгъуэрэ къэхъу-къэщlыр утыку къызэрихьэ щlыпlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ, икlи ар къызщыlу дэтхэнэ зы щlыпlэм щыlэгъуэрэ джыныгъэм зэрытеухуари гурыlуэгъуэщ. Ныtlэ, мыпхуэдэ мыхьэнэ зиlэ ″и″м и кlуэтэгъуэ ″е (иэ)″ри щыlэгъуэрэ къэхъу-къэщlым пыщlауэ зэрызекlуэнури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″е (иэ)″р псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэу ахэр кlуэтэгъуэрэ екlуэлlэныгъэкlэрэ зэрыджыр къэзыгъэлъагъуэ макъщ. Мыпхуэдэу игъэзащlэ къалэным хуэдэщ, ар (иэ) псалъэхэм я зэхуакум щхьэж зы макъыу къыдэхьэрэ а псэлъитlми щымыщрэ хэмыту, къызкlэлъыкlуэ псалъэр къыкlэлъыкlуэну псалъэм хуигъакlуэу игъэзащlэ къалэныр. Щхьэжу псэлъитl зэхуакум къызэрыдэхьэм папщlэ, зи зэхуакум къыдэхьарэ зытеухуахэр зыр зым хуигъакlуэрэ зэхуигъэпэжыжьэу ай тlум хэдэныгъэ хуегъэзащlэри, мыпхуэдэу зы ″макъ псалъэ″ къалэну бзэм хэтщ ″**е** (иэ)″ макъ lуэр зэхэжыхьар. Ар къызкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм пымытрэ щымыщу макъитl е псэлъитl зэхуакум щхьэж зы ″макъ псалъэ″у къыдохьэри, къызкlэлъыкlуэ макърэ псалъэ нэужьу щыт къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм хуэкlуэныгъэ зэригъэзащlэм ипкъ иткlэ, ай тlум зым ухегъадэр: «ар е мыр; абы е мыбы; уэ е ар; дэ е ахэр».

″Е (иэ)″м игъэзащlэ мы хэдэныгъэ къалэныр псалъэхэр зэпыщlауэ къызэрыlуатэрэ псалъэухыгъэ зэрыухуэм хуэкlуэ лэжьэкlэм теухуащи, мы и лэжьэкlэр макърэ псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэу ахэр екlуэлlэныгъэкlэрэ зэригъэзащlэу и макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым елъытауи, мыфlыр зэрылъытэу зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэхьам елъытауи, мыфlыгъэ къалэнкlэрэ псалъэхэм кlэухрэ суффикс язэрыхуэхъум елъытауи иужьрей бзэ лэжьэкlэм къыщыхъуауэ зэрыщытынур гулъытапхъэщ.

***″Е (иэ)″*** *макъым къытехъукlа* ***″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукlыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

Зыми пымыщlауэ лэжьэкlэ зэриlэм папщlэщ мыфlыр зи мыхьэнэ ″макъ псалъэ″у щыт *″**е**″ри, абы къытехъукlыж ″**псалъэ зэгуэт**″*уи еджапхъэщ мыбыхэм: «″уэ, е″ → уае; ″бзаджэ, е″ → бзэджае».

Ауэ, кlэух ″е″ макъым и мыхьэнэкlэрэ игъэзащlэ lуэхугъуэри зыми пымыщlауэ щхьэр ихьыжу а псалъэ мыхьэнэр зэрызыришэ щlыкlэу мыфlыу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мы къэта щапхъэхэр икlи кlэух ″е″ макъ мыхьэнэкlэрэ лажьэуи зэреджапхъэр гулъытапхъэщ.

Щхьэжу мыфlыр къизыlуэу зы макъ псалъэу щыт *″**е**″м* къызкlэлъыкlуэ макъыр зыгъэлъагъуэ ″м, р″ ***макъхэр къызэрыпыхьэкlэрэ*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьу* ***ухуэ псалъэ*** щlыкlэу къэхъуащ ″ем, ер″ псалъэхэри, мыфlыр къизыlуэ ″е″р глаголу зэрыгъпсри ″н″ыкlэрэщ (ен). ″Ем, ер″ псалъэхэри зыхэту ухуэжауэ еджапхъэщ мыбыхэм: «емынэ, ерыщ, ерыщагъ».

″Е″р зы ″макъ псалъэ″у мыфlым теухуауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ар къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэхэм щыщщ мыхэри, адыгэбзэм ″э″ кlэухкlэрэ ухуэ зы псалъэм ипэ къихуэ ″э″р ″а″уэ зэрызэхъуэкlымрэ псалъэхэр зэрызэгухьэр ″а″кlэ зэрыгъэзащlэм ипкъ иткlэ, ″е″р ″э″кlэ ух макърэ псалъэ къызэрыпыхьэкlэрэ зэрызэрызэпкъырыувэ щlыкlэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ: «е-гъэ → е-а-гъэ → ягъэ; ягъэ екlынкъым – ягъэ кlынкъым (lейягъ/lеягъ екlынкъым); ″е, щlэ(н)″ е-а-щlэ → ящlэ; еlу-ещlэ → еlу-ящlэ {″е (lей)″ зыlу ″е (lейягъ)″ зыщlэ)».

Мыбыхэм щыщу ″ягъэ″р ″е″р къыпыхьэ ″гъэ″кlэрэ ухуэж псалъэу (е-гъэ → еагъэ → ягъэ → ягъ), ″ящlэ″ри ″е″э ″щlэн″ псалъэхэмкlэрэ ухуа ″псалъэ зэгуэт″у зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ.

Щхьэжу псэлъитl зэхуакум къыщыдэхьэм деж, а псалъэхэм хэдэныгъэ къалэн зыгъэзащlэ зы ″макъ псалъэ″у лъытапхъэ ″е″р псалъэхэм къызэрыпымыхьэр гурыlуэгъуэщ (ар е мыр, абы е мыбы, ар е мыр). Щхьэжу псэлъитl зэхуакум къызэрыдэхьэкlэрэщ абы и къалэныр зэрыгъэзэщlэфынури, абы нэгъуэщl макърэ псалъэ къыпыхьэуи бзэм зэрыхэмылэжьыхьынури гурыlуэгъуэщ.

***″Е (иэ, иэй; эй, эйй)″*** *макъ lуэр зэгуэт-зэхэжьыхьахэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″***.

″Е (иэ)″ макъ lуэр зэхэжыхьар мыхъуныгъэрэ мыфlыр зэрылъытэкlэрэ щхьэж зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыlуэгъуэщи, ар щхьэж зы макъыу къызэрыlу щlыкlэ мы и мыхьэнэр зимыхъуэкlыу, къыкlэлъыкlуэ макъ гуэрхэмкlэ мыфlрэ емызэгъ мыхьэнэ зиlэу ухуэж псалъэхэри щыlэщ: «ем, ен, ер, емынэ, емынэжьей».

Мыфlрэ мыхъуныгъэ зи мыхьэнэуэ щыт щхьэж ″е″ макъыр зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэлэжьыхьым нэмыщl, псалъэхэм кlэухрэ суффикс язэрыхуэхъукlэрэи а псалъэ мыхьэнэр мыхъуныгъэрэ егъэлеиныгъэкlэрэ егъэлажьэр. Кlэух зыуэхъу макърэ псалъэ мыхьэнэр увыlэгъуэ зэримыlэрэ егъэлейуэ гъэлэжьэн къалэн егъэзащlэри, мы лэжьэкlэм егъэлеиныгъэрэ емызэгъыгъэу мыхъуныгъэрэ мыфlыныгъэ мыхьэнэ къегъэщlыр. Араща, кlэух зыхуэхъу псалъэ мыхьэнэр зэрыджакlэрэ кlэ имыlэу зэрыкlуатэр игъуэкlэрэ къызэрыгъэлъагъуэращ ″е (иэ)″ри, мыпхуэдэ кlуэкlэр нэгъуэщl гуэрым зэремылъытарэ егъэлеиныгъэ кlуэкlэу, зэрымыфlрэ хъупхъэу зэрыщымытынур гурыlуэгъуэщ. Псалъэхэм ″е (иэ)″р мыпхуэдэу суффикс язэрыхуэхъуфыну щапхъэхэр илъабжьэкlэ къэтхьынщ, ауэ ″е (иэ)″кlэ ухрэ ухуэу утыку къихьэ псалъэхэри щыlэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэщ мыхэр: «уае, гъае».

″Е″р щхьэжу мыфl къизыlуэ зы ″макъ псалъэ″у зэрыщытым папщlэ, мы къэта щапхъэхэм икlи ″псалъэ зэгуэт″уи еджапхъэ хуэдэщ, ауэ мы къэта щапхъэхэр ″е (иэ)″р и макъ мыхьэнэкlэрэ псалъэхэм кlэух хуэхъуу

ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэу лъытэныр нэхъ игъуэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

″Е (иэ)″р щхьэжрэ кlэухыу егъэлеиныгъэрэ мыхъуныгъэ мыхьэнэ зэригъэзащlэм и лъабжьэр абы и макъ мыхьэнэращ. Ар (е) ″и″ кlуэтэгъуэщи (иэ), абы и япэрей мыхьэнэр ″и″м и мыхьэнэр зэрыкlуатэращ. ″И″ кlуэтэгъуэм (иэ) ″и″уэ щытын мыхьэнэуэ зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщи, ″и″ кlэух зиlуэ ухуэ глаголхэр ″и″ макъ мыхьэнэкlэрэ зэрыгъэзащlэу зэрыщытыр къызэрыlуатэ щlыкlэу ″е (иэ)″ кlэухкlэрэи зэрыгъэпсыжыфынур гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэщ мыхэри, ″и″ кlэухкlэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэр мыпхуэдэу ″гъэзащlэу зэрыщытрэ зэрызекlуэр″ ″и″м ″э″р къыпыхьэжу ″е (иэ)″ кlэухыу зэрыгъэпсыжкlэрэщ къызэрыlуатэр: егиин → егиен; диин → диен; тlиин → тlиен; шиин → шиен; кlиин → кlиен; пlиин → пlиен; биин → биен; фиин → фиен».

Мы къэта щапхъэхэу, ″и″кlэ ух глаголхэр ″е (иэ)″кlэрэ зэрыгъэпсыжым зэрыхэплъагъуэщи, ″е″ кlэухым сытым дежи мыхъуныгъэ мыхьэнэкъым утыку къырилъхьэр. Мыхъуныгъэ мыхьэнэр къызэрыхъур джар зэрыджакlэрэ хъуауэ утыку къихьагъэххэу зэрыщытым къыпыщэжрэ текlыжу егъэлеинигъэ иlэу ″е (иэ)″кlэрэ зэрышэращ. Аращи, абы (е) егъэлеиныгъэрэ мыхъуныгъэ мыхьэнэ зэригъэзащlэр кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэ мыхьэнэращ зэлъытар. Ар (е: иэ)″р ″и″ кlуэтэгъуэщи, джыгъуэрэ джыпlэу щыт ″и″р а зэрыщыткlэрэ къизыlуэу зэрыщытым папщlэ, къызкlэлъыкlуэ макърэ псалъэ мыхьэнэм елъытауэ а зэрыджакlэрэ зэрызекlуэр къизыlуэ кlэух макъщ. Мыпхуэдэ щапхъэщ адыгэбзэм ″хъунщ″ мыхьэнэкlэрэ зекlуэу хэт зы псалъэри, ар ″а зэрыщыткlэрэ зэрызекlуэ (е)″ мыхьэнэуэ ухуа псалъэщ: «ае».

″Е (иэ)″р ″и″ кlуэтэгъуэщи, ″и″м къытехъукlарэ ″и″ макъ мыхьэнэм и кlуэтэгъуэу гъэзащlэ мыхьэнэ зиlэу зы макъ lуэр зэхэжыхьащ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр мы и мыхьэнэкlэрэщи, екlуэлlэныгъэрэ егъэлеиныгъэу игъэзащlэ lуэхугъуэхэр мы и мыхьэнэращ зэлъытар. Ар щхьэжу ″макъ псалъэ″рэ кlэух макъыу бзэм зэрыхэлэжьыхьым къыкlэлъыкlуэ бзэ лэжьэкlэу жыlэпхъэщ ″е (иэ)″р псалъэхэм префикс язэрыхуэхъуа щlыкlэри, мыпхуэдэ префикс къалэнхэм илъабжьэкlэ и гугъу щытщынщ.

″Е (иэ)″р ″и″ кlуэтэгъуэу зэрыщытрэ, мыпхуэдэуи гъэзащlэ lуэхугъуэр гурыlуэгъуэщи, ар (е) макърэ псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэ ″и″м къыкlэлъыкlуэущ макърэ псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэу зэрыщlидзар. Аращи, зэманыгъуэм и зы дэтхэнэ лъэбакъуэм щыджрэ джыпlэу щыт ″и″р ищхьэм къызпыхьэ макърэ псалъэр зытеухуа гуэрыр къегъэлъагъуэри, абы (и) и кlуэтэгъуэ ″е (иэ)″р (джыпlэ кlуэтэгъуэу) ищхьэ къызпыхьэ макърэ псалъэм и мыхьэнэр кlуэтэгъуэрэ екlуэлlэгъуэкlэ гъэзэщlэнкlэрэ мэлажьэр. Мыпхуэдэ лэжьэкlэр икlи

префикс къалэну зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ, ауэ ″е″кIэрэ къежьэу префиксиалу ухуэу псалъэхэри къохъури, мыбдежым мыбыхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «елэн, елунщIын, есын, есэн-2, едзын, егъун, ешын, езэшын, екIын, екIун, екъун, ехын, ебэн».

″Е″р мыпхуэдэу префикс хъууэ ухуэ глаголхэм нэмыщI, мыпхуэдэу ухуа глаголкIэрэ гъэзащIэу щыIэцIэ лIэужьыгъуэу ухуэ псалъэ гуэрхэри щыIэщи, а Iуэхугъуэр зэрыкуэдагъэу зэрыщытым папщIэ, ″иа, еа″уэ (я) зэпкъыроувэр. Мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «тIэн → етIэ(н) → еатIэ → ятIэ; итIэ(н) → иатIэ → ятIэ»; «жьэн → ижьэ(н) → иажьэ → яжьэ».

Мыбы нэгъунэ зи гугъу тщIахэр ″е″уэ тхарэ ″и″ кIуэтэгъуэу ″иэ″ макъ зэхэжьыхьаращ. ИкIи ″е″кIэ тха макъ зэхэжыхьахэм щыщу япэ къэхъуарэ мы къызэрыхъуа щIыкIэкIэ япэу бзэм хэлэжьыхьу щIэзыдзари мы зи гугъу тщIа ″е (иэ)″ращ. Ауэ абы мы и лэжьэкIэм къытехъукIыжарэ ″е″кIэ тха макъ зэхэжыхьахэри (иэй, эй, эйй) щыIэщи, илъабжьэкIэ мыхэр къызэрыхъуарэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым и гугъу тщIынщ.

Япэрауэ ″е″кIэ тхауэ мы зи гугъу тщIы макъ зэхэжыхьахэр къызтехъукIар ″и″ращ, икIи япэу ″и″м къытехъукIари абы и кIуэтэгъуэу щыт ″иэ″ макъ зэхэжыхьаращ. ″И″р джыгъуэрэ джыпIэщ, щыIэгъуэр щыджрэ щыIэгъуэ джыпIэщ, дэтхэнэ гуэрыр япэу зэрыджрэ щыджыр къизIуэрщ. Мы къызэрытIуэтахэми зэрезэгъщи, ар абзсис мыхьэнэрэ къалэн зыгъэзащIэ макъщ. Ар джырэ щыIэгъуэ зыгъуэт сытри зэрылъытэ макъщи, ″и″р щыплъагъу дэтхэнэ зы щIыпIэм къэмыIуэтами зы псалъэ щыщыIэщ. Ар икIи псалъэхэм ищхьэрэ икIэм къыпыхьэ макъщи, ищхьэм къызпыхьэ псалъэр зелъытарэ зыпыщIар къизыIуэрщ, икIэм къызпыхьэ псалъэр аргуэру зыджыжрэ утыку къизылъхьэж, къэзыгъэлъэгъуэж макъщ.

Ар зэманыгъуэм щыджращи, ди Iуэху хэмылъу зэманкIэрэ джырэ утыку къихьэращ. Мы и щIыкIэкIи, бзэр къэзыIуатэ ″сэ″мрэ абы и субъективыгъэу щыт нэрыбгэхэм (уэ, дэ, фэ) щымыщрэ я Iуэхуи хэмылъу къэхъуу утыку къихьэр зэрылъытэращи, мы нэрыбгэхэм щымыщ нэрыбгэхэм (ар, ахэр) ялъэжь (абы, абыхэм) Iуэхугъуэр игъуэджэу зэрылъытэу бзэм хэлэжьыхь макъщ. Субъектив нэрыбгэхэм (сэ, уэ, дэ, фэ) щымыщрэ объективыгъэ зиIэ ещанэ нэрыбгэм къилэжьрэ теухуа Iуэхур зэрыигъуэкIэрэ зэрылъытэрэ къэзыгъэлъагъуэ макъщ ″и″р. ″И″р ещанэ щхьэж (закъуэ) нэрыбгэращ зытеухуари, абы и куэдагъри (иа) ещанэ нэрыбгэ куэдагъращ зытеухуар.

Мы къэтIуэтахэм къызэрыхэщщи, зэманым щыджу объективу утыку къихьэр къизыIуэ ″и″р объективыгъэ зиIэ ещанэ нэрыбгэм утыку къырилъхьэ Iуэхугъуэхэри зэрылъытэ макъщ. ″И″ макъым деж и гугъу тщIащи, ″и″р ит зэман нэмыщI зэманыгъуэу ″Iуэху глагол″ лэжьэкIэхэм теухуа ″ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэ″щ. Зы джыгъуэр зэрыобъективыгъэкIэ зэрылъытэр ″и″ращи, ещанэ нэрыбгэм теухуарэ къилэжьри ″и″кIэрэщ

зэрылъытэр. Объективу утыку къихьарэ къихьэнур ″и″кlэрэ зэрылъытапхъэм зэрезэгъкlэрэ, ″lуэху глагол″хэм я ит зэман лэжьэкlэм пэмыщl лэжьэкlэр ещанэ нэрыбгэм теухуауэ ″и″кlэрэщ зэрылъытэри, мы ″lуэху глагол″хэм я ит зэман лэжьэкlэри ещанэ нэрыбгэр lуэхум зэрекlуалэкlэрэщ зэрыгъэзащlэр. Ещанэ нэрыбгэм теухуауэ ″lуэху глагол″хэм я ит зэманым пэмыщl лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэм ″и″ префикс къызэращтар гурыlуэгъуэщи, а зэрыщыту утыку къихьарэ къихьэнур зэрыгъэзащlэ дыдэу ит зэману къызэрыlуэтэнум ещанэ нэрыбгэр зэрекlуалэкlэрэщ. Аращи, ″lуэху глагол″хэр ещанэ нэрыбгэм теухуауэ ит зэманкlэ зэрыгъэзащlэрэ къыщыlуатэм деж, глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэм ищхьэм къыпыт ″и″м ″иэ″ри къыпыхьэжу мэухуэри, мыри ″иэй″уэ зэхэжыхьа макъыу къоlур, ари ″е″ тхыпкъымкlэ тхащ.

Объективыгъэ макъщ ″и″ри, абы дэтхэнэ гуэрыр объективу зэрыщыlэр илъытэу къырelуэр. Субъективыгъэ зиlэ нэрыбгэхэм я lуэху зыхэмылъу объективу щыlэр зэрылъытэращ ″и″ макъым игъэзащlэр. Мы объективыгъэу зэрыщыlэкlэрэ абы зыгуэрыр екlуэлlарэ бгъэдэхьэу ар зыхуэджыныгъэр а екlуалlэрэ бгъэдэхьэ гуэрым а гуэрыр иlэ хъун пэлъытэ lуэхущ. Мы псалъэхэм къызэрыхэщщи, зыгуэрыр а зэрыщыткlэрэ ″и″уэ зэрылъытэр, абы и екlуэлlэныгъэр ″е (иэ)″уэ къызэрыlуатэр, екlуалlэм а гуэрыр зэрызыхуиджрэ зэрызыхулэри ″и″кlэрэ зэрыгъэлъэгъуапхъэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу екlуэлlэнкlэрэ (иэ) зызэрыхуиlэ (и) хъур (и) гъэзэщlэн (н) lуэхугъуэр ″е(иэ)-и-и-н″ зэкlэлъхьэужь макъхэмкlэ ухуэ глаголу зэрыщытынур гулъытапхъэщ. Ар ″еин″у тха глаголращи, абы хэт ″е″ макъым хиубыдэр ″иэй″ макъ зэхэжыхьащ: «″е(иэй)-и-н″ → еин».

Ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэу зи гугъу тщla ″е (иэй)″р къызтехъуклa лъабжьэр ″и″р ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэу зэрылъытапхъэращи, ит зэманым теухуауэ ар екlуэлlэныгъэкlэ зэрыгъэзэщlапхъэращ. Аращи, ит зэманым теухуауэ ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэ ″е (иэй)″р къызтехъуклар ит зэман нэмыщlым теухуауэ гъэзащlэ lуэхур ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэу ″и″кlэрэ зэрылъытэращ. Ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэу ″е (иэй)″м и лъабжьэр ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэу щыт ″и″ращ. Ауэ ипэкlэ къэlуэтахэм къызэрыхэщу, ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэ ″е (иэй)″р ″и″м къызэрытехъуклам хуэдэу лъытапхъэщ, ″еин″ псалъэм хэтрэ ″е″кlэ тха хъуа ″иэй″ макъри, мыбы нэхъ гъунэгъуу гулъытэ хуэтщlынщ.

″Е (иэ)″р ″и″ кlуэтэгъуэу (э) зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, къэта мы ″еин″ псалъэм и лъабжьэрэ ар къызтехъуклар ″и″ lуэхугъуэ къэхъуныгъэр (ин) зытеухуауэ щытри къызэрыхэщкlэрэ (и) ухуа ″иин″рауэ жылэпхъэщ. Арагъэнщи, ″иин″ псалъэкlэ къэlуэтапхъэ мы lуэхугъуэр (нобэ ″еин″у мы зи гугъу тщlыр) ″е (иэ)″р префиксу псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэу щыщlидзэм хуэзэу къэхъуагъэнщ, икli ″е″м префикс къалэн игъэзащlэу щыщlидзар япэрауэ ″иин″ым къызэрыпыхьэкlэрэ гъэзэщlагъэнщ. Ар

щыхъукIи, ″ин″ глаголым и префикс ″и″м аргуэру ″е″р префикс къызэрыхуэхъукIэрэ ухуэжауэ жыIэпхъэщ мы ″еин″ глаголри, мы зэрыухуа щIыкIэри мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «и-ин → е-и-ин {е(иэ)-и-ин → е(иэ)и-ин → е(иэ)й-ин → (:ейин) → е(иэй)-ин} → еин».

Мы къэтIуэтахэм къызэрыхэщщи, ″Iуэху глагол″хэм я ит зэман лэжьэкIэу ухуэ псалъэхэм ″ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэ″у префиксу къапыхьэ ″е (иэй)″р къызэрыхъумрэ ″еин″ глаголым хэт ″е″р къызэрыхъу щIыкIэр зэрызэхуэдэ Iуэхугъуэу зэрыщытыр мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къащIри, ″е″кIэ тха зы макъ зэхэжыхьари ″иэй″ращ. Ар ещанэ нэрыбгэм теухуауэ ″Iуэху глагол″хэм я ит зэман лэжьэкIэр къэзыгъэлъагъуэращ, икIи мы къэта ″еин″ глаголым хэт ″е″ри ″иэй″уэщ зэрызэпкъырылъыр. ИкIи, ″иэй″р къызтехъукIар ″и″кIэрэ лъытарэ къэIуатэ щыта Iуэхугъуэхэращи, ″е″кIэ тха ″иэй″р ″е (иэ)″мрэ ″и/й″ макъыр зэрызэгухьэжрэ зэрызэхэжыхькIэрэ утыку къхьащ.

″Е (иэй)″ макъ зэгуэтщ мыбдежым зи гугъу тщIы ″еин″ глаголым хэт ″е″р, ауэ мы зэрытха щIыкIэкIэ ″еин″ глаголым и ″е″р ″иэ″уэ къызхэIу глаголитI щыIэщи, мы зэрытха щIыкIэкIэ ″еин″ыр зэхуэмыдэу глаголищщ. Нэгъуэщ1ыу жып1эмэ, ″еин″у мы тха глаголым мыхьэнищ иIэщ: «еин {иIэн пэлъытэ мыхьэнэ зиIэу ″е (иэй)-ин″у ухуа глагол}, еин {″ин″ (:блыныр ин) глаголым и ″е (иэ)″ префиксиалу ухуэжа глагол), еин {″е (иэ)″ префиксиалу ухуарэ ″епцIыжыныгъэ″ пэлъытэ зи мыхьэнэ глагол}».

НытIэ, ди Iуэхур ″е″кIэ тха макъхэрауэ зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, мы глаголхэр зэрыухуарэ зэрылъажьэр зэрызэщхьэщыкIми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мыбдежым зи гугъу тщIы ″еин″ глаголыр (иIэн пэлъытэ мыхьэнэ зиIэр) зэрыухуа щIыкIэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, абы и лэжьэкIэм теухуа щапхъэхэми деплъынщ: «абы ейщ, абы ейт, сэсейщ - сысейщ, уэуейщ – ууещ».

″Еин″у тха глаголым зыр ″ин″ глаголым ″е (иэ)″ префикс къищтэу зэрыухуащи, ″ин″ глаголыр зэрыхуэкIуэкIэрэ (е) зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къизыIуэращ. ″Ин″ глагол мыхьэнэр зыгуэрым аргуэру теджыхьыныгъэщи, ар екIуэлIэныгъэкIэрэ зэрыгъэзащIэращ ″е (иэ)″ префикскIэ ухуэжа ″еин″ыр зытеухуар. Ауэ ″ин″ глаголыр зы Iуэху глагол лIэужыгъуэщи, ещанэ нэрыбгэм теухуауэ абы и ит зэман лэжьэкIэу ухуэ псалъэм префикс къыхуэхъу ″е″р ″иэй″уэ зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ. Абы (ин) ″е (иэ)″ префикс къыщищтэкIэ, ещанэ нэрыбгэм теухуауэ зэрылъажьэ щIыкIэри ″ири″ префикскIэрэщ. НытIэ, мы зи гугъу тщIы ″ин″ префиксиал ″еин″ глагол лэжьэкIэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «абы ирей {и-р-е(эй)-й}, абы ириящ{и-р-и-я(иа)-щ}, сэ абы изой, сэ абы езящ {е(иэ)зя(иа)щ}».

″Еин″у тха глаголым и ещанэ мыхьэнэр епцlыжыныгъэ хуэдэ мыхьэнэ зиlэу зы псалъэщ. И мыхьэнэ ухуэкlэкlэ ″ин″ префиксиал ″еин″ глаголым хуэдэу лъытапхъэщи, ″ин″ыр зыгуэрыр зыгуэркlэ джыжын lуэхугъуэу зэрыщытым ещхьу лъытапхъэщ мы епцlыжыныгъэ зи мыхьэнэ ″еин″ глаголри, зытет лъагъуэр нэгъуэщl щlыкlэкlэ щlэуфэжын lуэхущ. Зы блыным ифэр щlэуфэнрэ аргуэру зы фэ къегъэщтэн lуэхугъуэщ ″ин″ри, мыбдежым зи гугъу тщlыри, зы щlыкlэр щlэзыуфэ нэгъуэщl зы щlыкlэ къэщтэнращ. Псэлъитlми хэт ″и″ макъхэм ягъэзащlэр зэхуэдэщ, ауэ ″ин″ глаголыр утыку итыххэу ″е (иэ)″ префикс къищтэу зэрыухуэжкlэрэщ абы къытехъукl ″еин″ глагол префиксиалыр зэрыухуэр; епцlыжыныгъэ зи мыхьэнэ ″еин″ глаголыр зэрыпрефиксиалкlэрэщ утыку къызэрихьэр.

Епцlыжыныгъэ зи мыхьэнэуэ зи гугъу тщlы мы ″еин″ глаголым и лъэжьэкlэхэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «ар абы еящ». Мыпхуэдэ зы lуэхур нэрыбгэм езым зызэрыхуищlыжым теухуа щапхъэщ мыхэри: «зэин: ар зэящ, ар сэ къызэящ»; «зеин: ар зеящ, ар сэ къызеящ». Мы щапхъэхэр ″еин″ глагол лэжьэкlэр блэкla зэманыгъуэу зэрыхэтым папщlэ, ″иа → я″уэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ахэр икlи ″я″ тхыпкъымкlэ тха макъхэу зэрыщытым папщlэ, ″я″ тхыпкъым теухуа щапхъэхэу илъабжьэкlи къэтхьынщ.

Ауэ хъун гуэру лъытапхъэу утыку итым теджыкlыхьыжынрэ а хъуагъэххэр щlэхъумэжыныгъэу мы гъэзащlэ lуэхугъуэу зы епцlыжыныгъэ пэлъытэр аргуэру гъэзащlэ зы lуэхугъуэу зэрылъытапхъэрэ зытету щытым текlыныгъэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, ″ж″ суффикскlэрэ ухуэж глаголущ бзэм нэхъ игъуэрэ нэхъыбэу зэрызекlуэр: «еижын: ар еижащ, ар сэ къызеижащ»; «зэижын: ар зэижащ, ар сэ къызэижащ»; «зеижын: ар зеижащ, ар сэ къызеижащ».

″Е″ тхыпкъкlэ тха макъ зэхэжыхьа гуэрэри ″эй, эйй″хэращи, ахэр ″э″ кlэух зиlэ макъхэм ″и″ эффекту щыт ″й″р къыпыхьэу псынщlэрыlуклэрэ къэхъуа макъ зэхэжыхьаращ. ″Й″р утыку къихьа нэужьщ мыхэри (эй, эйй) бзэ лэжьэкlэм къызэригъэхъуари, ″й″м хуэдэу бзэр зэрыхъун хъуарэ лажьэу къэгъуэгурыкlуэу, гъунэгъу лъэхъэнэхэм псэлъэкlэм езым къигъэщlыжа макъ зэхэжыхьахэращ мыхэр. ″И″м къытехъукlыжарэ псэлъэкlэм къигъэщla ″й, е (эй, эйй)″ макъхэр гъунэгъу лъэхъэнэрэ бзэр зэрыхъун хъуа нэужьращ къыщыхъуари, ахэр щхьэж макъ мыхьэнэ зимыlэ макъхэрщ, функциалу бзэм хэт макъхэрщ, щхьэжу бзэм зэрыхэмыхьэнур гулъытапхъэщи, ″макъ псалъэ″ къазэрытемыхъукlынури гурыlуэгъуэщ.

″Э″кlэ ух макърэ псалъэм ″и″ эффекту щыт ″й″ макъ къыклэлъыклуэрэ ″й″р щхьэжу къэlун хуей щымыхъум деж, зэхэжыхьауэ къэlуыкlэ ягъэутри, мыпхуэдэу ухуэ макъ lуэр зэхэжыхьа ″эй, эйй″р ″е″ тхыпкъымкlэщ зэрытхар. Мыпхуэдэ къэlуклэр макъхэм язэхуакуращ къыщыхъури, псалъэм икlэ лъэныкъуэм е ищхьэ лъэныкъуэмкlэ ″э″

макъым къыкlэлъыкlуэ ″й″р зэрызэхэжьыхьу къэхъу ″эй, эйй″рэ ″е″кlэ тхар къызэрыхъум щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыхэр (эй, эйй) псалъэхэр зэрыухуа макъхэм я зэхуакум дэтущ къызэрыlури, префикс-суффиксуи лъытапхъэкъым.

″Эй″р япэрауэ псалъэм икlэ лъэныкъуэм къызэрыхъум деплъынщ: «гъэин → гъеин {гъэ-и-н → гъэ*й*ин → гъе(эй)йн}; хуэи → хуэй → хуей {хуэ-ин → хуэ*й*ин → хуеин}; дэкlуэин → дэкlуеин {дэкlуэ-ин → дэкlуэ*й*ин → дэкlуеин}; дэкlуей {дэкlуэ*й*й → дэкlуей}; хъурэи → хъурэй → хъурей {хъуре(эй)й}».

″Эй, эйй″ макъ зэхэжыхьа къыздыщыхъу щlыпlэм зыри ″е (иэ)″ макъкlэ къежьэрэ префикс къызхуэхъу глаголхэм префикс къыщащтэжращ къыздыщыхъури, мыбыхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Япэрауэ глаголхэм префикс къыщащтэм деж, занщlэу глаголыпкъым ищхьэм къыпыхьэ префиксыр ″э″ кlэух зэриlэкlэрэщи, префиксым и ″э″мрэ глаголыпкъ псалъэр къызэрежьэ макъ lуэрыр зэкlуу къэlун хуей мэхъур. Ар щыхъукlи, префикс кlэух ″э″мрэ глаголыр къызэрежьэ макъ lуэрыр (глаголыр мыпхуэдэ макъ lуэркlэ къежьэмэ) зэхэжыхьауэ къэlун хуей мэхъур. Зи гугъу тщlы глаголрэ и лэжьэкlэр ипэкlэ къызэрыгъэлъэгъуауэ ″е (иэ), е (иэй)″кlэ къежьэу ухуамэ, нытlэ апхуэдэм префикс къыщащтэм деж, префиксыр зэрыух ″э″мрэ мы ″е (иэ, иэй)″м макъзешэ къалэни игъэзащlэу зэхэжыхьауэ къэlун хуей мэхъури, мыбдежым зи гугъу тщlы ″эй, эйй″р утыку къызэрихьэр мыращ, мы макъ зэхэжыхьахэри ″е″ тlыпкъымкlэ зэрытхар гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэр къызэрыхъу щlыкlэм ″е″кlэ тха ″эй, эйй″ макъ зэхэжыхьа къегъэхъури, мыбдежым мыхэр къызэрыхъум щыгъуазэ дыхуэхъунщ, мыпхуэдэхэр къызэрыхъум теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ.

″Е (иэ)″кlэ къежьэу ухуа глаголхэм префикс къащтэу щыуэхуэм деж, префиксыр ″э″кlэрэ зэрыухым ипкъ иткlэ, абы къыкlэлъыкlуэ ″е (иэ)″ри ″э″м зэрыпыщlакlэрэ макъзешэ къалэн гъэзащlэу къэlун папщlэ, ″эйй″уэ зэхъуэкlыу къэlуыкlэ егъуэтри, мыр къызэрыхъу щlыкlэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «елэн {е(иэ)lэн}→ делэн {дэ-е(иэ)lэн → дэ-иэ-lэ-н → дэиэlэн → дэ*й*lэн → делэн}; есэн {е(иэ)сэн}→ зэдесэн {зэдэ-е(иэ)-сэн → зэдэ-иэ-сэн → зэдэиэсэн → зэдэ*й*сэн → зэдесэн}; ехын {е(иэ)хын} → къызэдехын {къызэдэ-е(иэ)-хын → къызэдэиэхын → къызэдэ*й*хын → къызэдехын}».

Мы глаголхэр екlуэlэныгъэ зиlэ lуэхугъуэм теухуащи, къызэрыхъу щlыкlэр екlуэlэныгъэ зыгъэзащlэ ″е (иэ)″кlэрэ къежьэущ. Ауэ глаголу гъэпсахэр екlуэlэныгъэкlэрэ зэрыгъэзащlэ щlыкlэу зэрыухуэжыр ″е (иэ)″ префикс къызэращтэкlэрэщи, мыпхуэдэу префиксиалу ухуэжа глаголхэм аргуэру префикс къыщащтэкlэ, мы къащта префиксым къыкlэлъыкlуэ ″е (иэ)″ префиксыр къызэрыlу щlыкlэри зохъуэкlыр. Мыпхуэдэ щапхъэхэщ мыхэри, ″е (иэ)″ префиксыр зэрызэхъукlрэ къызэрыlу щlыкlэри, ипэкlэ

къэтарэ ″е (иэ)″кlэрэ къежьэу ухуэ глаголхэм къызэрыхэlукl щlыкlэм хуэдэщ: «дзын → едзын {е(иэ)дзын}→ зедзын {зэ-е(иэ)-дзын → зэиэдзын → зэ*йд*зын → зеджын}; тlэн → етlэн {е(иэ)тlэн} → къетlэн {къэ-е(иэ)-тlэн → къэиэтlэн → къэ*йт*lэн → къетlэн}».

″lуэху глагол″хэм я ит зэман лэжьэкlэу уху псалъэхэм и ″ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэр ″е (иэй)″уэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ зы глаголыр префиксиялмэ, нэрыбгэ гъэлъагъуэ ″е (иэй)″м глагол префиксым къызэрыкlэлъыкlуэнур гурыlуэгъуэщи, префиксыр ″э″ кlэухкlэрэ зэрыгъэпсым ипкъ иткlэ, ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэ ″иэй″м дэт ″э″р зэрыпыхужкlэрэ ″эйй″уэ зэхъуэкlыу къоlур. Мыр къызэрыхъу щlыкlэм щапхъэхэм теухуауэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ: «абы ещl {е(иэй)-щl} → абы къещl {къэ-е(иэй)-щl → къэ-иэй-щl → къэ*ййщ*l → къе(эйй)щl → къещl}; абы еухуэ {е(иэй)ухуэ}→ абы деухуэ {дэ-е(иэй)-ухуэ → дэ-иэй-ухуэ → дэ*ййу*хуэ → де(эйй)-ухуэ → деухуэ}».

Мыпхуэдэщ ″lуэху глагол″ лlэужьыгъуэу щыт мы глаголхэм я ит зэман лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэр ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэ ″е(иэй″р ″э″ кlэух зиlэу къыпыхьэ префиксым зыригъэкlуу къызэрыlу хъу щlыкlэм теухуа мы щапхъэхэри: «еукl {е(иэй)укl}→ къеукl {къэ-иэй-укl → къэ*ййу*кl → къеукl}; ещlэ {е(иэй)щlэ} → дещlэ {дэ-иэй-щlэ → дэ*ййщ*lэ → дещlэ}; еухуэ {е(иэй)ухуэ}→ хуеухуэ {хуэ-иэй-ухуэ → хуэ*ййу*хуэ → хуеухуэ}; ехъунщlэ {е(иэй)хъунщlэ} → къызэдехъунщlэ {къызэдэ-иэй-хъунщlэ → къызэдэ*ййх*ъунщlэ → къызэдехъунщlэ}».

″Е″р щхьэж мыфlым теухуа зы ″макъ псалъэ″у зэрылъытэкlэрэ ар зи кlэухыу ухуэ псалъэхэм (уэ, е → уае) ″е (иэ)″р зы ″макъ псалъэ″у зэрыхэт нэхърэ, макъ мыхьэнэуэ хэту лъытапхъэщи, мыпхуэдэхэр ″е (иэ)″ макъым къытехъукlа псалъэхэр зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″у лъытапхъэкъым.

***″Е (иэ, иэй)″*** *макъ lуэр зэхэжьыхьахэм* ***″префикс – суффикс къалэн″****у ягъэзащlэхэр.*

″Е (иэ)″р глаголхэм суффикс щыхуэхъум деж, а глаголыр зытеухуа lуэхугъуэр егъэлеяуэ мэгъэзащlэр. Мыпхуэдэ псэлъэкlэхэр бзэм куэдыщэу щызекlуэу щымытми, ди ″макъ глагол″хэм щыщ гуэрхэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ. ″Е (иэ)″р макъ lуэрым къыщыкlэлъыкlуэкlэ а зэрыщыту зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщ, ауэ ″у″м къыкlэлъыкlуэу щытхым деж, ″е″р ″иэ″уи зэреджапхъэм хуэдэжу макъзешэ къалэн зыгъэзащlэ ″эй, эйй″уи зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщи, ар ″е(иэ)″уэ зэреджэнур къыхэгъэщын папщlэ, ″у, lу″м ″ы″ макъ е ″ъ″ нэгъыщэ къыпыщауэ аргуэру тхыхьым дэту къэгъэлъэгъуащ: «иен, у(ы)ен (уыен - уъен), уэен, lу(ы)ен (lуыен - lуъен), lуэен, сыен, зыен, дзыен, гъыен, гъу(ы)ен (гъуыен - гъуъен), джыен, джэен, дыен, дэен, тыен, тlыен, тlэен, жыен, жэен, жьыен, жьэен, щыен, щэен, щlыен, щlэен, хъу(ы)ен (хъуыен - хъуъен)».

Еклуэлlэныгъэклэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэращ ″е″р префиксу къызпыхьэ глаголхэри, ди ″макъ глагол″ щапхъэхэм щыщу ″е″ префикскlэрэ гъэзэщlапхъэу щымытхэри хэтщ. Ахэр ″-″ нэгъыщэклэ къэгъэлъэгъуащ, ″е″ префикс къищтэми, клэух къищтэу гъэзащlэхэри ″*″ нэгъыщэклэ къэгъэлъэгъуащ: «еун, еин, еуэн, elун, elуэн, сын-, зын-, едзын, гъын-, гъун-, джын-, еджэн, дын-, дэн-, тlын-, етlэн, жын-, ежэн, ежэлlэн*, жьын-, ежьэклын*, жьэн-, щын-, ещэн, щlын-, ещlэклын*, ещlэн, ешэлlэн*, чын-, чэн-, клын-, еклуэклын*, хъун-, хун-, хьын-, елъэн, елэн, лlэн-, плын-, фын-, вын-, вэн-».

Еклуэлlэныгъэклэрэ гъэзэщlэклэ зимылэ глаголхэм ″е (иэ)″ префикс къызэрамыщтэнур гурылуэгъуэщ. Ауэ ахэр зытеухуа lуэхугъуэр зы щlыплэрэ зы джыплэм зэрыгъэзэщlэнур гурылуэгъуэщи, ари ″и″ префикскlэрэщ зэрыгъэлъагъуэр. Ипэклэ къэта щапхъэхэм хэмыхьэ глаголхэр ″и″ префикскlэрэ зэрыгъэпсым теухуа щапхъэхэр зэгъэпщэныгъэ хъун папщlэ, мыбдежым къыщытхьынщ. Аращи, ипэклэ ″е″ префикс къамыщхьэу къэта глаголхэм ″и″ префикс къызэращтэклэрэ ухуэж префиксиал глагол щапхъэщ мыхэри, зэрыгъэзащlэ щlыклэр клэух макъклэ къэlуатэхэри ″*″ нэгъыщэклэ къыхэгъэщащ: «исын – исыхьын*, изын, игъын – игъеин*, игъухьын*, иджыхьын*, идын – идыхьын*, идэн, итlыхьын*, ижыхьын*, ижьын, ижьыхьын*, ищыхьын*, ищlыхьын*, ичын*, ичыхьын*, иклын, ихъухьын*, ихун, ихьын*, илlыхьын*, иплыхьын*, ифыхьын*, ивыхьын*, ивэн».

″lуэху глагол″хэм я ит зэман лэжьэклэм и ″ещанэ нэрыбгэ закъуэ цlэпапщlэ (абы) гъэлъагъуэ″р ″е (иэй)″щи, ар префикс зэрыхуэхъуклэрэщ ″lуэху глагол″ лэжьэклэу утыку къихьэ псалъэхэр зэрыухуэр. Нытlэ, ди ″макъ глагол″хэм щыщу ″lуэху глагол″хэр ит зэману ещанэ щхьэж суетым теухуа зэрылажьэ щlыклэ щапхъэхэр къэтхьынщ: «ей, еу, elуэ, ес,ез, едз, едж, ед, етl, ежь, ещ, ещэ, ещl, ещlэ, ешэ, еч, еху, ехь, елэ, епl, ев, евэ».

**″Я″клэ тха макъ lуэр зэгуэтрэ зэхэжыхьахэр (иа, еа).**

″И″м и куэдагъэр къызэрылуэтапхъэр ″иа″щи, а макъ зэгуэтыр зэхэжыхьауэ къызэрылу щlыклэр зэрытхар алфавитым хэт ″я″ тхыпкъымклэщ. ″И″ макъымрэ къыклэлъыклуэ ″а″мрэ зэхэжыхьауэ къызэрылуфынур ″и″м ″ы″р пыхуу ″й″уэ къызэрылуклэрэщ. Ауэ ″и″р щхьэж макъыу бзэм хэлэжьыхьрэ псалъэхэми ящхьэм къыпыхьэу зэрыщытым папщlэ, ар зэмыхъуэклыу тхын хуейуэ лъытапхъэщ. Икlи ″й″р ″и″ макъ эффекту зэрыщытрэ игъуэ щыхъу дежым ″и″м и къалэн зыгъэзащlэращи, абы и куэдагъэри зэрыигъуэклэрэ ″и″м и куэдагъэу ″я″ тхыпкъымклэ зэрытхын хуейр гурылуэгъуэщ. Аращи, ″и″м и куэдагъэр зэрытхыр мыпхуэдэщ : «иа → я».

″И″м елъытарэ пыщlащ ″и″м къытехъукlарэ кlуэтэгъуэ зыгъэзащlэу зи гугъу тщla макъ зэхэжыхьа ″е (иэ, иэй)″хэри, абыхэм я куэдагъэр къызэрыlу щlыкlэрэ зэрытхын хуейри ″и″м и куэдагъэм хуэдэщ. Аращи, мы макъ зэхэжыхьахэм я куэдагъэр абыхэм ″а″ къакlэлъыкlуэущ къызэрыlуатэри, мыри къызэрыlур ″иа″м хуэдэщ, зэрытхри ″я″уэщ: «еа → я».

Мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуаапхъэщ ″е″кlэ тхарэ ″и″м къытехъукlауэ зи гугъу тщla ″иэ, иэй, эй, эйй″ макъ зэхэжыхьахэм ″а″ къакlэлъыкlуэу я куэдагъ къызэрыlурэ зэрытхыпхъэри, дэтхэнэ зым ″а″ къыпыхьэжу къызэрыlурэ зэрытх щlыкlэм деплъынщ: «иэа → иа → я; иэй → иэйа → иа → я».

Мы къэтlуэтахэм ″я″ тхыпкъым хиубыдэ макъхэр зэрызэщхьэщыкlыр хыболъагъуэр, ″а″р къызкlэлъыкlуэ ″и, е″ макъхэм елъытауэ къызэрыlу щlыкlэращ ″я″р. Ар жыжьагъэ къизыlуэ ″а″р ″и, е″м къыкlэлъыкlуэу къызэрыlу щlыкlэращи, мыпхуэдэу къэlуыкlэ зыгъуэтарэ ″я″уэ тха макъ зэхэжыхьахэм макъ щэху къыпыхьэжрэ макъзешэ къалэн гъэзэщlэн хуей щыгъум деж, хуиту къэlуыкlэ зэригъуэтыжрэ макъзешэ къалэн зэригъэзащlэкlэрэ ″я″р ″а″уэ зохъуэкlыжыр. Ар (я) ″иа″уэ къэlуыкlэ зиlэ макъщи, мы зэрыщыткlэрэ къэlуу бзэм зэрыхэлэжьыхьым папщlэ, макъзешэ къалэни игъэзащlэкъым. ″И, е″р щхьэжрэ псалъэ къежьапlэу, е макъ lуэрым къыкlэлъыкlуэу щытущ и куэдагъ ″я″р утыку къыщихьэри, ар ″макъ lуэр зэхэжыхьа″ щхьэ, макъзешэ къалэн зымыгъэзащlэрщ.

Щхьэж макъыу бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ ″макъ псалъэ″и къызэрытехъукlыр гурыlуэгъуэщ ″и″ макъми, нытlэ, япэрауэ ″и″м и куэдагъэри (иа → я) щхьэж макъыу бзэм зэрыхэлэжьыхьыфынур гурыlуэгъуэщ. ″И″м ″макъ псалъэ″хэр {ин (гл), ин (инагъ), и (8)} къызэрытехъукlри гурыlуэгъуэщ, ауэ мы псалъэхэм я мыхьэнэм елъытащи, абыхэм я куэдагъэр ″я (иа)″кlэрэ къэlуатэкъым. Икlи ″е (иэ)″м къытехъукl ″макъ псалъэ″хэм (ар е мыр; е, ер, ем) я куэдагъэри щхьэж зы ″макъ псалъэ″у ″я″кlэрэ къэlуатэкъым. Ар (я) ″и″мрэ абы къытехъукlыу ″е″кlэ тха макъ зэхэжыхьахэм я куэдагъэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, зи куэдагъ къызэрыlуатэм пыщla макъ мыхьэнэуэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къызэращlщи, ***″я (иа, еа)″*** *макъым щхьэжу* ***″макъ псалъэ″*** *къытехъукlкъым.*

*″****Я (иа, еа)″*** *макъыр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″****.*

Мы къэтlуэтахэм зэрезэгъщи, ″и″мрэ абы къытехъукlыу ″е″кlэ тха ″иэ, иэй″ макъ зэхэжыхьахэм я куэдагъэр ″я″кlэрэ къоlуатэр. Ар (я) мы макъхэм ″а″р кlэух язэрыхуэхъу щlыкlэущ къызэрыхъуи, ″а″ макъым куэдагъ, жыжьагъ, блэкlагъ къызэригъэлъагъуэм щыгъуэращ ″я″р утыку къызэрихьэр.

″И″рэ ″е (иэ)″р щхьэж макърэ ″макъ псалъэ″уи хэтщ бзэм, икӏи псэлъащхьэхэми къыпохьэри, мыпхуэдэу ухуэу утыку къихьа псалъэхэм хэт ″и, е (иэ)″м ипӏэ иувэкъым.

Зыгуэрым и куэдагъ къэӏуэтапхъэхэр ″а″ращи, ар зи гугъу тщӏа макъыхэм къыкӏэлъыкӏуэу къызэрыӏу щӏыкӏэкӏэ утыку къихьэ ″я″м теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ. Ар мыпхуэдэу, нэхъыбэм деж, ещанэ нэрыбгэ куэдагъ къыриӏуэу зэрылэжьэнур гурыӏуэгъуэщи, ещанэ щхьэж нэрыбгэ гъэлъагъуэ ″и, е (иэй)″м и куэдагъэр къыщыӏуатэкӏэ къэхъу ″я″м теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ.

″Ӏуэху глагол″ лэжьэкӏэу ухуэ псалъэхэр ещанэ щхьэж нэрыбгэм теухуауэ зэрыухуэр ″и″рэ ″е (иэй)″уэ зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщи, ещанэ нэрыбгэ куэдагъ гъэлъагъуэри мыбыхэм я куэдагъ къизыӏуэу ″а″ къызэрыпыхьэу ″иа → я″рэ ″еа (иэйа) → я″щ. Мыр ″Ӏуэху глагол″ лэжьэкӏэм теухуащи, префикс къалэну зэрылъытапхъэм папщӏэ, илъабжьэкӏэ мыбыхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ, ауэ мыбдежым зы ″Ӏуэху глагол″ым (ин) теухуауэ ″и, е (иэй)″ куэдагъэр къызэрыхъу щӏыкӏэм теухуа щапхъэ къэдгъэлъэгъуэнщ: «ин → ей {е(иэй)-й}→ яй {я(еа)-й → е(иэй)а-й → иэйа-й → яй}»; «ин → иящ {и-я(иа)-щ} → яящ {я(иа)-я(иа)-щ}».

Зэхуэдэу ″я″ тхыпкъымкӏэ тха щхьэ, мы къэта щапхъэхэм хэплъагъуэ ″я″м хэт макъхэр зэрызэхуэмыдэр гулъытапхъэщи, ахэр къызэрыӏу щӏыкӏэр хиубыдэ макъхэр зэрызэхуэмыдэм езэгъыу зэщхьэщокӏыр. Аращи, ″яй″ щыжыпӏэм деж, ″я″м ″й″и къыхэӏукӏыщ къызэрыӏур; ауэ ″яящ″ псалъэм хэт ″я″хэр къызэрыӏу щӏыкӏэм ахэр ″иа″уэ зэрыщытым ущегъэгъуазэр.

Ещанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэ ″и, е (иэй)″р куэдагъэкӏэ зэхъуэкӏыу мы къэта щапхъэхэм блэкӏа зэманыгъуэ лэжьэкӏэхэри хэтщи, псалъэр ″е, и″кӏэрэ зэрыухым папщӏэ, абыхэм ″а″ къыщыкӏэлъыкӏуэкӏэ, ″я″уэ къызэрыӏур гулъытапхъэщ. ″А″р икӏи блэкӏа зэманыгъуэ гъэлъагъуэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщи, глаголхэм я блэкӏа зэманыгъуэ лэжьэкӏэр псалъэм хэт ″и, е (иэ, иэй)″ макъхэм ″а″р къыщыкӏэлъыкӏуэкӏэ къэӏу макъыр ″я″щ. Мыпхуэдэ щапхъэхэр ″е″ макъым щыгъуэ зи гугъу тщӏа ″еин-3″ глаголхэм теухуауэ къэтхьынщ: «еин (еиныгъэ): абы еящ {е(иэй)-я(иа)-щ} → абыхэм яйщ {я(иэйа)-и-щ)}, абыхэм яящ{я(иэйа)-я(иа)-щ}»; «еин (″е″ префиксиал ″ин″): абы ириящ {ири-я(иа)-щ} → абыхэм ираящ {ира-я(иа)-щ}»; «еин (епцӏыжыныгъэ): ар абы еящ {е-я(иа)-щ}; ар абыхэм яящ {я(иэа)-я(иа)-щ}».

″Я″р ″иа, еа″уэ макъ Ӏуэр зэгухьэ-зэхэжыхьауэ къэхъуарэ дэтхэнэ зы щӏыпӏэми а къызэрыӏум хуэдэу къэӏун хуейуэ щытщи, абы макъзешэ къалэн игъэзащӏэкъым. Аращи, ″и, е″уэ къежьэрэ глагол лэжьэкӏэу ухуэ псалъэхэм нэгъуэщӏ префикс къыщыпыхьэжкӏэ, нэрыбгэ куэдагъэр макъ зэгуэхьэныгъэкӏэрэ зэрыухуа щӏыкӏэм елъытауэ ″я″уэ къэӏун хуей

хуэдэми, макъ щэху нэужым макъзешэ къалэн зыгъуэзэщlэфу щыт ″а″уэщ къызэрыlур. ″Е″ макъым щыгъуэ къызэрыдгъэлъэгъуащи, ″е (иэ, иэй)″м ищхьэм макъдэкlуашэ гуэрыр префиксу къыщыпыхьэм деж, ″е (эй, эйй)″уэщ зэрызэхъуэкlри, мыбыхэм я куэдагъэри ″а″уэщ (эйа → а; эййа → а) къызэрыlур: «ин: абы ей → абыхэм яй»; «еин: абы ирей {и-р-е(эйй)-й}→ абыхэм ирай {и-р-а(эййа)-й}».

И макъ мыхьэнэм къызэрыгуэкlкlэ, ″и″р щхьэж макъыу псалъэхэм ипэ къихуэу, а псалъэр зытеухуа гуэр гурыlуэгъуэ къищlыу къегъэлъагъуэр, икlи псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэу, а псалъэр нэгъуэщl гуэрым зэрыпыщlауэ утыку къызэрихьар гурыlуэгъуэ ищlыу бзэм холэжьыхьри, ″и″м мы къигъэлъагъуэрэ гурыlуэгъуэ къытхуищlым и куэдагъэри къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мыпхуэдэ щапхъэхэр къэтхьыжу, ″и″м и куэдагъэр ″я (иа)″кlэрэ къызэрыlуатэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Псалъэ гуэрхэм ищхьэм ″и″р къыпыхьэжу а псалъэр зэлъытарэ зытеухуа гуэру зэрыухуэжкlэрэ плъыфэцlэ лlэужьыгъуэу зэрызэхъуэкlым теухуа щапхъэхэр ″и″ макъым деж къэтауэ щытащи, абыхэм я куэдагъэр (я: иа) къызэрыlуатэ щlыкlэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ: «игу → ягу; ику → яку; икlэ → я икlэ; ипэ → япэ, я ипэ – я япэ; ипlэ → япlэ; ифэ → яфэ; ищхьэ → ящхьэ, я ищхьэ – я ящхьэ; илъабжьэ → ялъабжьэ, я илъабжьэ – я ялъабжьэ; ибгъу → ябгъу, я ибгъу – я ябгъу».

Мы къэта псалъэхэм я мыхьэнэм елъытащи, псалъэ гуэрхэр къызэрежьэ ″и″м и куэдагъыр (я) игъуэкъым (икlэ), псалъэ гуэрхэр къызэрежьэ ″и″м и кlуэдагъэри, а зэрыщыту куэдагъэм теухуауи къоlуатэри, мыри ар зытеухуа lуэхугъуэращ зэлъытар. Псалъэм папщlэ, ″ипэ″р зы зэманыгъуэмэ ″япэ″уи къэlуэтапхъэщ, ауэ ар зыгуэрым пыухытыкlауэ ″ипэ″ лъэныкъуэм теухуамэ, ар куэдагъэм теухуами ″ипэ″щ (я ипэ).

Мыхэр псалъэм ищхьэм ″и″р зэрыпыткlэрэ ухуа псалъэхэращи, ″и″р псалъэм ищхьэм пымытрэ псалъэм ипэкlэ щхьэж макъыу щытмэ, мыпхуэдэр ″псалъэ зэпха″уэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. ″И (- я)″р псалъэм ищхьэм къыпыхьэу ухуэжауэ ипэкlэ къэта псалъэхэр плъыфlэцlэщи (ифэ, ипэ, икlэ), ахэр къызтехъукlа псалъэхэр (фэ, пэ, кlэ) щыlэцlэщи, абыхэмрэ ахэр зэпхар къизыlуэ псалъэмрэ я зэхуакум ″и (- я)″р щхьэж макъыу къыщыдэхьэж деж ″псалъэ зэпха″ зэрыухуэнур гурыlуэгъуэщ. Ауэ ахэр зэпхар зы псалъэкlэ къэмыlуатэми, абыхэм ипэ щхьэж макъыу зыкъэзыгъэлъагъуэ ″и (- я)″ макъым ар зыгуэры зэрепхауэ зэрыщытращ гурыlуэгъуэ къищlыр. Ар щыхъукlи, зы псалъэкlэ къэмыlуэтами, щхьэж макъыу щыт ″и″м къыкlэлъыкlуэмкlэ мынаlуэу зы ″псалъэ зэпха″ зэрыухуэр гурыlуэгъуэщ. Мыпхэдэ щапхъэщ мыхэр: «и гу → я гу; и ку → я ку; и кlэ → я кlэ; и пэ → я пэ; и пlэ → я пlэ; и фэ → я фэ; и щхьэ → я щхьэ; и лъабжьэ → я лъабжьэ; и бгъу → я бгъу».

″И (- я)″м къыкlэлъыкlуэ псалъэр зэпхар къыщыlуатэм щыгъуэращ lупщlыу зы ″псалъэ зэпха″ щыухуэнури, нытlэ, мы къэта щапхъэхэм хэт псалъэр зэпхари къэlуатэу ″псалъэ зэпха″ lупщl щапхъэхэри къэтхьынщ: «абы и гу → абыхэм я гу; абы и ку → абыхэм я ку; шым и кlэ → шыхэм я кlэ; цlыхум и пэ → цlыхухэм я пэ; Пытlэ и пlэ → Пlытlэхэ я пlэ; мэлым и фэ → мэлхэм я фэ; щынэм и щхьэ → щынэхэм я щхьэ; lуэхум и лъабжьэ → lуэхухэм я лъабжьэ».

Мы къэта щапхъэхэм нэмыщlыу, ″я″ макъыр къызхэlукl псалъэхэми урахьэлlэр. Мыпхуэдэщ мыхэри: «ятlэ (етlэныгъэ зиlэ), яжьэ (ягъажьэрэ жьэныгъэм къыхэхъукl жьгъей), ябгэ (мыгъэсарэ бгым ета)».

Мыбыхэм хуэдэщи, ″ягъэ екlынкъым″ псалъэм хэтри, ар мыфlыгъэ зи мыхьэнэ ″макъ псалъэ″у щыт ″е″м къытехъукlауэ лъытапхъэщ: «еигъэ екlынкъым → ягъэ екlынкъым → ягъэ кlынкъым». Еигъэр ягъэу къызэрыlуатэм къызэрыгуэкlыу жыlэпхъэщ ″elуящlэ″ псалъэри къызэрыхъури, ар къызпыщlэхуэм elу-епыджу щытрэ еигъэ зыщlэр зэрылъытэращ.

Мы къэта щапхъэхэм къызэрыхэщкlэщ ″я″р адыгэбзэм зэрыхэтри, ар макъзешэкъым. Икlи, псэлъэкlэу дэтхэнэ зы щlыпlэм ″и, е″м ″а″ къыкlэлъыкlуэу къызэрыlу щlыкlэр ″я″уэ тхыпхъэкъым. Нэхъыкlэжщи, ″и″кlэрэ ухрэ ″а, я″кlэрэ къежьэу зэкlэлъхьэужьу щытрэ зэгуэту щымыт псэлъитlыр ″я″кlэрэ зэгуэбгъэхьэныр игъуэкъым. Ауэ урысыбзэм зэрырагъэщхьрагъэнщи, литературэбзэм ″я″р макъзешэ къалэнкlэрэ ятх хабзэ къэхъуащ: «дяпэ, дяпэкlэ; дянэ, дядэ». Икlи мы псалъэхэр зэрыухуа щlыкlэу, псалъэм и кlэух ″и″мрэ абы къыкlэлъыкlуэ псалъэм ищхьэм пыт ″а, я″р ″я″кlэ къэlуу псэлъитlыр зэгуагъэхьащи, мы тхэкlэрэ къэlуэтэкlэр пэжкъым. Мы псалъэхэр литературэбзэу зэрытха щlыкlэм къыкlэлъыкlуэу, ар зэрытхын хуейр къэдгъэлъэгъуэжынщи, щыуагъэм гулъытэ хуэнщlынщ: «дяпэ → ди япэ; дяпэкlэ → ди япэкlэ; дянэ → ди анэ; дядэ → ди адэ».

*″**Я**″ макъыр ″**префикс – суффикс къалэн**″кlэрэ бзэм зэрыхэтыр.*

″lуэху глагол″хэм я лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэр ещанэ щхьэж нэрыбгэм (закъуэ) теухуауэ зэрыухуэр ″и″рэ (ит зэманым нэмыщl лэжьэкlэ) ″е (иэй)″уэ (ит зэман лэжьэкlэ) зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мыхэр ещанэ нэрыбгэ куэдым теухуауэ зэрыухуэрэ къызэрыlуатэр ″иа″рэ ″иэйа″уэ ″я″кlэрэщ. Араща, ″lуэху″ лlэужьыгъуэрэ ″lуэху глагол″ лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэм ипэ къихуэу ″ещанэ нэрыбгэ куэдым (абыхэм)″ е ″ещанэ куэдагъ цlэпапщlэ (абыхэм)″ зыгъэлъагъуэу ″ещанэ куэдагъ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″ къалэнкlэрэ ″префикс″ яхуэхъур ″я″щи, абы ипэ къихуэу псалъэм нэгъуэщl ″префикс″ къыщыпыхьэм деж, ″я″р ″а″уэ зохъуэкlыр. Мыбыхэм теухуа щапхъэхэр ″lуэху лlэужьыгъуэ″хэу ″ещанэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″хэмрэ (е, и) ″ещанэ куэдагъ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″у ″а″ макъым и гугъу щытщlым дежи къыщытхьащ.

Нытlэ мыбдежыми ди ″макъ глагол″хэм щыщ ″lуэху глагол″ гуэрхэм я лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэм ипэ къихуэу ″префикс″ къалэн зыгъэзащlэ ″ещанэ куэдагъ цlэпапщlэ (абыхэм) гъэлъагъуэ″м (я) теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ. Япэрей щапхъэхэр ит зэманым теухуащ (иэйа → я), къыкlэлъыкlуэри ит зэман нэмыщl щапхъэхэщ (иа → я): «яй, яу, яlуэ, яз, ядз, ядж, яд, ятl, яжь, ящ, ящэ, ящl, ящlэ, яшэ, яч, яху, яхь, ялэ, япl, яв»; «яящ, яунщ, яlуащ, яlуэнщ, язащ, ядзынщ, ядынущ, ятащ, ятlынщ, ящынущ, ящащ, ящlынщ, ящlэнущ».

″Я″кlэ гъэлъагъуэр ″иа, еа″уэ зэрыщытыр жытlагъащи, упщlэ ухуэкlэу ″а″ макъым деж и гугъу зэрытщlауэ, ″и, е″кlэ ух псалъэм ″а″ къызэрищтэкlэрэ ухуэ упщlэр ″иа, еа″уэ ″я″кlэ зэрытхри гурыlуэгъуэнщ: «ин → иа → я?; уае → уэеа → уэя?; диин → дийа → дия?; фиин → фийа → фия?; кlуриин → кlурийа → кlурия?».

**″И″ макъыр.**

″И″ макъым къытехъукlа зы макъри ″lи″ращ. Щыlэгъуэ зыгъуэтыр зэрыджрэ утыку къызэрихьэм теухуа ″и″ макъыр абзсисыгъэ зи мыхьэнэщ. Абы (и) и лимитацэу лъытапхъэ ″lи″ макъыр абзсисыгъэрэ джыгъуэ зымыгъэзащlэу, ″и″м езым зызэригъэлъагъуэ къалэн зыгъэзащlэ макъщ. ″И″р бзэм хэлэжьыхьу зэрыщlидзэрэ, дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэф щlыкlэу зэрызекlуэм иужькlэ абы къытехъукlа макъщ ″lи″р. Дэтхэнэ зыгуэрыр зы псалъэу къэмыlуэтами, абы ипlэкlэ къэlурэ ар зылъытэф ″и″ макъыр дэтхэнэ зы псалъэм ищхьэрэ икlэми къызэрыпыхьэкlэрэ игъэзащlэ къалэнрэ мыхьэнэр гурыlуэгъуэ къытхуэхъуащи, абы (и) езыр щхьэжрэ зэрыитыкlэрэ зэрылъытэу ″и″м къытехъукlащ ″lи″р. Абы ″и″м игъэзащlэр игъэзащlэкъыми, ″и″м бзэм хэту игъэзащlэхэмрэ псалъэхэм яхуигъэзащlэм и пхэндж lуэхугъуэщ ″lи″м игъэзащlэр. Мы псалъэм гурыlуэгъуэ зэрищlщи, щыlэгъуэ зыгъуэтыр абзсисыгъэрэ джыгъуэм зэрыхуэкlуэжрэ щхьэжрэ абзсисыгъэр абсэлуднэсенеу зэрылъытэращ ″lи″м игъэзащlэр.

Дэтхэнэ гуэрыр зы джыгъуэу зэрыщытрэ зы абзсисыгъэу зэрыщытрэ зы абзсисыгъэм зэриткlэрэ, а гуэрыр зит абзсисыгъэм зэрыхунэсыр къигъэлъагъуэущ ″lи″м игъэзащlэ lуэхугъуэри, ари хунэсыныгъэ ″с″ макъыр къызэрыпыхьэжкlэрэщ бзэм зэрыхэт закъуэр. Абы мы игъэзащlэ lуэхугъуэр бзэм куэдыщэу зэрыхэмылэжьыхьынур гурыlуэгъуэщи, зыгуэрыр зытеухуам хунэсыныгъэкlэрэ зэрылъытэ ″lис″ закъуэущ. Ар нобэ бзэм зэрыхэт щlыкlэ закъуэр мыпхуэдэ мыхьэнэращ, икlи абы гурыlуэгъуэ къытхуищl закъуэ псалъэущ: «″ис, зыlис″: зыгуэрыр зытеухуарэ зэрыджыпlэм зэрынэсыр».

Мыпхуэдэ мыхьэнэ иlэщ ″lи″ми, ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри, мы къытехъукlа псалъэм гурыlуэгъуэ зэрищlыу, зыгуэр къигъэлъагъуэрэ

псалъэхэр зэригъэлажьэкlэрэкъыми, а гуэрыр зытеухуарэ зыхуэlуа джыгъуэрэ абзсисыгъэм (и) езыр къыриlуэу зы упщlэ зэрыухуэущ: «сыт зыlисыр? Сытым и lис».

Мыбы нэмыщl бзэм хэту ″lи″р зыщыплъагъу щlыпlэхэр ″lы″р ″lэ-ы → lы″уэ бзэм зэрыхэтым хуэдэщи, ″lэ-и → lи″уэщ: «lихын (lэ-и-хын), къыlихын (къы-lэ-и-хын)».

Джыгъуэрэ джыпlэу щыт ″и″р джырэ джыпlэм иту утыку къихьэ дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэрэ къэзыгъэлъагъуэращ. Зыгуэрыр зи лlэужьыгъуэрэ зытеухуауэ зэрыщытыр, ар зи щlысрэ зыlисыр къэгъэлъэгъуэнри ″и″м зэрырехьэлlакlэрэ гъэзэщlапхъэщи, ″и″м езыр щхьэжу зэрызэхьэлlэныгъэу зэрыщыткlэрэ лъытэнри ″и″м и лимитацэ ″lи″уэ зэрыгъэзэщlапхъэр гурыlуэгъуэщ. ″И″м къытехъукlарэ игъэзащlэ закъуэри гурыlуэгъуэ къытхуэхъуа ″lи″ макъыр утыку къызэрихьарэ къызщихьари гурыlуэгъуэ къытхуэхъуагъэнщи, абы къиlуатэ lуэхугъуэр цlыхур щыхуэныкъуэращ, ари мыпхуэдэ еплъыкlэрэ гупщысэкlэ щигъуэту щыхузэфlэкlым щыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Ауэ къызэрыхъуарэ зыlисыр гурыlуэгъуэщи, ″lи″ри щхьэж зы макъыу бзэм хэхьэкъым, абы ″макъ псалъэ″ къытехъукlкъым.

**″lЕ″ макъыр.**

″Е (иэ)″ макъым и пlытlарэ лимитацэу утыку къихьауэ жыlэпхъэщ ″lе″ макъри, ар ″е (иэ)″ нэужь макъыу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи ипэкlэ игъэзащlэр гурыlуэгъуэ къытхуэхъууэ щыт ″lи″ макъым и кlуэтэгъуэу къэхъуауи лъытапхъэщ ″lе (lиэ)″ макъри, ар щхъукlэ, ″lе″р икlи ″lи″ нэужь къэхъуауи лъытапхъэ макъщ.

Щхьэж бзэм щызекlуэмрэ псалъэ кlэухыу къыщыкlуэм деж, зыми емылъытауэ кlуэтэгъуэ зиlэу бзэм хэлэжьыхь ″е″ макъыр фlыгъэ зимыlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, абы и лимитацэу утыку къихьэ ″lе (lиэ)″ макъым щхьэж мыфl макъ мыхьэнэ зэриlэнур гурыlуэгъуэщ. Мыбы хуэдэщи, езыр япэу джыра джыпlэу щыту, джыгъуэ зиlэрэ дэтхэнэ гуэрыр къэзыгъэлъагъуэрэ къизыlуэф ″и″м и лимитацэ ″lи″м езы ″и″м нэмыщl къызэримыгъэлъагъуэр зэрыгурыlугъуэу, абы и кlуэтэгъуэри зыми емыхьэлlарэ пымыщlауэ кlуэтэгъуэ зиlэнырщи, мыбыи зэрезэгъкlэрэщ ″lи″ макъми къытехъукlыжыфу зэрыщытынур гулъытапхъэ ″lе (lиэ)″м и мыхьэнэр.

Къызэрыхъуа щlыкlэу мы лъэныкъуитlми зэрезэгъыу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ ″lе″ макъым игъэзащlэрэ и мыхьэнэри, ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри мыпхуэдэщ. Аращи, щыlэгъуэрэ къэхъу къэщlыр хъугъуэфlыгъуэу зылъытэ адыгэбзэм щыlэгъуэрэ щыlэуэ хъуам пымыщlарэ емылъытаращ ″**lе**й″уэ илъытэр. Щхьэж зы макъыу мыфlыр къизыlуэфыну утыку къихьэ ″lе″ макъ мыхьэнэр хъугъуэфlыгъуэу

зэпкъырыува бзэм хэхьэу хэлэжьыхьын папщlэ, ар щыlэгъуэм зэремызэгъ щlыкlэу зэрыджыр къэзыгъэлъагъуэ ″и″ макъри къыпыхьэжын хуей мэхъур! Мыфlыр щхьэжу зылъытапхъэ зы макъыу утыку къихьами, ″lе″ макъыр щхьэжуи мыфlыр къизыlуэу, зы ″макъ псалъэ″уи лъытапхъэщ. Ауэ ар зэрыдж щlыкlэущ бзэм зэрыхэхьэри, мыпхуэдэу ухуа ″**lей**″ри зы ***″макъ псалъэ″****у лъытапхъэщ.*

***″lE″*** *макъым къытехъукlа* ***″макъ псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукlыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

″lе″ макъ мыхьэнэр мыфlым теухуащи, ар зэрыджкlэрэщ бзэм мыфlыр ″lе″м къытехъукlыу бзэм зэрыхэхьэр. Мыпхуэдэу къэхъуа ***″lей″****р зы макъ псалъэу* лъытахъэмэ, ***къыпыхьэ макъхэмкlэ*** *ар* ***бзэм зэрыхэлэжьыхьым*** теухуа щапхъэщ мыхэр: «lеижь, lеигъэ – lеягъ, lеигъэ, lеигъуэ».

″lе″ макъми и мыхьэнэр зэрымыфlыр ″е″м хуэдэщи, егъэлеиныгъэрэ зыми зэрыпымыщlаращ. Мы егъэлеиныгъэр къызэрыхэщкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэщ мы щапхъэхэри, мыфlым фlыр зэрилъытэ щlыкlэу зэреджапхъэр гурыlуэгъуэу щыт мы щапхъэхэм ″lей″р егъэлеиныгъэ мыхьэнэкlэрэ зэрыхэтыр гурыlуэгъуэщ: «lейуэ фlы, lейуэ дахэ, lейуэ ин, lейуэ цlыкlу, lейуэ кlагуэ, lейуэ кlыхь».

Зы ″макъ псалъэ″у лъытапхъэ ***″lей″****м къытехъукlа* ***″псалъэ зэгуэт″****хэу* лъытапхъэщ илъабжьэкlэ къэтахэри, псалъэ зэгухьэм щыхиубыдэм деж, хуиту къэlун папщlэ ″l″ нэгъыщэр къыхэмыlукlыж зэрыхъур гулъытапхъэщ: «″нэхъ, lей″ → нэхъ-lей → нэхъей; ″нэхъыкlэ, lей″ → нэхъыкlей». Мыбыхэм я къэlуэтэкlэу къэхъуа ″псалъэ зэгуэт″щ мыхэри: «нэхъеиж, нэхъыкlэж».

Егъэлеиныгъэрэ зэпыщlэныгъэ зимыlэныгъэщ ″lе″ макъ мыхьэнэри, икlи мыбы папщlэщ ″lей″р къызэрытехъукlыр. Ипэкlэ мыфlым фlыр зэрылъытэ щlыкlэм теухуа щапхъэхэри къэтащи, мыпхуэдэу лъытапхъэ псалъэщ ″фlей″р. Ар икlи ″фlы, lей″ псалъэхэр зэрызэгухьэкlэрэ къэхъуа ″псалъэ зэгуэт″уи лъытапхъэщ, икlи ″фl″ макъ мыхьэнэр къыпыхьэ макъкlэрэ зэрылажьэу къэхъуа псалъэуи лъытапхъэщ.

***″lE″*** *макъыр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″****.*

Ерыгъэрэ lейгъэм лъабжьэ хуэхъу макъ мыхьэнэхэр фlырыфlкlэ зэрымыджыр гулъытапхъэщ. ″lе″р ″й″ кlэухкlэрэщ ″ер″ыгъэу зэрыджри, ар макърэ псалъэхэм кlэух язэрыхуэхъури мыпхуэдэущ. ″lе″р кlэух зыхуэхъур зэрымыфlыр къизыlуэращи, зэрыджыну щlыкlэу ″и″ри къызэрыпхьэкlэрэщ зэрылажьэр. Ар щыхъукlэ, мыпхуэдэр макъ мыхьэнэ лэжьэкlэу зэрылъытапхъэм хуэдэжу, икlи псалъэм къызэрыпыхьэм елъытауэ утыку къихьэ бзэ лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэр ″псалъэ зэгъуэт″у лъытапхъэщ.

Ауэ ар кlэух щыхъукlэ нэхъыбэм деж а зэрыпlытlакlэрэ къызэрыlур хэгъуащэу ″ей″ кlэухым хуэдэу къоlур. Ар щыхъукlи, ″ей″кlэрэ ух псалъэ

гуэрхэмрэ ″lей″кlэ ухыу ″ей″уэ къэlу псалъэхэр зэхэгъэкlыгъуей мэхъур. Псалъэм папщlэ, ″щlыкlей, псэлъэкlей″ псалъэхэм мыхьэнитlкlэрэ еджапхъэщ: «зыр ″щlыкlэ зиlэ″, ″псэлъэкlэ зиlэ″; адрейри ″щlыкlэ lей, щlыкlэншэ″, ″псэлъэкlэ lей″».

″lей″ кlэухыр къызэрыlу щlыкlэущ зэратхри, мы и гугъу зэрытщlарэ къэта щапхъэхэм хуэдэу, ар къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм ″ей″уэ къыхolукlыр: «ней (нэ-lей), ней нейуэ къэплъащ, нейпсей (нэ-lей, псэ-lей), щlыкlей (щlыкlэ-lей), флей (флы-lей), псэлъэкlей (псэлъэкlэ-lей)».

″lе″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэу къэта мы щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, ахэр икlи *″lе″ макъым къытехъукla* ***″lей″*** *псалъэр зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″****хэу лъытапхъэщ*.

Ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр мыпхуэдэщи, ар кlэух зэрыхъуу мы зи гугъу тщla бзэ лэжьэкlэри ***″префикс – суффикс къалэн″****у лъытапхъэкъым.*

## «У, lУ, О (ЭУ)» МАКЪ ГУПЫР

### ″У″ макъыр.

″У″ макъри натуралу тхьэмбылэм къикlыж жьыр хуиту жьэм къызэрыжьэдэкlкlэрэ къэlуу зы макъщ. Ар къызэрыхъуа щlыкlэу зи гугъу тщlахэм зэрезэгъкlэрэщ мы къызэрыlу щlыкlэри, ари натуралу ужьыгъуэ зиlэрэ кlэ зимыlэу кlуэр къызэрыlуатэ макъщ, ар гурыlуэгъуэ зэрыхъур мыпхэдэщ: «у(!); уу(!)».

*″****У″*** *макъым къытехъукl* ***″макъ псалъэ″****хэр.*

Макъ lуэр къэхъуныгъэ лъагъуэм ″и″м къыкlэлъыкlуэу утыку къихьар ″у″ макъращи, абыи макъ мыхьэнэ зэригъуэтар гурыlуэгъуэщ. Зэрыгурыlуэгъуэнщи, мы и къэхъуныгъэм ипкъ иткlэ, бзэ къэхъуныгъэ пэщlэдзэм ″у″ макъыр и макъ мыхьэнэкlэрэ зекlуэу мащlэ икlуагъэнкъым. Бзэр зэпкъырыувэ пэщlэдзэу ″у″р и макъ мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэи бзэм зы ″макъ псалъэ″уи зэрыхэлэжьыхьари мащlэу къыщlэкlынкъым. Ар къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъщи, и мыхьэнэр нобэ ар бзэм зэрыхэт ″ужьын, ужьыныгъэ″щ. ″Ужьын, ужьыгъуэ″ псалъэхэр ″у″ макъ мыхьэнэм и хроникэ (жь) мыхьэнэ зиlэу ухуа псалъэхэщ. Абы и мыхьэнэр гурыlуэгъуэ къытхуэхъун папщlэщ мы щапхъэхэр къыщlэтхьари, мыпхуэдэ мыхьэнэкlэрэ ″у″р занщlэу ″макъ псалъэ″уи бзэм зэрыхэтыр гурыlуэгъуэщ. Ар бзэм занщlэу ″макъ псалъэ″ хэхъухьащи, ″у″р глаголыпкъ зыхуэхъуа ″**у**н″ глаголыр мыпхуэдэщ.

″У″ макъ мыхьэнэр бзэмкlэ къызэрыlуэтапхъэр ужьыгъуэущи, ″ун″ глаголым нэмыщl, ″у″ кlуэтэгъуэ ″уэ″ри псэущхьэм и ужьыгъуэ къизыlуэ ″**уэ**н″ глаголыпкъыу бзэм хэхьащ.

Ужьыгъуэ зи мыхьэнэ ″у″м къытехъукIа мы глаголхэм нэмыщI, щIы гущIыIу нэщIыгъуэшхуэу псэущхьэм дежкIэ зыужьыгъуапIэ нэхъыщхьэу щытри зы ″макъ псалъэ″у ″**уэ**″уэщ зэрылъытар (уэгу, уэфэгу).

Уэгурэ уэфэгуу щыт нэщIыгъуэм нэмыщI, псэущхьэр зэрыбауэрэ къишэ жьыри ″**уэ**″уэ къоIуатэр.

Уэгум къыщыхъурэ уэру къех мыл лIэужьыгъуэ цIыкIухэри зы ″макъ псалъэ″у ″**уэ**″уэщ зэрылъытар. Ауэ зэрыгурыIуэгъуэщи, мыр ″уэ″уэ зэрылъытар уэгурэ уафэр щхьэж ″уэ″уэ зэрылъытамрэ ″уэн″ Iуэхугъуэрзэрылъытамелъытащ, икIи абыхэм куэдыIуэкIэ иужькIэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

Мы зи гугъу тщIа ″уэ″м ипэIуэкIэ къэхъуарэ икIи уафэр зэрылъыта ″уэ″мрэ, абыи ипIэIуэкIэ лъытауэ щыт ″ун, уэн″ псалъэхэр къызэрыхъуам елъытауэ иужьыIуэ къимынэу къэхъуауэ лъытапхъэу ″у″м къытехъукIа зы ″макъ псалъэ″ хэтщ адыгэбзэми, мыр къызэрыхъуа щIыкIэм и гугъу тщIынщ.

Къызэрыхъуа щIыкIэм зэрезэгърэ ″у″р ужьыгъуэ зи мыхьэнэ макъыу зэрыщыткIэрэ, бзэ лэжьэкIэр зэлъытарэ къэзыIуатэ нэрыбгэ ″сэ″м занщIэу зыхуиIатэ нэрыбгэр зы ″макъ псалъэ″у ″**уэ**″уэщ зэрилъытар. ″Уэ″ псалъэр ″ужьыгъуэу (у) щыт (э)″ зи мыхьэнэщи, ар зыхуэужьыгъуэр ″сэ″ращ. Ар (уэ) бзэр къэзыIуатэ ″сэ″м езым нэмыщIыр япэу зэрилъытэ псалъэу утыку къихьащи, ″сэ″м езым нэмыщIыу илъыта япэрй нэрыбгэр къызэриIуатэ псалъэщ. Ар (уэ) бзэр къэзыIуатэу япэрей нэрыбгэм зызэрилъыта ″сэ″ псалъэм елъытауэ ″ужьыгъуэ хъу″уэ лъытаращи, бзэм къигъэхъуарэ етIуанэ нэрыбгэр зэрылъыта псалъэращ.

″Сэ″м япэ илъатарэ ″сэ″р япэу зэпсалъэращ ″уэ″ри, ар (уэ) ″сэ″м езым и ужьыгъуэу зэрилъытэр ″у″ макъ мыхьэнэр бзэм щызэрихьэу щIидза нэужьу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ: и ужьыгъуэу къыпэщыт нэрыбгэр наIуэу ″уэ″уэ зэрилъытар ″ун, уэн″ Iуэхугъуэзэрихьэхэмелъытауэ иужькIэу лъытапхъэщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, бзэр зезыхьэрэ зэлъыта ″сэ″м дежкIэ ″уэ″ щымыIэмэ, ″сэ″р псэлъэнрэ бзэр игъэлэжьэни хуэныкъуэщэнкъым, ауэ ар (уэ) ужьыгъуэу зэрилъытэнур езы ″сэ″р зэрыужьым елъытауэщи, ″сэ″м ″уэ″р зэрилъытар ″у″ макъыр ужьыгъуэ мыхьэнэкIэрэ (ун) бзэм щызэрихьэу щыщIидзам елъытауэ иужькIэщ. ″Уэ″р ″сэ″м езым и ужьыгъуэу зэрылъытэр ″сэ″м езыр зэрыужьым елъытащи, езым зыщиужькIэ илъытэрэ къыпэщыт хъуращ ″уэ″р. ИкIи ″сэ″р зыхуэужьрэ ″сэ″м и ужьыгъуэущ ″уэ″р зэрылъытари, ″сэ″м езым и ужьыныгъэр (ун) ар (сэ) зыхуэужьрэ зэпсалъэ ″уэ″м елъытауэ нэхъапэщ. Мы къэтIуэтахэм къызэрыхэщщи, етIуанэ нэрыбгэр зэрылъытэ ″уэ″р къыщыхъурэ бзэм щыхэхьар ″ун, уэн″ псалъэхэм иужькIэу лъытапхъэщ.

″Уэ″р етIуанэ нэрыбгэр щхьэжу зэрылъытэращи, абы теухуарэ абы къилэжьу къэхъу Iуэхугъуэхэркъызэрыгъэлъагъуэри ″уэ, у (уэ-ы → у)″уэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. Мыпхуэдэхэр глаголхэм теухуа

лэжьыгъэхэм нэхъ зэlухауэ къэдгъэлъэгъуэнщ, ауэ мыбдежым ″у″ макъым и лэжьэкlэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ. Аращи, ″уэ″р етlуанэ нэрыбгэр зэрыщыту къэзыгъэлъагъуэу зэрыхэлэжьыхьым нэмыщl, ″уэ″мрэ ″уэ-ы → у″р щхьэжуи, псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэуи бзэм холэжьыхьыр: «уэ, уэр, уэращ, уэрэ сэ(рэ); уэ кlуэ, укlуэнщ, укlуэнущ, укlуащ; укъицlыхуащ, укlигъэкlуащ; у зы цlыхущ, у цlыхуфlщ, у Адыгэщ».

″Уэ″ псалъэр грамматикэу етlуанэрей нэрыбгэ къизыlуэ цlэпапщlэщ. Цlэпапщlэри зы цlэм ипlэ иувэу ар зэрылъытэращ. Ауэ ″сэ, уэ, ар″ хуэдэ псалъэхэр зы цlэм ипlэ иувэрэ ″цlэпапщlэ″у щытми, къызэрыхъуа зэманыгъуэр нэрыбгэм цlэ флэщыныр къемыжьэ ипэlуэкlэщ. Аращи, цlыхум цlыху нэрыбгэхэм флищ цlэхэр къэмыхъу ипэ къэхъуа псалъэхэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ иужькlэ грамматикэу цlэпапщlэу тлъыта мы псалъэхэр. Нэрыбгэ цlэпапщlэхэр икlи а нэрыбгэм теухуа псалъэрэ глагол лэжьэкlэхэр зэрыгъэлъагъуэ ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″ къалэни зыгъэзащlэхэращи, ″уэ″ нэрыбгэм теухуа lуэхугъуэхэр къызэрыlуатэ псалъэхэм ″у, уэ″р нэрыбгэ гъэлъагъуэу префикс язэрыхуэхъукlэрэщ. Ауэ зэрыгурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ лэжьэкlэр ″сэ″м и ужьыгъуэу лъыта ″уэ″ псалъэр къыщыхъуам елъытауэ иужьыlуэкlэщ. ″Нэрыбгэ гъэлъагъуэ″у ″у, уэ″р псалъэхэм къыщыпыхьар етlуанэ нэрыбгэр щхьэжу зэрылъыта ″уэ″ псалъэр утыку къызэрихьам елъытауэ иужьыlуэкlэщи, бзэ лэжьэкlэм флыуэ зиубгъуа нэужьращ. Аращи, ″сэ″р зэпсалъэ ″уэ″р къыримыlуэми, къиlуатэхэр зыхуиlуатэр ″уэ″ращ; ″сэ″м къиlуатэр зыхуиlуатэ ″уэ″м унафэрэ lэмыр модэкlэ зэрыриlуэкlыр гурыlуэгъуэнщи (хьы!, шэ!, кlуэ!), мы псалъэхэр ″уэ″ нэрыбгэ гъэлъагъуэкlэ ухуэн хуэныкъуэкъым. Ауэ зы бзэр лэжьэнрэ псалъэхэр къэlуэтэн папщlэ, бзэр къэзыlуатэ ″сэ″м дежкlэ ″уэ″р флыкlыплэ зимыlэ нэрыбгэращ. Ар щхьэ, ″сэ″м ″уэ″уэ илъыта нэрыбгэм и цlэрэ и цlэпапщlэр къиlун lуэхур бзэ лэжьэкlэм и иужьрей lуэхугъуэщ.

Мы псалъэхэм пыщэжыпхъэмэ, цlэ фэщыныгъэ къэхъуа нэужьщ ″уэ″ жыхуиlэм зы цlэ щыфlэщари, абы нэгъунэм ″сэ″м езым нэмыщl мы нэрыбгэр ″уэ″уэ илъытэу щытащ. Икlи бзэ лэжьэкlэр зы цlэпапщlэм щыхуэныкъуэр ″сэ″м къиlуатэ lуэхур зытехуарэ зыгъэзащlэ нэрыбгэр наlуэ щlын хуей щыхъуращи, мыпхуэдэ бзэ зэпкъырыувэкlэм нэрыбгэр щхьэж зэрылъытэ ″уэ″ псалъэм нэмыщl, ″уэ″м теухуауэуэ гъэзащlэхэр къэзгъэлъагъуэну макъхэми хуэныкъуэнщи, мыри ″уэ″м къытехъукlыжу псалъэхэм префиксу къыпыхьэ ″нэрыгъэ гъэлъагъуэ″у щыт ″у, уэ″хэращ. Мис бзэ ужьыгъуэр мыбы къынэсу зэрыухуэм теухуахэри илъабжьэкlэ нэрыбгэ гъэлъагъуэ ″у, уэ″р глаголхэм префикс зэрыхуэхъу щlыкlэу къэдгъэлъэгъуэнщ.

*"**У**" макъым къытехъукIа **"макъ псалъэ"хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукIыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **"псалъэ зэгуэтхэр"**.*

Япэрауэ *"**у**"м къытехъукIа "**макъ псалъэ**"хэр **къыпыхьэ макъкIэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

"Ун" глаголыр зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр префикс хуэхъуу ухуэж префиксиал глаголхэщ мыхэр: «иун, Iуун, гуэун, дэун, теун, щIэун, щыун, къэун, кIэрыун, къуэун, хуэун, хэун, пыун, фIэун, нэун».

"Уэн" глаголым къыпыхьэ префикс макъхэмкIэ къытехъукI префиксиал глаголхэмрэ "уэн"ым къытехъукI псалъэхэщ мыхэри: «иуэн, Iууэн, гуэуэн, дэуэн, теуэн, щIэуэн, щыуэн, къэуэн, кIэрыуэн, къуэуэн, хуэуэн, хэуэн, пыуэн, фIэуэн, нэуэн»; «уэгъуэ, уадэ, уэщ, уIэгъэ (уэ-ы-гъэ), удын (уэ-ы-ды-н)».

"Уэгу" мыхьэнэ зиIэ зы "макъ псалъэ"у щыт "уэ"м къыпыхьэ макъхэмкIэ къэхъу псалъэхэм теухуа щапхъэщ: «уафэ, уэгу, уэфэгу, уащхъуэ».

ИкIи "уэгу"м икIи жьы къатшэри зэрытлъытэ "уэ"м къытехъукIыу жыIэпхъэщ мы псалъэхэри, жьы къатшэмрэ ди щIылъэм и атмосферу щыт уэгур къэзыгъэщIыр зэхуэдэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэ лъэныкъуитIкIи еджапхъэ псалъэхэщ мыхэр: «уэлбанэ, уэлбэнэрилэ»; «уэм, уэгъу, уае, уэшх, уэс».

Уэгум къех мыл лIэужьыгъуэри зэрылъытар "уэ" макъ псалъэмкIэщи, абы къыпыхьэ макъхэмкIэ къытехъукIыж псалъэхэм теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «уэ къехащ, уэшхуэ».

Япэрей нэрыбгэу щыт "сэ"м и ужьыгъуэу щытыр зэрылъыта "уэ"р къыпыхьэ нэгъуэщI макъхэмкIэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэр: «уэрэ сэрэ, уэр уэрурэ».

Глаголыр зытеухуа нэрыбгэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэхэм префикс хуохъури, нэрыбгэ цIэпапщIэ "сэ"м ипIэкIэ глагол лэжьэкIэр зытеухуа "нэрыбгэ гъэлъагъуэ"р префикс зэрыхъум теухуа щапхъэщ мыхэр: «уокIуэ, укIуащ, уолажьэ, улэжьащ, уоплъэ, уеплъащ, уегъэлъагъу, уигъэлъэгъуащ, къыуоуэ, къыуэуэнущ».

"Iуэху глагол"хэм теухууэ "уэ" нэрыбгэ гъэлъагъуэр "зэрелъыта ужьыгъуэ" зи мыхьэнэ "б" макъращи, ар къыкIэлъыкIуэ макъым елъытауэ "п, пI"ыуэ къэIуу щызэхъуэкI щыIэщ. Мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «бощI, пщIащ, къыбоцIыху, къэпцIыхунущ, болъагъу, плъэгъуащ, бохь, пхьащ, къэбжеIэ, къыбжиIэнщ».

*"**У**" макъым къытехъукIа "**макъ псалъэ**"хэр зыхэту ухуа "**псалъэ зэгуэт**"*хэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «"уэн, уэн" → уэрыуэ; "жэп, уэгъуэ" → жэп-э-уэгъуэ → жэпэуэгъуэ»; «"уафэ, гъуэгъуэн" → уэфэгъуагъуэ»; «"уэс, псы" → уэс-э-псы → уэсэпс; "уэ, цIыкIу" → уэцIыкIу».

*"У" макъыр "бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр".*

"Ун" глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъу макъ гуэрхэр къыпыхьэу ухуэж глаголщ мыхэр: «иун, lуун, гуэун, гуэун – гуоун, гъэун, гуэун, дэун, теун, щыун, щlэун, кlэрыун, къуэун, хэун, пыун, фlэун, нэун».

"Ун" глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къизыlуэ макъхэр къыпыхьэу ухуэжа мы глаголхэм щыщ гуэрхэр икlи "уэн"ыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэ ("э-ы" зэхъуэкlыныгъэу) къизыlуэ глаголхэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Tlанэ, "теун" глаголыр занщlэу мы зыхэт глаголхэм хуэдэ мыхьэнэи зиlэрщ, ауэ икlи езэшыгъуэрэ гузэвэгъуэр зыхэтым щхьэщыкlын мыхьэнэи зиlэу зы псалъэщ.

Мыбыхэм нэмыщl, къэта щапхъэхэм щыщу, нэгъуэщl lуэхугъуэм теухуащ "щыун" глаголри, ар зыгуэрыр зэрыхъун хуейм текlыныгъэ зи мыхьэнэщ. Мыбы къытехъукl псалъэхэщ мыхэри: «щыуэн, щыуагъэ».

Псэущхьэр зэрыпсэуфрэ зэрыужьыфыр уэрэ жьы къызэришэкlэрэщи, мы lуэхугъуэри "ун" лlэужьыгъуэу зэрыщытынур гулъытапхъэщ. Жьы къэшэн lуэхур мыпхуэдэу къызэрыlуатэм нэмыщl, нэгъуэщl гуэрым ба хуэщlын lуэхугъуэри "ун" лlэужьыгъуэущ къызэрыlуатэри. Зэхуэмыдэ хуэдэу лъытапхъэми, зыр зым зэрыпыщlар гъащlэр къызэрекlуэкlми хыболъагъуэр: ба хуэщlыныр зэрыхущхъуэр lуэрыlуатэхэми хэтщ, tlанэ жьы къэзымышэжыф гуэрэм ба хуэщlынкlэрэ жьы къызэрагъэшэжри гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ глаголхэщ мыхэри, "ун" лlэужьыгъуэу лъытапхъэ мы глаголхэр зэрыгъэзащlэу зэрыщытри "ун" кlуэтэгъуэу "э" къызэрыпыхьэжкlэрэщ къызэрыlуатэр: «бэун, бэуэн, бауэ; ебэун, ебэуэн, бэу – боу/бо, бауэ».

"У"м и макъ мыхьэнэр ужьыгъуэу зэрыщытыр жытlагъащи, "у" макъ мыхьэнэр къызэрыlуэтэфрэ нэхъыфlыу гурыlуэгъуэ зыщlыф бзэ мыхьэнэщ ар. "У" макъ мыхьэнэр зэрылажьэрэ и хроникэр къизыlуэ бзэ мыхьэнэщ "у"м "жь" къыкlэлъыкlуэу ухуэ псалъэхэри, мыпхуэдэ псалъэхэщ мыхэр: «ужьын, ужьыныгъэ, ужьыгъуэ, ужьыгъуэн».

Ужьыгъуэр зытеухуам елъытауэ дэтхэнэ гуэрымкlэ къэхъу кlуэтэгъуэщи, зыужьыр зытекlрэ икlэмкlэ къыщигъанэ гуэри щыlэщ. Мыпхуэдэ lуэхугъуэр "ужьын"ыгъэ лъэныкъуэкlэ къэlуэтапхъэмэ, ар зытеухуа (и) къыхэщу "ужьыгъуэ"у (ужь) къэlуэтапхъэщ: «иужь». Ар ужьыныгъэм икlэмкlэ къанэ лъэныкъуэр къызэрыlуатэ псалъэщи, дэтхэнэ гуэрым иужь лъэныкъуэри ар къызэрыlуатэ псалъэм (лъэ) къыпыхьэж "ужь"кlэрэщ къызэрыlуатэу псалъэхэр зэрыухуэнур: «лъэужь, нэужь».

"У" макъ мыхьэнэр зэрылажьэрэ и хроникэр къызэрыlуатэр "у"м "жь"ыр къыкlэлъыкlуэу ухуэ псалъэхэращ. Ауэ "у"р зэрылажьэ щlыкlэр "жь" макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуатэу бзэм зэрыхэхьам къыщынэкъым. "У" макъ мыхьэнэр зэрылажьэ щlыкlэу "у"м къыкlэлъыкlуэ макъхэмкlэ ухуэ нэгъуэщl псалъэхэри щыlэщи, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «ylун,

усэ, усын – усэн, узын, уз, удз, удж, ужьын – уджэн, уд, ут, утыку, ущиин, ущий, ущ, аущ, ущlын, ушын → къэушын, укlытэн, укlытэ, укъуэн, укхъуэн, ухын, уфэрэкlын, ублэрэкlын, увын, увыlэн, убын – убэн, унэ, убзэн, убзэрэбзэн, упщlэтэн, убжьытхын - убжьытхэн».

Мы щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, ″у″м къыпыхьэ макъ мыхьэнэм елъытащ утыку къихьэ псалъэм и мыхьэнэри, ар зытым дежи ужьыгъуэ мыхьэнэ зиlэу утыку къихьэкъым, ″у″р зыгъэлажьэ макъым елъытауэ утыку къихьэ псалъэр еужьыхыгъуэ мыхьэнэ зиlэи мэхъуфыр.

Мыбы нэмыщl, къызэрыхъуа щlыкlэм теухуауэ мыужьыгъуэрэ еужьыхыгъуэ зи мыхьэнэ псалъэхэри хэтщ мы къэта щапхъэхэми, мыпхуэдэщ ″уз, узын″ псалъэхэр. Зы ужьыныгъэ лlэужьыгъуэу щыт ″уэз″ым къытехъукlа псалъэщ ″узын, уэ″хэри, ужьыгъуэу кlуэтэгъуэ зиlэм езыр ″уэз″у къызэрыlуатэм ипкъ иткlэ, мыужьыж хъу ″уэз″ыр зыхэтрэ къызтехъукlым зэрыхэуэжыр (″э-ы″ зэхъуэкlыныгъэ) къызэрыlуатэ псалъэщхэр.

Мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщщи, ″уэз″ псалъэри зыужьыгъуэ (у) макъ мыхьэнэкlэрэ ухуауэ зы псалъэщ: ар зытеухуа lуэхугъуэр ″ужьыгъуэу (у) щытым (э) езыр (з)″у е ″ужьыгъуэ (у) щыт (э) закъуэу (з)″ зэрылъытэкlэрэ ухуа псалъэу лъытапхъэщ.

Tlанэ, мы щапхъэхэм хэдымыгъэхьауэ ″у″кlэрэ къежьэу ухуарэ ″уэн″ lуэхугъуэм теухуа псалъэхэри щыlэщ. Мыпхуэдэщ ″уэн″ lуэхугъуэр зэрехьэлlарэ зытеухуакlэрэ къызэрыlуатэ щlыкlэу ″уэ-ы → у″ зэхъуэкlыныгъэу ухуа мы псалъэхэр: «уlэн, удын, укlын».

Мы иужьрей щапхъэр ″уэн″ lуэхугъуэм щlэгъэкlын мыхьэнэ зиlэущ мыбыхэм зэрыхэбжа щlыкlэр, ауэ ар икlи ужьыгъуэм (у) икlыныгъэу (кl) гъэкlуэдыпэн зи мыхьэнэуэ зэрыщытри гулъытапхъэщи, мыхьэнитlкlэ еджапхъэу зы псалъэщ.

Зы къэхъуныгъэр къызэрыlуатэ глаголхэр икlи я зыужьыгъуэкlэрэ къэlуатэу ″у″кlэрэ зэрыухуэ щlыкlэкlэ глаголхэр мэухуэри, мыпхуэдэ щапхъэхэщ мыхэр: «къуэдиин → укъуэдиин; шиин → ушиин; хъуэнщlын → ухъуэнщlын; хуэнщlын → ухуэнщlын; лъиин → улъиин; фиин → уфиин; фэрэзэн → уфэрэзэн; флэрэфlэн → уфlэрэфlэн; флэрафlэ → уфlэрафlэ; бзыщlын → убзыщlын; бзыхун → убзыхун; бзэхын → убзэхын».

Зэманрэ ужьыгъуэу къэхъу lуэхугъуэхэр ″у″кlэрэ къежьэу зэпкъырыувэ глаголхэмкlэрэщ къызэрыlуатэри, мыпхуэдэхэм теухуа щапхъэхэщ мы къэтахэр. Мыбыхэм нэмыщl, зыгуэрым зы плъыфэ къищтэу къыхуэхъу ужьыгъуэрэ зэхъуэкlыныгъэр плъыфэцlэм ″у″ къызэрыпыхьэкlэрэ ухуэ глаголхэращ къэзыlуатэри, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «цlынэ → уцlынэн; псыф → упсыфын; флыщlэ → уфlыщlын; кlыфl → укlыфlын – ункlыфlын; нэху → унэхун – къэунэхун».

″У″ макъ мыхьэнэр гурыIуэгъуэщи, ар кIэух зыхуэхъу макърэ псалъэм и ужьыгъуэр мэгъэзащIэр. Дэтхэнэ гуэрым зы ужьыгъуэр ″у, уэ″ кIэухкIэрэ мыпхуэдэу къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэнщи, ар псалъэхэм суффикс къалэн зыхуэзыгъэзащIэ макъщ. Мыпхуэдэхэм теухуа щапхъэхэр илъабжьэкIэ къэтхьынщ, ауэ мыпхуэдэ щIыкIэкIэ ухуэу утыку къихьэ псэлъэщIэхэр щыIэщи, мыбыхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «ауэ, зэуэ, гуу, тIу, тIэу – тIо/тIоу, чэу – чоу/чо, куу, къыу, дау – дауэ, хьэуэ, лIэу – лIоу/лIо, фэу – фоу/фо, мэу – моу/мо, мэуэ – моуэ, ныуэ, пкIэу – пкIоу/пкIо, щхьэпэу-лъэпэу – щхьэпоу-лъэпоу/щхьэпо-лъэпо».

″Уэн″ глаголыр зэрыгъэзащIэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр префиксу къыпыхьэу префиксиял глаголхэр зэрыухуэнур гурыIуэгъуэщи, ар зыщыгъэзащIэм ехьэлIауэ къызэрыIуатэри ″э-ы″ зэхъуэкIыныгъэкIэрэ ухуэущ. Мыпхуэдэу теухуа псалъэхэщ мыхэр: «иуэн - иун, еуэн, Iууэн - Iуун, зэуэн, зауэ, зэзэуэн, гъэуэн, гуэуэн - гуэун, дэуэн - дэун, жьэдэуэн - жьэдэун, теуэн - теун, щIэуэн - щIэун, кIэрыуэн - кIэрыун, къуэуэн - къуэун, хэуэн - хэун, пыуэн - пыун, флэуэн - флэун, нэуэн».

″Ун, уэн″ глагол мыхьэнэхэр зэрызэмыхъуэкIыщэр гурыIуэгъуэщи, абыхэм къатехъукIауэ зи гугъу тщIы псалъэхэм дэтхээнэ зы глагол мыхьэнэр тегъэщIапIэ пщIыуэ узэреджэфынур гулъытапхъэщ. Аращи, ″уэн″ глагол мыхьэнэкIэрэ ухуауэ лъытапхъэу илъабжьэкIэ къэта псалъэхэм щыщ гуэрхэм икIи хуиту ″ун″ глагол мыхьэнэкIэрэ узэреджэфынур гулъытапхъэщ: «жьауэ, щауэ, зэхэуэн, пшауэ, пкIауэ (пкIэнкIэрэ ужьу кIуэ; пкIэнкIэрэ уэ - пкIэрыуэ)».

″Уэн″рэ ″ун″ глаголхэм я мыхьэнэм зэщхьэщыкIыныгъэшхуэ зэрамыIэр гурыIуэгъуэщи, ″уэн″кIэрэ еджапхъэу лъытапхъэщ мы псалъэхэри: «уасэ, уэндэгъу, уанэ (зытетIысхьэну –шым- тырауэ тетIысхьэпIэ лIэужьыгъуэ)».

″Уэ″р щIылъэ гущIыIуу щыт нэщIыгъуэр къызэрыIуатэ ″макъ псалъэ″щи, мыбы нэгъуэщI макъхэр къыпыхьэу къытехъукIыжу ухуэ псалъэхэщ мыхэр: «уэгу, уафэ; уэм, уэгъу, уэфI, уае; уэшх, уэс; уэлбанэ».

″У″ макъым и мыхьэнэр къызэрыIуэтапхъэр ужьыгъуэрщи, мы и мыхьэнэкIэрэ зы ужьыгъуэ лIэужьыгъуэр зэрылъытэу ухуа зы псалъэри ″уэрэд″ псалъэращ. Аращи, ″уэрэд″ жыхуэтIэр зы цIыхум и ужьыгъуэкIэрэ {у(кIэ)рэ} къиIуатэу къарууфIэ зиIэрэ зэхэлъ гуэрщ (д). Ауэ а псалъэр икIи мы и мыхьэнэкIэрэ занщIэу макъ мыхьэнэкIэрэ гъэпсауи зэрымылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщи, хиубыдэ мы макъхэр муз щIыкIэу къызэрыриIукIэрэ ухуа зы псалъэу зэрылъытапхъэри жыIэпхъэщ ″уэрэд″ псалъэр. Мы псалъэм зэрезэгъщи, ″у, р, д″ макъхэм бзэм къалэнрэ мыхьэнэкIэрэ хагъэзэщIыхьри язэрыхэлъыжкIэрэ, ауэ муз щIыкIэкIэ зэкIэлъхьужьу цIыхум къызэрыриIум къытехъукIыжа зы псалъэу эыIэпхъэщ ″уэрэд″ псалъэр. Аращи, ″уэрэд″ псалъэр зэрыухуам и лъабжьэр нобэ ″уэридадэ″ жыхуэтIэу къызэрыхъум теухуауэ зэхуэмыдэ

таухъыхьхэр зыжытежытIыхь псалъэрауэ жыIэпхъэщ. НытIэ, ″уэридадэ″ жыхуэтIэрэ ″у, р, д″ макъхэмкIэрэ зэхэлъращ а макъхэмкIэ зэхэлъ ″уэрэд″ псалъэри къызтехъукIари, ″уэридадэ″ жыхуэтIэм и блэкIар ар нобэ зэрагъэщхьым елъытауэ жыжьэ дыдэщ. Ар япэрауэ цIыхум уэрэд къыщыриша зэманыгъуэм хуэкIуэу жыIэпхъэщи, абы хиубыдэ макъхэр муз къалэнкIэрэ {уэрэдэ (уэ-рэ-дэ), уэридэ (уэ-ри-дэ), уэрэда (уэ-рэ-да), уэрида (уэ-ри-да), уэридэра (уэ-ри-дэ-ра), уэридадэ (уэ-ри-да-дэ), уэридадэра (уэ-ри-да-дэ-ра)} зэкIэлъхьэужу къырыIу щIыкIэущ зэрыхэлъыр. Муз къалэн зиIэу зи гугъу тщIы мы макъ зэкIэлъхьэужьыкIэм хиубыдэ макъхэм икIи я макъ къалэнрэ мыхьэнэ зэраIэжыр гулъытапхъэщи, мы макъ зэкIэлъхьэужьыкIэхэм хиубыдэ макъхэмкIэрэ муз лъабжьэкIэрэ ухуа ″уэрэд″ псалъэр цIыхум мыпхуэдэ пшыналъэ зыщIэлъ псалъэхэмкIэрэ ухуауэ жиIэхэр зэрылъытэ псалъэу, ар икIи мы зэрыухуа макъхэм я къалэнрэ мыхьэнэхэри зыхэлъыжрэ зэджапхъэ зы псалъэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

*″**У**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащIэхэр.*

Адыгэбзэм глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэхэр ар зыгъэзащIэрэ зытеухуа нэрыбгэр игъуэ макъкIэрэ къызэрыгъэлъагъуэу мэухуэри, мыхэр ″нэрыгэ гъэлъагъуэ″у зэрылъытапхъэу, ″уэ″ нэрыбгэм теухуа ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″р ″уэ, у″рэ ″б″ыуэ зэщхьэщокIыр. Мыбы щыгъуазэ хуэхъун папщIэ, ″уэ″р зэрылъытам къыщIэдзэн хуейщ. Аращи, ″сэ″м и ужьыгъуэу илъыта нэрыбгэщ ″уэ″ри, сытри зэхьэлIарэ къызпкъырыкIыу бзэр къэзыIуатэ ″сэ″м и субъеткивыгъэм ит нэрыбгэщ. ″Сэ″м и субъективыгъэм ит ″уэ″м и щыIэгъуэм теухуауэ игъэзащIэр (п.п: ″езырыж глагол″хэм я лэжьэкIэу) ″сэ″м зэрилъытэмрэ, ″уэ″м зыгуэрым зыритауэ игъэзащIэхэр (″lуэху глагол″хэм я лэжьэкIэу) ″сэ″м зэрилъытэр зэхуэдэкъым. ″Уэ″м и щыIэгъуэм теухуарэ езыр езырурэ игъэзащIэхэр нэрыбгэ цIэпапщIэу щыт ″уэ″м занщIэу къытехъукIа ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″кIэрэщ зэрыгъэлъагъуэри, ″уэ″м зыритауэ зы lуэху гуэрхэр зэригъэзащIэм теухуа ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″р ″зэлъытэныгъэ ужьыгъуэ″у ″б″кIэрэщ (къыкIэлъыкIуэ макъ къэIукIэм зэрыригъэкIукIэрэи ″п, пI″ къэIукIэи игъуэтфу) зэрыгъэлъагъуэр. Глагол лэжьэкIэхэм игъуэ къыщысым деж дытепсэлъыхьынщ, ауэ мыбдежым ″уэ″ цIэпапIщэм ипIэкIэ ар зыгъэлъагъуэу щыт ″уэ, у″р глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэхэм префиксу къызэращтэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ. Мы ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″ е ″цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″р (уэ, у) езыр езырурэ гъэзащIэу лъытапхъэ глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэхэращ префиксу къэзыщтэри, мыпхуэдэ лэжьэкIэ щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм щыщу ″езырыж глагол″хэм (″lуэху глагол″ лIэужьыгъуэу щымыт) теухуарэ зэхуэмыдэ зэманыгъуэ лэжьэкIэхэу къэтхьынщ: «уоу, ууащ, усынщ, угъынущ, уогъу, уджащ, удэнщ, уотIэ, ужащ, ужэнщ, ужьэнущ, уокIуэ, ухъуащ, улъэнщ, улIэнущ, уовэ».

″Уэ″ цIэпапщIэ гъэлъагъуэу ″уэ, у″р глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэхэм префикс язэрыхуэхъум теухуащ мы щапхъэхэри, мыбы нэмыщI, ″у″ макъым ужьыгъуэ мыхьэнэ зэриIэм ипкъ иткIэ, глагол лэжьэкIэу глаголыпкъхэм префикс щыхуэхъум деж, а Iуэхур зэрыгъэзэщIэн ″гугъэ″рэ ″хуеиныгъэ″ хэлъу къызэрыхъункIэрэ узпэплъэу упщIэи узхуиIэу къоIуатэр. Мы лэжьэкIэр ″и″ префикскIэрэ зэрыгъэзащIэм ″и″м дыщытепсэлъыхьым къэдгъэлъэгъуащи (ий, иу, иуэ, иIу, иIуэ), джыгъуэрэ джыпIэ зи мыхьэнэ ″и″р глаголыпкъым префикс щыхуэхъум деж, джыну узпэплъэрэ упщIэ узхуиIэу къызэрыIуатэм хуэдэу, зыужьыгъуэ зи мыхьэнэ ″у″ри глаголыпкъым префикс щыхуэхъукIэ, ужьыну узпэплъэрэ упщIэи узхуиIэ псалъэу мэухуэр. Ауэ утыку къихьэ псалъэ мыхьэнэр ″и″рэ ″у″ макъ мыхьэнэр зэрызэщхьэщыкIым хуэдэу зэрызэщхьэщыкIри гурыIуэгъуэщ. Дауэми, зэхуэдэу лъытапхъэ мыпхуэдэ бзэ лэжьэкIэр къызэрыхъум и лъабжьэр ″и″мрэ ″у″м я зэпыщIэныгъэм теухуащи, ар япэрей лэжьыгъэхэм къыщыгъэлъэгъуауэ щытащ: «″*y = f(t)*″ → ″и = *f*(э)″; {*f*(э): у}». Мыпхуэдэу ухуэ псалъэ гуэрхэр етIуанэрей ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″р (уэ, у) префикс зэрыхъум хуэдэу зэрызэпкъырыувэри гулъытапхъэщ: «уи(!), уу(!), ууэ(!), уIу(!), уIуэ(!), ус(!), уз(!), удз(!), угъ(!), угъу(!), удж(!), уджэ(!), уд(!), удэ(!), ут(!), утI(!), утIэ(!), уж(!), ужэ(!), ужь(!), ужьэ(!), ущ(!), ущэ(!), ущI(!), ущIэ(!), ушэ(!), уч(!), учэ(!), укI(!), укIуэ(!), ухъу(!), уху(!), улъэ(!), улэ(!), улIэ(!), упI(!), ув(!), увэ(!)».

Зы макърэ псалъэ мыхьэнэ ужьыгъуэр абы ″у, уэ″р кIэух зэрыхуэхъукIэрэ къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэу утыку къихьа псэлъэщIэхэм теухуа щапхъэхэр ипэкIэ къэтащ. Псалъэхэм ″у, уэ″р суффикс щахуэхъукIэ, а псалъэ мыхьэнэм и ужьыгъуэращ къэгъэлъагъуэри, а псалъэ мыхьэнэр зэрыщыту къэгъэлъэгъуэн мыхьэнэ мэгъэзащIэр. Мыпхуэдэ мыхьэнэ игъэзащIэу ″у, уэ″р дэтхэнэ зы псалъэм суффиксу къыпохьэфри, ди ″макъ псалъэ″рэ ″макъ глагол″хэм ″у, уэ″р суффикс язэрыхуэхъум теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ. Къэтхьыну щапхъэхэр ″макъ псалъэ″у зэрыщытым къызэрыгуэкIщи, IупщIыу къэгъэлъэгъуэнрэ къэIуэтэн папщIэ, суффиксыр нэхъыбэу ″уэ″уэщ: «Iэуэ, ауэ, иуэ, еуэ, Iууэ, Iуэуэ, сэуэ, цIэуэ, цыуэ, зыуэ, дзэуэ, гъэуэ, гъуэуэ, гэуэ, гууэ, дэуэ, тIыуэ, жьэуэ, щыуэ, щэуэ, щIыуэ, щIэуэ, шыуэ, шэуэ, чыуэ, чэуэ, кIыуэ, кIэуэ, къууэ, къуэуэ, кхъэуэ, кхъуэуэ, хъууэ, хыуэ, хууэ, хьэуэ, лъыуэ, лъэуэ, лыуэ, лIыуэ, пэуэ, пIэуэ, бэуэ, фэуэ, фIыуэ, выуэ, мэуэ, нэуэ».

″Макъ глагол″хэм теухуа щапхъэхэри ″уэ″ суффикскIэрэ зэпкъырыувэныр игъуэщ, ауэ Iуэху лIэужьыгъуэ глаголхэр екIуэлIэнрэ хуэкIуэныгъэкIэрэ зэрыгъэзащIэу ″и, е″ префикс къащтэри, абы щыгъуэм суффиксыр нэхъыбэу ″у″уэщ къызэрыIур. Мыпхуэдэ щапхъэхэри ″*″ нэгъыщэкIэ къэгъэлъэгъуащ: «иуэ, ииу*, ууэ, Iууэ, Iуэуэ, сыуэ, зыуэ, изу*, дзыуэ, идзу*, гъыуэ, гъууэ, джыуэ, иджу*, джэуэ, дыуэ, иду*, дэуэ, тыуэ,

иту*, тIыуэ, итIыу*, тIэуэ, жыуэ, жэуэ, жьыуэ, ижьу*, жьэуэ, щыуэ, ищу*, щэуэ, ищэу*, шэуэ, ишэу*, чыуэ, ичу*, чэуэ, кIыуэ, кIуэуэ, хъууэ, хууэ, ихуу*, лъэуэ, пIыуэ, ипIыу*, выуэ, иву*, вэуэ».

**"lУ" макъыр.**

*"**lу**" макъым къытехъукI "**макъ псалъэ**"хэр.*

"У"р ужьыгъуэщи, абы и лимитацэу къэхъуу утыку къихьэ "lу" макъым и мыхьэнэри ужьыгъуэ lэнатIэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ. Ужьыгъуэм дэтхэнэ и зы lэнатIэр "lу" макъ мыхьэнэкIэрэ къиIуапхъэщ. "lу"р къызтехъукIар "у"ращ, икIи къызэрыхъуа щхьэусыгъуэри "у" lэнатIэу ужьыгъуэ lэнатIэрэ ужьыгъуапэр къиIуэнрауэ жыIэпхъэщи, ар мыпхуэдэ мыхьэнэр къэIуэтэн папщIэщ бзэм къызэригъэщIар. Ар къызэрыхъууэ мы зи гугъу тщIы щхьэусыгъуэм зэрезэгъэ ужьыгъуэ lэнатIэ гуэрхэр къызэрыIуатэрэ ужьыгъуэ lэнатIэм теухуа lуэхугъуэхэр къызэрыIуатэу бзэм занщIэу "макъ псалъэ"хэр къызэригъэхъунур гурыIуэгъуэнщ.

Аращи, япэрауэ дэтхэнэ зыгуэрым и хэхьэпIэрэ хэкIыпIэр, а гуэрым и гъунапкъэрэ дэтхэнэ и зы къуапэр зэрылъытэ щIыкIэу "**lу**"р бзэм зы "макъ псалъэ" щызекIуэу щIидзагъэнщ. Ар щхьэж зы псалъэу щызекIуэу щытагъэнщ ауэ мы и мыхьэнэкIэрэ нобэ "lу"р щхьэж зы псалъэу бзэм щызекIуэу хэткъыми, зытеухуар къэзыIуатэ псалъэ къыпыхьэжу зэрыхэтри "lу" макъ мыхьэнэ лэжьэкIэу лъытапхъэщ. "lу"р бзэ мыхьэнэуэ зэрыхэхьарэ зэрыхэлэжьыхь хъуар мыпхуэдэщи, "lу"м къыриIуэ хэхьэпIэрэ хэкIыпIэм теухуауэ гъэзащIэ lуэхугъуэри ар глаголыпкъ зыхуэхъу "**lу**н" глаголкIэ къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэщ. Зы "макъ глагол"у бзэм хэхьа "lун"ри ар зытеухуа "lу"м хуэдэу зыхуэIуа гуэрым теухуауэщ нобэ бзэм зэрыхэт щIыкIэри, "lу" макъ мыхьэнэкIэрэ хэлэжьыхьу лъытапхъэщ. Мыбыхэм теухуа щапхъэхэр илъабжьэкIэ къэтхьынщ.

Зыужьыгъуэ lэнатIэрэ зыужьыгъуэпэм теухуа макъ мыхьэнэ зиIэ "lу"р дэтхэнэ гуэрым и хэхьэпIэрэ хэкIыпIэ lыхьэу щытыр къызэрыIуэтапхъэращи, цIыхум и ужьыгъуэ лIэужьыгъуэу лъытапхъэу псалъэхэри къыздикI жьэм и ихьэпIэ-икIыпIэ lыхьэри зы "макъ псалъэ"у аргуэру бзэм "**lу**"уэ илъытагъэнщ.

ИкIи, "жьэ"м теухуа зы "макъ псалъэ"у "lу"р бзэм хэхьа нэужьу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ, жьэм къыжьэдэкI макъхэр къызэрыIур къизыIуэ "**lу**н, **lуэ**н" псалъэхэр къыщыхъуари, мы "макъ глагол"хэр "lу"р зэрылажьэ щIыкIэу гъэзащIэ lуэхугъуэр къызэрыIуатэу зэрыухуар гурыIуэгъуэщ.

ЩыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрыр зы ужьыгъуэ гуэррэ зы лIэужьыгъуэущ зэрылъытапхъэри, зы щIыгу lэнатIэ пыухытыкIари "lу" макъ

мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Зи гъунапкъэр нalуэу щыт дэтхэнэ зы щlыпlэр ″lуэ″уэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ, ауэ нобэ адыгэбзэм зэрыхэт щlыкlэр аращи, зи гъунапкъэр къэхухьарэ lэщым итыпlэ яхуэхъуа щlыгу lэнатlэр зы ″макъ псалъэ″у ″**lуэ**″уэщ къызэрыlуатэр.

Макъ къыздикlыр ″lу″уэ зэрылъытарэ ″lу″м къиlукlыныгъэри ″lуэн″ глаголым къызэриlуатэм ещхьщи, гъунэ зиlэу нalуэу щыт зы щlыпlэрэ щlыгу lэнатlэм теухуауэ гъэзащlэ lуэхугъуэри ″lуэн″ глаголкlэрэ къэlуэтапхъэщ. Аращи, мэш зэтеугъуеям и хъуреягъкlэрэ къекlуэкlыу хьэдзэрэ хьэуазэр зэхэгъэкlыпхъэ щlын папщlэ ягъэзащlэу щытаращ нобэ бзэм зы ″макъ глагол″у хэт ″**lуэн**″ псалъэр зытеухуар.

*″lу″ макъым къытехъукlа* ***″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукlыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

Япэрауэ *″lу″ макъым къытехъукlа* ***″макъ псалъэ″хэр къыпыхьэ макъкlэрэ*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ* ***ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зы ″макъ псалъэ″у ″lу″р икlи ″жьэ″м теухуауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мы ″lу″ макъ псалъэм макъ гуэрхэр къыпыхьэу бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «lус, lутlыж, lущ, lушэ, lулъхьэ, lулэ, lубын, elубын».

Зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр префикс зэрыхуэхъукlэрэ глаголхэр префиксиал глаголу зэрыухуэжыр гурыlуэгъуэщи, макъ къигъэкlыныгъэ зи мыхьэнэ ″lун, lуэн″ глаголхэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къыхэщу префиксиал глаголу зэрыхуэхуэжым теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «иlун – иlуэн, lylун – lylуэн, гъэlун – гъэlуэн, гуэlун – гуэlуэн, дэlун – дэlуэн, telун – telуэн, щlэlун – щlэlуэн, къуэlун – къуэlуэн, хэlун – хэlуэн, хуэlун – хуэlуэн, пыlун – пыlуэн, фlэlун – фlэlуэн, нэlун – нэlуэн».

Мы къэта щапхъэхэр ″хэпыджэныгъэ, хэlуныгъэ″ зи мыхьэнэуи зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ ежэкlэр ″lу″ макъ мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэм теухуащи, абы илъабжьэкlэ и гугъу щытщlынщ. Ауэ макъ къызхэгъэlукlын зи мыхьэнэ ″lун, lуэн″ макъ псалъэхэм къытехъукlыжауэ ипэкlэ къэта мы щапхъэхэм щыщ гуэрхэми аргуэру мыхьэнитl зэраlэр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэщ ″дэlун – дэlуэн″ псалъэри, ахэр зы щlыпlэм къыдэlукl макъым зэрытеухуам нэмыщl, макърэ псалъэ къэlур зэхэхын lуэхугъуэ зи мыхьэнэуи зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Аращи, къэlу макърэ псалъэм къикlыр зэхэхынрэ зэхэхун папщlэ, абы къипсэлърэ къиlур абы дэщlыгъуу lуэжын зэрыхуейр гурыlуэгъуэ къэзыщl псалъэщ ″дэlун, дэlуэн, едэlун″ псалъэхэр.

Зэхуэдэ макъкlэрэ ухуа псалъэхэу зэрыщытым къызэрыгуэкlщи, макъу-мэш ″lуэн″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къыхэщу ухуэж префиксиал глаголхэри ипэкlэ къэта префиксиал глаголхэм хуэдэу

къызэрыlуэтэнур гурыlуэгъуэщ: «иlуэн, гуэlуэн, дэlуэн, тelуэн, щыlуэн, щlэlуэн, клэрыlуэн, къуэlуэн, хэlуэн, пыlуэн, флэlуэн, нэlуэн».

Мы ″lуэн″ глаголыр зытеухуам хуэlуарэ ехьэлlауэ къызэрыlуэтэну щlыклэр къызэрыхэщклэрэ префиксиалу ″lуэ-ы → lун″уи зэрыухуэфынур гурыlуэгъуэщи, макъ къигъэклын мыхьэнэ зиlэ ″lун″ымрэ ″lуэн″ыр зэрызэлъыта щlыклэм хуэдэу, мы ″lуэн″ глаголми ″lун″клэрэ гъэзащlэ префиксиал глагол къызэрытехъуклыфынур гурыlуэгъуэщ: «иlун, гуэlун, дэlун, тelун, щыlун, щlэlун, клэрыlун, къуэlун, хэlун, пыlун, флэlун, нэlун».

Къэхухьа щlыплэу lэщ зыраубыдэри зы ″макъ псалъэ″у ″lуэ″уэ къызэрыlуатэр гурыlуэгъуэщи, макъ къыпыхьэу мы ″lуэ″ псалъэри бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «lуэшхуэ, lуэцlыкlу».

*″**lу**″м къытехъукlа ″**макъ псалъэ**″хэм къыпыхьэ псалъэхэмклэ ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Къэхухьа щlыплуэу lэщ зыраубыдэр къызэрыlуатэ ″lуэ″ макъ псалъэм нэгъуэщl псалъэхэр къыпыхьэу ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ мыхэр: «″lэщ, lуэ″ → lэщ lуэ → lэщыlуэ; ″шклэ, lуэ″ → шклэ lуэ → шклalуэ; ″мэл, lуэ″ → мэл lуэ → мэлыlуэ; ″lуэ, бжэ″ → lуэ бжэ → lуэбжэ».

″Жьэ″ мыхьэнэ зиlэ ″lу″м псалъэ къыгуэхьэу ухуэ ″псалъэ зэгуэт″щ мыхэр: «″lу, пэ″ → lупэ; ″жьэ, lу(н)″ → жьэрэ lуэрэ → жьэрэlурэ».

Иужьрей щапхъэр икlи ″lун″ глаголым теухуауэ зэрылъытапхъэр гулъытапхъэщи, ″lун″ыр икlи ″lу″м теухуауэ гъэзащlэ lуэхугъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ: «″жьэ, lу(н)″ → жьэрэ-lурэ → жьэрэlурэ».

″lуэн″ псалъэм псалъэ гуэрхэр къыпыхьэу ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэр: ″lуэр, вэр″ → lуэр-вэр → lуэрвэр».

Мэкъу-мэш зэраlуэ ″lуэн″ псалъэм псалъэ гуэрхэр къыпыхьэу ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэщ мыхэри: «″мэш, lуэ(н)″ → мэшыlуэ; ″мэкъу, lуэ(н)″ → мэкъу(ы)lуэ».

*″**lу**″ макъыр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

Дэтхэнэ зыгуэрым и хэхьэплэрэ хэклыплэр, а гуэрым дэтхэнэ и зы гъунапкъэрэ къуапэр зэрылъыта ″макъ псалъэ″у щыт ″lу″р зытеухуа гуэрыр къэзыгъэлъагъуэ макърэ псалъэ къыпыхьэжу бзэм холэжьыхьри, мыпхуэдэ псалъэхэу ″lу″м къытехъуклахэм и нэхъыбэр ″lу″ макъ мыхьэнэ лэжьэклэу къэхъуа псалъэхэу лъытапхъэщ. «lугъуэ, lуж, lуфэ, lув, lумплэ, lункlыбзэ, lуащхьэ»; «щlыlу, гущlыlу, хэlу-щlыlу, мэlу, пхэlу, плlэlу, бгъэlу, бжэlу».

Мы щапхъэхэр ″lу″ макъ мыхьэнэклэрэ къэхъуауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Икlи ″lу″р мы и макъ мыхьэнэклэрэ псалъэхэм префиксрэ суффикс зэрыхуэхъуфынур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэр илъабжьэклэ ″префикс, суффикс″ къалэну ″lу″м игъэзащlэхэм теухуауэ къэтхьынущ. Ауэ мы къэта щапхъэхэм ″lу″р зэрыхэт щlыклэр сыт хуэдизу

щхьэж зы ″макъ псалъэ″у мылъытапхъэми, дэтхэнэ гуэрым и гъунапкъэрэ и къуапэр щхьэж зэрылъытэф ″макъ псалъэ″щ ″lу″р иклии, ар зыхэту ухуэ псалъэ гуэрхэр ″lу″ макъ мыхьэнэклэрэ зэреджапхъэм хуэдэжу, ″псалъэ зэгуэт″уи еджапхъэщ. Мыпхуэдэу лъытапхъэ щапхъэщ мыхэр: «″пхэ, lу″ → пхэlу; ″плlэ, lу″ → плlэlу; ″бгъэ, lу″ → бгъэlу; ″бжэ, lу″ → бжэlу; ″бжэ, щхьэ, lу″ → бжэщхьэlу».

Зыгуэрым и хэхьэплэрэ хэклыплэр зэрылъыта ″lу″м теухуауэ гъэзащlэ lуэхугъуэри къызэрыlуэтапхъэр ″lун″ глаголклэрэщи, ари ″lу″м хуэдэу зытеухуарэ зэрыгъэзащlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къызэрыпыхьэклэрэ зэрыухуэжауэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. Ар щыхъуклu, ″lун″ыр щхьэж зы глаголу зэрылъытэклэрэкъыми, и макъ мыхьэнэклэрэщ глагол къызэрытехъуклыр. Зэрыгъэзащlэ щlыклэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпыхьэу ″lун″клэрэ лажьэу ухуа глаголхэщ мыхэри, гъэзащlэу зэрыщытри ″lуэн″клэрэщ къызэрыlуатэр: «иlун – иlуэн, ylун – ylуэн, гуэlун – гуэlуэн, дэlун – дэlуэн, telун – telуэн, щlэlун – щlэlуэн, къуэlун – къуэlуэн, хэlун – хэlуэн, лъэlун – лъэlуэн, пыlун – пыlуэн, флэlун – флэlуэн».

Мы щапхъэхэм щыщу ″лъэlун, лъэlуэн″ глаголхэр адрейхэм зэрызэщхьэщыклыр гурыlуэгъуэщи, ар пкъырэ лъэр гупэ лъэныкъуэу тхьэм хуэгъэщхъыныгъэу гъэзащlэ lуэхугъуэу, зэрыигъуэклэрэ ″lу″клэрэ лажьэу ухуэ глаголхэщ. Мыпхуэдэм къытехъукl псалъэхэщ мыхэри: «лъэlу, тхьэлъэlу».

Мыбы нэмыщl, ипэклэ къэта щапхъэхэу ″хэlун″ыгъэ зи мыхьэнэ глаголхэм хуэмыдэу мыхьэнэ зиlэу ухуауэ аргуэру зы глагол яхэтщ. Аращи, ″lу″р ужьыгъуэ lэнатlэрэ ужьыгъуэпэщи, зыгуэрыр зэрыужьа щlыклэм щхьэщыклрэ зэрыхэкlри ″lу″ макъ мыхьэнэклэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ. Мы къэта щапхъэхэм хэт ″флэlун – флэlун″ глаголхэм етlуанэу я мыхьэнэр мыпхуэдэщи, зы шхыныгъуэр зэрыгъэфлэlум теухуащ: «флэlун – флэlуэн, шыгъэфлэlу».

Мы къэта щапхъэхэр зыгуэрыр зэрыужьарэ зэрыхъун хуеиплэм иклыныгъэм зэрытеухуар гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу зэрыщытын хуейм текlыныгъэу егъэлея хъуныгъэри ″lу″ макъ мыхьэнэклэрэ къызэрыlуэтапхъэр гулъытапхъэщ. Нытlэ, дэтхэнэ зы псалъэр зытеухуа lуэхугъуэр егъэлеяуэ зэрыщытрэ зэрыгъэзащlэр псалъэхэм суффикс хуэхъу ″lу, lуэ″клэрэ къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ лэжьэклэхэми илъабжьэклэ и гугъу щытщlынщ.

″lу″ макъым и мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, зыгуэрым и хэхьэплэрэ и хэклыплэм щыгъэзащlэ lуэхугъуэхэр ″lу″р префикс зэрыхуэхъу глаголхэмклэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ. ″lу″р глаголхэм префикс язэрыхуэхъу щlыклэм илъабжьэклэ и гугъу щытщlынщ, ауэ мыпхуэдэу зэрыгъэзащlэклэрэ ухуэ глаголыщlэхэр щыlэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэщ

мыхэр: «lусын, lутын, lулъын, lуцlын – lуцlэн, lупlэн, lугуэн, lущlэн, lукуэн, lукъуэн, lукlын, lухын, lухьэн, lухъуэн, lубэн, телубэн, lунэн».

Тхьэм и цlэр къиlуэнри ″тхьэ lуэн″рэ ″тхьэlуэн, тхьэlуэ, тхьэрыlуэ″ псалъэхэу ″тхьэлъэlу″ хуэдэ мыхьэнэ зиlэхэрщ, ауэ ″тхьэлъэlу″р нэхъыбэу пкъыгъуэрэ лъэм зэрытеухуарэ мыбдежым зи гугъу тщlы ″тхьэlуэ″ псалъэр тхьэм и цlэр къиlуэн lуэхугъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Мы ″lун, lуэн″ глаголым къытехъуклауэ лъытапхъэщ ″наlуэ, lупщl″ псалъэхэри. Ауэ ахэр икlи зытеухуа лlэужьыгъуэм и гъунэрэ и къуапэр утыку къызэрихьар къызэрыlуатэ ″lу″ макъ мыхьэнэклэ ухуа псалъэхэуи лъытапхъэщ.

*″**lу**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

Ужьыгъуэ lыхьэрэ ужьыгъуэпэ зи мыхьэнэ ″lу″р дэтхэнэ гуэрым и гъунапкъэрэ и къуапэ лъэныкъуэхэр зэрылъытэращи, мыпхуэдэ зы щlыплэр ″lу″ макъ мыхьэнэклэрэ зэрылъытэм ипкъ иткlэ, зы lуэхугъуэр мыпхуэдэ щlыплэм зэрыгъэзащlэ щlыклэр къигъэлъагъуэу глаголхэм префикс яхуохъуфыр. Мыпхуэдэ щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ. Ауэ глаголыр зытеухуа lуэхугъуэр къызэрекlуэкl щlыклэм елъытауэ суффикс макъи къызэрыпыхьэнур гурыlуэгъуэщи, апхуэдэхэр ″*″ нэгъыщэклэ къэгъэлъэгъуащ: «lуин – lуихьын*, lуун, lylун, lусыхьын*, lузын, lудзын, lугъын, lугъун – lугъухьын*, lуджын – lуджыхьын*, lуджэн, lудыхьын*, lудэн, lутыхьын*, lутlын, lутlэн, lужын – lужыхьын*, lужэн, lужьын, lуэжьэн – lужьыхьын*, lущын – lущыхьын*, lущэн, lущlыхьын*, lуэщlэн, lушэн, lучын, lучэн, lуклын - lуклыхьын*, луклуэтын*, lухъухьын*, lухун, lулъэн, lулэн, lулlэн, lуплыхьын*, lуфыхьын*, lувыхьын*, lувэн».

″lу″р ужьыгъуэ lэнатlэрэ ужьыгъуэпэщи, дэтхэнэ гуэрыр зэрыщытын хуеиплэм иклыу ужьу зэрыщlидзэр а гуэрым елъытарэ теухуауэ егъэлеинигъэ лэжьэклэщи, мыпхуэдэ мыхьэнэр ″lуэ″р псалъэхэм суффикс язэрыхуэхъуклэрэ къоlуатэр. Мы зи гугъу тщla мыхьэнэклэрэ дэтхэнэ зы псалъэм суффикс зэрыхуэхъуфынур гурыlуэгъуэщ ″lуэ″р, ауэ ар суффиксу нэхъ зыхуэигъуэр плъыфэцlэхэрауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ: «иныlуэ, цlыклylуэ, плъыжьыlуэ, хужьыlуэ, флыцlалуэ».

Мыпхуэдэ щапхъэхэр ди ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «lуэlуэ, сэlуэ, цlэlуэ, цыlуэ, зыlуэ, дзэlуэ, гъуэlуэ, гylуэ, дэlуэ, тlыlуэ, жьыlуэ, жьэlуэ, щыlуэ, щlыlуэ, щlэlуэ, шыlуэ, шэlуэ, чыlуэ, чэlуэ, кylуэ, клыlуэ, клэlуэ, къylуэ, къуэlуэ, хъylуэ, хьэlуэ, лъыlуэ, лъэlуэ, лыlуэ, лlыlуэ, пэlуэ, плэlуэ, бэlуэ, фэlуэ, флыlуэ, выlуэ, мэlуэ, нэlуэ».

Егъэлеиныгъэ мыхьэнэ къыриту ″lуэ″р глаголхэми суффикс язэрыхуэхъуфынур гурыlуэгъуэнщи, глаголхэр ″lуэ″ суффиксклэрэ инфинитиву зэрызэпкъырыувэм теухуа щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «иlуэн, ylуэн, lylуэн, сыlуэн, зыlуэн, дзыlуэн, гъыlуэн, гъylуэн, джыlуэн, джэlуэн, дыlуэн, дэlуэн, тыlуэн, тlыlуэн,

тlэlуэн, жыlуэн, жэlуэн, жьыlуэн, жьэlуэн, щыlуэн, щэlуэн, щlыlуэн, щlэlуэн, шэlуэн, кlыlуэн, кlуэlуэн, хъylуэн, хylуэн, хьыlуэн, лъэlуэн, лэlуэн, длэlуэн, пlыlуэн, фlыlуэн, выlуэн, вэlуэн».

Зыгуэрым хэlэтыкlарэ пышиикlа лъэныкъуэр а гуэрым теухуауэ ар къызэрыlуатэ псалъэм ″lу″ макъ мыхьэнэр суффикс зэрыхуэхъукlэрэ къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри ди ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «сэlу, цыlу, дзэlу, гъуэlу, жьэlу, щlыlу, шыlу, чыlу, кlыlу, кlэlу, къуlу, къуэlу, кхъэlу, кхъуэlу, хъylу, хыlу, хьэlу, лъэlу, лыlу, длыlу, пэlу, пlэlу, фэlу, выlу, нэlу».

**″О″ макъыр.**

″У″ макъ мыхьэнэм ипкъ иткlэ ″у″ гупым хэдбжа ″о″ макъыр бзэр зэпкъырыуварэ зэрыхъун хъуа нэужь лэжьэкlэ игъуэту къызэрыгъуэгурыкlуэм и зы щlыпlэм деж, псэлъэкlэ щlыкlэм къытехъукlащ. Ар глаголыр ит зэманым теухуауэ къызэрыlуатэрэ зэрылажьэ ″эу″ макъ зэкlэлъыкlуэр псынщlэрыlуу зэрызэхэжыхькlэрэ къэхъуауэ лъытапхъэщ: «сэукlэ → соклуэ; уэукlуэ → уоклуэ».

Мыпхуэдэу лъытапхъэщ япэу къызэрыlуа щlыкlэри, ″о″р щхьэжу зы макъкъым, ″эу″р псынщlэрыlурэ къарууфlэу къызэрыlу щlыкlэу утыку къихьа макъ зэхэжыхьащ. Икlи, ″э″кlэрэ къызэрежьэм ипкъ иткlэ, абы (о) зы макъ мыхьэнэ зэримыlэнури гурыlуэгъуэщ. Ар щыхъукlи, ар щхьэжу бзэм хэлэжьыхькъым, псалъэхэми ищхьэм къыпыхьэкъым, ***″о″****м* икlи ***″макъ псалъэ″*** *къытехъукlкъым*.

*″**О**″ макъыр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″*.

″О″ макъыр глаголхэр ит зэману къызэрыlуатэ щlыкlэу къэхъуу бзэм хэлэжьыхьу щlидзащи, бзэм хэту щыплъагъу нэхъыбапlэри глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэр ит зэманыгъуэм теухуауэ зэрыщытыр къэзыгъэлъагъуэ макъыущ. Икlи глагол лэжьэкlэу ит зэманыгъуэ гъэлъагъуэм нэмыщlыу бзэм къызэрыхэхъури итыгъуэ зэригъэзащlэкlэрэщ.

Мыбдежым ″ит зэман гъэлъагъуэ″у ″о″р глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэм зэрыхэтым теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «соклуэ, уоклуэ, къоклуэ, къызозауэ, къыуозауэ, дызобэн, къыводжэ, къыдобгэ».

И къэlуклэклэ утыку къызэрихьар гурыlуэгъуэщи, ″ит зэман гъэлъагъуэ″у бзэм хэлэжьыхьу щlидза нэужь, итыгъуэ зиlэрэ къаруфlагъэу щытыныгъэри ″о″ макъ зыхэт псалъэу ухуа/ухуэжауэ жыlэпхъэщи, зы lуэхугъуэм и lэзагъэ зиlэу абы и пщалъэрэ щапхъэу лъытар традициалу а гуэрым и итыгъуэу зэрылъытэкlэрэ ″о″ макъ мыхьэнэ зыхэт псалъэхэмкlэщ къызэрыlуатэр. Мыпхуэдэр дэтхэнэ зы lуэхугъуэм и итыгъуэу щытыр ″о″ макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуатэ псалъэхэмкlэщ зэрылъытари, ар цlыху псэукlэу щырет, цlыху

фlэщхъуныгъэрэ цlыху lэщlагъэхэу щырет, дэтхэнэ зы lуэхугъуэр нэхъыфlыу зыгъэзащlэр ″о″ макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуатэ псалъэмкlэщ зэрылъытар. Мыпхуэдэщ фlэщхъуныгъэм теухуауэ пщалъэрэ щапхъэу щытыр зэрылъытарэ къызэрыlуэтари, мыпхуэдэ унагъуэм къыщlэхъуэри мы и щапхъагъэр зи итыпlэу, а lуэхугъуэм теухуауэ пщыпlэ зиlэу зэрылъытэ унэгъуэцlэу ухуа псалъэхэщ мыхэри: «Тхьэгущlокъуэ, Тхьэщlокъуэ, Тхьэмлlокъуэ, Тхьэмокъуэ, Тхьэмэдокъуэ».

Цlыху зэхэтыкlэм и щапхъэрэ пщалъэу лъытэри ″о″ макъым игъэзащlэ итыгъуэ зиlэущ къызэрыlуатэр. Аращи, традициалу мыпхуэдэу лъыта унагъуэр цlыху зэхэтыкlэм теухуауэ щапхъэрэ пщалъэу зэрылъытэм къызэрыгуэкlкlэ, и унэгъуэцlэхэм ″о″р къыпыхьэжу абы къыщlэхъуэр пщыпlэр зи итыпlэу зэрызекlуэр къызхэщу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «Хьэтlыхъущокъуэ, Къанокъуэ; Щlыжокъуэ».

″О″р бзэм и зы макъыу хэтрэ хэлэжьыхьу щlидза нэужь, ″о″уэ къэlун зыхуэгъунэгъуу псалъэхэм зэкlэлъыкlуэу хэт макъитl гуэрхэри ″о″уэ къэlуу щlидзащи, нобэ псалъэ гуэрхэр ″о″кlэрэ къызэрыlуу бзэм зэрыхэтыр мыпхуэдэщ. Мыпхуэдэу ухуэ псалъэ гуэрхэр ″эу″р кlэухыу щыщыткlэ, абы и зэхэжыхьа къэlуыкlэ ″о″ри псалъэ кlэух зэрыхъур гурыlуэгъуэнщ, ауэ мыпхуэдэ псалъэхэри аргуэру ″у″ кlэухкlэ къэlун хуейуэщ зэрыхущlэкъур. ″О″ зыхэту ухуа псалъэхэм теухуауэ илъабжьэкlэ къэта щапхъэхэм мыр хыболъагъуэр.

Нэхъыбэуи къэбэрдеибзэрауэ жылэпхъэщ ″о″р къызхэхъухьа адыгэбзэ жьэрыпсалъэри, абы ноби ″о″р зэрыигъуэкlэрэ тхауэ хэту зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ауэ нобэрей кlахэбзэм ″о″р куэдыщэу зэрыхэтрэ ″о″кlэ къэlуныр зыхуэтынш хъууэ щыт дэтхэнэ зы макъ зэкlэлъыкlуэр зэрыимыгъуащэкlэ ″о″кlэ тхауэщ зэрыхэтыр.

Мыпхуэдэу ″о″уэ къэlункlэ тынш макъ зэкlэлъхьэужьхэр (эу, уэ) ″о″уэ къэlурэ тхауэ къэбэреибзэм зэрыхэтым теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ. ″О″ зыхэту ухуа псалъэ нэхъыбэр ″о″ макъкlэрэ къызэрыlуу бзэм зэрыхэтым нэмыщl, абы хэт ″о″р къызэрыхъуа щlыкlэр зыхэплъагъуэрэ къызтехъукlа псалъэу ноби бзэм щызекlуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ: «чэу → чо, чоу; пкlэу → пкlо, пкlоу; бэу → бо, боу»; «фэу → фо, фоу» «лlэу → лlо, лlоу; гуэун → гуоун»; «″къэум – къаум″ → къом».

Мы къэта щапхъэхэм щыщу япэрей псалъэхэращ псалъэ ухуэкlэр зэрыхъун хуейри, зэкlэлъхьэужь макъ гуэрхэр псынщlэрыlу къэlукlэу ″о″уэ зэрызэхъуэкlа щlыкlэрщ нобэ зэратхрэ къызэрапсэлъ щlыкlэу иужькlэ къэтахэр. Мы къэта щапхъэхэм нэмыщl, ″о″р къызэрыхъуа щlыкlэмрэ абы бзэм хигъэзэщlыхь къалэныр икlэ нэгъунэ зэрызэхэмыгъэкlам папщlэрагъэнщи, псынщlэрыlукlэрэ ″о″ макъ къызтехъукlыфыну щlыпlэ гуэрхэри нобэ имыгъуэу ″о″кlэрэ щатхрэ къыщапсэлъ щыlэщ. Глагол гуэрхэм я ит зэманыгъуэм теухуа лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэми мы зи гугъу тщlы щыуагъэхэм ущыхуозэри, ахуэдэхэр

зэрыхъун хуеймрэ щыуагъэу зэратхрэ къызэрапсэлъ щlыкlэр зэкlэлъыкlуэу къэдгъэлъэгъуэнщ: «къэуэн: ″ар (уэ) къыуоуэ → ар (уэ) къоуэ»; «къэхьын: къыумыхь → къомыхь»; «къэгъэкlуэн: къыумыгъакlуэ → къомыгъакlуэ».

″О″ къызэрыхъу щlыкlэр зэкlэлъхьэужь макъхэр псынщlэрэ тыншу къызэрыlукlэрэщи, Адыгэ флэхъусри (флохъус) мыпхуэдэ къэlукlэкlэ ″о″ зыхэту ухуэжа псалъэщ: «флэхъус (флэхъус апщий) - флэухъус (флэухъус апщий) → флохъус (флохъус апщий)»; «бэ ухъу (бэ ухъу апщий) → бэухъу (бэухъу апщий) → бохъу (бохъу апщий); бэ ухъус (бэ ухъус апщий) → бэухъус (бэухъус апщий) → бохъус (бохъус апщи)». ″О″ зыхэту ухуа псалъэ гуэрхэр и мыхьэнэкlэрэ нэгъуэщl псалъэм зэрыпыщlарэ абы къызэрытехъукlар хэплъагъуэу жыlэпхъэщи, мыпхуэдэщ ″псо, псоу″ псалъэхэр. Щыlэгъуэм къигъэщlа иужьрей щыlэкlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ ″псэ″рэ ″псэуныгъэ″ри, ар щыlэгъуэ зиlэхэм я щыlэкlэри зыхэлъыжрэ абыхэм къащхьэщыкlыу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр зыхэзыубыдэрэ къащхьэщыкlыу утыку къихьа псэуныгъэр лъэгапlэрэ лъэпlагъ зиlэу щыlэгъуэ зиlэрщи, псэуныгъэм хуэдэу сытри зыхэзыубыдэрэ а нэхъ зэпэщыныгъэрэ зэгущыгъуэ итыпlэ зиlэ щlыкlэр ″псэу″ псалъэм къытехъукlыу ″псо, псоу″уэ ухуауэ зэрыщытынур гулъытапхъэщ.

″О″р къызэрыхъуа щlыкlэмрэ бзэми зэрыхэлэжьыхьым гурыlуэгъуэ къызэрищlащи, ар псэлъэкум хэтщ макъ зэхэжыхьащ, псэлъэхэм ищхьэмрэ икlэм къыпыхьэкъым. Къызэрыхъуарэ псалъэхэм мы зэрыхэтыкlэм гурыlуэгъуэ зэрищlым зэрезэгъкlэрэи, *″о″м ″**префикс – суффикс**″ къалэн игъэзащlэкъым.*

## ″МАКЪ lУЭР″ХЭМ ТЕУХУАУЭ ПЫЩАПХЪЭХЭР

Мыбдежым бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэу ″**макъ lуэр гуэрхэр зыр зым ипlэ щиувэрэ щlиувэфхэр**″ащ зи гугъу тщlынури, мыри ахэр къызэрыхъу щlыкlэмрэ ягъэзащlэ геометрие къалэныр зэрызэпыщlам елъытарэ зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ зэхъуэкlыныгъэу мыбдежым зи гугъу тщlынухэри ″и, у″ макъхэр псалъэхэм суффикс зэрыхуэхъу щlыкlэу утыку къихьэ псалъэ лэжьэкlэхэращ.

Зы псалъэм суффикс хуэхъу ″и″м а псалъэм езыр аргуэру къигъэлъагъуу псалъэ къекlуэкlым зэрыхибжэжырщ. ″И″ макъыр джырэ джыпlэу утыку къихьащи, зы псалъэм суффикс щыхуэхъукlэ игъэзащlэр а псалъэр аргуэрэу къигъэлъагъуэнращ. Tlанэ, ″у″м езыр геометрие системэм ужьыгъуэу зэрыхэтым папщlэ, ари суффикс зыхуэхъу псалъэм езыр зэрыужькlэрэ къегъэлъагъуэ, егъэлажьэр. Мы жытlахэм къыщымынэу, зы псалъэр ″э″кlэрэ щыухым деж, ″и″мрэ ″у″ макъыр а псалъэм суффикс щыхуэхъужкlэ, псалъэ кlэух ″э″р къэмыlу щlыхъу

щlыlэщи, мыбы и щхьэусыгъуэр ипэкlэ макъ lуэрхэм ягъэзащlэ геометрие къалэнрэ мыхьэнэхэм теухуарэ елъытащ. Аращи, геометрикэ системэр зэманым елъытарэ къызэрыгуэкlкlэ утыку къызэрихьам папщlэ, геометрикэ системэм щыджыныгъэрэ (и) щыужьыныгъэ (у) lуэху зыгъэзащlэ ″и″мрэ ″у″м зыкъыщигъэлъагъуэм деж, абыхэм я лъабжьэу лажьэр ″э″рауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, псалъэм и кlэухыр ″э″мэ, ″и″мрэ ″у″р а псалъэм суффикс щыхуэхъум деж, псалъэ кlэух ″э″р къэмыlуми мэхъу; мыпхуэдэуи псалъэм ″э″ кlэух къыхэмыlукlми, а псалъэр зэрыщытрэ зэрыухуа щlыкlэкlэ ″и, у″ суффикскlэрэ лажьэу мэухуэфыр.

Кlэух макъ щэхухэр ″ы″ншэу къызэрыlур гурыlуэгъуэщ, ауэ ″э″ кlэухкlэрэ ухуа макъ щэхухэм ″э″р сытым деж къызэрыхэlукlынур гурыlуэгъуэ щхьэ, мыпхуэдэу гъэпса зы псалъэр сыт хуэдэ псалъэ лlэужьыгъуэуи щырет (щыlэцlэ, плъыфэцlэ, цlэпапщlэ, глагол), ″э″ кlэух зиlэ зы псалъэр ″и, у″ кlэухкlэрэ щылажьэкlэ, ″э″р къыхэмыlукlми мэхъуфри, мыпхуэдэ ухуэкlэри хэтыжу, ″э″кlэ ух псалъэм ″и, у″р суффикс зэрыхуэхъу щlыкlэр зы ухуэкlэм къытенэкъым.

Макъ lуэр кlэух щыхъум деж, ″и″м ипlэкlэ ″й″м зыкъыщигъэлъэгъуэфыр гурыlуэгъуэщи, ″и″ суффиксым теухуауэ жытlэр ″й″м папщlи мэгъэзащlэр. Икlи ″и″мрэ ″й″р псалъэм кlэух щыхуэхъум деж, lуэху гъэзащlэр зэрызэщхьэщыкlыр, ″и″кlэрэ lуэхур икlэ нэгъунэ зэрыгъэзащlэр, ″й″кlэрэи lуэхур псынщlэ дыдэу зэрыгъэзащlэр къызэрыlуатэри гурыlуэгъуэщи, мыбыхэм теухуа лэжьэкlэр ″и, й″ макъхэм деж къыщыlуэтащ.

Мыпхуэдэ щапхъэщ илъабжьэкlэ къэтахэри, макъитlкlэ ухуарэ грамматикэу дэтхэнэ зы псалъэ лlэужьыгъуэ зыхэту ″э″кlэ ух псалъэхэр ″и″ суффикскlэрэ зэрылъажьэм теухуа щапхъэщ: «″пыlэи – пыlэй″ → пыlи; ″жьауэи – жьауэй″ → жьауи; ″наlуэи – наlуэй″ → наlуи; ″дзасэи – дзасэй″ → ″дзаси; ″фlэщыгъэцlэи – фlэщыгъэцlэй″ → фlэщыгъэцlи; ″бацэи – бацэй″ → баци; ″хуэзэи – хуэзэй″ → хуэзи; ″бжьыдзэи – бжьыдзэй″ → бжьыдзи; ″дыгъэи – дыгъэй″ → дыгъи; ″игъуэи – игъуэй″ → игъуи; ″лъагэи – лъагэй″ → лъаги; ″хэгуэи – хэгуэй″ → хэгуи; ″щlыдэи – щlыдэй″ → щlыди; ″нетlэи – нетlэй″ → нетlи; ″жыжьэи – жыжьэй″ → жыжьи; мыщэи – мыщэй″ → мыщи; ″мащlэи – мащlэй″ → мащlи; ″хуэщlэи – хуэщlэй″ → хуэщlи; ″гуэшэи – гуэшэй″ → гуши; ″хэчэи – хэчэй″ → хэчи; дэкуэи – дэкуэй″ → дэкуи; ″жьакlэи – жьакlэй″ → жьакlи; ″лlакъуэи – лlакъуэй″ → лlакъуи; ″мэзыкхъуэи – мэзыкхъуэй″ → мэзыкхъуи; ″лъахэи – лъахэй″ → лъахъи; ″щыхъуэи – щыхъуэй″ → щыхъуи; ″ихьэи – ихьэй″ → ихьи; ″хьэлъэи – хьэлъэй″ → хьэлъи; ″щlэлэи – щlэлъэй″ → щlэли; ″щlэlулэи – щlэlулэй″ → щlэlулlи; ″ипэи – ипэй″ → ипи; ″лъапlэи – лъапlэй″ → лъапlи; ″ныбэи – ныбэй″ → ныби;

″плъыфэи – плъыфэй″ → плъыфи; ″мафlэи – мафlэй″ → мафlи; ″мывэи – мывэй″ → мыви; ″бамэи – бамэй″ → бами; ″нанэи – нанэй″ → нани».

Псалъэхэм я зэхуакум къыдэхьэрэ псалъэ зэпыщlэнрэ къыпыщэн къалэн зыгъэзащlэу бзэм хэлэжьыхь ″икlи″ псалъэри мы къэта щапхъэхэм хуэдэу къэхъуауэ лъытапхъэщ. Аращи, ″икlи″ псалъэр къэlуэтам икlыныгъэу занщlэу зэпкъырыува зы псалъэу утыку къихьауэ зэрылъытапхъэм нэмыщl, къэlуэта псалъэм ″икlэ″м къыпыщэну псалъэ гуэрыр къызэрыкlэлъыкlуэр къызэрыlуатэу къэхъуа ″икlэи″м и кlэух ″э″р зэрыпыхукlэрэ ухуэжауи лъытапхъэщ: «″икlэи – икlэй″ → икlи».

″У″ макъыр ″и″ нэужь къэхъуарэ ″и″р къызкlэлъыкlуэ ″э″ макъри зыхэзыубыдэ макъщи, ари ″э″кlэ ух псалъэхэм суффикс щыхуэхъу деж, ″и″р суффикс зэрыхъуу мы зи щапхъэхэр къэтхьахэм хуэдэщи, псалъэ кlэух ″э″р къэмыlуми мэхъур. Нытlэ, ″э″кlэ ух псалъэхэм ″и″р суффикс язэрыхуэхъум теухуауэ ипэкlэ мы къэта псалъэхэм ″у″р суффикс язэрыхуэхъум теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″у″р суффикс зэрыхъуф щlыкlэр икlи ″уэ″уэщи, ″уэ″ суффиксым къигъэлъагъуэр ″у″уэ щытыныгъэ зи мыхьэнэуэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Зы псалъэр ″у″ суффикскlэрэ псалъэ кlэух ″э″р пыхуу щыгъэпсыжым деж, псалъэ кlэух ″э″ макъым ипэ къихуэ макъыр макъ пlытlамэ, е ″у″кlэрэ къэlу макъ къызтехъукlыж макъмэ, ″l″мрэ а макъым ″у″ суффиксыр хэмыгъуэщэн папщlэ, псалъэ кlэух макъ пlытlам и макъ пытl нэгъыщэ ″l″мрэ ″у″кlэ къэlу макъ къызтехъукl псалъэ кlэух макъ нэужьым ″ы″р къаклуэущ ″у″р суффиксу къызэрыпыхьэжри, мыпхуэдэхэри илъабжьэкlэ къэта щапхъэхэм хыболъагъуэр. Нытlэ, зи гугъу тщla псалъэхэм ″у, уэ″р суффикс язэрыхуэхъумрэ, ахэр псалъэ кlэух ″э″р зэрыпыхукlэрэ къызэрыlуатэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ: «″пыlэу – пыlэуэ″ → пыlыу; ″жьауэу – жьауэуэ″ → жьауу; ″наlуэу – наlуэуэ″ → наlуу; ″дзасэу – дзасэуэ″ → ″дзасу; ″флэщыгъэцlэу – флэщыгъэцlэуэ″ → флэщыгъэцlыу; ″бацэу – бацэуэ″ → бацу; ″хуэзэу – хуэзэуэ″ → хуэзу; ″бжьыдзэу – бжьыдзэуэ″ → бжьыдзу; ″дыгъэу – дыгъэуэ″ → дыгъыу; ″игъуэи – игъуэй″ → игъуу; ″лъагэу – лъагэуэ″ → лъагыу; ″хэгуэу – хэгуэуэ″ → хэгуу; ″щlыдэу – щlыдэуэ″ → щlыду; ″нетlэу – нетlэуэ″ → нетlыу; ″жыжьэу – жыжьэуэ″ → жыжьу; мыщэу – мыщэуэ″ → мыщу; ″мащlэу – мащlэуэ″ → мащlыу; ″хуэщlэу – хуэщlэуэ″ → хуэщlыу; ″гуэшэу – гуэшэуэ″ → гушу; ″хэчэу – хэчэуэ″ → хэчу; дэкуэу – дэкуэуэ″ → дэкуу; ″жьаклэу – жьаклэуэ″ → жьаклыу; ″лlакъуэу – лlакъуэуэ″ → лlакъуу; ″мэзыкхъуэу – мэзыкхъуэуэ″ → мэзыкхъуу; ″лъахъэу – лъахъэуэ″ → лъахъыу; ″щыхъуэу – щыхъуэуэ″ → щыхъуу; ″ихьэу – ихьэуэ″ → ихьу; ″хьэлъэу – хьэлъэуэ″ → хьэлъу; ″щlэлэу – щlэлъэуэ″ → щlэлъу; ″щlэlулlэу – щlэlулlэуэ″ → щlэlулlыу; ″ипэу – ипэуэ″ → ипу; ″лъапlэу – лъапlэуэ″ → лъапlыу; ″ныбэу – ныбэуэ″ → ныбу; ″плъыфэу – плъыфэуэ″ → плъыфу; ″мафlэу – мафlэуэ″ → мафlыу;

″мывэу – мывэуэ″ → мыву; ″бамэу – бамэуэ″ → баму; ″нанэу – нанэуэ″ → нану».

Мы щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, ″э″кlэ ух дэтхэнэ зы псалъэм ″и, у″ суффикс къыщищтэм деж, утыку къихьэ псалъэ лэжьэкlэр кlэух ″э″р зэрыпыхуакlэрэ къоlуфыр. Мыбы глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэри зэрыхиубыдэр гурыlуэгъуэнщ, глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэхэри мы къэта щапхъэхэм хыболъагъуэр. Глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэхэм ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″ къызэрыпыхьэкlэрэ ухуэ псалъэхэу ″э″кlэ ухххэм ″и, у″ суффикс къапыхьэу зэрыухуэ щlыкlэм теухуа щапхъэхэр мы зи гугъу тщla лэжьэкlэм езэгъыу къэтхьыжынщ: «сыхуэзэу → сыхуэзу; ухегуэи – ухегуэй → ухегуи; тхуэщlэу → тхуэщlыу; къыбгуешэи – къыбгуешэй → къыбгуеши; ухечэи – ухечэй → ухечи; удызокуэи – удызокуэй → удызокуи; ущысхъуэу → ущысхъуу; сихьэу → сихьу; щlыболэи – щlыболэй → щlыболи; сыщlэлъэу → сыщlэлъу; зэщlэlулlэи – зэщlэlулlэй → зэщlэlулlи; щlэclулlэу → щlэclулlыу».

″И″мрэ ″у″р псалъэхэм суффикс язэрыхуэхъум теухуа щапхъэхэр къэтхащи, мыбы теухуауэ пыщапхъэхэр мыбдежым къыщытхьыжынщ. Аращи, мы щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, зы псалъэр макъ lуэркlэрэ щыухым деж, ар ″и, й″ суффикскlэрэ мэлэжьэфыр. Икlи зы псалъэр ″э″кlэ щыухым деж, ″э″кlэ ух псалъэр а зэрыщыткlэрэ ″и, й″ суффикскlэ мэлажьэр; икlи псалъэ кlэух ″э″р зэрыпыхуклэрэ ″и″ суффикскlэрэ мэлажьэр псалъэри, лэжьэкlищ иlэ мэхъур. Мыпхуэдэ лэжьэкlэм къагъэщl мыхьэнэри деталкlэрэ зэрызэщхьэщыкlри гурыlуэгъуэщ. ″И″ нэмыщl, ″у″р суффикс щыхъум дежи, псалъэ кlэух ″э″р пыхуми мэхъури, ″у″ суффикскlэрэ утыку къихьэ псалъэ лэжьэкlэри мэбагъуэр. Tlанэ, псалъэ кlэух ″э″р псалъэм ″и, у″ суффикс къыщищтэкlэ зэрыпыхуфым и щхьэусыгъуэрэ лъабжьэр наlуэ къытхуэхъуагъэнщи, псалъэр грамматикэу сыти ирехъу, мы лэжьэкlэр псалъэм ищхьэм къыроклуэфыр. Мыпхуэдэ лэжьэкlэр бзэм и хабзэм зэрезэгъкlэрэщ къызэрекlуэкlри, абы и хабзэм лъабжьэ хуэхъухэми мы макъхэм теухуауэ къэтlуэтахэмрэ мыбдежым къыщытlуэтэжахэмкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуфауэ жыlэпхъэщ. Ауэ нобэ ди бзэщlэныгъэрэ литературэбзэм мы лэжьэкlэхэм зыращ хихарэ игъэлажьэр, икlи мыпхуэдэ лэжьэкlэри дэтхэнэ зы псалъэм теухуауэкъым зэрилъытэри, ахэри грамматикэу егъэмащlэр. Аращи, ди бзэщlэныгъэрэ литературэбзэм мыбдежым зи гугъу тщla лэжьэкlэхэм щыщу зы лэжьэкlэращ пэжу илъытэри, адрейхэр щыуагъэу къызэрыщlидзкlэрэ бзэ лэжьэкlэу къэхъуу зи гугъу тщlы мы дэталхэр егъэкlуэдыр; и лэжьэкlэ лъабжьэр къызэрыщlимыгъэщыфам ипкъ зэритщи, абы бзэмрэ псалъэхэм я лэжьэкlэр егъэмащlэр.

Мыбдежым зи гугъу тщla лэжьэкlэхэр адыгэбзэм и лэжьэкlэрэ логием къызэрыгуэкlщ, мыхъумэ, хуэдгъэфащэу аракъым. Зы бзэр езыр зэрыухуарэ натуралу зэрылажьэ щlыкlэм тетын хуейщ, икlи абы и

бзэщlэныгъэр къызтещlыкlынури мыбдежращ, мы лэжьэкlэм щыгъуазэ узэрыхуэхъукlэрэщ. Мыхъумэ, абы и лэжьэкlэ хъун хуейр ″литературэбзэ″ щхьэусыгъуэу щырет, ″бзэщlэныгъэ″ щхьэусыгъуэкlэ ирехъу, зэхъуэкlыныр игъуэкъым, пэжкъым. Аращи, адыгэбзэр ″э″кlэ ух псалъэхэм ″и, у″ суффиск къищтэу лlэужьыгъуищкlэ зэрылажьэм щыгъуазэ хуэхъууэ а лэжьэкlэр хъумэнрэ гъэужьын хуейщ, мыхъумэ, нобэ ди бзэщlэныгъэрэ литературэбзэм я бгъэдэхьэкlэкlэ бзэм и лэжьэкlэ гуэрхэр хэгъэщlын хуейкъым. Лъэпкъым нэхърэ нэхъыжьщ, икlи дэтхэнэ зы цlыхумрэ цlыхуу хъуами нэхърэ нэхъ lущрэ губзыгъэщ бзэр. Ар къэзыпсэлъ псоми тхурикъунщ; абы бзэщlэныгъэлlхэр хурикъуфынкъым. Аращи, нэгъуэщlыбзэм къытещlыкlа зы бзэщlэныгъэр абы хуэфащэкъым, икlи мыпхуэдэ бзэщlэныгъэм езэгъыу бзэщlэныгъэлlхэм къащтэ унуафэр адыгэбзэм и лэжьэкlэм езэгъынкъым. ″Хабзэр унафэкlэ яухуэкъым″ псэлъэжьыр зэрыжыlа адыгэбзэм езыр унафэкlэ зэрымыухуэнур ищlэжынтэкъэ... икlи апхуэдэу къыбгъэдэхьэ гурхэри зэрыщымыlэм папщlэти, адыгэбзэм ″бзэр унафэкlэ яухуэкъым″ хуэдэ зы псэлъэжь жыlэн хуэигъуакъым.

Ягъэзащlэ геометрие къалэным елъытарэ теухуащи, ″э″м къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа ″и, у″ макъхэм зыкъыщагъэлъагъуэм деж, абыхэм ипэ къихуэ ″э″ макъыр пыхуу псалъэхэм мэухуэфыр. Мыпхуэдэ лэжьэкlэхэр ″и, у″ макъхэр псалъэхэм суффикс язэрыхуэхъум теухуауэ къэтащи, псалъэ мыхьэнэрэ лlэужьыгъуэр дауи щырет (глагол лэжьэкlэ, щыlэцlэ, плъыфэцlэ, цlэпапщlэ), псэлъэпкъыр кlуэдын шынагъуэ хэмылъу псалъэм и кlэух ″э″р пыхуфу ″и, у″р суффикс хуохъуфыр. Ауэ мыпхуэдэу гъэпс псалъэ лэжьэкlэр нэгъуэщl мыхьэнэкlэ гурыlуэгъуэ щыхъуф щыlэщи (щыхъуэн → щыхъуи - щыхъуу; щыхъун → щыхъуи - щыхъуу), мыпхуэдэу пхэнджрэ щыуагъэу мыгурыlуэн гугъэ зиlэм псалъэр зэрыщыту къиlуатэрэ итхыу (щыхъуэ-н), ″и, у″р суффиксу къызэрыпигъэхьэфынури (щыхъуэи – щыхъуэй, щыхъуэу – щыхъуэуэ) гурыlуэгъуэнщ.

Мы зи гугъу тщlахэм зэрыхуэдэрэ зэрезэгъщи, ″э″кlэ ух псалъэхэм ″и, у″р суффикс щыхуэхъум деж, псалъэ кlэух ″э″р зэрыпыхукlэрэ утыку къихьэну псалъэр иджыри гурыlуэгъуэ хъуфын зэрыхуейр гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, ″э″кlэ ух ″макъ псалъэ″хэм ″и, у″р суффикс щыхуэхъум деж, ″э″р пыхуныр игъуэкъым. Аращи, суффикс къыщищтэм деж, псалъэр зэрыщыту хэкlуэдэни зэрыхуэмейр гурыlуэгъуэнщи, ″макъ псалъэ″хэр мы зи гугъу тщla щапхъэхэм хуэдэу зэрызэмыхъуэкlын хуейр гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, къэтхьынщ ди ″макъ псалъэ″хэм мыбдежым зи гугъу тщla ″и, у″р суффикс язэрыхуэхъун хуейм теухуа щапхъэхэри: «lэи - lэй, уэи - уэй, lуи - lуй, сэи - сэй, цlэи - цlэй, цыи - цый, зыи - зый, дзэи - дзэй, гъэи - гъэй, гъуэи - гъуэй, гэи - гэй, гуи - гуй, дэи - дэй, тlыи - тlый, жьэи - жьэй, щыи - щый, щlыи - щlый, щlэи - щlэй, шыи - шый, шэи -

шэй, чыи - чый, чэи - чэй, куи - куй, куэи - куэй, кӏыи - кӏый, кӏэи - кӏэй, къуи - къуй, къуэи - къуэй, кхъуэи - кхъуэй, хъыи - хъый, хъуи - хъуй, хьэи - хьэй, лъыи - лъый, лъэи - лъэй, лыи - лый, лӏыи - лӏый, пэи - пэй, пӏэи - пӏэй, бэи - бэй, фэи - фэй, фӏыи - фӏый, выи - вый, мыи - мый, мэи - мэй, нэи - нэй»; «lэу - lэуэ, уэу - уэуэ, lуу - lууэ, сэу - сэуэ, цӏэу - цӏэуэ, цыу - цыуэ, зыу - зыуэ, дзэу - дзэуэ, гъэу - гъэуэ, гъуэу - гъуэуэ, гэу - гэуэ, гуу - гууэ, дэу - дэуэ, тӏыу - тӏыуэ, жьэу - жьэуэ, щыу - щыуэ, щӏыу - щӏыуэ, щӏэу - щӏэуэ, шыу - шыуэ, шэу - шэуэ, чыу - чыуэ, чэу - чэуэ, куу - кууэ, куэу - куэуэ, кӏыу - кӏыуэ, кӏэу - кӏэуэ, къуу - къууэ, къуэу - къуэуэ, кхъуэу - кхъуэуэ, хъыу - хъыуэ, хъуу - хъууэ, хьэу - хьэуэ, лъыу - лъыуэ, лъэу - лъэуэ, лыу - лыуэ, лӏыу - лӏыуэ, пэу - пэуэ, пӏэу - пӏэуэ, бэу - бэуэ, фэу - фэуэ, фӏыу - фӏыуэ, выу - выуэ, мыу - мыуэ, мэу - мэуэ, нэу - нэуэ».

Ягъэзащӏэ геометрие мыхьэнэрэ къалэным теухуащ псалъэ кӏэух ″э″ нэужьым ″и, у″р суффикс къыщыпыхьэм ″э″р къэмыӏуми зэрыхъум и лъабжьэрэ щхьэусыгъуэр. Аращи, ″ы″кӏэ ух псалъэхэм ″и, у″р суффиксу къыщыпыхьэм деж, ″э″р зэрыпыхуфу мы зи гугъу тщӏахэм хуэдэу псалъэ кӏэух ″ы″р пыхукъым: «абыи – абый, иджыи - иджый».

Къызэрыхъуарэ ягъэзащӏэ lуэхугъуэм къызэрыгуэкӏщи, нэхъыбэуи ″э″р къыкӏэлъыкӏуэ ″и″кӏэрэ зэрыкӏуэдкӏэрэ псалъэ гъэпсыкӏэу адыгэбзэм къыхэхъухьыр мащӏэкъым. ″Э-ы″ зэхъуэкӏыныгъэкӏэрэ псалъэ гъэпсыкӏэм теухуа щапхъэхэм хуэдэуи жыӏэпхъэщи, ″э″м ″и″р къыщыкӏэлъыкӏуэм деж, ″э″р зэрыпыхукӏэрэ ″и″м зыкъызэригъэлъагъуэр ″э-и → и″уи лъытапхъэщ. ″Э-ы″ зэхъуэкӏыныгъэр кӏуэтэгъуэ зиӏэр къызпкъырыкӏрэ зытеухуам хуэӏуарэ зэрыпыщӏар зэрыгъэзащӏэращ; ″э-и → и″ зэхъуэкӏыныгъэри функциал кӏуэтэгъуэрэ зэманыгъуэрэкӏэрэ фӏэкӏыпӏэ зэримыӏэу джырэ утыку къихьэр къызэрыгъэлъагъуэращ. Аращи, игъуэ щыхъум деж, ″и″м ипэ къихуэ ″э″р къэмыӏуми щыхъур мащӏэкъыми, мыпхуэдэ гъэпсыкӏэхэр къызэрыхъум теухуа щапхъэу лъытапхъэщ мыхэр: «″lэ-ихын″ → lэихын → lихын; lэ-ихын → ″lэ-ы″-ихын″ → lы-ихын → lыихын → lихын».

Мыпхуэдэ щапхъэхэм щыщщ мыхэри: «lихын (lэ-и-хы-н); къыӏихын (къы-lэ-и-хы-н); lэщӏихащ (lэ-щӏэ-и-хащ); lэщӏилъхьащ (lэ-щӏэ-и-лъ-хьа-щ); гуихуащ (гуэ-и-ху-а-щ); щӏищӏэнущ (щӏэ-и-щӏэ-н-у-щ); хуищӏынщ (хуэ-и-щӏы-н-щ)».

Мыбы къыщымынэу, бзэм и зы дэтхэнэ лэжьыгъэ ӏыхьэм мыпхуэдэ лэжьэкӏэхэр къыхохъухьри, бжыгъэхэм теухуа щапхъэхэм щыщщ мыхэри: «щитl (щэ-и-тӏу), щищ (щэ-и-щы), щиплl (щэ-и-плӏы)».

Макъхэр зыр зым ипӏэ зэриувэм теухуа щапхъэхэр мыбы къыщынэкъым. Генератикэ зэпыщӏэныгъэ зиӏэ ″ж″ыр зыхэт ″жыӏэн″ псалъэр зэрылъажьэ щӏыкӏэхэри мы зи гугъу тщӏахэм хуэдэ щапхъэу лъытапхъэщи, япэрауэ ″жыӏэн″ псалъэр зэрыухуам щыгъуазэ дыхуэхъун папщӏэ, абы хэт макъхэм ягъэзащӏэм деплъынщ.

Функциал кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэм игъэзащIэр макъыу зыгъэзащIэ ″э″м къытехъукIыу абы и зы lэнатIэу утыку къихьа ″lэ″ макъым зы зэманыгъуэ пыухытыкIарэ lэнатIэращ и мыхьэнэрэ игъэзащIэри, абы ″э″ функциал зэманри зэрыхэлэжьыхьыр гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэ лэжьэкIэ зиIэу ухуа зы псалъэщ ″жыIэн″ глаголри, ар ″ж″ макъ мыхьэнэр зытеухуа гурыр зы зэманыгъуэ пыухытыкIакIэрэ утыку къызэрихьэрэ щыIэ зэрыхъур зи мыхьэнэ псалъэу жыIэпхъэщ. ″Ж″ макъ мыхьэнэр дигу къэдгъэкIыжынщи, ар къызэрыIум езэгъыу зэпыудыгъуэ зэримыIэкIэ зэпыщIэн lуэху игъэзащIэу бзэм хэлэжьыхьу, генератикэ зэпыщIэныгъэ зыгъэзащIэ макъыу лъытапхъэщ. Зи гугъу тщIы гуэрыр зытеухуам зэпыудыгъуэ зэримыIэкIэ пыщIауэ зэрыщытращ ″генеретикэ″ псалъэм къикIри, блэкIа е зы щIыпIэ къыщыхъу гуэрыр зэпычыгъуэ зэримыIэкIэ иджымрэ мыбдежым иту лэжьэн lуэхущ абы зэпыщIэныгъэу игъэзащIэр. Мы псалъэхэм къызэрыгуэкIкIи, ″ж″ырэ ″lэ″кIэрэ гъэпсауэ ухуа ″жыIэн″ псалъэм и мыхьэнэр зэрылъытапхъэр мыпхуэдэнщ: къэIуэтапхъэу цIыху кIуэцIым къыщыхъур зэпычыгъуэ зэримыIэрэ зэрыщыту (ж) утыку къилъхьэнрэ щыIэ хъун (lэ) lуэхуу лъытапхъэщ ″жыIэн″ псалъэм и мыхьэнэр. Абы и лэжьэкIэр гурыIуэгъуэщи, ″жыIэн″ глаголым и ит зэман лIэжьэкIэ щапхъэхэр къэтхьынщ: «жызоIэ, жыбоIэ, жеIэ».

Ауэ мы ит зэман лэжьэкIэхэр икIи ″lэ″ншэуи къызэрыIуэтэфыр гурыIуэгъуэщи, мыбы лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъур ″жыIэн″ псалъэр зэрыухуа макъхэм я мыхьэнэращ зэлъытар. Араща, ипэкIэ къэтIуэтахэм пытщэжынщи, мыпхуэдэу ″ж″ макъым игъэзащIэмрэ зы зэманыгъуэ lэнатIэкIэ (lэ) щыIэгъуэ зиIэу утыку къихьэ глаголыр (жыIэн) ит зэману щылажьэкIэ, мыр ″ж″ макъым игъэзащIэмкIэ къэIуэтэфу зэрыщытынур гулъытапхъэщи, ″жыIэн″ глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэхэр икIи зэман lэнатIэр (lэ) къыхэгъэщын хуэмыныкъуэжуи зэтоувэфыр: генератикэ зэпыщIэныгъэм (ж) езыр къигъэлъагъуу (и) е ит зэманкIэрэ (о: эу) игъэлажьэу псалъэр мэухуэфыр. НытIэ, ипэкIэ ″жыIэн″ глаголым и ит зэман лэжьэкIэу ухуа псалъэхэр мы зи гугъу зэрытщIакIэрэ къызэрыIуэтэфым теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «жызоIэ → жызо; жыбоIэ → жыбо – жоIэ → жо; жеIэ(р) → жи».

Мыхэр икIи нэрыбгэ закъуэхэм теухуарэ сингуларыгъэкIэ зэрыгъэпсыжри гулъытапхъэщ. ИтIанэ, ″ж″ым игъэзащIэр генератикэ lуэхущи, зи гугъу тщIыр сыт щыгъуэрэ дэнэ щыIэми генератикэу иджымрэ мыбдежым зэрыпыщIакIэрэ къызэриIуатэм папщIэ, ит зэман къалэн зэригъэзащIэращ зи гугъу тщIы лэжьэкIэхэр къыщIэхъум щхьэусыгъуэ зэрыхуэхъуфыр. Араща, блэкIа е къэкIуэну зэманкIэ ″жыIэн″ псалъэр щылажьэм щыгъуэ, ″ж″ макъым ит зэманыгъуэ къалэнри зэрызэфигъэкIыф щхьэусыгъуэ щыIэжынкъым.

## II
## ″МАКЪ ЩЭХУ″ХЭР БЗЭМ ЗЭРЫХЭХЬЭРЭ ПСАЛЪЭХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭУ ЗЭРЫЛАЖЬЭР

Макъхэр утыку къызэрихьэм теухуа зэкlэлъхьэужьыкlэущ илъабжьэкlэ макъ щэхухуэм теухуауэ къедгъэкlуэкl лэжьыгъэр. Мы лэжьыгъэ пэщlэдзэр пэщхъынэр зи къэхъупlэрэ япэу къэхъуа макъыу щыт ″м″ макъым деж къыщlидзэу, абыи ″м″ым къытехъукlуарэ къыкlэлъыкlуэу къэхъуау лъытапхъэ ″н″ макъыр къыкlэлъыкlуэу лэжьыгъэр къызэпыщэн хуейр гурыlуэгъуэщ. Ауэ, мы макъхэр - нэхъыбэуи ″м″ макъыр- бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэ гуэрхэм ещхь лэжьэкlэ зиlэ ″р″ макъыр ипэ идгъэщу къыдогъэкlуэкlыр мы лэжьыгъэри, мыбы нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыхуэхъун папщlэ, мы илъабжьэкlэ псэлъитl-щы къыпытщэжынщ.

″Р″ макъыр бзэгур зи къэхъупlэ макъхэм я къэхъуныгъэ ухыпlэу утыку къихьауэ лъытапхъэрщ, икlи къэхъупlэгъу зимыlэрэ щхьэж макъыу зэрыщытми зэрезэгъкlэрэ макъ мыхьэнэ зимыlэрщ ″р″ макъри, кlэух макъыущ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. И къэхъукlэрэ и къэlукlэм зэрезэгъкlэрэ макъ мыхьэнэ зимыlэу кlэух макъ закъуэущ ″р″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьри, къызкlэлъыкlуэ макърэ псалъэр а зэрыщыткlэрэ къэгъэлъэгъуэнрэ импозацэ щlын къалэн игъэзащlэущ.

″Р″ макъым мы и къалэным ебгъэщхь хъуну лэжьыэкlэ зиlэрщ ″м″ырэ ″н″ макъхэми, мыбы гулъытэ хуэщlын папщlэщ мы лэжьыгъэм ″р″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр къежьапlэ щlыхуэхъур. Араща, пэщхъынэр зи къэхъупlэрэ япэрей макъыу утыку къихьа ″м″ макъымрэ абы къыкlэлъыкlуэрэ къытехъукlыжауэ лъытапхъэ ″н″ макъри мы утыку къызэрихьарэ къыщихьа дыдэм нэгъуэщl макъ зэрыщымыlэм зэрезэгъкlэрэ макъ мыхьэнэ пыухытыкla зэрамыlэнур гурыlуэгъуэнщи, мы къызэрыхъуагъащlэм теухуауэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр макъ мыхьэнэшэу щыт ″р″ыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм ебгъэщхь хъуну лэжьэкlэрщ.

Пыщапхъэмэ, япэ къэхъуа макъыу щыт ″м″ыр сытри зэрылъытэ макъыу макъ мыхьэнэ пыухытыкla зимыlэрщи, мы и лэжьэкlэр ″р″ макъым игъэзащlэ къалэным зэрещхьыфынур гурыlуэгъуэнщ. Араща, адрей макъхэр утыку къызэрихьэкlэрэ ″м″ макъри зы мыхьэнэ пыухутыкlам хуэкlуэжащ, ауэ абы макъ мыхьэнэ пыухытыкla игъуэтами, къызэрыхъуарэ макъ мыхьэнэ пыухытыкla зэримыla щlыкlэкlи бзэм хэлэжьыхьу хыболъагъуэри, мы и лэжьэкlэращ ″р″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьым ебгъэщхь хъунур. Япэрей макъыу ″м″ым къытехъукlарэ къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа ″н″ макъри мы утыку къыщихьагъащlэм макъ мыхьэнэ пыухытыкla зыщимыгъуэтаращи, абы мы и лэжьэкlэри ″р″ макъым зэребгъэщхь хъунур гурыlуэгъуэнщ.

Гулъытапхъэщи, нэхъыбэу ″м″ макъым мы и лэжьэкlэ щlыкlэращ ″р″ыр бзэм зэрыхэлэжьыхьым ещхьыр; ауэ ″м″ым къытехъуклрэ къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа ″н″ макъри мы къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ макъ мыхьэнэ пыухытыкla зхэримыlэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыну щlыкlэри ″р″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьы ебгъэщхь зэрыхъунури жытlагъэххэщ. Аращи, япэрей макъыу къызэрыхъуа щlыкlэкlэ сытри зэрылъытэ ″м″ макъымрэ, абы къыкlэлъыкlуэу утыку къихьарэ ″м″ыкlэрэ лъытам къыпыщэнур зэрылъытэ ″н″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр къызкlэлъыкlуэ макърэ псалъэхэм мыхьэнэ зэрыхамылъхьэкlэрэщи, мыращ ″р″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм ещхьу ″м, н″ макъхэм яlэу зи гугъу тщlыр. Нытlэ, ″м, н″ макъхэр - нэхъыбэуи ″м″ макъыр- бзэм мыпхуэдэ щlыкlэкlэ зэрыхэлэжьыхьыр ″р″ макъым ещхь лэжьэкlэу лъытапъэщи, ″м, н″ макъхэм зи гугъу тщlы мы я лэжьэкlэ щlыкlэм щыгъуазэ хуэхъун папщlэ, япэрауэ ″р″ макъым мы и лэжьэкlэм гулъытэ хуэщlын хуейщи, ″р″ыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм щыгъуазэ хуэхъуныр ″м, н″ макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым ипэ къихуэу къэдгъэлъэгъуэнщ.

## БЗЭГУЛЪЭПЭР ЗИ КЪЭХЪУПlЭ МАКЪЫР: «Р».

Бзэгупэ лъабжьэм щlэlэрэ бзэгупэлъэр зэригъэджызджкlэрэ къэlу ″р″ макъыр бзэгур зи къэхъупlэ макъхэм щыщу иужь дыдэ къэхъуауэ лъытапхъэщ. Абы и къэхъуклэр бзэгулъэбгъум къыщыхъуа макъхэм ебгъэщхьи хъунущ: бзэгулъэм и ижьрабгъу лъэныкъуэр и лъабжьэми зэрыщlэlэкlэрэ утыку къихьа макъхэращ ″лъ, л, лl″ гупри, ″р″ макъым и къэхъуклри мыпхуэдэ щlыкlэкlэрэ бзэгупэлъэращ.

Мы макъ гупым щыщуи ″лъ″ макъыр къызэрыхъуа щlыкlэр зи къэхъуклэу утыку къихьауэ лъытапхъэ зы макъщ ″р″ макъыр, ауэ бзэгупэм къыщыхъу ″р″ макъыр нэхъ хуитрэ лъагэу къэlуыкlэ зиlэ макъыщи, абы бзэм хигъэзэщlыхьри мы и къэlуыкlэ лъэщыгъэм елъытащ. И къэхъуклэкlэ ″р″ макъыр зэдгъэщхь ″лъ″ макъыр пкъыгъуэрэ лъэм теухуа мыхьэнэ зиlэрщи, бзэгулъэпэр зи къэхъупlэ ″р″ макъым игъэзащlэри дэтхэнэ макърэ псалъэм кlэух хуэхъуу ахэр лъэщу къэгъэлъэгъуэнрэ lупщlыу утыку къилъхьэн къалэнщ.

Ауэ, и къэхъуклэкlэ зэдгъэщхь мы макъхэм (лъ, л, лl) макъ мыхьэнэ яlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьхэри мы я мыхьэнэкlэрэ щхьэ, щхьэж езым хуэlуа къэхъупlэ зиlэрэ нэгъуэщl къэхъупlэгъу макъ зэрыщымыlэм зэрезэгъщи, ″р″ макъыр мыхьэнэ зимыlэ макъщ, икlи бзэми зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр мыпхуэдэщ. Аращи, къэхъупlэгъу зимыlэрэ щхьэж зы макъыущ бзэгупэр зи къэхъупlэу утыку къихьа ″р″ макъри, абы макъ мыхьэнэ щlимыгъуэтам и лъабжьэри мыращ. ″Р″ макъыр къызэрыхъуарэ щхьэж макъ закъуэу зэрыщытым папщlэ, мыхьэнэншэ

защlэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, мы и лэжьэкlэр япэрей макъыу утыку къихьа ″м″ыр утыку къыщихьа щlыкlэкlэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм зэрещхьынури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″м″ макъыр утыку къыщихьарэ абы нэмыщl макъ зэрыщымыlэм езэгъ къалэну ″м″ макъым бзэм хигъэзэщlыхь къалэным ещхьщ макъ мыхьэнэншэ защlэу бзэм хэлэжьыхь ″р″ макъым бзэм хигъэзэщlыхь къалэныр. Мыбыи, икlи ″р″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьым ″м, н″ макъхэм ипэ къихуэу мыбдежым щыгъуазэ хухъуныр зэрыигъуэми ипэкlи и гугъу щытщlагъащ.

″Р″ макъыр псэлъэбзэр зэрыджа макъхэм и кlэуххэм хуэзэу къэхъуауэ жыlэпхъэщ. Ар бзэгупэм лъэщу зэрыхъейрэ зэрыджызджкlэрэ къэхъуа зы макъщи, ″макъ щэху – макъщэкlуашэ″у щытми, лъэщу къэlуыкlэ зиlэу зы макъщ. Абы бзэм хигъэзэщlыхьри лъэщу мы къызэрыlум ипкъ иткlэщ.

Макъ къэхъупlэрэ бзэ джыпlэу щыт бзэгум ипэ лъэныкъуэм жьыр зэрыщихъуэрэ щlигъэхъейуэ утыку къихьащ ″р″ макъри, мы и къэхъуныгъэм езэгъ къалэнщ бзэм хигъэзэщlыхьыр. Бзэгупэр щlигъэхъейуэ утыку къихьэ ″р″ макъыр къыздыщыхъуа мы щlыпlэм нэгъуэщl макъ къыщыхъукъым. Ар щхьэж къэхъупlэрэ къэхъукlэ зиlэу зы макъщи, къызэрыхъуа щlыкlэмрэ къыздыщыхъуам нэгъуэщl макъ утыку къызэримыхьэм папщlи, ″р″ макъыр ″макъ мыхьэнэ″ зымыгъуэта макъщ.

Гулъытапхъэщи, ″р″ макъым мы къэхъукlэр бзэгуку ижьрабгъу лъабжьэм щихъуэ жьыкlэрэ къэхъуа ″лъ″ макъым и къэхъукlэм ещхьу лъытапхъэщ. Ауэ зэрыгурыlуэгъуэу, ″лъ″ макъым и къэхъупlэм нэгъуэщl макъхэри (л, лl) къызэрыхъум зэрезэгъкlэрэ ″лъ″ макъым ″макъ мыхьэнэ″ игъуэта щхьэ, къэхъупlэгъу макъ зэримыlэм зэрезэгъкlэрэ ″р″ макъым ″лъ″ым хуэдэу зы ″макъ мыхьэнэ″ игъуэткъым. Мыпхуэдэу щхьэжу езым хуэlуа къэхъуныгъэ зэриlэм зэрезэгъкlэрэ ″макъ мыхьэнэ″ имыгъуэтами, ″р″ макъым бзэм хигъэзэщlыхь lуэхугъуэр ″лъ″ макъым и мыхьэнэрэ бзэм хигъэзэщlыхьым ебгъэщхь хъуну къалэну лъытапхъэщ. Аращи, дэтхэнэ зы организацэрэ органыр бзэм къыщыlуэтэфыну ″макъ мыхьэнэ″ зиlэ ″лъ″ макъым мы игъэзащlэ lуэхугъуэм ебгъэщхь хъуну лъытапхъэ ″р″ым и къалэнри, ″макъ мыхьэнэ″ зимыlэ ″р″ макъым бзэм хигъэзэщlыхь къалэныр бзэгум и lуэхугъуэу утыку къихьэ дэтхэнэ зы макърэ псалъэр а зэрыщыткlэрэ къэгъэлъэгъуэнрэ щхьэжу организэ зэрыхъур утыку къилъхьэнращ. Мыпхуэдэ къалэныр зэригъэзащlэри ″р″ макъыр макърэ псалъэхэм кlэух язэрыхуэхъукlэрэщи, ар лъэщу къызэрыlум папщlэ, кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэр зэхэхыгъуафlэ ищlрэ абы флэкlыпlэ имыlэу гулъытэ зэрыхуигъэщlкlэрэщ.

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэращlщ ″р″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьри, мы къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ ″макъ мыхьэнэ″ зимыlэ макъыу, ***″р″*** *макъым* ***″макъ псалъэ″****и къытехъуклкъым.*

Къызэрыхъуарэ къызэрыlу щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ ″р″ макъыр кlэух къалэн закъуэ игъэзащlэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, мыпхуэдэурэ абы

псалъэхэри егъэлажьэ, икIи ар псэлъэщIэхэри утыку къихьэнкIэрэ щхьэпэ мэхъур. НытIэ, ″макъ псалъэ″ къытемыхъукI щхьэ, ″р″ макъыр макърэ псалъэхэм кIэху язэрыхуэхъукIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьымрэ, псэлъэщIэхэри утыку къихьэнкIэрэ щхьэпэ зэрыхъум теухуауэ ″р″ макъым бзэм хигъэзэщIыхь къалэнхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*″**Р**″ макъыр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

″Р″ макъым и къэхъупIэм нэгъуэщI макъ къыщыхъуакъыми, зэлъытэну макъ гуэр зэрыщымыIэм папщIэщи, абы зы ″макъ мыхьэнэ″ зэримыгъуэтар жытIагъэххэщ. Мы къызэрыхъуа щIыкIэм езэгъыущ ″р″ макъым бзэм хигъэзэщIыхьри, макърэ псалъэ къэхъуныгъэр зи щIеину лъытапхъэ бзэгум ипэ лъэныкъуэ лъабжьэр щихъуэу зэрыхъейкIэрэ къэхъуа макъыу зэрыщытым езэгъ lуэхугъуэу, бзэр зэрыухуа макъхэмрэ псалъэхэм кIэух хуэхъуу ахэр лъэщрэ зэхэхыгъуафIэ зэрищIкIэрэ а зэрыщыту импозацэ къытхуещIыр.

″Р″ыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэр макърэ псалъэхэм кIэух зэрыхуэхъукIэрэщи, езым зы ″макъ мыхьэнэ″ зэримыIэм папщIэ, кIэух зыхуэхъу макърэ псалъэм зы мыхьэнэ химылъхьэу, а макърэ псалъэ мыхьэнэр зэрыщыту дигъэлъагъуэрэ импозацэ къытхуищIыу дегъэлъытэр. Араща, макъ мыхьэнэ имыIэми, ″р″ макъым бзэм хигъэзэщIыхь къалэнрэ lуэхугъуэр мащIэкъым, икIи бзэ лэжьэкIэм куэдыщэу хэлэжьыхьу зы макъщ ″р″ыр.

КIэух зыхуэхъур фIэкIыпIэ имыIэу а зэрыщыткIэрэ импозацэ къытхуищIыу гулъытэ хуэщIыныгъэм дырихулIэущ ар бзэм зэрыхэлэжьыхьри, мыпхуэдэкIэрэи ″р″ макъыр макъхэм кIэух яхуэхъуу псалъэ къэхъуныгъэ къалэн егъэзащIэр; икIи кIэух зыхуэхъу псалъэм псэлъэщIэ къытехъукIыныгъэкIэ щхьэпэ мэхъур. ″Р″ макъыр зы макърэ псалъэм кIэух зэрыхуэхъукIэрэ, кIэух зыхуэхъуар къыкIэлъыкIуэм зэпищIэу, макърэ псалъэ зэпыщIэныгъэ къалэни егъэзащIэри, мыпхуэдэу бзэ лэжьэкIэщIэрэ псэлъэщIэхэр утыку къохьэр; псалъэхэр зэрызэпищIэкIэри ″псалъэ зэгуэт″ къэхъуныгъэи егъэзащIэр.

Ар кIэух зыхуэхъу макърэ псалъэр зэхэхыгъуафIэ зыщI макъщи, мы и къалэныр зэригъэзащIэ щIыкIэм теухуа щапхъэхэу, щхьэж макъ гуэрхэмрэ псалъэ гуэрхэм ″р″ыр кIэух язэрыхуэхъу щапхъэхэр мыбдежым къыщытхьынщ: «″ы″р, ″lы″р, ″э″р, ″lэ″р, ″а″р, ″с″ыр, ″цI″ыр, ″з″ыр»; «псалъэр, lуэхур, унэр, хадэр, цIыхур, шыр, выр, хъур, бзыр».

Макърэ псалъэхэм кIэух щыхуэхъукIэ ″р″ макъым абыхэм яхуигъэзащIэр мы къэта щапхъэхэм гурыIуэгъуэ къещIри, мыхэр ″р″ макъыр кIэух зыхуэхъу макърэ псалъэхэр а зэрыщыткIэрэ къэгъэлъэгъуэн нэмыщI къалэн зэримыIэм теухуа щапхъэхэщ. Дэтхэнэ зы псалъэм мыпхуэдэу кIэух хуэхъуу ″р″ым хуигъэзащIэ къалэныр икIи ″суффикс″ къалэну зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщи, апхуэдэхэм илъабжьэкIэ и гугъу щытщIынщ.

Ауэ ″р″ыр кlэух щыхъукlэ утыку къихьэ псэлъэщlэхэр щыlэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэныр игъуэщ. Япэрауэ ″р″ыр кlэух зыхуэхъу макъыр лъэщу къызэрыгъэлъагъуэу, а ″макъ мыхьэнэ″р зэрыщыту зэрыгъэзащlэ щlыкlэкlэ утыку къилъхьэн lуэхугъуэу ухуэ ″псалъэ (щыlэцlэ, плъыфэцlэ, цlэпапщlэ...)″ щыlэщи, мыпхуэдэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «гъэр, гуэр, къыр, шыр, хъар, хъуэр, пшэр».

Щхьэж псалъэрэ бзэ лэжьэкlэу ухуагъэххэхэм ″р″ макъыр кlэух ящыхуэхъум дежи, а псалъэ мыхьэнэр лъэщу къызэрыгъэлъагъуэкlэрэ ″псэлъэщlэ″хэри утыку къыщихьэ щыlэщи, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «а → ар; мы → мыр; мэу (мо) → мор»; «е → ер; гъу(н) → гъур; жы(н) → жыр; пхы(н) → пхыр; щты(н) → пщтыр».

″Р″ыр утыку итыгъэххэ бзэ лэжьэкlэрэ псалъэхэм кlэух язэрыхуэхъум теухуауэ мы къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэр икlи глагол лэжьэкlэрэ глаголыпкъыу (гъун, жын, пхын, пщтын) зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ″р″ макъыр кlэух зэрыхуэхъукlэрэ а глаголыр зытеухуа lуэхугъуэр лъэщу зэрыгъэзащlэр къызэрыlуатэ щlыкlэу ухуэж псалъэхэри щыlэщ. Аращи, глагол лэжьэкlэм пыщlарэ къытехъукlами, а глагол мыхьэнэр лъэщу зыгъэзащlэрэ зэрыгъэзащlэр къызэрыlуатэу ухуа ″псэлъэщlэ″хэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ мы щапхъэхэр: «уэ(н) → уэр; сы(н) → сыр; кlы(н) → кlыр; жэ(н) → жэр; дэрбзэр (дэн → дэр; бзэн → бзэр); пхъуэ(н) → пхъуэр – lэрпхъуэр (lэрыпхъуэн); пlы(н) → пlур».

″Р″ кlэухкlэрэ ухуауэ мы къэта псалъэхэм я мыхьэнэхэр къызтехъукlа глаголхэм теухуами, ахэр бзэ мыхьэнэщlэрэ псэлъэщlэу лъытапхъэщ. Ауэ мыпхуэдэ псалъэхэм я мыхьэнэр глаголыр зэрыгъэзащlэращ зытеухуарэ къызтехъукlри, дэтхэнэ зы глаголыр мыпхуэдэу зэрыгъэзащlэ щlыкlэкlэ мы къэта псалъэхэм хуэдэ лэжьэкlэхэр къызэрыlуэтэфынури гурыlуэгъуэщ. Аращи, ″р″ыр кlэух зыхуэхъу псалъэ мыхьэнэр зэмыхъуэкlыу, псалъэм лэжьэкlэ зэригъуэт бзэ лэжьэкlэр ″р″ым игъэзащlэ ″суффикс″ къалэну зэрыщытынур гурыlуэгъуэщи, нытlэ, ″р″ макъыр кlэух зэрыхъу мыпхуэдэ лэжьэкlэм теухуа щапхъэхэми ″р″ым игъэзащlэ ″суффикс къалэн″хэу илъабжьэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мыбы нэгъунэ къэта щапхъэхэр ″р″ыр макърэ псалъэхэм кlэух зэрыхуэхъу щlыкlэкlэ къэхъу бзэ лэжьэкlэхэмрэ псэлъэщlэхэри зэрыухуэм теухуащ. Ауэ ″р″ кlуэтэгъуэ ″рэ″ри макърэ псалъэ кlэух зэрыхъукlэрэ бзэ лэжьэкlэрэ псэлъэщlэхэри утыку къызэрихьэфынур гурыlуэгъуэнщ. Зэрыгурыlуэгъуэу, ″э″ макъым игъэзащlэ зы къалэнри къызкlэлъыкlуэ макъ мыхьэнэрэ къалэныр а зэрыщыту зэригъэкlуатэкlэрэ къигъэлъэгъуэнращи, ″р″ кlуэтэгъуэрэ функциал зэманыгъуэу (э) щыт ″рэ″ми ″р″ым игъэзащlэр а зэрыщыту къызэрыlуатэ щlыкlэу ″р-уэ щыт″уи зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщ.

Мы псалъэхэм зэрезэгъащи, кlэух ″р″ым игъэзащlэу щытыр (э) къызэрыlуатэ щlыкlэкlэ ″р″ кlуэтэгъуэу щыт ″рэ″ри макърэ псалъэхэм кlэух яхуэхъу бзэ лэжьэкlэрэ псэлъэщlэхэри мэухуэфыр. Мыпхуэдэщ - псалъэм папщlэ- ″р″ кlэухкlэрэ ухуа ″гуэр″ псалъэр икlи ″гуэрэ″уи къызэрыlуэтэфти, абы (гуэрэ) ″гуэр-у щыт″ мыхьэнэкlэрэ зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ псалъэ къэхъукlэу лъытапхъэщ ″рэ″р макъ гуэрхэм кlэух язэрыхъукlэрэ ухуа мы псалъэхэри: «хьэрэ, ищхьэрэ».

Макърэ псалъэхэм кlэух язэрыхуэхъукlэрэ ″рэ″м игъэзащlэ къалэныр мыбы къыщынэкъыми, ар бзэм зэрыхэлэжьыхь lуэхугъуэхэу псалъэхэр зэрылажьэрэ псэлъэщlэхэри утыку къызэрихьэ щlыкlэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Ауэ икlи, ″р″ым ″суффикс″ къалэн зэригъэзащlэм хуэдэу, ″рэ″ми ″суффикс″ къалэн егъэзащlэри, абыхэми ″р″ым игъэзащlэ ″префикс, суффикс къалэн″ псэлъащхьэм щlэту щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

″Р″ыр къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр макърэ псалъэхэм кlэух язэрыхуэхъукlэрэщи, мыбы нэгъунэ зи гугъу тщlари ″р″ макъыр мыпхуэдэ щlыкlэкlэ бзэм зэрыхэлэжьыхьращ. Икlи, ″р″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьу зэрыщlидза щlыкlэри макърэ псалъэхэм кlэух язэрыхуэхъуу мы зи гугъу тщla щlыкlэкlэщ. Ауэ абы игъэзащlэ мы кlэух къалэным къыкlэлъыкlуэ зы лэжьэкlэщи, кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэр къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм пыщlэныгъэ къалэни егъэзащlэр. Ныtlэ, макърэ псалъэхэм кlэух зэрыхуэхъу щlыкlэм къыкlэлъыкlуэу игъэзащlэ зэпыщlэныгъэ къалэнми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Ауэ макърэ псалъэ зэпыщlэныгъэ lуэху хэмылъу лъытапхъэщи, кlэух ″р″ыр ″ы″ншэу къызэрыlукlэрэ макърэ псалъэ къыпыхьэу псэлъэщlэ щыухуэи щыlэщ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, макърэ псалъэр ″р″ыкlэрэ къызэрыгъэлъагъуэу къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм зэпыщlэныгъэ къалэныр а нэхъ мащlэу ″р″ым ″ы″ къызэрыкlэлъыкlуэкlэрэщ зэрыгъэзэщlэнури, макърэ псалъэм кlэух хуэхъуа ″р″ нэужьым ″ы″ншэу къыпыхьэж макърэ псалъэкlэрэ ухуэ псэлъэщlэр ″р″ым игъэзэщla зэпыщlэныгъэкlэрэ ухуауэ жыlэпхъэкъым.

″Р″ым игъэзащlэ зэпыщlэныгъэ къалэныр а нэхъ мащlэу ″р″ым ″ы″ къызэрыкlэлъыкlуэкlэрэ зэрыгъэзэщlэнур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″р″ыр зи кlэух макърэ псалъэр лъэщу къигъэлъагъуэу къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм зэрыпищlэ щlыкlэр япэрауэ кlэух зыхуэхъуа макъыр ″р″ыр оригиналу ″ы″кlэрэ къэlуу къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм зэрыпищlэращ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″р″ыкlэрэ гъэзащlэ зэпыщlэныгъэр мыбы къыщымынэу, ″р″ыр ″э″кlэрэ къэlууи (рэ), ″р″ым ″э″м нэмыщl макъзешэ гуэрхэри (а, и, у) къызэрыкlэлъыкlуэкlэрэи зэрыгъэзэщlэфынур гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу ″р″ым зэхуэмыдэ макъзешэхэр къыкlэлъыкlуэу мэгъэзэщlэфыр зи гугъу тщlы зэпыщlэныгъэри, ″р″ым игъэзащlэ

зэпыщlэныгъэр ″ы″кlэрэ зэрыгъэзащlэмрэ зи гугъу тщla макъзешэхэр (э, а, и, е, у) ″р″ым къыкlэлъыкlуэу зэрыгъэзащlэм я зэхуакум зэщхьэщыкlыныгъэ зэрыдэлъынури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, макърэ псалъэхэр ″р″ыкlэрэ занщlэу зэрызэпыщlэр ″ы″кlэрэщи, адрей макъзешэхэмкlэ щызэпыщlэм деж, а макъзешэхэм я мыхьэнэрэ къалэнкlэрэщ зэпыщlэныгъэр къызэрыхъу щlыкlэр.

Зы макърэ псалъэр къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм ″р″ыкlэрэ щыпыщlэм деж утыку къихьэ бзэ лэжьэкlэмрэ ухуэ псалъэм и мыхьэнэр къызэрыхъу щlыкlэри ахэр занщlэрэ ″р″ыншэу зэрызэгухьэм зэрыщхьэщыкlынури гурыlуэгъуэнщ. Зы макърэ псалъэр къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм ″р″ыкlэрэ щыпыщlэм деж, къэхъу мыхьэнэр япэрей макърэ псалъэ мыхьэнэкlэрэ къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэ мыхьэнэр зэрылажьэращ. Аращи, ″р″ыр зи кlэух макърэ псалъэ мыхьэнэр къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэ мыхьэнэм зэрытегуэрэ зэрытегушхуэкlэрэу жыlэпхъэщ ухуэ псалъэм и мыхьэнэр утыку къызэрихьэр. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, ″р″ым къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэ мыхьэнэр ″р″ыр зи кlэух макърэ псалъэ мыхьэнэр зэрыгъэлъагъуэрэ къызэрыхэщкlэрэ лажьэущ ухуэ бзэ лэжьэкlэрэ псалъэм игъуэт мыхьэнэр. Нэхъ кlэщlыу жыпlэмэ, ″р″ыкlэрэ зэпыщlауэ ухуа зы псалъэм игъуэт мыхьэнэр ″зыгуэрыр зыгуэркlэрэ″ зэрыгъэзащlэ щlыкlэущ. Мы къэтlуэтахэм нэхъ щыгъуазэ узэрыхуэхъунур абыхэм теухуа щапхъэхэм дежрагъэнщи, ахэр илъабжьэкlэ къэтащ.

Нытlэ, кlэух ″р″ нэужьым макърэ псалъэ къызэрыпыхьэжу гъэзащlэу мы зи гугъу тщla зэпыщlэныгъэ щlыкlэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Япэрауэ ″р″ыкlэрэ гъэзащlэ зэпыщlэныгъэу мылъытапхъэщи, кlэух ″р″ нэужьым ″ы″ншэу макърэ псалъэ къызэрыпыхьэкlэрэ ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «щlырхъ, пырхъын, дыркъуэ, кlуртlэ – щхьэкlуртlэ, къурт».

Мы къэта щапхъэхэр ″р″ыр ″ы″ншэу къызэрыlукlэрэ ухуа псалъэхэщи, мыбдежым ″р″ым игъэзащlэ закъуэр зи кlэух макърэ псалъэр къыхэгъэщын lуэхугъуэращ, мыхъумэ, зи кlэухыр къыкlэлъыкlуэм пищlэн къалэну зэрыщымытыр гулъытапхъэщ.

Ауэ ″р″ыр ″ы″ншэрэ ″ы″кlэрэи къэlуу зыхэплъагъуэ ″псалъэ зэгуэт″хэри щыlэщи, мыпхуэдэхэм я зэгухьэкlэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыпхуэдэ щапхъэщ илъабжьэкlэ къэтахэри, абы щыщ гуэрхэр ″р″ыкlэ ух псалъэм занщlэу нэгъуэщl зы псалъэ къызэрыгухьэкlэрэ зэрыухуари гулъытапхъэщ, икlи къэта щапхъэ гуэрхэм ″р″ нэужь ″ы″р иужькlэ зэрыпыхужари гулъытапхъэщ: «″lуэ(н), вэ(н)″ → ″lуэр, вэр″ → lуэр-вэр → lуэрвэр; ″дэ(н), бзэ(н)″ → ″дэр, бзэр″ → дэр-бзэр → дэрбзэр»; «″лъэ, хьы(н)″ → лъэр хьы(н) → лъэрыхь; ″лъэ, мыхьы(н)″ → лъэр мыхьы(н) → лъэрымыхь → лъэрмыхь; ″lэ, зехьэ(н) → lэрызехьэ – lэрзехьэ; ″lэ,

гуэтхьы(н)″ → lэрыгуэтхъ – lэргуэтхь; ″джэ(н), пэджэжы(н) → джэрыпэджэж – джэрпэджэж».

Мыхэр ″псалъэ зэгуэт″у зэрыщытыр гулъытапхъэщ; икlи щапхъэ гуэрхэр (lуэрвэн, дэрбзэр) зэрыухуа щlыкlэу, кlэух ″р″ыр ″ы″ншэу къызэрыlукlэрэ псалъэ гуэрхэр къыпыхьэжу ″псалъэ зэгуэт″ щыухуэм деж, ″р″ым игъэзащlэ къалэныр кlэух зыхуэхъуа псалъэ мыхьэнэр къыхэгъэщын закъуэрауэ зэрыщытрэ зэпыщlэныгъэу зэрыщымытым ипэкlи и гугъу щытщlагъэххэщ. Ауэ мы къэтахэм щыщ адрей щапхъэхэр ″р″ыкlэрэ зэпыщlауэ ухуа ″псалъэ зэгуэт″у зэрыщытыр гулъытапхъэщ, икlи я зэпыщlэкlэри ″р″ нэужьым ″ы″ къызэрыкlэлъыкlуэкlэрэщ.

Нытlэ, ″р″ым игъэзащlэ зэпыщlэныгъэм теухуа щапхъэхэу, зи кlэухым къыкlэлъыкlуэр ″ы″кlэрэ къызэрыпищlэм теухуа щапхъэ нэхъыбэ къэтхьынщ: «lэрылъын, lэрыщl, lэрыхын, lэрыхун, lэрыхуэн, гъуэрыгъуэ, гъуэрыгъуапщкlуэ, гурымын, гурыхь, гурыгъ, гурыщхъуэ, гурыхуэ, гурыlуэн, къыгурыlуэн, зэгурыlуэн, шырыб, хъурыфэ, фэрыщl, тхъурымбэ, тхьэрыкъуэ, щхъырыб; пхырыкlын, пхырыхун, кlуэцlырыкlын, кlуэцlырыхун; хьырыхь, пцlырыпцl; зырыз – зэрыз, тlурытl, щырыщ, плlырыплl».

Щапхъэхэр куэдыщэ зэрыхънур гулъытапхъэщи, мы псалъэхэм щыщ гуэрхэри ″р″ыр зи кlэухыу ухуа ″префикс″хэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Икlи, ″р″ыкlэрэ ухуэ префиксыр ″р″ыр ″ы″кlэрэ къызэрыlу закъуэуи зэрыщымытыр гурыlуэгъуэнщи, ″ы″кlэрэ къызэрыlум нэмыщl макъзешэкlэ къызэрыlуу ухуэ псалъэхэм теухуауэ илъабжьэкlэ къэтхьыну щапхъэхэми префиксиал псалъэхэр зэрыхэтынури гулъытапхъэщ. Нытlэ, ″ы″кlэрэ е нэгъуэщl макъзешэкlэу щырет, ″р″ыр зи кlэухыу ″префикс″ къызэрыхъурэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэми иужькlэ ″р″ыр бзэм ″суффикс″ къалэн зэрыхигъэзэщlыхьымрэ ″р″ зыхэту ″префикс″ зэрыухуэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа псэлъащхьэм деж щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зи кlэух макърэ псалъэр ″рэ″ми къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм зэрызэпищlэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «гуэрэн, гуэрэф, жэрэгъу, дэрэгъу, пэрэздж – пэрэзэдж, бэрэдж, бэрэжьей, вэрэвий, мэракlуэ - мэрэкlуапцlэ, мэрэмэжьей, мэрэмысэ - мэрамысэ, флэрафlэ, флэрэфlэн, уфlэрэфlэн, бэрэбанэ, къэрэкъурэ».

″Рэ″м теухуа щапхъэу жытlами, мы къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэм ″э″р ″а″ зэрыхъууэ зэрыхэтыр нэрылъагъущи, мыбы и щхьэусыгъуэри ухуэ псалъэ кlэухыр ″э″уэ зэрыщытым папщlэщ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″а″р ″э″ куэдагъэрэ lувагъ къизыlуэу ″э″м и зы зэхъуэкlыныгъэ макъщ. ″А″р блэкla зэманыгъуэрэ жыжьагъэ зи мыхьэнэ макъщи, мыбдежым кlэух ″э″м ипэ къихуэ ″рэ″м и ″э″р ″а″уэ зэрызэхъуэкlым къыщымынэу, псалъэ мыхьэнэ къэхъуныгъэм елъытауэ ″р″ыр ″ы″кlэ къэlуу гъэзащlэ зэпыщlэныгъэхэм дежи, ухуэ псалъэ кlэухыр ″э″мэ, ″р″ыр къызэрыlу

″ы″ри ″а″уэ зэхъуэкIыу псалъэхэр мэухуэфыр: «″кIуэ(н), кIуэ(н)″ → ″кIуэ-ры-кIуэ″ → кIуэрыкIуэ; ″кIуэ-ра-кIуэ″ → кIуэракIуэ»; «″мэ, мэ″ → ″мэ-ры-мэ″ → мэрымэ → ″мэ-ра-мэ″ → мэрамэ»; «″мэ, кIуэ(н)″ → ″мэ-ры-кIуэ – мэ-рэ-кIуэ″ → ″мэ-ра-кIуэ″ → мэракIуэ».

Адыгэбзэм и лэжьэкIэм мыпхуэдэ псалъэ ухуэкIэр мащIэу хэткъым. ИкIи зы макърэ псалъэ мыхьэнэр аргуэру къызэрыгъэщIыжкIэрэ псалъэ ухуэныгъэр ″р″ым игъэзащIэ зэпыщIэныгъэкIэрэ зэрыухуэфынур гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу ″р″ым и зэпыщIэныгъэкIэрэ тIэу къэIу макърэ псалъэ кIэухыр ″э″уэ щытмэ, ар зэрызэпыщIэ ″р″ым къыкIэлъыкIуэ ″ы″ри ″а″уэ къэIуу мэухуэфыр нэхъыбэм деж псалъэхэр. Аращи, мыбдежым ″р″ым игъэзащIэ къалэныр зэпыщIэныгъэ закъуэу зэрыщытрэ псалъэм нэгъуэщI мыхьэнэ зэрыхимылъхьэри гурыIуэгъуэщ; ″э″ кIэух зиIэ макърэ псалъэм ипэ къихуэ макърэ псалъэ кIэухри ″э″уэ щытмэ, ″р″ нэужьыр ″а″уэ мэгъэлъагъуэри, зи кIэух макърэ псалъэр а къызэрыгъэлъэгъуагъэххэу къыкIэлъыкIуэ макърэ псалъэ кIэух ″э″ми зэрезэгъкIэрэ псалъэ мэухуэр. Мыпхуэдэщ ″э″ кIэухкIэрэ къэIу зы ″макъ псалъэ″р тIэу зэкIэлъыкIуэу ″р″ыкIэрэ зэпыщIауэ ухуэ псалъэр зэрыухуэ щIыкIэри, кIэухитIри ″э″уэ зэрыщытым ипкъ иткIэ, ипэ къихуэ ″макъ псалъэ″м и кIэух ″э″р ″а″уэ зэхъуэкIын Iуэхугъуэр ″р″ нэужь гъэзащIэущ псалъэр зэрыухуэр.

Адыгэбзэм ″р″ыкIэрэ зэпыщIауэ тIэу къызэрыIу щIыкIэкIэ псалъэ ухуэныгъэр дэтхэнэ зы псалъэм теухуауэ къэхъуфыну зы псалъэ ухуэкIэщи, нытIэ, зы псалъэр тIэу къызэрыIу щIыкIэкIэ ″р″ым игъэзащIэ зэпыщIэныгъэу ″псалъэ зэгуэт″хэр зэрыухуэмрэ ахэр зи гугъу зэрытщIауэ зэрызэпкъырыувэ щIыкIэри къызхэщ щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ. Щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, ″э″кIэ къэIу ″макъ псалъэ″хэр аргуэру къызэрыIу щIыкIэкIэ ″р″ыкIэрэ зэрызэпыщIакIэрэ ухуэ псалъэхэр ″р″ыр ″ы″рэ ″а″кIэрэ зэрыухуэр гулъытапхъэщ, икIи ″макъ псалъэ″ щапхъэхэу ″э″ кIэух зимыIэхэм ″р″ нэужь ″а″р къазэрыпымыхьэри нэрылъагъущ: «ирый – ирий, урыу, уэрыуэ – уэрауэ, lурыIу, lуэрыIуэ – lуэраIуэ, lуэрыIуатэ, сырыс, сэрысэ – сэрасэ, зырыз – зэрыз, гъырыгъ, гъурыгъу, дырыд, дэрыдэ – дэрадэ, тIырытI, тIэрытIэ – тIэратIэ, жырыж, жэрыжэ – жэражьэ, жьырыжь, жьэрыжьэ – жьэражьэ, щырыщ, щэрыщэ – щэращэ, щIырыщI, щIэрыщIэ – щIэращIэ, шэрышэ – шэрашэ, чырыч, чэрычэ – чэрачэ, кIырыкI, кIуэрыкIуэ – кIуэракIуэ, хъурыхъу, хурыху, хьырыхь, лъэрылъэ – лъэралъэ, лэрылэ – лэралэ, лIэрылIэ – лIэралIэ, пIырыпI, пIэрыпIэ – пIэрапIэ, фырыф, вэрывэ – вэравэ».

Мы къэта щапхъэхэр зы псалъэр ″р″ зэпыщIэныгъэкIэрэ тIэу къызэрыIукIэрэ ухуа псалъэхэщ. Ауэ зэхуэмыдэ макъитI е псэлъитIыр мыпхуэдэу ″р″ыкIэрэ зэрызэпыщIэкIэрэ псалъэ зэрыухуэри мащIэкъым, икIи я ухуэкIэри ипэкIэ и гугъу зэрытщIарэ къэта щапхъэхэм

зэрыхуэдэнури гурыIуэгъуэщ: «шыпсыранэ, шыкIэрышэ, мэракIуэ, мэрэкIуапцIэ».

″Р″ым игъэзащIэ зэпыщIэныгъэкIэ псалъэ къэхъуныгъэм теухуауэ мы къэта щапхъэхэм нэмыщI, ″р″ым ″и″ къыкIэлъыкIуэу макърэ псалъэ зэпыщIэныгъэу ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «кIуриин, ирикъун, хурикъун, хъыринэ – хьаринэ, гъыринэ, пэсэрилэ, псырилэ, шыпсэрилэ».

Макърэ псалъэхэр ″р″ыкIэрэ зэрызэпыщIэм теухуа щапхъэхэр мыбы къыщынэкъым. Дэтхэнэ зы IуэхугъуэрзэрыгъэзащIэ щIыкIэм зэрыхуэIуауэ щытыныгъэмрэ, а IуэхурфIыуэ зыгъэзащIэу а Iуэхурезымейхуэдэузэрыщытрэ а IуэхурабызэрыеираIуэхуркъэзыIуатэ глагол (хъун) лэжьэкIэу ухуэ псалъэм (хъу) ″р″ыр кIэух хуэхъуу ″ей″р къызэрыпыхьэжкIэрэщи (хъурей), мыпхуэдэ псалъэ ухуэкIэр дэтхэнэ зы глаголым теухуауэ зэрыухуэфынури гурыIуэгъуэнщ. ″Р″ыкIэрэ дэтхэнэ зы псалъэм ″ей″р кIэух зэрыхуэхъур а псалъэ мыхьэнэр зэмыхъуэкIрэ и зы лэжьэкIэ псалъэ зэрыухуэм папщIи, мы зи гугъу тщIыр икIи ″суффикс″ къалэнуи зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Араща, дэтхэнэ зы глаголыр мыпхуэдэ щIыкIэкIэ зэрилэжьэф щапхъэхэри ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «ирей, урей, уэрей, Iурей, IуэрейсырейзырейдзырейгъырейгъурейджырейджэрейдырейдэрейтырейтIырей, тIэрей, жырей, жэрей, жьырей, жьэрей, щырей, щэрей, щIырей, щIэрей, шэрей, чырей, чэрей, кIырей, кIуэрей, хъурей, хурей, хьырей, лъэрей, лэрей, лIэрей, пIырей, фырей, вырей, вэрей».

Мыбы нэгъунэ ″р″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, ″р″ макъыр макърэ псалъэхэм кIэух язэрыхуэхъумрэ, абы макърэ псалъэхэри зэрызэпищIэ лэжьэкIэм теухуа щапхъэхэр къэтхьащ. Араща, ″р″ макъыр макъхэм кIэух яхуэхъуу ухуэ псалъэхэм, макъхэр зэрызэпищIэкIэрэ ухуэ псалъэхэм, псалъэ гуэрхэм кIэух язэрыхуэхъукIэрэ абыхэм къатехъукIыж псалъэхэм, псалъэхэр зэрызэпищIэкIэрэ ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэхэр къэтхьащ.

Мы игъэзащIэ IуэхугъуэхэркъызтехъукIыр ″р″ым и къэхъукIэм елъытарэ теухуащи, ар макърэ псалъэхэм кIэух язэрыхуэхъуу щыт и къалэнращ зытеухуар. Псалъэ къэхъуныгъэм теухуауэ мы игъэзащIэхэу ипэкIэ зи щапхъэхэр къэтахэм нэмыщI, игъуэ къыщысым деж ипэкIи и гугъу зэрытщIауэ зы кIэух макъыу къызыпыхьэ псалъэм и мыхьэнэр зыримыхъуэкIыу ″р″ым ″суффикс″ къалэни зэригъэзащIэр гулъытапхъэщи, мыпхуэдэ лэжьэкIэхэм илъабжьэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Ауэ абы ипэ къихуэу, ″р″ макъыр зыхэт псалъэхэр зэратх щIыкIэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр мыбдежым щыпытщэнщ.

Къызэрыхъуа щIыкIэрэ щIыпIэм ипкъ иткIэщи, ″р″ макъыр ″макъ мыхьэнэ″ зимыIэу зы макъыущ адыгэбзэм зэрыхэхьарэ

зэрыхэлэжьыхьыр. Икlи ар лъэщу къызэрыlуращ ар къызклэлъыклуэ макърэ псалъэр лъэщу къызэрыригъэlуфым щхьэусыгъуэ хуэхъури, макъ мыхьэнэ лэжьэклэ зимыlэ бзэхэм ар къызклэлъыклуэ макъыр макъзешэ зэрыпымыткlэрэ ятхыу, макъдэклуашэ къэlуныгъэ къалэни хурагъэгъэзащlэр (тр, шр, фр, пр). Мы зи гугъу тщlы тхэклэр европэбзэхэм я тхэклэ щlыклэщи, абыхэм мы я тэклэри зэрыимыгъуэклэрэ нобэ адыгэбзэ тхэклэми щызэрызагъаклуэр. Мыпхуэдэ тхэклэри нэхъыбэу зы макъым къыклэлъыклуэу ухуэ ″префикс″хэр зэрытхыущ нобэри ди бзэщlэныгъэрэ литературэбзэм и lуэхугъуэу къызэреклуэклри, ар пэжкъым. Зы макъыбзэм мыпхуэдэ тхэклэр зэрыимыгъуэр ″ы″м дызщытепсэлъыхьым дежи къыхэдгъэщагъэххэщи, мыбдежми игъуэ зэрыхъуаклэрэ мыпхуэдэ тхэклэ щыуагъэхэм теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «трищlэн, щриклуэм, фтреин, къриклуэн; Црым».

*″**Р″** макъым игъэзащlэ ″**суффикс къалэн**″хэмрэ, ″**р″ клэухклэрэ** макърэ псалъэхэм къатехъукl ″**префикс**″хэм я лэжьэклэр.*

″Р″ макъыр къызэрыхъуа щlыклэм зэрезэгъщи, къызклэлъыклуэ дэтхэнэ зы макърэ псалъэр къэгъэлъэгъуэнрэ импозацэ щlын къалэн зыгъэзащlэрщ. Мыпхуэдэ къалэнклэрэ ар дэтхэнэ зы макърэ псалъэм суффикс зэрыхуэхъуфынур гурыlуэгъуэщи, дэтхэнэ зы макъыр а зэрыщытклэрэ къэгъэлъэгъуэнрэ гулъытэ зэрыхуэтщlынур ар ″р″ макъ клэухклэрэ къызэрыlуклэрэщ. Аращи, дэтхэнэ зы макъыр а зэрымакъыу зэрыщытклэрэ къэгъэлъэгъуэн къалэнклэрэ макъхэм ″р″ыр клэухыу къазэрыпыхьэри ″р″ым игъэзащlэ ″суффикс″ къалэну лъытапхъэщ: «″ы″р, ″lы″р, ″э″р, ″lэ″р, ″а″р, ″и″р, ″lи″р, ″й″р, ″е″р, ″lе″р, ″я″р, ″у″р, ″lу″р, ″о″р; ″с″ыр, ″цl″ыр, ″ц″ыр, ″з″ыр, ″дз″ыр, ″гъ″ыр, ″гъу″р, ″г″ыр, ″гь-дж″ыр, ″гу″р».

Макъхэр зэрымакъклэрэ къэгъэлъэгъуэн къалэным хуэдэщ ″р″ыр псалъэхэми клэух хуэхъуу, псалъэ мыхьэнэр зэримыхъуэклрэ а зэрыщытклэрэ утыку къилъхьэн къалэну игъэзащlэри, ″р″ым мыпхуэдэу ″суффикс″ къалэн зэригъэзащlэ щапхъэхэри ди ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «lэр, уэр, lур, lуэр, сэр, цlэр, цыр, зыр, дзэр, гъэр, гъуэр, гэр, гур, дэр, тlыр, жьэр, щыр, щэр, щlыр, щlэр, шыр, шэр, чыр, чэр, кур, кlыр, кlэр, къур, къуэр, кхъэр, кхъуэр, хъыр, хъур, хыр, хур, хьэр, лъэр, лыр, лlыр, пэр, пlэр, бэр, фэр, фlыр, выр, мэр, нэр».

Клэух зыхуэхъу псалъэр къэгъэлъэгъуэн ″суффикс″ къалэн зыгъэзащlэ ″р″ макъыр глагол лэжьэклэрэ глаголыпкъхэми къызэрыпыхьэфынур гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу ″р″ макъыр глыголыпкъым къыщыпыхьэм деж, а глаголыр зытеухуа lуэхур ″зэрыгъэзащlэ″рэ ″зыгъэзащlэ″р гурыlуэгъуэ къытхуещlыр. Мыпхуэдэ щlыклэклэ псэлъэщlэхэри утыку къохьэри, ипэклэ мыбыхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьащ, ауэ мыбдежым псалъэ мыхьэнэр зэмыхъуэклрэ абы зы псэлъэщlэ къызэрытемыхъукl щlыклэу, ″р″ыр псалъэхэм ″суффикс″ язэрыхуэхъуращ зи гугъу тщlыри,

мыпхуэдэ щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «ир, ур, уэр, lур, lуэр, сыр, зыр, дзыр, гъыр, гъур, джыр, джэр, дыр, дэр, тыр, тlыр, тlэр, жыр, жэр, жьыр, жьэр, щыр, щэр, щlыр, щlэр, шэр, чыр, чэр, кlыр, кlуэр, хъур, хьыр, лъэр, лэр, лlэр, пlыр, фыр, выр, вэр».

″Р″ыр ″суффикс″ зыхуэхъу псалъэр флэкlыпlэ имыlэу гулъытапхъэ къытхуохъури, мыпхуэдэу лъэщу гурыlуэгъуэ къытхуэзыщl ″р″ыр а зэрыщыту къэмынэу, ″э″ къыщыпыхьэм дежи щхьэж ″р″ кlэухкlэрэ мы къызэрыгъэлъэгъуам къызэримынэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, ″р″ыкlэ къэгъэлъэгъуар а къызэрыгъэлъэгъуапlэм къимынэу функциалу зэрыкlуатэр (э) къэзыгъэлъагъуэ ″рэ″м къыкlэлъыкlуэ псалъэм зэрыхуэкlуэр гурыlуэгъуэщи, мыр икlи зэпыщlэныгъэ къалэн зыгъэзащlэ ″суффикс″у лъытапхъэщ. Мыпхуэдэу макърэ псалъэм ″суффикс″ хуэхъуа ″рэ″м игъэзащlэр ″р″ыуэ къэгъэлъэгъуар зэрызекlуэрэ абы нэгъуэщl макърэ псалъэ гуэр къызэрыпыщэращ; икlи ″э″м игъэзащlэ къалэнхэр зэрыгурыlуэгъуэу, мыпхуэдэ ″рэ″ ″суффикс″ыр ″р-уэ щыт″уи зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, ″рэ″м игъэзащlэ ″суффикс″рэ зэпыщlэныгъэ къалэнхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «lэрэ лъэрэ, уэрэ сэрэ, lурэ жьэрэ, жьэрэ lурэ (жьэрэlурэ), lуэрэ боурэ, сэрэ дзасэрэ, цlэрэ бжьыдзэрэ, цырэ лэныстэрэ, зырэ тlурэ, дзэрэ дзэлрэ, гъэрэ щlырэ, гъуэрэ пlэрэ, гурэ вырэ, дэрэ дэжьейрэ, тlырэ мэлрэ, щырэ плlырэ, щэрэ лырэ, щlырэ уэрэ, щlылъэрэ гуэгурэ, щlэрэ жьырэ».

Зэкlэлъыкlуэу зэлъытэныгъэ зиlэ псэлъитlыр къызэрыlуатэ щlыкlэр мыпхуэдэщи, а псэлъитlри зэрызэлъытарэ зэрызэпыщlаращ псалъэхэм я ″суффикс″у щыт ″рэ″м игъэзащlэр. Ауэ япрей макърэ псалъэр ″рэ″кlэрэ къыщыгъэлъагъуэкlэ, ар къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм зэпыщlэныгъэ зэрызыриlэр къэlуэтагъэххэщи, къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэр аргуэру ″рэ″кlэрэ къэlуэтэн зэрыхуэмеищэнури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, къекlуэкl псалъэм елъытауэ етlуанэ псалъэр ″рэ″ кlэух иlэу къызэрыгъэлъэгъуэфынум хуэдэжу, ″рэ″ кlэух имыlэуи къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэнщи, мы къэта щапхъэхэр етlуанэ псалъэм ″рэ″ кlуэх имыlэу (псалъэ гуэрхэри къызэрыlуатэ щlыкlэм елъытауэ ″р″кlэрэ къызэрыlуэтэфыну щlыкlэу) къэдгъэлъэгъуэжынщ: «lэрэ лъэ, уэрэ сэ, lурэ жьэ, жьэрэ lу, lуэрэ боу, сэрэ дзасэ, цlэрэ бжьыдзэ, цырэ лэныстэ, зырэ тlу, дзэрэ дзэл, гъэрэ щlы(р), гъуэрэ пlэ, гурэ вы(р), дэрэ дэжьей, тlырэ мэл, щырэ плlы, щэрэ лы, щlырэ уэ, щlылъэрэ уэгу, щlэрэ жьы(р)».

Мыпхуэдэщ псэлъитl зэкlэлъыкlуэр ″рэ″кlэрэ зэрызэпыщlэр, ауэ нобэ ди бзэщlэныгъэрэ литературэбзэм и lуэхущи, мыбы и пхэнджущ зэратхрэ къызэрырапсэлъ щlыкlэ хъуар. Аращи, къызэрыlуэтэн хуей щlыкlэу щыт ″абырэ дэрэ, уэрэ сэрэ, Ахьмэдрэ сэрэ″ хуэдэ псалъэхэр ипэкlэ къызэрыгъэлъэгъуауэ, икlи ″абырэ дэ, уэрэ сэ, Ахьмэдрэ сэ″ хуэдэуи къэlуэтапхъэщ, ауэ а псалъэхэр зэрымыхъун хуей щlыкlэущ нобэ хэкурыс

Адыгэм къызэриlуатэ щlыклэ хъуари, ар мыпхуэдэущ зэращlар: «абы дэрэ, уэ сэрэ, Ахьмэд сэрэ».

″Р″ макъыр клэух зыхуэхъу псалъэр а зэрыщыткlэрэ къигъэлъагъуэу клуэтэгъуэ къалэн зыгъэзащlэ ″э″ри къыщыпыхьэжым деж, зи клэухыр къыклэлъыклуэм пищlэн къалэн егъэзащlэри, мыпхуэдэ къалэнхэр глагол лэжьэклэхэми зэрыхуигъэзэщlэфынур гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ къалэн щигъэзащlэм деж, зи клуэх псалъэр а зэрыщу игъэлъагъуэу игъэзащlэ къалэныр псалъэм клэух хуэхъу ″у″м игъэзащlэ къалэнми зэрыхуэдэр гурыlуэгъуэнщ: «клуэрэ къэклуэжмэ → клуэуэ къэклужмэ; плъэрэ илъагъумэ → плъэуэ илъагъумэ; ищlрэ иухмэ → ищlыу иухмэ».

Зэпыщlэныгъэ зэригъэзащlэ щlыклэклэ псалъэхэм ″суффикс″ язэрыхуэхъум теухуа щапхъэщ мыхэр, ауэ ″рэ″м икlи упщlэ ″суффикс″ къалэни егъэзащlэр. Аращи, ″р″ыр клэухыу къазэрыпыхьэклэрэ макърэ псалъэр къызэрыгъэлъэгъуарэ къыхэгъэщауэ зэрыщытым ″э″ къыпыхьэу клуэтэгъуэ щигъуэтым деж, мы къызэрыгъэлъэгъуарэ къызэрыхэгъэща щlыклэм къытемынэжу, а къызэрыгъэлъэгъуарэ къызэрыхэгъэщауэ зэрыщытым зэрылантlэклэрэ гурыщхъуэ къытохуэри, ″рэ″м ″упщlэ суффикс″ къалэн зэригъэзащlэм лъабжьэ хуэхъур мыращ.

Мыпхуэдэ упщlэ гъэпсыклэр ″р″ыклэрэ къэгъэлъэгъуэф дэтхэнэ зы макърэ псалъэм зэрытеухуэфынур гырыlуэгъуэнщ, ауэ ″р″ыклэрэ къэгъэлъэгъуам функциал клуэтэгъуэу ″э″ къызэрыпыхьэклэрэ ухуэ ″рэ″м игъэзэщlэну упщlэри функциалрэ иджым тету зэрызеклуэнури (″э″м игъэзащlэ къалэным елъытащи) гулъытапхъэщ. Аращи, ″рэ″клэрэ ухуэ упщlэр иджым щыгъуэ къыщеклуэкl lуэхугъуэм теухуа упщlэу зэрыщытын хуейр гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэ щапхъэхэр а зэрыщыткlэрэ къэгъэлъэгъуэн хуейуэ щыт цlэ лlэужьыгъуэ псалъэхэм (щыlэцlэ, плъыфэцlэ...) зэрыхуэмыигъуэр гурыlуэгъуэнщ. Сыт щхьэ жыпlэмэ, мы цlэ лlэужьыгъуэхэр зытеухуахэр а зэрыщыту зыхиубыдэн хуейщ абы теухуа упщlэми, упщlэ суффиксыр зы жыжьаплъэрэ объективу гъэпсауэ щытын хуейщ. Мы псалъэм зэрезэгъащи, апхуэдэ псалъэхэм теухуа упщlэ суффиксыр ″рэ″ нэхърэ ″ра″уэ гъэпсыныр игъуэщ. Нытlэ щыlэцlэ лlэужьыгъуэу щыт ди ″макъ псалъэ″хэм теухуа ″упщlэ суффикс″ри ″ра″уэ зэрыгъэпсаклэрэ къэдгъэлъэгъуэнщ: «lэра(?), уэра(?), lура(?), lуэра(?), сэра(?), цlэра(?), цыра(?), зыра(?), дзэра(?), гъэра(?), гъуэра(?), гура(?), дэра(?), тlыра(?), тlура(?), жьыра(?), жьэра(?), щыра(?), щэра(?), щlыра(?), щlэра(?)».

″Рэ″р ″упщlэ суффикс″ зыхуэхъуну зыхуэигъуэ псалъэхэр функциалу щытрэ иджым къыщеклуэкl lуэхугъуэм теухуа хъун зэрыхуейр гурыlуэгъуэ къытхуэхъуащи, мыпхуэдэхэри глагол лэжьэклэрауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, ″рэ″р глаголхэм я функциал лэжьэклэрэ глаголыпкъхэм ″суффикс″ язэрыхуэхъуклэрэ упщlэ ухуэныгъэм теухуа щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ.

Глаголыр lуэху лlэужьыгъуэу зэрыщытрэ зэрыгъэзащlэ щlыкlэм зэрытеухуакlэрэ екlуэлlэныгъэрэ ехьэлlауэ зэрыгъэзащlэу ″и, е″ префиксхэри къызэрищтэнур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэр ″*″ нэгъыщэкlэ къэгъэлъэгъуащ: «ирэ(?) – иирэ(?)*, урэ(?), уэрэ(?) – еуэрэ(?)*, lурэ(?), lуэрэ(?), сырэ(?), зырэ(?) - изрэ(?)*, дзырэ(?) - идзрэ(?)*, гъырэ(?), гъурэ(?), джырэ(?), джэрэ(?), дырэ(?) – идрэ(?)*, дэрэ(?), тырэ(?) - итрэ(?)*, тlырэ(?) - итlрэ(?)*, тlэрэ(?), жырэ(?), жэрэ(?), жьырэ(?) - ижьрэ(?)*, жьэрэ(?), щырэ(?) – ищрэ(?)*, щэрэ(?) – ищэрэ(?)*, щlырэ(?) – ищlрэ(?)*, щlэрэ(?) – ищlэрэ(?)*, шэрэ(?) – ишэрэ(?)*, чырэ(?) – ичрэ(?)*, чэрэ(?), кlырэ(?), кlуэрэ(?), хъурэ(?), хьырэ(?) – ихьрэ(?)*, лъэрэ(?), лэрэ(?), лlэрэ(?), пlырэ(?) – ипlрэ(?)*, фырэ(?), вырэ(?) - иврэ(?)*, вэрэ(?)».

Зэрыгурыlуэгъуэщи, глагол лэжьэкlэрэ глагыпкъыр ″р″ыкlэрэ къызэрыгъэлъэгъуам къытемынэу функциалу зэрыкlуатэкlэрэщ (э) мы къэта щапхъэхэу функциалрэ иджым щыгъэзащlэм теухуа упщlэхэр зэрыухуари, ит зэманыгъуэ лэжьэкlэр (соуэ, уокlуэ) иджыри къекlуэкl lуэхугъуэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, мы къызэрекlуэкlыр ″р″ыкlэрэ къэгъэлъэгъуэфынщ (соуэр, уокlуэр), ауэ ар иджыри гъэзащlэ lуэхугъуэу, утыку къимыхьарэ иджыри зэрыхъун мыхъуауэ зэрыщытым папщlэ, иджыри абы зы упщlэ зэрыхумыигъуэм зэрезэгъкlэрэ упщlэу къэlуэтэфынкъым.

Ит зэманыгъуэр упщlэу къэмыlуэтэфми, утыку къихьагъэххэрэ къызэрихьэнур наlуэу къызэрыlуэтэфым зэрезэгъщи, ит зэманыгъуэм нэмыщl глагол лэжьэкlэхэри упщlэу ухуэфынщ. Ауэ апхуэдэхэр упщlэу зэрыухуэн хуей щlыкlэри а зэрыщытрэ объективу къызэрыгъэлъагъуэу, упщlэ суффикс ″ра″кlэрэщ. Ауэ икlи зэрыгурыlуэгъуэщи, упщlэу гъэпсыфын папщlэ, зэманыгъуэр къызхэщу ухуа псалъэм и ухуэныгъэр зэфlэкla хъуауэ щытын хуейкъыми, кlэухыу ″щ, т″ макъхэри кlэухыу къыпыхьэжауэ щытын хуейкъым. Аращи, упщlэу гъэпсыну глагол лэжьэкlэр зытеухуа зэманыгъуэр (блэкla, къэкlуэну) къызэрыlуатэ макъхэмкlэрэ гъэпса хъун хуейщ, ауэ а зэманыгъуэм теухуауэ lуэхур зыхуэкlуарэ зэрызэфlэкla щlыкlэр къызэрыlуатэ макъхэр (щ, т) иджыри кlэухыу къимыщта хъун хуейщ: глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэр зэрыхъун хъуауэ зэрызэпкъырыувар къэзыгъэлъагъуэ ″щ, т″ макъхэр къыпыхьэжа нэужь, а псалъэм упщlэу зэрыгъэпсыфыну гурыщхъуэ къытенэжынкъым. Нытlэ, мыпхуэдэ упщlэхэр глагол лэжьэкlэу зытеухуа зэманыгъуэр къыхэщу ухуа псалъэр ″р″ыкlэрэ къызэрыгъэлъагъуэу а зэрыщытри жыжьаплъэу ″а″кlэрэ утыку къызэрырилъхьэкlэрэщ зэрыухуэри, мыпхуэдэ щапхъэхэри ди ″макъ глагол″хэм теухуа щапхъэхэу къэтхьынщ: «ин: яра(?), инура(?)»; «уэн: уара(?), уэнра(?), уэнура(?)»; «сын: сар → сара(?); сынур → сынура(?); сыныр → сынра(?)»; «хъун: хъуар → хъуара(?); хъунур → хъунура(?); хъуныр → хъунра(?)».

Глагол лэжьэкlэхэр ″щ, т″ кlэух къызэрамыщтэкlэрэщ ″р″ кlэухкlэрэ зэрыгъэлъагъуэри, функциалрэ иджым къыщекlуэкl lуэхугъуэхэм къыщымынэу, дэтхэнэ зы зэманыгъуэкlэ гъэпса псалъэхэри къыкlэлъыкlуэ псалъэм зэрыпыщlэрэ зэрытеухуари зэпыщlэныгъэ къалэн зыгъэзащlэ ″суффикс″у щыт ″рэ″ кlэухкlэрэ къоlуэтэфыр. Мыпхуэдэ щапхъэхэри къэтхьынщ: «иярэ имыярэ, уэнрэ мыуэнрэ, еуэнурэ емыуэнур, ищlарэ иухамэ, къэкlуарэ кlуэжамэ, хъуарэ мыхъуарэ, зэрыхъунурэ зэрымыхъунур, флырэ мыфl, флырэ мыфlрэ, флырэ дэгъуэу».

*Макърэ псалъэхэм ″р″ кlэухкlэрэ ″префикс″ къазэрытехъуклымрэ, ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхь* щlыкlэми илъабжьэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ ″р″ макъыр кlэух макъыу зэрыщытын хуейр гурыlуэгъуэщи, абы ″префикс″ къалэн зэримыгъэзэщlэнури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэр лъэщу къэгъэлъэгъуэн къалэн зэригъэзащlэм нэмыщlрэ къыкlэлъыкlуэ лэжьэкlэу, зи кlэух макърэ псалъэр къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэм пыщlэныгъэ къалэни зэригъэзащlэр гурыlуэгъуэщ ″р″ макъми, мыпхуэдэу псэлъэщlэхэри, псалъэ лэжьэкlэхэри утыку къызэрихьэм ипэкlэ игъуэ псэлъащхьэхэм щlэту щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Мыпхуэдэу макърэ псалъэ зэпыщlэныгъэкlэрэ ″префикс″хэри мэухуэри, мыбдежым мыбыхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″р″ыкlэрэ зэпыщlауэ ухуэ бзэ лэжьэкlэрэ псалъэхэр ″р″ыр зи кlэухкlэрэ къыхэгъэщар къыкlэлъыкlуэм зэрытеугуэрэ гъэзащlэущ утыку къызэрихьэр. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, ″р″ыкlэрэ зэпыщlауэ утыку къихьэ бзэ лэжьэкlэрэ псалъэхэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр зыгуэрыр (″р″ыр зи кlэухыр) зыгуэрым (″р″ кlэухым къыкlэлъыкlуэм) зэрыпыщlакlэрэщ. Мыпхуэдэ лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэм ипэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуащи, мыпхуэдэу занщlэу ухуэ глаголхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьащ (кlуриин, дыриин, фтыреин).

Ауэ мыбдежым зи гугъу тщlынухэр ″р″ыкlэрэ ухуэ префиксхэращ, икlи ″р″ зэпыщlэныгъэкlэрэ ухуэ ″префикс″хэр утыку къызэрихьэри макърэ псалъэхэр ″р″ыкlэрэ зэрызэпыщlэу ипэкlэ мы зи гугъу тщla щlыкlэкlэщ. ″Р″ зэпыщlэныгъэкlэрэ ухуа префиксхэр ″занщlэ глагол″хэми, ″префиксиал глагол″хэми къызэрыпыхьэр гурыlуэгъуэщ, икlи ″префикс″ къалэн зыгъэзащlэ макъ гуэрхэр ″р″ кlэухкlэрэ ″префиксыщlэ″у зэрыгъэпсыжыфым нэмыщl, макърэ псалъэ гуэрхэми ″р″ кlэух къащтэу ″р″ зэпыщlэныгъэкlэрэ ухуа ″префикс″ къатохъукlыр.

Нытlэ, япэрауэ ″префикс″ къалэн зыгъэзащlэ макъхэм ″р″ къызэращтэкlэрэ ухуэж ″префикс″хэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Префикс″ къалэн зыгъэзащlэ макъ нэхъыбэр ″р″ыкlэрэ гъэпсыжу ″префиксыщlэ″ ухуэжыфу жыlэпхъэщ. Ауэ ″р″ыкlэрэ зэпыщlэныгъэу ухуэ бзэ лэжьэкlэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэм и гугъу тщlагъэххэщи, ″префикс″ къалэн зыгъэзащlэ зы макъыр ″р″ыкlэрэ зэпыщlэныгъэ иlэжу

зэрыухуэкlэрэ зы ″префиксыщlэ″ къытехъукlын папщlэ, а макъым игъэзащlэ ″префикс″ къалэныр зыр зым зэрытеухуэкlэрэ гъэзэщlэфыну щытын зэрыхуейри гурыlуэгъуэнщ. Мыбы папщlэщи, ″префикс″ къалэн зыгъэзащlэ дэтхэнэ зы макъым сытым дежи ″р″ къыкlэлъыкlуэу ″префиксыщlэ″ къытехъукlкъым. Араща, зы ″префикс″ым ″р″ыкlэрэ ухуэжу ″префиксыщlэ″ къызэрытехъукlыфыр абы игъэзащlэ ″префикс″ къалэнрэ мыхьэнэм теухуащ.

Ауэ икlи зы глаголыр мыпхуэдэу ухуэж ″префиксыщlэ″кlэрэ гъэзэщlэфыну щытын хуейщи, зы глаголым ″р″ зэпыщlэныгъэкlэрэ гъэпса префикс къызэрищтэфынур а глагол мыхьэнэмрэ ар зэрыгъэзэщlэну щlыкlэми теухуащ. Зы глаголыр мы жытlам езэгъыу щытмэ, ар зы ″префиксиал глагол″у щырет, е ″занщlэу ухуа глагол″у щырет, дэтхэнэ зы глаголым ″р″ кlэухкlэрэ гъэпса префикс къещтэфыр. Икlи зэрыгурыlуэгъуэнщи, ″префиксиал″ глаголхэм ″р″ кlэухкlэрэ хуа зы ″префикс″ къыщыпыхьэм деж, ″р″ыкlэрэ зэпыщlа префикситlщ ухуэри, а глаголыр мы префикситlыр зэрызэпыщlакlэрэщ зэрыгъэзащlэр.

Мы жытlахэм зэрезэгъщи, ″префикс″ къалэн игъэзащlэрэ, ″р″ыкlэрэ щыухуэм дежи глагол нэхъыбэм ″префикс″ къалэн хуэзыгъэзэщlэф макъхэщ ″и, ly, пэ″ макъхэри, ахэр ″р″ зэпыщlэныгъэкlэ зэрыгъэзащlэ щlыкlэу ухуэж ″префиксыщlэ″щ мыхэр: «и → иры; ly → lуры; пэ → пэры».

″Р″ зэпыщlэныгъэкlэрэ мы префиксхэр къызтехъукlа макъхэр икlи щхьэж префикс къалэни зыгъэзащlэ макъхэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, а макъхэр глаголхэм занщlэу префикс язэрыхуэхъумрэ ″р″ыкlэрэ зэпыщlэныгъэ ягъуэтауэ префикс язэрыхуэхъум теухуауэ глаголхэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр зэрызэщхьэщыкlри гурыlуэгъуэщи, мыр зэгъэпщапхъэ хъун папщlэ мыбдежым щапхъэхэр къэтхьынщ: «иин – ирыин, иlун – ирыlун, исыхьын - ирысыхьын»; «lуун – lурыун, lузыхьын – lурызыхьын, луджэн – lурыджэн»; «пэуэн – пэрыуэн, пэгъын – пэрыгъын, пэжыхьын - пэрыжыхьын».

″Р″ зэпыщlэныгъэкlэрэ ухуа мы префиксхэр дэтхэнэ зы глаголым къызэрыпыхьэфыр гурыlуэгъуэщи, ахэр ди ″макъ глагол″хэм къазэрыпыхьэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «ирыин, ирыун, ирыуэн, ирыlун→ириlун*, ирыlуэн, ирысыхьын – ирысыкlын, ирызын – ирызэн, ирыдзын→ иридзын*, ирыгъын, ирыгъухьын→иригъухьын*, ирыджын, ирыджэн, ирыдын→иридын*, ирыдэн, ирытын→иритын*, ирытlын→иритlын*»; «lурыжыхьын, lурыжэн, lурыщыхьын, lурыжьын, lурыжьэн, lурыщыхьын, lурыщэн, lурыщlын, lурыщlэн, lурышэн, lурычын, lурычэн»; «пэрыкlын, пэрыкlуэн, пэрыхъун→пэрыхъуэн*, пэрылъэн, пэрылэн, пэрылlэн, пэрыфыхьын*, пэрывыхьын*, пэрывэн».

Щапхъэ гуэрхэр зэрыимыгъуащэхэмрэ кlэух макъ къищтэу зэрылажьэр ″*″ нэгъыщэкlэ къыхэгъэщащ. Дэтхэнэ зы префиксыр

дэтхэнэ зы глаголым сытым дежи къызэрымыпыхьэфым ипэкlи и гугъу тщlагъэххэщи, мыбдежми глаголыр а префикскlэрэ зэрыгъэзэщlэфым зэрелъытаращ къыхэдгъэщахэм гурыlуэгъуэ къытхуащlыр.

″Префикс″ къалэн зыгъэзащlэ макъхэу ″р″ыкlэрэ гъэпсыжу ″префиксыщlэ″ къызтехъукlыфыр мы къэта щапхъэхэм къыщынэкъым, икlи ″префикс″ къалэн зыгъэзэщlэф дэтхэнэ зы макъыр ″р″ыкlэрэ зэпыщlауэ зэрыгъэзащlэу ″префиксыщlэ″ къытехъукlыфу жыlэпхъэщ. Ауэ мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэщи, мыпхуэдэу ухуэж префиксхэм сытым дежрэ дэтхэнэ зы глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэуи зыкъигъэлъагъуэкъым. Аращи, префикс къалэн зыгъэзащlэ нэгъуэщl макъхэри ″р″ зэпыщlэныгъэкlэрэ зэрыухуэ щlыкlэу глаголхэм префикс язэрыхуэхъукlэрэ ухуэ ″префиксиал глагол″хэмрэ мыпхуэдэ префикскlэрэ ″префиксиал глаголыщlэ″хэри утыку къохьэфыр. Ауэ аргуэру мы ипэкlэ къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, мы префиксхэмкlэрэ глаголхэм лэжьэкlэ зэрагъуэтыф гуэрхэр глаголым ипэ къихуэ ″и″кlэрэщ. Ар щыхъукlи, мы къата щапхъэхэм хэт псалъэ лэжьэкlэ гуэрхэр ″и″ префиксым пыщlауэщ утыку къызэрихьэ щlыкlэр.

Зыгуэрыр щыгъэзащlэрэ зэрыгъэзащlэр ар зэрыджрэ щыджрауэ лъытапхъэщи, мыпхуэдэ мыхьэнэ зиlэ макъри ″и″рауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ. Икlи ″р″ зэпыщlэныгъэу къэхъу префиксхэр зыр зым зэрелъытакlэрэ гъэзэщlэн кондицэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, зэлъытэныгъэкlэ гъэзащlэу жыхуэтlэ мы гуэритlым дэтхэнэ зыри ″и″уэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Ар щыхъукlи, ″р″ зэпыщlэныгъэкlэ утыку къихьэу зи гугъу тщlы мы префиксхэм я щапхъэр ″ири″уэ лъытапхъэщ.

Нэхъри гъунэгъуу деплъмэ, ″и″р джыгъуэщи, ар зыгуэрыр зыщыджрэ зэрыджыр къызэрыlуатэ ″префикс″ къалэн зыгъэзащlэ макъщи, зы lуэхугъуэр зыщыдж – зэрыдж – зыдж къыхэщу зэрызэпыщlакlэрэ къэгъэлъэгъуэныр ″ири″ префикскlэрэщ. ″Ири″ префиксыр ″и″м гурыlуэгъуэ къытхуищlыфитlыр зэрызэпхакlэрэ утыку къизылъхьэфращи, мыр зи префикс глаголри мыпхуэдэ лэжьэкlэ егъуэтыр. Араши, зыгуэрыр цlэимыlуэрэ формэу зы джыгъуэрэ джыпlэу утыку къизылъхьэ ″и″р ″р″ыкlэрэ зэпыщlауэ ухуэ ″ири″ префикскlэрэ гъэзащlэр къызпыхьэ глаголыр зытеухуа lуэхугъуэр зы джыгъуэрэ джыпlэр зэрыджрэ зыджыр зэрызэпыщlакlэрэ зэрыгъэзащlэущ къызэрыlуатэр.

Нытlэ, ″и″р джыгъуэ зи мыхьэнэщи, зы джыгъуэ лlэужьыгъуэу щыт дэтхэнэ зы псалъэрэ макъыр цlэимыlуэкlэрэ къызэрыlуэтэф макъыу зэрыщытым къызэрыгуэкlкlэ, ″р″ыкlэрэ зэпыщlэныгъэ зиlэу ухуэ префиксхэм лъабжьэ хуэхъу ″префикс″у лъытапхъэщ ″ири″ри, зи гугъу тщlы префиксхэр ″ири″м и япэрей ″и″м ипlэ нэгъуэщl макъхэр къихьэу ухуэуи жыlэпхъэщ. Мы псалъэхэми зэрезэгърэ ипэкlэ къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэщи, ″р″ыкlэрэ зэпыщlауэ ухуэ префиксхэр ″и″ префикс

зиlэу ″префиксиал″у ухуагъэххэ глаголхэращ нэхъыбэу префикс зыхуэхъури, ″ири″м и япэрей ″и″м ипlэ зэриувэкlэрэщ. Нытlэ, ипэкlэ къэта щапхъэхэм нэмыщlыу, префикс къалэн зыгъэзэщlэф макъхэр ″ири″м и япэрей ″и″м ипlэ къызэриувэу (ири → зыри) зэрыжытlакlэрэ, икlи ″и″ префикскlэрэ гъэпсагъэххэу (иин) щыт префиксиал глаголхэм макъхэр ″р″ыкlэрэ зэпыщlэныгъэу (зыр) префикс язэрыхуэхъу (зыриин) щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, префикс хъу макъ мыхьэнэм елъытауэ ухуэ псалъэ мыхьэнэхэр зэрызэщхьэщыкlрэ зэхуэмыдэ еджапхъэхэр утыку къохьэр: «зыриин, зыриун, зыриуэн, зыриlун, зыриlуэн, зырисын – зырисыхьын, зыризын – зыризыкlын, зыридзын – зыридзэн, зыригъукlын, зыриджыхьын, зыриджэн, зыридыкlын, зыридэн, зыритын, зыритlыхьын, зыритlэн»; «къыриун, къыриуэн, къыриlун, къыриlуэн, къыридзын, къыриджэн, къыридэн, къыритын, къыритlэн, зыкъыритlэн, къырижьыхын, къырищыкlн, къырищэн, къырищlэн»; «тыриин – тыриен, тыриун, тыриуэн, тыриlун, тыриlуэн, тырисыхьын – тырисыкlын, тыризыхьын – тыризыкlын, тыридзын – тыридзэн»; «дыриин, дыриун, дыриуэн, дыриlун, дыриlуэн, дырисыхьын, дыризыхьын, дыридзын – дыридзэн, дыригъеин, дыригъухьын, дыриджыхьын, дыриджэн, дыридэн, дыритын, дыритlэн»; «хыриин – хыриен, хыриун, хыриуэн, хыриlун, хыриlуэн, хырисыхьын, хыризыхьын, хыридзын – хыридзэн, хыригъухьын, хыриджыкlын, хыриджэн, хыридэн, хыритыхьын, хыритlыхьын, хыритlэн, хырижыхьын, хырижэн, хырижьыхьын, хырижьэн»; «хуриин – хуриен, хуриун, хуриуэн, хуриlун, хуриlуэн, хурисыхьын, хуризыкlын, хуридзын – хуридзэн, хуригъукlын, хуриджыхьын, хуриджэн, хуридэн, хуритын, хуритlыхьын, хуритlэн»; «фlыриин – фlыриен, фlыриун, фlыриуэн, фlыриlун, фlыриlуэн, фlырисын, фlыризын, фlыридзын – фlыридзэн, фlыригъукlын, фlыриджыкlын, фlыриджэн, фlыридыхьын, фlыридэн, фlыритын»

″Р″ыкlэрэ зэпыщlауэ ухуэ ″префикс″хэр ″префикс″ къалэн зыгъэзэщlэф макъхэм къызэрытехъукlым теухуащ мы зи гугъу тщlахэри, езым префикс къалэн зымыгъэзащlэ макъ гуэрхэмрэ, икlи зы глаголыр зэрыгъэзэщlэфыну щlыпlэрэ щlыкlэ къизыlуэф псалъэ гуэрхэми ″р″ зэпыщlэныгъэкlэрэ ″префикс″ къалэн ягъэзащlэр. Мыпхуэдэ префиксхэм щыщ щапхъэщ мыхэр: «кlэры, lэры, щхьэры, пхыры, кlуэцlыры».

Мы префиксхэмкlэ гъэпсауэ префиксиал глаголыщlэхэри утыку къызэрихьэфынур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри къэтхьынщ: «кlэрысын, кlэрытын, кlэрылъын, кlэрылъхьэн, кlэрыхуэн, кlэрыкlын, кlэрыщlэн, кlэрынэн, кlэрыпщlэн»; «lэрылъын, lэрыхын, lэрыхуэн, lэрынэн»; «щхьэрыхын, щхьэрылъын, щхьэрылъхьэн»; «пхырысын, пхырылъын, пхырытын, пхырынэн»; «кlэцlырысын, кlуэцlырылъын, кlуэцlырытын, кlуэцlырыхуэн».

Мы зи гугъу тщIа префиксхэр ди ″макъ глагол″хэм къапхьэу ″префиксиал глагол″хэу зэрыухуэнур гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри къэтхьынщ: «кIэрыин – кIэрыен, кIэрыун, кIэрыуэн, кIэрыIун, кIэрыIуэн, кIэрысыхьын, кIэрызыкIын, кIэрыдзын, кIэрыгъыхьын, кIэрыгъухьын - кIэрыгъуэн, кIэрырыджыкIын, кIэрыджэн»; «lэрыин – lэрыен, lэрыун, lэрыуэн, lэрыIун, lэрыIуэн, lэрысыкIын, lэрызыхьын, lэрыдзын – lэрыдзэн»; «щхьэрыин – щхьэрыен, щхьэрыун, щхьэрыуэн, щхьэрыIун, щхьэрыIуэн, щхтэрысыкIын, щхьэрызыхьын, щхьэрыдзын»; «пхырыин – пхырыен, пхырыун, пхырыуэн, пхырыIун, пхырыIуэн, пхырысыхьын, пхырызын, пхырыдзын, пхырыгъын, пхырыгъухьын, пхырыджын, пхырыджэн»; «кIуэцIырыин – кIуэцIырыен, кIуэцIырыун, кIуэцIырыуэн, кIуэцIырыIун, кIуэцIырыIуэн, кIуэцIырысыхьын, кIуэцIырызын, кIуэцIырыдзын».

″Р″ зэпыщIэныгъэкIэрэ утыку къихьэ префиксхэр мы къэта щапхъэхэм къызэрыщымынэр гурыIуэгъуэщи, мыбыхэм нэмыщI макърэ псалъэхэри ″р″ зэпыщIэныгъэкIэрэ префиксу мэухуэфыр, икIи мыпхуэдэуи глаголыщIэхэри утыку къохьэфыр: «гурыIуэн, зэгурыIуэн, къыгурыIуэн»; «ирикъун, хурикъун».

Мыбы нэгъунэ къэта щапхъэхэр зы ″р″ макъкIэрэ гъэзащIэ зэпыщIэныгъэу ухуэ префиксхэм зэрытеухуар гурыIуэгъуэщ. Ауэ ″р″ым зэпыщIэныгъэ къалэн зэригъэзащIэм ипкъ иткIэ, lуэхугъуитIыр нэхъыбэу зэрызэпыщIакIэрэ зэрыгъэзащIэри ″р″ зэкIэлъхьэужьыкIэкIэ къызэрыIуэтэфынурэ мыпхуэдэуи ″префикс″ зэрыухуэфынур гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, ″р″ыкIэ зэпыщIэныгъэу къэхъу префиксхэм я щапхъэу тлъыта ″ири″м и ″и″хэр зэпыщIэныгъэ нэхъыбэу къызэрыIуатэр мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «ирыри, ирырыри...».

Мы зи гугъу тщIа префиксхэр ″р″ нэхъыбэ зэрыыхэтуи зэрыухуэфынур гурыIуэгъуэщ, ауэ къэIуэтэфынрэ гъэзащIэр гурыIуэгъуэ хъун папщIэ, ″р″итI е нэхъыбэу ″р″ищ зэкIэлъхьэужьыкIэущ зи гугъу тщIы префиксхэр зэрыухуэнур. Мы къэта щапхъэхэм и япэрей ″и″м ипIэ нэгъуэщI макъхэр къихьэу ″префикс″хэр зэрыухуэфынури гурыIэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри къэтхьынщ: «lурыры - lурыри, lурырыры – lурырыри; пэрыры – пэрыри, пэрырыры - пэрырыри».

НытIэ мы ″префиксыщIэ″хэр глаголхэм къызэрыпыхьэ щапхъэхэри ″р″итIкIэ зэрызэпыщIа щIыкIэу ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «ирырыин - ирыриин, ирырыун - ирыриун, ирырыуэн - ирыриуэн, ирырыIун - ирыриIун, ирырыIуэн - ирыриIуэн, ирырысыхьын - ирырисыхьын, ирырызын - ирыризын, ирырыдзын - ирыридзын»; «lурырыин - lырыриин, lурырыун - lурыриун, lурырыуэн - lурыриуэн, lурырыIун - lурыриIун, lурырыIуэн - lурыриIуэн, lурырысыхьын lурырисыхьын, lурырызын - lурыризын, lурырыдзын - lурыридзын»; «пэрырыин - пэрыриин, пэрырыун - пэрыриун, пэрырыуэн - пэрыриуэн,

пэрырыIун - пэрыриIун, пэрырыIуэн - пэрыриIуэн, пэрырысыхьын - пэрырисыхьын, пэрырызын - пэрыризын, пэрырыдзын - пэрыридзын».

″Р″ зэпыщIэныгъэкIэрэ ухуэф префиксхэу мы зи гугъу тщIахэм нэмыщI, ″и, е″ префикс зиIэ ″префиксиал IуэхуглаголIхэр ещанэ нэрыбгэм теухуауэ зэрыгъэзащIэри ″р″ыкIэрэ зэрызэпыщIа ″префикс″кIэрэщ къызэрыIуатэри, илъабжьэкIэ мыбы щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зэрыгурыуэгъуэщи, ещанэ нэрыбгэм ″IуэхуглаголIхэр зэригъэзащIэр IуэхумекIуэлIэнрэ (иэ) щхьэщытыныгъэ (и) къызхэщкIэрэщ: «ухуэн → еухуэ, иухуащ, иухуэнщ, иухуэнущ». Мыпхуэдэ зы щапхъэщ ″щIын, щIэн″ глаголри, ар ещанэ нэрыбгэм зэригъэзащIэр ″ещI {е: иэй}, ищIащ, ищIынщ, ищIынущ; ящI {я: ″еа (е: иэ) → иэа″}, ящIащ {я: иа}, ящIынщ, ящIынущ″уэщ. Мыбдежым ″е, и″р ″ещанэ нэрыбгэ закъуэ сует гъэлъагъуэ″у зэрыщытым, ″я (еа, иа)″ри ″ещанэ нэрыбгэ куэдагъ сует гъэлъагъуэ″у зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Мыбы нэгъунэ гурыIуэгъуэщ, икIи мыбдежым зи гугъу тщIы ″р″ макъ IуэхуихэлъкъымАуэ мы къэта глаголхэр екIуэлIэныгъэ (е: иэ) префикскIэрэ щыухуэм деж, мы ″е″ префикскIэрэ ухуа ″IуэхуглаголIхэр ещанэ нэрыбгэхэм теухуауэ зэрылажьэ щIыкIэм мы ″е″ префиксыр ″ирыуэ зэхъуэкIын хуей мэхъури, мыбы зэIухауэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мыбдежым екIуэлIэныгъэкIэ (е: иэ) ″зыгуэрым теухуауэ зыгуэр″ щIыныр ″ещIэн″ {е: иэ} глаголкIэрэщ къызэрыIуатэри, ари ещанэ нэрыбгэ закъуэм теухуауэ ит зэманыгъуэу зэрылажьэкIэрэ къызэрыIуатэ псалъэр ″ирещIэ {е: иэй}″ущ; адрей зэманыгъуэ лэжьэкIэхэу ухуэ псалъэхэри ″ирищIащ, ирищIэнщ, ирищIэнущ″уэщ къызэрыIуатэр. Зэрыгурыуэгъуэщи, ″ирещIэ, ирищIащ″ псалъэхэр ещанэ нэрыбгэм ″зыгуэрым зыгуэр″ зэрырищIылIэр къызэрыIуатэ псалъэхэщи, мыпхуэдэхэр ″р″ макъым игъэзащIэ зэпыщIэныгъэкIэрэ зэрыухуэри гурыIуэгъуэщ.

Зэрыгурыуэгъуэу, ещанэ нэрыбгэм ит зэманыгъуэу ″щIын, щIэн″ IуэхурзэригъэзащIэр къызэрыIуатэ щIыкIэр зэрекIуалIэрэ (е: иэ) зэкIуэлIар (й) къызхэщ ″ещI, ещIэ {е: иэй}″ псалъэхэмкIэщ; адрей зэманыгъуэхэри ещанэ нэрыбгэр ищIынум зэрызекIуэлIагъэххэр (и) къызэрыхэщкIэрэщ (ищIащ, ищIынщ, ищIынущ). Ауэ екIуэлIэныгъэ (е) префикскIэрэ ″щIын, щIэн″ глаголыр зэрыухуэж ″ещIэн″ глаголыр ещанэ нэрыбгэм теухуауэ ″щIын, щIэн″ глаголыр зэрыгъэзащIэр къызэрыIуатэу ухуауэ мы ипэкIэ къэтахэм зэрыщхьэщыкIынур гурыIуэгъуэщи, абы екIуэлIэныгъэ (е) префиксри зэрыгъэзэщIэну щIыкIэр къыхэхьэжын хуейщ. Мы ″е″ префиксыр ещанэ нэрыбгэм теухуауэ зэрыгъэзащIэ щIыкIэм щыгъуазэ дыхуэмыхъу ипэ, зи гугъу тщIы мы ″ещIэн″ префиксиал глаголыр ещанэ нэрыбгэм теухуауэ зэрылажьэ щапхъэхэри къэтхьынщ: «ирещIэ; ирищIащ, ирищIэнщ, ирищIэнущ».

Мы къэта щапхъэхэм къызэрыхэщщи, ″щIын, щIэн″ глаголхэр ещанэ нэрыбгэм теухуа лэжьэкIэхэм (ещIэ; ищIащ, ищIэнщ, ищIэнущ) ″иры″ префиксыр къызэрыпыхьэжакIэрэщ мы псалъэ къэтахэр зэрыухуа щIыкIэри, псалъэ ухуэр ″ещанэ нэрыбгэ сует гъэлъагъуэ″ макъ ″е, и″м (ещIэ, ищIащ, ищIэнщ, ищIэнущ) ипэ екIуэлIэныгъэ (е: иэ) префиксым теухуауэ щыгъэзащIэм деж, зэкIуэлIэн (е) хуейр гъэзэщIэн папщIэ ещанэ нэрыбгэу объективыгъэ зиIэ суетыр зэрекIуэлIар объективу ″и″кIэрэ къэгъэлъагъуэущ ″ещIэн″ префиксиал глаголыр ещанэ нэрыбгэм теухуауэ зэрылажьэ щIыкIэр. Мыбдежым ″и″р зытеухуар ″ещIэн″ глаголым и префикс ″е″ращи, мы префиксиал ″ещIэн″ глаголыр ещанэ нэрыбгэм теухуауэ щылажьэм деж, мы ″е″ префиксыр зэрыгъэзащIэ ″и″р ещанэ нэрыбгэ суетым а IуэхуР зэригъэзащIэ щIыкIэм (ещIэ, ищIащ) зэрыпыщIакIэрэ ″иры″ префиксу зэрыухуэн хуейри гурыIуэгъуэщ. Аращи, екIуэлIэныгъэ ″е″ префиксыр щыгъэзащIэм деж, зэрекIуэлIагъэххэу къызэрыгъэлъагъуэ ″и″р IуэхуР зэрыгъэзащIэ щIыкIэм зэрыпыхьэжыр ″иры″уэ мэгъэлъагъуэр.

Мы жытIахэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, ″IуэхуР лIэужьыгъуэ глагол″хэр (щIын, щIэн) ещанэ нэрыбгэм зэригъэзащIэр екIуэлIэныгъэрэ бгъэдэтынкIэрэ IуэхумР зэрыпыщIакIэрэщи {е (иэй), и}, езы глаголыр екIуэлIэныгъэ (е: иэ) префикскIэрэ ухуауэ ″префиксиал IуэхуР глагол″у щыщытым деж, мы и екIуэлIэныгъэр (е) зэрекIуэлIакIэрэ къэгъэлъэгъуауэ (и) къызэрыхэщкIэрэ (р) къыкIэлъыкIуэм зэрыпыщIэри къыхэщу ″иры″уэ зыкъегъэлъагъуэри, ар (иры) IуэхуР зыгъэзащIэ ″ещанэ нэрыбгэ сует гъэлъагъуэхэм (е, и)″ хэмыгъуащэрэ ипэ къихуэу, икIи зэрыжытIауэщи, зэрызэпыщIа щIыкIэри къызэрыхэщкIэрэщ (иры) зи гугъу тщIы глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэр зэрыухуэ щIыкIэр: «ещIэн: иры-ещIэ {щIэн: ещIэ} → ирэищIэ {эи: е}→ ирещIэ; иры-ищIащ {щIэн: ищIащ} → ирищIащ».

″Ещанэ нэрыбгэ куэд -цIэпапщIэ- гъэлъагъуэ″у глагол лэжьэкIэм префикс хуэхъури мыпхуэдэу ухуэу жыIэпхъэщ: «ещIэн: иры-ящIэ {щIэн: ящIэ} → ирыящIэ {я: иа}→ ирыиащIэ → иращIэ; иры-ящIащ → ирыиащIащ → иращIащ».

Мы зи гугъу тщIа лэжьэкIэр зытеухуар ″е″ префикс зиIэ ″префиксиал IуэхуР глагол″хэм зэрытеухуар гурыIуэгъуэщи, мы ″е″м ипэ нэгъуэщI префикс къыщыпыхьэми мы къэтIуэтахэр зэрызэмыхъуэкIым, икIи ″префиксиал IуэхуР глагол″у утыку къихьагъэххэр екIуэлIэныгъэкIэрэ (е) гъэзащIэу щыухуэжкIи и лэжьэкIэр мыбдежым къыщытIуэтам зэрыхуэдэр гурыIуэгъуэщи, мыбыхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «къещIэн → къырещIэ, къырищIащ, къыращIэ, къыращIащ»; «жеIэн → жыреIэ, жыриIащ {жыIэн → жеIэ, жиIащ}, жыраIэ, жыраIащ {жыIэн → жаIэ, жаIащ}».

Мы къэта щапхъэхэр ″е″ префикскIэрэ ухуа ″IуэхуР глагол″хэм теухуащ, ауэ ″р″ыкIэрэ зэпыщIа ″префикс″ зиIэу ухуа ″IуэхуР глагол″хэр ещанэ нэрыбгэм теухуауэ зэрыгъэзэщIэнур мыбдежым къыщытIуэтахэм

зэрезэгъынур, икӏи зэрыщхьэщыкӏыныгъэ зэриӏэнури гурыӏуэгъуэнщ. Аращи, ″е″ префикс зиӏэ ″ӏуэху глагол″ыр ещанэ нэрыбгэм теухуауэ зэрыгъэзащӏэр ″ири, ире″ префиксу зэрыщытым зэрезэгъщи, ″ири″ хуэдэ префикскӏэрэ ухуа ″ӏуэху глагол″хэр ещанэ нэрыбгэм теухуауэ зэрыгъэзащӏэри ″р″итӏкӏэ зэпыщӏауэ зэрыщытынур гурыӏуэгъуэнщ. Къэтхьынщ нытӏэ ″р″ыкӏэрэ зэпыщӏэныгъэ зиӏэ ″префикс″кӏэрэ ухуа ″ӏуэху глагол″хэр ″ещанэ нэрыгъэ гъэлъагъуэ″ префикскӏэрэ къыззэрыӏуатэм теухуа щапхъэхэр: «ирищӏэн → ирырещӏэ, ирырищӏащ; ирыращӏэ, ирыращӏащ»; «къырищӏэн → къырырещӏэ, къырырищӏащ; къырыращӏэ, къырыращӏащ»; «жыриӏэн → жырыреӏэ, жырыриӏащ; жырыраӏэ, жырыраӏащ».

ПЭЩХЪЫНЭР ЗИ КЪЭХЪУПӀЭ МАКЪХЭР: «М, Н».

**″М″ макъыр.**

Пэщхъынэ макъ ″м″ыр япэ къэхъуарэ жьэр зэтепӏами къэӏуфу псэущхьэм къызхигъэӏукӏа зы макъщ. Пэщхъынэм къыщыхъу мы макъыр зэхэхын папщӏэ, ″ы″ макъыр дэщӏыгъущ утыку къызэрихьэри, ″м″ макъыр яэпрей макъ щэхуу зэрыщытым хуэдэу, ″ы″и адрей макъ ӏуэрхэр къызтехъукӏ макъ ӏуэр лъабжьэращ. Япэу къэхъуарэ макъ мыхьэнэ зымыгъуэт ″ы″ макъ ӏуэрым хуэдэу, япэ къэхъуа макъ щэху ″м″ макъри къыщыхъуам щыгъуэ макъ мыхьэнэ пыухытыкӏа имыӏэу лъытапхъэщ.

Япэ къэхъуарэ мы къызэрыхъуа щӏыкӏэу щхьэж дэтхэнэ гуэрыр гурыӏуэгъуэ къызэрищӏым папщӏэ, макъ мыхьэнэ пыухытыкӏа зимыӏэу лъытапхъэщи, ар къыхэзыгъэӏукӏ псэущхьэм дэтхэнэ гуэрыр зэрилъытэ щӏыкӏэр ″м″ макъкӏэрэщ. Дэтхэнэ гуэрыр псэущхьэм къызэрыгурыӏуэрэ {м(ы)(!), мм(ы)(!); ммы(!), мы(!)} къызэрыгурымыӏуэр {м(ы)(!), мм(ы)(!); ммы(!), мы(!)}, хъуну зэрилъытэрэ {м(ы)(!), мм(ы)(!); ммы(!), мы(!)} мыхъуныгъэу зэрилъытэр {м(ы)(!), мм(ы)(!); ммы(!), мы(!)} натуралу ″м″ макъкӏэрэу щытагъэнщи, ар псэущхьэм мыпхуэдэу зэрызырихьам зэманыгъуэу мащӏэ ихьагъэнкъым. Абы макъ мыхьэнэ зэригъуэтыр къыкӏэлъыкӏуэу утыку къихьэ макъхэмкӏэрэ псэлъэбзэ пэщӏэдзэр къыщежьэрэ псэлъэбзэм лъабжьэ щигъуэту щыхуежьэм хуэзэу жыӏэпхъэщ.

*″**М**″ макъым къытехъукӏ ″**макъ псалъэ**″хэр.*

Аращи, ″м″ макъыр утыку къызэрихьам ипкъ иткӏэ, къызхэзыгъэӏукӏ псэущхьэм дэтхэнэ гуэрым гулъытэ зэрыхуищӏрэ сытри зэрилъытэу къызэрыриӏукӏэрэ зэрихьэу зэрыщытар гурыӏуэгъуэщи, мыпхуэдэ зехьэкӏэр ″м″ макъым иджыри зы ″макъ мыхьэнэ″ пыухытыкӏа зэримыгъуэтарауэ лъытапхъэщ. ″М″ макъыр сытри зэрылъытэ макъ закъуэу псэущхьэм щызэрихьэр зы макъ мыхьэнэ пыухытыкӏа

имыIэнращи, адрей макъхэр къэхъуу щыщIидзэм ″м″ макъ мыхьэнэри ипIэм иувэжу зэрыщIидзар гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэуи зэманыгъуэ мащIэ икIуагъэнкъым. Адрей макъхэр утыку къихьэху, сытри зэрылъытэ макъыу псэущхьэм къызхигъэIукIрэ зэрихьэу щытащ ″м″ макъри, ар бзэм зэрыхэхьа щIыкIэри мы и къэхъукIэм елъытауэ зэфIэкIышхуэ зэриIэкIэрэщ.

Япэ къэхъуарэ дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэ щIыкIэу псэущхьэм къызхигъэIукI макъщ ″м″ыри, бзэм зэфIэкIышхуэ щыригъэкIуэкIрэ зэхуэмыдэ IуэхугъуэхэР игъэзащIэу щызэрекIуэнур гурыIуэгъуэнщ. Мы псалъэми гурыIуэгъуэ зэрищIщи, ″м″ макъыр зэхуэмыдэ IуэхугъуэхэР къызэрыIуатэ ″макъ псалъэ″хэу бзэм зэрыхэхьэфынур гурыIуэгъуэщ.

″М″ макъыр пабгъуэрэ пэщхъынабгъуэ псэущхьэр гугъу емыхьу къызхигъэIукIыфыну зы макъщи, ар бзэ пэщIэдзэм бзэ мыхьэнэуэ зекIуэу зэрыщIидзэри мы псэущхьэм лъэкIыныгъэшхуэ зиIэ и нэхъыщхьэм и къалэныр зэригъэзащIэм теухуауэщ. Аращи, ″м″ыр бзэ лэжьэкIэм япэу зэрыхэхьа щIыкIэр ар къыздыщхъу щIыпIэу щыт пэщхьынэрэ пэм игъэзащIэ къалэныр зытеухуар зэрылъытэрэ къызэрыIуатэущ. Псэущхьэм и пэм мы зэхищIэр япэу ″мы″уэ илъытэу, иужькIэ бзэ ужьыныгъэми дэщIыгъуу ″мэ″уэ къыриIуэу, псэлъэбзэр зэрызэпкъырыувэм ипкъ иткIэ, кIуэ пэтрэ бзэ мыхьэнэи игъуэтыжауэ жыIэпхъэщ. Аращи, ″м″ макъыр мы зи гугъу тщIы IуэхугъуэмР теухуауэ япэу бзэм зы ″макъ псалъэ″ зэрыхэхъухьа щIыкIэр ″**мэ**″рауэ жыIэпхъэщ. Ар пэрэ пэщхъынэ къалэныр зытеухуаращи, абдежым къыщыхъуа ″мы″кIэрэ япэу лъытэрэ ″мы″р зытеухуауэ щыт (э) мыхьэнэ зиIэу ухуа зы ″макъ псалъэ″у лъытапхъэщ.

Псэущхьэм япэу къызхигъэIукIрэ сытри зэрылъытэнкIэрэ зэрихьэу щIидза ″м″ макъым и къэхъупIэр пэщхъынэращи, ар зы ″макъ псалъэ″у япэу бзэм зэрыхэхьари псэущхьэм и пэмкIэ илъытэм теухуащ. ″М″ макъыр япэу къэхъуа макъыу зэрыщытым ипкъ иткIэ, лъытэныгъэ макъщи, пэм и къалэныр зэрыгъэзащIэрэ зытеухуар ″мэ″уэ зэрылъытэу бзэм зэрыхэхьэм нэмыщI, дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытапхъэри ″м″ макъкIэрэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Аращи, дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэ ″м″ макъыр кIуэ пэтрэ гъуэнэгъу гуэрыр зэрылъытэрэ зэрыгъэлъагъуэу бзэм аргуэру ″макъ псалъэ″ хэхъухьащи, ар ″**мы**″ращ (**мы** унэр). Мыпхуэдэ лъытэныгъэр кIуэ пэтрэ бзэм псалъэ зэрыхэхъухьыр гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэщ къэхъу гуэрыр зыгъэлъагъуэ ″**мэ**!″ри, зыгуэрыр щыпткIэ жыпIэ ″**мэ**!″ри къызэрыхъум и къежьапIэрэ лъабжьэр ″м″ыр макъ мыхьэнэуэ щызекIуэу зэрыщIидзауэ тлъытэ бзэ пэщIэдзэм нэгъунэ пхьыфыну щыт ″макъ псалъэ″хэу ноби адыгэбзэм хэтхэращ.

Зы пхьэщхьэмыщхьэ лIэужьыгъуэрэ цIыхум иужькIи lэрысэ ищIыжар цIыхум япэ илъыта шхыныгъуэхэм зэрыщыщыр къыхэщу жыIэпхъэщ ар зэрылъыта ″мы/мэ″м. А пхъэщхьэмыщхьэр цIыхум зэрилъыта щIыкIэр и ″мэ″мкIэуи къыщIэкIынщ, е зы шхыныгъуэу япэу зэрилъытам папщIэуи

къыщIэкIынщ ар ″макъ псалъэ″у ″**мы**/**мэ**″уэ зэрилъытам и лъабжьэр. Адыгэбзэм а пхъэщхьэмыщхьэр ″мы″уи, ″мэ″уи къыраIуэу зэрыхэтыр гурыIуэгъуэщи, мы ″мы/мэ″р ипэкIэ зи гугъу тщIарэ ″м″ым къытехъукIа ″макъ псалъэ″хэм елъытауэ иужькIэ къэхъуауэ зэрыщытын хуейри пыщапхъэщ. Ар щыхъукIи, мы пхъэщхьэмыщхьэр ″мы/мэ″уэ зэрылъытам лъабжьэ хуэхъуар ″м″ым къытехъукIауэ зи гугъу тщIа ″макъ псалъэ″хэрауэ жыIэпхъэщ, икIи нэхъыбэуи пэм къыщIихьэ ″мэ″м теухуауэ къыщIэкIынщ. Аращи, цIыхум мы пхъэщхьэмыщхьэм гулъытэ зэрыхуищIар и мэрауэ щытмэ, ари занщIэу ″**мэ**″уэ зэрилъытэфынур гурыIуэгъуэнщ; икIи ар и ″мэ″м теухуауэ зэрилъытэ щIыкIэу, ″мэ″р зэхьэлIарэ зытеухуа щIыкIэкIэ ″мэ-ы″ → ″**мы**″уэ зэрилъытэфынури гурыIуэгъуэщ.

Аращи, нобэ а пхъэщхьэмыщхьэр ″мэ″уи, ″мы″уи къыраIуэу адыгэбзэм хэтщи, абы и lэрысэри ″мэlэрысэ, мыIэрысэ″у бзэм хэтщ. Бзэ куэдым а пхъэщхьэмыщхьэр къызэрыраIу псалъэхэм ″м″ макъ зэрыхэтри гулъытапхъэщ, икIи ар нобэрей цIыхур утыку къызэрихьам теухуа lуэрыIуатэри мащIэкъым, мыпхуэдэщ а пхъэщхьэмыщхьэр нобэрей динищми зэрыхэт щIыкIэр.

*″**М**″ макъым къытехъукIа **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукIыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэрауэ *″**м**″ макъым къытехъукIа ″**макъ псалъэ**″хэр **макъ къыпыхьэу** бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Къэхъур гъэлъэгъуэныгъэрэ зыгуэрыр зэрыгъэлъагъуэу етыныгъэр зэрыгъэзащIэу бзэм ″макъ псалъэ″у щызекIуэ ″**мы, мэ**″м нэгъуэщI макъ къыпыхьэу псалъэ ухуэу лъытапхъэкъым. ″Мы, мэ″уэ псалъэм ищхьэм щыплъагъур ″м″ макъыр и мыхьэнэкIэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ бзэ лэжьэкIэр ″м″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэм деж къыщIоIуатэр. Аращи, зыгъуэрыр къызэрыхъур зэрылъытэрэ зэрыгъэлъагъуэ къалэн игъэзащIэу псалъэхэм ищхьэм щыхэплъагъуэ ″м″ макъыр мыбдежым зи гугъу тщIы ″макъ псалъэ″хэу лъытапхъэкъым.

″М″ макъым къытехъукIа ″макъ псалъэ″ри ар къыздыщыхъуа пэ кIуэцIым щызэхэхур зэрылъытэ ″**мэ**″ращи, мыбы нэгъуэщI макъ къыпыхьэу къытехъукIыж псалъэхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ. Зы пхъэщхьэмыщхьэр и ″мэ″м теухуауэ лъытарэ къыщыIуэтауэ жыIэпхъэщи, мыбы къыщымынэу, шхыныгъуэ гуэрхэри и ″мэ″м теухуауэ лъытауэ жыпIэ хъунущ. Мыпхуэдэу зы ″макъ псалъэ″у щыт ″мэ″р зыхэту лъытапхъэу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «мэракIуэ, мэрэкIуапцIэ; мэрамысэ, мэрэмэжьей; бамэ, фырымэ, жьэрымэ, мэрымэ, мэрамэ».

″**Мы**/**мэ**″р зы пхъэщхьэмыщхьэ лъэпкъыр зэрылъыта ″макъ псалъэ″щи, а пхъэщхьэмыщхьэр къызпыкIэ жыгыр къызэрыIуатэри абы

(мы/мэ) ″ей (эй-й)″ къызэрыпыхьэкlэрэщ: «″мы/мэ-ей″ → мый/мэй». Мы пхъэщхьэмыщхьэ жыгым и lэрысэр ″мыlэрысэ/мэlэрысэ″щи, абы и жыгыр къызэрыlуатэри мыпхуэдэщ: «мыlэрысей/мэlэрысей».

*″**М**″ макъым къытехъукlа ″**макъ псалъэ**″хэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэми деплъынщ.

Пэм игъэзащlэ къалэныр зытеухуа ″мэ″ макъ псалъэм нэгъуэщl псалъэхэр къыпыхьэу ухуауэ ипэкlэ къэта щапхъэхэр икlи ″псалъэ зэгуэт″уи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, къэта щапхъэхэр мыпхуэдэу зэрыухуа щlыкlэуи къэдгъэлъэгъуэнщ: «″мэ, кlуэ″ → мэракlуэ; ″мэракlуэ, пцlэ″ → мэрэкlуапцlэ; ″мэ, мэ, сы(н)″ → ″мэ-рэ-мэ-ы-сы-э″ → мэрамысэ; ″бэ, мэ″ → бамэ; ″фы(н), мэ″ → фырымэ; ″жьэ(н), мэ″ → жьэрымэ; ″мэ, мэ″ → мэрымэ – мэрамэ».

Мыхэр ″мэ″р зэрыфlкlэрэ лъытапхъэу ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэщ, ауэ ″мэ″ lей зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэхэри щыlэщ: «″гъу(н), мэ″ → гъуамэ; ″фын, мэ″ → фырымэ; ″бэ, мэ″ → бамэ».

Зы пхъэщхьэмыщхьэр къызэрыlуэта ″мы/мэ″ макъ псалъэм нэгъуэщl псалъэ къызэрыпыхьэкlэрэ ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэхэщ мыри: «″мы/мэ, lэрысэ″ → мыlэрысэ/мэlэрысэ».

*″**М**″ макъ мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″*.

Япэу къэхъуарэ сытри зэрылъытэ щlыкlэу псэущхьэм къызхигъэlукl макъ закъуэу къежьа ″м″ макъыр мы къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ зы мыхьэнэ пыухытыкla зытемыухуарэ сытми теухуауэ щытащ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм мы и къэхъуныгъэрэ къигъуэгурыкlуар хыболъагъуэри, макъ мыхьэнэ пыухытыкla зэримыlэкlэрэ къикlуам езэгъыу бзэми зэрыхэлэжьыхь щыlэщ. Мыпхуэдэщ ″м″ макъыр кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэхэм зы мыхьэнэ пыухытыкla химылъхьэу а зэрыщыту къигъэлъагъуэу гулъытэ къызэрыпхуищlыу зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр.

Япэрей макъыу утыку къыщихьагъащlэр зи лъабжьэу мыхьэнэ пыухытыкla зэримыlэ щlыкlэу ″м″ макъыр бзэм мы зэрыхэлэжьыхьу мы зи гугъу тщlыр ″р″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм ебгъэщхь зэрыхъунур гулъытапхъэщ. Нытlэ, мыпхуэдэ лэжьэкlэу макърэ псалъэхэм я кlэухыу ″м″ макъым игъэзащlэ къалэнхэу илъабжьэкlэ зи гугъу тщlыну япэрей лэжьэкlэхэр ″р″ макъым и лэжьэкlэхэм зэрегъэпщапхъэр гулъытапхъэщи, мыбы и лъабжьэрэ щхьэусыгъуэми и гугъу тщlагъэххэщ. Я къалэнрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь гуэрхэмкlэ зэбгъэщхь хъуну жытlащи, ахэр кlэух щыхъум деж, ягъэзащlэ lуэхугъуэхэр зэрызэщхьэщыкl щlыкlэри ″р″ым теухуауэ ипэкlэ къедгъэкlуэкla лэжьыгъэмрэ ″м″ым теухуауэ илъабжьэкlэ ипэрей щапхъэхэмрэ суффикс къалэну ″м″ макъым теухуа щапхъэхэм гурыlуэгъуэ къызэращlынури гулъытапхъэщ.

Ауэ зэрыгурыlуэгъуэрэ пыщапхъэщи, ″р″ макъым макъ мыхьэнэ иlэкъым, япэрей макъыу къыщыхъуа дыдэм теухуауэ бзэм

зэрыхэлэжьыхь щIыкIэхэр макъ мыхьэнэ пыухытыкIауэ мылъытапхъэми, иужькIэ мыхьэнэ мыухытыкIа зэригъуэтарэ икIи бзэ лэжьэкIэми мыхьэнэ марж зэригъуэтар гурыIуэгъуэщ ″м″ макъым. Ар щыхъукIи, ″м″ макъыр кIэух зэрыхъум теухуауэ илъабжьэкIэ къэтыну япэрей щапхъэхэр ″р″ макъ кIэухым ебгъэщхьрэ зэбгъапщэ хъунуми, иужьрей лэжьэкIэ щапхъэхэу ″м″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэхэр ″р″ макъым ебгъэщхьрэ ебгъапщэ зэрымыхъунур гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, мы илъабжьэкIэ ″м″ макъыр кIэух зэрыхъу щIыкIэм щыгъуазэ дыхуэхъуу, абыхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ.

″М″ макъыр зы мыхьэнэ зэрыхимылъхьэкIэрэ кIэух зыхуэхъуар гулъытэ къыпхуэзыщI макъщ, икIи къызэрыхъуа щIыкIэм зэрезэгъыу, кIэух зыхуэхъуу мы къэгъэлъэгъуам къыкIэлъыкIуэн гуэр зэрыщыIэнур зэрыгурыIуэгъуэщи, абы уригъэжьэн мыхьэнэ егъэзащIэр. Мыпхуэдэуи къыкIэлъыкIуэ псалъэм зэпыщIэныгъэ къалэн егъэзащIэр макърэ псалъэм кIэух хуэхъу ″м″ макъми, мыпхуэдэ къалэныр икIи ″падеж″ къалэну зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Дэтхэнэ зы макърэ псалъэм кIэух хуэхъуу мы игъэзащIэ къалэныр икIи зы суффикс къалэну зэрыщытынур гурыIуэгъуэщи, абы илъабжьэкIэ и гугъу щытщIынщ. Ауэ ар мыпхуэдэу дэтхэнэ зы макъым къызэрыпыхьэрэ а макъыр зэрилъытэу къыпыщэну гуэр зэрыщыIэм дызэригъажьэу мы игъэзащIэ зэпыщIэныгъэм теухуа щапхъэхэр макъ гуэрхэм теухуауэ къэтхьынщ: «″ы″м, ″э″м, ″и″м, ″у″м; ″с″ым, ″цI″ым, ″ц″ым, ″з″ым, ″дз″ым».

А макъыр зэрыщыту мы къызэригъэлъагъуэм хуэдэщи, ″макъ псалъэ″хэми суффиксрэ кIэух зэрыхуэхъум теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «Iэм, Iум, зым, дзэм, гъэм, гъуэм, гум, дэм, тIым, жьэм».

Мы къэта щапхъэхэр ″м″ыр суффикс зэрыхъум теухуа щапхъэхэу зэрыщытыр, икIи ″падеж″ къалэну ″м″ым игъэзащIэм зэрытеухуар гулъытапхъэщ. Ауэ мы суффикс къалэныр зэрыгъэзащIэ щIыкIэм зэрезэгъкIэрэ ″м″ макъыр зи кIэухыу утыку къихьэ псалъэхэри щыIэщи, а псалъэхэр зэрыухуа щIыкIэр ″падеж″ къалэным зыкIи пыщIакъым; зи кIэух макърэ псалъэр гурыIуэгъуэ щIынрэ абы и кIуэцIым ухигъаплъэу гурыIуэгъуэ къызэрыпхуищIыу кIэух ″м″ макъ мыхьэнэм игъэзащIэ къалэнщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэщ мыхэри, кIэух зыхуэхъу макъхэм я мыхьэнэр зыхыуигъэщIэнрэ и кIуэцIкIэ гурыIуэгъуэ къыпхуищIын мыхьэнэ закъуэщ ″м″ кIэухым игъэзащIэр: «уэм, гъум, щым, чэм, хуэм; къаум».

″М″ макъыр мыпхуэдэ къалэнкIэрэ кIэух зэрыхъум хуэдэщи, ар псалъэхэм кIэух закъуэукъым зэрыхэплъагъуэр. Ар псэлъэкуми хыболъагъуэр, ауэ псэлъэкум зэрыхэтри къызкIэлъыкIуэ макърэ псалъэр къэгъэлъэгъуэн къалэн игъэзащIэущ. Мыпхуэдэ щапхъэхэщ мы псалъэхэри, ахэр ″м″ макъыр къызэрыхъуа щIыкIэкIэ бзэм зэрыхэхьам теухуа щапхъэхэу иужькIэ къэхъуа псалъэхэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ,

икӏи мы псалъэхэм хэт ″м″ макъыр къызкӏэлъыкӏуэ макърэ псалъэм и кӏэухыу зэрыхэтыр гулъытапхъэщ: «лэмбатэ (лэм-батэ), лумпӏэ (лум-пӏэ), гъуэмб, кумб, шкӏумпӏ, щӏэмбырыукӏын, хъымпӏар, хьэмбыӏу, лъэмбыӏу, лъэкӏампӏэ, тхъурымбэ, тхылъымпӏэ, тхьэмбыл, тхьэмщӏыгъу, тхьэмпэ, хъумпӏэрдзэдж, хьэмбылу, хьэмкӏутӏ».

″Макъ псалъэ″у утыку къихьарэ къэгъэлъэгъуэн къалэн зыгъэзащӏэ ″мы″м къытехъукӏыжарэ ар зэрыгъэзащӏэ щӏыкӏэр къызэрыгъэлъагъуэ макъхэр къызэрыпыхьэжкӏэрэ ухуа псалъэхэщ мыхэр: «мыр; мис, мес (мэ*и*с); мо (мэ*у*), моуэ (мэ*у*уэ), мор (мэ*у*р)».

″М″ макъыр къыздыщыхъуа щӏыпӏэр ″пэ″ращи, пэм и къалэнкӏэрэ псэущхьэм зэхищӏэфри зы ″макъ псалъэ″у ″мэ″уэ зэрылъытам и гугъу тщӏащ. ″Мэ″р ″пэ″м зэрызыхищӏэ щӏыкӏэр ″пэ″ псалъэм макъ мыхьэнэкӏэрэ ″мэ″р къызэрыпыхьэкӏэрэщ (пэмэн). Сыт хуэдизу ″пэ″м и зы къалэныр ″мэ″ къыщӏихьэнрэ зэхэгъэкӏын луэхугъуэми, мы къыпщӏихьэм фӏэщыгъэцӏэ хуэхъуа ″мэ″мрэ, ″пэмэн″ым хэт ″мэ″р зэхуэдэ дыдэу лъытапхъэкъым: ″мэ″ фӏэщыгъэцӏэр бзэ мыхьэнэ хъуарэ зы псалъэщ, ″пэмэн″ псалъэм хэт ″мэ″р макъ мыхьэнэкӏэщ зэрыхэтыр. Нэгъуэщӏыу жыпӏэмэ, ″пэмэн″ыр ″пэ″м и функцэр игъэзэщӏэну зэрыхущӏэкъуращи (мэ), мыр ″пэ″ псалъэм къыкӏэлъыкӏуэ ″мэ″ макъ мыхьэнэкӏэрэщ зэрыгъэзащӏэр. Ауэ икӏи ″пэ″м къыщӏихьэр ″мэ″щи, ″пэмэн″ыр ″пэ″м ″мэ″ зыхищӏэн луэхугъуэ зэрыщытым папщӏэ, ″пэ″м ″мэ″ луэхугъуэ зэрихуэнкӏэрэ зэпкъырыувэуи еджапхъэщ ″пэмэн″ глаголым. Аращи, еджэкӏэ лъэныкъуитӏымкӏи зэпэщу мыхьэнэ зэрыухуэфым теухуа щапхъэщ мыри, зы макъыбзэм и лэжьэкӏэм теухуа гъуэзэджэхэм щыщу зы щапхъэщ.

Ауэ ″пэ″м ″мэ″ зыхищӏэн къалэныр щигъэзащӏэм утыку къихьэ ″пэмэн″ глаголыр зэрыухуа щӏыкӏэр ″пэ″м и къалэныр ″мэ″ макъ мыхьэнэкӏэрэ зэрыгъэзащӏэм теухуауэщ зэрылъытапхъэр. ″Мэ″р ″пэ″м и къалэныр зэригъэзащӏэ щӏыкӏэр къигъэлъагъуэу ″пэмэн″ псалъэм зэрыхэтыр и макъ мыхьэнэкӏэрэщ: къыщӏихьэну ″мэ″м (″мэ″р зезыхьэ бахъэм) ″пэ″м зэрызыритращ ″пэмэн″ псалъэм хэт ″мэ″м игъэзащӏэри, мыр зэрыгъэзащӏэр макъ мыхьэнэкӏэ ″мэ″кӏэращ. Мыр зы глаголщи, мы зи гугъу тщӏа къэхъукӏэр зи къэхъукӏэу ″мэ″р и макъ мыхьэнэкӏэрэ кӏэух зыхуэхъуу зэпкъырыувэ псалъэр мащӏэкъым.

″Мэ″р ″пэ″м къыщӏихьэ ″мэ″уэ зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэтым нэмыщӏ, ″мэ″р щхьэжу бзэм ″гъэлъэгъуэныгъэ, етыныгъэ, гурыӏуэгъуэ щӏыныгъэ″м теухуауи зэрыхэлэжьыхьыр гурыӏуэгъуэщ (мэ!). Бзэ мыхьэнэуэ мы игъэзащӏэм хуэдэу лъытапхъэщ ар макърэ псалъэ кӏэух щыхъукӏэ, и макъ мыхьэнэкӏэрэ абы бзэм хигъэзэщӏыхьри, ″мэ″р зы макърэ псалъэм кӏэух щыхуэхъум деж, а макърэ псалъэ мыхьэнэр къэгъэлъэгъуэнрэ хъуныгъэм хуигъэкӏуэнкӏэрэ егъэлажьэри, а псалъэм

къытехъукIыу псэлъэщIэхэри утыку къохьэр. Мыпхуэдэщ мы псалъэр зэрыухуэр: «Iэрамэ, хъуомэ, хъурамэ, Хьэрэмэ».

Мы и гугъу тщIахэр къызэрыхъу щIыкIэм хуэдэу ″мэ″р макъ мыхьэнэкIэрэ кIэух хъууэ утыку къихьэ псалъэхэм щыщщ мыхэри: «сымэ, самэ, гуимэ, дамэ, тIумэ, хьэмэ, хьэмэрэ, хамэ, бамэ, бдзумэ, тхьэкIумэ, тхьэкIумэрылъ – тхьэкIурмылъ».

Мы щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, ″мэ″р и макъ мыхьэнэкIэрэ макъхэми псалъэхэми кIэух язэрыхуэхъукIэрэ псэлъэщIэхэр утыку къохьэфыр. ″Мэ″р и макъ мыхьэнэкIэрэ кIэух щыхъукIэ утыку къихьэ псалъэм и мыхьэнэр ″мэ″р кIэух зыхуэхъу макърэ псалъэм и мыхьэнэм зэрелъытари гурыIуэгъуэнщ. Ар зы псалъэм кIэух щыхуэхъум деж, а псалъэм и къалэнрэ и мыхьэнэр зыхущIэкъу е а псалъэ мыхьэнэкIэрэ гъэзащIэ IуэхугъуэкъизыIуэ псалъэщ утыку къихьэр. ″Мэ″ макъ мыхьэнэр псалъэхэм кIэух зэрыхуэхъукIэрэ утыку къихьэ псэлъэщIэхэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «пэ → пэмэн, гу → гуимэ, тIу → тIумэ, бдзы → бдзумэ, Iэмэпсымэ (Iэ-мэ, псы-мэ)».

Мы псалъэхэм щыщ гуэрхэм я зэпкъырыувэкIэм и гугъу тщIынщи, мы зи гугъу зэрытщIакIэрэ ″мэ″ макъ мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым нэхъри щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зы псалъэм макъ мыхьэнэ къыкIэлъыкIуэрэ ″мэ″р кIэух хуэхъужу къэхъу псалъэи яхэтщ ипщэкIэ къэта щапхъэхэми, мыпхуэдэщ ″тхьэкIумэ″ псалъэр къызэрыхъуар: «″тхьэ, кIу-мэ″ → тхьэкIумэ». ″Тхьэ″ псалъэм щхьэж зы бзэ мыхьэнэ зимыIэ ″кIу″р къыкIэлъыкIуэрэ, абыи ″мэ″р и макъ мыхьэнэкIэрэ кIэух хуэхъужу утыку къихьэ ″кIумэ″р ″кIу″ макъ мыхьэнэм хъуныгъэ зэригъуэтращи, ″кIумэ″рэ мы зэкIуныгъэр зытеухуар ар зи кIэух ″тхьэ″ псалъэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ: тхьэм екIун лъэкIыныгъэ зыгъэзащIэрэ тхьэм екIун лъэкIыныгъэм теухуэращ ″тхьэкIумэ″р. ТхьэкIумэм илъращ ″тхьэкIумэрылъ″ым къиIуатэри, ар ″тхьэкIурмылъ {тхьэ-кIур-мы(мэ-ы)-лъ(лъэ-ы)}″уи зэрызэпкъырыувэфыр ипщэкIэ къэIуэта бзэ лэжьэкIэм гурыIуэгъуэ къытхуещIыр.

″Iэ″м хуэфIрэ сытым щыгъуи зехьапхъэу щыт гуэрхэмрэ (Iэ-мэ), IуэхущIэнкIэ куэдыщэм пыщIэныгъэрэ (п) нэсыныгъэ (с) зыхуиIэхэр (псы-мэ) зэрыщытрэ зэуэ къиIуэн мыхьэнэ игъэзащIэу къэхъуа зы псалъэу лъытапхъэщ ″Iэмэпсымэ″ фIэщыгъэцIэр.

Гум, гум и гущIыIум, гущхьэм тещIыхьыныгъэращ ″гуимэ″ псалъэм гурыIуэгъуэ ищIыр. ″Гу″р лъабжьэ зыхуэхъуарэ ″гу″м тещIыхьращ ″гуимэ″ жыхуаIэр зытеухуари, псалъэр зэрызэпкъырыува щIыкIэри мыпхуэдэщ (гу-и-мэ): ″гу″р лъабжьэу абы тещIыхьынрэ теджыхьын щIыпIэр ″и″ращ къизыIуэри, мыпхуэдэу ″гу″м тещIыхьыныгъэкIэ утыку къихьэр ″мэ″ макъ кIэухкIэрэ мэухухуэр.

Бжыгъэцlэу щыт ″тIу″ псалъэм ″мэ″ макъ мыхьэнэ къыщыпыхьэкIэ ″тIумэ″щ зэпкъырыувэри, ар лъэныкъуитIрэ лIэужьыгъуитI зыхэлъу

утыку къихьэращ зытеухуар. Зы макъыбзэщ адыгэбзэри, абы и макъхэр фlырыфlкlэ зэхъуэкlынкъым, ауэ ″тlумэ″ псалъэр нобэм ″тумэ″ущ къызэрысари, абы и зэхъуэкlыныгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуа гуэр щыlауэ щытагъэнщ (Беслэн Пщlапщlэ - Андемыркъан).

Бжыгъэцlэу тlум къытехъукl ″тlумэ″мрэ, гум тещlыхьыныгъэу къэхъур къизыlуэ ″гуимэ″ псалъэхэм я къэхъукlэм теухуауэ лъытапхъэщ илъабжьэкlэ бжыгъэцlэхэр зэрилъабжьэкlэрэ къэхъуа псалъэхэр. Бжыгъэцlэхэм къытехъукlыу абыхэм теухуа геометрие формэ къизыlуэ псалъэхэр зэрыухуэр ″тlумэ″ псалъэм нэхърэ ″гуимэ″ псалъэр зэрыухуэм езэгъыущи, ″гу″м тещlыхьыр –теджыкlыхьыр- (и) къызэрыгъэлъагъуэм (мэ) хуэдэщ (гу-и-мэ), геометрие формэр къэзыlуатэ псалъэр зэрыухуар; икlи ″гуимэ″ псалъэр къызтехъукlари геометрие формэу зи гугъу тщlыхэр къызэрыlуатэм теухуауэ къэхъуа псалъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Аращи, зы геометрие формэр къызэрыlуатэ псалъэр зэрыухуэ щlыкlэр а формэр зытеухуа бжыгъэкlэрэ (плlы) зэрыджущ (и); апхуэдиз (плlы) лъэныкъуэ зиlэу джырэ абзсисыгъэ (и) зиlэу утыку къихьэращ геометрие формэр (плlимэ) къызэрыlуатэ псалъэр зэрызэпкъырыувэ щlыкlэр: «плlы-и-мэ → плlимэ». ″Тlу″р зы геометрие формэу зэрыщымытыр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу зэрымыджынурэ къызэрымыlуэтэнур гурыlуэгъуэщ: геометрие формэ лъабжьэр ″щы″щи, ″тlу″м зы геометрие формэ къытехъукlкъым. Аращи, щым деж къыщlидзэу дэтхэнэ зы бжыгъэм мыпхуэдэ псалъэхэр къытехъукlыфынщи, бжыгъэмрэ зэбгъузэнатlэгъэм кlэ щигъуэт хъуреим нэгъунэ макlуэр. Мыбдежым пщlым нэгъунэр щапхъэу къэтхьынщ: «щимэ, плlимэ, тхуимэ, химэ, блимэ, иймэ, бгъуимэ, пщlимэ».

″Мэ″р макъ мыхьэнэуэ нэгъуэщl макъ мыхьэнэхэм кlэух зэрыхуэхъукlэрэ утыку къихьэ псалъэхэри щыlэщи, ипщэкlэ къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэри мыпхуэдэщ. Къэгъэлъэгъуэныгъэ мыхьэнэ зиlэу кlэухыу макъхэм хэт ″мэ″кlэрэ ухуэ псалъэхэм теухуащ мыхэр: «сымэ, самэ, дамэ, хьэмэ, хьэмэрэ, хамэ».

Мыбыхэм щыщу, ″хьэмэ″ псалъэр цlыхуми къэкlыгъэ лlэужьыгъуэми теухуа псалъэщи, мы мыхьэнитlри псалъэм макъ мыхьэнэкlэрэ ″мэ″р кlэух зэрыхуэхъукlэрэщ зэрызэпкъырыувар. Цlыхум къигъэкl мэш лlэужьыгъуэ ″хьэ″р зэрызэхуэхьэсам теухуа мыхьэнэ зиlэращ ″хьэмэ″р, икlи цlыхум езым и япэрейрэ къызтехъукlа цlыху пэлъытэр (хьэ) мыхъуныгъэу зэрилъытэкlэрэ къэхъуауэ зы псалъэщ ″хьэмэ, хьэмэрэ″ псалъэхэр.

″Сымэ, хамэ″ псалъэхэр макъ мыхьэнэ защlэкlэрэ къэхъуа псалъэхэрщ. Зэхэтыкlэ зиlэ псэущхьэ лlэужьыгъуэу щыт цlыхум и зы гупыр зэхуэсыныгъэкlэ (с) зэрилъытэр (мэ) ″сымэ″ущ: «Пlытlэ сымэ».

Зэхэтыкlэ зиlэ цlыхур къызхэхъухьаращ ар зыщыщрэ зыхэтыпхъэри, мыпхуэдэу щымытрэ зыщымыщым хэмытыр, къызхэхъухьам хэмытыжрэ

зыхэтыр зыхэтыпхъэу щымытыр, мы зыхэтым елъытауэ ″хамэ″щ. Зыхуэхамэм дежкlэ, ″хамэ″р ауэ къызэрыкlуэ зы гупрэ зы цlыху куэдагъщи (хэ), ар кlуэ пэтрэ узыхэт гуп зэрыхъупхъэращ ″мэ″ кlэухым игъэзащlэ къалэныр. Аращи, ″хамэ″р дэ зы зэхэтыкlэрэ зы блэгъагъэ зэдызхуиlэм щымыщрэ нэгъуэщl зы зэхэтыкlэ зиlэ цlыху гупрэ лъэпкъым щыщращ. Зи лlэужьыгъуэ нахуэрэ зэлъэпкъэгъу цlыхухэр ″хэ″ кlэухкlэрэщ зэрылъытэри, хэтыкlэ зиlэ цlыхур зыхэтыр зыхэтын хуейрэ и лъэпкъэгъухэрауэ щымытмэ, ар ауэ къызэрыкlуэрэ дэтхэнэ зы цlыху гупращ зыхэтри, а зыхэтыр зы куэдагъэу ″хэ″уэ зэрылъытэкlэрэ, иджы зыщыхэлъагъуэ мы гупыр кlуэ пэтрэ зыхэтыпхъэ зэрыхъуфынур ″мэ″ кlэухкlэрэ мэгъэзащlэри, мыпхуэдэу зэпкъырыувэ ″хамэ″ псалъэр мы хэтыкlеир къызэрыlуатэ псалъэрщ.

″Мэ″р кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэ мыхьэнэр мэгъэлъагъуэри, мыр ″м″ макъым и къэхъукlэм зэрезэгъкlэрэ сытри гурыlуэгъуэ зэрищlым къыкlэлъыкlуэ мыхьэнэуэ лъытапхъэщ. Ауэ ″м″ макъыр бзэм кlэухыу зэрыхэлэжьыхьым нэмыщl, и макъ мыхьэнэкlэрэ макърэ псалъэхэм къыпыхьэу зэрыхэлэжьыхьри гурыlуэгъуэщи, мы лэжьэкlэр ар кlэухыу бзэм зэрыхэлэжьыхьым къыкlэлъыкlуэу къэхъуа лэжьэкlэу жыlэпхъэщ. ″М″ыр кlэух щыхъум деж, кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэ мыхьэнэм хигъэплъэнрэ гулъытэ хуэщlын мыхьэнэщ игъэзащlэри, ар псалъэм ищхьэм къыщыпыхьэкlэ а псалъэр езыр езырурэ утыку къызэригъэрэ зэрыгъэзащlэр къигъэлъэгъуэныр зи гугъу тщla ″м″ макъ мыхьэнэм зэрезэгъынур гурыlуэгъуэнщ. ″М″ макъ мыхьэнэм гурыlуэгъуэ къытхуищlыр дэтхэнэ къэхъу-къэщlыр езыр езырурэ утыку къызэрихьэрэ ди lэ имылърэ ди lуэху хэмылъу къызэрыхъурауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Мыбы зэрезэгъщи, зы макърэ псалъэм и мыхьэнэр спонтанэрэ езыр езырурэ къызэрыхъур къызэрыlуэфыну щlыкlэри макърэ псалъэм ищхьэм къыпыхьэ ″мэ″кlэрэ къэlуэтэнщ: гурыlуэгъуэрэ (м) щыlэгъуэ (зэманыгъуэ) игъуэтащи (мэ), зыгуэр къохъу (къэхъу-къэщl). Нытlэ, зы псалъэрэ макъым ищхьэм ″мэ″ къыпыхьэмэ, а псалъэрэ макъым и мыхьэнэр утыку къызэрихьэращ къэlуатэр. Макъ мыхьэнэкlэрэ зыкъэзыгъэлъагъуэ ″мэ″м къыкlэлъыкlуэр зы бзэ мыхьэнэ (псалъэ) е макъ мыхьэнэуэ щырет, ухуэр а псалъэ мыхьэнэр – е а макъ мыхьэнэр - зэрыщыту езыр зэрыхъурэ къызэрыхъу-къызэрыщlращ. Мыпхуэдэщ мы псалъэхэр къызэрыхъуа щlыкlэри, псалъэ гуэрхэр къызэрыlуэтапхъэри тхыхьым дэту къэттынщ: «мэlу, мацlэ, мэз, мазэ (езыр езырурэ зыгъазэ), мэгъэ (″дызхэт гъэ″щи, блэмыкlарщ, и щlыбкlэ мылъытапхъэщ, мыбы папщlэ ″магъэ″къым) – мыгъэ (″мы гъэ″: ″мэгъэ″р гурыlуэгъуэ къазэрыхуэмыхъум папщlэ нобэ ди бзэщlэныгъэлlхэм ″мыгъэ″ хъун хуейуэ ялъытащ), мэгъу (къэхъуныгъэрэ щыlэ хъунум гъуэ хуэхъуныгъэ лъабжьэ хъуныгъэ), мажьэ (увыlэгъуэ имыlэу езыр езырурэ лажьэ), матэ (тетыпlэ хъур), мащэ, мащlэ (езыр езырурэ къэхъу-къэщlыр), мэш (езыр

езырурэ натуралу гъэм къыдитыгъэ, - гъэш), мэкъу, мэхын (гурыӏуэгъуэ къыхуэхъупӏэм спонтанэуэ ехын), махэ (ехыгъуэр зи кӏуапӏэу щыт), махуэ (езыр езырурэ хууэ щыт), мафӏэ (езыр езырурэ сырэ фӏы хъур), манэ».

Мы къэта псалъэхэр езыр езырурэ къыӏзэрыхъур гурыӏуэгъуэщи, зы сует ӏуэхугъуэ хэмылъу къэхъу-къэщӏхэрщ. Мыбы папщӏи, езыр езырурэ къэхъурэ утыку къихьэхэмрэ ещанэ суетым теухуахэр къыӏзэрыӏуатэ щӏыкӏэщ. Аращи, адыгэбзэм ещанэрей сует ӏуэхугъуэу къыӏзэрыӏуатэкӏэрэ зэпкъырыува псалъэхэри хыболъагъуэр. Мыпхуэдэщ Нарт лӏыхъужьу ди ӏуэрыӏуатэхэм хэт гуэрхэм я цӏэхэр къыӏзэрыхъуа щӏыкӏэр: уэзыр езыр езырурэ зэрысыр къыӏзэрыӏуатэ щӏыкӏэу щыт ″уэзыр мэс″ым къытехъукӏа ″Уэзырмэс″ри, уэзыр мыпхуэдэу зэрыскӏэрэ езыр езырурэ зэрыджыр къизыӏуэу щыт ″уэзыр мэдж″ым къытехъукӏа ″Уэзырмэдж″ри утыку къыӏзэрихьа щӏыкӏэр мыпхуэдэщ. Мыбыхэм нэмыщӏ, ″сын″ ӏуэхугъуэу щытыр къыӏзэрыӏуэтапхъэ ″сэ″ макъ мыхьэнэр ӏэнатӏэ пыухытыкӏа (гу) зэрыхъур (мэ) къизыӏуэ ″мэгу″кӏэрэ лажьэу утыку къихьа ″сэмэгу″ псалъэри къыӏзэрыхъуар мыпхуэдэщ. Мыпхуэдэщ ″тхьэгур гъуэ мэхъу″ жыхуиӏэу зэпкъырыува ″тхьэгурмагъуэ″ри утыку къыӏзэрихьар. Пыщапхъэщи, къэхъунур зылъагъуфу щыт ″мэгъу″м илъагъунур тхьэм и гум илъыр абы наӏуэ зэрыхуэхъур тхьэгур абы гъуэ щыхуэхъуращ.

Псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэ ″мэ″ макъ мыхьэнэм игъэзащӏэр гурыӏуэгъуэ хъуагъэнщи, мы игъэзащӏэ къалэныр ищхьэм къызпыхьа макъым хуигъэзащӏэу ″мэ″р псалъэм икум щыхэплъагъуи щыӏэнщ: «сымаджэ → сымаджэ; тхьэ-мадэ → тхьэмадэ». Ауэ ″м″ макъыр псалъэхэм зэрыхэтым щыгъуазэ дызэрыхуэхъуащи, ″мэ″р макърэ псалъэхэм ищхьэм къызэрыпыхьэм нэмыщӏ, мы къэта псалъэхэм ″м″ кӏэухым нэгъуэщӏ макъхэр къыкӏэлъыкӏуэу узэреджэфынури гурыӏуэгъуэнщ: «тхьэм-адэ, сым-джэ». Мыбыи къыщымынэу, зи гугъу тщӏы псалъэхэм и япэрей ӏыхьэм ″мэ″р макъ мыхьэнэкӏэ кӏэух хуэхъуи узэреджэфынур гулъытапхъэщ: «тхьэмэ-дэ → тхьэмадэ; сымэ-джэ → сымаджэ». Мы псалъэхэм хэт ″м, мэ″ макъхэм мы къэта еджэхэмкӏэ узэреджэфынур гурыӏуэгъуэщи, псалъэхэм я мыхьэнэр утыку къызэрихьэр дэтхэнэ зы еджэкӏэкӏи пэжу лъытапхъэщ.

″Мэ″р псалъэхэм ищхьэм къыщыпыхьэкӏэ утыку къихьэ мыхьэнэр натуралрэ езыр езырурэ къэхъуныгъэщи, ар езырыжу гъэзащӏэ глаголхэр ещэнэрей нэрыбгэм теухуауэ зэрылэжьэнур ″мэ″ макъ мыхьэнэкӏэрэ къежьэу зэрызэпкъырыувэнур гурыӏуэгъуэнщ. Глагол лэжьэкӏэхэм иужькӏэ дытепсэлъыхьынущ, ауэ ″мэ″р езыр езыру къэхъуныгъэрэ ″сэ″м и ӏуэху хэмылъу гъэзащӏэхэр къызэрыӏуатэ щӏыкӏэущ псалъэхэм ищхьэм къызэрыпыхьэри, мыпхуэдэу объективыгъэрэ ещанэ нэрыбгэмкӏэ гъэзащӏэр ″мэ″кӏэрэ щыгъэлъэгъуэну глаголхэри зэрыигъуэкӏэрэ ″езырыжу къэхъуныгъэ зиӏэ глагол″ гупым зэрытеухуар мыбдежым

къыхэгъэщыпхъэщ. Къэтхьынщ щапхъэхэр: «магъ, макlуэ, мэхъу, мэпсалъэ, мэлажьэ, мэпсэу, малlэ».

″М″ макъыр псэущхьэм зыгуэрыр гурыlуэгъуэ къызэрыхуэхъуа щlыкlэм теухуауэщ къызэрыхигъэlуклри, езы псэущхьэм иlэ имылърэ и lэдэкъэщlэкlыуи щымыту къэхъуа гуэрыр гулъытапхъэрэ гурыlуэгъуэ къызэрыхуэхъуращ ″м″ макъыр утыку къыщихьэр. Мы и къэхъуклэращ макъ мыхьэнэ зэримыlэкlэрэ ″м″ макъыр клэухыу бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. Мыпхуэдэу зыгуэрыр езыр езырурэ къызэрыхъу щlыкlэр а псэущхьэм езым къиlуэтэну щытмэ, мыри ″м″ макъкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ, ауэ апщыгъуэм ″м″ макъыр а къэхъуу щыту къэlуэтапхъэр къизыlуэ псалъэм ищхьэм къызрыпыхьэнури зэрыигъуэр гурыlуэгъуэщ. зы псалъэм ищхьэм къыщыпыхьэкlи, ″м″ макъым ″макъ мыхьэнэ″ зэриlэнур гурыlуэгъуэщ. Ар зы псалъэм ищхьэм къыщыпыхьэм деж, а псалъэр езыр езырурэ къызэрыхъурэ гъуэгу зэрытехьэу зэманыгъуэрэ щыlэгъуэ зэригъуэтыр ″м″ клуэтэгъуэу ″мэ″клэрэщ зэрыгъэзэщlапхъэри, къэхъу-къэщlыр гурыlуэгъуэ зыщl ″м″ыр езым ипэ зыри имытрэ зы псалъэм ищхьэм ″э″ къимыщтэу къыщыпыхьхэм деж, а псалъэр зытеухуа lуэхугъуэр къэмыхъуу аращ къэlуатэри, ищхьэм къызпыхьэ псалъэр ″мы″м мыхъуныгъэ мыхьэнэклэрэщ зэригъэлажьэр.

Езыр езырурэ къэхъур бзэр къэзыlуатэ ″сэ″м и lуэху зыхэмылъ е дэтхэнэ зы зэпыщlэныгъэ зыхуимыlэ зы lуэхущи, ар ″сэ″м дежкlэ объеткивыгъэ зиlэу зы lуэхурэ жыжьаплъэу гъэзащlэ lуэхуу, глагол лэжьэкlэу къызэрыlуэтэнур ещэнэрей нэрыбгэм теухуауэщ: «магъ, макlуэ, мэлажьэ, маплъэ, машхэ, мэпсэу, мэбампlэ».

Глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэм къыщымынэу, и къэхъуклэрэ и щыlэкlэр езыр езырурэ къызэрекlуэкlыр къыриlуэу ″мэ″ макъкlэрэ къежьэ псалъэхэри щыlэщ. Езыр езырурэ къэхъуныгъэу, глаголхэм я ещэнэрей нэрыбгэм теухуа лэжьэкlэхэмрэ, мыпхуэдэ къэхъуыкlэ зиlэу ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэхэр мыпхуэдэщ: «мэш, мэкъу, мэз, мазэ, мажьэ, малъхьэ».

Зыгуэрыр гурыlуэгъуэ зэрыхъуращ ″м″ макъым утыку къырилъхьэри, ар къэхъу-къэщlыу е мыхъуныгъэу зэрыщытыфынур гурыlуэгъуэнщ. И къэхъуклэм ипкъ иткlэ, ″м″ макъыр оргиналу къызэрыlуклэрэ (мы) къызпыхьэ макърэ псалъэм и мыхьэнэр мыхъуныгъэм зэрыхуэклуэм и гугъу тщlынщ. ″Мы″р псэлъэкум иту мы и къалэныр гурыlуэгъуащэ щымыхъу щыlэщи, илъабжьэкlэ къэта псалъэхэм ″мы″р зэрыхэт щlыкlэр клэух ″м″ыр къэlун папщlэрэ мыхъуныгъэ къалэну зэрыщытыр зэхэхыгъуафlэкъым: «гъуэмылэ (гъуэм-лэ, гъуэ-мылэ), хуэмыху (хуэм-ху, хуэ-мыху), лъэмыж (лъэм-жы, лъэ-мыж), щхьэмыж (щхьэм-жы, щхьэ-мыж)».

Мыпхуэдэу зэхэгъэкlыгъуейуэ щымытрэ псэлъэкум ″мы″уэ хэплъагъуэ щхьэ, ″м″ клэухкlэ зэпкъырыува зы псалъэр къыклэлъыклуэ

макърэ псалъэм ″ы″кlэрэ зэрыпыщэкlэрэ зэпкъырыува псалъэхэри щыlэщи, мыпхуэдэхэм хэту плъагъу ″мы″м мыхъуныгъэ зэрыхимыгъэзащlэр гулъытапхъэщ: «уэмыщэ (уэм-щэ); гъумыщlэ (гъум-щlэ), гъумыlуэ (гъум-lуэ), гъумыщэ (гъум-щэ); хуэмыщэ (хуэм-щэ)».

Псэлъэкум хиубыдэ ″мы″ макъым мыхъуныгъэ мыхьэнэ зэриlэр нэхъ гурыlуэгъуэ къыпхуэхъу ухуэ псалъэхэри щыlэщ: «″lэ″р ущlыным (lэущl) и пхэнджщ ″lэмыщl″ыр → lэмыщl (lэ-мыщl); lэмыщlэ (lэ-мыщlэ)».

Мы щапхъэхэр зэрыухуа щlыкlэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, ″lэштlым, lэщтlым″у бзэм хэт псалъэри ″lэ щlын″ым къытехъукlауэ зэрыщытым узэрыхуэкlуэр гурыlуэгъуэнщ: «″lэ-щlы(н)-тlы-м″ → lэщlтlым».

Псэлъэкум хиубыдэми, зищхьэ къызпыхьэ макърэ псалъэм ″мы″ макъым мыхъуныгъэ зэрхуигъэзащlэр гурыlуэгъущ. Ауэ, мыхъуныгъэ игъэзащlэми, псалъэм хэт макъхэм я къэlукlэм елъытауэ ″ы″ншэу къыщыlуу узрихьэлlэхэри щыlэщ. Мыпхуэдэщ ″бэмплэн (бэ-мыплэн), бампlэ (бэ-мыплэ)″ псалъэхэр; ″гумызагъэ″ псалъэри ″гумзагъэ″у къыщыраlур нэхъыбэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. ″Мы″уэ щытрэ псалъэхэм ″м″ыуэ къыхэlукlыу хэтхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «гумызагъэ → гумзагъэ; бэмыплэн → бэмплэн; бэмыплэ → бампlэ; емызэгъ → емзэгъ».

Зищхьэ къызпыхьэ макърэ псалъэр мыхъуныгъэкlэ игъэлажьэу ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэхэщ мыхэри, ахэр утыку къызэрихьэрэ зэрыухуэр наlуэщ: «фlамыщl, мызэ-мытlэ (зэкъым тlэукъым), тхьэмыщlкlэ (тхьэ-мыщl-кlэ: тхьэм имыщlкlэ), бзэмыlу, бжэмышх».

*″**М**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

″М″ макъыр япэрей макъыу къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ сытри къэзыгъэлъагъуэ макъщи, мыпхуэдэ къалэнкlэрэ дэтхэнэ зы псалъэм суффикс зэрыхуэхъуфынур гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ къалэн зэригъэзащlэ щапхъэхэр ди ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «lэм, уэм, lум, lуэм, сэм, цlэм, цым, зым, дзэм, гъэм, гъуэм, гэм, гум, дэм, тlым, жьэм, щым, щэм, щlым, щlэм, шым, шэм, чым, чэм, кум, кlым, кlэм, къум, къуэм, кхъэм, кхъуэм, хъым, хъум, хым, хум, хьэм, лъэм, лым, лlым, пэм, пlэм, бэм, фэм, фlым, вым, мэм, нэм».

Къызкlэлъыкlуэ псалъэр къэзыгъэлъагъуэрэ къыпыщэнум зэзыгъажьэу суффикс къалэн зыгъэзащlэ ″м″ макъыр глагол лэжьэкlэрэ глаголыпкъхэми къызэрыпыхьэфынур гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу ″м″ макъыр глыголыпкъым къыщыпыхьэм деж, а глаголыр зытеухуа lуэхур зыгъэзащlэрэ зэрыгъэзащlэм гулъытэ хуэщlынрэ къыпыщэнум езыгъэжьэн мыхьэнэкlэрэ егъэлажьэр. Мыпхуэдэ щапхъэхэри ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «им, ум, уэм, lум, lуэм, сым, зым, дзым, гъым, гъум, джым, джэм, дым, дэм, тым, тlым, тlэм, жым, жэм, жьым,

жьэм, щым, щэм, щlым, щlэм, шэм, чым, чэм, кlым, кlуэм, хъум, хьым, лъэм, лэм, лlэм, пlым, фым, вым, вэм».

″М″ыр суффикс зыхуэхъу псалъэр гъэлъагъуэу гулъытапхъэ мэхъури, къыпыщэну гурым хуэкlуэныгъэу мэгъэпсыр. Кlэух зыхуэхъуа псалъэм гулъытэ хуезыгъэщl ″м″ым ″э″ къыпыхьэжу кlуэтэгъуэ щигъуэтым деж, абы къыпыщэну гурым уригъэжьэн нэхърэ, мы гулъытэ зэрыхуэщlа псалъэм и мыхьэнэм езыр къэхъупхъэ (!) ещlыр. Мыпхэдэу езым и мыхьэнэр къэхъупхъэу щегъэлъагъуэм деж, икlи мыр гурыщхъуэи къэзыгъэщl lуэхугъуэу зэрыщытым къызэрыгуэкlкlэ зы упщlэ (?) мэухуэфыр. Мыпхуэдэ лэжьэкlэри ″мэ″м дэтхэнэ зы псалъэм суффикс зэрыхуэхъуфкlэрэ зэрыгъэзащlэр гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мыпхуэдэ щахзпъэхэр япэу ди ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «lэмэ(!,?), уэмэ(!,?), lумэ(!,?), lуэмэ(!,?), сэмэ, цlэмэ, цымэ(!,?), зымэ(!,?), дзэмэ(!,?), гъэмэ(!,?), гъуэмэ(!,?), гэмэ(!,?), гумэ(!,?), дэмэ(!,?), тlымэ(!,?), жьэмэ(!,?), щымэ(!,?), щэмэ(!,?), щlымэ(!,?), щlэмэ(!,?), шымэ(!,?), шэмэ(!,?), чымэ(!,?), чэмэ(!,?), кумэ(!,?), кlымэ(!,?), кlэмэ(!,?), къумэ(!,?), къуэмэ(!,?), кхъэмэ(!,?), кхъуэмэ(!,?), хъымэ(!,?), хъумэ(!,?), хымэ(!,?), хумэ(!,?), хьэмэ(!,?), лъэмэ(!,?), лымэ(!,?), лlымэ(!,?), пэмэ(!,?), пlэмэ(!,?), бэмэ(!,?), фэмэ(!,?), фlымэ(!,?), вымэ(!,?), мэмэ(!,?), нэмэ(!,?)»

Мыпхуэдэ лэжьэкlэкlэ ″мэ″р глагол лэжьэкlэрэ глаголыпкъхэми суффикс зэрыхуэхъуфынур гурыlуэгъуэщи, а глаголыр зытеухуа lуэхугъуэр зыгъэзащlапхъэрэ зэрыгъэзащlапхъэмрэ (!) мыпхуэдэ упщlэ (?) мэухуэр. Мыпхуэдэ лэжьэкlэ щапхъэхэри ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ илъабжьэкlэ къэгъэлъэгъуащи, lуэху лlэужьыгъуэ глаголхэр екlуэлlэныгъэрэ хуэкlуэныгъэкlэрэ зэрыгъэзащlэм папщlэ, ″и, е″ префикс къащтэри, мыпхуэдэу ухуэжхэри ″*″ нэгъыщэкlэ къэгъэлъэгъуащ: «имэ(!,?) – иимэ(!,?)*, умэ(!,?), уэмэ(!,?) – еуэмэ(!,?)*, lумэ(!,?), lуэмэ(!,?) - иlуэмэ(!,?)*, сымэ(!,?), зымэ(!,?) - измэ(!,?)*, дзымэ(!,?) - идзмэ(!,?)*, гъымэ(!,?), гъумэ(!,?), джымэ(!,?), джэмэ(!,?), дымэ(!,?), дэмэ(!,?), тымэ(!,?) - итмэ(!,?)*, тlымэ(!,?) - итlмэ(!,?)*, тlэмэ(!,?), жымэ(!,?), жэмэ(!,?), жьымэ(!,?) - ижьмэ(!,?)*, жьэмэ(!,?), щымэ(!,?) – ищмэ(!,?)*, щэмэ(!,?) – ищэмэ(!,?)*, щlымэ(!,?) – ищlмэ(!?)*, щlэмэ(!,?) – ищlэмэ(!,?)*, шэмэ(!,?) – ишэмэ(!,?)*, чымэ(!,?) – ичмэ(!,?)*, чэмэ(!,?), кlымэ(!,?), кlуэмэ(!,?), хъумэ(!,?), хьымэ(!,?) - ихьмэ(!,?)*, лъэмэ(!,?), лэмэ(!,?), лlэмэ(!,?), пlымэ(!,?) – ипlмэ(!,?)*, фымэ(!,?), вымэ(!,?) - ивмэ(!,?)*, вэмэ(!,?)».

Псэущхьэм гулъытэ къыхуэхъу дэтхэнэ гуэрыр гурыlуэгъуэ зыщl макъщ ″м″ макъри, мы къэхъурэ утыку къихьэр къызэрыгъэлъагъуэу щхьэж къызэрыlуатэ зы псалъэу бзэм зэрыхэхьари ″мэ″уэщ. Мыпхуэдэ мыхьэнэ зэриlэкlэрэ бзэм зы ″макъ псалъэ″у хэхьа ″мэ″р и макъ мыхьэнэкlэрэ макърэ псалъэхэм ищхьэм къыщыпыхьэу езыр езырурэ гъэзащlэу утыку къихьэныгъэ зиlэхэр къызэрыlуатэу псэлъэщlэхэр

мэухуэри, мыпхуэдэ щапхъэхэр ипэкlэ къэгъэлъэгъуащ. ″Мэ″р глагол лэжьэкlэхэм ищхьэм къыщыпыхьэм дежи, а глаголыр зытеухуа lуэхугъуэр езыр езырурэ къызэрыхъурэ зэрылажьэр къызэрыlуэтэнур гурыlуэгъуэнщ. Зы глагол лэжьэкlэр ″мэ″ префикскlэрэ щыухуэм щыгъуэ, а lуэхугъуэр ″сэ″м дежкlэ езыр езырурэ къэхъурэ ещанэ нэрыбгэм теухуауэ гъэзащlэу къэlуатэ зы псалъэу зэрыухуэнури гурыlуэгъуэнщ. Араща, ″мэ″р префиксу къызпыхьэ глагол лэжьэкlэхэр ещанэ нэрыбгэм игъэзащlэрэ езыр езырурэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэр къызэрыlуатэу мэухуэри, мыпхуэдэ щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ. Мыпхуэдэу къэlуэтапхъэ глаголхэри езыр езырурэ гъэзащlэ къэхъуныгъэхэр зытеухуа глаголхэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ, ауэ зы lуэху лlэужьыгъуэми, дэтхэнэ зы глагол лэжьэкlэр мыпхуэдэу къызэрыlуэтэфынури гурыlуэгъуэщи, зы ″lуэху глагол″ лlэужьыгъуэу ″мэ″кlэрэ къэlуатэхэр ″*″ нэгъыщэкlэ къыхэдгъэщынщ. Араща, дэтхэнэ зы глаголыр ″мэ″ префикскlэрэ къызэрыlуатэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «мэй*, мэу, мэlу, маlуэ, мэс, мэз*, мэдз*, магъ, мэгъу, мэдж*, маджэ, мэд*, мадэ, мэт*, мэтl*, матlэ, мэч*, мачэ, мэкl, макlуэ, мэхъу, мэху*, мэхь*, малъэ, малэ*, малlэ, мэпl*, мэф, мэв*, мавэ».

Къэхъур ди lуэху хэмылъу езыр езырурэ къызэрыхъур ит зэманыгъуэкlэ къэзыгъэлъагъуэ ″мэ″ макъыр префикс зыхуэхъуу ухуэ глагол лэжьэкlэщ мыхэр. Ауэ зэрыгурыlуэгъуэу, къэхъур зэрылъытапхъэм хуэдэжу, къэмыхъури зылъытапхъэ макъщ ″м″ыри, ар ″мы″уэ дэтхэнэ зы псалъэм ищхьэм къыщыпыхьэм деж, а псалъэр хъукъым. Мыпхуэдэ лэжьэкlэр дэтхэнэ зы псалъэм теухуа лежьэкlэщи, ди ″макъ псалъэрэ глагол″хэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «мыlэ, мыlу, мыlуэ, мысэ, мыщlэ, мыщ, мыз, мыдзэ, мыгъуэ, мыгу, мыдэ, мыжьэ, мыщ, мыщl, мыш, мышэ, мыч, мычэ, мыкl, мыкlэ, мыкъу, мыкъуэ, мыкхъэ, мыкхъуэ, мыхъ, мыхъу, мых, мыху, мыхьэ, мылъ, мылъэ, мыл, мылl, мыпэ, мыплэ, мыбэ, мыфэ, мыфl, мыв, мымэ, мынэ»; «мыин, мыун, мыуэн, мыlун, мыlуэн, мысын, мысэн, сызын, сыдзын, мыгъын, мыгъун, мыджын, мыджэн, мыдын, мыдэн, мытын, мытlын, мытlэн, мыжын, мыжэн, мыжьын, мыжьэн, мыщын, мыщэн, мыщlын, мыщlэн, мышэн, мычын, мычэн».

**″Н″ макъыр.**

*″**Н**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″хэр.*

″М″ макъым хуэдэу пэщхъынэ макъыу щыт ″н″ыр ″м″ макъым къыкlэлъыкlуэу къызэрыхъуар гулъытапхъэщи, ар пэщхъынэ макъыу утыку къызэрихьар ″м″ыкlэрэ псэущхьэм илъытахэм теухуауэ щlэн хуейр къызэрежьэрэ хьэрычэт гугъэр къызэрыхуэхъум теухуауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. Мы гугъэм теухуауэ тлъытэ ″н″ макъыр къыщыхъуа дыдэм ″м″ым щхьэщыкlыныгъэшхуэ зэримыlэри гулъытапхъэщи,

пэщхъынэ макъыр хуиту къыригъэкIыу щIидза нэужьу къыщIэкIынщ ″м″ымрэ ″н″ макъ къэIукIэр зэхэхугъуэ щыхъуар. Аращи, ″м″ым къытехъукIами, ″м″ыр наIуэ зэрыхъуамрэ ″н″ыр наIуэ зэрыхъуам и зэхуакум зэманыгъуэу мащIэ дэлъу къыщIэкIынкъым. ИкIи, ″м″ым къыкIэлъыкIуэу къэхъуа етIуанэ макъыу ″н″ыр щытлъытэм деж, мыбы къикIкъым ″н″ым ипэ къихуэу псэущхьэм нэгъуэщI макъ къызхимыгъэIукIауэ. ″Хь, хы″ макъхэр мыпхуэдэу лъытапхъэщ. Ауэ зэщхьэщымыкIарэ наIуэ мыхъуами, ″м″ым и къэхъуныгъэм ″н″ макъыр потанциалу хэлъщи, етIуанэрей макъыу зэрылъытапхъэр мыращ. Аращи, псэущхьэм гурыIуэгъуэ къыхуэхъуам (м) теухуа щIапхъэхэр ар къызэрыгурыIуам натуралу хэлъжынщи, ″н″ыр зытеухуари мы щIапхъэ гугъэращ; мыри мы макъитIым (м, н) я къэхъуныгъэмрэ, я къалэнрэ я мыхьэнэр зэрызэпыщIам къызэрыхэщыр гулъытапхъэщ.

″М″ым дэщIыгъуу къэIурэ, ″м″ыр къэIункIэрэ щхьэпэ зэрыхъум ипкъ зэриткIэ утыку къихьа ″ы″ макъыр и къэхъуныгъэрэ игъэзащIэ къалэнкIэ ″м″ макъым зэрыпэплъытэн хуейм хуэдэу, ″м″ым къыкIэлъыкIуэу къэхъуауэ лъытапхъэ ″н″ макъыр ″ы″м къыкIэлъыкIуэ ″э″ макъым пэплъытэ къэхъуныгъэ зиIэу лъытапхъэщ.

″М″ым къыкIэлъыкIуэрэ и къэхъупIэгъуу утыку къихьэ ″н″ макъыр макъ щэху къэхъуныгъэу етIуанэрей макъыу лъытапхъэщи, ари ″м″ым хуэдэу къыщыхъуа дыдэм макъ мыхьэнэ зымыгъуэта макъыу лъытапхъэщ. Ауэ ар псэущхьэм макъ мыхьэнэншэ пэлъытэу зэрызырихьам куэд икIуагъэнкъым; макъ мыхьэнэуэ зэрихьэу щIидза нэужьи, мы и макъ мыхьэнэкIэ бзэм макърэ псалъэхэм ищхьэ къыпыхьэу хэлэжьыхьу щIидзагъэнщ (ныджэ, нывэ, нэхъ). Ар бзэм и макъ мыхьэнэкIэрэ хэлэжьыхьу щIидза нэужь, къежьапIэрэ къыхэхъупIэ мыхьэнэкIэрэ ″н″ыр бзэм хэхьэу ″макъ псалъэ″ зэрыхэхъухьам зэманыгъуэуи куэдыщэ икIуагъэнкъыми, нобэ ″ан, анэ, ныуэ, нанэ″ хуэдэ псалъэр ″макъ псалъэ″хэу ″**ны**, **нэ**″уи адыгэбзэм зэрыхэтым и къежьапIэр мыбдежрауэ жыIэпхъэщ. Зэрыгурыуэгъуэу, псалъэм ищхьэм щыплъагъуэ ″а″ макъым игъэзащIэ зы къалэнри къыкIэлъыкIуэм блэкIа зэрыриIэр къэгъэлъэгъуэнращи, ″ны, нэ″м ищхьэм къыпыхьэ ″а″м игъэзащIэри къежьапIэрэ къыхэхъукIыныгъэкIэрэ зытеухуам и блэкIар зэрылъытэущ: ″а″м игъэзащIэр къыщIэхъуэ быным елъытауэ ″анэ″р зэрылъытапхъэращ.

″Анэ″ мыхьэнэкIэрэ ″макъ псалъэ″у бзэм ″ны, нэ″уэ зэрыхэхьа зэманыгъуэм кIуэд имыкIуэуи, мы макъ мыхьэнэкIэрэ ″н″ макъыр бзэм аргуэру зы ″макъ псалъэ″у щыт ″нэ″р зы IэпкълъэпкъыщIэу хэхьэжауэ жыIэпхъэщ.

Зэхуэдэ макъ мыхьэнэщ ″анэ (ны, нэ)″мрэ IэпкълъэпкъыщIэу ″нэ″ псалъэхэр къызтехъукIри, мыхэр макъ мыхьэнэкIэрэ псэущхьэм зэрихьэу хроникэ зэрыхъум къытехъукIыу утыку къихьа ″макъ псалъэ″хэр. Мы макъ мыхьэнэрэ макъ псалъэхэр гурыIуэгъуэ къызэрыхъу щIыкIэу

″ресурс″ мыхьэнэкlэрэ ″нэ″р аргуэру макъ мыхьэнэкlэрэ ″гуэр, лlэужьыгъуэ″ къыриlуэу псалъэхэм кlэух хуэхъуу адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьри гурыlуэгъуэщ.

*″Н″ макъым къытехъукla* ***″макъ псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукlыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

″Н″ макъым къытехъукla ***″макъ псалъэ″р къыпыхьэ макъхэмкlэ*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьу* ***ухуэж псалъэхэм*** теухуа щапхъэхэу лъытапхъэщ мыхэр: «нэшхуэ, нэгу, напэ, нэху, нащхьэ, накlэ, нэцlакlэ, нэцlэн, напlэзыплэ, набдзэ, нэбжьыщ».

***″Нэ″*** *макъ псалъэм къыпыхьэ нэгъуэщl псалъэхэмкlэ ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″***хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мы ипэкlэ къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэр ″н″ макъ мыхьэнэкlэрэ къежьэ псалъэу зэрыухуа щlыкlэу зэреджапхъэри гурыlугъуэщ, икlи мы псалъэхэм щыщ гуэрхэм ″псалъэ зэгуэт″уи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ: «″нэ, пэ″ → напэ; ″нэ, плэ″ → напlэ; ″напlэ, зыплэ″ → напlэзыплэ; ″нэ, ху(н)″ → нэху; ″нэ, цlакlэ″ → нэцlакlэ; ″нэ, бжьыц″ → нэбжьыц; ″нэ, бдзы → набдзэ (нэ-бдзы-э)».

Зы lэпкълъэпкъыщlэу бзэм хэт ″нэ″ макъ псалъэм къыпыхьэ псалъэхэмкlэ къытехъукlыж псалъэхэу щытрэ ″псалъэ зэгуэт″у еджапхъэр мащlэкъым: «″нэ, бгъуз (ибгъумкlэ гъэзауэ щыт)″ → нэбгъуз; ″нэ, кlэ″ → накlэ; ″нэ, щхьэ″ → нащхьэ; ″нэ, ку″ → нэку; ″нэ, пкъы″ → нэпкъ; нэ, псы″ → нэпс»; «″нэ, бгъэ″ → набгъэ, ″нэ, фы(н)″ → нэф»; «″нэ, гъуэ(жь)″ → нагъуэ; ″нэ, флыцlэ″ → нэфlыцlэ; ″нэ, щхъуэ″ → нащхъуэ; ″нэ, къуэлэн″ → нэ къуэлэн → нэкъуэлэн»; «″цlыху, нэ″ → цlыхунэ; ″мэл, нэ″ → мэлынэ; ″хьэ, нэ″ → хьэнэ»; «″гъын, нэ″ → гъыринэ (гъырей-нэ, гъыреинэ; гъырий-нэ)».

***″Н″*** *макъыр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″****.*

Сытри гулъытапхъэ зыщl ″м″ым къыкlэлъыкlуэу къэхъуа ″н″ макъым мы и къэхъукlэм ипкъ иткlэ, гулъытапхъэ хъуарэ утыку къихьам теухуауэ гъэзэщlапхъэр къэзыгъэлъагъуэ макъыу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэр нэхъ зыхуэигъуэ лэжьэкlэри кlэухыу зэрыщытынур гурыlуэгъуэнти, ″н″ макъыр кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэр лэжьэнкlэрэ зыгъэпс макъщ. Лэжьэнкlэ гъэпсауэ ухуэ псалъэр глагол инфинитиву гъэпсращи, ″н″ыр зи кlэухыр глагол инфинитиву мэгъэпсыр. Макъхэм я уэз щlыкlэрэ мыхьэнэм елъытащи, занщlэу глаголу ухуэхэр зэрыхэтыр гурыlуэгъуэщ. Глагол къалэн зыгъэзащlэ макърэ псалъэхэр инфинитиву зэрызэпкъырыувэм теухуа щапхъэхэр занщlэу глаголу ухуэ макъхэм теухуауэ къэтхьынщ: «ин, ун, уэн, lун, lуэн, сын, зын, дзын, гъын, гъун, джын, джэн, дын, дэн, тын, тlын, тlэн, жын, жэн, жьын, жьэн, щын, щэн, щlын, шэн, кlын, кlуэн, хъун, хун, хьын, лъэн, лэн, лlэн, плын, фын, вын, вэн».

Мыхэр ″макъ глагол″щ, ауэ икӏи мы глаголхэр зэрыгъэзэщӏэпхъэри къызэрыӏуатэу глагол формэкӏэ ухуа псалъэхэуи зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэщ. Аращи, мы глаголхэр зытеухуарэ мы глаголхэмкӏэ гъэзэщӏэну щытхэри мы къэта ″глагол″хэм хуэдэу, ауэ ″глагол″у щымыту, ″глагол формэ″ зиӏэу ухуа псалъэхэмкӏэщ къызэрыӏуэтапхъэри, мы глаголхэр икӏи а lуэхугъуэхэм ягъэзэщӏэнур къызэрыӏуатэращ; мыпхуэдэу гъэзэщӏапхъэхэр фӏэщыгъэцӏэу зэрылъытэри мы глаголхэр зэрыгъэпсагъэххэу глагол формэ зиӏэу зэрыухуа щӏыкӏэущ. Нытӏэ, мы къэта глаголхэм икӏи мыпхуэдэ мыхьэнэ зиӏэ псалъэхэуи зэреджапхъэр гурыӏуэгъуэщи, мы къэта глаголхэр илъабжьэкӏэ къэтхьыжу, абыхэм зы цӏэ лӏэужьыгъуэу зэреджапхъэр гурыӏуэгъуэщи, псалъэ гуэрхэм зэреджапхъэри тхыхьым дэту къэттынщ: «ин (ин хуейуэ къытпэщыт, ипхъэ), ун, уэн, lун, lуэн (lуапхъэу щыт), сын, зын (дъзыну къытпэщыт), дзын, гъын, гъун, джын (джыпхъэ), джэн, дын (дыпхъэ), дэн, тын, тӏын (″тӏын″ глаголкӏэ гъэзэщӏэну щыт), тӏэн, жын, жэн, жьын (жьыпхъэ), жьэн, щын, щэн (щапхъэ), щӏын, шэн, кӏын, кӏуэн, хъун, хун (″хун″ хуейуэ щыт), хьын, лъэн, лэн, лӏэн, пӏын (пӏыну къытпэщыт), фын, вын, вэн (вэн хуейр)».

″Н″ макъыр кӏэух зыхуэхъу дэтхэнэ зы макърэ псалъэр глагол инфинитиву зэрыгъэпсым ипкъ иткӏэ, мыр суффикс къалэну зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэщи, мыбы теухуа щапхъэхэр илъабжьэкӏэ къэтхьынщ. Икӏи мыпхуэдэхэр а lуэхур зыхуэгъэзэщӏэнури къызэрыӏуатэ зы псалъэуи зэреджапхъэм теухуа щапхъэхэри ипэкӏэ къэтащ. Мы къэтахэр ипэкӏэ къэта ″макъ глагол″хэм икӏи а lуэхум теухуар къызэрыӏуатэ цӏэ лӏэужьыгъуэу зэреджапхъэущ къызэрытар. Ауэ глагол формэкӏэ гъэпсауэ щытрэ ″глагол″ мыхьэнэуэ щымыту щхьэжу зы lуэхугъуэм и цӏэу щытхэри щыӏэщ. Аращи, ″н″ыр кӏэух зыхуэхъу макърэ псалъэ гуэрхэр ″глагол″ къалэн зэрамыӏэкӏэрэ глагол инфинитив формэ зиӏэу зэпкъыроувэр. Макърэ псалъэ мыхьэнэрэ гъэзэщӏапхъэ lуэхугъуэхэр глагол инфинитив формэм иту зэпкъырыувауэ ухуа псалъэхэщ илъабжьэкӏэ къэтахэри, зэрыгурыӏуэгъуэу, абыхэм щыщ нэхъыбэм икӏи глагол мыхьэнэи яӏэщ: «ин, сын, гуэн, губгъэн, жан, дын, тын, щэн, щӏэн, шын, къэшэн, кӏэн, хъун, хъуэн, пӏэн, тепӏэн, бын, бэн, вэн-сэн, тхэн, шхын, бжэн, бжьын».

Мы къэтӏуэтахэм гурыӏуэгъуэ къызэращӏщи, ″н″ макъыр кӏэух зыхуэхъу макърэ псалъэм и мыхьэнэр зэрыщыту лэжьэн lуэхугъуэу мэгъэпсри, псэлъэкум мыпхуэдэхэми ущырохьэлӏэр. Псэлъэкум хэту ″н″ макъыр зыдэплъагъум деж, абы нэхъыбэу кӏэух къалэнщ игъэзащӏэри, зи кӏэух макърэ псалъэр глагол инфинитиву гъэпсауэщ а псалъэм зэрыхэт щӏыкӏэр. ″Н″ыр зи кӏэух макърэ псалъэр глаголу лэжьэну инфинитиву мэгъэпсри, мыпхуэдэу ″н″ыр псэлъэкум дэту ухуа псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «lэнлъэ, ункӏыфӏын, уэндэгъу, lункӏыбзэ, елунщӏын,

lуэнтlэн, гъэнщlын, гъуэншэдж (″гъуэнщэдж е гъуэнщэкl″у пlэрэт?), гъуэнлэн, жьантlэ, кlэн → кlэнтlыlу, хъунщlэн, хъунщlакlуэ, ухъуэнщlын, хуэнщlын, ухуэнщlын, хуэнщlий, хьэнцэ, лъынтху, лъынтхуэ, лъандэ - лъандэрэ, пlэнкlын, вэнвей, тхъунщlын, щхъуантlэ, щхьэнтэ, пхъэнкlын, пхъэнкlий, пхъуантэ, пхэндж – пхэнж, псынщlэ, пщlэнтlэн, пщlэнтlэпс, бгъунлъэ».

″Н″ыр кlэух зыхуэхъу псалъэ гуэрхэр ″н″ кlэухыншэуи зэпкъырыувэу щызокlуэр бзэми, псалъэ мыхьэнэр куэдыщэу зэмыхъуэкlыу ″н″ зыхэту зэпкъырыувэ мыпхуэдэ псалъэхэмрэ ″н″ зыхэмыту а псалъэр бзэм зэрыхэтым теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «ланлэ - лалэ, лэнлэн - лэлэн, лъэнкlапlэ - лъэкlампlэ, бгъуэнщlагъ - бгъуэщlагъ».

Ауэ псэлъэкум и япэрей lыхьэм ″н″ыр кlэухыу щыпытымрэ щыпымытым деж, утыку къихьэ псалъитlым мыхьэнэкlэ зэщхьэщыкlыныгъэ щагъуэт щыlэщ: «пхъуэн → пхъуэн-тэ → пхъуантэ; пхъуэтэн → пхъуатэ – пхъуантэ»; «lэнлъэ».

Мыпхуэдэу къэхъ мыхьэнэ зэщхьэщыкlыныгъэм нэхъри щыгъуазэ дыхуэхъун папщlэ, ″н″ кlэух макърэ псалъэм ″шэ″ къыпыщэжу къэхъу щапхъэхэм деплъынщ. ″Н″ыр кlэух щыхъурэ щымыхъуу утыку къихьэ псалъэхэр зэрызэщхьэщыкlым теухуа щапхъэфlщ ″н″ кlэух зиlэрэ зимыlэ макърэ псалъэхэм ″шэ″ къыпыхьэжу зэпкъырыувэ псалъэхэр. Щапхъэу къэта псалъэ гуэрхэр зэрыгъэпс щlыкlэми (къуэншэ, къуаншэ) псалъэ мыхьэнэ зэхъуэкlыныгъэ къызэрищlыр гулъытапхъэщ: «lэншэ - lэшэ; lуншэ - lушэ; гуншэ - гушэ; щlыкlэншэ - щlыкlэшэ, щlыкlашэ; кlэншэ - кlэшэ, кlашэ; къуэншэ – къуэшэ, къуаншэ, укъуэншын - къуашэ; хъуншэ - хъушэ; лъэншэ – лъашэ; пэншэ - пашэ; быншэ, къуаншэ-быншэ – бышэ, лъэбышэ; мэншэ - машэ; нэншэ - нашэ; тхыншэ - тхышэ; щхьэншэ - щхьэшэ; пщlэншэ – пщlэшэ, пщlашэ; пхэншэ - пхашэ; бзэншэ - бзашэ».

Зы псалъэм и япэрей lыхьэу ″н″ыр кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэр глагол инфинитиву зэрыгъэпсам теухуа щапхъэхэщ мыхэри. Ауэ псэлъэкум хэплъагъуэ дэтхэнэ зы ″н″ макъыр фlэкlыпlэ имыlэу мы зи гугъу зэрытщlауэ зэрыщымытынури гурыlуэгъуэщ. Аращи, ″н″ыр макърэ псалъэм ищхьэм къызэрыпыхьэкlэрэ псэлъэкум щыхэплъагъуи щыlэщи, - япэрей еджэкlэр нэхъ игъуэу щытми- лъэныкъуитl еджэкlэ зиlэу лъытапхъэу зы щапхъэщ мыр: «гъэныщкlун (гъэ-ныщкlун; гъэн-щкlун)».

″Н″ыр кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэр глагол инфнитив формэу зэрыгъэпсыр гурыlуэгъуэщи, ″н″ макъыр езыр ″н″ макъым кlэух щыхуэхъукlэ къэхъум щыгъуазэ дыхуэхъунщ. ″М″ым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьащ ″н″ макъри, ″м″ыкlэрэ гурыlуэгъуэ хъуам теухуауэ гъэзэщlапхъэрэ къэхъупхъэм хуэкlуэныгъэрэ и къежьапlэращ ″н″ макъым игъэзащlэр. Кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэм теухуауэ гъэзэщlапхъэрэ къэхъупхъэм хуэкlуэныгъэ къежьапlэ къизыlуэ ″н″ макъым аргуэру ″н″ макъ къыпыхьэжу зэпкъырыувэ псалъэм и мыхьэнэр къэхъупхъэрэ

гъэзэщlапхъэм зэрыхущlэкъукlэрэ къызэрытенэжынур гурыlуэгъуэнщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, зы макърэ псалъэр ″н″ кlэухкlэрэ глагол инфинитиву мэгъэпсри, абыи аргуэру зы ″н″ макъ кlэух щыхуэхъукlэ къэхъур ″глагол инфинитиву гъэпсар аргуэру глагол инфинитиву гъэпсыжын″ращи, ари глагол инфинитиву гъэпсар зэрыгъэпса щlыкlэм къинэжынращ. Мыпхуэдэ мыхьэнэ къэхъун папщlэ, ″нын, нэн″ кlэух къэзыщтэ макърэ псалъэм и мыхьэнэри къызэринапlэрэ къыздыщынапlэ гуэр хъун зэрыхуейр гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мыпхуэдэ мыхьэнэм теухуа макърэ псалъэхэм кlэухыу ″н″ макъикl зэкlэлъыкlуэ къапыхьэу зэпкъырыувэ глаголхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «къэнэн; инэн – къинэн; lунэн; гъынэн - гъынэнэн (″гъын″ым къинэн, ″гъынэ″у къэнэн: мыувыlэу гъынрэ гъынэ зиlэу къэнэнрэ гъыным къинэныр мыхъуныгъэ lуэхущи, ар гъын нэпцlщ); гуэнэн; дэнэн; тенэн - къытенэн; щынэн – щынэжын, къыщынэн; щlэнэн - къыщlэнэн, щlэнын – къыщlэнын; къуэнэн – къыкъуэнэн; кlэрынэн – къыкlэрынэн; хэнэн – къыхэнэн, хэнын; хуэнэн – къыхуэнэн; лъынэн – къылъынэн; фlэнэн – къыфlэнэн; бгынэн (бгым къинэн)».

Плъыфэцlэ лlэужьыгъуэ е плъыфэцlэуи зекlуэф псалъэ гуэрхэм я мыхьэнэр ужьыгъуэкlэ (у) гъэзэщlэфу глаголхэр мэухуэр. Псэлъэкум е кlэухым ″н, нэ″ зиlэу щыт мыпхуэдэ псалъэхэм щыщ гуэрхэр илъабжьэкlэ къэтащ ″Нэ″ кlэух зиlэ псалъэхэр глагол инфинитиву щызэпкъырыувэм деж, ″нын, нэн″ кlэухкlэрэ зэрыухуэнури гурыlуэгъуэщ: «къуаншэ → укъуэншын»; «гъунэ → угъуэнын; цlынэ → уцlынын, гъэуцlынын; пцlанэ → упцlэнын».

Мы къэта щапхъэхэм хэт ″нын″ым иужь ит ″н″ыр глаголыр инфинитивыгъэм изгъэувэ ″н″ыращ, ауэ япэрей ″н″ыр ″нэ-ы″уэ къэхъуащ. Ар щыхъукlи, макъ мыхьэнэкlэрэ ″нэ″ пэлъытэу, ауэ ″нэ″м ехьэлlарэ зэриткlэрэ (нэ-ы) еджапхъэщ. ″Нын″ыр зи кlэухыу глагол инфинитивыпlэм иувэу мы зи гугъу тщlы псалъэхэр зытеухуа lуэхугъуэм къинэныгъэрэ къытенэныгъэкlэрэщ (нэ-ы-н) зэрыгъэпсари, мыпхуэдэ глаголхэм я ит зэман лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэр ″нэ-ы → н″ кlэухыу зэпкъыроувэр: «хэнын → сыхон, ухон, хон, хэнащ, хэнынущ; угъуэнын → соугъуэн, боугъуэн, мэугъуэн; уцlынын → соуцlын, уоуцlын, мэуцlын, уцlынащ, уцlынынущ; упцlэнын → соупцlэн, боупцlэн, еупцlэн; ебэнын → собэн, уобэн, йобэн».

″Нэн″ кlэух зиlэу щыт глагол лэжьэкlэу утыку къихьэ псалъэхэри ″нэ″ кlэухкlэрэ зэрызэпкъырыувэнур гурыlуэгъуэщи, абы и еджэкlэри ″нэ″ кlэух зиlэу зэпкъырыувэ дэтхэнэ зы псалъэм хуэдэщ. ″Нэн″ кlэух зиlэу зэпкъырыуа глагол инфинитивым и ит зэман лэжьэкlэр ″нэ″ кlэухкlэрэщ къызэрыlуатэри, мыпхуэдэу утыку къихьэ псалъэхэри ″нэ″ кlэух зиlэу ухуэ псалъэхэм хуэдэщ: «къэнэн → къонэ; инэн → йонэ; lунэн → lуонэ;

гъынэнэн → мэгъынанэ; гуэнэн → гуонэ; дэнэн → донэ; тенэн → тонэ; къытенэн → къытонэ».

″Н″ыр тIуэунейкIэ зы макърэ псалъэм кIэух хуэхъуу утыку къихьэ лаголхэр ″инэныгъэ, къинэныгъэ, Iунэныгъэ, флэнэныгъэ″ зиIэ Iуэхугъуэхэм теухуащи, мыпхуэдэу лэжьэкIэ зиIэу цIыхум къыщхьэпэ Iэмэпсымэ гуэрхэм я флэщыгъэцIэри мы зэрылажьэ щIыкIэм къытехъукIащ. Ипщэкlэ къэта глаголхэм щыщхэм мыпхуэдэу къатэхъукIа флэщыгъэцIэхэщ мыхэр: «Iунэн → Iунэ (Iунэныгъэ зиIэ Iэмэпсымэ), пхъэIунэ (Iунэ пхъэхэкI), гъущIIунэ → гъущIунэ (Iунэ гъущIхэкI); флэнэн → флanэ (флэнэныгъэ зиIэ Iэмэпсымэ)».

″Ныи, нэн″ кIэухыр къызкIэлъыкIуэ макърэ псалъэ мыхьэнэм къинэныгъэ зиIэу утыку къихьэ нэгъуэщI глаголхэри щыIэщи, глаголыр зэрыгъэзащIэ щIыкIэкIэ къэхъуа псалъэхэри дэщIыгъужу илъабжьэкIэ къэтащ: «шынэн – шынэ; хъуэнэн - хъуанэ, ехъуэнын – хъуэн».

″Н″итI зэкIэлъыкIуэр щIыпIэ зыгъэлъагъуэ макърэ псалъэхэм кIэух зэрыхуэхъукIэрэ къэхъуа мыхьэнэхэращ ипщэкIэ мы къэта щапхъэхэр, ауэ макърэ псалъэхэр щIыпIэм теухуа мыхьэнэхэу щымытми, ″н″итI зэкIэлъыкIуэр кIэух зыхуэхъу макърэ псалъэм и мыхьэнэм елъытауэ мыхьэнэщIэхэри утыку къохьэфыр. Мыпхуэдэщ мы псалъэхэр: «пынэн, къыпынэн, бэнэн, ебэнын».

″Н″ макъыр къызэрыхъуа щIыкIэм ипкъ икIэ, мыхьэнэ имыIэу зэрылажьэращ кIэух зыхуэхъу макърэ псалъэр глагол инфинитив формэм щыригъэувэри, глаголым пыщIэныгъэ зыхуиIэу утыку къихьауэ щыту ипщэкIэ зи гугъу тщIарэ зи кIэухыр ″нэ″уэ щытхэр макъ мыхьэнэуэщ зэрылъытапхъэр. Аращи, ″нэ″р кIэух зыхуэхъу макърэ псалъэхэм зэрыхуэлажьэр – ар Iэпкълъэпкъыцlэ ″нэ″уэ щымытмэ- макъ мыхьэнэкIэрэщ. Ар щыхъукIи, езы ″н″ыр къежьапIэрэ къэхъупIэ зэрыхъурэ зэрыщытращ (э) ″нэ″м и макъ мыхьэнэри, ар кIэух зыхуэхъу псалъэхэм хуигъэзащIэри мыпхуэдэ мыхьэнэщ. Мы и мыхьэнэм папщIэщ зы Iэпкълъэпкъым ″нэ″р флэщыгъэцIэ зэрыхуэхъуфари. Ипщэкlэ ″нэ″ кIэух зиIэу утыку къихьа псалъэхэри хэтыжу, макърэ псалъэхэм ″нэ″р кIэух щыхуэхъум деж утыку къихьэр а макърэ псалъэм и мыхьэнэр ″къежьапIэ, къэхъупIэ, хъупIэ, хъупхъэ, пIэ, гъуэ, лъабжьэ, нэ/псынэ (сурс - ресурс), лIэужьыгъуэ, гуэр″у зэрылъытэращ. Мыпхуэдэ щапхъэу къэта мы зи гугъу тщIы псалъэхэм зэреджапхъэри тхыхьым дэту къэдгъэлъэгъуэнщ: «Iэнэ (Iэпlэ, Iэ унэтIыгъэ хъу, Iэнатlэ ит), Iэрхъуанэ (Iэрэ - Iэрамэ хъупIэ), унэ (зыужьыгъуэпIэ, зыужьыгъуэ къыздыщыхъу, ″у″пIэ), уанэ (уэнэгу тырауэ лIэужьыгъуэ), Iунэ (Iум пIэ хуэхъу, зыгуэрым и Iум хуэфI хъу, Iум инэ), цIынэ (″цIы″ лIэужьыгъуэ – ″цIы″р зи пIэ - щымыIэгъуэм хуэкIуэныгъэ зиIэ, пкъыгъуэ зиIэм елъытауэ мыхъуныгъэ - цIы- лIэужьыгъуэ), гъунэ (″гъу″ лIэужьыгъуэ, ″гъу″пIэ, ″гъу″хэкI - ″гъу″хэхьэ, ″гъу″ хъупIэу гъуэ къежьапIэрэ ухыпIэ), гъуанэ (гъуэпIэ, гъуэ

лIэужьыгъуэ), гуанэ (гуэкIыпIэ - къыгуэкIыпIэ, гуэкIыгъэ лIэужьыгъуэ, ″гу″хэкIыпIэ, ″гу″хэкI лIэужьыгъуэ), данэ (дэн зэращI лIэужьыгъуэ, дын Iэмэпсымэ - лIэужьыгъуэ), дэнэ (зыхэтыпIэрэ щыIэпIэ гуэр, – зэрымынахуэм папщIэ упщIэщ), тIанэ (зы унэтIыныгъэ, зы ″тIэ″пIэ, ″тIэ″ Iыхьэ, ″тIэ″ лIэужьыгъуэ), хъуанэ (хъууэ щытым и зэхъуэкIыпIэу мыхъуныгъэрэ мыфI, ″хъу″м и зэхъуэкIыныгъэ лIэужьыгъуэу хъуэн зыхэлъ - къызхэкI - зиIэ), банэ (зэрызэлъыта ужьыгъуапIэ, зэрызэлъыта ужьыгъуэ къыздыхэкI - къыздыщыхъу, зэрелъыта зыужьыгъуэ зиIэ гуэр), пшынэ (″пш″ыпIэ, ″пш″ макъ мыхьэнэр зыгъэзащIэ лIэужьыгъуэ), бжанэ (бжэн лIэужьыгъуэ, бжыгъэ гуэр), бжьанэ, Iэбжьанэ, лъэбжьанэ, пцIанэ (зэрыхъун хуейуэ щымытрэ зыри зыщымыгъыу ″пцIы″ лIэужьыгъуэ), псынэ (псы къызщIэкI, псыпIэ, псы къежьапIэ)».

Дэтхэнэ зы бжыгъэ лIэужьыгъуэр зы бжанэу къызэрыIуатэри ″нэ″ кIэухкIэрэщи, ар ″нэ″ кIэухым игъэзащIэ а нэхъ гурыIуэгъуэ зэрыхъу щIыкIэхэм щыщу лъытапхъэщ: «занэ - езанэ, тIуанэ - етIуанэ, щанэ - ещанэ, плIанэ - еплIанэ, тхуанэ - етхуанэ, ханэ - еханэ, бланэ - ебланэ, ийянэ - янэ (иа-нэ) – еянэ (е-иа-нэ), бгъуанэ - ебгъуанэ, пщIанэ - епщIанэ».

″Нэ″ кIэух зиIэу къэхъуа псалъэ гуэрхэри зэрыухуа щIыкIэр нахуэ дыдэу жыIэпхъэкъым. Къыздикla щIыпIэм зэрыфIэщакIэрэ къызэрыпхуэкIуэм нэмыщI, щэкIуэбзэми зэрихъуэкIыу щытащи, псэущхьэцIэхэмрэ къэкIыгъэцIэхэр макъ мыхьэнэкIэ зэпкъырыхыныр сытым щыгъуи игъуэкъым. Мыбы нэмыщI, бэзэрым къызэрытехьа фIэщыгъэцIэкIэ къащэхуу къыпхуэкIуэ Iэмэпсымэхэми я фIэщыгъэцIэхэр макъ мыхьэнэкIэ зэпкъырыхыпхъэу зэрыщымытыр гурыIуэгъуэщ. Аращи, макъ мыхьэнэкIэ еджапхъэми, зэрыухуарэ и мыхьэнэр къызэрыхъуа щIыкIэр мынахуэхэм щыщу лъытапхъэщ мыхэр: «къэкIыгъэ лIэужьыгъуэу ″санэ″ (″с″ макъ мыхьэнэм теухуа лIэужьыгъуэ), щыгъыну ″джанэ″, псэущхьэ лIэужьыгъуэу ″щынэ, бланэ″».

″Нэ″ макъыр и мыхьэнэкIэрэ кIэух зыхуэхъуа макърэ псалъэ мыхьэнэм хуигъэзащIэрэ утыку къихьэ псалъэм игъуэт мыхьэнэр мыпхуэдэу жыIэпхъэщ: а макърэ псалъэ мыхьэнэр зэрыгъэзащIэр; утыку къызэрихьэрэ къызэрыхъур; иту зэрыщытрэ къызэрекIуэкIыр; къыздинэрэ къинауэ зэрыщытыр; зи лIэужьыгъуэр. Мыхэри ″нэ″м и макъ мыхьэнэкIэрэ кIэух зыхуэхъу макърэ псалъэ мыхьэнэр утыку къихьэнкIэрэ ресурс мыхьэнэ зэригъэзащIэм зэрезэгъри гулъытапхъэщ.

Мыпхуэдэу ″нэ″р кIэух зэрыхъукIэрэ къэхъу псалъэхэм теухууэ щапхъэхэм щыщщ илъабжьэкIэ къэтахэри.

Зэхуэдэу зэпкъырыува ″банэ″ псалъэр зытеухууэ япэрауэ Iуэхугъуитl къытпыщIохуэр: зыр, къэкIыгъэ гуэрхэм къатехъукIыу къыпхэIуфыну щыт ″банэ″ращ; адрейри къыуэбанэ хьэм къызхигъэIукI макъыу ″банэ″ращ. Зэхуэдэ псалъэм къиIуатэрэ зэхуэмыдэу щыт мы

lуэхугъуитlыр зэхуэдэ макъ мыхьэнэклэрэ зэпкъырыува псалъэщ: ″банэ″ псалъэр ″зэрызэлъыта ужьыгъуэ (б) лlэужьыгъуэ (нэ)″у зэпкъырыхыпхъэрэ еджапхъэщ. Мы зэпкъырыхыклэм къызэрыхэщщи, къыпхэlу ″банэ″р къызэрыпхэlу щlыклэклэ къызэрыlуатэу зэпкъыувакъыми, къэклыгъэм елъытауэ къызэрыхэужьыкl (б) лlэужьыгъуэущ (нэ) макъ мыхьэнэклэрэ зэрызэпкъырыуварэ къызэрыlуатэр. Хьэм и макъыу ″банэ″ри макъ мыхьэнэклэрэ ар дыдэу ″зэрызэлъыта ужьыгъуэ (б) лlэужьыгъуэ (нэ)″ущ зэрызэпкъырыуварэ къызэрыlуатэр. Хьэм и макъыу ″банэ″р ″бэнэн″ глагол лэжьэклэу а макъым флэщыгъэцlэ зэрыхуэхъуар гулъытапхъэщ. Ауэ ″бэнэн″ыр ″зэрызэлъыта ужьыгъуэм (б) тету (нэ) щытын (н)″рауэ зэпкъырыхыпхъэщи, ар хьэм теухуа lуэхугъуэмэ, хьэр нэгъуэщl зы хьэм е зыгуэрым елъытауэ ужьу зэрыщытыр къизыlуэ зы глаголу зэрыщытр гулъытапхъэщ. Хьэм хуэlуауэ щымыту, нэгъуэщl зы псэущхьэм е цlыхуми мыпхуэдэу ″бэнэн″ыгъэ зэригъэзащlэр гурыlуэгъуэщ. ″Бэнэн″ыр зы суетым щхьэж зыгуэрым ебэну зэрыщытращ къиlуатэри, а зыгуэрыр къыхэмыщу суетым игъэзащlэ lуэхугъуэщ ″бэнэн″ыр. Ауэ ″бэнэн″ыгъэр суетым зыхуищlыр къыхэщу зэрызэпкъырыувэр ″ебэнын″уэщ; хьитl е цlыхуитlым зыр зым ебэныныгъэри ″зэбэнын″ущ къызэрыlуатэр. ″Бэнэн, ебэнын, зэбэнын″ глаголхэр ″ебэн″ lуэхугъуэр зэрыгъэзащlэ щlыклэм къытенэнрэ мыувыlэу зы щlыплэклэ ебэныгъэ зиlэу зэпкъырыува псалъэхэщ. Аращи, ″ебэн″ псалъэр хуэклуэу (е) елъыта ужьыгъуэ (б) зиlэн (н)″у зэрызэпкъырыхыпхъэр гурыlуэгъуэщи, ″бэнэн, ебэнын, зэбэнын″ глаголхэр мы ″ебэн″ глагол гъэзэщlэклэм къытенауэ щыту гъэзащlэ lуэхугъуэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мы псалъэхэр макъ мыхьэнэклэрэ зэрыпыщlарэ зэрыгъэзащlэр гурыlуэгъуэщи, хьэм и макъ ″банэ″р къызтехъуклари ″бэнэн″ глаголращ: ″бэнэн″ глаголыр макъ мыхьэнэклэрэ зэрызэпкъырыва щlыклэрэ зэрыгъэзащlэ щlыклэр ипщэклэ къызэрыlуэтам хуэдэщи, ар суетым езыр езырурэ ит зэману зэрыгъэзащlэр къэзыlуатэр ″мэбанэ″ псалъэрщи, хьэми езыр езырурэ ″бэнэн″ lуэху зэригъэзащlэм теухуар хьэр мыувыlэу щыбанэклэ къэхъур ″банэ″ lуэхугъуэу макъ къыриlунращ. Аращи, мыбдежым хьэм къыриlу макъым ″банэ″ зэрыфlэщари макъ къызхигъэlукl макъым теухуакъыми, ″бэнэн″ыгъэращ. Зэрыгурыlуэгъуэу, хьэм мыпхуэдэу ″банэ″ макъ къызэрыхигъэlуклым и лъабжьэр ар зыгуэрым ебэнынклэрэ зэрыхущlэкъурщи, мыращ хьэр къызэрыlу зы щlыклэу ″банэ″ псалъэр зытеухуар. Тlанэ, ″бэнэн″ глагол лэжьэклэр ещанэ нэрыбгэм теухуарэ езыр езыру ит зэманклэ зэрыгъэзащlэр ″мэбанэ″ущ; ″бэнэн″ папщlэ зы нэрыбгэм унафэ зэрыхуэпщlрэ lэмыр зэрептри ″банэ!″ псалъэмклэщ. Икlи ″бэнэн″ыгъэу еклуэкl lуэхугъуэри ″банэ″у зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, хьэр къызэрыlу зы щlыклэу зи гугъу тщlы ″банэ″ри мыращ.

Мы зи гугъу тщIа псалъэхэр дауи зэпкъырых, ахэр зэхуэмыдэ Iуэхугъуэхэм теухуауэ лъытапхъэми, зэхуэдэ макъхэмкIэ зэхуэдэ макъ мыхьэнэкIэрэ ухуарэ зэхуэдэ мыхьэнэ зиIэ псалъэхэщ. Аращи, къэкIыгъэм къыхэхъукI зы гуанэ лIэужьыгъуэу щыт ″банэ″м и мыхьэнэмрэ, цIыхуитIыр зэрызэбэнрэ хьэр зэрыбанэр къызэрыIуатэ псалъэхэр (бэнэн, зэбэнын, банэ) зэхуэдэ Iуэхугъуэм зэрытеухуар гулъытапхъэщи, ар къэкIыгъэрэ зи гугъу тщIа псэущхьэхэм (цIыху, хьэ) зызэрахъумэм теухуарэ щхьэпэ хуэхъу Iуэхугъуэщ.

″Нэ″ кIэухкIэ зэпкъырыувэ ″емынэ″ псалъэми зэщхьэщыкI щIыкIэкIэ еджапхъэщи, и мыхьэнэр зэхъуэкIкъым. Ар ″ем-нэ″рэ ″е-мынэ″у зэпкъырыувэфу лъытапхъэщи, ″ем-нэ″м ″е″м (зыми емылъыта кIуэкIэрэ ужьыкIэ зиIэу мыфI″ым) къежьапIэ (нэ) хуэхъуу еджапхъэщ. ″Е-мынэ″ми, къежьапIэ хъун хуейуэ щымытрэ хъугъуэ-фIыгъуэм къыхэхъукIыу щымыту, къежьапIэ (нэ) мыхъурэ (мы) мыхъуныгъэм хуэкIуэу (е) еджапхъэщ.

Мыбы нэгъунэ ″н″ыр макъ мыхьэнэншэрэ макъ мыхьэнэ зэригъуэткIэрэ макърэ псалъэхэм кIэух зэрыхуэхъу щIыкIэм дытепсэлъыхьащ. ИлъабжьэкIи ″н″ макъыр макърэ псалъэхэм ищхьэм къазэрыпыхьэрэ щхьэж макъыу бзэм бзэ мыхьэнэуэ зэрыхэлэжьыхь щIыкIэхэм щыгъуазэ щыхуэхъунщ.

″Н″ макъыр макърэ псалъэхэм къыщыкIэлъыкIуэм а макърэ псалъэ мыхьэнэр зэрылэжьэну зэрыгъэпсынращ игъэзащIэ къалэныр, ауэ ар макърэ псалъэхэм ищхьэм къыщыпыхьэм деж, а макърэ псалъэр зытеухуа Iуэхугъуэр лэжьэну къызэрежьэрэ зэрыхуежьэр къегъэлъагъуэр. Дэтхэнэ зы глаголыр къэзыIуатэрэ зыхуиIуатэм елъытауэ къежьэрэ зыхуэкIуэр къыхигъэщущ ″ны, нэ″ макъхэр глаголхэм ищхьэм къыщыпыхьэкIэ гъэзащIэри, мыпхуэдэр префикс къалэну зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Префикс къалэну дэтхэнэ дэтхэнэ зы глаголым къызэрыпыхьэм теухуа щапхъэхэр илъабжьэкIэ къэтхьынщ, ауэ префиксиалу утыку къихьэу ухуэ глаголхэр щыIэщи, ″н″ префикскIэрэ ухуэу къэхъу глаголхэм теухуа щапхъэхэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ: «нэцIын, нэсын, нэкхъун».

ИлъабжьэкIэ къэта псалъэхэри ″н, нэ″кIэ къежьэу ухуэ псалъэхэщи, къыкIэлъыкIуэ макъ мыхьэнэр пэщIэдзэрэ къежьапIэ зэрыхъур ″н″ыкIэ къэгъэлъагъуэу ухуа псалъэхэщ. ИлъабжьэкIэ къэта псалъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, псалъэ къежьапIэу щыт ″н″ макъыр псалъэ ухуэныгъэм ″ны″ е ″нэ″уэ зэрыхэхьэр гулъытапхъэщ. Мыбы и лъабжьэрэ щхьэусыгъуэр ″н″ макъым къыкIэлъыкIуэ макърэ псалъэ мыхьэнэмрэ ухуэну псалъэр зытеухуа Iуэхугъуэр зэрыгъэзащIэм елъытащи, псалъэ къежьапIэр ″ны″ е ″нэ″ щIэхъум дэтхэнэ зы псалъэм хуэIуауэ фIыуэ щыгъуазэ хуэхъун хуейщ. ″Н″ым къыкIэлъыкIуэ макърэ псалъэ мыхьэнэм елъытащ ″н″ым ″э″ къищтэн хуей щыхъури, ухуэну псалъэр ″э″

кIэухкIэрэ мыухуарэ ″н″ым къыкIэлъыкIуэ макърэ псалъэ мыхьэнэми зэманыгъуэ зэрихьыр къыхэгъэщын хуей щыхъум деж, екIуэлIэныгъэ зи мыхьэнэ ″н″ым ″э″ къещтэр. Ауэ, мы къэтIуэтам хуэмыдэхэри хэтщ илъабжьэкIэ къэта щапхъэхэми, дэтхэнэ зы псалъэр мыпхуэдэу зэрыухуэр макърэ псалъэ мыхьэнэкIэрэ зэхэгъэкIын хуейщ: «нэс, нысэ, нэгъуэщI, нэмыщI, нэмыIэ, нэмылэ – нэмилэ – намилэ (мылэ, мы илэ), нэгъунэ, нэз, ныджэ, нэд, надэ, тIэ – нытIэ, нетIэ, нэкулъ, ныкъуэ, ныкъуэкъуэн, ныкъуэкъуэгъу, ныбэ, нобэ, нэщI, нэщIын, нэшэкъашэ, нышэдибэ, ныщхьэбэ, ныжэбэ, нафIэ (мафIэ), нывэ (мывэ), нэпцI, нэрыбгэ, ныбжь, ныбжьэгъу».

Мыбыхэм щыщу ″нысэ″ псалъэм зэреджапхъэр ″сэныгъэм хуэкIуэн″у ара, хьэмэрэ ″анэ (ны) хъуным нэс″у ара, дауэми зэхэгъэкIыгъуафIэкъым. Мыбы нэмыщI, къэкIыгъэцIэрэ псэущхьэцIэхэм сытым дежи макъ мыхьэнэ еджэкIэр зэрыхуэмыигъуэм и гугъу тщIауэ щытащи, ″нащэ, ныбгъуэ″ псалъэхэри зэрызэпкъырыуварэ мыхьэнэуэ утыку къыралъхьэр зэпкъырыхыгъуафIэкъым, - гурыIуэгъуэкъым.

″Н″ макъыр ″м″ым къыкIэлъыкIуэу къызэрыхъуам тету утыку къызэрихьаращ абы игъуэта макъ мыхьэнэр къызтехъукIари, абы и кIуэтэгъуэ (э) ″нэ″ри макъ мыхьэнэуэ къыхэхъукIыпIэрэ къежьапIэу щытращ, - мыпхуэдэу зэманыгъуэрэ щыIэгъуэ зиIэращ. ″Нэ″р мыпхуэдэу щхьэжу зы псалъэу бзэм хэхьащи, ар къэхъуныгъэрэ къежьапIэ зи мыхьэнэщ. Араща, зы псэущхьэм къежьапIэрэ къэхъупIэ хуэхъуауэ езыр къэзылъхуар зэрылъытэр ″анэ″ущ. ″Анэ″ псалъэм и ″а″р езым ипэ щыIэгъуэ зэриIэр къизыIуэ макъщи, ар ″нэ″м пымытми и мыхьэнэр зэрызэмыхъуэкIыщэнур гурыIуэгъуэнщ. Адыгэбзэм ″анэ″ мыхьэнэ зиIэу мыпхуэдэ псалъэхэри щызокIуэр: «щхьэжу е псалъэхэм къапыхьэу ″ны (къежьапIэ)″, нэ (къежьапIэ щыIэгъуэ зиIэ), ″нэ-ы → ны (къежьапIэр зэхьэлIауэ щыIэгъуэ зиIэ)″, ″ныуэ (къежьапIэу, къежьапIэр зэхьэлIауэ)″, ″ан (а-ны)″».

″Ны″р ″анэ″ псалъэм щыпэувкIэ, ″анэ-анэ″рэ ″анэм я анэж″у зыгурыIуапхъэ ″нанэ″ псалъэр ″анэшхуэ″ мыхьэнэкIэ адыгэбзэм зэрыхэт щIыкIэри мащIэкъыми, абы и еджэкIэ лIэужьыгъуэхэми деплъынщ: «нын (ны-н, нэ-ы-н), нан (на-н, ны-ан), нанэ (ны-анэ, нэ-анэ, нэ-нэ), ныуэжь (ныуэ-жь: ныуэ ным и япэр, хроникэ ны - анэ)».

″Нэ″р икIи зы lэпкълъэпкъыцIэу бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм къытехьукI псалъэхэри хэтщ адыгэбзэми, мыпхуэдэ щапхъэхэри къэтхьынщ. Зы lэпкълъэпкъыцIэу щыт ″нэ″м къытехъукIыжыну псалъэхэр икIи нэхъыбэу ″нэ″р псэлъащхьэу зэрыщытКIэрэщ. ИкIи, зы ″макъ псалъэ″у щыт ″нэ″м къыпыхьэр зы псалъэмэ, ар зы ″псалъэ зэгуэт″ зэрыхъунури гурыIуэгъуэщи, ″нэ″р зыхэту къэта мы щапхъэхэм щыщ гуэрхэр ″псалъэ зэгуэт″у зэрыщытри гулъытапхъэщ.: «нэIэ, нэцIэн, нэцIакIэ, нэрыс, назэ, нэрыгъ, нагъуэ, наджэ - нэджэ-lуджэ, нэгу, нэжэ-

гужэ, натlэ, нащlэ, нащхьэ, - нэщlащхьэ, нашэ, нэку, накlэ, нэкlапlэ, накlэ-нащхьэ, нэкlу - нэкlу-пэкlу, нэкъуэлэн, напэ, напlэ, напlэ-зыплэ, нэф, нэщхъ, нащхъуэ, напщlэ, нэпс, нэпкъ, набгъэ, нэбгъуз, набдзэ, нэбжьыц».

"Нэ"кlэ къежьэу зэпкъырыувэ псалъэ гуэрхэм "нэ"р lэпкълъэпкъыщlэу хьэмэрэ макъ мыхьэнэкlэ зэрыхэтыр зэхэхугъафlэу лъытапхъэкъым. Мыпхуэдэхэм лъэныкъуиткlи еджапхъэщи, я мыхьэнэ зэхъуэкlыу лъытапхъэкъым: «нэху (нэр зэрыху; е хуныгъэр къыздыщежьэ), нахуэ (нэм къыпыщlэхуэ; е къежьэу зэрыхур гулъытапхъэу щыт), нalуэ (нэм къыщlэlуэ, нэ ужьыгъуэпэу щыт; е ужьыгъуэпэрэ ужьыгъуэм пэкlуэ, ужьыгъуэпэр зи кlуапlэ, ужьыгъуэпэр къызхэужьыкl)».

*"**Н**" макъым "**префикс – суффикс къалэн**"у игъэзащlэхэр.*

Глагол инфинитив зэрыгъэпсыр "н"ыр суффикс зэрыхъукlэрэщи, мыпхэдэ щапхъэхэр ипэкlи къэтащ. Дэтхэнэ зы псалъэр "н" суффиксклэрэ глагол инфинитиву мэгъэпсыжыфри, абы глагол лэжьэкlэ имыгъуэтми, езым и мыхьэнэр гъэзэщlэжынклэрэ мэухуэр. Мыпхуэдэ щапхъэхэр ди "макъ псалъэ"хэм теухуауэ къэтхьынщ: «lэн, ин, lун, lуэн, сэн, цlэн, цын, зын, дзэн, гъэн, гъуэн, гун, дэн, тlын, жьэн, щын, щэн, щlын, шын, шэн, чын, чэн, кlын, кlэн, къун, къуэн, кхъэн, кхъуэн».

Мыпхуэдэщ ди "макъ глагол"хэри макъ гуэрхэр я мыхьэнэклэрэ абыхэм глаголыпкъ язэрыхуэхъуклэрэ "н" суффиксклэрэ зэрыгъэпсыжу утыку къызэрихьа щlыклэр: «ин, ун, уэн, lун, lуэн, сын, зын, дзын, гъын, гъун, джын, джэн, дын, дэн, тын, тlын, жын, жэн, жьын, жьэн, щын, щlын, шэн».

"М" макъым къыклэлъыклуэу къэхъуа "н" макъ мыхьэнэр "м" макъ мыхьэнэм зэрытеухуарэ зэрелъытар гурыlуэгъуэщи, "м" макъымкlэ гулъытапхъэрэ гурыlуэгъуэ хъуам теухуащ "н" макъым игъэзащlэр. Мы псалъэм зэрезэгъщи, къызклэлъыклуэрэ суффикс зыхуэхъу макърэ псалъэр лэжьэну зыгъэпсрэ инфинитивыгъэм изгъэувэ "н" макъыр макърэ псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэрэ префикс щахуэхъум деж, а макърэ псалъэр зытеухуа мыхьэнэрэ lуэхугъуэр лэжьэну къыщlедзэр. Мыпхуэдэщ "н"ыр глаголхэм префикс язэрыхуэхъу щlыклэри, а глаголхэм къыщlидзэнрэ хуэклуэныгъэклэрэ лэжьэкlэ ягъуэтыр. Аращи, "н" суффикс къэзыщтэ глаголхэр къызэрежьэрэ зэрыхуэклуэклэрэ мэгъэпсри лэжьэкlэ ягъуэтыр. Мыпхуэдэу "н" префикс къызэращтэклэрэ префиксиалу ухуэж глагол щапхъэхэр ди "макъ глагол"хэм теухуауэ къэтхьынщ: «нэин, нэун, нэуэн, нэlун, нэlуэн, нэсын, нэзын, нэдзын, нэгъын, нэгъун, нэджын, нэджэн, нэдын, нэдэн, нэтын, нэтlын, нэтlэн, нэжын, нэжэн, нэжьын, нэжьэн, нэщын, нэщэн, нэщlын, нэщlэн, нэшэн, нэчын, нэчэн, нэкlын, нэклуэн, нэхъун, нэхун, нэхьын, нэлъэн, нэлэн, нэлlэн, нэпlын, нэфын, нэвын, нэвэн».

## КЪУРМАКЪЕЙР ЗИ КЪЭХЪУПlЭ МАКЪХЭР: «ХЬ, - ″хьl, h″».

″М″ макъкlэрэ гурыlуэгъуэ къыхуэхъуу, абы теухуауэ щlапхъэ гугъэр ″н″ыкlэрэ къэзыгъэлъагъу псэущхьэм мы къыгурыlуам теухуауэ щlапхъэу езым зыкъызэригъэлъагъуэрэ зэрызыпыщlитlэр къызхигъэlукl ″хь″ макъкlэрэщ зэрыгъэзащlэр. Мыр нэхъ лъэщыжуи ″хьl″ыкlэ игъэзащlэу къыщlэкlынт. Аращи, ″хь, хьl″ макъхэр мы къызэрыхъуа щlыкlэм езэгъыу ягъэзащlэм теухуа макъ мыхьэнэ зиlэхэрщ. ″Хьl″ыр адыгэбзэм мыхьэнэ иlэу хэлэжьыхьу хэтыжкъым ноби, ари зытеухуэ бзэ мыхьэнэр ″хьы″м и гъунэгъуу зы мыхьэнэуэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщи, абэзэбзэм нобэ ар зэрыхэтри адыгэбзэм ″хь″ макъыр зэрыхэт щlыкlэ lуэхугъуэхэм ещхь мыхьэнэкlэрэщ.

″Хьl″ макъыр адыгэбзэм и макъ мыхьэнэр нахуэу щымытыжрэ нэгъуэщlыбзэу адыгэбзэм къыхэхьэ ″а″ макъыр адыгэбзэм и ″а″ макъым химыгъэгъуэщэн къалэн игъэзащlэу хэтащ, ар иужькlэ ямытхыж хъуарэ бзэм хэкlуэдыкlыжауэ зы макъщ. Ар нобэ адыгэбзэ архивым мыпхуэдэу къыхэнами, ар щхьэжу зы макъыу бзэм зы ″макъ псалъэ″у хэтауэ щыту адыгэбзэ арыхивым хэплъагъуэкъым.

Мы я къэхъуныгъэм ипкъ иткlэрэ ″хь, хьl″ыр псэущхьэм и къарур къызэригъэлъагъуэкlэрэ зэрихьэу зэрыщытам зэманыгъуэу мащlэ икlуагъэнкъым. Мы макъхэр къызэрыхъурэ къызэрыlу щlыкlэм теухуауи натуралу къыхэзыгъэlукl псэущхьэм езым зыкъызэригъэлъагъуэрэ зэрызыпэщlитlэр гурыlуэгъуэ зыщl макъхэрщ: «хьы(!), хьхьы(!)»; «хьlы(!), хьlхьlы(!)».

Мы макъитlым я къэхъупlэм къыкlэлъыкlуэрэ я къэхъукlэм иужькlэ къытехъукlыжа ″h″ макъри мы макъитlыр бзэм зэрыхэлэжьыхьауэ щытам хуэдэу хэлэжьыхьу щытагъэнт. ″h″ макъыр бзэм хэлэжьыхьу нобэм къызэрыса щlыкlэр кlэух зыхуэхъу псалъэр - кlэух ″хэ″м хуэдэу - куэдагъэм изгъувэ макъыущ. ″Хь″ макъыр ″цlыху″р япэ зэрылъыта ″хьэ″уэ бзэм зэрыхэхьам зэрезэгъкlэрэ, абы къытехъукlа ″h″ макъри кlэух зыхуэхъу псалъэр ″хьэ (цlыху)″м зэрыхуэlуар къизыlуэ макъыу зэрихьэу щытагъэнт. Аращи, цlыхумрэ нэгъуэщl псэущхьэм теухуар зэщхьэщыгъэкlын папщlэ, цlыхум игъэзащlэрэ хуэlуар къизыlуэ псалъэхэр куэдагъэм щиувэкlэ ″хьэ″ кlэухкlэрэ къэlуатэу щытагъэнти, ″хьэ″ кlэухыр нэхъ тыншу къызэрыlум къытехъукlагъэнщ зи гугъу тщlы ″hэ″ кlэухыр. Ауэ иужькlэ мы зэщхьэщыкlыныгъэр бзэм хэкlуэдэжу дэтхэнэ зы псалъэм и куэдагъэр ″hэ″ кlэухкlэрэ къэlуатэу щlидзэжагъэтни, ар жьэрыпсалъэ гуэрхэм ″хэ″ кlэухым ипlэкlэ бзэм щызекlуэущ нобэм къызэрысар. Мы къэтlуэтахэр зиубыдэу, кlэух ″хьэ″м къытехъукlарэ абы ипlэм ″hэ″р зэриувар, иужькlи ″hэ″ кlэухми ипlэм ″хэ″р зэриувэжар мыпхуэдэу къэгъэлъэгъупхъэщ: «псалъэхьэр → псалъэhэр → псалъэхэр».

Зи къэхъукlэм и гугъу тщla ″h″ макъри къызтехъукla макъитlым хуэдэщи, натуралу зыгуэрыр гурыlуэгъуэ къызэрыхуэхъурэ езым зызэригъэлъагъуэ къалэнкlэрэщ къызэрысэбэпыр: «hы(!), hыы(!), hhы(!)».

Мы макъ гупым щыщу нобэ адыгэбзэм къыхэнэжарэ тхыпкъкlэ хэтыр ″хь″ макъращи, нытlэ мы макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьым и гугъу тщlынщ.

**″Хь″ макъыр.**

*″**Хь**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″хэр.*

Къызэрыхъуа щlыпlэмрэ къызэрыхъуа щlыкlэм, икlи къызэрыlу щlыкlэм гурыlуэгъуэ къызэрыпхуищlащи, ″хь″ макъыр къызхэзыгъэlукla псэущхьэм езым натуралу зызэригъэлъагъуэ макъщ. Мыпхуэдэу къызхигъэlукl макъыр зызэригъэлъагъуэрэ къыпэкlуэми зызэрыпэщlитlэ макъыу зэрихьэу щытагъэнти, макъ къызхигъэlукlэмкlэрэ ухуэу щlэзыдза псэлъэбзэ пэщlэдзэхэм хуэзэу, езы псэущхьэм зызэрилъытэж щlыкlэу бзэм хэхьар ″хьэ″уэ жыlэпхъэщ. ″Хьэ″р езым зызэрилъытэжым и лъабжьэм зэрезэгъкlэрэ, мыпхуэдэ макъ къыхэзыгъэlукlэрэ езым хуэдэ щlыкlэ зиlэу илъытэ нэгъуэщl псэущхьэ гуэрхэри кlуэ пэтрэ ″хьэ″уэ зэрилъытэфынури гулъытапхъэщ, е иужькlэ езым зызэрилъытэр зихъуэкlыжу ″хьэ″р нэгъуэщl псуэщхьэ гуэрхэм фlищыжагъэнщ. Ауэ ″хь″ макъыр къызхэзыгъэlукl псэущхьэм езым зызэрилъытэжрэ зыфlищыжарауэ къыщlэкlынщ ″**хьэ**″ри, ар зы ″макъ псалъэ″у ″хь″ макъым япэ къытехъукlарауэ жыlэпхъэщ.

Къызэрыхъуарэ къызэрыlу щlыкlэм къызэрыгуэкlкlэ, ″хь″ макъыр кlуэ пэтрэ псэущхьэм и гугъуехьыр къызэрыриlу щlыкlэкlэ зэрихьэуи щlидзагъэнщ. Мы лъагъуэм зэрырикlуэкlи, псэущхьэм гугъуехьыгъуэу игъэзащlэ lуэхугъуэхэм теухуауэ зэрихьэ ″**хьы**″ыр ″**хьы**н″ глаголыр къызтехъукlыжыну псэлъэпкъращ. Аращи, езым зызэрилъытэжа ″хьэ″ псалъэм къыкlэлъыкlуэу ″хь″ макъ мыхьэнэр бзэм зы ″макъ псалъэ″у ″хьын″ lуэхугъуэ къыриlуу хэхьауэ жыlэпхъэщ. Икlи япэрей цlыху лъэпкъыр зыгуэрхэр зыхьрэ зезыхьэ псэущхьэу зэрыщытаращ антропологие щlэныгъэкlи зэрылъытэр.

Ауэ ″макъ псалъэ″хэу ″хьэ, хьын″ыр бзэм зэрыхэха щlыкlэкlи зэпыщlэныгъэ зэрызыхуаlэр гулъытапхъэщ. ″Хьэ″ псалъэу псэущхьэм езым зызэригъэлъагъуэу япэ къэхъуа псалъэрами, ар абы къыкlэлъыкlуэу бзэм хэхьауэ жыхуэтlа ″хьын″ lуэхугъуэми пыщlэныгъэ зиlэ зы псалъэу аргуэру зыкъегъэлъэгъуэжыр. Аращи, ″хь″ макъыр езым зызэрилъытэжкlэрэ бзэм зэрыхэхьар зы ″макъ псалъэ″у ″хьэ″уэщи, ″э″ макъым игъэзащlэ къалэнымрэ адыгэбзэр зэрызэпкъырыува щlыкlэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, ″хьын″ lуэху зыгъэзащlэр ″хьэ″уэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ.

Гулъытапхъэщи, ″хьын″ псалъэр зыгъэзащlэр ″хьэ″уэ зэрылъытапхъэм ипкъ иткlэ, ″хьын″ым ″хьэ″ псалъэр егъэпэжыжыр. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, ″хьын″ псалъэр япэ къэхъуауэ щытатэми, ар зыгъэзащlэ псэущхьэр зэрыигъуэкlэрэ ″хьэ″уэт зэрылъытапхъэр. Ауэ, ″хь″ым къытехъукlа мы ″макъ псэлъэ″итlым япэ къэхъуар псэущхьэм езым зызэригъэлъагъуэ макъыу ″хь″ым къытехъукlарэ псэущхьэм зызэрилъытэжа ″хьэ″ псалъэрауэ жыlэпхъэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэщи, япэ къэхъуа макъхэм щыщ ″хь″ макъыр къызэрыхъуарэ къызэрыlум зэрезэгъкlэрэ натуралрэ макъ мыхьэнэуэ къызхэзыгъэlукlа псэущхьэм езым зыкъызэригъэлъагъуэрэ (хьэ) игъэзащlэхэр (хьын) зэрилъытэкlэрэ зэрихьэу зэрыщидза ″хьэ, хьын″ псалъэхэмрэ, абыхэм къатехъукlыжу лъытапхъэ псалъэхэр зэрыухуэрэ бзэм щызекlуэу зэрыщlидзам и зэхуакум зэманыгъуэу мащlэ дэлъу къыщlэкlынкъым. Ар дыдэуи, ″хь″ыр и макъ мыхьэнэкlэрэ псалъэ кlэухыу (ижыхьын, къэкlухьын) бзэм хэлэжьыхьу щыщlидзари зи гугъу тщla мы ″макъ псалъэ″хэм (хьэ, хьын) елъытауэ куэду иужькlэу къыщlэкlынщ.

Къызхигъэlукl ″хь″ макъыр къызэрыlурэ къыхуигъэзащlэм ипкъ иткlэ, езым зызэрилъытэж псалъэу ″хьэ″уэ бзэм зэрыхэхьар гурыlуэгъуэщ. Икli ″хьэ″м езым мы зызэрилъытэ щlыкlэкlэ илъытэу щlидзауи жыlэпхъэщ нэгъуэщl псэущхьэхэри. Ауэ кlуэ пэтрэ, езыр абыхэм къызэрыщхьэщыкlымрэ псэущхьэ псори мыпхуэдэу зэрымылъытапхъэм гулъытэ зэрыхуищlкlэрэ, езымрэ псэущхьэ гуэрхэр зэхуэдэу зэрилъытар зэхигъэкlыу щlидзагъэнти, мыпхуэдэурэ езымрэ псэущхьэ гуэрхэр зэрилъытэ псалъэхэр щlэуэ къигъэщlыжу щlидзагъэнщ. Арагъэнщи, мы и гулъытэ зэхъуэкlыныгъэм къызэрыгуэкlкlэ, езыр ″хьэ″уэ илъытахэм къыхигъэщхьэхукlыу ″цlыху″ зыфlищыжагъэнщ; икli нэгъуэщl псэущхьэ гуэрхэми зэрыхуэфащэкlэ цlэ фlищу щlидзагъэнти, зыхуэфащэу илъытэ псэущхьэ гуэрхэми ″хьэ″р я цlэуэ къытыригъэнэжагъэнщ. Мыпхуэдэу гулъытэныгъэу къыхуэкlуэ зэхъуэкlыныгъэм е мыбы нэхъыбэуи лъытапхъэу къыхуэкlуэ зэхъуэкlыныгъэм къызэрыгуэкlрагъэнщи, зэхуэдэу ″хьэ″уэ илъыта псэущхьэхэм езым зыкъыщхьэхигъэхукlыжу ″цlыху″ зыфlищыжагъэнщ. Е, къыхуэкlуа зэхъуэкlыныгъэм къызэрыгуэкlкlэ, езыр закъуэр зызэрилъытауэ щыта ″хьэ″р и блэкlарэ и ябгагъэм теухуа щlыкlэ зиlэу къызэрыщыхъужым ипкъ иткlэ, а нэхъ ябгэу илъытэ псэущхьэ гуэрхэм ″хьэ″р фlищыжагъэнщ.

Дауэми, зы ″макъ псалъэ″у ″хьэ″р иужькlэ ″цlыху″ зыфlэзщыжа псэущхьэм езым зызэрилъытэу щытарат. ″Хьэ″м ипlэ ″цlыху″ псалъэр зэриувам папщlэ, ″хьэ″м щхьэжу ″цlыху″ илъытэу бзэм хэтыжкъым, - дэтхэнэ зы цlыхур щхьэжу ″хьэ″уэ къедъджэкъым; ауэ нобэ ″цlыху″ жыхуэтlэм япэу зызэрилъыта псалъэу бзэм зэрыхэтар къыхощри, ″хьэ″р

бзэ лэжьэкlэ гуэрхэм ″цlыху″м ипlэкlэ щызекlуэу нобэм къэсауэ бзэм хэтщ.

″Хь″ макъым къытехъукlа ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ мы къэтlуэтахэр а макъыр къызэрыхъуа щlыкlэмрэ и макъ мыхьэнэм къытехъукlа лэжьэкlэщ. Ауэ и гугъу зэрытщlащи, цlыхум езым япэу зыфlищыжауэ щыта ″хьэ″м нэмыщl, адыгэбзэм ″хьэ″р зы ″макъ псалъэ″у зы псэущхьэ лъэпкъми (**хьэ**), зы гуэдз лъэпкъми (**хьэ**) фlэщыгъэцlэ хуэхъуауэ хэтщ.

″Хьэ″м ипlэм ″цlыху″ псалъэр иувэжа нэужь, езым мы и фlыщыгъэцlэу щытар (хьэ) зэхуэмыдэ щыlэгъуэ зиlэхэм (зы псэущхьэрэ зы къэкlыгъэм) теухуа фlэщыгъэцlэу зэрызырихьэр гурыlуэгъуэщи, мы фlэщыгъэцlэхэу ″хьэ″р бзэм зэрыхэхьэжар цlыхум езым зыфlищыжа ″хьэ″м елъытауэ иужькlэ къызэрыхъуари гурыlуэгъуэщ. Ауэ зы еплъыкlэкlэ, езым зызэрилъытам хуэдэу нэгъуэщl псэущхьэ гуэрхэми ″хьэ″ зэрыфlищари жыlэпхъэщи, ахэр ″хьэ″уэ зэрилъытар езым ″хьэ″уэ зызэрилъытэжам къызэрыкlэлъыкlуэм папщlэ, я зэхуакум зэманыгъуэшхуэ дэлъкъым. Ауэ езымрэ а псэущхьэхэм зэкlэлъыкlуэу ″хьэ″ фlищауэ щытамэ, мыбыхэмрэ зы къэкlыгъэм ″хьэ″ зэрыфlищам и зэхуакум зэманыгъуэфl зэрыдэлъыр гурыlуэгъуэщ.

*″**Хь**″ макъым къытехъукl **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэрауэ *″**хь**″ макъым къытехъукlа ″**макъ псалъэ″**хэр **къыпыхьэ макъкlэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Хь″ макъыр япэ къэхъуа макъхэм зэрыщыщыр гурыlуэгъуэщ, икlи бзэ зыухуэжа псэущхьэу щыт цlыхум япэ зыфlища цlэр къызтехъукlари ″хь″ макъращ. ″М″ыкlэрэ гурыlуэгъуэ къыхуэхъуам къыкlэлъыкlуэу къэхъуарэ а гурыlуэгъуэ къыхуэхъуам теухуауэ щlапхъэм зэрыхуэщlэкъур ″н″ыращ къэзыгъэлъагъуэри, абы къыкlэлъыкlуэ макъыу зи пlэ зыгъуэта ″хь″ макъыр мы зыхущlэкъум теухуа и реакцэр утыку къызэрырилъхьэрэ езы псэущхьэм зызэригъэлъагъуэ макъращ. Мыбы зэрезэгъщи, езым и цlэри ″хьэ″уэ илъытагъэнти, мыр адыгэбзэ архивым хэтщ. ″Хь″ макъыр икlи зы гугъуехь макъщ, адыгэбзэми ″хьын-къэхьын″ lуэхугъуэхэр зэрылъытэ глаголу хэтщ. Ар мыбы къыщlидзэу, ″хьын″ыгъэ зиlэу гъэзащlэ lуэхугъуэхэр къызэрыlуатэ псалъэхэр къызтехъукlауэ зы макъщ. Аращи, ″хьын″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэу утыку къихьа глаголыщlэхэм нэмыщl, ахэр къэхъуу зэрыщlидзэм къыкlэлъыкlуэу, иужькlэ ″хь″кlэрэ гъэзащlэу утыку къихьа псалъэхэри къэхъуащ.

Глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпыхьэу ″хьын″ глаголыр префиксиалу мэухуэжри, мыпхуэдэ щапхъэхэщ мыхэр: «къэхьын, зэдэхьын, хуэхьын, фlэхьын, нэхьын; хьыфын, хьыжын, хьыжыфын; къэхьыжын, хуэхьыжын, фlэхьыфын, нэхьыжыфын».

″Хьын″ lуэхур къызэрекlуэкlрэ зы гъуэгуанэ зэрихькlэрэ зэрыгъэзащlэр глаголым префиксу къыпыхьэ макъ мыхьэнэхэм зэрелъытакlэрэ ″э″ кlэухкlэрэ ухуэжу префиксиал глаголхэри утыку къохьэр. Мыпхуэдэу ″хьын″ глаголым префикс хуэхъу макъхэмкlэрэ ″э″ кlэух иlэу ухуэж глагол щапхъэщ мыхэри, я лэжьэкlэм теухуа щапхъэхэри тхыхьым дэту къэттынщ: «ихьэн (изохьэ), lухьэн (lубохьэ), гуэхьэн (гуехьэ), дэхьэн (дывохьэ), техьэн (тыдохьэ), щlэхьэн (щlахьэ), кlэрыхьэн (кlэрызохьэ), къуэхьэн (къубохьэ), хэхьэн (хехьэ), пыхьэн (пыдохьэ), флэхьэн (флывохьэ)».

Мы къэта префиксиал глаголхэр икlи суетым езым зихьын lуэхугъуэу зэреджапхъэр гулъытапхъэщи, зыхуэгъэзащlэм елъытауэ мыхьэнитl зиlэ глаголхэщ. Щхьэжу ″хьын″ глаголыр зыгуэрым теухуауэ гъэзащlэ lуэхугъуэщи, ар зэрыгъэзащlэ щlыкlэм елъытауэ ″э″ кlэухкlэрэ къэlуу ухуа мы префиксиал глаголхэр икlи суетым езым зихьын lуэхугъуэ къизыlуэ псалъэхэщ. Араща, префикс макъым утыку къырилъхьэ формэм теухуауэ суетым езым зызэрихь щlыкlэри ″э″ кlэухкlэ къэlуатэу ухуа мы глаголхэм хуэдэущ къызэрыlуатэри, ипэкlэ къэта мы префиксиал глаголхэр мыпхуэдэуи зэрыщытыр и лэжьэкlэкlэ тхыхьым дэту къэтхьынщ: «ихьэн (сохьэ), lухьэн (ylуохьэ), гуэхьэн (гуохьэ), дэхьэн (фыдохьэ), техьэн (дытохьэ), щlэхьэн (щlохьэхэ), кlэрыхьэн (сыкlэрохьэ), къуэхьэн (укъуохьэ), хэхьэн (хохьэ), пыхьэн (дыпохьэ), флэхьэн (фыфlохьэ)».

″Хьын″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр префикс зэрыхуэхъурэ ″э″ кlэухи къищтэу ухуэж префиксиал глаголхэм и гугъу тщlащ, икlи мыпхуэдэхэр суетым игъэзащlэ ″хьын″ lуэхугъуэ кlуэтэныгъэу зэрыщытым нэмыщl, езы суетыр префикс макъ мыхьэнэм утыку къырилъхьэ формэм хуэкlуэу зэрыкlуатэрэ зэрихьри къызэрыlуатэ глаголхэу зэрыщытыр къэдгъэлъэгъуащ. ″Хьын″ lуэхуу гъэзащlэр зыщыгъэзащlэ щlыпlэм гъэтlылъын lуэхугъуэри, мыпхуэдэу икlи префиксиалу (и, ly, гуэ...), икlи ″гъэтlылъын″ lуэхугъуэр къызэрыхэщу (лъ), икlи ″э″ кlэух иlэу (хь-э) зэрыухуэнур (и-лъ-хьэ-н) гурыlуэгъуэнщ. Араща, зыгуэрыр зы щlыпlэм хьынрэ щыгъэтlылъын lуэхугъуэр къызэрыlуатэ щlыкlэу, ″хьын″ глаголым къытехъукlыж префиксиал глаголхэщ мыхэри, я лэжьэкlэм теухуа щапхъэхэри тхыхьым дэту къэттынщ: «илъхьэн (изолъхьэ), lулъхьэн (lуболъхьэ), гуэлъхьэн (гуелъхьэ), дэлъхьэн (дыволъхьэ), телъхьэн (тыдолъхьэ), щlэлъхьэн (щlелъхьэхэ), кlэрылъхьэн (кlэрызолъхьэ), къуэлъхьэн (къуболъхьэ), хэлъхьэн (хелъхьэ), пылъхьэн (пыдолъхьэ), флэлъхьэн (флыволъхьэ)».

″Хьы″н глаголыр зэрилъабжьэкlэрэ ухуа префиксиал глаголхэщ мы къэта щапхъэхэр, икlи ″хьын″ым къызэрытехъукlар нэрылъагъущ. Ауэ ″хь″ макъыу ″хьын″ lуэхугъуэ къызтехъукlар икlи мы и мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыфынур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэу дэтхэнэ зы

lуэхугъуэр зэрыхьрэ зэрыкlуатэр къыриlуу псалъэхэм кlэухрэ суффикс зэрыхуэхъуфынури гулъытапхъэщ. Ауэ, ″хьын″ lуэхугъуэу лъытапхъэщ ″хь″ макъыр бзэм зэрыхэхьа щlыкlэри, мыбы куэду иужькlэу лъытапхъэщ икlи ″хь″ макъыр псалъэхэм кlэухрэ суффикс хуэхъуу макъ мыхьэнэкlэрэ псалъэ мыхьэнэр зэригъэкlуатэ щlыкlэу бзэм хэлэжьыхьу щыщlидзар. Зы lуэхугъуэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэм елъытащи, ар зыщыгъэзащlэрэ зэрыгъэзащlэ щlыкlэм зы зэманыгъуэрэ зы гъуэгуанэ щихьым деж, а lуэхум теухуа глаголыр префиксиалу зэрыухуэжрэ ″хь″ырэ ″хь-э → хьэ″ри суффикс зэрыхуэхъукlэрэщ къызэрыlуатэр. Мыпхуэдэ лэжьэкlэр ″хь″ым теухуа суффикс къалэну зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, абы илъабжьэкlэ и гугъу щытщlынщ, ауэ мыбдежым мыбы теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «уэн → иухьын; сын → lусыхьын; жьэн → дэжьыхьын; псэлъэн → тепсэлъыхьын; кlуэн/къэкlуэн → къэкlухьын».

″Хьэ″р ″цlыху, зы псэущхьэ лъэпкъ, зы къэкlыгъэ лъэпкъ″ым теухуауэ хэтщ адыгэбзэм ″макъ псалъэ″хэуи, абыхэм нэгъуэщl макъхэр къапыхьэу къатехъукlыж псалъэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Япэрауэ ″цlыху″ зи мыхьэнэ ″хьэ″р къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу къытехъукlыжа псалъэхэщ мы илъабжьэкlэ къэтахэри, ахэр ″макъ зэгуэт″ щlыкlэкlэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым папщlэ, иужькlэ нэхъ щыгъуазэ дыхуэхъужынущ: «щхьэ, тхьэ».

″Хьэ″р зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэхьар япэрауэ цlыхум теухуауэщи, мы ″хьэ″ псалъэм къыкlэлъыкlуэ макъхэмкlэ абы къытехъукlыжу утыку къихьа псалъэщ мыхэри: «хьей-2 (1: цlыху вей. 2: цlыхуу зэрыщытыр къыхэщ псалъэу ″хьэ″м щыщу ей: ″уэ хьей!; къаклуэт хьей″»; «хьэдэ, хьэдагъэ, хьэдырыхэ»; «хьэблэ»; «хьэгъэрей (хэгъэрей), хьэгъуэ-лlыгъуэ → хьэгъуэлlыгъуэ»; «хьэлъэ, хьэпэ-шыпэ → хьэпшып (хьэпэ-ы-шыпэ-ы), хьэху».

Езым нэмыщlыу псэущхьэ гуэрхэри ″хьэ″уэ илъытэу, е ″цlыху″ зызфlищыжа нэужь илъытэжу зэрыщытым къыщымынэу, езым ″цlыху″у зилъытэжа нэужь, и блэкlарэ ″хьэ″уэ зызэрилъытэу щытар мыхъуныгъэрэ пыудыгъэу илъытэжагъэнти, мыпхуэдэу зэпкъырыува псалъэхэр адыгэбзэм къыхощыр. Аращи, мыпхуэдэу къэхъуауэ лъытапхъэщ адыгэбзэм хэт мы псалъэхэр: «хьэуэ, хьэl, хьэlэ; хьэмэрэ»; «″хьэ и напэ″ → хьэинапэ – хьенапэ (мыбдежым къыщыlуатэри цlыху вейуэ щыт ″хьей″рауэ зэрыщымытыр гурыlуэгъуэщ); «хьэулей, хьэулеин (мы псалъитlыр ″цlыху″ зызфlищыжа нэужь, къызхэкlарэ ″хьэ″уэ зызлъытэжауэ щытам къилэжьыр езым и лэжьыгъэрэ и щlеиным елъытауэ пщlэ зимыlэрэ лэжьыгъэу зэримылъытэм къытехъукlа псалъэхэу лъытапхъэщ)».

″Хьэ″р цlыхум япэу зызэрилъыта псалъэрати, ар ″цlыху″у щызэхъуэкlым ″хьэ″ псалъэр нэгъуэщl гуэрхэм теухуауэ бзэм къыхэнауэ е хэхьэу зэрыщlидзар гурыlуэгъуэщ, ауэ мы зэхъуэкlыныгъэм ″хьэ″р бзэм

япэу езыр (цIыху) зыкъызэриIуэж щIыкIэкIэ зэрыхэхьам и лъабжьэр щIихъумэфакъым. Аращи, ″хьэ″м ипIэкIэ ″цIыху″ псалъэр иувауэ бзэм къыщекIуэкIыу къэгъуэгурыкIуами, мы гъуэгуанэ кIыхьым и зы дэтхэнэ лъэхъэнэми ″хьэ″р цIыху лIэужьыгъуэу зэрыщытыр зэрыщIэмыхъумар бзэ лэжьэкIэм къыхощыр. ″Хьэ″р ″цIыху″у зэрылъытэкIэрэ гъунэгъу лъэхъэнэм къыщыхъуа псалъэ гуэрхэр мы жытIам и телъхьэу жыIэпхъэщ: «хьэгурыгъажэ».

Аращи, ″цIыху″ зыфIищыжа нэужь, ″хьэ″р игъэпыудрэ мыхъуныгъэу илъытами, цIыхум и псэуыкIэ ужьыныгъэм ипкъ иткIэ, и блэкIарэ и лъабжьэм пщIэ хуищIыжу зэрыщIидзэм къызэрыгуэкIрагъэнщи, щIихъумэн гугъэ зыхуиIауэ щытауэ лъытапхъэ ″хьэ″р иужькIэ жьы дыдэу щытрэ лъабжьэрэ пщIэ зиIэ цIыхур зэрылъытэ щIыкIэу бзэм хэхьэжащ: «хьэнапэ; хьэнанэ, хьэбабэ».

Зы псэущхьэ лъэпкъыр зэрилъыта ″хьэ″ псалъэм къыпыхьэ макъхэмкIэ ухуэж псалъэхэри мымащIэу хэтщ адыгэбзэм: «хьэвей»; «хьэжь, хьэшхуэ»; «хьэIуцыдз, хьэщхъурыIуэ».

Зы псэущхьэ лъэпкъыр ″хьэ″уэ зэрилъытам къыщымынэу, lэрпхъуэррэ дзэкъэныгъэ зиIэ псэущхьэхэри ″хьэ″ лIэужьыгъуэу зэрилъытарагъэнти, мы ″хьэ″ псалъэм къыкIэлъыкIуэ макъхэмкIэ къэхъуарэ псэущхьэ гуэрхэм теухуауэ адыгэбзэм хэт псалъэхэри щыIэщ: «хьэкIэкхъуэкIэ, хьэпщхупщ, хьэпIацэ; хьэдзыгъуанэ, хьэмбылу, хьэндыркъуакъуэ, хьэщхъуэ».

″Хьэ″р зы псэущхьэцIэу зэрызырихьэрэ, абыи макъ гуэрхэр къыпыхьэжу ухуэж псалъэхэмкIэ псэущхьэ гуэрхэри ″хьэ″ лIэужьыгъуэу зэрилъытари гурыIуэгъуэнщ, ауэ ″хьэ″р зы къэкIыгъэ лъэпкъми щIыфIищар гурыIуэгъуащэу лъытапхъэкъым. Псалъэхэр утыку къызэрихьам теухуауэ уеплъмэ, зы псэущхьэ лъэпкъыр ″хьэ″уэ, псэущхьэ гуэрхэри ″хьэ″ лIэужьыгъуэу зэрилъыта зэманыгъуэм иужькIэу зэрыщытын хуейр жыIэпхъэщ зы къэкIыгъэ лъэпкъри ″хьэ″уэ илъытэу щыщIидзар. Зи гугъу тщIы къэкIыгъэр цIыхум япэ къигъэкIа гуэдз лъэпкърауэ, икIи и цIэри ″хьэ″уэ зэрыщытращ щIэныгъэми къызэрыхэщри, ар зы гуэдз лъэпкъыу адыгэбзэм ″хьэ″уэ илъытэращ. Ауэ, мы гуэдз лъэкъыу япэу хисарэ мэшу къигъэкIар зэрызырихьэлIэжын хуейуэ зэрыщытми къытехъукIа псалъэуи зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщи, абы ″хьэ″ зэрыфIищам лъабжьэ хуэхъуар мырауи лъытапхъэщ. Дауэми, ″хьэ″р япэу хисэу къигъэкIа гуэдз лъэпкъми фIэщыгъэцIэ хуищIащ цIыхуми, вэн-сэн lуэхугъуэрэ шхыныгъуэхэм теухуа псалъэ куэдыр мы гуэдз лъэпкъыу ″хьэ″ращ къызтехъукIар. Мыпхуэдэу утыку къихьа псалъэхэр утыку къызэрихьарэ я зэрызэкIэлъхьэужьыкIэм щыгъуазэ дыхуэхъун папщIэ, илъабжьэкIэ къэтахэм деплъынщ.

Зи гугъу тщIы гуэдз лъэпкъыр ″хьэ″щи, абы и щхьэмыжым къыридзэ зы гуэдз закъуэр зэрылъыта псалъэр мыпхуэдэ IуэхугъуэхэмтеухуазыжыIэгъуэуи бзэм щызокIуэр: «хьэдзэ; зы хьэдзэ сиIэкъым».

ЦIыхум япэ къигъэкIыу щыта гуэдз лъэпкъыр (хьэ) игъэгъуурэ - иужькIи игъэлыгъуэу - ишхыу зэрыщытаращ нобэ щIэныгъэм зэрилъытэ щIыкIэри, мыбы зэрезэгъкIэрэ ″хьэ″р ягъэ″лыгъуэ″у ящI шхыныгъуэу нобэ ″щIакхъуэ″ жыхуэтIэр адыгэбзэм япэу зэрилъытар мыпхуэдэщ: «хьэлыгъу». – Мыбы къытехъукIащ ″хьэлыгъуанэ, хьэлъыгъушыхь → хьэлушыхь″ хуэдэ псалъэхэри.

″Хьэ″р зэрыщыту игъэлыгъуэу зэришхым нэмыщI, хьэдзэхэр тхъурэ псыкIэрэ къигъавэуи шхыныгъуэ ищIыгъэнти, мыпхуэдэу къэхъуа шхыныгъуэр зэрылъытэ псалъэщ мыр: «хьэтхъупс – хьэнтхъупс».

″Хьэ″р вэн-сэн лIэужьыгъуэрэ гъасэу зэрызэхьэлIэжым теухуауэ къэхъуа псалъэхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ мыхэри: «хьэсэ, хьэмэ, хьэуазэ, хьэцэпэцэ, хьэпэцыпэ»; «хьэнцэ».

″Хьэ″р ишхын папщIэ япэу хьэдзэхэр зэрыщыту игъэгъурэ игъэлыгъуу щытами, иужькIэ иущэбрэ ихьэжэу зэрыщIидзар гурыIуэгъуэщи, зэрихьэжэри хэтыжу, ″хьэ″м теухуауэ къыригъэкIуэкI Iуэхугъуэрэ ″хьэ″м къыхищIыкI шхыныгъуэхэм теухуа псалъэхэрщ мыхэр: «хьэжэн, хьэжыгъэ»; «хьэлывэ, хьэлIамэ»; - «″тхьэв″ псалъэри зы къарукIэ (т) ″хьэ″р е ″хьэ хьэжыгъэ″р зэрызэхапщэрэ зэрызэхагъэвыхьыр (в) къизыIуэ зы псалъэу зэпкърырыуваупIэрэт(?)».

″Хьэ″р хьэдзэ хьэдзэу е ихьэжэу зэригъэлъыгъуэрэ зэригъажьэ технологиери къигъэхъуу щытагъэнти, ″хьэ″р гъэлыгъуэнрэ гъэжьэным теухуа технологие нэхъыщхьэу къыщIэкIынщ мыр: «хьэку». ″Хьэ″м шхыныгъуэ къыхищIыкIын папщIэ, хьэдзэхэр зэрыщыту е иущэбрэ ихьэжар е хьэжыгъэ зэхипщар зэхуихьэсу ятIэ е нэгъуэщI гуэркIэ щIиуфэжу зэригъажьэм къытехъукIа зы псалъэу къыщIэкIынщ ″хьэку″ри, ″хьэ″р зи ″ку″м къызэринэр къыриIуэу зэпкърырыува зы псалъэу къыщIэкIынщ. Ауэ иужькIэ ″хьэку″ технологием ужьыгъуэ къыхуэкIуэу ″Адыгэ хьэку″ жыхуэтIэхэр утыку къихьагъэнщ.

Япэу хисэу зырихьэлIэж гуэдз лъэпкъыр ″хьэ″уэ зэрыщытым къызэрыгуэкIрагъэнщи, абы нэужьу къигъэкIа зы гуэдз лъэпкъри ″хьэ″м иригъэщхьу ″хьэпцIий″уэ зэрылъытакIэрэщ адыгэбзэм зэрыхэтыр.

*″**Хь**″ макъым къытехъукIа ″**макъ псалъэ**″хэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Хьын″ Iуэхугъуэкъызхэщуухуапсалъэхэщилъабжьэкъэтахэри, ″хь, хьэ″ макъыр псалъэхэм суффикс зэрыхуэхъу щIыкIэу къэхъуарэ зэреджапхъэм хуэдэжу, ″хьын″ псалъэ зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″уи зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ: «″псы, хьыныгъэ″ → ″псыхьэ″; кхъужьыхьэ, кхъужьыхь, мыIэрысэхьэ, мыIэрысэхь, хьэлыгъухь, хьэлъыгъухьэ, щIакхъуэхь, щIакхъуэхьэ»; «″зи уз хьын″ → зиузхьэн».

″Хьэ″р ″цIыух, зы псэущхьэ лъэпкъ, зы гуэдз лъэпкъ″ къизыIуэ ″макъ псалъэ″хэу бзэм зэрыхэт щIыкIэхэм къытехъукI ″псалъэ зэгуэт″хэри къэтхьынщ.

″ЦIыху″ мыхьэнэ зиIэ ″хьэ″ псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэщ мыхэр: «″хьэ, щIэ″ → хьэщIэ; ″хьэ, ей″ → хьей; ″хьэ, и напэ″ → хьенапэ; ″хьэ, напэ″ → хьэнапэ; ″хьэ, гу, гъэжэн″ → хьэгурыгъажэ».

Зы псэущхьэ лъэпкъыр къызэрыIуатэ ″хьэ″ псалъэр зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэщ мыхэри, мыбы щыщ гуэрхэр ипэкIэ ″хьэ″р къыпыхьэ макъхэмкIэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэхэми теухуа щапхъэхэщ: «″мэз, хьэ″ → мэзыхьэ; ″унэ, хьэ″ → унэхьэ; ″хьэ, шыр″ → хьэшыр → хьэпшыр; ″хьэ, цIыкIу″ → хьэцIыкIу»; «″хьэ-кIэ, кхъуэ-кIэ″ → хьэкIэкхъуэкIэ; ″хьэ, пщ(ын), ху, пщ(ын)″ → хьэпщхупщ; ″хьэ, пIацIэ″ → хьэпIацэ»; «″хьэ, щхъуэ″ → хьэщхъуэ; ″хьэ, цIыкIу″ → хьэцIыкIу; ″хьэ, фIыцIэ → хьэфIыцIэ»; «″хьэпэ, щыпхэ(н)″ → хьэпэщыпхэ».

Зы къэкIыгъэ лъэпкъыр къызэрыIуатэ ″хьэ″ псалъэр зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэщ мыхэри, мыбыхэм щыщ гуэрхэри къэта щапхъэхэм щыщщ: «″хьэ, лыгъу(эн)″ → ″хьэлыгъу; ″хьэ, лыв(эн)″ → хьэлывэ; ″хьэ, сэ(н)″ → хьэсэ». «″хьэ, тхъу, псы″ → хьэтхъупс – хьэнтхъупс»; «″хьэцэ, пэцэ″ → хьэцэпэцэ; ″хьэпэ, цыпэ″ → хьэпэцыпэ».

***″Хь″*** *макъ мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэр.***

″Хь″ макъыр къызэрыхъуарэ къызэрыIу щIыкIэм ипкъ иткIэ, къызхэзыгъэIукIа псэущхьэм игъэзащIэ гугъуехь IуэхугъуэрикъызэрыIуэта макъщи, бзэм ″хьын″ глаголыр зы псалъэу зэрыхэхьам и лъабжьэр мыращ. ″Хьын″ыр зы ″макъ псалъэ″ глаголу бзэм зэрыхэхьар ″хь″ макъым мы и мыхьэнэуэщи, мыпхуэдэу бзэм зэрыхэхьа щIыкIэми езэгъыущ ″хь″ макъыр и макъ мыхьэнэкIэрэи бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. Аращи, ″хь″ макъыр япэу ″хьын″ глаголыпкъыу, икIи мыпхуэдэ Iуэху зыгъэзащIэм езыми зыкъызэригъэлъагъуэ щIыкIэу ″хьэ″уэщ бзэм зэрыхэхьар. Ауэ мы ″макъ псалъэ″хэр къызтехъукIар абы и макъ мыхьэнэращи, ″хь″ыр икIи и макъ мыхьэнэкIэ псалъэхэр къэхъункIэрэ бзэм холэжьыхьыр. Абы и макъ мыхьэнэкIэрэ бзэм хигъэзэщIыхьыр бзэм япэу зы ″макъ псалъэ″у зэрыхэхьа ″хьын″ Iуэхугъуэмрэ ар зыгъэзащIэм зызэрилъыта ″хьэ″ псалъэм езэгъыущ.

Мы псалъэм зэрезэгъщи, къызкIэлъыкIуэ макърэ псалъэ мыхьэнэр зэрыхьрэ зэрыкIуэращ ″хь″ыр и макъ мыхьэнэкIэрэ бзэм кIэух макъыу зыкъызэригъэлъагъуэрэ зэрыхэлэжьыхь щIыкIэр. ″Хьын″ псалъэр къызтехъукIа ″хь″ макъыр кIэухыу зыхэту ухуэ псалъэхэм щыщщ мыхэр: «дзыхь, тыхь, кIыхь, щIыхь, лыхь»; «кхъухь – кхъуэхь»; «щхъухь, щхъухь-псыхь»; «гурыхь»; «лъэрыхь, лъэрмыхь»; «пщIыхь, епщIыхьын»; «пшыхь, дыгъуасэ пшыхь, → дыгъуэспшыхь; пщэдей пшыхь»; «щыхь».

Мы и макъ мыхьэнэкIэрэ ″хь″ыр псалъэ кIэухыу глаголхэри мэухуэр: «икъухьын, шыхьын». - ГъэкIуэтэныгъэ зи мыхьэнэ ″шэн″ Iуэхугъуэр

кIуэтэгъуэрэ гъуэгуанэм теухуащ, ауэ ар мыпхуэдэу щымытрэ зэшэкIыныгъэу щыгъэзащIэкIэ, ″шэ-ы → шы″м къыкIэлъыкIуэ ″хь″ макъкIэрэ ухуэ псалъэмкIэщ къызэрыIуатэр: «″шэ-ы-хь-н″ → ″шыхьын″».

″Шыхьын″ыр зыгуэрым къекIуэкIыу щытрэ зыгуэрым теухуауэ гъэзащIэмэ, а зытеухуарэ зэрыгъэзащIэ щIыкIэр зыгъэлъагъуэ префикс макъ къыпыхьэу зэпкъырыувэжынщ. Абы ″хь″ кIэухыр ″хь-э → хьэ″уэ щыухуэжкIи, а IуэхугъуэркъекIуэкIыу зэрыщытыр къиIуатэущ псалъэр зэрыухуэжыр. Аращи, ″шыхьын″ глаголыр префиксиалу ухуэу къэхъу глаголымрэ, абыи икIэм ″э″ къыпыхьэжу (хь-э → хьэ) къытехъукIыж глаголхэм теухуа щапхъэхэщ мыхэри: «ишыхьын – ишыхьэн, дэшыхьын – дэшыхьэн, тешыхьын – тешыхьэн, фIэшыхьын – фIэшыхьэн».

″Хьын″ глаголу зы Iуэху лIэужьыгъуэ къызтехъукI ″хь″ макъыр и мыхьэнэкIэрэ зы макърэ псалъэм къыкIэлъыкIуэмэ, а макърэ псалъэ мыхьэнэм зэрыщыту кIуэтэгъуэ хуегъэзащIэр. Мыпхуэдэ гъэзэщIэкIэр къызэрыхъум зы зэманыгъуэ зэрихьрэ а Iуэхугъуэр гъэзащIэу зэрыщытыр къызэрыIуатэращ ″хь-э → хьэ″м кIэухыу зыкъыщигъэлъагъуэр. Нэгъуэщ1ыу жыпIэмэ, къызэрыхъу щIыкIэм зы зэманыгъуэ зыхь Iуэхугъуэхэр ″хьы-э → хьэ″р къызкIэлъыкIуэ макъкIэрэ ухуэ псалъэхэм къаIуатэр. Мыпхуэдэу къэхъу псалъэхэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «ихьэн, Iухьэн, зехьэн, гуэхьэн, дэхьэн, техьэн, щIэхьэн, къуэхьэн, хэхьэн, пыхьэн, фIэхьэн»; «бгъэдэхьэн, щхьэщыхьэн». «lэрыхьэн, пхырыхьэн, пкъырыхьэн».

Мы щапхъэхэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, ахэр икIи ″хьын″ глаголыр зыгуэрым теухуауэ зэрыгъэзащIэрэ ″хьын″ Iуэхур къекIуэкIыу зэрыщытыр къизыIуэ глаголхэу зэрыщытри гулъытапхъэщ: «и-хьы-э-н → ихьэн». Аращ икIии, ″хьын″ Iуэхугъуэр зыгуэрым теухуауэ (зытеухуари префикскIэ мэгъэлъагъуэр) зэрыгъэзащIэрэ ″хьын″ Iуэхур къекIуэкIыу зэрыщытыр ″хьы-э → хьэ″кIэрэ ух псалъэкIэщ къызэрыIуатэр. НытIэ, префиксиалрэ ″хь-э → хьэ″ кIэухкIэ ухуауэ щапхъэу мы къэта дэтхэнэ зы глаголыр икIи ″хьын″ глаголым префикс къищтэу къытехъукIауи еджапхъэщ. Мы къэта щапхъэхэм еджэкIитIкIэ дыбгъэдэхьэнщи, ″хьын″ым къызытехъкIамрэ ″хь″ макъ мыхьэнэуэ ″хь-э → хьэ″ кIэух зиIэу зэпкъырыува глаголыр зэрызэщхьэщыкIым гулъытэ хуэтIщынщ: «псалъэм папщIэ, ″ихьэн″ыр ″хьын″ Iуэхур зэрыгъэзащIэ щIыкIэрэ зыхуэгъэзащIэр префикскIэрэ (и) къэгъэлъэгъуауэ ухуэжа (хьын → ихьэн) зы глаголуи лъытапхъэщи, абы и лэжьэкIэмрэ (исхьэнщ) ″хь″ыр и макъ мыхьэнэкIэрэ зы макъым (и) кIэух хуэхъуу ухуа зы глаголым и лэжьэкIэр (сихьэнщ) зэхуэдэкъым: ″хьын″ым къытехъукIар зэрыгъэзащIэ щIыкIэр (и) зыхэлъ ″префиксиал Iуэху глагол″щ (хьын → и-хьы-э-н → ихьэн), ″хь″ макъ мыхьэнэкIэрэ лажьэу къэхъуа глаголыр суетым езым ″хь″ макъыр къызкIэлъыкIуэ макъым къигъэлъагъуэм (и) зихьыж пэлъытэу

зэрыхуэкlуэр зыгъэзащlэ ″префиксиалрэ езырыжу гъэзащlэ глагол″щ (и-хь-э-н → ихьэн)».

Зэрыплъагъущи, зэхуэдэу зэпкъырыуварэ мыхьэнэкlи зэхуэлъытапхъэ мы глаголхэр (зыгуэрым зыгуэр ″ихьэн″; зыгуэрым ″ихьэн″) къызэрыхъури, зэрылажьэри (изохьэ, сохьэ) зэхуэдэкъым. ″Хьын″ым къытехъкla ″ихьэн″ глаголыр суетым игъэзащlэ зы ″хьын″ lуэхугъуэщи, а lуэхур префикс ″и″м къигъэлъагъуэ формэм ″хьын″ lуэхущ, ауэ а абы щихькlэ езы суетри абы йохьэр, ар щыхъукlи, ″хь″ макъ мыхьэнэкlэрэ лажьэу зэпкъырыува ″ихьэн″ глаголым щыгъэзащlэри (″и″м къигъэлъагъуэм хуэкlуэн) мэгъэзащlэр. Аращи, ″хь″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа ″ихьэн″ глаголыр ″и″м къигъэлъагъуэм суетым зыми зихьын lуэхуращ, ауэ ″и″м къигъэлъагъуэм суетым зыгуэр щихькlэ (″хьын″ lуэху) езыри абы йохьэри (″хь″ макъкlэрэ ухуа ″ихьэн″ глагол), ″хьын″ым къытехъукla ″ихьэн″ глаголыр зэрыгъэзащlэм lуэхуитl зэдогъэзащlэр: ″и″м къигъэлъагъуэм суетым зыгуэр зэрихьымрэ, езыми абы зызэрыдихьыр е езыри ар зыдихьым зэрыхуэкlуэрщи, ″хьын″ым ″э″ кlэух къыщlыпыхьэр мыращ. Нытlэ, зэхуэдэ глаголу ипщэкlэ къэтахэм лэжьэкlитlрэ мыхьэнитl зэрalэр гурыlуэгъуэщи, щапхъэу къэдгъэлъэгъуэнщ: «ихьэн-2 (1-исхьэнущ; 2-сихьэнущ), кlэрыхьэн (1-кlэрызохьэ; 2-сыкlэрохьэ); щlэхьэн-2 (1-щlэсхьащ; 2-сыщlэхьащ)».

Аращи, суетым игъэзащlэ ″хьын″ lуэхур зыгуэрым зэрыхуихьыр гурыlуэгъуэщи, суетым а зыгуэрыр зыдихьым езыри макlуэ – зехьыр: ″хьын″ глаголыр зэрыгъэзащlэр къизыlуэ префикс макъым lуэху гъэзэщlэкlэу къигъэлъагъуэм дэщlыгъуу суетым езыми зэрихьрэ зэрыкlуатэр ″хьы-э″уэщ зэрыгъэзащlэри, мыр къыхэщу ″хьын″ глаголым къытехъукlыу ухуэж глаголыщlэм ″хьын″ми кlуэтэгъуэ (э) игъуэту ″хьы-э → хьэ″уэ зыкъегъэлъагъуэр (″и-хьы-э-н″ → ихьэн). Мыр ″хьын″ глаголым префиксиал глагол къызэрытехъукl щlыкlэщи, мыр мыбдежым ди lуэху lэнатlэкъым, ауэ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэу утыку къихьарэ зи гугъу тщlым икlи ″хьын″ глаголым къызэрытехъукlкlэрэи узэреджэфым папщlэщ мыбдежым мыбыи и гугъу щlэтщlыр. Мыбдежым ди lуэхур ″хь″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэхэращи, мыпхуэдэу ухуэу зи гугъу тщlы мы глаголхэр (ихьэн) суетыр зыхуэкlуэр къэзыгъэлъагъуэ зы макъым ″хь″ыр и макъ мыхьэнэкlэрэ къыкlэлъыкlуэу псэлъэщlэу утыку къызэрихьэращ.

Мы щапхъэ къэтахэм хуэдэу ″хь-э → хьэ″ макъ мыхьэнэ кlэухкlэрэ гъэзащlэу утыку къихьэ глаголхэрщ мыхэри: «lэщlэхьэн, къыlэщlэхьэн, lэрыхьэн».

Ауэ мы глаголхэр зы lэпкълъэпкъыу ″lэ″м теухуауэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэщи, мыхэр ″lэ″р зы псалъэу зыхэту ухуэ псалъэхэщ: ″lэ″м ″щlэхьэн″рэ ″ихьэн″ lуэхугъуэу къэхъу глаголыщlэхэщ. Мы къэта щапхъэхэм нэмыщl, мы глаголхэм ″lэ″р зы lэпкълъэпкъ къизыlуэ псалъэу

зэрыхэт щlыкlэу ″lэ″м ихьэрэ lэрыхьэныгъэ хъур къыриlуэу, икlи ″lэ″р макъ мыхьэнэкlэрэ зы lэнатlэ къызэрыриlуэкlэ еджапхъэу ″хь-э → хьэ″ кlэухкlэ гъэзащlэу ухуэ псалъэхэри щыlэщ: «lэхьэ – lыхьэ (lэ-ы-хьэ)».

Мы къэтlуэтарэ къэта щапхъэхэм къыпыщапхъэу ″хь″ макъым игъэзащlэ къэлэнхэм теухуа щапхъэщи, ″хь″ макъ мыхьэнэ ″хь-э → хьэ″ кlэухкlэрэ утыку къихьа псалъэхэщ мыхэри: «бжьыхьэ»; «пщыхьэщхьэ»; «пщlыхь → пщlыхьэпlэ».

Мы щапхъэхэм нэмыщl, утыку къихьагъэххэу щыт зы глагол псалъэм икlэм къыпыхьэж ″хь″кlэрэ зы псэлъэщlэ –глаголыщlэ- къытохъукlыр: «къэкlуэн → къэкlухьын, къэкlухьэкlуэ, къэжыхьын, къэжыхь»; «увын → къэувыхьын; къэкlухьын, шыхьын, къэжыхь».

″Хь″ макъыр къызхэзыгъэlукl псэущхьэм езым зызэригъэлъагъуэ макъщ, икlи зы гугъуехь макъыу а псэущхьэм игъэзащlэ гугъехь lуэхугъуэ къизыlуэ макъщи, макъыр бзэ мыхьэнэуэ занщlэу зэрыухуа ″макъ псалъэ″хэм и гугъу тщlащ. Ауэ, псэущхьэм езым зыкъызэригъэлъагъуэр икlи зыгуэрым зэрызыпыщlитlэрэ зэрыщыхьэри натуралу утыку къизылъхьэращи, мыри ″хь″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэу утыку къызэрихьэфынур гурыlуэгъуэнщ. Мы зи гугъу тщlыр зы ″макъ псалъэ″къым, ауэ ар мы и мыхьэнэкlэрэ ″хь″ макъыр зыхэт зы псалъэу къыщыlуатэм деж, ар а нэхъ мащlэу, псэущхьэм езым зызэрилъытэжрэ гугъуехь lуэхугъуэ къыриlуэу утыку къихьа ″макъ псалъэ″хэм и ныбжьу лъытапхъэщ. Аращи, ″макъ псалъэ″у щымытми, мы зи гугъу тщlы псалъэм и мыхьэнэр ″хь″ макъ мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжькlэрэ къэхъуауэ ипщэкlэ щапхъэу къэта псалъэхэм елъытауэ нэхъ жьыуэ лъытапхъэщ. Мы зи гугъу тщlы псалъэр иужькlэ зэпкъырыуваuэ лъытапхъэми, мы псалъэм и мыхьэнэр ″хь″ макъыр къызэрыхъурэ зи гугъу тщla ″макъ псалъэ″хэу япэу бзэм зэрыхэхьэм хуэдизкlэ жьыуэ жыlэпхъэщ. Аращи, зыгуэрым зыпыщlэтlэн lуэхугъуэр - ар зэрыгъэзащlэри къигъэлъагъуэу - ″щы″м къыкlэлъыкlуэу ″хь″ макъ мыхьэнэуэ ″хь-э → хьэ″кlэрэ е псэущхьэм зыкъызэригъэлъагъуэ мыхьэнэуэ ″хьэ″кlэрэ зэпкъырыувэ псалъэщ: «щыхьэн, къыщыхьэн, зэщыхьэн, зэщыхьэжын».

″Хь″ыр макъ гупым зэрыхэткlэрэ ухуэ псалъэхэм щыщу къэта ″lэхьэ, lыхьэ″ псалъэр ″lэ″р зы lэпкълъэпкъыцlэу зэрылъытэкlэрэ къэхъуауэ лъытапхъэмэ, мыбдежым щапхъэу къэхьыныр зэрыигъуэнур гулъытапхъэщ. Аращи, ″lэ″м къыlэщlэхьэр ихьыфыр къызиlуэу лъытапхъэмэ, мы псалъэр ″lэ″ псалъэм къыпыхьэ ″хь″ макъ мыхьэнэкlэ ухуауэ лъытапхъэщ: «lэхьэ – lыхьэ (lэ-ы-хьэ)».

*″**Хь**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

И макъ мыхьэнэм елъытащи, ″хь″ макъым префикс къалэн игъэзащlэкъым, ауэ глаголхэр зытеухуа lуэхур къекlуэкlыу зэрыщытрэ

зэманыгъуэ ихьу къызэреклуэкlыр ″хь″ыр клэух язэрыхуэхъукlрэщ зэрыгъэзащlэри, ″хь″ым игъэзащlэ суффикс къалэныр мыпхуэдэщ.

Суффикс къалэн жыхуэтlэр псалъэу утыку итым къыпыхьэу ар зэригъэлажьэращи, мыпхуэдэу суффикс къалэн зэрыгъэзащlэри макъ мыхьэнэклэрэщ. Ар щыхъукlи, суффикс къалэн зэрыгъэзащlэмрэ а макъыр макъ гупым клэухыу зэрыхэткlэрэ ухуэ псалъэхэм хигъэзэщlыхьым хуэдэщ. Аращи, ипщэклэ ″хь″ макъыр клэух зэрыхъукlэрэ ухуэ псалъэхэм хигъэзэщlыхь мыхьэнэращ суффикс зыхуэхъу псалъэхэми ″хь″ым яхуигъэзащlэр.

Суффикс къалэнкlэрэ клэух щыхуэхъум деж, а псалъэр зытеухуа lуэхугъуэр къеклуэкlыу зэрыщытрэ зы зэманыгъуэ зэрихьращ ″хь″ макъым игъэзащlэри, абы и макъ мыхьэнэм ипкъ иткlэ мы игъэзащlэр зэрыигъуэкlэрэ глаголхэращ зыхуигъэзащlэр. Ар зы глаголым суффикс хуэхъун папщlи, а глаголым утыку къырилъхьэ lуэхум езым зы зэманыгъуэрэ гъуэгуанэ ихьу щытын хуейкъым. Мыпхуэдэу щытмэ, ″хь″ыр а глаголым клэух щыхуэхъум деж, утыку къихьэ глагол гъэзэщlэклэр зы зэманыгъуэрэ гъуэгуанэ зэрихькlэрэ къэlуатэу зэпкъырыувэкъыми, и гъэзэщlэкlэрэ зэхъуэкlыу мыхьэнэщlэ зиlэ глагол утыку къохьэр (шэн → шыхьын). Аращи, мыпхуэдэ глаголхэр езыр зэрыкlуатэрэ гъуэгуанэ зэрихьыр зыхэлъыж глаголхэращи, абыхэм ″хь″ къыщыпыхьэм деж, мыр суффикс къалэну лъытапхъэкъым, ″хь″ макъ мыхьэнэ клэухкlэрэ ухуэж глаголыщlэу lуэхугъуэщlэу лъытапхъэщ. Нытlэ, ″хь″ыр дэтхэнэ зы глаголми суффикс къалэн хуигъэзащlэу жыlэпхъэкъым, ауэ глагол нэхъыбэм клэух зэрыхуэхъуфынур гурыlуэгъуэщ, икlи суффикс къалэн язэрыхуигъэзэщlэфри гурыlуэгъуэщ.

Аращи, ″хь″ыр суффикс зыхуэхъуну глаголыр зытеухуа lуэхугъуэр къызэреклуэкl щlыклэм езым зэманыгъуэрэ гъуэгуанэ зэрихьыр къыхэщу щытын хуейкъыми, а lуэхур зэманыгъуэрэ гъуэгуанэ ихьу къызэреклуэкlыр глаголым ″хь″ суффикс къищхьэущ зэрыгъэзэщlэн хуейр. Мы зи гугъу тщlы lуэхугъуэр къизыlуэ глаголыр щхьэжу щыгъэзащlэклэ зы зэманыгъуэрэ гъуэгуанэ ихькъыми, а глаголым езым къыхэмыщу щыт зэманыгъуэрэ гъуэгуанэ зэрихькlэрэ щыгъэзэщlэну щlыклэщlэращ ″хь″ суффикс къыпыхьэу зэрызэпкъырыувэжыр.

Tlанэ, езы глаголыр зытеухуа lуэхур мыпхуэдэу гъэзащlэ lуэхугъуэу щыщымыткlэ, а глаголыр мыпхуэдэу гъэзащlэу зэпкъырыувэжын папщlэ, мыр а глаголыр зыгуэрым зэрыхуэгъэзащlэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэщи, мы lуэхур зэрыгъэзащlэ щlыклэрэ зыгуэрым зыхуэгъэзащlэр къизыlуэ макъ гуэрхэри а глаголым префикс хуэхъуни хуейщ. А lуэхур зэрыгъэзащlэ щlыклэрэ зыхуэгъэзащlэр зы формэу утыку къизылъхьэ макъхэращ префиксхэм ягъэзащlэри, дэтхэнэ зы формэрэ гъэзэщlэклэм ит дэтхэнэ зы глаголри ″хь″ суффикскlэрэ зэрымыгъэзэщlэфынури хэлъщ. Нытlэ, ″хь″ макъыр зы глаголым суффикс

хуэхъун папщIэ, а глаголыр зытеухуа IуэхурⅡхьⅡыкIэрэ зэрыгъэзащIэрэ зыхуэгъэзащIэ щIыкIэр къэзыгъэлъэгъуэфыну макъ гуэрхэращ а глаголым префиксу къищтэни хуейр. Араща, зы глаголым ⅡхьⅡ суффикс къищтэн папщIэ, а глаголыр зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къизыIуэ префиксхэр дэтхэнэхэрами зэхэгъэкIын хуейщи, префикс хъуну макъыр глаголым утыку къырилъхьэ IуэхурⅡхьⅡыкIэрэ зэрыгъэзэфыну щIыкIэрэ формэр къизыIуэ макъыу щытын хуейщ. Мыпхуэдэхэр префикс щыхъукIэ джыпIэрэ щIыпIэу позицэ формэ къэзыгъэлъагъуэ макъхэращи, Ⅱи, Iу, гуэ (гу-э), дэ, те (тэ-и), къуэ (къу-э), хэ, пы, флэⅡ макъхэр мыпхуэдэщ. Мыпхуэдэу игъуэу префикс къищтэрэ ⅡхьⅡыр суффикс хуэхъуу префиксиалрэ суффиксиалу ухуэж глаголхэращ ⅡхьⅡ суффикс зыхэплъагъуэ глаголхэр. НытIэ, зы глаголым мыбыхэм щыщ зы префиксрэ ⅡхьⅡ суффикс къищтэу зэрыухуэжым теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «тIын → **дэ**-тIы-**хь**-н → **дэт**Iы**хь**ын».

Ⅱ Хь Ⅱ ыр суффикс зыхуэхъу глаголыр зытеухуа Iуэхур зэрыгъэзащIэр гурыIуэгъуэ къытхуэхъуащи, мыпхуэдэу гъэзащIэ мы Iуэхум езыри Ⅱгъэзащ Iэу зэрыщытⅡрэ Ⅱкъекl уэкIыу зэрыщытⅡри бзэм и хабзэкIэ Ⅱхь Ⅱым Ⅱэ Ⅱ къыпыхьэжу Ⅱхьэ Ⅱ суффикскIэрэ къызэрыIуатэм ипкъ иткIэ, глаголхэр Ⅱхь Ⅱ макъ мыхьэнэ кIуэтэгъуэу Ⅱхьэ Ⅱ кIэухкIэрэи мэухуэфыр. НытIэ, Ⅱхь Ⅱ суффикскIэрэ ухуэ зы глаголым Ⅱэ Ⅱ къызэрыпыхьэу къызэрыIуэтэжымрэ зы глаголыр Ⅱхь Ⅱ макъ мыхьэнэуэ Ⅱхьэ Ⅱ суффикскIэрэ зэрыухуэжым теухуа щапхъэхэри къэтхьын: «дэтIыхьын → дэтIыхь-**э**-н → дэтIы**хьэ**н»; «тIын → **дэ**-тIы-**хь**-**э**-н → **дэт**Iы**хьэ**н».

Мы къэтIуэтахэр зыхэплъагъуэу Ⅱхь Ⅱ ыр суффикс зыхуэхъу глаголхэм теухуа щапхъэхэр ипэкIэ къэта Ⅱ макъ глагол Ⅱ хэм теухуауэ къэтхьынщ. Ауэ зэрыгурыIуэгъуэу, Ⅱхь Ⅱ макъыр суффикс зыхуэхъуну Iуэхугъуэм зы зэманыгъу ихьынущи, мыпхуэдэ зэманыгъуэ зымыхьыну глаголхэм Ⅱхь Ⅱ ыр суффикс хуэхъуныр игъуэкъым. Зы зэманыгъуэ зыхьыну зи гугъу тщIы Iуэхугъуэр икIи игъуэ щIыпIэм къекIуэкIыу щыт Iуэхугъуэрщи, мыпхуэдэ глаголхэм я гъэзэщIэкIэращ Ⅱхь Ⅱ суффикскIэрэ гъэзащIэр. Ар щыхъукIи, Ⅱхь Ⅱ ыр суффикс зыхуэхъу глаголым мы игъуэ щIыпIэр зэрылъытэ префикси къищтэн хуей мэхъур. НытIэ, зи гугъу тщIа Ⅱ макъ глагол Ⅱ щапхъэхэм щыщу Ⅱхь Ⅱ суффикскIэрэ гъэзащIэ глаголхэм теухуа щапхъэхэр глаголхэм игъуэ префикс къызэращтэ щIыкIэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ, икIи и мыхьэнэрэ зэрыгъэзэщIэфыну щIыкIэкIэ Ⅱхь Ⅱ ыр суффикс зыхуэмыхъупхъэ глаголхэри къыхэдгъэщынщ: «ин → иихьын, Iуихьын, гуэихьын, дэихьын, теихьын, щIэихьын, къуэихьын, хэихьын, пыихьын, флэихьын»; «ун → -»; «уэн → Ⅱуэ-ы-хь-н Ⅱ → иухьын; Iуухьын, гуэухьын, дэухьын, теухьын, щIэухьын, къуэухьын, хэухьын, пыухьын, флэухьын»; «Iун - Iуэн → иIухьын, IыIухьын, гуэIухьын, дэIухьын, теIухьын, щIэIухьын, къуэIухьын, хэIухьын, пыIухьын, флэIухьын»; «Iуэн → Ⅱ Iуэ-ы-хь-н Ⅱ щи, Ⅱ Iун Ⅱ ым хуэдэщ»; «сын → исыхьын, Iусыхьын,

гуэсыхьын, дэсыхьын, тесыхьын, щlэсыхьын, къуэсыхьын, хэсыхьын, пысыхьын, фlэсыхьын»; «сэн → -»; «зын → -»; «дзын → -»; «гъын → игъыхьын, lугъыхьын, гуэгъыхьын, дэгъыхьын, тегъыхьын, щlэгъыхьын, къуэгъыхьын, хэгъыхьын, пыгъыхьын, фlэгъыхьын»; «гъун → игъухьын, lугъухьын, гуэгъухьын, дэгъухьын, тегъухьын, щlэгъухьын, къуэгъухьын, хэгъухьын, пыгъухьын, фlэгъухьын»; «джын – джэн → иджыхьын, lуджыхьын, гуэджыхьын, дэджыхьын, теджыхьын, щlэджыхьын, къуэджыхьын, хэджыхьын, пыджыхьын, фlэджыхьын»; «жын → ижыхьын, lужыхьын, гуэжыхьын, дэжыхьын, тежыхьын, щlэжыхьын, къуэжыхьын, хэжыхьын, пыжыхьын, фlэжыхьын»; «жьын → -»; «жьэн → ″и-жьэ-ы-хь-н″ → ижьыхьын; lужьыхьын, гуэжьыхьын, дэжьыхьын, тежьыхьын, щlэжьыхьын, къуэжьыхьын, хэжьыхьын, пыжьыхьын, фlэжьыхьын»; «щын → -»; «щэн → -»; «щlын – щlэн → ищlыхьын, lущlыхьын, гуэщlыхьын, дэщlыхьын, тещlыхьын, щlэщlыхьын, къуэщlыхьын, хэщlыхьын, пыщlыхьын, фlэщlыхьын»; «шэн → -»; «чын – чэн → ичыхьын, lучыхьын, гуэчыхьын, дэчыхьын, течыхьын, щlэчыхьын, къуэчыхьын, хэчыхьын, пычыхьын, фlэчыхьын»; «кlын → икlыхьын, lукlыхьын, гуэкlыхьын, дэкlыхьын, текlыхьын, щlэкlыхьын, къуэкlыхьын, хэкlыхьын, пыкlыхьын, фlэкlыхьын»; «кlуэн → -»; «хъун → ихъухьын, lухъухьын, гуэхъухьын, дэхъухьын, техъухьын, щlэхъухьын, къуэхъухьын, хэхъухьын, пыхъухьын, фlэхъухьын»; «хьын → -»; «хун → -»; «лъэн → -»; «лэн → -»; «лlэн → и-лlэ-ы-хь-н → илlыхьын; lулlыхьын, гуэлlыхьын, дэлlыхьын, телlыхьын, щlэлlыхьын, къуэлlыхьын, хэлlыхьын, пылlыхьын, фlэлlыхьын»; «плын → иплыхьын, lуплыхьын, гуэплыхьын, дэплыхьын, теплыхьын, щlэплыхьын, къуэплыхьын, хэплыхьын, пыплыхьын, фlэплыхьын»; «фын → ифыхьын, lуфыхьын, гуэфыхьын, дэфыхьын, тефыхьын, щlэфыхьын, къуэфыхьын, хэфыхьын, пыфыхьын, фlэфыхьын»; «вын - вэн → и-вэ-ы-хь-н → ивыхьын; lувыхьын, гуэвыхьын, дэвыхьын, тевыхьын, щlэвыхьын, къуэвыхьын, хэвыхьын, пывыхьын, фlэвыхьын».

Мы къэта щапхъэхэр икlи ″хьэ″ суффиксу къызэрыlуэтапхъэри гурыlуэгъуэщи, кlыхь дымыщlын папщlэ, мыбдежым абыхэми теухуа щапхъэ къэтхьынкъым.

Япэми и гугъу зэрытщlащи, ″хь, хьэ″ кlэухым игъэзащlэ макъ мыхьэнэр кlуэтэгъуэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, ″э″р кlэух щыхъукlэ гъэзащlэ кlуэтэгъуэ къалэным хуэдэщ. Аращи, ″хь, хьэ″ суффикскlэрэ лажьэу ухуэж глаголу мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, ″э″кlэ ух глаголхэм ″хь″ыр суффикс щыхуэхъум деж ″э″р похур. Икlи мыпхуэдэ щыхъукlи, ″хь, хьэ″ суффикс лэжьэкlэр глаголитlым (″э″ кlэух зиlэрэ зимыlэ глаголитlым) зэрытеухуари мы къэта щапхъэхэм хыболъагъуэр. ″Э″ кlэухыр зэрыпыху щlыкlэр мыпхуэдэщ: «″джын - джэн → иджыхьын″щи, ″джэн″ыр ″и-джэ-ы-хь-н → иджыхьын″ зэрыхъум папщlэ,

мы зэпкъырыувэж глаголыр (иджыхьын) ″джын – джэн″ глаголхэм я зэхуэдэу къатехъуакlа глаголщ; мыпхуэдэщ ″щlын″рэ ар зэрыщlкlэрэ къызэрыlуатэ ″щlэн″ри зэхуэдэу (ищlыхьын) зэпкъыроувэжыр». Мыпхуэдэщ ″э″кlэ ух глаголхэу префиксрэ ″хь, хьэ″ суффикс къэзыщтэ мы глаголхэри зэрызэпкъырыувэжа щlыкlэр: «уэн, lуэн, джэн, щlэн (щlыуэ щытын), лlэн, вэн».

Зытеухуа lуэхум ипкъ иткlэ, ″хь″ макъыр суффикс зыхуэмыхъу е хуэхъуныр игъуэ дыдэу щымыт глаголхэри зэрыщыlэм и гугъу тщlащи, префикс къищтэрэ ″хь, хьэ″р суффиксу къыпыхьэу ухуэжауэ мы къэта щапхъэхэм щыщу ″хь, хьэ″р суффикс зыхуэмыхъуф глаголхэр мыхэращ: «ун, сэн, зын, дзын, жэн, жьын, щын-2 (1-щхьэц щын, 2-нэху щын), щэн, шэн, щlэн (щlэныгъэ лlэужьыгъуэу), хьын, хун, лъэн, лэн».

″Макъ псалъэ″у щыт глаголхэр инфинитив формэм зэриувакlэрэ къэта мы щапхъэхэр зэхуэмыдэ lуэхугъуэ къизыlуэрэ зы мыхьэнэм къытемынэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. ″Хь, хьэ″ макъым суффиксу зыкъызэригъэлъагъуэри глаголым и мыхьэнэм елъытауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Араща, зы глаголым къыриlуэ мыхьэнэхэм щыщ гуэрхэр ″хь, хьэ″ суффикскlэрэ лажьэу, зыгуэрхэри мылажьэу зэрыщытыфынур гулъытапхъэщ. Нытlэ, щапхъэу къэта мы макъ глаголхэм мыхьэнэбэу хэтхэм щыщ гуэрхэр ″хь, хьэ″ суффикскlэрэ щылажьэкlэ, мы лэжьэкlэр дэтхэнэ мыхьэнэм теухуами щыгъуазэ дыхуэхъунщ; - мыхьэнитl зиlэ глаголым ″хь, хьэ″ суффикс къыщыпыхьэкlэ, мы лэжьэкlэр глаголым и мыхьэнитlми теухуа, хьэмэрэ зы мыхьэнэр мыпхуэдэу къэlуатэрэ адрейр къэмыlуатэу арамэ, мыбы щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыхьэнитlыр къызыхэщ глаголхэм префиксрэ ″хь, хьэ″ суффикс къыщащтэм деж, утыку къихьэ глаголыщlэр (префиксиалрэ суффиксиал гл.) къызтехъукlа глаголым и мыхьэнитlым щыщу игъэлажьэрэ имыгъэлажьэ мыхьэнэм щыгъуазэ дыхуэхъун папщlэ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ. Илъабжьэкlэ къэтащ мы щапхъэхэри, япэу мыхьэнитlми лэжьыгъэ зэрагъуэтым теухуа щапхъэхэр къэтащ, абы къыкlэлъыкlуэ щапхъэхэр зы мыхьэнэр зэримыгъэлажьэм теухуащи, мылажьэ мыхьэнэм и лъабжьэр щlэтхъауэ къэгъэлъэгъуащ: «lун-2 (1-макъ къыхэlукlын, 2-зыгуэрым хэпыджэн) → иlухьын; lуэн-2 (1-макъ къыхэlукlыу щытын, 2-мэкъу lуэн) → щlэlухьын; жэн-2 (1-псынщlэу кlуэн, 2-псыр зэрыкlуэ щlыкlэ) → щlэжыхьын; чэн (1-лъэбакъуэ чыуэ щытын, 2-зэгуэкlыныгъэ) → дэчыхьын; вэн (1-щlы вэн, 2-псы вэн) → хэвыхьын»; «жьэн-2 (1-щхьэц жьыуэ щытын, 2-мафlэм егъэуныгъэу жьэн) → тежьыхьын; щlэн-2 (1-щlэныгъэ lуэху, 2-щlыуэ щытын) → гуэщlыхьын».

″Хь, хьэ″р глаголхэм суффикс язэрыхуэхъум теухуауэ къэта мы щапхъэхэр префикс зимыlэрэ занщlэ глаголхэращи, абыхэм ″хь, хьэ″р суффикс язэрыхуэхъуну щlыкlэр а глаголхэм игъуэ преикс къызэращтэкlэрэщ. Араща, ипэкlи зэрыжытlауэ, ″хь, хьэ″ суффикскlэрэ

зы глаголыр зэрылэжьэфыну щIыкIэр мы макъхэмкIэрэ къекIуэкI кIуэтэгъуэр къыздыщекIуэкIынур префикскIэрэ къызэрыгъэлъагъуэущ. НытIэ, префиксиалу щымыт глаголхэм ″хь, хьэ″ суффикс къызэращтэнур префиксиал глаголу зэрыухуэкIэрэщи, игъуэ префикс зиIэххэу префиксиалу щыт игъуэ глаголхэри ″хь, хьэ″р суффикскIэрэ зэрыгъэзэщIэфынур гурыIуэгъуэнщ. Ауэ икIи къыхэгъэщыпхъэщи, зы глаголым префикс щиIэкIэ, ар а префикс формэм теухуауэщ зэрыгъэзащIэри, зы суетым зыгуэрыр мы кондицэм (префикс) теухуауэ ″хь, хььэ″ыкIэрэ щигъэзащIэм деж, а кондицэм хуихьым езыри дэкIуэтэн хуейуэ зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ. Аращи, глаголыр префикскIэрэ гъэзащIэрэ (**и**лъын) префиксиалу зэпкъырыувамэ, ар ″хь″кIэрэ зэрыгъэзащIэр ″хь-э → хьэ″ суффикскIэрэщ: «**и**лъын → илъы-**хь-э**-н → илъ**хьэ**н».

Къэтхьынщ префиксиал глагол гуэрхэри, ахэр ″хьэ″ суффикскIэрэ зэрыгъэзащIэм щыгъуэзэ дыхуэхъунщ: «илъын → илъхьэн (илъыным хуэкIуэн, илъ щIын); lэщIэлъын → lэщIэлъхьэн (lэщIэлъыным хуэхьын); гуэлъын → гуэлъхьэн; дэлъын → дэлъхьэн; телъын → телъхьэн; щIэлъын → щIэлъхьэн; къуэлъын → къуэлъхьэн; хэлъын → хэлъхьэн; пылъын → пылъхьэн; флэлъын → флэлъхьэн».

Префиксиалу зэпкъырыувагъэххэ глаголу щымытми, суетым езым зэрихькIэрэ гъэзащIэ lуэхугъуэхэри ″хь-э → хьэ″ суффикскIэрэ ухуэж глаголхэращ къэзыIуатэри, ари зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къизыIуэ префикс къищтэущ зэрыухуэжыр: «тIысын → **и**-тIыс-**хьэ**-н → итIысхьэн (итIысыным хуэкIуэн); гъуэлъын → игъуэлъхьэн (игъуэлъыным хуэкIуэн)».

## ТЕМАКЪЫМРЭ БЗЭГУ ЛЪЭДАКЪЭ НЭГЪУНЭР ЗИ КЪЭХЪУПIЭ МАКЪХЭР*:* «КЪ; КХЪ, ХЪ, ГЪ»; «КЪУ; КХЪУ; ХЪУ; ГЪУ».

### «Къ, къу» макъхэр.

### ″Къ″ макъыр.

Натуралу макъ къэхъупIэ къурмакъейм ипщэкIэ макъ къэхъуныгъэр зэрыдэкI щIыкIэу утыку къихьа ″къ″ макъыр тэмакъращ къыздыщыхъури, ар макъ къэхъуныгъэр жьэ лъэныкъуэмкIэ унэтIыныгъэ лъагъуэр зэIузых макъщ. Пэщхъынэмрэ къурмакъейм къыщыIу макъхэр натуруал макъхэращи, псэущхьэм ахэр зэрихьэурэ бзэ пэщIэдзэр ухуэу щIидзагъэнти, кIуэ пэтрэ хуэныкъуэ зыхуэхъу гуэрхэри макъкIэрэ къиIункIэ зэрыхущIэкъукIэрэ къигъэхъуауэ жыIэпхъэщ ″къ″ макъри, ар къызэрыхъуари тыншу къыщIэкIынкъым, къызэрыхъуами зэманыгъуэ мащIэ ихьагъэнкъым. Ауэ ар къэхъуа нэужь, макъ къэхъуныгъэр

къурмакъейм ипщэкlэ тэмакъым флэкlыфу бзэгу лъэдакъэрэ жьэ кlуэцl лъэныкъуэмкlэ унэтlыу зэрыщlидзэфар гурыlуэгъуэнщ.

Мы и къэхъуныгъэм ипкъ зэриткlэщ ″къ″ макъ мыхьэнэри, къежьапlэрэ къэхъупlэ къизыlуэ макъщ. Къэхъупlэрэ къежьапlэ мыхьэнэр къэхъум теухуащи, къэхъупlэм къыщыхъур иджыри зэрыхъун мыхъууэ зэрыщытынум къызэрыгуэкlкlэ, ″къ″ыр къэхъупlэрэ къежьапlэ мыхьэнэм нэмыщl, зэрыхъун хуей мыхъуари къэзыlуэтэфыну макъ мыхьэнэуэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. ″Къ″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр мы и мыхьэнэкlэрэщ.

″Къ″ыр псэущхьэм къызхигъэlукlа нэужь, къэхъупlэрэ къежьапlэ мыхьэнэкlэрэ щхьэж зы макъыу зэрихьэу щlидзауэ жыlэпхъэми, бзэ ухуэныгъэ пэщlэдзэм макърэ псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэжу, абыхэм я къежьапlэ къыриlуу бзэм хэхьэу щlидзагъэнщ; иужькlи, зэрыхъун мыхъуари къыриlуэу хэлэжьыхьу щlидзагъэнщ. Ар япэу макърэ псалъэм ищхьэм къыпыхьэу абыхэм я къежьапlэрэ къэхъупlэр гурыlуэгъуэ ищlыу бзэм щызекlуэу зэрыщlидзар гурыlуэгъуэнщи, къэхъупlэр икlи кlуэдыпlэу зэрыщытым ипкъ иткlи, ижькlэ макърэ псалъэхэм икlэм къыпыхьэуи бзэм хэлэжьыхьу щlидзагъэнщ. Кlуэдыпlэ мыхьэнэуэ мы и лэжьэкlэми зэрыхъун мыхъуари къыриlуэфу бзэм щызекlуэу щlидзагъэнщ. Бзэм макърэ псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэу щызекlуэу зэрыщlидзамрэ, къызкlэлъыкlуэ макърэ псалъэр зытеухуам и ухыпlэрэ зэрыхъун хуейр зэрымыхъур къыриlуэу макърэ псалъэхэм кlэух зэрыхуэхъум и зэхуакуми зэманыгъуэу мащlэ ихьагъэнкъым.

Утыку къызэрихьам зэрезэгъкlэрэ дэтхэнэ зыгуэрым и къежьапlэщ и макъ мыхьэнэр, икlи зы къежьапlэр кlуэдыпlэуи зэрыщытым зэрезэгъыу бзэм холэжьыхьыр ″къ″ макъри, ***″къ″*** *макъым* ***″макъ псалъэ″*** *къытехъукlкъым.*

***″Къ″*** *макъ мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″***.

И къэхъукlэм зэрезэгъкlэрэ ″къ″ макъыр къежьапlэ зи мыхьэнэ макъщи, ар бзэм хэлэжьыхьу зэрыщlидзари мыпхуэдэщ: макърэ псалъэхэм ищхьэм къыпыхьэу, абыхэм я мыхьэнэр къежьапlэу егъэлажьэр. Къежьапlэ мыхьэнэуэ зэрыщытым ипкъ иткlэ, ищхьэ къызпыхьэ псалъэ мыхьэнэр къызэрежьэращ къигъэлъагъуэри, ″къ″ыр ищхьэ къызпыхьэ псалъэ мыхьэнэм щыщкъым. Мы псалъэм зэрезэгъщи, мы лэжьэкlэр ″къ″ макъым игъэзащlэ префикс къалэнщи, абы илъабжьэкlэ и гугъу щытщlынщ.

Ауэ и макъ мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэ игъэзащlэ мы префикс къалэным къыщымынэу, ″къ″ макъым къыкlэлъыкlуэ макъ гуэрхэмкlэрэ ухуа псалъэхэри щыlэщ. ″Къ″ макъкlэрэ къежьэу ухуэ мы псалъэхэр зы къежьапlэкlэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэм теухууэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Мыпхэдэу зы къежьапlэ иlэу къэхъурэ бзэр къэзыlуатэ нэрыбгэм (сэ) къыхуэкlуэ е абы илъытэ гуэрым хуэкlуэу гъэзащlэ

lуэхугъуэхэм теухуа псалъэхэм щыщщ мыхэр: «къэсын, къесын». Мы щапхъэхэм я къэхъукlэм теухуауэ лъытапхъэщ мыхэри: «къэнэн, къелын, къэфэн».

Иджыри зы псалъэ мыхъуарэ псэлъапхъэу лъытапхъэ макъхэм ищхьэм къыпыхьэу ахэр псалъэу бзэм хэлэжьыхьын пэщlэдзэри ″къ″ макъкlэрэ къыщежьэм щыгъуэщ зэрыгъэзащlэри, мыпхуэдэу къэхъуа псалъэхэщ мыхэр: «къэцlын, къэкхъун, къэцыфын, къэжьын; къэпцlэн, къэгъэпцlэн»

Мы псалъэхэр ″къ″ макъкlэ къежьэущ къызэрыхъуарэ бзэм зэрыхэхьар, ауэ мы псалъэхэм я глагол lыхьэр ″къ″ макъ нэужьрауэ зэрыщытри гулъытапхъэщи, ар глагол лэжьэкlэм гурыlуэгъуэ къещlыр (сыкъожь). И макъ мыхьэнэм елъытащи, ″къ″ макъыр нэхъыбэу утыку къихьагъэххэ зы псалъэм (глаголым) ищхьэм къыпыхьэрэ префикс къалэн иlэущ зэрызекlуэри, зы глаголым ищхьэм къыщыпыхьэм деж, префикс къалэным къыщымынэу псэлъэщlэ (глаголыщlэ) щыухуэжи щыlэщи, къэзыlуатэм (сэ) елъытауэ ″кlуэн″ыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэу ухуэж ″къэкlуэн″ глаголыр мыпхуэдэ зы щапхъэщ. Къежьапlэм теухуауэ ″къ″ макъкlэрэ къыщlидзэу ухуэ мыпхуэдэ глаголхэм нэмыщl, ″шэн″ глаголым къытехъукlыжауэ къэшапхъэрэ щхьэгъусэ щlыпхъэм хужаlэ ″къэшэн″ псалъэри глагол формэкlэ ухуа зы псалъэщ.

Глагол закъуэм къыщымынэу, къежьапlэрэ къэхъупlэ мыхьэнэ иlэу къэхъу щыlэцlэрэ плъыфэцlэ лlэужьыгъуэ псалъэхэри утыку къохьэфыр. Мыпхуэдэщ щlым къыхэхъукl мывэшхуэхэри адыгэбзэм къызэриlуатэ щlыкlэри, къежьапlэрэ къэхъупlэр (къ) зэрыгъэлъагъуэкlэрэ (р) зэпкъырыуващ ″къыр″ псалъэр. Мыпхуэдэ къэхъукlэ зиlэу утыку къихьа зы псалъэщ ″къабзэ″ри, ар ″къызэрыхъуа логием тетыныгъэ″ зи мыхьэнэуэ зы щапхъэщ. ″Къыпцlэ″ри ″къ″ макъкlэрэ къежьэу ухуа зы псалъэу зы пхъэщхьэмыщхьэ лlэужьыгъуэм и цlэщ; и теплъэм занщlэу гурыlуэгъуэ имыщlми, ущытекъузэкlэ и кlуэцl пцlапцlагъэр гурыlуэгъуэ къищlыу ухуа зы псалъэу къыщlэкlынщ.

Къежьапlэрэ къэхъупlэ икли ухыпlэр зэрылъытапхъэм къызэрыгуэкlщи, ″къ″ыр бзэ лэжьэкlэм кlуэ пэтрэ ухыпlэрэ кlуэдыпlэ мыхьэнэкlэ макърэ псалъэхэм кlэух яхуэхъуу зэрыщlидзари жыlэпхъэщ. Макърэ псалъэ мыхьэнэр кlуэдыпlэрэ мыхъупlэм хурихулlэу ″суффикс″ къалэнкlэрэ гъэзащlэущ ″къ″ыр макърэ псалъэм икlэм къыпыхьэу зэрыщlидзагъэнри, мыбы илъабжьэкlэ и гугъу тщlынщ. Ауэ суффикс къалэн хэмылъу ″къ″ макъыр кlэухыу макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэхэри къэхъуащ: «дыкъын, уфтэрэкъын, уфтэрэкъ».

Къызэрыхъуа щlыкlэрэ и макъ мыхьэнэм теухуащи, къежьапlэрэ кlуэдыпlэ мыхьэнэм нэмыщl, зыгуэрыр зэрыхъун хуейуэ щымытрэ иджыри зэрыхъун хуеипlэм имыувари ″къ″ макъкlэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Мы и мыхьэнэр нэхъыбэу кlэухыу зэрыгъэзэщlэнури

гулъытапхъэщ, ауэ псалъэ къежьапlэу зыкъигъэлъагъуэрэ псалъэри мыпхуэдэу ухуэж щапхъэхэри щыlэщ. Аращи, мыхъу-мыщlагъэрэ имыгъуэу утыку къихьэнрэ зыкъэзыгъэлъэгъуэн щlыкlэ зиlэ цlыхур адыгэбзэм ″къиин″ущ зэрилъытэр.

Кlэух ″къ″ыр кlуэдыпlэмэ, абы ″э″ къыщыпыхьэкlэ кlуэдыпlэрэ щыlэгъуэ зэхэтщ (кlуэдыпlэрэ кlуэтэгъуэу) къэхъу мыхьэнэри, мыбы суффикс къалэну игъэзащlэми илъабжьэкlэ и гугъу щытщlынщ. Ауэ ″къ″ макъым и мыхьэнэм и гугъу тщагъэххэщи, абы и кlуэтэгъуэр (къэ) зи кlэухыу ухуэ псалъэ мыхьэнэр ″зэрыхъун хуей мыхъуа″уэ зэрылъытэфынури гурыlуэгъуэнщ: «дакъэ, пакъэ; вакъэ».

″Дзэ″мкlэ епхъуэн lуэхугъуэри мыхъуныгъэрэ къуэбэбжьэбагъэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, апхуэдэри ″къэ″ кlэухкlэрэ зэрылъытапхъэр игъуэщ: «дзэкъэн».

″Къ″ макъыр и макъ мыхьэнэкlэрэ мыпхуэдэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, ар псэлъэкум щыплъагъукъым: ар е псэлъащхьэщ, е псалъэ кlэухщ. Къежьапlэрэ ухыпlэ къизыlуэ ″къ″ макъыр щхьэж зы щыlэгъуэ зиlэ гуэр къизыlуэ макъкъым, мыбы папщlэ макъ мыхьэнэ защlэу бзэм хэтщ, абы щхьэж зы макъыу зы бзэ мыхьэнэ игъуэткъыми, бзэм ″макъ псалъэ″ хэхъухькъым.

″Къ″ макъыр и мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ къэхъу псалъэ щапхъэхэр къэтащ. Ауэ ″къ, къэ″ макъкlэ ухуарэ ″къ″ым и макъ мыхьэнэ имыlэу зыхэт псалъэхэри щыlэщ. Мыпхуэдэу зи гугъу тщlыр макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэхэракъым, макъ егъэщхьынкlэрэ ухуэ псалъэхэщ. Макъ гуэрхэр утыку къызэрихьэ щlыкlэр а макъкlэрэ ухуэ глаголкlэ щылъытэж щыlэщ; икlи псэущхьэ гуэрхэри къызхигъэlукl макъым егъэщхьынкlэрэщ зэрылъытэри, мыпхуэдэу ухуа псэущхьэцlэхэр макъ мыхьэнэ зимыlэ псалъэхэщ. Аращи, псэущхьэцlэрэ глаголхэу *макъ мыхьэнэншэу ″къ″ макъ зыхэту ухуа псалъэхэм* теухуа щапхъэщ мыхэр: «къэкъэн (″къэ-къэ″ макъхэр къызхэlукl къэlуэкlэ), къакъэ (къэкъэ макъ), дыркъакъэ (и ″къакъэ″ макъкlэ ягъэщхьэпэ lэмэпсымэ), адакъэ (зы псэущхьэцlэщи, флэкlыпlэ имыlэу адыгэбзэм къигъэщlауи жыпlэфынкъым, адыгэбзэм къигъэщlамэ, зы псэущхьэхъуу ″адэ″рэ ″къэкъэн″ым къытехъукlа псалъэу къыщlэкlынщ, ауэ мыпхуэдэу зэрыщытри наlуэкъым), къыу (зы бзу лъэпкъым и къэкъэкlэм егъэщхьынкlэрэ зэрылъытэ флэщыгъэцlэщ), къыру».

***″Къ″*** *макъым* ***″префикс – суффикс къалэн″****у игъэзащlэхэр.*

″Къ″ макъыр къызэрыхъуар гурыlуэгъуэ хъуагъэнщи, бзэм хилэжьыхьри мы и къэхъукlэм теухуащ. Ар къежьапlэ макъщи, къежьапlэм теухуауэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. ″Къ″ макъымкlэ къыщlидзэ зы макърэ псалъэм къежьапlэ лэжьыгъэ егъуэтыр. Ар бзэм хэлэжьыхьу япэ зэрыхэхьари мыпхуэдэ лэжьэкlэу жыlэпхъэщи, дэтхэнэ зы глаголрэ псалъэм префикс зэрыхуэхъум теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ:

«ин → къэин; ун → къэун; уэн → къэуэн; lун → къэlун; lуэн → къэlуэн; сын → къэсын-2; сэн → къэсэн*; зын → къэзын; дзын → къэдзын; гъын → къэгъын; гъун → къэгъун*; джын → къэджын; джэн → къэджэн; жын → къэжын*; жэн → къэжэн; жьын → къэжьын-2; жьэн → къэжьэн-2; щын → къэщын; щэн → къэщэн*; щlын → къэщlын; щlэн → къэщlэн; шэн → къэшэн-2; чын → къэчын; чэн → къэчэн; кlын → къэкlын-2; кlуэн → къэкlуэн; хъун → къэхъун; хьын → къэхьын; хун → къэхун; лъэн → къэлъэн; лэн → къэлэн; лlэн → къэлlэн; пlын → къэпlын*; фын → къэфын*; вын → къэвын; вэн → къэвэн».

Щапхъэу къэта глаголхэм ″къ″ыр къапыхьэу ухуэж глаголхэм щыщ гуэрхэм мыхьэнитl зэрызырагъуэтыр гулъытапхъэщи, мыбыхэм ипэкlэ и гугъу тщlагъэххэщ. Дэтхэнэ зы lуэхугъуэм зы къежьапlэрэ пэщlэдзэ зэриlэм ипкъ иткlэ, ″къ″ макъыр дэтхэнэ зы глаголым префикс хуэхъуфыну зы макъщ. Ауэ глагол гуэрхэр зэманым дэкlуу гъэзащlэрэ къэхъу lуэхугъуэхэм теухуащи, ахэр къежьапlэрэ пэщlэдзэкlэ къэlуэтэныр игъуэ дыдэ хъукъым (*). Мы къэта щапхъэхэм хыболъагъуэр мыри, глагол гуэрхэр ″къ″ префикскlэрэ къэтпсэлъкъым.

Къежьапlэрэ къэхъупlэр икlи ухыпlэрэ кlуэдыпlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ″къ″ макъыр псалъэхэм суффикс къалэнкlэрэ къыпыхьэу а псалъэ мыхьэнэр мыхъуныгъэкlэ егъэлажьэр. Кlэухыу зыкъэзыгъэлъагъуэ ″къ″ макъым ″м″ыр къыпыхьэжущ (къым) ″мыхъуныгъэ″ суффиксыр зэрыухуэри, мыпхуэдэ щапхъэхэри къэтхьынщ: «кlуэкъым, кlуэнкъым, кlуэнукъым, кlуакъым, кlуэтэкъым, кlуэнтэкъым, кlуэнутэкъым, кlуатэкъым».

Кlуэдыпlэрэ ухыпlэ къизыlуэ ″къ″ макъым ″э″ къыпыхьэмэ, кlуэдыпlэрэ ухыпlэм гурыщхъуэ зэрытехуэр гулъытапхъэщи, мыпхуэдэуи упщlэ къохъур. Аращи, ″къэ″р суффикс зыхуэхъу дэтхэнэ зы псалъэр упщlэу мэухуэжыр: «кlуэкъэ(?), кlуэнкъэ(?), кlуэнукъэ(?), кlуакъэ(?), кlуэтэкъэ(?), кlуэнтэкъэ(?), кlуэнутэкъэ(?), кlуатэкъэ(?)».

### ″Къу″ макъыр.

*″**Къу**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″хэр.*

Бзэр макъкlэрэ зэрылажьэм ипкъ итрэ макъ гъэбэгъуэныгъэм зэрыхущэкъум къызэрыгуэкlкlэ, бзэ лэжьэкlэу игъуэр къыщысым деж, къежьапlэ къизыlуэ ″къ″ым ″у″ къыпыхьэжу къэхъурэ ужьыныгъэ зиlэ мыхьэнэ къигъэщlын хуей щыхъукlэ зы макъыщlэу ″къу″р утыку къызэрихьэр гурыlуэгъуэщ. Араши, къежьапlэрэ къэхъупlэр къизыlуэу иджыри мыхъуар къизыlуэ ″къ″ым ужьыгъуэ зэригъуэткlэрэ утыку къихьэ ″къу″р къыздыщыхъупlэм зыщиужьарэ къыздыщыхъупlэм пыщlауэ щытын мыхьэнэ зиlэу зы макъщи, ар бзэм мы и мыхьэнэкlэрэ занщlэу зэрыхэхьэфынури гурыlуэгъуэнщ. Къызэрыхъуа щlыкlэм

зэрезэгъкlэрэ ″къэхъурэ къежьапlэ ужьыгъуэ″у утыку къихьа ″къу″р мы и къэхъуыкlэ мыхьэнэм езэгъыу лъэгапlэу къыздыщыхъуа щlылъэм пыщlауэ щытыр къизыlуэ зы псалъэу ″**къу**″уэ бзэм хэхьагъэнщ. Зы макъыщlэрэ икlи зы псалъэу мы къызэрыхъуа щlыкlэр япэу ″къурш″ыр зэрылъытэ щlыкlэрауэ къыщlэкlынщи, иужькlэ мыпхуэдэхэм ещхьхэри ″къу″ макъымкlэ къэlуатэу бзэм хэхьагъэнщ. Аращи, хьэкъу-щыкъу лlэужьыгъуэ гуэрхэм къыхэгъэщхьэхукlа убыдыпlэхэри ″**къу**″уэ лъытагъэнщ (фалъэм и къу, фалъэкъу).

″Э″м игъэзащlэ къалэным ипкъ иткlэ, ″къу″итl зэхуакур адыгэбзэм и лэжьэкlэм ″**къуэ**″уэ зэрилъытэфынур гурыlуэгъуэнщи, ар ″къу″ псалъэ нэужь къуэди дэмыкlыу бзэ лэжьэкlэ пэщlэдзэхэм деж къэхъуагъэнщ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″къуэ″р къуитlым е къурш екlуэкlитlым я зэхуакураш.

Зэрыгурыlуэгъуэу, ″къуэ″р нэгъуэщl гуэрми теухуауэ бзэм зэрыхэтри гурыlуэгъуэщи, зи гугъу тщla ″къуэ″р (къурш зэхуаку) ″бын″ мыхьэнэуэ ″**къуэ**″ псалъэр къыщыхъуам хуэпэжыжьащэу къыщlэкlынкъым. Мы ″къуэ (бын)″р зэрыухуэ щlыкlэмрэ къуитl зэхуаку ″къуэ″м и ухуэкlэр зэхуэдэкъым. Аращи, къуитl зэхуакум клуэтэгъуэ зэрыдэлъыр ″э″кlэрэ къэlуатэущ ″къуэ (къурш)″р ″къу″м къызэрытехъукla щlыкlэри, мы псалъэ къэхъукlэм нэмыщl, зыгуэрым къыхэхъукlыныгъэ зи мыхьэнэ ″къу″ макъым ″э″ къыщыпыхьэкlэ а къызхэхъукlам пыщlами, щхьэж езым зэманыгъуэрэ щыlэгъуэ зиlэж гуэр къыриlуэнщи, мыращ мыбдежым зи гугъу тщlы ″къуэ″ (бын) псалъэр зэрыухуэ щlыкlэр. Къызэрыхъуа щlыкlэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, ″къуэ″м и мыхьэнэр цlыхухъу е цlыхубз хуэмыlууэ дэтхэнэ зы ″бын″рагъэнти, ар ″цlыхухъу бын″у зэрылъытэм и къежьапlэр лъэпкъыр цlыхухъу бынклэ зэрызекlуэ хабзэм щытехьа нэужьрагъэнщ.

***″Къу″*** *макъым къытехъукl* ***″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукlыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

Бгырэ я зэхуакур къызэрыlуатэ ***″къу, къуэ″*** *макъ псалъэхэр* ***къыпыхьэ макъхэмкlэ*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьу* ***къэхъу псалъэхэм*** теухуа щапхъэщ мыхэр: «акъужь, къужь, къурш; къуэжь, къуалэ, къуэладжэ».

″Къу″м къытехъукla ″макъ псалъэ″хэр нэхъыбэу бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр абыхэм нэгъуэщl псалъэ къапыхьэу ″псалъэ зэгуэт″ зэрыухуэращи, ***″къу″*** *макъым къытехъукla* ***″макъ псалъэ″****хэр зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″***хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Къу (бгы), къуэ (къуэладжэ)″уэ щыт ″макъ псалъэ″хэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «″къу, ищхьэ″ → къущхьэ; ″къу, ищхьэ, хъун″ → къущхьэхъу»; «″къуалэ, бзу″ → къуэлэбзу; ″къуэладжэ, цlыкlу″ → къуэладжэ цlыкlу → къуэлэджэцlыкlу; «″Щlэжыкъуей, къуэ″ → Щlэжыкъуикъуэ».

Зыгуэрым къыхэхъукlрэ убыдыпlэ хуэхъур зэрылъыта ″къу″р зы ″макъ псалъэ″у зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэщ мыхэри: «″фалэ, къу″ → фэлъэкъу»; «″бгы, къу″ → бгыкъу».

″Бын″ мыхьэнэ зиlэ ″къуэ″м къытехъукl ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «пщы, къуэ → пщыкъуэ; ″къуэжэ, пщы″ → къуажэм и пщы → къуажэм ипщ → къуэжэпщ; ″къуэ, лъху(н)″ → къуэрылъху; «лъху(н), къуэ″ → лъхукъуэ, мылъхукъуэ; ″лъху(н), къуэ, лlы″ → лъхукъуэлl; ″лlэ(н), къуэ″ → лlакъуэ; ″лlакъуэ, лъэщ″ → лlакъуэлъэщ; ″лlакъуэ, лlэш″ → лlакъуэлlэш; лъакъуэ, лъэщ″ → лъэкъуэлъэщ».

***″Къу″*** *макъ мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″***.

″Къу″ макъыр къызэрыхъуа щlыкlэр гурыlуэгъуэщи, ар бзэм зы ″макъ псалъэ″у зэрыхэхьам къытехъукlыжа псалъэхэрщ мыхэр: «къурш, къущхьэ, къуршыщхьэ».

″Къу″р зы псалъэу утыку къихьа нэужь, ″къу″хэм я зэхуакур макъыбзэм къызэриlуэтапхъэу ″къуэ″уэ лъытапхъэщи, мыпхуэдэу къэхъуа псалъэхэщ мыхэри: «къуэ, къуалэ, къуэладжэ».

Цlыхум къыщlэхъуэ бын ″къуэ″р лъабжьэ хуэхъуу, зэлъэпкъэгъурэ зы жылагъуэ цlыху гупыр зы къуэрэ къуалэр я псэуалъэу, зэгъусэу зыдэс псэупlэри къоlуатэр: «къуажэ, къуэжэгъу, къуэжэкlэ, къуэжапщэ».

Дэтхэнэ зы пкъыгъуэрэ лъэм къыхэхъукlрэ къыхэужьыкlыу утыку къихьэ дэтхэнэ зы пкъыгъуэрэ лъэри е lэпкълъэпкъри къызхэужьыкlрэ зыпыщlам теухуауэ ″къу″ макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, зы пкъыгъуэрэ лъэм къыхэхъукlрэ абы щlэгъэкъуэни зыхуэхъуу ар зыхьрэ зыгъэкlуэ lэпкълъэпкъыр ″къу″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэхэу къоlуатэр: «лъакъуэ, бжьакъуэ».

Лъакъуэр лъэм къыхэхъукlращ, икlи ар къызхэхъукla лъэри зыхьращи, мыри зэрыгъэзащlэр ″къу″ макъ мыхьэнэкlэрэ зэпкъырыувэ псалъэхэмкlэрэщ къызэрыlуатэр. Ауэ ″лъакъуэ″ псалъэр утыку къызэрихьамрэ, абы игъэзащlэ lуэхугъуэр къызэрыlуатэ щlыкlэу илъабжьэкlэ къэта псалъэхэр утыку къызэрихьам и зэхуакум зэманыгъуэф дэлъу жыlэпхъэщ. Мы гъэзащlэ lуэхугъуэр къизыlуэ глаголыр ″къун, къуэн″у ух глаголу ″къу″р макъ мыхьэнэкlэрэ флыуэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыщlидзэ пэщlэдзэу къэхъуагъэнщ: «бэкъу, бэкъуэн, лъэбэкъуэн, лъэбакъуэ».

″Къу″р къызхэхъукlым теужьыкlыныгъэрэ зэрыпыщlар и мыхьэнэу къызэрихьэм къызэрыгуэкlкlэ, ″къу″рэ ″къурш″ыр къызхэхъукla щlылъэм елъытауэ зэрыщытым ещхьрэ езэгъ lуэхугъуэхэри ″къу″уэ зэрылъытар гурыlуэгъуэщи, зыгуэрым къыхэужьыкla lыхьэр абы теухуауэ ″къуапэ″у мэлъытэр. Кlыр хъуа удзым и тхьэмпэхэр къызтехъукlрэ зыпыт пкъыгъуэри зы ″къу″ лlэжьыгъуэу мэлъытэр: «мэкъу».

″Къу″р щlылъэм къыхэужьыкlыу зы лъэгапlэщи, и зы лъэныкъуэм ущыту адрей лъэныкъуэр плъагъуфкъыми, ″къу″м и щlыбым

къыщынэныгъэхэри ″къу″р лъабжьэ зэрыхуэхъукlэрэщ къызэрыlуатэр: «зыгуэрым и щlыбыр абы и ″къуагъ″ущ къызэрыlуатэр; мыпхуэдэу гъэпщкlункlэ щхьэпэ къыпхуэхъур ″къуагънапlэ″щ». Аращи, зыгуэрыр къурш е нэгъуэщl пкъыгъуэ гуэрым и щlыбым зэрыщыlэрэ зэрыхуэкlуэ хуэдэ lуэхугъуэхэри къуагъым щыгъэзащlэ е къуагъым теухуауэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэу, ″къу″ макъ мыхьэнэкlэрэ къоlуатэр. Мыпхуэдэу зы къуагънапlэм теухуауэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэр глаголым ищхьэм ″къу″р префикс къалэн игъэзащlэу къызэрыпыхьэкlэрэ мэгъэзащlэри, ″къу″м и префикс къалэну илъабжьэкlэ мыбыхэм и гугъу щытщынщ. Ауэ мыпхуэдэ къуагънапlэкlэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэри щыlэщи, мыпхуэдэ глаголхэр ″къу, къуэ″кlэрэ къежьэущ зэрыухуэр. Мыпхуэдэ лэжьэкlэр ″къу″р бзэм фlыуэ хэлэжьыхьрэ и макъ мыхьэнэр хуиту бзэм щызекlуэу щlидза нэужьрауэ лъытапхъэщ. ″Къу″р къызпыхьэу ухуэ мыпхуэдэу глаголхэр префиксиал глаголхэщ, ″къу″м къыкlэлъыкlуэ макъхэращ мы глаголым лажьэ lыхьэр: «къуэсын (сыкъуэсщ), къуэтын, къуэлъын, къуэхьэн (сыкъохьэ), къуэкlын - къыкъуэкlын, къуэнэн (къузонэ) - къыкъуэнэн».

″Къу″р зыгуэрым и зы lыхьэу зэрыщытым папщlэ, зыгуэрым тепщlыхьыр убыдыпlэу щыт икъурэ къуапэм теухуэщ зэрыбгъэзащlэри, мыпхуэдэу занщlэу ″къу″м теухуауэ гъэзащlэ глаголыр префиксиал глаголкъыми, ″занщlэ глагол″щ: «къузын (сокъуз)». Мыпхуэ lуэхугъуэу къэхъу глаголхэщ мыхэри: «дэкъузэн, хэкъузэн (хызокъузэ)».

″Къу″р кlуэ пэтрэ убыдыпlэрэ зыгуэрым и зы lыхьэм теухуа макъ мыхьэнэуэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыщlидзэр гулъытапхъэщи, дэтхэнэ зыгуэрым и ″къу″рэ и убыдыпlэм е и зы lыхьэм теухуауэ бгъэзащlэр а гуэрым теухуауэ къебгъэкlуэкl lуэхугъуэщи, мыпхуэдэхэри ″къу″ макъ мыхьэнэкlэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэу къоlуатэр. Мыпхуэдэхэр ″къу″ макъ мыхьэнэкlэрэ гъэзащlэ глаголщ, ″къу″р глагол лэжьэкlэ lыхьэщ. Нытlэ, ″къун, къуэн″кlэрэ гъэзащlэ глаголхэри утыку къохьэр: «екъун, декъун, зэдэкъун, щlэкъун (сыщlокъу, щlызокъу), хэкъун, фlэкъуэн (фlызокъуэ)».

″Къу″р зы ″макъ псалъэ″у утыку къызэрихьам къыщlидзэу, абы нэгъуэщl макъхэр къыпыхьэжурэ ухуэ псалъэхэм къыкlэлъыкlуэу, ″къу″м теухуауэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэр, тlани ″къу″ макъ мыхьэнэкlэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэр утыку къихьэу ″къу″ макъ мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр мэбагъуэр. ″Къу″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьым и зэкlэлъхьэужьыкlэр мыпхуэдэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ: ″къу″р япэу зы ″макъ псалъэ″у бзэм хохьэри, мы ″макъ псалъэ″р къыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэкlэ зэрылажьэ щlыкlэу ″къу″р псэлъащхьэ хъууэ бзэм хэлэжьыхьу щlедзэр; абыи къыкlэлъыкlуэжу ″къу″р псалъэ ухыпlэрэ глагол къалэн игъэзащlэу бзэм и хэлэжьыхьу щlедзэри, ″къу″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр кlуэ пэтрэ мэужьыр. ″Къу″р и макъ мыхьэнэкlэрэ нэгъуэщl макърэ псалъэхэм кlэух щыхуэхъукlэ, зи кlэух псалъэм глагол къалэн хуигъэзащlэу аращ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, дэтхэнэ зы псалъэм и ухыпlэ макъыр а псалъэм и мыхьэнэр зыдэкlуэнум зышэрэ зыгъэлажьэрщ. ″Къу″р кlэух щыхъукlэ, абы игъэзащlэ глагол къалэныр зи кlэухым теухуауэ къурэ убыдыпlэкlэрэ гъэзэщlапхъэращи, мыпхуэдэу гъэзащlэр ″къу″р кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэ мыхьэнэми елъытащ. Аращи, ″къун, къуэн″кlэрэ ух глаголхэр утыку къызэрихьэм теухуауэ ипщэкlэ къэтахэм нэмыщl, нэгъуэщl макърэ псалъэхэм кlэух зэрыхуэхъукlэрэ ухуэ глагол щапхъэхэри къэтхьу, гъэзащlэ lуэхугъуэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ: «щlэкъуэн, щlэгъэкъуэн, зыщlэгъэкъуэн».

Мы щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, цlыхурэ дэтхэнэ зы псэущхьэр зыр зым щlэгъэкъуэн зэрыхуэхъу псалъэхэр мэухуэр. Аращи, зи lэрэ зи lэпэр къу пэлъытэу зэрыlыгъхэм ялэжьри ″къун″кlэрэ ух глаголу утыку къохьэр: «дэlэпыкъун, зэдэlэпыкъун».

″Къу″р къызхэхъукl гуэр щыlэщи, макъ мыхьэнэкlэрэ зы ″къу″рэ ″къуэ″р къызхэхъукlам и зы lыхьэщ. Мыпхуэдэу зытеухуам и зы lыхьэу зэрыщытым къызэрыгуэкlщи, зэхуэхьэсынрэ зэбгырыдзын lуэхугъуэхэри зэрыигъуэкlэрэ ″къу″ макъ мыхьэнэкlэрэ зэпкъырыувэ псалъэхэмкlэ къоlуатэр: «щыкъун, щыкъуий; укъуэнщlын, къуэнщlий»; «икъухьын, текъухьын, щlэкъухьын»; «зэщlэкъуэн».

Зэщlэкъуэныгъэр зытеухуар lэпкълъэпкъырамэ, ахэр зэхуэ щlын lуэхугъуэри ″къу″ макъ мыхьэнэкlэ гъэзащlэу къоlуатэр: «къуэдиин, укъуэдиин».

Къызхэхъукlам теухуа ужьыгъуэр зи мыхьэнэ макъщ ″къу″ри, мыпхуэдэу щымытыжынрэ и ″къу″у щытам тешынри ″къу, къуэ″ хъуныгъэм тешыныгъэу къоlуатэр: «къуаншэ, укъуэншын».

Дэтхэнэ гуэрыр lыхьэу lыхьэу зэрызэпкъырылъыр ″къу″ защlэу зэхэлъущ зэрылъытапхъэри, мы и ″къу″ зэхэлъыкlэр зэрызэпкъырыхури ″къу″м щхьэщыкlыныгъэрэ текlыныгъэу къоlуатэр. Дэтхэнэ гуэрыр зы псоуагъ зиlэращи, и псоуагъэр зэрыкlуэдыр ″къу″уэ зэрызэхэлъым зыфlэкlуэдращ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, псоуагъ кlуэдыгъуэр ″къу, къуэ″м хуэкlуэныгъэщ: «къутэн (сокъутэ)».

″Къу, къуэ″р къызхэхъукlам и зы lыхьэщ е и зы жыгъейщ. ″Къу, къуэ″р зыгуэрым къыхэхъукlыу ужьыгъуэ зиlэ гуэрщи, а къызхэхъукlам и зы lыхьэрэ абы и ″къу″рэ ″къуэ″уэ щытщ. Мыпхуэдэу lыхьэ lыхьэу зэхэлъу лъытапхъэщ дэтхэнэ гуэрэри, абы и ″къу, къуэ″р абы езым елъытауэ и зы ″ныкъуэ″у лъытапхъэщ. ″Ныкъуэ″р ″къуэ″ хъуным хуэкlуэрщи, ар зи ныкъуэм къыхэкlрэ ″къуэ″ зэрыхъур щхьэж езыр зэрыщыlэ щlыкlэр къызэрыlуатэ псалъэщ. Дэтхэнэ гуэрыр мыпхуэдэу ныкъуэ ныкъуэу щызэхэлъкlэ, дэтхэнэ гуэрыр зы псо хъун папщlэ мыбыхэм ″хуэныкъуэ″щ. Ар дыдэу, ныкъуэхэри псо хъужын папщlэ адрей ныкъуэм хуэныкъуэщ. Аращи, мыпхуэдэ псалъэхэри ″къу″ макъ мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ къыздынэса щlыпlэм утыку къыщохьэр: «зы къуэ,

закъуэ, закъуэ-тlакъуэ»; «ныкъуэ, ныкъуэ-дыкъуэ, хуэныкъуэ, хуэныкъуэн»; «ныкъуэкъуэгъу, зэныкъуэкъуэгъу, ныкъуэкъуэн, еныкъуэкъун, зэныкъуэкъун».

"Къу"р къызхэхъукlым и ужьыгъуэу къэхъуращи, зыгуэрым къытехуэ удынкlэрэ къытырищlэ уlэгъэри зы "дыркъуэ"у лъытапхъэщ.

"Къу"р зытеухуам къыхэхъукlрэ абы и зы lыхьэщи, ар зэхуэпхьэсыжрэ зэщlэпкъуэжмэ, зы куэдагърэ псоуагърэ инагъщ утыку къихьэжынури, мыпхуэдэ lуэхугъуэхэри "къу" макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэхэм къаlуатэр: «ирикъун, хурикъун, зыхурикъун».

Зыгуэрыр флыуэ ирикъуу зэрыщытрэ егъэлеяуи зэрылъытапхъэр "икъу" псалъэмкlэщ къызэрыlуатэр: «икъукlэ лъэщщ, икъукlэ куэдщ, икъукlэ инщ, икъукlэ куущ».

"Къу"р зы псоугъэм и зы lыхьэщи, зыгуэрыр зэрызэбгырыпхърэ зэрызэхуэхьэсри, мыпхуэдэу гъэзащlэ lуэхугъуэр зэрыхъун хъуауэ зэрыгъэзащlэри "къу" макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуатэм теухуа щапхъэхэр къэтащ. Благъагъэкlэ зэхущытыныгъэри генетикэу зы псоугъэрэ икlи зэкъуэтыныгъэщи, мыпхуэдэхэри "къу" макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуатэ щlыlэщ: «щыкъу».

Мы псалъэм хуэдэ макъкlэ зэпкъырыхауэ илъабжьэкlэ къэта псалъэр мы къэта щапхъэм елъытауэ ипэlуэкlэ къэхъугъэнщ цlыхум зыхуэныкъуэ хьэпшып гуэрхэр зэрилъыта мы псалъэр: «хьэкъу-щыкъу».

"Къу"р къызхэхъукlам и зы lыхьэу зэрыщытым къызэрыгуэкlкlэ, кlуэ пэтрэ lыхьэ lыхьэу зэхэлъу теплъэ зиlэр зэхуэмыдэ lыхьэхэу зэрызэхэлъри "къу" мыхьэнэкlэ ухуэ псалъэкlэ къоlуатэр: «къуэлэн, къуэлэн пщlэлэн».

Зыгуэрыр зэрыхъун хуейуэ зэрыщымытыжыр абы ифэрэ и зы lыхьэ гуэрхэр зэрыхэкl щlыкlэу лъытапхъэщи, ар фэрэ щхьэцым теухуами, "къу" макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэхэмкlэ къоlуэтэфыр: «укъуеикlын, теукъуеикlын, фэкъу; къуий».

Щыгъынрэ тепхъуэн lуэхугъуэр зыхуэныкъуэр хэгъэхъуэн lуэхугъуэу къапщтэмэ, мыр "къу"кlэрэ къэlуэтапхъэщ, ауэ мыпхуэдэр "щытlэгъэн"рэ "тепхъуэн" lуэхугъуэхэм хуэдэу игъуэу зэрымыгъэзащlэр гурыlуэгъуэщ: «щыкъуэн, зыщыкъуэн, пыкъуэн, флэкъуэн».

"Къу"р мыпхуэдэу бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ "къапыщкlэж" псалъэри, ар дыгъуасэрэ пщэдей нэужьу а нэхъ жыжьагъ зиlэ махуэр къыпыщэжыныгъэу къызэрыlуатэ псалъэщ: «пщэдей мыщкlэ, къапыщкlэж, къапыкъуэж; дыгъуэснэхъыпэ, къапыщкlэж, къапыкъуэж».

"Къу"р къызэрыхъуарэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэхэм къызэрагъэлъагъуэщи, зыгуэрыр езым зыlэпызышэрэ псэкlэ хуэныкъуэ зыхуэщlынри зэрыигъуэкlэрэ "тхьэ"кlэ къежьэу "къу"кlэ ух псалъэу утыку къохьэр. Ар "къу" макъ мыхьэнэкlэрэ гъэзащlэу, "къу"р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр икlэм икlэжым зыхуэкlуар гурыlуэгъуэ къытхуищlыу

утыку къихьэ псалъэу лъытапхъэщ: «тхьэкъун, итхьэкъун». Адыгэбзэм зы бзу лъэпкъыр зэрылъытэ ″тхьэрыкъуэ″къуэри ″тхьэкъун″ псалъэ мыхьэнэ зиIэу къыщIэкIынущ.

*″**Къу**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащIэхэр.*

ЗанщIэ глаголхэм префикс къызэрыпыхьэр ″э″кIэрэщи (къуэ), ди глагол щапхъэхэр занщIэ глаголу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, ухуэж префиксиал глаголхэм хэплъагъуэр ″къуэ″уэщ.

«къуэин, къуэун, къуэуэн, къуэIун, къуэIуэн, къуэсын, къуэсэн, къузын, къуэзын, къуэдзын, къуэгъын, къуэгъун, къуэджын**, къуэджэн**, къуэжын, къуэжэн, къуэжьын, къуэжьэн, къуэщын, къуэщэн, къуэщIыхьын*, къуэщIэн, къуэшэн, къуэчын**, къуэчэн**, къуэкIын, къуэкIуэн**, къуэхъухьын*, къуэхьэн*, къуэхун, къуэлъэн, къуэлэн-2, къуэлIыхьын*, къуэпIыхьын*, къуэфыхьын*, къуэвыхьын*, къуэвэн»

Къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэр ″къу″ префикскIэрэ щыухуэм деж къэхъу глаголыр зэрыимыгъуащэрэ (**) зэхъуэкIауэ къIуэтапхъэри (*) къыхэгъэщащ.

″Къу″р кIэух зыхуэхъуу утыку къихьа псалъэхэм ипщэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъуащ, ауэ псалъэрэ глаголхэм ″къу″ макъ мыхьэнэр суффикс къалэнкIэрэ къапыхьэкъым.

## «Кхъ, кхъу» макъхэр.

### ″Кхъ″ макъыр.

*″**Кхъ**″ макъым къытехъукI ″**макъ псалъэ**″р.*

″Къ″ макъым и къэхъупIэ тэмакъ нэужьым абы къыкIэлъыкIуэ макъыу утыку къихьэр ″кхъ″ макъращ. Ари къежьапIэрэ лъабжьэ хъупIэ, къежьапIэрэ лъабжьэ ухуэпIэрэ гъэтIылъыпIэ мыхьэнэ зиIэу зы макъщ. Ауэ нобэ адыгэбзэм зэрыхэт щIыкIэр мащIэщи, и макъ мыхьэнэр наIуэ дыдэ къытхуэхъужу жыIэпхъэкъым. Ар нобэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр мащIэ дыдэу зэрыщытрэ и макъ мыхьэнэри наIуэ дыдэу къызэрытхуэмыхъужым папщIэрагъэнщи, ″кхъ″ макъыр къэIукIэкIэ зыхуэгъунэгъу макъхэмкIэ зихъуэжыныгъэм иувжурэ бзэм хэкIуэдыкIын лъагъуэм техьауэ лъытапхъэщ. Абы и ужьыгъуэ къэхъуа ″кхъу″ макъри мыпхуэдэщи, ари макъ зэхъуэкIыныгъэкIэрэ бзэм хэкIуэдыкIыпIэр зи лъагъуэу зы макъщ.

Бзэм нобэ ″кхъ″ макъыр зы макъыу мы къызэрыIу щIыкIэкIэ щхьэж зы ″макъ псалъэ″у хэмытыжкъым. Ауэ ари къызэрыхъуам ипкъ иткIэ, бзэ пэщIэдзэм занщIэу зы ″макъ псалъэ″у хэхьауэ щытауэ къыщIэкIынт. КъежьапIэ лъабжьэ гъэтIылъыпIэ макъ мыхьэнэуэ зэрылъытэм ипкъ иткIэ, ″кхъ″ым и кIуэтэгъуэ ″**кхъэ**″р хьэдэр щIалъхьэу зыщагъэтIылъ

лъабжьэр къызэрaIуатэ псалъэ хъуагъэнщи, ар ноби мыпхуэдэ зы ″макъ псалъэ″у адыгэбзэм хэтщ.

*″Кхъ″ макъым къытехъукIа* ***″макъ псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукIыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

″Кхъ″ макъым къытехъукIа *″**кхъэ**″ макъ псалъэр* ***къыпыхьэ макъхэмкIэ*** *бзэм хэлэжьыхьу* ***ухуэ псалъэхэщ*** мыхэр: «кхъахэ, кхъаблэ, кхъащкIэ, кхъэжь».

*″**Кхъэ″ макъ псалъэр** зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэми теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «″кхъэ, пIэ″ → кхъэпIэ, кхъапIэ; ″кхъэ, лэгъунэ″ → кхъэ лэгъунэ → кхъэлэгъунэ; ″кхъэ, (и)щхьэ″ → кхъэщхьэ; ″кхъэ, (и)щхьэ, дэсэ(н)″ → кхъэщхьэдэсэ».

*″**Кхъ″** макъ мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

Къежьапlэрэ лъабжьэ мыхьэнэ зэриlэм ипкъ иткlэ, абы аткlэ щымыlэжу лъэlуныгъэ зи мыхьэнэри ″кхъ″ макъ мыхьэнэкlэ къоlуатэр: «кхъыlэ!».

Щхьэфэрэ щlыфэхэм тырищlэ жьгъейхэр къызэрыlуатэр ″кхъ″ макъ мыхьэнэкlэ ухуа псалъэкlэщ: «кхъапlэ».

*″**Кхъ″** макъым бзэм ″**префикс – суффикс къалэн**″ хигъэзэщlыхькъым.*

**″Кхъу″ макъыр.**

*″**Кхъу**″ макъым къытехъукI ″**макъ псалъэ**″р.*

Бзэр макъкlэ бэгъуэну зэрыхуэщlэкъум къызэрыгуэкlкlэ, ″къ″ым и ужьыгъуэу утыку къихьарэ щхьэж зы макъыуи бзэм хэлэжьыхьу щlидза нэужь, ар щхьэж зы макъыу зэрылъытэм къыкlэлъыкlуэу макъ гуэрхэри ″у″кlэрэ къэlуу щхьэж макъыу бзэм и макъхэм хэхьащи, мыпхуэдэу лъытапхъэщ ″кхъ″ ужьыгъуэ (у) утыку къихьа ″кхъу″ макъыр къызэрыхъуа щlыкlэри. ″Кхъ″ым и макъ мыхьэнэ ужьыгъуэр зи мыхьэнэуэ утыку къихьа ″кхъу″р нобэ щхьэж зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэмытми, ар нэгъуэщl макъхэм дэщlыгъуу бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм шхыныгъуэ лъабжьэ лlэужьыгъуэм теухуауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мы псалъэхэр шхыныгъуэ нэхъыщхьэрэ лъабжьэу зэрыщытыр гулъытытапхъэщи, ″кхъу″р къэхъупlэ лъабжьэрэ ужьыгъуапlэу зэреджапхъэм ипкъ иткlэ, ар мыпхуэдэ шхыныгъуэхэм теухуауэ бзэм хэхьауэ жыlэпхъэщ. Абы и кlуэтэгъуэ ″**кхъуэ**″р пэсэрей псэукlэхэм шхыныгъуэ лlэужьыгъуэу щыта зы псэущхьэр зэралъытаращи, мыпхуэдэу зы ″макъ псалъэ″у адыгэбзэм зэрыхэтыр а лъэхъэнэм мы псэущхьэр цlыхум и шхыныгъуэ нэхъыщхьэу зэрыщытым папщlэрагъэнщ.

*"**Кхъу**" макъым къытехъукIа **"макъ псалъэ"р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукIыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **"псалъэ зэгуэтхэр"**.*

Бзэм хэкIуэдыкIыжу лъытапхъэу щыт ″кхъу″ макъым къытехъукIа *"**кхъуэ**" макъ псалъэм **къыпыхьэ макъкIэрэ ухуа псалъэхэми*** нобэ куэдыщэу урихьэлIэжкъым: «кхъуэшхуэ».

Ауэ абы къытехъукIа *"**кхъуэ**" макъ псалъэр зыхэту ухуэ "**псалъэ зэгуэт**"*хэр хэтщ бзэми, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «″кхъуэ, шыр″ → кхъуэ шыр → кхъуэшыр; ″кхъуэ, пIащIэ″ → кхъуэпIащIэ; ″кхъуэ, лы″ → кхъуэл; ″кхъуэ, фэ″ → кхъуэфэ, кхъуафэ; ″хьэ, кхъуафэ″ → хьэкхъуафэ».

***Кхъ**" макъ мыхьэнэр "**бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэр**".*

″Кхъу″р ″кхъ″ ужьыгъуэу къэхъуа макъщи, къежьапIэрэ лъабжьэ ужьыгъуэ зи мыхьэнэуэ зэрылъытапхъэм къызэрыгуэкIщи, зы ″макъ псалъэ″у ″кхъуэ″м нэмыщI, шхыныгъуэ гуэрхэри ″кхъу″ макъыр зыхэт псалъэхэмкIэ къэIуатэу бзэм хэтщ. Мыпхуэдэщ мыхэр: «кхъужь, кхъуей, щIакхъуэ, кхъулэ».

Мы шхыныгъуэхэр ″кхъу″ макъ мыхьэнэкIэрэ къызэрыIуатэм нэмыщI, шхыныпхъэ хьэдзэхэр зэраз Iэмэпсымэри ″кхъу″ макъ мыхьэнэкIэрэ ухуа зы псалъэущ бзэм зэрыхэтыр: «кхъузанэ».

TIанэ, шхыныгъуэ зэралъхьэу зэрахьэу ятIэм къыхащIыкI хьэкъущыкъу гуэрэри ″кхъу″ макъ зыхэту ухуа зы псалъэмкIэщ къызэраIуатэри, ар ″кхъу″пIэу (кхъуэщ) зэрахьэн папщIэ ящIыу зэрыщытар къызэрыхэщкIэрэ зэпкъырыуваУэ зы псалъэщ: «кхъуэщын».

″Кхъу″ макъым къытехъукIа псалъэхэр мыбы къыщымынэу, цIыхум езымрэ и хьэлъэ гуэрхэр зэришэн Iэмэпсымэ гуэрхэри къызэрыIуатэ псалъэхэми хэтщ ″кхъу″ макъри, ахэр мыпхуэдэу зэрилъытам и лъабжьэр зи гугъу тщIа шхыныгъуэхэр зэрыришэрагъэнт: «кхъухь - кхъуэхь».

Мы псалъэхэр шхыныгъуэ зехьэным теухауэ къэхъуагъэнщ, ауэ икIи ахэр кхъуэм и фэм къызэрытещIыкIар гурыIуэгъуэ къэзыщI псалъэхэри хэтщ адыгэбзэм. Аращи, пэсэрей Адыгэхэм хым щызекIуэ мы гу лIэужьыгъуэхэр кхъуэм и фэм къытырищIыкIыу зэрыщытари гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэу лъытапхъэщ мыхэр: «кхъуафэ, кхъуэфэжьей».

″Кхъу″р къызэрыхъуа щIыкIэм зэрезэгъщи, шхыныгъуэм хуэIарэ теухуа закъуэу щыткъым. Зыгуэрыр зэрыубзыхуа щIыкIэр зэхэтхъуэнрэ лъабжьэм хуэгъэкIуэжын Iуэхугъуэри ″кхъу″ макъкIэрэ гъэзащIэ глаголхэм къаIуатэр: «укхъуэн, укхъуэжын».

*"**Кхъу**" макъым бзэм "**префикс – суффикс къалэн**" хигъэзэщIыхькъым.*

## «Хъ, хъу» макъхэр.

### ″Хъ″ макъыр.

*″**Хъ**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″хэр.*

Тэмакъым къыщыхъу ″къ″ макъ нэужь къэхъу ″кхъ″ макъым къыклэлъыклуэу утыку къихьа ″хъ″ макъыми ″лъабжьэ″ мыхьэнэщ илэр. Ар утыку къызэрихьа мы и макъ мыхьэнэклэрэ бзэ ухуэныгъэ пэщlэдзэм щызеклуэу щlидзагъэнти, лъабжьэрэ къызтехъуклыпхъэр, хъупхъэрэ бзыпхъэр ″хъы″рэ ″хъэ″уэ зэрылъытэклэрэ бзэ пэщlэдзэхэм хэхьагъэнт. Ауэ мы и мыхьэнэклэрэкъым нобэ бзэм зы ″макъ псалъэ″у хэт ″**хъы**″р зытеухуари, ар клапсэ зэрыдзэрэ хъар лlэужьыгъуэу ящl щаклуэ lэмэпсымэм теухуа псалъэщ.

″Хъы″ щlынрэ зэрыдзэн luэхури зы ″макъ псалъэ″у ″**хъы**н, **хъэ**н″ глаголу къызэрыluэтапхъэр гурыluэгъуэщ, ауэ ар нобэ щхьэж зы глаголу бзэм хэлэжьыхьыщэу щыткъым.

*″**Хъ**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъуклыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр**″.*

*″**Хъы**″ макъ псалъэр **макъ къыпыхьэу** бзэм **зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэм*** теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «хъышхуэ, хъыжь, хъыщlэ»; «″хъы″уэ зэрыдзарэ зэрыхъари ″хъар″щ»; «хъыринэ - хъаринэ».

″Хъын, хъэн″ глаголыр щхьэжу нобэ бзэм щызеклуэщэу щымытми, ар зэрыгъэзащlэ щlыклэр къэзыгъэлъагъуэ ″зэрыхъэн″ глаголыр бзэм щызэроклуэр.

*″**Хъы**″ **макъ псалъэм** нэгъуэщl псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэт**″* щапхъэхэм теухуащ мыр: «″бэдж, хъы″ → бэджыхъ». ″Хъы″уэ зэрыхъаращ ″хъар″ жыхуаlэри, зы ″хъы″ лlэужьыгъуэу ар зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″щ мыри: «″хъар, зы нэ″ → хъарзынэ».

*″**Хъ**″ макъ мыхьэнэр **″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

″Хъы″ псалъэр нобэ бзэм зэрыхэтыр зы ″хъар″ лlэужьыгъуэщ. Хъырэ хъар щlын luэхугъуэр къызэрыluатэ глаголщ ″хъэн″ыр (сохъэ, бохъэ, ехъэ).

″Хъ″ыр къызтехъуклынум лъабжьэ хуэхъуращи, а зэрыщыту къызэтенэныр флыкъым. Мыпхуэдэу зыри хузэфlэмыклрэ дэтхэнэ зы luэхуми хэпщlэу аткlэ-мыткlэ зыдзым мы и щlыклэр ″хъахъэ, хъэрахъэ, хьэрэхьэн″ущ зэрылъытэр.

″Хъ″ыр лъабжьэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, абы иклыр лъабжьэм иклрэ щыклращи, ар флыкъым: «хъийм иклын».

И макъ мыхьэнэм зэрезэгъклэрэ зы лъабжьэ luэхугъуэу щытрэ лъабжьэм хуэкluэныгъэ, лъабжьэклэрэ гъэзащlэ luэхугъуэхэри ″хъ″

макъыр зыхэту ухуэ псалъэхэращ зытеухуар. Зыгуэрым и лъабжьэм теухуауэ хьэрычэтыр къызэрыIуатэ глаголщ мыр: «хъеин».

Дэтхэнэ гуэрыр къызтехъукIра лъабжьэ хуэхъур къизыIуэ ″хъ″ым хуэкIуэныгъэкIэрэ (нэ) зэгъэпщэнрэ зэлъытэныгъэр къэзыIуатэ псалъэхэщ мыхэр: «нэхъ, нэхъей, нэхъыфI, нэхъыжь, нэхъыбэ; нэхъ ипэ/япэ → нэхъапэ; нэхъ икIэ → нэхъыкIэ, нэхъыкIей». ″Нэхъ″ псалъэм къытехъукIыж мы щапхъэхэм щыщ гуэрхэр икIи ″псалъэ зэгуэт″у зэреджапхъэри гурыIуэгъуэщ.

Зи гъащIэр и лъабжьэм нэгъунэ къэзыпсэухьрэ гъащIэм и Iэфlагъэр икIэ нэгъунэ псэунри ″хъ″ макъ мыхьэнэкIэрэ къэIуатэ псалъэущ зэрызэпкъырыувэр: «гъэхъэн».

″Хъ″ыр дэтхэнэ къэхъуныгъэм лъабжьэ хуэхъу макъ мыхьэнэуэ зэрыщытым ипкъ иткIэ, къыщIэхъуэнум хуэкIуэныгъэ зиIэ лъабжьэр ″хъыджэ″ущ зэрылъытэри, иджыри анэ мыхъуа цIыхубз щIалэр къыщIэхъуэнум лъабжьэ хуэхъуу зэрыбзылъхугъэр къыхэщу ″хъыджэ″рэ ″бзы″уэщ зэрылъытэр: «хъыджэ, хъыджэбз».

″Хъ″ыр лъабжьэщи, икIэм зи иужь ихьам кIэрымыкIрэ икIэ нэгъунэ кIуэн щIыкIэхэри къизыIуэ псалъэхэр ″хъ″ макъ зыхэт псалъэхэу зэпкъыроувэр: «хъыжьэ, кIэрыхъыжьэн».

Къэхъуну къыпэщытыр зи зыхэзымыщIэн щIыкIэрэ щIэн хуейхэм теухуауэ зикI гузэвэгъуэ зимыIэрэ тыншыгъуэ зиIэн щIыкIэр лъабжьэрэ мыужьыгъуэр зи хэщIапIэу, лъабжьэм (хъым) щыпIрэ къыщыхъур зыфIэмыIуэхущ къызэрыIуатэр: «хъымпIар».

″Хъ″ыр хъун лъабжьэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, зэрыхъун хуейуэ щымытынрэ лъабжьэ ехыгъуэу лъытапхъэхэри ″хъ″ макъ зыхэт псалъэхэу зэпкъыроувэр: «сыхъэн, дзахъэ, тIасхъэ, мэхъэшэн».

Нобэ ″тIасхъэ″рэ ″дзахъэ″ псалъэм хуэдэу зэрахьэу щытми, щымыIэ пэлъытэу цIыкIу дыдэ гуэрхэр къызэрыIуатэ зы псалъэ хэтщ адыгэбзэми, ар ″мыщыIапхъэрэ (цI) лъабжьэу (хъ)″ щытыныр зи мыхьэнэуэ зы псалъэщ: «цIырхъ».

″Хъ″ыр лъабжьэрэ къызтехъукIыпхъэр зи мыхьэнэращи, зыгуэрыр зэрыхъунурэ зэрыужьынур къэгъэувыIэнрэ а зэрыщытыпIэм къинэн Iуэхугъуэхэри ″хъ″ макъ зыхэт псалъэущ зэрыухуэр: «лъэхъэн, лъахъэ».

″Лъэхъэн″ Iуэхур зыгуэрыр зэрытыпIэм иту къэгъэнэращи, зы итыпIэрэ зэхуэдэ псэукIэр къызщекIуэкI зы зэманыгъуэри мыпхуэдэ псалъэущ къызэрыIуатэр: «лъэхъэнэ».

″Пэ″м къиIукI ″хъырхъ″ макъым егъэщхьынкIэрэ къэхъуарэ ″хъ″ макъ мыхьэнэ зыхэмылъу ухуа псалъэхэри щыIэщ: «пырхъын, пырхъэн».

Псалъэм ищхьэ е икIэу зыдыхэт щIыпIэм елъытауэ лъабжьэ мыхьэнэ хигъэзэщIыхьу псалъэм щыщущ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, ***″хъ″*** *макъым бзэм* ***″префикс – суффикс къалэн″*** *хигъэзэщIыхькъым.*

**″Хъу″ макъыр.**

*″**Хъу**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″хэр.*

Лъабжьэрэ хъупхъэ зи мыхьэнэ ″хъ″ым и ужьыгъуэр (у) а лъабжьэм къытехъукlыу утыку къихьэращи, мыувыlэу хъууэ кlуэрэ къэхъу зэпыту цlыхум мы гулъытэ зыхуищlар ″**хъу**″уэщ зэрилъытари, ар зэрызекlуэр къизыlуэ глаголыр ″**хъу**н″ращ. ″Хъу″р ″хъун″ глаголыпкъыу зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэтщ.

″Хъу″р мыувыlэу къэхъураща, хъуар хъуа нэужь аргуэру зыгуэр къытехъукlынрэ къэхъун папщlэ, зэхъуэкlын зэрыхуейри гурыlуэгъуэщи, мыри зэманкlэрэ къызэрыхъурэ ″хъу″пlэм итlыр зэрыкlуатэрэ гъуэгу зэрытехьэкlэрэ зэрыгъэзащlэр ″хъуэ″уэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. Хъур хъуащи, ар зэрызэхъуэкlыр къизыlуэ ″хъуэ″м къиlуатэр иджыри хъупlэм имыхьащи, мыр бзэм макъ мыхьэнэ лэжьэкlэущ зэрыхэтыр, ″хъуэ″р щхьэж зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэткъым. ″Хъу″м и макъ мыхьэнэмрэ зы ″макъ псалъэ″у и мыхьэнэр фlыуэ зэрызэтеухуэр гурыlуэгъуэщи, хъуар зэрызэхъуэкl щlыкlэрэ аргуэру зы хъугъэ утыку къызэрихьэм и зэхуакур къизыlуэ ″хъуэ″р макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр мащlэкъым. ″Хъу″м и кlуэтэгъуэу къэхъу ″хъуэ″р икlи хъуар зэрыхъуам къытекlыжу гъугу зэрытехьэкlэрэ зэрызэхъуэкlращ, икlи ″хъу″уэ щытыныгъэр къизыlуэращ. Аращи, хъуар зэрызэхъуэкlрэ аргуэру хъун гуэр къызэрыхъур къызэрыlуатэр ″**хъуэ**хъу″щи, мыр хъугъуэ-фlыгъуэщ; ауэ, хъуар зэхъуэкlынрэ зэрыхъуам икlыныгъэ къэхъуныгъэр ″**хъуэ**н″щи, мыри мыфlыгъэщ.

″Хъу″ макъ мыхьэнэрэ бзэ мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэ аргуэру зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэлэжьыхьу хэтщи, ар зы псэущхьэ лъэпкъыр ″хъу″рэ ″бзы″уэ зэрызэщхьэщыкlым теухуауэ, псэущхьэ лъэпкъым и зы лъэныкъуэ лъэпкъыр ″**хъу**″уэ зэрылъытэращ (цlыхухъу, шыхъу). ″Хъу″ макъ мыхьэнэр зы псэущхьэ лъэпкъым мы и зы лъэныкъуэр зэрилъытэкlэрэ бзэм зэрыхэхъар ипщэкlэ зи гугъу зэрытщlакlэрэ ″хъу″р ″хъун″ыгъэм теухуауэ бзэм хэхьа нэужьщи, а мыхьэнитlыр зэтеухуэу щытми, я зэхуакум зэманыгъуэу мащlэ дэлъу къыщlэкlынкъым.

*″**Хъу**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэрауэ *″**Хъу**″м къытехъукla **″макъ псалъэ″**хэр **макъ къазэрыпыхьэкlэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зы лъабжьэм (хъ) къытехъукl зыужьыгъуэращ (у) ″хъу″ макъ мыхьэнэри, ар зэрыгъэзащlэу ухуа ″макъ глагол″ри ″хъун″ращ. Ар зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъ къыпыхьэу бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «гъэхъун, дэхъун,

техъухьын, щыхъун, къыщыхъун, щlэхъухьын, къэхъун, хэхъухьын, хуэхъун, пыхъухьын, фlэхъун, нэхъун».

″Хъун″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэм зы зэманыгъуэрэ зы гъуэгуанэ зэрихь щlыкlэр ″хь″ кlэухкlэрэ зэрыгъэзащlэм теухуа щапхъэхэри хэтщ мы къэтахэм. Ауэ мыпхуэдэу гъэзащlэ ″хъун″ lуэхугъуэр префиксым елъытауэ икlи ″э″ кlэухкlэрэ ухуэфу глаголхэр утыку къызэрихьэри гурыlуэгъуэщ: «lэрыхъуэн, ихъуэн, lухъуэн, гуэхъуэн, дэхъуэн, техъуэн, щlэхъуэн, кlэрыхъуэн, хэхъуэн, лъыхъуэн, пыхъуэн, фlэхъуэн».

Псэущхьэрэ lэщыр япlынрэ гъэхъункlэ щхьэпэ шхапlэхэр глагол формэу ухуа ″хъун″ псалъэращ къызэрыlуатэри, къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэхэщ мыхэр: «хъуныпlэ → хъупlэ; хъунышхуэ»; «lэщыр хъупlэм щызэрагъашхэр къызэрыlуатэ глаголри ″гъэхъун″ращ».

*″**Хъу**″ макъым къытехъукlа ″**макъ псалъэ**″хэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэми деплъынщ.

″Хъу″ макъыр къэхъуарэ ″хъу″н lуэхугъуэ игъэзащlэу бзэм хэлэжьыхьу щlидза нэужь, куэд дэмыкlыу псэущхьэри хъурэ бзыуэ зэрызэхэгъэкlыпхъэр къэунэхуагъэнщ. Аращи, псэущхьэ лъэпкъыр tlууэ зэщхьэщокlри, зы ″бзы″гъэ зиlэ лъэпкъщ, адрейри ″хъу″гъэ зиlэу лъэпкъщ: «цlыху, хъу″ → цlыхухъу; ″шыд, хъу″ → шыдыхъу».

″Хъун″ глаголыр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм ипэкlэ и гугъу тщlащи, абы псалъэ къыпыхьэу къытехъукl ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэи щыlэщ: «″унэ, хъун″ → унэхъун». ″Унэхъун″ псалъэм занщlэу уеджэмэ, ″унэ хъун″ хуэдэу хъугъуэ-фlыгъуэщ, ауэ ар ирониеу къэхъуарэ ″унэ мыхъужын″ мыхьэнэ зиlэ псалъэу бзэм щызэрызекlуэри гурыlуэгъуэщ.

″lэщ гъэхъун″рэ ар зыщагъэхъу удзыпцlэ щlыпlэхэр зэрылъытэ ″хъун″ псалъэхэр зыхэту ″псалъэ зэгуэт″ мэухуэри, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «lэщ, (гъэ)хъун″ → lэщыхъуэ (lэщ зыгъэхъу) - lэхъуэ; ″шы, (гъэ)хъун″ → шыхъуэ; ″вы, (гъэ)хъун″ → выхъуэ; ″бжьэ, (гъэ)хъун″ → бжьахъуэ»; ″хъун, фlы″ → хъуныфl; ″хъун, щlыпlэ″ → хъун (щlы)пlэ → хъу(н)ыпlэ → хъупlэ; къущхьэ, хъун″ → къущхьэ хъун → къущхьэхъу».

Зыгуэрым и гущlыlум телъ жьгъейхэр тегъэкъэбзыкlынрэ захуэрэ цlафтэ щlын lуэхугъуэри ″хъуэн/ухъуэн″ глаголкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщи, мыр зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″пхъэ, хъуэн/ухъуэн″ → пхъахъуэ».

*″**Хъу**″ макъ мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

″Хъ″ макъым и ужьыгъуэу къэхъуа ″хъу″р лъабжьэу лъытапхъэ дэтхэнэ гуэрым и ужьыгъуэу абы къытехъукlращи, ар зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэтри мыпхуэдэщ: «хъу, хъун, къэхъун». Хъур зэрыхъу щlыкlэрэ хъуурэ къекlуэкlыр зэрылъытэри ″хъурей″уэщ.

″Хъу″ макъыр зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэхьа ″хъун″ыгъэ мыхьэнэклэрэщ нэхъыбэу бзэм зэрыхэлэжьыхьри, макърэ псалъэхэм къыклэлъыклуэу мыпхуэдэ мыхьэнэклэрэ ухуэжу псэлъэщlэхэри утыку къохьэр. Ипэклэ зы ″макъ псалъэ″у ″хъу″р бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ къэхъу псалъэхэм теухуа щапхъэхэр къэтащ. Ауэ ипэкl къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэр икlи ″хъу″р и макъ мыхьэнэклэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псэлъэщlэхэу утыку къихьэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ипэклэ къэта псалъэхэри зэрыхэтыжу ″хъу″ макъыр и мыхьэнэклэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыклэм нэхъри щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Хъу″р хъугъуэ-фlыгъуэщи, мыпхуэдэр къэхъун папщlи, мыпхуэдэ къэхъун гугъэрэ гукъыдэж зыхуаlэми ″хъу″ макъыр зэклэлъхьэужьу къызэрыlуклэрэ зэпкъырыувэ псалъэхэр хужаlэр: «хъуэхъун – ехъуэхъун, хъуэхъуэн, хъуэхъу, хъуахъуэ»

Хъуар зэрызэхъуэклрэ мыхъуныгъэ къызэрыхъум теухуа псалъэхэщ мыхэри, ″хъу″ауэ щытыр а зэрыщытыплэм зэрытеклрэ зэрыклуатэ къызэрыlуэтапхъэ ″э″ клэухклэрэ ухуа псалъэхэщ: «хъуэр, хъуэрыбзэ; хъуэн, хъуанэ, хъуэнэн, ехъуэнын».

Зыгуэрым ″хъуэр″ псалъэ хужеlэнри абы ″хъуэрурэ еджэн″ мыхьэнэ зиlэу ухуа ″ехъурджэн″ращ къызэрыlуатэр: «″хъуэр″урэ еджэн″ → е-хъуэрэ-джэн → ехъуэ-ы-р-джэн → ехъурджэн».

Къызэрыхъу щlыклэр къизыlуэ макъхэр ″хъун″ глаголым ищхьэм къыпыхьэу утыку къихьа псалъэхэрщ мыхэр: «дэхъун, къыдэхъун, зэдэхъун; щыхъун – къыщыхъун; хуэхъун, быхъу; лъыхъун, псэлъыхъу».

Зыгуэрыр къызэрыхъу щlыклэрэ зытеухуар псалъэм ищхьэм къыпыхьэ макъращ къэзыгъэлъагъуэри, къызэрыхъу щlыклэрэ зытеухуа lуэхугъуэр къыхэщу хъууэ щытыр (хъу-э) къизыlуэ псалъэхэу зэхуэмыдэ lуэхугъуэхэр къызэрыlуатэ щlыклэхэр щхьэхуэ щхьэхуэу къэгъэлъэгъуащ: «хэхъуэн (″х″ клуэтэгъуэ хъун lуэхуу бэгъуэныгъэщ)»; «лъыхъуэн (″лъэ-ы-хъу-э-н″у зэпкъырыхыпхъэрэ ″лъэ хъункlэ клуэтэгъуэ″у, ″лъэ къыщыхъу″р а ″лъэм игъуэ къызэрыс″у а лъэр щы″гъуэт″ращ)»; «ихъуэн, lухъуэн, дэхъуэн, техъуэн, пыхъуэн, щlэхъуэн»; «псыхъуэ, lэрхъуанэ»; «гуахъуэ (зы lэнатlэ ихъуэн -lэмэпсымэ)»; «пшахъуэ (мывэшхуэ гуэрым къыпыщэщу утыку къихьэу хъур, е пкъыгъуэ цlыкlу зэгуэхьэклэрэ къэхъур)»; «сыхъуэ (щlыlэрыс хъууэ щыт), сыхъуэх, сыхъуэрэх».

Мыпхуэдэ зэпкъырыувэклэ иlэми, къызэрыхъуа щlыклэр мыбыхэм хуэмыдэу лъытапхъэ псалъэщ ″гъуэхъуэн″ри, ар макъ мыхьэнэклэрэ зэпкъырыувамэ, ″и гъуэ имзэгъэжу зэхъуэкlын″у еджапхъэщ; ауэ мыпхуэдэ макъ къызхэlуклым егъэщхьынклэрэ абы и lуэклэр зэрылъытэ глаголуи жыlэпхъэщ.

″Хъу″р ужьыгъуэщи, lэщыр зэраплрэ зэрыхагъахъуэри, мыпхуэдэ lуэхугъуэхэр къыщеклуэкl щlыплэри, мы lуэхур зыгъэзащlэри ″хъу″ макъ мыхьэнэклэрэ къэlуатэ псалъэхэу зэпкъыроувэр. Мыбыхэм теухуа

щапхъэхэр икӏи ″макъ псалъэ″у ухуа ″хъун″ым теухуауэ ипэкӏэ къэтащ, ауэ абы къытехъукӏ псалъэхэр ″хъу″ макъ мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щӏыкӏэкӏэ ухуэж псалъэхэуи зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэнщи, мыбдежми щапхъэхэр къэтхьынщ: «хъун (лэщыр зыщыхъуакӏуэ удзыпцӏэ щӏыпӏэ), хъуэкӏуэн, гъэхъун; лэхъуэ (″диӏэ″рэ ди лэщ зыгъэхъу)».

Нэхъыбэу лэщыбэм папщӏэ хужаӏэу зы псалъэщ ″хъушэ″р, икӏи ар лэщыбэр зэралъытэ псалъэу къэхъугъэнщ, ауэ ″хъушэ″ псалъэм ″хъуурэ шэ, хъуурэ кӏуэ″ мыхьэнэ зэриӏэм ипкъ иткӏэ, ар дэтхэнэ гуэрыр зэрыкуэдыр къизыӏуэ зы псалъэщ.

Мы къэта щапхъэхэр ″хъу″ макъыр зы ″макъ псалъэ″у икӏи и ″макъ мыхьэ″кӏэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ ухуа псалъэхэу зэрыщытыр гулъытапхъащ. Ауэ мы псалъэхэм нэмыщӏ, ″хъу, хъуэ″ макъхэр зыхэт щхьэ, зи гугъу тщӏа ″хъу″ныгъэ ӏуэхугъуэ зыхэмылъ псалъэхэри хэтщ адыгэбзэм. Зы лъабжьэр бзэ мыхьэнэуэ щхьэж ″хъы″уэ зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэщи, зыгуэрым и лъабжьэм хуэкӏуэу абы и гущӏыӏум теужьыкӏыхьынрэ и лъабжьэм етӏэхъуу тетхъыкӏыхьын ӏуэхугъуэр ″хъы-у → хъу″рэ ″хъы-уэ → хъуэ″кӏэрэ зэпкъырыувэ псалъэхэмкӏэ къызэрыӏуэтапхъэр гурыӏуэгъуэнщ. Ауэ мыпхуэдэу къэхъу ″хъу, хъуэ″ макъхэмрэ ипщэкӏэ зи гугъу тщӏа ″хъун″ыгъэрэ ″хъу (мыбз)″гъэр къызэрыхъуа щӏыкӏэр зэрызэхуэмыдэри гулъытапхъэщ. Икӏи мыбдежым зи гъугъу тщӏыр бзэ лэжьэкӏэм куэду иужьькӏэ къызэригъэхъуар гулъытапхъэщи, ″хъу, хъун; хъуэ, хъуэн″у ипэкӏэ зи гугъу тщӏахэм елъытауэ къыщыхъуари гунэгъу лъэхъэнэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщ. Ауэ адыгэбзэм и лэжьэкӏэр лъэщу макъыбзэм зэрытетым ипкъ иткӏэ, мыбдежым зи гугъу тщӏы ӏуэхугъуэхэри япэрей псалъэхэм хэгъуэщэн шынагъуэ зэрыщымыӏэкӏэрэ ″хъу, хъуэ″ макъкӏэ къызэрыӏу щӏыкӏэу бзэм къигъэщӏащ. Аращи, зыгуэрым и лъабжьэм (хъы) теухуарэ лъабжьэм нэсу теужьыкӏыныгъэу гъэзащӏэ ӏуэхугъуэри ″хъы-у″ - ″хъы-уэ″кӏэрэ къоӏуэтэфыр: зыгуэрэм и гущӏыӏум тещӏыхьрэ лъабжьэм ехыу техъунщӏыкӏын ӏуэхугъуэр, е зыгуэрым тетыр мащӏэ мащӏэрэ лъабжьэ лъабжьэкӏэрэ къытеупщӏыкӏынрэ цӏафтэ щӏын ӏуэхугъуэр, зыгуэрым щыгъыр къыщыхынрэ упцӏэныныр е иӏэу хъуар къытехынрэ зыри имыӏэжу къэгъэнэн ӏуэхугъуэр мы макъхэр (хъы; у-уэ) зэрызэгухьэкӏэрэ (хъу, хъуэ) къоӏуатэр. Мыпхуэдэу зэпкъырыува псалъэхэм щыщ щапхъэщ мыхэр: «щыхъуэн (щы-хъы-у-э-н), ухъуэн, пхъэ ухъуэн, пхъахъуэ (пхъэ-хъы-у-э)»; «хъуэнщӏын, ухъуэнщӏын (у-хъы-у-э-н-щӏын)»; «хъунщӏэн, хъунщӏакӏуэ (хъы-у-н-щӏакӏуэ)».

Бзэм и макъ мыхьэнэкӏэрэ зэрыхэлэжьыхьрэ къытехъукӏ псалъэхэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуащи, мы и лэжьэкӏэм нэмыщӏыу *"**хъу**" макъым бзэм "**префикс – суффикс къалэн**" хигъэзэщӏыхькъым.*

## «Гъ, гъу» макъхэр.

### ″Гъ″ макъыр.

*″**Гъ**″ макъым къытехъукI ″**макъ псалъэ**″хэр.*

Тэмакъ нэужь макъыу, ″хъ″ым къыкIэлъыкIуэрэ бзэгу лъэдакъэм нэсу къэхъуауэ жыIэпхъэщ ″гъ″ макъри, абы и мыхьэнэри езым нэгъунэ къэхъуа макъхэм я мыхьэнэм елъытауэ къэIуэтапхъэщ: къэхъуныгъэр зэрызэрекIуэ лъабжьэ зи мыхьэнэуэ зы макъщ ″гъ″ыр. Ар занщIэу мы и мыхьэнэкIэрэ зэрихьэу щIидзагъэнщ псэущхьэми, мы зехьэкIэр бзэм зэрыхэхьэрэ псалъэ зэрыхэхъухьа щIыкIэращ ″**гъы**н″ глаголыр къызтехъукIа зы ″макъ псалъэ″у ″**гъы**″р. ″Гъ″ макъыр къэхъур зэрызекIуэ лъабжьэ макъ мыхьэнэщи, ″гъын″ри гъащIэ къежьапIэм зыкъэзыгъэлъагъуэ IуэхугъуэщI; мыгъыр гъащIэм темыхьэфынкIэ шынагъуэщ.

Къэхъур зэрызекIуэр къызтехъукI лъабжьэщ ″гъ″ макъ мыхьэнэри, къэхъур зэрызекIуэрэ зэрылажьэр ″гъ″ макъым и кIуэтэгъуэу ″гъэ″м и мыхьэнэращ. Макъ мыхьэнэуэ мы гъэзащIэм къызэрыгуэкIщи, ″гъэ″р къызхуэкIуэ дэтхэнэ гуэрым и щыIэгъуэр мэгъэлажьэр. Бзэ пэщIэдзэм къыщIидзэу ″гъэ″ макъ мыхьэнэм мы игъэзащIэм зэрезэгъкIэрэ, ар занщIэу бзэм псалъэ зэрыхэхъухьынури гулъытахъэщ: гъащIэр къызтехъукIрэ зыгъэлажьэу ″**гъэ**″р бзэм зы ″макъ псалъэ″у хэхьащ. Ар бзэм мы зэрыхэхьа дыдэу къыдгурымыIуэжми, илъэсым къыщекIуэкIыр къизыIуэ зы ″макъ псалъэ″ущ ″**гъэ**″р адыгэбзэм зэрыхэтыр, икIи ″гъэ″р илъэсуи къыдгуроIуэр. Ауэ бзэ мыхьэнэрэ зы псалъэу ″гъэ″р илъэсым хэлэжьыхьрэ гъащIэ зиIэхэм я гъащIэр зыгъэужьрауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Дызтепсэухь щIы хъурейм теухуауэ ари макъ мыхьэнэкIэрэ ″гъэ″ лIэужьыгъуэрэ ″гъэ″ къарууэ щыт ″дыгъэ″ращ зэпхари, дыгъэм и къекIуэкIыкIэм елъытащ дыгъэм епхауэ дыздэщыIэрэ дызэдэщыIэхэм я щыIэгъуэрэ гъащIэ къекIуэкIыр.

*″**Гъ**″ макъым къытехъукIа **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукIыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэрауэ *″**гъ**″ макъым къытехъукIа ″**макъ псалъэ**″хэр **къыпыхьэ макъкIэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Гъ″ыр зы ″макъ псалъэ″у занщIэу бзэм зэрыхэхьа щIыкIэр ″гъын″ глаголращи, зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къизыIуэ макъхэр префикс хуэхъуу абы къытехъукIыж префиксиал глаголхэм теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «игъын - игъыхьын, IугъынIугъыхьын, дэгъын - дэгъыхьын, дэгъын - зэдэгъын, щыгъын, щIэгъын, щIэгъын – щIэгъыхьын, кIэрыгъын – кIэрыгъэн (кIэрыгъы-э-н), къуэгъын – къуэгъыхьын, хэгъын – хэгъыхьын, хуэгъын, флэгъын, нэгъын».

Гъыуэ щыту гъыныгъэр зейуэ лъытар къызэрыlуатэ псалъэу ″гъын″ым къытехъукlащ мыр: «гъеин». Гъыуэ къыщlэдзэнрэ щытыныр ″гъын″ ужьыгъуэу зэрылъытапхъэу къэхъу глаголщ мыри: «гъуэгын». Гъыу щытрэ гъыныгъэм къинэн мыхьэнэ зэриlэкlэрэ къэхъуащ мы псалъэхэри: «гъынэнэн, гъынанэ».

″Гъ″ макъым къытехъукlа зы ″макъ псалъэ″ри ″гъэ″ращи, ар зы илъэсым хэлэжьыхьыр зэрылъытэращ, ауэ мы къызэрыlуатэр икlи зы илъэсри зэрылъытэущ адыгэбзэм зэрызекlуэ щlыкlэр. Нытlэ, илъэс мыхьэнэкlэрэ ″гъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэу, абы къыпыхьэ макъхэмкlэ къытехъукlыж псалъэхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «мыгъэ/мэгъэ, нэгъабэ, нэгъэбэрей, гъэшхуэ».

Мыхэр ″гъэ″р илъэсу зэрылъытэ псалъэхэщ, ауэ илъэсым къыщекlуэкlрэ щхьэж зы псалъэу мылъытауэ щыт ″гъэ″р мы и мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхькlэ псалъэхэри къызэрыхъунур гурыlуэгъуэнщи, ″гъэ″ макъ мыхьэнэ лэжьэкlэу къэхъуа псалъэхэу лъытапхъэщ мыхэр: «гъатхэ, гъэмахуэ; гъаблэ, гъэш».

*″**Гъ**″ макъым къытехъукlа ″**макъ псалъэ**″хэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Гъын″ макъ глаголыр зыхэту хуа ″псалъэ зэгуэтщ″ мыхэр*:* «″гъын, нэ″ - ″гъырей, нэ″ → гъырей нэ → гъыреинэ → гъыринэ; ″гъы(н), нэпцl″ → гъынэпцl; ″хьэ, гъын/гъеин″ → хьэдагъэ (хьэдэ-гъы-э)».

Зы ″макъ псалъэ″у илъэсым ипlэкlи щызекlуэ ″гъэ″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″щ мыхэри: «″итlанэ, гъэ″ → итlэнэгъэ/етlэнэгъэ; ″гъэ, фlы″ → гъэфl».

*″**Гъ**″ макъ мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

″Гъ″ыр сытри зэрыгъэзащlэ ″гъэ″ лъабжьэ мыхьэнэ зиlэу зы макъщи, гъащlэр къызэрежьэри ″гъын″кlэрэщ, ауэ гъащlэ къекlуэкlыкlэм дэтхэнэ и зы щlыпlэм ″гъэ″ зэпыудыгъуэу къэхъури ″гъэ-ы → гъы″ lуэхугъуэщ. ″Гъ″ыр занщlэу зы псалъэ зэрыхэхъухьыр ″гъын″ lуэхугъуэращи, ″гъы″кlэрэ къежьэу къэlуатэу хъуар ″гъын″ым теухуащ: «гъын, гъагъын, зэдэгъын»; «хьэдэ гъеин, хьэдагъэ (хьэдэ-гъы-э)»; «гъынэнэн, гъы нэпцl».

″Гъэ″ лъабжьэщ ″гъ″ыри, ″гъ″ым зэманыгъуэрэ щыlэгъуэ зэригъуэтыр ″гъэ″щ: ар сытри къызэрекlуэкlыр зэрыгъэзащlэрщ. ″Гъэ″р щхьэж зы ″макъ псалъэ″у хэтщ бзэми, абы къытехъукlыж псалъэхэщ мыхэр: «дызтепсэухь щlылъэр зэпхарэ ди гъащlэр къызхэхъукl къарур ″дыгъэ″ращи, абы и зы къекlуэкlыкlэрэ зы илъэсым щылажьэри зы ″гъэ″щ; ″гъэ″м къигъэщlыр ″гъащlэ″щи, зы псэущхьэм ар зэрихьыр къэзыlуатэри ″гъэщlэн″ глаголращ; ″гъэ″р къызэрежьэрэ зэрытхэр ″гъатхэ″щи, ″гъэ″м къыщlэхъуэнур зыухуэри ″гъэмахуэ″ращ; мыпхуэдэу къекlуэкl ″гъэ″м къыщlэхъуэр ″гъэш″щи, къыщlэмыхъуэж щыхъур ″гъаблэ″щ».

″Гъэ″р щхьэж зы псалъэу зэрыщытым нэмыщӏ, ар сытри къызэрекӏуэкӏрэ зэрылажьэ макъ мыхьэнэщи, дэтхэнэ зы псалъэм префикс хуэхъуфу ар зэрыгъэлажьэ макъщ; дэтхэнэ зы псалъэм суффикс щыхуэхъукӏи а псалъэм и мыхьэнэм лэжьэкӏэ егъуэтыр. Префиксрэ суффиксу зэрылажьэм илъабжьэкӏэ и гугъу щытщӏынщ, ауэ ″гъэ″ макъ мыхьэнэкӏэрэ къежьэрэ ухыу ухуэу псэлъэщӏэхэри утыку къохьэр. Мыпхуэдэ псалъэхэм щыщ щапхъэхэр ипщэкӏи къэтащи, абыхэм нэмыщӏыу ″гъэ″ макъ мыхьэнэм къыкӏэлъыкӏуэ макъкӏэрэ ухуэ псалъэхэм щыщ щапхъэхэри къэтхьынщ: «гъэгъэн; гъэгъун, хуэгъэгъун; гъэкъын, зыгъэкъын; гъэхъэн, гъэфӏэн, гъэщхъын, гъэпсын, гъэпскӏын, гъэпщкӏун».

″Гъэ″р ищхьэм къызпыхьэ макърэ псалъэр мэгъэлажьэри, икӏэм къызпыхьэ макърэ псалъэ мыхьэнэри а зэрыщыткӏэрэ мэлажьэр. Псалъэхэм икӏэм суффикс къалэну къызэрыпыхьэм нэмыщӏ, ″гъэ″кӏэрэ ухыу ухуэ псэлъэщӏэхэри щыӏэщи, мыпхуэдэу утыку къихьэ псэлъэщӏэ гуэрхэр ухуагъэххэ псалъэхэм къыпыхьэуи къохъур, икӏи зэрыщыту щӏэуэ къэхъу псалъэхэри мэухуэр: «уӏэн → уӏэгъэ; гу → гугъэ; хьэ → хьэгъэрей → хэгъэрей»; «дыгъэ, дагъэ, щыгъэ»; «зэгъэн; зэгъ (зытеухуам ″гъэ″ зэрыхуэхъукӏэрэ ″зэ-гъэ-ы″уэ мэухуэр) зэгъын, езэгъын»; «щыгъын (щы-гъэ-ы-н: зыщагъагъ фащэ);

″Гъэ-ы″уэ зэхъуэкӏыу мы къэта щапхъэхэм хуэдэу ухуа щхьэ, ″гъэ″м и ехыныгъэу ″гъэ-ы″уэ еджапхъэу ухуарэ, икӏи иджыри ″гъэ″ мыхъуар зи мыхьэнэ ″гъ″ макъкӏэрэи еджапхъэу ухуа псалъэхэри щыӏэщ: «жан → жагъын (жа-гъэ-ы-н: жаныгъэм ехын)»; «щӏы → щӏагъ (узтет щӏыгъэм ехыжыныгъэу ″щӏы-а-гъэ-ы″уи, узтет щӏы лъабжьэрэ пэжыжьагъэ зиӏэу мыгъэуи ″щӏы-а-гъ″ еджапхъэщ); къу → къуагъ (″къу″ щӏыб щӏын ″къу-а-гъэ-ы″)».

″Гъэ″р щыӏэгъуэрэ гъащӏэ зиӏэхэм теухуащи, ар мылажьэу зытеухуам къыщынэрэ къыщыхэнэм щыгъуэр къизыӏуэ псалъэщ ″гъэнын″ глаголри, ар зи гъащӏэ ″хэгъэщӏын″ жыхуиӏэрщ. Мыпхуэдэ дыдэу щымытми, и гъащӏэрэ и ″гъэ″ныр хуиту ихьын имылъэкӏыж щӏын ӏуэхугъуэу зыӏэщӏаубыдэнри ″гъэр″ псалъэращ къэзыӏуатэр. ″Гъэр″ыр зи ″гъэ″ныр зыӏэщӏэхьарэ зыӏыгъым елъытауэ ухуа зы псалъэу лъытапхъэщ.

***″Гъ″*** *макъым* ***″префикс – суффикс къалэн″****у игъэзащӏэхэр.*

Сытри зэрыгъэзащӏэрэ зэрыгъэлажьэ макъ мыхьэнэуэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым къызэрыгуэкӏкӏэ, мы и мыхьэнэкӏэрэ ищхьэм къызпыхьэ псалъэр зытеухуа ӏуэхугъуэр ягъэзащӏэ мэхъур: «гъэин, гъэун, гъэуэн, гъэӏун, гъэӏуэн, гъэсын, гъэсэн-2, (е)гъэзын-2*, (е)гъэдзын*, гъэгъын, гъэгъун, гъэджын, гъэджэн, гъэжын, гъэжэн, (е)гъэжьын*, гъэжьэн, (е)гъэщын*, (е)гъэщэн*, (е)гъэщӏын*, (е)гъэщӏэн*, (е)гъэшэн*, (е)гъэчын*, гъэчэн, гъэкӏын, гъэкӏуэн, гъэхъун, (е)гъэхьын*, (е)гъэхун*, гъэлъэн, гъэлэн, гъэлӏэн, гъэпӏын, гъэфын, (е)гъэвын*, гъэвэн».

Зыгъэлажьэ префиксщ ″гъэ″ри, къызпыхьэ глаголыр ″лъэIэс″ жыхуаIэ ″Iуэху″ лIэужьыгъуэу мэухуэр. Ауэ ″Iуэху″ лIэужьыгъуэ гуэрхэм ″гъэ″ префикс къыщащтэм деж, екIуэлIэныгъэ префикскIэрэ (е) лэжьэн хуейуэ зэпкъыроувэри, мыхэр (*) нэгъыщэкIэ къэгъэлъэгъуащ. Глагол лэжьэкIэм игъуэ къыщысым деж и гугъу щытщIынущи, мыбдежым псалъэрэ глагол къэхъукIэу мыбы зэхъуэкIыныгъэ щхьэусыгъуэм дытепсэлъыхьынкъым.

″Гъэ″р префикс зыхуэхъур глаголхэр зы ″Iуэху″ лIэужьыгъуэ глаголу зэпкъыроувэр. Ауэ мыбы къыщымынэу, дэтхэнэ зы псалъэми ищхьэм къыпыхьэу ар зэрыгъэзэщIэну щIыкIэр къизыIуэ ″Iуэху″ лIэужьыгъуэ глагол утыку къызэрихьэфынури гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ глаголхэр ″гъэ″ префикскIэрэ къэхъуфми, мы глаголрэ псалъэхэм псори бзэм щызекIуэу щыткъым. Ар щхьэ, плъыфэцIэм ″гъэ″р префиксу къапыхьэу ухуэ глаголыр а плъыфэр къызэрыгъэщтэн Iуэхугъуэ къизыIуэ зы глаголу зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ. НытIэ, плъыфэцIэ зы бжанэм ″гъэ″ къащтэу ″Iуэху″ лIэужьыгъуэ глагол къазэрытехъукIым теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «хужь → гъэхужьын; гъуэжь → гъэгъуэжьын; плъыжь → гъэплъыжьын; фIыцIэ → гъэфIыцIэн - гъэуфIыцIэн - гъэуфIыцIын; кIыфI → гъэкIыфIын – гъэукIыфIын – гъэункIыфIын; нэху → гъэнэхун – гъэунэхун»; «ин → гъэинын; цIыкIу → гъэцIыкIун; кIыхь → гъэкIыхьын; кIэщI → гъэкIэщIын; бгъуэ → гъэбгъуэн; бгъузэ → гъэбгъузэн; зэв → гэзэвын; быхъу → гъэбыхъун»; «фIы → гъэфIын – гъэфIэн; Iей → гъэIеин; дахэ → гъэдэхэн; фIей → гъэфIеин - гъэуфIеин».

КIэух зыхуэхъу макърэ псалъэ мыхьэнэр ″гъэ″м зэрыщыту зэригъэлажьэм къызэрыгуэкIщи, дэтхэнэ зы макърэ псалъэми ″суффикс″ къалэн хуегъэзэщIэфыр. ″Гъэ″р псалъэхэм кIэух язэрыхуэхъукIэрэ ″псэлъэщIэ″ зэрыухуэм теухуа щапхъэхэр ипэкIэ къэтащи, псалъэ мыхьэнэр зэмыхъуэкIыу ″гъэ″ суффикскIэрэи зэрылэжьэфынур гурыIуэгъуэщ. Ауэ, ″гъэ″р ″суффикс″ къалэнкIэрэ хуэлэжьэн папщIэ, псалъэм и мыхьэнэр а зэрыщытрэ зэрит щIыкIэу къызэтенэн хуейщи, зы псалъэр мыпхуэдэу зэрыухуа щIыкIэм тетыжу зэрылэжьэнур ″гъэ″ суффикс нэхърэ ″гъуэ″ суффикскIэрэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

Ауэ мыбы къикIкъым цIэ лIэужьыгъуэ псалъэхэм я мыхьэнэр а зэрыщыту къызэтенэу ″гъэ″ суффикскIэрэи мылэжьэну. Ар щхьэ, мыпхуэдэ лэжьэкIэ игъуэтын папщIэ, псалъэ мыхьэнэр а зэрыщыту къызэрытену гъэпсын хуейщи, мыри а псалъэм ″н″ кIэух къищтэу инфинитиву зэрызэпкъырыувэращ. НытIэ, цIэ лIэужьыгъуэ псалъэхэр инфинитиву гъэпсарэ и мыхьэнэр а зэрыщыткIэрэ къызэтенэжу ″гъэ″ суффикскIэрэ зэрылажьэм теухуа щапхъэхэр илъабжьэкIэ къэтхьынщ.

Ауэ мыбдежым мы псалъэхэм занщIэу ″гъэ″р кIэух е ″суффикс″ язэрыхуэхъукIэрэ къэхъу я лэжьэкIэрэ псалъэ къазэрытехъукIым щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэри цIэ лIэужьыгъуэу щыт ди

″макъ псалъэ″хэм теухуауэ къэтхьынщи, утыку къихьэ бзэ мыхьэнэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Цlэ лlэужьыгъуэ псалъэхэу щыт ди ″макъ псалъэ″хэм ″гъэ″р ″кlэух″ е ″суффикс″ щыхуэхъукlэ ухуэ бзэ мыхьэнэхэу илъабжьэкlэ къэта щапхъэхэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, хэплъагъуэм теухуауэ жылэпхъэхэр мыпхуэдэщ: утыку къихьэ псалъэ гуэрхэр зэрыимыгъуащэр, мыхьэнэкlэ игъуэми апхуэдэ зы псалъэр нобэ бзэм зэрыхэмытыр, псалъэ гуэрхэр зэрыигъуэрэ бзэми зэрыхэлэжьыхьыр, псалъэ гуэрхэр ″гъэ″ кlэухкlэрэ къэхъуа псэлъэщlэхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Икlи цlэ лlэужьыгъуэ псалъэхэм ″гъэ″р кlэухрэ ″суффикс″ язэрыхуэхъукlэрэ зэрыухуэ щlыкlэри хыболъагъуэр къэта щапхъэхэми, кlэух ″э″м ипэ къихуэ ″э″р ″а″уэ зэрызэхъуэкlкlэрэ къэхъу псалъэ зэрыухуэр гулъытапхъэщ. Ауэ мы щапхъэхэм щыщ гуэрхэр ″гъэ″р ″суффикс″ зэрыхъукlэрэ псалъэ лэжьэкlэ нэхърэ, псалъэм ″гъэ″ кlэух къызэрищтэкlэрэ ″псэлъэщlэ″ къэхъуныгъэуи зэрылъытэн хуейри гурылуэгъуэщ. Къэдгъэлъэгъуэнщ псалъэхэр къыкlэлъыкlуэ ″гъэ″кlэрэ зэрылажьэм теухуа щапхъэхэр: «игъэ, егъэ – ягъэ (еагъэ), leигъэ – leягъэ (leагъэ) – leягъ, уэгъэ, lугъэ, lуэгъэ, сэгъэ, цlэгъэ, цыгъэ, зыгъэ, дзэгъэ – дзагъэ – дзагъ, гъэгъэ – гъагъэ – гъэгъэн, гъуэгъэ – гъуагъэ – гъуагъ, гэгъэ – гагъ, гугъэ, дэгъэ, тlыгъэ, жьыгъэ, жьэгъэ – жьагъэ – жьагъ, щыгъэ, щэгъэ – щагъэ – щагъ, щlыгъэ, щlэгъэ, шыгъэ, шэгъэ, чыгъэ, чэгъэ, кугъэ, кlыгъэ, кlэгъэ – кlагъэ, къугъэ, къуэгъэ, кхъэгъэ – кхъагъэ – кхъагъ, кхъуэгъэ – кхъуагъэ – кхъуагъ, хъыгъэ, хъугъэ, хыгъэ, хугъэ, хьэгъэ, лъыгъэ, лъэгъэ, лыгъэ, лlыгъэ, пэгъэ – пагъэ – пагъ, пlэгъэ – пlагъэ – пlагъ, бэгъэ – багъэ – багъ, фэгъэ – фагъэ – фагъ, фlыгъэ, выгъэ, мыгъэ, мэгъэ – магъэ – магъ, нэгъэ – нагъэ – нагъ».

Мы щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэрэ ипэкlи жытlагъэххэщи, цlэ лlэужьыгъуэу щыт дэтхэнэ зы псалъэм ″гъэ″р занщlэу ″суффикс″ хуэхъуныр игъуэ дыдэу лъытапхъэкъым. Сыт щхьэ жыпlэмэ, зы цlэ лlэужьыгъуэм и мыхьэнэр а зэрыщыту къызэтенэн хуейщ. Абы и мыхьэнэр а зэрыщыткlэрэ къызэрызэтенау ″гъэ″ суффикскlэрэ лэжьэн папщlэ, абы ″н″ кlэух къыпыхьэрэ инфинитиву гъэпсауэ ″хъуныгъэ″ мыхьэнэ щигъуэтращ ″гъэ″р ″суффикс″ хуэхъуу лэжьэкlэ зэригъуэтынур. Мыпхуэдэ щапхъэхэр цlэ лlэужьыгъуэу (щылэцlэ, плъыфlэцlэ, бжыгъэцlэ) щыт ди ″макъ псалъэ″хэм щыщ гуэрхэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ: «lэныгъэ, lуныгъэ, lуэныгъэ, сэныгъэ, цlэныгъэ, цыныгъэ, зыныгъэ, дзэныгъэ, гъуэныгъэ, гэныгъэ, гуныгъэ, дэныгъэ, тlыныгъэ, жьэныгъэ, щыныгъэ, щlыныгъэ, шыныгъэ, шэныгъэ, чыныгъэ, чэныгъэ, кlыныгъэ, кlэныгъэ, къуныгъэ, къуэныгъэ, кхъэныгъэ».

Цlэ лlэужьыгъуэу щыт псалъэ мыхьэнэр а къызэрыхъуауэ зэрыщытыр инфинитиву зэрыгъэпсауэщ къызэрылуатэри, апхуэдэу ухуа псалъэм ″гъэ″р хуитрэ игъуэу ″суффикс″ зэрыхуэхъур гурылуэгъуэщ. Нытlэ,

инфинитиву гъэпса дэтхэнэ зы глаголми ″гъэ″р суффикс зэрыхуэхъуфынури гурыIуэгъуэщи, инфинитиву гъэпсауэ щыт ди ″макъ глагол″хэм ″гъэ″р ″суффикс″ язэрыхуэхъум теухуауэ щапхъэхэри къэтхьынщ: «иныгъэ, уныгъэ, уэныгъэ, Iуныгъэ, Iуэныгъэ, сыныгъэ, сэныгъэ, зыныгъэ, дзыныгъэ, гъыныгъэ, гъуныгъэ, джыныгъэ, джэныгъэ, жыныгъэ, жэныгъэ, жьыныгъэ, жьэныгъэ, щыныгъэ, щэныгъэ, щIыныгъэ, щIэныгъэ-2, шэныгъэ, чыныгъэ, чэныгъэ, кIыныгъэ, кIуэныгъэ, хъуныгъэ, хьыныгъэ, хуныгъэ, лъэныгъэ, лэныгъэ, лIэныгъэ-2, пIыныгъэ, фыныгъэ, выныгъэ, вэныгъэ».

Инифинитиву зэрыгъэпсакIэрэ ди ″макъ глагол″хэм ″гъэ″р ″суффикс″ яхуэхъуу зэрылажьэм теухуа щапхъэхэр къэтащи, дэтхэнэ зы псалъэм и мыхьэнэр зэмыхъуэкIыу мыпхуэдэ лэжьэкIэ зэригъуэтыр гулъытапхъэщ. Ауэ глаголхэр инфинитиву зэрымыгъэпса щIыкIэу глаголыпкъхэми ″гъэ″р суффикс язэрыхуэхъум теухуа щапхъэхэр къэтхьынщи, деплъынщ. ЦIэ лIэужьыгъуэ псалъэхэр а зэрыщыткIэрэ ″гъэ″р ″суффикс″ язэрыхуэхъум хуэдэу лъытапхъэщ мыпхуэдэ лэжьэкIэхэри, утыку къихьэ псалъэ гуэрхэр зэрыимыгъуащэр, мыхьэнэкIэ игъуэми апхуэдэ зы псалъэр нобэ бзэм зэрыхэмытыр, псалъэ гуэрхэр зэрыигъуэрэ бзэми зэрыхэлэжьыхьыр, псалъэ гуэрхэр ″гъэ″ кIэухкIэрэ къэхъуа ″псэлъэщIэ″хэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ауэ пыщапхъэщи, глаголыпкъхэр ″гъэ″ суффикскIэрэ зэрылажьэ щIыкIэр цIэ лIэужьыгъуэ псалъэхэм апхуэдэ я лэжьэкIэм елъытауэ нэхъ игъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. ИкIи илъабжьэкIэ къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, блэкIа зэманыгъуэкIэ гъэпса псалъэхэм ″гъэ″р нэхъ игъуэу ″суффикс″ язэрыхуэхъури гурыIуэгъуэщ. НытIэ, мыхэр зэрыхэплъагъуэкIэрэ ди ″макъ глагол″хэм зэрыглаголыпкърэ блэкIа зэман лэжьэкIэу зэрыгъэпсакIэрэ ″гъэ″ суффикскIэрэ зэрылажьэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «игъэ – ягъэ (иагъэ) – ягъ, угъэ – уагъэ - уагъ, уэгъэ – уагъэ – уагъ, Iугъэ – Iуагъэ – Iуагъ, Iуэгъэ – Iуагъэ – Iуагъ, сыгъэ – сагъэ – сагъ, сэгъэ – сагъэ – сагъ, зыгъэ, дзыгъэ – дзагъэ – дзагъ, гъыгъэ, гъугъэ – гъуагъэ – гъуагъ, джыгъэ – джагъэ – джагъ, джэгъэ – джагъэ – джагъ, дыгъэ, дэгъэ – дагъэ – дагъ, тыгъэ, тIыгъэ, тIэгъэ – тIагъэ – тIагъ, жыгъэ – жагъэ – жагъэ, жэгъэ – жагъэ – жагъ, жьыгъэ, жьэгъэ – жьагъэ – жьагъ, щыгъэ, щэгъэ – щагъэ – щагъ, щIыгъэ, щIэгъэ – щIагъэ – щIагъ, шэгъэ – шагъэ – щагъ, чыгъэ, чэгъэ – чагъэ – чагъ, кIыгъэ, кIуэгъэ, кIуагъэ – кIуагъ, хъугъэ – хъуагъэ – хъуагъ, хугъэ – хъуагъэ – хъуагъ, лъэгъэ – лъагъэ – лъагъ, пIыгъэ – пIагъэ – пIагъ, фыгъэ – фагъэ – фагъ, выгъэ, вэгъэ – вагъэ – вагъ».

**″Гъу″ макъыр.**

*″**Гъу**″ макъым къытехъукI ″**макъ псалъэ**″хэр.*

″Гъ″ макъ мыхьэнэр бзэм занщIэу ″гъын″ глагол хэхъухьу, икIи ″гъэ″уи бзэм хэлэжьыхьу щIидза нэужь, гъащIэр къызэрекIуэкIым мы хигъэзэщIыхьым къызэрыгуэкIкIэ ″гъ″ым и ужьыгъуэу ″гъу″ макъри къэхъуауэ жыIэпхъэщ. Макъ бэгъуэныгъэм зэрыхущIэкъукIэрэ игъуэр къыщысым деж, езым ипэкIэ къэхъуа макъхэр ″у″кIэрэ къэIуу макъыщIэхэр утыку къызэрихьэм хуэдэу, ″гъ″ макъми и ужьыгъуэу ″гъу″ макъри утыку къихьащ.

Мы къызэрыхъуам теухуауи, ″гъ″ыр ″гъэ″ лъабжьэу зэрыщытым хуэдэу, ″гъу″ри щыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрым пIэ хуэхъурэ и пкъыгъуэр къызтехъукI ужьыгъуэ лъабжьэ мыхьэнэ зиIэу зы макъщ. Аращи, ″гъу″м и кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэм щыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрым пIэ яхуэхъуу зыхэужьыкIым теухуауэ зы ″макъ псалъэ″у ″**гъуэ**″р къытохъукIыр. Дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зыгъуэтым зы ″гъуэ″ иIэщи, ар къызтехъукIыр ″гъу″ращ, ″гъу″м щыIэгъуэ щигъуэткIэ ″гъуэ″ мэхъури, ари зы щыIэгъуэ зиIэм пIэ хуэхъужращ.

Зы щыIэгъуэр утыку къызэрихьэ лъабжьэщ ″гъу″ри, абы къыхэхъукIыр зы щыIэгъуэу утыку къызэрихьэрэ ″гъуэ″ зэригъуэтыр и**гъуэ**р къыщысращ. Игъуэр къэсрэ ″гъу″м ″гъуэ″ къытехъукIыущ щыIэгъуэ утыку къызэрихьэри, ″гъуэ″р щыIэгъуэ зыгъуэтым и итыпIэрэ и пIэщ, щыIэгъуэ зиIэм и ″гъуэ″р абы и гъунапкъэр къэзыгъэлъагъуэрэ и пкъыгъуэр зэрытыпIэращ. Дэтхэнэ зы гуэрым езым и щыIэгъуапIэр ″гъуэ″ращи, абы и пкъыгъуапIэ ″гъуэ″р щыIэгъуэ зиIэм и пкъыгъуэр зэрылъри къызэрыIуатэ щIыкIэуи бзэм хохьэр: дэтхэнэ гуэрэмрэ псэущхьэм пIэрэ илъыпIэ хуэхъури ″**гъуэ**″уэщ зэрылъытэрэ къызэрыIуатэри, мыри ″гъуэ″р етIуанэ мыхьэнэуэ бзэм зэрыхэхьа зы ″макъ псалъэ″щ. Аращи, ″гъуэ″ псалъэм зэпыщIэныгъэ иIэу бзэ мыхьэнитI зэриIэр гулъытапхъэщ: зыр щыIэгъуэм езым и пкъыгъуэрэ ар зыдитыпIэращ, адрейри мыбы ещхьу зы щыIэгъуэ зиIэм илъыпIэрэ исыпIэ хуэхъуращ.

Дэтхэнэ зы гъащIэ зиIэр зыхэпIыхьрэ зыхэужьыхьыр абы и ″гъуэ″ращи, ар зэрыхэхъуэрэ зэрыужьыр и ″гъуэ″кIэрэщ, ар щыхэхъуэкIэ хэхъуэр ″гъуэ″ращ, ар щеужьыхкIэ абы и щыIэгъуапIэ ″гъуэ″ращ еужьыхыр. Мыпхуэдэу зы щыIэгъуэ зиIэ гуэру хэхъуэрэ хэщIыр, ужьрэ еужьыхыр нэхъыбэу гъащIэ зиIэхэм зэрытеухуар гурыIуэгъуэщи, ″гъ″ырэ ″гъу″ макъ мыхьэнэр нэхъыбэу гъащIэ зиIэрэ псэущхьэхэм теухуауэ бзэм щызэрызекIуапхъэр гулъытапхъэщ. Аращи, ″гъэ″р къыздыщежьэрэ щыувыIэр ″гъ″ыуэ зэрылъытэм хуэдэжу, ″гъ″ ужьыгъуэу къэхъуа ″гъу″мрэ ″гъуэ″ми мыпхуэдэ зэпыщIэныгъэрэ лэжьэкIэ зэдаIэщ: гъащIэ зиIэрэ псэ зыIутым и ″гъуэ″р къызхэхъукIа ″гъу″м зэрыхэхьэжыр ар

еужьыхыу и ″гъэ″рэ и гъащlэр зэриухращ. Мыр нэхъыбэу къэкlыгъэхэм теухуауэщ нобэ бзэм зэрыхэтри, къэкlыгъэхэм я ″гъэ″нрэ гъащlэр зэраухыр я ″гъуэ″р еужьыхыжу ″гъу″м хуэкlуэжын lуэхугъуэу гъэзащlэ ″гъун″ глаголкlэрэщ. Къэкlыгъэр зэрыщыlэ ″гъуэ″р къызтехъукlа ″гъу″м зэрехыжращ (гъуэ-ы → гъу) ″гъун″ глаголым гурыlуэгъуэ къищlри, къэкlыгъэхэр игъуэр къэсрэ зэрыгъур къизыlуэ ″**гъу**″р икlи ″**гъу**н″ галаголыпкъыу зы ″макъ псалъэ″щ.

*″**Гъу**″ макъым къытехъукlа **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр**″.*

Япэрауэ *″**гъу**″ макъым къытехъукlа ″**макъ псалъэ**″хэр **къыпыхьэ макъкlэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Гъу″ макъым къытехъукl ″макъ псалъэ″у щыт ″гъун″ глаголыр къыпыхьэ макъхэмкlэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «игъуэн – игъухьын – игъукlын, lугъуэн – lугъухьын, гъэгъун, гуэгъун – гуэгъухьын, дэгъухьын, зэдэгъун, тегъун – тегъуэн – тегъыхьын – тегъукlын, щlэгъун – щlэгъуэн – щlэгъухьын, кlэрыгъун – кlэрыгъуэн – кlрыгъухьын, хэгъун – хэгъуэн – хэгъухьын – хэгъукlын, хуэгъун, пыгъун – пыгъуэн – пыгъухьын – пыгъукlын, фlэгъун».

Зы ″макъ псалъэ″у ухуа ″гъуэ″р къыпыхьэ макъхэмкlэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэри: «гъуэшхуэ, абгъуэ; гъуэщэн».

*″**Гъу**″ макъым къытехъукlа ″**макъ псалъэ**″хэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Щыlэгъуэ зиlэм езым и пкъыгъуэр зэрылъыр зэрылъытэм нэмыщl, мыпхуэдэу илъыпlэрэ исыпlэри зэрылъытэ ″макъ псалъэ″щ ″гъуэ″ри, мыпхуэдэу ухуа ″псалъэ зэгуэт″щ мыхэр: «″пкъы, гъуэ″ → пкъыгъуэ»; «″мыщэ, гъуэ″ → мыщэм и гъуэ → мыщэ гъуэ → мыщэгъуэ; ″бзу, гъуэ″ → бзум и гъуэ → бзу гъуэ → бзугъуэ; ″бэдж, гъуэ″ → бэджыгъуэ»; ″гъуэ, гъуэ″ → гъуэрыгъуэ; ″гъуэрыгъуэ, (гъэ)пщкlун″ → гъуэрыгъуапщкlуэ».

*″**Гъу**″ макъ мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

″Гъу″ макъыр ″гъ″ макъ ужьыгъуэу зэрыщытыр жытlагъэххэщи, ″гъу″ макъ зыхэту ухуэ псалъэ гуэрхэр ″гъ″ ужьыгъуэу (у) ухуэу (гъ-у → гъу) жыlэпхъэщ. Мыпхуэдэу ухуа псалъэхэу зэпкъырыхыпхъэщ къыщиуду лъэщу гъыр ″гъын″ ужьыгъуэбэу ″гъы-у-гын″у ухуа ″гъуэгын″ псалъэр зэрызэпкъырыува щlыкlэр. Мыбы нэмыщl, псэущхьэм къыхиху бахъэу зы уэз лlэужьыгъуэ ″гъуэз″ри ″гъ-уэз″у зэпкъырыпхъэщ; ар икlи щыlэгъуапlэ ″гъуэ″р из зыщlрэ абы и лъабжьэу къыхэхъукl уэз лlэужьыгъуэу ″гъу-э-з″уэ ухуауи зэпкъырыхыпхъэщ.

И макъ мыхьэнэм теухуащи, ″гъу″ макъыр щхьэж зы псалъэу бзэм хэхьакъыми, абы къытехъукlа ″гъуэ″уэщ зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэхьар. ″Гъу″ макъыр зэрыщыту бзэм зэрыхэхьа щlыкlэр япэрарэ

нэхъыбэу макърэ псалъэхэм къыкlэлъыкlуэущ. Ар мы и лэжьэкlэм зэрезэгъкlэрэи иужькlэ макърэ псалъэхэм ищхьэми зыкъыщигъэлъагъуэу бзэм хэлэжьыхьу щlидзауэ жыlэпхъэщ.

Щlыlэгъуэр къызэрыхъу лъабжьэу щыт и макъ мыхьэнэм къызэрыгуэкlщи, ″гъу″ макъым бзэм хигъэзэщlыхьыр мащlэкъым. Зыгуэрыр жыжьаплъэу лъытэнри, зыгуэрыр къэмыхъу ипэкlэ къызэрыхъунум гулъытэ хуэщlыфынри, сытри къэзыгъэхъу тхьэр гурыlуэгъуэ зыщlыр къэlутэнри ″гъу″ макъ мыхьэнэкlэрэщ къызэрыlуэтапхъэр. Мыпхуэдэу къэхъуа псалъэхэщ мыхэр: «лъагъун; мэгъу, тхьэгурымагъуэ; тхьэгъу».

Я гупщысэрэ гулъытэныгъэр зэрызытехуэрэ зэхуэдэу гъэзэщlэн lуэхугъуэхэр ″гъу″кlэрэщ къызэрыlуэтапхъэр: «щlэгъун, гущlэгъун, гущlэгъу, гущlэгъуныгъэ».

Зыгуэрым теухуауэ гупщысэнрэ гукъэкl щlынри ″гъу″ макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ: «и гугъу щlын». Зы джыпlэу щыт ″гу″м итыр къэщlэнрэ къишыныр зэрымытыншыр гурыlуэгъуэщи, мыри ″гугъу″ псалъэмкlэщ къызэрыlуатэр.

Зэхуэдэ ныбжьрэ цlэ зиlэхэри къызэрыlуэтапхъэр ар дыдэу ″гъу″ кlэухкlэрэ ухуэ псалъэхэмкlэщ: «ныбжьэгъу; цlэгъу, цlэджэгъу».

Дэтхэнэ гуэрыр зы гъуэ итщи, гъусэныгъэ зыхуаlэрэ я щыlэгъуэр зэтехуэхэри зэдэ″гъу″уэщ къызэрыlуэтапхъэр: «дэгъу, щlыгъу, щlыгъун, дэщlыгъун».

Зэхуэдэ псэукlэрэ гъащlэ зыхьхэри, я натlэм итхарэ я щхьэм къырикlуэр зэхуэдэхэри, зэхуэдэу фlыгъэрэ lеигъэ зырызыхуаlэхэри, зэхуэдэ лъэпкъым щыщхэри ″гъу″ макъ кlэухкlэрэ къэlуатэ псалъэхэущ зэрыухуэр: «лъэпкъэгъу, пышэгъу, жэрэгъу, жэгъуэгъу, дэрэгъу».

Дэтхэнэ гуэрым зы ″гъуэ″ иlэщи, ар зэхъуэкlынрэ и гъуэм ихын lуэхугъуэри ″гъуэ-ы → гъу″уэ ухуэ псалъэхэмкlэ къэlуэтапхъэщ: «дыгъун - къэдыгъун, дыгъу, дыгъужь».

″Гъу″р къэхъурэ щыlэгъуэ зыгъуэтыр къызхэхъукl лъабжьэщи, щыlэгъуэ зыгъуэтым зы ″гъуэ″ зэриlэкlэрэ, ар къызэрыхъунур лъытэныр ″гъу″кlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу ухуа псалъэщ мыр: «гъубж».

″Гъу″р ″гъуэ″ хъупхъэр къизыlуэрщи, мыпхуэдэу ухуэ псалъэщ мыри: «гъубжэ».

″Гъу″р бжынрэ ″гъу″м ″бжэ″ хуэхъуу къэхъу мы псалъэхэм хуэдэщ зы щыlэгъуэрэ зы теплъэр зэрыджыр гурыlуэгъуэ къэзыщlыу ухуэ мы псалъэхэри: «гъуджэ, гъунджэ».

Дэтхэнэ зы щыlэгъуэ зиlэм зы ″гъуэ″ иlэщи, я ″гъуэ″р зэпэщытхэри ″гъу″кlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщ: «гъунэ, гъунэгъу, гъунапкъэ».

Зэгъунэгъу хъуарэ я гъащlэр зэрызыдахьхэри ″гъу″ макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуэтапхъэщ: «гъусэ, зэгъусэн».

Дэтхэнэ гуэрым зы ″гъуэ″ иlэщи, ар утыку къызэрихьэнурэ зэрызэхъуэкlынур е зэрыкlуэдынур къизыlуэ псалъэхэщ мыхэри: «игъуэ, щыгъуэ, щыгъуэн».

Сытри утыку къызэрихьэрэ зэрыухыр абы ″гъуэ″ зэригъуэткlэрэщ, икlи сытри зэрыщыlэри ″гъуэ″кlэрэщ: «щыlэгъуэ, псэугъуэ, lуэху щlэгъуэ, уэгъуэ, lуэгъуэ, тхъэгъуэ».

Бэгъуэныгъэ къызхуэкlуэрэ игъуэр къэсыр зэрыбагъуэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу къэхъуа псалъэхэщ мыхэри: «тlыгъуэн, бэгъуэн, бэвыгъуэ».

Зыгуэрыр зы ″гъуэ″м итущ зэрыщыlэри, абы и щыlэгъуэм и нэхъыфlыпlэрэ лъэщыпlэри ″гъуэ″кlэрэ ухуэ псалъэхэмкlэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ: «дэгъуэ, дагъуэ, жагъуэ, гъэщlэгъуэн, щlагъуэ».

Мыпхуэдэ мыхьэнэкlэрэ къэхъу псалъэхэщ мыхэри: «лъагъуэ, фагъуэ, вагъуэ (зэхэвыхьу къэхъуу зэхэтрэ зы гъуэ ит), пшагъуэ (щlым къехарэ зызыхэт хъуа пшэ)». Мы псалъэхэм хуэдэу лъытапхъэщ ″псыгъуэ″ псалъэри, ар ″пс″ макъ мыхьэнэм гурыlуэгъуэ къытхуищlыр ″гъуэ″ зэрыхъуакlэрэ ухуа зы псалъэу жыlэпхъэщ.

Мыбы нэгъунэ ″гъуэ″р ″макъ мыхьэнэ″рэ ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэлэжьыхьым щыгъуазэ дыхуэхъуауэ жыlэпхъэщи, lуэрыlуатэхэм къыхэщ зы псэущхьэ лъэпкъыр ″благъуэ″у зэрылъытари мы макъ мыхьэнэм теухуа lуэхугъуэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ди lуэрыlуатэхэм къыхэщу зы псалъэщ ″благъуэ″ри, ар зы псэущхьэ лъэпкъыу ноби псэууэ щыт ″блэ″хэм япщущ зэрылъытэр, икlи блэхэри къызщlэхъуа зы блэшхуэ лъэпкъыущ къызэрытщыхъурэ lуэрыlуатэхэми къызэрыхэщыр. Ар нэгъуэщl лъэпкъ lуэрыlуатэхэми мыпхуэдэ щlыкlэущ зэрыхэтри, ар зи lуэрыlуатэм хэт бзэ нэхъыбэм зы псэущхьэ лъэпкъыу щыт ″блэ″мрэ ″благъуэ″р къызэраlуатэ псалъэхэр адыгэбзэм къызэриlуатэм хуэдэу зэхуэдэрэ зэхэлъ псалъэукъыми, зэхуэмыдэрэ зэпыщlэныгъэ зимыlэ псалъэхэмкlэ къэlуатэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Адыгэбзэм зы псэущхьэм ″блэ″, зи гугъу тщlы мифологие псэущхьэми ″благъуэ″ зэрыфlэщам лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъуар наlуэ къытхуэхъуауэ жыlэпхъэкъым, ауэ ″благъуэ″р ″блэ″ псалъэ зыхэлъу ухуауэ зы псалъэщи, а псэлъитlымрэ зытеухуа псэущхьэхэм зы зэпыщlэныгъэ зэрызыхуаlэри гурыlуэгъуэнщ. Мыбы нэмыщl, ″благъуэ″р lуэрыlуатэ куэдым икlи щхьибл иlэу къызэрыхэщри гулъытапхъэщ. ″Бл″ макъым деж щыгъуазэ дыхуэхъунущи, ″блы″р щыlэгъуэр зэрыужьрэ зэрыбагъуэр къизыlуэ зы псалъэщ; мы псалъэр иужькlэ зэрыигъуэкlэрэ ″7″ бжыгъэри зэрылъыта зы бжыгъэцlэу бзэм щызекlуэу щlидзауэ зы псалъэщ. Аращи, зэхуэмыдэ лъэпкъыхэм я lуэрыlуатэрэ мифологиехэм

къыхэщ мифологие лъэпкъ ″благъуэ″мрэ зы псэущхьэ лъэпкъ ″блэ″м зэпыщlэныгъэ зэрызыхуаlэр ахэр адыгэбзэм къызэриlуатэ псалъэхэм къыхощыр; икlи зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм ″блы″р къызэрыхъуарэ иужькlэ зы бжыгъэцlэ зэрыхъуари гурыlуэгъуэщи, щыlэгъуэ ужьыгъуэу е зы бжыгъэцlэу щырет, ″блыуэ щыт″ыр къызэрыlуатэ ″блэ″ псалъэмкlэ икlи зы псэущхьэ лъэпкъыр зэрилъыта хъуам флэкlыплэ имыlэу зэпыщlэныгъэ зыхуиlэу къыщlэкlынщи, мыр lуэрыlуатэрэ мифологиехэм теухуа лэжьыгъэу игъуэр къыщысым зэпкъырытхыфыу наlуэ къытхуэхъуну къыщlэкlынщ.

″Фын″ыгъэм итын зи мыхьэнэуэ къэхъуа псалъэхэщ мыхэри, ахэр цlыхум зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ: «фыгъуэн, ефыгъуэн, зэфыгъуэн, фыгъуэнэд».

Дэтхэнэ гуэрым и пкъыгъуэрэ лъэр нэсыныгъэкlэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэри ″гъуэ″кlэрэ ухуэ псалъэхэм къаlуатэр: «гъуэлъын».

Зыгуэрым лъэlэсынрэ телэбэныр абы и ″гъуэ″м теухуа lуэхугъуэщи, зыгуэрыр япэу къэгъэунэхунрэ кlуэда гуэрым хуэзэжынри ″гъуэ″ кlэрэ ухуэ псалъэхэм къаlуэтапхъэщ: «гъуэтын – къэгъуэтын».

Дэтхэнэ гуэрым зы ″гъуэ″ зэриlэм хуэдэжу, ар зыдэщыlэ щlыплэри абы и ″гъуэ″у зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, зыгуэрыр зыдэщыlэрэ зэрыщыlэу щытыным теухуауэ щыуэнри, зыгуэрыр езым и щыlэплэм теухууэ щыуэнрэ кlуэдынри ″гъуэ″кlэрэ ухуэ псалъэхэм къаlуэтапхъэщ: «гъуэщэн, гъэгъуэщэн, хэгъуэщэн».

Дэтхэнэ гуэрыр зы ″гъуэ″ итщи, ар абы и щыlэгъуаплэщ, абы щытекlым деж, ар зэхъуэкlыу араще, мыпхуэдэхэри ″гъуэ″кlэрэ ухуэ псалъэхэм къаlуатэр: «гъуэтэн».

Зы плъыфэцlэри ″гъуэ″уэщ зэрылъытэри, ар щыlэгъуэ зиlэм и гъуэр из щlын мыхьэнэ зиlэу ухуауэ жыlэпхъэщ: «гъуэ, гъуэжь; гъуаплъэ; нагъуэ».

″Гъу″ макъыр ″гъэ″ лъабжьэ хуэхъу ″гъ″ макъ ужьыгъуэщи, щыlэгъуэ зиlэм игъуэт гъуэ лъабжьэ мыхьэнэ зиlэу зы макъщ. Ар занщlэу зы глагол хохъухьыр (гъун) бзэми, псэ зыlутым и ″гъуэ″р зэрыхэщlрэ къэкlыгъэхэм я псэр зэрыхэкlым теухуауэ зы псалъэщ. Мыри гъуэ зыгъуэтым и гъуэр къызтехъукl ″гъу″м зэрыхуэкlэжыныгъэу лъытапхъэщ: «гъун, гъэгъун; гъур; гъущын, гъущэ».

″Гъун″ глаголым теухуа мыхьэнэ зиlэ псалъэхэщ мыхэри: «бжэгъу, хьэгъу, фэгъу, уэгъу; шыгъу».

″Гъун″ lуэху зытеухуа псалъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ ″кугъу″ри, зыгуэрым икур къишхыкlын lуэхугъуэри ″егъун″ псалъэмкlэщ къызэрыlуатэр.

Къызэрыхъуа щlыкlэр мыгурыlуэгъуащэу лъытапхъэщ ″гъутхьэн″ псалъэри, ар ″гъу″кlэрэ къэхъуу зы къарукlэрэ ″хьын″ lуэхугъуэу зэрыгъэзащlэр къизыlуэ псалъэу жыlэпхъэщ. ″lугъуэ″ псалъэм и

къэхъукIэри фIыщэу гурыIуэгъуэ къэхъуу жыIэпхъэкъыми, ар зытеухуа Iуэхугъуэр ″Iу″ гуэрыр из ищIыу къызэрикIыр гурыIуэгъуэ ищIыу къэхъуа зы псалъэу къыщIэкIынщ. Ауэ ″гъуэгъуэн, уафэ гъуагъуэ″ хуэдэ псалъэхэр къызэрыIу макъым егъэщхьынкIэрэ къэхъуауэщ зэрылъытапхъэри, ″гъу″ макъ мыхьэнэ зыхэмылъу ухуа псалъэхэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ.

*″**Гъу**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащIэхэр.*

Дэтхэнэ зы Iуэхугъуэр щыгъэзащIэ зэманыгъуэр псалъэм ″гъуэ″р суффикс зэрыхуэхъукIэрэщ къызэрыIуатэри, мыпхуэдэ лэжьэкIэр нэхъыбэу глаголхэм зэрытеухуари гурыIуэгъуэщ. Аращи, щыгъэзащIэ щIыпIэрэ зэманыгъуэр къызэрыIуатэу ди ″макъ глагол″хэм ″гъуэ″р суффикс зэрыхуэхъукIэ зэрылажьэу ухуэ псалъэхэр щапхъэу къэтхьынщ: «игъуэ, угъуэ, уэгъуэ, Iугъуэ, Iуэгъуэ, сыгъуэ, зыгъуэ, дзыгъуэ, гъугъуэ, джыгъуэ, джэгъуэ, дыгъуэ, дэгъуэ, тыгъуэ, тIыгъуэ, тIэгъуэ, жыгъуэ, жэгъуэ, жьыгъуэ, жьэгъуэ, щыгъуэ, щэгъуэ, щIыгъуэ, щIэгъуэ, чыгъуэ, чэгъуэ, кIыгъуэ, кIуэгъуэ, хъугъуэ, хугъуэ, хьыгъуэ, лъэгъуэ, лэгъуэ, лIэгъуэ, пIыгъуэ, фыгъуэ, выгъуэ, вэгъуэ».

Глаголхэм нэмыщI, зы зэманыгъуэкIэ къекIуэкI IуэхугъуэхэркъызэрыIуатэ псалъэхэм ″гъуэ″р суффикс зэрыхуэхъуфынур гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэ псалъэхэри нэхъыбэу плъыфэцIэхэм зэрытеухуэнур гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, ди ″макъ псалъэ″хэм щыщрэ къатехъукI плъыфэцIэхэм ″гъуэ″р суффикс язэрыхуэхъу щIыкIэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «гъуэжь → гъуэжьыгъуэ; щIэ → щIэгъуэ, гъэщIэгъуэн; хъу → хъугъуэ; хужь → хужьыгъуэ; хьэ (цIыху) → хьэгъуэ; лIы → лIыгъуэ – хьэгъуэлIыгъуэ; бэ → бэгъуэ – багъуэ – бэгъуэн; фIы → фIыгъуэ».

″Гъуэ″р къызтехъукI лъабжьэр ″гъу″уэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, зыгуэрхэр зэхуэдэ идеау лъытэнрэ зэхуэдэ IуэхузэрызэдащIэр а идеамрэ IуэхуркъизыIуэ псалъэм ″гъу″р суффикс хуэхъу къэIуэтапхъэщ. Мыпхуэдэр зы бжанэм зэрытеухуам папщIэщи, ″гъу″р суффикс зыхуэхъуну псалъэм ″э″ къыщитэни хуейщ. НытIэ, мыпхуэдэ щапхъэхэри ди ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ къэтхьынщ, ауэ ″э″ кIэух зимыIэ псалъэхэм ″э″ къызэрыпыхьэнур гурыIуэгъуэщи, ар щыхъукIэ зэкIэлъыкIуэ псэлъитIыр зэхуэдэу къызэрыIукIэрэщ къэта щапхъэхэм хыболъагъуэр. Щапхъэ гуэрхэр нэхъ гурыIуэгъуэ хъун папщIэ, глаголхэр зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэри префиксу къыпыхьэу къэтащ: «ин → егъу, зэдэегъу; ун → уэгъу, зэдэугъу; уэн → уэгъу, зэдэуэгъу; Iун → Iуэгъу; Iуэн → Iуэгъу; сын → сэгъу; сэн → сэгъу; зын → зэгъу; гъун → гъуэгъу, зэдэгъуэгъу; джын → джэгъу; джэн → джэгъу, цIэджэгъу; дын → дэгъу; дэн → дэгъу; тын → тэгъу, зэдэтэгъу; тIын → тIэгъу; тIэн → тIэгъу; жын → жэгъу; жэн → жэгъу; жьын → жьэгъу; жьэн → жьэгъу; щын → щэгъу; щэн → щэгъу; щIын → щIэгъу; щIэн → щIэгъу».

ТЕМАКЪЫМРЭ БЗЭГУ ЛЪЭДАКЪЭ НЭГЪУНЭР ЗИ КЪЭХЪУПlЭ МАКЪХЭМ ЖЬЭ КlУЭЦlРЭ БЗЭГУМ КЪАТЕХЪУКlЫЖ МАКЪХЭР: «**КЪ → ″**Кl (→ Чl) → КlУ″»; «**КХЪ →** ″К (→ Ч) → КУ″»; «**ХЪ →** ″Х → ХУ″»; «**ГЪ →** ″Г → ГЬ (→ ДЖ) → ГУ; → ДЗ″».

**″Къ″ым и къэхъукlэм жьэ кlуэцlрэ бзэгум къытехъукlыж макъхэр: «къ → ″кl (→ чl) → кlу″».**

**″Кl″ макъыр.**

*″**Кl**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″хэр.*

Тэмакъым къыщыхъу ″къ″ макъым и къэхъукlэм бзэгу лъэдакъэм къыщlидзэу жьэ кlуэцlымкlэ унэтlыу макъыщlэхэр къытохъукlри, мыбыхэм щыщу адыгэбзэм хэтыж макъщ ″кl″ макъыр. Ар нобэ Къэбэрдей литэратурэбзэкlэ мыпхуэдэу (кl) ятхми, ар ″чl″ыуэ къэlуущ зэрылъытар. Зы макъыу ″чl″ым езыри ″кl″ым и къэхъукlэм къытехъукlыжауэ зы макъыу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Мы макъитlыр адыгэбзэм жьэрыпсалъэу зэхуэдэ мыхьэнэм теухуауэщ нобэ зэрызекlуэри, зым теухуауэ къэтlуатэм адрейри хеубыдэр. ″Къ″ым и къэхъукlэм бзэгукупэм къыщытехъукlыжа мы макъхэм я мыхьэнэри къызтехъукlам елъытауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Мы псалъэм къызэрыгуэкlщи, къежьапlэрэ къэхъуныгъэ пэщlэдзэм теухуа ″къ″ макъым и къэхъукlэр зи къэхъукlэрэ и къэхъупlэр зэхуэмыдэу утыку къихьа ″кl″ макъым (″чl″ыми) и мыхьэнэр зыгуэрым къыхэхъукlыу утыку къихьэныгъэм теухуащ. Аращи, ″къ″ыр япэ къызэрыхъуарэ, ″кl″ыр абы и къэхъукlэм къызэрытехъукlыжам ипкъ иткlэ, я мыхьэнэхэри зэщхьэщокlыр: ″къ″ым къэхъуныгъэ зиlэ дэтхэнэ гуэрым къежьапlэ хуэхъун мыхьэнэ иlэщи, абы и къэхъукlэр зи къэхъукlэрэ зи къэхъупlэр бзэгукуу утыку къихьа ″кl″ макъыр къэхъуагъэххэ гуэру щыт щlым къэкlыгъэр къызэрыхэхъукlым теухуа мыхьэнэуэ утыку къихьагъэнщ. Мыпхуэдэу утыку къихьащи, ″кl″ макъыр макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм зэхуэмыдэу лъытапхъэ lуэхугъуэхэр утыку къызэрихьэ щlыкlэр игъззащlэу хэтщ. Ауэ ар япэу къэкlыгъэр утыку къызэрихьэ щlыкlэм теухуауэ жыlэпхъэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьу зэрыщlидзар.

Нытlэ, ″кl″ макъыр утыку къызэрихьа щlыкlэу мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщу, абы и макъ мыхьэнэ ″къыхэкlыныгъэ″р къэкlыгъэхэм теухуауэ бзэ мыхьэнэуэ къежьагъэнщи, бзэм хэлэжьыхьу зэрыщlидзар ″**кlы**н″ глаголыпкъ ″**кlы**″уэ зы ″макъ псалъэ″ущ. Къэкlыгъэм и къэкlыныгъэр зэманым теухуарэ зэпыудыгъуэ зэримыlэкlэрэщи, ар зэрыувыlэнури зэман lуэхугъуэщ. Мы псалъэм къызэрыгуэкlщи, ″кl″ макъ мыхьэнэм и кlуэтэгъуэрэ зэманыгъуэу утыку къихьэ ″**кlэ**″ри япэу

къэкlыгъэхэм я къэкlын lуэхугъуэр зэрыухым теухуа зы ″макъ псалъэ″у утыку къихьагъэнщ. Иужькlэ ″кlэ″р дэтхэнэ зы ухыпlэм теухуауэ бзэм хэлэжьыхьу щlидзагъэнщ.

Къэкlыгъэр къызэрыкlыр къизыlуэ глаголыпкъыу бзэм хэхьа ″кlы″м нэмыщl, икlи дэтхэнэ гуэрым пыщlарэ кlэ хуэхъуар ″кlэ-ы → кlы″ ухуэкlэкlэ зы ″макъ псалъэ″у ″**кlы**″р бзэм щызокlуэр (уэщым и **кlы** → уэщым и**кl** → уэщы**кl**). Аращи, зыгуэрым ″кlэ″ хуэхъур ″кlы″уэ къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэщи, ″кlы″р бзэ лэжьэкlэу ″кlэ″ псалъэм къытехъукlыжа зы ″макъ псалъэ″щ.

*″**Кl**″ макъым къытехъукlа **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэрауэ *″**кl**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″хэр **къыпыхьэ макъхэмкlэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Кlын″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къыпыхьэу ухуэж глаголхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ. ″Кl″ макъ мыхьэнэрэ ″кlын″ глаголыпкъкlэ ухуэ нэгъуэщl глаголрэ псалъэхэр къызэрыхъури гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ лэжьэкlэхэм ″кl″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Икlи, мыбдежым зи гугъу тщlы ″кlын″ глаголым и лэжьэкlэу илъабжьэкlэ къэта псалъэ щапхъэхэр нэгъуэщl мыхьэнэкlэрэи зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщ. Ауэ мыбдежым ди lуэхур зы ″макъ глагол″у ″кlын″ псалъэм и мыхьэнэр зэрылажьэм щыгъазэ дыхуэхъунращи, ар зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр префиксрэ суффикс хуэхъуу, икlи кlуэтэгъуэкlэ зэрыгъэзащlэ ″э″р кlэухыу къыпыхьэжу зэрыухуэ псалъэхэр щапхъэу къэтхьынщ: «икlын – икlэн – икlыхьын – икlыкlын, lукlын – lукlэн, lукlыхьын – lукlэкlын – lукlыкlэн, гуэкlын – гуэкlэн – гуэкlыхьын – гуэкlыкlын – гуэкlыкlэн, дэкlын – дэкlэн – дэкlыхьын – дэкlыкlын – дэкlыкlэн, текlын – текlэн – текlыхьын – текlыкlын – текlыкlэн, щыкlын, щlэкlын – щlэкlэн – щlэкlыхьын – щlэкlыкlын – щlэкlыкlэн».

″Кlын″ lуэхугъуэр лъэщу зэрыгъэзащlэри ″кlын″ псалъэм къытехъукlа ″кlыр″ращ къызэрыlуатэр.

″Кlын″ыгъэр езыр езырурэ къэхъуу зэманыгъуэм елъыта lуэхугъуэщи, мыпхуэдэу къэхъур зэрыухри зэманым елъытауэ къызэрыlуа щlыкlэу ″кlэ″ри зы ″макъ псалъэу″ бзэм хэтщ. Зыгуэрым кlэ хуэхъур абы хуэlуарэ ехьэлlауэ къызэрыlуатэ щlыкlэу ″кlэ-ы → кl″ыри зы ″макъ псалъэ″у хэтщ бзэми, ар (кlы) ″кlэ″ зыхуэхъур къызэрыlуатэ псалъэм къыкlэлъыкlуэу ″псалъэ зэгуэт″ зэрыухуэкlэрэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр.

″Кl″ макъым къытехъукlа зы ″макъ псалъэ″ри ″кlэ″щи, ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «кlэбз, кlапlэ, кlыхь (кlэ зыхь), кlэщl (кlэ щlын, кlэ зэта), кlэцlын, кlэнэтl, кlэнтlыlу».

Мы иужьрей щапхъэу къэта ″кlэнэтl, кlэнтlыlу″р икlи ″кlэн″ым теухуауи лъытапхъэщ. Мыбыхэм нэмыщl, глагол формэу ухуа зы псалъэу щыт ″кlэн″ыр макъ къыпыхьэу бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэри: «кlэнышыхуэ»; «зы ″кlэ″ лlэужьыгъуэрэ икlи зытеухуарэ къызхэкlым зы пкъыгъуэ цlыкlур зэрылъытэ ″кlанэ″р икlи зы ″кlэн″ лlэужьыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ».

″Кlэ″ лъэныкъуэр ухыпlэщи, мыпхуэдэу ухыпlэ лъэныкъуэр зытеухуар ″и″кlэрэ къызэрыгъэлъэгъуауэ къызэрыlуатэр ″икlэ″ псалъэмкlэщ. Ар зыгуэрым и ухыпlэрэ и кlэр зыдэщыlэпlэ лъэныкъуэ къизыlуэ зы плъыфэцlэ лlэужьыгъуэ псалъэщи, ″икlэ″ псалъэм и ″и″ макъыр зытеухуар зы псалъэкlэ къэlуатэу псалъэхэри зэрыухуэжьыфынур гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу псалъэхэм икlэм къыпыхьэ ″икlэ″ псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″уи лъытапхъэхэращ мыхэр: «цыкlэ, жьэкlэ – жьакlэ, шыкlэ, шэкlэ, чыкlэ, выкlэ, псэлъэкlэ».

*″**Кl**″ макъым къытехъукlа ″**макъ псалъэ**″хэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэми деплъынщ.

Зы ″кlы″р зытеухуа lуэхугъуэм ″кlэ″ хуэхъуращи, ар (кlы) ″кlэ″ зыхуэхъур къэзыlуатэ псалъэм къыпыхьэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. Мыпхуэдэуи ″псалъэ зэгуэт″щ къэхъури, мыбыхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «уэщ, кlы → уэщыкl; ″уадэ, кlы″ → уэдэкl»; «кlы, щтэн″ → кlыщтэн».

″Кlэ″р ″кlын″ lуэхугъуэр зэрыухыр къызэрыlуатэ псалъэщи, ар натуралу утыку къихьэм и ухыпlэрэ ухыгъуэр къызэрыlуатэ псалъэу зэрыщыткlэрэ, ″кlэ″м къыпыхьэ псалъэхэмкlэ ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «″шы, кlэ″ → шыкlэ; ″вы, кlэ″ → выкlэ; ″мэл, кlэ″ → мэлыкlэ; ″мэлыкlэ, вей″ → мэлыкlэвей → мэлкlэвей»; «″кlэ, ху(жь) → кlэух; ″кlэ, плъ(ыжь)″ → кlэплъ»; «″жьэ, кlэ″ → жьакlэ; ″lэ, кlэ″ → lэкlэ (lэм къыlэщlыхьэну гъэкla щхьэц lэрамэ); ″къуажэ, кlэ″ → къуэжэкlэ»; «″lуэху, кlэ″ → lуэхуыкlэ; ″псалъэ, кlэ″ → псэлъэкlэ»; «″кlэ, пкъы″ → кlэпкъ; ″кlэ, къупщхьэ″ → кlэ къупщхьэ → кlэкъупщхьэ»; «″кlэ, ух(ын)″ → кlэух; ″кlэ, шэ(н)″ → кlашэ».

″Кlэн″ыр зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «″кlэн, цlыкlу″ → кlэн цlыкlу → кlэнцlыкlу; ″кlэн, къуагуэ″ → кlэн къуагуэ → кlэнкъуагуэ».

*″**Кl**″ макъ мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

Къэкlыгъэм теухуауэ зи гугъу тщla ″кlын″ глаголым префикс-суффикс къызэрыпыхьэжкlэрэ ухуэж глаголрэ псалъэхэщ мыхэр: «къэкlын, къэкlыгъэ».

Мыпхуэдэу утыку къихьарэ бзэм хэлэжьыхьу щlидзами, ″кlын″ыр къэкlыгъэхэр утыку къызэрихьэ закъуэм къытенэкъым. Зы щlыпlэрэ зыгуэрым теухуауэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэри зэрыгъэзащlэр къизыlуэ макъ къызпыхьэж ″кlын″ глаголым къытехъукlыж глаголхэм къаlуатэр:

«икӏын, lукӏын, дэкӏын, текӏын, щӏэкӏын, къуэкӏын – къыкъуэкӏын, хэкӏын, фӏэкӏын, пыкӏын, блэкӏын».

″Кӏын″ lуэхугъуэр гъэзащӏэу зэрыщытыр абы ″э″ къызэрыпыхьэкӏэрэщи, мы къэта щапхъэхэр икӏи гъэзащӏэу зэрыщытыр ″кӏы-э-н → кӏэн″у ухуэ глаголхэуи къоlуатэр: «икӏэн, lукӏэн, гуэкӏэн, дэкӏэн, текӏэн, щӏэкӏэн, къуэкӏэн, хэкӏэн, фӏэкӏэн, пыкӏэн, блэкӏэн».

Мы къэта глаголхэр зы щӏыпӏэрэ зыгуэрым къыхэкӏыныгъэу гъэзащӏэ lуэхугъуэхэращ. Ауэ мыбы и пхэндж lуэхугъуэу, а щӏыпӏэрэ гуэрым зыгуэр хэгъэхьэнрэ хэкӏэн (п.п: псы икӏэн) lуэхугъуэри ″кӏын″ кӏуэтэгъуэу (кӏы-э-н) гъэзащӏэ глаголхэращ къызэрыlуатэри, мыхэр иужь дыдэ къэта щапхъэхэм зэрыхуэдэр гурыlуэгъуэщ, ауэ зэхуэдэу ухуами, зыщыщ глагол гупымрэ лэжьэкӏэу зэщхьэщокӏыр: «икӏэн, дэкӏэн, текӏэн, щӏэкӏэн, къуэкӏэн, хэкӏэн, фӏэкӏэн, пыкӏэн».

Зы щӏыпӏэрэ гуэрым икӏыныгъэрэ хэкӏыныгъэр къэкӏыгъэхэм теухуауэ къанэкъыми, гум къыридзэм къыщӏидзэу, гъащӏэрэ зыужьыгъуэм хэкӏыныгъэри хэтыжу бзэм хэлэжьыхьу щӏедзэр. Мыпхуэдэ щапхъэу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «игу къэкӏын, гукъэкӏ»; «укӏын (зыужьыгъуэу ″у″м икӏынуи еджапхъэщ, икӏи ″уэн″рэ удыным игъэкӏынуи еджапхъэщ), сэкӏын, щыкӏын».

Аращи, дэтхэнэ зы щӏыпӏэрэ щӏыкӏэм икӏын lуэхугъуэри ″кӏын″ыр зэрыгъэзащӏэ щӏыкӏэр къизыlуэ макъхэр къыпыхьэу ухуэж ″кӏын″ лӏэужьыгъуэ lуэхугъуэхэу къоlуатэр: «зэхъуэкӏын, ехуэкӏын, лъэкӏын, зэфӏэкӏын»; «зыгуэрыр зы пкъыгъуэм емызэгъ (″е″р) хуэхъуныгъэри къызэрыlуатэр ″екӏын″щ».

Мы лэжьэкӏэхэм къызэрыпыщэжщи, зыгуэрэр къызхэхъукlам теухуауи ″кӏ″ макъ мыхьэнэ кӏэухкӏэрэ къоlуатэр: «″щэн-къэщэхун″ым теухуарэ къыхэкӏыр ″щэкӏ″щ; ″lэпкълъэпкъ″ым къихьрэ хузэфӏэкӏыр ″лъэкӏ″щ, ″зэфӏэкӏыныгъэ″ зиlэр ″зэфӏэкӏ″щ; гъэм къитыр ″гъэшхэкӏ″щ; я хадэм къитыр ″хадэхэкӏ″щ, шэм къыхащӏыкӏ шхыныгъуэр ″шэхэкӏ″щ; ″гъущӏ″ым къыхэщӏыкӏ lэмэпсымэхэр ″гъущӏхэкӏ″щ».

Къызэрыхэщӏыкӏым теухуа lуэхугъуэхэр мыпхуэдэщ къызэрыlуатэри, езым зы щӏыкӏэ зыхэлъ lуэхугъуэхэри а щӏыкӏэмкӏэ зэрылъытапхъэу, а щӏыкӏэр къизыlуэ макърэ псалъэм ″кӏэ″ кӏэух къыпыхьэжу ухуэ псалъэхэмкӏэ къоlуатэр: «lэфӏыгъэрэ lуфӏыгъэ зиlэр ″lэфӏыкӏэ-lуфӏыкӏэ″у къоlуатэр; гуфӏэныгъэр гурауэщ зытеухуауэ зэрылъытэри, абдежыр зыхуэзэ лэпкълъэпкъ lыхьэр ″гуфӏакӏэ″ущ къызэрыlуатэр; кхъулэ зыхэмылъ хьэнхъупсыр ″псыкӏэ псылэ″щ; хьэрэ кхъуэм хуэдэ щӏыкӏэ зиlэ псэущхьэ псори ″хьэкӏэ-кхъуэкӏэ″ущ зэрылъытэр».

″Кӏэ″р зи кӏэух макърэ псалъэ мыхьэнэкӏэрэ гъэзащӏэ lуэхугъуэщ ухуэж псалъэри, ″зы″мрэ ″зы″уэ щытыныгъэр къизыlуэ ″зэ″м ″кӏэ″р кӏэух щыхуэхъум ухуа псалъэхэщ мыхэри: «″зэрыщыту, псори″ жыхуlэщ ″зэкӏэ – зэкӏкӏэ″м; ″зы″м икӏыныгъэр къызэрыlуатэращ ″зикӏ, зэикӏ″ыр».

Мыхэр ″кIэ″ кIэухыу ухуэ псалъэхэщи, зэрыухуа щIыкIэри гурыIуэгъуэщ. Ауэ зыгуэрыр зэрыхъун хуеипIэм хуэгъэкIуэныгъэу а lуэхум кIэ етIынри зэрыигъуэкIэрэ ″кIэ″ кIэух псалъэу зэрыухуапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ мыхэр: «зыгуэрым зы формэ етынрэ зыгуэрым гъуэ хуэщIын lуэхугъуэщ ″гъукIэн″ри, ар зыгъэзащIэ lэзэри ″гъукIэ″щ».

Мыбы къыщымынэу, джэдым икIэм зыкъыхидзри ″джэдыкIэ″ущ адыгэбзэм къызэриIуэтари, ар икIэмкIэ къыхидзу утыку къызэригъэхьэри ″кIэцIын″ глаголращ къэзыIуатэр. Мыпхуэдэу жыIэпхъэщ ″нэ″м къызхидзрэ нэм икIэ лъэныкъуэм тырищIэжыр къызэрыIуатэ ″нэцIакIэ″ псалъэри зэрыухуа щIэкIэр.

Зыгуэрым и ухыпIэрэ и ″кIэ″м теухуауэ зэрылъытар къызыхэщ псалъэхэщ мыхэри: «накIэ, дзакIэ, жьакIэ, lэфракIэ». – Мы псалъэхэм хэт ″кIэ″р зытеухуам и ″кIэ″уэ зэрылъытэкIэрэ икIи ″псалъэ зэгуэт″хэу лъытапхъэщ.

УхыпIэрэ ″кIэ″ зэрыхъум теухуауэ утыку къихьа lэпкълъэпкъыцIэщ мыхэр: «кIэн, кIэнтIыIу, кIэбз, кIэпхъ, кIэтIий».

″КIэ″ зыхьыр ″кIыхь″щи, кIыхьагъ зимыIэрэ ″кIэ″шхуэ зымыхьу псынщIэIуэу ″кIэ″ зыщIрэ хъур ″кIэщI″щ адыгэбзэм зэрилъытэри, кIыхьагъ зиIэу псыгъуэу укъуэдий lэмэпсымэри ″кIапсэ″ущ зэрилъытар.

*″**КI**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащIэхэр.*

Адыгэбзэм ″кI, кIэ″ макъым хигъэзэщIыхь префикс-суффикс къалэныр мащIэкъым. КIэух щыхъум деж, зыгуэрым хэкIыныгъэр къызэригъэлъагъуэм ипкъ иткIэ, зэхуэмыдэ къыпщыхъу лэжьэкIэхэр утыку къырелъхьэр. Мыпхуэдэщ къызкIэлъыкIуэ цIэпапцIэрэ лъэныкъуэ плъыфIэцIэхэр зытеухуа лъэныкъуэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр утыку къызэрихьэр: «абыкIэ, мыбыкIэ, аткIэ, мыткIэ, мотIкIэ, адэкIэ, модэкIэ»; «ипэкIэ - ипэмкIэ, икIэкIэ - икIэмкIэ, иищхьэкIэ - ищхьэмкIэ, илъабжьэкIэ - илъабжьэмкIэ, икукIэ - икумкIэ, и зэхуакумкIэ, и щIыбымкIэ».

Зы зэманыгъуэрэ щIыпIэм къыщекIуэкIри ″кIэ″ кIэухкIэрэщ къызэрыгъэлъагъуэр: «жэщкIэ, махуэкIэ».

КъэIуэта псалъэм къыхэкIыу епхауэ утыку къихь псалъэри ″кIэ″ кIэухкIэ гъэпса мы псалъэхэмкIэщ зэрызэпхри, мыпхуэдэу псалъэ зэпха цIыкIуитIыр зэпхауэ къэIуэтэкIэ мэхъуфыр: «ипкъ иткIэ, къыхэкIкIэ, къызэрыгуэкIкIэ». - Мыпхуэдэу псалъэухыгъэр зыгъэкIыхь нэгъуэщI псалъэхэри ″кI, кIэ″ макъкIэрэ зэрыухуэри гулъытапхъэщ: «икIэи → икIи, икIий».

Ар кIэух хъууэ утыку къихьэ псэлъэщIэхэми зэрыхэплъагъуэщи, ар зи кIэух псалъэр гъэзэщIагъэххэу утыку къохьэри, къыпыщэнур а псалъэм елъытарэ и лъэныкъуэу гурыIуэгъуэ мэхъур. КIэух зыхуэхъу псалъэм къыпыщэнур къызэрыхэкIращ къегъэлъагъуэри, мыпхуэдэу дэтхэнэ зы псалъэм кIэух щыхуэхъукIэ, къыпыщапхъэр гурыIуэгъуэ зэрыхъур а

псалъэм елъытарэ лъэныкъуэущ: «псалъэкlэ – псалъэмкlэ, lуэхукlэ – lуэхумкlэ, цlыхукlэ – цlыхумкlэ».

Кlэух зыхуэхъу псалъэр зэрыгъэзэщlаращ гурыlуэгъуэ къищlри, къыпыщэну псалъэми елъытауэ ″кlэ″ кlэухкlэрэ ухуа псалъэр мынахуапlэми йохуэфыр: «ар псалъэкlэ сыт хъунур; абы жиlэкlэ зыри хъункъым; абы зыгуэр къыщиlуатэкlэ уемыдаlуэ; абы езы закъуэм къыгурыlуэкlэ lуэхур зэфlэкlын фlощl».

Кlэух зыхуэхъу псалъэр зэфlэкlагъэххэу утыку къызэрырилъхьэм езэгъыу, а псалъэ мыхьэнэр зытеухуа lуэхур зэрыгъэзащlэ щlыкlэри гурыlуэгъуэ къещlыр. Мыпхуэдэу кlэух зыхуэхъу глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэрэ ″lуэху щlэкlэ″р зи мыхьэнэуэ гъэпса псалъэхэщ мыхэр: «щlыкlэ, щlэкlэ, кlуэкlэ, къэкlуэкlэ, зекlуэкlэ, псэлъэкlэ, жыlэкlэ, дэlуэкlэ». - Мы къэта щапхъэхэм ″кlэ″р суффиксу ухуэ псалъэхэм ″псалъэкlэ, псэлъэкlэ″у зэщхьэщыкlыу зэрыхэтыр гулъытапхъэщи, и щхьэусыгъуэр щапхъэхэм ипэ къэlуэта псалъэхэм гурыlуэгъуэ къащlыу къыщlэкlынщ: зыр ″псалъэ″м, адрейр ″псэлъэн″ым ″кlэ″р суффикс зэрыхуэхъу щlыкlэщ. Ауэ зэгъэпщэныгъэрэ нэхъ гурыlуэгъуэ хъун папщlэ аргуэру зы щапхъэ: «пщlыхьэпlэ → пщlыхьэпlэкlэ; епщlыхьын → епщlыхьыкlэ».

″Кlэ″р глагол лэжьэкlэхэм суффикс язэрыхуэхъум теухуауэ аргуэру зы лэжьэкlэ щыlэщи, ар глаголыр зытеухуа lуэхур ″щыгъэзащlэм деж″ мыхьэнэ зыгъуэт псалъэу мэухуэр, ауэ зы псалъэм мыпхуэдэу ″кlэ″р суффикс къищищтэр а псалъэм зэманыгъуэрэ щlыпlэ къизыlуэ ″щы″ыри префиксу къыпыхьэн хуейщ: «щыпсалъэкlэ, щыкlуэкlэ, щылажьэкlэ».

″Кl, кlэ″р дэтхэнэ зы псалъэм суффикс зэрыхъуфыр гурыlуэгъуэщи, мы къэта щапхъэхэм нэмыщl, ди ″макъ псалъэ″ гупым ″кl, кlэ″р суффиксу къыщащтэкlэ утыку къихьэ псалъэ лэжьэкlэхэми деплъынщи, ″кl, кlэ″ суффиксым а псалъэм и мыхьэнэм елъытауэ игъэзащlэ мыхьэнэ бжыгъэри къыхэдгъэщынщ. Ауэ, ″кl, кlэ″ кlэух зиlэу ухуауэ илъабжьэкlэ къэта псалъэ куэдыр мыхьэнэбэу зэрыщытым нэмыщl, мы щапхъэхэм ″кl, кlэ″ кlэухым хуагъэзащlэр суффикс къалэн закъуэу зэрыщымытыр гулъытапхъэщи, ″кl, кlэ″ кlэух зиlэу ухуа мы псалъэхэм щыщ гуэрхэр ″псалъэ зэгуэт″у зэрыщытри гурыlуэгъуэщ: «lэкlэ-2, икl, икlэ-2, укl, укlэ, уэкlэ, сыкlэ, сэкl-2, сэкlэ-2, цыкl, цыкlэ, цlэкlэ, гъыкlэ, гъэкl, гъэкlэ, гъукlэ-2, гъуэкlэ, джыкlэ, джэкlэ, гукl, гукlэ-3, дыкlэ, дэкl, дэкlэ-2, тыкlэ, тlыкlэ, жыкlэ, жэкlэ, жьыкlэ-2, жьэкlэ-2, щыкl, щыкlэ, щэкl, щэкlэ-2, щlыкlэ, щlэкl, щlэкlэ, шыкlэ-2, шэкlэ-3, чыкlэ, чэкlэ, кукlэ, куэкlэ, кlыкlэ, кlэкlэ, кlуэкlэ, къукlэ, къуэкl, къуэкlэ, кхъэкl, кхъэкlэ, кхъукlэ, кхъуэкl, кхъуэкlэ, хьыкlэ, хъукlэ, хыкlэ, хэкlэ, хукlэ, хьыкlэ, хьэкlэ, лъыкlэ, лъэкl, лъэкlэ-2, лыкlэ, лэкlэ, лlыкlэ, лlэкlэ, пыкl, пыкlэ, пэкlэ, пlыкlэ, пlэкlэ, бэкlэ, фыкlэ, фэкl, фэкlэ, фlыкlэ, фlэкl, фlэкlэ, выкlэ, вэкlэ, мыкlэ, мэкlэ, нэкlэ».

Мы къэта щапхъэхэм нэмыщl, ″кl″ыр глаголхэми суффикс къалэн яхуегъэзащlэри, мыпхуэдэу суффикс зыхуэхъу глаголыр зытеухуа lуэхур зэрызэфlэкlыр къоlуатэр. Гулъытапхъэщи, ″кl″ым суффикс къалэнкlэ мы игъэзащlэр ″хь″ макъым игъэзащlэ суффикс къалэным и пхэндж мыхьэнэрщ: зы lуэхур къызэреклуэклрэ гъэзащlэу зэрыщыту зэрызеклуэращ ″хь″ суффикскlэрэ гъэзащlэр, ауэ а lуэху дыдэр зэрыгъэзэщlарэ зэрызэфlэкlаращ ″кl″ суффикскlэрэ гъэзащlэр. Ягъэзащlэ къалэнкlэрэ зэхуэпхэнджу лъытапхъэми, суффикс зыхуэхъу глаголым и гъэпсыкlэр зэхуэдэу лъытапхъэщ: ″хь″ыр суффикс зыхуэхъуну глаголым а lуэхур къыздыщеклуэкlыну щlыпlэр къэзыгъэлъагъуэ префикс къызэрищтэм хуэдэжщи, ″кl″ыр суффикс зыхуэхъуну глаголми мыпхуэдэ префикс къищтэн хуей мэхъур. ″Кl″ыр игъуэу суффикс зыхуэхъурэ зыхуэмыхъу глаголхэр ″хь″ыр суффикс зыхуэхъурэ зыхуэмыхъуу ипэкlэ зи гугъу тщlахэрауэ зэрыщытри къыхэгъэщыпхъэщ. Мыпхуэдэу ухуэу псалъэхэм мыхьэнэбэу зэреджапхъэр илъабжьэкlэ къэта щапхъэхэми хыболъагъуэр, ауэ мыбдежым зи гугъу тщlы лэжьэкlэрэ мыхьэнэр ″кl″ыр суффикс зыхуэхъу глаголым теухуауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ. ″Хь″ыр суффикс зыхуэхъу глаголхэм икlи ″хьэ″ри суффикс зэрыхъуфым хуэдэжу, ″кl″ыр суффикс зыхуэхъуу илъабжьэкlэ къэта щапхъэхэр икlи ″кlэ″ суффикскlэрэи зэрыухуэжыпхъэри гурыlуэгъуэнщ; - ауэ кlыхь дымыщlын папщlэ, ″кlэ″ми теухуа щапхъэхэр къэтхьынкъым. Нытlэ, мы жытlахэм зэрезэгъщи, ди ″макъ глагол″ щапхъэ гуэрхэм щыщхэм ″кl″ыр суффикс язэрыхуэхъум теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «ин → иикlын, гуэикlын, щlэикlын, хэикlын; ун → иукlын, гуэукlын, щlэукlын; уэн → ″и-уэ-ы-кl-н″ → иукlын, гуэукlын, щlэукlын, хэукlын; lун → илукlын, гуэlукlын, щlэlукlын, хэlукlын; сын → исыкlын, гуэсыкlын, щlэсыкlын, хэсыкlын; дзын → идзыкlын, гуэдзыкlын, щlэдзыкlын, хэдзыкlын; гъын → игъыкlын, гуэгъыкlын, щlэгъыкlын, хэгъыкlын; гъун → игъукlын, гуэгъукlын, щlэгъукlын, хэгъукlын».

Мыбыхэм къыщымынэу, и макъ мыхьэнэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым зэрезэгъщи, ″кl″ макъыр блэкla (а) зэманыгъуэкlэ гъэпс глаголхэм суффикс яхуэхъуу, а lуэхугъуэр утыку къызэрихьэр ″хъуащ, хъуагъэххэщ″ хуэдэ мыхьэнэ игъэзащlэу бзэм холэжьыхьыр. Икlи мыпхуэдэщ зы адыгэбзэ жьэрыпсэлъэкlэу щыт беслэнеибзэм блэкларэ зэфlэкla lуэхур къызэрыlуатэ щlыкlэр. Нытlэ, ди lуэхур аращи, мыбдежым къэбэрдеибзэм мы зи гугъу тщla мыхьэнэ зыгъэзащlэ ″кl″ суффиксым теухуа щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм теухууэ къэтхьынщ. Мыпхуэдэ къэlуэтэкlэм ″щ″ыри суффикс хуэхъуфынщи, мыпхуэдэхэри щапхъэхэм хэдгъэхьэнщ: «иякlэ, ууакlэ, сеуакlэщ, дыlуакlэ, тlуакlэ, сакlэщ, бзакlэ, здзакlэщ, дгъакlэ, гъуакlэщ, вджакlэ, здакlэщ, итакlэ, птlакlэщ, жакlэ, жьакlэщ, фщакlэ, нэху щакlэ, сщlакlэ, пшакlэщ, тчакlэ, клакlэщ».

″Кl″ макъ мыхьэнэмрэ абы бзэм хигъэзэщlыхьым щыгъуазэ дыхуэхъуащи, зы глаголым ар префикс щыхуэхъуклэ а глагол мыхьэнэр зыгуэрым иклэрэ и хэклыныгъэм елъытауэ гъэзащlэу мэгъэпсыжыр. Мыри ″клэ″р занщlэу префикс мыхъуу -нэхъубэм деж- ″р″клэрэ къызэрыгъэлъагъуэущ префикс зэрыхъу щlыклэр. Мыбы теухуа щапхъэхэри ди ″макъ глагол″ гупым теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ: «клэрыин, клэрыун, клэрыуэн, клэрыlуэн-2, клэрысын-2, клэрысэн, клэрыцlэн, клэрызын-2, клэрыдзын, клэрыгъын, клэрыгъун, клэрыджын, клэрыджэн, клэрыжын-2, клэрыжэн-2, клэрыжьын, клэрыжьэн-2, клэрыщын-2, клэрыщэн-2, клэрыщlэн-2, клэрышэн, клэрычын, клэрычэн, клэрыклын, клэрыхъун, клэрыхын, клэрыхун, клэрыхьэн, клэрылъын, клэрылъэн, клэрылlэн, клэрыплын, клэрывэн».

″Клэ″р ″р″ыклэрэ къызэрыгъэлъагъуэущ мы щапхъэхэр зытеухуар, ауэ мыпхуэдэ префикскlэ мылажьэу, ″клэ″м нэгъуэщl зы префиксыр дэщlыгъужу ухуэ глаголхэри щылэщи, мыр а глаголым и мыхьэнэрэ и гъэзэщlэклэращ зытеухуар: «клэлъыклуэн».

Щылэ зы глаголым префикс зэрыхуэхъум нэмыщl, мыпхуэдэ префикскlэрэ къэхъу глаголхэри щылэщи, мыбыхэм щыщщ мыхэр: «клэрыклын, клэрыхъыжьэн, клэрыпщlэн».

**″Кlу″ макъыр.**

*″**Кlу**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″р.*

″Кl″ыр мыпхуэдэу къэхъурэ бзэм хэлэжьыхьу щlидза нэужь, зэдэужьрэ зэдэклыныгъэ зыхуалэ гуэритlым мы я паралелыгъэр ″кl″ макъ ужьыгъуэу ″клу″уэ къыриlуэу щlидзагъэнщ. ″Кlу″ макъ мыхьэнэр пararелыгъэщи, щылэ гуэритl зэхуакум теухуа зы lуэхугъуэу зэрыщытым папщlэ, щхьэж зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэхьакъым. Абы бзэ мыхьэнэ игъуэту псалъэ къытехъуклын папщlэ, ″клу″ макъ мыхьэнэр зытеухуар къэзыгъэлъагъуэ макъи дэщlыгъуун хуейщ.

Зэдэклуныгъэу гъэзащlэ зы lуэхугъуэр ″клу″ макъым и клуэтэгъуэу ″**клуэ**″м къиlуэтэнти, ар бзэм зы ″макъ псалъэ″у ″**клуэн**″ глаголыпкъыу хэхьащ.

*″**Кlу**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъуклыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр**″.*

Япэрауэ *″**клу**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″р **къыпыхьэ макъклэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Клуэн″ глаголым префикс хуэхъу макъклэрэ зэрыухуэжу къытехъукl префиксиал глаголхэм теухуа щахъэхэр къэтхьынщ: «иклуэн, ириклуэн, дэклуэн, зэдэклуэн, жьэдэклуэн, щlэклуэн, пыклуэн, флэклуэн, нэклуэн, къэклуэн».

Мы иужьрей щапхъэр (къэкIуэн) ″кIуэн″ Iуэхур бзэр къэзыIуатэмрэ зыхуэкIуэм теухуауэ зэрыгъэзащIэр къызэрыIуатэ псалъэщи, ар икIи ″кIуэн″ым къытехъукIыу мыхьэнэщIэ зиIэу лъытапхъэ зы глаголщ. Мыпхуэдэу ″кIуэн″ псалъэм къыпыхьэ макъхэмкIэ къытехъукIыжрэ бзэ мыхьэнэщIэу лъытапхъэ нэгъуэщI щапхъэхэри щыIэщ: «кIуэтэн, дэкIуэтеин, екIуэтэхын, щIэкIуэтэн, пыкIуэтын - пыкIуэтыкIын, хэкIуэтэн, текIуэтэн – текIуэтын – текIуэтыкIын; къэкIуэтэн; къэкIухьын, къызэдэкIухьын».

″КIу″ макъым и мыхьэнэр гурыIуэгъуэщи, ар бзэм зы ″макъ глагол″ зэрыхэхъухьа ″кIуэн″ псалъэм игъэзащIэри гурыIуэгъуэщ. Абы къыпыхьэ макърэ псалъэхэмкIэ ухуэж псалъэхэр мащIэкъым, ауэ а псалъэхэр къызэрыхъурэ ″кIу, кIуэ″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм нэхъ гъунэгъу щыгъуазэ хуэхъун хуейщи, ари илъабжьэкIэ къэта лэжьыгъэ Iуэхущ. Ауэ ″кIу, кIуэ″ макъ мыхьэнэ лэжьэкIэм ухуэмыкIуэжу ***″кIуэн″ макъ псалъэр*** *зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″***хэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «″кIуэн, кIуэн″ → кIуакIуэ, кIуэракIуэ; ″Iэ, кIуэ(н)″ → IэкIуэ; ″лъэ, кIуэ″ → лъакIуэ; ″IэкIуэ, лъакIуэ″ → IэкIуэлъакIуэ; ″щIы, кIуэ(н)″ → щIырыкIуэ».

***″КIу″*** *макъ мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэр″***.

″КIу″ макъ мыхьэнэр гуэритI зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэу пararелыгъэращи, ар мыпхуэдэу къэIуэтэн папщIэ, зытеухуа гуэрыр е зэрызэпх щIыкIэр къэгъэлъэгъуэн хуейщ. Ар щыхъукIи, ″кIу″ макъ мыхьэнэм зы бзэ мыхьэнэ къытехъукIын папщIэ, зытеухуарэ зэрызэпхыр къэзыгъэлъагъуэ макърэ псалъэ гуэрыр ищхьэрэ икIэм къыпыхьэн хуейщ: «екIун, зэкIун, зэкIу, зэкIуж, къекIу, дэкIун, зэдэкIун»; «нэкIу, пэкIу, нэкIу-пэкIу»; «цIыкIу, тIэкIу».

Мы щапхъэхэм къызэрыхэщщи, ″кIу″мрэ ″кIуэ″м я зэхуакум мыхьэнэкIэ зэщхьэщыкIыныгъэшхуэ дэлъкъым. ИкIи ″кIуэн″ Iуэхугъуэ зэхьэлIари ″кIу (кIуэ-ы)″ кIэухкIэрэ къызэрыIуэтэфынур гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ псалъэхэщ ″кIуриин, къэкIухьын″ псалъэхэри зэрыухуэр. ИкIи мыпхуэдэщ ″пэкIуэн″ Iуэхугъуэу къекIуэкIыр къызэрыIуатэ щIыкIэу къэхъу ″пэкIу″ псалъэр зэрыухуэр.

″Э-ы″ зэхъуэкIыныгъэкIэрэ къэхъууи лъытапхъэщ ″екIуэн″ псалъэри, ар уи пкъым къемызэгъыу къэхъу хэщхъухьыныгъэр къызэрыIуатэ псалъэщ. Мы псалъэмрэ (екIуэн) ″екIун″ псалъэр зэрызэщхьэщыкIыр ″э″ макъкIэрэщи, мы зэщхьэщыкIыныгъэрэ зэлъытэныгъэр ″хъу″мрэ ″хъуэ″м я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэрэ зэщхьэщыкIыныгъэм хуэдэу лъытапхъэщ: ″екIу″р ″хъу″гъэ зиIэу екIуагъэххэрщи, а зэрыхъуагъэххэм утекIуэтыкIмэ (э) къэхъур зэ″хъуэ″кIыныгъэу ″екIуэн″ырщ. Мы еджэкIэм нэмыщI, ″екIуэн″ псалъэм мыфIыр зэрылъытэ ″е″р зэрызекIуэрэ зыгуэрым зэрыхуэкIуэуи зэреджапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Ауэ гулъытапхъэщи, мы зи

гугъу тщIа еджэкIитIым псалъэм и къэхъукIэр зэщхьэщыкIми, мы еджэкIитIри мыхьэнэкIэрэ зэрызэтеухуэри гулъытапхъэщ.

″КIуэн″ псалъэм къытехъукIыжауэ абы и зы щIыкIэу къэхъуарэ щхьэж мыхьэнэ зиIэжуи лъытапхъэу утыку къихьа псалъэхэщ мыхэр: «кIуэсэн, кIуэтэн, къэкIуэн, зекIуэн, зекIуэ, хакIуэ»; «текIуэн; екIуэн, ефIэкIуэн; щэкIуэн, щакIуэ, ещэкIун, ещакIуэ».

Мы къэтахэм хэт псалъэ гуэрхэми зэрытеплъагъуэщи, псалъэ гуэрхэм ″кIуэ″ кIэухкIэрэ къатехъукIыжрэ а псалъэ мыхьэнэр зезгъакIуэр къыриIуэу ухуэжу утыку къихьэ псалъэщIэхэр щыIэщ: «гуакIуэ; щхьэкIуэ; IэкIуэ, лъакIуэ, IэкIуэ-лъакIуэ; лIыкIуэ; щIакIуэ».

*″**КIу**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащIэхэр.*

″КIу″р и мыхьэнэм теухуащи, псалъэхэм префиксрэ суффикс къалэн яхуигъэзащIэу къапыхьэкъым. Ауэ ипэкIэ къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэщи, ″кIуэ″р зы IуэхугъуэмиIэзэу щытыр къэзыгъэлъагъуэу псалъэхэм кIэух яхуохъур: «лэжьакIуэ, вакIуэ, усакIуэ, тхакIуэ, щакIуэ».

″КIу, кIуэ″м префикс къалэн игъэзащIэкъым, ауэ дэтхэнэ зы IуэхурзезыгъакIуэр къызэрыIуатэ суффиксу глаголхэм къапохьэр ″кIуэ″ри, мыр ди ″макъ глагол″ гупым теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ: «икIуэ – якIуэ, IуэкIуэ – IуакIуэ, сыкIуэ – сакIуэ, сэкIуэ – сакIуэ, зыкIуэ – закIуэ, дзыкIуэ – дзакIуэ, гъукIуэ – гъуакIуэ, джыкIуэ – джакIуэ, дыкIуэ – дакIуэ, тыкIуэ, тIыкIуэ – тIакIуэ, щыкIуэ – щакIуэ, щIыкIуэ – щIакIуэ, чыкIуэ – чакIуэ, кIыкIуэ – кIакIуэ, кIуэкIуэ – кIуакIуэ, хъукIуэ – хъуакIуэ, хукIуэ – хуакIуэ, лъэкIуэ – лъакIуэ, лIэкIуэ – лIакIуэ, пIыкIуэ – пIакIуэ, фыкIуэ – факIуэ, фIыкIуэ – фIэкIуэ – фIакIуэ, выкIуэ – вакIуэ».

## ″Кхъ″ым и къэхъукIэм жьэ кIуэцIрэ бзэгум къытехъукIыж макъхэр: «кхъ → ″к (→ ч) → ку″».

### ″К (→Ч)″ макъыр.

*″**К (→Ч)**″ макъым къытехъукI ″**макъ псалъэ**″хэр.*

″Кхъ″ым и къэхъукIэр зи къэхъукIэу, абы жьэ кIуэцIым къытехъукIыж ″к″ макъ къэхъупIэр ″кI″ макъыр къыздыщыхъуращи, ″кI″ым и къэхъупIэм бзэгупэ лъэныкъуэр зи къэхъупIэу утыку къихьэ макъыр ″к″ макъращ. ″К″ыри къызтехъукIа ″кхъ″ макъ мыхьэнэм елъытауэ макъ мыхьэнэ зиIэу зы макъыу лъытапхъэщ. Абы и мыхьэнэри лъабжьэм теухуа IуэхугъуэуIэу лъытапхъэщ: зыгуэрым лъабжьэрэ псыгъуэу зэгуэкIыныгъэ къызэрыхуэкIуэр къызэрыIуатэр ″к″ макъ мыхьэнэкIэрэщ. Мы и макъ мыхьэнэм зэрезэгъкIэрэ бзэм япэу ″**кы**н, **кэ**н″ глаголыпкъыу ″**кы**, **кэ**″р зэкIэлъхьэужьу хэхьарэ ″макъ псалъэ″ хэхъухьауэ жыIэпхъэщ.

Мыпхуэдэ lуэхугъуэр зы къэкlыгъэ къудамэм къыщыхуэкlуэкlэ ар зыдыпытыпlэм къыгуэщlыкl къудамэ lыхьэ цlыкlури зы ″макъ псалъэ″у ″**кы**″уэщ зэрылъытари, мыр ″к″ макъым и япэрей лэжьэкlэм къызэрытехъукlыжарэ ″кl″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэу къэкlыгъэрэ кlын lуэхугъуэхэми зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ.

″К″ макъым къыкlэлъыкlуэрэ къытехъукlыжу утыку къихьауэ лъытапхъэ ″ч″ макъ мыхьэнр ″к″ым и мыхьэнэм хуэпэгъуэнэгъу мыхьэнэ зиlэрагъэнти, ″к, ч″ макъхэр нобэ ″кl, чl″ макъхэм хуэдэу зэхуэдэ мыхьэнэкlэрэщ адыгэбзэ жьэрыпсалъэхэм къызэрыхэнар. ″К″ым ипlэкlэ ″ч″ыр къызэрыхахам и щхьэусыгъуэр урысыбзэми ″к″ тхыпкlэ тха макъ зэрыхэтрагъэнт, ауэ адыгэбзэм хэт ″к″ макъымрэ урысыбзэм хэт ″к″ макъым я къэхъупlэрэ я къэlукlэр зэхуэдэкъым: урысыбзэм и ″к″ макъыр адыгэбзэм и ″к″ макъым елъытауэ бзэгум и нэхъ икlэкlэщ къыщыхъури, нэхъ гъумщ. ″Кхъ″ым и къэхъукlэм къытехъукlыжрэ жьэ кlуэцlыр зи къэхъупlэ хъуа ″к″ макъ лlэужьыгъуэу адыгэбзэм хэтыр бзэгупэ лъэныкъуэр зи къэхъупlэу утыку къихьа макъращи, а нэхъ псыгъуэу къэlу ″к″ макъращ. Адыгэбзэм и ″к″ макъыр бзэхэм мы тхыпкъхэмкlэ (к) щатха а нэхъ макъ псыгъуэращ. Нобэ къэбэрдеибзэм и ″к″ макъым ипlэр ″ч″ макъращ зыlыгъри, ″к″ макъ лlэужьыгъуэхэу ипщэкlэ зи гугъу тщla ″макъ псалъэ″хэри нобэрей къэбэрдеибзэм зэрыхэтыр ″**чы, чы**н, **чэ**н, **чэ**″ псалъэхэущ.

*″**Ч**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэу *″**ч**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″хэр къыпыхьэ макъхэмкlэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** деплъынщ. Аращи, ″чын, чэн″ макъ глаголхэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къызэрыпыхьэкlэрэ ухуэж глаголхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «ичын, ичэн, lучын, lучэн, гуэчын, гуэчэн, дэчын, дэчэн, течын, течэн, щlэчын, щlэчэн, кlэрычын, кlэрычэн, къуэчын, къуэчэн, хэчын, хэчэн, хэчыхьын, пычын, пычэн, фlэчын, фlэчэн, нэчын, нэчэн».

Мы щапхъэхэм нэмыщl мыхьэнэкlэрэ ″чыр икlи ″чын″ым икlи ″чэн″ым теухуа щапхъэхэу зэреджапхъэри гулъытапхъэщи, ″чын″ lуэхур гъэзащlэу зэрыщы

Мыпхуэдэ щапхъэхэм нэмыщl, ″чын″″ глаголыр зэрызекlуэ зы бзэ мыхьэнэи щыlэщи, мыбы теухуа щапхъэхэщ мыхэри: «лъэбэкъуитl-щы чын, зычын, зыричын».

″Чы″р зы ″макъ псалъэ″у зы къудамэ цlыкlур зэрылъытэращи, мыбы къытехъукlыж псалъэхэщ мыхэри: «чыщмыщ, чэу – чо/чоу».

Аргуэру *″**чы**″ макъ псалъэр зыхэту **″псалъэ зэгуэт″*** зэрыухуэфынур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэщ ″чы″кlэ зэрыщlыр (чы-н) къызэрыlуатэу ухуа мы псалъэр: «″чы, бжэ″ → чынабжэ».

*"Ч" макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр* абы *къытехъукIа* "чы; чын, чэн" *макъ псалъэхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэ* закъуэу щытщи, мыбыхэми я гугъу къэтагъэххэщ.

*"**Ч**" макъым бзэм "**префикс – суффикс къалэн**" хигъэзэщIыхькъым.*

**"Ку" макъыр.**

*"**Ку**" макъым къытехъукI "**макъ псалъэ**"хэр.*

"К" макъ мыхьэнэм ужьыгъуэ щигъуэткIэ къэхъу "ку" макъ мыхьэнэр лъабжьэрызэгуэкIыныгъэу зы ужьыгъуэу лъытапхъэщ. Аращи, "к" макъыр бзэм япэу зэрыхэхьа щIыкIэу, "кын, кэн" глаголхэр зытеухуа Iуэхугъуэрлъабжьэрэпсыгъуэу зэгуэкIыныгъэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, мыпхуэдэ зэгуэкIыныгъэ зэхуакур "к" ужьыгъуэу (у) "ку" макъ мыхьэнэкIэрэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. "Ку" макъыр "к"ым къызэрытехъукIарэ бзэм зэрыхэхьа щIыкIэри мыпхуэдэ щIыкIэрауэ жыIэпхъэщ. Ауэ "ку"р бзэ лэжьэкIэм "кын, кэн" нэужь къигъэщIами, псыгъуэрэ зы кIыхьагъи зиIэ "кы"р икурэ и кIуэцIкIэ мыужьауэ зэрыщытым папщIэ, мыпхуэдэм кIуэцIрэ ку игъуэтынри "кы" ужьыгъуэ "ку"уэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. Мыбы хуэдэщи, "к"ыр псыгъуэрэ ку зимыIэу зэрылъытапхъэм ипкъ иткIэ, дэтхэнэ зы ужьыгъуэрэ зы IэнатIэр китI (читI) зэхуакукIэ –хэкIуадэ щымыIэу- къэпщытапхъэрэ утыку къилъхьапхъэщи, бзэ лэжьэкIэм мыпхуэдэ гуэрхэр къэIуэтэн щыхуэныкъуэм деж, ахэр "ку" макъкIэрэ къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэщ.

Аращи, къэчэныгъэу къэхъур зэрызэгуэкIкIэрэ и гъунапкъитI зэхуакури, читIым я зэхуаку къыдэнэ Iыхьэри, дэтхэнэ зы къэхухьа гуэр зэхуакури, къэхухьыныгъэу лъытапхъэм хиубыдэ IэнатIэри, дэтхэнэ гуэрым и кIуэцIри бзэм къызэриIуатэр "ку" макъ мыхьэнэрэ "ку" псалъэ лIэужьыгъуэущ. Дауэми, "**ку**"р утыку къызэрихьауэ зи гугъу тщIа щIыкIэм езэгъыу зы "макъ псалъэ"у бзэм хэхьащ. Зэрыгурыгуэгъуэу, "ку"р къызтехъукIар "к" макъращ, ауэ "ч"ым "чу" макъ къытехъукIакъым.

"Ку"р зы псалъэрэ и макъ мыхьэнэкIи бзэм зэрыхэлэжьыхьыр зэщхьэщыкIкъыми, "ку"уэ лъытапхъэ зы IэнатIэм теухуа IуэхугъуэхэрзэрыгъэзащIэри "ку" кIуэтэгъуэу "куэ"кIэрэ гъэзащIэу глаголхэри мэухуэр. Ауэ, "ку" кIуэтэгъуэ "куэ"р занщIэу бзэм зы "макъ псалъэ"уи хэхьащ: "ку" зиIэу лъытагъэнти, зы IэплъэпкъыркъызэрыIуэтар "**куэ**"уэщ.

*"**Ку**" макъым къытехъукI **"макъ псалъэ"хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукIыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **"псалъэ зэгуэтхэр"**.*

*"**Ку**" макъым къытехъукIа "**макъ псалъэ**"хэр **макъ къызэрыпыхьэкIэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «ику, зэхуаку, куцI, купщIэ, купцIэ; хьэку; хэку»; «куэшхуэ».

*"**Ку**" макъым къытехъукIа "**макъ псалъэ**"хэр зыхэту ухуэ "**псалъэ зэгуэт**"*щ мыхэри: «"ку, нэф" → кунэф; "ку, гъу(н) → кугъу; "(и)ку, (и)сэ(н)" → кусэ»; «"куэ, пкъы" → куэпкъ; "куэ, лы" → куэл; "куэ, фэ" → куэфэ – куафэ».

*"**Ку**" макъ мыхьэнэр "**бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэр**".*

"Ку" макъыр бзэм зэрыхэхьа "макъ псалъэ"у щыт "ку"м и мыхьэнэм езэгъыущ бзэм макъ мыхьэнэуи зэрыхэлэжьыхьри, "ку" макъым бзэм мыбы нэмыщI мыхьэнэ щигъэзащIэкъым.

"Ку" макъ мыхьэнэр гурыIуэгъуэщи, ар щхьэж макъ псалъэуи бзэм зэрыхэтрэ зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэхэри къэтхьащ. Апхуэдэ щIыкIэ зиIэм теухуауэ гъэзащIэ Iуэхур къызэрыIуатэр "ку" макъ мыхьэнэкIэрэу лъытапхъэщи, зы гуэр зэхуакур зэрыгъэбыдэ щIыкIэр къызэрыIуатэ глаголщ мыр: «кудэн».

"Ку" зиIэу щыт мыхьэнэуэ еджапхъэщ "куэ"ми, ар занщIэу зы Iэпкълъэпкъыр (куэ) зэрылъытэ щIыкIэу зы "макъ псалъэ"у бзэм зэрыхэтым ипэкIэ и гугъу щытщIащ, икIи бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ къытехъукIыж псалъэхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьащ. Ауэ "ку"р и макъ мыхьэнэкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэу "ку" макъ кIуэтэгъуэр (куэ) зы "ку"уэ щытрэ "ку"м хуэкIуэу "ку" къэзыгъэхъухэри зэрылъытэрщи, мыпхуэдэ зы псалъэщ "зэхуаку"ри. Мыпхуэдэ макъ мыхьэнэкIэрэ "куэ"р бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэщ "куэд"ри.

Зы "ку"рэ "зэхуаку"у щытыр "куэ" макъ мыхьэнэкIэрэ къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэнщи, ар и макъ мыхьэнэкIэрэ зыхэту ухуа псалъэхэщ мыхэри: «куэбжэ (къэхухьа зы щIыпIэр макъ мыхьэнэкIэрэ "куэ"ращ гурыIуэгъуэ зыщIри, мыпхуэдэм и "бжэ"щ); "куэи – куэй" → куей (зы зэхуаку пэлъытэу гъунапкъэкIэ лъыта зы щIыналъэр "куэ"уэ лъытапхъэщи, абы хиубыдэращ "куей"ри, мыпхуэдэ зы щIыгу IэнатIэр зэрылъытэу, зы къуажэ – къалэцIыкIу – къалэм и щIыгур зыхиубыдэу зэрылъытэ псалъэрщ)».

Зы зэхуакур гъэбыдэныр "кудэн" IуэхугъуэщИ, зы "ку"рэ "зэхуаку"м хуэкIуэу гъэзащIэ IуэхугъуэхэРи зытеухуар къизыIуэ макъхэм кIэух хуэхъуу зыгъэлажьэ "ку" кIуэтэгъуэ "куэ"кIэрэ къызэрыIуэтэфынур гурыIуэгъуэнщ. Нэгъуэщ1ыу жыпIэмэ, "куэн"ыр щхьэж зы глагол мыхъуми, зы дэтыпIэрэ итыпIэм теухуа IуэгъуэР "куэ" макъ мыхьэнэкIэрэ зэрыгъэзэщIапхъэр гурыIуэгъуэнщи, а дэтыпIэрэ итыпIэр формэу къэзыгъэлъагъуэ макъхэм кIэух хуэхъу "куэн" глаголыпкъкIэрэ ухуэ глагол щапхъэхэщ мыхэр: «икуэн, IукуэН, дэкуэн, щIэкуэн, хэкуэн».

*"**Ку**" макъым бзэм "**префикс – суффикс къалэн**" хигъэзэщIыхькъым.*

**″Хъ″ым и къэхъукlэм жьэ кlуэцlрэ бзэгум къытехъукlыж макъхэр: «хъ → ″х → ху″».**

**″Х″ макъыр.**

*″**Х**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″хэр.*

″Хъ″ макъым къытехъукlыжрэ жьэ кlуэцlыр зи къэхъупlэ макъыу адыгэбзэм хэт ″х″ макъым и къэхъупlэр бзэгукупэращ. Къызтехъукla ″хъ″ым лъабжьэ мыхьэнэ зэриlэм хуэдэу, ″х″ыми лъабжьэ мыхьэнэщ иlэр. Къызтехъукla ″хъ″ыр лъабжьэрэ къызтехъукlыпхъэ зэрыхъум елъытащи, ″х″ макъри къэхъурэ щыlэгъуэ зыгъуэтым лъабжьэ хуэхъуныгъэр зи мыхьэнэращ.

Къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ бзэ лэжьэкlэр къыздынэсам мы и мыхьэнэкlэрэ хэлэжьыхьу щlидзагъэнт ″х″ макъри, игъуэр къыщысым деж, и макъ мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэ ″**хы**″р зы ″макъ псалъэ″у къытехъукlагъэнщ. Ар (хы) щыlэгъуэ зыгъуэтым къэхъупlэрэ щыlэпlэ хуэхъур къызэрыlуатэ псалъэу, щыlэгъуэр зэрызекlуэрэ зэрызэщlэблэну лъабжьэр къизыlуэ псалъэращ. Мыпхуэдэу утыку къихьа зы ″макъ псалъэ″щ ″хы″ри, ар игъуэр къэсрэ цlыхум ″бжэн″ lуэхугъуэр къыщигъэунэхум щыгъуэ, зыхуэфащэ зы бжыгъэр (6) къызэрыlуэтэж псалъэу, ″**хы**″р зы бжыгъэцlэу аргуэру бзэм хэхьажауэ жыlэпхъэщ. Аращи, адыгэбзэм иужькlэ зы бжыгъэцlэу щызекlуэ хъуа ″хы″ макъ псалъэр къызтехъукlар щыlэгъуэм щыlэгъуэ къызэрытехъукlрэ щыlэгъуэ ужьыгъуэр зэрызэщlэблэм ипэ къихуэу абы лъабжьэ хуэхъуныгъэр къэзыlуатэ псалъэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

″Х″ макъ мыхьэнэр щыlэгъуэ зиlэр утыку къыздихьэрэ дэтхэнэ щыlэ гуэрым хэтыпlэрэ тетыпlэ хуэхъур къизыlуэ лъабжьэращи, мыпхуэдэр щыlэгъуэ зыгъуэт дэтхэнэ гуэрым лъабжьэ хуэхъур зэрылъытэу ординат мыхьэнэщ. Аращи, мыпхуэдэ мыхьэнэр математикэу геометрие системэм и ординату зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. ″Х″ыр бзэм макъ мыхьэнэкlэрэ зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр геометрие системэм и ″ординат″ мыхьэнэрэ къалэн зэригъэзащlэкlэрэщи, ″х″ыр зыхэт дэтхэнэ зы псалъэрэ бзэ лэжьэкlэр ″х″ым мы зи гугъу тщlы мыхьэнэкlэрэщ.

Мы зи гугъу тщla ″х″ макъ мыхьэнэмрэ ар бзэм япэу зы ″макъ псалъэ″уи зэрыхэхьауэ зи гугъу тщlами зэрезэгъщи, цlыхур зыщыпсэу щlылъэм и нэхъ тэфапlэрэ лъабжьэу лъытапхъэ псы хъурейрэ псыпшуэ иувыlыхьахэри аргуэру зэрыигъуэкlэрэ зэрилъытар зы ″макъ псалъэ″у ″**хы**″уэщ. Ауэ зэрыгурыlуэгъуэу, щlылъэм и нэхъ тэфапlэу щытрэ псы иувыlыхьагъэшхуэр зэрыигъуэкlэрэ ″хы″уэ зэрылъытам лъабжьэ хуэхъур ″х″ макъым и гугъу тщla ″ординат″ мыхьэнэ зэриlэращи, ″х″ макъым къытехъукla иужьрей ″макъ псалъэ″ращ мыр, икlи мы ″хы″ псалъэр

″х″ыр бзэм ординат мыхьэнэкlэрэ зэрыхэлэжьыхьым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьауэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

Лъабжьэрэ къэхъур (хъу) къызтехъукl ″хъ″ макъым и къэхъукlэм бзэгум къыщытехъукlыжа макъщ ″х″ макъри, абы и мыхьэнэри къызтехъукla ″хъ″ым хуэдэрэ ещхьу щытщ: ар къэхъум лъабжьэ хуэхъурэ къэхъуплэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри, абы къытехъукla ″макъ псалъэ″хэм я мыхьэнэри ″х″ макъ мыхьэнэуэ мы зи гугъу тщlым езэгъ lуэхугъуэщ.

″Хы″р зы ″макъ псалъэ″у дызтепсэухь щlылъэм къыщlэхъуа псышхуэхэри къызэрыlуатэ псалъэущ бзэм зэрыхэтри, ″хы″ гущlыlур щlылъэ хъурей геометрием и нэхъ ехыплэ щlыплэу, абы и ординат къалэнри зытеухуа тэфаплэу зэрыщытым нэмыщl, щlылъэ псы иувыlагъэшхуэу щыт ″хы″р икlи псэуныгъэри къыздыщежьауэщ зэралъытэр. Ар щыхъукlи, ″хы″р щlылъэ геометрие ординату зэрыщытым нэмыщl, псышхуэ лlэужьыгъуэу псэуныгъэми лъабжьэ зэрыхуэхъур гулъытапхъэщ. Аращи, псыр псэм лъабжьэ зэрыхуэхъум зэрезэщи, псэуныгъэр къыздыщежьа ди щlылъэм и псыри псэуныгъэ щыlэгъуэм лъабжьэ зэрыхуэхъукlэрэ ″хы″уэщ адыгэбзэм къызэриlуатэр. ″Хы″р псэуныгъэм лъабжьэрэ къежьаплэ зэрыхуэхъум зэрезэгъщи, псэщхьэхэм къыщlэхъуэ быныр анэ ныбэм зыхэлъу зыдыщыпl псы лlэужьыгъуэри ″хы″м и псым хуэдэущ нобэ щlэныгъэм зэрилъытэр. Мы псалъэм гурыlуэгъуэ къызэрищlщи, щlылъэм къыщlэхъуэ псыр псэуныгъэр къыздыщежьэ лъабжьэу адыгэбзэкlэ ″хы″уэ зэрылъытэм езэгъ lуэхугъуэщ икlи мы щlылъэм къытехъухь псэущхьэхэм къыщlэхъуэж бынри къыздыщыхъуу зыхэлъ псыри зы ″хы″ лlэужьыгъуэщ. Нытlэ, ″х″ макъ мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэ зы ″макъ псалъэ″щ ″хы″ри, ар щыlэгъуэ зыгъуэтым лъабжьэрэ ординат зэрыхуэхъукlэрэ щlылъэм псэуныгъэ къежьаплэрэ лъабжьэ хуэхъур къызэрыlуатэ псалъэщ, икlи геометрие мыхьэнэуэ щlылъэ геометрие ординатщ, икlии, анэ ныбэм ирищlэ быныр зыхэлъ псыри (пласента) хыр зэрызэхэлъ элементкlэрэ ухуауэ зы ″хы″ лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ.

″Х″ макъымрэ абы къытехъукla ″хы″ макъ псалъэхэм теухуауэ къэlуэтапхъэр мыбыи къыщынэкъым. Космосыр къызэрыхъуу зэрыщlидза щlыкlэу ялъытэ япэ дыдэ къэуэгъуэшхуэм (бинг бенг) къыкlэлъыкlуэрэ и япэрей зэманыгъуэхэу космос къэхъуныгъэ пэщlэдзэхэм щыlэгъуэр псым хуэдэу lувагъ зиlэущ зэралъытэри, абдежыр щыlэгъуэу иджыри пкъыгъуэ зымыгъуэта зэманыгъуэращ. Щыlэгъуэм пкъыгъуэ зэригъуэту зэрыщlидзэр мы ″плазмэ″ нэужьращи, а нэхъ щыlэгъуэ пкъыгъуэ цlыкlуу ялъытэ ″куарк″ жыхуаlэр къызхэхъукlыныгъэм лъабжьэ хуэхъур псы лlэужьыгъуэу ″хы″уэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу щыIэгъуэм пкъыгъуэ (куарк) къыщIэхъуэу зэрыщIидзэкIэрэи щыIэгъуэ корпусым нэхъри зиубгъуарэ къэпщауэщ зэралъытэри, куаркищ зэгухьэкIэрэщ атом лъабжьэ пкъыгъуэ жыхуаIэхэр утыку къыдэрихьэкIэрэщ "атом" жыхуаIэри зэрызэпкъырыува щIыкIэр. Аращи, япэу "псазмэ"у зэхэлърэ "хы" защIэу щыт щыIэгъуэм пкъыгъуэхэр къызэригъэщIкIэрэщ щыIэгъуэрэ космосыр зэрыухуа щIыкIэри, мыпхуэдэу къэхъуа пкъыгъуэрэ нэщIыгъуэхэр зыхэлъ космосышхуэри зэрыужькIэрэ щыIэгъуэщIэхэр къызщIэхъуэу зы "хы"шхуэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. цIыкIу утыку къихьэуэхъуу щыщIидзэм мыр зэрилъабжьэкIэрэущ атом жыхуаIэ щыIэгъуэ пкъыгъуэ а нэхъ псоу цIыкIури къызэрыхъуар.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ къызэращIыу, геометрие системэм и ординатыр "х" макъ мыхьэнэкIэрэ зэрылъытапхъэм зэрезэгъщи, щыIэгъуэрэ космос геометрием и ординатыр математикэу "хы"уэ зэрылъытапхъэм нэмыщI, физикэрэ шимикэкIи щыIэгъуэрэ космосым къежьапIэрэ лъабжьэ хуэхъур зэрылъытапхъэри "хы"уэщ. "Х" макъ мыхьэнэкIэрэ къэIуэтапхъэу зы "макъ псалъэ"у "хы"уэ лъытапхъэу мы зи гугъу тщIахэм зэрезэгъыр гурыIуэгъуэнщи, цIыхур зыщыпсэу щIылъэм псэр къыздыщыхэхъукIа псышхуэри, икIи мы щIылъэ геометрием и ординатри "хы"уэщ зэрылъытар. Аращи, щыIэгъуэрэ космосыр къызэрыхъурэ зэрызэпкъырыувэу мы зи гугъу тщIахэмрэ, щыIэгъуэ ужьыгъуэр зэрызэпкъырыувэм лъабжьэ хуэхъу щIыпIэрэ щIыкIэр "хы"уэ къызэрыIуэтарэ иужькIэ зы бжыгъэцIэу бзэм хэхьажам езэгъ IуэхугъуэщИ, щIылъэ геометрие системэм и "ординат"ри "х"ыуэщ зэрылъытар, икIи гъащIэрэ псэуныгъэ къызтехъукIа мы щIылъэм псэр къыздыщежьа лъабжьэу щыт псышхуэр "хы"уэ зэрылъытари физикэрэ шимикэкIи "ординат"у зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

"Х" макъ мыхьэнэмрэ, ар бзэм зэрыхэхьа "хы" макъ псалъэхэм я мыхьэнэм нэхъри щыгъуазэ ухуищIыу жыIэпхъэщ мы къэтIуэтахэми. Ауэ мыпхуэдэ лъабжьэхэм нэгъуэщI бзэрэ мифилогиехэми ущырохьэлIэри, бзэ гуэрхэмрэ я мифологие гуэрхэм космосыр псышхуэ иувыIыхьахэр (адыгэбзэм "хы"уэ илъытэр) а бзэхэм къызэраIуатэ псалъэмкIэ ялъытэрэ къаIуатэу ущырихьэлIэр мащIэкъым.

Мы къэтIуэтахэм зэрезэгъщ "х" макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьри, аргуру кIэщIыу и гугъу тщIыжынщ. "Х" макъым къытехъукIа "макъ псалъэ"хэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, къэхъупIэ лъабжьэ зи мыхьэнэ "х" макъыр къэхъуныгъэм лъабжьэ хуэхъурэ къэхъупIэр къызэрыIуатэ макъ мыхьэнэщ. Аращи, къэхъуныгъэрэ щыIэгъуэ зыгъуэтым лъабжьэ хуэхъур къызэрыIуэта "хы"уэ зы "макъ псалъэ"у утыку къихьа нэужь, ар иужькIэ зы бжыгъэцIэу (хы) бзэм щызекIуэу щIидзащ, икIи и макъ мыхьэнэм зэрезэгъкIэрэ "х" макъыр къэхъурэ щыIэгъуэ зыгъуэтым и геометриер зэрыухуэ лъабжьэу щыт ординатри къызэрыIуэтапхъэ макъ мыхьэнэуэ

зэрыщытым зэрезэгъкlэрэ, цlыхум и псэуалъэу щыт щlылъэ геометрием ординат хуэхъу щlыпlэри зэрыигъуэкlэрэ зы ″макъ псалъэ″у ″хы″уэщ зэрылъытарэ къызэрыlуэтар. Икlи, псы лlэужьыгъуэу зэрыщытракъым ар ″хы″ макъ псалъэмкlэ къызэрыlуатэм щхьэусыгъуэ хуэхъури, псы лlэужьыгъуэу зи гугъу тщlахэр ″хы″уэ лъытапхъэрэ къэlуэтапхъэ зэрыхъуам лъабжьэ хуэхъур зы щыlэгъуэ лlэужьыгъуэу псыр псэм лъабжьэ зэрыхуэхъуращ. ″Х″ макъ мыхьэнэр дэтхэнэ зы щыlэгъуэм лъабжьэ хуэхъур къызэрыlуэтапхъэращи, математикэ щlэныгъэри къызтехъукlарэ зытеухуауэ щыт щыlэгъуэрэ космос геометрием и ординатыр ″х″ыкlэрэ зэрылъытапхъэм зэрыпыщlакlэрэ щыlэгъуэрэ космосыр зэрыухуэрэ зэрызэпкъырыувэм физикэрэ шимикэуи лъабжьэ хуэхъур ″х″ макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэри гулъытапхъэщ. Араща, дэтхэнэ зы щыlэр щыlэгъуэрэ геометриераща зытетрэ къыздыщыхъури, мыр къызэрыlуатэ математикэр дэтхэнэ зы щlэныгъэ лlэужьыгъуэм щlэныгъэ лъабжьэ зэрыхуэхъум ипкъ иткlэ, мы геометрием ординат хуэхъу ″х″ыр икlи физикэрэ шимикэ lуэхугъуэми лъабжьэрэ ординат зэрыхуэхъунур гурыlуэгъуэщ. ″Х″ым и мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ абы ″макъ псалъэ″хэу къытехъукlахэм лъабжьэ хуэхъур мы къэтlуэтахэм зэрезэгъыр гурыlуэгъуэщ.

*″**Х**″ макъым къытехъукlа **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

*″**Х**″ макъым къытехъукlа **″макъ псалъэ″**хэр **макъ къызэрыпыхьэкlэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ

Щlылъэм и бсыщхуэхэр ″хы″уэ зэрылъытэу, къыпыхьэ макъхэмкlэ бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «хышхуэ, Ахын (ехыпlэу щыт, ″хы″ хъупхъэ)».

Зы бжыгъэцlэ хъужа ″хы″р къыпыхьэ макъхэмкlэ бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэри: «хэ (″6″уэ щыт), хэкlэ (″6″кlэ), хэрэ (″6″уэ зэрыщыткlэрэ), хэней, хэнейрэ; химэ».

*″**Х**″ макъым къытехъукlа **″макъ псалъэ″**хэр зыхэту ухуэ **″псалъэ зэгуэт″**хэми* щыгъуазэ дыхуэхъунщ: «″хы, тlуащlэ″ → Хытlуащlэ; ″хы, фlыцlэ″ → Хыфlыцlэ; ″хы, хъужь → Хыхужь»; «″хы, тlыгу″ → хытlыгу»; ″хы, дзэ″ → хыдзэ».

*″**Х**″ макъ мыхьэнэр **″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″**.*

Къызтехъукlа ″хъ″ макъым зэрелъытарэ зэрыпыщlаращи, лъабжьэ хъунрэ лъабжьэ зэхъуэкlын lуэхугъуэхэр ″х″ макъкlэрэ ух глаголхэмкlэщ къызэрыlуатэр: «lихын (lэ-и-хын), ихын, ехын, lухын, гуэхын, дэхын, техын, щыхын, щlэхын, ешэхын, къыкъуэхын, хэхын, ехьэхын, пыхын, фlэхын, блэхын».

Мыпхуэдэ глаголхэм къатехъукlрэ мы глаголхэм хуэдэ зэпкъырыувэкlэ зиlэ псалъэхэри щыlэщ: «пхъэх (пхъэ гуэзых), щlэх».

Ехыныгъэрэ лъабжьэм хуэкIуэу гъэзащIэ Iуэхугъуэхэри ″х″ кIэухкIэрэ ухуэ глаголхэм къызэрыIуатапхъэр гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэри: «елъэхын, ехуэхын, епсыхын, епкIыхын; етхъухын, еткIухын, еплъыхын»; «ухын, ужьыхын».

Зыгуэрыр зэрыухрэ къызтехъукIа лъабжьэм зэрехыжри ″х″ кIэухкIэ ухуэ глаголхэращ къэзыIуатэр: «сэхын, мэхын, щхьэхын, псэхын, бзэхын».

TIасхъэрэ еужьыхыгъуэу щытыныр ″хы-э → хэ″ кIэухкIэрэ ухуэ псалъэхэм къызэраIуэтапхъэри гурыIуэгъуэнщ: «щахэ, къуахэ, кхъахэ, лъахэ, махэ, гухэ, гумахэ».

Псышхуэ хъурейхэр ″хы″уэ зэрылъытэм ипкъ итрэ, щылъыта лъэхъэнэм икIи кумбыгъэ зиIэу зэрыщытарагъэнщ нобэ ″ХыфIыцIэ″ жыхуаIэр ″Ахын″у зэралъытауэ щытар. ЕхыпIэ лъэныкъуэу щытрэ апхуэдэ щIыналъэм тесхэри ″х; хы-э → хэ″ кIэухкIэрэ къызэрыIуэтэфынур гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэу лъытапхъэщ Адыгэ жылагъуэ гуэрхэр зэрылъытар: «Абэзэхэ, КIахэ».

Зэрызэхэлърэ зэрызэпкъырылъ дэтхэнэ лъэныкъуэкIи зыщыщрэ зыхэтхэу зэрызэгъэпщапхъэхэм елъытауэ нэхъ лъабжьэ зыгъуэтарэ ″хэдэн″ыгъэу къыхэхыныгъэ зиIэр ″дахэ″щ.

″Х″ыр лъабжьэщи, дэтхэнэ гуэрыр зыдэщыIапIэм къытехынрэ ауэ къызэрыкIуэу утIыпщынри ″х″ыкIэрэ гъэзащIэ IуэхугъуэщI: «хыфIэдзэн».

Мы глаголыр ауэ къызэрыкIуэ щIыпIэм ″хэдзэн″ IуэхугъуэщИ, ″хэ″ нэужь ″фIэ″р глагол лэжьэкIэ IыхьэмИщхьэм къызэрыпыхьам папщIэщ ″хэ″р ″хы″уэ къызэрыIуатэр. Мыпхэудэ зэхъуэкIыныгъэхэм глагол лэжьэкIэм дытепсэлъыхьынщ, ауэ мыбдежым утыку къихьэ мы глаголыр зы IуэхугъуэмИхуэIуауэ префиксиалу утыку къихьэ глаголщ. Мыпхуэдэу ″хэ″р ищхьэм къыпыхьэу ухуэ нэгъуэщI префиксиал глаголхэри къохъури, мыбыхэми я гугъу тщIынщ.

″Х″р зэрылъабжьэрэ ординат мыхьэнэ зэриIэкIэрэ, абдежыр дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэр зыдэщыIэпIэщи, абы и кIуэтэгъуэр а гуэрым и кIуэтэгъуэу, абы теухуа куэдагъщ. Аращи, ″хэ″р куэдагъ префиксщ, ауэ мыпхуэдэу куэдагъэм теухуауэ гъэзащIэ IуэхугъуэхэрИкъизыIуэу ″хэ″кIэрэ къежьэу къэхъу глаголхэр щыIэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэщ мыхэр: «хэIэн, хэцIэн, хэзын, хэдэн, хэжьын – хэжьэн, хэщын, щIэщIын – хэщIэн, хэкъун - хэкъуэн, хэкхъун – хэкхъуэн, хэхъуэн, хэхын, хэхьэн, хэнэн, хэсын, хэтын, хэлъын».

″Хэ″р куэдагъэу зэрыщытым ипкъ икIэ, мыпхуэдэ куэдагъэм теухуа псалъэхэри ″хэ″м теухуарэ ″хэ″кIэрэ къежьэущ зэрыухуэри, мыпхуэдэ щапхъэхэщ мыхэр: «хей, хэгъэрей (хьэгъэрей), хэт (хэтыныгъэ зиIэ), хамэ, хэхэс, хахуэ, хакIуэ, хасэ, зэхэсэн, хабзэ, хэгъэгу».

Псэлъэкум ириубыдэми, ″хэ″м игъэзащIэр зэхъуэкIкъым. Мыпхуэдэ псалъэщ мыри: «дэтхэнэ».

Щыlэгъуэ къэхъуныгъэ лъабжьэщ ″х″ макъ мыхьэнэри, дэтхэнэ зы щыlэгъуэр утыку къызэрихьэрэ зэрыщыlэм зы хабзэи иlэщ. Ауэ ″хабзэ″ псалъэм цlыху зэхэтыкlэм хуэlуа зы мыхьэнэи зэриlэр гурыlуэгъуэщ (Адыгэ хабзэ). Аращи, мыпхуэдэ зы хабзэ зиlэу зэхэтыр цlыхуращи, мы мыхьэнэкlэрэ ″хэт″ псалъэри цlыхум хуэlуауэ зы упщlэщ. ″Хэт″ упщlэр адыгэбзэм щызэрызекlуэ щlыкlэр мыпхуэдэщи, ар цlыхум нэмыщl псэущхьэм е нэгъуэщl зы псалъэм теухуауэ щызекlуэкъым. Ар щхьэ, мыпхуэдэу цlыхум хуэlуа зы упщlэр урысыбзэм щызэремыкlуэм къызэрыгуэкlрагъэнщи, ди бзэщlэныгъэрэ литературэбзэми lэпэдэгъэлэл зэращlкlэрэ нобэ хэкурыс Адыгэм ″хэт″ упщlэр щыуагъэу дэтхэнэ зы псэущхьэм папщlи, цlыхур хэтыжу дэтхэнэ зы псэущхьэм и цlэм теухуауи щызекlуэ хъуащ. Аращи, ″хэт″ упщlэр зы псэущхьэу щыт цlыхум хуэlуащ; ауэ цlыхуцlэми, нэгъуэщl псэущхьэмрэ я цlэхэми теухуакъым. Нобэ мыпхуэдэу ″хэт″ упщlэр бзэм щызекlуэ щlыкlэ хъуа щыуагъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «мы псэущхьэр хэт?; мы псэущхьэм и цlэр хэт?; абы и цlэр хэт?; уэ уи цlэр хэт?».

″Хэ″р куэдагъ къызэригъэлъагъуэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа мы щапхъэхэм я нэхъыбэри цlыху гупым зэрытеухуар гулъытапхъэщи, цlыху (хьэ) гупрэ лъэпкъыр ″хэ″кlэрэ зэрылъытэфым теухуа зы щапхъэщ ″хьэгъэрей″р ″хэгъэрей″уи къэlуатэ зэрыхъуар. ″Хэ″м цlыху гупрэ цlыху лъэпкъ къызэригъэлъагъуэм и зы щапхъэри ″хэгъэгу″ псалъэращи, ар зы цlыху лъэпкъым псэупlэ ищla зы щlыгу lэнатlэр къызэрыlуэтаращ: «Адыгэ хэгъэгу, Урыс хэгъэгу, Монгол хэгъэгу, Чынт хэгъэгу».

Ауэ, Адыгэм и ″хэгъэгу″р езы лъэпкъым хуэlуауэ зэрылъытакlэрэ къызэрыlуатэ псалъэ хэтщ адыгэбзэм: «хэку». ″Хэку″р дэтхэнэ зы Адыгэм къызэрыгурыlуэ щlыкlэр езы лъэпкъым и хэгъэгуущ; ауэ ди бзэщlэныгъэрэ литературэбзэм я щыуагъэу лъытапхъэщи, нобэ ″хэку″ псалъэр дэтхэнэ зы лъэпкъым и хэгъэгур къызэрыlуатэу ″хэгъэгу″ псалъэм ипlэкlэ бзэм щызэрагъакlуэу зэрыщlидзари гулъытапхъэщ.

″Хэгъэгу″ псалъэр ″хэ″р псалъэхэм куэдагъэу цlыху гупрэ лъэпкъ мыхьэнэуэ зэрыхэтым теухуа щапхъэу зэрыщытыр жытlагъэххэщ. Ауэ икlи ″хэгъэгу″ псалъэм ″гъэ″р зэрыхэтым гурыlуэгъуэ зэрищlщи, ар цlыху гупрэ лъэпкъым (хэ) зы щlыгу (гу) lэнатlэр зыщыджыпlэ (гу) зэрищlыр (гъэ) къызэрыlуатэ псалъэщ. Ар щыхъукlи, ″хэгъэгу″р ″хэку″ псалъэм къытехъукlауи еджапхъэу, зы цlыху гупрэ лъэпкъым зы щlыпlэр хэку ищlын гугъэкlэ зеретlысэхрауэ зыгурыгъэlуапхъэщ. Ауэ ″хэку″ псалъэр ″ку″кlэрэ лажьэу зэрызэпкъырыувам къызэрыгуэкlщи, абы хэт ″хэ″р цlыху гупрэ лъэпкъ зи мыхьэнэуэ лъытэныр гугъущ. ″Хэку″ псалъэм хэт ″хэ″р ″хы″хэр къызэрыгъэлъагъуэу жыlэпхъэщи, зэрызэпкъырыува щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ ″хэку″ псалъэм къиlуатэр ″хы″ зэхуакуу щытрагъэнщ. Мыбы зэрезэгъкlэрэ, Адыгэм езым хуэlуа ″хэгъэгу″р къызэрыlуатэр ″хэку″ псалъэмкlэу щыжытlэм деж, мы

псалъэм (хэку) хэт ″хэ″м ″Адыгэ лъэпкъ″ къигъэлъагъуэу аракъым зи гугъу тщlыри, ар (хэку) Адыгэм езым и хэгъэгур зэрилъыта зы псалъэращ. Аращи, ″хэку″р ″хы″хэм я зэхуаку зи мыхьэнэуэ ухуа зы псалъэу лъытапхъэщи, а хыхэр Ахын-рэ Къэспи (Хазар) хыхэрауэ къыщlэкlынщ; е дуней тхыдэм къызэрыхэщрэ тхакlуэ гуэрхэми Адыгэ лъэпкъыр къыздикlа щlыналъэу зэрыхуагъэфащэм зэрезэгъкlэрэ, ″хэку″ псалъэр зытеухуар хытlыгу хэгъэгухэу ялъытэ Атлантидэ-рауэ е Му-рауэ лъытапхъэщ... ″Хэку″м къиlуатэ хы зэхуакур дэнэрами, абдежыр хыхэм я зэхуакуу щыт зы хэгъэгур зэрылъыта псалъэщ, е хышхуэ гуэрым икурэ хытlыгу лlэужьыгъуэу зы хэгъэгур зэрылъыта псалъэщ. Ауэ сытым щыгъуи ″хэку″у илъытэ нобэрей щlыналъэм исыжущ Адыгэм зызэрилъытэр, икlи ″хэку″ псалъэр зэрызэпкъырыува щlыкlэр нэхъ зэзэгъри аращи, ″хэку″ псалъэр къызтехъукlарэ зытеухуа хэгъэгу щlыналъэр Ахын-рэ Къаспи хы зэхуакурагъэнщ.

*″**Х**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

″Х″ыр и макъ мыхьэнэкlэрэ псалъэхэм префиксрэ суффикс къалэн яхуегъэзащlэр.

Зы lуэхур зы куэдагъэрэ зы зэхэтыпlэм теухауэ щыгъэзащlэкlэ, абы куэдагъ къизыlуэ ″хэ″р префиксу къещтэри, мыр ди ″макъ глагол″ гупым теухауэ къэдгъэлъэгъуэнщ: «хэин - хэен, хэун, хэуэн, хэlун, хэlуэн, хэсыхьын*, хэсэн, хэзын, хэдзын, хэгъын, хэгъун – хэгъухьын*, хэджын, хэджэн, хэдын, хэдэн, хэтыкlын*, хэтlыхьын*, хэтlэн, хыжыхьын*, хэжэн, хэжьын-2, хэжьэн-2, хэщын-2, хэщэн-2, хэщlыхьын*, хэщlыкlын*, хэшэн, хэчын, хэчэн, хэкlын, хэкlухьын*, хэхъухьын*, хэхун, хэхьэн*, хэлъэн, хэлэн, хэлlэн, хэпlыхьын*, хэфыхьын, хэвыхьын*, хэвэн».

Глагол псоми а зэрыщыткlэрэ ″хэ″р префикс яхуохъуфыр, ауэ глагол гуэрхэр зытеухуа lуэхугъуэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэм елъытащи, глагол мыхьэнэр зэмыхъуэкlыу ″хэ″ префикскlэрэ щыухуэжкlэ lуэхур къызэрекlуэкlыну нэгъуэщl макъхэри къищтэн хуей мэхъур. Мыпхуэдэ щапхъэхэщ ″*″ нэгъыщэкlэ къэгъэлъэгъуахэр.

Щыlэгъуэ зиlэр зы ″хы″пlэ итщи, ″хы″пlэ итыр зэрыкlуатэр (э) ″хэ″кlэрэ гъэлъагъуэу кlэух зыхуэхъу псалъэр куэдагъэу къоlуатэр. ″Хэ″р суффикс зыхуэхъу псалъэхэм и куэдагъэр къоlуатэр. Мыр глагол лэжьэкlэхэми суффикс хуэхъуу, а глаголыр суетыбэу зэрыгъэзащlэри къызэрыlуатэ щlыкlэщ, ауэ глаголхэм теухуа щапхъэхэм игъуэ къыщысым дытепсэлъыхьынущи, мыбдежым нэхъыбэу щыlэщlэхэм ″хэ″р суффикс зэрыхуэхъукlэрэ абыхэм я куэдагъэр къызэрыгъэлъагъуэм деплъынщ. Илъабжьэкlэ ″хэ″р куэдагъэ мыхьэнэкlэрэ суффикс зэрыхъум теухуа щапхъэхэр ди ″макъ псалъэ″хэм теухуа къэтхьынщ. ″Р″ыр ″хэ″м кlэух щыхуэхъужкlэ lуэхур нэхъ наlуэ мэхъужри, щапхъэхэр мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуащ: «lэхэ(р), инхэр, lейхэр, lухэр, lуэхэр, сынхэр, цыхэр, цlэхэр, дзэхэр, гъэхэр, гъуэхэр, гухэр, дэхэр, щэхэр, щlыхэр, щlэхэр,

шыхэр, шэхэр, чыхэр, кухэр, куэхэр, кӏыхэр, кӏэхэр, къухэр, къуэхэр, кхъэхэр, кхъуэхэр, хъыхэр, хъухэр, хыхэр, хухэр, хьэхэр, лъыхэр, лъэхэр, лыхэр, лӏыхэр, пэхэр, пӏэхэр, фэхэр, фӏыхэр, выхэр, мэхэр, нэхэр».

″Х″ макъыр лъабжьэ мыхьэнэуэ зэрыщытым ипкъ иткӏэ, дэтхэнэ зы lуэхугъуэр илъабжьэкӏэ ехыу зэрыгъэзащӏэри глаголхэм ″х″ыр суффикс зэрыхуэхъукӏэрэ къоlуатэр. Ауэ глаголыр ″х″ суффикскӏэрэ ехыпӏэу гъэзэщӏэн папщӏэ, ар абы (ехыпӏэм) зэрыхуэкӏуэр къэзыгъэлъагъуэ ″е″ макъыр глаголым префикс хуэхъун хуейщ. Нытӏэ, ди ″макъ глагол″ щапхъэхэр ехыпӏэм (″х″ суффикс) хуэкӏэуэу (″е″ префикс) зэрыгъэзащӏэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «еихын, еухын, еуэхын, еlухын, еlуэхын, есыхын, есэхын, езыхын, едзыыхын, егъыхын, егъухын, еджыхын, еджэхын, едыхын, едэхын, етыхын, етӏыхын, етӏэхын, ежыхын, ежэхын, ежьыхын, ежьэхын, ещыхын, ещэхын-2, ещӏыхын, ещӏэхын, ешэхын, ечыхын, ечэхын, екӏыхын-2, екӏуэхын, ехъухын, ехухын, ехьыхын, елъэхын, елэхын, елӏэхын, епӏыхын, ефыхын, евыхын, евэхын».

″Х″ыр лъабжьэщи, зы lуэхугъуэр гъэзэщӏарэ утыку къихьауэ и пӏэр зэригъуэтарэ зэримыгъуэтар ар ″хы″пӏэ зэриувакӏэрэ тегъэчыныхьауэ зэрыщытыр къызэрыlуатэр суффиксу ″ххэ″ макъ къызэрыпыхьэкӏэрэщ. Аращи, дэтхэнэ lуэхугъуэ къизыlуэ зы глаголыр фӏэкӏыпӏэ зэримыlэкӏэрэ гъэзэщӏарэ зэрыухамрэ, фӏэкӏыпӏэ зэримыlэкӏэрэ зэрымыгъэзэщӏэнур ″ххэ″ суффикскӏэ къоlуатэр. Ауэ ″ххэ″ суффиксым игъэзащӏэ мыхьэнэр фӏэкӏыпӏэ имыlэу (хх) лъабжьэ игъуэтауэ зэрыщытращи (э), ар зэрыгъэзащӏэрэ зэрымыгъэзащӏэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэри суффиксу къыдэщӏыгъун хуейщ: «зэрыгъэзащӏэр ″гъэ″кӏэрэ, утыку къызэрихьарэ щыlэгъуэ зэригъуэтари ″щ″ыкӏэрэ мэгъэлъагъуэр (кlуагъэххэщ); зэрымыхъунури глаголыр зэрымыгъэзэщӏар къыхэщу зэрыинфинитив щӏыкӏэ гъэпсыкӏэу ″къым″ суффикскӏэрэ мэгъэлъагъуэр (кlуэххэнкъым)».

Икӏи зэрыгурыlуэгъуэщи, зи гугъу тщӏы мы лэжьэкӏэр глагол лэжьэкӏэращ зытеухуари, фӏэкӏыпӏэ имыlэу хъуарэ ″хъуагъэххэ″р блекӏа зэманыгъуэм зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ; ″мыхъуныгъэ″у ухуэ мыхьэнэри зэманыгъуитӏым теухуащ: зэй мыхъун lуэхугъуэу сытым щыгъуэми теухуа ″мыхъуххэн″рэ, къэкlуэну зэманыгъуэм теухуа ″мыхъуххэну″р.

Нытӏэ, глагол лэжьэкӏэхэм мы лъэныкъуитӏкӏэ ″ххэ″ суффикс къызэращтэ щапхъэхэри ди ″макъ глагол″хэм теухауэ къэтхьынщ: «иягъэххэщ – иихэнкъым, иугъэххэщ – иуххэнукъым, уагъэххэщ – уэххэнкъым, lуагъэххэщ - lуххэнукъым, lуагъэххэщ - lуэххэнукъым, сагъэххэщ - сыххэнкъым, сагъэххэщ - сэххэнкъым, загъэххэщ - зыххэнукъым, дзагъэххэщ - дзыххэнкъым, гъагъэххэщ - гъыххэнкъым, гъуагъэххэщ - гъуххэнукъым, джагъэххэщ джыххэнкъым, джагъэххэщ - джэххэнукъым, дагъэххэщ - дыххэнкъым, дагъэххэщ - дэххэнукъым, тагъэххэщ - тыххэнкъым, тӏагъэххэщ - тӏыххэнкъым, тӏагъэххэщ - тӏэххэнукъым, жагъэххэщ - жыххэнкъым, жагъэххэщ - жэххэнукъым,

жьагъэххэщ - жьыххэнкъым, жьагъэххэщ - жьэзххэнукъым, щагъэххэщ - щыххэнукъым, щагъэххэщ - щэххэнкъым, щlагъэххэщ - щlыххэнукъым, щlагъэххэщ - щlэххэнукъым, шагъэххэщ - шэххэнукъым, чагъэххэщ - чыххэнкъым, чагъэххэщ - чыххэнкъым, кlагъэххэщ - кlыххэнукъым, кlуагъэххэщ - кlуэххэнукъым, хъуагъэххэщ - хъуххэнкъым, хуагъэххэщ - хуххэнкъым, хьагъэххэщ - хьыххэнукъым, лъагъэххэщ - лъэххэнкъым, лагъэххэщ - лэххэнукъым, лlагъэххэщ - лlэххэнкъым, пlагъэххэщ – пlыххэнукъым, фагъэххэщ - фыххэнкъым, вагъэххэщ - выххэнукъым, вагъэххэщ - вэххэнкъым».

**″Ху″ макъыр.**

*″**Ху**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″хэр.*

″Х″ыр лъабжьэрэ щыlэгъуэ ординатым теухуа макъ мыхьэнэщи, и функциал кlуэтэгъуэр (хэ) бзэм зэрыхэлэжьыхьым нэмыщl, мы лъабжьэрэ ординатым (х) и ужьыгъуэу (у) утыку къихьэр ″ху″ макъращ. Мы къызэрыхъуа щlыкlэр зи макъ мыхьэнэуэ бзэм хэлэжьыхьу хэтщ ″ху″ макър. Мы макъ мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэи ″ху″р зы псалъэу адыгэбзэм зэрыхэхьа щlыкlэри мащlэкъым. Мыбыхэм щыщу ″ху″р бзэм япэ зэрыхэхьа щlыкlэр ординатрэ лъабжьэ ужьыгъуэу къэхъуарэ зыгуэрыр и лъабжьэм зэрытеткlэрэ гъэунэтlынрэ гъэужьын lуэхугъуэу къыщlэкlынти, ар ″**ху**н″ глаголыпкъыу ″**ху**″уэ зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэхьауэ жыlэпхъэщ. Мыр зы псалъэу бзэм зэрыхэхьар ″ху″ макъыр къэхъуа нэужь зэманыгъуэ куэд дэмыкlыу къыщlэкlынщ.

Ар дыдэу, лъагъун lуэхукlэ тыншу щыт плъыфэрэ нэху лlэужьыгъуэ лъабжьэу ″**ху**″р ″хужь″ мыхьэнэкlэрэ зы ″макъ псалъэ″у бзэм щыхэхьари, ″ху″ макъыр къэlуу щlидза нэужь куэд дэмыкlыу къыщlэкlынщ. Ауэ ″хун″ глаголыпкъыу ″ху″р ″хужь″ жыхуэтlэ плъыфэм ипэ къихуэу утыку къихьа бзэ мыхьэнэуэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ: нэхугъэрэ плъыфэ лlэужьыгъуэ ″ху″р нэм лъагъун къалэныр зэригъэзэщlэфрэ (нэху) нэм и къалэныр зэригъэзэщlэф щlыкlэу зэрыхуфым къытехъукlауэ лъытапхъэщи, ар ″хун″ глаголыр зи лъабжьэкlэрэ къэхъуа бзэ мыхьэнэуэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Араща, ″хужь″ псалъэр къызтехъукlауэ щыт ″ху″ псалъэр ″хун″ lуэхугъуэ нэужьрэ ″хун″ глаголыпкъ мыхьэнэ зиlэ ″ху″м иужь къихуэу къэхъуауэ зы псалъэу зэрыщытыр нахуэщ. ″**Ху**жь″ыр нэхугъэрэ плъыфэу а нэхъ ″ху″флращи, а нэхугъэрэ плъыфэр нэхъ зэрыфlыр зэхимыгъэкlыу къэзыlуатэу зы псалъэрщ ″ху″р.

″Ху″ макъыр утыку къызэрихьэм щхьэусыгъуэ хуэхъууи лъытапхъэрэ бзэм ″хун″рэ ″хужь″ мыхьэнэкlэрэ хэхьа нэужьи ″ху″ макъым аргуэру ″макъ псалъэ″ къытехъукlыжащ. Къэкlыгъэрэ шхыныгъуэ лlэужьыгъуэу Адыгэхэм ноби фlыуэ зэрахьэу щыт зы гуэдз лъэпкъми ″**ху**″уэщ

зэреджэри, мыбы ″ху″ зэрыфlащам щхьэусыгъуэ хуэхъуар ар зэрысырыхуфэу зэрыщытрагъэнт.

″Ху″м и кlуэтэгъуэ ″хуэ″р щхьэж зы псалъэу хэткъым адыгэбзэм, ауэ ар бзэм макъ мыхьэнэкlэрэ зэрыхэлэжьыхь лlэужьыгъуэр мащlэкъым.

*″**Ху**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

*″**Ху**″ макъым къытехъукla ″**макъ псалъэ**″хэр **макъ къыпыхьэу** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зы ″макъ глагол″у ″ху″ макъым къытехъукla ″хун″ыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр префикс зэрыхуэхъукlэрэ ухуэж префиксиал глаголхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «ихун, lухун, гуэхун, дэхун, техун, жьэдэхун, щыхун – къыщыхун, щlэхун, кlэрыхун, къэхун, къуэхун, хэхун, хуэхун, пыхун, флэхун, нэхун».

″Хун″ глаголым къытехъукlыу префиксиалу ухуэжа мы глаголхэм и нэхъыбэм икlи зыгуэрыр зыдэщытыпlэм икlыныгъэу езыр езырурэ къэрыхъу lуэхугъуэри къызэрilуатэр гурыlуэгъуэщи, мы къэта щапхъэхэм етlуанэ мыхьэнэкlэрэ еджапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэжынщ: «ихун, lухун, гуэхун, дэхун, техун, щыхун, щlэхун, хэхун, пыхун, флэхун».

″Хун″ глаголыр а зэрыщыткlэрэ зэрыгъэзащlэ щlыкlэм теухуа щапхъэхэщ мыхэри, ар гъэзащlэу зэрыщытрэ зыгуэрым хуэкlуэу къызэрыlуатэри ар ″э″ кlэухкlэрэ къызэрыlуатэущ. Мыпхуэдэу ″хун″ глаголыр ″ху-э-н → хуэн″ глаголыпкъыу гъэзащlэ префиксиал глагол щапхъэщ мыхэри: «ихуэн, lухуэн, гуэхуэн, дэхуэн, техуэн, жьэдэхуэн, щlэхуэн, кlэрыхуэн, къуэхуэн, хэхуэн, пыхуэн, флэхуэн».

″Хун″ lуэхугъуэм теухуарэ ″ху″ макъ мыхьэнэкlэрэ глаголыщlэу утыку къихьэхэри щыlэщи, мыбыхэм и лъабжьэкlэ и гугъу щытщlынущ. Ауэ мы иужьрей глаголхэм хуэдэу зэпкъырыуварэ етlуанэ мыхьэнэуэ еджапхъэ хъухэр щыlэщи, мыпхуэдэщ ″хун″ lуэхугъуэу зэрыгъэзэщlарэ зыдэху щlыпlэр пlэ хуэхъун мыхьэнэ зиlэ мы префиксиал глаголхэр: «ихуэн, lухуэн, гуэхуэн, дэхуэн, техуэн, жьэдэхуэн, щlэхуэн, кlэрыхуэн, къуэхуэн, хэхуэн, пыхуэн, флэхуэн».

Мыбыхэм нэмыщl, ″хун″ глагол лэжьэкlэу щытрэ зыгуэрыр зыгуэрым техуу щытын мыхьэнэ зиlэу ухуэ псалъэхэри къохъури, мыпхуэдэ щапхъэщ мыр: «щыхуэн».

Зы къэкlыгъэ лlэужьыгъуэу цlыхум и шхыныпхъэу щыт ″ху″ макъ псалъэм макъ къыпыхьэу къытеухъукlыж псалъэхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «хугу, хужьгъэ, хупцlынэ».

Хужьыфэ зи мыхьэнэ ″ху″ макъ псалъэм къыпыхьэ макъхэмкlэ къытехъукlыж псалъэхэм теухуа щапхъэу лъытапхъэщ мыхэр: «сэху; щэху, шэхудэ».

*"**Ху**" макъым къытехъукIа "**макъ псалъэ**"хэр зыхэту ухуэ "**псалъэ зэгуэт**"*хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мы иужьрейуэ къэта щапхъэхэр икIи "псалъэ зэгуэт"уи зэреджапхъэр гурыIуэгъуэнщ: сэху (зэры"сын"кIэрэ зи фэр "хъу(жь)" хъуа), шэху ("шэ" лIэужьыгъуэм къыхэщIыкIарэ хужьыфэ зиIэ гуэр). Мыпхуэдэу хужьыфэ зи мыхьэнэкIэрэ ухуа псалъэщ мыри: «"сы(н), ху(жь)" → сырыху».

Зы макъ псалъэу щыт "ху(жь)"ыр зыхэту ухуа "псалъэ зэгуэт"хэм теухуа щапхъэщ мыхэри: «"кIэ, ху(жь)" → кIэху; "пэ, ху(жь)" → пэху; "пхъэ, ху(жь)" → пхъэху»; «"шэху, тхъу" → шэхутхъу».

А нэхъ теплъэфIыр "ху"рэ "хужь"у къызэрыIуатэм къызэрыгуэкIщи, хужьыфэ зиIэр теплъэфIрэ къабзагъэуи зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ "хужьыфэ"рэ къабзагъэ къэщтэн lуэхугъуэр къизыIуэ глаголыр зэрызэпкъырыувэри, ари зы "псалъэ зэгуэт"у лъытапхъэщ: «"ху(жь), щIын" → хущIын».

Зы къэкIыгъэ лIэужьыгъуэрэ цIыхум и шхыныпхъэу щыт "ху" макъ псалъэхэр къыпыхьэ макъкIэрэ зэрыухуэжым теухуауэ къэта щапхъэхэм и иужьрейри икIи "псалъэ зэгуэт"у еджапхъэщ: «"ху, пцIынэ (зэхэпцIэн лIэужьыгъуэ)" → хупцIынэ».

*"**Ху**" макъ мыхьэнэр "**бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэр**".*

"Хун" глаголыр зэрыгъэзащIэ щIыкIэу "ху-э-н"у зэрыухуэжым теухуауэ ипэкIи къэтахэр икIи макъ лэжьэкIэкIэ (хуэ) къэхъуауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэу ухуа глаголхэм зэреджапхъэхэр къыхэщу илъабжьэкIэ къэдгъэлъэгъуэжынщ: «ихуэн-2, lухуэн-2, гуэхуэн-2, дэхуэн-2, техуэн-2, щыхуэн (зы щIыпIэм зыгуэр телэн lуэхугъуэр хууэ зэрыщыткIэрэ –хуэ- зэрыгъэзащIэ), щIэхуэн-2, хэхуэн-2, пыхуэн-2, фIэхуэн-2».

"Хун" lуэхугъуэрэ "ху" кIэухкIэрэ гъэзащIэу глаголыщIэхэри утыку къохьэри, мыбы щыщщ "цIыхун"ыр. Ар зыхуэIуауэ щытрэ псэлъэбзэри къызхуэхъуауэ зезыхьэ псэущхьэм езыр "цIыху"ущ зэрилъытэжар. ИкIи "цIыху" псалъэр зытеухуа псэущхьэм и щыIэгъуэрэ и щыIэкIэр къэзыIуатэ зы псалъэу зырыщытри гулъытапхъэщ: ар щыIэм щыщрэ мыщыр зыхуращи, щыIэм зэрыщыщым папщIэ зы псалъэрэ цIэкIэ къэIуэтапхъэ хъуращ, ауэ икIи щыIэгъуэпэм пэужьыкIыу мыщыр зыхуращи, "цIы зыхуу"щ зэрылъытар.

"Хун" lуэху зыхэлъу утыку къихьэ псалъэхэм щыщщ мыхэри: «lуэху, щIыху, щэху, хьэху, нэху»,

"Ху" кIуэтэгъуэр (э) хууэ щытыныгъэр къызэрыIуатэщи, "хуэ" кIэухкIэрэ къэхъуа псалъэхэм щыщ мыхэр: «захуэ (зэхуэкIуэу щыт, зы хъуауэ ху), нахуэ (нэхуу щыт), щхьэхуэ, махуэ».

ЦIыхум гъэзэщIапхъэрэ щIыпхъэу къытехуэрэ "ху, хуэ"кIэрэ лажьэу "хьэ (цIыху)"мрэ "щIын"ым теухуауэ ухуа псалъэхэщ мыхэри: «хьэху, щIыхуэ».

″Ху″ макъ мыхьэнэрэ ″хун″ lуэхугъуэу зыхэлъу ″хуэ″кlэрэ къежьэу ухуэ псалъэхэщ мыхэри: «хуэдэ, хуабэ, хуэм».

″Ху, хуэ″р кlэухыу ухуэж глаголыщlэхэм теухуа щапхъэхэр ипщэкlэ къэтащ. ″Ху, хуэ″ макъыр глаголхэм префикс хуэхъууи бзэм щызокlуэри, абы теухуа щапхъэхэр илъабжьэкlэ къэтхьын. Ауэ мыбдежым префикс къалэну щымыту, ″ху, хуэ″кlэрэ къежьэу (″ху″р занщlэ глаголым префикс зэрыхуэхъур ″хуэ″уэщ) ухуэ глаголыщlэхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «хуеин, хуэзэн, хуэщlын, хуэпэн».

″Хуэ″кlэрэ къежьэу ухуэж глаголхэри щыlэщи, зы глаголым къытехъукlыжми, мыхьэнэкlэ глаголыщlэу лъытапхъэщ: «хуэхъун-2, хуежьэн-2 (зыгуэрым папщlэ ежьэн, зыгуэр щlыну щlэдзэн), хуэфlын-2 (фlыуэ хуэхъун, хуэфl хъун)».

*″**Ху**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

″Хуэ″р префикс зыхуэхъу зы глаголыр мыхэнитlкlэ гурыlуэгъуэ мэхъур: 1-р, а глаголыр зытехуа lуэхур ″зыгуэрым папщlэ гъэзэщlэн″ращ; 2-ри, а глаголыр зытеухуа lуэхур ″гъэзэщlэн лъэкl иlэн″ращ. Илъабжьэкlэ къэта щапхъэ псори мыпхуэдэу зэрыщытым папщlэ, мыхьэнитl зэраlэр къэгъэлъэгъуакъым, ауэ глаголхэр мы мыхьэнитlкlи еджапхъэщ: «хуэин, хуэун, хуэуэн, хуэlун, хуэlуэн, хуэсын, хуэсэн, хуэзын, хуэдзын, хуэгъын, хуэгъун, хуэджын, хуэджэн, хуэдын, хуэдэн, хуэтын, хуэтlын, хуэтlэн, хуэжын, хуэжэн, хуэжьын, хуэжьэн, хуэщын, хуэщэн, хуэщlын-2, хуэщlэн, хуэшэн, хуэчын, хуэчэн, хуэкlын, хуэкlуэн, хуэхъуын-2, хуэхун, хуэхьын, хуэлъэн, хуэлэн, хуэлlэн-2, хуэпlын, хуэфын, хуэвын, хуэвэн».

## ″Гъ″ым и къэхъукlэм жьэ кlуэцlрэ бзэгум къытехъукlыж макъхэр: «гъ → ″г → гь → ‘гу; дж’ → дз″».

### ″Г″ макъыр.

*″**Г**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″хэр.*

″Гъ″ макъым бзэгукукlэм къытехъукlа япэрей макъыу адыгэбзэм хэтыр ″г″ макъращ. Къызтехъукlа ″гъ″ макъым и мыхьэнэм ещхьу мыхьэнэ зиlэу зы макъщ ″г″ыр. Утыку къихьэнрэ ″гъэн″ым лъабжьэ хуэхъуу лъытапхъэщ ″г″ макъ мыхьэнэри, ар джыпэрэ джыныгъэ лъабжьэу, икlи джыныгъэ лъэщу лъытапхъэщ. Джырэ утыку къихьэнур зэрыгъэхьэзырыр ″г″ макъым и мыхьэнэуэ жыlэпхъэщи, мыпхуэдэр къизыlуэ макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм холэжьыхьыр. Мыпхуэдэр зэрыгъэзащlэр ″гын″ глаголым къиlуэтапхъэщи, мыпхуэдэ щlыкlэкlэ къэхъурэ щхьэпэ хъу гуэрхэри мы глагол формэм тету ″**гын**″ псалъэм къиlуатэущ нобэ бзэм зэрыхэтыр. Зыхуэныкъуэм щхьэпэу хущхъуэщ ″гын″ри, зыхуэмыныкъуэм дежкlи щхъухьу зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу бзэм хэхьа ″гын″ псалъэр икӏи гъунэгъу лъэхъэнэхэм къагъэунэхуа lэщэ зэращӏыу джыгъуэшхуэ къэзыгъэщӏ lэмэпсымэри зэрылъыта псалъэщи, глагол формэу ухуа ″**гын**″ псалъэр аргуэру мыпхуэдэ мыхьэнэкӏэрэи бзэм хэхьауэ хэтщ.

″Г″ макъым и гугъу тщӏа и мыхьэнэм теухуауэ лъытапхъэщ ″г″ кӏуэтэгъуэкӏэ къэӏуатэу зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэхьа ″**гэ**″ри.

*″**Г**″ макъым къытехъукӏа **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукӏыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

*″**Г**″ макъым къытехъукӏ ″**макъ псалъэ**″хэр **къыпыхьэ макъхэмкӏэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ.

Хущхъуэрэ щхъухьыгъэ зиӏэу зи гугъу тщӏа ″гын″ псалъэр къыпыхьэ макъкӏэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ ″гын″ лӏэужьыгъуэ зи мыхьэнэ мы псалъэр: «гынжьей».

″Гын″ыр къэуэныгъэ зиӏэ lэщэ lэмэпсымэщи, мы и мыхьэнэкӏэрэ ″гын″ыр къыпыхьэ макъкӏэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ къэхъуа псалъэхэщ мыхэр: «гынылъэ, гыныгъуэ».

*″**Г**″ макъым къытехъукӏа **″макъ псалъэ″хэр** зыхэту ухуа **″псалъэ зэгуэт″*** щапхъэхэми деплъынщ. Хущхъуагъэрэ щхъухьагъ зи мыхьэнэ ″гын″ псалъэм къытехъукӏа ″псалъэ зэгуэт″хэщ мыхэр: «″гын, ху(жь)″ → гыныху; ″гын, плъы(жь)″ → гыныплъ».

*″**Г**″ макъ мыхьэнэр **″бзэм зэрыхэлэжьыхькӏэрэ ухуэ псалъэхэр″**.*

″Г″ макъкӏэрэ къежьэу ухуэ псалъэхэр егъэлеяуэ джыныгъэр ″г″ым къыкӏэлъыкӏуэ макъхэм елъытауэ гъэзащӏэ lуэхугъуэхэм теухаущии, ″г″ кӏэухкӏэрэ ухуэ псалъэхэр джыным зэрыхуэкӏуэрэ егъэлеяуэ зэрыджым теухаущ: «гыбзэ, гызын»; «гъуэгын (гъыщщэн; игъуэ имзэгъэж хъун)»; «бэгын, щӏэбэгын-2»; «лъагэ, пагэ».

*″**Г**″ макъым бзэм **″префикс – суффикс къалэн″** хигъэзэщӏыхькъым.*

**″Гь (→дж)″ макъыр.**

*″**Гь (→дж)**″ макъым къытехъукӏ ″**макъ псалъэ**″хэр.*

Макъ къэхъуныгъэр жьэ кӏуэцӏым ипэмкӏэ унэтӏыныгъэ иӏэу ″гъ″ макъым къытехъукӏыжу ″г″ым къыкӏэлъыкӏуэ зы макъри ″гь″ыращ. Абыи къыкӏэлъыкӏуэу къытехъукӏыжыр ″дж″ макъращи, мы макъитӏыр зэхуэдэ мыхьэнэкӏэрэ адыгэбзэ жьэрыпсалъэхэм хэтщ. Зэхуэдэ мыхьэнэкӏэрэ бзэм хэлэжьыхьу щӏэзыдза мы макъитӏым щыщу ″дж″ыращ къэбэрдеибзэ литэратурэм къищтар.

Джыпэ зи мыхьэнэ ″г″ макъкӏэрэ джыныгъэу гъэхьэзырыр зэрыджыр абы къыкӏэлъыкӏуэу утыку къихьа ″гь″ макъращи, мыбыи къыкӏэлъыкӏуэу къытехъукӏыжащ ″дж″ыр. Тӏуми адыгэбзэм хагъэзэщӏыхьыр зэхуэдэ зэрыхъужам къызэрыгуэкӏщи, мыбдежым зи

гугъу тщlынур ″дж″ыращ. ″Дж″ макъыр къызэрыхъуа щlыкlэу ″**джы**н″ lуэхугъуэкlэ хэтщ бзэми, ″**джы**″р занщlэу ″макъ псалъэ″у зы глаголыпкъщ. Абы и кlуэтэгъуэри джыуэ щытрэ джагъэххэр къэlуэтэжын мыхьэнэкlэрэ бзэм зы ″макъ псалъэ″у хэтщи, ″**джэ**н″ глаголыпкъщ ″**джэ**″р.

*″**Дж**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

*″**Дж**″ макъым къытехъукla ″**макъ псалъэ**″хэр **къыпыхьэ макъхэмкlэ** бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ **ухуэ псалъэхэм*** теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ.

″Джын″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр префикс зэрыхъукlэрэ ухуэж префиксиал глаголхэщ мыхэр: «иджын, lуджын, гуэджын, дэджын, зэдэджын, теджын, щыджын, щlэджын, кlэрыджын, къэджын, къуэджын, хэджын, хуэджын, пыджын, флэджын, нэджын».

″Джын″ lуэхур къызэрекlуэкlыр ″э″ кlэухкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщи, ″джын″ыр мыпхуэдэу зэрыухуэжыр ″джэн″у зэрыщытынур гулъытапхъэщ. Мы къэта щапхъэхэм хуэдэу зы щlыпlэрэ зы щlыкlэкlэ къекlуэкlыу зэрыщытыр къызэрыlуатэри ″э″ кlэухкlэрэ зэрыухуэжущ: «иджэн, lуджэн, гуэджэн, дэджэн, зэдэджэн, теджэн, щыджэн, щlэджэн, кlэрыджэн, къэджэн, къуэджэн, хэджэн, хуэджэн, пыджэн, флэджэн, нэджэн».

″Джын″ lуэхур къызэрекlуэкl щlыкlэр ″э″ кlэухкlэрэ къызэрыlуатэ мы псалъэхэр икlи ″джын″ lуэхур нэгъуэщl макъ кlэух гуэрхэмкlэ (хь, кl) нэхъ lупщlрэ гурыlуэгъуэу къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу ухуэж глаголхэщ мыхэри: «иджыхьын - иджыкlын, lуджыхьын - lуджыкlын, гуэджыхьын - гуэджыкlын, дэджыхьын - дэджыкlын, теджыхьын - теджыкlын, щыджыхьын - щlэкlыкlын, щlэджыхьын - щlэджыкlын, кlэрыджыхьын - кlэрыджыкlын, къэджыхьын - къэджыкlын, къуэджыхьын - къуэджыкlын, хэджыхьын - хэджыкlын, пыджыхьын - пыджыкlын, флэджыхьын - флэджыкlын».

″Джын″ глаголыр занщlэу ″дж″ макъ мыхьэнэуэ ухуа глаголщ, ауэ ″джэн″ глаголыр ″дж″ макъ кlуэтэгъуэрэ зэманыгъуэу ″э″кlэрэ къызэрыlукlэрэщ зэрыухуар. Мы я къэхъукlэм ипкъ иткlи, ″джын″ымрэ ″джэн″ым зэпыщlэныгъэ зэрызыхуаlэр, икlи ″джын″ глагол лэжьэкlэр ″джэн″уи зэрыухуэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри ипэкlэ къэтащ. ″Джэн″ глаголри зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъ къыпыхьэу префиксиалу зэрыухуэжынур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэр ″джын″ глагол кlуэтэгъуэу ухуа префиксиал глаголхэм хуэдэу зэрыхуэр гурыlуэгъуэщ: «иджэн, lуджэн, гуэджэн, дэджэн, зэдэджэн, теджэн, щыджэн, щlэджэн, кlэрыджэн, къэджэн, къуэджэн, хэджэн, хуэджэн, пыджэн, флэджэн, нэджэн».

*"**Дж**" макъым къытехъукIа "**макъ псалъэ**"хэр зыхэту ухуэ "**псалъэ зэгуэт**"*хэм теухуа щапхъэщ мыхэри: «"джэ(н), джэ(н)" → джэрыджэ; "джэ(н), пэджэж(ын)" → джэрпэджэж».

*"**Дж**" макъ мыхьэнэр "**бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэр**".*

"Дж" макъ мыхьэнэр зэрыгъэзащIэ щIыкIэкIэ занщIэу утыку къихьащ "джын" глаголри, "дж" макъыр и мыхьэнэкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ ухуэ псалъэ мыхьэнэхэр "джын" псалъэм и мыхьэнэм хуэдэрэ теухуауэ зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ.

Дэтхэнэ гуэрыр зэрыдж щIыкIэр абы "дж, джэ" макъ кIэух зэрыхуэхъукIэрэщ къызэрыIуэтапхъэри, мыпхуэдэу ухуэ псалъэхэр мащIэкъым: «аджэ – Iэджэ; иджы; удж, уджын, джэгу; тэджын – теджын; пыджэн – пыджын – епыджын; гъуджэ, хъыджэ, ныджэ, щэдж; джэрыджэ, джэрпэджэж; бэрэдж, баджэ, бэдж; джэд, джэнш - джэш; джанэ, гъуэншэдж».

Егъэлеяуэ лажьэрэ джыурэ щытри "джэ" кIэухкIэрэщ къызэрыIуатэри, ипкъ имызэгъэж Iэпкълъэпкъ щIыкIэхэри мыпхуэдэщ къызэрыIуатэр: «Iуджэ, наджэ, фаджэ, нэджэIуджэ, Iуджэнажэ, бзаджэ, бзэджэнаджэ; дыдж»; «мыпхуэдэ мыхьэнэкIэрэ ухуа зы глаголщ "сэхъуджэн"ри».

*"**Дж**" макъым бзэм "**префикс – суффикс къалэн**" химыгъэзащIыхьу* жыIэпхъэми, псалъэхэм кIэух хуэхъужу абыхэм я мыхьэнэр зэрыджыр яхуигъэзащIэу, зэрыджауэ зэрыщытым икIыныгъэ мыхьэнэ утыку къыщихьэкIэ, егъэлеяуэ зэрыджрэ зэрыщытын хуеипIэми икIыныгъэу игъэлажьэу псэлъэщIэхэр утыку къызэрихьэр гулъытапхъэщ. Мы игъэзащIэм къызэрыгуэкIкIи, "дж, джэ"р дэтхэнэ зы глаголым суффикс къалэн хуимыгъэзащIэми, глагол куэдым суффикс хуэхъуфу ахэр зэригъэлэжьэфынури гурыIуэгъуэщ. Аращи, "дж" макъыр суффикс къалэн игъэзэщIэну хущIэкъу зы макъщи, потанциалу суффикс къалэн зиIэ макъщ.

### "Гу" макъыр.

*"**Гу**" макъым къытехъукI "**макъ псалъэ**"хэр.*

"Дж" макъыр "гь" макъым къыкIэлъыкIуэу къэхъуащи, мы макъиткIри нобэ адыгэбзэ жьэрыпсалъэхэм зыр зым ипIэкIэ зэхуэдэ мыхьэнэкIэрэ хэтщ. Зэхуэдэ мыхьэнэкIэрэ зэрыхэтым папщIи, алфавитым хэхьауэ щыт "дж"ым теухуауэ жыIэпхъэхэр ар къызтехъукIа "гь"ыми теухуащ. Ауэ "гь" макъым и ужьыгъуэущ (у) "гу"уэ тха макъыр къызтехъукIари, "дж" макъым и ужьыгъуэ макъ къэхъуакъым. Аращи, "гу" макъыр алфавитым мы зэрыхэхьа щIыкIэм теухуауэ жыIэпхъэхэр ар къызтехъукIа "гь"ым зэрелъытар гурыIуэгъуэнщ, ауэ "гь"ымрэ "дж"ыр зэмыхьэнэгъуу зэрыщытым папщIи, "гу"м теухауэ жыIэпхъэхэр "дж"ым зэрелъытакIэрэ къызэрытIуэтэфынури гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, "г"ым ипIэкIэ "дж"ыр

къызэрыlуатэу, ″дж″ ужьыгъуэу щыт ″гу″р мыувыlэу джыращи, ар джыуэ щытращ; икlи; джыпlэрэ джыпхъэу щытращ.

″Гу″ макъ мыхьэнэм къызэрыгуэкlкlэ, япэ къэхъурэ ядрей lэпкълъэпкъхэри къызхэджыкl лъабжьэу джыпlэу щыт lэпкълъэпкъ нэхъыщхьэр къызэрыlуэр зы ″макъ псалъэ″у ″**гу**″уэщ. ″Гу″р бзэм япэу зэрыхэхьа щlыкlэри мырагъэнщ.

″Гу″ макъыр аргуэру бзэм зы ″макъ псалъэ″у ″**гу**″уэ зэрыхэхьэжар гурыlуэгъуэщи (шы**гу**, вы**гу**), ар цlыхум шэрхъ ищlарэ ар зэрилъытэ щlыкlэрэ зэрызырихьэм ипкъ иткlэ, ар мыувыlэу джыгъуэ зиlэу хъурейрэ къекlэрэхъуэкl джыпlэ lэнатlэу зэрыщытым къытехъукlыжауэ зы псалъэщ. Бзэм мы ″гу″ псалъэр щыхэхьар мы lэмэпсымэрэ lэщэр къигъэунэхуа нэужьращи, ар ″гу″уэ зэрылъытар ″гу″ макъыр утыку къызэрихьэрэ зы ″макъ псалъэ″уи lэпкълъэпкъыщlэу бзэм зэрыхэхьэм, икlи бзэм и макъ мыхьэнэкlэрэ хэлэжьыхьу зэрыщlидзам куэдыlуэкlэ иужьрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

*″**Гу**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэу *″**гу**″ макъым къытехъукla ″**макъ псалъэ**″хэр **макъ къыпыхьэу** бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Гу″р бзэм зы ″макъ псалъэ″ зэрыхэхъухьар зы lэпкълъэпкъыцlэущи, абы макъ гуэрхэр къыпыхьэу къытехъукl псалъэхэм деплъынщ. Япэрауэ ″гу″р зы lэпкълъэпкъыр къызэрыlуатэ псалъэр зэрыхъуам лъабжьэрэ щхьэусыгъуэшхуэ зэриlэр гурыlуэгъуэщ. Ар зы lэпкълъэпкъ щхьэ, ар езыр зыщыщ пкъылъэри къызхэхъукla лъабжьэу зы lэпкълъэпкъщи, дэтхэнэ зы пкъылъэрэ lэпкълъэпкъым къыщекlуэкl lуэхугъуэр ″гу″м зэрыпыщlар гулъытапхъэщ. Аращи, ″гу″ lэпкълъэпкъым теухауэ къекlуэкlхэр мащlэкlыми, мыпхуэдэхэр зэрыгурыlуэгъуэу ″гу″р зыхэт псалъэхэу къызэрыlуэтэнур гурыlэгъуэщ. Ауэ ″гу″ lэпкълъэпкъым къыщемыкlуэкlми, пкъырэ дэтхэнэ зы lэпкълъэпкъым теухуарэ къекlуэкlыр дэтхэнэ зы lэпкълъэпкъыр зыпlыщlарэ зэрылажьэри зэпха ″гу″ми зэрелъытар гурыlуэгъуэнщ. Мыбы нэмыщl, ″гу″ макъ мыхьэнэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, дэтхэнэ зы lэпкълъэпкъым и къалэну гъэзащlэ lуэхугъуэри ″гу″ макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр зэригъуэри гурыlуэгъуэнщ: дэтхэнэ зы lуэхугъуэр къызщекlуэкlрэ щыджыр ″джы ужьыгъуэ″у щыт ″гу″ макъ мыхьэнэкlэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ. Мы лъэныкъуитlкlи еплъыпхъэщ ″гу″кlэ къежьэу ухуэ мы псалъэхэми, нэхъыбэу зы lэпкълъэпкъыщlэу щыт ″гу″м теухуауэ гурыlуэгъуэ хъуну лъытапхъэ псалъэхэщ мыхэр: «гусэн, гуфlэн, гуапэ, гуауэ, гулэн, гузэвэн, гужьеин, гужьгъэжь, губжьын, гурымын, гушхуэ, тегушхуэн».

Бзэ лэжьэкlэм иужьыlуэкlэ ″шэн″ lуэхугъуэм теухуа зы lэщэри ″гу″ псалъэмкlэщ къызэрыlуэтари, абы (гу) теухуа гуэрхэри ″гу″м къыпыхьэ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэжу утыку къихьа псалъэхэщ мыхэр: «гуимэ; гулъэ, гуплlэ, гупкlэ».

*″**Гу**″ макъым къытехъукlа ″**макъ псалъэ**″хэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*м теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ.

Зы lэпкълъэпкъыцlэу щыт ″гу″ макъ псалъэм къыпыхьэ макъхэмкlэ къытехъукlауэ ипэкlэ къэта псалъэ гуэрхэр икlи ″псалъэ зэгуэт″уи зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщ: «″гу, сэн″ → гусэн; ″гу, фlы хъун (фlы-э-н)″ → гуфlэн; ″гу, (и)пэ″ → гуапэ; ″гу, (е)уэн″ → гуауэ».

Мыбыхэм пыщэжыпхъэ щапхъэщ мыхэри, lэпкълъэпкъыцlэ ″гу″р зыхэту ухуа псалъэхэу лъытапхъэщ: «″гу, пцlанэ″ → гупцlанэ; ″гу, нэфl″ → гунэф; ″гу, фlы″ → гурыфl; ″гу, псэ″ → гупсэ; ″гу, псэху(н) → гупсэху»; «″цlыху, гу″ → цlыхугу; ″лlыхъужь, гу″ → лlыхъужьыгу; ″хьэ, гу″ → хьэгу; ″вы, гу″ → выгу».

″Гу″р икlи зэрашэ зы lэщэр къызэрыlуатэ псалъэщи, ар зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «″гу, пхэ″ → гупхэ; ″гу, ищхьэ″ → гущхьэ; ″гу, икlэ″ → гукlэ»; «″вы, гу″ → выгу; ″гу, вы″ → гув; ″шы, гу″ → шыгу».

*″**Гу**″ макъ мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

Зы lэпкълъэпкъыцlэу щыт ″гу″р псэущхьэм и пкъыгъуэр къызхэхъукlарэ япэу къэхъуа пкъыгъуэращи, а псэущхьэпкъ кlуэцlым къыщыхъурэ къыщекlуэкl дэтхэнэ гуэрыр ″гу″м хуэкlуэрэ къыхэхъукlыу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Ауэ дэтхэнэ зы lэпкълъэпкъыр зэрыхъун хъуа нэужь, ″гу″ пэлъытэу лажьэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, дэтхэнэ зы lэпкълъэпкъым къыхэхъукlрэ хуэкlуэу зэхиху lуэхугъуэхэри ″гу″ макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуэтапхъэщ. Араща, зи гугъу тщlы lэпкълъэпкъыцlэ ″гу″ми пыщlауэ зэрыщытыр жыlэпхъэми, дэтхэнэ зы lэпкълъэпкъым и къалэну утыку къихьэ lуэхугъуэхэр флэкlыпlэ имыlэу зи гугъу тщlы lэпкълъэпкъ ″гу″м теухуауэ зыгурыгъэlуэн хуейуэ щыткъым. Мыпхуэдэу лъытапхъэу ухуа псалъэхэщ мыхэри, ахэр псэущхьэм дэтхэнэ и зы lуэхугъуэр къызпкъырыкlрэ зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къызхэкl щхьэкlуцlым зэрытеухуар гулъытапхъэщ: «гурыщхъуэ, гурыхуэ, гурыщlэ, губзыгъэ, гушыпсэ, гушыпсэн, гупсысэ, гупсысэн, гупщысэ, гупщысэн».

Дэтхэнэ гуэрыр ″гь (дж)″ ужьыгъуэ (у) lэнатlэрэ lыхьэу лъытапхъэщи, ″гу″ макъыр и мыхьэнэкlэрэ кlэух зэрыхуэхъу псалъэрэ макъыр зытеухуар мыпхуэдэ зы lыхьэу зэрылъытэм къытехъукl псалъэхэщ мыхэр: «lэгу, уэгу, щlыгу, лъэгу, гъуэгу; бгъэгу, нэгу, бзэгу; бэгу; тlыгу, кlыгу; щыгу, щхьэщыгу».

Джынрэ уджыныгъэу къекlуэкlыр зэрылъытэрэ къызэрекlуэкlри ″гу″ кlэухкlэ ухуэ псалъэхэщ: «джэгу, джэгун, джэгуэн-2».

Дэтхэнэ зы щыIэпIэрэ джыпIэр, зы lэнатIэрэ лъэр, дэтхэнэ зы лъэрэ зы lэпкълъэпкъри зы къалэн зыщыдж lыхьэу зэрыщыткIэрэ ″гу″кIэрэ къэIуэтапхъэщи, зы lэпкълъэпкъыцIэу щыт ″гу″м зэрытемыухуар гурыIуэгъуэ къытхуэхъу ″гунэщI″ псалъэри мыпхуэдэщ зэрыухуар.

Дэтхэнэ гуэрыр зы джыпIэрэ джыпхъэщи, щхьэжу ″гу″уэ щытуи (э) лъытапхъэщ (р): «гуэр, гуэрэ»; «зыгуэрхэм я зэхэтыныгъэр зэрылъытэри ″гуэрэн″ущ».

Зы джыпIэрэ джыпхъэщ дэтхэнэ гуэрэри, ар макъ мыхьэнэкIэрэ ″гу″уэ зэрылъытэкIэрэ, абы ипэ лъэныкъуэри ″гупэ″у зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Нэм илъагъуф зэхуэдэ лъэгагъэкIэрэ зыубгъуауэ щыт зы щIыгушхуэри ″губгъуэ″ущ зэрылъытар. ″НэщIыгъуэ″ зи мыхьэнэ ″дэ″м ″гу″р кIэух хуэхъуу ухуэ ″дэгу″ псалъэри тхьэкIумэм и дэIун къалэн зэримыгъэзащIэм теухуащ.

″Гу″р джыпIэрэ джыпхъэр, джыуэ щытрэ джы лIэужьыгъуэр къизыIуэ макъ мыхьэнэщи, мыпхуэдэ дэтхэнэ гуэрыр ″гу″уэ зэрылъытэкIэрэ, ар зэрыщытын хуейуэ зэрыщымытыр е зэрыщытыпIэм зэрыхуэкIуэр ″гу″м хуэкIуэныгъэу ″гу″ кIуэтэгъуэ ″гуэ″ кIэухкIэрэ къэIуэтапхъэщ. Аращи, зэрыхъун хуеипIэм итыныгъэр ″гу″уэ зэрылъытэфым ипкъ иткIэ, зэрыхъун хуейуэ щымытыр ″гу″м икIыныгъэу ″гу″ кIуэтэгъуэ ″гуэ″р макърэ псалъэхэм кIэух зэрыхуэхъукIэрэщ къызэрыIуатэри, мыпхуэдэу ухуэж псалъэхэщ мыхэр: «дагуэ, пагуэ, кIагуэ, къуагуэ, дзагуэ, бзагуэ».

″Гу″ икIыныгъэу ухуэ псалъэхэр ″гуэ″ кIэухкIэрэ зэрыухуэм теухуа щапхъэхэр къэтащи, джыпIэрэ джы лIэужьыгъуэр зэрылъытэ ″гу″м хуэкIуэныгъэрэ ихьэныгъэри ″гуэ″кIэрэ гъэзащIэ глаголхэм къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Аращи, ″гу″м хуэкIуэрэ ихьэныгъэр зэрыгъэзащIэ ″гуэ″р зытеухуа щIыпIэрэ щIыкIэр къизыIуэ макъхэм къыкIэлъыкIуэу ухуэ глаголхэщ мыхэр: «игуэн, lугуэн, дэгуэн, тегуэн, щIэгуэн, къуэгуэн, хэгуэн».

Зэрыхъун хуеипIэм итыныгъэр ″гу″уэ зэрылъытэр гурыIуэгъуэщи, абы икIыныгъэ щIыкIэ лIэужьыгъуэри къэзыIуатэ псалъэщ ″гуэбэн″ыр. Мы къэхъукIэкIэ ухуа зы псалъэщ фэм тырищIэ зы дыркъуэ лIэужьыгъуэри къызэрыIуатэ ″гуэрэф″ыр.

″Гу″р джыпIэщи, абы хэкIрэ хэхьэр ″гуэ″кIэрэ къызэрыIуатэр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэу ухуа псалъэхэщ мыхэри: «зы жыгым и зы щIыпIэм къыхэджыкIыр ″гуанэ″щи, щхьэмыжыгум къыхидзыр ″гуэдз″щ».

Мыпхуэдэ бзэ мыхьэнэхэр ″гу″ макъ мыхьэнэкIэрэ зэрыухуэм къызэрагъэлъагъуэщи, зыгуэрхэр зэрытыпIэрэ зэрылъыпIэри ″гу″уэ зэрылъытэкIэрэ, илъхьэпIэрэ ихыпIэри ″гуэ″уэ ухуэ псалъэхэм къаIуэтэфыр: «гуэн, гуэнэщ»; «гуахъуэ».

″Гу″р зэрыхъун хуеипIэу зэрылъытэм къызэрыгуэкIщи, зы щIыпIэм игъуэр къыщысым щыгъуэ къыщымыхъури ″гу″ макъ мыхьэнэкIэрэ ухуэ мы глаголращ къэрыIуатэр: «гувэн».

Цlыху зэхэтыкlэр къызхуекlуэкlыу абы лъабжьэрэ итыпlэ хуэхъу цlыхубзыр зэрылъытарагъэнщ ″гуащэ″ щlыхужаlари. ″Гу″р зы итыпlэрэ илъыпlэри зэрылъытэ макъ мыхьэнэщи, быным хэлъыпlэ лъэщ зэрыхуэхъурагъэнщ ″гущэ″ псалъэми гурыlуэгъуэ къытхуищlыр.

*″**Гу**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

″Гу″р зы джыпlэрэ щlыпlэр зэрылъытэф макъ мыхьэнэщи, мыпхуэдэм хуэкlуэрэ къыхэкlыныгъэр къэзыlуатэ глаголхэр ″гуэ″ кlэухкlэрэ зэрыухуэм теухуа щапхъэхэр къэтащ. Икlи, мыпхуэдэ и макъ мыхьэнэкlэрэ ″гуэ″м къыкlэлъыкlуэ макъхэмкlэ лажьэу глаголхэри зэрыухуэм теухуа щапхъэхэри къэтащ.

″Гуэ″р мы зи гугъу тщlа макъ мыхьэнэкlэрэ глаголхэм суффикс хуэхъуну хущlэкъууи жыlэпхъэщ, ауэ ″гуэ″м суффикс къалэн игъэзащlэу бзэм щызекlуащэу жыlэпхъэкъым. ″Гуэ″м суффикс къалэн игъэзащlэу жымыlэпхъэми, абы префикс къалэн зэригъэзащlэр гурыlуэгъуэщи, дэтхэнэ гуэрыр ″гу″уэ зэрылъытапхъэм ипкъ иткlэ, зыгуэрым къыхэкlрэ хэхьэныгъэр а lуэхугъуэр къизыlуэ глаголым ″гуэ″р префикс зэрыхуэхъукlэрэ къоlуатэр. Мыбы теухуа щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «гуэин, гуэун, гуэуэн, гуэlун, гуэlуэн, гуэсыхьын*, гуэсэн, гуэзыхьын*, гуэдзын, гуэгъыхьын*, гуэгъун, гуэджын, гуэджэн, гуэдын, гуэдэн, гуэтыхьын*, гуэтlын, гуэтlэн, гуэжын, гуэжэн, гуэжьын, гуэжьэн, гуэщын, гуэщэн, гуэщlыхьын*, гуэщlэн, гуэшэн, гуэчын, гуэчэн, хуэкlын, гуэкlуэн(-), гуэхъун, гуэхун, гуэхьэн*, гуэлъэн, гуэлэн, гуэlэн, гуэпlын, гуэфыхьын*, гуэвын, гуэвэн».

Мы глаголхэм ″гуэ″р префикс щыхуэхъум деж, зэхъуэкlыныгъэ зыгъуэту ухуэхэр ″*″ нэгъыщэмкlэ, игъуэ къэlуэтэкlэ мыхъухэри ″-″ нагъыщэкlэ къэгъэлъэгъуащ.

**″Дз″ макъыр.**

*″**Дз**″ макъыр бзэм ″**макъ псалъэ**″ зэрыхэхъухьыр.*

Бзэгупэ къарукlэ дзэ дурэшым дэху жьыкlэрэ къэхъуа ″дз″ макъыр ″гъ″ым къытехъукlыжрэ джын мыхьэнэ мыхьэнэ зиlэу утыку къихьа макъхэм (г, гь, дж) къакlэлъыкlуэу къэхъуащи, мы къызэрыхъуа щlыкlэрэ къызтехъукlа макъхэм елъытащ ″дз″ макъ мыхьэнэр. Ар псынщlэрыджрэ зыгуэрым къызхидзу утыку къихьэныгъэм теухуащ. ″Дз″ макъыр джыныгъэ зи мыхьэнэ макъхэм къакlэлъыкlуэрэ къатехъукlыж макъщи, ар зи гугъу тщlа джыныгъэ мыхьэнэхэми щхьэщыкlыж мыхьэнэ зиlэу лъытапхъэщ.

Зыгуэрым къызхидзыкlкlэрэ псынщlэрыджу утыку къихьэр, икlи езыр зэмыхъуэкlрэ мыдж щхьэ, и пlэкlэрэ зэхъуэкlыныгъэр егъэзащlэр ″дз″ макъым. Мыпхуэдэхэр зэрыгъэзащlэр ″дз″ макъ мыхьэнэкlэрэщи, мыпхуэдэр занщlэу къэзыlуатэ ″**дзы**н″ глаголыпкъыу зы ″макъ псалъэ″у

бзэм хэхьащ ″**дзы**″р. Ар мыпхуэдэу бзэм хэлэжьыхьу щlидза нэужь, мы и лэжьэкlэм иужькlэ къытехъукlыжа псалъэхэри адыгэбзэм хыболъагъуэр.

Ар дзэ дурэшым диху жьыкlэрэ къэхъуа макъщи, мы къыздыщыхъу щlыпlэри ″дзын″ lуэхугъуэу зэрыщыткlэрэ зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэт ″**дзэ**″ псалъэр ″дзын″ глаголыпкъыу ″дзы″р бзэм зекlуэу щыщlидзэм къыкlэрымыхуу утыку къихьауэ жыlэпхъэщ.

Мыр зы пкъыгъуэм къыхэдзыныгъэу быдэрэ зэкъуэтыныгъэ зиlэу лъэщу зэрыщытым къызэрыгуэкlрагъэнти, цlыху лъэпкъым зихъумэжынрэ нэгъуэщlхэм текlуэн папщlэ, игъуэр къэсрэ къызхигъэхъукl хъумакlуэрэ бгъэрыкlуэ гупу ихуэри зы ″макъ псалъэ″у ″**дзэ**″уэ илъытащ (дзэ флыцlэ, хыдзэ, кхъухьлъатэдзэ). Ауэ мыр япэрей ″дзэ″ псалъэм елъытауэ бзэм къыщигъэщlар куэду иужьыlуэкlэу, икlи ди лъэхъэнэм къыщыхъуауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

*″**Дз**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэу *″**дз**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″**хэр **къыпыхьэ макъхэмкlэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** деплъынщ.

″Дзын″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къызэрыпыхьэкlэрэ префиксиалу зэрыухуэж щlыкlэщ мыхэр: «идзын, lудзын, гуэдзын, дэдзын, тедзын, щыдзын, щlэдзын, кlэрыдзын, къэдзын, къуэдзын, хэдзын, хуэдзын, пыдзын, флэдзын, нэдзын».

″Дзын″ lуэхур къызпыкъыкlыу зэрыгъэзащlэр къизыlуэу мы префиксиал глаголхэм щыщхэр икlи ″дзын″ lуэхур зыхуэкlуэу къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэнщи, мыри ″дзын″ глаголыр ″дзы-э-н → дзэн″ глаголыпкъыу ″э″ кlэухкlэрэ зэрыухуэжкlэрэщ: «идзэн, lудзэн, гуэдзэн, дэдзэн, тедзэн, щlэдзэн, кlэрыдзэн, къэдзэн, къуэдзэн, хэдзэн, пыдзэн, флэдзэн».

Зы lэпкълъэпкъыр зэрылъыта ″дзэ″ макъ псалъэм къыпыхьэ макъхэмкlэ зэрыухуэжу утыку къихьа псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «дзэшхуэ, дзахъэ».

″Дзэшхуэ″р икlи зэуакlуэ гуп зи мыхьэнэ ″дзэ″ псалъэм къыпыхьэ макъкlэ къытехъукlыж псалъэм теухуа щапхъэуи къэтхьынщ.

*″**Дз**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″**хэр зыхэту ухуэ **″псалъэ зэгуэт″**хэр.*

Зы lэпкълъэпкъыцlэу щыт ″дзэ″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″щ мыхэр: «″дзэ, ищхьэ″ → дзащхьэ; ″дзэ, лы″ → дзэл; ″дзэ, лы, фэ″ → дзэлыфэ; ″дзэ, щхьэл″ → дзэщхьэл; ″дзэ, пкъы″ → дзэпкъ; ″дзэ, пхъэбгъу″ → дзэпхъэбгъу».

Зэуакlуэ гупыр зэрылъыта ″дзэ″ псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэри: «″дзэ, флыцlэ″ → дзэфlыцlэ; ″кхъухьлъатэ, дзэ″ →

кхъухьлъатэдзэ; ″хы, дзэ″ → хыдзэ; ″дзэ, пщы″ → дзэпщ; ″дзэ, лIы″ → дзэлI; ″дзэ, зешэ(н)″ → дзэзешэ».

*″**Дз**″ макъ мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэ**″хэр.*

″Дж″ макъым и мыхьэнэкIэрэ гъэзащIэ IуэхугъуэркъыриIуэу бзэм зэрыщыту глагол хэхъухьащ. Абы бзэм хигъэзэщIыхьу хъуар ″дзын″ Iуэхугъуэулъытапхъэщ.

″Дзын″ IуэхугъуэрзэрыгъэзащIэ щIыкIэр къизыIуэ макъхэр я мыхьэнэкIэрэ ″дзын″ глаголым ищхьэм къызэрыпыхьэкIэрэ къэхъу глаголхэращ мыхэр: «идзын, IудзынIудзын, дэдзын, тедзын». Мыхэр гъэзащIэу зэрыщытымрэ, мыпхуэдэ гъэзэщIэкIэм и пхэнджри ″дз″ым ″э″ къызэрыпыхьэкIэрэ къоIуатэр: «идзэн, IудзэнIудзэн, дэдзэн, тедзэн». «псыдзэ, уэсыдзэ (уэс утэ)»

Зыгуэрыр ″дзын″ IуэхугъуэукъызэрыхъуркIэух ″дз″ макъ мыхьэнэкIэрэщ къызэрыIуатэр: «удз, гуэдз, быдз».

МыпхуэдэугъэзащIэ Iуэхугъуэрлъабжьэхуэхъуумыпхуэдэ псалъэхэри къэхъуащ: «псалъэхуэдзын; дзыгъуэ, едзыгъуэ».

Дзыуэ щытынрэ дзыным хуэкIуэне дзын лIэужьыгъуэукъэхъу-къэщIыр ″дзэ″ макъ мыхьэнэркIэух зэрыхъукIэрэ къызэрыIуэтахъэр гурыIуэгъуэнщ. Ауэ къэкIыгъэцIэрэ псэущхьэцIэхэм я къэхъукIэрэ бзэм къызэрыхэхьэм зэхуэмыдэ щIыкIэ яIэщи, ″дз″ макъыр зыхэту зы псэущхьэр ″дзыгъуэ″у зэрылъытарэ зы жыг лъэпкъри ″дзэл″у зэрылъытам лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъуар наIуэ дыдэу жыIэпхъэкъым. ″Дз″ макъ зыхэту ухуа псэущхьэцIэхэм щыщщ мыхэри: «бадзэ, бжьыдзэ».

*″**Дз**″ макъым бзэм ″**префикс – суффикс къалэн**″ хигъэзэщIыхькъым.*

## БЗЭГУ ЛЪЭДАКЪЭРЭ И НЭУЖЬ БЗЭГУЛЪЭР ЗИ КЪЭХЪУПIЭ МАКЪХЭМРЭ, АБЫХЭМ КЪАТЕХЪУКIЫЖ МАКЪХЭР: «ЖЬ, Щ»; «**ЖЬ** → ″Ж; З″»; «**Щ** → ″Щ, Ш; С″».

Бзэгур япэу макъ къэхъупIэ зыхуэхъуа макъхэу лъытапхъэщ ″жь, щ″ макъхэр. Мы макъхэр тэмакъымрэ бзэгу лъэдакъэ нэгъунэр зи къэхъупIэу утыку къихьа ″къ, кхъ, хъ, гъ″ макъхэм макъ къэхъуныгъэр бзэгу лъэныкъуэмкIэ зэрыдашым къыкIэлъыкIуэу къэхъуа макъхэращ. ″Жь, щ″ макъыр бзэгур макъ къэхъуныгъэм зэIузыха макъхэу зэрыщытым къызэрыгуэкIщи, ″къ, кхъ, хъ, гъ″ макъхэр бзэгу гущIыIум къатехъукIыжа макъхэм ипэ къихуэу утыку къихьа макъхэрщ; ахэр къэхъун лъабжьэри зэIузыхуа макъхэщ.

″Жь″ макъыр ипэ къихуэу къэхъуауэ лъытапхъэщи, бзэгум япэу хьэрычэт зэригъуэт щIыкIэкIэ утыку къихьа ″жь″ макъыр мы и къэхъукIэм теухуауэ макъ мыхьэнэ зиIэрэ бзэм хэлэжьыхь макъщ. Мыпхуэдэ хьэрычэткIэрэ утыку къихьэм зы щыIэгъуэрэ статие

зэригъуэтым теухуа мыхьэнэ зиlэу утыку къихьэри ″щ″ макъращ. Мы макъитlым дэтхэнэ зым, къатехъукlыж макъхэри зыхиубыдэу, илъабжьэклэ гупитlу дыбгъэдэхьэнщ.

**″Жь″ макъымрэ абы къытехъукlыж макъхэр: «жь → ″ж; з″».**

**″Жь″ макъыр.**

*″**Жь**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″хэр.*

Бзэгу гущlыlум япэ къыщыхъуу бзэгум япэу хьэрычэт зэригъуэткlэрэ къахъуа макъращ ″жь″ыри, и макъ мыхьэнэри мы и къэхъукlэм езэгъ макъщ. Хьэрычэтщ ″жь″ макъ мыхьэнэри, утыку къыщихьагъащlэм къызыхэзгъэlукl псэущхьэми зэрызырихьа щlыкlэр мырагъэнтщ. Ар мыпхуэдэу хьэрычэт зиlэхэм теухуауэ зэрихьэ макъ мыхьэнэуэ мащlэуи зекlуагъэнкъым. Бзэ ухуэныгъэ пэщlэдзэм мыпхуэдэу зэрихьэу щытауэ жыlэпхъэ ″жь″ макъыр бзэм зэрыхэхьарэ зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр мы и макъ мыхьэнэкlэрэщ: увыlэгъуэ имыlэу лажьэрэ итыпlэ зимыlэу хьэрычэт зиlэхэр ″жь″ макъ мыхьэнэкlэрэщ къызэрыlуатэр.

Мы псалъэм ипкъ иткlи, ар занщlэ ″макъ псалъэ″хэуи хэтщ бзэми, зи игъуэрэ зи итыпlэ блэкlар къызэрыlуатэр ″макъ псалъэ″у ″**жьы**″уэщ. Мы мыхьэнэм и пхэндж дыдэу лъытапхъэу, зи игъуэ къэмысарэ иджыри пlэ зымыгъуэтари зы ″макъ псалъэ″у ″**жьы**″уэщ къызэрыlуатэр. Ауэ мы зэхуэмыдэ lуэхугъуэм теухуауэ лъытапхъэу зи гугъу тщla мы псэлъитlыр щызэхуэдэ щlыкlэм гулъытэ хуэщlын хуейщ: игъуэрэ итыпlэ зыгъуэтыр къэхъурэ щыlэгъуэ зыгъуэтаращи, мыбдежым елъытауэ ипэри икlэри зэхуэдэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ.

Мыбы нэмыщl, ″жь″ макъ мыхьэнэр хьэрычэту зэрыщытым зэрезэгъщи, уэ къепщэри зы ″макъ псалъэ″у аргуэру ″**жьы**″уэщ зэрылъытэрэ къызэрыlуэтар.

Аращи, зэхуэмыдэ lуэхугъуэхэр я гъэзэщlэкlэм ипкъ иткlэ, ″жь″ макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуатэу псалъэ куэд хэтщ адыгэбзэм. Увыlэгъуэ зимыlэ хьэрычэтыр ″жь″ макъ мыхьэнэкlэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэу зэрыщытынур гулъытапхъэщи, мыпхуэдэу гъэзащlэ зы lуэхугъуэр къызэрыlуатэ ″**жьы**н″ глаголыпкъщ зы ″макъ псалъэ″у щыт ″**жьы**″р.

″Жь″ыр къызэрыlу щlыкlэкlэ макъ мыхьэнэрэ ″макъ псалъэ″хэу зэхуэмыдэ lуэхугъуэ лlэужьыгъуэхэм теухуауэ бзэм зэрыхэтым хуэдэу, абы и кlуэтэгъуэри куэдыщэу холэжьыхьыр бзэм. Мыпхуэдэщ хьэрычэт зиlэу дызэрышхэрэ дызэрыпсалъэ lэпкълъэпкъым флэщыгъэцlэ хуэхъуа ″**жьэ**″р зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэтыр.

″Жь″ыр хьэрычэту итыпlэ зимыlэрэ зыгуэрыр зэрыхъун хуеиплэм зэрытекlым теухуауи бзэм холэжьыхьри, лырэ къэкlыгъэр зэрыщытым

ирагъэкlын папщlэ, мафlэкlэ ягъэзащlэр ″**жьэ**н″ глаголым къиlуатэращи, мыпхуэдэуи ″**жьэ**″р зы глаголыпкърэ зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэтщ.

*″**Жь**″ макъым къытехъукlа **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэу *″**жь**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″хэм **макъ къыпыхьэу** бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ **ухуэж псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Уэм теухуа хьэрычэту уэ къепщэр зэрылъыта ″жьы″ макъ псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыу къэхъу псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «жьыбгъэ, борэныжь, акъужь».

Зы ″макъ глагол″у ухуа ″жьын″ глаголым нэгъуэщl макъхэр къыпыхьэу бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэхэщ мыхэри: «дэжьын, зэдэжьын, дэщlеин, ежьыхын - ежьэхын, щlэжьын, хуэжьын, флэжьын, нэжьын».

Зы ″макъ глагол″у къэхъуа ″жьэн″ыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпыхьэу ухуэж глаголхэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «ижьэн, lужьэн, гуэжьэн, дэжьэн, зэдэжьэн, щlэжьэн, кlэрыжьэн, къуэжьэн, хэжьэн, пыжьэн».

″Жьэн″ lуэхум зы зэманыгъуэ зэрихьыр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу къекlуэкl ″жьэн″ lуэхур ″хь, кl″ макъхэр суффикс зэрыхуэхъукlэрэ къэlуатэу зэрыухуэ щапхъэхэри къэтхьынщ. Мы щапхъэхэр ипэкlэ къэта префиксиал глаголхэр нэхъ lупщlрэ гурыlуэгъуафlэ утыку къызэрыралъхьэ щlыкlэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ: «ижьыхьын ижьыхьэн - ижьыкlын, lужьыхьын – lужьыхьэн – lужьыкlын, гуэжьыхьын – гуэжьыхьэн – гуэжьыкlын, дэжьыхьын – дэжьыхьэн – дэжьыкlын, щlэжьыхьын – щlэжьыхьэн – щlэжьыкlын, кlэрыжьыхьын – кlэрыжьыхьэн – кlэрыжьыкlын, къуэжьыхьын – къуэжьыхьэн – къуэжьыкlын, хэжьыхьын – хэжьыхьэн – хэжьыкlын, пыжьыхьын – пыжьыхьэн – пыжьыкlын».

″Жьэн″ псалъэм къыпыхьэ макъкlэрэ ухуа псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэри: «жьапхъэ, жьэпхъалъэ, жьэгу, жьантlэ».

Зы lэпкълъэпкъыщlэу щыт ″жьэ″ макъ псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэи къэтхьынщ: «жьэшхуэ».

Зи зэманыгъуэр къэмысарэ блэкlар къызэрыlуатэри ″жьы″ макъ псалъэмкlэщи, мы зи зэманыгъуэ къэмысарэ блэкlар къызэрыlуатэ псалъэхэм дэщlыгъуу бзэм зэрыхэлэжьыхьыпхъэр гулъытапхъэщ. Аращи, мыпхуэдэ щапхъэхэри ″псалъэ зэгуэт″у илъабжьэкlэ къэтыхьынщ.

*″**Жь**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″**хэр зыхэту ухуэ **″псалъэ зэгуэт″**хэми* щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Нытlэ, ″макъ псалъэ″у мыхьэнитl (зи зэманыгъуэ къэмыса, зи зэманыгъуэ блэкla) зиlэу бзэм хэлэжьыхь ″жьы″ зыхэту ухуэ ″псалъэ

зэгуэт″хэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ. Икlи зэрыгурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу ухуэну псалъэхэр ″жьы″ыр псалъэхэм клэух зэрыхуэхъуклэрэщ.

Бзэм нэхъыбэу зэрыхэлэжьыхь щlыклэращи, япэрауэ зи зэманыгъуэр блэкla мыхьэнэклэрэ ухуэ псалъэхэм деплъын: «″нэхъ, жьы″ → нэхъыжь; ″лlы, жьы″ → лlыжь; ″фыз, жьы″ → фызыжь; ″хьэ, жьы″ → хьэжь».

Зытеухуа lуэхугъуэр иджыри къэмысарэ мыджауэ, ауэ абы и пэщlэдзэу лъытапхъэр къызэрыlуатэ ″жьы″ макъ псалъэр зыхэту ухуа зы ″псалъэ зэгуэт″у лъытапхъэщ ″пщэдджыжь″ псалъэр зэрызэпкъырыувар. ″Пщэдей″р зэрыджынурэ, пщэдейм елъытауэ иджыри ″жьы″ращ ″пщэдджыжь″ыр: «″пщэдей, джын, жьы″ → пщэд-джы-жьы → пщэдджыжь».

Мы псалъэр зэрызэпкъырыува щlыклэм щыгъуазэ узэрищlщи, ″пщэдджыжь″ жыхуэтlэ зэманыгъуэр иджыри ″пщэдей″ къэмыхъуаплэу ″пщэд″ыплэщи, ″пщэдей″ пэщlэдзэу, иджыри мыджарэ ″пщэдей″м елъытауэ ″жьы″уэ щытращ. Мы псалъэм узэригъэгупщысщи, ″пщэдджыжь″ыр ″пщэдей, джын, жьы″ псалъэхэр зэрызэгухьэклэрэ къэхъуа зы ″псалъэ зэгуэт″у лъытапхъэми, ″пщэдей″ псалъэр зэрыщыту зэрыхэмыхьарэ а псалъэр макъ мыхьэнэклэ зэрыухуэ щlыклэклэ зэрыхэтым папщlэ, ″пщэдджыжь″ыр икlи макъ мыхьэнэклэрэ ухуа псалъэуи лъытапхъэщ.

Шхэнрэ псэлъэн lэпкълъэпкъыр къызэрыlуатэри зы ″макъ псалъэ″у щыт ″жьэ″клэрэщи, ар зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «″жьэ, епщэн″ → жьапщэ; ″жьэ, бзэ″ → жьабзэ; ″жьэ, бгъуэ″ → жьабгъуэ; ″жьэ, lу″ → жьэрэ lурэ → жьэрэlурэ».

*″**Жь**″ макъ мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхьклэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

″Жь″ макъыр увыlэплэрэ итыплэ зимыlэ хьэрычэт мыхьэнэ зиlэращи, ар зи клэух макърэ псалъэм хроникэ мыхьэнэ егъуэтыр. мыпхуэдэу дэтхэнэ зы псалъэм суффикс хуохъуфри, мыпхуэдэ щапхъэхэр илъабжьэклэ къэтащ. Ауэ мыпхуэдэ ″хроникэ″ мыхьэнэклэрэ псалъэхэм клэух зэрыхуэхъуклэрэ ухуэж псэлъэщlэхэри щыlэщи, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «дыгъужь (дыгъум хуэхроникэрэ хуэlуа), Псыжь, кхъужь (шхыныгъуэ -кхъу- лlэужьыгъуэфlрэ хроникэ)».

Хьырычэт защlэр зытеухуа гуэрхэр хуэlуарэ хуэфащэ зыщlращи, мыр икlи хроникэ lуэхугъуэщ. Зыгуэрым и хроникэрэ и фlыр зытеухуар ″жь″ клэухклэрэ ухуэ псалъэмклэ къоlуатэр. Мыпхуэдэщ плъыфэ лlэужьыгъуэ гуэрхэм (плъы, гъуэ, ху) я нэхъ щапхъэфlрэ я нэхъ лъэщыр къизыlуэ мы псалъэхэр зэрызэпкъырыувар: «плъыжь, гъуэжь, хужь».

Хьэрычэт зи мыхьэнэ ″жь″ыр къызклэлъыклуэ макъым елъытауэ хьэрычэт лъэныкъуэрэ лlэужьыгъуэ мыхьэнэ зиlэ псалъэхэр утыку къохьэр: «ижь (хьэрычэт лъэныкъуэ), ужьын (″у″ защlэрэ ″у″ хроникэн, ″у″фlын, ″у″гъуэ хьэрычэтын), иужь (″у″гъуэ хьэрычэтым къигъэщl),

нэужь»; «лэжьэн-2 (1- хьэрычын; 2- жьы хъун), лажьэ-2 (1- хьэрычэт щlы!; 2- зэрыхъун хуейуэ щымыт)».

Хьэрычэт зи мыхьэнэуэ ″жь″ макъ мыхьэнэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэу ухуа псалъэщ мыри: «мажьэ (″жьын″ lуэху зыгъэзащlэрэ хуэlуа lэмэпсымэ)».

Зы lуэху пэщlэдзэри зы хьэрычэтым хуэкlуэныгъэу зэрыигъуэкlэрэ ″жь″ макъ мыхьэнэкlэ «ежьэн-2 (1- зы хьэрычэтым щlэдзэн; 2- зыгуэрым и хьэрычэтым пэплъэн), хуежьэн-3 (1- .. папщlэ пэщlэдзэн; 2- зыгуэрым папщlэ ежьэн-2)».

Зыхуежьар имыутlыпщу икlэ нэгъунэ ирикlуэрэ а ищlынур гъэзэщlэн щlыкlэрэ мыпхуэдэ щlыкlэ зыхэлъыныгъэри ″жь″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэхэм къalуатэр: «хъыжьэ, кlэрыхъыжьэн».

Хъыжьэрэ лэжьэкlуэжьу щытыр тlэкlу зэтelыгъэныр ″lэжьэгъу″ псалъэращ къызэрыlуатэри, зы уэсрэ мылым зэрырижэ lэщэм lэкlэ lэжьэгъу зэрыхуэхъухэм папщlэрагъэнщи, ″lэжьэ″ущ зэралъытар.

Зыгуэрым нэху къытыридзэм къигъэщlрэ а гуэрым елъытарэ пыщlауэ щытри ″жь″ макъ мыхьэнэкlэ ухуа псалъэращ къэзыlуатэр: «жьауэ».

Ныбэ кlуэцlым къихъухь хьэрычэткlэрэ шхалъэм илъыр жьэмкlэ къыдэгъэкlыжынри ″жь″ макъкlэрэ ухуэ глаголращ къызэрыlуатэр: «къэжьын».

Зи гур къэкъуалъэу ищlэнур зымыщlэжым и щlыкlэри ″жь″ макъ мыхьэнэкlэрэщ къызэрыlуатэр: «гужьеин, гужьеигъуэ». Зи гур зыщыкlам теухуауэ гум къыщекlуэкl мыхьэрычэтыфlри ″жь″ макъкlэрэ ухуэ псалъэм къelуатэр: «гужьгъэжь».

Жьы хъуарэ е зы гуэр къеузу зи lэпкълъэпкъыр кlэзызрэ сысу щытри ″жь″ макъ мыхьэнэкlэ ухуэ псалъэхэмкlэщ къызэрыlуатэр: «жьажьэ, тхьэкlумэ жьажьэ, жьэжьэн».

″Жьы зиlэм щlэ иlэщ″ зэрыжаlэрэ ″хьэрычэт зыдэщыlэм бэрычэти щыlэщ″ зэрыжаlэм хуэдэщи, ″жь″ыр икlи зыгуэрым къыщlэхъуэрэ къутахуэхэр къызэрыlуатэ псалъэхэри зэрыухуэ макъщ: «жьгъэ, жьгъей – жьыгъей; хужьгъэ, дэжьей, джэджьей, бзэжьей».

Мыхэри зы псэущхьэцlэщи, абы и щlыкlэм теухуауэ ″жь″ макъкlэрэ ухуа псалъэхэщ: «пыжь, пыжьбанэ».

*″**Жь**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

″Жь″ макъыр увыlэпlэрэ итыпlэ зимыlэ хьэрычэт мыхьэнэ зиlэращи, мыпхуэдэу утыку къихьа ″макъ псалъэ″у щыт ″жьэ″р зы дэтыпlэрэ дэлъыпlэу зэрыщытым папщlэ, мыпхуэдэ макъ мыхьэнэкlэрэ ″жьэ″р глаголхэм префикс яхуохъур. Ауэ мы дэтыпlэрэ дэлъыпlэ къизыlуэ ″жьэ″р префикс хъун папщlэ, ″жьэ″м зэрыдэтрэ зэрыдэлъыр къизыlуэ ″дэ″ри глаголым аргуэру префикс хуэхъун хуейщ. Къэтхьынщ ди ″макъ глагол″ гупыр мыпхуэдэ префикскlэрэ зэрылажьэхэм теухуа щапхъэ: «жьэдэин, жьэдэун, жьэдэуэн, жьэдэlун, жьэдэlуэн, жьэдэсыхьын*,

жьэдэсэн, жьэдэзыхьын*, жьэдэдзын, жьэдэгъыхьын*, жьэдэгъун, жьэдэджын, жьэдэджэн, жьэдэдын, жьэдэдэн, жьэдэтыхьын*, жьэдэтlын, жьэдэтlэн, жьэдэжыхьын*, жьэдэжэн, жьэдэжьыхьын*, жьэдэжьыхьын*, жьэдэщын, жьэдэщэн, жьэдэщlыхьын*, жьэдэщlэн, жьэдэшэн, жьэдэчын, жьэдэчэн, жьэдэкlыхьын*, жьэдэкlуэн, жьэдэхъун, жьэдэхун, жьэдэхьэн*, жьэдэлъэн, жьэдэлэн, жьэдэлlыхьын*, жьэдэпlын, жьэдэфыхьын*, жьэдэвыхьын, жьэдэвэн».

Глагол мыхьэнэм елъытащи, глагол гуэрхэр ″жьэ″рэ дэтыплэм щызэрыжьэдэгъэзэщlыхьыр ″хьы, кlы″ хуэдэ суффикскlэрэ гъэзэщlэн хуей мэхъур (*).

″Жь″ыр хьэрычэт мыхьэнэщи, мыпхуэдэу къызщекlуэкlым теухуауэ хроникэ мыхьэнэ зыгъэзащlэ макъщ. Дэтхэнэ зы псалъэр и хроникэ мыхьэнэкlэрэ ″жь″ыр суффикс зэрыхуэхъукlэрэ лэжьэфынщ, ауэ мыр нэхъыбэу зэрезэгъыр щыlэщlэрэ плъыфэщlэхэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мыпхуэдэ дэтхэнэ зы псалъэм ″жь″ыр суффикс зыхуэхъум теухуа щапхъэхэр ди ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «lэжь, lеижь, уэжь, lужь, lуэжь, сэжь, цыжь, цlэжь, дзэжь, гъуэжь, гужь, жьэжь, щlыжь, шыжь, шэжь, чыжь, чэжь, кужь, куэжь, кlыжь, кlэжь, къужь, къуэжь, кхъэжь, кхъужь, кхъуэжь, хъыжь, хъужь, хыжь, хужь, хьэжь, лъыжь, лъэжь, лыжь, лlыжь, пэжь, пlэжь, фэжь, фlыжь, выжь, мэжь, нэжь, тхъужь, щхьэжь, шхужь, пщыжь, пщэжь, пшэжь, пхъэжь, пхъужь, пхэжь, пцlыжь, пщlэжь, пкъыжь, бзэжь, бдзэжь, бгъэжь, бгъуэжь, бжэжь, бжьэжь, блэжь».

### ″Ж″ макъыр.

*″**Ж**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″хэр.*

″Жь″ макъым и къэхъукlэр зи къэхъукlэу, абы бзэгупэ лъэныкъуэм къытехъукlыж макъыр ″ж″ макъращи, и къэхъукlэр ″жь″ым зэрытеухуарэ зэрелъытам хуэдэу, ″ж″ макъ мыхьэнэри ″жь″ макъым елъытащ. ″Жь″ыр мыувыlэу хьэрычэт зи мыхьэнэуэ зы макъыу щытщи, абы къытехъукlыжрэ къызтехъукl щlыпlэми елъытауэ ″жь″ым нэхъ псыгъуэрэ псынщlэ къэlуыкlэ зиlэ ″ж″ макъым и мыхьэнэр хуабжьу псынщlэ хьэрычэтым теухуащ. Мы и псынщlагъэм ипкъ иткlэщ ткlуаткlуагъэ зиlэ псыр занщlэу мыл зэрыхъуфыр къизыlуэ ″**жы**н″ глаголыр къызэрыхъуари, ″**жы**″р занщlэу зы ″макъ псалъэ″у глаголыпкъыу бзэм хохьэр.

Тlанэ, псырэ ткlуаткlуагъэ зиlэхэр зэпычыгъуэ зэримыlэрэ псынщlэу зэрыкlуатэ щlыкlэри къызэрыlуатэр, икlи мыпхуэдэ псынщlэрыкlуагъэу гъэзащlэ кlуэн lуэхугъуэри къызэрыlуатэр ″**жэ**н″ глаголкlэрэщи, ″**жэ**″р зы глаголыпкъыу зы ″макъ псалъэ″щ.

*"Ж" макъым къытехъукIа* ***"макъ псалъэ"хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукIыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***"псалъэ зэгуэтхэр"****.*

Япэрауэ ***"ж"*** *макъым къытехъукIа* ***"макъ псалъэ"****хэр* ***къыпыхьэ макъкIэрэ*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьу* ***ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

"Жын" глаголыр щыгъэзащIэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр префиксу къыпыхьэжу ухуэж префиксиал глаголхэр щапхъэу къэтхьынщ. "Жын" IуэхуР мыпхуэдэ зы щIыпIэм зэрыгъэзащIэ щIыкIэри абыхэм суффикс хуэхъуж "хь" макъымкIэщ нэхъ игъуэу къызэрыIуатэри, префиксиалрэ суффиксиалу ухуэжу "жын" глаголым къытехъукIыж глаголхэщ мыхэр: «ижыхьын, Iужыхьын, гуэжыхьын, дэжыхьын, тежыхьын, щIэжыхьын, кIэрыжыхьын, къуэжыхьын, хэжыхьын, пыжыхьын, фIэжыхьын».

Ауэ "жын" глаголыр гъэзащIэу зэрыщытыр "э" кIэухкIэрэи къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэщи, зэрыгъэзащIэ щIыкIэр мы къэта щапхъэхэм хуэдэу наIуэу щымытми, мыбыхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «ижэн, гуэжэн, дэжэн, щIэжэн, кIэрыжэн, къуэжэн, хэжэн, пыжэн, фIэжэн».

Мы къэта щапхъэхэр икIи "жэн" глаголыр зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпыхьэу префиксиалу зэрыухуэж щIыкIэм хуэдэу зэрызэпкъырыувар нэрылъагъущ. Аращи, "жэн" глаголым къытехъукIыж префиксиал глаголхэм теухуа щапхъэхэри аргуэру къэтхьыжынщ: «ижэн, гуэжэн, дэжэн, щIэжэн, кIэрыжэн, къэжэн, къуэжэн, хэжэн, хуэжэн, пыжэн, фIэжэн, нэжэн».

"Ж" макъ мыхьэнэкIэ зэхуэдэ Iуэхугъуэу лъытапхъэми, "жэн" глаголыр мыхьэнитI зиIэу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ: "жэн" глаголыр икIи псынщIэрыкIуэныгъэр къызэрыIуатэ глаголщ, икIи псынщIэрыкIуагъ зиIэ псыми и кIуэкIэр къызэрыIуатэ глаголщ. Аращи, мы къэтарэ илъабжьэкIи къэтыну щапхъэхэм мы лъэныкъуитIрэ мыхьэнитIкIи еджапхъэщ.

"Жэн" глаголыр гъэзащIэу зэрыщыткIэрэ, зыхуэкIуэ щIыпIэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэращ "жэн"ым къытехъукIыу ухуа мы префиксил глаголхэри, апхуэдэ зы щIыпIэр и къежьапIэрэ абы ехьэлIауэ "жэн" Iуэхур зэрыгъэзащIэри "жэ-ы-н"у ухуэж "жын" глаголыпкъым апхуэдэ щIыпIэ къэзыгъэлъагъуэ макъхэр префикс зэрыхуэхъукIэрэщ. Аращи, мыпхуэдэ щIыпIэ къизыIуэ макъхэр префикс хуэхъурэ абдежым къыщежьэу гъэзащIэ "жэн" Iуэхугъуэр къызэрыIуатэ щIыкIэу зэрыухуэжым теухуа щапхъэхэр къэтхьынщи, мыпхуэдэу ухуэж префиксиал глаголхэр зы глаголу щыт "жын"ыр префиксиалу зэрыухуэжым хуэдэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ: «ижын, гуэжын, дэжын, щIэжын, кIэрыжын, къуэжын, хэжын, пыжын, фIэжын».

″Жын″ lуэхуу утыку къихьэхэри ″жын″ым макъ къызэрыпыхьэкlэрэ къызэрыlуэтэнури гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэщ мыхэр: «жыр, жэз, жэп».

Мыбыхэм хуэдэщи, ″жэн″ lуэуу утыку къихьэхэри ″жэн″ым макъ къызэрыпыхьэкlэрэ къызэрыlуатэри, мыпхуэдэ щапхъэхэщ мыхэр: «жэр, жагъэ, жагъын (и жагъэрэ псынщlэрыжэкlэр зыужьыха: жагъэ-ы-н); жан; лъэрыжэ»; «жэррэ жэрыбэу зэрылъытарагъэнщ зы псэущхьэр ″бажэ″у щlэлъытари».

″Ж″ макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, абы къытехъукlрэ ар зыхэту ухуэ псалъэхэм хигъэзэщlыхьыр ″жын″рэ ″жэн″ lуэхугъуэщ. Мыпхуэдэу ухуэ псалъэхэм илъабжьэкlэ ″ж″ыр макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

***″Ж″*** *макъым къытехъукlа* ***″макъ псалъэ″****хэр зыхэту ухуа* ***″псалъэ зэгуэт″***хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Жын″ псалъэ мыхьэнэ зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″у лъытапхъэщ мыхэр: «″лъэ, мыж(ын)″ → лъэмыж».

Ауэ ″лъэмыж″ым икlи ″мыжэн″ыгъэу ″жэн″ псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″уи еджапхъэщ. ″Жэн″ псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «″жэн, жэн″ → жэрыжэ; ″лъэгу, гъэжэн″ → лъэгурыгъажэ; ″хьэ, гу, гъэжэн″ → хьэгургъажэ».

***″Ж″*** *макъ мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″***.

″Ж″ макъ мыхьэнэр псынщlэрыджыгъэ зиlэрщи, сытри зэпызыщlэрэ зы зыщl, сытри псынщlэ дыдэу зэрыгъэзащlэм теухуащ. Мыпхуэдэу гъэзащlэ lуэхур япэу бзэм макъ псалъэу зэрыхэхьарэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэхэр ипэкlэ къэтащ. Ауэ абы игъэзащlэ lуэхугъуэхэр куэдым деж, ″жын″рэ нэхъыбэуи ″жэн″ым теухуауэ еджапхъэщи, ″ж″ макъыр и мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр ″жын, жэн″ псалъэхэм я мыхьэнэм зэрыпыщlар гурыlуэгъуэнщ.

Зы ″макъ глагол″у ухуа ″жын″ lуэхугъуэ зыхэлъу лъытапхъэщ мы псалъэхэр къызэрыхъуа щlыкlэм: «жеин, жэщ».

Зы къэкlыгъэр зыдыхэтым къыхэкlынри зэпыудыгъуэ зимыlэ lуэхугъуэу, ″жэн″ глагол мыхьэнэм зэрытеухуар гурыlуэгъуэнщ: «къыдэжын, къыхэжын».

Ар къэкlыгъэ мыхъуу гум къыридзэрэ къикlри гур къызэрыхъу щlыкlэр ″жэн″ глагол мыхьэнэм зэрыпыщlарэ гур жан зыщlыу зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ къэlуэтэкlэ зиlэ псалъэхэу ухуащ мыхэр: «гу къыдэжын, гукъыдэж, гукъыдэмыж».

Къэкlыгъэр къызэрыдэжыр гурыlуэгъуэщи, зы къэкlыгъэм и жылэхэри зыхищlэ и щхьэр ″щхьэмыж″ущ зэрылъытарэ къызэрыlуэтар.

Къыдэжыныгъэрэ тклуаткlуэ зэрыжэри къызэрыlуатэ псалъэхэу ″жэн″ lуэхугъуэ зыхэлъу ухуа псалъэхэщ мыхэри: «дзажэ, бынжэ; ныбажэ».

Зы унэм къыпыщlыхьу абы зэрыпыщlарэ къызэрыхэгъэжыкlар гурыlуэгъуэ зыщl псалъэщ ″lуж″ыр.

″Ж″ макъыр псынщlэ дыдэу хьэрычэт мыхьэнэ зиlэращи, ар генератикэ зэпыщlэныгъэ зыгъэзащlэу, зэнетикэу зэпыщlэныгъэ зиlэныгъэхэри къызэрыlуатэ макъ мыхьэнэщ. Мыпхуэдэщ мы псалъэхэм я мыхьэнэр: «жылэ (генетикэ лэжьыгъэ къызтехъукlыну купщlэ), жылъапхъэ, жылагъуэ (зы жылапlэ ит, зы жылэм къытехъукla), къуажэ».

Псынщlэ дыдэу гъэзащlэ lуэхугъуэщ ″ж″ макъ мыхьэнэри, абы сытри генератикэу зэрызэпищlэфыр гурыlуэгъуэщ. Зыгуэрыр япэ дыдэу утыку къызэрихьарэ къызэрыхъуам пыщlэжыныгъэри, зыгуэрыр а зэрыщыткlэрэ къэlуэтэнри зэрыухуэр ″ж″ макъ мыхьэнэкlэрэ: «пэж»; «жыlэн».

″Жь″ыр иджым имытрэ ″ж″ыри сытри зыпызыщlэф макъ мыхьэнэуэ зэрыщытым ипкъ иткlэ, иджымрэ мыбдежым имытыр иджымрэ мыбдежым зэрелъытарэ зэрыпыщlакlэрэ къэlуэтапхъэмэ, ″ж″ырэ ″жь″ макъхэр зыхэту ухуэну псалъэмкlэ игъуэджэу къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ: «жыжьэ».

*″Ж″ макъым* ***″префикс – суффикс къалэн″****у игъэзащlэхэр.*

Псынщlэ дыдэ хьэрычэтым зэрытеухуам папщlэ, сытри зэпыщlэфын къалэн зэригъэзащlэм ипкъ иткlэ, ″ж″ макъыр дэтхэнэ зы глаголым суффикс хуэхъуфу, а глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр аргуэру гъэзэщlэныпlэм е зэрыгъэзэщlар къыздыщежьам хуегъакlуэри, мыпхуэдэу ухуэж глаголхэр аргуэру зэрыгъэзащlэрэ зэрыхъун хуейуэ зэрыгъэзэхуэжыр къизыlуэ мыхьэнэу мэухуэжыр. Мыпхуэдэ щапхъэхэри ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «ижын, ужын, уэжын, lужын, lуэжын, сыжын, сэжын, зыжын, дзыжын, гъыжын, гъужын, джыжын, джэжын, дыжын, дэжын, тыжын, тlыжын, тlэжын, жыжын, жэжын, жьыжын, жьэжын, щыжын, щэжын, щlыжын, щlэжын, шэжын, чыжын, чэжын, кlыжын, кlуэжын, хъужын, хужын, хьыжын, лъэжын, лэжын, лlэжын, пlыжын, фыжын, выжын, вэжын».

**″З″ макъыр.**

*″З″ макъым къытехъукl* ***″макъ псалъэ″****хэр.*

Увыlэгъуэ зимыlэ хьэрычэт зи мыхьэнэ ″жь″ макъым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьа ″ж″ыр хьэрычэт псынщlэ дыдэу щытрэ дэтхэнэ гуэрыр зэпычыгъуэ зэримыlэкlэрэ зэпызыщlэ макъ мыхьэнэщ. Дэтхэнэ гуэрыр зэпычыгъуэ зэримыlэкlэрэ занщlэу зэпызыщlэ ″ж″ макъ мыхьэнэр генератикэу зэпыщlэныгъэр къызэрыlуатэ макъ мыхьэнэщи, мыр зи мыхьэнэ ″ж″ым къыкlэлъыкlуэрэ мы макъ къэхъукlэр зиlэу бзэгупэр зэрыджызджкlэрэ утыку къихьэ ″з″ макъым и мыхьэнэри зыхэт мы макъ гупым (жь, ж) елъытащ. Зы щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр щхьэж

зэрылъытэр ″з″ макъ мыхьэнэкlэрэщ. Аращи, увыlэгъуэ зимыlэ хьэрычэтымрэ (жь) хьэрычэт псынщlэ дыдэу сытри зыпызыщlэ (ж) мыхьэнэм я къэхъукlэм къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ ″з″ макъ мыхьэнэр щыlэгъуэ зыгъуэтрэ ″щы″уэ зэхэлъ дэтхэнэ гуэрыр щхьэж зэрылъытэр къизыlуэ макъ мыхьэнэщи, дэтхэнэ гуэрыр зыуэ зэрылъытэр ″з″ макъ мыхьэнэкlэрэщ. ″З″ макъыр ″ж″ым къыкlэлъыкlуэу къэхъуа макъщи, ″ж″ым игъэзащlэ генератикэ зэпыщlэныгъэм щхьэщыкlыжу, зэнэратикэ зэхэлъыкlэу лъытапхъэр зи мыхьэнэр ″з″ макъращ. Сытри генератикэу зэпызыщlэфрэ зенератикэ зэпыщlэныгъэр зи мыхьэнэ ″ж″ макъ нэужь, щыlэгъуэр зы геометрие зиlэу генератикэу зэрызэхэлъыр зи мыхьэнэр ″з″ макъращ. ″З″ макъыр сытри зэрызэхэлърэ зэрызэхэхьэжыныгъэр, генетикэ зэхэлъыкlэр зэрыщыту зэрылъытэр, генератикэ зэпыщlэныгъэм щхьэщыкlыныгъэу зэхэлъыныгъэр, зэлъытэныгъэи зэрыщымыlэкlэрэ сытри зэхуэдэу зэрылъытэр, сытри зэхуэдэпlэрэ зэхуэдэгъуэм зэриткlэрэ къэзыlуатэ макъщ. Сытри зэхуэдэрэ зыуэ зэрыщытрэ щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр щхьэж лъытэгъуэ зыщl мыхьэнэ зиlэ ″з″ макъыр бзэм а нэхъыбэу хэлэжьыхь макъхэм зэрыщыщынури гурыlуэгъуэнщ. Дэтхэнэ гуэрыр зы щыlэгъуэу щхьэжу зэрылъытэр ″з″ макъыр къызэрыlу щlыкlэу ухуэ ″макъ псалъэ″у ″**зы**″р бзэм зэрыхэхьа щlыкlэущ.

Утыку къызэрихьамрэ бзэм мыпхуэдэу зэрыхэхьам и зэхуакум зэманыгъуэшхуэ дэлъу къыщlэкlынкъыми, ″з″ макъыр къэхъуа нэужь ар зы ″макъ псалъэ″у мы зи гугъу зэрытщlакlэрэ ″зы″уэ бзэм хэхьагъэнщ. Мыпхуэдэуи дэтхэнэ гуэрыр щхьэжу зэрылъытэкlэрэ бзэм хэхьа ″зы″р цlыхум ″бжэн″ lуэху къигъэунэхуа нэужь, ″**зы**″р бжыгъэ пэщlэдзэр къызэрыlуатэ зы ″макъ псалъэ″ бжыгъэцlэуи бзэм хэлэжьыхьу щlидзащ. Аращи, щыlэгъуэм теухуа зы ″макъ псалъэ″у зэрихьэу бзэм хэт ″зы″р бжэн lуэхугъуэ къыщигъэунэхум щыгъуэ бжыгъэ къежьапlэу ″зы″р бжыгъэцlэу бзэм щызекlуэу щlидзащ.

Зыгуэрыр зэхуэдэ защlэ щlын lуэхугъуэр зэрыигъуэкlэрэ ″**зы**н″ глаголращ къызэрыlуатэри, ″**зы**″р икlи мы глаголыпкъ зи мыхьэнэуэ зы ″макъ псалъэ″у зэрыщытри гулъытапхъэщ.

″З″ макъ кlуэтэгъуэ ″зэ″р макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым нэмыщl, бжыгъэ къалэнкlэ зекlуэ ″зы″м теухуар къизыlуэ ″**зэ**″р зы ″макъ псалъэ″у зыуэ щытыныгъэрэ зы зэманыгъуэ lэнатlэ цlыкlу къыриlуэу бзэм хэтщ: «зэм, зэ щхьэ, зэ гуэр; зэ!, зэ къэувыlэ».

*″**З**″ макъым къытехъукlа* ***″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукlыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

Япэрауэ *″**з**″ макъым къытехъукlа* ***″макъ псалъэ″хэр къыпыхьэ макъхэмкlэрэ*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьу* ***ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″З″ макъ мыхьэнэр занщlэу зы ″макъ псалъэ″ зэрыхъуар ″зы″щи, ар щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр щхьэж зэрылъытэ щlыкlэрщ. Ар щыхъукIи, ″з″ макъ зыхэту ухуа дэтхэнэ зы псалъэр ″зы″ псалъэ зыхэтуи еджапхъэщ. Ауэ мыпхуэдэ лэжьэкlэр ″з″ макъыр и мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ илъабжьэкlэ зи гугъу тщlынухэращи, мыбдежым зы бжыгъэцlэу щыт ″зы″р къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «зыкlэ, зыуэ; зэ, зэ щхьэ, зэкlэ, зэм».

Зэхуэдэрэ зы щlын lуэхугъуэри зы ″макъ глагол″у ″зын″ращ къызэрыlуатэри, ар зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр префикс зэрыхуэхъукlэрэ ухуэж префиксиал глаголхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «изын, lузын, гуэзын, дэзын, тезын, щlэзын, кlэрызын, къэзын, къуэзын, хэзын, пызын, флэзын, нэзын».

Мыхэр гъэзащlэу зэрыщыткlэрэ къызэрыlуэтэнури ″э″ кlэухкlэрэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ″зы-э-н″кlэрэ ″зэн″ глаголыпкъ зиlэ префиксиал глаголхэщ мыхэр: «изэн, lузэн, гуэзэн, дэзэн, тезэн, щlэзэн, кlэрызэн, къуэзэн, хэзэн, пызэн, флэзэн».

″Зын″ lуэхур гъэзащlэу зэрыщытращ мы глаголхэм къаlуатэри, а lуэхугъуэр нэхъ lупщl хъуу къызэрыlуатэр абыхэм ″хь, кl″ макъхэр суффикс зэрыхуэхъукlэрэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ: «изыкlын, lузыхьын, гуэзыхьын, дэзыкlын, тезыхьын, щlэзыкlын, кlэрызыхьын, къуэзыкlын, хэзыхьын, пызыкlын, флэзыхьын».

″Зын″ lуэхугъуэм теухуарэ гъэзащlэу щытхэр къызэрыlуатэу ухуа псалъэщ мыхэри: «зэз, кхъузанэ (кхъу зынкlэ ″нэ (гъуанэ)″ зиlэ lэмэпсымэ)».

*″З″ макъым къытехъукlа* ***″макъ псалъэ″****хэр зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″****хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.*

″З″ макъыр зы псалъэу бзэм зэрыхэхьа ″зы″р сытри щхьэж зэрылъытэ псалъэщи, ар ипэрэ икlэм къызпыхьэ дэтхэнэ зы псалъэр ″зы″ макъ зыхэт ″псалъэ зэгуэт″у зэреджапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Ауэ мыпхуэдэ лэжьэкlэр илъабжьэкlэ къэтынущи, мыбдежым бжыгъэцlэу щыт ″зы″р зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэм деплъынщ. ″Зы″ бжыгъэцlэр псалъэхэм ищхьэм къызэрыпыхьэр ″псалъэ зэгуэт″укъыми, ″псалъэ зэпха″уэщ: «зы lуэху, зы псалъэ, зы цlыху».

Нытlэ, бжыгъэцlэу щыт ″зы″р зыхэту ухуэну ″псалъэ зэгуэт″ыр ″зы″хэр зэрызэхэтрэ ″зы″м къытехъукlа псалъэхэр зыхэту щытхэращ. Мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «″зы, зы″ → зырыз; ″зэ (зыуэ щыт), зы″ → зэрыз».

*″З″ макъ мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″****.*

Щыlэгъуэ зиlэрэ дэтхэнэ гуэрыр щхьэж зэрылъытэр ″з″ макъ мыхьэнэр зэрыщыту бзэм зы ″макъ псалъэ″у (зы) зэрыхэхьа щlэкlэущи,

абы и лэжьэкlэу къэхъуа псалъэхэм щыщщ мыхэр: «езым, езбы, езыр, езырыж, езыр езыру, езыр езырурэ».

Мыр ″бжэн″ lуэхур къыщыунэхум бжыгъэ пэщlэдзэр къызэрыlуатэ бжыгъэцlэ зэрыхъуари жытlагъэххэщи, мы и мыхьэнэкlэрэ ″зы″р бзэм зэрыхэлэжьыхьым къытехъукlыжа псалъэхэри мыпхуэдэщ: «зырыз - зэрыз, занэ, езанэ; зыри, зырикl, зий, зэи, зэй».

Адыгэбзэм бжыгъэцlэхэр зи бжыгъэ псалъэм къыкlэлъыкlуэущ зэрызекlуэр, ауэ бжыгъэцlэ пэщlэдзэу щыт ″зы″р и макъ мыхьэнэкlэрэи а нэхъ псоугъэ къизыlуэ зы псалъэщи, зи бжыгъэр ″зы″уэ къэlуэтэну дэтхэнэ зы псалъэм ищхьэм къыпыхьэу ухуэ ″псалъэ зэпха″уэщ ″зы″р зи бжыгъэр къызэрыlуатэр: «зы псалъэ, зы цlыху, зы унэ, зы хабзэ».

″Зы″р дэтхэнэ гуэрыр щхьэж зэрылъытэ псалъэщи, щхьэж лъытэр икlи бжыгъэ пэщlэдзэу бжыгъэми щымыщу лъытапхъэу и щыlэгъуэкlэ лъытэныгъэщ. Аращи, ″зы″р щыlэгъуэр зэрылъытэуи щырет, бжыгъэцlэуи щырет, абы игъэзащlэр зэщхьэщыкlыщэкъым. Дэтхэнэ гуэрыр щхьэж ″зы″уэ зэрылъытэм ипкъ иткlэ, дэтхэнэри ″зэрызыххэ″у къызэрыlуатэм нэмыщl, зырызу зэхэтрэ зы куэдагъ зиlэ псори ″зы″уэ лъытэнрэ къэlуэтэфынщ: «зэкlэ, зэ щхьэ»; «закъуэ, закъуэ-тlакъуэ»; «зэкlэ – зэкlкlэ, зэрыщыту».

″З″ макъыр кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэхэри зырэ зэхуэдэ щlынымрэ зэхуэхусыным (зоом/зум, концентрицэ) хуегъакlуэр, икlи къызкlэлъыкlуэ макърэ псалъэ мыхьэнэр щхьэж езырыжуи мэлъытэфри, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «из, изын, lуз, lузын, дэз, дэзын, тез, тезын, щlэз, щlэзын, къуэз, къуэзын, хэз, хэзын, пыз, пызын, фlэз, фlэзын»; «уэз, уэздыгъэ, уз, узын, гъуэз, жэз»; «гызын, кlэзызын»; «къузын, плъызын»; «мэз, нэз»; «фыз».

Зыуэ щытынрэ зы хъуныр, зыгуэрыр зыгуэрым зэрыпэуврэ зы пlэ зэрагъуэтыр, зыгуэрым зы хуэдэрэ хуэфl зэрыхуэхъур, езым е нэгъуэщlым и хъуреягъ къызэрекlуэкlыр ″з″ырэ ″зэ″ макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуатэу псалъэхэр мэухуэр: «гъэзэн, хуэзэн, зэхуэзэн, зэпыгъэзэн, мазэ, бгъузэ; хурзэ, хъурзэ, уфэрэзэн; lэзэ, elэзэн, гъуазэ; зэгъ, езэгъын».

Зыр зым зэлъытэныгъэ зыхуиlэхэр ″з″ макъ мыхьэнэкlэрэ зэрыухуэнур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэу ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «зэlу-зэщl, защlэ, захуэ, задэ, закъуэ, залэ»; «зэхуэдэ, хуэдиз, зэхуаку».

Зэлъытэнырэ зэрызыхуаlэхэр зэрызэхущытым теухауэ псалъэхэщ мыхэри: «зэш, зэкъуэш, зэшыпхъу, зэдэлъху-зэшыпхъу; зэлl-зэфыз».

Зыгуэрым езыр езырурэ къилэжь lуэхугъуэхэри ″з″ макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтэнур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «зэин, зэижын, зеин, зеижын».

Глаголу ухуауэ къэта мы щапхъэхэр утыку къызэрихьэ щIыкIэу, глаголхэм ″з″ макъыр префикс язэрыхуэхъури гурыIуэгъуэщи, мыбыхэм теухуа щапхъэхэр илъабжьэкIэ къэтхьын.

*″**З**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащIэхэр.*

Зыгуэрыр зыгуэрым теухуауэ гъэзащIэрэ зэдэгъэзащIэр ″зэ″р суффикс язэрыхуэхъукIэрэщи, глаголхэм мыпхуэдэ лэжьэкIэ зэрагъуэтыр ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ. Ауэ мыпхуэдэу гъэзащIэ lуэхугъуэр гуэритl зэхуакум зэрыдэгъэзащIэр гурыIуэгъуэщи, префикс ″зэ″м нэмыщl, мыр къизыIуэ ″дэ″р ″зэ″м къыкIэлъыкIуэу глаголым префикс хуэхъун хуейщ: «зэдэин, зэдэун, зэдэуэн, зэдэIун, зэдэIуэн, зэдэсын, зэдэсэн, зэдэзын, зэдэдзын, зэдэгъын, зэдэгъун, зэдэджын, зэдэджэн, зэдэдын, зэдэдэн, зэдэтын, зэдэтIын, зэдэтIэн, зэдэжын, зэдэжэн, зэдэжьын, зэдэжьэн, зэдэщын, зэдэщэн, зэдэщIын, зэдэщIэн, зэдэшэн, зэдэчын, зэдэчэн, зэдэкIын, зэдэкIуэн, зэдэхъун, зэдэхун, зэдэхьын, зэдэлъэн, зэдэлэн, зэдэлIэн, зэдэпIын, зэдэфын, зэдэвын, зэдэвэн».

″З″ макъыр глагол псом суффикс къалэн хуигъэзащIэу бзэм щыземыкIуэми, ар суффикс хъункIэрэ зэрыхущIэкъур ипщэкIэ ″з″ кIэухкIэрэ ухуэ глаголрэ псалъэхэм хыболъагъуэр.

**″Щ″ макъымрэ абы къытехъукIыж макъхэр: «щ → ″щl, ш; с″».**

**″Щ″ макъыр.**

*″**Щ**″ макъым къытехъукI ″**макъ псалъэ**″хэр.*

Бзэгум къытехъукIа япэрей макъым зыри ″щ″ макъращи, бзэгур хьэрычэтым тезышэ ″жь″ макъ нэужь утыку къихьэ макъыу щыт ″щ″ыр бзэгум макъ къытехъукIыныгъэрэ бзэ къэхъуныгъэм лъабжьэ хуэхъу макъыу лъытапхъэщ. Мы и къэхъукIэм къызэрыгуэкIщи, абы бзэм хищIыхьыр мащIэкъым: макъхэм я къэхъуныгъэм лъабжьэ зэрыхуэхъурэ псэлъэбзэ ухуэныгъэм лъабжьэ хуэхъуу игъэзащIэм езэгъыу, дэтхэнэ гуэрыр щыIэ зэрыхъурэ щыIэ лъабжьэр зи мыхьэнэуэ зы макъщ. ″Щ″ыр щыIэ лъабжьэщи, бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ бзэ лэжьэкIэм дэтхэнэ и зы щIыпIэм щыхэплъагъуэ мыхьэнэр щыIэгъуэм теухуащ.

″Щ″ макъыр щыIэ лъабжьэрэ бзэм и дэтхэнэ зы щIыпIэм щыIэгъуэ къыриIуэу зэрыхэтым нэмыщl, ар мы и лэжьэкIэм зэрезэгъкIэрэи, щыIэгъуэ зыгъуэтрэ щыIэгъуэ зиIэр щхьэжу къызэрыIуатэ зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэхьауэ жыIэпхъэщ. ЩыIэгъуэ зиIэр и щыIэгъуэкIэрэ щхьэжу зэрылъытэм нэмыщl. Ар зэрызэпкъырыувэрэ зэрызэхэлъри зы ″макъ псалъэ″у ″**щы**″ращ къэзыIуатэр.

ЩыIэгъуэр зэрызэхэлъыр къизыIуэ ″щы″р цIыхум ″бжэн″ lуэху къыщигъэунэхум щыгъуэ, мыр зыхуэфащэ зы бжыгъэри къызэрыриIу щIыкIэу зэрихьэу щIидзащи, ″**щы**″р иужькIэ икIи зы ″бжыгъэцIэ″у

аргуэру зы ″макъ псалъэ″у бзэм щызекlуэу щlидзащ. ″Щы″р зы бжыгъэцlэу зытеухуа бжыгъэр (3) икlи щыlэгъуэр зэрызэхэлъ бжыгъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Тlанэ, ″бжэн″ lуэхур цlыхум къызэригъэунэхуами лъабжьэ хуэхъуар щыlэгъуэр зэрызекlуэрэ къызэрыlуатэм теухуауэ къэхъуа псалъэхэрауэ жыlэпхъэщи, мыбыхэм ″щы″м хигъэзэщlыхь къалэнышхуэм ипкъ иткlэ, цlыхум ″бжэн″ lуэхугъуэр къызэригъэунэхуами лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъуа псалъэ нэхъыщхьэр щыlэгъуэр зэрызэпкъырылъыр къизыlуэ ″щы″рауэ жыlэпхъэщ.

Щыlэгъуэ ″щы″уэ зэрылъытэкlэрэ щыlэгъуэм и щыlэгъуэр зэрихьри, ″щы″ кlуэтэгъуэу (э) ″щэ″уэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ. Щыlэгъуэ зыгъуэт дэтхэнэ зы щыlэм и щыlэгъуэр зэрихьрэ щыlэгъуэкlэ зэрыбагъуэр ″**щэ**″ращ къэзыlуэтапхъэри, ар ″щы″м щхьэщыкlыныгъэу, щыlэгъуэ зиlэр зэрыкlуатэрэ зэрыбагъуэр къизыlуэ зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэхьагъэнущ. Щыlэгъуэ бэгъуэныгъэр ″щы″м щхьэщыкlыныгъэ ″щэ″м мы къызэриlуатэм ипкъ иткlэ, цlыхум ″бжэн″ lуэхур къигъэунэхуа нэужь, ″щы″р зы бжыгъэм теухуауэ зекlуэу зэрыщlидзам хуэдэжщи, ″щэ″ри ″щы″м щхьэщыкlыр, кlуэ пэтрэи къэунэхуарэ къэlуэта дэтхэнэ зы бжыгъэм щхьэщыкlыр къызэрыlуатэ цlэимыlуэ бжыгъэу бзэм хэлэжьыхьу щытагъэнщ. Икlэм икlэжын ″**щэ**″р нобэ бзэм зэрыхэт бжыгъэм (100) къытенэжу наlуэу зы ″бжыгъэцlэ″у аргуэру зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэлэжьыхьу зэрыщlидзэжар бжыгъэцlэ зэпкъырыувэкlэм къыхощыр.

Бжыгъэцlэ зэрыхъуам нэмыщl, ″**щэ**″р аргуэру зы ″макъ псалъэ″у хэтщ адыгэбзэми, ари игъуэ къыщысым щыгъуэ, ″щ″ макъ мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэ, флыуэ гъэшхарэ зэрыхъун хуей щыlэкlэм къыпищэжу пшэр хъуа псэущхьэм и лъэрэ и лым къытырищlэж дагъэм къигъэщl лъэращ.

Щыlэгъуэ кlуэтэгъуэ зи мыхьэнэуэ бзэм хэхьауэ зи гугъу тщla ″щэ″р щыlэгъуэ кlэтэгъуэрэ бэгъуэныгъэм нэмыщl, щыlэгъуэ зиlэр зэрыщыту зэрыкlуатэрэ зыдэщыlэрэ зыlэщlэлъыр зэхъуэкlыныгъэ lуэхугъуэхэр къызэрыlуатэ щlыкlэуи бзэм хэхьащ. Мы lуэхугъуэр ″щэн-къэщэхун″ lуэхугъуэу нобэ бэзэрым къыщекlуэкlыу щlэзыдзам и лъабжьэращи, мыпхуэдэу гъэзащlэ lуэхугъуэхэр къызэрыlуатэ ″**щэн**″ глаголыпкъыу бзэм холэжьыхьыр аргуэру зы ″макъ псалъэ″у ″**щэ**″р.

Мыбы нэмыщlэ нэхъ лъабжьэу лъытапхъэщ зи щыlэгъуэр зэрихьын щlыкlэу, цlыхум хуэфащэ хабзэм езэгъыныгъэу гъащlэм тетыныгъэ щlыкlэр къизыlуэу ухуа ″**щэн**″ псалъэри, ар глагол инфинитив формэкlэ ухуа зы псалъэу зэрыщытри мы зытехуа lуэхугъуэ къэтlуэтахэм къыхощыр.

″Щ″ыр щыlэгъуэ лъабжьэщи, дэтхэнэ гуэрыр зэрыщыlэрэ утыку къызэрихьэр къэзыlуатэ макъ мыхьэнэщи, щхьэжу ″щ″ макъым къэхъуу щыlэгъуэ зыгъуэтыныгъэрэ щыlэкlэ зэхъуэкlыныгъэхэр къиlуатэу бзэм

холэжьыхьыр. Ипщэкlэ къэта щапхъэхэри мыпхуэдэу гъэзащlэ lуэхугъуэу зэрыщытым нэмыщl, жэщым кlэ иугъуэту махуэ къэхъунрэ жэщ кlыфlагъым кlэ игъуэту нэхулъэ къызэрыхъури зы хъугъуэ-фlыгъуэ щыlэгъуэу ″щ″ макъкlэрэ гъэзащlэу ″нэху **щын**″ глаголкlэрэ къоlуатэр.

″Щ″ыр щыlэгъуэ лъабжьэрэ щыlэгъуэм теухуа макъ мыхьэнэуэ зэрыщытым къызэрыгуэкlкlэ, дэтхэнэ зы щыlэгъуэр утыку къихьэнрэ кlуэдыныгъэри ″щ″ыкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ. Бзэм мыпхуэдэ лэжьэкlэкlэ хэту, псэущхьэхэм ятет цыр тегъэкъэбзыкlынри ″**щын**″ глаголыпкъыу ″**щы**″р зы ″макъ псалъэ″ зэрыхъукlэрэщ къызэрыlуэтар.

*″**Щ**″ макъым къытехъукlа **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэрауэ *″**щ**″ макъым къытехъукl **″макъ псалъэ″хэр макъ къыпыхьэу** бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Щыlэгъуэ лъабжьэ зи мыхьэнэ ″щы″р зы бжыгъэцlэу бзэм зэрыхэхьа щlыкlэм макъхэр къыпыхьэу бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ къытехъукlыж псалъэхэщ мыхэр: «щэ, щанэ, ещанэ, ещанэрей; щимэ».

″Щэ″ри зы бжыгъэцlэу зэрыщыткlэрэ къыпыхьэ макъхэмкlэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэри: «щэней, щэнейрэ, щэрэ, щэуэ, щэкlэ».

Зы ″макъ глагол″у тлъыта ″щын″ыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпыхьэу зэрыухуэжым теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «гуэщыкlын, тещыкlын, щlэщыхьын, зэщlэщыхьын, къэщын, хэщыхьыкlын, хуэщын, пыщыхьын, фlэщыхьын, нэщын».

Зы ″макъ глагол″у ″щэн″ыр зи пlэрэ зейр зэхъуэкlыныгъэу жытlагъэгъащи, зы псэущхьэ ябгэ къэубыдын иужь итын lуэхугъуэр къызэрыlуатэ псалъэу, зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъ къыпыхьэу къытехъукlыж глаголхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «ещэн, lущыхьын, дещэн, зэдещэн, зэдэщэн, щlэщыхьын, къуэщэн – къуэщыхьын, хэщэн – хэщыхьын, хуещэн, фlещэн, нэщэн»; «щэкlуэн, ещэкlуэн, зэдэщэкlуэн; щакlуэ».

″Щэн″ глаголыр нобэ нэхъыбэу бэзэрым къыщекlуэкl lуэхугъуэхэр къызэрыlуэтэж псалъэу бзэм щызокlуэри, ар зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъ къыпыхьэу зэрыухуэжым теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «ещэн, lущэн - lущыхьын, гуэщыхьын, дэщэн, дещэн, зэдэщэн, тещыхьын, щэхун - къэщэхун, кlэрыщэн, къуэщыхьын, хэщэн – хэщыхьын, хуэщэн, фlэщэн, фlещэн, нэщэн»; «щакlуэ, щахуэ».

″Щ″ макъ мыхьэнэр щыlэгъуэ лъабжьэщи, щыlэгъуэм езэгърэ зэрыщыlэн хуейуэ щыlэкlэри глагол формэу ухуа ″щэн″ псалъэмкlэщ къызэрыlуатэр. Мы псалъэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр нэхъыбэу псалъэхэр

къызэрыпыхьэкlэрэщ, ауэ абы къыпыхьэ макъкlэрэ къытехъукl псалъэм теухуа зы щапхъэщ ″щэнышхуэ″р.

Лым тырищlэрэ пшэрагъ къэзыгъэщl лъэ lыхьэри ″щэ″уэщ зэрылъытэри, ари щхьэж псалъэрэ ″псалъэ зэгуэт″хэм хэтущ бзэм зэрызекlуэр. Ауэ къыпыхьэ макъкlэрэ ″щэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа зы щапхъэри ″щэшхуэ″у къэтхьынщ.

*″**Щ**″ макъым къытехъукlа ″**макъ псалъэ**″хэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Бжыгъэцlэу ″щы″р зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «″лlы, щы″ → лlищ; ″шы, щы″ → шищ; ″псалъэ, щы″ → псэлъищ».

Зы бжыгъэцlэу ″щэ″ри зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «″лlы, щэ″ → лlищэ; ″шы, щэ″ → шищэ; ″псалъэ, щэ″ → псэлъищэ».

″Щын″ глаголыр зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «″цы, щы(н)″ → цыщ; ″щхьэц, щы(н)″ → щхьэцыщ».

Псэущхьэ ябгэм теухуауэ къырагъэкlуэкl lуэхугъуэр къызэрыlуатэ ″щэн″ыр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″мыщэ, щэ(н) → мыщащэ; ″мыщэ, ещэ(н) → мыщэещэ; ″мыщэ, ещэкlуэ(н)″ → мыщэещакlуэ; ″мыщэ, щакlуэ″ → мыщэщакlуэ».

Бэзэр lуэхуу ″щэн″ыр зыхэт ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэри: «″мыlэрысэ, щэ(н)″ → мыlэрысащэ; ″щэкl, щэ(н)″ → щэкlащэ; ″джэд, щэ(н)″ → джэдащэ; ″гу, щэ(н)″ → гущэ; ″гу, щакlуэ″ → гу щакlуэ → гущакlуэ»; «″щакlуэ, бзэ″ → щэкlуэбзэ».

″Щэн″ыр глагол формэу ухуарэ цlыхум хуэlуа щыlэкlэр къызэрыlуатэ псалъэщи, ар зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэи къэтхьынщ: «″щэн, фlы″ → щэныфl, щэныфlэ (″щэныфl″у щыт)».

Пшэрагъ къэзыгъэщl лъэ lыхьэ ″щэ″р зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «″щэ, ныбэ″ → щэныбэ; ″щэ, кlапlэ″ → щэ кlапlэ → щэкlапэ; ″нэ, щlа(гъ), щэ″ → нэщlащэ».

*″**Щ**″ макъ мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

″Щ″ макъыр щыlэгъуэ лъабжьэ мыхьэнэщи, ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм и нэхъыбэр занщlэу щыlэгъуэ зи мыхьэнэ зиlэщ. Мыбы нэмыщl, щыlэгъуэм теухуа щlыкlэхэр, щыlэкlэхэр, лъабжьэрэкlэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэр утыку къызэрырилъхьэкlэрэщ.

Занщlэу щыlэгъуэрэ щыlэныгъэм теухуа псалъэхэщ мыхэр: «щыlэ, щыlэн, щыlэгъуэ».

Щыlэгъуэ зыгъуэтынур утыку къызэрихьэнур ″щы″р зэригъэпэщ щlыкlэущи, щыlэгъуэр зэрыкlуэдынурэ зэрызэхъуэкlынури ″щы″м зэрыхуэкlуэжкlэрэщ: «щыгъуэ, абы щыгъуэ → апщыгъуэ; щыгъуэн».

Дэтхэнэ зы щыIэгъуэр ″щы″ лIэужьыгъуэщи, щхьэж зы щыIэгъуэм езым хуэдэжу, ар къызхэхъукIари ″щы″уэ зэрылъытэ щIыкIэр утыку къизылъхьэ псалъэщ мыри: «щыщын».

Зы джыпIэри ар зыдэщыIэпIэм елъытауэ къэIуэтапхъэщ: «щыгу, щхьэщыгу».

Зы щыIэкIэрэ позицэ зиIэнри ″щы″м теухуауэ къэIуэтапхъэщ: «щысын, щытын, щылъын».

Мыбыхэм яхэту къэта ″щытын″ыр зы глаголу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Ауэ ″щыт″ псалъэр икIи дэтхэнэ щыIэ гуэрыр а зэрызэпкъырыуварэ зэрыухуа щIыкIэр къызэрыIуатэ псалъэщи, дэтхэнэ зы псалъэ мыхьэнэр а и мыхьэнэкIэрэ зэрызэпкъырылъу утыку зэритыр къызэрыIуатэращ. Мыри а псалъэр а зэрыщыту ″у, уэ″ кIэухкIэрэ къэгъэлъагъуэущ ″щыт″ псалъэр къызэрыпыхьэри, а ″псалъэу зэрыщыт″ыр къоIуатэр. Мыпхуэдэ мыхьэнэкIэрэ дэтхэнэ зы псалъэм къыкIэлъыкIуэу бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм теухуа щапхъэхэр ди ″макъ псалъэ″рэ ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «lэуэ щыт, уэуэ щыт, lууэ щыт, lуэуэ щыт, сэуэ щыт, цIэуэ щыт, цыуэ щыт, зыуэ щыт, дзэуэ щыт, гъэуэ щыт, гъуэуэ щыт, гэуэ щыт, гууэ щыт, дэуэ щыт, тIыуэ щыт»; «иуэ щыт, ууэ щыт, уэуэ щыт, lууэ щыт, lуэуэ щыт, сыуэ щыт, зыуэ щыт, идзу щыт, гъыуэ щыт, джыуэ щыт, джэуэ щыт, дэуэ щыт, тIыуэ щыт, тIэуэ щыт, жыуэ щыт, жэуэ щыт, жьыуэ щыт, жьэуэ щыт, ищIыу щыт».

Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″щытын″ глаголыр зыгуэрыр зэрызэпкъырытыр къызэрыIуатэу ″увын″ глагол мыхьэнэми ебгъэщхь зэрыхъунур гурыIуэгъуэщ. Ауэ ″щытын″ глаголми, ар зэрыгъэзащIэ щIыкIэу щытрэ щхьэжу зы псалъэуи бзэм хэлэжьыхь ″щыт″ псалъэми утыку къырилъхьэр къызэрырилъхьэ щIыкIэр гурыIуэгъуащэ зэрымыхъуам папщIэрагъэнщи, ″щытын″ыр ″увын″ мыхьэнэ зиIэрэ ″щыт″ псалъэри абы и глаголыпкъыу ″ув″ мыхьэнэ зиIэу зэрылъытэкIэрэ, адыгэбзэ псалъэхэр урысыбзэ зэгъэдзэкIыныгъэкIэ зыхуригъэкъуну зэрыхущIэкъукIэрэ игъэмэщIэну хуэщIэкъу ди бзэщIэныгъэрэ литературэбзэм нобэ ″щыт″ псалъэр щхьэжу ипэкIэ къэта щапхъэхэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм хихыжыну зэрыхуэлажьэри мыбдежым дигу къыщыдгъэкIыжынщ.

Мы ипэкIэ къэта глаголхэм ещхьу ″щы″кIэрэ къежьэу гъэзащIэ псалъэхэщ мыхэри: «щыпын - къэщыпын, щыпэн».

Зыгуэрым елъытауэ позицэ зыгъуэтынри ″щы″кIэрэ гъэзащIэ ухуэ глаголхэм къаIуэтапхъэщ: «ищын, дэщын – къыдэщын, тещын, щIэщын – къыщIэщын».

Нэху къэхъунри зы ″макъ глагол″у ″щын″кIэрэ зэрыгъэзащIэр жытIагъэххэщи, мыпхуэдэу ухуэ псалъэхэщ мыхэр: «нэху щын, нэху щыгъуэ, нэхущ».

Зы щыIэ гуэрым теухуауэ гъэзащIэ IуэхугъуэриⅡщыⅡм елъытауэ гъэзащIэ Iуэхугъуэхэщи, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «щыун, щыуэн, щхьэщыун, щхьэщыуэн».

Ⅱщыун, щыуэнⅡ псалъэхэр икIи цIыхум и щыIэгъуэм езэгъым теуныгъэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, ар зэрыхъун хуейрэ пэжыгъэм теужьыкIын Iуэхугъуэщ.

ⅡЩыⅡр лъабжьэрэ ⅡщэⅡри ⅡщыⅡ кIуэтэгъуэу зэрыщыткIэрэ, лъабжьэрыкIуэу гъэзащIэ IуэхугъуэхэриⅡщэⅡм теухуауэ зэпкъырыувэ псалъэхэм къaIуэтапхъэщ: «щэху, щэхун, ущэхун, зыущэхун, щэхурылажьэ»;

Щэхуу макъ къигъэкIыныр къызэрыIуатэ глаголщ мыхэри: «щэIун, щэIуэн».

Зыгуэрыр зыщыщрэ зыхэтыр, зыдэщыIэпIэрэ и лъагъуэр кIуэдыпIэ зэрихуэри щыIэкIэрэ щыуэныгъэщи, мыпхуэдэхэри зи щIыпIэрэ зи щыIэпIэм икIыныгъэу ⅡщэⅡкIэрэ гъэзащIэ псалъэхэм къaIуэтапхъэщ: «гъуэщэн, хэгъуэщэн, зэхэгъуэщэн».

Зэрыщы Iэн хуей щIыкIэр зылъытэращ цIыхури, ар зэрыщыIэн хуей хабзэр зылъытэжращ. Мы хабзэм езэгъыныр ⅡщэнⅡ псалъэмкIэ къызэрыIуатэр жытIагъэххэщи, и щыIэкIэрэ хабзэм икIрэ зэрыигъуэкIэрэ щэн зимыIэжынри щыIэгъуэ лъабжьэм (щы) икIыныгъэу къэIуэтапхъэщ: «щыкIын».

ЦIыхур зэрыщыIэн хуейрэ щэнрэ щIыкIэфI зэригъуэтын папщIэ зыгуэрым зэрыбгъэдэхьэкIэри ⅡщыⅡкIэрэ ухуэ псалъэхэмкIэ къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэнщ: «ущиин, ушиен»; «зыущийрэ ущииныгъэ зыхуэфащэри ⅡаущⅡщ».

Ущиярэ ущиин зыхуэмыныкъуэу гъащIэм тетыр ⅡIущⅡщи, ар ⅡIуⅡ лъэщ зиIэрэ къыжьэдэIукIыр цIыху щыIэгъуэм езэгъращ: жыIэпхъэр жызыIэрэ жымыIэпхъэм дежи зызыущэху цIыхуращ.

Мы псалъэр зэрыухуа щIыкIэу утыку къихьащ мы псалъэхэри, ⅡщⅡыр къызкIэлъыкIуэ макърэ псалъэ мыхьэнэм лъэщу щыIэгъуэ егъуэтри зытеухуар е зыдэщыIэпIэу къoIуатэр: «Iэщ, уэщ, кIыщ»; «жэщ, нэхущ, фIэщ (фIэр фIыуэ щытыныгъэщ, фIыри фэ зыгъуэту щыIэгъуэм къыхэхьаращи, утыку къызэрихьарэ зэрыщыIэм гурыщхъуэ зытемылъращ), фIэщ хъун, фIэщхъуныгъэ».

Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, зыгуэрхэм щыIэпIэрэ псэуапIэ яхуэхъури ⅡщⅡ кIэухкIэрэ ухуэ псалъэхэмкIэ къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Араши, илъыпIэрэ итыпIэ зиIэхэр къызэрыIуатэ псалъэм ⅡщⅡыр кIэух хуэхъуущ абыхэм я итыпIэрэ илъыпIэр къизыIуэ псалъэхэр зэрыухуэжыр. Ауэ илъыпIэрэ итыпIэ зыхуэхъухэр щыжытIэкIэ, ар зэрыкуэдагъэр гулъытапхъэщи, мы куэдагъэри зэхэтрэ зэхэлъхэр къызэрыIуатэ псалъэм Ⅱэⅱ къызэрыпыхьэжкIэрэщ зэрыгъэзащIэр. Мыпхуэдэ псалъэхэм Ⅱэⅱ къыпыхьэжрэ ⅡщⅡыри кIэух хуэхъужу хуэхуэж

псалъэхэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «гуэн → гуэнэщ; хьэ → хьэщ; шы → шэщ; джэд → джэдэщ; мыл → мылэщ».

″Щ″ыр псалъэхэм кlэух зэрыхуэхъуу мы къэта щапхъэхэм хуэдэу лъытапхъэу ухуа нэгъуэщl псалъэхэри щыlэщ. Мыпхуэдэ зы щапхъэщи, зы ″пlэ″м зэрыхуэкlуэрэ зыщыпlыпlэм хуэкlуэныгъэр къызэрыlуатэу ухуауэ лъытапхъэ мы псалъэр: «пlыщ-кlуэн → упlыщкlуэн – упlыщкlун (упlыщкlуэ-ы-н)».

″Упlыщкlун″ псалъэм икlи зи щыlэкlэр (щ) зэреужьыхыр (кlуэ → кlуэ-ы → кlу) къызэрыlуатэ макъ зэгуэткlэрэ (щкlу) ухуа псалъэуи зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщи, мы лъэныкъуитlкlи еджапхъэу аргуэру зы щапхъэщ мыри: «ныщ-кlун (ныщ-кlуэ-ы-н) → гъэ-ныщкlун → гъэныщкlун»; «ны-щкlу-н → ныщкlун → гъэныщкlун».

Щыlэгъуэ лъабжьэу щыт ″щ″ыр кlэух зыхуэхъуу ухуа псалъэхэм теухуа щапхъэхэр къэтащи, ″щ″ кlэухыр глаголыпкъ зыхуэхъууэ ухуэ глаголхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыпхуэдэ щапхъэщ ″флэщын″ри, ар зытеухуар зэрылъытэ щlыкlэу, ар ″флэщ щlын″ зэрыщl глаголщ. Аращи, ″флэщын″ыр зыгуэрыр зэрылъытэ зы цlэр абы хуэфl щlын lуэхугъуэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэу ухуэ псалъэхэщ мыхэр: «флэщын, къыфлэщын, флэщыгъэ, флэщыгъэцlэ».

Мы глаголым хуэдэ формэу ухуарэ глаголу щымыт зы щапхъэи хэтщ адыгэбзэми, ар ″кхъуэщын″щ. Зыгуэрхэм илъыпlэ хуэхъур ″щ″ кlэухкlэрэ къызэрыlуатэм теухуа щапхъэхэр къэтащ ипэкlи, шхыныгъуэ (кхъу) илъыпlэу щlаращ ″кхъуэщын″ри, ар ″кхъуэщ″ хъуным хуэlуауэ ящl lэмэпсымэщ.

Зи макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэ къытхуэхъуащи, ″щы″уэ щытыныгъэ зи мыхьэнэуэ ″щэ″р зи кlэухыу ухуа псалъэхэщ мыхэри: «lэщэ, фащэ»; «гъущ – гъущэ»; «гуащэ, пщащэ»; «гущэ, дыщэ»; «мащэ».

″Щ″ыр кlэух зыхуэхъуу ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэхэр къэтащи, ар кlэух зыхуэхъуу ухуэ глаголхэм я мыхьэнэр мы утыку къихьа псалъэ мыхьэнэхэм зэрелъытарэ зэрызэщхьэщыкlми гулъытэ хуэтщlынщ: «кхъуэщын (″кхъу″ илъыныгъэм хуэlуауэ ящl кlадэ), флэщын (зыгуэрыр зэрылъытэну зы ″цlэ″р абы хуэlуарэ хуэфl щlын); гъущын (гъущэ хъун)».

Щыlэгъуэр зэрызэпкъырылъри ″щы″уэ зэрылъытэр жытlагъэххэщи, дэтхэнэ гуэрыр щызэпкъырылъэлърэ щыкъуей защlэу зэрыщытри ″щы″ куэдагъэу ″щэ″кlэрэ къэlуэтапхъэщ: «щэщэн, щабэ, ущэбын, ущыкъуеин, щыкъуей, щыкъун».

Зыгуэрыр гъэкlуэтэнрэ и щыlэпlэр зэхъуэкlыныр ″щэ″кlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ, икlи ″щэ″р ″щы″ куэдагъэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ мыхьэнитlри зэрыгъэзащlэ глаголу ухуэхэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «ищэн, lущэн, гуэщэн, дэщэн, тещэн, щlэщэн, хэщэн пыщэн, флэщэн».

"Щы"р щыIэгъуэ лъабжьэ мыхьэнэ зиIэ макъщи, ар зыдэплъагъуэ дэтхэнэ щIыпIэр щыIэгъуэрэ щыIэкIэм зэрытеухуар жытIащ. Ар ипэ къихуэ псалъэр утыку къызэрихьэрэ щыIэ зэрыхъу щIыкIэкIэр гурыIуэгъуэ зэрыхъури, мыпхуэдэ префиск къалэным илъабжьэкIэ и гугъу щытщIынщ, ауэ мыбдежым мыпхуэдэу ухуэ псэлъэщIэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ: «щыпэ, щыпэлъагъу»; «щыхъун – къыщыхъун, щыхъуэн»; «щыщIын – къыщыщIын, щыщIэн (зэрыщIарэ зэры"щIы"пIэм текIуэтыкIын (щIы-э)»; «щыблэ»; «щыкъу»; щынэн – къыщынэн, щынэжын»; «щыхун – къыщыхун».

*"**Щ**" макъым "**префикс – суффикс къалэн**"у игъэзащIэхэр.*

ЩыIэгъуэ зи мыхьэнэ "щ"ыр кIэух зыхуэхъу псалъэм щыIэгъуэ зэригъуэтыр гурыIуэгъуэщи, дэтхэнэ зы псалъэм суффикс къалэнкIэрэ къыпыхьэу, а псалъэ мыхьэнэр зэрыара статие мыхьэнэр къоIуатэр. Мыпхуэдэ щапхъэхэр ди "макъ псалъэ"хэм теухуауэ илъабжьэкIэ къэтащ: «lэщ, арщ, аращ, ищ, инщ, уэщ, уэращ, lущ, lуэщ, сэщ, сэращ, цыщ, цIэщ, зыщ, зэщ, дзэщ, гъуэщ, гэщ, гущ, дэщ, дэращ, жьэщ, щыщ, щэщ, щIыщ, щIэщ, шыщ, шэщ, чыщ, чэщ, кущ, куэщ, кIыщ, кIэщ, къущ, къуэщ, кхъэщ, кхъуэщ, хъыщ, хъущ, хыщ, хущ, хьэщ, лъыщ, лъэщ, лыщ, лIыщ, пэщ, пIэщ, бэщ, фэщ, фIыщ, выщ, мэщ, нэщ».

Псалъэхэм суффикс хуэхъуу псалъэ мыхьэнэр зэрыара статие зэригъуэтым хуэдэщи, мыпхуэдэу къэIуэтапхъэ глагол лэжьэкIэхэми суффикс къахуохъур "щ"ыр. Иджыри гъэзащIэу щыт ит зэманыгъуэм нэмыщI глагол лэжьэкIэхэми суффикс къахуэхъуу а глагол мыхьэнэр утыку къызэрихьар, къызэрихьэнур, къызэрихьэн хуейр къоIуатэр. "Щ"ыр суффикс зыхуэхъуу статие щигъуэткIэ, ар утыку къызэрихьарэ зэрыарам шэч иIэжкъыми, упщIэ е мыхъуныгъэу къэIуатэ псалъэхэм "щ"ыр суффикс зэрахуэмыхъунури гурыIуэгъуэнщ. ИлъабжьэкIэ блэкIа, къэкIуэну, зэрыхъун хуейр къизыIуэ псалъэхэр "щ" суффиксклэрэ зэрыухуэм теухуа щапхъэхэр къэтащ: «инущ, унщ, уащ, lунщ, lуэнущ, сащ, сэнщ, зынущ, дзащ, гъынщ, гъунущ, джынщ, джащ, дынщ, дэннущ, тащ, тIынщ, тIэнущ, жащ, жэнщ, жьынущ, жьащ, щынщ, щэнущ, щIащ, щIэнщ, шэнущ, чащ, чэнщ, кIынущ, кIуащ, хъунщ, хунущ, хьащ, лъэнщ, лэнущ, лIащ, пIынщ, фынущ, ващ, вэнщ».

Мыбыхэм нэмыщI, "щэ"ри дэтхэнэ зы псалъэм суффикс хуэхъуфу, а псалъэ мыхьэнэр игъэбыдэу лъэщ ещI, а гуэрыр фIыуэ зэрыIэрар къеIуатэр. Дэтхэнэ зы псалъэм "щэ"р мыпхуэдэу суффикс зэрыхуэхъур жытIащи, глагол инфинитивми, глагол лэжьэкIэу глаголыпкъми суффикс хуохъур. Ар глаголыпкъым суффикс щыхуэхъукIэ, глаголыр зытеухуа lуэхугъуэр фIыщэу зэрыгъэзащIэ мыхьэнэ мэухуэр. Мыпхуэдэ щапхъэхэр ди "макъ псалъэ"рэ "макъ глагол"хэм ящыщ гуэрхэм теухуауэ илъабжьэкIэ къэтащи, глагол лэжьэкIэхэри блэкIа, къэкIуэну, хъун хуейуэ щытын лъэжьэкIэхэм теухуащ. Мыри пыщапхъэщи, мыпхуэдэ мыхьэнэр

″щэ″м хуэдэжу ″щщэ″уи мэгъэзащlэр, ауэ илъабжьэкlэ къэта щапхъэхэр ″щэ″уэ къэгъэлъэгъуащ: «lэщэщ, иныщэщ, уэщэщ, lущэщ, lуэщэщ, сэщэщ, цыщэщ, цlэщэщ, дзэщэщ, гъуэщэщ, гэщэщ, гущэщ, дэщэщ, жьэщэщ, щэщэщ, щlыщэщ, щlэщэщ, шыщэщ»; «ищэн, ищэнщ, ущэн, ущэнущ, уэщэн, уэщащ, lущэн, lущэнщ, lэщэн, lуэщэнущ, сыщэн, сыщащ, сэщэн, сэщэнщ, зыщэн, зыщэнущ, дзыщэн, дзыщащ, гъыщэн, гъыщэнщ, гъущэн, гъущэнущ, джыщэн, джыщащ, джэщэн, джэщэнщ, дыщэн, дыщэнущ, дэщэн, дэщащ, тыщэн, тыщэнщ, тlыщэн, тlыщэнущ, тlэщэн, тlэщащ, жыщэн, жыщэнщ, жэщэн, жэщэнущ, жьыщэн, жьыщащ, жьэщэн, жьэщэнщ, щыщэн, щыщэнущ».

Мыбы нэмыщl, и макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым къыщыlуэтагъэххэщи, зыгуэрхэм илъыпlэ – исыпlэ – итыпlэ яхуэхъури а гуэрыр къызэрыlуатэ псалъэм – куэдагъ зыгъэзащlэ ″э″ къыпыхьэжу-″щ″ыр кlэух зэрыхуэхъукlэрэ къэlуатэ псалъэмкlэщ къызэрыlуатэри, мыбдежым ″щ″ кlэухым суффикс къалэн игъэзащlэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэр ди ″макъ псалъэ″хэм хэт щыlэцlэхэм теухуауэ къэтхьынщ, ауэ мыпхуэдэ псалъэ гуэрхэр ″щ″ нэхърэ ″лъэ″ кlэухкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр нэхъ игъуэу зэрыщытынури гулъытапхъэщ: «сэщ, цэщ, цэщ, дзэщ, гуэщ, дэщ, тlэщ, жьэщ, шэщ, чэщ, кlэщ, къуэщ, кхъуэщ, хуэщ, хьэщ, лъэщ, лэщ, лlэщ, фэщ, вэщ».

Зэрыгуэрыlуэгъуэщи, дэтхэнэ зы псалъэ мыхьэнэр зэрыарарэ глагол лэжьэкlэм статие игъуэту зэрызэфlэкlар къызэрыlуатэ ″щ″ыр суффиксыр дэтхэнэ псалъэми къыпохьэр. Мыпхуэдэу жыlэпхъэщ ″щэ″ри, ауэ ар игъуэ дыдэ щымыхъу псалъэхэр (нэхъыбэу щыlэцlэхэр) зэрыщыlэнури гурыlуэгъуэнщ.

**″Щl″ макъыр.**

*″**Щl**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″хэр.*

″Щ″ым и къэхъупlэр зи къэхъупlэу ″щ″ым зэрытекъузэрэ зэрыпlытlакlэрэ и лимитацэ макъыу утыку къиьар ″щl″ макъращи, абы и мыхьэнэри ″щ″ым теухуарэ къытехъукlыжу зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Араща, щыlэгъуэ лъабжьэрэ дэтхэнэ гуэрыр зэрыщыlэр, икlи зэрыухуэрэ зэрызэхэлъ щlыкlэр къизыlуэ ″щ″ макъым елъытауэ къэхъуа ″щl″ макъыр щыlэгъуэ зиlэу щыт дэтхэнэ гуэрыр наlуэу утыку къызэрихьэ мыхьэнэ зиlэращ. Щыlэгъуэр зы щыlэгъуапlэ зиlэрщ; щыlэу жыхуэтlэ дэтхэнэ гуэрыр зы щыlэпlэ зиlэрщ; абы езыри зы щыlэпlэщи, ″щl″ макъым и мыхьэнэр мыращ, ар ″щ″ым зэрыпыщlарэ зэрелъытари мыращ. Щыlэгъуэрэ щыlэм мыпхуэдэу гулъытэ хуэзыщl псэущхьэм езыр зытету щыlэрэ езыри зы щlы пкъыгъуэу зэрыщытыр занщlэу ″**щlы**″уэ илъытагъэнщи, ар япэу зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэхьар мырауэ

жыIэпхъэщ. ″ЩI″ макъыр бзэм зэрыхэхьа щIыкIэр мыпхуэдэщи, ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэр ″щIы″м теухуарэ елъыта мыхьэнэкIэрэщ.

Дэтхэнэ гуэрыр щIым тетрэ зы щIыпIэуи зэрыщытым, икIи абы къытехъухь дэтхэнэ гуэрэри ардыдэу ″щIы″ lуэхугъуэу зэрыщытым, къэхъу-къэщI дэтхэнэ гуэрэри, езым къилэжьу утыку къыригъэхьэхэри ″щIы″ым теухуа лэжьыгъэу утыку къызэрихьэм гулъытэ хуэзыщI цIыхум мыхэри ″щIы″ lуэхугъуэу илъытагъэнти, мыпхуэдэ лэжьэкIэм теухуауэ ″**щIы**″р зэрихьэу зэрыщIидзам къигъэхъуагъэнщ ″**щIы**н″ глаголри.

″ЩIын″ lуэхур къызэрекIуэкIрэ зэрыкIуатэр бзэ лэжьэкIэм къызэриIуэтапхъэр ″щIы″ кIуэтэгъуэу (э) зэпкъырыувэ ″щIэ″р зи глаголыпкъ ″**щIэн**″ глаголым къызэриIуатэри гурыIуэгъуэщи, ар пщIыуэ щытыр къызэрыIуатэ глаголщ.

ПщIыуэ щытым ар зэрыпщIыну щIыкIэри къызэриуитыр гурыIуэгъуэнти, ″щIын″кIэрэ утыку къихьэр аргуэру зэрыщIыфынурэ ″щIын″ым зэрыпыщэфынур ″щIы″м и кIуэтэгъуэ ″щIэ″р зи глаголыпкъ ″щIэн″ глаголкIэрэ къызэрыIуэтапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Араци, ″**щIэн**″ыр ″щIын″кIэрэ утыку къихьэу а ″щIын″ыр зытеухуар аргуэру зэрыгъэзэщIэф лъэкIыныгъэ къизыIуэ глаголщ. Зыгуэрыр зыщIым ар аргуэру зэрищIыфыну лъэкIыныгъэ зэригъуэтыр гурыIуэгъуэнщи, мыращ ″щIэн″ глаголыр.

ЦIыхум ищIыу щытрэ ищIам къырит лъэкIыныгъэр а ищIамрэ абы хуэдэхэр аргуэру зэрищIыфыну лъэкIыныгъэращи, мы лъэкIыныгъэр зэригъэлэжьэну глаголыр мы зи гугъу тщIа ″щIэн″ращ. Ауэ мы лъэкIыныгъэр зэрылэжьэну мы ″щIэн″ глаголым нэмыщI, зы лъэкIыныгъэу ар зыщIэм хэлъыжращи, мыри инфинитив глаголу ухуарэ ″щIэн″ глаголкIэрэ лъэжьэну хьэзыру щыт ″**щIэн**″ псалъэмкIэщ къызэрыIуатэр. Дэтхэнэ гуэрыр зы″щIын″ум а и″щIын″ум теухуа ″щIэн″ зэриIэм хуэдэжу, дэтхэнэ зы щыIэрэ зы щIыгъуэм итыр мы зэрыщIакIэрэ зы ″щIэн″ зиIэрщ. Мы псалъэм къызэрыгуэкIщи, зыгуэрыр зыщIынум а гуэрыр зэрыщIа ″щIэн″ хэлъын хуейщи, ар зыхэлъым а гуэрым теухуа ″щIэн″ зиIэрщ. Араци, зыгуэрыр зы″щIын″ум ар къызэрыхъуарэ зэрыщIа ″щIэн″ыр хэлъын хуейщи, ари а гуэрыр зэрищIрэ зэрищIэкIэрэщ зэрыухуэр. Зыгуэр ″щIын″ хуеймэ, ар зэры″щIын″ щIыкIэр ″щIэн″ зэрыхуейр гурыIуэгъуэщи, мы ″щIэн″ глаголыр лъэжьэн папщIэ, ар зыгъэлэжьэну нэрыбгэм хэлъын хуей лъэкIыныгъэращ мыбдежым зи гугъу тщIы ″щIэн″ри, ари ″щIын″ хуейуэ зи гугъу тщIы гуэрыр зэрыщIарэ зэрыухуам теухуа ″щIэн″ращ. Зыгуэрыр ″щIын″ лъэкIыныгъэ зиIэр ар зэрыщIа ″щIэн″ зыхэлърэ абы теухуа ″щIэн″ зиIэращи, мыри а гуэрыр аргуэру зэри″щIын″у глагол ″щIэн″ыр зэригъэлэжьэфынуращ. Мыри ″щIэныгъэ″ жыхуаIэращ. Араци, ищIыфынур зытеухуа ″щIэн″ глаголыр зыгъэлэжьэнум езым хэлъыж ″щIэн″ыр а ищIынур зэрыщIа ″щIэн″ым езэгъ зы ″щIэн″щи, ″щIэныгъэ″ жыхуэтIэм мыхэр мы къызэрыIуатэм

езэгъыу зыхэлэжьыхьращ. Зыгуэр щIын хуеймэ, ар зэращI лъэкIыныгъэу ″щIэн″ уиIэн хуейщи, зэрыпщIыну щIыкIэри зэбгъэщIэн хуейщ; зэращI лъэкIыныгъэу ″щIэн″ зыхузэбгъэпэщынумэ, абы и щIэныгъэр зэбгъэщIэн хуейщ, ари щIэныгъэкIэ зэбгъэщIэфынщ.

ТIанэ, ″щIы″м тетрэ ″щIын″ lуэхугъуэу а лъандэрэ мыщIауэ щытрэ япэу утыку къыщихьэ дыдэу зэрыщIрэ ″щIыуэ щыт″ыр ″щIы″ кIуэтэгъуэм (э) къиIуэтапхъэщи, мыпхуэдэу утыку къихьэ зы ″макъ псалъэ″ри ***″щIэ″***щ. ГъащIэрэ къэхъу къекIуэкIым елъытуэ зыгуэрыр щыIэгъуэ зэригъуэтрэ зы щIы лIэужьыгъуэу утыку къыщихьа дыдэр ″щIэ″уэ зэрылъытэм нэмыщI, ″щIын″рэ ″щIэн″ lуэхугъуэкIэрэ а лъандэрэ ямыщIарэ ямыщIэр зэращIрэ зэрагъащIэу утыку утыку къихьари ″щIэ″щ. ″ЩIэ″р зылъытэм теухуауэ иджы дыдэ утыку къихьэу ящIрэ ящIэу щытращ; ар иджырэ къэс мыщIарэ къэмыунэхуауэ щыту гукъэкIрэ гулъытэ зыхущIагъащIэращ.

***″ЩI″*** *макъым къытехъукIа* ***″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукIыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

Япэрауэ ***″щI″*** *макъым къытехъукI* ***″макъ псалъэ″хэр макъ къызэрыпыхьэкIэрэ*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьу* ***ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

ЩыIэгъуэ лъабжьэщ ″щ″ыри, щыIэгъуэ зиIэу утыку къихьэри ″щI″ макъ мыхьэнэкIэрэщ къызэрыIуатэр. Ар щыхъукIи, щыIэгъуэ зиIэу утыку къихьэ дэтхэнэ гуэрыр ″щI″ макъ мыхьэнэкIэрэ къэIуэтапхъэщ, икIи ар занщIэу бзэм зэрыхэхьэри ″щIы″ макъ псалъэщ. Ауэ зы ″макъ псалъэ″у щыт ″щIы″р зытеухуарэ бзэм зэрыхэхьар гурыIуэгъуэщи, мы и мыхьэнэкIэрэ абы макъ къыпыхьэу бзэм хэлэжьыхьу ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «щIыгу, щIылъэ, щIыпIэ».

Зы ″щIы″м теухуарэ зы ″щIы″ лIэужьыгъуэ утыку къигъэхьэныр ″щIын″ глаголкIэрэщ къызэрыIуатэри, мы и мыхьэнэкIэрэ ″щIын″ lуэхугъуэр зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпыхьэу ухуэж глаголхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. ″ЩIын″ lуэхур зы щIыпIэм зэрыгъэзащIэр къизыIуэу ухуэж глаголхэр а lуэхур а щIыпIэм къекIуэкIыу зэрыщытыр къызэрыIуатэущ зэрыухуэжри, зэрыигъуэкIэрэ ″хь″ кIэухкIэрэщ зэрызэпкъырыувэр: «ищIыхьын, lущIыхьын, гуэщIыхьын, дэщIыхьын, тещIыхьын, щIэщIыхьын, кIэрыщIыхьын, къэщIын, къуэщIыхьын, хэщIыхьын, хуэщIын, пыщIыхьын, нэщIын».

Аращи, ″щIын″ глаголыр щыгъэзащIэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр префикс зэрыхуэхъурэ, къекIуэкIыу зэрыщытри ″хь″ кIэухкIэрэщ къызэрыIуатэу мы глаголхэр зэрыухуари, ″хь″ым ипIэкIэ ″кI″ кIэух къыпыхьэу щыухуэжым деж, а щIыпIэм къыщекIуэкI ″щIын″ lуэхум къиIуатэр – а щIыпIэ къизыIуэу префикс хъуа макъ мыхьэнэм елъытауэ-абдежым зы lыхьэ игъэкIыныгъэу ″щIын″ lуэхущ къиIуатэр. Мыпхуэдэ

щапхъэхэр игъуэ префикскlэрэ щапхъэу къэтхьынщ: «ищlыкlын, lущlыкlын, гуэщlыкlын, дэщlыкlын, тещlыкlын, щlэщlыкlын, кlэрыщlыкlын, къуэщlыкlын, хэщlыкlын, пыщlыкlыын».

"Хь, кl" кlэухрэ суффиксхэм ягъэзащlэр гурыlуэгъуэщи, зэрыгъэзащlэм зы зэманыгъуэрэ зы гъуэгуанэ зыхьыныгъэмрэ (хь) lуэхум кlэ зэригъуэтрэ зэрыухыныгъэщ (кl). Мы суффиксхэм "щlын" глаголым хуагъэзащlэри гурыlуэгъуэщ: абы и мыхьэнэм елъытарэ теухуа lуэхугъуэщ. Ауэ "хь, кl" суффиксхэм ягъэзащlэ lуэхугъуэр икlи "э"м игъэзащlэр нэхъ lупщlыу къызэрыlуатэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, "хь, кl" суффиксхэм ягъэзащlэ lуэхугъуэ мынахуэ дыдэу "э" кlэухкlэрэи къызэрыlуэтэфыр адрей макъхэм теухуауи къэдгъэлъэгъуагъэххэщ. Аращи, "хь, кl" суффикскlэрэ къэlуатэу ухуа глаголхэр "хь, кl"ым ипlэкlэ "э" кlэухкlэрэи зэрыухуэфынур гурыlуэгъуэщ. Ауэ "щl" макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэ къызэрытхуэхъуащи, "щlын" глаголым зи гугъу тщlы префиксхэр къищтэрэ "э" кlэухкlэрэи щылажьэм деж къэlуатэр префиксхэм къагъэлъагъуэ щlыпlэм "щlын"ыгъэу къекlуэкl (э) гуэр зэрыщыlэращ. Мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэри, "щlын" глаголыр къыпыхьэ макъкlэрэ зэрылажьэ щlыкlэм теухуа щапхъэхэщ: «ищlэн, lущlэн, гуэщlэн, дэщlэн, тещlэн, щlэщlэн, кlэрыщlэн, къуэщlэн, хэщlэн, пыщlэн».

"Щlын" lуэхур зэрыгъэзащlэу зэрыщытри "щlэн" глаголкlэ къызэрыlуатэр гурыlуэгъуэщи, мы къэта щапхъэхэр икlи мы "щlэн" глагол зыхэтуи лъытапхъэщ. Ауэ "щlын" lуэхугъуэу къекlуэкlыр "щlэн"у къызэрыlуатэм езэгърэ икlи нэмыщlыу зы глаголу щытщ "щlэн"ри, ар "щlын" lуэхугъуэм лъабжьэ хуэхъужыныгъэ зиlэр къызэрыlуатэращ. Ари къыпыхьэ макъхэмкlэ бзэм зэрыхэлэжьыхьынур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэу ухуэж префиксиал глаголхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «егъэщlэн, зыригъэщlэн, къэщlэн, хэщlыкlын, хуэщlэн».

Мы "щlэн" глаголыр "щlын" лъэкlыныгъэ зиlэнращи, мыпхуэдэ глагол формэу ухуэрэ глаголу щымыт зы псалъэри мы лъэкlыныгъэр къызэрыlуатэу "щlэн"ращ. Абы макъ къыпыхьэу къытехъукlыж псалъэхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «щlэнышхуэ, щlэныгъэ, щlэныгъэшхуэ».

"Щlын" lуэхум лъабжьэ хуэхъу лъэкlыныгъэщ "щlэн"ри, ар зэрылажьэ щlыкlэр "щlэн" глаголращ. Мыпхуэдэуи "щlын"ыр мэужь, мэбагъуэр. "Щlэн" лъабжьэкlэрэ утыку къихьэ "щlын" lуэхур утыку къыщихьа дыдэр ипэкlэ мыщlауэ щытращи, ари "щlэ"уэщ зэрылъытэр. "Щlэ"р а лъандэрэ мыщlарэ щыlэ мыхъуа гуэрыр утыку къыщихьэ дыдэр къызэрыlуатэ псалъэщи, мыбы къыпыхьэ макъхэмкlэ къытехъукlыж псалъэхэри щыlэщ: «щlэрыпс, щlэ-гъуэ → щlагъуэ (щlагъуэ ущlэ: "щlэ"пlэ ит ущlэ), гъэщlэгъуэн».

***"Щl"*** *макъым къытехъукlа* ***"макъ псалъэ"****хэр зыхэту ухуэ* ***"псалъэ зэгуэт"***хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Щlы″ макъ псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «″щlы, дэ″ → щlыдэ; ″щlы, ирикlуэ(н)″ → щlырыкlуэ».

Ауэ дэтхэнэ гуэрыр утыку къызэрихьэр ″щlын, щlэн″ глаголкlэрэщи, дэтхэнэ зы псалъэм ″щlын, щlэн″ глагол лэжьэкlэр къыщыпыхьэм деж, а псалъэ мыхьэнэр зэрыгъэзащlэрэ зыгъэзащlэр къэзыlуатэ ″псалъэ зэгуэт″ мэухуэр. Мыпхуэдэу ухуэ псалъэхэр ″щl″ыр суффикс зэрыхъукlэрэ утыку къихьэ псалъэхэуи еджапхъэщ, ауэ икlи ″псалъэ зэгуэт″у зэреджапхъэри гурыlуэгъуэщи, мыбдежым ″псалъэ зэгуэт″у и гугъу щытщlынщ. Ауэ мыпхуэдэу ухуэ ″псалъэ зэгуэт″ыр бзэм щызекlуэрэ игъуэу лъытэн папщlэ, а псалъэри ″щlын, щlэн″кlэрэ гъэзэщlэфу зэрыщытын хуейри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, игъуэу щыт дэтхэнэ зы псалъэм ″щlын, щlэн″ глаголыпкъ ″щlы, щlэ″р къыпыхьэжрэ ар зэрыгъэзащlэрэ зыгъэзащlэр зи мыхьэнэуэ ″псалъэ зэгуэт″ зэрыухуэ щапхъэхэр ди ″макъ псалъэрэ глагол″хэм щыщ гуэрхэу зыхуэигъуэхэм теухуа къэтхьынщ: «lэщl - lэщlэ, lущl - lущlэ, lуэщl - lуэщlэ, сэщl - сэщlэ - сащlэ, цыщl - цыщlэ - цащlэ, дзэщl - дзэщlэ - дзащlэ, гъуэщl - гъуэщlэ - гъуащlэ, гущl - гущlэ, жьэщl - джэщlэ - жьащlэ, щэщlэ, щlыщl - щlыщlэ, шэщl - шэщlэ - шащlэ, кущl - кущlэ, клэщl - клэщlэ - клащlэ»; «ищl - ящlэ, уэщl - уэрыщl - уэрыщlэ - уащlэ, lущl - lущlэ, lуэщl - lуэщlэ - lуащlэ, сыщl - сырыщl - сыщlэ - сащlэ - сырыщlэ, зыщl - зыщlэ - защlэ, дзыщl - дзыщlэ - дзащlэ, джыщl - джыщlэ - джащlэ».

lэпэбжэкlэр етlуанэу зэрыгъэзащlэр къызэрыlуатэ псалъэу утыку къызэрихьар гурыlуэгъуэ къещlыр ″тlощl″ псалъэми, ар зэрыухуарэ абы хуэдэу къэlуэта нэгъуэщl бжыгъэцlэхэри ″щlын″кlэрэ зэпкъырыуващ: «″тlэу, щl(ын)″ → тlэущ → тlощl»; «″щы, щlын″ → щэщl; блыщl, тхущl, хыщl, ищl, тхущl, блыщl»; «″тlу, щlын″ → тlууэ щla → тlуащlэ».

″Щlын″рэ ар гъэзащlэу зэрыщытыр къызэрыlуатэ ″щlэн″ыр зыхэту ухуа мы щапхъэхэр икlи ″щlын″ лъэкl зиlэныгъэу зи гугъу тщla ″щlэн″ глаголым теухуауэ зэреджапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Зыгуэрыр зыщlрэ, ар ищlыу щытыр икlи ар зэрыщlынур зыщlэращи, мы къэта щапхъэхэр икlи ″щlэн″ глаголыр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэхэуи зэрылъытапхъэм папщlэ, абы теухуа щхьэхуэхэри щхьэхуэу къэтын хуэныкъуэжынкъым.

Ауэ ″щlэн″ глаголыр зытеухуа лъэкlыныгъэр къизыlуэ ″щlэн″ псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхзъэхэр къэтхьынщ: «″щlэн, хабзэ″ → щlэнхабзэ; ″щlэн, фlы″ → щlэныфl, щlэныфlэ (″щlэныф″у щыт); ″щlэныгъэ, бзэ″ → щlэныгъэбзэ».

Зы ″макъ псалъэ″у зи гугъу тщla ″щlэ″р зы плъыфэцlэщи, щlэуэ лъытапхъэ дэтхэнэ зы псалъэм къыпыхьэжу ″псалъэ зэгуэт″ зэрыухуэнур гурыlуэгъуэнщ. Мыри нэхъыбэу щыlэцlэхэм зэрытеухуапхъэр гурыlуэгъуэщи, нытlэ ди ″макъ псалъэ″ щапхъэхэм плъыфэцlэу щыт ″щlэ″ псалъэр къазэрыпыхьэкlэрэ ухуэ ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэхэр

къэтхьынщ. Нытlэ, мы къэта щапхъэхэр ″щlэ″р къызпыхьэ ″псалъэ″м и мыхьэнэкlэрэ ухуа ″псалъэ зэгуэт″у еджэн хуейщ: «lэщlэ, lущlэ, lуэщlэ, сэщlэ, цыщlэ, цlэщlэ, дзэщlэ, гъуэщlэ, гэщlэ, гущlэ, дэщlэ, жьэщlэ, щэщlэ, щlыщlэ, шыщlэ, шэщlэ, кущlэ, куэщlэ, кlэщlэ, къущlэ, къуэщlэ, кхъэщlэ, кхъуэщlэ, хъыщlэ, хъущlэ, хыщlэ, хущlэ, хьэщlэ, лъэщlэ, лыщlэ, лlыщlэ, пэщlэ, пlэщlэ, фэщlэ, выщlэ, мэщlэ, нэщlэ».

″Хьэщlэ″ псалъэм мыхьэнитl зэриlэр гурыlуэгъуэщи, зы цlыхур ″хьэ″уэ зэрилъытэу щытам къытехъукlаращ, адрейри зы псэущхьэр зэрылъыта псалъэущ. Нытlэ, ″хьэщlэ″ жыхуэтlэр япэу мы бзэр къэзыпсэлъ лъэпкъым щымыщу ар зыдис щlыпlэм къэкlуар ″щlэ″уэ зы цlыхуу зэрылъытакlэрэ утыку къихьа зы псалъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Икlи ″хьэщlэн″ глагори ″хьэщlэ хъун″ мыхьэнэкlэрэ ухуауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ.

*″**Щl**″ макъ мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″щl″ыр щыlэгъуэ зиlэу зэпкъырыуваращ, дэтхэнэ зы щыlэгъуэ зиlэр зы щlыпlэу лъытапхъэщ, ауэ ″щlы″р нэхъ наlуэу зытеухуар щыlэгъуэ зиlэу пкъыгъуэ зыгъуэтаращ. Араща, щыlэгъуэм теухуащ ″щl″ макъ мыхьэнэри, щыlэгъуэ зиlэу утыку къихьа дэтхэнэ гурыр зы ″щlы″уэ лъытапхъэрэ къызэрыlуэтапхъэм ипкъ иткlэ, гъэзащlэ дэтхэнэ гуэрыр ″щlы″м теухуащ. Мы псалъэм зэрезэгъща, щыlэгъуэр зэрыщыlэрэ зэрызекlуэу къэхъуу хъуар ″щl″ макъкlэрэ къэlуатэу ″щlын″рэ ″щlэн″ лlэужьыгъуэща, езыр езырурэ къэхъури, ужьыгъуэрэ бэгъуэныгъэу къэхъури, еужьыхыгъуэрэ хэщlыныгъэу къэхъури ″щl″ макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм къызэриlуатэу ″щlы, щlын, ″щlэн″ лlэужьыгъуэхэрщ: «мащlэ, хэщlэн, хэщlын, хэкlуэщlэн, хэкlуэщlын, кlуэщlын, щыщlын, къыщыщlын, щыщlэн».

″Щlы″р утыку къихьа щыlэгъуэрэ къытехъукlынуми пlэ хуэхъуращи, мыпхуэдэу зы ″щlы″м теухуа псалъэхэщ мыхэр: «щlылъэ (зы ″щlы″ пкъыгъуэрэ ″лъэ″ зиlэ), щlыгу (зы ″щlы″ lэнатlэ, ″щlы″ джарэ джыпхъэ), щlыпlэ (″щlы″р зыгуэрхэм ″пlэ″ зэрыхуэхъу); щlыlэ, щlыlэ лlэн, щlыlэлlэ».

Щыlэгъуэ пкъыгъуэр ″щlы″ ужьыгъуэ ″уэщl″у лъытапхъэщи, абы дэтхэнэ и зы ″щlыпlэ″ри ″щlы″ лlэужьыгъуэщ. ″Нэщl″ жыхуэтlэр зы пкъыгъуэу тлъытэ ″щlы″ ухуэпlэрэ ″щlы″ хъупlэщ, ″щlыпхъэ″рэ потациалу ″щlы″щ. Мыбы къытехъукl псалъэхэщ мыхэри: «нэщlыгъуэ, унэщlын; гунэщl, нэщlын – нэщl убыдын».

Сытри зы ″щlы″ лlэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ″щlы″ псалъэмкlэ мылъытапхъэрэ къэмыlуатэми, щыlэгъуэрэ космосым хиубыдэу щыlэгъуапlэм ит дэтхэнэ зы щlыпlэр ″щlы″уэ зэрылъытапхъэу ″щl″ макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуэтапхъэщ; «нэщl, нэщlыгъуэ; нэгъуэщl, нэмыщl, пэмыщl».

Дэтхэнэ гуэрыр зы ″щIы″ лIэужьыгъуэу зэрылъытэкIэрэ, абы тетыныгъэри ″щI″ макъкIэрэ къэIуатэ псалъэхэу мэухуэр: «щIыIу, гущIыIу».

″ЩIын, щIэн″ lуэхугъуэу утыку къихьахэр къызэрыIуатэ псалъэу ухуахэщ мыхэр: «lэщIагъэ – lэщIагъ, lэдэкъэщIэкI; щIеин».

″ЩIын, щIэн″ глаголыр зэрыгъэзащIэр къизыIуэ макъхэр къыпыхьэу ухуэж глаголхэщ мыхэри, къыпыхьэ макъыр зытеухуа формэм елъытауэ ″щIын, щIэн″ lуэхугъуэр зэрыгъэзащIэр зэрызэхъуэкIри гулъытапхъэщ: «дэщIын, зэдэщIэн, lущIыхьын, егъэщIын, егъэщIэн, гуэщIэн, гуэщIыхьын, щыщIэн, щIэщIыхьын, кIэрыщIыхьын, къэщIын, къэщIэн, къуэщIыхьын, къуэщIэн, хэщIыхьын, хэщIэн, хуэщIын, хуэщIэн, пыщIыхьын, пыщIэн, фIэщIын, фIэщIэн, фIэщыхьын, нэщIын».

Дэтхэнэ гуэрыр зы ″щIы″ лIэужьыгъуэу зэрылъытэрэ зэрыщIкIэрэ (щIын - щIэн) гъэзащIэу, зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къизыIуэ макъхэр къыпыхьэу, ауэ ″щIын, щIэн″ глагол лэжьэкIэу къэхъуауэ къэта мы глаголхэм хуэдэу щымытрэ глаголыщIэрэ псэлъэщIэхэу утыку къихьахэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «ищIын – ищIэн, ущIын, ущIиин, зыщIын, зэщI, зэIу-зэщI, защIэ, занщIэ, гъэщIэн, гъащIэ, гъэнщIын – зыгъэнщIын, гъущI, гущIэ, гуращIэ, гуащIэ, дэщIын - зэдэщIын, тIэщIын, жэщIын, жьыщIын, щыщIын - щыщIэн, щыщIын – къыщыщIын, щIэщIэн, шэщIын, куэщI, кIэщI, къэщIыхьын, къуэщIий, хъущIэн, хъунщIын – хъунщIэн, хэщIын, хущIын, лъэщIын, лъащIэ, лIыщIэ, пыщIэн – зэпыщIэн, пэщIын – зыпэщIын - зыпэщIыжын, фIэщIын - къыфIэщIын, фIэщIэн – къыфIэщIэн, вэщIэн, мащIэ, псынщIэ, тхъунщIын – тхъунщIэн, тхьэщIын, лъхущIэн – лъхуэщIа, пхащIэ, нэIэплъэщI, бзыщIын – убзыщIын».

ЩыIэгъуэ пкъыгъуэр къызэрыIуатэр ″щIы″ращи, абы теухуауэ гъэзащIэр ″щIын, щIэн″ глаголхэращ къызэрыIуатэри, мыбдежым къэта щапхъэхэр мы псалъэхэм къатехъукIыжахэращ. Ауэ мыбдежым къэта щапхъэхэр мы псалъэхэм къатехъукIыжа псалъэхэракъыми, мыпхуэдэ мыхьэнэ зэриIэкIэрэ ″щI″ макъым къытехъукIыжа псалъэхэу лъытапхъэщ. Мы лъэныкъуитIкIэ ухуауэ къэта мы псалъэхэм щыщ гуэрхэр зэхуэдэу зэрызэпкъырыувар гулъытапхъэщи, зэхуэдэу ухуарэ мыхьэнитI-щы зиIэ псалъэхэщ. ИкIи мы къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэр ″псалъэ зэгуэт″у зэрыухуакIэрэи еджапхъэщ: «″ху(жь), щIын″ → хущIын; ″бзы, щIын″ → бзыщIын, ″лIы, щIэ/щIын″ → лIыщIэ».

Зы щыIэгъуэ пкъыгъуэщ ″щIы″м гурыIуэгъуэ къищIри, ар дэтхэнэ гуэрыр къызтехъукIрэ зытещIыхь лъабжьэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэу зы лъабжьэ формэр ″щI″ макъкIэрэ къызэрыгъэлъагъуэу гъэзащIэ lуэхугъуэхэр ″щI″ макъкIэрэ къежьэу къэIуэтапхъэщ. Мыр ″щI″ макъыр префикс зэрыхъу щIыкIэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, ар илъабжьэкIэ къэтащ, ауэ мыбдежым мыпхуэдэу ухуауэ утыку къихьа псэлъэщIэхэращ щапхъэу къэтхьыр: «щIэсын, щIэлъын, щIэтын, щIэзын,

щIэгуэн, щIэкуэн, щIэтIэн, щIэцIын – щIэцIэн, щIэжьын – щIэжьэн, щIэкхъун – щIэкхъуэн, щIэкIын, щIэкъун - щIэкъуэн, щIэхъуэн, щIэх, щIэхын, щIэхьэн, щIэфын, щIэнэн – къыщIэнэн, къыщIэныын - къыщIэныжын».

"ЩIы"р лъабжьэу зэрылъытэу ухуа псалъэхэщ мыхэри, дэтхэнэ гуэрым и лъабжьэри "щIы" щIын IуэхугъуэУ зэрылъытэкIэрэ ухуа псалъэхэщ мыхэри: «щIагъ щIыIу; щIагъ-щIыIу; бгъуэнщIагъ»; «щIэблэ, щIалэ».

Дэтхэнэ гуэрыр зы "щIы" лIэужьыгъуэу зэрылъытэрэ, "щIы"ри лъабжьэу зэрылъытэм езэгъыу къэхъуа псалъэхэу жыIэпхъэщ мыхэри: «щIыгъун, дэщIыгъун»; «щIэгъун, игу щIэгъун, гущIэгъу».

*"**ЩI**" макъым "**префикс – суффикс къалэн**"у игъэзащIэхэр.*

Зы лъабжьэрэ щIэтыпIэм щыгъэзэщIыхь IуэхугъуэхэР "щIэ"р префикс зэрыхуэхъукIэрэщ къызэрыIуатэри, глаголхэр мыпхуэдэу зэрыухуэж щапхъэхэр ди "макъ глагол"хэм теухуауэ къэтхьынщ: «щIин, щIун, щIуэн, щIэIун, щIэIуэн, щIэсыхьын*, щIэзыхьын*, щIэдзын, щIэгъыхьын*, щIэгъухьын*, щIыджын, щIэджыхьын*, щIэджэн, щIэдын, щIэдыхьын*, щIэдэн, щIэжыхьын*, щIэжэн, щIэжьыхьын*, щIэжьэн – щIэжьыхьын*, щIэщын, щIэщыхьын*, щIэщэн, щIэщIыхьын*, щIэшэн, щIэчын, щIэчыхьын*, щIэчэн – щIэчыхьын*, щIэкIыхьын*, щIэкIухьэн*, щIэхъухьын*, щIэхун, щIэхьэн*, щIэлъэн, щIэлэн, щIэлIэн, щIэпIын, щIэпIыхьын*, щIэфыхьын*, щIэвын, щIэвыхьын*, щIэвэн».

Зы глаголыр лъабжьэрэ щIагъ формэкIэрэ зэрыгъэзащIэр "щIэ" префикс къызэрищтэкIэрэщ къызэрыIуатэри, мыпхуэдэ зы IуэхуР зыгуэрым и лъабжьэрэ и щагъыу зы щIэтыпIэм зэрыгъэзэщIыхьым нэмыщI, а IуэхуР зыгуэрым и лъабжьэм теухуауэ зэрыгъэзащIэ щIыкIэри къызэрыIуэтэфым папщIэ, глаголыр псэлъитIыу зэрыухуэр мы къэта щапхъэхэм хыболъагъуэр. TIанэ, глаголыр зытеухуа Iуэхугъуэм елъытащи, лъабжьэрэ щIагъым къызэреIуэкIыр "хь"ыр суффиксу къызэрищтэжкIэрэщ къызэрыIуатэри, мыпхуэдэхэри "*"кIэрэ къыхэгъэщащ.

"ЩI"ыр икIи лъабжьэ зи мыхьэнэкIэрэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, лъабжьэ зи мыхьэнэуэ глаголхэм префикс щыхуэхъум деж, а глаголыр зытеухуа IуэхугъуэР гъэзэщIэн хуей зэрыхъу лъабжьэр къыхэщу мэухуэжыр. Мыпхуэдэ щапхъэхэри ди "макъ глагол"хэм теухуауэ къэтхьынщ. Мыпхуэдэу лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ мыхьэнэкIэрэ "щI"ыр префикс зыхуэхъу глаголхэр "хуей" хуэдэ гъэтэмэмыныгъэ псалъэ къыпыхьэжущ е глагол лэжьэкIэм "р"ыр кIэух къыхуэхъущ къызэрыIуэтапхъэр (щIэкIуэр сыр?, аращ ар щIэкIуэр). Ауэ мыбежыр щхьэжу глаголым мы префиксыр къызэрищтэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «щIэин, щIэун, щIуэн, щIэIун, щIэIуэн, щIэсын, щIэзын, щIэдзын, щIэгъын, щIэгъун, щIэджын, щIэджэн, щIэдын, щIэдэн, щIэжын,

щlэжэн, щlэжьын, щlэжьэн, щlэщын, щlэщэн, щlэшэн, щlэчын, щlэчэн, щlэкlын, щlэкlуэн, щlэхъун, щlэхун, щlэхьын, щlэлъэн, щlэлэн, щlэлlэн, щlэплын, щlэфын, щlэвын, щlэвэн».

**"Ш" макъыр.**

*"**Ш**" макъым къытехъукl "**макъ псалъэ**"хэр.*

"Щl" макъыр "щ"ыр къыздыщыхъуращ абы къызэрытехъукlыжри, мы макъ къэхъуныгъэ щlыкlэм бзэгупэ лъэныкъуэм къытехъукlыжыр "ш" макъращ. "Ш" макъым и мыхьэнэри макъ къэхъуныгъэкlэ къызтехъукla макъхэм пыщlэныгъэ зыхуиlэу зы макъщ. "Щ"ырэ "щl" макъым къыкlэлъыкlуэу мы макъ гупым щыщу утыку къихьэ "ш" макъым и мыхьтэнэри мы макъхэм елъытарэ пыщlащи, ар щыlэгъуэ зыгъуэтым пкъыгъуэ зэригъуэтыр къизыlуэ "щlы" лlэужьыгъуэу щытым къыхэхъукlыж продукцэу лъытапхъэщ. Мы и макъ мыхьэнэкlэрэ зыгуэрхэм къыхэхъукlыныгъэр къизыlуэ "ш" макъри куэд имыкlуэу бзэм хэлэжьыхьу щlидзагъэнщи, мыпхуэдэу къэхъуауэ бзэм зы "макъ псалъэ"у зэрыхэхьа щlыкlэу нобэм къынэсари, псэущхьэхэм къалъху "**шыр**"ыр зэрыпl пlапlууэ щыт "**шэ**"рауэ къыщlэкlынщ. Ар псэущхьэ анэм къыщlэж "шы"уэ щытыныр (э) зи мыхьэнэуэ ухуэ псалъэу лъытапхъэщ.

Зыгуэрым къыхэкlрэ (ш) щхьэж щыlэгъуэ (э) зыгъуэтри, къызхэкlым (ш) къызэрыхэкlыу гъуэгу техьэрэ кlуэуэ щыт (э) гуэрхэри "шэ"уэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, мы къэlуэтэкlэм зэрезэгъкlэрэ игъуэр къэсрэ цlыхум зэригъэпэщ lэщэкlэ ядз гуэрхэри "**шэ**"уэ зы "макъ псалъэ"ущ зэрылъытэр. Ауэ мыр зи гугъу тщla lэщэр къигъэунэхуа нэужь утыку къихьа зы псалъэщи, ар пlапlууэ щыт "шэ"м елъытауэ куэдыlуэкlэ иужь къэхъуауэ зы псалъэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ.

"Шэ"р пlапlу мыхьэнэкlэрэ зы "макъ псалъэ"у бзэм щыхэхьа зэманыгъуэу жыlэпхъэщ псэущхьэм къилъхур "шыр"у зэрылъытари, мыбы иужь куэд щlагъэнкъым фэ лъабжьэм ирищlэрэ къигъэкlын хуейуэ щыт тклуаткlуэри "**шын**"у зэрылъытар.

"Ш" макъым къытехъукl мы "макъ псалъэ"хэм нэмыщl, мы гъэзащlэ lуэхугъуэхэм теухуа макъ мыхьэнэкlэрэи бзэм хэлэжьыхьу зэрыщlидзэнур гурыlуэгъуэнщ. И макъ мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэкlэ къыздынэса зы щlыпlэм деж, зыгуэрым къыхэкlрэ (ш) а къызхэкlам бгъэдэкlыныгъэу гъуэгу техьэу кlуэтэныгъэ (э) къэхъур "шэ" макъ мыхьэнэм къызэриlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу къэхъу lуэхугъуэхэрэ мыпхуэдэу гъэзащlэхэр къизыlуэ "**шэн**" глаголыпкъыу "**шэ**"р зы "макъ псалъэ"у хэхьащ.

Игъуэр къыщысым деж, цlыхум дежкlэ "шэн" lуэхугъуэм теухуарэ хуэlуауэ илъытащ зы псэущхьэри, ар "шэн" lуэхум ехьэлlарэ хуэlуауэ зэрыщытыр "шэ-ы → шы"уэ ухуэу утыку къихьа зы "макъ псалъэ"у

**″шы″**уэщ къызэрыlуэтар. Мы ″шы″ псалъэр къыщыхъуар ипщэклэ къэта ″макъ псалъэ″хэм елъытауэ гъунэугъу лъэхъэнэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ, - бзэр зэрыхъун хъуарэ хуиту лажьэу щыщыт лъэхъэнэращ.

″Ш″ макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, ар щыlэгъуэ зиlэм къыщlэхъуэращ. Зы псэущхьэм къыщlэхъуэ ″шэ″ри зыдитыплэм къыщlэгъэклын lуэгъуэри зэрыигъуэклэрэ къызэрыlуатэпхъэр ″**шы**″р глаголыпкъ зыхуэхъуа ″**шы**н″ глаголклэщ.

Мыпхуэдэу ухуа мы глаголым нэгъуэщl мыхьэни иlэщ. Аращи, зыгуэрыр зы щlыплэм къикlынрэ клуэтэныр, зэрыхъун хуейрэ зэрыщытын хуейм щхьэщыклынри ″ш″ макъ мыхьэнэклэрэ къоlуатэри, зы ″макъ псалъэ″у ″**шы**″р зи глаголыпкъ ″**шы**н″ым бзэм хигъэзэщlыхьри мыпхуэдэ мыхьэнэщ: «дзэр шын, си дзэр мэш».

***″Ш″*** *макъым къытехъукlа* ***″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукlыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

Япэу ***″ш″*** *макъым къытехъукlа* ***″макъ псалъэ″хэр макъ къыпыхьэу*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ* ***ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Шын″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыклэр къэзыгъэлъагъуэ макъ къыпыхьэу зэрыухуэжым къытехъукl глаголхэщ мыхэр: «ишын, тешэн, зэтешэн, щlэшын, къэшын, клэрышын, хэшын, пышын».

″Шын″ lуэхур гъэзащlэу зэрыщытыр ″шэн″клэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщи, мы щапхъэхэм мыпхуэдэхэри хыболъагъуэр. Ауэ ″шын″у ухуа мы глаголым нэгъуэщl зы мыхьэни зэриlэр гурыlуэгъуэщи, а ″дзэ шын″ глаголым нэгъуэщl макъ къыпыхьэу глагол къытехъукlыжыпхъэхэр флырыфlклэ бзэм щыземыклуэнур гурыlуэгъуэнщ.

Мы глаголхэм хуэдэу глагол формэ иlэу ухуарэ мыглаголу щыт зы псалъэщ ″шын″ри, ар къыпыхьэ макъхэмклэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «шынжьей, шынбыб».

″Шэн″ глаголыр къыпыхьэ макъхэмклэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу къытехъукlыж глаголхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «ишэн, lушэн, гуэшэн, дэшэн, тешэн, щlэшэн, клэрышэн, къэшэн, къуэшэн, хэшэн, хуэшэн, пышэн, флэшэн, нэшэн».

Зы щlыплэм хуэклуэу гъэзащlэ ″шэн″ lуэхур къызэрыlуатэ щlыклэу префиксиалу ухуэж глаголхэщ мыхэри, а щlыплэр зи къежьаплэу ″шэн″ lуэхур зэрыгъэзащlэри ″шэ-ы-н″у ухуэж ″шын″ыр глаголыпкъ зыхуэхъу префиксиал глаголхэмклэщ къызэрыlуатэр: «ишын, lушын, гуэшын, дэшын, тешын, щlэшын, клэрышын, къуэшын, хэшын, пышын, флэшын».

″Шэн″ lуэхугъуэр езыр клуэтэгъуэщи, ар ″хь″ клэухклэрэ ухуэж ″шыхьын″ глаголым зыгуэрыр езым зызэрыхуэшэклэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэ къеклуатэр. Ар зэрыгъэзащlэ щlыклэрэ зы щlыплэм теухуауэ зэрыгъэзащlэри абы префикс хуэхъу макъхэмклэ къэгъэлъагъуэу

префиксиал глаголхэр къытохъукlыжыр: «ишыхьын – ишыхьэн, lушыхьын – lушыхьэн, гуэшыхьын, дэшыхьын, тешыхьын, щlэшыхьын, кlэрышыхьын, къуэшыхьын, хэшыхьын, хуэшыхьын, пышыхьын, флэшыхьын».

″Шэн″ lуэхугъуэр зыгуэрым и хъуреягъкlэ зэрыгъэзащlэр а гуэрым хуэкlуэрэ къекlуэкlыущ къызэрыlуэтапхъэри, мыпхуэдэр къызэрыlуатэ глаголщ мыр: «ешэкlын». Ар зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ префикскlэрэ зэрыухуэжыфынури гурыlуэгъуэнщи, зыгуэр мыхъуу езым теухуауэ гъэзащlэ ″ешэкlын″ lуэхур къызэрыlуатэу ухуа глаголхэщ мыхэр: «зешэкlын, зэдэшэкlын, зызэришэкlын, зызэришэкlыжын».

Мыпхуэдэу ″шэн″ lуэхугъуэ ухуа псалъэхэщ мыхэри: «къэшэн»; «машэ, хъушэ (хъунрэ хъуурэ кlуэ ″куэдагъ″), баш (бэуэ ша)».

Къэкlыгъэрэ псэущхьэхэм къыщlэхъуэ ткlуаткlуэ лlэужьыгъуэр къызэрыlуэта ″шэ″р ″псалъэ зэгуэт″хэм хэтущ нэхъыбэу бзэм зэрыхэлэжьыхьри, мыпхуэдэ щапхъэхэр илъабжьэкlэ къэтхьынщ.

lэщэкlэ ядз ″шэ″м къыпыхьэ макъкlэрэ къытехъукl псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «шэшхуэ, шабзэ».

Зы псэущхьэ лъэпкъыр зэрылъыта ″шы″ псалъэри ″шэн″ глаголыр макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу къэхъуа псалъэщ: «″шэ(н)-ы → шы». Мыпхуэдэу къэхъуа ″шы″ псалъэр макъ къыпыхьэжу бзэм зэрыхэлэжьыхьу къытехъукlа псалъэхэщ мыхэри: «шышхуэ, шу, шуей».

*″**Ш**″ макъым къытехъукlа ″**макъ псалъэ**″хэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

lэпкълъэпкъым къыхэхъукlыу фэ лъабжьэм хищlэу щlэт ткlуаткlуэр ″шын″уш зэрылъытэри, ар зыхэту хуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыр: «″пэ, шын″ → пэшын».

Зы псэущхьэ къэлъхуагъащlэр ″шыр″у зэрылъытэр гурыlуэгъуэщи, мыр зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″щ мыхэр: «″бгъэ, шыр″ → бгъэ шыр → бгъэшыр; ″хьэ, шыр″ → хьэшыр, хьэпшыр»; «″шыр, цlыкlу″ → шырцlыкlу».

Къэкlыгъэрэ псэущхьэм къыщlэхъуэ ткlуаткlуэр зэрылъыта ″шэ″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″щ мыхэр: «″быдз, шэ″ → быдзышэ; ″анэ, быдз, шэ″ → анэбыдзышэ; ″мэл, шэ″ → мэлышэ».

lэшэкlэ ядзыр зэрылъыта ″шэ″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэщ мыхэр: «″шабзэ, шэ″ → шабзэшэ; ″фонч, шэ″ → фончышэ; ″топ, шэ″ → топышэ».

Зы псэущхьэр зэрылъыта ″шы″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «″шы, фl″ → шыфl; ″шы, кlэ″ → шыкlэ; ″шыкlэ, пшынэ″ → шыкlэпшынэ».

″Шэн″ глаголкlэрэ гъэзащlэу ухуа ″псалъэ зэгуэт″щ мыхэр: «″унэ, ишэ(н)″ → унэишэ»; ″ипэ, шэ(н)″ → пашэ; ″кlэ, шэ(н)″ → кlашэ; ″пхъэ, шэ(н)″ → пхъашэ (пхъэ къэзышэ)».

*"**Ш**" макъ мыхьэнэр "**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**".*

"Ш"ыр щыlэ гуэрым къыришрэ къызхигъэхъукlыу утыку къихьэ зы щыlэгъуэхэкlщи, "ш" макъым къытехъукlа "макъ псалъэ"хэми гурыlуэгъуэ къызэращlыу, "ш" макъ мыхьэнэкlэ къэхъу псалъэхэр къыхэкlыныгъэ - къикlыныгъэрэ къыхэшыныгъэм теухуащ: «гъэш (гъэхэкl), мэш (продукцэ хъур)».

Зы ныбэм къикlарэ зы анэм къилъхуа цlыху "шы"рхэри зэхуэдэ зы "ш"ыгъуэущ зэрылъытэр: «къуэш (къэхъугъэрэ ужьыныгъэ зыхуиlэхэр), зэкъуэш, зэш, зэшыпхъу».

"Макъ псалъэрэ глагол"хэми зэрыхэплъагъуэщи, зыгуэрыр зы щlыпlэм къикlыныгъэрэ къыгуэкlыныгъэу зэрылъытэри "ш" макъ мыхьэнэкlэрэщ зэрыгъэзащlэр. Зыгуэрыр зыдэщытыпlэм гуэгъэкlынри, зыгуэрыр зы lэнатlэрэ гупым хуэгъэкlуэнри "ш" макъ мыхьэнэкlэрэ гъэзащlэ глаголхэращ къэзыlуатэри, мы мыхьэнитlри зыхэлъу ухуэ глаголхэри щыlэщ: «гуэшын-2, гуэшэн-2, къыгуэшын, хэгуэшэн, тегуэшэн».

"Ш"ыр зы щыlэгъуэрэ пкъыгъуэм къыхэхъукl продукцэ зи мыхьэнэ макъыу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ар бзэм зэрыхэлэжьыхьу зэхуэмыдэ lуэхугъуэхэр къызэрыlуатэ щlыкlэм лъабжьэ хуэхъур мы и мыхьэнэращ. Зыгуэрыр зэрыхъун хуейуэ щымытрэ зэрыщытыпlэрэ зыдэщытыпlэм тегъэкlын lуэхугъуэхэм теухуа мы щапхъэхэм нэмыщl, зэрыхъун хуейуэ щымытрэ зи лъагъуэм текlыныгъэрэ зи пкъыгъуэм щыщlэныгъэу иlэри "ш" макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуэтапхъэщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэщ мыхэр: «lэншэ, lуншэ, пэншэ, щхьэншэ; унэншэ, фызыншэ, щхьэгъусэншэ, зеиншэ, анэншэ, адэншэ, быныншэ, пхъуншэ, къуэншэ»; «узыншэ»; «къуаншэ, быншэ, къуаншэ-быншэ».

Щыlэгъуэ зиlэм къыхэхъукlыныгъэрэ продуктцэу лъытапхъэ макъ мыхьэнэщ "ш"ри, гъэ къекlуэкlым къитыр "гъэш"рэ "мэш"ыр зэрылъытэм езэгъыу, шхыныгъуэ лlэужьыгъуэ гуэрхэри "ш" макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуатэу псалъэхэр зэпкъыроувэр: «шыбжи, шыпсыранэ, джэш»; «шхыныгъуэ гуэрхэр зэрагъэфlэlум папщlэрагъэнщ зы къэкlыгъэр "шыгъэфlэlу"у щlалъытар»; «шхыныгъуэм дащlыгъуу къызэрыщladзами теухуауэ жыlэпхъэщ "шыгъу"р зэралъытам лъабжьэ хуэхъуари».

Зэрыхъун хуейуэ щымытрэ и ипlэм къишауэ лъытапхъэхэри зи гугъу тщla "шэн, шын" псалъэр зэрыухуа мыхьэнэкlэрэщ къызэрыlуатэри, мыпхуэдэ "ш" макъ мыхьэнэкlэрэ лэжьэкlэ ягъуэту ухуа псалъэхэм щыщщ мыхэр: «ешын, зэшын, езэшын, зэш (зи къару хэкla), зэшыгъуэ»; «lэшэ, лъашэ, lэшэ-лъашэ, lушэ, щхьэшэ, тхышэ, пхашэ, нашэ»; «пхъашэ (хъупхъэм тешарэ зэрыхъун хуей щымыт)».

Адыгэбзэм хамэбзэу къызэрыхэхьар пасэ дыдэу лъытапхъэрэ "ш" макъ зыхэт псалъэхэри щыlэщи, ахэр адыгэбзэм и "ш" макъ мыхьэнэуэ

зэрыщымытыр гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэщ зыгуэрым и хьэлъагъэр зэрапщ ″шэчын″ псалъэри, ар лъэхъэнэ пасэ дыдэхэм бэзэрыбэу щыта курыт къуэкIыпIэ щIыналъэ лъэпкъхэм я бзэм къыхэкIыу адыгэбзэм къыхэхьауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Мыбы къытехъукIыжауэ лъытапхъэщ адыгэбзэм ″шэч″ псалъэу хэтрэ гурыщхъуэ тещIыхьын мыхьэнэ зиIэри.

*″**Ш**″ макъыр дэтхэнэ зы псалъэм къыпыхьэу ″**префикс – суффикс къалэн**″ игъэзащIэу* жымыIэпхъэми, псалъэхэм кIэух хуэхъуу псэлъэщIэхэр зэрыухуэм теухуа щапхъэхэм къызэрагъэлъагъуэщи, ар псалъэхэм суффикс яхуэхъуну хуэщIэкъуу зы макъыу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ.

**″С″ макъыр.**

*″**С**″ макъым къытехъукI ″**макъ псалъэ**″хэр.*

Бзэгупэр зи къэхъупIэ ″с″ макъри зыхэт гуп макъхэм я къэхъукIэр зи къэхъукIэу, бзэгупэм къатехъукIа макъщи, и макъ мыхьэнэри мы къызтехъукIа макъхэм я мыхьэнэм елъытарэ пыщIауэ зы макъщ. ЩыIэгъуэ лъабжьэрэ (щ) щыIэгъуэ зыгъуэтыр зы щIыпIэрэ пкъыгъуэу (щI) зэрыщытымрэ, мы щыIэгъуэрэ пкъыгъуэ зыгъуэтхэм къатехъукIрэ къащIэхъуэр (ш) зи мыхьэнэ мы макъ гупым зэрыхэтым зэрезэгъщи, ″с″ макъри щыIэгъуэ зиIэрэ щIыгъуэм итхэм я щыIэгъуэр зэрахьу зэрысрэ щыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрым зэрынэсым теухуа макъ мыхьэнэщ. Абы мы и макъ мыхьэнэр икIи нэхъыбэу ″щ″ым теухуарэ зэрыпыщIари жыIэпхъэщ. ″Щ″ырэ щыIэгъуэ лъабжьэр къызэрыхъури, щыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрыр утыку къызэрихьэри ″с″ макъ мыхьэнэм къиIуатэ Iуэхугъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, ″с″ макъыр псэущхьэм къыриIуу щIидза нэужь, куэд дэмыкIыу а нэхъ лъабжьэу ар ″**сын**″ глаголыпкъ ″макъ псалъэ″у ″**сы**″уэ утыку къихьауэ къыщIэкIынщ.

″С″ макъ мыхьэнэм и нэхъ лъэщрэ IупщIыр ″сын″ глаголыр зытеухуа Iуэхугъуэу жыIэпхъэщ: ар щыIэгъуэ зиIэхэм я щыIэгъуэр зэрахь щIыкIэу узыIэгъуэ имыIэу къэхъуращ, ар космосыр къызэрекIуэкI щIыкIэщ. ″С″ макъым и мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэу къэхъу мы глаголым хуэдизу лъэщрэ тклийуэ щымытми, ″с″ макъыр зыхэплъагъуэ дэтхэнэ зы псалъэм абы хигъэзэщIыхьыр мыпхуэдэ IуэхугъуэщI.

Дэтхэнэ гуэрыр къызэрыхъурэ щыIэгъуэр зэрыухуэ щIыкIэр ″сын″кIэрэщи, дэтхэнэ гуэрыр нэгъуэщI гуэрым зэрынэсри ″с″ макъ мыхьэнэкIэрэ ухуэ псалъэхэмкIэщ къызэрыIуатэр. Мы псалъэм къызэриIуатэм зэрезэгъкIэрэ, дэтхэнэ гуэрым и псэрэ и щыIэгъуэм нэсу зэралъытэкIэрэ хуащI фэеплъым ″**сын**″ щыфIащыжар иужьыIуэкIэми, ари игъуэджэу ″с″ макъ мыхьэнэр зытеухуа зы псалъэщ.

″С″ макъ мыхьэнэм нэхъыфlыу езэгърэ а нэхъ лъабжьэу къытехъукlа глаголу щыт ″сын″ lуэхугъуэми, щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэритlыр зэрынэсыр къизыlуэ ″нэсын″ lуэхугъуэми зэрезэгъкlэрэ, сы зэпыту зызлъытэжу, икlи дэтхэнэ гуэрыр къызхунэсрэ дэтхэнэ гуэрми нэсыфу зызлъытэжым игъуэджэу ″с″ макъ мыхьэнэкlэрэ зы ″макъ псалъэ″у ″**сэ**″ зыфlищыжащ. Щхьэж дэтхэнэ нэрыбгэм зызэрилъытэ щlыкlэр ″сэ″уэщи, ар мыпхуэдэу зы ″макъ псалъэ″у бзэм щыхэхьэм дежи, ар бзэр къэзыlуатэ нэрыбгэрауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Араща, бзэ лэжьэкlэр зэлъытарэ къэзыlуатэ нэрыбгэр япэрей нэрыбгэу ″сэ″ращ. ″С″ макъ мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэ къэхъуа ″сэ″р сыуэ щытрэ, сытри къызхунэсрэ сытми хунэсу зэрыскlэрэ щыlэгъуэ зиlэращ. Ауэ зэрыгурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ зы мыхьэнэр щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр къызэрыlуэтапхъэу зы псалъэу зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ. Ар щхьэ, нэхъ игъуэкlэрэ ″сэ″уэ лъытапхъэр, макъхэмкlэ псэлъэбзэ зыхуэухуэу, сытри къызхунэсрэ зэрыскlэрэ къэзыlуэтэжрагъэнщи, бзэр езым елъытауэ зыгъэлажьэрэ къэзыlуатэ мы нэрыбгэр икlи япэрей нэрыбгэу лъытапхъэращ. Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ зэращlрэ къызэрыгуэкlщи, мы нэрыбгэм езым зызэрилъытэжрэ зыфlищыжращ ″сэ″р.

Зынэсыр зэрискlэрэ пызыгъэжыф жану щыт lэмэпсымэ гуэрми ″**сэ**″щ флэщыжари, ар етlуанэу зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэтщ. Щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэфыну жыхуэтlа ″сэ″р зыхуэфащэу зыфlэзщыжар бзэри къэзыlуатэращи, абы къыкlэлъыкlуэу ″сэ″ флэщыгъэцlэр нэхъ зыхуэигъуэри мы зи гугъу тщlы lуэхугъуэр нэхъыфlыу зыгъэзэщlэф гуэр хъунт.

″С″ макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, дэтхэнэ гуэрыр щыlэ зэрыхъур ″с″ыр зэрылажьэкlэрэщ. Нытlэ, зыгуэрыр ″с″ыкlэрэ лэжьэным зэрыхуэкlуэрэ абы нэсыпlэ игъэгъуэтын lуэхугъуэри бзэм ″**сэн**″ глаголкlэрэ къиlуэтэнти, мыбы и глаголыпкъыу зы ″макъ псалъэ″щ аргуэру ″**сэ**″р. ″Сэн″ыр нэхъыбэрэ зэрыигъуэкlэрэ жылэрэ къэкlыгъэ бэгъуэныгъэм теухуауэ бзэм зэрызекlуэри гурыlуэгъуэщ.

*″**С**″ макъым къытехъукlа **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

*″**С**″ макъым къытехъукlа ″**макъ псалъэ**″хэр **къыпыхьэ макъкlэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьырэ **ухуэ псалъэхэм** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.*

″Сын″ глаголыр зэрыгъэзащlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпыхьэу къытехъукlыж глаголхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «исыхьын – исыхьэн – исыкlын, lусыхьын – lусыхьэн – lусыкlын, гуэсыхьын – гуэсыхьэн – гуэсыкlын, тесыхьын – тесыхьэн – тесыкlын, щlэсыхьын – щlэсыхьэн – щlэсыкlын, кlэрысыхьын – кlэрысыхьэн - кlэрысыкlын».

Глагол формэу ухуа ″сын″ псалъэм къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыри: «сынышхуэ, сыныгъуэ, сыныжь».

″Сэн″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпыхьэу ухуэж глаголхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «исэн, lусэн, гуэсэн, дэсэн, тесэн, щlэсэн, кlэрысэн, къуэсэн, хэсэн, пысэн, флэсэн, нэсэн»; «хьэсэ».

Нэрыбгэ цlэпапцlэ ″сэ″р къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэр: «сэр, сэру».

Ауэ нэрыбгэ цlэпапцlэ ″сэ″р зыхэплъагъуэ псалъэхэр нэхъыбэу глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэращ. Аращи, глаголыр зытеухуа нэрыбгэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэм префикс зэрыхуэхъум ипкъ иткlэ, япэрей нэрыбгэ цlэпапщlэ ″сэ″м ипlэкlэ глагол лэжьэкlэр зытеухуа ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″у префикс зэрыхъум теухуа щапхъэщ мыхэр: «сокlуэ, сыкlуащ, сощl, сщlащ, къэсхьащ, сыщыlэщ, сыцlыхущ».

Къыкlэлъыкlуэ макъ къэlукlэм елъытащи, ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″у щыт ″сэ-ы → сы″р ″з″ыуэ къэlуу щызэхъуэкl щыlэщ; мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «къызгуpolуэ, къэзгъэлъэгъуащ, езгъэхьащ, къызжыбolэр, къызжиlащ».

Зы lэмэпсымэр зэрылъыта ″макъ псалъэ″щ икlи ″сэ″ри, къыпыхьэ макъхэмкlэ ар бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэр: «дзасэ, масэ, сэшхуэ».

*″**С**″ макъым къытехъукlа ″**макъ псалъэ**″хэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэми деплъынщ.

″Сын″ глагол лэжьэкlэ зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″кlэ, гъу(н), сы(н)″ → кlэгъу-сы-э-н → кlэгъуасэ; ″мафlэ, сы(н)″ → мэфlэс; ″пхъэ, сы(н)″ → пхъэс; ″пхъэ, мафlэ, сы(н)″ → пхъэмэфlэс».

Глагол формэу ухуа ″сын″ псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэи къэтхьынщ: «″сын, (щlы)пlэ″ → сыныпlэ; ″сын, жьы″ → сыныжь; ″сын, цlыкlу″ → сынцlыкlу».

″Сэн″ глагол лэжьэкlэ зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″щ мыхэри: «″бжьыхьэ, сэ(н)″ → бжьыхьэсэ; ″гъатхэ, сэ(н)″ → гъатхэсэ».

Нэрыбгэ цlэпапцlэ зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″щ мыхэр: «″сэ, сэ″ → сэрсэру, сэрсэрурэ; ″уэ, сэ″ → уэрсэр; ″сэ, мыгъуэ″ → сэрмыгъуэ; ″сэ, махуэ″ → сэрмахуэ».

Зы lэмэпсымэу щыт ″сэ″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «″сэ, пэ″ → сэпэ; ″сэ, кlэ″ → сэкlэ; ″сэ, кlы″ → сэкl; ″сэ, щхьэ″ → сэщхьэ – сащхьэ; ″сэ, цlыкlу″ → сэцlыкlуэ».

*″**С**″ макъ мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

И макъ мыхьэнэм елъытащи, ″с″ макъыр бзэм нэхъыбэ хэлэжьыхь макъхэм щыщ, икlи бзэм хигъэзэщlыхь мыхьэнэри нэхъыбэу щытхэм

щыщщ. Абы игъэзащlэ lуэхугъуэхэр зэхуэмыдэу къыпщыхъу щхьэ, лъабжьэкlэ зэхуэдэу гъэзащlэ lуэхугъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. ″С″ макъыр бзэм фlыуэ зэрыхэлэжьыхьымрэ мыхьэнэбэ зэрыхигъэзэщlыхьым и щапхъэу, ар ди ″макъ псалъэрэ глагол″хэм и кlыухыу ухуэж псалъэхэр щапхъэу къэтхьынщ: «lэсэ, исын, исэн, усын, усэн, уэс, уасэ, lусын, lусэн, lус, сысын, зысын, зэсэн, дзасэ, гъусэ, гусэн, гуэсын, гуэсэн, дэсын, дэсыхьын, дэсэн, тlысын, тlасэ, щысын, щысэн, щlэсын, щlэсэн, шэсын, кусэ, кlэрысын, кlэрысэн, кlасэ, кlуэсэн, къэсын, къесын, къэсэн, къуэсын, къуэсэн, хэсын, хэсэн, хьэсэ, лъысын, лъэсын, лъэсэн, пысын, пысэн, пlысын, пlысэн, фlэсын, фlэсэн, мис, мес, нысэ, нэсын, нэс».

Мы щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэрэ и макъ мыхьэнэми гурыlуэгъуэ къызэрищlщи, ″с″ макъыр зэхуэмыдэу къыпщыхъу lуэхугъуэхэр къызэрыlуатэу бзэм холэжьыхьри, а нэхъ мыхьэнэ лъэщу щыт ″сын″ глаголым къыкlэлъыкlуэу ″с″ макъ мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зы щыlэгъуэ зиlэм и щыlэгъуэр зэрихьыр абы уэз зэрисклэрэщи, и щыlэгъуэр зэрихьыну уэзыр къызэрыхъури абы зыгуэрхэр зэригъэсклэрэщ. Мы ″сын″ lуэхур ″с″ макъым и нэхъ мыхьэнэ куурэ лъэщращи, абы къыкlэлъыкlуэу ″с″ макъ мыхьэнэм гурыlуэгъуэ къищlыр зыгуэрыр и уэзкlэрэ зэрысыпхъэрэ зэрыхэхъуэнум зэрыхуэкlуэну ″сэн″ глаголым гурыlуэгъуэ къищlарауэ зи гугъу тщlагъэххэращ. Мыбы къыкlэлъыкlуэу ″с″ макъ мыхьэнэкlэрэ гъэзащlэ зы lуэхугъуэри зыгуэрым хуэкlуэрэ ар зэрис щlыкlэу, абы и гъуэрэ и гъунэм зэрынэс щlыкlэрауэ жыlэпхъэщи, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «нэсын, нэс, лъэlэсын, къэсын, къэс».

Зыгуэрыр къэгъэлъэгъуэнри, абы нэкlэ нэсыныгъэу лъытапхъэщи, зыгуэрыр къызэрыгъэлъагъуэ псалъэхэщ мыхэр: «мис, мес».

Зыгуэрыр езым и лъабжьэрэ лъапсэм хунэсу зэрыс щlыкlэри ″сысын″ глаголращ къэзыlуатэри, лъэр щlым нэсу гъэзащlэ кlуэкlэр ″лъэс″щ. Зыгуэрыр зыгуэрым и lэрэ лъэм нэlэсыныгъэри ″лъысын″ глаголращ къэзыlуатэр. Мыпхуэдэу зыгуэрым и жьэрэ и lум нэсыныгъэ lыхьэри ″lус″щ.

Цlыху зыужьыгъуэныгъэу (у) лъытарэ абы хуэкlуэрэ нэсыныгъэу зэрылъытэкlэрэщ ″усэ″р къызэрыlуэта щlыкlэри, япэу къэхъуа гъуазджэ лlэужьыгъуэрэ цlыхум япэу къипсэлъхэр усэбзэу щытауэ зэралъытэри дигу къэдгъэкlыжынщ: «усын, усэн, усэ».

Зэхуэдэ щыlэкlэрэ еплъыкlэ зиlэхэр я ″гъу″кlэрэ зэрынэсыр къизыlуэ псалъэщ ″гъусэ″р. Зы lуэхугъуэм теухуауэ гупщысэ зэхэлъхьэныгъэу къэхъуу нобэ синергие жыхуаlэм хунэсыныгъэу ″хасэ″м къыщырагъэкlуэкlыу щытаращ ″зэхэсэн″ псалъэм гурыlуэгъуэ къищlыр.

″Щысын, тlысын″ lуэхугъуэри ″с″ макъ мыхьэнэкlэ гъэзащlэ lуэхугъуэщи, мыбы лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъур зэ щхьэ

гурыIуэгъуащэкъым. Ауэ ″с″ыкIэрэ зэрыгъэзащIэм ипкъ иткIэ, мы псалъэхэр зытеухуа Iуэхур зыгуэрыр зыгуэрым зэрынэскIэрэ гъэзащIэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мы псалъэхэм къаIуатэ нэсыныгъэр зытеухуари мырагъэнщ: «щхьэкуцIыр хэтыжу, тхы къупщэ кIуэцIым ирикIуэ тхыныхурэ псэущхьэпкъым и псантхуэ зэхэтыр псэущхьэм и ″гъащIэ жыг купщIэ″у лъытапхъэщи, абы и ухыпIэу щыт кIэкъупщхьэр щIым зэрынэсым папщIэрагъэнщ ″щысын″рэ ″тIысын″ псалъэхэр ″с″ макъ мыхьэнэкIэрэ зэрылъажьэу зэрызэпкъырыувэм лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъур». Мыпхуэдэу къэхъуа псалъэхэрщ мыхэри: «исын, Iусын, гуэсын, дэсын, тесын, тIысын, щысын, щIэсын, къуэсын, хэсын, пысын, флэсын».

ЦIыхум шым пщIэ зэрызыхуищIым къызэрыгуэкIщи, шым тетIысхьэн Iуэхур шым хуэIуа зы псалъэу ″шэсын″ глаголкIэрэ къэIуатэщ. ИкIэм пытIысхьэнрэ шыкIэм пытIысхьэнри ″кIэсын″ глаголкIэщ къызэрыIуэтар.

Сытри зэрыскIэрэщ зэрыгъэзащIэрэ щыIэ зэрыхъуу, щыIэгъуэри зэрызекIуэри, блэкIарэ къэмысауэ щыт зы зэманыгъуэрэ зи зэманыгъуэри зыдынэсарэ сауэ е зыдынэсыну сынрэ сэну зэрылъытэкIэрэ ухуа псалъэхэщ мыхэр: «кIасэ, пасэ, дыгъуасэ».

Зыгуэрым хуэкIуэнрэ нэсыныр, ар сынрэ езым ей щIынкIэрэ сэнри псэущхьэм езым зыхищIэрэ хэлъыж хъуныгъэу ″есэн″ псалъэм къеIуатэр. Зыгуэрым зыщебгъасэкIэ ар бгъэзэщIэжын папщIэ, сыныгъэшхуэ ухэныкъуэжкъым, ауэ мыбы папщIэ япэрауэ абы зепту уи уэзыр тебгъэсыкIын хуейщ, зебгъэсэн хуейщ. ″Есэн″ псалъэм къытехъукIыжахэщ мыхэри: «гъэсэн, егъэсэн, зэдесэн, Iэсэ, мыгъасэ».

Мыпхуэдэщ узыхэмыпсэухь псыми зебгъэкIуу узэресэнфынури, ари ″есэн″ псалъэкIэрэщ къызэрыIуатэр.

Гъэсэныгъэрэ сэныгъэр зэхуэдэу зыхэлъу лъытапхъэрэ, лъэныкъуитIкIи еджапхъэ псалъэхэщ мыхэри: «тIасэ, щIасэ, нысэ».

Мэшыр зэралъытэ ″гъасэ″ псалъэри ″гъэ″рэ ″сэн″ыгъэм къытехъукIарэ ″гъэ хэсэ″у ухуа зы псалъэу жыIэпхъэщ.

″Сын″ыр хуабэ закъуэм хуIуакъым, ар икIи щIыIэми теухуа Iуэхугъуэщ. Мыри хэтыжрэ зэрыухуа щIыкIэри къиIуатэу къыщIэкIынщ уэм къыщIэхъуэр ″уэс″у, ар уэм къызэрех щIыкIэри ″къесын″у къызэрыIуэтам лъабжьэ хуэхъуар.

Гум исэныгъэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ ″гусэн″ри, ″уасэ″ри зыгуэрым и пщIэу абы тырауэхуэр къизыIуэ псалъэщ. Зи кум тхыпхъэ хэсар ″кусэ″щ.

Зыгуэрыр Iэрэ лъэр зэрылъэIэскIэрэ псым хэтхьэщIыхьыныр ″лъэсын, лъэсэн″ псалъэхэкIэрэщ къызэрыIуатэр. ″С″ макъ мыхьэнэр игъуэджэу кIэухыу зэрызекIуэм и щапхъэфIыу лъытапхъэщ ″анэнэпIэс (анэ-нэпIэс)″ псалъэр.

*″**С**″ макъым игъэзащIэ ″**префикс – суффикс къалэн**″ къалэнхэр.*

″Сэ″ цIэпапщIэ гъэлъагъуэу псалъэхэм ″префикс″ хуэхъур ″сэ, сы, с″ращи, ит зэманымрэ адрей зэманыгъэхэм теухуауэ зэщхьэщокIыр. Мыхэр ″цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″у псалъэхэм ″префикс″ язэрыхуэхъу щIыкIэр ″глагол″хэм теухуа лэжьыгъэм зэIухауэ дытепсэлъыхьынущ. Ауэ мыбдежым ди ″макъ глагол″хэм зэхуэмыдэ зэманыгъуэкIэрэ я лэжьэкIэу ухуэ псалъэхэм ″сэ″ цIэпапщIэм ипIэкIэ ″цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″у ″префикс″ язэрыхуэхъум теухуа щапхъэхэр къэтхьынщи, къыкIэлъыкIуэ макъым и къэIукIэм зэрихъуэкIыу ″с″ыр ″з″ыуэ къызэрыIуми гулъытэ хуэтщIынщ: «сой, сыунщ, сыуэнущ, сыIащ, сIуэнщ, сос, сзынщ→ззынущ, сдзащ→здзащ, сыгъынщ, согъу, сджынщ→зджынщ, сыджэнущ, сдынщ→здынщ, сыдэнщ, стащ, стынщ, сытIэнщ, сож, сыжащ, сжьынщ→зжьынщ, сыжьэнщ, сощ, сщэнущ, сщIэнщ, сщIащ, сошэ».

Мыпхуэдэщ ″с″ макъыр бзэм ″префикс″ къалэнкIэрэ зэрыхэлэжьыхь закъуэр. ИкIи ар наIуэрэ IупщIыу ″суффикс″ къалэн игъэзащIэу бзэм хэплъагъуэуи жыIэпхъэкъым, ауэ ар суффикс къалэн игъэзащIэу зэрыхущIэкъур бзэр фIыуэ зезыхьэ нэхъыжьхэм зы IуэхугъуэрнэсыныгъэрэлъэIэсыныгъэкIэ къызэраIуатэ щIыкIэм хыболъагъуэр.

## БЗЭГУЛЪЭБГЪУР (ИЖЬРАБГЪУР) ЗИ КЪЭХЪУПIЭ МАКЪХЭР: «ЛЪ, Л, Лl».

″Жь, щ″ макъхэм я къэхъуныгъэкIэрэ бзэгур макъ къэхъупIэ хъуа нэужь, псэлъэбзэ макъхэм и нэхъыбапIэр бзэгуращ къыздыщыхъуар. Мыпхуэдэу макъ къэхъуныгъэкIэ лажьэу щIэзыдза бзэгум ″жь, щ″ макъхэм ипэ къихуэу къэхъуа макъхэм макъыщIэхэр къазэрытехъукIыжым нэмыщI, ″жь, щ″ макъхэми макъыщIэхэр къатехъукIыжащ, икIи япэ къэхъуа макъхэм пымыщIарэ зи къэхъукIэкIэ езым хуэIуа макъхэри бзэгум къыщытехъукIащ.

Мыпхуэдэу япэ къэхъуа макъхэм пымыщIарэ бзэгур зи къэхъупIэу утыку къихьэ макъхэм щыщу япэ къэхъуа макъ гупыр бзэгулъэ ижьрабгъум къыщыхъуа ″лъ, л, лl″ макъхэрауэ жыIэпхъэщ. Мы макъхэм я къэхъупIэр бзэгум и ижьрабгъуращи, бзэгу лъабжьэм щIэIэбэжрэ бзэгу Iувагъыркъэзыпщытэпэлъытэуутыкукъихьэ ″лъ″ макъыр мы макъхэм япэу къэхъуа макъыу лъытапхъэщ. Япэу къэхъуа ″лъ″ макъым и къэхъупIэгъуу, абы и къэхъукIэм зэрытекъузэрэ зэрыгъэлэнлэкIэрэ ″лl, л″ макъхэри утыку къихьащ.

**″Лъ″ макъыр.**

*″**Лъ**″ макъым къытехъукI ″**макъ псалъэ**″хэр.*

Зэрыжытlауэщи, ″жь, щ″ макъхэм къакIэлъыкIуэу бзэгуку ижьрабгъур зи къэхъупIэу бзэгум япэу къыщыхъуа макъ гупщ мыри, а гупым щыщу

япэ къэхъуауэ лъытапхъэри ″лъ″ макъращ. Ар мы щlыпlэм япэ къыщыхъуа макърауэ зэрылъытапхъэми зэрезэгъщи, ″лъ″ макъым къыщыхъуа дыдэм занщlэ бзэ мыхьэнэ къытехъуклагъэнкъым, ар занщlэу зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэхьагъэнкъым.

Бзэгу ижьрабгъум щихъуэрэ щlэlэбжу щыт и къэхъуклэм зэрезэгъщи, бзэгум щыджрэ бзэм къиlуатэ дэтхэнэ гуэрыр къызэрыпщытэклэрэ утыку къизылъхьэну мыхьэнэ лъабжьэ зиlэу утыку къихьауэ лъытапхъэщ ″лъ″ макъри, ар дэтхэнэ гуэрыр мыпхуэдэу организэ зэрыхъурэ дэтхэнэ зы органри къызэрыlуэтэну макъ мыхьэнэ зиlэу утыку къихьа макъщ.

Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, ″лъ″ макъыр дэтхэнэ зы пкъыгъуэ зиlэр къызэрыlуатэ лъабжьэу зы макъ мыхьэнэ зиlэрщ. Абы и макъ мыхьэнэр щыlэгъуэрэ зы пкъыгъуэ зиlэр цlыхум зэрилъытэну зы ″макъ псалъэ″у ″лъ″ макъым япэу къытехъуклар ″**лъэ**″рауэ къыщlэкlынщ.

″Лъ″ макъым япэу зы ″макъ псалъэ″у къытехъуклауэ лъытапхъэ ″лъэ″р дэтхэнэ зы организацэрэ дэтхэнэ зы органыр къызэрыlуатэ псалъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Апхуэдэ бзэ мыхьэнэр зи лъабжьэр ″лъ″ макъ мыхьэнэращи, абы зэманыгъуэрэ щыlэгъуэ зэригъуэт щlыклэу бзэм зэрыхэхьэ щlыклэращ ″лъэ″р къызэрыхъуа щlыклэр. Мыр зы псалъэу утыку къыщихьагъащlэм хуэзэрэ зэманыгъуэшхуэ дэмыклауэ жыlэпхъэщи, мы ″лъэ″м лъабжьэ хуэхъурэ ар къызтехъуклри псэущхьэм езыми щlэт тклуаткlуэ плъыжьым папщlэ игъуэджэклэрэ зы ″макъ псалъэ″у ″**лъы**″уэ илъытагъэнщ. Аращи, цlыхум езым и пкъыгъуэрэ лъэр къызтехъукl организацэщ ″лъы″ри, ар икли зы лъэ лlэужьыгъуэрэ ″лъэ″ми и лъабжьэу зэрылъытэклэрэ ″лъэ-ы → лъы″уэ къэхъуауэ жыlэпхъэщ зы ″макъ псалъэ″у щыт ″лъы″р. ″Лъы″р ″лъэ″м къыклэлъыклуэу утыку къихьауэ жыlэпхъэщи, ″лъы″м зэманклэрэ лъэ зэриухуэрэ къызэрытехъуклри гурыlуэгъуэщ.

Щыlэгъуэ зыгъуэт дэтхэнэ гуэрым зы пкъыгъуэрэ организацэ зэригъуэтыр къизыlуэ зы ″макъ псалъэ″щ ″лъэ″ри, мы зэрыщыт щlыклэклэ лъэм хьэрычэт зэригъуэт щlыклэри иужькlэ ″**лъэн**″ глаголыкъ ″макъ псалъэ″у ″**лъэ**″р бзэм зеклуэу зэрыщlидзари гурыlуэгъуэщ.

Мыпхуэдэ макъ псалъэхэр къызтехъукla ″лъ″ макъыр и ″макъ мыхьэнэ″клэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыклэри мащlэкъым; абы и лэжьэклэр ар бзэм зэрыхэхьауэ зи гугъу тщla ″макъ псалъэ″хэм (лъы, лъэ) я зэхущытыклэрэ ягъэзащlэ lуэхугъуэхэм теухуарэ зэрезэгъклэрэщ.

*″**Лъ**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъуклыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэрауэ *″**лъ**″ макъым къытехъукla ″**макъ псалъэ″хэр къыпыхьэ макъклэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Лъэн″ глаголыр зэрыгъэзащlэ макъ къызэрыпыхьэклэрэ префиксиалу ухуэж глаголхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «илъэн, lулъэн, гуэлъэн,

дэлъэн, телъэн, щIэлъэн, къуэлъэн, хэлъэн, хуэлъэн, пылъэн, фIэлъэн, нэлъэн».

Мыхэр ″лъэн″ Iуэхур зыхуэкIуэу зэрыгъэзащIэр къызэрыIуатэ префиксиал глаголхэщ, ауэ мы зыхуэкIуэ щIыпIэм къыгуэкIыу ″лъэн″ Iуэхур зэрыгъэзащIэр мы префиксхэр ″лъэ-ы → лъын″ глаголыпкъым къызэрыпыхьэкIэрэщ: «илъын, Iулъын, гуэлъын, дэлъын, телъын, щIэлъын, къуэлъын, хэлъын, пылъын, фIэлъын».

Мы зэрыухуа щIыкIэу мы глаголхэм етIуанэ еджэкIэи зэраIэр гурыIуэгъуэщи, мы галолхэр икIи пкъыгъуэ мыхьэнэ зиIэ ″лъэ″р зыдэщылъыр къызэрыIуатэ глаголхэщ. Мыпхуэдэ лэжьэкIэхэр ″лъ″ макъ мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуащи, илъабжьэкIэ къэтынщ.

″Лъэн″ Iуэхугъуэр фIыуэ зыгъэзащIэрэ фIыуэ лъэри ″лъэр″ущ зэрылъытэр.

Зы ″макъ псалъэ″у щытрэ пкъыгъуэ мыхьэнэ зиIэ ″лъэ″м къыпыхьэ макъкIэрэ къытехъукI псалъэхэщ мыхэр: «лъакъуэ, лъэщ, лъэIуэн, лъэIу».

Дэтхэнэ зы пкъыгъуэрэ Iэпкълъэпкъыр ″лъэ″уэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ, ауэ ″лъакъуэ″р щхьэж зы псалъэу ″лъэ″уэ лъытауэ хэтщ адыгэбзэми, абы къыпыхьэ макъхэмкIэ къытехъукIыж псалъэхэри мащIэкъым: «лъэдий, лъэгу, лъэдакъэ, лъэгуажьэ – лъэгуанжьэ, лъей, лъэхъуамбэ, лъэбжьанэ; лъашэ, лъэбышэ; лъамцIэ – лъапцIэ, лъэс, лъэхъэн, лъахъэ».

″Лъы″ макъ псалъэр къыпыхьэ макъкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэр: «лъынтхуэ, лъыпцIэ».

*″**Лъ**″ макъым къытехъукIа ″**макъ псалъэ**″хэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Лъэн″ глагол лэжьэкIэ зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «″кIапсэ, лъэ(н)″ → кIапсэлъэ, кIапсэрылъэ; ″псы, къелъэн″ → псыкъелъэ».

″Лъы″ макъ псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″щ мыхэр: «″лъы, щIэж(ын) → лъыщIэж; ″лъы, гъэжэ(н)″ → лъыгъажэ; ″лъы, фIыцIэ″ → лъыфIыцIэ; ″лъы, фIы″ → лъыфI».

Пкъыгъуэ мыхьэнэ зиIэ ″лъэ″р зыхэту ухуа псалъэхэщ мыхэри: «″лъэ, хь(ын)″ → лъэрыхь; ″лъэ, мыхь(ын)″ → лъэрмыхь; ″лъэ, зехьэ(н)″ → лъэрызехьэ».

″Лъакъуэ″м ипIэкIэ бзэм щызекIуэ ″лъэ″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″лъэ, пэ″ → лъапэ; ″лъэ, кIэ″ → лъакIэ; ″лъэ, кIэпIэ″ → лъэкIапIэ – лъэкIампIэ; ″лъэ, пэд(ын)″ → лъэпэд; ″лъэ, Iыгъ(ын)″ → лъэрыIыгъ → лъэрыгъ; ″лъэ, жэ(н)″ → лъэрыжэ; ″лъэгу, гъэжэ(н)″ → лъэгургъажэ».

*″**Лъ**″ макъ мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

″Лъы″ псалъэр зыхэту ухуа псалъэхэщ мыхэр: «лъынтхуэ, лъыпцIэ».

″Лъ″ макъыр и макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр ар бзэм ″макъ псалъэ″хэу зэрыхэхьа щlыкlэм (лъы, лъэ) зэрытеухуар жытlагъэххэщ. Икlи ″лъ″ макъ мыхьэнэр ″лъэ″ лъабжьэу зэрыщытым папщlэщи, ар и макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр зытеухуар ″лъэ″щ.

Щыlэгъуэ зиlэ гуэрыр lупщlыу зэрылъытэр и пкъыгъуэкlэрэщи, ари ″лъэ″щ. Аращи, ″лъэ″р зы щыlэ гуэрым теухуащи, ″лъ″ макъыр нэгъуэщl макърэ псалъэхэм хэту бзэм зэрыхэлэжьыхьыну щlыкlэр нэхъыбэу кlэухыущ. Дэтхэнэ гуэрым зы ″лъэ″ иlэщи, ″лъ″ макъыр а гуэрыр къизыlуэ псалъэм кlэух зэрыхуэхъукlэрэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыщlидзэнур гурыlуэгъуэнщ. Ныtlэ, япэрауэ ″лъ″ макъыр мы и мыхьэнэкlэрэ макърэ псалъэхэм кlэух хуэхъуу ухуэ псалъэхэм теухуауэ щапхъэхэм деплъынщ.

Зыгуэрым и ″пкъыгъуэ″мрэ ар зезыхьэу абы къыхэхъукl ″лъакъуэ″ къизыlуэ псалъэу мэухуэр: «щlылъэ, кхъалъэ, шылъэ, кхъуэлъэ, хьэлъэ, вылъэ, лlылъэ, пэлъэ, пкъылъэ, пхалъэ, бгъалъэ».

Мы къэта псалъэхэр икlи ″лъэ″р кlэух зыхуэхъу псалъэр зытеухуа lуэхугъуэр зэрылъу зэреджапхъэри гурыlуэгъуэщ. Икlи зыгуэрым илъыпlэ″ хуэхъур а гуэрыр къизыlуэ псалъэм ″лъэ″ кlэух къищтэу ухуэж псалъэхэм къызэрalуатэр гурыlуэгъуэщи, ″пкъыгъуэ″ зи мыхьэнэуэ ухууэ мы ипэкlэ къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэри илъабжьэкlэ ″илъыпlэ″ мыхьэнэкlэрэ къызэрытыжари гулъытапхъэщ: «lэлъэ, lэлъын, lулъэ, салъэ, цылъэ - цалъэ, далъэ, щалъэ, шалъэ, кулъэ, кlалъэ, хулъэ, лъылъэ, лылъэ, фэлъэ, фалъэ, тхъуалъэ, тхылъэ, тхалъэ, тхылъэ, шхалъэ, шхулъэ, пкъылъэ, пхалъэ, бгъалъэ».

Тхъу зэрылъыр ″тхъулъэ″щи, зыгуэр зэрауэри ″уалъэ″у зэрылъытэкlэрэ ″тхъу″р зэрауэ ″уалъэ″ри зэрыигъуэу къызэрыlуатэ псалъэщ ″тхъууалъэ″р.

Псалъэр зытеухуа lуэхугъуэм елъытауэ зы илъыпlэ мыхьэнэр ″лъэ″ кlэухкlэрэ утыку къызэрихьэ щапхъэхэщ мы ипэкlэ къэтахэри, езыр зы илъыпlэу щытыр къизыlуэ псалъэм ″лъэ-ы → лъы″р кlэух щыхуэхъум дежи, илъыпlэм хуэlуарэ щхьэж илъыпlэу щытыр къизыlуэ псалъэхэр мэухуэр: «кулъ, нэкулъ».

″Тхылъ″ псалъэри мы къэта щапхъэхэм хуэдэу ″лъ″ макъ кlэухкlэрэ ухуа зы псалъэу еджапхъэщи, ар нобэ зэрызетхьэ мыхьэнэкlэрэ ″тхыгъэ зэрылъ″у зэlутхыу деджэращ. Ауэ икlи нобэ хэкум ″писмо″уэ зи гугъу ящlри ″тхыгъэ зэрылъ″ мыхьэнэкlэрэ ″тхылъ″ущ адыгэбзэм къызэриlуатэу щытар. Мыбыи къыщымынэу, ″тхылъ″ псалъэр нобэ ″хьэрф″ е ″тхыпкъ″ жыхуэтlэри къызэрыlуатэ псалъэу зэрыщытари пыщапхъэщ. Мыр гъэщlэгъуэнкъым, сыт щхьэ жыпlэмэ, адыгэбзэм нобэ ″тлъылъ, писмо, хьэрф – тхыпкъ″ псалъэхэр зытеухууэ зыхузэрихьэхэр бзэ куэдми зэхуэдэ псалъэущ зэрыхэтыр. ″Тхылъ″ псалъэр ″лъ″ кlэухкlэрэ зэрыухууэ мы зи гугъу тщlахэм нэмыщl, а псалъэр (тхылъ) зи гугъу

тщlы ″тхэн″ lуэхур зэрыгъэзащlэрэ утыку къызэрихьэ тклуаткlуэр зы ″лъы″ лlэужьыгъуэу зэрылъытэкlэрэ ухуа зы ″псалъэ зэгуэт″уи еджапхъэщ: «″тхын, лъы″ → тхылъ».

″Лъэ″р зы пкъыгъуэр утыку къызэрихьэрэ зэрызэхэлъыр къизыlуэ псалъэщи, пкъыгъуэ зиlэ гуэрым зы ″хьэлъагъ″ зэриlэри ″лъэ″ макъ мыхьэнэ кlэухкlэрэ ухуэ псалъэхэм къаlуатэр: «гулъэ, хьэлъэ».

″Лъ″ макъыр къызэрыхъуарэ зы ″макъ псалъэ″уи занщlэу ″лъэ″р къызэрытехъукlам зэрезэгъщи, псалъэхэм кlэух щыхуэхъум деж, ар и макъ мыхьэнэкlэрэ зэреджапхъэм хуэдэжу, ″лъэ″ псалъэ мыхьэнэкlэрэи еджапхъэ псалъэхэр мэухуэр. Псалъэхэм ″лъэ″р зы макъ псалъэу къызэрыпыхьэкlэрэ ухуэж псалъэхэр ″псалъэ зэгуэт″у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ, ауэ ″лъэ″р макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыlуэгъуэщи, ар зи кlэухыу ухуэ псалъэ нэхъыбэр ″лъ″ макъ мыхьэнэкlэрэ еджэныр нэхъ зэрыигъуэр гулъытапхъэщ. Мы иужьрей щапхъэхэр ″лъ″ макъ мыхьэнэкlэрэ зэрыухуари гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ щапхъэрэ кlэух ″лъэ″р макъ мыхьэнэкlэрэ еджапхъэу ухуэ псалъэхэр мащlэкъыми, мыбы щыщщ ″псалъэ″ри. Ар ″псэ″ зэрылъуи еджапхъэщ, ауэ абы нэхъ игъуэу зэреджапхъэр ″псэм къыхэхъукlыу организэ хъу″уэщ.

Аращи, дэтхэнэ зы псалъэм ″лъэ″р щхэплъагъуэм деж, ар зы пкъыгъуэу гурыlуэгъуэ зыщlыныр игъуэкъым. ″Лъэ″р а нэхъ lупщlыу ″пкъыгъуэ″ мыхьэнэ зиlэми, пкъыгъуэ зимыlэ дэтхэнэ зы организацэри макъ мыхьэнэкlэрэ ″лъэ″ращ къэзыlуатэр. Мыпхуэдэ щапхъэ мащlэкъым: «зы пlэрэ зы зэманыгъуэ лъытэныгъэр ″пlалъэ″щи, зыгуэрым и пlэрэ и пщlэр фlыуэ игъуэтыныгъэу лъытапхъэщ ″лъапlэ″р».

″Лъэ″рэ пкъыгъуэр къызэрыхъурэ къыщыхъур ″лъабжьэ″ущ зэрылъытэр. Зы псэущхьэпкъым и псэупlэрэ и лъакъуэр зытет щlыпlэр зэрылъытэр ″лъахэ″щи, лъахэрэ псэупlэр зэраузэда щlыкlэрэ lэмэпсымэхэр ″лъащlэ″ущ зэрылъытэр. Дэтхэнэ зы зэманыгъуэрэ зы псэукlэ хабзэр къыздыщекlуэкlри ″лъэхъэнэ″ущ зэрылъытэр. ″Лъэ″р зы пкъыгъуэ мыхъурэ дэтхэнэ зы къэхъу-къекlуэкlрэ организацэу гъэзащlэр къызэрыlуатэ щlыкlэм теухуа зы щапхъэщ ″къэкъуэлъэн″ псалъэри.

Дэтхэнэ гуэрыр зы пкъыгъуэрэ организацэущ (лъэ) зэрылъытэри, ″плъэн″ lуэхугъуэкlэ жыжьагъэрэ (а) жыжьаплъэкlэ илъытэныгъэращ мы псалъэхэр утыку къызэрихьэр: «лъагъун, лъагъуэ, лъагъуныгъэ».

″Лъэ″р зы пкъыгъуэ къизыlуэрщи, абы теухуауэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэри ″лъэ″м теухуа lуэхугъуэущ къызэрыlуатэр: «лъэфын, зэхэлъэфэн; лъэщ; лъэлъэн; лъэlун - лъэlуэн».

Псы икlыпlэм тыралъхьэрэ и лъабжьэм псы зыщlэж щхьэ езыр мыжэу щыт пкъыгъуэр зэрылъытар ″лъэмыж″щ.

″Лъэн″ глаголыр зэрыгъэзащlэрэ щыгъэзащlэ щlыкlэр къизыlуэу ухуэж глаголхэр зытеухуа лъэныкъуэм и пхэнджу гъэзащlэу къызэрыlуатэр ″лъэ-ы → лъы″кlэрэ хъунти, ипэкlэ къэта глаголхэм щыщу

″лъэн″ lуэхур щыгъэзащlэ щlыпlэр къизыlуэхэр и пхэндж лъэныкъуэкlэ зэрыгъэзащlэкlэрэ зэрыухуэж щlыкlэу утыку къихьэ глаголхэм ″лъэн″ lуэхугъуэм нэмыщlкlэ зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщ. Ахэр зэреджапхъэр зэрызэщхьэщыкlыр къыхэгъэщын папщlэ, ″къэ″ префикскlэрэ къызэрежьэуи зэрыухуэж глагол щапхъэхэри къыпыщэжащ: «илъын-2 – къилъын-2, lулъын - къыlулъын, гуэлъын – къыгуэлъын, дэлъын – къыдэлъын, телъын – къытелъын, щlэлъын – къыщlэлъын, къуэлъын – къыкъуэлъын, хэлъын – къыхэлъын, пылъын-2 – къыпылъын-2, флэлъын - къыфlэлъын».

Мы щапхъэхэм хэту ″илъын, къилъын″ глаголыр мыхьэнитlыу къэгъэлъэгъуащи, а мыхьэнитlыр зыр зым пыщlащ, икlи мыбдежым лъэн lуэхугъуэр зэрыгъэзащlэм теухуауэ зи гугъу тщlы мыхьэнэм елъытащ етlуанэ мыхьэнэри, ар ипlэ имызэгъэжу губжьарэ зэрыдэлъей дэпкlейуэ щытын зи мыхьэнэщ. Мыбы нэмыщl, ″пылъын, къыпылъын″ри мыхьэнитl зиlэ глаголущ къызэрыгъэлъэгъуэри, мы етlуанэ мыхьэнэр зыгуэрым игу ирихьарэ абы лъыхъуныгъэ зэрызыхуиlэнращ.

″Лъэн″ глаголыр зэрыгъэзащlэу ухуэжауэ къэта мы иужьрей щапхъэхэр икlи зыгуэрыр зы щlыпlэм игъуэлъхьауэ зэрилъыр къизыlуэ глаголхэуи зэджапхъэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. ″Лъэ″р зы пкъыгъуэ къизыlуэ псалъэщи, зи пкъыгъуэрэ зи лъэр зэрыщыту зы щlыпlэм теукъуэдияуэ зэрыщытыр ″лъэ″р зэпкъырыуваuэ зэрыщымытыр гурыlуэгъуэ зэрищl щlыкlэу ″лъы (лъэ-ы)″р кlэух зэрыхъукlэрэ ухуэ глаголхэращ къэзыlуатэр. Ауэ зэрыгурыlуэгъуэщи, лъэм мы и укъуэдиныгъэр къыздыщекlуэкl щlыпlэр формэу къизыlуэ макъхэри мы глаголым префиксу къыпыхьэн хуейщ. Мыпхуэдэу ухуарэ нэхъыбэри ипэкlэ къэта глаголхэм хуэдэуи еджапхъэу щытщ мыхэр: «илъын, lулъын, гуэлъын, дэлъын, телъын, щылъын, щlэлъын, къуэлъын, хэлъын, пылъын, флэлъын».

Мы псалъэхэм щыщрэ зэрыгъэзащlэ щlыкlэр адрейхэм хэмыдэ щапхъэщ ″пылъын, флэлъын″ псалъэхэри, ″лъэ-ы → лъы″м ищхьэм къыпыхьэ макъым елъытауэ зэрыгъэзащlэ щlыкlэр адрей псалъэхэм щхьэщыкlыныгъэ зиlэу гъэзащlэ щапхъэхэщ. Мыхэр адрей щапхъэхэм хуэдэу пкъыгъуэрэ лъэр укъуэдияуэ телъынракъыми, ипэ къихуэ ″п, фl″ макъхэм къагъэлъагъуэ формэу илъыныгъэщ. ″Пылъын″ыр икlи къыпэщытыр иужь итын мыхьэнэи зиlэу зы псалъэщи, мыхьэнитlкlэ зэджапхъэщ.

Зы пкъыгъуэрэ лъэр мыпхуэдэу укъуэдияуэ щымытри, зыгуэрыр нэгъуэщl гуэрым лъэкlэрэ зэрынэсу хуэфl хъунщи, мыпхуэдэщ мы глаголхэри зэрыухуэр: «lэрылъын, lурылъын».

Зыгуэрыр мы къэта щапхъэхэм хуэдэу зы щlыпlэм теукъуэдиенрэ пылъын е флэлъын (лъэ-ы → лъы) мыхъуу, абы ауэ къызэрыкlуэу хуэкlуэу гъэзэщlэныр ″лъэ″ кlэухкlэрэщ къызэрыlуатэр. - Ари ″лъэ-ы → лъы″уэ

мы къэIуэтахэр аргуэру ″лъы-э → лъэ″уэ зэрыухуэжкIэрэ къэхъуауэ лъытапхъэщ-: «Iэрылъэн, илъэн, Iурылъэн, гуэлъэн, пылъэн, флэлъэн».

Мы псалъэхэмрэ ипэ къэтахэм я зэхущытыкIэр гурыIуэгъуэщи, псалъэм папщIэ, ″Iэрылъын, илъын, Iурылъын, гуэлъын″ым хуэкIэныгъэщ ″Iэрылъэн, илъэн, Iурылъэн, гуэлъэн″ыр. НытIэ ″илъын″ым хуэкIуэныгъэр ″илъэн″у къызэрыIуатэм нэмыщI, нэхъ игъуэкIэрэ ″хь″ макъ кIэухкIэрэ къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэу гъэзащIэ глаголхэщ мыхэр: «Iэрылъхьэн, Iурылъхьэн, илъхьэн, Iулъхьэн, гуэлъхьэн, дэлъхьэн, телъхьэн, жьэдэлъхьэн, щIэлъхьэн, кIэрылъхьэн, къуэлъхьэн, хэлъхьэн, пылъхьэн, флэлъхьэн».

″Лъэн″ыр гурыIуэгъуэщи, ар зэ щхьэрэ занщIэу къызэрыхъу щIыкIэри ″лъеин″ глаголым къеIуатэр. TIанэ, зы ″лъэ″р зэрыщыту зэрыдз щIыкIэу ″лъэн″рэ ″лъеин″у мы зэрыкIуатэми щхьэщыкIыныгъэу, ″лъэ″м нэхъри ″лъагэ″у зыкъызэриIэткIэрэ гъэзащIэри ″лъэтэн″ псалъэращ къэзыIуатэр.

″Лъы″кIэрэ къежьэу ухуа псалъэ гуэрхэр ″лъы″м ехьэлIауэ икIи ″лъэ″м къытехъукIауэ (лъэ-ы → лъэ) лъытапхъэщ. Мыпхуэдэщ ″лъытэн″ псалэри, ар зытеухуа Iуэхугъуэр къыщекIуэкIым щыгъуэ, лъыр зэрыдзри гурыIуэгъуэщ; ауэ икIи ″лъытэн″ыр къызщыхъурэ зытеухуари зы ″лъэ″ лIэужьыгъуэщи, къызщыхъу лъэм ехьэлIа (лъэ-ы → лъы) щхьэщыкIыныгъэу зэрыщытрэ (тэ) зытеухуэ лъэр зэрызэхьэлIэ (лъэ-ы → лъы) щIыкIэу щхьэщыкIыныгъэ зэрыхъур (тэ) зи мыхьэнэуи еджапхъэщ. Мыпхуэдэ щапхъэу лъытапхъэщ мыхэр: «лъытэн, гулъытэн, гулъытэ хуэщIын»; «лъыхъун, лъыхъуэн».

*″**Лъ**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащIэхэр.*

″Лъ″ыр и макъ мыхьэнэкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ ар кIэух зыхуэхъуу ухуа псалъэхэм щыщ гуэрхэри икIи ″лъ″ макъыр псалъэхэм суффикс язэрыхуэхъум теухуа щапхъэхэуи зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ.

**″Л″ макъыр.**

*″**Л**″ макъым къытехъукI ″**макъ псалъэ**″хэр.*

Дэтхэнэ зы пкъыгъуэрэ ″лъэ″уэ зэрылъытэм хуэдэжу, ар зэрызэпкъырылърэ дэтхэнэ и зы Iыхьэри ″лъэ″уэщ зэрылъытэри, зы ″лъэ″рэ пкъыгъуэм и гущIыIум тырищIэ лъэ Iыхьэр зэрыщабэрэ зэрытекIухьыпIэу зэрыщытым папщIэрагъэнщи, мы лъэ Iыхьэр мы макъхэр къызхэзыгъэIукI псэущхьэм ″лъ″ макъым и къэхъупIэгъуу къызхигъэIукI ″л″ макъымкIэ илъытэжащ. Аращи, ″л″ макъыр утыку къызэрихьам ипкъ иткIэ, зы ″макъ псалъэ″у ″**лы**″уэ бзэм занщIэу хэхьагъэнщ.

Дэтхэнэ зы пкъыгъуэрэ лъэ зиIэ гуэрым и гущIыIум теухуа Iуэхугъуэхэри ″л″ макъ мыхьэнэкIэрэ къэIуатэ псалъэхэущ бзэм

зэрыхэхьа щIыкIэри, ″**лэн**″ глаголыпкъыу зы ″макъ псалъэ″у щыт ″**лэ**″р зытеухуар мыращ. Мы ″лэч щыхуэн″ Iуэхугъуэу ″лэн″ глаголым нэмыщI, занщIэрэ зы линием тету зекIуэкIэ зиIэхэри ″л″ макъ мыхьэнэкIэрэ къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэнщи, нэху бзий зекIуэкIэри ″л″ макъым къытехъукIа ″**лы**н, **лэн**″ макъ глаголхэмкIэ къэIуатэу бзэм зэрыхэтри гулъытапхъэщ.

*″Л″ макъым къытехъукIа* ***″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукIыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

Япэрауэ *″л″ макъым къытехъукIа* ***″макъ псалъэ″****хэр* ***макъ къыпыхьэу*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ* ***ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Лэн″ глаголыр зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр префикс зэрыхъукIэрэ ухуэж глаголхэм теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «илэн, Iулэн, гуэлэн, дэлэн, телэн, щылэн, щIэлэн, кIэрылэн, къуэлэн, хэлэн, хуэлэн, пылэн, фIэлэн, нэлэн».

Нэху бзий зекIуэкIэ къызэрыIуатэ ″лын, лэн″ макъ глаголхэр макъ къазэрыпыхьэкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэхэу лъытапхъэщ мыхэри: «лые, лыгъэ, лыгъуэ, лыбэ, лыбын – къэлыбын».

″Лы″ макъ псалъэр къыпыхьэ макъкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэж псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «лышхуэ, лыпцIэ».

*″Л″ макъым къытехъукIа* ***″макъ псалъэ″****хэр зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″***хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ..

″Л″ макъыр къытехъукIа ″макъ псалъэ″у щыт ″лы″р зыхэту ухуэ псалъэ зэгуэтхэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «″шхуэ, лы″ → шхуэл; ″дзэ, щхьэл″ → дзэщхьэл; ″лы, гъур″ → лыгъур».

ЦIыхум япэу и шхыныгъуэ нэхъыщхьэр лыуэ зэрыщытар гурыIуэгъуэнщи, шхыныгъуэ зэращIрэ зэрызырахьэм теухуа псалъэхэу ″лы″р зи лъабжьэу адыгэбзэм хэтыр мащIэкъым. Мыпхуэдэ псалъэхэр ″лы″м теухуа Iуэхугъуэхэу къэхъуа псалъэхэщ, ауэ ахэр нобэ бзэм зэрызекIуэ щIыкIэр гурыIуэгъуэщи, лым имызакъуэу дэтхэнэ зы шхыныгъуэм теухуа Iуэхугъуэхэр къызэрыIуатэущ. Мыхэр лым теухуауэ этимологиеу лъабжьэ зиIэ псалъэхэу лъытапхъэщи, къызэрыхъуа щIыкIэр ″лы″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэхэу къэтхьынщ: «″лы, гъун″ → лыгъу, лыгъун, лыгъуэн, гъэлъыгъуэн; ″лы, вэн″ → лывэ, лывэн, гъэлывэн; ″лы, бжьэн″ → лыбжьэ, лыбжьэн, гъэлыбжьэн; ″лы, цIын″ → лыцIын, гъэлыцIын».

Мыпхуэдэу ухуа псалъэрэ глаголхэр лым имызакъуэу дэтхэнэ зы шхыныгъуэм теухуауэ щызекIуэу хэтщ адыгэбзэми, мы псалъэхэр зыхэту утыку къихьа ″псалъэ зэгуэт″хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мыпхуэдэ зы щапхъэщ цIыхум япэу хисарэ къигъэкIауэ ялъытэ ″хьэ″р зыхэту ухуа мы ″псалъэ зэгуэт″ыр: «″хьэ, лъыгъун″ → хьэлыгъу».

Хьэлыгъу лIэужьыгъуэхэри къызэрыIуатэр ″хьэлыгъу″ зыхэт ″псалъэ зэгуэт″ущ. Мы ″псалъэ зэгуэт″ гуэрхэми макъ гуэрхэр хэщIыжу зэрыухуэжар гурыIуэгъуэщи, мы щапхъэхэм а макъхэр зэрыхэкIуэдыкIам и щхьэусыгъуэри хыболъагъуэр: «″хьэлыгъу, гъуанэ″ → лъыгъугъуанэ → хьэлыгъуанэ; ″хьэлыгъу, шыхь(ын)″ → хьэлыгъушыхь → хьэлушыхь».

Лыр зи лъабжьэу къэхъуауэ зи гугъу тщIа псалъэхэр зыхэту ухуэж нэгъуэщI ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэхэри къэтхьынщ: «″хьэ, лывэ(н) → хьэлывэ»; «″джэд, лыбжьэ″ → джэдлыбжьэ; ″къэб, лыбжьэ″ → къэблыбжьэ».

*″Л″ макъ мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэр″***.

″Лъэ″ зиIэм и гущIыIум телъыр ″лы″уэщ зэрылъытэри, абы тещIыхьрэ къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэр къэзыIуатэ псалъэхэр ″л″ макъ мыхьэнэкIэрэ ухуэныр игъуэщ. ″Л″ыр ″лъэ″ зиIэм теухуа Iуэхугъуэр къызэрыIуатэ макъ мыхьэнэщи, ″л″ кIуэтэгъуэкIэрэ увыIэгъуэ зэримыIэу къекIуэкI хьэрычэтыр ″лэжьэн″ глаголкIэщ къызэрыIуатэр. Лажьэу щыт дэтхэнэ гуэрыр икIи жьы зэрыхъунури гурыIуэгъуэнщи, ″лэжьэн″ глаголым етIуанэ мыхьэнэи иIэщ: жьы хъун. Мылажьэр жьы хъукъым, ауэ зи мылажьэрэ мылэжьэфри лажьурэ лажьурэ жьы хъуам хуэдэу лъытапхъэщ. ЩыIэгъуэ гъащIэ зиIэм и щыIэгъуэрэ гъащIэр зэрылажьэкIэрэщ зэрихьыну щIыкIэри, зикI мылэжьэну щыIэгъуэ зыгъуэтри щыIэфынкъым. Аращи, зыгуэрыр увыIэгъуэ имыIэу щылъажьэкIэ, ар жьы хъунурэ лэжьэнущи, ар щIэмылэжьэжым и щхьэусыгъуэр жьы зэрыхъуаращ; абы и ″лажьэ″р жьы зэрыхъуаращи, зыгуэрыр мылэжьэфын хуэдизу жьы хъуа нэужь лэжьэжыфынкъым. Ауэ мыпхуэдэу лажьэурэ лажьэурэ жьы хъуарэ лэжьауэ, и ″лажьэ″р жьы зэрыхъуауэ тлъытэм нэмыщI, дэтхэнэ зы щхьэусыгъуэкIэрэ мылажьэри ″лъажьэ″ зиIэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Зы ″лъэ″ лIэужьыгъуэу лъэ пкъыгъуэ гущIыIум телъыр ″лы″уэ зэрылъытэм къызэрыгуэкIщи, зы гущIыIурэ тэфапIэм теухуауэ Iуэхугъуэхэр, зы лъагъуэрэ зы линием теухуауэ гъэзащIэ IуэхугъуэхэриⅡ″л″ макъ мыхьэнэкIэрэщ къызэрыIуатэр. Аращи, ″лэн″ глаголыр зытеухуа IуэхугъуэмⅡ нэмыщI, зы линием тету кIуэн IуэхугъуэриⅡ″лэн″ псалъэм къиIуатэу щытагъэнти, ″л″ макъыр мы и мыхьэнэкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэр мащIэу къыщIэкIынтэкъым. Ауэ абы игъэзащIэ мы IуэхугъуэхэрⅡ нэгъуэщI макъкIэрэ гъэзащIэу, нобэ ″л″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр зи гугъу тщIа IуэхугъуэхэмⅡ теухуауэ къыхэнауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэу ″л″ макъ мыхьэнэрэ ″лэн″ глаголкIэрэ къэIуатэу адыгэбзэм хэта псалъэхэм теухуа зы щапхъэм мыбдежым и гугъу щытщIынщ. Аращи, ″лэн″ыр кIуэтэгъуэ мыхьэнэ зиIэу зэрыщытым теухуа зы щапхъэщ Адыгэ щIэлэщIэхэм я гъуэрыгъуапщкIуэ лIэужьыгъуэ джэгукIэу щыта ″хьэрмолэ″ псалъэри, ар ″хьэр (цIыхур)″ накIуэу зэрыщытыр (молэ)″ къызэрыIуатэ псалъэу ижь

дыдэу къэхъуарэ иужькlэ къызэрыlуатэ (о) щlыкlэу бзэм къыхэнэжауэ зы псалъэщ: «хьэрмолэ, уздэкlуамкlэ нокlуэ!».

Нобэ мы мыхьэнэкlэрэ ″лэн″ыр бзэм щызекlуэу хэтыжкъыми, ар мы мыхьэнэкlэрэ ″л″ макъ мыхьэнэуэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыхэтыр гулъытапхъэщ. ″Л″ макъым мы и мыхьэнэр ар зыхэт псалъэхэм я мыхьэнэм гурыlуэгъуэ къащlыжри, мыпхуэдэ щапхъэу лъытапхъэщ мы псалъэхэр: «къуалэ, къуэладжэ».

Зы lэхъуамбэ е lэхъуэмбищыр пщалъэ зыхуэхъу зы lыхьэ къыдэхуэри ″л″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэхэращ къэзыlуатэри, мыри ″л″ макъым зы кlуэтэгъуэ мыхьэнэ зэрilэм и щапхъэхэщ: «залэ, щалэ».

Зы линием тету кlуэтэгъуэр зытеухуам елъытауэ зы бэгъуэныгъэуи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ зы ужьыгъуэ зilэрэ зыкlуэри зы куэдагъэу ″заул″ псалъэм къеlуатэр.

Мы иужьрей щапхъэхэми къызэрыхэщщи, и макъ мыхьэнэм ипкъ иткlэ, зы линием тету къэхъу кlуэтэгъуэр къызэрыlуатэ макъщ ″л″ыри, мыпхуэдэуи зыгуэрыр зэрыегъэлеярэ зэрыбагъуэри зэрылъытэращ. Мы псалъэм езэгъ лэжьэкlэ иlэу бзэм зэрыхэлэжьыхьыт теухуа щапхъэщ мыхэри: «пэсэрейрэ икъукlэ пасэу щытыр къызэрыlуатэ псалъэщ ″пэсэрилэ″р; псы защlэрэ псы нэхъ зыщlэмыту лъытапхъэр ″псыкlэпсылэ″рэ ″псырилэ″ущ къызэрыlуатэр; егъэлеярэ пцlы защlэу лъытэр шыпсэ защlэрэ шыпсэ дыдэу зэрылъытапхъэкlэрэ ″шыпсэрилэ″ущ къызэрыlуатэр».

Цlыхум и lуэхугъуэм теухуаурэ мы псалъэхэми елъытауэ иужьыlуэкlэ къэхъуами, ″залэ″рэ ″щалэ″ къалэн зыгъэзащlэу зыгуэрым и зэхуакум далъхьэ lэмэпсымэри ″хьэлэ″ущ зэралъытар.

Зы лъагъуэрэ зы линием икlуэр ″л″ макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуатэм къызэрыгуэкlщи, lуэхугъуитlрэ гуэритl (лъэ) зэхуакум къыдэхуэри ″л″ макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуатэу псалъэхэр мэухуэр. Зыгуэрхэм я зэхуакурэ къадэхуэр абыхэм зэрыщымыщкlэрэ къызэрыlуатэ щlыкlэрагъэнщ ″лей″ри, мыпхуэдэри а зытеухуахэм къелрауэщ къызэрыlуатэр (къелын)».

Зыми щымыщрэ зыри зымыщlэу, ауэ къызэрыкlуэ псэукlэрэ хэтыкlэ зиlэ цlыхури (хьэ) лейуэ зэрылъытэ щlыкlэу ухуа псалъэхэщ мыхэри, икlи ″хьэ″рэ ″лей (улеин: лей хъун)″ псалъэхэм къытехъукlа ″псалъэ зэгуэт″уи лъытапхъэщ: «хьэулей, хьэулеин».

″Лы″р ″лъэ″ гущlыlум телъ лъэ lыхьэу, зытелъым елъыта lыхьэщи, ар зытелъ лъэм къеларэ тырищlаращ. Мыпхуэдэу зэрылъытапхъэкlэрэ, залэрэ щалэри зыгуэрым теухуауэ къелыныгъэ lыхьэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, зытеухуам елъытауэ зы леигъэ lыхьэу лейрэ зыгуэрым щымыщыр къызэрыlуатэращ. Мыпхуэдэхэр ″л″ макъ мыхьэнэкlэрэщ къызэрыlуатэр, икlи зы ″лъэ″м тырищlэ lувагърэ щабагъэрэ лантlагъэ зиlэу зы лъэ лlэужьыгъуэу зэрыщытри хэтыжу ухуа псалъэхэу

лъытапхъэщ мыхэри: «лэнлэн – лэлэн, ланлэ – лалэ, пылэлын, фlэлэлын, зэфlэлэлын, зэпылэлын, зэпылэл, лантlэ; къелэлыхын, илэлэн; lулэлын; lулэ».

Шыр зэрызырахуэ кlапсэр ″шхуэмылаклэ″ущ зэралъытари, ар шы хуным теухуауэ щытрэ икlи мыланлэ зы кlапсэу зэрыщытыр зыхэплъагъуэу ухуа псалъэщ.

Мы къэта щапхъэхэми ебгъэщхь хъуну, икlи зы лъагъуэрэ линием ириклуэныгъэр ″л″ макъ мыхьэнэклэрэ зэрыгъэзащlэр зыхэлъыжу ухуа псалъэхэу лъытапхъэщ мыхэр, ауэ икlи ″лы″ псалъэри зыхэту лъытапхъэуи еджапхъэ псалъэхэщ: «кхъулэ»; «гъуэмылэ».

Зы мыващхьэ гуэрыр къеклуэклыу зэрылажьэмрэ, зы лъагъуэрэ линием тету гъэзащlэр ″л″ макъ мыхьэнэклэрэ къызэрылуатэм езэгъыу ухуа псалъэу жылэпхъэщ ″щхьэл″ыр.

Зы лъагъуэрэ линием тету гъэзащlэ луэхугъуэр къызэрылуатэр ″л″ макъ мыхьэнэклэрэщи, мыпхуэдэу ухуа ″лэн″ глаголыр зы луэхугъуэм хуэлуауэщ нобэ зэрызетхьэ щlыклэри, мыр зэрыгъэзащlэ щlыклэу ухуэж глаголхэщ мыхэри: «илэн, lулэн, дэлэн, телэн, щlэлэн, зэхэлэн, цlэлэн».

Зы лъагъуэрэ линием тету гъэзащlэ луэхугъуэр ″л″ макъ мыхьэнэклэрэщ къызэрылуэтапхъэри, нэху бзийхэр зэрызеклуэ щlыклэри ″л″ макъ мыхьэнэклэрэ къызэрылуэтапхъэри гурылуэгъуэнщ. Аращи, ″л″ макъыр занщlэу ″макъ глагол″у бзэм зэрыхэлэжьыхь ″лэн″ым нэмыщl, ″лын, лэн″ макъ глаголхэри нэху бзий зеклуэклэр къызэрылуатэу бзэм щызоклуэр. Мыпхуэдэ мыхьэнэ зилэ ″лын, лэн″ глагол мыхьэнэр ″блэн″ глаголым зэрытеухуар гурылуэгъуэщи, ″бл″ макъ зэгуэрыр ″л″ыклэрэ лажьэу зэрыухуари ″л″ым мы и мыхьэнэращ. Мы зи гугъу тщlы ″лын, лэн″ глаголым къытехъукларэ икlи ″л″ макъ мыхьэнэклэрэ ухуауэ еджапхъэщ мы псалъэхэм: «лыдын, къэлыдын, зэщlэлыдэн; лыбын, къэлыбын, зэщlэлыбэн».

Зы къэклыгъэ лlэужьыгъуэри ″дзэл″ущ зэрылъытари, ар абы зэрыфlэщам лъабжьэ хуэхъуар а къэклыгъэм хэлъ зы луэхугъуэрауэ къыщlэклынщ.

*″Л″ макъым бзэм* ***″префикс – суффикс къалэн″*** *хигъэзэщlыхькъым.*

**″Лl″ макъыр.**

***″Лl″*** *макъым къытехъукl* ***″макъ псалъэ″****хэр.*

Зы лъэ зилэрэ и лыри зэрыигъуэклэ тырищlэжу и щылэклэм зэрезэгъклэрэ зэрыхъун хъуар мы макъитlым я къэхъупlэгъуу утыку къихьэ ″лl″ макъ мыхьэнэращ зытеухуар. Лъэ зилэу щыт гуэрэр и гъунапкъэм нэгъунэ клуэныр, зы лъэ зилэу щыт гуэрым зы нэщlыгъэ зэрымылэжклэрэ хуэклуэныр ″лl″ макъ мыхьэнэклэрэщ бзэм къызэрилуатэр. Аращи, зыгуэрыр зыдэклуапlэм нэсынрэ зэрыхъупlэм

хуэкIуэу зэриувэр бзэм ″лI″ макъ мыхьэнэкIэрэ лажьэ псалъэхэмкIэщ къызэриIуатэр.

″ЛI″ макъыр мыпхуэдэу утыку къихьарэ мы зи гугъу тщIы Iуэхугъуэхэмтеухуауэбзэми хэхьэу зекIуэу хэт хъуа нэужьу жыIэпхъэщ зы цIыхур зэрыхъун хуеипIэм зэриувар къызэрыIуатэ зы ″макъ псалъэ″у ″**лIы**″р бзэм щыхэхьар. ″ЛIы″ псалъэр къыщыхъуам деж, ар зэрыхъун хъуа дэтхэнэ зы цIыхум теухуауэ зекIуэу щытагъэнти, псэукIэрэ зэхэтыкIэм цIыхухъур ипэ ищу щыщIидзэм ″лIы″ псалъэр зэрыхъун хъуа цIыхухъум папщIэ зэрахьэу щIидзагъэнущ. Мыращ ″лIы″ псалъэр зытеухуауэ нобэм къынэсари, ар цIыхухъур ипэ ищауэ зэрылъытэкIэрэ къекIуэкIыу щIэзыдза зэхэтыкIэ хабзэм хроникэ хэхъухьыжа псалъэщ.

Зэрыхъун хъуа лъэр ″лIы″уэщ зэрылъытапхъэри, абы къыпэщытыж гъуэгуанэр ″лIы″ кIуэтэгъуэ ″лIэ″ макъкIэрэ гъэзащIэ IуэхугъуэщI: и лъэр зэрыхъун хъуарэ зэпкъырыува зы псэущхьэр флэкIыпIэ имыIэу зыдэкIуапIэр къизыIуэ ″**лIэ**″р зы ″макъ псалъэ″у ″**лIэн**″ глаголыпкъщ. Зэрыхъун хъуарэ лIыпIэ иува цIыхум къыпэщыт зэманыгъуэм флэкIыпIэ зэримыIэкIэрэ къыхуихьынур ″лIэныгъэ″щи, лIыпIэ имыуваУэ лIэныгъэ къызхуэкIуэр ″игъуэ нэмыс″щ.

*″ЛI″ макъым къытехъукIа* ***″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукIыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

Япэрауэ *″**лI**″ макъым къытехъукI* ***″макъ псалъэ″****хэр* ***къыпыхьэ макъкIэрэ*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьу* ***ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″ЛIэн″ глаголыр зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр префикс зэрыхъукIэрэ ухуэж глаголхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «илIэн, IулIэн, гуэлIэн, дэлIэн, телIэн, щылIэн, щIэлIэн, кIэрылIэн, къуэлIэн, хэлIэн, хуэлIэн, пылIэн, флэлIэн, нэлIэн».

Мы щапхъэхэм щыщу, ″лIэн″ыр къыздыщыхъу щIыпIэр къизIуэ префиксхэмкIэ къэIуатэу ухуэжа префиксиал глаголхэр ″лIэн″ IуэхуркъызэрекIуэкIрэ зы зэманыгъуэ зэрихькIэрэ къызэрыIуатэ щIыкIэу ″хь″ кIэухкIэрэи зэрыухуэжыфынур гурыIуэгъуэнщ. Ар щыхъукIи, ″лIэн″ глаголым ″э″р похури, абы и къалэныр ″хь″ым егъэзащIэр: «илIыхьын, IулIыхьын, гуэлIыхьын, дэлIыхьын, телIыхьын, щIэлIыхьын, кIэрылIыхьын, къуэлIыхьын, хэлIыхьын, пылIыхьын, флэлIыхьын».

Мы глаголхэр ″кI″ кIэухкIэрэ зэрыухуэжыфынур гурыIуэгъуэщи, ″лIэн″ IуэхурглагольпрефикскIэрэ зэрыухуэжыфынур гурыIуэгъуэщи, ″лIэн″ Iуэхурглагол

ухуэжа мы глаголхэм я мыхьэнэр: «илIыкIын, телIыкIын, щIэлIыкIын, пылIыкIын, фIэлIыкIын».

″ЛIы″ макъ псалъэм къыпыхьэ макъхэмкIэ къытехъукIыж псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «лIыгъэ, лIыгъуэ, лIыпIэ, лIышхуэ, лIыкIуэ».

*″ЛI″ макъым къытехъукIа* ***″макъ псалъэ″****хэр зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″***хэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ.

″ЛIы″ макъ псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″зауэ, лIы″ → зэуэлI; ″лIы, жьы″ → лIыжь; ″лIы, хъужь″ → лIыхъужь; ″пщы, лIы″ → пщылI; ″лъхукъуэ, лIы″ → лъхукъуэлI».

″МэжэлIэн″ри ″лIэн″ым къыпыхьэ макъкIэрэ къытехъукIыжа глаголу лъытапхъэщ, мыпхуэдэ мыхьэнэ зиIэу зы ″псалъэ зэпха″щ ″псы хуэлIэн″ри, абы къытехъукIа зы ″псалъэ зэгуэт″щ мыр: «″псы, хуэлIэ(н)″ → псыхуэлIэ».

*″ЛI″ макъ мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэр″***.

ЗыдэкIуэфын хуэдизым хуэкIуэныгъэр зэрыгъэзащIэр ″лI″ кIуэтэгъуэу ″лIэ″ макъ мыхьэнэкIэрэщ зэрыгъэзащIэри, мыпхуэдэу хуэкIуэныгъэ зиIэу гъэзэщIэкIэ зиIэ глаголхэу ″нэс глагол″ жыхуаIэхэм суффикс зэрыхуэхъунур гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэр ″лI″ макъым игъэзащIэ суффикс къалэну илъабжьэкIэ къэтащ. Ауэ езыр глагол мыхьуарэ глаголыпхъэу щытхэм щыщу мы зи гугъу зэрытщIам хуэдэу нэсыныгъэкIэрэ гъэзащIэхэм ″лIэ″р кIэух хуэхъуу глагол утыку къохьэри мыбдежым мыбыхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ. ″ЛI, лIэ″ макъыр зыгуэрыр зыдэкIуапIэм нэгъунэ зыхьращи, ар мыпхуэдэу зэрыгъэзащIэ щIыкIэрэ щIыпIэр къизыIуэ макъхэри префиксу къищтэн хуейщ. Араща, ″лI, лIэ″ макъыр зи кIэухрэ суффиксу ухуэну глаголым зи мыхъуми хуэкIуэныгъэрэ екIуэлIэныгъэ къизыIуэ ″е″ макъыр префиксу къищтэн хуейщ. Глаголыпхъэу щытрэ ″е″ префикс къищтэу ″лIэ″ кIэухкIэрэ лажьэу утыку къихьэ глаголхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «ецIылIэн, екхъулIэн».

″ЛI, лIэ″р зыгуэрыр зэрыхъупIэм зэрынэсрэ зыдэкIуапIэм нэгъунэ зэрыкIуэр зыгъэзащIэ мыхьэнэщи, зыгуэр е зы щIыпIэ къизыIуэ макъхэм къыкIэлъыкIуэ ″лI, лIэ″ макъхэмкIэрэ глаголхэри утыку къохьэфри, ар мыпхуэдэу зэрыгъэзащIэр къизыIуэ макъхэр къыпыхьэу, е а нэхъу мащIэу ″е″ макъыр префикс хуэхъуу утыку къихьэ глагол щапхъэхэщ мыхэр: «елулIын - елулIэн, щIэIулIэн, зэщIэIулIэн, телулIэн; егулIын – егулIэн».

Мы псалъэхэм я къэхъукIэ зыхэлъу ухуа псалъэщ ″мэжэлIэн″ри, ар езыр езырурэ зы шхыныгъуэм ежэлIэныгъэу ухуауэ жыIэпхъэщ. Шхын зыхуэныкъуэ зы псэущхьэр къигъуэта шхыныгъуэм зэрежэлIэн щIыкIэм хуэдэу натуралу гъэзэщIэну зы lуэхугъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ псы зыхуэныкъуэри псым зэрежэлIэнури, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэщ мыхэри: «псы хуэлIэн, псыхуэлIэ».

Мыбыхэм ещхь псалъэхэу лъытапхэщи, зы псэущхьэм ишэчын хуэдиз щlыlэм щхьэщыкlыр къызэрыхуэкlуэрэ сымаджэ зыщlын хуэдиз щlыкlэр къызэрыхэхьэр ″лl″ макъ мыхьэнэкlэрэ лажьэу зэпкъырыувэ псалъэхэмкlэщ къызэрыlуатэр: «щlыlэ лlэн, щlыlэлlэ».

″Лlэн″ыр кlуэдыплэщи, зигъэкlуэдрэ зигъалlэ пэлъытэу егугъущэрэ гугъуехьыгъуэкlэрэ гъэзащlэ lуэхур къэзыlуатэ псалъэу ″лlэн″ псалъэр зи лъабжьэу ухуащ мыри: «елlэлlэн».

″Лl″ макъыр и мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуауэ зи гугъу тщla мы щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, зы ″лъэ″рэ гуэрыр зэрыхъуфынурэ зыдэкlуэфынум нэгъунэ зэрыкlуэр зэрылъытэрщ ″лl″ макъ мыхьэнэри, дэтхэнэ щыlэ гуэрыр мыпхуэдэ зы гъуэгуанэм зэрытеткlэрэ сытри зэрылъытэф макъыу зыкъегъэлъагъуэр ″лl″ макъым. Аращи, сытри зыдэкlуэнум хуэкlуэу зы ужьыгъуэ зиlэрщи, мыри зэрымыналуэм папщlэ, ″лl″ макъым и ужьыгъуэкlэрэ (у) ухуа ″лlэу″ псалъэр икlи сытми теухуа зы упщlэ лlэужьыгъуэрщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, ″лlэужьыгъуэ″ псалъэм мы зи гугъу тщla ″лlэу″ псалъэм къытехъукlауи (лlэу-жьыгъуэ) еджапхъэщ, ауэ икlи -нэхъ игъуэу- ″лl″ макъ ″ужьыгъуэ″у (лlэужьыгъуэ) къэхъуауи еджапхъэщ. Аращи, псалъэхэм хэту плъагъу ″лl″ырэ ″лlэ″ макъхэм сытым дежи зэрыхъун хъуа цlыхур (лlы) зэрылъытэ щlыкlэу, е икlэм икlэжым зыдэкlуаплэу псэущхьэм къыпэщытыр (лlэн) зэрылъытэ щlыкlэу еджэн хуейуэ зэрыщымытыр гурыlуэгъуэщ.

*″Лl″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

И макъ мыхьэнэм елъытащи, зы lуэхур зыдэкlуэфын нэгъунэм ехьыр ″лl, лlэ″р глаголхэм суффикс щыхуэхъум деж. Ауэ мыпхуэдэ мыхьэнэ зыхуигъэзэщlэну глаголыр зытеухуа lуэхугъуэри зыгуэрым нэсыныгъэ зиlэхэращи, ″лl, лlэ″ макъыр суффикс зыхуэхъу глаголхэр мыпхуэдэ lуэхугъуэхэм теухуащ, ар дэтхэнэ зы глаголым суффикс хуэхъукъым. Ипщэкlи къызэрыхэдгъэщащи, ″лl, лlэ″ суффикскlэрэ ухуэжын папщlэ, а глаголхэм я гъэзэщlэкlэрэ зыщыгъэзэщlэнур къэзыгъэлъагъуэ макъ гуэрхэри префиксу къапыхьэн хуейщ. Ди ″макъ глагол″ щапхъэхэм щыщу мыпхуэдэу гъэзэщlэкlэ зиlэ глаголхэм теухууэ къэтащ ″лl, лlэ″ макъыр суффикс зэрыхъукlэрэ ухуэж глагол щапхъэхэри, мы глаголхэм хуэкlуэныгъэрэ екlуэлlэныгъэ къэзыгъэлъагъуэ ″е″р префикс къазэрыхуэхъукlэрэ зэрыухуэж глагол щапхъэхэщ мыхэр: «еилlэн, еуэлlэн, elулlэн, elуэлlэн, есылlэн, едзылlэн, еджылlэн, еджэлlэн, едылlэн, етылlэн, етlылlэн, етlэлlэн, ещылlэн, ещlылlэн, ещlэлlэн, ешэлlэн, ечылlэн, екlылlэн, екlуэлlэн, ехъулlэн, ехулlэн, ехьэлlэн, елъэлlэн, елылlэн, елlэлlэн, евылlэн, евэлlэн».

## БЗЭГУПЭ КЪАРУКlЭ ДЗЭПЭ ДУРЭШЫР ЗИ КЪЭХЪУПlЭ МАКЪХЭР: «Д, Т, Тl».

Бзэгупэ къарукlэ дзэм диху жьым къигъэхъу макъхэщ мыхэр. И макъ мыхьэнэми елъытащи, мы макъхэм щыщу япэ къэхъуауэ ипэ игъэщыпхъэр ″д″ макъращ. Абы къыклэлъыклуэрэ елъытауэ лъытапхъэщ ″т, тl″ макъхэр утыку къызэрихьар. Къэхъуплэгъурэ зы макъ гупу зэрыщытым зэрезэгъклэрэ я макъ мыхьэнэхэр зэлъытащи, мы зэрызэлъыта щlыклэклэ къэхъуауэ тлъытэу бзэм зэрыхэхьарэ зэрыхэлэжьыхьым щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Дэтхэнэ гуэрыр зэрызэпкъырылърэ зэрызэхэлъыр формэу зэрылъытэр ″д″ макъ мыхьэнэращ; зэпкъырылърэ зэхэлъыр бэгъуэныгъэм зыхуэзышэу абы и клуэцlым хъугъэу ирищlэри ″тl″ макъ мыхьэнэм теухуащ; зэпкъырылърэ зэхэлъыныгъэ зиlэр зэрызэщхьэщыклрэ зэщхьэщыклыныгъэу къэхъури ″т″ макъ мыхьэнэм теухуащ.

Мы къэтlуэтахэм зэрезэгъщи, мы макъ гупым хиубыдэ макъхэр мыхьэнэклэрэ зэлъытащи, дэтхэнэ зы макъым бзэм хагъэзэщlыхьыр адрей макъым елъытарэ я зэхуакум зэпыщlэныгъэ зыдэлъ макъхэрщ. Мыпхуэдэу щыщыткlи, мыбыхэм щыщ зы макъклэрэ лъытэ гуэрыр детал гуэркlэрэ зэрызэщхьэщыклклэрэ адрей зы макъымкlи зыщылъытэфыр мащlэкъым. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, я мыхьэнэклэрэ зэрызэлъытарэ детал гуэркlэрэ зэрызэщхьэщыклым езэгъыу мы макъищкlи зэхуэдэ псалъэхэр зэрыухуэфыр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, зы итыплэрэ щlыплэр ″д″ макъ мыхьэнэклэрэ зэрылъытэр гурыlуэгъуэщи, зы итыплэрэ щlыплэм къыпэщыт дыдэу а итыплэрэ щlыплэм текlуэтыклыныгъэр ″т″ макъ мыхьэнэклэрэ зэрылъытапхъэм нэмыщl, а итыплэрэ щlыплэм елъыта унэтlыныгъэри ″тl″ макъ мыхьэнэклэрэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, зы итыплэрэ щlыплэм елъыта зы жыжьагъэр зы итыплэрэ щlыплэу ″д″ макъклэрэ зэрылъытэу; мы къэхъу жыжьагъэр зы итыплэрэ щlыплэм текlуэтыклыныгъэрэ щхьэщыклыныгъэу къызэрыхъур ″т″ макъ мыхьэнэклэрэ зэрылъытэу; икlи, зы итыплэрэ щlыплэм елъыта унэтlыныгъэклэрэ къэхъу жыжьагъэри ″тl″ макъ мыхьэнэклэрэ зэрылъытэу псалъэ ухуэныгъэм теухуа щапхъэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ мыхэри, нобэ абы щыщ зыр (адэкlэ) литературэбзэм пэжу илъытэрэ адрейхэр зэригъэкlуэдри гулъытапхъэщ: «адэкlэ, аткlэ, атlкlэ».

### ″Д″ макъыр.

*″Д″ макъым къытехъукl* ***″макъ псалъэ″****хэр.*

Зэхэлъыныгъэр, зэхэтыныгъэр, зэпкъырылъыныгъэр ″д″ макъклэрэщ зэрылъытэрэ формэу къызэрыгъэлъагъуэр. Мы и макъ мыхьэнэклэрэ бзэм хигъэзэщlыхьыр мащlэкъым ″д″ макъми, ар утыку къыщихьам

къыщlидзэу цlыхум мыпхуэдэ lуэхугъуэхэм теухуауэ зэрихьэу щlидзагъэнщ.

И макъ мыхьэнэм къызэрыгуэкlкlэ зэхэлъыныгъэрэ къаруфlагъэр, илъыпlэрэ нэщlыпlэр къыриlуэу холэжьыхьыр ″д″ макъыр бзэми, макъ псалъэхэу утыку къихьа нэужь, мыпхуэдэ псалъэхэр цlыхум къигъэунэху lуэхугъуэщlэхэр къызэриlуэтэфкlэрэ зэхъуэкlыурэ нобэми къэсауэ жыlэпхъэщ. Мы псалъэм къызэрыгуэкlщи, пкъырэ lэпкълъэпкъым илъыпlэ хуэхъу фащэрэ щыгъын ухуэныр ″**дын**″ глаголкlэ къэlуатэу, ″**ды**″р занщlэу зы глаголыпкърэ ″макъ псалъэ″у бзэм хэхьащи, ар цlыхум зызэрихуапэ фащэрэ щыгъын щызэригъэпэщым хуэзэу къэхъуа псалъэу жыlэпхъэщ. ″Дын″ lуэху егъэкlуэкlынрэ дыуэ щытынри зы ″макъ псалъэ″у ″**дэ**″р зи глаголыпкъ ″**дэн**″ псалъэм къеlуатэр. Дыпхъэу щытымрэ дын lуэхум езыри зы псалъэу ″**дын**″ псалъэм къеlуатэр.

Зэхэтыныгъэр ″д″ макъ мыхьэнэкlэ зэрылъытапхъэм ипкъ иткlэ, япэрейрэ бзэр къызэрыlуатэ нэрыбгэу щыт ″сэ″м езыр зыхэт гупыр ″д″ыуэ зэрыщыткlэрэ зы ″макъ псалъэ″у ″**дэ**″уэщ зэрилъытар.

Зыхэт гупыр ″сэ″м ″дэ″уэ зэрилъытэу къэхъу мы цlэпапщlэм нэмыщl, и кlуэцlым илъ кур зыхуэщхьэпэ цlыхум мы курэ фэ быдэу зэтелъ пхъэщхьэмыщхьэ лlэужьыгъуэри ″**дэ**″уэщ къызэриlуэтар.

Зэпкъырылъыныгъэрэ зэхэлъыныгъэр, зэдэщlыгъуныгъэрэ зэхэтыныгъэр ″д″ макъ мыхьэнэкlэрэщ зэрылъытэри, дэщlыгъуныгъэрэ дэтхэнэ зы лъэныкъуэкlи гурыхь зыхуиlэу лъытэнрэ къыхэхыныгъэри ″**дэн**″ глаголыпкъ ″макъ псалъэ″у ″**дэ**″кlэрэ къоlуатэр: «содэ, си гум едэ, си гум идэкъым».

*″Д″ макъым къытехъукlа* ***″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукlыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

Япэу *″**д**″ макъым къытехъукlа* ***″макъ псалъэ″****хэр* ***къыпыхьэ макъкlэрэ*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьу* ***ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Дын, дэн″ глаголхэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпыхьэу къызэрыlуатэрэ зэрыухуэжыр гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу я префиксиал глаголхэр ухуэжынущи, ″дын″ глаголыр зыгъэзащlэм пыщlауэ къызэрекlуэкlыр ″хь, кl″ суффикскlэрэ зэрыухуэжу къызэрыlуэтапхъэри гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «идыхьын, lудыкlын, гуэдыхьын, тедыкlын, щlэдыхьын, кlэрыдыкlын, къуэдыхьын, хэдыкlын, пыдыхьын, флэдыкlын».

″Дын″ lуэхур гъэзащlэу зэрыщытыр къызэрыlуатэ ″дэн″ глаголыр префиксиалу зэрыухуэж щlыкlэу къэхъу глаголхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «идэн, lудэн, гуэдэн, тедэн, тедыхьын, тедыкlын, щlэдэн, кlэрыдэн, хэдэн, хэдыкlын, пыдэн, флэдэн».

″Дын″ глаголыр зытеухуарэ дыпхъэу щытри глагол формэкlэ ухуа зы псалъэу ″дын″у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, къыпыхьэ макъкlэрэ ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэри: «дынхэкl, дыныпхъэ - дыпхъэ».

″Дын, дэн″ глаголрэ ″дын″ псалъэм къызэрытехъуклар зэхэгъэкlыпхъэу щымыту ухуа псалъэхэри мащlэкъым. Мыпхуэдэхэм теухуа lэмэпсымэрэ lуэхугъуэхэри мы псалъэхэм къызэрытехъуклар гурыlуэгъуэнщи, игъуэ къыщысрэ мыпхуэдэхэр цlыхум къыщигъэунэхум хуэзэу къэхъуа псалъэхэм щыщ щапхъэщ мыхэр: «данэ, lуданэ, дыд, лъэпэд, фэнд»; «″дын, дэн″кlэ lэзэри ″дэр″щ».

Зы ″макъ глагол″ри мы къэта щапхъэм хуэдэу ухуа ″дэн″ глаголращи, абы и мыхьэнэр зыгуэрыр ″дэщlыгъуныгъэкlэ гурыхь къыхуэхъун″ращ. А глаголыр зытеухуар къэзыгъэлъагъуэ макъ къыпыхьэу префиксиал глаголу зэрыухуэжыфынури гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «идэн, игу идэн, щlидэн, хуидэн, фlидэн, хэдэн».

Мыбыхэм щыщу ″хэдэн″ глаголращ нэхъ щхьэжрэ хуиту лэжьэкlэ зиlэу ухуари, абы къытехъуклыжрэ ″дэн″ глагол мыхьэнэ зиlэу ухуэ псалъэу жыlэпхъэщ мыр: «хадэ».

″Хэдэн″ыгъэкlэрэ къыхах къэкlыгъэ гуэрхэр зэхуэдэу ялъытэрэ зэхуагъадэу зыхасэ щlыгу пыухытыкla гуэрщ ″хадэ″ зыхужаlар. ″Хэдэн″ыр зы куэдагъэм (хэ) теухуауэ къекlуэкl ″дэн″ lуэхуу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи (хэ-дэ), мыпхуэдэу ″хэдэн″ыгъэрэ ″дэн″ lуэхугъуэ (дэ) защlэу зэхэлъыныгъэри (хэ) къызэрыlуатэр ″дэн″ глаголым къыпыхьэ макъкlэрэ ухуэж мы псалъэмкlэщ: «дахэ».

″Дахэ″р гум идэрэ зэрыхэдэкlэрэщ зэралъэри, гум идахэу зэхэлъыныгъэ зиlэращ. ″Дахэ″ псалъэр къызэрыхъуа щlыкlэу ″дэн″ lуэхугъуэу къэхъуарэ дэныгъэрэ дэныпlэм итри къызэрыlуатэ зы псалъэи щыlэщи, ар ″дэн″ыгъэм нэхъ игъуэр щигъуэтыр къызэрыlуатэ псалъэщ: «дэгъуэ».

″Сэ″ нэрыбгэр зыхэт гупыр ″дэ″уэщ зэрылъытари, къыпыхьэ макъкlэ ар бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэи къэтхьынщ: «дэр, дэри, дэркlэ».

Зы пхъэщхьэмыщхьэ лlэужьыгъуэхэри ″дэ″уэщ зэрылъытари, ар къыпыхьэ макъкlэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэри: «дэшхуэ, дей, дэшхуей, дэжьей; щlыдэ».

*″Д″ макъым къытехъукla* ***″макъ псалъэ″****хэр зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″****хэми деплъынщ.*

Зы пхъэщхьэмыщхьэр зэрылъыта ″дэ″р зыхуэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэ къэтхьынщ: «″дэ, цlыкlу″ → дэцlыкlу».

″Сэ″ нэрыбгэр зыхэт гупыр ″дэ″щи, ар зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэу лъытапхъэщ мыхэри: «″дэ, дэ″ → дэрдэр; дэрдэру, дэрдэрурэ».

″Дын, дэн″ глаголрэ псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″дэр, бзэр″ → дэрбзэр; ″лъэ (лъакъуэ), пэд(ын)″ → лъэпэд».

Гурыхьыгъэ зиlэн мыхьэнэ зиlэ ″дэн″ глаголым къытехъукlа псалъэ зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэ къэтхьынщ: «″дахэ, нагъуэ″ → дэхэнагъуэ; ″хадэ, цlыкlу″ → хадэ цlыкlу → хадэцlыкlу».

*″Д″ макъ мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″***.

Зэпкъырылъыныгъэр, зэхэлъыныгъэрэ зэхэтыныгъэр зы формэу зэрылъытэ макъ мыхьэнэщ ″д″ыри, узыхэт гупыр ″дэ″уэ зэрылъытэми зэрезэгъыу, узыщыщрэ узрилъэпкъыу укъызтехъукlарэ укъызщlэхъуари ″д″ макъ мыхьэнэкlэрэщ къызэрыlуатэр: «адэ, адэшхуэ, дадэ, адэкъуэш, адэш».

Мы псалъэхэм хэт ″а″р жыжьагъэ къизыlуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ″тхьэмадэ″ псалъэм ″тхьэ″м къыкlэлъыкlуэ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуауи еджапхъэщ, икlи абы хиубыдэ ″адэ″м мы зи гугъу тщla псалъэу зэрыщыткlэрэи еджапхъэщ.

″Адэ″м теухуауэ мыри пыщапхъэщ: укъызщlэхъуа уи зы лъэныкъуэр узыщыщыгъэрэ узыхэтыгъэу ″дэ″кlэрэ къызэрыlуатэ ″адэ″ псалъэр укъэзылъхуауэ уи зы лъэныкъуэу щыт ″анэ″р зэрылъытам (сурс, ресурс: нэ) хуэдизу уи къэхъуныгъэр зыпыщlауэ зэрыщымытым а псалъэхэр зэрыухуа макъхэм щыгъуазэ укъащlыр.

″Адэ″р уи блэкlарэ узыщыщращи, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэмкlэ икlи жыжьагъэ щыlэпlэ къызэрыlуатэри гулъытапхъэщ: ««адэ, аддэ; адрей, адрыщl».

Дэтхэнэ гуэрым зы итыпlэрэ щыlэпlэ зэриlэр гурыlуэгъуэнщи, жыжьагъэр ″а″кlэрэ зэрыгъэлъагъуэу итыпlэрэ щыlэпlэр мы зэрылъыта псалъэхэм хуэдэу, гъунэгъуу щытрэ ди пащхьэм ит щlыпlэрэ гуэрхэри ″д″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэхэм къаlуатэр: «мыдэ, модэ; мыбы и деж → мыбы деж → мыбдеж; абы и деж → абы деж → абдеж».

Зэпкъырылъыныгъэрэ зэхэлъыныгъэр формэу зылъытэ ″д″ макъым мы итипlэрэ илъыпlэр зыlисыр наlуэу утыку къызэрырымылъхьэр гулъытапхъэщи, мы и макъ мыхьэнэ щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ зыгуэрыр зыдэщыlэ щlыпlэрэ зэрызэхэт щlыкlэм теухуа упщlэхэри ″д″ макъ мыхьэнэкlэрэ мэухуэр: «дэнэ, дэнкlэ, дэтхэнэ, дапщэ, дауэ».

Аращи, зыгуэрыр зэрызэпкъырылъ щlыкlэрэ зэрыщыlэм теухууэ наlуэкъым ″д″ макъ мыхьэнэм гурыlуэгъуэ къищlыр, ауэ зыгуэрхэр зэрызэхэтыр, зэхэтыныгъэ къызэрыхъур, зыгуэрыр адрей гуэрым зэрыпыщlэр ″д″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэхэм къызэраlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщ: «хуэдэ, зэхуэдэ, хуэдэн, зэхуэдэн, зэхуэгъэдэн»; «дыдэ, ар дыдэ».

Зэхуэдэныгъэу зи гугъу тщla псалъэхэр бзэм щызекlуэу зэрыщlидзэм къызэрыгуэкlкlэ, егъэщхьыныгъэрэ зэхуэдэныгъэкlэрэ къэхъуа псалъэхэщ мыхэри, мы ипэкlэ къэтахэм елъытауэ фlыуэ иужькlэ къэхъуа псалъэхэу

зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ: «шыд (шы хуэдэ), шхыдэн (шхын хуэдэн), шхыдэ»; «мыхьэлъэри ″уэм хуэдэу псынщIэ″ жыхуиIэу ″уэд″у лъытагъэнщ».

Зэхэтыныгъэшхуэри ″д″ макъ мыхьэнэкIэрэ къызэрыIуэтэфынур гурыIуэгъуэнщ: «куэд, куэдыIуэ, куэдыщэ, куэду, куэдкIэ».

Зэхэтыныгъэрэ зэкъуэтыныгъэм лъэщыгъэ къызэригъэхъунур гурыIуэгъуэщи, лъэщыгъэу лъытапхъэ бзэ мыхьэнэхэри ″д″ макъкIэрэ къоIуатэр. Зэхуэмыдэ IуэхугъуэхэмтеухуамИ, къызэрыIуатэ лъэныкъуэкIэ лъэщыгъэрэ зэпэщыгъэ зи мыхьэнэуэ ″д″ макъкIэрэ ухуа псалъэхэщ мыхэр: «быдэ, убыдын, къэубыдын, зэщIэубыдэн»; «диин»; «задэ, узэдын, зэщIэузэдэн; укъуэдиин, лъэдий»; «дыжьын, дыщэ»; «дыгъэ (зэхэлъыныгъэрэ лъэщыныгъэу лажьэ; ″гъэ″ лIэужьыгъуэ), лыдын – къэлыдын; дэп; уд».

Зыгуэрыр а зэрыщыт закъуэми, ар а зэрызакъуэу зэрыщытрэ зэрызэпкъырылъу ″д″ макъ мыхьэнэкIэрэ къэIуэтапхъэщ: «къудей – къуэдей».

Лъэщыгъэрэ къаруфагъэщ зэхэтыныгъэрэ зэкъуэтыныгъэри, зыгуэрым еуэнрэ yIэгъэ щIынри ″д″ макъ мыхьэнэкIэрэ ухуа псалъэхэмкIэ къоIуатэр: «удын, дыркъуэ; дагъуэ».

″Удын″ыр зэрыгъэзащIэ щIыкIэу ухуа ″пыудын″ псалъэм къытехъукIауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ мылъапIэр зэрылъытэ ″пыуд″ псалъэр.

Зэпкъырылъыныгъэрэ зэхэлъыныгъэр формэу ″д″ макъ мыхьэнэкIэ мэлъытэри, зэпкъырылъыпIэрэ илъыпIэмрэ мыпхуэдэхэм теухуауэ гъэзащIэ IуэхугъуэхэриIуатэм зэрезэгъыу, мыпхуэдэ илъыпIэрэ итыпIэр икIи зы нэщIыгъуэу зэрылъытапхъэр гулъытапхъэщи, илъыпIэу щытрэ нэщIыгъуэри ″д″ макъ мыхьэнэкIэрэ ухуэ псалъэхэм къызэраIуэтапхъэр гурыIуэгъуэнщ: «нэд, надэ, дэгу, дагуэ, уэд»; «хьэдэ; хьэдырыхэ, хьэдагъэ».

НэщIыгъуэр ″д″ макъ мыхьэнэкIэрэ къызэрыIуэтэфым зэрезэгърэ къызэрыкIэлъыкIуэщи, зыри зыдэщымыIэрэ зы щIыпIэуи мылъытапхъэ нэщIыгъуэм кIуэн IуэхугъуэриИ ″д″ макъ мыхьэнэкIэрэ ухуэ псалъэхэм къаIуатэр: «кIуэдын, кIуэдыкIей, кIуэдыпIэ, кIуэдыгъуэ; дыкъын, щхьэдыкъ».

Зыгуэрым кIуэдыгъуэ къыхуэкIуэнрэ и гъуэр кIуэдынрауэ жыIэпхъэщ ″дыгъун, дыгъуэн″ псалъэхэр зэрыухуа щIыкIэри. Иджым щымыIэжрэ блэкIа махуэри, кIуэдыпIэм нэса махуэри ″дыгъу″ къэхъусагъэххэу ″дыгъуасэ″ псалъэращ къызэрыIуатэр. жыIэпхъэщ. Мыбы нэмыщI, и гугъу щытщI зэманыпIэу нобэрэ иджым имытыр зы зэманыгъуэ

пыухытыкlауэ къызэрыlуэтапхъэри ″д″ макъ мыхьэнэкlэрэщ: «нышэдибэ; пщэдей, пщэдеймыщ - пщэдеймыщкlэ».

Зэпкъырылъыныгэрэ зэхэлъыныгъэр формэу зэрылъытэу илъыпlэрэ итыпlэр, кlуэ пэтрэи нэщlыгъуэрэ кlуэдыгъуэм теухуа псалъэхэр зэрыухуа макъ мыхьэнэщ ″д″ыри, ар икlэм икlэжым дэтхэнэ зы lуэхукlэ щхьэпэныгъэ зыхэлърэ дэтхэнэ зы лlэужьыгъуэ зи мыхьэнэуи бзэм щызекlуэу щlидзагъэнщ. Мыпхуэдэу ″щхьэпагъэ зиlэ″рэ ″лlэужьыгъуэ″ зи мыхьэнэуэ ухуауэ жыlэпхъэщ мы псалъэхэр: «lэдэ, уадэ, , кlыдэ, кlадэ, фадэ, дыд, шэхудэ, дакъэ, дамэ».

Тхыгъэ лlэужьыгъуэуи еджапхъэщ, икlи тхыгъэ зэрылъуи еджапхъэщ нобэрей щlэныгъэ еплъыкlэу бзэм хэхьа ″тхыдэ″ псалъэри, ар зытеухуа ″хисmорие″м хиубыдэ псори зыхэзымыубыдэ зы псалъэу, ″тхыгъэ″м хуэlауэ къэгъэщlа зы псалъэщ. Ауэ, тхыгъэ зэрихьэу къэгъуэгурыкlуауэ ямылъытэрэ зымылъытэж зы лъэпкъым цlыхум къигъуэгурыкlуэр къизыlуэ ″хисmорие″р ″тхыдэ″ псалъэмкlи къэlуэтэныр езым хуэфащэрэ хуэщхьэпэшхуэуи зэрыщымытыр гулъытапхъэщ.

″Дэ″р зэпкъырылъыныгъэрэ зэхэлъыныгъэр формэу къизыlуэ макъ мыхьэнэщи, дэтхэнэ зы глаголыр мыпхуэдэу зэрыгъэзащlэ щlыкlэу префикс къалэн зыгъэзащlэ макъщ. Ауэ ″дэ″р ищхьэ къызыпыхьэу ухуэ глаголыщlэхэр щыlэщи, ипэкlэ къэта щапхъэхэм нэмыщl, зэдэщlыгъуу гъэзащlэрэ зы дэтыпlэм щыгъэзащlэ lуэхугъуэхэр къызэрыlуатэ щlыкlэу ухуа глаголхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «дэlун - едэlун, дэlуэн – едэlуэн, дэщlын - къыдэщlын – зэдэщlын, дэцlэн, дэгуэн, дэкуэн, дэкlын, дэкlуэн, дэхъун – къыдэхъун – зэдэхъун, дэхын, дэхьэн, дэлъхьэн, дыхьэшхьын - дэхьэшхын, дэлъын, дэсын, дэтын, дэнэн - къыдэнэн».

*″Д″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

″Сэ″р зыхэт гупыр зэрылъытэ цlэпапщlэщ ″дэ″ри, абы теухуауэ гъэзащlэр глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэм ″дэ″м теухуа ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″р ″префикс″ зэрыхуэхъукlэрэщ. Къыкlэлъыкlуэ макъым и къэlукlэм елъытауэ ″д″ макъыр ″т, тl″ыуэ щызэхъуэкl щыlэщи, мыхэри зыхэту ″дэ″м теухуа ″нэрыбгэ гъэлъагъуэ″р префикс хуэхъуу ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэхэр ди ″макъ псалъэ″хэм теухууэ къэтхьынщ: «дой, дыунщ, дыуэнущ, дыlуащ, долуэ, дысынщ, дъзынущ, ддзащ, догъу, дъджынщ, дыджэнущ, ддащ, додэ, ттынщ, ттlынущ, дыжащ, дожэ, тщынщ, тщэнущ, тщlащ, дощlэ, дыкlуэнщ, дыхъунущ, тхуащ, долъэ, тпlынщ, дыфынущ, дов, дващ»; «дыцlыхущ, дыфlщ, ды-Адыгэщ».

″Сэ″р зыхэт гупыр ″дэ″уэ зэрылъытэм нэмыщl, зы гупкlэ гъэзащlэ lуэхугъуэри ″дэ″р префикс зыхуэхъу глаголкlэрэщ къызэрыlуатэр. Мыпхуэдэ глаголым ″дэ″ макъыр префикс щыхуэхъукlэ, а lуэхур зыгъэзащlэм дэщlыгъуныгъэщ ″дэ″м къигъэлъагъуэри, а lуэхур гупым зэдащlэу къызэрыlуатэр ″дэ″м ипэ къихуэ ″зэ″ префикскlэрэщ къызэрыlуатэр. Араци, гупкlэ гъэзащlэ lуэхур а хэтхэм зэгъузэу (зыр зым

дэгъусэу) зэрагъэзащlэр къэзыгъэлъагъуэ ″зэ″ макъыр ″дэ″м ипэ къихуэу префикс хуэхъуущ глаголыр зэрыхуэр. Мыпхуэдэ щапхъэхэри ди ″макъ глагол″хэр мы и мыхьэнэкlэрэ ″дэ″р префикс зэрыхуэхъукlрэ къэтхьынщ: «дэин – зэдэин, дэун – зэдэун, дэуэн – зэдэуэн, дэlун – зэдэlун, дэlуэн – зэдэlуэн, дэсын – зэдэсын, дэзын – зэдэзын, дэдын – зэдэдын, дэдэн – зэдэдэн, дэтlын – зэдэтlын, дэтlэн – зэдэтlэн, дэщын – зэдэщын, дэщэн – зэдэщэн, дэщlын – зэдэщlын, дэшэн – зэдэшэн, дэкlун – зэдэкlуэн, дэхъун – зэдэхъун, дэхун – зэдэхун, дэхьын – зэдэхьын, зэпlын – зэдэпlын, дэфын – зэдэфын, дэвын – зэдэвын, дэвэн - зэдэвэн».

″Дэ″р гуп зэхэтыныгъэм нэмыщl, икlи зы зэпкъырылъыныгъэрэ зэхэлъыныгъэр формэу къизыlуэ макъ мыхьэнэуэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мы и мыхьэнэкlэрэ глаголхэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэ къизыlуэу префикс къалэн егъэзащlэр. Дэщlыгъуу гъэзащlэрэ зэдэщlыгъуу гъэзащlэр ″дэ, зэдэ″ префикскlэрэ къызэрыlуатэм теухуа щапхъэхэр ипэкlэ къэтащи, мы къэта глагол лэжьэкlэм щыщу ″дэ″р зи префиксу ухуа псалъэхэр икlи ″дэтыпlэ формэ″у зэреджапхъэри гулъытапхъэщ. Араща, зы lуэхур зы дэтыпlэ – дэлъыпlэ – зэтетыпlэу зэрыгъэзащlэм теухуа щапхъэхэри ди ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ къэтхьынщ. Глаголыр зэрыгъэзащlэм елъытащи, ″хь, кl″ префикскlэрэ гъэзащlэу ухуэжахэр ″*″ нэгъыщэкlэ къэгъэлъэгъуащ: «дэин – дэихьын*, дэун, дэуэн – дэухьын* – дэукlын*, дэсыхьын*, дэзын – дэзыхьын*, дэдзын, дэгъын – дэгъыхьын*, дэгъухьын*, дэджын – дэджыхьын*, дэджэн, дэдын – дэдыхьын*, дэдэн, дэтlын – дэтlыхьын*, дэтlэн, дэщын, дэщыхьын*, дэщэн, дэщlын - дэщlыхьын*, дэщlэн, дэшэн, дэкlын – дэкlыхьын*, дэкlуэн – дэкlухьын*, дэхъун – дэхъухьын*, дэхун, дэлэн, дэлlэн – дэлlыхьын*, дэпlын – дэпlыхьын*, дэфыхьын*, дэвын – дэвыхьын, дэвэн».

″Д″ макъым дэтхэнэ зы глаголым суффикс къалэн хуигъэзащlэкъым, ауэ ар глаголхэм суффикс хуэхъункlэрэ зэрыхущlэкъури гулъытапхъэщ.

**″Т″ макъыр.**

***″Т″*** *макъым къытехъукl* ***″макъ псалъэ″****хэр.*

″Тl″ макъыр зытеухуа бэгъуэныгъэкlэрэ гъэзащlэу утыку къихьа щхьэщыкlыныгъэр зэрылъытэращ ″т″ макъым и мыхьэнэр. Дэтхэнэ гуэрыр зэрылъыта щlыкlэм щхьэщыкlыныгъэр ″т″ макъ мыхьэнэкlэрэщ къызэрыlуатэри, щыlэгъуэ зиlэу лъыта дэтхэнэ гуэрым щхьэщыкlыныгъэ зи мыхьэнэ ″т″ыр щыlэгъуэ жыхуэтlэрэ щыlэу щыт дэтхэнэ гуэрыр зыхэзыубыдэ пкъыгъуэшхуэри, дэтхэнэ зы щыlэ гуэрэри зэрызэщхьэщыкlрэ зэрыкlуатэр къызэрыlуатэ макъращ.

Дэтхэнэ гуэрым щхьэщыкlыныгъэу, абы къыпкъырыкlрэ щхьэщыкlыр ″т″ макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщи, ″т″ макъыр

утыку къихьа нэужь, мы и макъ мыхьэнэкlэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэ къизыlуэ ″**тын**″ глаголыпкъыу ″**ты**″ыр зы ″макъ псалъэ″у куэд дэмыкlыу бзэм хэхьагъэнщ.

″Тын″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къыхэщу ухуэж глаголхэщ мыхэри: «етын, зэдэтын, къетын, хуэтын, хуетын, пэтын, фlэтын, фlетын, нэтын-2».

Мы зи гугъу тщlар (тын) зы глаголщ, ауэ мыпхуэдэ глагол формэу ухуа зы псалъэщ ″**тын**″ри, ар ″тын″ глаголкlэ гъэзэщlапхъэу щытращ: глаголу ″тын″ lуэхугъуэр зытеухуарэ ″ят″у щытыращ ″тын″у ялъытэри, ар икlи ятыпхъэу ″**ты**гъэ″ жыхуаlэрщ.

*″**Т**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

*″**Т**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″**хэр **къыпыхьэ макъхэмкlэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** деплъынщ.

″Тын″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр префиксу къызэрыпыхьэкlэрэ къытехъукlыж глаголхэщ мыхэр: «етын – иритын, щытын – щыритын, щlэтын – щlыритын, хуетын, фlэтын, нэтын».

Ауэ ″тын″ lуэхур къызэрекlуэкlрэ гъэзащlэу зэрызэфlэкlыр ″хь, кl″ макъ суффиксхэмкlэ къэlуатэу глаголыр зэрыухуэжыфынур гурыlуэгъуэнщи, мыбыхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «итыхьын, lутыхьыкlын, гуэтыхьын, дэтыкlын, щlэтыхьын, кlэрытыхьын, къуэтыкlын, хэтыхьын, пытыкlын, фlэтыхьын».

″Тын″ глаголым къыпыхьэ макъхэмкlэ къытехъукlыж префиксиал глаголхэм нэмыщl, къытехъукl псалъэхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «тыхь, тыгъэ; нэтын; етэ».

Глагол формэу ухуарэ ″тын″ глаголкlэ гъэзэщlапхъэу щытыр къызэрыlуатэ ″тын″ псалъэмрэ и лэжьэкlэхэм макъ къыпыхьэу бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэри: «тышхуэ, тынышхуэ, тыгъэшхуэ, тыхьышхуэ».

*″**Т**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″**хэр зыхэту ухуэ **″псалъэ зэгуэт″**хэми* деплъынщ.

″Тын″ глаголымрэ къытехъукla псалъэхэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″щхьэ, тыхь″ → щхьэ тыхь → щхьэтыхь; ″псэ, тыхь″ → псэ тыхь → псэтыхь».

Тыхь хъун мыхьэнэ зиlэ ″тын″ псалъэр зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэри: «″нысэ, тын″ → нысэ тын → нысэтын; ″псэ, тын″ → псэ тын → псэтын».

*″**Т**″ макъ мыхьэнэр **″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″**.*

″Т″ макъыр щхьэщыкlыныгъэ зи мыхьэнэщи, ар дэтхэнэ гуэрыр зэрылъыта щlыкlэм щхьэщыкlыр къызэрыlуатэ макъ мыхьэнэщ.

Щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрым и щыlэгъуэр зэрихьыр зэрыджкlэрэщи, дэтхэнэ зы джыгъуэри зэрыщытарэ щымыджауэ щытам щхьэщыкlыныгъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Ар зэрыдж щlыкlэри и уэз зэригъэскlэрэщи, дэтхэнэ гуэрыр сыгъуэкlэрэщ зэрызэщхьэщыкlыр. Нытlэ, дэтхэнэ зы щыlэгъуэ сыгъуэм иту зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, абы и щыlэгъуэр зэрихь щlыкlэу зэрызэщхьэщыкlрэ и щыlэгъуэр зэригъэкlуатэри ″т″ макъ мыхьэнэращ къызэрыlуэтапхъэр. Мыпхуэдэщ дэтхэнэ зы щыlэгъуэ зиlэри, дэтхэн гуэрыр ″с″ырэ ″т″ зэхуакум итрэ сыуэ щыту зы ″щы″ лlэужьыгъуэу лъытапхъэщ. Мы псалъэхэм къызэрalуатэщ упщlэрэ пэджэжу ухуарэ ″т″ макъыр зыхэт мы псалъэхэр: «сыт, мыст».

Щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр зыlисым теухуа упщlэщ ″сыт″ри, зэхэтыкlэ хабзэ зиlэрэ дэтхэнэ и зы нэрыбгэр щхьэжу зэрылъытарэ зы цlэи зиlэж цlыхум теухуа упщlэр ″хэт″ псалъэращ.

Дэтхэнэ гуэрым и щыlэгъуэр зэрихьыр зэрызэщхьыщыкlыу аргуэру утыку къызэрихьэжкlэрэщи, мы щыlэгъуэ кlуэтэгъуэр ″т″ыкlэрэ зэрыгъэзэщlапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Зыгуэрым теухуа лъэгапlэр а гуэрым щхьэщыкlыныгъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, дэтхэнэ гуэрыр зыхэтрэ зыдэщыlэ щlыпlэм елъытауэ щхьэщыкlыныгъэ зиlэу зэрылъытэри ″т″ макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуэтапхъэщ. Аращи, зыгуэрыр щхьэж зэрылъытэ щlыкlэу, ар зыдэщытрэ зыхэтым къыхэщрэ зы лъэгапlэу зэрылъытэ щlыкlэу ухуа глаголхэщ мыхэр: «итын, lутын, дэтын, тетын, щытын, щlэтын, къуэтын, хэтын, зэхэтын, пытын, фlэтын, зэфlэтын».

Мы псалъэхэр зэрыухуа щlыкlэу лъытапхъэщи, итыпlэрэ зыдитыпlэр къизыlуэу ″т″ макъкlэрэ лажьэу ухуа псалъэхэщ мыхэри: «ут, утыку; курыт».

Зыгуэрым и гущlыlур ″т″ макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэм къызэрыгуэкlщи, зыгуэрым тету текlухьыныгъэрэ теубэныгъэри ″тэ″ кlэухкlэрэ ухуэ мы псалъэхэм къalуатэр: «утэн, зэхэутэн».

″Т″ макъыр щхьэщыкlыныгъэ мыхьэнэуэ зэрыщытым ипкъ иткlэ, лъэгапlэ зиlэрэ лъэгапlэм хуэкlуэныгъэу гъэзащlэ lуэхугъуэхэри ″т″ кlэухкlэрэ ухуэж псалъэхэм къызэрalуэтэнур гурыlуэгъуэщ: «lэтын, lэтащхьэ; lэтэ, lэмбатэ; шатэ (шэ гущlыlум тырищlэ), матэ (тетыпlэ хъу), щхьэнтэ (щхьэм телъыпlэ хуэхъу); лъэтэн (лъэр lэтауэ кlуэн; ″лъэн″ым лъэгапlэ игъуэту гъэзэщlэн)».

″Т″ макъыр щхьэщыкlыныгъэщи, лъэгапlэ лъэныкъуэр къызэриlуатэм хуэдэжу, дэтхэнэ зы лъэныкъуэкlэ гъэзащlэ щхьэщыкlыныгъэри ″т″ макъ мыхьэнэкlэрэ лажьэ псалъэхэмкlэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ. Зыгуэрыр зыдэщытыпlэм щхьэщыкlрэ икlыу зэрыкlуатэр (э) ″тэ″ макъ мыхьэнэкlэрэ лэжьэкlэ зиlэу ухуэ псалъэхэм къalуэтэнщ. ″Кlуэн″ псалъэм и мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, ар езыр гъуэгу тетыххэр къызэрыlуатэ псалъэщ. Абы ″тэ″ къыпыхьэжу ухуэж глагол мыхьэнэхэр ″кlуэн″

lуэхугъуэр лъэбакъуэ лъэбакъуэу зэщхьэщыкlыныгъэкlэ зэрыгъэзащlэм теухуэну къыщlэкlынщи, мыпхуэдэу ухуэ глаголхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. ″Кlуэн″ псалъэм кlэух хуэхъуу ухуэ мы псалъэхэр ″тэ″ макъым игъэзащlэ зы суффикс къалэнуи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу ухуэ ″кlуэтэн″ глаголымрэ ар зэрыгъэзащlэ щlыкlэкlэ ухуэж глагол щапхъэхэщ мыхэр: «кlуэтэн, икlуэтын, екlуэтэлlэн, екlуэтэхын, дэкlуэтэн, зэдэкlуэтэн, дэкlуэтеин, текlуэтэн, текlуэтыкlын, щlэкlуэтэн, къэкlуэтэн, хэкlуэтэн, хуэкlуэтэн, хуекlуэтэлlэн, фlэкlуэтэн, пыкlуэтэн, пыкlуэтын, пыкlуэтыкlын, нэкlуэтэн».

″Кlуэн″ глаголым ″тэ″р кlэух зэрыхуэхъурэ префикс гуэрхэри къызэрищтэкlэрэ ухуащ мы глаголхэри, мыбы нэмыщl, ″кlуэн″ым къытехъукlарэ мыкlуэу зыдэщытыпlэм щхьэщыкlыныгъэрэ икlыныгъэу гъэзащlэ lуэхугъуэхэри ″кlуэ-ы → кlу″м ″т, тэ″р кlэух зэрыхуэхъукlэрэ ухуэ глаголхэм къаlуатэр. Мыпхуэдэу ухуэж глаголыр зыгуэрым теухуарэ хуэкlуэу щыгъэзащlэм деж, ар ″тэ″ кlэухкlэрэщ зэрыухуэри, зыгуэрым теухуарэ хуэкlуэныгъэ зимыlэу щхьэщыкlыныгъэ мыхьэнэ закъуэ иlэу щыгъэзащlэм дежи, ″т″ кlэухкlэрэщ зэрыухуэр. Мыпхуэдэу ″т, тэ″ кlуэхкlэрэ ухуэж глаголхэщ мыхэр: «икlутын, икlутэн, lукlутэн, дэкlутэн, текlутэн, щlэкlутэн, кlэрыкlуэтэн, къуэкlутэн, хэкlутэн, пыкlуэтэн».

″lун, lуэн″ глаголыр макъ къызхэгъэlукlынрэ зыгуэрхэр жыlэнращи, зыгуэрыр ″lун, lуэн″кlэрэ зэрыщыту утыку къилъхьэн lуэхугъуэхэри мы глаголым ″тэ″ кlэух къызэрищтэ щlыкlэу ухуэж глаголхэращ къэзыlуатэри, мыхэри мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэм хуэдэу, ″тэ″м и суффикс къалэнуи лъытапхъэщ: «lуэтэн, къэlуэтэн, lуэтэжын, lуэрыlуатэ, lуэрыlуэтэж».

Текlуэтыкlыныгъэ зи мыхьэнэуэ ″тэ″р суффиксуи лъытапхъэу ухуэ глаголхэм теухуа щапхъэр мащlэкъым. Икlи иужьрей псалъэхэм хуэдэу ухуа щапхъэщ мы зи гугъу тщlынур. Зыгуэрым и ″lу, lуэ″р абы и хэхьэпlэрэ хэкlыпlэу и lупlэрэ гущlыlум теухуа мыхьэнэщи, зыгуэрым и гущlыlурэ и щlыфэр тешынрэ хэшыныгъэкlэ гъэзащlэ lуэхугъуэр къызэрыlуатэ псалъэщ мыхэр: «lуэтэн, lуэтын».

Зыгуэрыр зэрыщыт щlыкlэм икlынрэ зэхъуэкlыныгъэ къыхуэкlуэнри ″тэ″ кlэух зиlэ псалъэхэмкlэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу ухуа глаголхэщ мыхэр: «гъуэтэн, къутэн, тlэтэн – тlэтын».

″Хун, пщын″ глагол мыхьэнэхэр гурыlуэгъуэщи, апхуэдэ щlыкlэкlэрэ зэщхьэщыкlыныгъэрэ lэнатlэ lэнатlэу гъэзащlэ lуэхугъуэхэр абыхэм ″тэ″р кlэух зэрыхуэхъукlэрэщ къызэрыlуатэр: «хутэн – къэхутэн, пщытэн – къэпщытэн».

Мыпхуэдэ щlыкlэрэ мыхьэнэ зиlэу къэхъуа глаголщ ″лъэ″м ехьэлlауэ (лъэ-ы → лъ), икlи лъырэ зэрыкlуатэкlэрэ гъэзащlэу лъытапхъэу мы утыку къихьахэри: «лъытэн, гулъытэ».

Зыгуэрыр зэрыщыlэр ″щ″ суффикскlэрэ къызэрыгъэлъагъуэрэ къызэрыlуатэр гурыlуэгъуэщи, зэрыщыlэрэ утыку зэритыр нalуэу щымытыр ″т″ суффикскlэрэ зэрыгъэзащlэм теухуауэ лэжьэкlэри илъабжьэкlэ къэтынущ. Ауэ мыпхуэдэ мыхьэнэ зиlэрэ зыгуэрыр зэрыщыlэн хуейм зэрыщымыlэр и мыхьэнэуэ ″т″ макъ кlэухкlэрэ къэlуэтэу ухуэ псалъэи щыlэщ: «къэтын (ар къэтщ; ар фlыуэ къэтащ)».

Зыгуэрыр къэтрэ е иджыри къэмыгъэунэхуауэ нalуэ мыхъуауэ щытмэ, ар зыдэщыlэ ″гъуэ″р утыку къигъэхьэнри ″т″ кlуэхкlэрэ гъэзащlэу ухуэ псалъэкlэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщ: «гъуэтын → къэгъуэтын».

Зыгуэрыр къызэрежьэращ ″п, пэ″ макъым гурыlуэгъуэ къищlри, абы ″т″ макъ къыкlэлъыкlуэу ухуэ ″пэт″ым щхьэжу къыриlуэ гуэр щымыlэми, зэрыхуа макъхэмкlэ бзэм щыхэлэжьыхьу зы псалъэщ. Зыгуэрым и къэхъупэр къэунэхуауэ, ауэ утыку къыщимыхьэм деж, ар ″хъу пэта″уэщ зэрылъытэр. Мыпхуэдэ псалъэхэщ мыхэри, ″пэт″ыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм теухуауэ зыгуэрыр ″къэхъуу зэрыпэт″ымрэ къыпыщэну зэманыгъуэкlэрэ къызэрыхъунур къызэрыlуатэ псалъэхэщ: «кlуэрэ пэт, кlуэ пэтрэ».

Лъэгапlэрэ тетыпlэу (т) щытым (тэ) тегъэзэщlыхьрэ абы зэрытеджыхькlэрэ (″тэ-и″ → те) гъэзащlэ lуэхугъуэхэр къызэрыlуатэр ″тэ, те″кlэрэ къежьэ глаголу зэпкъыроувэр. Мыпхуэдэ глаголхэр ″тэ, те″р префикс къалэнкlэрэ глаголхэм къыпыхьэу зэрыухуэнур гурыlуэгъуэщи, мыбыхэм теухуа щапхъэхэр илъабжьэкlэ къэтхьынщ, ауэ мыбдежым ″т, тэ, те″кlэрэ къежьэу зэпкъырыувэ глаголыщlэхэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ: «тегуэн, текуэн, текъуэн, тэджын - къэтэджын, теджын - къэтеджын, тещын, текlын, текlуэн, текхъуэн, техъуэн, техын, техьэн, телъын, тепlэн-2, тебэн, тенэн - къытенэн».

Глаголхэм нэмыщl, лъэгапlэрэ тетыпlэ – телъыпlэу щытхэр зэрылъытэ псалъэхэри ″т, тэ, те″кlэрэ къежьэущ зэрыухуэр: «тепщэ, тепщэч, табэ».

*″**Т**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

″Щ″ыр зи суффикс дэтхэнэ зы псалъэр гурыщхъуэ темылъу зэрыщыlэр нalуэ зыщlращи, щхьэщыкlыныгъэ зи мыхьэнэ ″т″ макъыр суффикс зыхуэхъу псалъэм зэрыщыlэр нalуэ мыхъуущ къызэрыlуатэр. Мыпхуэдэу ″щ″ыр суффикс зыхуэхъурэ зэрыхуэхъу щlыкlэу ″т″ макъри дэтхэнэ зы псалъэм суффикс хуохъури, ди ″макъ псалъэ″рэ ″макъ глагол″ лэжьэкlэхэм щыщ гуэрхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «lэт, ит, lут, lуэт, сэт, сэрт-2, сэрат-2, цыт, цlэт, дзэт, гъэт, гъуэт, гэт, гут-2, дэт, дынт, тынт, щыт, щэт, щlыт, щlэт, шыт, шэт-2, чыт, чэт, кут, куэт, кlыт, кlэт, къут, къуэт, кхъэт, кхъуэт»; «ут, уэнт, lунут, lуат-2, сыт, сэнт, зынут, дзат, идзат*, гъыт, гъунт, джэнут, дат, итт, итlынт*, ищынут*, щlат, ищlат*, щlэт, ищlэт*, шэнт, ишэнт*, чат, кlыт, кlуэнт, хъунут».

Глагол лэжьэкlэ гуэрхэр ″т″ суффикскlэрэ къыщыlуатэм деж, зы префикс къызэращтэр ″*″ нэгъыщэкlэ къэгъэлъэгъуащи, а глаголхэр lуэху

лlэужьыгъуэу зэрыщытрэ зэрыгъэзащlэ щlыкlэращ абы зы префикс къищтэн хуей щlэхъур.

Зыгуэрыр зэрымыхъуар псалъэм суффикс хуэхъу ″къым″кlэрэщ нalуэу къызэрыlуатэри, къызэрымыхъуар нalуэ дыдэу зэрыщымытри щхьэщыкlыныгъэ зи мыхьэнэ ″т″ кlуэтэгъуэр (тэ) мыхъуныгъэ суффикс ″къым″ ипэ къихуу псалъэм суффикс зэрыхуэхъукlэрэщ къызэрыlуатэр. ″Т″ыр ″щ″ыр суффикс зыхуэхъурэ зэрыхуэхъу щlыкlэу суффикс хъууэ жытlащ ипщэкlи, ар хъупхъэ псалъэхэм теухуащ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, и макъ мыхьэнэм елъытащи, ″щ″ым мыхъуныгъэ суффикс къэзыщтэу ухуэ псалъэхэм суффикс яхуэхъукъым; ауэ ″т″ макъ мыхьэнэм зэрелъытащи, ар мыхъуныгъэу ухуэ псалъэхэми ″тэ″уэ суффикс яхуохъуфыр. Гулъытапхъэщи, ″т″ суффикскlэрэ къыщыlуатэм утыку къихьа мыхьэнэм зэрытекlыжращ абы ″э″ къыпыхьэж ″тэ″р суффикс щыхъум игъэзащlэри, псалъэр ″т″ыкlэрэ къызэрыlуэта щlыкlэм зэрытекlуэтыкlыр ″тэ″кlэрэ гъэзащlэу, псалъэр мыхъуныгъэу зэрыухуэнум хуегъэхьэзырыр. Мыпхуэдэ лэжьэкlэри дэтхэнэ зы псалъэм теухуауэ зэрыгъэзэщlапхъэр гурыlуэгъуэщи, ди ″макъ палъэ″рэ ″макъ глагол″ лэжькlэхэм ″т″ыр суффикс язэрыхуэхъукlэрэ ухуа псалъэхэм ″тэ″ суффикс къащтэу мыхъуныгъэу къызэрыlуэтэжым теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэжынщ: «lэтэкъым, итэкъым, lутэкъым, lуэтэкъым, сэртэкъым-2, сэратэкъым-2, сэтэкъым, цытэкъым, цlэтэкъым, дзэтэкъым, гъэтэкъым, гъуэтэкъым, гэтэкъым, гутэкъым-2, дэтэкъым, дынтэкъым, тынтэкъым, щытэкъым, щэтэкъым, щlытэкъым, щlэтэкъым, шытэкъым, шэтэкъым-2, чытэкъым, чэтэкъым, кутэкъым, куэтэкъым, кlытэкъым, кlэтэкъым, къутэкъым, къуэтэкъым, кхъэтэкъым, кхъуэтэкъым»; «утэкъым, уэнтэкъым, lунутэкъым, lуатэкъым-2, сытэкъым, сэнтэкъым, зынутэкъым, дзатэкъым, идзатэкъым*, гъытэкъым, гъунтэкъым, джэнутэкъым, датэкъым, иттэкъым, итlынтэкъым*, ищынутэкъым*, щlатэкъым, ищlатэкъым*, щlэтэкъым, ищlэтэкъым*, шэнтэкъым, ишэнтэкъым*, чатэкъым, кlытэкъым, кlуэнтэкъым, хъунутэкъым».

Мыхэр ″т, тэ″м игъэзащlэ суффикс къалэнщ. Мыбы къыщымынэу, ″т″ макъым префикс къалэни егъэзащlэр. ″Т″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэу зи гугъу тщla лъэгапlэрэ тетыпlэ мыхьэнэращ ″т″ макъыр глаголхэм префикс зэрыхуэхъу щlыкlэри, префикс зыхуэхъу глаголыр зытеухуа lуэхугъуэр зы лъэгапlэрэ тетыпlэм щызэрыгъэзащlэр къегъэлъагъуэр. Мыпхуэдэу гъэзэщlэф дэтхэнэ зы глаголым префикс хуохъуфыр ″т″ макъри, ар ″занщlэ глагол″хэм префикс зэрыхуэхъу щlыкlэри нэхъыбэу тетыпlэрэ лъэгапlэм зэрыджыр къизыlуэ ″те (тэ-и)″уэщ. Мыбыхэм теухуа щапхъэхэри ″занщlэ глагл″хэу щыт ди ″макъ глагол″хэр инфинитиву зэрыщытым теухуауэ къэтхьынщ: «теун, теуэн, телун-2, телуэн-2, тесыхьын*, тецlэн, тезын, тедзын – тедзэн, тегъын, тегъыхьын*, тегъун – тегъуэн, тегъухьын*, тэджын, теджыхьын*,

теджэн, тедыхьын*, тедэн, тетыхьын*, тетIыхьын*, тещыхьын*, тещIыхьын, тещIэн, тешэн – тешын, течын, течэн, текIыхьын*, текIухьын*, техъухьын*, техун – техуэн, телъэн, телэн, телIэн, тепIыхьын*, тефыхьын*, тевыхьын*».

Мы къэта щапхъэм щыщ глагол гуэрхэр ″тэ, те″ префикскIэрэ лажьэу щызэпкъырыувэжым деж, Iуэху лIэужьыгъуэ глагол гуэрхэр зэрыгъэзэщIэкIэм суффикс гуэри къащтэн хуей мэхъури, мыпхуэдэхэр ″*″ нэгъыщэкIэ къэгъэлъэгъуащ.

**″Tl″ макъыр.**

*″**Tl**″ макъым къытехъукI ″**макъ псалъэ**″хэр.*

Зэхэлърэ зэпкъырылъу щытым хищI къарущ ″tl″ макъ мыхьэнэри, зыхищIэр зэрыпIытIри, зэрыунэтIрэ зэрыбагъуэри къэзыгъэщI къарущ.

ХищIэнрэ пIытIыным теухуа мы и мыхьэнэм къызэрыгуэкIкIэ, ″tl″ макъыр утыку къихьауэ куэд дэмыкIыу бзэм зы ″макъ псалъэ″у ″**тIы**н″ глаголыпкъыу хэхьагъэнщ ″**тIы**″р. Ар гъэзащIэу зэрыщытри ″**тIэ**″р зи глаголыпкъ ″**тIэ**н″ращ.

″Tl″ макъ мыхьэнэм гулъытэ щыхуэпщIым деж, ар хъугъэ зыхэлъу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, адыгэбзэм хигъэзэщIыхьрэ къызэрыхэщри мыпхуэдэ мыхьэнэ зэригъэзащIэкIэрэщ. Нобэ ″**тIы**″р зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэт щIыкIэр цIыхум Iэщ зыхуищIыжа зы псэущхьэ лъэпкъым и хъур зэрилъытэращи, ар абы зэрыфIищам и лъабжьэр ″tl″ макъыр зэрымакъыхъуращ, ауэ мы псэущхьэхъур мыпхуэдэу къыриIуэу зэрыщIидзар бзэр зэрыхъун хъуа нэужьу гъунэгъу лъэхъанэхэращ.

″Хъу″гъэу гъэбэгъуэн мыхьэнэ зиIэ ″tl″ макъым и кIуэтэгъуэ ″**тIэ**″р зы ″макъ псалъэ″у къыпыщэныгъэрэ унэтIыгъэ къыриIуэу псалъэхэр зэрызэпх къалэн егъэзащIэр.

*″**Tl**″ макъым къытехъукIа **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукIыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр**″.*

*″**Tl**″ макъым къытехъукIа ″**макъ псалъэ**″хэр **макъ къыпыхьэу** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм** деплъынщ.*

ЗэрыгъэзащIэ щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпыхьэу ″tIын, tIэн″ глаголхэр зэрыухуэжым теухуа щапхъэщ мыхэр: «итIын, IутIын, гуэтIын, дэтIын, щытIын, щIэтIын, кIэрытIын, къэтIын, къуэтIын, хэтIын, хуэтIын, пытIын, фIэтIын, нэтIын»; «итIэн, IутIэн, гуэтIэн, дэтIэн, щытIэн, щIэтIэн, кIэрытIэн, къэтIэн, къуэтIэн, хэтIэн, хуэтIэн, пытIэн, фIэтIэн, нэтIэн».

Мы префиксиал глаголхэм щыщу щIыпIэрэ къежьапIэ къэзыгъэлъагъуэ префикс зыпытхэм ″хь, кI″ макъхэр суффикс яхуэхъуу зэрыухуэжыфынури гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр:

«итӏыхьын, lутӏыкӏын, гуэтӏыхьын, дэтӏыкӏын, щӏэтӏыхьын, кӏэрытӏыкӏын, къэтӏыхьын, къуэтӏыкӏын, хэтӏыхьын, пытӏыкӏын, фӏэтӏыхьын».

″Тӏын, тӏэн″ глагол зыхэту ухуа псалъэщ ″ятӏэ″ри, ар тӏыныгъэрэ тӏыпхъэу тӏыфыну щыт щӏы ӏыхьэрэ щӏылъэращ.

″Тӏэ″ макъ псалъэм къыпыхьэ макъхэмкӏэ къытехъукӏыж псалъэхэщ мыхэр: «атӏэ, ныттӏэ, тӏанэ, итӏанэ; нетӏэ».

Зы псэущхьэ лъэпкъым и хъур зэрылъыта ″тӏы″ псалъэр къыпыхьэ макъкӏэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэи къэтхьынщ: «тӏышхуэ».

*″**Тӏ**″ макъым къытехъукӏа ″**макъ псалъэ**″хэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэми деплъынщ.

″Тӏын, тӏэн″ псалъэр зыхэтрэ абы къытехъукӏа ″ятӏэ″м къыпыхьэ псалъалъэхэмкӏэ ухуэ ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″ятӏэ, псы″ → етӏэпс; ″ятӏэ, ху(жь)″ → етӏэху; ″ятӏэ, плъ(ыжь)″ → етӏэплъ».

″Тӏэ″ макъ псалъэ зыхэтрэ къытехъукӏа ″итӏанэ″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыр: «″итӏанэ, гъэ″ → итӏэнэгъэ – етӏэнэгъэ».

*″**Тӏ**″ макъ мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькӏэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

Гъэбэгъуэныгъэрэ унэтӏыныгъэ зи мыхьэнэрщ ″тӏ″ макъри, ар къызкӏэлъыкӏуэ дэтхэнэ макърэ псалъэм унэтӏыныгъэрэ бэгъуэныгъэ егъуэтыр. Мыпхуэдэу макъ гуэрхэм къыкӏэлъыкӏуэу ухуэ псалъэхэращ мыхэр: «атӏэ, ятӏэ, lутӏэ, lуэнтӏэн, тӏытӏэ, тӏатӏэ, жьантӏэ, шытӏэн – зышытӏэн, кӏутӏэ - хьэкӏутӏэ, кӏуртӏэ - щхьэкӏуртӏэ, пӏытӏын, пӏытӏэ, нытӏэ, нетӏэ».

″Тӏ″ макъыр зыгъэлэжьэну макъхэр къыкӏэлъыкӏуэу ухуэ псалъэхэри щыӏэщи, мыпхуэдэу макъитӏкӏэ ухуа псалъэхэщ мыхэр: «тӏиин, тӏу, тӏысын, тӏыгъуэн, тӏыгу, тӏэтэн, тӏатӏэ, тӏэщӏын, тӏэкӏу, тӏэхъун, тӏылъын – гъэтӏылъын, тӏалэ, тӏэпӏын, тӏанэ - итӏанэ».

″Тӏ″ыр хъугъэрэ гъэбэгъуныгъэ макъ мыхьэнэ зиӏэращи, мыпхуэдэ мыхьэнэ зиӏэу къэхъу псалъэхэщ мыхэр: «″тӏы″пӏэрэ бэгъуапӏэм ихуэныгъэр ″тӏыгъуэн″ращи, зыгуэрыр зэрыбагъуэ щӏыкӏэу зэрыужьыр ″унэтӏын″ыгъэщ».

Унэтӏыныгъэрэ бэгъуэныгъэ зи мыхьэнэщ ″тӏ″ макъри, хэхъуэныгъэ зиӏэ щӏэблэр ″тӏ″ макъ мыхьэнэкӏэрэ къызэрыӏуатэ псалъэхэри щыӏэщ: «тӏасэ, тӏалэ».

″Тӏ″ къару къызхуэкӏуэр тӏыгъуэрэ зэрыгуэкӏкӏэрэщ унэтӏыгъэм зэрытехьэри, мыпхуэдэу къэхъу ″тӏ″ ужьыныгъэр къызэрыӏуатэ ″тӏыу″р бзэм зэрыхэхьа щӏыкӏэр ″тӏу″щ. ″Тӏу″ псалъэр мы и мыхьэнэкӏэрэ бэгъуэныгъэрэ унэтӏыныгъэ къызэрыхъурэ къызэрежьэр къизыӏуэ псалъэу бзэм щызекӏуэу щытагъэнти, куэду иужькӏэ цӏыхум бжэн lуэху къигъэунэхуа нэужьым ар (тӏу) зэрыигъуэкӏэрэ бжыгъэ пэщӏэдзэрэ къежьапӏэ ″зы″м къыкӏэлъыкӏуэ бжыгъэр къизыӏуэ бжыгъэцӏэу бзэм щызекӏуэу зэрыщӏидзэжари гурыӏуэгъуэщ.

Адыгэбзэм кӏэух макъ щэхухэр ″ы″ншэу къэӏуу зэрызекӏуэр гурыӏуэгъуэщи, бжыгъэцӏэхэри мыпхуэдэщ: «цӏыхуищ, цӏыхуипӏӏ, цӏыхуитху». Ауэ ″у″кӏэрэ ух зы псалъэу утыку къихьарэ зы бжыгъэцӏэу щыт ″тӏу″ри зи бжыгъэр къызэрыӏуатэ псалъэм ″у″ншэу къызэрыпхьэри гурыӏуэгъуэщ: «″цӏыху, тӏу″ → цӏыхуитӏ; ″псалъэ, тӏу″ → псэлъитӏ». Мыбы лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъур ″тӏ″ макъ мыхьэнэращ. Аращи, ″тӏ″ макъ мыхьэнэр зыхэзыщӏэм унэтӏыгъэрэ ужьыгъуэ къыхуэзыгъакӏуэращи, мыпхуэдэу къэхъу ужьыгъуэр щхьэж къызэрыӏуатэ ″тӏыу″м къытехъукӏа псалъэщ ″тӏу″р. Ар къэхъу ″тӏ″ унэтӏыгъэр щхьэжу къызэрыӏуатэращи, ″тӏ″ыр зыхищӏэр зы псалъэкӏэ къыщыӏуатэм деж, а псалъэр зытеухуа ӏуэхугъуэм ужьыгъуэрэ унэтӏыгъэ зэригъуэтынур псалъэм кӏэух хуэхъу ″тӏ″ыкӏэ къызэрыӏуэтэнур гурыӏуэгъуэщ. Аращи, зи бжыгъэр ″тӏу″уэ щытыр псалъэм ″тӏ″ыр кӏэух хуэхъуу къыщыӏуатэкӏэ мэгъэзащӏэри, мыращ зи бжыгъэр ″тӏу″уэ щыт псалъэр ″тӏ″ кӏэухкӏэрэ къызэрыӏуэтэфым лъабжьэ хуэхъур.

Бэгъуэныгъэрэ унэтӏыныгъэ къызтехъукӏ макъ мыхьэнэ зиӏэ ″тӏ″ыкӏэрэ къэхъу псалъэщ ″ятӏэ″ри, ар икӏи ″тӏын, тӏэн″ ӏуэхугъуэу гъэзэщӏапхъэу зэрылъытари гулъытапхъэщ. Бэгъуэныгъэрэ унэтӏыгъэ къызтехъукӏ ″Тӏын, тӏэн″ ӏуэхугъуэми хуэфӏрэ къэтӏыгъуафӏэу зэпкъырылъу, зэхэтӏыгъуарэ зэрытӏыугъэуи лъытапхъэщ ″тӏатӏэ″ри, мыпхуэдэ щӏыкӏэ зиӏэрэ мыпхуэдэ щӏын ӏуэхугъуэ къизыӏуэ псалъэщ мыхэри: «щхьэкӏуртӏэ»; «пӏытӏын, зэхэпытӏыхьын, ипӏытӏэн, дэпӏытӏэн, тепӏытӏэн, щӏэпӏытӏыхьын, хэпӏытӏэн».

″Тӏ″ макъым бэгъуэныгъэрэ унэтӏыныгъэщ и мыхьэнэри, зыгуэрыр зэрызэпкъырылъ щӏыкӏэм къытекӏрэ къызэрытетӏыкӏыу зэрыгъэзащӏэр къэзыӏуатэр ″тӏэпӏын″ псалъэращ.

Псышхуэ хъурейрэ хым хэт щӏылъэ пыухытыкӏар ″тӏыгу″щи, зи тхыцӏэр къыхэщхьэхукӏари ″тӏыгур″ущ зэрылъытэр. Нэм ищхьэ лъэныкъуэу къыхэщхьэхукӏа ӏыхьэу щхьэ гупэ лъэныкъуэу къыхэтӏыгукӏари ″натӏэ″ущ зэрылъытэр. Жьым хуэфащэ тӏысыпӏэрэ жьэгущхьэр зэрылъытэри ″жьантӏэ″ущ.

Зыгуэрым зы щӏыпӏэм къыхэщу позицэ игъуэтынри ″тӏ″ макъ мыхьэнэкӏэрэ къэӏуатэу ухуэ псалъэхэщ мыхэри: «тӏиин, къэтӏиин; тӏысын; тӏылъын - гъэтӏылъын».

И лъэмкӏэ зы щӏыпӏэм гъэтӏылъыныр игъуэрэ фӏыщэу зи пӏэ зыгъуэтыныгъэщи, зы псэущхьэр зы щӏыпӏэм щысыныгъэ игъуэтынри ″тӏысын, етӏысэхын″ псалъэхэмкӏэщ къызэрыӏуатэри, мы псалъэхэр ″тӏ″ макъ мыхьэнэкӏэрэ зэрыухуэм и лъабжьэри мыпхуэдэ щӏыкӏэр псэущхьэм и къарур зэрытеуплӏанщӏэрэ къаруфӏагъэ зэрыхъум ипкъ иткӏэщ.

Зыгуэрым иӏурэ и пэ лъэныкъуэр къэгъэшын ӏуэхур къэзыӏуатэр ″ӏуэнтӏэн″ глаголращ.

Зыри умышхынрэ уемыфэнращ нэщI убыдынри, ущынэщIым деж IуР пхауэ жыIэпхъэщ. Нэщ1ыр зэраухрэ IуР шхэнрэ ефэнкIэ хуит щыхъум теухуа махуэм папщIэ ″IутIыж″ жаIэу щытащ.

Зыри жымыIэнрэ мыIуэн папщIэ жаIэри ″цIыутI → цIутI″щ (цIутI жыумыIэ!).

″TI″ыр бэгъуэныгъэрэ унэтIыныгъэ мыхьэнэ зиIэ макъщи, зыгуэрыр езыр езырурэ зэрыбагъуэрэ зэрыунэтIыр хуэм хуэмурэщи, мыпхуэдэр ″tI″ыкIэрэ кIуэм (тIэ) зэрекIукIэрэ (кIу) къиIуатэу ухуагъэнщ ″тIэкIу″ псалъэр.

*″**Tl**″ макъым бзэм ″**префикс – суффикс къалэн**″ хигъэзэщIыхькъым.* Ауэ игъуэ щыхъум деж, зыхуэигъуэ псалъэхэм ″tI″ыр и макъ мыхьэнэкIэрэ суффикс язэрыхуэхъуфынури гулъытапхъэщ.

ДЗЭРЭ IУПЭР ЗИ КЪЭХЪУПIЭ МАКЪХЭР: «Ф, Фl, В».

**″Ф″ макъыр.**

*″**Ф**″ макъым къытехъукI ″**макъ псалъэ**″хэр.*

Жьэм къыжьэдэкI жьыр зы къарукIэрэ IупIэм щихъуэу къэхъу макъщ ″ф″ыри, абы и мыхьэнэри мы къызэрыхъуа щIыкIэм езэгъыу зы макъщ. Къэруфlагъэу кIуэцIым къыщыхъум теухуащ ″ф″ макъ мыхьэнэри, дэтхэнэ гуэрыр цIыхум игъэзэщIэн лъэкIыныгъэр ″ф″ макъ кIэухкIэрэщ къызэрыIуатэр (щIыфын, кIуэфын). Ар бзэм хэлэжьыхьу зэрыщIидзари мыпхуэдэ мыхьэнэ игъэзащIэу жыIэпхъэщи, дэтхэнэ глаголым ″ф″ суффикс зэрыхуэхъум илъабжьэкIэ и гугъу щытщIынщ.

И лъэкIыныгъэкIэ зыгуэрхэр зэригъэзэщIэфым и лъабжьэр езыр зэрыщыIэрэ и гъащIэр зэрихь мы и лъэкIыныгъэращи, и щыIэгъуэм ипкъ иткIэ, абы и кIуэцIым къыщыхъу къарур къизыIуэращ ″ф″ макъ мыхьэнэр. Аращи, щыIэгъуэ къару къизыIуэу дэтхэнэ гуэрым и кIуэцIым къыщекIуэкIыр абы и гущIыIум тырищIэжрэ а гуэрым и теплъэри къэзыгъэщIращи, мыри къызэрыIуатэ ″макъ псалъэ″р ″**фэ**″ращ.

Псэущхьэм и пэм къыщIихьэ мэ lейрэ фырымэр IуигъэкIуэтын щIыкIэу ″фу″ хуэдэ зы макъыр къызэрыжьэдэкIми езэгъыу ″ф″ макъыр икIи фырымэр къызхэкI ″**фы**н″ глаголыпкъ ″макъ псалъэ″у ″**фы**″уэ хэтщ адыгэбзэм. Мыр, и кIуэцIкIэрэ къэхъу ″ф″ къарум ужьыгъуэ имыгъуэту и кIуэцIым илэжьыхьыж щыхъукIэ къэхъу уэз зэхэуэжыныгъэщи, ″ф″ къару еужьыхыгъуэу мы къэхъури ″фын″кIэрэщ зэрыгъэзащIэр. Мы ″фын″ Iуэхугъуэу гъэзащIэр икIи, и гущIыIум тырищIэжу и кIуэцI къарум къытехъукI ″фэ″р зэрызэхэуэжкIэрэ ″**фэ**-ы → **фы**″уэ къэхъур глаголыпкъ зэрыхъу щIыкIэуи лъытапхъэщ.

″Фын″ глаголыр зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къызэрыпыхьэкIэрэ ухуэж глаголхэщ мыхэри: «ифыхьын, IуфыхьыН,

гуэфыхьын, дэфыхьын, тефыхьын, щlэфыхьын, кlэрыфыхьын, къуэфыхьын, хэфыхьын, пыфыхьын».

*"**Ф**" макъым къытехъукlа **"макъ псалъэ"хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **"псалъэ зэгуэтхэр"**.*

Япэу *"**ф**" макъым къытехъукlа **"макъ псалъэ"хэр макъ къызэрыпыхьэкlэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ **ухуэ псалъэхэм*** деплъынщ.

"Фын" глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэрэ щыгъэзащlэ щlыпlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр префикс хуэхъуу ухуэж префиксиал глаголхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ. "Фын" lуэхугъуэм зы зэманыгъуэ зэрихьымрэ фыныгъэр щызэрызэфlэкlыр "хь, кl" суффикскlэрэщ къызэрыlуатэу ухуа глаголщ мыхэр: «ифыхьын – ифыкlын, lуфыхьын – lуфыкlын, гуэфыхьын – гуэфыкlын, дэфыхьын – дэфыкlын, тефыхьын – тефыкlын, щlэфыхьын – щlэфыкlын, кlэрыфыхьын – кlэрыфыкlын, къуэфыхьын – къуэфыкlын, хэфыхьын – хэфыкlын, пыфыхьын – пыфыкlын».

Мы псалъэхэм щыщ гуэрхэр икlи "ф" макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэу къэхъу псалъэхэм хуэдэу зэрызэпкъырыувар гурыlуэгъуэщи, зэхуэдэ макъкlэрэ ухуарэ зэхуэмыдэу еджапхъэу щыту мы зи гугъу тщlы псалъэхэми илъабжьэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Лъэрэ лы гущlыlум тырищlэж лъэ lыхьэр къызэрыlуатэ "фэ"р икlи дэтхэнэ гуэрыр зэрылъагъу теплъэрэ плъыфэри зэрылъытэращ. Ауэ плъыфэ зи мыхьэнэхэр "ифэ"м къытехъукlауэ лъытапхъэщи, абыхэм теухуа щапхъэр илъабжьэкlэ къэтхьынщ. Мыбдежым "фэ"р лъэрэ лы гущlыlум тырищlэ лъэ lыхьэ мыхьэнэкlэрэ къыпыхьэ макъхэмкlэ бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «афэ, тафэ, афэ-тафэ, джафэ, щlыфэ; фащэ».

*"**Ф**" макъым къытехъукlа **"макъ псалъэ"**хэр зыхэту ухуэ **"псалъэ зэгуэт"***хэрми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

"Фын" макъ глагол лэжьэкlэ зыхэту ухуа "псалъэ зэгуэт" щапхъэхэр къэтхьынщ: «"нэ, фы(н)" → нэф; "ку, нэф" → кунэф»; «"фы(н), мэ" → фырымэ».

"Фэ" макъ псалъэр зыхэту ухуа "псалъэ зэгуэт" щапхъэщ мыхэри: «"щхьэ, фэ" → щхьэфэ; "хьэ, фэ" → хьэфэ; "кхъуэ, фэ" → кхъуафэ, кхъуэфэжьей; "хьэ, кхъуафэ" → хьэкъуафэ».

*"**Ф**" макъ мыхьэнэр **"бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр"**.*

Къаруфlагъэу зы макъщ "ф"ыри, мыр зэрилъабжьэкlэрэ зэхуэмыдэу лъытапхъэ lуэхугъуэ куэдым теухууэ бзэм хэлэжьыхьу зы макъщ. Абы бзэм хигъэзэщlыхьхэр зэхуэмыдэ lуэхугъуэхэу лъытапхъэми, "ф" макъ мыхьэнэм щыгъуазэ ухуэхъурэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым гулъытэ щыхуэпщlым деж, ахэр "ф" макъым къытехъукlа "макъ псалъэ"хэр

зэрыухуам езэгъыу ″ф″ макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуэтапхъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэ къыпхуохъур.

″Ф″ыр къаруфагъэ макъыу щытрэ къызхэхъукlым и лъэкlыныгъэри къызэрыlуатэ макъ мыхьэнэщи, мыпхуэдэр и лъэкlыныгъэм къимыхьыж псэущхьэри зэрызэхэуэр ″фын″ глаголкlэ къызэрыlуатэм ипэкlи и гугъу тщlагъэххэщ. Зы псэущхьэу щыт цlыхуми и лъэкlыныгъэр утыку къызэрырилъхьэр абы зэрызиужькlэрэщи, цlыхум хуэфащэ щыlэкlэрэ щытыкlэ ужьыгъуэ имыгъуэтрэ еужьыхыгъуэм зэрихуэри, и щыlэгъуэ лъэкlыныгъэр зэхэуэжыныгъэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Апхуэдэр къыщыхъур цlыхум и кlуэцl къару ″ф″ыр зэрыщытрэ иту къызэтенэжрауэ жыlэпхъэщи, мыри ″фыгъуэн″ псалъэращ къызэрыlуатэр. Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″фыгъуэн″ псалъэр цlыхум хуэlуащ, икlи ар бзэм зэрыхэхьари мыужьыныгъэрэ еужьыхыгъуэр цlыхум – нэхъыбэуи ар мыпхуэдэ псалъэкlэ къэзыlуэта лъэпкъым- къыщыхуэкlуэ зэманыгъуэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщи, гъунэгъу лъэхъэнэхэращ. ″Фыгъуэн″ псалъэр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ зэрыухуэж щlыкlэу къэхъуа псалъэщ мыхэр: «ефыгъуэн, зэфыгъуэн; фыгъуэрей, фыгъуэнэд».

Щыlэгъуэ зиlэм и кlуэцl къарум зэманкlэрэ къигъэхъуарэ а гуэрым и гущlыlум тырищlэр къызэрыlуатэ псалъэр ″фэ″щи, ар а щыlэгъуэпкъым теплъэ хуэхъуу ар зэрылъытэ щlыкlэу а гуэрым и гущlыlум тырищla лъэ lыхьэращ. Дэтхэнэ гурыр зэрылъытэр абы мыпхуэдэ къыхэхъукlыу и теплъапlэм тырищlэ и ″фэ″кlэрэщи, мыри абы и теплъэрэ и плъыфэу къызэрыlуатэри ″ифэ″ущ.

Зыгуэрым и теплъэрэ и плъыфэр абы ″ифэ″ущ къызэрыlуатэри, а гуэрыр къызэрыlуатэ псалъэр ″и″м ипlэ зэриувэкlэрэ ″фэ″р кlэух хуэхъуущ къызэрыlуатэр. Мыпхуэдэу зыгуэрым ″ифэ″р зытеухуар ″и″м ипlэ зэриувэкlэрэ ухуэж псалъэхэр икlи ″псалъэ зэгуэт″у зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ: «плъыфэ, гъуафэ, хужьыфэ, плъыжьыфэ, гъуэжьыфэ, щхъуэнтlафэ, сырыхуфэ; жьыфэ, щlэлафэ, лlыфэ, шыфэ-лlыфэ».

Зэхуэмыдэ теплъэ зиlэрэ и зы лъэныкъуэм ифэр адрей щlыпlэхэм хуэмыдэу щытыр ″фэкъу″у къызэрыlуатэр. Зэрыщытрэ зэрылъагъу щlыкlэр ахуэмыдэу зыгъэлъагъуэу, и теплъэрэ ифэр зэрыщымыт щlыкlэу къэзыгъэлъагъуэр ″фэрыщl″ псалъэмкlэщ къызэрыlуатэр.

Гущlыlу телъращ ″фэ″ри, зыгуэрыр щlагъ щlынрэ и гущlыlум зыгуэр тепхъуэн lуэхугъуэри зэрыигъуэкlэрэ ″фэ″м теухуауэ къэlуатэу лъытапхъэщи, апхуэдэ lуэхугъуэр зытеухуауэ зэрыгъэзащlэрэ щыгъэзащlэ макъхэр зыужьыгъуэфэ щlын lуэхугъуэу ″уфэн″ глаголыпкъым префикс зэрыхуэхъукlэрэщ къызэрыlуатэр: «иуфэн, lууфэн, гуэуфэн, дэуфэн, теуфэн, щlэуфэн, зэщlэуфэн, зэщlиуфэн».

Зыгуэрым и фэм теухуауэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэр зэрыигъуэкlэрэ къызэрыlуэтэнур ″фэ″р зыхэт псалъэхэмкlэщи, ″фэ″м ехьэлlарэ

къыхэкlыныгъэу гъэзащlэ мыпхуэдэ lуэхухэр къызэрыlуэтэну псалъэхэр ″фэ-ы → фы″р зыхэтущ зэрыухуапхъэр. Ауэ мыпхуэдэу ухуэ псалъэхэм къаlуатэ lуэхугъуэм и пхэнджкlэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэри аргуэру ″фэ″р зыхэтущ къызэрыlуэтэнур. Мыпхуэдэ щапхъэхэщ мы глаголхэр: «лъэфын; илъэфын - илъэфэн, lулъэфын – lулъэфэн, дэлъэфын - дэлъэфэн, телъэфын – телъэфэн, щlэлъэфын – щlэлъэфэн, хэлъэфын – хэлъэфэн».

Псэущхьэ нэхъыбэм зыхуэныкъуэ псыр я жьэхэмкlэщ зэрафыр, ауэ къэкlыгъэхэм псырэ ткlуаткlуагъэ зиlэр нэхъыбэу я фэм щlэкlыущ зэрызафыр. Арагъэнщ псырэ ткlуаткlагъэ зиlэхэр зы пкъыгъуэм зэрыхуэкlуэр къызэрыlуатэ псалъэхэр ″ф″ макъкlэрэ зэрыгъэзащlэм и лъабжьэр. Аращи, ″фэ″м теухуауэ гъэзащlэу лъытапхъэ мы lуэхугъуэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къыхэщу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «ефэн, дефэн, зэдефэн, зэдэфэн, ифын, щlэфын, щlэфыхьын, щlэфыкlын, хэфын»; «фадэ, фалъэ».

″Ф″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьу мыбы нэгъунэ зи гугъу тщlарэ щапхъэу къэта псалъэхэр ″ф″ макъым къытехъукlа ″макъ псалъэ″хэу щыт ″фын″рэ ″фэ″м теухуауэу зэрыухуахэр гулъытапхъэщ. Ауэ ″фын, фэ″хэм хуэдэу занщlэу ″макъ псалъэ″ мыхьами, ″ф″ макъыр и мыхьэнэкlэрэ кlэух зыхуэхъу макърэ псалъэ мыхьэнэр зэрыгъэзэщlэфыр къызэрыlуатэу бзэм зэрыхэлэжьыхьри гурыlуэгъуэщ. Аращи, дэтхэнэ зы щыlэгъуэм и щыlэгъуэр зэрихьыфыр абы и щыlэгъуэкlэрэ къигъэхъу къаруращи, мыращ ″ф″ макъ мыхьэнэм гурыlуэгъуэ къытхуищlыр. Мыпхуэдэр нэхъыбэуи псэущхьэм и гъащlэр зэрихьрэ утыку къырилъхьэ лъэкlыныгъэр къызэрыlуатэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. Мы псалъэм зэрезэгъщи, псэущхьэ кlуэцl къару ужьыныгъэкlэрэщ псэущхьэм и гъащlэр зэрихьрэ и лъэкlыныгъэр утыку къызэрихьэри, мыпхуэдэ дэтхэнэ зы lуэхугъуэр гъэзэщlэн лъэкlыныгъэр глаголхэм ″суффикс″ хуэхъу ″ф″ыкlэрэщ къызэрыlуатэр. Мыпхуэдэ лэжьэкlэм илъабжьэкlэ ″ф″ым теухуа ″суффикс″ къалэну и гугъу щытщlынущ.

Ауэ ″ф″ыр псалъэхэм ″суффикс″ зэрыхуэхъуфу мы зи гугъу тщlы лэжьэкlэм нэмыщl, ″ф″ым мы и мыхьэнэкlэрэ ухуэ зы псалъи хэтщ адыгэбзэми, абы мыбдежым и гугъу щытщlынщ. Мы зи гугъу тщlы псалъэр ″къэфэн″ глаголымрэ, ар зытеухуа lуэхугъуэу щыт ″къафэ″ псалъэращ.

″Къэфэн, къафэ″ псалъэхэм занщlэу ущеплъым деж, ар ″ф″ макъым къытехъукlа ″фэ″ макъ псалъэм пыщlауэщ къызэрыпщыхъур, икlи къызэрекlуэкl щlыкlэри ″фэ″ lуэхугъуэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Икlи ″фэ″ри къызтехъукlарэ зыпыщlар ″ф″ макъ мыхьэнэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Ауэ ар къызэрекlуэкl щlыкlэр ″фэ″ lуэхугъуэу щытми, нэхъри щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, ″къэфэн, къафэ″ псалъэр ″ф″ макъ мыхьэнэм занщlэу зэрыпыщlарэ къызэрытехъукlам гулъытэ

хубощlыр. Аращи, щыlэгъуэрэ псэущхьэ лъэкlыныгъэ зи мыхьэнэ ″ф″ макъым мы и мыхьэнэкlэрэ занщlэу зы ″макъ псалъэ″ къытемыхъукlами, ар ″къэ″ префикскlэрэ зэрыгъэзащlэу занщlэу къытехъукlа псалъэщ ″къэфэн, къафэ″ псалъэхэр.

Щыlэгъуэрэ псэущхьэ къарурэ и лъэкlыныгъэр псалъэхэм ″суффикс″ хуэхъуу зи гугъу тщlа ″ф″ыращ ″къэфэн, къафэ″ псалъэхэми хэт ″ф-э → фэ″р, ауэ псалъэм ″суффикс″ зэрыхуэхъу щlыкlэкlэкъым зэрыухуари, ″къэфэн, къафэ″ псалъэр префиксиалу занщlэу ″ф″ макъым мы зи гугъу тщlы и мыхьэнэкlэрэ къытехъукlащ. Аращи, къаруфlагъэрэ лъэкlыныгъэ зи мыхьэнэ ″ф″ыр ″къэ″ префикскlэрэ зэрылажьэущ ″къэфэн, къафэ″ псалъэр зэрыухуари, псалъэм и глагол lыхьэр ″ф″ыращ, ″къэ″р ар утыку къызэрихьэрэ гъэзэщlэн зэрыщlидзэр къэзгъэлъагъуэ префиксращ. ″Къэфэн, къафэ″ псалъэм и глагол lыхьэр ″фэн (фы-э-н), фэ (ф-э)″ращи, щхьэжу зы глаголу утыку къимыхьа щхьэ, ар мы псалъэхэм зэрыхэткlэрэ щхьэжу зы ″глаголыпхъэ″у зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

Зы глаголыпхъэу щыт ″ф″ыр ″къ″ макъ къызэрыпыхьэкlэрэ ″къэфэн, къафэ″ псалъэ къызтехъукlырщи, мы псалъэр а къарур (ф) утыку къызэрихьэрэ зызэригъэлъагъуэкlэрэ (къ) зэрызекlуэр (э) къызэрыlуатэрщ. Мыпхуэдэ мыхьэнэкlэрэ ″къ″ым нэмыщl префиксрэ суффиксхэри къыпыхьэу ″къэфэн″ псалъэ мыхьэнэ зэрыухуэри гулъытапхъэщ: «дэфэн, зэдэфэн, къызэдэфэн, къэфыхьын».

Мы псалъэхэм ″ф″ макъыр зэрыхэт щlыкlэмрэ ар псалъэхэм кlэух яхуэхъуу ″суффикс″ къалэну игъэзащlэр зэщхьэщыкlыу лъытапхъэкъым: ар къызкlэлъыкlуэ псалъэм и мыхьэнэр гъэзэщlэн лъэкlыныгъэ къезыт макъщ. Мы ″суффикс″ къалэну игъэзащlэми зэрезэгъщи, зы лъэкlыныгъэр (ф) утыку къызэрихьэрэ къызэрекlуэкlыр (э) къызэрыlуатэ префиксиал глаголым (къэфэн) и глаголыпкъ lыхьэу (..фэн) зы глаголыпхъэущ зэрыхэтыр ″ф″ макъыр. Ар щхьэжу зы глагол (фын) мыхъуами, зы глаголыпхъэу къыпыхьэ ″къэ″ префикскlэрэ глаголу лэжьэкlэ зэригъуэтакlэрэ ″къэфэн, къафэ″ псалъэр зэрыухуар гулъытапхъэщ.

″Къэфэн″ глаголым гурыlуэгъуэ къытхуищlыр зы псэущхьэм и щыlэгъуэр зэрихькlэрэ и къаруфlагъэр къызэригъэлъагъуэращ. Псэущхьэм и кlуэцlым къыщыхъу къаруфlагъэр утыку къызэрырилъхьэ щlыкlэращ ″къэфэн″ глаголым гурыlуэгъуэ къищlри, псэущхьэм и гъащlэр зэрихьынкlэрэ хурикъун къарум къыпыщэжу къаруфагъэ щигъуэтым деж, мы и къарур къэфэнкlэрэщ утыку къызэрырилъхьэр. Мыпхуэдэу утыку къырилъхьэ къарур а псэущхьэ пкъыгъуэм къару зэрыригъуэт щlыкlэми зэрытеухуарэ зэрекlур гурыlуэгъуэщи, ″къэфэн″ыр лъабжьэкlэ къафэу щыт псэущхьэм и лъэрэ пкъыгъуэм и къарур къызэрыхъурэ зэрылажьэ щlыкlэм теухуащ. Мы зи гугъу тщlы дэтхэнэ зы лэжьэкlэ lыхьэр щыlэгъуэ лъэкlыныгъэ зи мыхьэнэ ″ф″

макъым зэрытеухуарэ къызэриlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщи, мыбдежым зи гугъу тщlы ″къэфэн″ глаголым лъабжьэ хуэхъури псэущхьэпкъым и псэ ужьыныгъэм зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ.

Аращи, бзэм ипэ ар зэрыухуа макъыр, макъым ипэ ар къызхэlукl псэущхьэпкъыр зэрыщыlэн хуейр гурыlуэгъуэщи, пкъыгъуэ зэпкъырыувам и лъэкlыныгъэр зэрылъытэ ″ф″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа ″къэфэн″ псалъэри пкъыгъуэм и лъэкlыныгъэр зэрызэдэкlуу къызэрыlуатэрщ. Ар щыхъукlи, ″къэфэн″ псалъэр пкъыгъуэ лъэкlыныгъэр утыку къилъхьэн лъабжьэм къыщlидзэу, щlыкlэрэ хэтыкlэм нэгъунэ мыхьэнэ зыгъуэта псалъэу лъытапхъэщ; икlи зэрызедгъэкlукlэрэ дыкъызэрыфэ музикэ формэхэми лъабжьэ яхуэхъуауи лъытапхъэщ.

Пкъыгъуэ къарум и ужьыныгъэщ ″къэфэн″ псалъэм гурыlуэгъуэ къищlыр; псэущхьэпкъыр зэрыужь щlыкlэр и пкъыгъуэм къигъэщl къарукlэрэ къызэрыlуатэращ ″къэфэн″ глаголым гурыlуэгъуэ къищlыр. Псэущхьэпкъыр къаруфlагъэу зэрыужьыр ар зэры″удж″ращ; пкъыгъуэр джыпlэрэ уджыныгъэм зэритри ар зэры″джэгу″ращи, уджрэ джэгур зэрыгъэзащlэ щlыкlэри мы зи гугъу зэрытщla щlыкlэкlэ ухуа ″къэфэн″кlэрэщ. Ужьрэ джэгур ″къафэ″ лlэужьыгъуэщи, къызэрекlуэкыр къызэрыlуэ псалъэри ″къэфэн″ращ. ″Къэфэн″ыр пкъыгъуэр зэрыуджрэ зэрыджэгу щlыкlэращи, ар пкъыгъуэм и ритмэр утыку къызэрихьэ щlыкlэращ. Зы пкъыгъуэм и ритмэм и лъабжьэри пкъыгъуэ лъабжьэу щыт ″гу″ращи, псэущхьэ пкъыгъуэм и къарур утыку къызэрырилъхьэ щlыкlэ ритмэ лъабжьэр ″гу″р зэрыджрэ зэрыджэгу щlыкlэращ. Аращи, псэущхьэпкъым и псэ ужьыгъуэм и ритмэ лъабжьэщ ″гу″м и ритмэри, зы псэущхьэпкъыр и щыlэгъуэ лъабжьэкlэрэ зэрыужьрэ зэрыджэгу щlыкlэр ″гу″м и ритмэкlэрэщ; пкъыгъуэ щыlэгъуэм нэхъ езэгъ къэфэкlэр гум и ритмэкlэщ. Ари нобэм ″лъэпэрыфэ″у къынэса къэфэкlэрауэ жыlэпхъэщ.

Пкъыгъуэм езэгърэ ар къэзыгъафэ ритмэ къэгъэщlын lуэхугъуэу жыlэпхъэщ ″музикэ″ жыхуэтlэм лъабжьэ хуэхъуари, музикэр мы зи гугъу тщlы ″къэфэн, къафэ″ нэужьрэ абы теухуауэ къызэрыхъуари гурыlуэгъуэнщ. ″Къэфэн, къафэ″ псалъэхэр зэрыухуа щlыкlэр гурыlуэгъуэщи, пкъыгъуэ къаруфlагъэр къызэрыгъэлъагъуэ мы щlыкlэм езэгъ ритмэ къэгъэщlынрэ пкъыгъуэр къаруфагъэм хэшэжын lуэхугъуэм щхьэпэ хуэхъункlэрэгъэнщ музикэр утыку къызэрихьари, кlуэ пэтрэ щхьэж щыlэгъуэ зиlэрэ къэфэни зимыlуэхуж музикlэщ нобэми къынэсар.

Ауэ пыщапхъэщи, ″къэфэн″ыр зи лъабжьэу щытрэ ″къэфэн″ым хуэгъэпса ритмикэу утыку къихьащ музикэри, мы къызэрыхъуам лъабжьэ хуэхъуа ″къэфэн, къафэ″р икlи музикэ формэрэ ритмэ зыхэлъыж ″пшыналъэ″у зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Псалъэр къызэрыхъуа щlыкlэу мыбдежым къэтlуэтахэм бзэ лэжьэкlэу щыгъуазэ хуэмыхъуами, мы псалъэхэр къызэрыхъуауэ зи гугъу тщla мы

щIыкIэм езэгъыу жыIэпхъэщ ноби Адыгэм ″къэфэн″рэ ″къафэ″м пщIэ зэрыхуищIрэ ар и гъащIэм зэрыхэт щIыкIэр.

Пкъыгъуэ кIуэцIым къыщыхъурэ щхьэж зы псалъэу къэмыIуатэу, мы къызэрыхъуа и мыхьэнэм зэрезэгъкIэрэ зы глаголыпхъэ макъыу (..фын) бзэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыIуэгъуэу щыт ″ф″ыр утыку къихьэу (къэ) зэрыгъэзащIэр къызэрыIуатэ щIыкIэу ″къэфэн, къафэ″р зэрыухуам и гугъу тщIащ. ИкIи зи гугъу тщIы къарур (ф) ″къ″ым нэмыщI префискIэрэ ухуэжу мы зи гугъу тщIы lуэхугъуэр (къэфэн) къэзыIуатэ псалъэхэри бзэм зэрыхэтыр гурыIуэгъуэщи, ″къэфэн″ глаголым хэт ″ф″ макъыр зытеухуар мыбыхэм нэхъ наIуэ къызэращIынури гурыIуэгъуэщ: «къэфыхьын, къыдэфэн, зэдэфэн, дэфэн, ифыхьын, lуфыхьын, щIэфыхьын, кIэрыфыхьын, хэфыхьын, къыхуэфэн, хуэфэн, пыфэн, пыфыхьын, къыпыфэн, къыпыфыхьын».

Зы ″къэфэн″ лIэужьыгъуэу лъытапхъэщ ″удэфэн″ри, ар егъэлея къару зиIэм и зы щIыкIэу, егъэлеярэ емызэгъыж хъууэ къафэурэ уэгум ихьэн хуэдэ мыхьэнэ зиIэ псалъэу жыIэпхъэщ.

*″**Ф**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащIэхэр.*

ЩыIэгъуэ зиIэм щыIэгъуэ зэригъуэтрэ и щыIэгъуэр зэрихьу и кIуэцI лъэкIыныгъэр ″ф″ макъ мыхьэнэращ зытеухуари, дэтхэнэ зы щыIэ гуэр е дэтхэнэ зы lуэхугъуэрэ къэхъу-къэщIыр утыку къызэрихьэ лъэкIыныгъэр ″ф″ макъ кIэухкIэрэщ къызэрыIуатэр. Дэтхэнэ зыгуэрыр гъэзэщIэн лъэкIыр ″ф″ кIэухкIэрэщ къызэрыIуатэри, глаголхэм суффикс язэрыхуэхъум нэмыщI, хъунрэ щIын lуэхугъуэу щыт дэтхэнэ зы псалъэми ″ф″ыр суффикс зэрыхуэхъуфынури гурыIуэгъуэнщ. Глаголхэм нэмыщI мыпхуэдэ псалъэхэр нэхъыбэуи плъыфэцIэхэрауэ зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, глаголхэм ″ф″ыр суффикс язэрыхуэхъум ипэ, ди ″макъ псалъэ″ щапхъэхэм щыщ гуэрхэм зэрыигъуэкIэрэ ″ф″ыр суффикс язэрыхуэхъум теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «зыфын, жьыфын, щыфын, щIыфын, шыфын, куфын, къуфын, къуэфын, хъуфын, хыфын, ху(жь)фын, хьэфын, лъэфын, лIыфын, пIэфын, фIыфын».

Гъэзэщ1эн лъэкIыр нэхъыбэу глаголхэм зэрытеухуар гурыIуэгъуэщи, ″ф″ыр дэтхэнэ зы глаголым суффикс хуэхъуу а глаголыр зытеухуа lуэхугъуэр лъэкI зэриIэрэ лъэкIыныгъэкIэрэ зэрыгъэзащIэр къегъэлъагъуэр. Мыпхуэдэ щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «ифын, уфын, уэфын, lуфын, lуэфын, сыфын, зыфын, дзыфын, гъыфын, гъуфын, джыфын, джэфын, дыфын, дэфын, тыфын, тIыфын, тIэфын, жыфын, жэфын, жьыфын, жьэфын, щыфын, щIыфын, щIэфын, шэфын, чыфын, чэфын, кIыфын, кIуэфын, хъуфын, хуфын, хьыфын, лъэфын, лэфын, лIэфын, пIыфын, фыфын, выфын, вэфын».

″Фэ″р етIуанэ куэдагъ нэрыбгэр къызэрыIуатэ цIэпапщIэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мы нэрыбгэм теухууэ къэIуатэ псалъэхэри цIэпапщIэ ″фэ″р къызэрыгъэлъагъуэ макъхэр псалъэм ″префикс″ зэрыхуэхъукIэрэщ.

Аращи, ″фэ″ нэрыбгэ гъэлъагъуэу псалъэхэм префикс яхуэхъур ″фэ, ф″ макъхэращи, къыкlэлъыкlуэ макъым и къэlукlэм елъытауэ ″в, фl″ыуэ къыщыlуи щыlэщ. Нытlэ мы къэlуыкlэ зэхъуэкlыныгъэри къыхэщу, ди ″макъ глагол″хэр ″фэ″ нэрыбгэм теухуарэ зэхуэмыдэ зэманыгъуэкlэрэ зэрылажьэ щlыкlэу ухуэ псалъэхэм мы зи гугъу тщlы ″цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″р ″префикс″ язэрыхуэхъум теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «фой, фыунщ, фыуэнущ, фыlуащ, фlуэнщ, фос, взащ, вдзынщ, фыгъынущ, фогъу, вджынщ, фыджэнщ, фод, фыдащ, фтынщ, фтlынущ, фтlэнущ, фож, фыжащ, фщынщ, фщэнущ, фощl, фlэнщ, фшащ».

***″Фl″ макъыр.***

*″**Фl**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″хэр.*

″Ф″ макъым и къэхъупlэгъурэ къытехъукlыж зы макъри ″фl″ макъращ. Ар зыгуэрыр къаруфlагъэрэ зэрыхъун хуеипlэу зэрыщытыр, зы теплъэрэ фэ зыгъуэтыр къызэрыlуатэ макъ мыхьэнэщ. Ар мы и макъ мыхьэнэкlэрэи занщlэу зэрихьэу щlидзагъэнщ цlыхуми, бзэм зэрыхэхьа щlыкlэри мы мыхьэнэкlэрэ зы ″макъ псалъэ″у ″**фlы**″уэщ.

*″**Фl**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэрауэ *″**фl**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″р **къыпыхьэ макъхэмкlэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Фlы″р бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуа псалъэхэщ мыхэри, ″фlы″р зэрылажьэрэ ″фlы″м пlэ зэригъуэтыр къызэрыlуатэращ: «фlыгъэ, фlыгъуэ».

″Фlы″р зэрыгъэзащlэр ар зыхэту ухуэ глаголхэращ къэзыlуэтэнури, мыпхуэдэу ″фlы″ хъуныгъэ къэзыlуатэ глаголхэмрэ, къатехъукlыж псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «фlэфlын, зэфlын, зэфlыжын, хуэфlын, зэхуэфlын; фlэрэфlэн, уфlэрэфlэн, фlэрафlэ, гъэфlэн, зыгъэфlэн, гуфlэн, гурыфl, и гурыфl къикlын».

Мы щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, ″фlы″уэ щытрэ зекlуэр ″фlы″м клэух хуэхъу ″э″клэрэщ къызэрыlуатэр. Мыпхуэдэу ″фlы″ макъ псалъэм къыпыхьэ макъкlэрэ икlи ″фlы″р ″э″ клэухкlэрэ зэрылажьэ щlыкlэу къэхъуа псалъэ щапхъэщ мыри: «бжыфlэ».

Зы зэманыгъуэ lыхьэкlэ (lэ) ″фlы″гъэ илэу лъытэр къызэрыlуатэ псалъэщ ″lэфl″ри, мыпхуэдэ щlыкlэ зилэрэ ″lэфхэкl″у щытри ″lэфlыкlэ″щ. Мыпхуэдэу lум фlы къыхуэхъухэри ″lуфlыкlэ″ущ зэрылъытэри, ″lэфlыкlэ″рэ ″lуфlыкlэ″ зилэхэри ″lэфlыкlэ-lуфlыкlэ″ущ зэрылъытэр.

*″**Фl**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″р** зыхэту ухуэ **″псалъэ зэгуэт″**хэми деплъынщ.*

Зы ″макъ псалъэ″у къэхъуа ″фlы″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэщ мыхэри, абыхэм икlи ″фы″уэ щытыныгъэрэ ″фlы″ зэкlуэкlэ зи мыхьэнэуэ ″фlы″р ″э″ макъ кlэухкlэрэ зэрылажьэ щапхъэхэри зэрыхэтыр гулъытапхъэщ: «″уэ, фlы″ → уэфl; ″махуэ, фlы″ → мэхуэфl; ″нэ, фlы″ → нэфl»; «″лы, фlы″ → лыфlэ; ″теплъэ, фlы″ → теплъафlэ; ″къару, фlы″ → къаруфlэ».

Зы ″макъ псалъэ″у щыт ″фlы″р зы плъыфэцlэщи, дэтхэнэ гуэрыр мыпхуэдэу зэрылъытапхъэм ипкъ иткlэ, дэтхэнэ зы псалъэм ″фlы″р кlэух хуэхъуу ″псалъэ зэгуэт″хэр зэрыухуэфынур гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, ди ″макъ псалъэ″ щапхъэхэм ″фlы″р къазэрыпыхьэкlэрэ ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэр щапхъэу къэтхьынщ: «lэфl, lуфl, lуэфl, сэфl, цlэфl, цыфl, дзэфl, гъэфl, гъуэфl, гуфl, дэфl, жьэфl, щlыфl, шыфl, чыфl, чэфl, куфl, кlыфl, кlэфl, къуфl, къуэфl, кхъэфl, кхъуэфl, хъуфl, хыфl, хуфl, лъыфl, лъэфl, лыфl, лlыфl, пэфl, пlэфl, фэфl, выфl, мэфl, нэфl».

*″**Фl**″ макъ мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

″Фl″ макъыр зы фэрэ теплъэ зыгъуэтарэ зэрыхъун хуейуэ щыlэгъуэ зыгъуэтаращи, мыпхуэдэр бзэм къызэриlуатэращ ″фlы″р. Мы псалъэм гурыlуэгъуэ зэрищlщи, щыlэгъуэрэ гъащlэм къихьу утыку къихьэ дэтхэнэ гуэрыр хъугъуэ-фlыгъуэу ″фlы″уэщ зэрылъытэр. Мы и макъ мыхьэнэм къызэрыгуэкlщи, зэхуэмыдэ мыхьэнэ зиlэу къыпщыхъу lуэхугъуэхэр ″фl″ макъ зыхэт псалъэхэу къоlуэтэфыр. Нэхугъэмрэ апхуэдэр зи плъыфэрэ нэхъ плъыфlэфlыу лъытапхъэ хужьыгъэр фlыгъуэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, нэхугъэрэ хужьыгъэ къызхэхъукlрэ зыщыкlуэдыплэр ″фl″ макъ зыхэт псалъэхэу мэухуэр: «кlыфl, кlыфlыгъэ – кlыфlагъ, кlыфlыгъуэ; укlыфlын – ункlыфlын; фlыцlэ, фlыцlагъэ – фlыцlагъ, уфlыцlын».

″Фl″ макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм и нэхъыбэр занщlэу абы къытехъукlа ″фlы″ макъ псалъэ мыхьэнэкlэрэ зэреджапхъэр гулъытапхъэщ. Аращи, къэхъу-къэщlыгъуэр зы хъугъуэ-фlыгъуэущ зэрылъытапхъэри, мы щыlэгъуэри зэрызекlуэр уэзыр зэрыскlэрэщ. Мы сыгъуэри къэзгъэщlыр зы фlыгъуэу зэрылъытэкlэрэ ухуа псалъэхэу лъытапхъэщ мыхэри: «мафlэ (фlы къэхъуныгъэ зыхэлъ) – нафlэ (фlым хуэкlуэныгъэ зиlэ)».

Хъуныгъэрэ щыlэгъуэр зы бзэ зиlэращи, мыпхуэдэу утыку къызэрихьа логием тетыныгъэр ″къабзэ″ущ зэрылъытэр. Ар утыку къызэрихьа щlыкlэрэ лъабжьэм тетыжращи, абы и пхэндж мыхьэнэ зиlэри щыlэгъуэ зыгъуэтам (фlы) теухуарэ ейуэ, е lей дыдэрэ фlыуэ lейуэ зэрылъытэкlэрэ къэlуэтагъэнщ: «фlей».

Зы хъугъуэ-фlыгъуэу щытрэ унагъуэм зэрыригъэнщlыну щхыныр зэращl, зыщащl, зыщlри фlыгъэ зи мыхьэнэкlэрэщ къызэрыlуатэр: «пщэфlэн, пщэфlапlэ, пщафlэ».

″Фl″ макъ мыхьэнэмрэ ар занщlэу бзэм зэрыхэхьа ″фlы″ псалъэ мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, зыгуэрыр гурыщхъуэ зэрытемылъкlэрэ зэрыщыlэр фlыпlэр щыlэпlэ зыхуэхъуарэ фlыуэ щыту щыlэу къэlуэтапхъэщ (фlэщ). Гурыщхъуэ зыхэмылъу щыlэгъуэ зиlэр мыпхуэдэщ зэрылъытапхъэри, зыгуэрыр гурыщхъуэ темылъу зыгуэрым теухуарэ хуэlуауэ щыlэ щlынри ″фlэщын″ глаголым къиlуэтапхъэщ. Мыпхуэдэхэр зи мыхьэнэкlэрэ ухуа псалъэхэщ мыхэр: «фlэщ, фlэщ хъун, фlэщхъуныгъэ; фlэщын, фlэщlын».

″Фl″ыр утыку къихьарэ зэрыхъун хъуам теухуа мыхьэнэ зиlэ макъщи, зыгуэрыр зыгуэрым фlыуэрэ икъукlэ хуэфl хуэхъуныгъэхэри ″фl″ыкlэрэ къежьэу ухуэ псалъэхэмкlэщ къызэрыlуатэр. Зыгуэрым зыгуэрыр хуэфl щlын lуэхур зы къарурэ лъэщыгъэ зыхэлъу гъэзэщlапхъэу зэрыщытыфынури гурыlуэгъуэнщи, ″фl″ыкlэ къежьэу ухуэ глаголхэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэу лъэныкъуитl хэлъщ: зыр ″хуэфl щlын″, адрейри ″лъэщыгъэрэ лlыгъэкlэ гъэзэщlэн″. Мыр глаголхэм префикс зэрыхуэхъуращ ″фl″ макъри, илъабжьэкlэ мыбыхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ. Ауэ глаголыпхъэу щытрэ къапыхьэ макъхэм теухуауэ глаголу ухуэ макъхэр ″фl″ префикскlэрэ щыухуэкlэ ягъуэт мыхьэнэри мы лъэныкъуитlкlэ еджапхъэщ: «фlэцlын – фlэцlэн, фlэзын, фlэгуэн, фlэкуэн, фlэкъуэн, фlэкхъун – фlэкхъуэн, фlэхын, фlэлъын, фlэнэн, фlанэ».

Къызтенарэ зыфlэнам икlыныгъэри ″фl″ым икlыныгъэу ухуэ псалъэхэм къаlуэтапхъэщи, мыпхуэдэр икlи зы lуэхугъуэр зэрыгъэзащlэрэ ипlэ зэрырагъэгъуэтри къызэрыlуатэ щlыкlэщ. Мыпхуэдэу ухуащ мы псалъэхэри, мыхьэнитl зиlэ псалъэхэщ: «фlэкlын, зэфlэкlын, зэфlэгъэкlын».

Зэрыхъун хуейуэ щытыр зэхъуэкlрэ зэрызэщхьэщыкlри ″фl″ыр зы lыхьэкlэ зэрыужьу ″lу″нкlэрэ къэlуатэу ухуа мы псалъэхэращ къэзыlуатэр: «фlэlун - фlэlуэн».

*″**Фl**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

″Фl″ макъыр ищхьэм къызпыхьэу ухуэ глагол щапхъэхэр ипэкlэ къэтащи, ″фl″ макъыр глаголхэм префикс щыхуэхъукlэ игъэзащlэ мыхьэнэр мыпхуэдэщ. ″Фl″ макъыр префикс зыхуэхъу глаголыр зыхуэфlыу зыфlэнарэ зыфlэлъым теухуауэ мэгъэзащlэр, икlи зыгуэрыр зыгуэрым лlыгъэкlэ хуэгъэзэщlэным теухуауэ мэгъэзащlэр. Мы лъэныкъуитlкlи еджапхъэщ ″фl″ыр префикс зыхуэхъу глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэми, ди ″макъ глагол″хэм ″фl″ыр префикс хуэхъуу къэта мы щапхъэхэм мыпхуэдэ мыхьэнитlкlэ (1: lуэхур лlыгъэкlэ гъэзэщlэн. 2: lуэхур зы фlэлъыпlэм теухуауэ гъэзэщlэн) зэреджапхъэри гурыlуэгъуэнщ: «фlэин, фlэун, фlэуэн, фlэlун, фlэlуэн, фlэсын, фlэсыхьын*, фlэзын, фlэдзын, фlэгъын, фlэгъун, фlэгъухьын*, фlэджын, фlэджэн, фlэдын, фlэдэн, фlэтын, фlэтlын, фlэтlэн, фlэжын, фlэжыхьын*, фlэжэн, фlэжьэн, фlэжьыхьын*, фlэщын, фlэщыхьын*, фlэщlыхьын*,

фlэщlэн, фlэшэн, фlэчын, фlэчэн, фlэкlын, фlэкlыхьын*, фlэкlуэн, фlэхъун, фlэхун, фlэхьын, фlэлъэн, фlэлэн, фlэлlэн, фlэпlын, фlэвын, фlэвэн».

Дэтхэнэ зы глаголым мыхьэнитl зэриlэр жытlащ, ауэ глаголыр зытеухуа lуэхугъуэм и къеклуэклыклэм елъытащи, клэух къыпыхьэжу ухуэжхэри ″*″ нэгъыщэклэ къэгъэлъэгъуащ.

**″В″ макъыр.**

*″**В**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″хэр.*

″Ф″ макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, абы елъытауэ нэхъ лъэщ къэlуыклэ зиlэ ″в″ макъ мыхьэнэри ″ф″ макъым елъытарэ пыщlауэ жыlэпхъэщ. Араши, ″ф″ым къытехъукla ″фэ″м теухуа lуэхугъуэхэр ″в″ макъ мыхьэнэклэрэ бзэм къыщolуатэр. ″Ф″м елъытауэ лъэщу къэlуыклэ зиlэ ″в″ыр бзэм зы ″макъ псалъэ″у зэрыхэхьа щlыклэр ″фэ″р щlагъ-щlыlу щlын lуэхугъуэм теухуащ. Щlагъ-щlыlу хъуныгъэу псырэ щlым теухуа lуэхугъуэхэр зы ″макъ псалъэ″у щыт ″**вэ**″р зи глаголыпкъ ″**вэ**н″ращ къыlзэрыlуатэр.

″Вэн″ыр зы щlыплэм ехьэлlауэ зэрыгъэзащlэ щlыклэри ″**вы**н″ глаголклэрэщ къыlзэрыlуатэр.

Зыгуэрым и гущlыlу телърэ и щlагъ щlэлъыр зэхэтхъуэнрэ зэхэгъэзэрыхьын lуэхугъуэщ ″вэн″ри, ар зи пкъыгъуэ гущlыlум телъ фэр щlагъ-щlыlу щlын lуэхугъуэри къыlзэрыlуатэращ, икlи зы тклуатклуэ лlэужьыгъуэр зэрызэхэтхъуэрэ зэрызэхэгъэзэрыхьри къыlзэрыlуатэращ. Ар бзэм зэрызеклуэ щlыклэр мыхьэнитl зиlэщ: зыр тклуатклуэрэ псым теухуауэщ, адрейри щlым теухуауэ зэрыгъэзащlэу ″вэн-сэн″ lуэхугъуэм теухуауэщ. ″Вэн″ глаголыр lуэхур гъэзащlэу зэрыщытыр къыlзэрыlуатэращ, ″вын″ глаголыр а lуэхур зэрыгъэзащlэ щlыклэклэ къыlзэрыlуатэращ. Ар щыхъуклэ, зыр (вын) ″lуэху глагол″ лlэужьыгъуэщ, адрейр (вэн) езыр езырурэ къэхъуныгъэм теухуа глаголщ. Нытlэ, псырэ тклуатlуагъэ зиlэр къыlзэрыlуэтапхъэр ″вэн″ глаголклэрэщ. Ауэ щlым теухуарэ вэн-сэн lуэхугъуэр къыlзэреклуэклыр ″вын, вэн″ глаголитlкlи къыlзэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэнщ.

Цlыхум щlыр ″вэн-сэн″ lуэхугъуэу зэрихьэу щlидза нэужьи, а lуэхур зэрыригъэклуэнум папщlэ игъасэу зэрихуэу щlидза lэщ гуэрыр зэрилъыта щlыклэри зы ″макъ псалъэ″у щыт ″**вы**″уэщ. А ″макъ псалъэ″р щыухуар ″вэн″ псалъэм куэдыlуэклэ зэрыиужьыр гурыlуэгъуэщ, икlи мы ″вы″ псалъэр а псэущхьэр ″вэным хуэlуа″ мыхьэнэклэрэ бзэм ″вэ-ы → вы″уэ къыхэхъухьа зы псалъэщ.

*″**В**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъуклыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэу *"в" макъым къытехъукlа "**макъ псалъэ**"хэр **къыпыхьэ макъкlэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** деплъынщ.

Псырэ ткlуаткlуагъ зиlэхэм теухуа ″вэн″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэ къэзыгъэлъагъуэ макъ къыпыхьэу префиксиалу зэрыухуэжым теухуа щапхъэ къэтхьынщи, ″вэн″ lуэхум зы зэманыгъуэ зэрихьрэ а щlыпlэм ″вэн″ lуэху гъэзэщlэн зэрызэфlэкlыр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр суффикс зэрыхуэхъужри зыхэзыубыдэ щапхъэщ мыхэр: «ивэн – ивыхьын - ивыкlын, lувэн – lувыхьын – lувыкlын, дэвэн – дэвыхьын – дэвыкlын, щlэвэн – щlэвыхьын – щlэвыкlын, хэвэн – хэвыхьын – хэвыкlын».

Щlым теухуауэ къекlуэкl ″вын, вэн″ глаголхэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпыхьэу префиксрэ суффиксу зэрыухуэжым теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «ивын – ивыхьын – ивыкlын – ивэн, lувын – lувыхьын – lувыкlын – lувэн, гувын – гуэвыхьын – гувыкlын – гуэвэн, дэвын – дэвыхьын – дэвыкlын – дэвэн, щlэвын – щlэвыхьын – щlэвыкlын – щlэвэн, хэвын – хэвыхьын – хэвыкlын – хэвэн».

Цlыхум вэн-сэн lуэхугъуэ къызэригъэунэхуам къыкlэлъыкlуэу, абы хуэlуауэ зэрихуэ псэущхьэ лъэпкъыр ″вы″уэ илъытащи, а псалъэр ″вэн″ глаголым макъ лэжьэкlэу къытехъукlа псалъэщ: «вэ(н)-ы → вы». Мыпхуэдэу къэхъуа ″вы″ макъ псалъэр макъ къыпыхьэу бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэри: «вышхуэ, выжь».

″В″ макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, абы и мыхьэнэм занщlэу къытехъукlа глаголхэщ ″вэн, вын″ыр. Ар щыхъукlи, ″в″ макъ мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым и щапхъэфlщ ахэр. Аращи, ″в″ зыхэту ухуэ псалъэхэм я нэхъыбэм и мыхьэнэр ″вэн″ lуэхугъуэ зыхэту лъытапхъэщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, къэвэныгъэрэ зэхэвыхьыныгъэу къызэрыхъуар къызыхэщ псалъэхэу ″в″ макъ зыхэту пасэlуэу ухуа псалъэхэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ мыхэр: «нывэ, вагъуэ».

Зытеухуар зэхуэдэу щытрэ жьэрыпсалъэкlэ зэщхьэщыкlыу щызекlуэу адыгэбзэм хэт псалъэщ ″нывэ″рэ ″мывэ″ псалъэри, мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу ″нывэ″р ″мывэ″м елъытауэ ипlэlуэкlэ къэхъуауэ лъытапхъэщ. Бзэм ″нывэ″у щызекlуэ псалъэр ″вэн-сэн″ lуэху къэзыгъэунэхуа цlыхум ар зэрымывэм папщlэ, ″мывэ″уи илъытэжагъэнщ.

Цlыхум ″вэн-сэн″ lуэху зэрихуэрэ и гуэдз лъэпкъым шхыныгъуэ къызэрыхищlыкl щlыкlэу ахэр зэригъавэм къытехъукlауэ ухуа псалъэхэщ мыхэри: «гъавэ, тхьэв».

Псэущхьэм ишхыр и ныбэм щызэхигъэвыхьрэ игъэткlуу мыщхьэпэу къелари зыхедзыжри, мыр ″вей″уэщ зэрылъытэр. Мыр зыхэту ухуа псалъэщ мыхэри, ахэр ″псалъэ зэгуэт″ лlэужьыгъуэу еджапхъэщ: «вэнвей, хьэвей, шывей».

*"**В**" макъым къытехъукlа "**макъ псалъэ**"хэр зыхэту ухуэ "**псалъэ зэгуэт**"*хэми деплъынщ.

″Вэн″ глагол лэжьэкlэ зыхуэт ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «″псы, вэ(н)″ → псывэ»; «″лы, вэн″ → лывэн – гъэлывэн».

И шхьыныгъуэхэр къэгъэвэн lуэхури цlыхум къызэригъэунэхуарэ япэу къигъэва шхыныгъуэри лырауэ зэрыщытыр къыхощыр ″вэн″ глаголыр зыхэту ухуа мы псалъэм къыхощыр. Ар зы ″псалъэ зэгуэт″у зэрыщытыр гулъытапхъэщи, ар зыхэту ухуэж ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыри: «″хьэ, лывэн″ → хьэлывэ».

Вэн-сэн lуэхугъуэм теухуарэ ″вэн″ глагол лэжьэкlэ зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″вэ(н), бдзэ″ → вабдзэ; ″вэ(н), кlуэн″ → вакlуэ; ″вэ(н), вы, и″ → ″вэрэвий».

Зы псэущхьэ лъэпкъыр зэрылъыта ″вы″ псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″вы, гу″ → выгу; ″гу, вы″ → выгу; ″хы, вы″ → хыв; ″вы, фlы″ → выфl; ″вы, жьы″ → выжь; ″вы, щхьэ″ → выщхьэ; ″вы, кlэ″ → выкlэ».

*″**В**″ макъ мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

Щlагъ-щlыlу хъууэ зэхэлърэ зэтелъри ″в″ макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуэтапхъэ хъунти, цlыхум ″вэн-сэн″ыгъэу иригъэкlуэкlым къыщlэхъуэ бэгъуэныгъэри ″в″ макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуэтащ: «бэв, бэвыгъэ».

Пкъыгъуэ гущlыlу дыдэм телъыр ″фэ″ращи, лъэныкъуитl фэ зэхуакурэ фэ зэтелъыныгъэ гъумагъымрэ фэ зэгъунэгъугъэри ″в″ макъкlэрэ ухуа псалъэхэмкlэ къэlуэтагъэнщ: «lув, зэв».

Мы псалъэхэр зэрыухуа щlыкlэу жылэпхъэщ зыгуэрым и зы лъэныкъуэр зэрыпамцlэри къызэрыlуатэ псалъэу ″пэнцlыв″ыр зэрыухуар. Увылауэ зыдэщытым зэуэрэ занщlэу зыричрэ жырыжэкlэ ежьэнри ″в″ макъкlэрэ ухуа псалъэхэм къаlуатэри, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «цlывын, цlыв». Икlи екъурэ цlыву, мэш бэвыгъэ къихьуи ялъытэ зы хьэпlацэ лlэужьыгъуэри ″в″ макъкlэрэ ухуа зы псалъэу ″мэшпlыв″ущ зэрылъытар.

Лъакъуэр щlылъэрэ зы щlыфэм лъэщу тету щытынри ″в″ макъкlэ ухуэ псалъэу ″увын″ псалъэм къеlуатэр. Лъакъуэр зэрылър щыгъыну цlыхур щlым зэрытетри ″вакъэ″ущ зэрылъытар. Зыгуэрыр зытеувэр зы щlыпlэлъэ зы щlыфэщи, мыпхуэдэу а зыдытетым лъэщу тету къэнэнрэ щытынрагъэнщ зы хьэрычэтым и ухыпlэр къызэрыlуатэ ″увылэн″ псалъэри къызтехъукlар. Зыгуэрым игъуэу къэмысыныр зыдэщытрэ зытеувылам къызэрытенар къизыlуэ псалъэу ухуагъэнщ ″гувэн″ри.

*″**В**″ макъым бзэ лэжьэкlэм ″**префикс – суффикс къалэн**″ хигъэзэщlыхьакъым.*

## lУПЭР ЗИ КЪЭХЪУПlЭ МАКЪХЭР: «П, Пl, Б».

Макъ къэхъупlэм и ухыпlэу щыт lупэм къыщыхъу макъхэращ мы макъхэри, икlи макъ къежьапlэу щыт ″м″ макъри зы макъыу бзэм

зэрыхэхьэ щIыкIэри мы зи гугъу тщIыну макъхэм я къэхъупIэу щыт IупэмкъыщыIуущ. Аращи, IупэркIуэцIым къыщыхъу макъхэм я ухыпIэщ, икIи макъ къежьапIэу пэщхъынэр къэхъупIэ зыхуэхъу ″м″ макъри къыздыщыIу щIыпIэращ.

Макъ къэхъуныгъэр IупэлъэныкъуэмкIэ кIуэтэху, псэущхьэм макъ къэхъуныгъэм Iэзэ зэрыхуэхъур гурыIуэгъуэщи, мы макъхэр псэущхьэм къызхигъэIукIынкIэ гугъу зэремыхьыщэр жыIэпхъэщ. Ар щыхъукIи, макъ къэхъуныгъэр Iупэмкъынэсарэмыбдежымкъыщигъэхъу мы макъхэр къызхигъэIукIынкIэрэ псэущхьэр гугъу зэремыхьынур гурыIуэгъуэщи, мы макъхэри я макъ мыхьэнэм теухуа зэкIэлъхьэужьыкIэу къэхъууэ тлъытэнщ. Аращи, и макъ мыхьэнэкIэрэ япэу ″п″ыр, абы къыкIэлъыкIуэу абы и текъузэ макъ ″пI″ыр, тIанэ ″б″ыр къэхъууэ тлъытэу, бзэм зэрыхэлэжьыхьхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

**″П″ макъыр.**

*″П″ макъым къытехъукI ″**макъ псалъэ**″р.*

Мы макъ гупым щыщрэ IупэркIэ зи къэхъупIэ ″п″ыр IупитIыр а нэхъ мащIэу зэтепIэнкIэрэ къэхъу макъращ. Мы и къэхъукIэм ипкъ иткIи, жьэм къыжьэдэкI макъхэм я ухыпIэу зы макъщ. ″П″ макъым и мыхьэнэр и къэхъукIэм зэрезэгъкIэрэ дэтхэнэ гуэрым а нэхъ мащIэу тепIэбапIэ зиIэнрэ ецырхъынкIэрэ къэхъу нэсыныгъэ хуэхъуным теухуащ. Ар дэтхэнэ гуэрым а нэхъ мащIэрэ зы пунктэкIэ лъэIэсыныгъэ мыхьэнэ зиIэрщ.

Мы и макъ мыхьэнэкIэрэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, ″п″ макъ кIуэтэгъуэ ″пэ″р ″п″ым мы и мыхьэнэкIэрэ тепIэбапIэрэ гулъытапхъэ хъур къызэрыIуатэращ. Мыпхуэдэу бзэм хэлэжьыхь ″**пэ**″р зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэхъухьщи, ар бзэм хроникэ зэрыхэхъухьарэ зы псалъэу къызтенар зы IэпкълъэкърауэзэрыщытригурыIуэгъуэщ.

*″П″ макъым къытехъукIа **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукIыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр***″.

*″**П**″ым къытехъукIа ″пэ″ ″**макъ псалъэ**″р **къыпыхьэ макъкIэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** теухуа щапхъэщ мыхэр: «пэшхуэ, пакъэ, пэтIинэ; пэщхъ, пэщхъынэ, пэжьгъынэ».

Мыхэри ***″пэ″ макъ псалъэр*** *зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″***хэм теухуа щапхъэщ: «″пэ, щIа(гъ)″ → пащIэ; ″пэ, бгъуэ″ → пабгъуэ; ″пэ, цIыкIу″ → пэ цIыкIу → пэцIыкIу; ″пэ, шын″ → пэшын; ″пэ, вей″ → пэвей».

*″**П**″ макъыр зыхэту ″**макъ гуп мыхьэнэкIэрэ ухуэ псалъэ**″хэр.*

″П″ макъ мыхьэнэр зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэхьа щIыкIэр ″пэ″уэщи, ар зы IэпкълъэпкъыркъызэрыIуатэ псалъэщ. Ауэ ″п″ макъ мыхьэнэр гурыIуэгъуэщи, ар дэтхэнэ гуэрым и хэхьэпIэрэ хэкIыпIэу и гъунапкъэм тецырыхъэныгъэ хуэхъупIэр къызэрыIуатэ макъ мыхьэнэщ.

Аращи, дэтхэнэ гуэрым елъытарэ теухуауэ и гъунапкъэу щытрэ абы и хэхьэпlэрэ хэкlыпlэ lыхьэ нэхъ цlыкlупlэ ″п″ыуэ зэрылъытэм ипкъ иткlэ, а щlыпlэ lыхьэр зы щыlэгъуэу зэрылъытапхъэри зы ″пэ″ лlэужьыгъуэущ. Мыр lэпкълъэпкъыцlэ ″пэ″уэ щымытрэ, зытеухуа пкъыгъуэм и зы lыхьэр зэрылъытэращи, зытеухуар зы джыгъуэу ″и″кlэрэ зэрылъытэ ″пэ″уэ ухуа зы псалъэщ. Мыпхуэдэу утыку къихьэ ″ипэ″ псалъэр а зытеухуам и зы lыхьэри, а зытеухуам елъытауэ зы лъэныкъуэри къызэрыlуатэ плъыфэцlэ псалъэщ. Дэтхэнэ гуэрым мыпхуэдэ и lыхьэрэ и зы лъэныкъуэр къызэрыlуатэр а гурыр къызэрыlуатэ псалъэ хэмыту, дэтхэнэ гуэрыр зы джыгъуэу зэрылъытэ щlыкlэкlэ ″и″р мы ″пэ″ lыхьэрэ лъэныкъуэр зэлъытарэ зытеухуар къызэрыгъэлъагъуэ щlыкlэу ″ипэ″ущ. ″Ипэ″р зытеухуа гуэрыр ″и″кlэрэ къызхэщу ухуарэ зытеухуам и зы lыхьэрэ з и зы лъэныкъуэр къызэрыlуатэ псалъэу зы плъыфэцlэ лlэужьыгъуэщ. Ар зытеухуам щыщрэ и зы lыхьэр къызэрыlуатэм нэмыщl, а гуэрым и къэхъукlэрэ ужьыкlэм елъыта лъэныкъуэри къызэрыlуатэ ″лъэныкъуэ плъыфэцlэ″ псалъэ лlэужьыгъуэщ. Аращи, ″п″ыр зыгуэрым хэмытрэ щымыщу, а гуэрым и къежьапlэщи, зыгуэрыр къызэрыхъурэ щыlэ зэрыхъур ″п″ыкlэрэ къызэрежьэм ипкъ иткlэ, ар къэмыхъу щlыкlэмрэ къэхъуа нэужьми зэрыужь лъэныкъуэри ″ипэ″ псалъэмкlэщ къызэрыlуатэр. Мыпхуэдэу зы лъэныкъуэ къэзыгъэлъагъуэ плъыфэцlэ ″ипэ″р зытеухуам елъытауэ зы жыжьагъэуи зэрыщытынур гурыlуэгъуэщи, ари ″иапэ → япэ″ущ зэрылъытэр.

Аращи, дэтхэнэ гуэрым теухуа зы lыхьэ джыпlэмрэ а гуэрым теухуауэ зы лъэныкъуэр къызэрыlуатэр ″ипэ″ псалъэмкlэщи, зытеухуар ″и″кlэрэ къызхэщу ухуа ″ипэ″м ипlэкlэ ар зытеухуар къызэрыlуатэ псалъэр къыпыхьэуи ″ипэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэи псалъэхэр утыку къохьэр. Мыпхуэдэу ухуэ псалъэхэр икlи ″псалъэ зэгуэт″уи лъытапхъэщ.

Мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщу, дэтхэнэ зы пкъыгъуэм и зы lыхьэр ″ипэ″ущ зэрылъытэри, а пкъыгъуэр къызэрыlуатэ псалъэм ″ипэ″р кlэух хуэхъуу псалъэ зэрыухуэнур гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, зыгуэрым и зы lыхьэ мыхьэнэкlэрэ ″ипэ″р псалъэхэм кlэух зэрыхъум теухуа щапхъэхэр ди ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ: «lэпэ, lупэ, сэпэ, цlэпэ, цыпэ, дзэпэ, гъуэпэ, гупэ, дэпэ, жьэпэ, щlыпэ, шыпэ, шэпэ, чыпэ, чэпэ, купэ, кlыпэ, кlэпэ - клапlэ, къупэ, къуэпэ - къуапэ, кхъэпэ, хъупэ, хыпэ, хупэ, хьэпэ, лъэпэ - лъапэ, лыпэ, лlыпэ, пэпэ, пlэпэ, фэпэ, фlыпэ, выпэ, мэпэ, нэпэ».

Мыхэр зытеухуам епха мыхьэнэкlэрэ и зы lыхьэр къизыlуэу ухуэ псалъэхэми, мыбыхэм щыщ гуэрхэр икlи щхьэж зы псалъэу утыку къызэрихьэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэщ мыхэр: «lэпэ, lупэ, гупэ, клапlэ, къуапэ, лъапэ».

Зыгуэрыр къызэрыlуатэу щыlэцlэхэм ″ипэ″р кlэухыу къыпыхьэу ухуэж псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр. Ауэ мыпхуэдэ щапхъэхэу зы

пкъыгъуэр къызэрыIуатэ псалъэрэ щыIэцIэ лIэужьыгъуэу щымытми, зы lуэхугъуэр къэмыхъу ипэмрэ ар зыхуэужь лъэныкъуэри ″ипэ″у зэрылъытэнур гурыIуэгъуэщ. Мыпухэдэу ″ипэ″р глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэхэми кIуэх хуэхъуу бзэм зэрыхэлэжьыхьынур гурыIуэгъуэщи, мыбы теухуа щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм ″ипэ″р кIуэху зыхуэхъу щIыкIэу къэтхьынщ: «ипэ, упэ, уэпэ, lупэ, lуэпэ, сыпэ, зыпэ, дзыпэ, гъыпэ, гъупэ, джыпэ, джэпэ, дыпэ, дэпэ, тыпэ, тIыпэ, тIэпэ, жыпэ, жэпэ, жьыпэ, жьэпэ, щыпэ, щIыпэ, щIэпэ, шэпэ, чыпэ, чэпэ, кIыпэ, кIуэпэ, хъупэ, хупэ, хьыпэ, лъэпэ, лэпэ, лIэпэ, пIыпэ, фыпэ, выпэ, вэпэ».

″Макъ псалъэрэ глагол″хэм хуэдэщи, дэтхэнэ зы псалъэм ″ипэ″р кIэухыу къыпыхьэу псалъэхэр зэрыухуэнур гурыIуэгъуэщ. Ауэ мыпхуэдэу ухуэ псалъэхэм щыщу зи гугъу щIыпхъэу лъытапхъэщ мыр: «″нэхъ, ипэ/япэ″ → нэхъыпэ, нэхъапэ».

Мы къэта щапхъэхэр зы псалъэм ″ипэ/япэ″ псалъэр къызэрыпыхьэу ухуэж псалъэхэу зэрылъытар гурыIуэгъуэщ. Ауэ мы къэтахэм щыщ гуэрхэр икIи ″п, пэ″ макъ мыхьэнэкIэрэ еджапхъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. АраЩи, ипэкIэ зи гугъу тщIа ″пэ, ипэ/япэ″ псалъэхэм хуэмыдэу ″п, пэ″ макъ мыхьэнэкIэрэ зэреджапхъэр нэхъ игъуэу лъытапхъэ щапхъэхэри къэтхьынщ: «напэ {″ны-а-пэ″ → напэ; ″нэ-пэ″→ напэ (ипэ лъэныкъуэм хуэкIуэ, ипэ лъэныкъуэ хъу)}, гупэ {гу(джыгъуэ)-пэ}, гуапэ {гу-а-пэ (″гу″м хуэипэ)}; псапэ (псэм ипэ игъэщыпхъэ); щхьэпэ {зыгуэрым (щхьэж) хуэкIуэрэ екIу}, щхьэпэн».

Мы щапхъэхэм хуэдэ къэхъуыкIэ иIэу лъытапхъэщ пкъыгъуэ гущIыIурэ гупэм хуэкIуэу гъэзащIэ lуэхугъуэр къызэрыIуатэу ухуа мы глаголыр: «хуэпэн, зыхуэпэн».

Мыпхуэдэу ″п, пэ″р и макъ мыхьэнэкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэу макърэ псалъэхэм къыпыхьэу псэлъэщIэхэр зэрыухуэнур гурыIуэгъуэщ. И макъ мыхьэнэмрэ бзэм ″пэ″рэ ″ипэ, япэ″у псалъэ зэрыхэхъухьа мыхьэнэр зэрызэпыщIари гурыIуэгъуэщ. ″Ипэ″рэ ″япэ″у къэхъур къыщыхъу дыдэр къизыIуэ псалъэри, мыр щыгъэзащIэрэ зэрыгъэзащIэр къизыIуэ ″щы″р ″пэ″ макъ мыхьэнэм ипэ къызэрыпыхьэжкIэрэ ухуэ псалъэщ мыхэри: «щыпэ, щыпэлъагъу».

″П″ макъ мыхьэнэр щыIэгъуэ зиIэм щыщ-щымыщу лъытапхъэрэ абы и гъунапкъэу щытращи, а гуэрым и хэхьэпIэрэ хэкIыпIэ Iыхьэр зэрылъытапхъэри ″п″ыуэ щыIэгъуэ зиIэу ″пэ″уэщ. Зыгъэзащlэм ипэ лъэныкъуэм теухуарэ зыгуэрым ипэрэ и къуапэм хуэкIуэу гъэзащIэ lуэхугъуэри ″пэ, пэ-ы″ кIэухкIэрэ ухуэ мы глаголхэращ къызэрыIуатэр: «щыпын – къэщыпын, щыпэн».

Зыгуэрым зэрыпыщIарэ и гъунапкъэр къизыIуэ ″п″ макъыр и мыхьэнэкIэ псалъэхэм кIэух хуэхъуу ухуа псалъэхэщ мыхэри: «гуп, гуэп, жэп, дэп, нып, хьэпшып, думп».

″П″ыр макърэ псалъэхэм ищхьэм къыщыпыхьэкIэ а псалъэ мыхьэнэр ″п″ макъ мыхьэнэрэ ″ипэ″ущ зэрыгъэзащIэри, мыпхуэдэу ухуа глаголхэщ мыхэри: «пысын, пытын, пылъын».

Мы глаголхэр ″п″ макъыр префикс зыхуэхъуу ухуа префиксиал глаголхэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэу ″п″ макъым игъэзащIэ префикс – суффикс къалэнхэм илъабжьэкIэ и гугъу щытщIынущ. Ауэ мы къэта щапхъэхэм хуэдэу ″п″ префикскIэрэ ухуэу утыку къихьэ нэгъуэщI префиксиал глаголхэри щыIэщи, ″п″ макъкIэрэ ухуэ псалъэхэу мыхэри мыбдежым щапхъэу къэтхьынщ: «пыцIын – пыцIэн, пызын, пыгуэн, пыщIэн, зэпыщIын – зэпищIыжын, пыкъуэн, пыхын, пылъэн, пынэн».

Зы IуэхугъуэрзэрыгъэзащIэ лъэныкъуэр а хьэрычэтым теухуауэ ″ипэ″у лъытапхъэщи, зы IуэхурщыгъэзащIэ дыдэри а IуэхуркъизыIуэ псалъэм къыкIэлъыкIуэ ″пэт, пэтрэ″кIэрэщ къызэрыIуатэр: «кIуарэ пэт; кIуэ пэтрэ».

*″П″ макъым* ***″префикс – суффикс къалэн″****у игъэзащIэхэр.*

″Пэ″р къежьапIэрэ пэщIэдзэ мыхьэнэ зиIэращ, икIи зыгуэрым къежьапIэрэ пэщIэдзэ хуэхъуу и зы Iыхьэризэрылъытэращ. Дэтхэнэ зы IуэхугъуэрпэщIэдзэрэ къежьапIэ зы Iыхьэмтеухуарэелъытауэ зэрыгъэзэщIапхъэр гурыIуэгъуэнщи, ″пэ″р дэтхэнэ зы глаголым префикс къалэн хуигъэзащIэу бзэм холэжьыхьыр. Мыпхуэдэ щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «пэин - пэихьын* - пэрыин*, пэун - пэрыун*, пэуэн - пэухьын - пэрыуэн* - пэрыухьын*, пэIун, пэIуэн, пэсын - пэсыхьын*, пэзын, пэдзын, пэгъын - пэрыгъын*, пэгъун - пэрыгъун*, пэджын, пэджэн, пэдын, пэдэн, пэтын, пэтIын – пэрытIын*, пэтIэн - пэтIыхьын*, пэщын, пэщIын - пэщIыхьын* - пэрыщIыхьын*, пэщIэн, пэшэн, пэчын, пэчэн, пэкIын - пэкIыхьын* - пэрыкIыхьын*, пэкIуэн, пэхъун, пэхун - пэрыхун*, пыхьэн* - пэрыхьэн*, пэлъэн, пэрылъэн*, пэлэн - пылыхьын* - пэрылэн*, пэлIэн - пэрылIэн*, пыпIын* - пыпIэн* - пэрыпIын*, пыфыхьын* - пэрыфыхьын*, пэвын - пывыхьын*, пэвэн - пэрывэн*».

Глагол гуэрхэм я гъэзэщIэкIэрэ IуэхукъекIуэкIыкIэм теухуащи, ″пэ″р префикс зыхуэхъу глагол гуэрхэм ″пэ″ префиксыр ″пэ-ы″уэ зэрызэхъуэкIымрэ ″р, хь″ кIэух къыпыхьэжу зэрыухуэж щапхъэхэр ″*″ нэгъыщэкIэ къэгэлъэгъуащ.

″Пэ″р зытеухуам и гъунапкъэу, абы и хэхьэпIэ хэпIэ Iыхьэрзэрылъытэращи, зыгуэрыр утыку къызэрихьэрэ зэрыгъэзэщIар абы мы и гъунапкъэу щыт хэхьэпIэ хэкIыпIэр зэрыухуарауэ лъытапхъэщ. Зыгуэрым щыIэгъуэ игъуэтамэ, ар и гъунапкъэкIэрэ утыку къихьащи, мыри зэрылъытэр абы теухуа ″пэ″кIэрэщ. Мы псалъэхэм къызэрыгуэкIщи, зыгуэрыр утыку къызэрихьарэ зэрыухуа дыдэр, ар езыр дыдэу зэрыщытыр псалъэхэм ″пэ″р суффикс зэрыхъукIэрэщ къызэрыIуатэр. Ар щыхъукIи, ипэкIэ мы къэта щапхъэхэри мыпхуэдэ мыхьэнэкIэрэ

зэреджапхъэр гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэ мыхьэнэр тегъэчыныхьарэ гъэбыдэныгъэ зэрыгъэзащIэ щIыкIэщи, ″пэ″ суффиксыр ″ппэ″уи къыщыIуатэ щыIэщ, ар щыхъукIи, ипэкIэ къэта ″пэ″ суффиксхэм ящхьэщокIыр. Ауэ зэратх щIыкIэр ″пэ″ суффиксуэщи, ди ″макъ псалъэ″хэмрэ ″макъ глагол″хэм теухуауэ ипэкIэ къэта щапхъэхэр икIи мы зи гугъу тщIы мыхьэнэкIэрэи еджапхъэщ. Мыпхуэдэ суффиксыр къзыщтэ глаголхэр икIи инфинитиву зэпкъыроувэри, мыбдежым мыбыхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «ипэн, упэн, lупэн, lуэпэн, сыпэн, зыпэн, дзыпэн, гъыпэн, гъупэн, джыпэн, джэпэн, дыпэн, дэпэн, тыпэн, тIыпэн, тIэпэн, жыпэн, жэпэн, жьыпэн, жьэпэн, щыпэн, щIыпэн, щIэпэн, шэпэн, чыпэн, чэпэн, кIыпэн, кIуэпэн, хъупэн, хупэн, хьыпэн, лъэпэн, лэпэн, лIэпэн, пIыпэн, фыпэн, выпэн, вэпэн».

**″Пl″ макъыр.**

*″**Пl**″ макъым къытехъукI ″**макъ псалъэ**″хэр.*

″П″ макъым и къэхъукIэм текъузэныгъэ къызэрыхуэкIуэу утыку къихьэ макъщ ″пl″ыри, ″п″ макъ мыхьэнэр ецырхъыныгъэкIэрэ зыхунэс гуэрыр зэрыщыту зыхэзыубыдэ макъ мыхьэнэщ ″пl″ыр. ″П″ыкIэрэ зыхунэсыр зыхиубыдэн мыхьэнэ зиIэращ ″пl″ыри, псэущхьэм езым къыщIэхъуэрэ къыпкъырыкIым теухуауэ гъэзащIэ lуэхугъуэми зэрытеухуар гулъытапхъэщ ″пl″ макъ мыхьэнэр.

Мы къызэрыхъуа щIыкIэм зэрезэгъкIэрэ, утыку къызэрихьа щIыкIэу ″пl″ макъыр занщIэу бзэми хэхьауэ жыIэпхъэщи, ″**пIы**″р зы ″макъ псалъэ″у ″**пIы**н″ глаголыпкъыу бзэм хэтщ.

″Пlын″ lуэхугъуэр къыздыщекIуэкIрэ, дэтхэнэ пIыгъуэр зыдыщыпIри ″пl″ кIуэтэгъуэ ″**пIэ**″уэ къоIуатэри, ар икIи дэтхэнэ зы лъэрэ пкъыгъуэм гъуэ пэлъытэ хуэхъур къизыIуэ зы ″макъ псалъэ″у бзэм хэтщ. Ар бзэм зэрыхэхьари ″пIын″ псалъэм къыкIэлъыкIуэу жыIэпхъэщ.

*″**Пl**″ макъым къытехъукIа **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукIыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэрауэ *″**пI**″ макъым къытехъукIа мы ″**макъ псалъэ**″хэр **къыпыхьэ макъкIэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ **ухуэ псалъэхэм*** деплъынщ.

″Пlын″ глаголыр зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къизыIуэ макъхэр къыпыхьэу ухуэж глаголхэщ мыхэри, ″пIын″ыр кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэкIэ зэрыгъэзащIэр ″э″ кIэухкIэрэ, зэманыгъуэ зэрихькIэрэ зэрыгъэзащIэр ″хь″ кIэухкIэрэ, мы гъэзэщIэныгъэр зэрызэфIэкIыр ″кI″ кIэухкIэрэ зэрыухуэжыфынур гурыIуэгъуэщ: «ипIын – ипIэн – ипIыхьын - ипIыкIын, lупIын – lупIэн – lупIыхьын – lупIыкIын, дэпIын – дэпIэн – дэпIыхьын – дэпIыкIын, тепIын – тепIэн – тепIыхьын тепIыкIын, щIэпIын – щIэпIэн –

щIэпIыхьын – щIэпIыкIын, къуэпIын – къуэпIэн – къуэпIыхьын – къуэпIыкIын, хэпIын – хэпIэн – хэпIыхьын – хэпIыкIын».

″Пlэ″ макъ псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэри: «пlэшхуэ, пlэгъуэ».

″Цl″ыр мыщыlэрэ мыхъуныгъэу зэрылъытэм ипкъ иткlэ, апхуэдэу зыпlрэ пlэ зыхуэхъур зэрылъытэ ″цlапlэ″ри ″пlын, пlэ″р къыпыхьэ макъкlэрэ ухуа псалъэу лъытапхъэщ.

″Пlын″ глагол лэжьэкlэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ лъытапхъэщ мыхэри: «пlапlу; пlур, нэпlэс, анэнэпlэс; пlыгъуэ, пlыгъэ, пlыргъэ; пlытlэ, пlатlэ - хьэпlатlэ, пlацlэ - хьэпlацlэ». Мы щапхъэхэм щыщу ″анэнэпlэс″ыр икlи ″анэ, нэпlэс″у, ″пlацlэ, хьэпlацlэ″ри ″пlын, цlэ″уэ ″псалъэ зэгуэт″хэу еджапхъэу зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ.

*″**Пl**″ макъым къытеухъукl ″**макъ псалъэ**″хэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″хэми* щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Пlэ″р зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «″пlэ, цlыкlу″ → пlэ цlыкlу → пlэцlыкlу; ″пlэ, фlы″ → пlэфl; ″пlэ, щхьэ″ → пlэщхьэ – пlащхьэ, пlэщхьагъ (пlэщхьэ хъу); ″гъуэлъ(ын), пlэ″ → гъуэлъыпlэ».

″Пlэ″р дэтхэнэ гуэрыр зыщыпlрэ къыздыщекlуэкlращ, икlи абы илъыпlэ хуэхъуращ. Щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр зыщыпlыну игъуэ зы пlэ щыlэщ, икlи щыlэгъуэ зиlэу щыlэ гуэрым пlэ хуэхъур зы щlы лlэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщи, дэтхэнэ зы ″пlэ″р зы ″щlыпlэщ″. Ари зы ″макъ зэгуэт″у зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ: «″щlы, пlэ″ → щlыпlэ».

Зы щlыпlэ лlэужьыгъуэ къызэриlуатэкlэрэ ″пlэ″р дэтхэнэ зы псалъэм кlэух зэрыхуэхъуфынур мы къэтlуэтам къызэрыхэщыр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ мыхьэнэкlэрэ ″пlэ″р зыхэт ″псалъэ зэгуэт″ зэрыухуэнур гурыlуэгъуэщ. Дэтхэнэ гуэрым хуэlауэ пlэ хуэхъуныгъэри абы ″ипlэ″ущ къызэрыlуатэри, зы ″макъ псалъэ″у ″пlэ″р псалъэ кlэухыу ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэри икlи ″ипlэ″уи еджапхъэщ. Икlэм икlэжым зыгуэрым ″пlэ″ хуэхъур абы ″ипlэ″ущ зэрылъытапхъэри, ипэкlэ къэта ″гъуэлыпlэ″р икlи ″гъуэлъын″ым пlэ хуэхъуу ″ипlэу″и зэреджапхъэр гулъытапхъэщ.

Нытlэ, ди ″макъ псалъэ″рэ ″макъ глагол″хэр щыгъэзащlэрэ зыщыпl щlыпlэр къигъэлъагъуэу ″пlэ″ макъ псалъэр абыхэм кlэухыу къызэрыпыхьэкlэнур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэуи ″псалъэ зэгуэт″хэр утыку къызэрихьэ щапхъэхэр къэтхьынщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэр икlи ″ипlэ″р зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэуи, икlи ″пl″ макъ суффикскlэрэ ухуауи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ; ар щыхъукlи, къэта щапхъэхэм мыпхуэдэ лъэныкъуэкlи еджапхъэщ: «lэпlэ, lупlэ, lуэпlэ, сэпlэ, цlэпlэ, цlапlэ, цыпlэ, зыпlэ, дзэпlэ, гъуэпlэ - гъуапlэ, гупlэ, дэпlэ, жьэпlэ, щыпlэ, щlыпlэ, шыпlэ, шэпlэ, чыпlэ, чэпlэ, купlэ, кlыпlэ, кlэпlэ, къупlэ, къуэпlэ»; «ипlэ, упlэ, уэпlэ - уапlэ, lупlэ, lуэпlэ, сыпlэ - сапlэ, сэпlэ - сапlэ, зыпlэ -

запlэ, дзыпlэ, гъыпlэ - гъапlэ, гъупlэ - гъуапlэ, джыпlэ - джапlэ, джэпlэ - джапlэ, дыпlэ - дапlэ, дэпlэ - дапlэ, тыпlэ, тlыпlэ - тlапlэ, тlэпlэ - тlапlэ, жыпlэ - жапlэ, жэпlэ - жапlэ, жьыпlэ - жьапlэ, жьэпlэ - жапlэ, щыпlэ, щэпlэ - щапlэ, щlыпlэ - щlапlэ, щlэпlэ - щlапlэ, шэпlэ - шапlэ, чыпlэ, чэпlэ - чапlэ, кlыпlэ - кlапlэ, кlуэпlэ - кlуапlэ, хъупlэ».

Зэуэрэ занщlэу къэхъуар зэпlэрэ нэ техыпlэ-тепlапlэу зэрыгъэзащlэр къызэрыlуатэ ″напlэзыпlэ″ри ″напlэ, зыпlэ″ псалъэхэр зыхэт ″псалъэ зэгуэт″у лъытапхъэщ. Зы lэщрэ гур зэрашэн папщlэ, и пэрэ и lум иращlэр къызэрыlуатэ ″lумпlэ″ри ″lум пlэ″ хуэхъу ″lу, пlэ″ псалъэхэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″у лъытапхъэщ.

*″**Пl**″ макъ мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

″Пl″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр абы къытехъукlа ″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэхьа мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэщи, и макъ мыхьэнэкlэ бзэм хэлэжьыхьу къэхъу дэтхэнэ зы псалъэр мы макъ псалъэхэм зэрезэгъкlэрэ еджапхъэщ.

″Пl″ макъ мыхьэнэр lупщlащи, зыгуэрыр зэрыхэхъуэрэ щыхэхъуэр къизыlуэ мыхьэнэ зиlэращ, икlи ар бзэм зэрыхэхьарэ дэтхэнэ и зы щlыпlэм зэрыхэлэжьыхьри мы и мыхьэнэкlэрэщ. Мыбы папщlэщи, бзэм и макъ мыхьэнэрэ бзэ мыхьэнэуэ зэрыхэлэжьыхьыр зэхэхугъуафlэкъым. Ар щыхъукlи, ар зыхэт дэтхэнэ зы щlыпlэм ″макъ псалъэ″у хэтуи еджапхъэщ. Ауэ ″пlын″рэ ″пlэ″ псалъэу щымытрэ ″пlын″рэ ″пlэ″ зэрыщlрэ зэрытеухуа мыхьэнэкlэрэ ущеджэм деж, ″пl″ макъ мыхьэнэуэ хэлэжьыхьуи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. ″Пl″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа псалъэхэу лъытапхъэщ мыхэри, ″пlын″рэ ″пlэ″ хъуным хуэкlуэныгъэ мыхьэнэ зиlэ псалъэхэращ: «пlытlын - пlытlэн, зэхэпlытlэн, зэхэпlытlыхьын; тlэпlын – тlэпlэн».

″Пlын″рэ ″пlэ″р дэтхэнэ гуэрэрэ lуэхугъуэм зэрытеухуэр гурыlуэгъуэщи, дэтхэнэ зы глаголрэ псалъэр зытеухуа lуэхугъуэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэрэ щlыпlэ къыриlуэу псалъэхэм кlэух хуэхъуфынщ. Ар кlэух зэрыхуэхъури ″пlын, пlэ″ псалъэхэуи еджапхъэщ, икlи ″пl″ макъ мыхьэнэуи еджапхъэщ. Мыбы игъуэм деж и гугъу щытщlынщ, ауэ ″пl″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэхэщ мыбдежым ди lуэхури, ″пl″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуарэ зыгуэрым хуэфlрэ ″пlэ″ хуэщlыныгъэ зи мыхьэнэуэ утыку къихьа глаголхэщ мыхэр: «lупlэн, гуэпlэн, тепlэн-2, зэтепlэн».

Мы къэта щапхъэхэм я къэхъукlэу ухуа псалъэхэщ мыхэри: «лъапlэ, пlалъэ».

*″**Пl**″ макъым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

″Пlэ″р зы ″макъ псалъэ″у зэрылъытэкlэрэ псалъэхэм къыкlэлъыкlуэу ″псалъэ зэгуэт″хэр зэрыухуэм теухуа щапхъэхэри къэтащи, ахэр икlи ″пl″ макъыр кlэху зэрыхъукlэрэ ухуа псалъэхэуи лъытапхъэщ. Ар щыхъукlэ, ″пlэ″ псалъэр кlэух зэрыхъукlэрэ ухуа мы ″псалъэ зэгуэт″хэр икlи ″пl″ макъыр суффикс зэрыхъукlэрэ ухуа псалъэхэуи лъытапхъэщ.

**″Б″ макъыр.**

*″**Б**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″хэр.*

″Пl″ макъ мыхьэнэр къызэрыхъуа щlыклэм зэрезэгъклэрэ занщlэу ″пlын″рэ ″пlэ″ псалъэхэр къызтехъуклыу бзэм хэлэжьыхьу щlэзыдза зы макъщи, абы и мыхьэнэм утыку къырилъхьэ мы lуэхугъуэхэр зыхуэлажьэр къизыlуэфыну макъри ″пl″ макъым къыклэлъыклуэу утыку къихьагъэнщ. Аращи, дэтхэнэ гуэрыр ар къызыщlэхъуэм зэрыпыщlаклэрэ зэрыужьыр зытеухуа мыхьэнэуэ утыку къохьэр ″б″ макъыр. Мы къызэрыхъуа щlыклэм ипкъ зэритщи, псэущхьэм къыщlэхъуарэ зэрипlклэрэ ужьыгъуэ зыгъуэтыр ″**бын**″ущ зэрылъытар. ″Бын″ псалъэр ″пlын″ lуэхур зелъытаклэрэ ужьыгъуэ зиlэнращи, мыпхуэдэу я″пlы″р ″бын″ жыхуаlэращ.

Мы къызэрыхъуа щlыклэу, ″б″ макъ мыхьэнэр ″зэрелъытаклэрэ ужьыгъуэ″щи, ар бзэм мыпхуэдэщ зэрыхэлэжьыхьыр. Зыужьыгъуэ лlэужьыгъуэщ ″б″ макъым и мыхьэнэри, абы игъэзащlэ мы мыхьэнэр ″у″ макъ мыхьэнэми зэрыпыщlар гулъытапхъэщ: ″у″ макъыр занщlэу езым ужьыгъуэ зэриlэр е ужьу щытыр къизыlуэ мыхьэнэращ, а ужьыгъуэр нэгъуэщl гуэрым зэрыпыщlарэ зэрелъытаклэрэ къызэрыхъуращ ″б″ым и мыхьэнэри, зэхуэдэ lуэхугъуэм теухуа я мыхьэнэм къызэрагъэлъагъуэу, ″у″р макъыхъуу зэрыщытым хуэдэу, ″б″ыри макъыбзщ.

Зэрелъыта ужьыгъуэ зи мыхьэнэ ″б″ макъым и клуэтэгъуэри мыпхуэдэу бэгъуэныгъэ зиlэр къызэрыlуатэ зы ″макъ псалъэ″у ″**бэ**″уэ хэтщ бзэм.

Зэрелъыта ужьыгъуэклэрэ къэхъуа зы нэщlыгъуэр икlи зы нэщlыгъуэбэ зэрыхъуари зы ″макъ псалъэ″у лъытапхъэ ″**бэн**″клэрэщ къызэрыlуатэр.

Дэтхэнэ гуэрыр езыр езырурэ зэрыужь щlыклэр къызэрыlуатэ макъщ ″у″ри, ужьыныгъэр хъугъэ лlэужьыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ занщlэу хъугъэ мыхьэнэ имыlэми, ужьыгъуэ мыхьэнэ зиlэу, ари зэрелъыта ужьыгъуэр зи мыхьэнэ макъри ″б″ыращ. Мы и мыхьэнэм зэрезэгъклэрэ, ″у″м и мыхьэнэр зэрелъытаклэрэ зи мыхьэнэр ″б″ макъращи, ″у″р зэрымакъыхъум хуэдэжу, ″б″ыри макъыбзщ.

*″**Б**″ макъым къытехъукlа **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъуклыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэрауэ *″**б**″ макъым къытехъукlа **″макъ псалъэ″хэр къыпыхьэ макъклэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Бын″ псалъэр къыпыхьэ макъклэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэ къэтыхьынщ: «бынышхуэ, быныгъуэ, бынылэ, бынжэ».

″Бынып1э″ псалъэм ик1и ″бын, п1э″у ″псалъэ зэгуэт″у зэреджапхъэри гуры1уэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ ″бынжэ″ псалъэри, ари ныбэм илъ ″бын″ыр зэрып1ыр къызхурижэу ″бын, жэ(н)″ зыхэт ″псалъэ зэгуэт″уи зэреджапхъэр гуры1уэгъуэнщ.

Куэдагъ зи мыхьэнэ ″бэ″ макъ псалъэм къыпыхьэ макък1эрэ ухуа псалъэу лъытапхъэщ ″хуабэ″ри, псэущхьэрэ ц1ыхум и псэуныгъэм хуэныкъуэм елъытауэ куэду илъытэр къызэры1уатэ псалъэу лъытапхъэщ.

″Бэ″ макъ псалъэм къыпыхьэу ухуа псалъэхэу еджапхъэщ мыбыхэми: «бэгын»; «батэ, 1эмбатэ»; «бащэ».

Ф1ыуэ джыпхъэу теплъэгъуэ зи1эу лъытапхъэри ″бэ″ псалъэр зыхэту ухууэ еджапхъэу зы псалъэщ ″джабэ″р; ауэ ар ик1и ″б″ макъ мыхьэнэк1эрэ ухуа псалъэуи зэрылъытапхъэр гуры1уэгъуэнщ.

Зы макъ псалъэу тлъыта ″бэн″ыгъэ къэхъуным зэрыхуэк1уэр къызэры1уатэу ухуа псалъэу лъытапхъэщ ″ныбэ″ри, ари ″б″ макъ мыхьэнэк1эрэ къэхъуа псалъэу зэрылъытапхъэр нэхъ игъуэщ.

″Бэн″ псалъэр къыпыхьэ макък1эрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щ1ык1эм теухуа щапхъэщ мыхэр: «бэнышхуэ, бэныгъэ, бэныгъуэ, бэнып1э».

Зы ″бэн″ышхуэ л1эужьыгъуэу лъытапхъэрэ 1эщ зыщ1аубыдэр къызэры1уатэ ″бэу – бо/боу″ псалъэри ″бэн″ макъ псалъэм къытхъук1ауэ мылъытапхъэми, ар зы ″бэн″ л1эужьыгъуэу зэрыщытыр гуры1уэгъуэщ.

″1убэн – те1убэн″ псалъэхэри зы ″бэн″ л1эужьыгъуэ щ1ын 1уэхугъуэу гъэзащ1эр къызэры1уатэ глаголхэу лъытапхъэщ. Ауэ ″бэн″ым къытехъук1ыпхъэуи лъытапхъэу ипэк1э къэта псалъэхэм хуэдэщ мыхэри, ″б″ макъ мыхьэнэк1эрэ ухуа псалъэхэу лъытэныр нэхъ игъуэщ. ″Б″ макъ мыхьэнэк1эрэ къэхъуауи еджапхъэ мы щапхъэхэм хуэдэхэм илъабжьэк1и я гугъу щытщ1ынщ.

***″Б″*** *макъым къытехъук1а* ***″макъ псалъэ″****хэр зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″***хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Бын″ макъ псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″бын, п1э″ → бынып1э; ″бын, ф1ы″ → быныф1; ″бын, ц1ык1у″ → бын ц1ык1у → бынц1ык1у; ″бын, щ1э″ → быныщ1э».

″Бэ″р куэдагъ зи мыхьэнэ зы плъыфэц1эу зэрыщытым къызэрыгуэк1щи, ар дэтхэнэ зы щы1эц1эм къыпыхьэу ″псалъэ зэгуэт″ зэрыухуэфынур гуры1уэгъуэнщ. Ауэ дэтхэнэ гуэрым и куэдагъэр ″бэ″к1эрэ къэ1уатэу къэбэрдеибзэм щызек1уэу хэткъыми, ди ″макъ псалъэ″ щапхъэхэм щыщхэу зи куэдагъэр ″бэ″к1эрэ къэ1уэтэфыну лъытапхъэхэм къатехъук1 ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэхэр къэтхьынщ: «″цы, бэ″ → цыбэ; ″жьы, бэ″ → жьыбэ; ″щ1ы, бэ″ → щ1ыбэ; шыбэ, чыбэ, л1ыбэ, ф1ыбэ, выбэ»;

Мы къэта щапхъэхэм нэмыщ1, куэдагъ зи мыхьэнэ ″бэ″м къык1э1ъык1уэ псалъэ зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэр щы1эщи, зыгуэрхэр ″бэ″гъуэу зэрыщыткlэрэ къызэры1уатэу ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэу

еджапхъэщ мыбыхэм: «″бэ, цы″ → ″бэ, цы-э″ → бацэ; ″бэ, дзы(н)″ → ″бэ, дзы-э″ → бадзэ (куэду къыхэдзыкl, гупу зыдз); ″бэ, гъуэ″ → багъуэ, бэгъуэн; ″бэ, джы(н)″ → бэдж (куэдрэ фlыуэ джы); ″бэ, щlы(н)/щlэ(н)″ → бащlэ; ″бэ, шэн″ → ″бэ, шы (шэ-ы) → баш; ″бэ, хъу(н)″ → ″бы (бэ-ы), хъу″ → быхъу; ″бэ, пlын″ → ″бэ, пlэ (пlы-э)″ → бапlэ; ″бэ, мыпlын″ → бэмыпlэн (мыпlы-э) → бэмпlэн, бампlэ; ″бэ, вэн″ → ″бэ, вы (вэ-ы)″ → бэв; ″бэ, мэ″ → бамэ (цlыхум къыхуекуэдэкl ″мэ″)».

Зы макъ псалъэу лъытапхъэ ″бэн″ыр зыхэту ухуа псалъэ зэгуэтщ мыхэри: «″бын, цlыкlу″ → бэн цlыкlу → бэнцlыкlу; ″бэн, ику″ → бэныку; ″бэн, ищхьэ″ → бэныщхьэ».

*″**Б**″ макъ мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

Ар ″зэрелъыта ужьыгъуэ″ мыхьэнэ зиlэ макъщи, зыгуэрыр зэрызэлъытакlэрэ къызэрыlуатэ макъщ. Жыжьаплъэрэ гъунэгъуплъэу къэгъэлъэгъуа гуэрыр зыгуэрым зэрытеухуарэ зэрелъытауэ зэрыщыткlэрэ (бы) къызэрыlуатэу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «абы, мыбы, мобы».

Зыгуэрым зэрелъыта ужьыгъуэкlэрэ бгъэдэхьэныр ″б″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа псалъэхэм къызэраlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «бэун, ебэун - ебоун, бау, бауэ».

Псэущхьэ бэгъуэныгъэм и къежьапlэу лъытапхъэ мы псалъэхэми къызэрыхэщрэ зэрезэгъщи, зэрелъыта ужьыгъуэ зи мыхьэнэ ″б″ макъыр икlи псэущхьэ ужьыгъуэр зэрыигъуэкlэрэ къызэрыlуатэ макъ мыхьэнэщ. Мы псалъэм зэрезэгъыу ″биологие″ псалъэр мыадыгэбзэми, ″б″ макъ зыхэту ″б″ым и логиеу зэрылъытакlэрэ зэрыухуари гулъытапхъэщ. Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, псэущхьэр зэрыпсэуф ″уэ″рэ ″жьы″р къызэришэри ″б″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа псалъэхэмкlэщ къызэрыlуатэр: «бэуэн, бауэ».

Зы псэущхьэ пкъыгъуэм къытырищlэу шыни хищlэф узыгъуэ дыркъуэ лlэужьыгъуэри ″бэгу″ущ зэрылъытэр.

Дэтхэнэ гуэрыр зэрызэлъыта лlэужьыгъуэу зэрыщытыр ″б″ макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтэнур гурыlуэгъуэнщи, зыгуэрыр мыпхуэдэу лъэщагъ зэриlэкlэрэ зэхэлъыр къызэрыlуатэ псалъэщ мыр: «быдэ».

Лъакъуэ зиlэращ зекlуэфри, ″кlуэн″ псалъэр зэкlуныгъэ (кlу) зиlэ лъакъуэхэм ягъэзащlэ кlуэтэгъуэ (кlуэ) lуэхугъуэу (кlуэн) зэрыщытри ипэкlэ щыжытlагъащ. Лъакъуэхэм зэрызэкlуныгъэу зэрызэлъытакlэрэ къэхъу ужьыныгъэщ ″кlуэн″ lуэхугъуэр утыку къызэрихьэри, лъакъуэхэм мы я зэрызэлъытэныгъэр ″б″ макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэри гурыlуэгъуэщ. Араща, ″кlуэн″ыгъэр зэрыгъэзащlэ дэтхэнэ зы lыхьэр лъакъуэхэр зэрызэлъыта ужьыгъуэущ утыку къызэрихьэри, мыпхуэдэхэр къызэрыlуатэу ухуа псалъэщ мыхэр: «бэкъуэн {″зэрелъыта ужьыгъуэ (б) кlуэтэгъуэм (бэ) къыщlэхъуэу (къуэ) гъэзащlэ lуэхуу ″кlуэн″ым дэтхэнэ и зы lыхьэр зэрыгъэзащlэр}, бакъуэ (зы ″бэкъуэн″ыгъэ), лъэбакъуэ {лъакъуэм (лъэ) и зы бэкъуэныгъэу (бакъуэ), лъакъуэхэм ягъэзащlэ

″кIуэн″ыгъэм и зы Iыхьэ}, бакъуэ, бэкъу (зэлъытэныгъэ зыхуаIэ ″къу″, ″къу″ зэхуаку, лъэкъуитIыр зэрызэлъытарэ я зэхуакур)».

Дэтхэнэ гуэрыр зыгуэрым теухуарэ елъытауэ къызэрыIуатэр ″б″ макъ мыхьэнэкIэрэщи, зэрелъыта ужьыгъуэу гъэзащIэр къизыIуэ макъыр ″б″ макъ мыхьэнэкIэрэ лажьэу гъэзащIэ Iуэхугъуэхэр къизыIуэ глаголхэщ мыхэри: «Iэбэн, елэбын»; «Iубын – елубын»; «Iубэн, телубэн».

Зы фалъэм из хъуным къыхуэнарэ убыдыпIэу щытыр, Iэрэ Iупэр телэбапIэ хуэхъуныгъэ зы пщалъэу къэнар ″пэщыбэ″ущ къызэрыIуатэр.

Зыгуэрыр зытеухуарэ зыдэщытым елъытауэ зы лъэныкъуэкIэ зэрыкIуэрэ зэрыужьри ″б″ макъ мыхьэнэкIэрэ къэIуатэ псалъэхэу зэрыухуэнур гурыIуэгъуэнщ: «ебэн; къуабэ-бжьабэ»;

″Ебэн″ псалъэр къызэрыхъуам хуэдэу лъытапхъэрэ, зыгуэрым елъыта ужьыгъуэу (б) гъэзащIэу щытын (нэн) Iуэхугъуэу къекIуэкIыр къызэрыIуатэ псалъэщ мыхэри: «бэнэн, ебэнын, зэбэнын, банэ».

Мы псалъэхэр гурыIуэгъуэщи, икIи псэущхьитIыр зыр адрейм зыщызэрихъумэнрэ текIуэныгъэм зэрыхущIэкъукIэрэ гъэзащIэу щыт Iуэхугъуэм теухуащ; икIи зы хьэ лIэужьыгъуэм къызхигъэIукI макъыIу, ар зэрыбанэм теухуащ. Мыпхуэдэ IуэхугъуитIри зэрелъыта ужьыгъуэм къинэныгъэу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, зэхуэдэу лъытапхъэ Iуэхугъуэм теухуауэ зэрыгъэзащIэм езэгъыу зэхуэдэ псалъэхэмкIэщ къызэрыIуатэр.

Зэхуэдэ псалъэкIэ къэIуатэу мыхьэнитI иIэ лъытапхъэ ″бэнэн″ псалъэм нэмыщIыу мыпхуэдэ макъхэмкIэ ухуауэ аргуэру зы псалъэ хэтщ адыгэбзэм: «банэ». Ар зэрелъыта ужьыгъуэ (б) зиIэ лIэужьыгъуэу (нэ) зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ; икIи зыгуэрым пыщIарэ елъытауэ къыхэхъукIыныгъэр ″б″ макъ мыхьэнэкIэрэ къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэщи, апхуэдэр зи щIыкIэрэ апхуэдэм къинэныгъэ зиIэуи зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. Араща, къэкIыгъэхэм къыхэхъукI гуанэ лIэужьыгъуэр къызэрыIуатэ ″банэ″ псалъэри къызхэхъукI къэкIыгъэм зэрихъумэжынкIэ щхьэпэ хуэхъу зы гуанэ лIэужьыгъуэщ. ″Бэнэн″ псалъэр зы псэущхьэм зызэрихъумэрэ и бийм зэрытекIуэнкIэрэ гъэзащIэ IуэхугъуэуэзэрыщытымхуэдэжщиIэужьыгъуэмпапщIэщ.

Мы къэта псалъэхэм зэрелъыта ужьыгъуэм (б) къинэныгъэрэ итыныгъэ, зэрелъыта ужьыгъуэр къэхъуныгъэ (нэн, нэ) хуэдэу къэIуэтапхъэ мыхьэнэ зэраIэр гулъытапхъэщи, ар зэрыгъэзащIэрэ къызэрыхъум щхьэусыгъуэ хуэхъур къызэрыIуэтапхъэри ″бий″щ. Араща, псэущхьэр зэрабанэр и бийм зыщихъумэн папщIэу зэрыщытым хуэдэжщи, къэкIыгъэм и банэри и бийм зыщихъумэн папщIэщ. НытIэ, мы псалъэхэм хуэдэу ″б″ макъ мыхьэнэкIэрэ ухуа ″бий″ псалъэри зэрелъыта ужьыгъуэкIэ (б) джын (и) мыхьэнэ зиIэу зы псалъэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Араща, зы псэущхьэм зызэриужьыну щIыкIэр нэгъуэщI

гуэрым елъытауэ зэрыгъэзащlэрэ зызэрыджыр къызэрыlуатэ щlыкlэу ″б, и″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа псалъэщ мыхэр: «бий, биин, ебиин».

Зэрызэлъытакlэрэ къэхъу ужьыгъуэр ″б″ макъ мыхьэнэрэщ къызэрыlуатэри, мыпхуэдэу къэхъу телэтыкlыныгъэр къизыlуэ псалъэхэщ мыхэр: «быбын»; шынбыб, шыбыб, псыбыб». ″Шынбыб, псыбыб″ псалъэхэр ″шын, псы″ псалъэхэмрэ ″быбын″ псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″у зэрыщытри гулъытапхъэщ.

Зэрелъыта ужьыгъуэ зи мыхьэнэ ″б″ макъым и кlуэтэгъуэр куэдагъэ хъунти, ″бэ″р мыпхуэдэу ухуа зы ″макъ псалъэ″у зэрыщтыри гурыlуэгъуэщ. Куэдагъ щlынрэ зыгуэрым зегъэубгъун lуэхугъуэхэри мыпхуэдэу ″б″ макъ мыхьэнэкlэрэ зэпкъырыувэ псалъэхэм къызэрalуэтэнур гурыlуэгъуэнщ: «убын – убэн, сабэ, хьэбэсабэ»; «ущэбын – ущэбэн, щабэ».

Зэлъытэныгъэ зиlэ ужьыгъуэщ ″б″ макъ мыхьэнэри, зы гуэрыр мыпхуэдэу зэрыужьыр ″б″ макъкlэрэ ух псалъэхэращ къызэрыlуатэр: «кумб, гъуэмб».

Мыпхуэдэщ зыгуэр е зы щlыпlэр зэрылъытагъэххэу, абы елъыта ужьыгъуэр къэзыlуатэ мы псалъэхэри зэрыухуа щlыкlэр: «щlыб, щыбагъ, щхьэщlыб (″щхьэ, щlыб″у ухуа ″псалъэ зэгуэт″)».

Къэпщыныгъэрэ зиlэу бэн пэлъытэ хъуныгъэри зэрелъыта ужьыгъуэ зи мыхьэнэ ″б″ макъкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнти, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэу лъытапхъэщ мыхэр: «бэгын»; «ныбэ».

Згуэррэ зы щlыпlэу щымыту зы зэманыгъуэм теухуами, ″б″ макъ мыхьэнэкlэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщ. ″Зэман″ жыхуэтlэр зэрызэлъыта защlэкlэрэ кlуэтэгъуэ зиlэ ужьыгъуэ гуэру зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу зекlуэкlэ зиlэр зэрыигъуэкlэрэ ″б″ макъ мыхьэнэмкlэ къэlуэтапхъэщ: «нобэ (″ныубэ – нэубэ″у итыгъуэ), ныщхьэбэ, нышэдибэ».

Зэрызэлъыта ужьыгъуэщ (у) ″б″ макъ мыхьэнэри, ар щхьэж ужьыгъуэ мыхьэнэ зиlэ ″у″ макъыр зэрызэлъытэгъуэкlэрэ къызэрыlуатэрщ. ″У″р щхьэжу ″хъу″гъэу зэрыщытым зэрезэгъыщи, зэрызэлъытэныгъэ зиlэ хъугъэу убзыхуныгъэри ″б″ макъ мыхьэнэм теухуащ. ″Б″ыр мыпхуэдэу макъыбзу зэрыщытым ипкъ иткlэ, ар бзы лlэужьыгъуэрэ цlыхубзыр зэрылъытэ макъыуи адыгэбзэм холэжьыхьыр: «бабэ; хьэбабэ, къубабэ (″хьэбабэ, къубабэ″р ″хьэ, бабэ″рэ ″къу, бабэ″у ″псалъэ зэгуэт″у зэрыщытыр гулъытапхъэщ)».

*″**Б**″ макъым бзэм ″**префикс – суффикс къалэн**″ хигъэзэщlыхьхэр.*

Зэмыхьэнэгъуу щытщ ″у″мрэ ″б″ыри, ″у″р зэрымакъыхъум хуэдэу, ″б″ыри макъыбз. Адыгэбзэм етlуанэ щхьэж нэрыбгэ цlэпапщlэр ″уэ″уэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ, икlи етlуанэ нэрыбгэм теухуа глагол лэжьэкlэ псалъэхэм ″уэ″ нэрыбгэ гъэлъагъуэри ″уэ, у″уэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Ар (уэ, у) ″етlуанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэ″ зыхуэхъу

глаголхэр езыр езырурэ гъэзащlэ глаголхэращ, ауэ ″lуэху глагол″хэм я ″етlуанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэ″р ″бэ, б″ макъхэращ. Аращи, етlуанэ нэрыбгэм (уэ) игъэзащlэ lуэху лlэужьыгъуэхэр зэрелъыта ужьыгъуэкlэ зэрыгъэзащlэм папщlэщи, ″lуэху глагол″ лэжьэкlэхэм префикс хуэхъу ″етlуанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэ″р ″у″м ипlэкlэ ″б″ыщ. Ар префикс щыхъукlэ, ипэ къихуэ макъым и къэlукlэм елъытауэ ″п, пl″уэ зохъукlыфыр, ауэ мы макъхэр мыхьэнэкlэрэ зэрызэпыщlар гурыlуэгъуэщ, икlи ″б″ыр ″п, пl″ыуэ зэхъуэкlыу гъэзащlэ lуэхугъуэр абы къыкlэлъыкlуэ макъ мыхьэнэми езэгъ зэхъуэкlыныгъэщ. Нытlэ, ″б″ыр ″етlуанэ нэрыбгэ гъэлъагъуэ″у глагол лэжьэкlэхэм префикс язэрыхуэхъу щапхъэхэр мы зи гугъу тщlы зэхъуэкlыныгъэхэри (б → п, пl) зыхэплъагъуэу зэхуэмыдэ зэманыгъуэ лэжьэкlэхэу ди ″макъ глагол″хэм щыщ ″lуэху глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «бой, бъуащ, пlуэнщ, бзынущ, бодз, бдащ, птlынщ, бжьынущ, бощ, пщащ, пщlынщ, пщlэнущ, боч, пчащ, пхунщ, ппlынущ, бов».

″Б″ макъым префикс къалэну бзэм хигъэзэщlыхьыр мыращ; абы суффикс къалэн игъэзащlэкъым.

БЗЭГУПЭРЭ ДЗЭР КЪЭlУПlЭ ЗЫХУЭХЪУА МАКЪХЭР: «Цl, Ц».

Макъхэр жьэм къыжьэдэкl жьыкlэрэ утыку къызэрихьэрэ къызэрыlур гурыlуэгъуэщ. Я къэхъукlэм теухуауэ абыхэм мыхьэнэ зэраlэрэ бзэми зэрыхэлэжьыхьыр гурыlуэгъуэщ. Щlыгъуэ зиlэ псэущхьэм и кlуэцlым къыщыхъуу къэlу макъхэм я мыхьэнэр щыlэгъуэрэ щыlэкlэм зэрытеухуари гурыlуэгъуэщ. Ауэ щыlэгъуэм хэкlыныгъэрэ щымыlэж хъунри игъуэ къыщысым къэlуэтэн хуейщи, мыпхуэдэ мыхьэнэ зиlэ зы макъыр щыlэгъуэм теухуа мыхьэнэ зиlэ адрей макъхэм я къэlукlэм и пхэндж къэlуыкlэ зиlэныгъэр зэрыигъуэр гурыlуэгъуэщи, ″цl″ макъыр мыпхуэдэу къэlуыкlэ зиlэ макъым къытехъукlащ. Ар ″хьэуэ″ мыхьэнэ зэриlэкlэрэ къызхэзыгъэlукl псэущхьэм кlуэ пэтрэ адрей макъхэр къызэрыlум екlужу жьым къыжьэдэкl макъ хъужри бзэ лэжьэкlэм хэхьэжауэ жыlэпхъэщ. Мыпхуэдэу къэхъуарэ щыlэгъуэ зиlэм хэдзыкlыу щымыlэ пэлъытэ хъужыр къызэрыlуатэ щlыкlэу бзэм щызекlуэу щlэзыдза ″цl″ макъым мы и мыхьэнэм зэрещхькlэрэ аргуэруи абы къытырищlыкlыжа макъри ″ц″ макъращ.

**″Цl″ макъыр.**

*″**Цl**″ макъым къытехъукl ″**макъ псалъэ**″хэр.*

Къызэрыхъуа щlыкlэмрэ, бзэм и зы макъыу бзэ лэжьэкlэм хэхьэжауэ зи гугъу тщla ″цl″ макъыр натуралу мыхъуныгъэрэ бзэм нобэ хэт хъуа ″хьэуэ″ псалъэм ипlэкlэ псэущхьэм зэрихьэу щытауэ ″цlыl″у ттхыфынум

къызэрытехъукlыжар жытlагъэххэщ. Ар мыхъуххэнумрэ мыщыlэм теухуауэ къэхъуа зы макъщи, бзэм хэхьа нэужьи мыбы зэрезэгъкlэрэ хэлэжьыхьу щlидзащ.

Мы псалъэм къызэрыгуэкlкlэ, ″цl″ макъыр мыщыlэрэ щыlэгъуэ зиlэм хэдзыныгъэм теухуауэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, зэрыигъуэкlэрэи щхьэж зы макъыу абы бзэ мыхьэнэ къытехъукlакъым. Ауэ абы и кlуэтэгъуэ ″**цlэ**″р зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр къэхъу-къэщlрэ щыlэгъуэ зиlэхэр макърэ псалъэхэмкlэ зэрылъытэущ. Макъкlэ ухуа бзэм къиlуатэ дэтхэнэ зыгуэрыр зэрытлъытэращ ″цlэ″ макъ псалъэр зытеухуари, ар зытеухуарэ абыкlэ къэlуатэ lуэхугъуэм зэрыщымыщрэ зэрыхуэмыдэри гурыlуэгъуэ къэзыщl зы псалъэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Араща, макъкlэрэ ухуа псэлъэбзэ лэжьэкlэм ипкъ иткlэ, дэтхэнэ зы псалъэр къиlуатэм теухуа зы ″цlэ″у зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, бзэ лэжьэкlэу къэхъу дэтхэнэ зы псалъэр къиlуатэм хуэдэу зэрыщымытрэ зэрыщымыщым папщlэ, бзэ лэжьэкlэмрэ дэтхэнэ псалъэр а къиlуатэм и лъэныкъуэкlэ зы ″цl″ лlэужьыгъуэу лъытапхъэщи, зы псалъэу мы къызэрыlуэтапхъэри зэрыигъуэкlэрэ ″цl″ырэ щыlэгъуэи зиlэныгъэр къызэрыlуэта ″цlэ″уэ щытынт.

Мыбы иужькlэу къыщlэкlынщ аргуэру ″**цlэ**″р зы ″макъ псалъэ″у бзэм зэрыхэхьари, зы псэущхьэ цlыкlу дыдэрэ езыри цlыхум щхьэпэ къыхуэмыхъуу щыт псэущхьэ лlэужьыгъуэращ ар цlэ зыхуэхъуар. Ауэ пкъыгъуэ цlыкlу дыдэрэ цlыхум хуэмыщхьэпэуи тлъыта мы псэущхьэр икlи пкъыгъуэшхуэ зиlэ псэущхьэпкъым къыхэдзыкlыу къызэрыхэхъукlри гурыlуэгъуэщи, абы ″цlэ″р фlэщыгъэцlэ зэрыхуэхъуар мыбыи езэгъ lуэхущ. Арагъэнщи, нобэ ″цlэ″р зы псэущхьэ лъэпкъ цlыкlу закъуэм теухуауэ зетхьэми, мыпхуэдэ къэхъуыкlэ зиlэу утыку къихьэ псэущхьэ пкъыгъуэ цlыкlуу ″микроб, бактерия″уэ ялъытэхэри ″цlэ″ лlэужьыгъуэу зэрыщытрэ ″цlэ″ псалъэмкlэ къызэрыlуэтапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

*″**Цl**″ макъым къытехъукlа **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэу *″**цl**″ макъым къытехъукlа ″**макъ псалъэ**″хэр **макъ къыпыхьэу** бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Цlыхум дэтхэнэ гуэрыр зэрилъытэ псалъэу щыт ″цlэ″р къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэр: «цlэшхуэ, цlэгъуэ, цlагъуэ».

Цlыхум мыщхьэпэрэ мыщыlэ пэлъытэуи илъытэ псэущхьэ цlыкlу лlэужьыгъуэр къызэриlуэтар ″цlэ″ макъ псалъэмкlэщи, абы хуэдэхэри ″цlэ″ лlэужьыгъуэу, ″цlэ″м къыпыхьэ макъхэмкlэ ухуа псалъэхэмкlэщ зэрилъытарэ къызэриlуэтар: «мацlэ, пlацlэ, хьэпlацlэ».

*"**Цl**" макъым къытехъукlа "**макъ псалъэ**"хэр зыхэту ухуэ "**псалъэ зэгуэт**"*хэми деплъынщ.

Псэущхьэ пкъыгъуэ цlыкlур къызэрыlуатэ "цlэ" псалъэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ ипэкlэ къэта щапхъэхэм щыщ "пlацlэ ("пlын, цlэ")"мрэ "хьэпlацlэ (хьэ, пlацlэ)" псалъэхэм "псалъэ зэгуэт"у зэреджапхъэхэри гурыlуэгъуэнщ: «"пlы(н), цlэ" → пlа-цlэ → пlацlэ, хьэпlацlэ».

"Цlэ"р мыщыlэ пэлъытэрэ щыlэгъуэ зыгъуэтари къизыlуэу зы псалъэщи, цlыхум езым зыфlищыжри, щыlэгъуэ зиlэрэ къэхъу-къэщlым фlищхэри "цlэ" лlэужьыгъуэущ зэрилъытэр. Мыпхуэдэу "цlэ" псалъэр зыхэту ухуа "псалъэ зэгуэт"хэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «"фlэщыгъэ, цlэ" → фlэщыгъэцlэ; "щыlэ, цlэ" → щыlэцlэ; "плъыфэ, цlэ" → плъыфэцlэ; "бжыгъэ, цlэ" → бжыгъэцlэ; "псэущхьэ, цlэ" → псэущхьэцlэ; "цlыху, цlэ" → цlыхуцlэ»; «"цlэ, папщlэ" → цlэпапщlэ»; «"цlэ, джэгъу" → цlэджэгъу; "цlэ, lуэ(н)" → цlэрыlуэ».

*"**Цl**" макъ мыхьэнэр "**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**".*

Мыщыlэр зэрылъытэ макъ мыхьэнэ зиlэ "цl"ыр утыку къызэрихьарэ оригиналу къызэрыlукlэрэ а зэрыщыту бзэм зэрыхэмылэжьыхьынур гурыlуэгъуэнти, "э" къызэрыпыхьэкlэрэщ ар бзэм "макъ псалъэ" зэрыхэхъухьар. Ар и макъ мыхьэнэкlэрэ мыхъуныгъэрэ мыщыlэныгъэ мыхьэнэ зиlэ макъщи, щыlэгъуэ зиlэм дежкlэ мыхъуныгъэрэ мыщхьэпэжыр зэрызыхидзыр "цl" макъ мыхьэнэкlэрэ лажьэ псалъэхэм къаlуатэр. Мыпхуэдэ хэдзыныгъэр зэрыгъэзащlэрэ щыгъэзащlэ щlыкlэ къизыlуэ макъхэр префикс къалэнкlэрэ къыпыхьэу "цl" макъкlэрэ лажьэу ухуэу утыку къихьэ глаголхэр щыlэщ. Аращи, псэущхьэм ишхрэ игъэткlум къыщlэхъуэу мыщхьэпэ хъуахэр зэрызыхидзыр къызэрыlуатэ псалъэщ "къэцlын" глаголри, мыпхуэдэу ухуэрэ lуэхур зэрыгъэзащlэрэ щыгъэзащlэр къэзыгъэлъагъуэ префикс макъхэр къыпыхьэу ухуэ глагол щапхъэхэр къэтхьынщ. Гъэзащlэу зэрыщытыр "цl-э → цlэ"кlэрэи къызэрыlуэтэнур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ лэжьэкlэри зыхэт щапхъэщ мыхэр: «lуцlын - lуэцlэн, дэцlын - дэцlэн, тецlын - тецlэн, щlэцlын - щlэцlэн, къэцlын, къуэцlын - къуэцlэн, хэцlын - хэцlэн, пыцlын - пыцlэн, фlэцlын - фlэцlэн».

Мы псалъэхэм къежьапlэ яхуэхъурэ щапхъэу яхэтыр "къэцlын" псалъэращи, ар а хэдзыныгъэр зыгуэрым къызэрыхэдзыкlыр а гуэрым деж къызэрыщlидзэр къэзыгъэлъагъуэрщ. Ауэ хэдзыныгъэ зи мыхьэнэуэ "цl" макъкlэрэ ухуэ псалъэхэр мыбы къыщынэкъым. Мыпхуэдэщ нэм къыщlэхъуэ хэдзыпхъэ лlэужьыгъуэри "цl"ыкlэрэ къызэрыlуатэ мы псалъэр: «нэцlакlэ».

Джэдхэкlыу щытрэ шхыныгъуэ щхьэпэшхуэ къытхуэхъуу джэдым и кlэмкlэ зыхидз "джэдыкlэ"ри утыку къызэрихьэ щlыкlэри мы къэта щапхъэхэм хуэдэу "цl"ыкlэрэ гъэзащlэ глаголущ: «кlэцlын».

Хэдзыныгъэу къэхъур мыщхьэпэрэ мыхъуныгъэщи, ″цl″ макъыр мыпхуэдэуи бзэм хэлэжьыхьу щlедзэр. Цlыхум хуэмыфащэрэ мыхъуныгъэу зэрилъытарагъэнти, мыпхуэдэр ″цl″ макъ мыхьэнэкlэрэ къыдзэрыlуатэр къэтхьа щапхъэхэм елъытауэ куэдыlуэкlэ иужьу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Араща, зыгуэрым егъэлеяуэ ехъуэпсэнрэ зи нэр зыгуэрым папщlэ къижыр ″цl″ыкlэрэ лэжьэкlэ зиlэу ухуа псалъэмкlэщ къыдзэрыlуатэр: «нэцlын - нэцlэн, ехнэцlын».

Мыщхьэпэр пкъыгъуэм зэрыхэдз щlыкlэм нэмыщl, и макъ мыхьэнэм зэрезэгъщи, мы иужьрей щапхъэм хуэдэу мыхъуныгъэри ″цl″ макъкlэрэ ухуэ псалъэхэмкlэр къыдзэрыlуатэр. Абы и макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, щыlэныгъэм елъытауэ щымыlэр, зэй щымыlапхъэу щыт мыщlыlэныгъэр, щыlэ гуэрым елъытауэ щымыlэрэ абы и щыlэгъуэм щымыщрэ щхьэмыпэр къыдзэрыlуатэущ ″цl″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. Араща, щыlэгъуэ зиlэм и щыlэгъуэрэ и щыlэкlэр зэхъуэкlыныгъэри, и щыlэгъуэрэ и пкъыгъуэм икlыныгъэри ″цl″ макъкlэрэ ухуэ псалъэхэм къыдзэрalуэтапхъэр гурыlуэгъуэнти, мыр зыгуэрым и гущlыlурэ и щlыбым теухуауи, а гуэрым икуми теухуауи зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ зэрищlщи, щыlэгъуэрэ пкъыгъуэ ухыпlэр ″цl″ макъ мыхьэнэкlэрэ къыдзэрыlуатэм теухуа зы щапхъэу лъытапхъэщ псэущхьэ пкъыгъуэм и ухыпlэр къизыlуэ мы псалъэр: «тхыцlэ».

Мы псалъэм гурыlуэгъуэ зэрищlым хуэдэу, щыlэгъуэрэ пкъыгъуэ ухыпlэр а гуэрым и щlыбым елъытауэ зэрыщытым хуэдэжу, икумкlи щыщыlэщ. Араща, зыгуэрыр макроуэ зэрыухым хуэдэжу, мыкроуи мэухыр. Зыгуэрыр микрарэ икукlи зэрыухыр ″цl″ макъыр кlэух зыхуэхъу мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къытхуащlыр: «куцl, кlуэцl».

Мыпхуэдэ псалъэр ухуа нэужьу зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ дэтхэнэ гуэрым икурэ и кlуэцlым теухуауэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэр ″кlуэцl″ыр префикс зэрыхъукlэрэщ: кlуэцlылъын, кlуэцlырыкlын, кlуэцlырыхун, кlуэцlыхуэн, кlуэцlырыхуэн, кlуэцlытlысхьэн».

Зыгуэрыр мыщхьэпэ мыхъужынри мыхъуныгъэу ″цl″ макъкlэрэ къыдзэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщи, лыр зэрымыгъэжьапхъэу мафlэ бзийхэм щырагъэукlэ къэхъур къыдзэрыlуатэ псалъэщ мыр: «лыцlын, гъэлыцlын».

Нэхугъэр хъугъуэ-фlыгъуэщи, нэхугъэ щымыlэнри ″цl″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа псалъэхэмкlэ къэlуэтапхъэ мэхъуфыр. Мыбы хуэдэщи, нэхугъэ зимыlэу щытрэ щымыlэ (цl) пэлъытэу лъытапхъэу щыlэгъуэ зиlэныгъэ (фl) теплъэрэ плъыфэри ″цl″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа псалъэращ къэзыlуатэр: «фlыцlэ, уфlыцlын».

″Цl″ыр мыхъуныгъэу зэрыщытым къыдзэрыгуэкlкlэ, мыхъуныгъэ зи щlыкlэри ″цl″ макъ зыхуэту ухуэ псалъэхэмкlэ къоlуатэр: «цlапlэ, цlэпэжь, цlэпlагъэ - цlэпlагъ».

″Цl″ыр щымыlэныгъэрэ мыхъуныгъэ зи мыхьэнэ макъщи, зыри зытемытрэ джафэу щытри, апхуэдэ щlыпlэм теухуарэ апхуэдэ щlыкlэкlэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэри ″цl″ макъ зыхуэту ухуа псалъэхэращ къэзыlуатэр: «цlафтэ, щlэцlэфтын, хэцlэфтын»; «цlэнтхъуэн»; «цlывын, цlыв»; «цlэлэн, зэхэцlэлэн, зэхэцlэлыхьын»; «цlыун – цlуун».

″Цl″ макъ мыхьэнэр наlуэщ, икlи бзэм мы и мыхьэнэкlэрэщ зэрыхэлэжьыхьыр. Дэтхэнэ гуэрым и ухыпlэр а гуэрыр зыдэщымыlэжращи, ″цl″ макъ мыхьэнэкlэрэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Дэтхэнэ гуэрым и гъунапкъэкlэрэ ар лъытэныр а гуэрым и щыlэгъуэрэ и пкъыгъуэр ар езыр зыдэщымыlэ лъэныкъуэкlэрэ лъынэтри ″цl″ыр ″хун″ыгъэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, мыращ ″цlыху″н глаголкlэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэр. Дэтхэнэ гуэрым и щыlэгъуэ щlыбыр а гуэрым елъытауэ ″цl″ макъ мыхьэнэкlэрэщ зэрылъытапхъэри, щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр зыхэтрэ зыщыщ щыlэгъуэшхуэри мыпхуэдэщ. Аращи, щыlэгъуэ гъунапкъэрэ щыlэгъуэ зыдэщымыlэжри щыlэгъуэм елъытауэ ″цl″ макъ мыхьэнэкlэрэщ зэрылъытапхъэр. Мыпхуэдэ щыlэгъуэ зиlэу, щыlэгъуэр зэрыщыlэ гъунэу къэхъуарэ щыlэгъуэ ужьыгъуэ гъунапкъэр зи щыlэгъуэри ″цl″ырэ ″хун″кlэрэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, бзэр зыхуэухуарэ езым япэу ″хьэ″уэ зызлъыта псэущхьэм иужькlэ мы и щыlэгъуэрэ щыlэкlэм гулъытэ зэрыхуищlкlэрэ езыр ″цlыху″у зызэрилъытэжар жыlэпхъэщ.

Мы зи гугъу тщlахэр ″цl″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуа псалъэхэращ, ауэ ″цl″ макъкlэ ухуарэ макъ мыхьэнэ зимыlэ псалъэхэри хэтщ адыгэбзэми, мыбы и зы щапхъэщ езыр мацlэрэ хьэпlацlэ лlэужьыгъуэу, къыригъэlукl макъым егъэщхьыныкlэрэ зэрылъыта ″цlырцlыр″ фlэщыгъэцlэр.

*″**Цl**″ макъым бзэм ″**префикс – суффикс къалэн**″ хигъэзэщlыхькъым.*

**″Ц″ макъыр.**

*″**Ц**″ макъыр утыку къызэрихьа ″**макъ псалъэ**″р.*

″Цl″ыр мы и мыхьэнэкlэрэ бзэм хэлэжьыхьу щlидза нэужь, абы бзэм хэгъэзэщlыхь lуэхугъуэхэм егъэщхьыныкlэрэ къэхъуауэ зы макъыу жыlэпхъэщ ″ц″ макъри, ″ц″ыр ″цl″ макъым мыпхуэдэу къызэрытехъукlам щхьэусыгъуэ хуэхъуари ″ц″ыр занщlэу зы ″макъ псалъэ″у ″**цы**″уэ бзэм зэрыхэхьарауэ жыlэпхъэщ. Аращи, псэ зыхэт лырэ фэм къытехъукlыу псэ зыхэмыт лlэужьыгъуэр ″цl″ макъ мыхьэнэрэ бзэм хигъэзэщlыхь lуэхугъуэхэм егъэщхьыныкlэрэ ″цl″ макъым и нэхъ щабэ ″ц″ макъкlэрэ къэlуэтагъэнти, мыращ ″цы″р.

*″**Ц**″ макъыр зытеухуа **″макъ псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

*"**Ц**" макъыр бзэм зэрыхэхьа "**цы" макъ псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэщ***: «цышхуэ, цыпхъэ»; «цей, цакуэ». Мы иужьрей щапхъэхэр икlи ″цы″ кlуэтэгъуэу (цэ) бзэм макъ мыхьэнэ лэжьэкlэ зиlэу ухуа псалъэхэуи лъытапхъэщ.

Мыхэри *"**цы" макъ псалъэ** зыхэт "**псалъэ зэгуэт**"*хэм теухуа щапхъэщ: «″щхьэ, цы″ → щхьэц; ″пхъэ, цы″ → пхъэц; ″бжьэху, цы″ → бжьэхуц; ″цы, бэ″ → цыбэ; ″цы, щы(н)″ → цыщ; ″цы, пхэ(н)″ → цыпхэ, цыпх; ″цы, пхъы(н)″ → цыпхъ, цыпхъэ; ″цы, ху(жь)″ → цыху; ″цы, пэ″ → цыпэ, хьэпэцыпэ; ″хьэ, цы″ → хьэц; ″хьэц, банэ″ → хьэцыбанэ».

*"**Ц**"ыр макъ мыхьэнэкlэрэ "**бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэхэр**"*.

″Ц″ макъыр къызэрыхъуам щхьэусыгъуэ хуэхъуари, бзэм япэу зэрыхэхьари ″цы″уэ зэрыщытыр жытlагъэххэщи, абы ″цы″м нэмыщl макъ мыхьэнэи иlэу лъытапхъэкъым. Ар щыхъукlэ, абы къытехъукlыну псалъэхэр ″цы″м теухуащ, ″цы″ лlэужьыгъуэщ, ″цы″ щlыкlэщ. ″Цы″р зы ″макъ псалъэ″у къэхъуу бзэм хэхьами, ″цы″ лlэужьыгъуэрэ хуэдэ щlыкlэ зиlэхэр ″цы″м ″э″ къызэрыпыхьэкlэрэ бзэм холэжьыхьри, мыпхуэдэ лэжьэкlэхэр ″ц″ макъ мыхьэнэ лэжьэкlэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ лэжьэкlэу лъытапхъэщ ″цы″ макъ псалъэм къыпыхьэ макъкlэ къытехъукlыу зи гугъу тщla ″цей, цакуэ″ псалъэхэри.

Аращи, ″цы″ыр зы псалъэу щытми, ар зы макъыбзэм кlуэ пэтрэ макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыщlидзэнур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ лэжьэкlэри ″цы″м пыщlарэ елъытауэ зэрыщытынури жытlагъэххэщ. Макърэ псалъэхэм кlэух ящыхуэхъукlэ ″э″м игъэзащlэр гурыlуэгъуэщи, ″цы″ куэдагъэри бзэм зэрыхэлэжьыхьыпхъэр ″цы-э → цэ″уэщ. Мыпхуэдэ лэжьэкlэр икlи ″цы″р ″ц″ макъ мыхьэнэ зэрыхъужкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэщ. Мы лэжьэкlэм теухуа щапхъэщ мы псалъэри, ″цы″ куэдагъэрэ ″цы″м хуэдэ щlыкlэ зиlэхэр къызэрыlуатэращ: «бацэ, бэлацэ, хьэцэпэцэ».

Цым хуэдэу куэдагъэрэ псыгъуагъэ зиlэхэри цы lэрамэм егъэщхьынкlэрэ ″цэ″ макъ мыхьэнэкlэ къоlуатэри, къэкlыгъэрэ чы лlэужьыгъуэу къудамэ псыгъуэ куэдыщэрэ бэлацэу зэхэтхэри ″цэ″ зыхэту ухуа псалъэхэмкlэщ къызэрыlуатэр: «къуацэ, къуацэ-чыцэ».

Хьэдзэрэ хьэпэцыпэу зэхэлъ хьэуазэр куэдагъэу зэрыщытрэ цым хуэдэу зэрызэщlэпхъаери ″цэ″кlэрэ лажьэущ къызэрыlуэтапхъэри, мыпхуэдэу ″цэ″ кlэухкlэрэ ухуа псалъэщ мыри: «хьэнцэ».

Цыр къызтекlрэ зытетым зы закъуэрэ зы цы пкъыгъуэукъым зэрытетри, ар а нэхъ мащlэу зы цы lэрамэущ зытетым зэрытет щlыкlэр. Мы и щыlэкlэм папщlэ, цыр зы куэдагъэущ гурыlуэгъуэ зэрыхъури, ар бэвыгъэрэ бэгъуэныгъэм и символущ зэрылъытар. Ар бзэм макъ мыхьэнэкlэрэ зэрыхэхьари цы куэдагъэр бзэм къызэриlуэтапхъэ ″цэ″уэ зэрыщытри жытlагъэххэщ. Цыр бэгъуэныгъэрэ бэвыгъэ символ хъуауэ зы

″макъ псалъэ″щи, адыгэбзэм цIыхубзыцIэ гуэрхэри ″цы″рэ ″цэ″ зыхэту зэрыухуари гулъытапхъэщ: «Цуцэ, Цацэ, Быцэ, Цырэ, Хьэцунэ».

″Цы″р бэвыгъэ символу зэрыщытыр цIыхубзыцIэхэр зэрыухуэ щIыкIэ закъуэм къыщынэкъым. Мыпхуэдэ зы символизмэм къытехъукIащ ″хьэнцэгуащэ″ жыхуэтIэри. Аращи, ″хьэнцэ″ псалъэр къызтехъукIар цIыхум и гуэдз лъэпкъ ″хьэ″ращи, ″цы″р бэвыгъэ символу зэрыщытым нэмыщI, ″хьэнцэ″ псалъэм езыри мы и гуэдз лъэпкъым и бэвыгъэ символу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Мыбы папщIэрагъэнщ уэшх къешхынрэ бэвыгъэ къэхъун папщIэ ящIыу щыта тхьэлъэIум къырахьэкI гуащэр хьэнцэм къытыращIыкIыу зэрыщытар. Мы бэвыгъэ символизмэр зэрыухуэ щIыкIэм теухуауэ мы къэтIуэтахэм мыри пыщэжыпхэщ: ″хьэнцэгуащэ″р ″хьэнцэ, гуащэ″ псалъэхэр зыхэту ухуа зы ″псалъэ зэгуэт″щи, ″хьэнцэ″м нэмыщI, абы хэт ″гуащэ″ри цIыхубзым теухуа зы псалъэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, ари аргуэру бэвыгъэм зэрытеухуари гулъытапхъэщ.

″Ц″ макъыр зыхэту зэпкъырыувэ ″къэцыфын″ псалъэри а IуэхугъуэркъызэрыIу ″цыф″ макъым егъэщхьынкIэрэ къэхъуа зы псалъэщи, абы ″цы″ псалъэрэ ″ц″ макъ мыхьэнэ IуэхухэлъкъымМыпхуэдэу къэхъу глаголхэщ мыхэри: «IурыцыфынIурыцыфэн, дэцыфын - дэцыфэн, тецыфын - тецыфэн, щIэцыфын - щIэцыфэн, хэцыфын - хэцыфэн».

*"Ц" макъым бзэм "**префикс – суффикс къалэн**" хигъэзэщIыхькъым.*

## III
## ″МАКЪ ЩЭХУ ЗЭГУЭТ″ХЭР БЗЭМ ЗЭРЫХЭХЬЭРЭ ПСАЛЪЭХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭУ ЗЭРЫЛАЖЬЭР

Утыку къихьэ макъхэмкIэ ухуэу щIэзыдза псэлъэбзэр зэрызэпкъырыувэрэ зэрылажьэр макъ мыхьэнэкIэрэщи, бзэм мыхьэнэщIэхэр къигъэщIынрэ къиIуэтэну зэрыхущIэкъур макъыщIэхэр къэхъуным лъабжьэ хуохъур. Мыпхуэдэу бзэр макъыщIэ къэгъэхъункIэрэ зэрыхущIэкъум ″макъ зэгуэт″хэри утыку къырегъэхьэри, ахэр утыку къихьагъэххэу щыт макъ гуэрхэр зэрызэгуэткIэрэ къэхъу макъхэращ.

Мы псалъэм гурыIуэгъуэ зэрищIщи, дэтхэнэ зы ″макъ зэгуэт″ыр утыку къихьэн папщIэ, ахэр къызтехъукI макъхэр утыку къихьагъэххэу щытын хуейщ. Араща, мыхьэнэщIэ къиIуэтэн папщIэ макъыщIэ къигъэхъункIэ зыхуэщIэкъу бзэм ″макъ зэгуэт″хэр утыку къызэрихьэрэ къыщихьэр щхьэж макъхэр утыку къихьарэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым къыкIэлъыкIуэущ. Мыбы къикIкъым ″макъ зэгуэт″ псори щхьэж макъыу хъуам утыку къихьарэ бзэм хэлэжьыхьу щIидза нэужьрауэ, ауэ макъ къэхъуныгъэрэ бзэ лэжьэкIэ ужьыныгъэм теухуауэ ″макъ зэгуэт″хэр утыку къыщихьэр щхьэж макъхэм утыку къихьарэ бзэм

зэрыхэлэжьыхьым къыкlэлъыкlуэ макъ къэхъуныгъэрэ бзэ лэжьэкlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

"Макъ зэгуэт"хэу мыбдежым зи гугъу тщlынухэр "макъ щэху"хэр зэрызэгухьэм теухуащ. Ауэ макъ зэгухьэныгъэр мыбдежым къыщlидзэу жыlэпхъэкъым. "Макъ щэху"хэр зэрызэгухьэу мыбдежым зи гугъу тщlынум ипэ къихуэу "макъ щэху" гуэрхэр "у"кlэрэ къызэрыlу щlыкlэу утыку къихьэ макъхэр бзэм зэрыхэтыр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ макъ зэгухьэныгъэр мыбдежым зи гугъу тщlы "макъ зэгуэт" къэхъуныгъэм ипэ къихуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. "Макъ щэху" гуэрхэр "у"кlэри къэlуу къэхъу макъ зэгуэхьэныгъэр "макъ щэху зэгуэт" къэхъуныгъэм хуэкlуэ япэрей лъэбакъуэу лъытапхъэщ, икlи мыбдежым зи гугъу тщlы "макъ щэху зэгуэт"хэр къызэрыхъуми лъабжьэ хуэхуауэ жыlэпхъэщ. Аращи, бзэ лэжьэкlэр макъыщlэхэм зэрыхуэныкъуэм къызэрыгуэкlкlэщ макъ щэху гуэрхэр "у"кlэри къэlуу макъыщlэхэр къызэрыхъуам лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъуари, мыпхуэдэ макъыщlэ къэхъуныгъэри лъабжьэ зэрыхуэхъукlэрэ "макъ щэху" гуэрхэри зэгухьэу мыбдежым зи гугъу тщlы "макъ зэгуэт"хэр утыку къохьэр.

Мыбдежым "макъ зэгуэт"хэу зи гугъу тщlыхэр мыпхуэдэ щlыкlэкlэ къэхъуарэ щхьэж зы макъ пэлъытэу бзэм хэлэжьыхьхэращ. Мыхъумэ, бзэ лэжьэкlэрэ псалъэ ухуэкlэу дэтхэнэ зы "макъ щэху"р "ы"ншэу къызэрыlукlэрэ къыкlэлъыкlуэ "макъ щэху"м и къэlукlэкlэ къэlуныгъэ зыгъуэтхэракъым.

"Макъ щэху зэгуэт"хэр бзэр лажьэу щlидзарэ бзэ мыхьэнэщlэхэр зэрыхуэныкъуэм ипкъ иткlэщ щхьэж макъ гуэрхэр зэрызэгухьэкlэрэ утыку къызэрихьэр. Мы я къэхъуныгъэм зэрезэгъкlэрэщи, икlи "макъ зэгуэт"у бзэм хэлэжьыхьхэм я нэхъыбэр япэу зы "псалъэу"щ утыку къызэрихьэр. Аращи, "макъ зэгуэт" нэхъыбэр япэу "макъ зэгуэт псалъэ"ущ утыку къызэрихьэри, бзэм къиlуэтэну зыхуэныкъуэ lуэхугъуэхэр къызэрыlуатэ щlыкlэкlэ щхьэж макъ гуэрхэр зэрызэгухьэкlэрэщ утыку къызэрихьэр. Ауэ мыпхуэдэу къэхъуа нэужь, бзэм кlуэ пэтрэ щхьэж макъ пэлъытэу хэлэжьыхьу зэрыщlидзэр гурыlуэгъуэщ. "Макъ зэгуэт псалъэ"хэр мыпхуэдэу щхьэж макъ пэлъытэ "макъ зэгуэт"хэу бзэм хэлэжьыхьу зэрыщlидзэри "макъ зэгуэт"ыщlэхэр къэхъуным лъабжьэ хуэхъуу жыlэпхъэщи, мыпхуэдэкlэрэи бзэр зезыхьэм щхьэж макъхэм хуэдэу бзэм хэлэжьыхьыну "макъ зэгуэт"ыщlэ гуэрхэр къигъэхъуу щlидзагъэнщ.

"Макъ зэгуэт" къэхъун папщlэ, а нэхъ мащlэу макъитl зэгухьэн зэрыхуейр гурыlуэгъуэщи, а макъитlыр зэгухьэу зы "макъ зэгуэт" ухуэн папщlи, абыхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэм мыпхуэдэ зы "макъ зэгуэт" къагъэхъуфын хуейщ. Мы псалъэм гурыlуэгъуэ зэрищlщи, щхьэж "макъ щэху" гуэрхэр зэгухьэу "макъ зэгуэт" къызэрагъэхъуфыр а макъхэм я

мыхьэнэрэ къалэным теухуащи, дэтхэнэ макъ щэхуитlыр зэгуэхьэу ″макъ зэгуэт″ утыку къихьэкъым.

″Макъ щэху″ зэгухьэныгъэу мы зи гугъу тщlыр макъ щэхуитl – иужькlи макъ щэхуищ- зэгухьэныгъэщи, зэгухьэ макъхэм щыщу япэрей макъым щхьэж къэlуыкlэ имыгъуэту къыкlэлъыкlуэ макъым зэрызыпыщlэкlэрэщ ″макъ зэгуэт″хэр зэрыухуэр. Араща, япэрей макъыр ″ы″кlэрэ къэмыlуу къыкlэлъыкlуэ макъым пыщlэу, зыпыщlэ макъым и къэlукlэкlэ зэхэпхыущ ″макъ зэгуэт″ утыку къызэрихьэр.

Адыгэбзэм макъ зэкlэлъыкlуитlым япэ итрэ къэlур къыкlэлъыкlуэм ипэ къихуэращи, ар къыкlэлъыкlуэм елъытауэ пашэщ. Япэ къэlу макъыр ″макъ зэгуэт″ыр зэрыухуэр къызэрыщlидзэращи, ″макъ зэгуэт″ыр къызэрыхъур япэрей макъым елъытарэ зэрытеухуакlэрэщ. Ауэ зэрыжытlауэщи, ″макъ зэгуэт″ым хэту япэ къэlу макъыр зы макъыр оригиналу къызэрыlу щlыкlэу ″ы″кlэрэ къэмыlуущ къыкlэлъыкlуэ макъым зэрыгухьэри, мыпхуэдэу къэхъу ″макъ зэгуэт″ыр зэрыухуэ щlыкlэр япэрей макъыр щхьэжу зы макъ мыхъуу, и эффектkлэрэщ. Япэрей макъым къыкlэлъыкlуэр оригиналу къызэрыlукlэрэщ ″макъ зэгуэт″ым зэрыхэтри, япэрей макъ эффектыр зэрылажьэр къыкlэлъыкlуэ макъкlэрэщ. Араща, ″макъ зэгуэт″ жыхуэтlэр япэрей макъ эффектыр зыгъэлажьэ макъкlэрэщ зэрыухуэр. Мы псалъэм зэрезэгъщи, ″макъ зэгуэт″ мыхьэнэр япэрей макъ мыхьэнэкlэрэ къежьэрэ абы елъытами, ар зэрылажьэ щlыкlэр иужьрей (кlэух) макъ мыхьэнэрэ къалэнкlэрэщ.

Ипэкlэ къызэрыхэдгъэщауэщи, ″макъ зэгуэт″хэр нэхъыбэу макъитlкlэ ухуэми, адыгэбзэм макъищ-плlы зыхэзыубыдэ ″макъ зэгуэт″хэри хэтщ. Мыпхуэдэу макъитl нэхъыбэр зэрызэгухьэкlэрэ къэхъу ″макъ зэгуэт″хэр макъ зэгуэт къэхъуныгъэу макъитl зэгуэт къэхъуныгъэм къыкlэлъыкlуэу утыку къызэрихьэнури гурыlуэгъуэнщ; икlи, макъитl нэхъыбэ зыхэзыубыдэу ухуэ ″макъ зэгуэт″хэри езым ипэ къэхъуарэ бзэм хэлэжьыхь макъитl зэгуэтхэм къатехъукlыжу жыlэпхъэщ. Ауэ макъитlкlэ ухуа ″макъ зэгуэт″хэм ипэрэ икlэ макъхэр гурыlуэгъуащэми, макъитl нэхъыбэу ухуа ″макъ зэгуэт″хэр зэрыухуа щlыкlэр зэхэхугъуафlэу лъытапхъэкъым. Псалъэм папщlэ, зы ″макъ зэгуэт″ыр макъищ зэгухьэу къэхъуамэ, ар макъитlым зы макъ къыпыхьэу (макъитl зэгуэт + зы макъ), хьэмэрэ зы макъым макъитl къыпыхьэу (зы макъ + макъитl зэгуэт) зэрыухуар занщlэу гурыlуэгъуэ къыпхуэхъуфынкъым. Мыпхуэдэ макъ зэгуэтищкlэ ухуа зы ″макъ зэгуэт″ыр къызэрыхъуа щlыкlэр зэрызэхэгъэкlыфынур ар бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ абы къытехъукl ″макъ зэгуэт псалъэ″ мыхьэнэм елъытауэщ. Пыщапхъэщи, макъитl зэгуэту лъытапхъэрэ ″у″кlэрэ къэlу макъ щэху кlэух зиlэ ″макъ зэгуэт″хэри мыпхуэдэу лъытапхъэщи, апхуэдэхэри бзэм зэрыхэлэжьыхьым елъытауэщ зэрыухуа щlыкlэм щыгъуазэ узэрыхуэхъуфыр. Зэрыгурыlуэгъуэщи, ″у″кlэ къэlу макъ щэхукlэрэ ух ″макъ зэгуэт″хэри,

макъитl нэхъыбэкlэ ухуа ″макъ зэгуэт″хэри къызэрыхъуа щlыкlэм ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ илъабжьэкlэ къедгъэкlуэкl ″макъ зэгуэт″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхь лэжьыгъэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунущ.

Мыбдежым аргуэру дигу къэдгъэкlыжынщ ″макъ зэгуэт″ жыхуэтlэхэр утыку къызэрихьэр зы макъыбзэм и макъхэр игъэбэгъуэнкlэрэ зэрыхущlэкъурауэ зэрыщытыр. Икlи, адыгэбзэм къигъэщlарэ къигъэщlыфыну ″макъ зэгуэт″ псори илъабжьэкlэ зи гугъу тщlынухэм зэрызыхимыубыдэри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″макъ зэгуэт″хэу илъабжьэкlэ зи гугъу тщlыхэр я къэхъукlэмрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ псалъэхэм зэрыхэтым елъытащи, псалъэм папщlэ зы псалъэ закъуэм хэтрэ ″макъ зэгуэт″у лъытапхъэ гуэрхэри щхьэжу ″макъ зэгуэт″у тлъытэу ди лэжьыгъэм зэрыхэдмыгъэхьари гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэрщ -псалъэм папщlэ- ″малъхьэ″ псалъэр зэрыухуа ″лъхъ″ макъ зэгуэтымрэ ″lэбдж – абдж″ псалъэр зэрыухуа ″бдж″ макъ зэгуэтыр. Мыпхуэдэу зы псалъэ къэхъуныгъэкlэрэ утыку къихьа ″макъ зэгуэт″хэу адыгэбзэм хэбгъуэтэнухэр мащlэу къыщlэкlынкъым, икlи бзэ лэжьэкlэм иджыри макъ зэгуэтыщlэхэр къигъэхъуфыну зэрыхущlэкъури гурыlуэгъуэнщ.

″Макъ щэху зэгуэт″хэр къызэрыхъум теухуа илъабжьэкlэ къедгъэкlуэкlыну лэжьыгъэм и пэублэу лъытапхъэщ мы къэтlуэтахэри, нытlэ, къэбэрдеибзэ адыгэбзэм макъ мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ хэлэжьыхьу хэт ″макъ щэху зэгуэт″хэр бзэм зэрыхэжьыхьымрэ, абыхэм ″макъ псалъэ″ къазэрытехъукlым илъабжьэкlэ гуп гупу щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

## ″Т″ МАКЪЫМКlЭ КЪЕЖЬЭ ″МАКЪ ЗЭГУЭТ″ХЭР: «ТХЪ, ТХЪУ; ТХ, ТХУ; ТХЬЭ».

″Т″ макъыр щхьэщыкlыныгъэ къару мыхьэнэ зиlэрщи, абы къыкlэлъыкlуэ макъхэмкlэ лажьэу къэхъу ″макъ зэгуэт″хэм я мыхьэнэр ″т″ макъым мы и мыхьэнэм зэрелъытар гурыlуэгъуэщ. Аращи, ″т″ макъ эффектыр къыкlэлъыкlуэ макъ мыхьэнэкlэрэ лажьэу ухуэ ″макъ зэгуэт″хэращ мыбеджым зи гугъу тщlынухэр.

**″Тхъ″ макъ зэгуэтыр.**

*″**Тхъ**″ макъ зэгуэтым къытехъукl ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр.*

″Т″ макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, абы мы и мыхьэнэ эффектыр лъабжьэ къизыlуэ ″хъ″ макъкlэрэ лажьэу ухуэ ″макъ зэгуэт″ыр ″тхъ″ыращ. Ар щыхъукlи, мы макъ зэгуэтыр зы къарурэ щхьэщыкlыныгъэ (т) эффекткlэрэ къэхъу лъабжьэ (хъ) лэжьэкlэ мыхьэнэ зыгъуэтращ.

Дэтхэнэ гуэрыр къызэрыхъуа лъабжьэм (хъ) хуэкlуэныгъэрэ и зэщхьэщыкlыныгъэр ″тхъ″ макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуэтапхъэщи,

мыпхуэдэр зэрылъытэ ″тхъ″ макъыр занщlэу зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у ″**тхъы**″уэ ар зэрыгъэзащlэ ″**тхъы**н″ глаголыпкъыу бзэм хохьэр. Икlи ″тхъ″ макъ зэгуэтыр утыку къызэрихьа щlыкlэри мыпхуэдэ lуэхугъуэр къэlуэтэн папщlэу жыlэпхъэщи, ″тхъ″ыр япэрауэ ″тхъын″ lуэхугъуэ къэlуэтэн папщlэ бзэм къигъэщla ″макъ зэгуэт″у лъытапхъэщ.

Мы глаголыр зы къарукlэ къэхъурэ лъабжьэм хуэкlуэу гъэзащlэр къизыlуэ псалъэщи, мыпхуэдэу къаруфlагъэрэ лъабжьэрыфlэныгъэу гъэзащlэ lуэхугъуэри ″тхъ″ макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, зи къарукlэрэ лъабжьэрыфlэу зекlуэ lуэхугъуэри зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у щыт ″**тхъэ**″р зи глаголыпкъ ″**тхъэ**н″кlэрэ къоlуатэр: зи гъащlэр къарууфагъэкlэрэ (т) икlэрэ илъабжьэм (хъ) нэгъунэ хьынрэ кlуэныгъэу (хъ-э) къэкlуэкlращ ″тхъэн″ глаголым гурыlуэгъуэ къищlыр.

*″**Тхъ**″ макъым къытехъукla **″макъ зэгуэт псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэрауэ *″**тхъ**″ макъым къытехъукla **″макъ зэгуэт псалъэ″хэр къыпыхьэ макъкlэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Тхъын″ макъ глаголхэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэрэ щlыпlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпыхьэу префиксиалу зэрыухуэжымрэ, гъэзащlэу зэрыщытрэ (э) ″хь, кl″ клэухкlэрэи зэрыухуэжым теухуа щапхъэщ мыхэр: «итхъын – итхъэн – итхьыхьын, lутхъын – lутхъыкlын, гуэтхъын – гуэтхьэн – гуэтхъыкlын, дэтхъын – дэтхъэн – дэтхъыхьын – дэтхъыкlын, щlэтхъын – щlэтхъэн – щlэтхъыхьын – щlэтхъыкlын, клэрытхъын – клэрытхъэн – клэрытхъыхьын – клэрытхъыкlын, къэтхьын – къэтхьыхьын, хэтхъын – хэтхъэн – хэтхъыхьын – хэтхъыкlын, пытхъын – пытхъэн – пытхъыхьын - пытхъыкlын».

″Тхъын″ глаголыр зэрилъабжьэкlэрэ къыпыхьэж макъхэмкlэрэ ухуэж псалъэхэм щыщ щапхъэщ мыхэри: «къэтхъыхь, тхъыхь; тхъий».

″Тхъэн″ макъ глаголри зэрыгъэзащlэрэ щыгъэзащlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпыхьэу зэрыухуэжым теухуа щапхъэщ мыхэри: «итхъэн – итхъыхьын, дэтхъэн – дэтхъыхьын, зэдэтхъэн, щlэтхъэн – щlэтхьыхьын, хэтхъэн – хэтхъыхьын, хуэтхъэн, флэтхъэн, тхъэжын».

″Тхъэн″ым теухуарэ къыпыхьэ макъкlэрэ ухуа псалъэщ мыхэри: «тхъэгъуэ, тхъэгъуэшхуэ».

*″**Тхъ**″ макъ зэгуэтым къытехъукla псалъэхэр зыхэту ухуэ **″псалъэ зэгуэт″***хэм теухуа щапхъэи къэтхьынщ: «″лъабжьэ, тхъы(н)″ → лъабжьэрытхъ; ″лъабжьэ, щlэтхъэ(н)″ → лъабжьэрыщlэтхъэ»; «″гъащlэ, тхъэжы(н)″ → гъащlэрытхъэж; ″тхъэ(н), гъащlэ″ → тхъэрыгъащlэ».

Мыпхуэдэщ ″тхъ″ макъ зэгуэтыр бзэм зэрыхэлэжьыхьри, мы къэта лэжьэкlэм нэмыщl, ***″тхъ″*** *макъ зэгуэтыр* ***и макъ мыхьэнэкlэрэ*** *бзэм хэлэжьыхьу* ***псалъэ ухуэкъым***.

***″Тхъ″*** *макъ зэгуэтым бзэм* ***″префикс – суффикс къалэн″*** *хигъэзэщlыхькъым.*

**″Тхъу″ макъ зэгуэтыр.**

″Т″ макъкlэрэ къежьауэ утыку къихьэ ″тхъу″ макъ зэгуэтыр ″тхъ″ макъым и макъыр теухуауэщ зэрылъытапхъэр: «тхъ-у → тхъу». Ауэ ″тхъу″ макъ зэгуэтым макъищ зэрызыхиубыдэм папщlэ, мы къэта къэхъукlэм нэмыщl, ″хъу″ макъым ″т″ къызэрыпыхьэкlэрэи зы ″макъ зэгуэт″у ″тхъу″р утыку къызэрихьэфынур гулъытапхъэщи, мы къэхъукlэр ″т″ макъ эффектkлэрэ ″хъу″гъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ: «т-хъу → тхъу».

Мы къэхъукlитlкlи утыку къихьэфу лъытапхъэщ ″тхъу″ макъ зэгуэтри, мы къэхъукlитlым теухуауэ гъэзащlэ lуэхугъуэщ къаlуатэр. Къэхъукlитlкlэ утыку къихьарэ зэхуэдэ къэlуыкlэ зиlэу щыт ″тхъу″ макъ зэгуэтым зэхуэдэ макъ мыхьэнэщ яlэри, ар мыпхуэдэу къэlуэтапхъэщ: «тхъу {зы къару (т) эффектkлэрэ къэхъупlэ лъабжьэ (хъ) ужьыгъуэ (у)}».

Ауэ бзэ мыхьэнэуэ къатехъукlыр къыщыпlуатэкlэ макъ зэгухьэкlэу къызэрыхъу щlыкlэм гулъытэ хуэпщlын хуейщ: зыр (т-хъу) къэхъуагъэххэу щыт ″хъу″р и макърэ бзэ мыхьэнэкlэрэ ″т″ым къызэрыкlэлъыкlуэу зэрыухуам езэгъыущ, адрейр - ″хъу″р къызэрыхъуа щlыкlэми хуэдэу- ″тхъ″ ужьыгъуэу (тхъ-у) зэрыухуам езэгъыущ бзэ мыхьэнэ утыку къызэрырагъэхьэр. Аращи, макъ мыхьэнэкlэрэ зэщхьщыкlыныгъэ ямыlэми, ″тхъу″ макъыр мы къызэрыхъуа щlыкlэкlэ щыплъытэм деж, утыку къихьэ бзэ мыхьэнэр нэхъ гурыlуэгъуафlэ зэрыхъунур гулъытапхъэщ: ″тхъу″ макъ зэгуэтыр зыхэт псалъэ гуэрхэр ″тхъ-у″кlэрэ еджапхъэщи, псалъэ гуэрхэм ар зэрыхэт щlыкlэри ″т-хъу″уэ еджапхъэщ.

***″Тхъу″*** *макъ зэгуэтым къытехъукl* ***″макъ зэгуэт псалъэ″****хэр.*

Зы ″макъ зэгуэт″у ″тхъу″р къызэрыхъуауэ мы зи гугъу зэрытщlам къызэрыгуэкlщи, зыгуэрхэр зытелъу щыт лъабжьэм ехрэ (тхъ), а гуэрхэр а лъабжьэм тегъэкlуэтыкlынрэ гъэужьын (у) lуэхугъуэу (тхъ-у-н) лъытапхъэщи, мыр къызэрыlуатэ ″**тхъу**н″ глаголыпкъыу зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у щыт ″**тхъу**″р ″тхъ ужьыгъуэ″у ″тхъ-у″уэ къызэрыхъуар гулъытапхъэщ (уэс тхъун).

Ауэ мы макъ зэгуэт псалъэм хуэдэу ухуами, псэущхьэм тет цырэ щхьэцым ифэр зэрытекlрэ хужьыфэу зэрызэхъуэкlыр къизыlуэ ″**тхъуэ**н″ глаголыпкъ ″**тхъуэ**″р зэхъуэкlыныгъэу ″хъуэ″ макъкlэрэ ухуа ″макъ зэгуэт псалъэ″у лъытапхъэщ. ″**Тхъу**н″ глаголыпкъ ″**тхъу**″ри зытеухуам ехьэлlауэ

зэрыухуэкlэрэ ″тхъуэ-ы → тхъу″уэ къэхъууэ лъытапхъэщ; икlи щыlэгъуэ зиlэм и щхьэщыкlыныгъэу зэман къарукlэ (т) къызэрыхъур (хъу) къыриlуэуи (т-хъу) ухуауэ еджапхъэщ. Аращи, ″хъу″арэ зэрыхъун хуеипlэм иуваузэ щытым зэманкlэрэ е зы къару гуэр щхьэусыгъуэ къызэрыхуэхъукlэрэ ифэ текlыныгъэу къэхъу зэхъуэкlыныгъэщ щхьэц ″тхъуэн, тхъун″ lуэхугъуэр. – Зэгъэпщэныгъэу къыпыщапхъэщи, мы псалъэхэм хуэдэу ухуарэ мыбыхэм ещхь зэхъуэкlыныгъэщ ″щхъуэ, щхъухь″ псалъэхэм я мыхьэнэмрэ ахэр зэрыухуа щlыкlэри.

Ифэр текlарэ тхъуауэ щытыр зы теплъэрэ плъыфэу зэрылъытэри ″**тхъуэ**″ макъ псалъэмкlэщ.

Зэхуэмыдэ къэхъуыкlэ зиlэу утыку къихьами, зэхуэдэ макъ зэгуэту щыт мы глаголыпкъхэм хуэдэу аргуэру ″тхъу″уэ ухуа зы ″макъ зэгуэт псалъэ″ хэтщ адыгэбзэми, ар зы шхыныгъуэ лlэужьыгъуэцlэу щыт ″**тхъу**″ращ. Мыри ″хъу″ныгъэ зыхэлъ lуэхугъуэу ″т″ эффектkлэрэ ″хъу″гъэу (т-хъу) ухуа зы ″макъ псалъэ зэгуэт″у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ″лъабжьэрыхъуныгъэ къару зиlэ, къаруфlагъэу хъу, хъуным щхьэпэ″ хуэдэ мыхьэнэ зиlэу зы псалъэщ.

*″**Тхъу**″ макъым къытехъукlа **″макъ зэгуэт псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэу *″**тхъу**″ макъым къытехъукlа **″макъ зэгуэт псалъэ″хэр къыпыхьэ макъкlэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** деплъынщ.

″Тхъун″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэрэ гъэзащlэу зэрыщытыр (тхъу-э-н) къыпыхьэ макъхэм къагъэлъагъуэу зэрыухуэжым теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «итхъун – итхъуэн, lутхъун – lутхъуэн, гуэтхъун – гуэтхъуэн, дэтхъун – дэтхъуэн, щlэтхъун – щlэтхъуэн, кlэрытхъун – кlэрытхъуэн, къэтхъун – къэтхъуэн, хэтхъун – хэтхъуэн, пытхъун – пытхъуэн, фlэтхъун – фlэтхъуэн».

Зэхуэдэ макъхэмкlэ зэрыухуам папщlэ, мы зи гугъу тщlа ″тхъун, тхъуэн″ глаголымрэ мыбдежым плъыфэ текlыныгъэу зи гугъу тщlыну ″тхъуэн, тхъун″ глаголхэр зэхуэдэу префиксрэ суффикс макъкlэрэи зэхуэдэу зэрыухуэфынур гурыlуэгъуэнщ, ауэ ифэр текlыныгъэрэ зэхъуэкlыныгъэ зи мыхьэнэ ″тхъуэн, тхъун″ глаголыр зытеухуар ″фэ, цы, щхьэц″щи, къытехъукlыж глаголхэри мыбыхэм хуэlуа макъ къызэрыпыхьэкlэрэщ: «зэхэтхъуэн – зэхэтхъухьын, дэтхъухьын, щlэтхъухьын, зэщlэтхъухьын».

Зы плъыфэцlэ ″тхъуэ″м къыпыхьэ макъкlэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыр: «тхъуий, тхъуей, тхъуэжьей».

″Тхъу″ макъ псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «тхъулъэ, тхъурымбэ, тхъурымбей».

*″**Тхъу**″ макъ зэгуэтым къытехъукlа **″макъ зэгуэт псалъэ″**хэр зыхэту ухуэ **″псалъэ зэгуэт″***хэми деплъынщ.

″Тхъун″ глагол лэжьэкlэ зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″тхъун, щlын″ → тхъунщlын; ″уэс, тхъу(н) → уэсытхъу».

Ифэ текlыныгъэ зи мыхьэнэ ″тхъуэн, тхъун″ глагол лэжьэкlэ зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″цы, тхъуэ(н)″ → цытхъуэ, цытхъу; ″щхьэц, тхъуэ(н)″ → щхьэцытхъуэ, щхьэцытхъу».

Зы плъыфэцlэу щыт ″тхъуэ″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″цы, тхъуэ″ → цытхъуэ; ″щхьэц, тхъуэ″ → щхьэцытхъуэ; ″хьэ, тхъуэ″ → хьэтхъуэ; ″бжэн, тхъуэ″ → бжэнытхъуэ».

″Уалъэ″р ″уэ(н)″рэ макъ мыхьэнэкlэрэ ″лъэ″м къытехъукlауэ щхьэж зы псалъэу бзэм щызекlуэкъым, ауэ ар (уалъэ) щхьэж зы псалъэу лъытапхъэмэ, ″тхъууалъэ″р (тхъу, уалъэ) икlи ″псалъэ зэгуэт″у лъытапхъэщ: «″тхъу, (е)уалъэ″ → тхъууалъэ; ″тхъу, вэн″ → тхъувэ; ″тхъу, щlэжы(н)″ → тхъущlэж; ″фо, тхъу, зэхэлъ″ → фо тхъу зэхэлъ → фотхъузэхэлъ»; «″тхъу, щыхуэн″ → тхъу щыхуэн, тхъущыхуэ».

Мы иужьрей щапхъэ ″тхъу щыхуэн″ыр егъэщхьыныгъэ зиlэу къэхъуа зы жыlэгъуэ псалъэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

***″Тхъу″*** *макъ зэгуэт мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″***.

″Тхъу щыхуэн″ хуэдэ мыхьэнэ зиlэрэ ″тхъу″ макъ псалъэм и мыхьэнэми къытехъукlауэ лъытапхъэу, ″тхъу″р и макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу къэхъуа псалъэщ мыхэр: «щытхъун, щытхъу, щхьэщытхъу, щхьэщытхъуж, зыщытхъун, зыщытхъужын».

″Тхъу″ макъ зэгуэтыр ″тхъ-у″кlэрэ къызэрыхъу щlыкlэу бзэм зэрыхэлэжьыхьым къытехъукl псалъэхэщ мыхэр: «утхъуэн; зэхэтхъуэн, зэхэтхъухьын».

***″Тхъу″*** *макъ зэгуэтым бзэм* ***″префикс – суффикс къалэн″*** *хигъэзэщlыхькъым,* ауэ ар псалъэ гуэрхэм суффикс хуэхъуну зэрыхущlэкъури гурыlуэгъуэщ.

**″Тх″ макъ зэгуэтыр.**

***″Тх″*** *макъ зэгуэтым къытехъукl* ***″макъ зэгуэт псалъэ″****хэр.*

Зи мыхьэнэр гурыlуэгъуэу щыт ″т″ыр ″х″ыкlэрэ къэlуу утыку къихьэ ″тх″ макъ зэгуэтыр къарукlэрэ лъабжьэ зыгъуэтыныгъэр зи мыхьэнэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, ″тх″ макъ зэгуэт мыхьэнэр ″т″ макъ эффектkлэрэ гъэзащlэ ″х″ыгъэращ.

Мыпхуэдэ щlыкlэкlэ гъэзащlэр къизыlуэ зы глаголщ ″**тхы**н″ри, ар зэрыухуа глаголыпкъыу зы ″макъ зэгуэт псалъэ″щ ″**тхы**″р. Ар гъэзащlэу зэрыщытkлэрэ къызэрыlуатэри зэрыигъуэкlэрэ ″**тхэ**н″ глаголщи, ″**тхэ**″ри мы глаголыпкъыу зы ″макъ зэгуэт псалъэ″щ.

*"**Тх**" макъым къытехъукIа **"макъ зэгуэт псалъэ"хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукIыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **"псалъэ зэгуэтхэр"**.*

Япэу *"**тх**" макъым къытехъкI "**тхын, тхэн**" макъ зэгуэт глаголыпкъым **къыпыхьэ макъкIэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «тхыгъэ, тхыгъэшхуэ, тхыгъуэ, тхэгъуэ, тхакIуэ, тхылъэ, тхылъ, тхылъэщ, тхылъымпIэ, тхыпкъэ, тхыпхъэ, тхыдэ».

*"**Тх**" макъ зэгуэтым къытехъукIа "**макъ зэгуэт псалъэ**"хэр зыхэту ухуэ "**псалъэ зэгуэт**"*хэми техуа щапхъэ къэтхьынщ: «"тхыгъэ, щIэ" → тхыгъэщIэ; "тхыгъэ, фIы" → тхыгъэфI; "тхылъ, щIэ" → тхылъыщIэ; "псынщIэ, тхы(н)/тхэ(н)" → псынщIэрытх, псынщIэрытхэ».

*"**Тх**" макъ зэгуэт мыхьэнэр **"бзэм зэрыхэлэжьыхьыкIэрэ ухуэ псалъэхэр"**.*

"Тхын, тхэн" глаголыр "тх" макъ зэгуэтым занщIэу къытехъукIа "макъ зэгуэт псалъэ"хэщ, ауэ "тх" макъ зэгуэтыр мы Iуэхугъуэмтеухуауэкъэхъуауэ жыIэпхъэкъым. "Тх" макъ зэгуэт мыхьэнэкIэрэ ухуауэ нэгъуэщI псалъэхэри хэтщ адыгэбзэми, зэхуэмыдэ IуэхугъуэхэмтеухуауэилъабжьэкIэ къэта псалъэхэр зы къару эффекткIэрэ (т) лъабжьэрэ ехыгъуэу (х) зэрыгъэзащIэрэ зэрыщыткIэрэ (тх) ухуауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ: «тхыцIэ»; «утхын – утхэн, утхэ»; «убжьытхын – убжьытхэн»; «утхыпщIын»; «етхэуэн».

*"**Тх**" макъ зэгуэтым бзэм "**префикс – суффикс къалэн**" хигъэзэщIыхькъым.*

**"Тху" макъ зэгуэтыр.**

*"**Тху**" макъ зэгуэтым къытехъукI "**макъ псалъэ**"р.*

"Тх" макъ зэгуэт мыхьэнэр гурыIуэгъуэщи, абы и ужьыгъуэу къэхъу "макъ зэгуэт"ыр "тху"щ. Ар икIи "т" макъымрэ "ху" макъым и зэгухьэкIэу къэхъуауи лъытапхъэщи, "т" макъ мыхьэнэр "ху" макъым зэригъэлажьэу къэхъуа "макъ зэгуэт"уи лъытапхъэщ. Аращи, "тху" макъ зэгуэтыр "т" эффектклэрэ "ху"уэ къэхъуауи лъытапхъэщ. Мы дэтхэнэ зы лъэныкъуэуи къырехъу, "тху" макъ зэгуэтым и мыхьэнэр зэхъуэкIыщэкъым: зы къарукIэрэ лъабжьэрыхурэ лъабжьэрыужьыгъуэщ.

Ар мы и къэхъукIэмкIэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, мыпхуэдэ лъабжьэрыхурэ лъабжьэрыужьыгъуэ къыриIуэу зы "макъ зэгуэт псалъэ"у бзэм хэхьагъэнщ "**тху**"р. ИкIи зы "макъ зэгуэт"у бзэм зэрыхэхьа щIыкIэри мыпхуэдэ зы IуэхугъуэркъэIуэтэн папщIэу лъытапхъэщи, зы "макъ зэгуэт"у утыку къызэрихьар зы "макъ зэгуэт псалъэ"у зэрыухуаращ. Ар щхьэж зы "макъ зэгуэт псалъэ"у нобэ мы зи гугъу тщIа Iуэхугъуэмтеухуауэкъэхъуауэ жыIэпхъэкъым. "Тх" макъ зэгуэт мыхьэнэкIэрэ ухуауэ нэгъуэщI псалъэхэри хэтщ адыгэбзэми, зэхуэмыдэ IуэхугъуэхэмтеухуауэилъабжьэкIэ къэта псалъэхэр зы къару эффектклэрэ (т) лъабжьэрэ ехыгъуэу (х) зэрыгъэзащIэрэ зэрыщыткIэрэ (тх) ухуауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ: «тхыцIэ»; «утхын – утхэн, утхэ»; «убжьытхын – убжьытхэн»; «утхыпщIын»; «етхэуэн».

теухуауэ щызекlуэкъым, ауэ бзэм ″тху″ макъ мыхьэнэр зэрызекlуэрэ псалъэхэр къызэрытехъукlыр мы и мыхьэнэуэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Щыlэгъуэм и щыlэгъуэр зэрихьрэ зэрыужь щlыкlэр къэlуэтэнкlэрэ утыку къихьа зы ″макъ зэгуэт″рэ зы ″макъ зэгуэт псалъэ″щ ″тху″ри, ар цlыхум бжэн lуэхугъуэр къигъэунэхуа нэужь, зыхуэигъуэ бжыгъэр къызэрыlуэтаращи, абы иужьым ***″тху″***р зы бжыгъэцlэу бзэм щызекlуэу щытщ.

*″**Тху**″ макъ зэгуэтым къытехъукlа **″макъ зэгуэт псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

*″**Тху**″ макъ зэгуэтым къытехъукlа **″макъ зэгуэт псалъэ″р къыпыхьэ макъкlэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** теухуа щапхъэщ мыхэр: «тхуэ, тхуанэ, етхуанэ, етхуэнэрей».

Бжыгъэцlэу щыт ***″тху″ макъ зэгуэт псалъэр*** *зыхэт* ***″псалъэ зэгуэт″***хэм теухуа щапхъэщ мыхэри: «″тху, тху″ → тхурытху; ″тху, щlы(н)″ → тхущl; ″цlыху, тху″ → цlыхуитху; ″шы, тху″ → шитху; ″псалъэ, тху″ → псэлъитху».

*″**Тху**″ макъ зэгуэт мыхьэнэр **″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″**.*

″Тху″р зы ″макъ зэгуэт″у къызэрыхъуа щlыкlэр гурыlуэгъуэщи, зы ″макъ зэгуэт псалъэ″ущ бзэм зэрыхэхьар. Ар иужькlэ зы бжыгъэцlэу бзэм щызекlуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мыбы нэмыщl, къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъкlэрэ ″тху″ макъ зэгуэтыр и мыхьэнэкlэрэи бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуа псалъэхэри щыlэщ: «лъынтхуэ (лъыр зы къарукlэрэ зэрыхупlэ), псантхуэ (″псэр зы къарукlэрэ зэрыхупlэ″ зи мыхьэнэуэ тхы къупщхьэ кlуэцlым илърэ псэ жыгыу лъытапхъэр къызэрыlуатэ псалъэ)».

*″**Тху**″ макъ зэгуэтым бзэм **″префикс – суффикс къалэн″** хигъэзэщlыхькъым.*

### ″Тхьэ″ макъ зэгуэтыр.

″Тхьэ″р зы ″макъ зэгуэт″у къызэрыхъуа щlыкlэр цlыхум зызэрилъытэу щыта ″хьэ″м къарурэ щхьэщыкlыныгъэ зи мыхьэнэ ″т″ыр къызэрыпыхьэкlэрэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Ар ″хьэ″ макъ псалъэм ищхьэм къыпыхьэ ″т″ макъ эффектkлэрэ къежьэу къэхъуа зы ″макъ зэгуэт псалъэ″рщ. Араши, ″тхьэ″ псалъэр зы ″макъ псалъэ″у щыт ″хьэ″р къыпыхьэ ″т″ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу къызэрыхъуар гурыlуэгъуэщ.

″Тхьэ″р ″хьэ″ псалъэм къыпыхьэ ″т″ыкlэрэ ухуа зы псалъэу бзэм зэрыхэлэжьыхьым нэмыщl, ″т-хь″ макъхэр зэрызэгухьэкlэрэ къэхъуа ″тхь″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэи еджапхъэу бзэм зэрыхэтри гулъытапхъэщ.

Цlыхум япэу зызэрилъытэжа ″хьэ″м щхьэщыкl къарур зэрылъыта ″тхьэ″ псалъэр къызэрыхъуар жыжьэ дыдэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Икlи цlыхум езым имылъэкlыр зыхуэlуарэ зытеухуауэ илъытэ ″Тхьэ″ гупщысэр цlыхум къыдэгъуэгурыкlуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, ар цlыхум дежкlэ пщlэшхуэ зиlэу зы псалъэрэ гупщысэщ. Абы ипщlэрэ и мыхьэнэр зы псалъэу ″тхьэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэм къызэрытемынэнури гурыlуэгъуэщ. Ар щыхъукlи, мыбдежым мы псэлъащхьэм щlэту мы ″макъ зэгуэт псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьым щыгъуазэ зыхуэхъун хуейуэ къытпэщытми, иужькlэ ″Тхьэ″ псалъэмрэ гупщысэм щхьэхуэу зы лэжьыгъэ lэнатlэу дытепсэлъыхьыжын зэрыхуейри гурыlуэгъуэнщ.

*″**Тхьэ**″ макъ зэгуэтыр ″хьэ″ псалъэм къыпыхьэ ″т″ыкlэрэ ухуа ″**макъ зэгуэт псалъэ**″*щ.

Цlыхум япэ зызфlищыжа ″хьэ″ псалъэм ″т″ къызэрыпыхьэжкlэрэ утыку къихьа зы псалъэщ ″тхьэ″ псалъэри, ″**тхьэ**″р япэу зы псалъэу утыку къихьауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Ар цlыхум (хьэ) щхьэщыкl къарурэ цlыхум имылъэкlыныгъэр зытеухуауэ щытыр къызэрыlуэта зы ″**макъ зэгуэт псалъэ**″щ.

*″**Тхьэ**″ макъ зэгуэтыр зы **″макъ зэгуэт псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

*″**Тхьэ**″ псалъэр **къыпыхьэ макъкlэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** теухуа щапхъэщ мыхэр: «тхьэшхуэ, тхьэгъуэ, тхьэпlэ; тхьэгъэлэдж»; «тхьэгъу; тхьэкъун – тхьэкъуэн – итхьэкъуэн»; «тхьэмщlыгъу, тхьэмбыл».

Мыбыхэм щыщу ″тхьэгъэлэдж″ым хэт ″лэджын, гъэлэджын″ глаголыр нобэ бзэм щызетхьэу зы псалъэу зэрыщымытыжым папщlэ, ″тхьэ″ псалъэр къыпыхьэ мы макъхэмкlэ лажьэу ухуа псалъэу ухууауэ зэреджапхъэр гурыlуэгъуэщ ″тхьэгъэлэдж″ псалъэм. Ауэ ″л″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьу зэрыхэтауэ щытам щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, ″лэджын, гъэлэджын″ псалъэхэри бзэм щхьэж псалъэхэу хэтауэ зэрыщытагъэнум гулъытэ хубощlри, а псалъэхэр ″тхьэ″ псалъэм къыпыхьэу ухуа ″псалъэ зэгуэт″уи еджапхъэщ ″тхьэгъэлэдж″ псалъэм.

Мыпхуэдэу зы ″псалъэ зэгуэт″у щытауи лъытапхъэщ ″тхьэмбыл″ри. Ауэ ″тхьэмщlыгъу″р нэхъ lупщlыу зы ″псалъэ зэгуэт″у зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ: «″тхьэ, щlыгъун″ → тхьэм щlыгъу(н) → тхьэмщlыгъу».

″Тхьэмщlыгъу″м нэмыщl мы зи гугъу тщla псалъэхэр фlэкlыпlэ имыlэу ″псалъэ зэгуэт″у зэрылъымытапхъэр гурыlуэгъуэнщ, ауэ бзэм *″**тхьэ**″ макъ зэгуэт псалъэр зыхэту ухуарэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэри мащlэкъым. Мыбыхэм щыщ щапхъэщ мыхэр: «″тхьэ, гуащэ″ → тхьэгуащэ; ″псэ, тхьэ″ → псатхьэ; ″псы, тхьэгуащэ″ → псытхьэгуащэ;

″мэз, тхьэ″ → мэзытхьэ; ″тхьэ, пэлъытэ(н)″ → тхьэпэлъытэ»; «″тхьэ, бысым (гъэрей)″ → тхьэбысым (тхьэгъэрей)».

***″Тхьэ″*** *макъ зэгуэт мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэр″****.*

″Тхьэ″ псалъэрэ макъ зэгуэтыр зи гугъу зэрытщIауэ ″т-хьэ″ къэхъукIэм езэгъыу къэхъуауэ жытIагъэххэщ, икIи ″тхьэ″ псалъэм къыпыхьэ макърэ псалъэкIэ ухуэжа псалъэхэм теухуа щапхъэхэри ипэкIэ къэтащ. Ауэ ″хьэ″ макъ псалъэм къыпыхьэ ″т″ макъкIэрэ къытехъукIа ″тхьэ″ макъ зэгуэт псалъэм къытехъукIыжу мылъытапхъэ псалъэ хэтщ адыгэбзэми, ар зы lуэхугъуэр къарукIэрэ (т) зэрыхьрэ (хьын) зэрыгъэзащIэм теухуауи еджапхъэщ: «гъутхьэн».

Мыпхуэдэу ухуащ ″гъутхьэн″ псалъэри, а зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къызэрыIуэтэжу зэрыухуэжым теухуа глаголхэщ мыхэр: : «игъутхьэн – игъутхьыкIын, гуэгъутхьэн – гуэгъутхьыкIын, дэгъутхьэн – дэгъутхьыкIын, щIэгъутхьэн – щIэгъутхьыкIын, хэгъутхьэн – хэгъутхьыкIын».

″Гъутхьэн″ lуэхугъуэ зыхэлъу ухуэ ″псалъэ зэгуэт″и щыIэщ: «″гъутхьэ(н), псы″ → гъутхьэпс».

***″Тхьэ″*** *макъ зэгуэтым бзэм* ***″префикс – суффикс къалэн″*** *хигъэзэщIыхькъым.*

″Tl″ МАКЪЫМКIЭ КЪЕЖЬЭ ″МАКЪ ЗЭГУЭТ″ХЭР: «ТКl, ТКIУ».

″Tl″ыр бэгъуэныгъэ къару мыхьэнэ зиIэ макъщи, абы къыпыхьэж макъкIэрэ ухуэ ″макъ зэгуэт″хэм я мыхьэнэр кIэух макъ мыхьэнэр ″tl″ эффекткIэрэ зэрылажьэу къохъур.

**″Tkl″ макъ зэгуэтыр.**

″Tl″ макъ мыхьэнэр гурыIуэгъуэщи, ар ″kl″ макъ мыхьэнэкIэрэ щылажьэм къэхъу ″tkl″ макъ зэгуэтыр зыгуэрым хищIэрэ бэгъуэныгъэ къару эффекткIэрэ къыхэхъукIыныгъэ зи мыхьэнэуэ жыIэпхъэщ.

И макъ мыхьэнэр гурыIуэгъуэщи, ***″tkl″*** *макъ зэгуэтым щхьэж зы* ***″макъ зэгуэт псалъэ″*** *къытехъукIкъым.*

***″Tkl″*** *макъ зэгуэт мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэр″****.*

Дэтхэнэ гуэрым и кIуэцIым хищIэрэ зэгуэзыгъэкl къару зи мыхьэнэ ″tl″ макъым ″kl″ макъыу къызкIэлъыкIуэм къыхэкIыныгъэ зи мыхьэнэр къыкIэлъыкIуэу утыку къихьэ ″tkl″ыр бзэм зэрыхэлэжьыхьынур зыхищIэрэ зытеухуа гуэр къизыIуэ макърэ псалъэм дэщIыгъуущ. ″Tkl″ макъ мыхьэнэкIэрэ ибжьэныгъэр къызэрыIуатэу ухуа псалъэщ мыр: «ткIыбжь».

″Тkl″ макъ зэгуэт мыхьэнэр гурыIуэгъуэщи, ар зы макърэ псалъэм хэтущ бзэм зэрыхэлэжьыхьыпхъэр, е ар щхьэжу мы и мыхьэнэкIэрэ зэрыджыр къэгъэлъагъуэущи, ″ткl″ыр ″и″кIэрэ зэрыджыр къизыIуэ псалъэу ухуащ мыхэри: «ткIи, ткIий, ткIиин».

***″Ткl″*** *макъ зэгуэтым* ***″префикс суффикс къалэн″****и зэримыгъэзэщIэнур угрыIуэгъуэщ.*

**″Ткly″ макъ зэгуэтыр.**

″Тkly″ макъ зэгуэтыр ″ткl″ым и ужьыгъуэу (у) къэхъууи, ″тl″ыр ″kly″кIэрэ зэрылажьэуи къэхъуу лъытапхъэщ. Аращи, ″ткl″ макъ зэгуэт мыхьэнэр гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ бэгъуэныгъэхэкIрэ унэтIыгъэхэкIыу ужьыгъуэ зыгъуэтуи лъытапхъэщ ″ткly″м и мыхьэнэр, икIи бэгъуэныгъэрэ унэтIыгъэ къару ″tl″ыкIэрэ ″kIуэ″рэ ″tl″ эффекl е″kly″ынгъэуи лъытапхъэщ ″ткly″ макъ зэгуэт мыхьэнэр. TIуми зэхуэдэ мыхьэнэщ иIэр, ауэ ″ткly″р къызэрыхъуар ″ткl″ым ″у″ къызэрыпыхьэж щIыкIэущ зэрылъытапхъэр.

***″Ткly″*** *макъ зэгуэтым къытехъукl* ***″макъ зэгуэт псалъэ″****р.*

″**Ткly**″р мы зи гугъу тщIа и макъ мыхьэнэкIэрэ занщIэу бзэм зы ″макъ зэгуэт псалъэ″ хэхъухьащи, ар ″**ткly**н″ глаголыпкъыщ.

***″Ткly″*** *макъ зэгуэтым къытехъукIа* ***″макъ зэгуэт псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукIыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

***″Ткly″*** *макъ зэгуэтым къытехъукl* ***″макъ псалъэ зэгуэт″****ыр* ***къыпыхьэ макъкIэрэ*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьу* ***ухуэ псалъэхэм*** теухуащ ″tkIyн″ глаголыр зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпыхьэу зэрыухуэж мы глаголхэр: «иткIyн – иткIуэн, lуткIyн – lуткIуэн, гуэткIyн – гуэткIуэн, дэткIyн – дэткIуэн, щIэткIyн – щIэткIуэн, хэткIyн – хэткIуэн, пыткIyн – пыткIуэн».

***″Ткly″*** *макъ зэгуэтым къытехъукIа* ***″макъ зэгэут псалъэ″****р зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″****щ мыхэри: «″ткIyн, ткIyн″ → ″ткIуэн, ткIуэн″ → ткIуаткIуэ; ткIуэткIуагъэ; ″ткly(н), псы″ → ″ткly-э-псы″ → ткIуэпс».*

Мыпхуэдэщ ″ткly″ макъ зэгуэтыр бзэм зэрыхэлэжьыхьри, ар щхьэжу ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэ″****и щыIэкъым.* ИкIи ***″ткly″*** *макъ зэгуэтым бзэм* ***″префикс – суффикс къалэн″*** *хигъэзэщIыхькъым.*

## ″Щ″ МАКЪЫМКIЭ КЪЕЖЬЭ ″МАКЪ ЗЭГУЭТ″ХЭР: «ЩТ; ЩХЪ, ЩХЬУ; ЩХЬЭ».

″Щ″ макъ мыхьэнэр гурыIуэгъуэщи, абы къыпыхьэ макъхэр я мыхьэнэкIэрэ щыIэгъуэм теухуауэ лэжьэкIэ ягъуэтущ ухуэну ″макъ зэгуэт″ым и мыхьэнэр къызэрыхъуну щIыкIэр. Къыпыхьэ макъ мыхьэнэр

″щ″ эффектклэрэ лажьэу ухуэ ″макъ зэгуэт″ым и мыхьэнэр ″щ″ым къыклэлъыклуэ макъ мыхьэнэм елъытауэ щылэгъуэрэ щылэклэ зилэ къэхъуныгъэщ.

″Щ″ыклэ къежьэрэ зыхэту ухууэ лъытапхъэу нэгъуэщl ″макъ зэгуэт″хэри хэлэжьыхьу хэтщ адыгэбзэми, апхуэдэхэр нэгъуэщl къэхъукlэ зилэуи лъытапхъэщ, икли бзэм зэрыхэлэжьыхьыр зы щапхъэм теухуащи, щхьэж ″макъ зэгуэт″хэу мыбдежым и гугъу щытщкъым. Ауэ мыпхуэдэ щапхъэхэри дигу къэдгъэклыжынщ.

Бзэ лэжьэклэу ″щ″ыр къыклэлъыклуэ макъым ″ы″ншэу зэрыгухьэуи къэхъуауэ лъытапхъэщ (плыщ-клуэн) ″уплыщклун, уплыщклуэн″ псалъэри, ар икли зи щылэклэр (щ) зэреужьыхыр (клуэ → клуэ-ы → клу) къызэрылуатэ макъ зэгуэтклэрэ (щклу) ухуа зы псалъэуи лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ лъэныкъуитlкли еджапхъэ щапхъэщ мыри: «ныщ-клун»; «ны-щклу-н → ныщклун → гъэныщклун».

″lэщтlым″ псалъэри мыпхуэдэщ, ауэ ар нэхъыбэу ″щтl″ макъ зэгуэтклэрэ къэхъуауэ лъытапхъэщ: «lэ-щтl-ым → lэщтlым».

**″Щт″ макъ зэгуэтыр.**

Щылэгъуэ лъабжьэ зи мыхьэнэ ″щ″ макъыр щхьэщыклыныгъэ зи мыхьэнэ ″т″ыклэрэ лажьэу ухуэ ″щт″ макъ зэгуэт мыхьэнэр зи щылэгъуэм щхьэщыклыныгъэ зи мыхьэнэуэ зэрыщытынур гурылуэгъуэщ.

***″Щт″** макъ зэгуэтым къытехъукl **″макъ зэгуэт псалъэ″**хэр.*

Аращи, ″щ″ырэ щылэгъуэм теухуа макъым къыклэлъыклуэр щхьэщыклыныгъэрэ лъэгагъэ зи мыхьэнэ ″т″ макъыу утыку къихьэ ″щт″ макъ зэгуэтыр щылэгъуэрэ щылэклэ щхьэщыклыныгъэ зи мыхьэнэрщ. Мыр зи мыхьэнэ ″щт″ макъ зэгуэтым бзэм занщlэу псалъэ къызэрытехъукlри мыпхуэдэщ: тклуаткlуэ щылэклэ зилэм зы пкъыгъуэ быдагъ зэригъуэтыр къизылуэ зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у ″**щты**″р ″**щты**н″ глаголыпкъщ.

″Щт″ макъ зэгуэт мыхьэнэклэрэ къэlуатэ lуэхугъуэр мы къэта щапхъэм къыщынэкъым. Мыпхуэдэу къэхъу ″макъ зэгуэт псалъэ″щ ″**щтэ**н″ глаголыпкъ ″**щтэ**″ри, ар зи щылэгъуэрэ щылэклэм щхьэщыклыныгъэу шынэныгъэм ещхь мыхьэнэ зилэ псалъэщ (сыкъэ**щт**ащ).

Мыбы нэмыщl, зыгуэрыр зыдэщытым (щ) телэтыклын (т) lуэхугъуэри зэрыигъуэклэрэ мы макъ зэгуэт мыхьэнэклэрэ къызэрылуатапхъэр гурылуэгъуэнщи, аргуэру ″**щтэ**″р ″**щтэ**н″ глаголыпкъыу зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у бзэм хэтщ (къэс**щт**ащ).

***″Щт″** макъым къытехъукlа **″макъ псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъуклыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

*"**Щт**" макъ зэгуэтым къытехъукl "**макъ псалъэ**"хэр **къыпыхьэ макъклэр**э бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** теухуа щапхъэхэм деплъынщ.

"Щтын" глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыклэр къэзыгъэлъагъуэ макъ къыпыхьэу ухуэж глаголхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «ищтын, ищтыхьын – ищтыклын, lущтыхьын – lущтыклын, гуэщтын – гуэщтыхьын – гуэщтыклын, дэщтын – дэщтыхьын – дэщтыклын, щlэщтын – щlэщтыхьын – щlэщтыклын, хэщтын – хэщтыхьын – хэщтыклын».

"Щтын" глаголыпкъым къыпыхьэ макъклэрэ ухуа псалъэщ мыхэри: «щтылэ, щтылэбэ, зэхэщтабэ».

Зы макъ зэгуэт глаголу ухуарэ зэхуэмыдэ мыхьэнэ зиlэ "щтэн"ыр зэрыгъэзащlэ щlыклэр къэзыгъэлъагъуэ макъ къыпыхьэу зэрыухуэжу илъабжьэклэ къэта щапхъэхэр "щтэн" глаголым утыку къырилхъхьэ мыхьэнитlми теухуащ: «ищтэн, егъэщтэн, дэщтэн, зэдэщтэн, щlэщтэн, зэщlэщтэн, къэщтэн, къегъэщтэн, хэщтыклын, нэщтэн»; «ищтыклын, гъэщтэн, дэщтэн, зэдэщтэн, дэщтыклын, щlэщтыклын, къэщтэн, къэгъэщтэн, хэщтэн, хэщтыклын».

Шынэныгъэ пэлъытэ мыхьэнэ зиlэ "щтэн"ыгъэ къызэрыхъум теухуауэ ухуа псалъэхэщ мыхэри: «щтэlэ, щтабэ, щтэlэ-щтабэ».

*"**Щт**" макъ зэгуэтым къытехъукla "**макъ зэгуэт псалъэ**"хэр зыхэту ухуэ "**псалъэ зэгуэт**"* щапхъэхэми деплъынщ.

Мыпхуэдэщ шынэныгъэм хуэгъунэгъу мыхьэнэ зиlэ "щтэн, къэщтэн" глагол лэжьэклэ зыхэту ухуа мы "псалъэ зэгуэт"хэр: «"щхьэц, пэщтэ(н)" → щхьэц пэщтэ → щхьэцпэщтэ».

*"**Щт**" макъ зэгуэтыр "**бзэм зэрыхэлэжьыхьыр**"* ар "макъ зэгуэт псалъэ"у бзэм зэрыхэхьа щlыклэр мы къэта щапхъэхэущ. Абы *бзэм "**префикс – суффикс къалэн**"и хигъэзэщlыхькъым.*

*

"Щт" макъ зэгуэтыр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ мы къэтlуэтахэм нэмыщl, абы ищхьэм "п" макъ къызэрыпыхьэклэрэ макъищ зэгуэт къызэрытехъуклри гулъытапхъэщи, ар бзэм зэрыхэлэжьыхьми мыбеджым щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мы зи гугъу тщlы "**пщт**" макъ зэгуэтыр "щт" макъ зэгуэтыр бзэм занщlэу зэрыхэхьа "щтын" глаголым къпэщыт дыдэр (п) зи мыхьэнэуэщ бзэм зы макъ зэгуэт псалъэу "**пщтын**"у зэрыхэхьари, мыбы ипэрей лэжьыгъэхэми и гугъу щытщlагъащ. Аращи, щылэгъуэм и а нэхъ щlылэплэрэ "щтыгъуэ"м атlклэрэ къыпэщыт дыдэр а щылэм и а нэхъ хуэбагъэу абы и "пщтыгъуэ"рщи, щылэгъуэ лъабжьэм теухуауэ лъытапхъэ мы lуэхугъуитlыр зэрылъытэ псалъэхэр (щтын, пщтын) "щт"ымрэ, абы елъытарэ къытехъукla "пщт" макъ зэгуэтхэр бзэм занщlэу зэрыхэхьа щlыклэклэ ухуа псалъэхэрщ.

**″Щхъ″ макъ зэгуэтыр.**

Щыlэгъуэ лъабжьэ зи мыхьэнэ ″щ″ым лъабжьэрэ къэхъупlэ зи мыхьэнэ ″хъ″ыр къыпыхьэу ухуэ ″щхъ″ макъ зэгуэтыр лъабжьэ хъункlэрэ щыlэкlэ зиlэныгъэм зэрытеухуар гурыlуэгъуэщ.

″Щхъ″ макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, щыlэгъуэ зиlэ гуэрыр илъабжьэкlэ ехауэ зэрыщытым теухуащ. Абы *занщlэу* ***″макъ зэгуэт псалъэ″*** *къытехъуклкъым*; зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къызпыхьэ макъхэмкlэ бзэм холэжьыхьыр.

***″Щхь″*** *макъ зэгуэт мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″***.

Щхьэжу зы ″макъ зэгуэт псалъэ″ хэмыхъухьрэ, ″щхъ″ макъ мыхьэнэр зэрыгъэзащlэр къизыlуэ макъхэм дыщlыгъуущ псалъэ зэрыухуэр. Аращи, ″щхъ″ макъ зэгуэт мыхьэнэр зы ехыгъуэрэ ехыпlэщи, мыпхуэдэ зы лъэныкъуэр ″ищхьэ″м и пхэндж лъэныкъуэу, зытеухуам елъытауэ къызэрыlуатэ псалъэщ мыр: «ищхьэрэ».

″Щхъ″ макъ зэгуэтым и мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, ар зэрыгъэлажьэу гъэзащlэ lуэхугъуэр къызэрыlуатэ глаголщ мыри: «гъэщхъын».

Зы къэкlыгъэ лъэпкъри ″щхъ″ макъ зэгуэткlэрэ ухуащ: «щхъырыб».

***″Щхь″*** *макъ зэгуэтым бзэм* ***″префикс – суффикс къалэн″****и хигъэзэщlыхькъым.*

**″Щхъу″ макъ зэгуэтыр.**

″Щхъу″ макъ зэгуэтыр макъитlрэ макъищ зыхэту зэреджапхъэр гулъытапхъэщи, къызэрыхъуауэ зэреджапхъэм елъытауэщ и мыхьэнэми зэреджапхъэр. Ар ″щхъ″ макъ зэгуэтым и ужьыгъуэу къэхъуауи (щхъ-у) еджапхъэщ; икlи ″щ″ макъыр ″хъу″ макъкlэрэ лажьэу къэхъуауи (щ-хъу) еджапхъэщ. Ауэ тlум дежи и мыхьэнэр зэхъуэкlыщэу лъытапхъэкъым: ″щыlэгъуэрэ (щ) къэхъупlэ лъабжьэ (хъ) ужьыгъуэ (у)″уи, ″щыlэгъуэ лъабжьэм (щ) къытехъукl (хъу)″уи еджапхъэщ. Мы и мыхьэнэм зэрезэгъщи, ар щыlэгъуэрэ щыlэкlэм теухуауэ хъурэ зэхъуэкlыр къизыlуэущ бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр.

***″Щхъу″*** *макъ зэгуэтым къытехъукl* ***″макъ зэгуэт псалъэ″****р.*

Къызэрыхъуа щlыкlэр лъэныкъуитlкlи зэхуэдэу лъытапхъэщ, ауэ ″щхъу″ макъ зэгуэту утыку къихьар ″хъу″ макъ мыхьэнэ лlэужьыгъуэу хъуныгъэм теухуауэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр гулъытапхъэщи, мы мыхьэнэкlэрэ ″щхъу″ макъ зэгуэтым и къэхъукlэр ″щ-хъу → щхъу″уэ лъытэныр нэхъ игъуэрэ гурыlуэгъуэщ.

Аращи, щыlэгъуэрэ зы щыlэкlэр (щ) къызэрыхъурэ (хъу) зэрызэхъуэкlыр (хъуэ) ″щхъу″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэщ къызэрыlуэтапхъэри, ″щхъу″р занщlэу щхьэж зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у

бзэм хэмыхьами, абы и кIуэтэгъуэ ″**щхъуэ**″р зэхъуэкIыныгъэ зи мыхьэнэ теплъэрэ зы плъыфэр къызэрыIуатэ ″макъ зэгуэт псалъэ″у бзэм хэхьащ.

***″Щхъу″*** *макъым къытехъукIа* ***″макъ псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукIыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

***″Щхъу″*** *макъ зэгуэтым къытехъукIа* ***″макъ зэгуэт псалъэ″р къыпыхьэ макъкIэрэ*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьу* ***ухуэ псалъэхэм*** деплъынщ.

″Щхъуэ″р зэхъуэкIыныгъэ зи мыхьэнэ плъыфэцIэщи, ар къызэрыхъу щIыкIэмрэ, фIыуэ зэхъуэкIыныгъэ зи мыхьэнэ псалъэхэри абы къыпыхьэж макъкIэрэ къытехъукIыжынур гурыIуэгъуэнщ: «къащхъуэ, щхъуантIэ».

***″Щхъу″*** *макъ зэгуэтым къытехъукIа* ***″макъ зэгуэт псалъэ″р зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″***хэм теухуа щапхъэхэми деплъынщ.

Уафэ зэхъуэкIыныгъэу къэхъур зы ″псалъэ зэгуэт″у къызэрыIуатэмрэ, мыпхуэдэр зэрыгъэзащIэ ″нывэ/мывэ″ри хэтыжу ухуэ ″псалъэ зэгуэт″щ мыхэр: «″уэ, щхъуэ″ → уащхъуэ; ″мывэ, щхъуэ″ → мыващхъуэ».

Мы псалъэ зэгуэтитIыр зыхэту ар къызэрыхъуар зи фIэщыгъэкIэ тхьэIуэныгъэу зэрахьэу щыта зы псалъэщ мыри: «″уащхъуэ, мыващхъуэ″ → уащхъуэ-мыващхъуэ!».

***″Щхъу″*** *макъ зэгуэт мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэр″****.*

″Щхъу″р щыIэгъуэрэ щыIэкIэ къэхъуныгъэрэ зэхъуэкIыныгъэ зи мыхьэнэ ″макъ зэгуэт″щи, мыр къызхуэкIуэ пкъы узыншэм узыгъуэ зэригъуэткIэрэ зохъуэкI, ауэ уз зиIэм ар къыщыхуэкIуэкIи и узыгъуэр зэрихъуэкIыу узыншэ ещIыр. Мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр къызэрыхъу щIыкIэрэ къэзыгъэхъур ″щхъу″ макъ зэгуэткIэрэщ къызэрыIуэтапхъэри, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «щхъухь - щхъуэхь, щхъухь-псыхь; хущхъуэ».

″Щхъу″ыр зыхэту плъагъу ″щыщхъу, зэщыщхъу″ псалъэхэри щыIэщ, ауэ мыбыхэм хэт ″щхъу″р ″щыщ″рэ ″хъун″ псалъэхэр зэгухьэу къэхъуа псалъэу лъытапхъэщи, ар щхьэж ″щхъу″ макъ зэгуэт мыхьэнэкIэрэ ухуа псалъэу лъытапхъэкъым. Араща, ″щыщхъу, зэщыщхъу″ псалъэхэм я мыхьэнэр ″щыщ хъун, зэщыщ хъун″ращи, мы псалъэхэр зэгуэту къыщыIукIэ къэхъуа псалъэщ ″щыщхъун, зэщыщхъун″ыр.

***″Щхъу″*** *макъ зэгуэтым бзэм* ***″префикс – суффикс къалэн″*** *хигъэзэщIыхькъым.*

### ″Щхьэ″ макъ зэгуэтыр.

″Щхьэ″ макъ зэгуэтым и къэхъукIэр ″тхьэ″ макъ зэгуэтым и къэхъукIэм хуэдэщи, ари цIыхум япэу зызэрилъыта ″хьэ″ макъ псалъэм къытехъукIарэ зы ″макъ зэгуэт псалъэ″уи утыку къихьащ. ″Тхьэ″ макъ

зэгуэт псалъэр цIыхум (хьэ) щхьэщыкIыныгъэ зыхуиIэр къызэрыIуатэу зэрыщытым хуэдэу, ″щхьэ″ макъ зэгуэт псалъэри цIыхум (хьэ) и щыIэгъуэр зэрихь щIыкIэр къызэрыIуатэ псалъэу лъытапхъэщ. Аращи, ″щ″ макъыр щыIэгъуэм теухуауэ зэрыщытым ипкъ иткIи, ″щхьэ″ макъ зэгуэт псалъэр цIыху (хьэ) щыIэгъуэм теухуа мыхьэнэ зиIэу къэхъуащ. Ауэ дэтхэнэ зы псэущхьэм и ″щхьэ″ри зэрылъыта псалъэщ, икIи ар мы къызэрыхъуа щIыкIэм хуэдэ лэжьэкIэ зиIэущ бзэм щызэрызекIуэр.

***″Щхьэ″*** *макъ зэгуэтым къытехъукI* ***″макъ зэгуэт псалъэ″****р.*

***″Щхьэ″***р мы къызэрыхъуа щIыкIэм хуэдэу псэущхьэм и зы lэпкълъэпкъыр зэрылъыта зы ″макъ зэгуэт псалъэ″щ. Ар абы зэрыфIэщами зы щхьэусыгъуэфI иIэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэнти, щыIэгъуэр зэрылъытэрэ цIыху щыIэгъуэр зелъытауэ щыт щхьэкIуцIыр щхьэ кIуэцIращ зыдилъыр.

***″Щхьэ″*** *макъ зэгуэту къэхъуа* ***″макъ зэгуэт псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукIыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

***″Щхьэ″*** *макъ зэгуэт псалъэр* ***къыпыхьэ макъкIэрэ*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьу* ***ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зы lэпкълъэпкъыцIэу щыт ″щхьэ″м нэгъуэщI макъ къызэрыпыхьэкIэрэ къэхъуа псалъэхэщ мыхэр: «щхьэшхуэ»; «щхьэмцIэ – щхьэпцIэ, щхьэщэ, щхьэшэ щхьэкIуртIэ»; «щхьэнтэ, пIэщхьэгъ».

***″Щхьэ″*** *макъ зэгуэт псалъэр зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″***хэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «″цIыху, щхьэ″ → цIыхущхьэ; ″шы, щхьэ″ → шыщхьэ; ″вы, щхьэ″ → выщхьэ; ″мэл, щхьэ″ → мэлыщхьэ»; «″щхьэ, цы″ → щхьэц; ″щхьэ, тепхъуэ″ → щхьэтепхъуэ».

***″Щхьэ″*** *макъ зэгуэт мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэр″****.*

Дэтхэнэ гуэрым кIэ зэриIэм хуэдэу ″щхьэ″и иIэщи, дэтхэнэ гуэрым мы и кIэр зыдэщыIэ лъэныкъуэр ″икIэ″у зэрылъытэм хуэдэжу, дэтхэнэ гуэрым и ″щхьэ″р зыдэщыIэ лъэныкъуэри ″ищхьэ″ущ зэрылъытэр. ″Щхьэ″р зы lэпкълъэпкъыцIэу зытеухуа пкъыгъуэм и зы lыхьэр къызэрыIуатэ псалъэщи, а lэпкълъэпкъыр зыдэщыIэ зэрылъытэращ ″ищхьэ″р. Аращи, ″ищхьэ″ псалъэр икIи зы пкъыгъуэм и ″щхьэ″р зыдэщыIэ lыхьэр къызэрыIуатэ псалъэщ, икIи а пкъыгъуэм елъытауэ а лъэныкъуэр зэрылъытэ ″лъэныкъуэ плъыфэцIэ″щ.

″Ищхьэ″р ″щхьэ″р зыдэщыIэ лъэныкъуэр къызэрыIуатэ плъыфэцIэщ, икIи ″щхьэ″р зыгуэрым и къежьапIэрэ и лъэгапIэ лъэныкъуэу зэрыщыткIэрэ, щхьэжу ″ищхьэ″ псалъэмкIэ лъытэр мыпхуэдэхэращ. Ар зыгуэрым ищхъэрэ, илъабжьэ, и ухыпIэм и пхэндж мыхьэнэ зиIэ псалъэщи, мыпхуэдэу щхьэжу бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа псалъэщ мыхэр: «lуэхум ищхьэ, псалъэм ищхьэ; ищхьэм тет, ищхьэмкIэ».

Къызэрыхъуа щlыкlэм елъытарэ теухуащи, дэтхэнэ зы пкъыгъуэрэ гуэрым и ехыпlэрэ и ищхьэрэм и пхэндж лъэныкъуэкlэ щыlэ и lыхьэр а пкъыгъуэм елъытауэ ″ищхьэ″у зэрылъытэм ипкъ иткlэ, а пкъыгъуэр къызэрыlуатэ псалъэр ″ищхьэ″ псалъэм и ″и″м ипlэм иувэу а пкъыгъуэрэ гуэрым ″ищхьэ″р къэlуатэу псалъэхэр мэухуэр: «сэм ищхьэ → сащхьэ; дзэм ищхьэ → дзащхьэ; жьэм ищхьэ → жьащхьэ; къум ищхьэ → къущхьэ; кхъэм ищхьэ → кхъащхьэ».

Дэтхэнэ гуэрым ищхьэр мыпхуэдэ псалъэмкlэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ, икlи мыпхуэдэу щхьэж зы lуэхугъуэрэ гуэрыр къызэрыlуатэ псалъэхэри утыку къызэрихьэри гулъытапхъэщ: ″унэм ищхьэ → унащхьэ; ″кlадэм ищхьэ″ → кlэдащхьэ; ″пхъэ лlэужьыгъуэрэ мым ищхьэ″ → пхъэщхьэмыщхьэ».

Зытеухуам и лъэгапlэрэ къежьапlэ lыхьэ лъэныкъуэр зытеухуар къизыlуэ псалъэр ″и″м ипlэ иувэу ухуа псалъэхэм хуэдэ зэпкъырыувэкlэ зиlэущ lэпкълъэпкъыцlэ гуэрхэри зэрыухуари, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «lэщхьэ, лъащхьэ, нащхьэ».

Зы псалъэу щымытми, макъ гуэрхэр я макъ мыхьэнэкlэрэ ″и″м ипlэ къиувэу мы къэта щапхъэхэм хуэдэу ″ищхьэ″ мыхьэнэ зиlэ псалъэ зэрыухуэфынури гурыlуэгъуэнщ: «lуащхьэ».

Мы къэта щапхъэхэр ″щхьэ″р псалъэхэм суффикс язэрыхуэхъу щlыкlэу ухуэ псалъэхэуи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, ищхьэм и ″и″м ипlэм псалъэ къиувэу ″щхьэ″р и макъ мыхьэнэкlэрэ суффикс къалэн зэригъэзащlэмрэ, а лъэныкъуэр lуэху гъэзэщlапlэу глаголхэм префикс язэрыхуэхъуу бзэм зэрыхэлэжьыхьым илъабжьэкlэ и гугъу щытщlынщ. Ауэ зэрыгурыlуэгъуэщи, глагол гуэрхэр зэрыгъэзащlэрэ щыгъэзащlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр префикс зэрыхъукlэрэщ зэрыухуэри, мыпхуэдэу ″щхьэ″ префикскlэрэ ухуэу утыку къихьэ глаголыщlэхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «щхьэщысын, щхьэщытын, щхьэщылъын, щхьэщыцlын, щхьэщыцlэн, щхьэщыгуэн, щхьэщыкуэн, щхьэщыкъуэн, щхьэщыкхъун, щхьэщыкхъуэн, щхьэщыхын, щхьэщынэн».

Зы lэпкълъэпкъыр къызэрыlуэта ″щхьэ″ псалъэр къызтехъукlар ″цlыху″ зи мыхьэнэ ″хьэ″ращи, абы и щыlэгъуэр (щ) зэрылъытэ зы псалъэщ. Зы цlыху щыlэгъуэр зэрылъыта ″щхьэ″р зэрыигъуэкlэрэ дэтхэнэ зы цlыху нэрыбгэри зэрылъытапхъэ псалъэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэнти, ″щхьэ″ псалъэр икlи зы нэрыбгэр зэрылъытэ псалъэу бзэм щызекlуэу зэрыщlидзар гулъытапхъэщ: «зы щхьэ, щхьэ закъуэ, щхьэж, щхьэ lуэху (и щхьэ lуэху, си щхьэ lуэху)».

Зы цlыхур мыпхуэдэу зэрылъытэм къыкlэлъыкlуэу жыlэпхъэщи, дэтхэнэ зы псэущхьэмрэ дэтхэнэ гуэрэри зырэ езырауэ зэрылъытэкlэрэ ″щхьэ, щхьэж″ псалъэкlэ къэlуэтэфу бзэ лэжьэкlэ къызэрыхъуари

гулъытапхъэщ: «щхьэж lуэху, lуэху щхьэж, lуэхущхьэ, зы lуэхущхьэ, щхьэж lуэхугъуэ, lуэхугъуэ щхьэж, щхьэж зы lэщ, зы lэщыщхьэ».

Дэтхэнэ зы цlыхур зы нэрыбгэу ″щхьэж″у зэрылъытэм нэмыщl, цlыху гупым ужьыгъуапlэрэ пашэ яхуэхъуу я ипэ иту нэхъапэу лъытапхъэхэри ″щхьэ″ псалъэ зыхэту ухуэ псалъэхэмкlэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщ: «лlыщхьэ, lэтащхьэ»; «нэхъыщхьэ».

Клэ зиlэм щхьэи зэриlэр гурыlуэгъуэщи, клыхьагърэ псыгъуагъ зиlэ клэ лlэужьыгъуэр ″клапсэ″ псалъэмкlэ къызэрыlуатэм хуэдэу, клапсэкl зэрыдзапlэу щытрэ клапсэм щхьэ хуэхъуплэр къызэрыlуатэ щlыклэу ухуащ мы псалъэри: «щхьэпс».

Цlыхум имызакъуэу, дэтхэнэ зы псэущхьэрэ щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр ″щхьэ, щхьэж″у зэрылъытэм зэрезэгъщи, дэтхэнэ псэущхьэмрэ lуэхугъуэм и щыlэгъуэ лъэныкъуэклэ хуэфl хъунри ″щхьэ″ макъ зэгуэткlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщ: «щхьэпэн, щхьэпэ».

Къызэрыхъуари и мыхьэнэми щыгъуазэ дызхуэхъуа ″щхьэ″ макъ зэгуэтыр зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у бзэм зэрыхэхьар зы lэпкълъэпкъыцlэущ. Ауэ ар и макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуа псалъэхэщ мы зи гугъу тщlарэ къэта щапхъэхэр. Аращи, ″щхьэ″ псалъэм и мыхьэнэми зэрезэгъкlэрэщ ар и макъ мыхьэнэкlэрэ бзэми зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр. Мы псалъэхэм зэрезэгъщи, дэтхэнэ гуэрыр ″щхьэ, щхьэж″у зэрылъытэм къызэрыгуэкlкlэ, зэхуэмыдэрэ зэхэкlыныгъэ зиlэхэр къызэрыlуэтапхъэ псалъэхэри ″щхьэ″ макъ зэгуэт зыхэту зэрыухуэфынур гурыlуэгъуэнщ: «щхьэхуэ, щхьэхуит, щхьэхуитыныгъэ».

Цlыху щыlэгъуэм теухуауэ ухуа псалъэщ ″щхьэ″ри, абы и зекlуэкlэрэ абы хуэкlуэр щыlэгъуэм теухуащ. Абы хуэкlуэрэ еуалlэри ″щхьэ″ псалъэрэ макъ мыхьэнэ лъэныкъуэклэ еджапхъэу ухуэ псалъэхэмкlэщ къызэрыlуатэр: «щхьэкlуэ, щхьэкlуэ щlын, щхьэкlуэ хуэхъун».

″Щхьэ″р утыку къызэрихьарэ зытеухуар гурыlуэгъуэщи, лэжьакlуэщ. Абы и лэжьэкlэр щеужьыхрэ мащlэ щыхъури ″щхьэ″м теухуауэ ухуа псалъэхэмкlэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщ: «щхьэукъуэн; щхьэхын, щхьэхынэ».

″Щхьэ″р дэтхэнэ гуэрым и лъэгапlэрэ тетыплэри къызэрыlуатэ псалъэщ, икlи мыпхуэдэхэр къызтехъукl псалъэрэ макъ зэгуэтщ. Аращи, зэрахьэжэ lэмэпсымэу пкъыгъуэ хьэлъэр яхьэжэну гуэдзым ищхьэм зэрытетым папщlэрагъэнщи, ″щхьэл″ущ зэралъытар.

″Щхьэ″ псалъэр утыку къызэрихьарэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, ар сытми и нэхъыщхьэрэ и къежьапlэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″щхьэ″ псалъэр къэхъу-къэщlыу хъуарэ утыку къихьэ дэтхэнэ гуэрыр къызэрыхъурэ къызэрыщlым лъабжьэрэ къежьапlэ хуэхъур зэрылъытэ псалъэрэ макъ зэгуэт мыхьэнэщ. Ар дэтхэнэ гуэрыр къызэрыхъурэ къызэрыщlым и къежьапlэрэ лъабжьэр

къызэрыlуатэ макъ зэгуэтрэ икlи зы псалъэращи, зыгуэрым и къэхъуныгъэмрэ ар къызэрыхъунум лъабжьэ хуэхъу упщlэрэ пэджэжри ″щхьэ″ зыхэту зэрыухуапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″щхьэ″р икlи упщlэщ, икlи упщlэ пэджэжрэ пэгъуэкlыу дэтхэнэ гуэрыр къызэрыхъуарэ щыlэгъуэ иlэу утыку къызэрихьэм и упщlэрэ пэджэжщ; а гуэрым лъабжьэрэ къежьапlэ хуэхъур къэзыгъэунэху упщlэрэ пэджэжыр зэрыухуэ макъ зэгуэт мыхьэнэрэ псалъэращ: «сыт щхьэ, ар щхьэ; абы щхьэ»; «щхьэусыгъуэ».

*″**Щхьэ**″ макъ зэгуэтым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

Дэтхэнэ гуэрыр щхьэж зэрылъытэ псалъэщ ″щхьэ″ри, зыгуэрым ищхьэ лъэныкъуэм тещlыхь lуэхугъуэри глаголхэм ″щхьэ″р префикс зэрыхъукlэрэ къоlуатэр. Ауэ а lуэхугъуэр зыгуэрым ищхьэм щызэрыгъэзащlэр ″щхьэ″м щыгъэзащlэ къизыlуэ ″щ″ макъыр къыкlэлъыкlуэжущ къызэрыlуэтапхъэри, глаголхэр префикситl иlэущ зэрыухуэр. Мыпхуэдэ щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «щхьэщыин, щхьэщыун, щхьэщыуэн, щхьэщыlун, щхьэщыlуэн, щхьэщысыхьын*, щхьэщызын, щхьэщыдзын, щхьэщыгъын, щхьэщыгъун, щхьэщыджын, щхьэщыджэн, щхьэщыдын, щхьэщыдэн, щхьэдытын, щхьэщытlын, щхьэщытlэн, щхьэщыжын – щхьэщыжыхьын*, щхьэщыжэн, щхьэщыжьын, щхьэщыжьэн, щхьэщыщын, щхьэщыщlын – щхьэщыщlыхьын*, щхьэщыщlэн, щхьэщычын, щхьэщычэн, щхьэщыкlын, щхьэщыкlуэн, щхьэщыхъун, щхьэщыхун, щхьэщылъэн, щхьэщылэн, щхьэщылlэн, щхьэщыпlын, щхьэщывын, щхьэщывэн».

Глагол гуэрхэм я гъэзэщlэкlэм теухуащи, мы префиксхэр къищтэу зэрыгъэзащlэр lуэхур къызэрекlуэкl щlыкlэри къизыlуэ суффикс къызэрыпыхьэкlэрэщ. Мыпхуэдэхэр ″*″ нэгъыщэкlэ къэгъэлъэгъуащ.

″Кlэ зиlэм щхьэ иlэщ″ зэрыжаlэу, икlэ лъэныкъуэм и пхэнджри ″ищхьэ″щи, ″щхьэ″р мыпхуэдэу лъэныкъуэ гъэлъагъуэу дэтхэнэ зы псалъэм, - нэхъ игъуэуи щыlэцlэхэм- суффиксу къыпахьэр. Мыбыхэм теухуа щапхъэхэр ди ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ. Ауэ ″щхьэ″р зы lэпкълъэпкъыцlэу зэрыщытым къызэрыгуэкlщи, илъабжьэкlэ къэта щапхъэ гуэрхэр икlи ″псалъэ зэгуэт″у зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ: «lэщхьэ, lущхьэ, lуэщхьэ, сэщхьэ, цlэщхьэ, цыщхьэ, дзэщхьэ, гъуэщхьэ, гущхьэ, дэщхьэ, тlыщхьэ, жьыщхьэ, жьэщхьэ - жьащхьэ, щэщхьэ, щlыщхьэ, шыщхьэ, чыщхьэ, кlыщхьэ, кlэщхьэ – кlащхьэ, къущхьэ, кхъащхьэ, кхъуэщхьэ – кхъуащхьэ, хъущхьэ, хыщхьэ, хущхьэ, хьэщхьэ, лъащхьэ, лыщхьэ, лlыщхьэ, выщхьэ».

## ″Ш″ МАКЪЫМКlЭ КЪЕЖЬЭ МАКЪ ЗЭГУЭТХЭР: «ШХ, ШХУ».

″Ш″ макъыр щыlэгъуэ зиlэм къыхэхъукl продукцэщи, абы къыпыхьэ макъ мыхьэнэр ″ш″ эффектклэрэ лажьэу ″макъ зэгуэт″ мэухуэр.

**″Шх″ макъ зэгуэтыр.**

*″**Шх**″ макъ зэгуэтым къытехъукl ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр.*

″Ш″ым мы и мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, абы щыlэхэр зытет лъабжьэм теухуа мыхьэнэ зиlэ ″х″ыр къыпыхьэу ухуэ ″шх″ макъ зэгуэтым и мыхьэнэри щыlэгъуэм къыщlэхъуэу (ш) ехыныгъэ (х) зиlэрауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. ″Шх″ макъ зэгуэтыр къызэрыхъуарэ бзэм зэрыхэлэжьыхьри мы и мыхьэнэклэрэщи, ″**шхы**″р щыlэгъуэм къыщlэхъуэ гъэшрэ шхыныгъуэр шхалъэм зэрехыр зэрыгъэзащlэ ″**шхы**н″ глаголыпкъыу зы ″макъ псалъэ зэгуэт″щ. ″Шхын″ lуэхугъуэр гъэзащlэу зэрыщытри ар зэрызекlуэр къэзыгъэлъагъуэ ″э″ макъ къызэрыпыхьэжкlэрэ ухуэж макъ псалъэу ″**щхэн**″ глаголращ къызэрыlуатэр.

″Шхын″ lуэхугъуэкlэ шхалъэм едгъэхрэ ″шхыпхъэ″у щытри щхьэж зы псалъэу ″**шхын**″ущ зэрылъытэр.

″Шх″ макъ зэгуэтыр къызэрыхъуари мы зи гугъу тщlахэр къызэрыlуэтэн папщlэу жыlэпхъэщи, ″шх″ макъ зэгуэтыр ″шхын″ lуэхугъуэм теухуауэ къэхъуауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

*″**Шх**″ макъым къытехъукla **″макъ зэгуэт псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

*Я*пэу *″**ших**″ макъ зэгуэтым къытехъукl ″**макъ зэгэут псалъэ**″хэр **къыпыхьэ макъклэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Шхын″рэ шхыуэ щытын зи мыхьэнэ ″шхэн″ глаголхэр зэрыгъэзащlэ щlыклэр къэзыгъэлъагъуэ макъ къыпыхьэу ухуэж глаголхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «ишыхьын, lушхыхьын – lушхыкlын, гуэшхыхьын – гуэшхыкlын, дэшхын, дэшхэн, дэшхыхьын – дэшхыкlын, зэдэшхын, зэдэшхэн, щlэшхэн, щlэшхыхьын – щlэшхыкlын, клэрышхэн, клэрышхыхьын – клэрышхыкlын, хэшхын, хэшхэн, хэшхыхьын – хэшхыкlын, пышхын, пышхэн, пышхыхьын – пышхыкlын, флэшхын, флэшхэн, флэшхыхьын - флэшхыкlын».

″Шхьын, шхэн″ lуэхур зытеухуа ″шхын″ыр зыдех lэпкълъэпкъри хэтыжу, мы глаголхэм я лэжьэклэу ухуа псалъэщ мыхэри: «шхалъэ, шхапlэ, шхаклуэ, шхэклуэн, ешхэклуэн, шхэр, шхэрей».

Глагол инфинитив формэкlэ ухуа ″шхын″ псалъэри къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэри: «шхыныгъуэ, дэшхын».

*″**Шх**″ макъ зэгуэтым къытехъукlа ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэм теухуа щапхъэми деплъынщ.

″лы, шхы(н) → лышх;

«″шхын, фlы″ → шхыныфl; ».

*″**Шх**″ макъ зэгуэт мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

Tlанэ, егъэщхьыныгъэкlэрэ ″шхын″ псалъэр лъабжьэу зэрыхуэхъукlэрэ къэхъуа жыlэкlэ псалъэхэри щыlэщ. Мыпхуэдэщ зы псалъэщхьэм и лырэ и фэм етlэхъун хуей щыхъур къызэрыlуатэу ″шхэн″ыр етlуанэ мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр: «шхэн, щlыфэр шхэн (и щlыфэр машхэ)».

Зыгуэрым хузэгуэпарэ хуэгубжьауэ ехъурджэнри ар ″шхын″ хуэдэрэ пэлъытэ мыхьэнэкlэрэ ухуа псалъэмкlэщ къызэрыlуатэр: «шхыдэн, ешхыдэн, зэшхыдэн».

″Шх″ макъ зэгуэтыр къызэрыхъуари и мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, щыlэгъуэ зиlэ гуэрым (″уэ″м) къыщlэхъуэу (ш) ехыгъуэ (х) зиlэу щытрэ гъэзащlэри зэрыигъуэкlэрэ ″шх″ макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщ: «ушх, къешхын, ушх къешхын».

*″**Шх**″ макъ зэгуэтым бзэм ″**префикс – суффикс къалэн**″ хигъэзэщlыхькъым.*

**″Шху″ макъ зэгуэтыр.**

Макъищу зэгуэтщ ″шху″ри, абы и къэхъукlэр ″шх″ым ″у″ къыпыхьэжуи, ″ш″ым ″ху″ къыпыхьэжуи лъытапхъэщ. Дауи къырехъу, абы хиубыдэ макъхэр зэхуэдэщи, узэреджэ щlыкlэр зэщхьэщыкlми, ″шху″ макъ зэгуэт мыхьэнэр зэхъуэкlыщэкъым: къызщlэхъуэм тырищlэжрэ ужьыгъуэ зыгъуэтращ, къыщlэхъуэр зэрыхурэ зэрыужьращ.

*″**Шху**″ макъ зэгуэтым къытехъукl ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр.*

Мы и мыхьэнэм езэгъыу лъытапхъэщи, къызщlэхъуэм тырищlэжрэ зы ужьыгъуэ лlэужьыгъуэу лъытапхъэу щытыр ″**шху**э″ псалъэм къеlуатэр. Мыбы нэмыщl, щыlэгъуэ зиlэм къыщlэхъуэ продукцэщ ″ш″ыри, ″шэ″ри мыпхуэдэщ; шэхэкl лlэужьыгъуэри зы ″макъ псалъэ зэгуэт″у ″**шху**″уэщ зэрылъытар. Ар ″шэ″м къытехъукlарэ ″шэ-ы-ху → шху″уэ къэхъуауи еджапхъэщ; щыlэгъуэм къыщlэхъуэр къизыlуэ ″ш″ыр зэры″ху″ щlыкlэу ″ш-ху → шу″уэ къэхъуа зы псалъэуи еджапхъэщ.

″Шэ″ псалъэм ″щху″р къызэрытехъукlам хуэдэу, ″шэ″м къытехъукla зы ″макъ зэгуэт псалъэ″ри ″**шху**э″ращи, ар шэр къызыщlэхъуэ лы пшэрыпlэр зэрылъытэ псалъэщ.

Къызэрыхъуа щlыкlэрэ зэрызэпыщlари къызхэщыжу мы зи гугъу тщla ″щху, шхуэ″ макъ зэгуэт псалъэхэм нэмыщl, къиlуатэрэ и къэхъукlэр мы зи гугъу тщlахэм хуэдэу щымыт зы псалъэ хэтщ адыгэбзэми, ар ″шэн″ lуэхугъуэм хуэlуа псэущхьэр зэрылъыта ″шы″ псалъэм къытехъукlауэ жыlэпхъэщ. Аращи, шыр зешэным щхьэпэу шыщхьэм тырапхэрэ и кlапэри яlыгъыж кlапсэ зэрыхъа lэмэпсымэри ″**шхуэ**″уэщ зэрылъытар. Мы ″макъ зэгуэт псалъэ″р ″шы″рэ ″хун″ псалъэхэращ къызтехъукlари, мы ″шхуэ″р ″шы″р ″ху″нкlэрэ щхьэпэ хъууэ щыт (э) мыхьэнэкlэрэ ″шы-ху-э → шхуэ″уэ ухуа зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у лъытапхъэщ.

Ауэ ″шху″ макъ зэгуэтыр къызэрыхъуа щlыкlэм икlи ″шэн″ lуэхум теухуауи зэреджапхъэр гурыlуэгъуэнщи, мы къэта ″шхуэ″м хэт ″ш″ макъыр икlи ″шэн″ lуэху эффектуи лъытапхъэщ. Икlи ″шху″ макъ зэгуэт зыхэту шэныгъэ зи мыхьэнэуэ лъытапхъэу нэгъуэщl псалъэхэри хэтщ адыгэбзэми илъабжьэкlэ мыпхуэдэхэм я гугъу щытщlынщ. Икlи ″шы″ псалъэри ″шэ″м къызэрытехъкlари гурыlуэгъуэщи, ″шхуэ″р лъэныкъуитlкlи зешэн lуэхугъуэм теухуауэ ухуа псалъэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

″Шэн″ lуэхум хуэlуар ″шы″уэ (шэ-ы → шы) зэрылъытар бзэ зэпкъырыувэкlэм елъытауэ гъунэгъу дыдэу зэрылъытапхъэр жытlагъэххэщи, абыи куэд иужьыlуэкlэщ ар зэрызырихуэн lэмэпсымэ къигъэунэхурэ ари ″шхуэ″уэ цlыхум зэрилъытар. Аращи, мы ″шхуэ″ псалъэм ипэlуэу къэхъуауэ лъытапхъэщ ипэкlэ зи гугъу тщla ″шху, шхуэ″ псалъэхэр. Ауэ шыр зэрехуэн lэмэпсымэр зэрылъыта ″шхуэ″ псалъэри бзэ лэжьэкlэм фlыщэрэ зэрезэгъкlэрэ игъуэджэу къигъэхъуа зы псалъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

*″**Шху**″ макъым къытехъукla **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр**″.*

″Шху″ макъ псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэр: «шхупцlэ, шхупцlатэ».

Шэ къызщlэхъуэ лы пшэрыпlэр къызэрыlуатэ ″шхуэ″м къыпыхьэ макъкlэрэ къытехъукla псалъэщ мыри: «шхуэкъэб».

Шыр зэрашэ – зэрахуэ lэмэпсымэр зэрылъыта ″шхуэ″м къыпыхьэ макъкlэрэ къытехъукla псалъэщ мыр: «шхуэмылакlэ, шхуэlу».

*″**Шху**″ макъ зэгуэтым къытехъукla псалъэхэр зыхэту ухуэ **″псалъэ зэгуэт**″хэр.*

″Шху″ макъ зэгуэт псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэри: «″шху, псы″ → шхупс; ″шху, фlы″ → шхуфl; ″шху, удэ(н)″ → шхуудэ».

Лыпцlэ lыхьэр зэрылъытэ ″шхуэ″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыр: «″шхуэ, лы″ → шхуэл».

Шыр зэрырахуэ lэмэпсымэр къыlэрыlуатэ ″шхуэ″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъи къэтхьынщ: «″шхуэ, щlэ″ → шхуэщlэ, шхуэфl; ″шхуэ, жьы″ → шхуэжь; ″шхуэ, фlы″ → шхуэфl».

***″Шху″*** *макъ зэгуэт мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″****.*

″Шху″ макъ зэгуэтыр зэрыухуа ″ш″ макъыр зытеухуар ″шху″м къытехъукlа ″макъ зэгуэт псалъэ″хэм хыболъагъуэр. Ауэ щхьэж зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у бзэм хэмыхьами, ″шху″ макъ зэгуэтым къытехъукlауэ зи гугъу тщlыну псалъэхэм ″ш″ макъыр ″шэн″ lуэхугъуэкlэ зэрыхэтыр гулъытапхъэщ. Аращи, ″шху″ макъ зэгуэткlэрэ къэlуатэу lэпкълъэпкъ lыхьэ гуэрхэр зэрылъытэ псалъэхэщ мыхэр: «шхужь, шхулъэ».

***″Шху″*** *макъ зэгуэтым бзэм* ***″префикс – суффикс къалэн″*** *хигъэзэщlыхьыкъым.*

## ″ЛЪ″ МАКЪЫМКlЭ КЪЕЖЬЭ МАКЪ ЗЭГУЭТЫР: «ЛЪХУ».

***″Лъху″*** *макъ зэгуэтым къытехъукl* ***″макъ зэгуэт псалъэ″****хэр.*

Лъэ къызтехъукl лъабжьэ къизыlуэ ″лъ″ макъым ″ху″р къыпыхьэу утыку къихьэ ″лъху″ макъ мыхьэнэр лъэ зыгъуэт быныр утыку къигъэхьэнращ. Анэм и ныбэм илъ быныр гъащlэм къызэрытыригъэхьэрэ утыку къызэрыригъэхьэ ″**лъху**н″ глаголыпкъыущ ″**лъху**″р зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у бзэм зэрыхэтыр. ″Лъхууэ щытын″ри къызэрыlуэтапхъэ ″лъхуэ″р ″**лъхуэ**н″ глаголыпкъщ.

***″Лъху″*** *макъым къытехъукlа* ***″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукlыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

***″Лъху″*** *макъ зэгуэтым къытехъукlа* ***″макъ псалъэ″р къыпыхьэ макъкlэрэ*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьу* ***ухуэ псалъэхэм*** деплъынщ.

″Лъхун, лъхуэн″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъ къыпыхьэу ухуэж глаголхэщ мыхэр: «илъхуэн, lулъхун – lулъхуэн, гуэлъхун – гуэлъхуэн, дэлъхун – дэлъхуэн, телъхун – телъхуэн, щlэлъхун – щlэлъхуэн, кlэрылъхун – кlэрылъхуэн, хэлъхун – хэлъхуэн».

Мы глаголыпкъхэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэщ мыхэри: «лъхугъэ, лъхугъуэ, къэлъхыгъэ, къэлъхугъуэ, лъхугъэшхуэ, щылъху, дэлъху».

***″Лъху″*** *макъ зэгуэтым къытехъукlа ″макъ псалъэ″р зыхэту ухуа* ***″псалъэ зэгуэт″****щ мыхэри: «″къуэ, лъху(н)″ → къуэрылъху; ″пхъу, лъху(н)″ → пхъурылъху; ″мылъху(н), къуэ″ → мылъхукъуэ; ″тlэу, лъхуэн, ныкъуэ″ → зэтlэулъхуэныкъуэ – зэтlолъхуэныкъуэ; ″лъху(н), къуэ, лlы″ → лъхукъуэлl».*

″Лъху″ макъ зэгуэтыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэр ар зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у бзэм зэрыхэхьа щIыкIэущи, ар мыпхуэдэ лэжьэкIэм нэмыщI, *″**лъху**″р и макъ мыхьэнэкIэрэ **бзэм хэлэжьыхьу псалъэ ухуэкъым***.

*″**Лъху**″ макъ зэгуэтым бзэм ″**префикс – суффикс къалэн**″и хигъэзэщIыхькъым.*

## ″П″ МАКЪЫМКIЭ КЪЕЖЬЭ МАКЪ ЗЭГУЭТХЭР: «ПС; ПЩ, ПЩI, ПШ; ПХЪ, ПХЪУ; ПХ; ПЛЪ».

″П″ макъ мыхьэнэр гурыIуэгъуэщи, зы щыIэгъуэ зиIэм теухуарэ абы щымыщу ецырхъыныгъэкIэ пыщIэныгъэ зи мыхьэнэ макъщ. Мы мыхьэнэ зиIэ ″п″ым къыкIэлъыкIуэ макъхэмкIэ ухуэ ″макъ зэгуэт″ мыхьэнэри, мы ″п″ мыхьэнэр къыкIэлъыкIуэ макъхэмкIэ зэрылажьэ щIыкIэ зи мыхьэнэращ. Ар щыхъукIи, къыкIэлъыкIуэрэ зэрылажьэ макъ мыхьэнэм щымыщрэ ецырхъэныгъэ мыхьэнэкIэ пыщIаращ ″п″ыкIэрэ къежьэу ″п″ эффекткIэрэ лажьэу ухуэ ″макъ зэгуэт″хэм я мыхьэнэр. Аращи, ″п″ эффекткIэрэ ухуа ″макъ зэгуэт″ым и мыхьэнэр ″п″ым къыкIэлъыкIуэ макъым и мыхьэнэр къыщыунэхурэ къызэрыунэхъур, абы и хэхьэпIэрэ хэкIыпIэр, и къежьапIэрэ пэщIэдзэращ.

### ″Пс″ макъ зэгуэтыр.

*″**Пс**″ макъ зэгуэтым къытехъукI ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр.*

″П″ макъыр зыгуэрым щымыщрэ а гуэрым ецырхъыпIэу елъытэныгъэ зиIэр зытеухуа макъ мыхьэнэщи, мы ″п″ макъ мыхьэнэ эффектыр ″с″ыкIэрэ лажьэу ухуэ ″макъ зэгуэт″ыр ″пс″ыщ. ″П″ырэ щыIэгъуэ зиIэ гуэрым а нэхъ мащIэу телэбапIэ къизыIуэр нэсыныгъэрэ сыныгъэ мыхьэнэ зиIэ ″с″ыкIэрэ лэжьыгъэ игъуэту зэпкъырыувэ макъ зэгуэтращ ″пс″ыри, ар мыпхуэдэ псыгъуагъэрэ нэсыныгъэ зиIэу къэхъурэ щыIэгъуэ зыгъуэтыр къызэрыIуатэ макъ зэгуэт мыхьэнэкIэрэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр.

Зэрыухуа щIыкIэкIэ игъуэта мыхьэнэр гурыIуэгъуэщи, щыIэгъуэм и ужьыгъуэу щыIэгъуэр къыздынэса щыIэгъуэпэм нэсрэ зэрыскIэрэ къэхъуа щыIэгъуэщIэр ″пс″ макъ зэгуэтыр бзэм ″**псы**″уэ зы ″макъ псалъэ″у зэрыхэхьэкIэрэ къэIуэтауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

″Псы″м зэманкIэрэ къыхэхъукIри зэрыигъуэкIэрэ ″**псэ**″уэ зы ″макъ псалъэ″ущ бзэм къызэриIуэтар.

*″**Пс**″ макъ зэгуэтым къытехъукIа **″макъ зэгуэт псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукIыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

*″**Пс**″ макъ зэгуэтым къытехъукIа **″макъ зэгуэт псалъэ″хэр къыпыхьэ макъкIэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Псы″ макъ зэгуэт псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм хэлэжьыхьу ухуа псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «Псыжь, псышхуэ, псыхъуэ, псыlэ, псыпэ, псыдзэ, псыхьэ, псыф, псыфын – упсыфын – гъэупсыфын, псынэ».

″Псэ″ макъ зэгуэт псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм хэлэжьыхьу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «псэун, псэу, псэугъэ, псэугъуэ, псэущхьэ, псэхэн, псантхуэ, псапэ, псэгъу, псэф, еупсэн, хуэупсэн, ехъуэпсэн».

″Псэ″м теухуауэ жыlэпхъэщ псэщхьэм и зы псчэн лlэужьыгъуэу лъытапхъэ ″къепсын″ псалъэр зэрыухуари, ар ″псэ-ы-н → псын″ыр утыку къызэрихьа щlыкlэр къыпыхьэжу (къы-е-псын) ухуа псалъэщ.

″Псэ″м теухуарэ къыпыхьэ макъхэмкlэ ухуэж псалъэхэм щыщу лъытапхъэщ ″псэлъэн, псалъэ″хэр утыку къызэрихьари, абы ″псэ″м къыхэхъукlрэ къигъэщlа организацэу (лъэ) еджапхъэщ.

***″Пс″*** *макъ зэгуэтым къытехъукlа псалъэхэр зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″***хэм теухуа щапхъи къэтхьынщ.

″Псы″ макъ зэгуэт псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″гъутхьэ(н), псы″ → гъутхьэпс; ″ткlу(н), псы″ →(ткlу-э-пс)→ ткlуэпс; ″нэ, псы″ → нэпс; ″lу, псы″ → lупс; ″уэс, псы″ →(уэс-э-псы)→ уэсэпс»; «″псыкlэ, псылэ″ → псыкlэпсылэ».

″Псэ″ макъ зэгуэт псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэри: «″псэ, хун″ → псэхун – гъэпсэхун – зыгъэпсэхун; ″гу, псэху″ → гупсэху; ″гу, псэ″ → гупсэ; ″псэ, емыблэ(н)″ → псэемыблэ; ″нэ, псэ″ → нэпсей, нейпсей».

***″Пс″*** *макъ зэгуэт мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″***.

″Пс″ макъ зэгуэтым къытехъукl ″макъ зэгуэт псалъэ″хэмрэ ахэр къыпыхьэж макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьу ухуэж псалъэхэм, икlи а макъ зэгуэт псалъэхэр зыхэт ″макъ зэгуэт″хэм щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Икlи ″пс″ макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, ″псы, псэ″ псалъэхэм я мыхьэнэри гурыlуэгъуэ къытхуэхъуащ. ″Псы, псэ″р ″макъ зэгуэт псалъэ″хэу зэрыухуарэ бзэми фlыщэу зэрыхэлэжьыхьым папщlэщи, ″пс″ макъ зэгуэт зыхэт дэтхэнэ зы псалъэр ″псы, псэ″ лlэужьыгъуэ къытщыхъуу апхуэдэуи еджэным дыхущlокъур. Ауэ ″псы, псэ″ lуэху хэмылъу ″пс″ макъ зэгуэтыр и макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм хэлэжьыхьу псалъэхэр утыку къохьэри, мыбыхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Псы, псэ″р щыlэгъуэ ужьыгъуэр къыздынэсарэ мы ужьыгъуэпэм сырэ джыращи, щыlэгъуэр мы зэрыужь щlыкlэм нэмыщl, дэтхэнэ зыгуэрым ипэм нэсыныгъэрэ сыныгъэу къэхъу lуэхугъуэхэри ″пс″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ къызэриlуэтэнур гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ мыбы нэужьу ″пс″ макъ зэгуэт зыхэту къэта щапхъэхэри, ″псы″ псалъэр щыlэгъуэр къыздынэса ужьыгъуэпэр зэрыскlэрэ къызэрыхъуам хуэдэ мыхьэнэкlэрэ дэтхэнэ гуэрым ипэм нэсыныгъэхэри ″пс″ макъ зэгуэт

мыхьэнэкlэрэ къэlуатэу ухуа псалъэхэщ. Аращи, илъабжьэкlэ къэта псалъэхэри ″псы, псэ″ lуэху зыхэмылъу ″пс″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ ухуа псалъэхэу, гум къыщекlуэкlыу джыр зыдынэсрэ зэрыскlэрэ къэхъу lуэхугъуэр къэзыlуатэ псалъэхэу лъытапхъэщ: «гупсысэн, гупсысэ, псысэ; гушыпсэн, гушыпсэ, шыпсэ».

- Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщи, ″гупсысэн, гупсысэ, псысэ″ псалъэхэр бзэм икlи ″гупщысэн, гупщысэ, пщысэ″у зэрыхэтрэ зэрызекlуэр гурыlуэгъуэщ. Мы вариантитlым щыщу ″гупсысэн, гупсысэ, псысэ″ псалъэхэр нобэ ди литературэбзэм къыхихарэ зэрихьэу щыт псалъэхэращ, ауэ нэхъ лъабжьэрэ пэжыр ″гупщысэн, гупщысэ, пщысэ″ псалъэхэрауэ жыlэпхъэщ. Адыгэбзэ къэпсэлъыкlэу ″щ″ кlэухым ипlэкlэ ″с″ыр зэрызырахьэн (кlуащ → кlуас; хъунщ → хъунс) къыщlэхъуам щхьэусыгъуэ хуэхъурауэ жыlэпхъэщ ″гупсысэн, гупсысэ, псысэ″ псалъэхэр ″гупщысэн, гупщысэ, пщысэ″ псалъэхэм ипlэкlэ зэрахьэн къыщlэхъуам щхьэусыгъуэ хуэхъуар (гупщысэн → гупсысэн; гупщысэ → гупсысэ; пщысэ → псысэ) -.

Зыгуэрым и гъунапкъэрэ ипэм телэбапхъэрэ ецырхъыпхъэщ ″п″ макъ мыхьэнэри, зыгуэрыр зыгуэрым мыпхуэдэу зэрытелэбэу зэрынэсрэ зэрылъэlэсыр ″пс″ макъ зэгуэткlэрэщ къызэрыlуэтапхъэри, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «упсын, пхъэ упсын»; «пцlы упсын, пцlыупс»; «еупсеин, псей».

Дыгъэ бзийхэр зыгуэрым и гущlыlум (п) нэсынрэ (с) тыридзэн lуэхугъуэри зэрыигъуэкlэрэ ″пс″ макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщ: «къепсын (дыгъэр къопсри псым хопсэ), хэпсэн, тепсэн».

Мы щапхъэхэми гурыlуэгъуэ къызэращlщи, зыгуэрым хуэкlуэр апэрауэ абы ипэрэ и гъунапкъэращ зыхуэкlуэр. Зыгуэрым мыпхуэдэу хуэкlуэрэ хунэсыныгъэр ″пс″ макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэщ зыгуэрым флэкlыплэ зэримыlэкlэрэ хуэкlуэныгъэрэ нэсыныгъэ зи мыхьэнэ мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ ящlыр: «гъэпсын, зыгъэпсын, хуэгъэпсын, зыхуэгъэпсын, тегъэпсыхьын».

Гулъытапхъэщи, ″пс″ макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуатэу ухуа мы псалъэхэр ″псы, псэ″ псалъэхэм зикl зэпыщlэныгъэ зыхуимыlэми, ахэр ″псы, псэ″ мыхьэнэр лъабжьэ зэрытщlкlэрэ еджэну дызэрыхущlэкъур жытlагъэхэщ. Ауэ ″пс″ макъ зэгуэткlэрэ ухуауэ мы зи гугъу тщlы псалъэхэм и нэхъыбэм икlи ″псы, псэ″ лъэныкъуэкlи еджапхъэу зэрыщытри гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэу ″пс″ макъ зэгуэткlэрэ ухуэ псалъэхэу, икlи ″псы, псэ″ лъэныкъуэкlи еджапхъэ псалъэхэр мащlэкъыми, мыпхуэдэщ илъабжьэкlэ къэта щапхъэхэр: «псыгъуэ; кlапсэ, щхьэпс, къуэпс»; «псынщlэ».

″П″ макъ мыхьэнэр зыгуэрым и гъунапкъэм телэбапlэ хъунращи, а гуэрым ухуэмызэрэ а гуэрыр къэмыхъу ипэри зэрылъытэ макъ мыхьэнэуэ зэрыщытым ипкъ иткlэ, мы къэта щапхъэхэм ″псы, псэ″ нэхърэ ″пс″ макъ мыхьэнэкlэрэ еджапхъэщ.

И мыхьэнэкlэрэ ″пс″ыр зыгуэрыр къыщыхъу дыдэр къызэрыlуэтапхъэ макъ зэуэту зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, ″пс″ыр кlэух зыхуэхъуу зи мыхьэнэри къэхъугъащlэм теухуа псалъэ гуэрхэр зытеухуа lуэхугъуэр къызэрыхъуагъащlэ дыдэу мэлъытэр. Мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «щlэрыпс, иджыпсту (иджы-пс-т-у)».

Щыlэгъуэр къыздынэсапэр зэрысыр зэрылъытэрэ къызэрыlуатэкlэ къэхъуауэ жытlагъэххэщ ″пс″ макъ зэгуэтри, ар къызэрыхъуари ″псы, псэ″р къызэрыlуатэ щlыкlэу лъытапхъэщ. Щыlэгъуэр къыздынэсам щыджыр къызэрыlуатэ ″макъ псалъэ″щ ″псы″ри, абыи зэманкlэрэ ″псэ″р къызэрыхэужьыкlар гурыlуэгъуэщ. Аращи, ″псэ″р щыlэгъуэу хъуам я нэхъ ужьа щыlэгъуэ зиlэу утыку къихьаращи, ар щыlэгъуэ нэхъ зэпэщу лъытапхъэщ. ″Псэ″р а нэхъ зэпэщрэ зыхиубыдэр нэхъыбэу щыт щыlэгъуэ лlэужьыгъуэу зэрыщытрагъэнщи, ар икlи нобэ зы псалъэу бзэм хэт ″псо″ псалъэри къызтехъукларагъэн. Арагъэнщи, ″псо″ псалъэм и мыхьэнэр ″псэ ужьыгъуэ″у ″псэу″рауэ жыlэпхъэщи, мыпхуэдэ мыхьэнэи зиlэ ″псэу″р ″о″ макъыр бзэм зэрыхэхьэкlэрэ щхьэж зы псалъэу ″псо″уэ утыку къихьэу ″псэ, псэун, псэуныгъэ″ зи мыхьэнэ псалъэхэм щхьэщыкlыу бзэм щызекlуэу щlидзагъэнщ: «псэу →(эу → о)→ псо; псоу, псоугъэ».

***″Пс″*** *макъ зэгуэтым бзэм* ***″префикс – суффикс къалэн″*** *хигъэзэщlыхькъым,* ауэ ар и макъ мыхьэнэкlэрэ зыхуэигъуэ псалъэхэм суффикс къалэн хуигъэзэщlэну хуэщlэкъу зы макъ зэгуэту зэрыщытыр ипэкlэ къэта щапхъэхэм хыболъагъуэр.

*

″Пс″ макъ зэгуэтыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр гурыlуэгъуэщи, ″псы″ псалъэр щыlэгъуэ ужьыгъуэпэр къыздынэсарэ щысым теухуауэ космикэ мыхьэнэ зиlэу утыку къихьа зы ″макъ зэгуэт псалъэ″щ. Мыр ″пс″ макъ зэгуэткlэрэ ухуэ псалъэхэм и зы щапхъэфlщ, икlи ″пс″ макъ зэгуэткlэрэ къэlуатэу ухуа псалъэ псори зыгуэрым и гъунапкъэрэ ипэм нэсыныгъэ зиlэ lуэхугъуэу зэрыщытри ″пс″ макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуа псалъэхэм гурыlуэгъуэ къызэращlыр гулъытапхъэщ. Аращи, зэхуэмыдэ lуэхугъуэхэр мы ″пс″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ къэlуатэу псалъэхэр мэухуэр. Ауэ ″пс″ макъ зэгуэтым аргуэру макъ гуэр къыпыхьэжу утыку къихьэ ″макъ зэгуэт″хэри къытохъукlыжри, мыпхуэдэу ухуэ ″макъ зэгуэт псалъэ″хэми мыбдежым я гугъу щытщlыныр игъуэщ.

″Макъ псалъэ″рэ ″макъ псалъэ зэгуэт″хэр къыхэгъэщхьэхукlауэ къызэрыдгъэлъагъуэм езэгъыу къэдгъэлъэгъуэнщ ″пс″ым къыпыхьэж макъкlэрэ утыку къихьэ ″макъ зэгуэт″хэм къатехъукlыж ″макъ зэгуэт псалъэ″хэри.

Мыбыхэм щыщу зыр ″псы″м теухуауэ къэхъуа ″пскl″ макъ зэгуэтращи, ар псы зытекlэн lуэхур щхьэж зы lуэхугъуэу къызэрыlуатэ щlыкlэкlэ ″**пскlы**н, гъэ**пскlы**н (″пскlын″ lуэху гъэзэщlэн)″ глаголыр

зэрыгъэпса ″макъ зэгуэт псалъэ″у (**пкlы**) бзэм хэхьащ. Цlыхум псы зытеклэн lуэхугъуэу къыригъэкlуэкlыр бзэ лэжьэкlэри къыздынэса щlыпlэм къызэриlуатэ щlыкlэкlэ къэхъуащ ″гъэпскlын″ псалъэри, а lуэхур ″псы″ым теухуарэ ″кl″ макъым игъэзащlэри зэрыгурыlуэгъуэкlэрэ къэхъуащ ″пскl″ макъищ зэгуэтри, ар зы ″макъ зэгуэт″у бзэм зэрыхэмыхьари мы зи гугъу тщla lуэхугъуэр къызэрыlуатэкlэрэщ. Аращи, ″гъэпскlын″ глаголыр зэрыгъэпса щlыкlэр ″псы-кl → пскl″уэ утыку къихьа макъ зэгуэтищым и мыхьэнэр зэрыгъэзащlэкlэрэщ (гъэ-пскlын).

Мыбы нэмыщl, ″пскl″ макъ зэгуэткlэрэ ухуэу утыку къихьэ зы псалъэри ″щlэу**пскlэ**н″ращи, илъабжьэр щlихуу ипэкlэ кlуатэ сысыныгъэ ужьыгъуэу щыт мы lуэхугъуэр ″пскl″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэм къытехъукla зы псалъэщ.

″Щlэупскlэн″ псалъэм хэт ″пкl″ макъ зэгуэтымрэ ″псы икlын″ мыхьэнэкlэрэ къэхъуу зы ″макъ псалъэ″уи лъытапхъэр (пскlын, гъэпскlын) зэхуэдэ щlыкlэкlэ къызэрымыхъуар гурыlуэгъуэщ, икlи ″щlэупскlэн″ псалъэм хэт ″пскl″ макъ зэгуэтыр щхьэж зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у зэрыщымытри гурыlуэгъуэщи, ар зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ ″щl″ макъыр префикс зэрыхъукlэрэ ухуа зы псалъэщ.

Мы къэта щапхъэхэм нэмыщl, ″пс″ макъ зэгуэтым аргуэру ″ч″ макъыр къыгуэхьэжу ухуэ ″макъ зэгуэт″ щыlэщ: «псч». Ари, ″псэ″м теухуа ″чэн″ lуэхугъуэр къызэрыlуэтэну щlыкlэу бзэм къигъэхъу ″псчэн″ псалъэм хэтущ къызэрыхъуари, ″**псчэ**″р ″**псчэ**н″ глаголыпкъыу зы ″макъ псалъэ″щ.

### ″Пщ″ макъ зэгуэтыр.

*″**Пщ**″ макъ зэгуэтым къытехъукl ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр.*

″П″ макъыр щыlэгъуэм теухуа мыхьэнэ зиlэ ″щ″ыкlэрэ лажьэу утыку къихьа ″пщ″ макъым и мыхьэнэр щыlэгъуэм пыщlарэ щыlэгъуэ гъунапкъэм теухуащ. Мы псалъэм къызэрыгуэкlкlи, зыгуэрыр и гъунапкъэрэ ипэ лъэныкъуэкlэ кlуэуэ зэрыужь щlыкlэу и кlуэцlыр гъэбыбын lуэхугъуэу ″гъэпщын″ыр, зы лъэр зы щlыпlэм телъу ипэкlэ кlуэтэныгъэу ипэкlэ ищын lуэхугъуэу гъэзащlэ ″пщын″ыр, зы гуэрыр и гъунакъэкlэрэ утыку къилъхьэн lуэхугъуэу ″пщын, къэпщын, къэпщытэн″ыр ″пщ″ макъ зэгуэткlэрэ къэlуэтапхъэщ.

Мы дэтхэнэ зы lуэхугъуэри ″пщ″ макъ зэгуэт мыхьэнэр занщlэу бзэм псалъэ зэрыхэхъухькlэрэ къэlуатэу ″макъ зэгуэт псалъэ″хэу мэухуэри, ″пщын″ глаголыпкъыу ″пщы″р мы зи гугъу тщla lуэхугъуэхэм дэтхэнэ зыр къызэрыlуатэ ″макъ зэгуэт псалъэ″у бзэм хохьэр.

Мы зи гугъу тщlы ″пщ″ макъ зэгуэткlэрэ гъэзащlэу ″пщын″ глаголым утыку къырилъхьэ lуэхугъуэхэм щыщу япэ къэхъуар щыlэгъуэм теухуауэ

къекIуэкIрауэ жыIэпхъэщи, щыIэгъуэ лъабжьэ къизыIуэ ″щ″ыр и гъунапкъэкIэрэ (п) утыку къилъхьэн Iуэхугъуэращ.

Аращи, щыIэгъуэм теухуарэ щыIэгъуэ лъабжьэ зи мыхьэнэ ″щ″ым зэпыщIэныгъэ зиIэнрэ гъунэ хуэхъуныгъэр (п) къизыIуэ ″пщ″ макъ мыхьэнэм щыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрым и гъунэрэ и гъунапкъэм къызэрекIуэкIкIэрэ а щыIэгъуэр нахуэ щIын Iуэхугъуэу гъэзащIэр зэгъэпщэнрэ къэпщытэн псалъэхэри къызтехъукIа ″**пщы**н″ глаголыпкъыу зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у щыт ″**пщы**″ращ.

″Пщын″ Iуэхугъуэр зытеухуа дэтхэнэ гуэрым и гъунапкъэрэ и щыIэгъуэпIэкIэрэ зыгуэрыр къэгъэунэхунрэ утыку къилъхьэн Iуэхугъуэщи, зыгуэрыр зэрызэхэлъ пкъыгъуэ цIыкIухэри къызэрыгъэунэху Iуэхугъуэщ. Абы утыку къырилъхьэр щыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ гуэрырщи, зы щыIэгъуэр зэрызэхэлъ дэтхэнэ и зы IыхьэриI и гъунапкъэкIэрэ утыку къилхьэн Iуэхугъуэщ. Зы щыIэгъуэр кIэ зимыIэу лъытапхъэ щыIэгъуэкIэрэ зэрызэхэлъри гурыIуэгъуэщи, щыIэгъуэ зиIэр и гъунапкъэкIэрэ утыку къилъхьэн Iуэхугъуэу ″пщын″ глаголым игъэзащIэми кIэ имыIэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэу дэтхэнэ гуэрыр и щыIэгъуэкIэрэ къэгъэунэхун Iуэхугъуэщ ″пщын″ глаголымкIэ гъэзащIэри, а щыIэгъуэр зэрызэхэлърэ зэрызэпкъырылъыр физикэрэ шимикэри хэлъыжу дэтхэнэ и зы лъэныкъуэкIэ къэгъэунэхун, и логиерэ и математикэу утыку къилъхьэн Iуэхугъуэщ. Аращи, ″пщын″ Iуэхугъуэр зыгуэрым и кIуэцIкIэ зэрызэхэлъ щIыкIэри, абы и щыIэгъуэр зэрихь щIыкIэу гъэзащIэри, а гуэрым и инагърэ и кIыхьагъэри, и хьэлъагъэри утыку къилъхьэн Iуэхугъуэщ.

Зы щыIэгъуэ зиIэр ″пщын″ глаголкIэ къэгъэунэхунрэ утыку къилъхьэн Iуэхугъуэри зыгуэркIэ (IэкIэ, лъакъуэкIэ, е нэгъуэщI гуэркIэ) зэрыгъэзэщIэнури гурыIуэгъуэщи, зыгуэрыр мыпхуэдэу ″пщын″ Iуэхугъуэ къекIуэкIынур зэрегъэпщэн зы щапхъэрэ пщалъэ лъытэнри аргуэру ″пщы″уэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. ″Пщын″ Iуэхугъуэ къызтехъукIрэ зы щапхъэу щытыр ″пщы″уэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, цIыху зэхэтыкIэм теухуауэ щапхъэу ялъытэр адыгэбзэм зэрилъытэрэ къызэриIуатэри ″пщы″уэщ. Аращи, Адыгэ хабзэм щхьэжу е дэтхэнэ зы Iуэхугъуэм теухуауэ цIыху щапхъэрэ щыпкъэу лъытэр зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у ″**пщы**″щ. Мы ″макъ зэгуэт псалъэ″р бзэм щыхэхьарэ мы и мыхьэнэкIэрэ зекIуэу щыщIидзари цIыху зэхэтыкIэр къыщыхъурауэ зэрыщытынури гулъытапхъэщ. Адыгэ зэхэтыкIэр мыпхуэдэ ″пщы″ зэхэтыкIэщи, унагъуэм къыщIидзэу дэтхэнэ зы зэхэтыкIэрэ гупыгъуэр зы ″пщы″гъуэущ организэ зэрыхъуар; мыпхуэдэ зы зэхэтыкIэ зиIэ Адыгэм дэтхэнэ и зы нэрыбгэри щапхъэрэ пщалъэу щхьэж ″пщы″рэ ″пщы″пхъэущ зэрылъытэр.

″Пщ″ макъ зэгуэтыр щыIэгъуэ зиIэм и гъунапкъэм теухуа мыхьэнэ зиIэрщи, зыгуэрхэр я гъунапкъэкIэрэ зэхуэгъэзэнрэ зырэ зэхуэдэ щIын

lуэхугъуэри къызэрылуэтапхъэ макъ зэгуэтщ. Аращи, зыгуэрхэр зэхэгъэзэрыхьыныгъэклэрэ зырэ зэхуэдэ щlын lуэхугъуэу, зыгуэрыр зэрыухуэну щапхъэрэ пщалъэу утыку къилъхьэн lуэхугъуэри ″пщын″ глаголым къилуэтапхъэщ. Щапхъэмэ, щlакхъуэ щlын папщlэ хупщlынэм иращlылlэри ″**пщы**н″ глаголклэрэщ къызэрылуатэри, мыбы и глаголыпкъыу аргуэру зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у бзэм хохьэр ″**пщы**″р (хупщlынэ пщын).

Щылэгъуэ зилэ дэтхэнэ гуэрым щхьэрэ клэ зэрилэр гурылуэгъуэщи, ″щхьэ″р щылэгъуэ зилэм и щылэгъуэр зэрыхь лъэныкъуэу, дэтхэнэ гуэрым и щхьэр адрей и пкъыгъуэ лъэныкъуэм елъытауэ къызэрежьэрэ зэпкъырылъыплэри ″пщ″ макъ мыхьэнэклэрэ зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у ″**пщэ**″уэщ къызэрылуэтар. ″Пщэ″р щхьэр зыдэщылэ лъэныкъуэу а пкъыгъуэм и щылэгъуэм и ″пщы″рэ и пщалъэр зыдэщылэ лъэныкъуэращ. Апхуэдэ лъэныкъуэри зы лъэныкъуэ плъыфэцlэу ″ипщэ″ущ зэрылъытэр.

″Пщ″ макъ мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыклэу утыку къихьэ ″**пщы**н″ глаголыпкъыу щыт ″**пщы**″м утыку къырилъхьэ адрей зы бзэ мыхьэнэри мыращ: ипэклэ (п) ищыныгъэрэ ипэклэ щылэ (щ) хъуныгъэу, зыгуэрыр зытет щlы (щ) гущlылум щихъуэу (п) клуэтэныгъэращ.

Мыбыхэм иужьрагъэнщ гъунапкъэклэрэ (п) щылэгъуэ (щ) зэхъуэклыныгъэу къэхъу бэгын lуэхугъуэри ″пщ″ макъ мыхьэнэклэрэ къэlуатэу ″**пщы**″р аргуэру зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у ″**пщы**н″ глаголыпкъыу бзэм щызекlуэу щыщlидзар (къэ**пщы**н, и**пщэ**н).

*″**Пщ**″ макъ зэгуэтым къытехъукla **″макъ зэгуэт псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъуклыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэрауэ *″**пщ**″ макъ зэгуэтым къытехъукla ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр **къыпыхьэ макъклэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зыгуэрыр и щылэгъуэрэ щылэклэклэ утыку къилъхьэнрэ налуэ щlын зи мыхьэнэ ″пщын″ глаголыр бзэм нэхъыбэу щызэреклуэ щlыклэр ар зэрыгъэзащlэ щlыклэр къэзыгъэлъагъу макъхэр къыпыхьэу ухуэж мы префиксиал глаголхэращ: «зы къежьапlэ (къ) илэу зэрыгъэзащlэу ″къэпщын″; зыгуэрым хуэклуэу зэрыгъэзащlэу ″егъэпщэн″; зыгуэрыр нэгъуэщl гуэрм теухуауэ зэрыгъэзащlэу ″зэгъэпщэн″»; «″пщын″ lуэхур къызэрыщlидзарэ (къ) зэщхьэщыклыу зэрыклуатэклэрэ (тэ) зэрыгъэзащlэр къызэрылуатэу ″къэпщытэн″».

Ар щыгъэзащlэ щlыплэр къэзыгъэлъагъуэ макъ къыпыхьэуи префиксиалу зэрыухуэжыфынури гурылуэгъуэщи, lуэхур мы щыгъэзащlэ щlыплэм къеклуэклыу зэрыщытри ″э″рэ ″хь″ клэухклэрэ зэрыухуэжуи къолуатэр. Мыбыхэм теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «ипщэн - ипщыкlын, lупщэн – lупщыхьын, гуэпщэн – гуэпщыхьын, дэпщэн – дэпщыхьын – дэпщыкlын, щlэпщын – щlэпщэн – щlэпщыхьын – щlэпщыкlын,

кlэрыпщын – кlэрыпщэн – кlэрыпщыхьын – кlэрыпщыкlын, хэпщын – хэпщэн – хэпщыхьын – хэпщыкlын, пыпщын – пыпщэн – пыпщыхьын – пыпщыкlын».

″Пщын″ lуэхугъуэкlэ щхьэпэу, зэгъэпщапхъэу щытри ″пщын″ глагол зи лъабжьэу къэхъуа псалъэхэмкlэ къызэрыlуэтэнур гурыlуэгъуэнщ: «пщыпхъэ, зэгъэпщапхъэ». Мыпхуэдэу ″пщын″ lуэхугъуэр зы ″пщы″пlэм итращ зытеухуауэ зэрыгъэзэщlапхъэри, мыпхуэдэ зы ″пщы″гъэрэ зэгъэпщапхъэу щытри ″пщалъэ″ущ зэрылъытэр.

Зыгуэрхэр зэрылъытэрэ наlуэ къызэрыхъур ″пщын″ глаголкlэрэщи, зэрызэхэлъыр мынаlуэу щыт (д) гуэрыр зэрызэхэлърэ зыхуэдизым теухуа упщlэри ар зи пщалъэу щытыр (пщы-э) къыхэщу ″пщын″ lуэхугъуэм теухуауэщ къызэрыlуатэр: «дапщэ, дэпщэщ».

″Пщын″рэ зэгъэпщэныгъэкlэ къекlуэкlыр къыздыщекlуэкl щlыпlэр къэзыгъэлъагъуэ макъ (гу) къыпыхьэу, ар къыздыщекlуэкlым хунэсрэ и сыгъуэу гъэзащlэ lуэхугъуэри зы ″пщы″ лlэужьыгъуэщ къызэрыlуатэр: «гупщысэн, гупщысэ; пщысэ».

Цlыху зэхэтыкlэм теухуа щапхъэрэ пщалъэр щхьэж зэрылъыта ″пщы″ псалъэри къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэри: «пщыгъэ, пщыгъуэ, пщыпlэ, пщышхуэ, пщыпхъэ».

Адыгэ зэхэтыкlэр ″пщы″ системэу зэрыщытым ипкъ иткlэ, абы къыщlэхъуэ дэтхэнэ зы нэрыбгэр щапхъэрэ пщыпхъэущ зэрылъытэри, Адыгэ фlэхъус ехыныгъэри дэтхэнэ зы нэрыбгэм къигъуэгурыкlуарэ къызхэхъукlа лъэпкъыр хиубыдэжу (а) пщыпхъэрэ пщыпlэм иту (пщий) зэрылъытэкlэрэщ (апщий): «фlэхъус апщий! – упсэу апщий!».

Зы Адыгэ цlыхубзыр зэрылъытэ ″пщащэ″ри къызтехъукlыр ″пщы″м мы и мыхьэнэрагъэнщи, ар щапхъащэрэ пщалъэ дыдэу зэрылъытэкlэрэ ″пщы дыдэ″рэ ″пщы лъэщ″у зыгурыгъэlуапхъэщ.

Адыгэ зэхэтыкlэр пщы зэхэтыкlэрэ щхьэж дэтхэнэ зы нэрыбгэри ″пщы″пхъэу зэрылъытэм зэрезэгъщи, абыхэм шхыныгъуэ яхуэгъэхьэзырынрэ щагъэхьэзыр щlыпlэри мы ″пщы″ псалъэм и мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэщ къызэрыlуатэр. Аращи, мы псалъэхэр ″пщы гъэфlэн″рэ ар къыздыщекlуэкl щlыпlэр къызэрыlуатэ псалъэхэщ: «пщэфlэн, упщэфlын, пщэфlапlэ».

Ипэкlэ кlуэтэныгъэ зи мыхьэнэ ″пщын″ псалъэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпыхьэу ухуэж глаголхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «ипщын – ипщэн – ипщыхьын – ипщхьэн – ипщыкlын, lупщын – lупщэн – lупщыхьын – lупщхьэн – lупщыкlын, гуэпщын – гуэпщэн – гуэпщыхьын – гуэпщхьэн – гуэпщыкlын, тепщын – тепщэн – тепщыхьын – тепщхьэн – тепщыкlын, щlэпщын – щlэпщэн – щlэпщыхьын – щlэпщхьэн – щlэпщыкlын, кlэрыпщын – кlэрыпщэн – кlэрыпщыхьын – кlэрыпщхьэн – кlэрыпщыкlын, хэпщын – хэпщэн – хэпщыхьын – хэпщхьэн - хэпщыкlын».

Зыгуэрыр гъэбэгыныгъэ зи мыхьэнэ ″пщын″ псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Зыгуэрыр и кlуэцlкlэрэ зэрыбэгыр къызэрыlуатэ глаголщ ″пщын″ри, ар а гуэрым теухуауэ гъэзэщlэныгъэ зы lуэху лlэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мыри ″гъэ″ префикс къищтэу зэрыухуэжращ къызэрыlуатэр: «гъэпщын, къэгъэпщын».

″Пщын″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъ къыпхьэу ухуэж глаголхэм теухуа щапхъэри къэтхьынщ: «ипщын – ипщэн, lупщын – lупщэн, гуэпщын – гуэпщэн, дэпщын – дэпщэн, тепщын – тепщэн, кlэрыпщын – кlэрыпщэн, къуэпщын – къуэпщэн, хэпщын – хэпщэн, пыпщын – пыпщэн».

″Пщын″ глаголым и зы мыхьэнэри зыгуэрыр зэрыхъупlэм хуэгъэкlуэныгъэу зыгуэрхэр зэщыщхъу щlыныгъэщи, ар бзэм нэхъыбэу щызэрызекlуэри зытеухуарэ къыздыщекlуэкlыр къэзыгъэлъагъуэ макърэ псалъэ къыпыхьэущ: «хэпщэн, зэхэпщэн, хупцlынэ пщын».

Ар зэрыгъэзащlэ щlыкlэрэ щlыпlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпыхьэу зэрыухуэжым теухуа щапхъэщ мыхэри: «ипшэн – ипщыхьын, lупщын – lупщэн – lупщыхьын, гуэпщын – гуэпщэн – гуэпщыхьын, дэпщын – дэпщэн – дэпщыхьын, зэдэпщын – зэдэпщэн, щlэпщын – щlэпщэн – щlэпщыхьын, кlэрыпщын – кlэрыпщэн – кlэрыпщыхьын, хэпщэн – хэпщыхьын, пыпщэн – пыпщыхьын».

Зы lэпкълъэпкъыцlэу щыт ″пщэ″ макъ псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «пщэшхуэ, пщэхъу, пщапмlэ, пщэдыкъ».

″Пщэ″р зы щlыпlэ къэзыгъэлъагъуэ псалъэщи, абдежым щыгъэзащlэ lуэхугъуэр къызэрыlуэтэнкlэрэ ″пщэ″р глаголхэм префикс язэрыхуэхъунур гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэхэм теухуа щапхъэхэр мы макъ зэгуэтым игъэзащlэ префикс къалэну илъабжьэкlэ къэтынщ, ауэ мыпхуэдэу гъэзащlэу ухуэу утыку къихьэ глаголыщlэхэр зэрыщыlэнури гурыlуэгъуэщ: «пщэрыцlын – пщэрыцlэн, пщэрыгуэн, пщэрыкуэн, пщэрыкъуэн, пщэрыкхъуэн, пщэрыхын, пщэрынэн».

***″Пщ″*** *макъ зэгуэтым къытехъукlа* ***″макъ зэгуэт псалъэ″****хэр зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″***хэми щыгъазэ дыхуэхъунщ.

Зыгуэрыр и щыlэгъуэрэ щыlэкlэкlэ наlуэ щlын lуэхугъуэ ″пщын″ым и пщалъэри ″пщы″уэ зэрыщытым зэрезэгъыу, цlыху зэхэтыкlэм теухуа щапхъэрэ пщалъэри ″пщы″уэщ зэрылъытарэ къызэрыlуэтар. Адыгэ зэхэтыкlэр ″пщы″ зэхэтыкlэу зэрыщытым къызэрыгуэкlщи, дэтхэнэ зы цlыху гуп зэхэтыкlэм зы пщы иlэжщ. Мыпхуэдэу къэхъуа псалъэхэщ мыхэри, ахэр мы и мыхьэнэкlэрэ ″пщы″ псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэщ: «″къуажэ, пщы″ → къуэжэпщ; ″пщы, къуэ″ → пщыкъуэ; ″пщы, пхъу″ → пщыпхъу; ″жылагъуэ, пщы″ → жылагъуэпщ».

Цlыху зэхэтыкlэм и щапхъэрэ пщалъэр ″пщы″уэщ зэрылъытэри, ар цlыху зэхэтыкlэрэ пщlэшхуэ зиlэрщ. Ар хъумэнрэ зехьэнкlэрэ къалэн зиlэ цlыхухэри ″пщы″ псалъэ зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″кlэрэщ къызэрыlуатэр: «″пщы, лы″ → пщылl». ″Пщылl″ыр ″пщы″м и lуэхутхьэбзащlэу хуэпэгъунэгъурэ и хъумакlуэу щытыр къызэрыlуатэ псалъэщ, ауэ езы Адыгэм къимыгъэщlарэ нэгъуэщl лъэпкъ зэхэтыкlэм къигъэщlауэ иужьрей лъэхъэнэхэм хуэзэу къыхуэкla псэукlэм ″пщылl″ыр дэхуэхауэ зэрылъытэжари гурыlуэгъуэщ.

Цlыху гуп пашэу лъытапхъэр цlыху зэхэтыкlэм и щапхъэрэ пщалъэу ″пщы″уэ зэрылъытэм имызакъуэу, дэтхэнэ зы lуэхугъуэм теухуауэ щапхъэрэ пщалъэри зы макъ зэгуэт псалъэу ″пщы″уэщ къызэрыlуатэр. Адыгэм дэтхэнэ и зы lуэхугъуэм, и фlэщхъуныгъэм и щапхъэрэ пщалъэри ″пщы″уэ зэрылъытэр адыгэбзэм къыхощыр. Мыпхуэдэу къэхъу псалъэхэм щыщу гъунэгъу лъэхъэнэ нэгъунэм Адыгэ зэхэтыкlэм щызекlуэу щыта мы псалъэри ″пщы″ псалъэ зыхэту ухуа зы ″псалъэ зэгуэт″у зэрыщытыр гулъытапхъэщ: «″хъуэхъу, пщы″ → хъуэхъупщ».

″Пщы″р щапхъэрэ пщалъэщи, утыку къихьэрэ щыlэгъуэ зыгъуэт дэтхэнэ гуэрыр къызэрыхъурэ къыздыщыхъум теухуа зы пщалъэ зиlэущ утыку къызэрихьэрэ зэрыщыlэри. Дэтхэнэ зы пкъыгъуэрэ лъэр зы гъуэрэ зы пщалъэм итщи, а пщалъэр къызэрыlуатэ ″макъ зэгуэт псалъэ″р ″пщы″уэ зэрыщытри жытlагъэххэщ. Щыlэгъуэ зиlэм зы пщалъэкlэ лъэ игъуэтыныр ″лъэ пщын″ lухуэгъуэщ, икlи лъэ зыпщрэ къэзыпщытэри бзэм къызэриlуэтапхъэри ″лъэ пщын″ lуэхугъуэущ. Бзэм мыпхуэдэр къызэрыlуатэу, Адыгэ мифологием дэтхэнэ зы щыlэгъуэ зиlэм и лъэр къэзыпщытэрэ езыт тхьэпэлъытэр къызэрыlуатэр ″пщы″ псалъэр зыхэту зы ″псалъэ зэгуэт″у лъытапхъэщ: «″лъэ, пщы(н)″ → Лъэпщ».

И лъэр щlым телъу ипэ кlуэтэныгъэ зи мыхьэнэ ″пщын″ глагол лэжьэкlэ зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыр: «хьэпщхупщ (″хьэ-пщы(н), ху(н)-пщы(н)″ → хьэпщ-хупщын)».

Зэхэпщэныгъэ зи мыхьэнэ ″пщын″ глаголкlэрэ зэрыгъэзащlэр къыхэщу ухуа ″псалъэ зэгуэт″щ мыр: ″ху, пщы(н)″ → хупщ (зэхэпща ″ху″)».

Зы lэпкълъэпкъыцlэу щыт ″пщэ″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″щ мыхэр: «″пщэ, идзэ(н)″ → пщэрыдзэ; ″пщэ, дэлъы(н)″ → пщэдэлъ».

***″Пщ″*** *макъ зэгуэт мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″***.

″Пщ″ макъ зэгуэтыр бзэм хэлэжьыхьу зыхэплъагъуэ дэтхэнэ гуэрым щигъэзащlэр абы къытехьукla ″макъ зэгуэт псалъэ″хэм теухуауэ жыlэпхъэщи, ар и макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм хэлэжыхьу мыбдежым зи гугъу тщlынухэри мыпхуэдэщ.

″Пщэ″р зы пкъыгъуэмрэ и щхьэр зэпыщlапlэр къизыlуэ зы lэпкълъэпкъыцlэщи, дэтхэнэ гуэрым ищхьэ лъэныкъуэмкlэ къанэ и

Іыхьэмрэ апхуэдэ лъэныкъуэри зэрылъытэ лъэныкъуэ плъыфэцІэри ″ипщэ″щ.

Дэтхэнэ гуэрым мыпхуэдэу и зы лъэныкъуэ Іыхьэри ″ипщэ″ псалъэм и ″и″м ипІэ а гуэрыр къызэрыІуатэ псалъэр иувэу къызэрыІуэтэфынури гурыІуэгъуэнщ: «къуажэм ипщэ → къуэжапщэ».

Мыпхуэдэу псалъэ зэгуэтуи лъытапхъэу ухуа Іэпкълъэпкъыцlэхэри щыІэщ: «Іэ зыпытыпlэу ″Іэм ипщэ″ Іыхьэр ″Іэпщэ″щи, лъакъуэ зыпытыпlэу щытрэ ″лъакъуэм ипщэ″ Іыхьэри ″лъапщэ″щ».

Мыхэр икІи ″псалъэ зэгуэт″уи зэрылъытапхъэр гурыІуэгъуэщ, мы илъабжьэкlэ къэтыну щапхъэри мыпхуэдэу ″псалъэ зэгуэт″щ, ауэ зытеухуа Іуэхугъуэкlэ зы Іэпкълъэпкъыу пщэ Іуэху зыхэлъкъым. Зы Іэпкълъэпкъыу щыт ″пщэ″р щхьэмрэ пкъыгъуэ зэпкъырылъыпlэу, щхьэм къыщыхъурэ къыщекІуэкІыр пкъым зэрыхуэкІуэмрэ пкъым къыщыхъур щхьэм зэрыхуэкІуэм теухуа лъэмыж къалэн зыгъэзащlэ пкъы Іыхьэрщ. Аращи, пщэм нэсрэ телъыр щхьэм нэсу зыхищlэну зэрыщытым егъэкІуныгъэ мыхьэнэ зэрыхэлъкlэрэ ″пщэ″ псалъэм къытехъукlащ мы псалъэхэр: «пщэрылъ, пщэрылъ хъун – пщэрылъ хуэхъун, пщэрылъ щІын – пщэрылъ хуэщІын».

Ипэкlэ ищыныгъэрэ кІуэтэныгъэ зи мыхьэнэ ″пщын″ глаголым теухуауэ ″пщ″ макъ мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуауэ лъытапхъэ псалъэхэри хэтщ адыгэбзэми, мыпхуэдэщ дызхуэкІуэ зы зэманыгъуэ Іыхьэр ди япэкlэ (п) дызэрыщыІэну (щ) зэманыгъуэу зэрылъытэкlэрэ ухуауэ лъытапхъэ мы псалъэхэр: «пщыхьэщхьэ (мы псалъэ мыхьэнэмкlэ зэманыгъуэ къежьапlэр зэрылъытэ щІыкlэми гулъытэ хуэщІын хуейщ), пщэдей, пщэдджыжь {пщэд(ей)-джы-жьы}».

*″**Пщ**″ макъ зэгуэтым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

″Пщэ″м теухуауэ гъэзащlэ Іуэхугъуэхэр ″пщэ″р префикс хуэхъуу къызэрыІуэнэфынур гурыІуэгъуэщи, мыпхуэдэу гъэзэщlапхъэ глаголхэр ″пщэ″ префикскlэрэ зэрыухуэжым теухуа щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм щыщу къэтхьынщ. Ауэ ″пщэ″м теухуауэ зэрыгъэзащlэр къыхэщу ″пщэ″р ″р″ыкlэрэ зэрыгъэлъагъуэрэ зэрыпыщlэкlэрэщ префиксыр зэрыгъэпсыр (пщэры): «пщэрыин, пщэрыун, пщэрыуэн, пщlэрыІун, пщэрыІуэн, пщэрысын, пщэрызын, пщэрыдзын, пщэрыгъын, пщэрыгъун, пщэрыджын, пщэрыджэн, пщэрыдын, пщэрыдэн, пщэрытын, пщэрытІын, пщэрытlэн, пщэрыжын, пщэрыжэн, пщэрыжьын, пщэрыжьэн, пщэрыщын, пщэрыщэн, пщэрыщІын, пщэрыщlэн, пщэрышэн, пщэрычын, пщэрычэн, пщэрыкІын, пщэрыкІуэн, пщэрыхъун, пщэрыхун, пщэрыхьэн, пщэрылъэн, пщэрылэн, пщэрылlэн, пщэрывын, пщэрывэн».

″Пщэ″р икІи зы Іэпкълъэпкърэ абы хуэдэр къызэрыІуатэ зы щІыпlэ къизыІуэ ″макъ псалъэ″щ, икІи мыпхуэдэ лъэныкъуэр къызэрыІуатэри ″ипщэ″у зэрыщытыр гурыІуэгъуэщ. Дэтхэнэ гуэрым ипщэ лъэныкъуэ Іыхьэри ″ипщэ″м и ″и″м ипІэ иувэ псалъэмкlэ къызэрыІуатэм и гугъу

щытщlащи, дэтхэнэ зы щыlэ гуэр къэзыlуатэ псалъэм ″ипщэ″ мыхьэнэкlэрэ ″пщэ″р суффикс хуэхъу бзэ лэжьэкlэ къэхъуи лъытапхъэщ. Мыбыи къыщымынэу, ″пщын, пщы″ макъ зэгуэт псалъэр зытеухуа зэхуэмыдэ lуэхугъуэхэу зи гугъу тщlахэри къызэрыхэщкlэрэщ ″пщэ″рэ ″пщ″ыр псалъэхэм суффикс щыхуэхъум къэхъу мыхьэнэр. Мыпхуэдэ мыхьэнэбэщ ″пщ, пщэ″м суффикс къалэну игъэзащlэр. Икlи ″пщы″нрэ ″пщэ″р ″макъ зэгуэт псалъэ″у зэрыщытым ипкъ иткlэ, ахэр кlэух зыхуэхъуу къэхъу псалъэхэр икlи ″псалъэ зэгуэт″уи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Ди ″макъ псалъэ″хэм ″пщ, пщэ″р суффиксрэ кlэух язэрыхуэхъум теухуа щапхъэхэр къэтащ илъабжьэкlи, къэхъу дэтхэнэ зы мыхьэнэр зэхэгъэкlауэ къэтакъым. Ауэ икlи мыпхуэдэ лэжьэкlэр глаголхэм теухуауэ къызэрыхъунур гурыlуэгъуэщи, глаголхэм ″пщ, пщэ″ макъ зэгуэтхэр суффикс язэрыхуэхъум теухуа щапхъэхэри илъабжьэкlэ къэтакъым. Къэтхьынщ щыlэцlэ лlэужьыгъуэу щыт ди ″макъ псалъэ″хэм теухуа щапхъэхэр: «lэпщ, lэпщэ, lупщ, lупщэ, lуэпщ, lуэпщэ, сэпщ, сэпщэ, цыпщ, цыпщэ, дзэпщ, дзэпщэ, гъуэпщ, гъуэпщэ, гупщ, гупщэ, дэпщ, дэпщэ, тlыпщ, тlыпщэ, жьэпщ, жьэпщэ, жьапщэ, щэпщ, щэпщэ, щlыпщ, щlыпщэ, щlэпщ, щlэпщэ, чыпщ, чыпщэ».

*

″Пщ″ макъым къыпыхьэж макъхэмкlэ къытехъукl макъ зэгуэтхэри щыlэщи, абыхэми мыбдежым щыгъуазэ дахуэхъунщ.

Мыпхуэдэ зы ″макъ зэгуэт″ыр ″**пщкlу**″рауэ жыlэпхъэщи, ар и глаголыпкъыу ″**пщкlу**н – гъэ**пщкlу**н″ псалъэр ухуащ. А псалъэ мыхьэнэр зыгуэрыр зыдэщыlэрэ зэрыщыlэр мынаlуэ щlынрэ хэгъэгъуэщэнращи, мы къэlуэтэкlэм зэрезэгъкlэрэ ар ″пl″ырэ ″щl″ыкlэрэ ухуауи (пl-щl-кlу → пlщlкlу → пщкlу″ жыlэпхъэщ. Ар зэрыгъэзащlэ щlыкlэр гурыlуэгъуэщи, бзэм зэрызекlуэр ″гъэ″ префикскlэрэщ (гъэпщкlун). ″Гъэпщкlун″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэу зэрыухуэжу утыку къихьэ глаголрэ псалъэхэри зэрыщыlэнур гурыlуэгъуэнщ: «игъэпщкlун – игъэпщкlуэн, зыгъэпщlкlуэн, дэгъэпщlкlун – дэгъэпщкlуэн, тегъэпщlкlун – тегъэпщкlуэн, щlэгъэпщкlун – щlэгъэпщlыкlуэн».

″Пщ″ макъ зэгуэт зыхэту ухуа зы псалъэщ ″**къупщхьэ**″р (къу-пщ-хьэ). Ауэ ар икlи ″пщ″ макъ зэгуэтри зыхэтыжу щхьэж зы ″макъ зэгуэт псалъэ″уи лъытапхъэщ (къупщхьэ). Ар макъиплl зыхэплъагъуэ зы псалъэщи, къызэрыхъуа щlыкlэр зэрылъытапхъэ щlыкlэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ: «къу-пщ-хьэ; къу-пщхьэ; къуп-щхьэ». Мыбыхэм щыщу ″къупщхьэ″ макъ зэгуэт псалъэр дауи къэхъуауи щырет, абы и мыхьэнэр зэрызэмыхъуэкlыщэри гурыlуэгъуэщ. Икlи мы къэхъуыкlэ вариантхэм щыщу нэхъ игъуэр ″къу-пщхьэ″рауэ лъытапхъэщи, ″пщхьэ″ lыхьэр къызэрыхъуарэ и мыхьэнэм теухуауэ мыхэр жыlэпхъэщ: ″щхьэ″р щыlэгъуэ нэхъыщхьэ зи мыхьэнэуэ лъытапхъэу, ″п″ эффекткlэрэ лажьэу утыку къихьэ ″пщхьэ″ макъ зэгуэт мыхьэнэуэ нэхъыщхьэпэм пыщlарэ

щlэгъэкъуэну щытрауэ жылэпхъэщ ″къу-пщхьэ″ макъ зэгуэт мыхьэнэр. Аращи, ″пщхьэ″ макъ зэгуэтыр ″къу″м къыклэлъыклуэу ухуа зы псалъэщ ″къупщхьэ″ псалъэри, зи мыхьэнэр гурылуэгъуэ къытхуэхъуа ″пщхьэ″р зы пкъыгъуэм теухуарэ къыхэхъуклрэ къу хуэхъуж мыхьэнэ зыгъуэта зы псалъэу утыку къихьауэ лъытапхъэщ.

″Пщт″ макъищ зэгуэтри ″пщ″ым ″т″ макъ къызэрыклэлъыклуэклэрэ утыку къызэрихьэфынур гулъытапхъэщ. Ауэ, мыпхуэдэу утыку къихьапхъэ ″пщт″ макъ зэгуэтыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыклэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, ар мыбдежым зи гугъу тщla ″пщ″ макъ зэгуэтым нэхърэ ″щт″ макъ зэгуэту ипэклэ зи гугъу тщlам зэрелъытарэ къызэрытехъуклар гулъытапхъэщ. Нытlэ, къызэрылурэ зэрыухуа щlыклэклэ ″пщ″ макъ зэгуэтми къытехъуклыфыну макъищ зэгуэту щытми, ″пщт″ макъ зэгуэтыр ″щт″ым къытехъуклауэ зэрылъытапхъэм ипкъ иткlэ, мыбдежым абы и гугъу щытщlынкъым.

**″Пш″ макъ зэгуэтыр.**

*″Пш″ макъ зэгуэтым къытехъукl* ***″макъ зэгуэт псалъэ″****хэр.*

Зыгуэрым щымыщрэ а гуэрым ецырхъыныгъэклэ зэрыпыщlар къизылуэ ″п″ макъым зыгуэрым къыщlэхъуэныгъэр зи мыхьэнэ ″ш″ыр къыпыхьэжу ухуэ ″пш″ макъ зэгуэтым и мыхьэнэр гурылуэгъуэщ: ар утыку къызэрихьэрэ къызэрыхъур мынахуэ дыдэм теухуа мыхьэнэ зиlэ макъ зэгуэтщ. ″Ш″ макъ мыхьэнэр ″щ″ макъ мыхьэнэм зэрытеухуар гурылуэгъуэщи, ″пш″ макъ зэгуэт мыхьэнэр зыгурыгъэlуэн папщlэ, ″щ″ымрэ ″ш″ макъым я зэпыщlэныгъэм флыуэ щыгъуазэ хуэхъун зэрыхуейри гурылуэгъуэщ.

″Пш″ыр къызэрылу щlыклэклэ бзэм занщlэу зы макъ зэгуэт псалъэ хэхьухькъым. Ауэ мыпхуэдэу утыку къихьэрэ щылэгъуэ зыгъуэтыр ″пш″ макъ зэгуэтым и клуэтэгъуэм къиlуэтэнти, ар зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у бзэм зэрыхэхьэр ***″пшэ″***уэщ.

*″Пш″ макъым къытехъукla* ***″макъ псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъуклыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

*″Пш″ макъ зэгуэтым къытехъукl* ***″макъ зэгуэт псалъэ″****у щыт ″пшэ″р* ***къыпыхьэ макъклэрэ*** *бзэм хэлэжьыхьу* ***ухуэ псалъэхэм*** теухуащ мыхэр: «пшэпэ, пшагъуэ».

Мыхэри ***″макъ зэгуэт псалъэ″****у щыт ″пшэ″р зыхэту ухуа* ***″псалъэ зэгуэт″***хэм теухуа щапхъэщ: «″пшэ, плъы(жь)″ → пшэплъ; ″пшэ, ху(жь)″ → пшэху; ″пшэ, флыцlэ″ → пшэ флыцlэ → пшэфlыцlэ».

***″Пш″*** *макъ зэгуэт мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхьклэрэ ухуэ псалъэхэр″*** .

Зыгуэрым и гущlыlум (п) тырищlэжу а гуэрым къыщlэхъуэрэ къытехъукlыныгъэри (ш) ″пш″ макъ зэгуэткlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щlыкlэкlэ лы лейрэ лыпцlэ зытырищlэ пкъыгъуэр зэрылъытэ псалъэщ мыр: «пшэр».

И макъ мыхьэнэм теухуащи, зэхуэмыдэ lуэхугъуэхэр ″пш″ макъ мыхьэнэкlэрэ зэрылъытэфынур гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ ауэ къызэрыкlуэу щымытрэ цlыхум дахэу къыщыхъу макъ къызхэlукl lэмэпсымэмрэ, мыпхуэдэу зэхэлъыныгъэ зиlэ уэрэдылъэри ″пш″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ къэlуатэущ бзэм зэрыхэтыр: «пшынэ, пшыналъэ».

Зыгуэрым къытехуа щlыхуэр етыжыныгъэу, езым хэкlрэ нэгъуэщl гуэрым хуэкlуэныгъэ зиlэри ″пш″ макъ зэгуэткlэрэ ухуа псалъэхэм къаlуатэр: «пшынын, пшынэн».

″Пщ″ макъ зэгуэткlэрэ ухуа ″пщыхьэщхьэ″ псалъэм и мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, ар дызхуэкlуэрэ дызщыlэну зы зэманыгъуэ lыхьэращ. А зэманыгъуэ lыхьэрэ щыlэгъуэр махуэм ипэ къызэрихуэу къызэрыlуатэ щlыкlэри ″пш″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэмкlэщи, ар зэрыкlуэрэ зэрыхьыр зэрыгъэзащlэ ″хь″ макъыр къыпыхьэжущ зэрыухуэр: «пшыхь». Ауэ ар зы псалъэу щытми, бзэм щхьэжу щызекlуэкъым; ар зытеухуа махуэр къызэрыlуатэкlэрэщ бзэм щызэрызекlуэри, къэтхьынщ щапхъэ: «пщэдей пшыхь, дыгъуэспшыхь (дыгъуасэ пшыхь), мерэм пшыхь».

*″**Пш**″ макъ зэгуэтым бзэм ″**префикс – суффикс къалэн**″ хигъэзэщlыхькъым.*

**″Пхъ″ макъ зэгуэтыр.**

*″**Пхъ**″ макъ зэгуэтым къытехъукl ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр.*

″П″ макъым хъуныгъэр къызтехъукl лъабжьэ ″хъ″ыр къыпыхьэжу утыку къихьэ ″пхъ″ макъ зэгуэтыр мы къызэрыхъуа мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэ занщlэу ″**пхъы**н″ глаголыпкъыу ″**пхъы**″р зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у бзэм хохьэри, мы псалъэр цlыхум жылэ гуэрхэр къэкlыгъэ хъунрэ шхыныгъуэ къыхутехъукlын гугъэкlэ щlым зэрытырисэр къызэрыlуатэ псалъэу бзэм хэхьауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Икlи дэтхэнэ гуэрыр а зэрыхъуауэ зэрыщытыр зэхэкъутэн lуэхугъуэу, ауэ къызэрыкlуэ щlыкlэу икъухьын мыхьэнэи зэриlэр гурыlуэгъуэщ ″пхъын″ глаголым.

Зыгуэр къызтехъукlыныгъэм ипэр ″пхъ″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэнщи, дэтхэнэ зы псалъэр зытеухуа lуэхугъуэр хъупlэм зэриувэр а lуэхур къизыlуэ псалъэм къыкlэлъыкlуэ ″пхъэ″ кlэухкlэрэ къоlуатэри, ар мыпхуэдэу псалъэхэм суффикс язэрыхуэхъум теухуа щапхъэхэр илъабжьэкlэ къэтхьынщ (жылапхъэ, хъупхъэ, щlапхъэ). Ауэ мыпхуэдэу бзэм хэлэжьыхьу зэрыхэтым къыкlэлъыкlуэу зы зэманыгъуэ иужьу къыщlэкlынщи, щхьэж зы псалъэу

**″пхъэ″**р зэрылъытарэ нобэ бзэм зэрыхэт щlыкlэр. ″Пхъэ″р цlыхум зыгуэрхэр къыхищlыкlын лъабжьэу зэрилъытэм ипкъ иткlэ, пыупщlа зы жыгыпкъыр щхьэж зы псалъэу къызэриlуатэ псалъэу бзэм хэхьащ.

Мыбы нэмыщl, зы къэкlыгъэ лъэпкъри ″макъ зэгуэт псалъэ″у **″пхъы″**уэщ адыгэбзэм зэрыхэтыр.

***″Пхъ″*** *макъым къытехъукlа* ***″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукlыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

″Пхъын″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къизыlуэ макъхэр къызэрыпыхьэу ухуэж глаголхэмрэ къатехъукl псалъэхэм теухуа щапхъэхэщ мыхэр: «ипхъын – ипхъэн – ипхъыхьын, lупхъын – lупхъэн, гуэпхъын – гуэпхъэн, дэпхъын – дэпхъэн – дэпхъыхьын, тепхъын – тепхъэн – тепхъыхьын, тепхъэ, щlэпхъын – щlэпхъэн – щlэпхъыхьын, къуэпхъын – къуэпхъэн, хэпхъын – хэпхъэн – хэпхъыхьын, флэпхъын – флэпхъэн, пыпхъын – пыпхъэн, епхъыхын, къепхъыхын, къепхъых».

″Пхъ″ макъ зэгуэтым къытехъукlа зы ″макъ зэгуэт псалъэ″хэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм хэлэжьыхьу ухуэ псалъэхэм деплъынщ.

″Пхъэ″мрэ ″пхъы″ макъ псалъэхэм макъ къыпыхьэу бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «пхъэшхуэ, пхъэх»; «пхъышхуэ».

***″Пхъ″*** *макъ зэгуэтым къытехъукlа псалъэхэр зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″***хэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ.

Зи кlэр икъухьауэ зэрыщытрэ зэрызэщlэпхъам папщlэрагъэнщ зы псэущхьэр зэрылъыта псалъэр утыку къызэрихьа щlыкlэри, ари ″пхъын″ глагол лэжьэкlэ зыхэту ухуа зы ″псалъэ зэгуэт″у лъытапхъэщ: «″кlэ, пхъы(н)″ → кlэпхъ».

″Пхъэ″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″щ мыхэр: «″пхъэ, фэ″ → пхъафэ; ″пхъэ, lэщэ″ → пхъэ lэщэ → пхъэlэщэ; ″пхъэ, (у)бгъу(н)″ → пхъэбгъу – пхъэмгъу; ″пхъэ, хъуэн″ → пхъахъуэ; ″пхъэ, щlын″ → пхъэщl, пхъащlэ; ″пхъэ, щlэ″ → пхъэщlэ; ″пхъэ, жьы″ → пхъэжь; ″пхъэ, ху(жь)″ → пхъэху».

″Пхъэ″р пыупщlа жыгыпкърэ къудамэр зэрылъытэ псалъэу зэрыщыткlэрэ, жыгым къыпыкlэу цlыхум шхыныгъуэ хуэхъухэри ″пхъэ″рэ ″мы (мыlэрысэ)″ лlэужьыгъуэу зэрылъытэкlэрэ къиlуэтащ адыгэбзэми, ар къызэрыlуатэр зы ″псалъэ зэгуэт″щ, икlи жыгым къыпыкlэхэр зыхэзыубыдэ мы псалъэр бзэм иужьыlуэкlэ къигъэщlауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ: «″пхъэщхьэ, мыщхьэ″ → пхъэщхьэмыщхьэ».

Пхъэщхьэмыщхьэ лъэпкъ гуэрхэри ″пхъэ″ макъ зэгуэт псалъэ зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″кlэрэщ къызэрыlуатэр: «пхъэгулъ, пхъэгулъей; пхъэц, пхъэцей».

″Пхъы″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэи къэтхьынщ: «″пхъы, щlэ″ → пхъыщlэ; ″пхъы, жьы″ → пхъыжь».

*"**Пхъ**" макъ зэгуэт мыхьэнэр "**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**".*

Лъабжьэ мыхьэнэ зиlэрщ ″хъ″ыри, апхуэдэм и гущlыlурэ и ″п″ыпlэм теухуауэ гъэзащlэу къекlуэкl lуэхугъуэри ″пхъ″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэм къелуатэр: «пхъэнкlын, пхъэнкlий». Мы псалъэхэр икlи ″пхъын″ lуэхугъуэм зэрытеухуари гулъытапхъэщ.

*"**Пхъ**" макъ зэгуэтым "**префикс – суффикс къалэн**"у игъэзащlэхэр.*

И макъ мыхьэнэм теухуауэ ипщэкlэ щыжытlащи, зыгуэрыр къытехъукlыным лъабжьэ пэщlэдзэ хуэхъунытъэ зи мыхьэнэ ″пхъэ″ макъ зэгуэтыр псалъэхэм суффикс яхуохъуфыр. Дэтхэнэ гуэрым теухуа псалъэм суффикс зэрыхуэхъум хуэдэжу глаголхэми суффикс хуэхъуу, а глаголыр зытеухуа lуэхугъуэр щlыгъэзащlэ лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ мыхьэнэ иугъуэту мэухуэжыр. Мыпхуэдэ щапхъэхэр ди ″макъ псалъэ″хэмрэ ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтащ илъабжьэкlи, мы псалъэхэр зэрыухуэ щlыкlэмрэ lыхьитlым хэт псалъэхэм щыщ гуэрхэр зэхуэдэу зэрызэпкъырыувари гулъытапхъэщ: «lэпхъэ, уэпхъэ - уапхъэ, lупхъэ, lуэпхъэ – lуапхъэ, сэпхъэ - сапхъэ, цlэпхъэ – цlапхъэ, цыпхъэ, дзэпхъэ – дзапхъэ, гъуэпхъэ – гъуапхъэ, гупхъэ, дэпхъэ – дапхъэ, тlыпхъэ, жьыпхъэ, жьэпхъэ – жьапхъэ, щэпхъэ – щапхъэ, щlыпхъэ, щlэпхъэ – щlапхъэ, шыпхъэ, шэпхъэ – шапхъэ, чыпхъэ, чэпхъэ – чапхъэ, купхъэ, куэпхъэ – куапхъэ, кlыпхъэ, кlэпхъэ кlапхъэ»; «упхъэ, уэпхъэ – уапхъэ, lупхъэ, lуэпхъэ – lуапхъэ, сыпхъэ, зыпхъэ, дзыпхъэ, гъыпхъэ, гъупхъэ, джыпхъэ, джэпхъэ – джапхъэ, дыпхъэ, дэпхъэ – дапхъэ, тыпхъэ, тlыпхъэ, тlэпхъэ – тlапхъэ, жыпхъэ, жэпхъэ – жапхъэ, жьыпхъэ – жьапхъэ, щыпхъэ, щэпхъэ – щапхъэ, щlыпхъэ, щlэпхъэ – щlапхъэ, шэпхъэ – шапхъэ, чыпхъэ, чэпхъэ – чапхъэ, кlыпхъэ»

**″Пхъу″ макъ зэгуэтыр.**

*"**Пхъу**" макъ зэгуэтым къытехъукl "**макъ зэгуэт псалъэ**"хэр.*

″Пхъу″ макъ зэгуэтыр ″пхъ″ым и ужьыгъуэу ″пхъ-у → пхъу″уэ утыку къихьауи, ″хъу″ макъым ″п″ къызэрыпыхьэжкlэрэ ″п-хъу″уэ утыку къихьауи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Ар зыхэт псалъэхэм ″пхъ-у″уи, ″п-хъу″уи къэхъуауэ еджапхъэщ. Ауэ лъэныкъуитl еджэкlэкlи ″пхъу″ макъ зэгуэт мыхьэнэр зэхъуэкlыщэкъым: ″пхъу″р къэхъупэрэ ипэ къэхъунытъэу лъытэращ; ипэу лъытапхъэрэ лъабжьэми къытеухъукlыр зэрылъытапхъэр ″пхъу″ макъ зэгуэткlэрэщ.

Ар зы макъ зэгуэт мыхьэнэуэ щхьэжу бзэм зэрыхэхьарэ ″макъ зэгуэт псалъэ″ зэрыхэхъухьа щlыкlэри мы и макъ мыхьэнэм езэгъыу лъытапхъэщи, хъум ипэрэ нэхъ лъабжьэу лъытапхъэ быныр адыгэбзэм зэрилъыта псалъэр ″**пхъу**″уэщ. Псэущхьэм и бзы лъэпкъыр абы и хъу лъэпкъым елъытауэ нэхъ лъабжьэщи, ″макъ зэгуэт псалъэ″у ″пхъу″р

цIыхубз быныр цIыхухъу быным ипэу зэрилъытэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэщ.

ЦIыхум и lэр ипэкIэ ищIын lуэхугъуэр ″п-хъу″ къэхъуныгъэкIэ утыку къихьа ″пхъу″ макъ зэгуэткIэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщи, мыр апхуэдэу къмынэу зэрыкIуатэри къыхэщу зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у щыт ″**пхъуэ**″р а lуэхур зэрыгъэзащIэ ″**пхъуэ**н″ глаголыпкъщ.

*″**Пхъу**″ макъым къытехъукIа **″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукIыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэрауэ *″**пхъу**″ макъ зэгуэтым къытехъукIа ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр **къыпыхьэ макъкIэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** щыгъазэ дыхуэхъунщ.

ЦIыхубз быныр къызэрыlуатэ ″пхъу″ макъ зэгуэт псалъэр къыпыхьэ макъкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуа псалъэщ мыр: «пхъужь».

″Пхъуэн″ глаголыр зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэ макър къызэрыпыхьэкIэрэ ухуэж глаголхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «ипхъуэн, lупхъуэн, гуэпхъуэн, дэпхъуэн, тепхъуэн, щIэпхъуэн, кIэрыпхъуэн, къэпхъуэн, хэпхъуэн, пыпхъуэн, фIэпхъуэн, нэпхъуэн».

″Пхъуэн″ыр зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэ къыпыхьэ макъкIэрэ ухуэж глаголхэм щыщщ мыхэри, абыхэм къытехъукIыж псалъэхэри къэтащ: «пхъуэтэн, къэпхъуэтэн, пхъуэр, lэрпхъуэр, пхъуантэ».

*″**Пхъу**″ макъ зэгуэтым къытехъукI ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэми щыгъазэ дыхуэхъунщ.

«пщыпхъу, пхъурылъху

*″**Пхъу**″ макъ зэгуэт мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэр**″*.

ИпэкIэ кIуэтэгъуэ хъун lуэхугъуэ ″пхъуэн″ глаголыр lэм теухуауэ бзэм зэрыхэхьар гулъытапхъэщи, мыпхуэдэ мыхьэнэкIэрэ ″пхъуэн″ глаголыр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ къытехъукIыж псалъэхэми теухуа щапхъэхэр ипэкIэ къэтащ. Ауэ lэм хуэIуауэ бзэм щызекIуэрэ псалъэхэри къытехъукIыжами, ″пхъуэн″ глаголыр икIи дэтхэнэ зы lэпкълъэпкърэ пкъыгъуэм теухуа мыхьэнэ зиIэфыну зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Аращи, лъэрэ пкъыгъуэм и щыIэпIэр зэхъуэкIыныгъэу ипэкIэ кIуэтэн lуэхугъуэхэри ″пхъу (п-хъу)″ макъ зэгуэткIэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу ухуэ псалъэщ мыхэр: «lэпхъуэн, lэпхъуэшапхъуэ».

Мыбы нэмыщI, ипэкIэ щыIэ хъуныгъэу кIуэтэгъуэ зи мыхьэнэ ″пхъу″ макъ зэгуэтым икIи ″жэн″ псалъэр зытеухуа lуэхугъуэхэри къиlуэтэфыну зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщи, зыгуэрыр зытет щIыпIэм (щIы) текIуэтыкIрэ гъуэгу техьэу (э) ипэкIэ (п) кIуатэу щыIэныгъэ (хъу-э) зиIэн

мыхьэнэкlэрэ гъэзащlэу ″жэн″ пэлъытэ lуэхур къызэрыlуатэ псалъэщ мыр: «щlэпхъуэн».

Зыгуэрыр зыгуэрым и гущlыlум теубгъуэнри абы и ″п″ырэ ″хъы″уэ ″у″нрэ убгъун lуэхугъуэщи (пхъы-у → пхъу), мыпхуэдэу ухуа псалъэхэу лъытапхъэщ мыхэр: «тепхъуэн, тепхъуэ, lупхъуэн, lупхъуэ».

*″**Пхъу**″ макъ зэгуэтым бзэм ″**префикс – суффикс къалэн**″ хигъэзэщlыхькъым.*

**″Пх″ макъ зэгуэтыр.**

*″**Пх**″ макъ зэгуэтым къытехъукl ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр.*

Зытеухуам ецырхъыныгъэкlэ телэбапlэ мыхьэнэ зиlэ ″п″ макъыр щыlэгъуэ зиlэм плэрэ лъабжьэ хуэхъу ″х″ым ипэ къызэрихуэкlэ ухуэ ″пх″ макъ зэгуэтым и мыхьэнэр дэтхэнэ лъабжьапlэпэ хуэхъуным теухуащ. Аращи, ″п″ эффектklэрэ ″х″ым и лэжьэкlэу ухуэ ″пх″ макъ зэгуэт мыхьэнэр ″х″ыпэщ, лъабжьэ мыхьэнэ зиlэ ″х″ым и хэхьэпэщ.

Цlыхум и лъабжьапlэр (х) и гущlыlукlэрэ зэрытырипlэр (п) ″пх″ макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуэтапхъэщи, цlыхум езым и лъабжьэпlэр ″п″ макъ мыхьэнэм зэрезэгъкlэрэ зэрыщlиуфэр къызэрыlуатэр ″**пхы**н″ глагол хъунщи, абы глаголыпкъ хуэхъу зы ″макъ зэгуэт псалъэ″щ ″**пхы**″р. Ар гъэзащlэу зэрыщытри ″пхы-э → **пхэ**″р зи глаголыпкъ ″**пхэ**н″кlэрэщ къызэрыlуэтар.

″Пхын″ глаголкlэрэ гъэзащlэ lуэхугъуэр япэрауэ цlыхум езым и лъабжьапlэр щlиуфэнрэ зэщlипхэн папщlэ къэхъуауэ жыlэпхъэщи, ″пх″ макъ зэгуэткlэрэ мы гъэзащlэ lуэхугъуэр зытеухуари бзэм къызэриlуэтапхъэр ″**пхэ**″уэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ.

Мы зи гугъу тщla ″макъ псалъэ″хэр ″пх″ макъ зэгуэткlэрэ зэрыухуа щlыкlэм къызэрыхэщщи, япэу цlыхум и лъабжьапlэу щыт мы lэпкъылъэпкъыр (пхэ) зэрыщlэуфэ щlыкlэр къызэрыlуатэущ ″пхын, пхэн″ псалъэхэр утыку къызэрихьар, ауэ япэу а lэпкълъэпкъыр къызэрыlуэтэ ″пхэ″ псалъэр утыку къихьауи лъытапхъэщ.

″Пхын, пхэн″ псалъэхэр утыку къызэрихьар цlыхум и лъабжьапlэ lэпкълъэпкъыу щыт ″пхэ″м теухуауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ″пхэ″р ″пхын, пхэн″ псалъэхэм ипэ къихуэу къэхъуауи жыlэпхъэщ. Мыпхуэдэмэ, ″пхэ″ жыхуэтlэ lэпкълъэпкъыр япэрауэ ″пх″ макъ зэгуэткlэрэ къызэрыlуэтэн хуейуэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэ къытхуэхъун хуейщ.

″Пх″ макъ мыхьэнэм къиlуатэр гурыlуэгъуэщи, мы зи гугъу тщlы lэпкълъэпкъыр ″пх″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтэн хуейр икlи ″тlысын, щысын″ псалъэхэр ″с″ыкlэрэ зэрыгъэзащlэу зэрыухуам теухууэ жытlахэм зэрыпыщlар гурыlуэгъуэщ. Аращи, псэущхьэм и псэ жыгыу лъытапхъэ псанхуэ жыгыщхьэр щхьэкуцlращ, псантхуэ жыгыпкъри тхыкъупщхьэ кlуэцlым илъращи, мы псэ жыгым и ухыплэрэ икlэри а

псэущхьэм и кlэрэ и кlапэращ зыдэщыlэр. Псэущхьэ кlапlэр зи пlэу щыт псантхуэ къуэпсыр зыдынэсыпlэу щытрэ (п) абы лъабжьапlэ (х) хуэхъур зэрыигъуэкlэрэ ″пхэ″ псалъэм къызэриlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ.

Мы псалъэм зэрезэгъкlэрэи, ″пх″ макъ зэгуэткlэрэ япэу къэхъуа псалъэр ″пхэ″рамэ, ар псантхуэр зыдынэс лъабжьэпэу (пх) щыт мы lэпкълъэпкъыр къэlуэтэн папщlэщ. Ар щыхъукlи, абы (пхэ) теухуауэ гъэзащlэ lуэхугъуэр къызэрыlуатэри ар (пхэ) глаголыпкъ зыхуэхъуу ухуэ ″пхэн″кlэрэщ, а lуэхур ″пхэ″м ехьэлlауэ зэрыгъэзащlэ щlыкlэри иужькlэ ″пхэ-ы-н → пхын″ глаголу ухуэжагъэнщ.

***″Пх″*** *макъ зэгуэтым къытехъукla* ***″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукlыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

***″Пх″*** *макъ зэгуэтым къытехъкl* ***″макъ зэгуэт псалъэ″****хэр* ***къыпыхьэ макъкlэрэ*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьу* ***ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Пхын, пхэн″ глаголхэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпыхьэжу глаголхэр зэрыухуэжынур гурыlуэгъуэщ: «ипхэн, ипхыхьын, lупхэн, lупхыхьын, гуэпхэн, гуэпхыхьын, дэпхэн, дэпхыхьын, дэпхыхьэн, тепхэн тепхыхьын, щыпхэн, щlэпхэн, щlэпхыхьын, щlэпыхьэн, хэпхэн, хэпхыхьын, хэпхыхьэн».

″Пхын, пхэн″ lуэхугъуэкlэ гъэзащlэрэ зэщlэпхэныгъэ зиlэри мы глаголхэм къызэрытехъукlыжынур гурыlуэгъуэщ: «пхыр».

″Пхэ″ макъ зэгуэт псалъэр къыпыхьэ макъхэмкlэ бзэм хэлэжьыхьу ухуэж псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «пхэшхуэ, пхалъэ, пхащlэ, пхашэ».

***″Пх″*** *макъ зэгуэтым къытехъукla псалъэхэр зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″****хэр.*

″Пхын, пхэн″ глагол лэжьэкlэ зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″щ мыхэр: «″цы, пхы(н)/пхэ(н)″ → цыпх – цыпхэ; ″дзэ, пхы(н)″ → дзэпх; хьэпэ, щыпхэ(н)″ → хьэпэщыпхэ».

″Пхэ″ макъ псалъэ зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэщ мыри: «″пхэ, къупщхьэ″ → пхэкъупщхьэ; ″къупщэ, зэрыдзэ(н)″ → къупщхьэ зэрыдзэ → къупщхьэзэрыдзэ; ″къупщхьэ, зэрытыпlэ″ → къупщэ зэрытыпlэ → къупщэзэрытыпlэ».

***″Пх″*** *макъ зэгуэт мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″****.*

Кlэр зыхэтрэ зыпытращ ″пхэ″ри, дэтхэнэ гуэрым и ″кlэ″р зыдэщыт лъэныкъуэр ″икlэ″ псалъэм къызэриlуатэм хуэдэщи, и ″пхэ″ лъэныкъуэри зытеухуа гуэр къызэрыхэщкlэрэ лъэныкъуэ плъыфэцlэу къызэрыlуатэр ″ипхэ″ущ.

″Ипхэ″ лъэныкъуэу щытыр зытеухуар къызэрыlуатэ псалъэр ″ипхэ″м и ″и″м ипlэ къиувэу къызэрыlуэтэнур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу ухуэ псалъэхэр икlи ″псалъэ зэгуэт″у зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ. Икlи

″ипхэ″ мыхьэнэкlэрэ ″пхэ″р псалъэхэм мы кlэух зэрыхуэхъу щlыкlэр абы игъэзащlэ суффикс къалэнуи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, мыбыхэм теухуа щапхъэхэр илъабжьэкlэ къэтхьынщ. Ауэ ″ипэ″мрэ ар зытеухуа псалъэр зэрызэгухьэ щlыкlэм теухуа щапхъэхэр мыбдежми къыщыдгъэлъэгъуэнщ: «псалъэм ипхэ → псэлъапхэ; lуэхум ипхэ → lуэхупхэ; унэм ипхэ → унапхэ; мывэм ипхэ → мывапхэ; щхьэм ипхэ → щхьэпхэ; щхьэпхэ тlыгу → щхьэпхэтlыгу».

Гупэ лъэныкъуэу щымытращ ипхэ лъэныкъуэри, зыгуэрым и джыпlэрэ къэхъупlэ лъэныкъуэу щымыту, икlэрэ ипхэ лъэныкъуэу зи къэхъупlэрэ джыпlэр, икlи икlэрэ ипхэкlэ ижыныгъэ зиlэр ″пх″ макъ зэгуэткlэрэ ухуэ псалъэхэмкlэщ къызэрыlуатэр: «пхэндж, пхэнж».

″Пх″ макъ зэгуэт мыхьэнэр бзэм зэрыхэхьа щlыкlэр ″пхэ, пхэн, пхын″ псалъэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ, икlи ″пх″ макъ зэгуэт зыхуэту ухуэжауэ мы зи гугъу тщlахэри мы псалъэхэм я мыхьэнэкlэрэщ утыку къызэрихьар. Ауэ ″пх″ макъ мыхьэнэм нэгъуэщl lуэхугъуэхэр къиlуэтэфынури гулъытапхъэщ. Аращи, ″х″ыр геометрие ординату зэрылъытэм ипкъ иткlэ, дэтхэнэ гуэрыр зы щlыпlэрэ ″х″ыпlэу лъытапхъэщи, абы хуэкlуэрэ абы хэхьэу ирикlуэныгъэри ″пх″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэнщ. ″Пх″ макъ зэгуэтым мы и мыхьэнэр зы псалъэу утыку къихьэкъым, ауэ зы lуэхур мыпхуэдэу зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ префикс макъ зэпхарэ зэгуэтыр мыпхуэдэу мэгъэпсыр: «пхыры».

Мыр ″пх″ макъ зэгуэтыр зыхэту ухуа зы префиксщи, мыбы теухуа щапхъэхэр илъабжьэкlэ къэтхьынщ, ауэ мы префикскlэрэ щхьэжу ухуэ глаголхэр щыlэщи, мыбыхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «пхырыlэн, пхырыщlын, пхырыщlэн, пхырыкlын, зэпхырыкlын, пхырыкуэн, пхырыкъуэн».

*″**Пх**″ макъ зэгуэтым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

Глаголхэр ″пхыры″ префикскlэрэ зэрыгъэзащlэ щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ. Мы префиксыр дэтхэнэ зы глаголым къызэрыпыхьэфынур гурыlуэгъуэщ, ауэ глагол гуэрхэр зытеухуа lуэхугъуэр мыпхуэдэу гъэзэщlэныр игъуэ дыдэу зэрыщымытым папщlэ, апхуэдэ глаголхэм теухуа щапхъэ къэтакъым: «пхырыин, пхырыун, пхырыуэн, пхырыlун, пхырыlуэн, пхырысын, пхырысыхьын*, пхырызын, пхырыдзын, пхырыджын, пыхырдэн, пхырытlэн, пхырыжын, пхырыжэн, пхырыжьэн, пхырыщlэн, пхырышэн, пхырычын, пхырыкlын, пхырыкlуэн, пхырыхъухьын*, пхырыхун, пхырылъэн, пхырылэн, пхырывэн».

Щхьэ зиlэм кlэ зэриlэм хуэдэщи, гупэ зиlэм ипхэ лъэныкъуи иlэщ. Зы лъэныкъуэр къизыlуэ ″ипхэ″ мыхьэнэкlэ ″пхэ″р псалъэхэм суффикс язэрыхуэхъуфынур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри ди ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ къэтхьынщ. Ауэ ″пхэ″ суффикскlэрэ ухуэ псалъэ

гуэрхэр икӏи ″пх″ макъым къытехъукӏа ″макъ зэгуэт псалъэ″хэм дэтхэнэм и зы лъэныкъуэкӏи зэреджапхъэу зэрыщытынур гурыӏуэгъуэщи, ″пхын, пхэн″ ӏуэхугъуэрэ зы ӏэпкълъэпкъыщӏэ ″пхэ″уи гурыӏуэгъуэ зэрыхъунур гулъытапхъэщ. Ар щыхъукӏи, илъабжьэкӏэ къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэр ″пхэ″ суффиксӏэрэ зэрылажьэм нэмыщӏ, ″пхын, пхэн″ псалъэхэмрэ ″пхэ″р зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэуи зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэщ: «ӏэпхэ, ӏупхэ, ӏуэпхэ, сэпхэ, цыпхэ, дзэпхэ, гъуэпхэ, гупхэ, дэпхэ, тӏыпхэ, жьыпхэ, жьэпхэ – жьапхэ, щӏыпхэ, щӏэпхэ – щӏапхэ, шыпхэ, чыпхэ, чэпхэ, кӏыпхэ, кӏэпхэ – кӏапхэ, къуэпхэ – къуапхэ, кхъуэпхэ, хъупхэ, хыпхэ, хупхэ, хьэпхэ, лъыпхэ, лъэпхэ – лъапхэ, лыпхэ, лӏыпхэ, пэпхэ, папхэ, пӏэпхэ – пӏапхэ, фэпхэ, выпхэ».

**″Плъ″ макъ зэгуэтыр.**

*″Плъ″ макъ зэгуэтым къытехъукӏ ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр.*

″П″ырэ зытеухуам ецырхъыныгъэ зыхуиӏэм лъэрэ пкъыгъуэ лъабжьэ ″лъ″ макъыр къыкӏэлъыкӏуэу ухуэ ″плъ″ макъ зэгуэтыр лъэм ипэрэ и фэм теухуа мыхьэнэуэ зэрыщытынур гулъытапхъэщ. Ар мыпхуэдэ ӏуэхугъуэхэр зэрыгъэзащӏэм теухуауэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьынур. Мыпхуэдэщ ″**плъы**″р зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у ″**плъы**н″ глаголыкъыу бзэм занщӏэу зэрыхэхьэри, дэтхэнэ гуэрыр и кӏуэцӏкӏэрэ зэрызэщӏэплъэр къизыӏуэ псалъэрщ.

″Плъын″ ӏуэхугъуэр къекӏуэкӏыу зэрыщытрэ кӏуэтэгъуэ иӏэу зэрыгъэзащӏэри ″плъ″ макъ ӏуэтэгъуэу къэхъу зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у щыт ″**плъэ**″р ″**плъэ**н″ глаголыпкъщ. Ар нобэ нэм и къалэну бзэм нэхъ хроникэ хэхъухьами, а макъ зэгуэт мыхьэнэр зытеухуа ӏуэхугъуэр гъэзэщӏэн папщӏэ, псэущхьэм зы нэ иӏэн хуэныкъуэкъым, дэтхэнэ зы псэущхьэм и ″плъы″ныгъэр зэрыкӏуатэрэ зыгуэрым зэрыхуэкӏуэр ″плъэ″уэщ къызэрыӏуэтапхъэр.

*″Плъ″ макъ зэгуэтым къытехъукӏа **″макъ зэгуэт псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукӏыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэрауэ *″**плъ**″ макъ зэгуэтым къытехъукӏ ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр **къыпыхьэ макъкӏэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Плъын″ глаголыр зэрыгъэзащӏэ щӏыкӏэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къызэрыпыхьэкӏэрэ ухуэж глаголхэм теухуа щапхъэ къэтхьынщ. Зэрыгурыӏуэгъуэщи, ″плъын″ глаголыр гъэзащӏэу зэрыщытыр ″плъэн″у къызэрыӏуатэм папщӏэ, ″плъын″ыгъэ зиӏэу къэхъуарэ зы ӏуэхугъуэм теухуауэ ухуа ″плъэн″ глаголым и лэжьэкӏэм хуэдэуи бзэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыӏуэгъуэнщ. ″Плъын″ым къыпыхьэ макъкӏэрэ къытехъукӏыж глаголхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «иплъын – иплъэн –

иплъыхьын, lуплъын – lуплъэн – lуплъыхьын, гуэплъын – гуэплъэн – гуэплъыхьын, дэплъын – дэплъэн – дэплъыхьын, зэдэплъын – зэдэплъэн – зэдэплъыхьын, щlэлъын – щlэплъэн – щlэплъыхьын – зэщlэплъэн – зэщlэплъыхьын – зэщlэплъыкlын, къэплъын - къэплъэн, къэгъэплъын – къызэщlэгъэплъын – къызэщlэгъэплъэн».

″Плъэн″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къызэрыпыхьэкlэрэ ухуэж глагол щапхъэхэри къэтхьынщ. Абы къытехъукlыж глагол гуэрхэри ″плъын″у зэрыгъэпсыфынур гурыlуэгъуэнщ. Илъабжьэкlэ къэта щапхъэхэм щыщу, къыпыхьэ макъми елъытащи, ехьэлlэныгъэкlэ гъэзащlэ ″плъэн″ lуэхур ″плъэ-ы-н → плъын″у зэрыухуэжыр гулъытапхъэщ: «иплъэн - иплъын, еплъын, lуплъэн - lуплъын, дэплъэн - дэплъын, теплъэн - теплъын, жьэдэплъэн - жьэдэплъын, щlэплъэн - щlэплъын, къэплъэн, къуэплъэн - къуэплъын, хэплъэн - хэплъын, хуэплъэн, пыплъэн, пэплъэн - пэплъын, фlэплъэн, нэплъэн - нэплъын».

″Плъэн″ыр нэм теухуауэщ нэхъыбэу зэрызекlуэри, нэм мы и плъэкlэр зыгуэрым фlэнарэ къытенауэ зэрыщытыр ″плъызын″ псалъэм къеlуатэр: «″плъэн, зы хъун″ → ″плъэ-ы-зы-н″ → плъызын».

″Плъын, плъэн″ глагол лэжьэкlэ зыхэту ухуэ псалъэхэщ мыхэри: «плъыкlэ, плъырей, плъыгъуэ, плъыпlэ, плъыкlуэ - плъакlуэ»; «плъэкlэ, лъэрей, плъэгъуэ, плъэпlэ – плъапlэ, плъакlуэ».

***″Плъ″*** *макъ зэгуэтым къытехъукlа псалъэхэр зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″***хэм теухуа щапхъэщ мыхэри: «″гъущl, плъы(н)″ → гъущlыплъ; ″хьэку, гъэплъы(н)″ → хьэкугъэплъ; ″жьэгу, плъы(н)″ → жьэгуплъ – жьэгуплъэ; ″плъыкlэ, lей″ → плъыкlэ lей → плъыкlей»; «″унэ, иплъэ(н)″ → унэиплъэ – унаплъэ; ″плъэкlэ, lей″ → плъэкlэ lей → плъэкlей».

***″Плъ″*** *макъ зэгуэт мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″***.

″Плъ″ макъ зэгуэтыр занщlэу ″макъ зэгуэт глагол″у бзэм зэрыхэхьар гурыlуэгъуэщ, икlи ″плъ″ макъ мыхьэнэр зыхэзыубыдэ псалъэщ ахэри, ″плъ″ыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр ″плъын, плъэн″ псалъэхэм я мыхьэнэкlэрэщ. Аращи, мыбдежым ″плъ″ макъ зэгуэт мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэхэу зи гугъу тщlынухэр икlи ″плъын, плъэн″ псалъэхэм къытехъукlауэ лъытапхъэщ.

Дэтхэнэ гуэрым и теплъэрэ ифэр кlуэцlкlэрэ зэрызэщlэплъ щlыкlэращ къэзыгъэхъури, зы теплъэ зиlэу зи гугъу тщlыр а теплъэр къызэрищта щlыкlэкlэ къэплъыкlэ зиlэращ. Икlи зы теплъэри зэрылъагъур нэр зэрыплъэкlэрэщи, теплъэр илъагъун папщlэ нэри ″плъын″ глаголу мэлажьэр. Аращи, зы теплъэри, ар зэрылъагъури ″плъын″ lуэхугъуэкlэрэщ, ауэ ″теплъэ″ жыхуэтlэр ар зи теплъэм и лэжьэкlэм къигъэщlращи, ар къызэрыгъэщla щlыкlэр зыхэзыщlэфыну лэжьэкlэу ″плъын″ыгъэ зиlэу щыплъэм дежщ нэм а теплъэри щилъагъур. ″Теплъэ″

лIэужьыгъуэхэри мыпхуэдэу ″плъын″ lуэхум зэрытеухуакIэрэ ″плъ″ макъ зэгуэт мыхьэнэкIэрэ ухуэ псалъэхэмкIэщ къызэрыIуатэр: «теплъэ, плъыфэ; плъыжь, цIыплъ, гъуаплъэ, гъуэплъафэ».

*″**Плъ**″ макъ зэгуэтым бзэм ″**префикс – суффикс къалэн**″ хигъэзэщIыхьакъым.*

## ″Пl″ МАКЪЫМКIЭ КЪЕЖЬЭ МАКЪ ЗЭГУЭТХЭР: «ПЦI; ПЩI; ПКЪ, ПКI; ПЛI».

″П″ тхыпкъ зэрыхэт щIыкIэу тхами, ″пl″ макъым къыкIэлъыкIуэ макъхэмкIэ къэхъуа макъ зэгуэтхэщ мыхэри, ″пl″ макъ мыхьэнэ эффектыр абы къыгуэхьэ макъхэмкIэ зэрыгъэзащIэ щIыкIэу къэхъуа макъ зэгуэтхэщ. Ар щыхъукIи, ″пl″ макъкIэрэ къежьэу ухуэ ″макъ зэгуэт″хэм я мыхьэнэр ″пl″ым къыкIэлъыкIуэ макъым и мыхьэнэр зэрыпIрэ пIэ зэригъуэтращ.

**″Пцl″ макъ зэгуэтыр.**

*″**Пцl**″ макъ зэгуэтым къытехъукI ″**макъ зэгуэт псалъэ**″р.*

″Цl″ макъ мыхьэнэр гурыIуэгъуэщи, щыIэм хэдзыныгъэрэ мыщыIэм теухуа мыхьэнэ зиIэращи, абы ″пl″ыр зэригъэлажьэу ухуэ ″пIцI → пцl″ макъ зэгуэтыр щыIэгъуэрэ къэхъу къекIуэкIын хуейуэ щытым емызэгъ lуэхум теухуа мыхьэнэ зиIэращ. Мыпхуэдэ lуэхугъуэу цIыхум гулъытэ зыхуищIар занщIэу къызэриIуатэ ″макъ зэгуэт псалъэ″у утыку къихьауэ жыIэпхъэщ ″**пцIы**″ри, зы макъ зэгуэту ″пцl″ыр утыку къызэрихьари мыпхуэдэнщ. ″ПцIы″р къэхъу-къэщIым емызэгърэ мыпэжыр (цIы) зэрыпIрэ пIэ зэригъуэтыр къызэрыIуатэ псалъэщ.

*″**Пцl**″ макъым къытехъукIа **″макъ зэгуэт псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукIыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

*″**Пцl**″ макъ зэгуэтым къытехъукI ″**макъ зэгуэт псалъэ″р къыпыхьэ макъкIэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** деплъынщ.

″ПцIы″р щымыIэрэ къэмыхъум теухуауэ щытрэ мыпэжращи, щымыIэрэ къэмыхъуауэ щыт мыпхуэдэр зэхэлъхьэн зэрыхуейри гурыIуэгъуэщ. Ар зэхэзылъхьэфынури щыIэм щыщу мыщыр зыху псэущхьэ лъэпкъыу щыт цIыхуращи, цIыхур пцIы зэхэзылъхьэф зы псэущхьэщ. ЦIыхум хуэIуарэ дэтхэнэ зы псэущхьэм хузэфIэмыкIыну пцIы зэхэлъхьэныр lуэхугъуэ псыгъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, пIы зэхэлъхьэныр къызэрыIуатэри мыпхуэдэщ: «пцIы упсын».

Къэмыхъуарэ щымыIэр пэжу къыщыхъунрэ щыгъэхъун lуэхугъуэри ″пцIы″р зыхэту ухуэну глаголкIэрэ къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэу ухуэ глаголхэщ мыхэр: «къэпцIэн, къэгъэпцIэн».

Щыlэгъуэрэ къэхъу къэщlым емызэгърэ мыпэжу щытращ пцlыри, апхуэдэ щlыкlэ зиlэури ″пцlы″м хуэкlуэныгъэу (н) къызэрыlуатэ мы псалъэри ″пцlы″р бзэм зэрыхэлэжьыхьым къыкlэлъыкlуэу къызэрыхъуар гурыlуэгъуэнщ: «нэпцl»; «″нэпцl″ зыхэту ухуа зы ″псалъэ зэгуэт″щ мыри: ″гъын, нэпцl″ → гъынэпцl».

***″Пцl″*** *макъ зэгуэтым къытехъукlа* ***″макъ зэгуэт псалъэ″****р зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″*** хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Пцlы упсын″ыр цlыхум хуэlуащи, мыпхуэдэмкlэ lэзэ цlыхухэри щыlэщ. Ахэр зэрылъытэри ″пцlы упсын″ псалъэ къытехъукlыж мы ″псалъэ зэгуэт″кlэрэщ: «″пцlы, упсы(н)″ → пцlыупс»

Цlыхур пцlы зыупсыф псэущхьэщи, абы пцlы зэхэлъхьэн джэкlукlэхэри иlэщ. Мыпхуэу ″пцlы″ макъ псалъэр зыхэт ″псалъэ зэгуэт″щ мыр: «″пцlы, пцlы″ → пцlырыпцl».

***″Пцl″*** *макъ зэгуэт мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″****.*

″Пцlы″р мыпэжрэ мызахуэращи, ар къэмыхъуарэ мыщlауэ щытрэ мыхъу-мыщlэу, зэрыхъун хуеипlэми имытращ. Цlыхур зызхуапэрэ щыгъын хабзэ зиlэращи, зы цlыхум зыри щымыгъынрэ зимыхуэпауэ щытыныр мыпэжрэ мызахуэу зэрилъытэрагъэнщ апхуэдэр ″пцlанэ″у щlилъытар.

Зэрыхъун хуейуэ зэрыщымытрэ ужьыгъуэи зимыlэу еужьыхыгъуэу лъытапхъэхэри ″пцl″ макъ мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Икlи зы пкъыгъуэ зиlэу щыlэр ткlуаткlуагъэу щыlэкlэ зиlэм елъытауэ нэхъ ужьа щыlэгъуэу лъытапхъэщи, зы пкъыгъуэр ткlуным зэрыхуэкlуэрэ и быдагъэр зэрыкlуэдымрэ, тlэтlагъэ зиlэхэри ″пцl″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэхэм къаlуатэр: «зэхэпцlэн; лыпцlэ, хупцlынэ, пцlапцlэ».

Зи кlуэцlыр мыпхуэдэу пцlапцlэу зэрыщытрагъэнщи, зэхэтlэтlэныгъэ зиlэ зы пхъэщхьэмыщхьэ лlэужьыгъуэри мыпхуэдэщ къызэрыlуэтар: «къыпцlэ».

Ткlуткlуатlагъэ зиlэр яутхрэ зыгуэрым тыраутхэу зэрыщытым хуэдэ lуэхур пцlапцlагъэрэ тlэтlагъэ зиlэм теухуауэ зэрыгъэзащlэри ″пцl″ макъ мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэхэмкlэщ къызэрыlуатэр: «упцlын, еупцlын, дэупцlэн, теупцlэн, жьэдэупцlэн, щlэупцlэн, къуэупцlэн, хэупцlэн».

″Пцlы″р щыlэгъуэм зыхидзрэ щымыlэ пэлъытэу щыту мыщыlэри зэрылъытэ макъ мыхьэнэ ″цl″ым ″пlэ″ хуэхъурэ ар зэры″пl″ыр зи мыхьэнэщи, мыпхуэдэ мыхьэнэ зиlэ ″пцl″ макъ зэгуэтыр икlи щымыlэ пэлъытэу щыlэгъуэ зиlэм и теплъэрэ и плъыфэр зэрылъыта ″фlыцlэ″м хуэдэнри къызэрыlуатэ псалъэр зэрыухуэф макъ зэгуэтщ: «къэрапцlэ».

***″Пцl″*** *макъ зэгуэтым бзэм* ***″префикс – суффикс къалэн″*** *хигъэзэщlыхькъым.*

**″Пщl″ макъ зэгуэтыр.**

*″**Пщl**″ макъ зэгуэтым къытехъукl ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр.*

″Пl″ эффектыр ″щl″ыкlэрэ лъабжьэу ухуэ ″макъ зэгуэт″ыр ″пщl″ыращи, абы и мыхьэнэр гурыlуэгъуэщ: ″пl″ыкlэрэ ″щl″, ″пl″ыныгъэу ″щl″. ″Пl″ макъымрэ ″щl″ макъ мыхьэнэм къытехъукla ″пщl″ макъ зэгуэт мыхьэнэр наlуэщи, ″щl″ макъ мыхьэнэр зэрыплрэ плэ зэригъуэтращ, е нэгъуэщlыу жыплэмэ, плырэ плэ зыгъуэт щlыгъуэрэ щlагъэращ. Аращи, ″пщl″ макъ зэгуэт мыхьэнэр абы хэт макъхэм (пl-щl) я мыхьэнэм теухуащ: ″пl″ макъыр бзэм зэрыхэт ″плын″рэ ″плэ″ псалъэ мыхьэнэкlэрэ ″щl″ макъыр бзэм зэрыхэт ″щlы, щlын, щlэн″ псалъэ мыхьэнэхэр зэрыгъэзащlэращ ″пщl″ макъ зэгуэтым и мыхьэнэр.

Аращи, ″щlы, щlын, щlэн″ыр ″плын″рэ ″плэ″кlэрэ зэрыгъэзащlэращ ″пщl″ макъ зэгуэт мыхьэнэми бзэм хигъэзэщlыхьыр. Икlи, ар (пщl) зы ″макъ зэгуэт″у утыку къызэрихьари мыпхуэдэ lуэхугъуэхэр къэlуэтэн папщlэрагъэнщ. ″Пщl″ макъ зэгуэтыр занщlэу ″макъ зэгуэт псалъэ″у зэрыухуа щlыкlэри ″**пщlы**″р зи глаголыпкъ ″**пщlы**н - къэ**пщlы**н″ псалъэхэу жыlэпхъэщи, ар цlыхум щхьэпэ хуэхъу е нэхъыбэуи и шхыныгъуэу щытхэр зыпыт къэкlыгъэм къыпычынрэ зэхуэхьэсын lуэхугъуэщ.

″Пщl″ макъ зэгуэтыр утыку къызэрихьа щlыкlэри мы къэта ″макъ зэгуэт псалъэ″хэр зытеухуа lуэхугъуэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэlуэтэн папщlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Мы псалъэхэр утыку къыщихьари мыпхуэдэ lуэхугъуэр япэу къыщыхъурауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщи, ари къэщыпынрэ къэпщlын лъэхъэнэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Мыбы нэмыщl, вэн-сэн lуэхугъуэм теухуауэ къэкlыгъэхэм я лъабжьэрэ я щlагъым ехьэлlауэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэри ″**пщlы**, **пщlэ**″р зи глаголыпкъ ″**пщlы**н, **пщlэ**н″ псалъэхэмкlэщ къызэрыlуэтари, ахэри ″пщl″ым къытехъукla ″макъ зэгуэт псалъэ″хэу бзэм хэхьащ.

″Щlын, щlэн″ lуэхугъуэм теухуауэ плэ зыгъуэтар, икlи мыпхуэдэ щlеин зиlэхэри ″пщl″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэр ″**пщlэ**″уэ зы ″макъ зэгуэт псалъэ″ущ къызэрыlуэтарэ бзэм зэрыхэхьар. Зыгуэрыр зэрагъэлъаплэр абы ″пщlэ″ зэрыхуащlращ, икlи зыгуэрым и ″уасэ″ри абы и ″**пщlэ**″у зэрылъытэкlэрэ ″пщlэ″ псалъэр бзэм холэжьыхьыр.

″Бжэн″ lуэхугъуэр цlыхум къигъэунэхурэ бжыгъэхэри щилъытэм щыгъуэ, lэпэбжэкlэу япэу къыригъэкlуэкla lуэхугъуэри lэхъуамбэхэр зэрыбжарэ зэрыуха щlыкlэу, мы ищlам плэ зэригъуэта щlыкlэу ″**пщlы**″уэщ зэрилъытари, ари зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у ухуащ. ″Пщl″ макъ зэгуэтым къытехъукla макъ зэгуэт псалъэхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым иужь дыдэу къэхъурауэ жыlэпхъэщ зы бжыгъэцlэу щыт ″пщlы (10)″р бзэм зэрыхэхьар.

*"**Пщl**" макъым къытехъукlа **"макъ зэгуэт псалъэ"хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **"псалъэ зэгуэтхэр"**.*

Япэу *"**пщl**" макъ зэгуэтым къытехъукlа "**макъ зэгуэт псалъэ**"хэр **къыпыхьэ макъкlэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

"Пщlын, къэпщlын" lуэхур зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къызэрыгъэлъагъуэ макъкlэрэ зэрыухуэжу утыку къихьа глаголхэмрэ къатехъукl псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «къэпщlын, зэдэпщlын – зэдэпщlэн, къызэдэпщlын - къызэдэпщlэн»; «пщlакlуэ - къэпщlакlуэ, къэпщlыгъэ, къэпщlыгъуэ, къэпщlэр, къэпщlырей».

Мы "къэпщlын" псалъэ мыхьэнэм теухуауэ жыlэпхъэщи, адыгэбзэм тхьэмпэхэр икlи "пщlащэ"уи къеlуатэр. Мыпхуэдэу илъыта тхьэмпэхэр цlыхум и шхыныгъуэ лlэужьыгъуэу къипщlыу щытахэрагъэнт, ауэ нобэ "пщlащэ" зыхужиlэхэр мыпхуэдэу зэхигъэкlыжкъым.

Къэкlыгъэ лъабжьэ гъэщэбэн lуэхугъуэу "пщlын, пщlэн" глаголхэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къыхэщу ухуэжа глаголхэмрэ къатехъукl псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «ипщlэн – ипщlыхьын, lупщlэн – lупщlыхьын, гуэпщlэн – гуэпщlыхьын, дэпщlэн – дэпщlыхьын, дэпщlэн – зэдэпщlэн, щlэпщlэн – щlэпщlыхьын, кlэрыпщlэн – кlэрыпщlыхьын, хэпщlэн – хэпщlыхьын»; «пщlакlуэ, пщlэгъуэ, пщlэр, пщlэрей».

Зы бжыгъэцlэу щыт "пщlы"р къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэр: «пщlэ, пщlанэ, епщlанэ, епщlанэрей».

"Пщlэ" макъ зэгуэт псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуа псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «пщlэшхуэ, пщlэгъуэ, пщlагъэ».

*"**Пщl**" макъ зэгуэтым къытехъукlа "**макъ зэгуэт псалъэ**"хэр зыхэту ухуэ "**псалъэ зэгуэт**"*хэми деплъынщ.

"Пщlын – къэпщlын" глагол лэжьэкlэ зыхэту ухуа "псалъэ зэгуэт" щапхъэщ мыхэр: «"кхъужь, пщlы(н)" → кхъужьыпщl – кхъужьыпщlэ; "пхъэгулъ, пщlын" → пхъэгулъыпщl – пхъэгулъыпщlэ – пхъэгулъапщlэ; "мыlэрысэ, пщlын" → мыlэрысыпщl – мыlэрысыпщlэ – мыlэрысапщlэ».

"Пщlын, пщlэн" глагол лэжьэкlэ зыхэту ухуа "псалъэ зэгуэт"хэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «"джэш, пщlы(н)/пщlэ(н)" → джэшыпщl – джэшыпщlэ; "нартыху, пщlы(н)/пщlэ(н)" → нартыхупщl – нартыхупщlэ; "хадэ, пщlы(н)/пщlэ(н)" → хадэпщl - хадэпщlэ».

Зы бжыгъэцlэу щыт "пщlы"р зыхэту ухуа "псалъэ зэгуэт" щапхъэщ мыхэр: «"пщlы, зы" →(пщlы-кlу-зы)→ пщlыкlуэз; "пщlы, бгъу" →(пщlы-кlу-бгъу)→ пщlыкlубгъу; "пщlы, и" → пщlэ и → пщlэи → пщlей»; «"пщlы, пщlы" → пщlырыпщl»; «"цlыух, пщlы" → цlыхуипщl; "шы, пщlы" → шипщl».

″Пщlэ″ макъ зэгуэт псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэи къэтхьыинщ: «″нэхъыбэ, пщlэ″ → нэхъыбапщlэ; ″пщlэ, бэ″ → пщlэбэ; ″цlыху, пщlэ″ → цlыхупщlэ; ″пщlэ, пщlэ″ → пщlэрапщlэ».

″Пщlэ″р икlи щэн-кэщэхун lуэхугъуэм теухуауэ зыгуэрым уасэу ищlри къызэрыlуатэ псалъэщи, мыпхуэдэ еджэклэклэ ″пщlэ″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэхэри къэтхьынщ: «″шы, пщlэ″ → шыпщlэ; ″вы, пщlэ″ → выпщlэ».

***″Пщl″*** *макъ зэгуэт мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″***.

″Пщl″ макъ зэгуэт мыхьэнэр ″щlын, щlэн″ lуэху лlэужьыгъуэхэм пlэрэ лъабжьэ хуэхъуныгъэу лъытапхъэщи, мыпхуэдэщ ″щlын, щlэн″ lуэхугъуэрэ щlэныгъэр зэрыунэтlрэ зэрыужьым лъабжьэ хуэхъур: «упщlэ, упщlэн, еупщlын, щlэупщlэн; упщlэж».

Аращи, упщlэр щlэнрэ зэгъэщlэным, щlэныгъэм лъабжьэ хуэхъуу зэрыужь щхьэусыгъуэщ, икlи упщlэ ехьэлlэнрэ зыгуэрым щlэупщlэныгъэу нобэ нэхъыбэу ″джэнджэщ″у бзэм щызекlуэм и адыгэбзэри ″упщlэж″щ.

Упщlэр лъабжьэ зыхуэхъуу лэжьыгъэ зыгъуэт щlэнрэ щlэныгъэклэ нахуэ хъури ″пщl″ макъ зэгуэт зыхэту ухуэ псалъэмклэщ къызэрыlуатэри, зы ужьыгъупlэу ухуэ упщlэр зытеухуа lуэхур зытетрэ зэрыужьыр ужьыгъуэпэрэ ужьыгъупlэ (lу) лъэныкъуэклэрэ къэгъэлъэгъуауэ ″пщl″ макъ зэгуэт мыхьэнэклэрэ лажьэу къоlуатэр: «lупщl».

Зыгуэр щlыным пlэ зэритращ абы и уэзыр зэрисклэрэ и lэпкълъэпкъым бахъэрэ псы къызэрытырикlутэри, мыри ″пщl″ макъ зэгуэтклэрэ къежьэу ухуэ псалъэхэмклэщ къызэрыlуатэр. ″Щlын″ lуэхур клыхь хъурэ къыщыпыщэм деж, ар зэрыпlклэрэ (пщl) зэрыунэтlым къигъэхъуращ пкъыгъуэм гъуэзрэ бахъэ къыхихуу щыщlидзэри, ари тклуэпсу щlыфэм тырещlэр: «пщlэнтlэн, пщlэнтlэпс; пщlантlэ».

″Щlы″рэ абы пlэ зэригъуэт ″пщl″ыр зыдэщыlэм зыгуэрхэр зэрыгъэзащlэр гурыlуэгъуэщи, зыгуэрхэр ипlэ икl зэпытрэ аргуэру пlэ зэригъуэтыж щlыклэу гъэзащlэхэри ″пщl″ макъ зэгуэт мыхьэнэклэрэ къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ зыгуэрым ифэр зэрызэщlэплъэрэ зэрызэхъуэкl щlыклэклэ зэрыцlурэ зэрылыдыр къызэрыlуатэ псалъэхэр зэрыухуэри, ипlэ икlыныгъэрэ зэхъуэклыныгъэ зэриlэ щlыклэклэ тклуаткlуагъ зиlэхэр къыщывэмрэ щызэхэпцlэжклэ къызэрыкъуалъэри къызэрыlуатэ псалъэхэри мыпхуэдэщ. Мы lуэхугъуитlри къызэрыlуатэ псалъэхэр зэхуэдэщи, мыбыхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «пщlыпщlын, къэпщlыпщlын, зэхэпщlыпщlэн».

Зы щlыпlэрэ зы lэпкълъэпкъым зыгуэр флэлъхьэнрэ флэхын lуэхугъуэри а щlыпlэр пlэ хуэхъуныгъэу ″пщl″ макъ мыхьэнэклэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщ. ″Пщl″ макъ зэгуэт мыхьэнэр мыпхуэдэу гъэзащlэ lуэхугъуэхэм теухуа глаголхэм суффикс къалэн

зэрыхуигъэзэщlапхъэр гурыlуэгъуэщи, мыбы теухуа щапхъэхэр илъабжьэкlэ къэтхьынщ. Мыпхуэдэу префиксиалу ухуа глаголхэщ мыхэр: «пщlэхэлъхьэн, пщlэхэлъын, пщlэхэхын, пщlэхэдзын».

Зыгуэрыр зыгуэрым и гущlыlурэ и щlыфlэм къытенэн lуэхугъуэри ″пщl″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэу ухуа псалъэщ мыхэр: «кlэрыпщlэн, зэкlэрыпщlэн, тепщlэн, хэпщlэн, зэхэпщlэн».

Мы псалъэхэр зытеухуа lуэхугъуэм и пхэнджращи, зыгуэрыр зыкlэрыпщlарэ зытетым къыкlэрычын lуэхугъуэр зытеухуа щlыпlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр префиксу къыпыхьэрэ ″у″кlэрэ гъэпсыжа ″пщl″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ ухуэ псалъэхэм къаlуэтэфри, ар а щlыпlэм зэрикlри ″кl″ кlэухкlэрэ мэгъэлъагъуэр: «теупщlыкlын, кlэрыупщlыкlын».

Зы пкъыгъуэр а зэрыщытрэ зэрыщlам игъэкlын lуэхугъуэри мы къэта щапхъэхэм хуэдэ лэжьэкlэ зиlэ псалъэхэмкlэ къоlуэтэфри, ″у″кlэ къежьэрэ ″пщl″ макъ зэгуэткlэрэ къекlуэкl lуэхугъуэр зытеухуам текlыныгъэу зэрыгъэзащlэри ″тэ″ кlэухкlэрэ къэгъэлъэгъуауэ ухуэ псалъэхэмкlэ къоlуатэр: «упщlэтэн, хэупщlэтэн, зэхэупщlэтэн».

″Щlын, щlэн″ым пlэ зэригъуэтри, абы ещхьу гъэзащlэри, зы ″щlы″пlэм теухуа lуэхугъуэхэри ″пщl″ макъ зэгуэткlэрэ къызэрыlуэтэфу псалъэхэр зэрыухуэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу лъытапхъэщ жеигъуэм гъэзащlэ пэлъытэу цlыхум илъагъухэри ″пщl″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ ухуа псалъэхэмкlэщ къызэрыlуатэр: «епщlыхьын, пщlыхь, пщlыхьэпlэ».

″Пщl″ макъ зэгуэтым и мыхьэнэр гурыlуэгъуэщ, икlи ар бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ зэхуэмыдэ бзэ мыхьэнэуэ лъытапхъэхэр утыку къызэрихьэм теухуа щапхъэхэри къэтхьащи, зы щlы лlэужьыгъуэу щыт дэтхэнэ гуэрыр цlыкlу-цlыкlуу зэгуэгъэжыныр а щlы лlэужьыгъуэр зыдитlыпlэм тегъэкlыныгъэу зэрылъытэкlэрэ ″упшlэтэн″ глаголкlэрэщ къызэрыlуатэр.

Мыбы нэмыщl, зыгуэрым и хуэбагъэр игъэкlуэду ″щlыlэ″пlэм хуэкlуэныгъэ зэригъуэтыр къызэрыlуатэри ″пщl″ макъ зэгэут зыхэту ухуэ зы псалъэкlэрэщ. ″Щыlэ″пlэм хуэкlуэныгъэрэ къыхуэкlуэныгъэр икlи ″пlыщlэн″ псалъэмкlи къызэрыlуатэр гурыlуэгъуэщи, зи хуэбагъэр зыгъэкlуэду ″щlыlэ″ хъууэ щlидзэрэ ″пlыщlэ″ныгъэм хуэкlуэныгъэри къызэрыlуатэу мы зи гугъу тщlы псалъэр зэрыухуа щlыкlэу макъхэр я мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ зэрызэхъуэкlрэ зыр зым ипlэ зэриувэ щlыкlэу утыку къызэрихьэм гулъытэ хуэтщlынщ: «щlыlэпlэкlэ ун → пl-щlыlэ-lун → у-пlщlыlун → упщlыlун»; «пlыщlэн → у-пlыщlэ-lун → упщlыlун; пlыщlэн → пlыщlэ ун → у-пlщlэ-lун → упщlыlун».

***″Пщl″*** *макъ зэгуэтым* ***″префикс – суффикс къалэн″*** *игъэзащlэхэр.*

″Пщl″ макъ зэгуэт мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, абы къиlуатэ щlыпlэр ″щlы″м къызэриlуатэм хуэдэу lупщlрэ пыухытыкlа зы щlыпlэкъым. Абдежыр зы щlыпlапlэщи, ″пщl″ыр мыпхуэдэ мыхьэнэкlэрэ префикс

щыхъукlэ, lуэхур абы зэрилъытэкlэрэ къызэрекlуэкlыр икlи зы ″х″ыпlэм щызэрыгъэзащlэр къыхэщу, ″хэ″ри абы къыкlэлъыкlуэу глаголым префикс хуохъужыр: «пщlэ-хэ».

Мыр префикс зыхуэхъуу ухуэж глаголхэм теухуа щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «пщlэхэин, пщlэхэун, пщlэхэуэн, пщlэхэlун, пщlэхэlуэн, пщlэхэсын – пщlэхэсыхьын, пщlэхэдзын, пщlэхэдын, пщlэхэдэн, пщlэхэтlын, пщlэхэтlэн, пщlэхэжын – пщlэхэжыхьын, пщlэхэжэн, пщlэхэжьын, пщlэхэжьэн, пщlэхэщын, пщlэхэщэн, пщlэхэщlын - пщlэхэщlыхьын».

**″Пкъ″ макъ зэгуэтыр.**

*″Пкъ″ макъ зэгуэтым къытехъукl ″**макъ зэгуэт псалъэ**″р.*

″Пl″ым къежьапlэрэ къэхъупlэ зи мыхьэнэ ″къ″ макъ къыкlэлъыкlуэу ухуэ ″пкъ″ макъ зэгуэтым и мыхьэнэр къэхъупlэрэ къызхэхъукlыпlэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Ар мы и макъ мыхьэнэкlэрэ бзэм занщlэу ″**пкъы**″уэ бзэм зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у къигъэщlа макъ зэгуэтщ.

*″Пкъы″ макъ зэгуэтым къытехъукla **″макъ зэгуэт псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

***″Пкъы″ макъ зэгуэт псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм** теухуа щапхъэщ мыхэр: «пкъыгъэ, пкъыгъуэ, пкъышхуэ, пкъылъэ, лъэпкъ, жэпкъ».

″Пкъы″ макъ зэгуэт псалъэм и мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, зы лъэуэ зэпкъырыувам зы ″пкъы″ зэриlэнур гурыlуэгъуэнщ. Ар щыхъукlи, мыпухэдэхэр къизыlуэ дэтхэнэ зы псалъэм ″пкъы″р кlэух хуэхъуу бзэ лэжьэкlэрэ псалъэхэр къызэрыхъунури гурыlуэгъуэнщ. ″Пкъы″р кlэух зыхуэхъуну псалъэхэр икlи щыlэцlэхэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, *″**пкъы**″ макъ зэгуэт псалъэ зыхэту ухуа мыпхуэдэ ″**псалъэ зэгуэт**″хэр* щыlэцlэ лlэужьыгъуэу щыт ди ″макъ псалъэ″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «″lэ, пкъы″ → lэпкъ; ″lу, пкъы″ → lупкъ; ″сэ, пкъы″ → сэпкъ; ″цlэ, пкъы″ → цlэпкъ; ″дзэ, пкъы″ → дзэпкъ; ″гу, пкъы″ → гупкъ; ″дэ, пкъы″ → дэпкъ; ″тlы, пкъы″ → тlыпкъ; ″жьэ, пкъы″ → жьэпкъ; ″чы, пкъы″ → чыпкъ; ″чэ, пкъы″ → чэпкъ; ″куэ, пкъы″ → куэпкъ; ″къу, пкъы″ → къупкъ; ″къуэ, пкъы″ → къуэпкъ; ″кхъэ, пкъы″ → кхъэпкъ; ″кхъуэ, пкъы″ → кхъуэпкъ; ″ху, пкъы″ → хупкъ; ″лъэ, пкъы″ → лъэпкъ; ″лы, пкъы″ → лыпкъ; ″лlы, пкъы″ → лlыпкъ; ″пэ, пкъы″ → пэпкъ; ″вы, пкъы″ → выпкъ; ″нэ, пкъы″ → нэпкъ».

*″**Пкъ**″ макъ зэгуэт мыхьэнэр **″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

Пкъыгъуэ зиlэу ухуэныгъэри, зи пкъыгъуэр зэбгырыхуныгъэри ″пкъы″ псалъэр зыхэтрэ абы теухуауэщ къызэрыlуатэри, префикс

къалэну мыпхуэдэ лэжьэкlэм теухуа щапхъэхэр илъабжьэкlэ къэтхьынщ, ауэ мыбдежым мыпхуэдэу ухуэ глаголыщlэхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «пкъырылъын, пкъырытын, пкъырыхын, пкъырыхун, пкъырыхуэн; зэпкъырылъын, зэпкъырытын, зэпкъырыхын, зэпкъырыхун, зэпкъырыхуэн».

Зы ″макъ зэгуэт псалъэ″ущ нэхъыбэу ″пкъы″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр, ауэ ″пкъы″уэ щытыныр зи мыхьэнэуэ лэжьэкlэ зэригъуэт ″пкъэ″р щхьэж зы псалъэу щымытрэ зы ″макъ зэгуэт″у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мы и макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ ″пкъэ″р кlэухыу зэпкъырыувэ псалъэхэри щыlэщ: «щыпкъэ».

***Пкъ″*** *макъ зэгуэтым* ***″префикс – суффикс къалэн″****у игъэзащlэхэр.*

Зы lуэхугъуэр зы пкъыгъуэм къызэрекlуэкlыр а lуэхугъуэр къызэрыlуатэ глаголым ″пкъыры″р префикс зэрыхуэхъукlэрэщ къызэрыlуэтэжри, мыпхуэдэу префиксиал глаголхэр мэухуэжыр. Мыпхуэдэ щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм зыхуэигъуэхэм теухуауэ къэтхьынщ: «пкъырыин, пкъырыун, пкъыруэн, пкъырыlун, пкъырыlуэн, пкъырысын, пкъырыдзын, пкъырыджэн, пкъырыдэн, пкъырытlын, пкъырытlэн, пкъырыжын, пкъырыжэн, пкъырыжьэн, пкъырыщlэн, пкъырышэн, пкъырычын, пкъырычэн, пкъырыкlын, пкъырыхун, пкъырылъэн, пкъырылэн, пкъырывэн».

″Пкъы″ыр зи кlэухыу ухуэ псалъэхэр ″псалъэ зэгуэт″у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, апхуэдэхэм теухуа щапхъэхэри ипэкlэ къэтыгъэххэщ.

**″Пкl″ макъ зэгуэтыр.**

***″Пкl″*** *макъ зэгуэтым къытехъукl* ***″макъ зэгуэт псалъэ″****р.*

″Пl″ырэ ″кl″ым зэдаухуэ ″пкl″ макъ зэгуэтыр ипlэм икlыныгъэ мыхьэнэ зиlэрщи, макъыбзэ лэжьэкlэм хуэныкъуэ щыхуэхъум деж, мыпхуэдэ lуэхугъуэхэр къызэрыlуэтэн гугъэкlэ бзэм къигъэщlа зы псалъэу ″**пкlы**н, **пкlэ**н″ глаголыпкъ ″**пкlы**, **пкlэ**″уэ къэхъуа ″макъ зэгуэт псалъэ″у утыку къихьауэ лъытапхъэщ.

***″Пкl″*** *макъ зэгуэтым къытехъукlа* ***″макъ зэгуэт псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукlыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

***″Пкl″*** макъ зэгуэтыр бзэм зэрыхэхьа ″пкlын, пкlэн″ ***″макъ зэгуэт глагол″***хэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпыхьэу ухуэж глаголхэщ мыхэр: «ипкlын – ипкlэн, lупкlын – lупкlэн, гъэпкlын – гъэпкlэн, гуэпкlын – гуэпкlэн, дэпкlын – дэпкlэн, тепкlын – тепкlэн, жьэдэпкlын – жьэдэпкlэн, щlэпкlын – щlэпкlэн, къэпкlын – къэпкlэн, къуэпкlын – къуэпкlэн, хэпкlын – хэпкlэн, хуэпкlын – хуэпкlэн, хэпкlын – хэпкlэнфlэпкlын – фlэпкlэн, нэпкlын – нэпкlэн».

″Пкlэн″ глагол лэжьэкlэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуа псалъэ щапхъэщ мыри: пкlэлъей».

***″Пкl″*** макъ зэгуэтыр бзэм зэрыхэхьа мы ***″макъ зэгуэт глагол″*** лэжьэкlэ зыхэту ухуа ***″псалъэ зэгуэт″***хэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «″пкlэ(н), пкlэ(н)″ → пкlэрапкlэ, пкlэрэпкlэн; ″пкlэ(н), уэ(н)″ → пкlауэ; ″гу, пкlэ″ → гупкlэ; ″нэ, щlэпкlэ(н)″ → нэщlэпкlэ».

***″Пкl″*** *макъ зэгуэтыр* бзэм зэрыхэлэжьыхьыр абы къытехъукlа ″пкlын, пкlэн″ псалъэхэущи, *и макъ мыхьэнэкlэрэ* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэ″*** *щыlэкъым.*

***″Пкl″*** *макъ зэгуэтым бзэм* ***″префикс – суффикс къалэн″****и хигъэзэщlыхькъым.*

**″Плl″ макъ зэгуэтыр.**

***″Плl″*** *макъ зэгуэтым къытехъукl* ***″макъ зэгуэт псалъэ″****р.*

Зи макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэу щыт ″пl″ым зыгуэрыр зэрыхъун хуеипlэм хуэкlуэныгъэр къизыlуэ ″лl″ макъыр къыкlэлъыкlуэжу ухуэ ″плl″ макъ зэгуэтым и мыхьэнэр зэрыхъун хуей хъуарэ пlэ зыгъуэтам теухуауэ жыlэпхъэщ. Мыпхуэдэ мыхьэнэ зиlэ ″плl″ макъ зэгуэтыр занщlэу зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у бзэм зэрыхэхьар ″**плlы**″уэщи, ар мы и мыхьэнэкlэрэ зы щыlэгъуэ ужьыгъуэ lэнатlэр къызэрыlуатэ псалъэщ.

Цlыухум ″бжэн″ lуэху къигъэунэхуа нэужь, мы утыку къихьагъэххэ ″плlы″ макъ зэгуэт псалъэр зы бжыгъэм теухуауэ зерихьэу щlидзащи, нобэ бзэм зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у зэрыхэтыр зы бжыгъэцlэущ ″**плlы**″р (″4″ бжыгъэ).

***″Плl″*** *макъ зэгуэтым къытехъукla* ***″макъ зэгуэт псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукlыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

***″Плl″*** макъ зэгуэтым къытехъукlарэ зы бжыгъэцlэу щыт ″плlы″ ***макъ зэгуэт псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьу* ***ухуэ псалъэхэм*** теухуа щапхъэщ мыхэр: «плlэ, плlанэ, еплlанэ, еплlанэрей, плlимэ».

***″Плl″*** *макъ зэгуэтым къытехъукla ″плlы″* ***макъ зэгуэт псалъэр*** *зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″*** щапхъэщ мыхэри:

«″плlы, плlы″ → плlырыплl»; «пщlы, плlы″ →(пщlы-кlуэ-ы-плlы)→ пщlыкlуплl; ″тlощl, пшlы″ → тощlиплl; ″шэ, плlы″ → щиплl».

***″Плl″*** *макъ зэгуэт мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″****.*

″Плl″ макъ зэгуэтым къытехъукla ″плlы″ макъ зэгуэт псалъэр бзэм зы бжыгъэцlэущ нобэ зэрыхэлэжьыхьри, ари зи лъабжьэу ″плl″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ къэхъуа псалъэхэри бзэм зэрыхэтыр гурыlуэгъуэщ. Араци,

мы псалъэхэм хэт ″плI″ макъ зэгуэтыр зы бжыгъэцIэу щыт ″плIы″ым (4) зэрытемыухуар гурыIуэгъуэщ: «уплIэнщIын, теуплIэнщIэн».

″ПлI″ макъ зэгуэт зыхэту ухуа псалъэ гуэрхэр ″плI″ макъ зэгуэтыр утыку къызэрихьам теухуа, хьэмэрэ зы бжыгъэцIэу ″плIы″м теухуа, ар наIуэ дыдэу лъытапхъэкъыми, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «плIэ, плIэIу».

*″**ПлI**″ макъ зэгуэтым бзэм ″**префикс – суффикс къалэн**″ хигъэзэщIыхьакъым.*

## ″Б″ МАКЪЫМКIЭ КЪЕЖЬЭ МАКЪ ЗЭГУЭТХЭР: «БЗ; БДЗ; БГЪ, БГЪУ; БГ; БЖ, БЖЬ; БЛ».

### ″Бз″ макъ зэгуэтыр.

*″**Бз**″ макъ зэгуэтым къытехъукI ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр.*

″Б″ макъыр ″зэрелъыта ужьыгъуэ″ зи мыхьэнэщи, абы ″з″ макъ къыпыхьэжу ухуэ ″бз″ макъ зэгуэтыр ″зэрелъыта ужьыгъуэм езыр″ мыхьэнэ зиIэращ. Мыпхуэдэу ухуа ″бз″ макъ зэгуэтыр зэрелъыта ужьыгъуэ зиIэм езыр зэрылъытэ мыхьэнэ зиIэращи, ар дэтхэнэ гуэрыр къызэрыхъурэ хъууэ зэрызекIуэм лъабжьэ хуэхъуращ. Мы псалъэм ипкъ иткIи, ″бз″ макъ зэгуэтыр ″хъу″м и пхэндж мыхьэнэ зиIэу лъытапхъэщи, ар хъур къызтехъукIрэ хъуурэ кIуэр зэрызекIуэ щIыкIэри зэрылъытэ макъ мыхьэнэ зиIэрщ; икIи хъур зэрыхъуну хъуа нэужьри зэрылъытэращи, абыи къыпыщэну хъугъуэри къызтехъукIыну лъабжьэращ.

Ар мы къызэрыхъуа щIыкIэкIэ бзэ лэжьэкIэм занщIэу зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у хэтщи, ″**бзы**″р зэрелъыта ужьыгъуэм езырауэщ адыгэбзэм зэрилъытари, ар къызтехъукIыпхъэрэ къызтехъукIыпIэу щытыр къызэрыIуатэ ″макъ зэгуэт псалъэ″щ. ″Бз″ыр зы макъ зэгуэту япэ ″бзы″р зэрылъытэ мы макъ зэгуэт псалъэуи утыку къихьэуэ жыIэпхъэщ.

Зэрелъыта ужьыгъуэ зи мыхьэнэ ″макъ зэгуэт псалъэ″у щыт ″бзы″р зы лъабжьэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, ар къызтехъукIыпхъэрэ къызтехъукIыпIэу зэрыщытым нэмыщI, икIи къэхъурэ хъуурэ зекIуэри зэрызекIуэ щIыкIэри къызэрыIуатэ макъ зэгуэт мыхьэнэщ. Араща, абы и кIуэтэгъуэрэ лъабжьэрыкIуэу щыт дэтхэнэ гуэрэри адыгэбзэм къызэриIуатэр зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у ″**бзэ**″уэщ. Зэрелъыта ужьыгъуэу щытым езыр ″бзы″уэщ къызэрыIуатэри, мыпхуэдэ лъабжьэрыкIуэкIэ зиIэр къызэрыIуатэ ″бзэ″р дэтхэнэ гуэрыр зэрызэпкъырыуварэ ухуэу зэрызекIуэри къызэрыIуатэ псалъэу, мыпхуэдэ зекIуэкIэрэ зыужьыныгъэ зиIэ дэтхэнэ гуэрым и ″логие″у зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ.

Псэущхьэхэм я зы лъэныкъуэ лъэпкъыр нэхъ лъабжьэ лъэныкъуэу зэрыщытым папщIэрагъэнщи ″**бзы**″уэщ зэрылъытар. Дэтхэнэ гуэрыр зэрызекIуэ щIыкIэу и лъабжьэрыкIуэкIэр ″бзы″ кIуэтэгъуэу ″бзэ″уэ зы

″логие″щи, а нэхъ логие зэгъэпэщу лъытапхъэрэ цIыхум къыригъэIукI макъхэмкIэ ухуа ″псэлъэ**бзэ**″ри щхьэжу ″**бзэ**″уэщ зэрылъытар.

Дэтхэнэ зы lуэхум и логиер гъэпсынрэ ар зэрыухуэну щIыкIэм зы лъабжьэ етын lуэхугъуэри, зыгуэрыр lэнатIэ lэнатIэу зэпкъырыхыжын lуэхугъуэри ″бзы, бзэ″кIэрэ зэрыгъэзэщIапхъэр гурыIуэгъуэщи, ″**бзы**, **бзэ**″р ″макъ зэгуэт псалъэ″хэу аргуэру ″**бзы**н, **бзэ**н″ глаголыпкъыу бзэм холэжьыхьыр.

*″**Бз**″ макъым къытехъукIа **″макъ зэгуэт псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукIыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

*″**Бз**″ макъ зэгуэтым къытехъукIа **″макъ зэгуэт псалъэ″**хэр **къыпыхьэ макъкIэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Бзы″ макъ псалъэр къыпыхьэ макъкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэ къэтыхьынщ: «бзыгъэ».

″Бзэ″р япэрауэ ″логие″ зи мыхьэнэ ″макъ зэгуэт псалъэ″щи, къыпыхьэ макъкIэрэ бзэм хэлэжьыхьу къытехъукI псалъэхэм теухуа щапхъэу лъытапхъэщ мыхэр: «къабзэ, хабзэ»; «убзэн, еубзэн».

ЩыIэгъуэ зиIэр къызэрыхъурэ зэрызэхэлъыр къызэрыIуатэращ ″хабзэ″ри, дэтхэнэ гуэрым и къэхъукIэрэ зэрыщыIэкIэм мыпхуэдэу зы хабзэ зэриIэр гурыIуэгъуэщ. НытIэ, дэтхэнэ щыIэ гуэрыр мыпхуэдэу и ″хабзэ″кIэ къызэрыIуэтапхъэри гурыIуэгъуэнщ: «математикэ хабзэ, физикэ хабзэ, биологие хабзэ»; «псэущхьэ щыIэкIэ хабзэ»; «цIыху хабзэ, Адыгэ хабзэ».

″Логие″ зи мыхьэнэ ″бзэ″м къыпыхьэ макъхэмкIэ къытехъукI щапхъэу мы къэтахэм щыщ ″убзэн, еубзэн″ псалъэхэр нэхъыбэу псэлъэбзэм теухуауэ зэрызекIуэрэ гурыIуэгъуэ зэрыхъури гулъытапхъэщ. Ауэ мы псалъэхэм къытехъкIыж ″псалъэ зэгуэт″у лъытапхъэ мы щапхъэхэр ″псэлъэбзэ″ зи мыхьэнэуэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ: «бзэрэбзэн {″бзэ(н), бзэн″}; бзэрабзэ, убзэрэбзэн, убзэрабзэ».

Мы псалъэхэм къызэрагъэлъагъуэщи, ″логие″р зэрылъытэ ″бзэ″мрэ зы логие щапхъэфIыу зэрыщыткIэрэ ″псэлъэбзэ″р щхьэжу ″бзэ″уэ зэрылъытар икъукIэ зэпыщIэныгъэ зиIэ псалъэхэщ. ИкIи бзэ лэжьэкIэм зыдыхэплъагъуэ щIыпIэр куэдым деж, - нэхъыбэуи псэлъэн lуэхугъуэм щытеухуам щыгъуэ-, зэхэгъэкIыгъуафIэ къыпщыхъукъым. Сыт щхьэ жыпIэмэ, мыпхуэдэ логиер зэрыгъэзащIэр псалъэкIэрэщи, псэлъэнри зы ″логие″у ″бзэ″ лIэужьыгъуэщ, икIи ″бзэ″уэщ щхьэжу къызэрыIуатэр. Мыпхуэдэ зы щапхъэщ мыри, ар псэлъэнкIэрэ гъэзащIэу зы логие лIэужьыгъуэу ″бзэ″ макъ псалъэр къыпыхьэ макъкIэрэ бзэм хэлэжьыхьу ухуа зы псалъэщ: «гыбзэ».

″Бзын, бзэн″ макъ зэгуэт глаголхэр зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэ макъ къыпыхьэу ухуэж префиксиал глаголхэм теухуа щапхъэхэмрэ, апхуэдэ lуэхугъуэм теухуахэри къызэрыIуатэ псалъэхэр

щапхъэу къэтхьынщ: «ибзын - ибзэн, lубзын - lубзэн, гуэбзын – гуэбзэн, дэбзын – бзэбзэн, тебын – тебзэн, щlэбзын – щlэбзэн, кlэрыбзын – кlэрыбзэн, къэбзын – къэбзэн, къуэбзын – къуэбзэн, хэбзын – хэбзэн, хуэбзын – хуэбзэн, пыбзын – пыбзэн, флэбзын – флэбзэн, нэбзын - нэбзэн»; «тебзэ, щlэбзэ; бзыпхъэ, бзэр, дэр-бзэр».

*"**Бз**" макъ зэгуэтым къытехъукlа "макъ зэгуэт псалъэ"хэр зыхэту ухуэ "**псалъэ зэгуэт**"*хэми деплъынщ.

Псэущхьэ лъэпкъ лъэныкъуэр зэрылъытэ ″бзы″ псалъэ зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «″хъыджэ, бзы″ → хъыджэбз; ″бзы, лъхугъэ″ → бзылъхугъэ; ″цlыух, бзы″ → цlыхубз»; «″кхъуэ, бзы″ → кхъуэбз; ″шы, бзы″ → шыбз; ″хьэ, бзы″ → хьэбз».

″Бзэ″ макъ зэгуэт псалъэр ″логие″ зи мыхьэнэуэ зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″тхьэ, бзэ″ → тхьэбзэ; ″lуэху, тхьэбзэ″ → lуэхутхьэбзэ; ″lуэхутхьэбзэ, щlы(н)″ → lуэхутхьэбэщl → lуэхутхьэбзащlэ».

Мы щапхъэхэм изакъуэкъыми, ″бзэ″р логие мыхьэнэ зиlэу, дэтхэнэ зы псалъэм къыпыхьэу, а псалъэр зытеухуа lуэхугъуэ логиер къызэрыlуэтэнур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″псэлъэн″ lуэхугъуэр зы логие лlэужьыгъуэу къызэрыlуатэри ″псэлъэбзэ″ущ: «″псалъэ, бзэ″ → псэлъэбзэ».

Дэтхэнэ гуэррэ lуэхугъуэм, ар утыку къызэрихьарэ икlи зэрылажьэм зы логие зэриlэр гурыlуэгъуэщи, мы къэта щапхъэу ″псэлъэн″ым зы логие зэриlэу ″псэлъэбзэ″у къызэрыlуатэм хуэдэу, ″логие″ зи мыхьэнэуэ лъытапхъэ ″бзэ″р кlэухыу зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэ къэхьыныр гугъукъым: «″математикэ, бзэ″ → математикэбзэ; ″физикэ, бзэ″ → физикэбзэ; ″шимикэ, бзэ″ → шимикэбзэ; ″биологие, бзэ″ → биологиебзэ; ″антропологие, бзэ″ → антропологиебзэ».

″Псэлъэбзэ″р щхьэжу ″логие″ жыхуаlэм и зы щапхъэфlщи, ар щхьэжу ″бзэ″уэ зэрылъытар гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу лъытарэ ″псэлъэбзэ″ къыриlуэу зекlуэ ″бзэ″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ илъабжьэкlэ къэтахэри, ахэр икlи ″логие″ мыхьэнэуи зэрылъытапхъэрэ зэреджапхъэр гулъытапхъэщ: «″хъуэхъу, бзэ″ → хъуэхъубзэ; ″жьэ, бзэ″ → жьабзэ; ″хъуэр, бзэ″ → хъуэрыбзэ; ″хъуэн, бзэ″ → хъуэнэбзэ; ″усэ, бзэ″ → усэбзэ; ″гъы(н), бзэ″ → гъыбзэ; ″щlагъ, бзэ″ → щlагъыбзэ; ″щакlуэ, бзэ″ → щэкlуэбзэ».

Сытми зы логие зиlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ″логие″ зи мыхьэнэкlэрэ ″бзэ″р зыхэту ухуэф ″псалъэ зэгуэт″ыр зэрымымащlэм хуэдэжу, щхьэж ″псэлъэбзэ″р къызэрыlуатэ ″бзэ″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэри мащlэкъым. Икlи мыпхуэдэу ″бзэ″ макъ зэгуэт псалъэ зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэр ″бзэ″м и мыхьэнитl лъэныкъуэкlи зэреджапхъэри гурыlуэгъуэнщ: «″Адыгэ, бзэ″ → адыгэбзэ; ″Уырыс, бзэ″ → урысыбзэ; ″Тырку, бзэ″ → тыркубзэ; ″Хьэрып, бзэ″ → хьэрыпыбзэ».

*"**Бз**" макъ зэгуэт мыхьэнэр "**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**".*

Мы иужьрей щапхъэхэр "псэлъэбзэ" гуэрхэр къызэрыlуатэу "бзэ" псалъэр зыхэту ухуа "псалъэ зэгуэт"хэщ, ауэ мы псалъэхэм икlи "бзэ"р зы "логие"у узэреджэфынури гурыlуэгъуэщи, "бзэ"р логие мыхьэнэкlэрэ кlэух зыхуэхъу псалъэр "а езырыжу зэрыщыт"рэ "и логие лъэщу зэрыщыт"кlэрэщ зэреджапхъэр: «Адыгабзэ (: Адыгэ дыдэ, Адыгэфl); Урысыбзэ (Урыс дыдэ, фlыуэ Урыс)». Мыпхуэдэу кlэух зыхуэхъу псалъэм и логиер утыку къызэрырилъхьэ щlыкlэу "бзэ"м игъэзащlэр суффикс къалэну лъытапхъэщи, мыбыхэм илъабжьэкlэ и гугъу щытщlынщ.

"Бз" макъ зэгуэт мыхьэнэр гурыlуэгъуэщ, икlи мы и мыхьэнэкlэрэщ ар псэлъэбзэм зы псалъэу "бзы"уэ зэрыхэхьари, "бз" макъ мыхьэнэ кlуэтэгъуэрэ "бзы" псэлъэбзэ мыхьэнэ кlуэтэгъуэуи лъытапхъэу зы псалъэщ икlи "бзэ" псалъэр. Ар щыхъукlэ, "бз" макъ зэгуэт мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр икlи "бзы, бзэ" псалъэхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Аращи, мыбдежым "бз" макъ зэгуэт мыхьэнэ лэжьэкlэу ухуауэ лъытапхъэу къыщытыну псалъэ щапхъэхэр икlи "бзы, бзэ" псалъэхэмрэ "бзын, бзэн" глаголхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэуи еджапхъэщ.

Мы псалъэм зэрезэгъщи, зы псэущхьэ лъэпкъ лъэныкъуэр къызэрыlуатэ "бзы"уэ щымытми, гулъытэ зиlэрэ гупщысэ къызпкъырыкl псэущхьэмрэ – нэхъыбэуи цlыхум хуэфащэу- гулъытэныгъэрэ гупщысэныгъэ зиlэ lуэхугъуэри "бзы" макъ псалъэ мыхьэнэм зэрырекlукlэрэ "бз" макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэщ зэрылъытэрэ къызэрыlуатэр: «губзыгъэ, губзыгъагъэ».

"Бзы" макъ зэгуэт псалъэмрэ "бзын" глагол мыхьэнэ зиlэу "бз" макъ мыхьэнэкlэрэ къэхъуауэ лъытапхъэщ мы псалъэри: «ныбз».

Мыпхуэдэу "бзы, бзэ, бзын, бзэн" псалъэхэм я мыхьэнэ лъэныкъуэкlэ еджапхъэу щытрэ "бз" макъ зэгуэтыр бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ къэхъуэ лъытапхъэ псалъэхэр мащlэкъым. Аращи, "бз" макъ зэгуэтыр бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ къэхъуарэ "бзы" макъ псалъэм хуэдэу лъабжьэ мыхьэнэ зиlэу, къэхъунум лъабжьэ хуэхъуныгъэ зи мыхьэнэуэ, лъабжьэрыкlуэкlэ зи мыхьэнэуэ, зэрызекlуэрэ зэрыужьым ехыжу лъабжьэ хъужыныгъэ зи мыхьэнэуэ "бз" макъ зэгуэткlэрэ ухуа псалъэхэщ мыхэр: «убзын, убзыхун, бзыщlын, убзыщlын, бзэхын, убзэхын, бзэщlын, бзэхъун (бзэ-хъы-уэ-н)».

Нэхугъэ къэзыщlыр "фотон" жыхуаlэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlурауэщ физикэ щlэныгъэм зэрилъытэри, адыгэбзэм нэхугъэ къэзыщlыр зэрызекlуэрэ зэрызэхэлъри зи мыхьэнэр гурыlуэгъуэ къытхуэхъуа "бз" макъ зэгуэтыр зэрыджущ (и) къызэриlуатэр: «бзий: нэху бзий, дыгъэ бзий, мафlэ бзий».

Лъэтэфу щыт псэущхьэ лъэпкъыр адыгэбзэм зэрилъытари ″бз″ макъ мыхьэнэ е ″бзы″ псалъэ мыхьэнэ ужьыгъуэущ (у): «бзы-у → бзу».

Псэущхьэм и зы лъэныкъуэ лъэпкъыр ″бзы″уэ щlэлъытар а лъэныкъуэр лъабжьэу зэрыщытрагъэнщи, мыпхуэдэ лъабжьэ зи мыхьэнэкlэрэ ″бз″ макъ зэгуэтыр кlэух зыхуэхъу псалъэ мыхьэнэр лъабжьэрылажьэу къызэрыlуатэу ухуа псалъэщ мыр: «дыгъурабз».

*″**Бз**″ макъ зэгуэтым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащlэхэр.*

″Дыгъун″ lуэху зи хабзэ хъуарэ ар зи хабзэу зы лъабжьэ зыгъуэтаращ мы иужьрей щапхъэм къыlуатэри, зыгуэрыр мыпхуэдэ зы lуэхугъуэкlэ зэрылъытэр а lуэхугъуэр къызэрыlуатэ псалъэм ″бз″ макъ зэгуэт къыпыхьэжу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. Аращи, мыпхуэдэ игъуэ псалъэхэм ″бз″ макъ зэгуэтыр зы суффиксу къызэрыпыхьэфынури гулъытапхъэщ. Ауэ нобэ мыпхуэдэ щlыкlэкlэ ″бз″ макъ зэгуэт суффикскlэрэ ухуауэ щыт адыгэбзэ псалъэу нэгъуэщl щапхъэхэм урихьэлlэкъым. Мыбы папщlэщи, мыбдежым мыпхуэдэ щапхъэ къэдмыхь щхьэ, ″бз″ макъ зэгуэтыр мыпхуэдэ суффикс къалэн игъэзэщlэну зэрыщытрэ зэрыхущlэкъури гулъытапхъэщ.

″Бзэ″р логие зи мыхьэнэщи, ар кlэух зыхуэхъу псалъэм и мыхьэнэр и логиекlэ къызэрыlуатэм теухуа щапхъэхэр ипэкlэ къэтащ. Зы логиер икlи а гуэрым езырауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщи, логие макъ мыхьэнэ зиlэ ″бзэ″р псалъэхэм суффикс зэрыхуэхъуфынури гурыlуэгъуэнщ. Ар щыхъукlи, ″бзэ″р суффиксу къызпыхьэ псалъэр езырыжу, езыр дыдэу, езырыщэу къэlуатэ мыхьэнэ мэухуэри, а псалъэм и нэхъ щапхъэфlыу къоlуатэр. Аращи, ″бзэ″ суффиксыр къызпыхьэ псалъэ мыхьэнэр лъэщыгъэ зиlэрэ а нэхъ щапхъэфl зи мыхьэнэуэ мэухуэжыр. Дэтхэнэ зы псалъэм ″бзэ″р суффикс хуэхъуу псалъэхэр мыпхуэдэу зэрылэжьыфынур гурыlуэгъуэщ, ауэ мыпхуэдэ лъэжьэкlэкlэ лъытэныр нэхъ зыхуэигъуэр плъыфэхэрауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщи, плъыфэцlэхэм ″бзэ″ суффиксыр къыпыхьэу зэрылажьэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ. Ауэ ″бзэ″р суффикс хуэхъун зыхуэфащэ плъыфэцlэхэр икlи лъабжьэ мыхьэнэ зиlэу щытын зэрыхуейри гулъытапхъэщ: «гъуэжьыбзэ, хужьыбзэ, плъыжьыбзэ, фlыцlабзэ; нэхубзэ, кlыфlыбзэ; фlеибзэ, къабзабзэ; куубзэ, чэнжыбзэ; кlыхьыбзэ, кlэщlыбзэ; псыгъуабзэ, псынщlабзэ; щэхубзэ, хуэмыбзэ».

**″Бдз″ макъ зэгуэтыр.**

*″**Бдз**″ макъ зэгуэтым къытехъукl ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр.*

Зэлъытэныгъэ ужьыгъуэ зи мыхьэнэ ″б″ым дзын глаголыр къызтехъукl ″дз″ макъкlэрэ лажьэу ухуэ ″бдз″ макъри мы къызэрыхъуам езэгъ мыхьэнэ зиlэ ″макъ зэгуэт″щ. Ар къызэрыхъуа щlыкlэри зытеухуа lуэхугъуэхэр къизыlуэ ″макъ зэгуэт псалъэ″у утыку къихьа ″**бдзы**,

**бдзэ**″ращ. ″Бдзы″уэ щытрэ ″бдзы″гъэ зиӏэращ ″бдзэ″м къиӏуатэри, тӏури зэхуэдэ ӏуэхугъуэщ зытеухуар.

*″**Бдз**″ макъ зэгуэтым къытехъукӏа **″макъ зэгуэт псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукӏыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

*″**Бдз**″ макъ зэгуэтым къытехъукӏа ″бдзы, бдзэ″ **макъ зэгуэт псалъэхэр къыпыхьэ макъкӏэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** теухуа щапхъэщ мыхэр: «зэгуагъэкӏыну пкъыгъуэм дадзэр къызэрыӏуатэ псалъэщ ″бдзумэ″р; ″бдзэжьей″ри ″бдзэ″ зытет псэущхьэ лӏэужьыгъуэр къызэрыӏуэта псалъэу лъытапхъэщ».

Ауэ зы бдзэжьей лъэпкъри ″бдзэ″уэщ зэрылъытари, ″бдзэжьей″ псалъэм и этимологие лъабжьэр ″бдзэ″ псалъэрауэ лъытапхъэмэ (бдзэ-жьей), ″бдзэжьей″р къызтехъукӏа псэущхьэ лъэпкъыр зы бдзэжьей лъэпкъыу щыт ″бдзэ″рауэ лъытапхъэщ.

*″**Бдз**″ макъ зэгуэтым къытехъукӏа ″макъ зэгуэт псалъэ″ зыхэту ухуэ **″псалъэ зэгуэт″*** щапхъэщ мыхэри: «″вэ(н), бдзэ″ → вабдзэ; ″нэ, бдзэ″ → набдзэ».

*″**Бдз**″ макъ зэгуэт мыхьэнэр **″бзэм зэрыхэлэжьыхькӏэрэ ухуэ псалъэхэр″**.*

″Бдз″ макъ зэгуэт мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щӏыкӏэу лъытапхъэу къэхъуа зы щапхъэщ илъабжьэкӏэ къэта псалъэри, ар икӏи ″бдзы″ макъ зэгуэт псалъэр къыпыхьэ макъкӏэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуа зы псалъэуи лъытапхъэщ: «бдзумэ».

″Бдзумэ″р ″бдзы″ ӏэмэпсымэ лӏэужьыгъуэщи, зыгуэрыр зэгуагъэкӏын папщӏэ зэрахьэ ӏэмэпсымэр зэрылъыта мы псалъэр а зэгуагъэкӏыну дурэшым зэрауэнкӏэ (уэ-ы → у) щхьэпэ (мэ) ″бдзы″р къызэрыӏуатэ щӏыкӏэу ухуа зы псалъэу лъытапхъэщ.

*″**Бдз**″ макъ зэгуэтым бзэм **″префикс – суффикс къалэн″** хигъэзэщӏыхькъым.*

**″Бгъ″ макъ зэгуэтыр.**

*″**Бгъ**″ макъ зэгуэтым къытехъукӏ **″макъ зэгуэт псалъэ″**хэр.*

Зэлъытэныгъэ ужьыгъуэ зи мыхьэнэ ″б″ыр лъабжьэех зи мыхьэнэ ″гъ″ыкӏэрэ лажьэу утыку къихьэ макъ зэгуэт ″бгъ″ыр. ″Гъ″ макъ мыхьэнэр зэрыгурыӏуэгъуэу, абыкӏэ лажьэу утыку къихьа ″бгъ″ макъ зэгуэтыр занщӏэу бзэм псалъэ хэмыхъухьакъым. Ауэ ″бгъ″ым и кӏуэтэгъуэрэ икӏи ″б″ым ″гъ″ым и кӏуэтэгъуэр къызэрыпыхьэкӏэрэ ухуэ ″**бгъэ**″р зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у мэухуэри, ар псэущхьэ ужьыгъуапӏэ ӏэплъэпкъыр къызэрыӏуатэ псалъэщ.

Зы lэпкълъэпкъ ″бгъэ″р псэущхьэм и гупэмкlэ зэрыщыlэрэ лъэщагъи зи теплъэщи, псэущхьэ гупэрэ ужьыныгъэ лъэныкъуэри зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у аргуэру ″**бгъэ**″уэщ зэрылъытэрэ къызэрыlуатэр.

Зы бзу лъэпкъри ″**бгъэ**″уэщ бзэм къызэриlуэтари, ар lэпкълъэпкъыу бгъэшхуэ зэриlэм папщlэрагъэнщ мыпхуэдэу зэрылъытари, ар ″бгъэ″уэ зэрылъытар иужькlэу зэрыщытри гурыlуэгуэнщ.

″Бгъ″ макъыр зэлъытэныгъэ ужьыгъуэ (б) лъабжьыхэщи (гъ), мы и мыхьэнэкlэрэ абы ужьыныгъэ зэримыlэнур гулъытапхъэщ. Аращи, ужьыгъуэ зымыгъуэтыр къызэрыlуатэ ″макъ зэгуэт″ущ ″бгъ″ыр зэрыхэлэжьыхьыр: зи лъхуэныгъэр зыгъэкlуэдарэ зимыlэ псэущхьэбзыр ″бгъы″уэ щытущ (э) къызэрыlуатэри, мыпхуэдэу къэхъуа ″макъ зэгуэт псалъэ″щ ″**бгъы-**э → **бгъэ**″р.

***″Бгъ″*** *макъым къытехъукlа* ***″макъ псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукlыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

***″Бгъ″*** *макъ зэгуэтым къытехъукlа* ***″макъ зэгуэт псалъэ″****хэр* ***къыпыхьэ макъкlэрэ*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьу* ***ухуэ псалъэхэм*** теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ.

Зы lэпкълъэпкъыщlэу щыт ″бгъэ″м къыпыхьэ макъкlэрэ ухуэж псалъэхэщ мыхэр: ««бгъэжь, бгъэшхуэ, бгъэгу, бгъафэ, бгъакъэ».

Зы псэущхьэ лъэпкъыр къызэрыlуатэ ″бгъэ″ макъ зэгуэт псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэри: «бгъэжь, бгъэшхуэ».

***″Бгъ″*** *макъ зэгуэтым къытехъукlа* ***″макъ зэгуэт псалъэ″****хэр зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″****хэми деплъынщ.

Зы lэпкъылъэпкъыщlэу щыт ″бгъэ″р зыхэту ухуа псалъэ зэгуэт щапхъэщ мыхэр: «″джэд, бгъэ″ → джэдыбгъэ; ″мэл, бгъэ″ → мэлыбгъэ; ″шы, бгъэ″ → шыбгъэ»; «″бгъэлгубэ″р ″бгъэ″м телъ лыфlэр къызэрыlуатэ щlыкlэу ухуа зы ″псалъэ зэгуэту зэреджапхъэри мыпхуэдэущ: бгъэ-лы-гу-бэ → бгъэл-гу-бэ → бгълыгу-бэ»; ″бгъэ, lупхъуэ(н)″ → бгъэ lупхъуэ → бгъэlупхъуэ; ″бгъэ, телъы(н)″ → бгъэтелъ; ″бгъэ, (и)щlэн″ → бгъэрыщlэ».

Зы псэущхьэцlэу щыт ″бгъэ″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″бгъэ, ху(жь)″ → бгъэху; ″бгъэ, щхъуэ″ → бгъащхъуэ; ″бгъэ, шыр″ → бгъэ шыр → бгъэшыр».

Лъхугъэ зимыlэ псэущхьэр зэрылъыта ″бгъэ (бгъы-э)″р зытеухуар къызэрыlуатэу бзэм зэрыхэлэжьыхьынур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэри ″псалъэ зэгуэт″у зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ: «″мэл, бгъэ″ → мэлыбгъэ; ″жэм, бгъэ″ → жэмыбгъэ».

***″Бгъ″*** *макъ зэгуэт мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр″****.*

″Бгъэ″р гупэ лъэныкъуэу зэрыщытрэ лъэщагъ теплъэ зиlэращи, мыпхуэдэу зэрылъытэкlэрэ гупэ лъэныкъуэмкlэ екъунрэ ужьыныгъэри

″бгъэ″м теухуарэ къытехъукIа псалъэхэмкIэщ къызэрыIуатэр. Ауэ абы икIи зэрелъыта ужьыгъуэу гъэзэщIэныгъэу ″б-гъэ″ макъ зэгуэт мыхьэнэкIи зэреджапхъэр гурыIуэгъуэнщи, лъэныкъуитIри зыхэзыубыдэу ухуа псалъэхэщ мыхэр: «бгъэрын, бгъэрыкIуэн, ебгъэрыкIуэн, бгъэрыкIуэ».

Мы псалъэхэр зы lэпкълъэпкъыцIэу щыт ″бгъэ″ псалъэм и мыхьэнэм егъэщхьыныгъэкIэ къытехъукI псалъэхэращ. Мыпхуэдэу лъытапхъэщи, ″бгъэ″р гупэ лъэныкъуэу зы щIыпIэр къызэрыIуатэ псалъэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, апхуэдэ зы щIыпIэм теухуауэ гъэзащIэ lуэхугъуэхэри ″бгъэ″р префикс зыхуэхъу глаголкIэрэ къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэщи, ″бгъэ″р префикс къалэнкIэрэ глаголхэм къызэрыпыхьэм теухуа щапхъэхэри илъабжьэкIэ къэтхьынщ. Зыгуэрым и гупэ щIыпIэр ″бгъэ″уэ зэрылъытэкIэрэ мыпхуэдэм щыдэгъэзащIэр (д) къигъэлъагъуэу префиксиал глаголу щIэуэ ухуэхэри щыIэщи, мыбыхэм теухуа щапхъэхэри мыбдежым къыщытхьынщ: «бгъэдэлъын, бгъэдэтын, бгъэдэсын, бгъэбэхын, бгъэдэхуэн».

Псэущхьэ гупапIэр зэрылъытэ lэпкълъэпкъыцIэщ ″бгъэ″ри, мыпхуэдэу къепщэрэ лъэщагъи зиIэ ″жьы″р зэрылъытэ псалъэщ мы илъабжьэкIэ къэтари, ар икIи жьыр ″б-гъэ″ макъ мыхьэнэкIэрэ зэрелъыта ужьыгъуэу зэрыгъэзащIэри къызэрыIуатэу ухуауи еджапхъэщ: «жьыбгъэ».

Псэущхьэм лъхугъэ зэримыIэныгъэр ″бгъы-э → бгъэ″уэ зэрылъытар гурыIуэгъуэщ, ауэ и къалэныр зымыгъэзащIэ lэпкълъэпкъ гуэрхэри мы (бгъы-э → бгъэ) ″макъ зэгуэт мыхьэнэ″кIэрэ къэIуатэу псалъэхэр мэухуэр: «набгъэ (икIи ″нэ, бгъэ″у зы ″псалъэ зэгуэт″уи лъытапхъэщ)».

Мылъхуэ псэущхьэр къызэрыIуатэ ″бгъэ (бгъы-э)″р зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у бзэм зэрыхэхьам нэмыщI, и макъ мыхьэнэкIэрэи бзэм зэрыхэлэжьыхьыр гулъытапхъэщи, мы къэта щапхъэм ещхь мыхьэнэкIэрэ ″бгъ″ макъ мыхьэнэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэщ мыхэри: «гу ебгъэн, игу ебгъэн, губгъанэ, губгъуанэ щIын»; «къэрабгъэ, шынэ къэрабгъэ».

*″**Бгъ**″ макъ зэгуэтым бзэм ″**префикс – суффикс къалэн**″ хигъэзэщIыр.*

Зы пкъыгъуэм и гупэ лъэныкъуэр къызэрыIуатэ ″бгъэ″м теухууэ гъэзащIэ lуэхугъуэр ″бгъэры″ префикскIэрэ къэIуэтапхъэщи, мыпхуэдэ лэжьэкIэр ди ″макъ глагол″хэм теухуа щапхъэу къэдгъэлъэгъуэнщ: «бгъэрыин, бгъэрыун, бгъэрыуэн, бгъэрыIун, бгъэрыIуэн, бгъэрысын, бгъэрысэн, бгъэрызын, бгъэрыдзын, бгъэрыгъын, бгъэрыджын, бгъэрыджэн, бгъэрыдэн, бгъэрытIэн, бгъэрыщын, бгъэрыщэн, бгъэрыщIын, бгъэрыщIэн, бгъэрычын, бгъэрычэн, бгъэрыхун, бгъэрылъэн, бгъэрылэн, бгъэрывэн».

″Бгъэ″р зы щIыпIэр зэрылъытэращи, апхуэдэу лъытапхъэ щIыпIэщ щыдэгъэзащIэ lуэхугъуэхэр ″бгъэ″м ″дэ″ри къыкIэлъыкIуэу ″бгъэдэ″

префикскIэрэщ къызэрыIуатэри, мпхуэдэ щапхъэхэри ди ″макъ глагол″хэм теухуауэ къэтхьынщ: «бгъэдэин, бгъэдэун, бгъэдэуэн, бгъэдэIун, бгъэдэIуэн, бгъэдэсын – бгъэдэсыхьын*, бгъэдэсэн, бгъэдэзын, бгъэдэдзын, бгъэдэгъын – бгъэдэгъыхьын*, бгъэдэджын – бгъэдэджыхьын*, бгъэдэджэн, бгъэдэдын – бгъэдэдыхьын*, бгъэдэдэн, бгъэдэтIын, бгъэдэтIэн, бгъэдэщын – бгъэдэщыхьын, бгъэдэщэн, бгъэдэщIын – бгъэдэщIыхьын*, бгъэдэщIэн, бгъэдэчын, бгъэдэчэн, бгъэдэхун, бгъэдэлъэн, бгъэдэлэн, бгъэдэвын – бгъэдэвыхьын, бгъэдэвэн».

.

**″Бгъу″ макъ зэгуэтыр.**

*″**Бгъу**″ макъ зэгуэтым къытехъукI ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр.*

Макъищ зыхэт ″макъ зэгуэт″щ ″бгъу″ри, абы и къэхъукIэм зыр ипэкIэ къэта ″бгъ″ макъ зэгуэтым и ужьыгъуэу (у) къэхъууэ зэрылъытапхъэм нэмыщI, ″б-гъу″уи къэхъуауи лъытапхъэщ. Ар щыхъукIэ, мы къызэрыхъуа лъэныкъуитIкIи еджапхъэщ ″бгъу″ макъ зэгуэтым. Аращи, зи мыхьэнэр гурыIуэгъуэ къытхуэхъуарэ ужьыныгъэ зимыIэ ″бгъ″ым и ужьыгъуэу (у) ″бгъ-у″уэ къэхъуа ″бгъу″м и мыхьэнэр гурыIуэгъуэщ. Ар ″б-гъу″уэ утыку къихьамэ, ар зэрызэлъытэныгъэ (б) ужьыгъуапIэ (гъу) зи мыхьэнэщ. Мы къызэрыхъуа щIыкIитIым я мыхьэнэри зэрызэтехуэр гурыIуэгъуэщи, лъэныкъуитIкIи ″бгъу″ макъ зэгуэтым и мыхьэнэр зэхъуэкIыщэу лъытапхъэкъым.

Мы къэхъукIитIкIи мы макъхэр зэрызэгухьа щIыкIэу утыку къихьа ″бгъу″ макъ зэгуэтыр занщIэу бзэм зы ″макъ зэгуэт псалъэ″ хохъухьри, ар ″**бгъу**″ращ. Мы ″бгъу″ псалъэр икIи ″бгъ″ым и кIуэтэгъуэу къэхъуа ″бгъэ″ми теухуауэ къызэрыIуэтэфынур гурыIуэгъуэщи, зы пкъыгъуэм и ″бгъэ″рэ и ужьыгъуэпэр зыхэзыубыдэу абы и ужьыгъуэм и лъэныкъуэр къизыIуэ псалъэщ. ″Бгъэ″м и лъэныкъуитIыр зыхэзыубыдэращ ″бгъ-у″уэ зэрыухуакIэрэ ″бгъу″м къиIуатэр. Ар зыгуэрым и гупэрэ и ужьыгъуэпэм зызэриубгъу щIыкIэ зи мыхьэнэщ. Ауэ мы и мыхьэнэкIэрэ къэхъууэ зи гугъу тщIы зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у щыт ″бгъу″р щхьэжу бзэм щызекIуэкъыми, къыпыхьэ макърэ псалъэхэмкIэщ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. Аращи, ″бгъу″р зы лъэныкъуэр къызэрыIуатэми, ар зи лъэныкъуэм и зы Iыхьэр зэрылъытэ зы псалъэкъыми, дэтхэнэ гуэрым и ″бгъу″ лъэныкъуэр зытеухуарэ зыхуэджыр ″и″кIэрэ къэIуатэу ″ибгъу″ущ зэрылъытэр.

И лъэныкъуитIрэ и бгъуитIым я зэхуакум зы зэманыгъуэ дэлъу щытыр къызэрыIуатэри ″бгъу″м и кIуэтэгъуэу щхьэж зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у утыку къихьа ″**бгъуэ**″ псалъэращ.

И мыхьэнэр гурыIуэгъуэ къытхуэхъуа ″бгъу″р щхьэжу бзэм зэрыхэмылэжьыхьрэ зи ″бгъу″р ″и″рэ зы псалъэкIэ къызэрыIуатэу

зэрыхэтыр жытlагъэххэщ. Аращи, ″бгъуэ″м и лъэныкъуитlыр ″бгъу″уэ зэрылъытэкlэрэ зыгуэрым зызэриубгъур ибгъу лъэныкъуэр зызэрыхиубыдэм зэрезэгъкlэрэ ″бгъу″ макъымкlэщ къызэрыlуэтапхъэри, щыlэгъуэ ужьыгъуэу мыпхуэдэр къызэрыlуатэ зы ″макъ зэгуэт псалъэ″уи ″**бгъу**″р бзэм хохьэр. Ар ″бжэн″ lуэхур цlыхум къигъэунэхуа нэужь, зы бжыгъэм (9) теухуауэщ бзэм щызекlуэу зэрыщlидзэри, мы ″**бгъу**″р зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у бзэм зэрыхэт щlыкlэр зы бжыгъэцlэущ.

*″**Бгъу**″ макъ зэгуэтым къытехъукla **″макъ зэгуэт псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

*″**Бгъу**″ макъ зэгуэтым къытехъукla **″макъ зэгуэт псалъэ″**хэр **къыпыхьэ макъкlэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** теухуа щапхъэхэм деплъынщ.

Зыгуэрым и зы бгъу лъэныкъуэм теухуар къызэрыlуатэу ухуа плъыфэцlэ лlэужьыгъуэ псалъэхэу, къыпыхьэ макъкlэрэ ″бгъу″ макъ зэгуэт псалъэм къытехъукlыж псалъэщ мыхэр: «бгъунж, бгъундж, бгъунлъэ».

Зы бжыгъэцlэу щыт ″бгъу″р къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуэ псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэри: «бгъуэ, бгъуанэ, бгъанэрей, ебгъуанэ, ебгъуанэрей».

″Бгъуэ″ макъ зэгуэт псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм хэлэжьыхьу ухуауэ лъытапхъэ псалъэщ мыхэр: «бгъуэшхуэ, бгъуае»; «губгъуэ, абгъуэ (бзум и гъуэ бгъуэ лlэужьыгъуэ)».

*″**Бгъу**″ макъ зэгуэтым къытехъукla псалъэхэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ.

″Бгъу″р щхьэжу бзэм хэмылэжьыхьми, къыпыхьэ макърэ псалъэхэм хэтщи, мыпхуэдэу ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыр: «″бгъу, тlу″ → бгъуитl; ″лъэныкъуэ, бгъу″ → лъэныкъуэбгъу»; «лъэныкъуитlрэ ″бгъуитl″ыр зыхиубыдэу къызэрыlуатэр ″лъэныкъуэбгъуитl″щи, мыпхуэдэу ″бгъу″itl зэхуакурэ ″бгъу″ куэдагъэр къызэрыlуэтэну ″бгъуэ″м ″бгъуэ″ къызэрищlынури гурыlуэгъуэнщ; ари ″лъэныкъуабгъуэ″щ».

Зы бжыгъэцlэу щыт ″бгъу″р зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″пщlы, бгъу″ → пщlы-кlу-бгъу → пщlыкlубгъу; ″бгъу, щlы″ → бгъущl; ″бгъу, пщlы″ → бгъу-пщl → бгъупщl»; «″цlыху, бгъу″ → цlыхуибгъу; ″шы, бгъу″ → шибгъу; ″унэ, бгъу″ → унибгъу».

″Бгъуэ″ макъ зэгуэт псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэри: «″бгъуэ, щlагъ″ → бгъуэщlагъ – бгъуэнщlагъ»; «″жьэ, бгъуэ″ → жьабгъуэ; ″пэ, бгъуэ″ → пабгъуэ; ″lэ, бгъуэ″ → lэбгъуэ; ″лъакъуэ, бгъуэ″ → лъэкъуабгъуэ – лъабгъуэ; ″тхьэмпэ, бгъуэ″ → тхьэмпабгъуэ; ″щэкl, бгъуэ″ → щэкlыбгъуэ».

*″**Бгъу**″ макъ зэгуэт мыхьэнэр **″бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

Дэтхэнэ зы пкъыгъуэм и зы лъэныкъуэр къызэрыlуатэ макъ зэгуэт псалъэщ ″бгъу″ри, дэтхэнэ гуэрым мы и лъэныкъуэ lыхьэмрэ мыпхуэдэ зы лъэныкъуэр къызэрыlуатэри ″бгъу″р къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм хэлэжьыхьу ухуа мы псалъэмкlэщ: «ибгъу».

″Ибгъу″р зы лъэныкъуэ плъыфэцlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, щхьэжу мыпхуэдэу бзэм хэлэжьыхьу хэтщ. Ауэ икlи дэтхэнэ гуэрым и зы лъэныкъуэри мы ″ибгъу″ псалъэмкlэ зэрылъытэр гурыlуэгъуэщи, а гуэрыр къызэрыlуатэ псалъэр мы ″ибгъу″ псалъэм и ″и″м ипlэ иувэу а гуэрым мы ибгъу лъэныкъуэ lыхьэр къызэрыlуатэ псалъэ зэрыухуэнур гурыlуэгъуэщ. Ауэ зы лъэныкъуэр къызэрыlуатэ псалъэхэми ″ибгъу″р къыпыхьэу зи лъэныкъуэр зэрылъытэнур гурыlуэгъуэнщ: «ижьрабгъу, зэмэгурабгъу».

Мы щапхъэхэр плъыфэцlэм ″ибгъу″ псалъэр къызэрыпыхьэкlэрэщ зэрыухуари, дэтхэнэ гуэрым ибгъу лъэныкъуэ lыхьэри а гурыр къызэрыlуатэ щыlэцlэ псалъэр ″ибгъу″м и ″и″м ипlэ зэриувэкlэрэ ухуа псалъэмкlэщ къызэрыlуатэр: «lэбгъу, лъэбгъу, дзэбгъу, жьэбгъу, щlыбгъу, хыбгъу, пэбгъу, пхъэбгъу, щхьэбгъу».

Псалъэхэм я мыхьэнэм ибгъу лъэныкъуэ lыхьэр къызэрыlуатэ щlыкlэу псалъэхэр ″ибгъу″м гухьэу ухууэ мы зи гугъу тщla псалъэхэр икlи ″псалъэ зэгуэт″уи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ.

″Бгъу″р зыгуэрым и зы лъэныкъуэр къизыlуэ псалъэщи, зи ″бгъу″хэм я зэхуакум зы зэманыгъуэ зыдэлъыр зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у ″бгъуэ″уэ къызэрыlуэтам нэмыщl, зи ″бгъу″хэр зэпэгъунэгъуу щытрэ зэхуэзэрэ зыуэ (зы) щытыныгъэри (зэ) ″бгъу″ псалъэрэ макъ мыхьэнэм къыпыхьэ ″зэ″ макъкlэрэщ: «бгъузэ».

Ибгъу лъэныкъуэхэр зэпэжыжьэрэ зэпэгъунэгъухэри мы псалъэхэм къатехъукlыж псалъэхэмкlэщ къызэрыlуатэри, ибгъухэр зэпэжыжьэу щlыгу lэнэтlэшхуэ убгъуар къызэрыlуатэр ″губгъуэ″щ, нэр ибгъу лъэныкъуэмкlэ гъэзауэ зэрыплъэр къызэрыlуатэри ″нэбгъуз″щ.

″Бгъу″р гурыlуэгъуэщи, зыгуэрыр и ″бгъу″итlыр зыхиубыдэу къызэрыlуатэри ″лъэныкъуабгъу, лъэныкъуабгъуэ″ущ. Зыгуэрыр лъэныкъуабгъуу ибгъухэмкlэ укъуэдиинри ″бгъу″ макъ зэгуэткlэрэ къэlуэтапхъэ lуэху лlэужьыгъуэщи, ″бгъу″рэ ″бгъу-э → бгъуэ″ макъ зэгуэт мыхьэнэ лэжьэкlэ зыгъуэту ухуэ псалъэхэщ мыхэр: «убгъун: иубгъуэн, lуубгъун - lуубгъуэн, гуэубгъун - гуэубгъуэн, дэубгъун - дэубгъуэн, теубгъун - теубгъуэн, щlэубгъун – щlэубгъуэн, хэубгъун - хэубгъуэн».

″Бгъу″р зы лъэныкъуэу зэрыщытым къызэрыгуэкlкlэ, мыпхуэдэ зы щlыпlэм щыгъэзащlэ lуэхугъуэхэр ″бгъу″р зэрыгъэлъагъуэ ″р″ыкlэрэ ухуэж ″бгъуры″р префиксу зэрылэжьэнур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэр илъабжьэкlэ къэтхьынщ, ауэ мыпхуэдэу зэрыухуэкlэрэ глаголыщlэу утыку къихьэхэм теухуа щапхъэхэр мыбдежым

къыщытхьынщ: «бгъурытын, бгъурылъын, бгъурысын, бгъурыцlын – бгъурыцlэн, бгъурыкхъун – бгъурыкхъуэн, бгъурыхын, бгъурынэн».

*"**Бгъу**" макъ зэгуэтым "**префикс – суффикс къалэн**"у игъэзащlэхэр.*

"Бгъу"р зы лъэныкъуэр къызэрыlуатэ псалъэщи, зы щlыпlэм теухуащ. Мыпхуэдэ мыхьэнэкlэрэ "бгъу"р "р"ыкlэрэ зэрыгъэлъэгъуэж "бгъуры"р глаголхэм я гъэзэщlапlэр къэзыгъэлъагъуэу глаголхэм префикс язэрыхуэхъуфынур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэр ди "макъ глагол"хэм щыщхэм теухуауэ къэтхьынщ. Глагол гъэзэщlэкlэм теухуауэ кlэух макъи къэзыщтэу ухуэжыр "*" нэгъыщэкlэ къэгъэлъэгъуащ: «бгъурыин, бгъурыун, бгъурыуэн, бгъурыlун, бгъурыlуэн, бгъурысыхьын*, бгъурызын, бгъурыдзын, бгъурыгъын, бгъурыгъун, бгъурыгъун, бгъурыдэн, бгъурытlын, бгъуратlэн, бгъурыжын, бгъурыжэн, бгъурыжьын, бгъурыжьэн, бгъурыщын, бгъурыщэн, бгъурыщlын, бгъурыщlыхьын*, бгъурыщlэн, бгъурышэн».

**"Бг" макъ зэгуэтыр.**

*"**Бг**" макъ зэгуэтым къытехъукl "**макъ зэгуэт псалъэ**"хэр.*

"Б" макъ мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, абы джыпэрэ джыныгъэфl зи мыхьэнэ "г" макъыр къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ "бг"ыр зэлъытэныгъэ ужьыгъуэ эффектклэрэ джыпэрэ флыуэ джыгъуэу щытыныр зи мыхьэнэуэ жыlэпхъэщ. Мыр мы и мыхьэнэкlэрэ бзэм занщlэу зы "макъ зэгуэт псалъэ"у "**бгы**"уэ хэхьащи, ар lуащхьэрэ lуащхьэхэр зэзыпх лъэгагъэ зи мыхьэнэ псалъэщ.

Мыбы нэмыщl, "**бгы**" макъ зэгуэт псалъэр икlи зы псэущхьэм и пхэмрэ и плlэlу зэхуакуу лъэгаплэ зиlэ щlыпlэу щыт lэпкълъэпкъыплэр зэрылъытэрэ къызэрыlуатэ псалъэщ.

"Бгы"р къиlуатэ мы псалъэхэм дэтхэнэр япэ къэхъуами зэхэхугъуафlэкъым, ауэ "бг" макъ зэгуэтыр "бгы"р зытеухуа мы lуэхугъуэхэр къэlуэтэн папщlэ бзэм къыхэхъухьауэ жыlэпхъэщ.

Зыгуэрым егъэлеярэ лъэщагъ зиlэу губжь зыщlэлъ псалъэ желэнри къызэрыlуатэ "макъ зэгуэт псалъэ"у "**бгэ**"р "**бгэн**" глаголыпкъыу бзэм хэтщи, мыр "бгы"р макъ псалъэхэу бзэм зэрыхэхьам елъытауэ иужькlэ къэхъуа псалъэу жыlэпхъэщ.

*"**Бг**" макъым къытехъукla **"макъ псалъэ"хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **"псалъэ зэгуэтхэр"**.*

*"**Бг**" макъ зэгуэтым къытехъукla "**макъ зэгуэт псалъэ**"хэр **къыпыхьэ макъклэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** деплъынщ.

Зы лъэгагъэу lуащхьэхэр зыпызыщlэ "бгы"м къытехъукlыж псалъэхэм теухуащ мыхэр: «бгышхуэ, бгылъэ, бгыгу; бгынэн».

″Бгы″м ″къинэн″ мыхьэнэ зиlэу ″бгы″ псалъэр зи этимологие лъабжьэу къэхъуа глаголщ ″бгынэн″ыр.

Къурэ бгыр тафэрэ губгъуэм елъытауэ псэупlэкlэ гугъуехьыгъуэ зиlэ щlыпlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, абдежыр зи псэулъэу щытыр лъэгур зи псэулъэм елъытауэ мыlэсэрэ мыгъэсауэ зэрылъытэкlэрэ къызэрыlуатэ псалъэщ мыр: «ябгэ: псэущхьэ ябгэ, псэукlэ ябгэ, ябгэ псэукlэ, ябгэ щlыпlэ, щlыпlэ ябгэ».

″Бг″ макъ зэгуэт мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, ар lуащхьитl зэзыпх лъэгапlэ щlыпlэр ″бгы″уэ зэрылъытэм нэмыщl, псэущхьэхэм я плlэlурэ я пхэ зэхуакури зэрылъыта ″макъ зэгуэт псалъэ″щ. Мы и мыхьэнэкlэрэ ″бгы″м къыпыхьэ макъкlэрэ къытехъукlыж псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «бгышэ, бгызэ».

″Бгэн″ псалъэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэмкlэ зэрыухуэжым теухуа щапхъэщ мыхэр: «ебгэн – ебгын, зэбгын – зэбгэн, зэдэбгын – зэдэбгэн, дэбгын – дэбгэн, тебгэн, щlэбгын – щlэбгэн, къэбгэн – къебгэн – къебгын, хэбгын – хэбгэн, хуебгэн – хуебгын, фlебгэн – фlебгын, нэбгэн – небгэн – небгын»; «бгэр, бгэрей».

*″**Бг**″ макъ зэгуэтым къытехъукlа ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэми деплъынщ.

lуащхьэ зэгуаку лъэгапlэ зи мыхьэнэ ″бгы″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″бгы, ищхьэ″ → бгыщхьэ; ″бгы, ику″ → бгыку; ″бгы, икlэ″ → бгыкlэ; ″бгы, лъапэ″ → бгы лъапэ → бгылъапэ»; «″бгы, исы(н)″ → бгырыс».

Псэущхьэпкъым теухуа ″бгы″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «″бгы, пхы(н)″ → бгырыпх; ″бгы, щlэпхэ(н)″ → бгыщlэпхэ; ″бгы, къупщхьэ″ → бгы къупщхьэ → бгыкъупщхьэ».

*″**Бг**″ макъ зэгуэт мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

″Бг″ макъ зэгуэтыр утыку къызэрихьарэ и мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, ар мыпхуэдэ лъэгапlэрэ лъэщагъ зиlэ джыгъуэхэр къызэрыlуатэ макъ зэгуэтщ. Ар бзэм ″макъ зэгуэт псалъэ″ зэрыхэхъухьам нэмыщl, и макъ мыхьэнэкlэрэи холэжьыхьри, мыпхуэдэ лэжьэкlэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Аращи, унэ лъэгапlэу унэм ищхьэм телърэ унащхьэр зыlыгъыу щlэгъэкъуэн хуэхъур къызэрыlуатэри, зы жэщрэ зы махуэм и курыкупсри ″бг″ макъ зэгуэт мыхьэнэкlэрэ къызэрыlуатэу ухуэ псалъэщ мыхэр: «бгыкъу; жэщибг, мэхуибг».

Мы псалъэхэм я мыхьэнэм зэрыхэплъагъуэщи, ″бг″ макъ зэгуэт мыхьэнэр зыгуэрым и курэкупсу щытыр, а гуэрым и нэхъыфlыпlэрэ и пщалъэр зэрылъытэ щlыкlэуи бзэм холэжьыхьыр. Мыбы езэгъ лэжьэкlэу жыlэпхъэщ ″бг″ макъ мыхьэнэкlэ ухуа зы псалъэу зы цlыхур щхьэжу зэрылъытэрэ къызэрыlуатэри, а псалъэр цlыху зэхэтыкlэрэ цlыхугъэр къэзгъэщl пщалъэрэ лъабжьэу зэрылъыта щlыкlэу къэхъуауэ жыlэпхъэщ.

Аращи, зы цIыхур щхьэж лъытэгъуэу (нэ) зэрыщыткIэрэ зыхэтым къызэрыщхьэщхукIрэ (бг) и пщалъэу зэрылъытэкIэрэ къызэрыIуатэ щIыкIэу еджапхъэщ зи гугъу тщIы мы псалъэм: «нэрыбгэ».

"Бгы"р "макъ зэгуэт псалъэ"у бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэр щIыпIэ къизыIуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ зы щIыпIэм къыщекIуэкI IуэхугъуэР "бг" макъ зэгуэткIэрэ къызэрыгъэлъагъуэу глаголхэм префикс язэрыхуэхъуфынури гурыIуэгъуэщ. Аращи, "бгы"м хуэдэ щIыпIэм щыгъэзащIэ IуэхугъуэР "бгыры"уэ къызэрыIуэтэнур гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэ префикс къалэным илъабжьэкIэ и гугъу щытщIынщ. Ауэ мыпхуэдэ гъэзэщIэкIэкIэ глаголыщIэу утыку къихьэхэри щыIэщи, мыбыхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «бгырылъын, бгырысын, бгырытын, бгырыцIын – бгырыцIэн, бгырыгуэн, бгырыкуэн, бгырыхын, бгырынэн».

*"Бг" макъ зэгуэтым "**префикс – суффикс къалэн**"у игъэзащIэхэр.*

"Бгы"р зы щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ псалъэщи, абы мы и мыхьэнэкIэрэ "бгы"р "р"ыкIэрэ къызэрыгъэлъагъуэу ухуэ "бгыры"р глаголхэм префикс язэрыхуэхъуфынур гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэу ухуэж префиксиал глагол щапхъэхэр ди "макъ глагол"хэм щыщхэм теухуауэ къэтхьынщ: «бгырыин, бгырыун, бгырыуэн, бгырыIун, бгырыIуэн, бгырысын, бгырызын, бгырыдзын, бгырыгъын, бгырыгъун, бгырыдэн, бгырытIэн, бгырыжын, бгырыжэн, бгырыжьын, бгырыжьэн, бгырыщын, бгырыщэн, бгырыщIын, бгырыщIэн, бгырышэн, бгырыкIын, бгырыкIуэн, бгырыхун, бгырылъэн».

**"Бжь" макъ зэгуэтыр.**

*"**Бжь**" макъ зэгуэтым къытехъукI "**макъ зэгуэт псалъэ**"хэр.*

"Б"ым увыIэгъуэ имыIэу хьэрычэт мыхьэнэ зиIэ "жь"ыр къыкIэлъыкIуэу ухуэ "бжь" макъ зэгуэтыр "зэлъытэныгъэ эффекткIэрэ хьэрычэт" зи мыхьэнэщи, ар зытеухуам мыпхуэдэр хэзыщIыхьрэ къызхуэкIуэм хищIэрэ зэхъуэкIыныгъэм хуэзыгъакIуэ IуэхугъуэхэР къызэрыIуатэу бзэм хэлэжьыхьыынщ. Мыпхуэдэ IуэхугъуэхэР къызэрыIуатэу къэхъуа макъ зэгуэтщ "бжь"ыр.

Ар (бжь) къызхуэкIуэр зэрыщыту щытам щхьэщыкIыныгъэрэ зэхъуэкIыныгъэ игъуэтынщи, мы и мыхьэнэм къызэрыгуэкIкIэ, "бжьы, бжьэ"уэ гъэзащIэр "бжьын, бжьэн"кIэрэ къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ щIыкIэ зиIэ къэкIыгъэщ "**бжьын**" жыхуаIар. А къэкIыгъэр зэрылъыта щIыкIэр "бжь" макъ зэгуэт мыхьэнэм елъытащи, ар занщIэу зы глагол мыхъуми, зытеухуакIэрэ къэIуатэу глаголхэр утыку къохьэр (и**бжьэ**н, щIэ**бжьэ**н).

"**Бжьэ**"ри лэжьакIуэрэ и шэрэзри уи лым хэбжьэу зы псэущхьэр зэрылъыта "макъ зэгуэт псалъэ"щ.

Зэхъуэкlыныгъэу лым къыхэхъукl lэпкълъэпкъ гуэрхэри ″бжь″ макъ мыхьэнэкlэщ къызэрыlуатэри, мыпхуэдэри зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у ″**бжьэ**″уэщ, икlи ″**бжьа**къуэ″щ зэрылъытэрэ къызэрыlуатэр.

Мы ″бжьэ″рэ ″бжьакъуэ″м къыхэщlыкlауэ псырэ фадэ ефэнкlэ зетхьэ фалъэ лlэужьыгъуэри мы къызтехъукlа lэмэпсымэм теухуауэ зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у ″**бжьэ**″уэщ бзэм зэрыхэтыр.

″Бжь″ макъ зэгуэтыр зэхуэмыдэ lуэхугъуэхэм теухуауэ зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у бзэм холэжьыхьри, мыбы и зы щапхъэщ мыр: и пщэм тыралъхьэу выр зэрыщlащlэ пхъэ кlыхьыр ″**бжьы**″уэщ къызэрыраlуэри, мыпхуэдэ lуэху къагъэунэхуа нэужьу вэн-сэн лъэхъэнэхэм къэхъуа зы псалъэу къыщlэкlынщ.

*″**Бжь**″ макъ зэгуэтым къытехъукlа **″макъ зэгуэт псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэрауэ *″**бжь**″ макъ зэгуэтым къытехъукlа ″**макъ зэгуэт псалъэ″хэр къыпыхьэ макъкlэрэ** бзэм хэлэжьыхьу **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Псэущхьэм ищхьэм къытехъукl ″бжьэ″р икlи нэхъыбэу ″бжьакъуэ″ущ къызэрыlуатэ щlыкlэри, ″бжьэ″рэ ″бжьакъуэ″м теухуа lуэхугъуэхэр къызэрыlуатэу ″бжьэ″м къыпыхьэ макъкlэрэ ухуа псалъэхэщ мыхэр: «бжьэшхуэ, бжьэкъуэшхуэ, бжьагуэ, бжьэкъуагуэ, бжьашэ, бжьэкъуашэ»;

″Бжьэ″рэ ″бжьакъуэ″м къыхэщlыкlа lэмэпсымэ гуэрхэри ″бжьэ″м къыпыхьэ макъкlэрэ ухуа псалъэхэмкlэщ къызэрыlуатэр: «бжьэмий».

Гур зэрызырашэу выр зыщlапхэр зэрылъытарэ къызэрыlуэта ″бжьы″м теухуарэ къыпыхьэ макъкlэрэ ухуа псалъэщ мыхэр: «бжьыпэ; бжыпэр lыгъын (зыгуэрым ипэр убыдынрэ зыдэкlуапэм шэн lуэхугъуэ)».

Псэущхьэ лъэпкъ гуэрыр зэрылъыта ″бжьэ″м къытехъукlыж псалъэхэщ мыхэр: «бжьэшхуэ, бжьапцlэ».

*″**Бжь**″ макъ зэгуэтым къытехъукlа ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэми деплъынщ.

″Бжьэ″рэ ″бжьакъуэ″м къыхэщlыкlарэ фалъэу цlыхум зэрихьэу щlидзари ″бжьэ″уэ зэрылъытар гурыlуэгъуэщи, мы и мыхьэнэкlэрэ ″бжьэ″ макъ зэгуэт псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэщ мыхэр: «″lэгу, бжьэ″ → lэгубжьэ»; «″бжьэ, тlу″ → бжьитl; зы бжьэ бжьитl ефэн»; «″фадэ, бжьэ″ → фадэбжьэ».

″Бжьын″ псалъэхэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ щапхъэи къэтхьынщ мыхэр: «″бжьын, щхьэ″ → бжьыныщхьэ, ″бжьын, кlэ″ → бжьыныкlэ».

″Бжьын″ым хуэдэ ибжьэныгъэ зиlэу хужьыфэу щыт къэкlыгъэ лlэужьыгъуэри ″бжьын″ псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″ущ къызэрыlуатэр: «″бжын, ху(жь)″ → бжьыныху».

Псэущхьэ лъэпкъ гуэрыр зэрылъыта ″бжьэ″ псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «″бжьэ, пщы″ → бжьэпщ;

″бжьэ, (гъэ)хъун″ → бжьахъуэ; ″бжьэ, дыгъу″ → бжьэдыгъу; ″бжьэ, матэ″ → бжьэ матэ → бжьэматэ».

***″Бжь″*** *макъ зэгуэт мыхьэнэр* ***″бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэр″***.

Псэущхьэ гуэрхэм я щхьэм къыхэхъукI ″бжьэ″рэ ″бжьакъуэ″м хуэдэ къэхъуыкIэ зиIэри зы ″бжьанэ″у зэрылъытэри, мыпхуэдэу Iэпэрэ лъапэм къытехъукI Iэпкълъэпкъ Iыхьэр къызэрыIуатэу ухуа псалъэщ мыхэр: «Iэбжьанэ (Iэ бжьанэ), лъэбжьанэ (лъэ бжьанэ)».

″Бжь″ макъ зэгуэт мыхьэнэр гурыIуэгъуэщи, зыгуэрым ″бжь″ макъ мыхьэнэкIэрэ хищIэныгъэ иIэу гъэзащIэ IуэхугъуэхэриI зытеухуар къэзыгъэлъагъуэ макъ къыпыхьэу ухуэ префиксиал глаголкIэрэщ къызэрыIуатэр: «ибжьэн, гуэбжьэн, дэбжьэн, тебжьэн, щIэбжьэн, кIэрыбжьэн, хэбжьэн».

Ибжьэныгъэ зиIэхэри ″бжь″ макъ зэгуэт мыхьэнэкIэ къызэрыIуэтэнур гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэу лъытапхъэщ зы шхыны лIэужьыгъуэ къэкIыгъэр къызэрыIуэта щIыкIэр: «шыбжьий».

Щыдзакъэкlэ зэрибжьэрагъэнщи, зы хьэпlацlэ лlэужьыгъуэри ″бжьыдзэ″ущ зэрылъытар.

Утыку къызэрихьарэ зытеухуа IуэхугъуэхэрI гурыIуэгъуэщи, ″бжь″ макъ зэгуэтыр зэхуэмыдэ хуэдэу лъытапхъэ IуэхугъуэхэрI къызэрыIуатэу бзэм холэжьыхьыр. Ибжьэныгъэу фэм хищIэри, дэтхэнэ гуэрым ифэм хищIэ зэхъуэкIыныгъэри ″бжь″ макъ зэгуэт мыхьэнэкIэрэ къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэщ: «фэбжь; бжьыгъэ».

″Бжь″ макъ зэгуэт мыхьэнэр зыгуэрым лъэщу хищIэрэ ибжьэныгъэ къызэрыхъури къызэрыIуатэращи, мыпхуэдэхэр къызэрыIуатэу ″бжь″ макъ зэгуэткIэрэ ухуа псалъэхэщ мыхэр: «ткIыбжь»; «губжь, губжьын»; «хуабжь, хуабжьэу - хуабжьу».

Ипэкlэ къэта глаголхэм ещхьщу лъытапхъэщи, зи кIуэцIым хищIэрэ зэхъуэкIыныгъэу къэхъур ″бжь″ макъ зэгуэт мыхьэнэкIэрэ къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэщ. МафIэмкIэ ягъэхуабэрэ ягъэпщту ягъэзащIэ мыпхуэдэ IуэхугъуэрI япэрауи лым теухуауэ зэрыгъэзэщIари гурыIуэгъуэщ: «лыбжьэн, гъэлыбжьэн, зэхэгъэлыбжьэн; лыбжьэ».

Лым теухуауэ ягъэзащIэ мыпхуэдэ IуэхугъуэрI иужькIэ дэтхэнэ шхыныгъуэм теухуауэ ягъэзащIэу зэрыщIидзар гурыIуэгъуэщи, лым теухуауэ ухуа псалъэхэр а зэрыщыткIэрэ этимологие лъабжьэкIэ зэрихьэу къызэрыIуэтари гурыIуэгъуэщ: «джэд гъэлыбжьэн, джэш гъэлыбжьэн, къэб гъэлыбжьэн, кIэнтIыроф гъэлыбжьэн; джэд лыбжьэ, джэш лыбжьэ, къэб лыбжьэ, кIэнтIыроф лыбжэ».

Зыгуэрым лъэщу хищIэныгъэ зи мыхьэнэ зиIэращ ″бжь″ макъ зэгуэтри, ар зэхъуэкIыныгъэ къэзыщIщ. ЗэхъуэкIыныгъэр фIыгъуэ зыхэлъу ″бжь″ макъ зэгуэткIэрэ къызэрыIуатэм теухуа псалъэи щыIэщ: «бжьыфIэ».

Лъэщу хэщlэныгъэрэ зэхъуэкlыныгъэ къару зиlэ макъ зэгуэтщ ″бжь″ыри, ар зыхэщla пкъыгъуэрэ лъэр ужьыгъуапlэр къызпэщыт мэхъур. Зыгуэрым и щlагъым щlэлърэ ар зэрыужьарэ зэрыужьынум пlэ хуэхъур къызэрыlуатэ псалъэщ мыр: «лъабжьэ».

Дэтхэнэ гуэрым и щlагъ лъэныкъуэмрэ и щlагъ лъэныкъуэм щlэлъ и зы lыхьэ лъэныкъуэр къызэрыlуатэри ″лъабжьэ″р зэлъытар ″и″кlэрэ зэрыгъэлъагъуэу ухуэ ″илъабжьэ″ псалъэращ. Ар зытеухуар къызэрыlуатэ псалъэр ″илъабжьэ″ псалъэм и ″и″м ипlэ къиувэу къызэрыlуэтэнури гурыlуэгъуэщ: «унэм илъабжьэ → унэ лъабжьэ → унэлъабжьэ; жыгым илъабжьэ → жыг лъабжьэ → жыглъабжьэ».

Лъабжьэр лъэ къэхъупlэрэ ужьыгъуапlэщи, абы къытехъукlрэ ужьыгъуэ зыгъуэтыр ″бжьыфlэ″рщ. Бжьыфlагъ зиlэу дэтхэнэ зы лъэныкъуэмкlи ебэ екъуныгъэу къэхъури, мыпхуэдэ зыгуэрым и ужьыгъуапэри ″бжь″ макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуэтапхъэщ: «бжьабэ, къуабэбжьабэ»; «бжьэпэ».

Нэхъыбэу гъатхэм къэкlыгъэхэм къыпыкlыу ди фэм етlэхъуныгъэрэ ибжьэныгъэ зиlэу жьым зэрихьэ цы пэлъытэ лlэужьыгъуэхэр къызэрыlуатэрагъэнщ мы псалъэри къызэрыхъуа щlыкlэри, ар икlи щэкl къызхащlыкl зы къэкlыгъэ лъэпкъри зэрылъытэращ: «бжьэхуц».

И макъ мыхьэнэм гурыlуэгъуэ къызэрищlщи, гъэ къеклуэкlым къигъэхъуарэ къитар лъабжьэм зыхуэклуэрэ гъэ еужьыхыгъуэр къызэрыlуатэри ″бжь″ыр зэрыхьрэ ″бжь″ым и хэхьэгъуэу лъытапхъэ псалъэмкlэщ: «бжьыхьэ, бжьыхьэкlэ»

***″Бжь″*** *макъ зэгуэтым бзэм* ***″префикс – суффикс къалэн″*** *хигъэзэщlыхькъым,* ауэ ар зы lуэхур ″бжьэ″рэ ″бжьакъуэ″м теухуауэ зэрыгъэзащlэр къэзыгъэлъагъуэу глаголхэм префикс хуэхъуфыну зэрыщытрэ зэрыхущlэкъур, икlи глагол гуэрхэм суффикс хуэхъуфу ахэр и макъ мыхьэнэкlэрэ зэригъэлэжьэфынурэ абы зэрыхущlэкъури гулъытапхъэщ.

**″Бж″ макъ зэгуэтыр.**

***″Бж″*** *макъ зэгуэтым къытехъукl* ***″макъ зэгуэт псалъэ″****хэр.*

″Б″ макъым сытри зэпызыщlэн къару зиlэу зэпыудыгъуэ зэримыlэкlэрэ гъэзэщlэныгъэ зи мыхьэнэ ″ж″ макъ къыкlэлъыкlэу ухуэ ″бж″ макъ зэгуэтри мы къызэрыхъуа щlыкlэкlэ мыхьэнэ зыгъуэтаращ. Ар зэрызэлъыта ужьыгъуэ эффектклэрэ зэпыудыгъуэ имыlэу къеклуэкl lуэхугъуэхэр къызэрыlуатэ псалъэхэр зэрыухуэ макъ зэгуэту бзэм холэжьыхьыр. Мыпхуэдэ зэкlэлъхьэужьыкlэ зиlэу цlыхум къигъэунэхуар къызэреклуэкlрэ зэрыгъэзащlэр ″макъ зэгуэт псалъэ″хэу ***″бжы***, ***бжэ″***р зи глаголыпкъ ″**бжы**н, **бжэ**н″ глаголхэращ къэзыlуатэр.

**″Бжэ″**р икӏи щӏэкӏыпӏэрэ щӏэхьэпӏэм папщӏэ къыраӏуэу хэтщ бзэми, мыпхуэдэр зытеухуарэ зэлъыта щӏыпӏэм щӏэжыпӏэрэ щӏэжэпӏэу ″бж″ макъ зэгуэт мыхьэнэкӏэрэ къызэрыӏутапхъэр гурыӏуэгъуэнщ.

Ауэ, ***″бжэн″*** псалъэр икӏи зы псэущхьэ лъэпкъыр адыгэбзэм къызэрыриӏуэ псалъэрщи, ар фӏэкӏыпӏэ имыӏэу макъ мыхьэнэкӏэрэ зэпкъырыхын хуейуэ зэрыщымытыр гурыӏуэгъуэщ.

***″Бж″*** *макъ зэгуэтым къытехъукӏа* ***″макъ зэгуэт псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:*** *макъ къыпыхьэу* ***къытехъукӏыж псалъэхэр****, псалъэ къыпыхьэу ухуэ* ***″псалъэ зэгуэтхэр″****.*

***″Бж″*** *макъ зэгуэтым къытехъукӏа* ***″макъ зэгуэт псалъэ″****хэр* ***къыпыхьэ макъкӏэрэ*** *бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ* ***ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Бжын, бжэн″ глаголыр зэрыгъэзащӏэ щӏыкӏэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къызэрыпыхьэкӏэрэ ухуэ глаголхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «ибжын – ибжэн, ӏубжын – ӏубжэн, гуэбжын – гуэбжэн, дэбжын – дэбжэн, тебжын – тебжэн, щӏэбжын – щӏэбжэн, кӏэрыбжын – кӏэрыбжэн, къэбжын – къэбжэн, хэбжын – хэбжэн, хуэбжын – хуэбжэн, пыбжын – пыбжэн, фӏэбжын – фӏэбжэн, нэбжын – нэбжэн».

Зэрызэлъыта ужьыгъуэу генератикэ зэпыщӏэныгъэ зиӏэу гъэзащӏэр къызэрыӏуатэ макъ глагол ″бжын, бжэн″ыр къыпыхьэ макъкӏэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щӏыкӏэу къэхъуарэ зыгуэрым теухуауэ жыӏэпхъэхэр зэкӏэлъхьэужьу зэрыжаӏэр къызэрыӏуатэ псалъэщ мыхэр: «къэбжын, къебжэкӏ».

″Бжын, бжэн″ ӏуэухур бзэм нэхъыбэу зэрыхэлэжьыхь щӏыкӏэр гурыӏуэгъуэщи, абы и лэжьэкӏэм къыпыхьэ макъкӏэрэ къытехъукӏ псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «бжыгъэ, бжыгъэшхуэ».

Зы макъ зэгуэт псалъэу бзэм хэхьарэ щӏэкӏыпӏэ щӏэхьэпӏэр зэрылъыта ″бжэ″р къыпыхьэ макъкӏэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуа псалъэщ мыхэри: «бжэшхуэ, бжэӏу, куэбжэ»; «гъубжэ».

***″Бж″*** *макъ зэгуэтым къытехъукӏа "макъ зэгуэт псалъэ″хэр зыхэту ухуэ* ***″псалъэ зэгуэт″***хэми деплъынщ.

Зэрыигъуэщи, бжыгъэхэр къызэрыӏуатэ псалъэхэри ″бжыгъэ″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″кӏэрэщ къызэрыӏуатэр: «″бжыгъэ, цӏэ″ → бжыгъэцӏэ».

Щӏэкӏыпӏэ щӏэхьэпӏэр къызэрыӏуэта ″бжэ″ макъ зэгуэт псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «″бжэ, ищхьэ″ → бжащхьэ, бжэщхьэӏу; ″ӏуэ, бжэ″ → ӏуэбжэ; ″чы, бжэ″ →(чы-н-бжэ)→ чынабжэ».

″Гъубжэ″р ″бжэ″ псалъэм къыпыхьэ ″гъу″кӏэрэ къытехъукӏауэ тлъытащ ипэкӏи, ″гъу″р ″щхьэ″м теухуауэ зэрылъытэкӏэрэ къэхъу ″щхьэгъу″м ″бжэ″ хуэхъур ″щхьэгъубжэ″ псалъэмкӏэ къызэрыӏуэтапхъэр гурыӏуэгъуэщ. Ауэ икӏи ″щхьэ″м и ″гъубжэ″у зэрылъытапхъэкӏэрэи

къызэрыхъуфынур гурыIуэгъуэщ ″щхьэгъубжэ″ри ар мыпхуэдэ къэхъукIитI зиIэу зэрыухуар къэдгъэлъэгъуэнщ: «″щхьэ, гъубжэ″ → щхьэгъубжэ; ″щхьэгъу, бжэ″ → щхьэгъубжэ».

Ауэ ″щхьэгъубжэ″ псалъэр бзэм зэрыхэт и зы щIыкIэри ″щхьэгъумбжэ″щи, ар ″щхьэгъу″м ″бжэ″ зэрыхуэхъукIэрэ зэрыухуар къызхэщ псалъэщ. НытIэ, ″щхьэгъубжэ, щхьэгъумбжэ″ псалъэр ″щхьэ″м ″гъубжэ″ хуэхъу къахъуауэ лъытапхъэкъыми, ″щхьэгъу″м ″бжэ″ зэрыхуэхъукIэрэ къэхъуауэ лъытапхъэщ.

*″**Бж**″ макъ зэгуэт мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

″Бж″ макъ зэгуэтым и мыхьэнэр гурыIуэгъуэщи, ар бзэм псалъэ зэрыхэхъуа щIыкIэу ухуа ″макъ псалъэ″хэмрэ ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым щыгъуазэ дыхуэхъуащи, ахэр ″бж″ макъ зэгуэтыр и макъ мыхьэнэкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэр зыхэзыубыдэ лэжьэкIэу лъытапхъэщ. Араща, мыбдежым зи гугъу тщIынухэри ″бж″ макъ зэгуэтым къытехъукIа дэтхэнэ зы ″макъ зэгуэт псалъэ″м и мыхьэнэм теухуауэ лъытапхъэщ.

Къэхъуныгъэ лъабжьэ зи мыхьэнэщ ″гъу″ри, ″бжын, бжэн″ глагол мыхьэнэ зыхэлъу щыIэгъуэ лъабжьэрэ щыIэгъуэ къэхъупIэ ″гъу″р зэрыбжым теухуауэ къэхъуауэ жыIэпхъэщ ″гъубж″ псалъэр.

Жьэм дэхьэ дэкIыжрэ шхыныр жьэдэзылъхьэ lэмэпсымэри зы ″бжэ″р къызэрыхъуа щIыкIэм тету къэIуэтагъэнщ: «бжэмышх».

″Бжэ″ щIыпхъэ пхъэбгъури, ″бжэ″ къызхащIыкI жыг лъэпкъри ″бжэ″ псалъэм къытехъукIыжу ухуа псалъэхэмкIэщ къызэрыIуатэр: «бжэгъу, бжей».

Зы шхыныгъуэ къэкIыгъэ лъэпкъыр къызэрыIуатэ псалъэм нобэ ″бж″ макъ къыхэIукIыу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, ар къэбэрдеибзэкIэ къызэрыIуэтапхъэр ″бжь″ макъ зэгуэт зыхэт псалъэу зэрыщытын хуейр гурыIуэгъуэщ: ″шыбжий″м и пэжыпIэр ″шыбжьий″нщ.

*″**Бж**″ макъ зэгуэтым бзэм ″**префикс – суффикс къалэн**″ хигъэзэщIыхьакъым.*

### ″Бл″ макъ зэгуэтыр.

*″**Бл**″ макъ зэгуэтым къытехъукI ″**макъ зэгуэт псалъэ**″хэр.*

″Б″ макъым зэрыхъун хъуа лъэ гущIыIум тырищIэжыныр зи мыхьэнэ ″л″ къыкIэлъыкIуэу ухуэ ″бл″ макъ зэгуэт мыхьэнэр зэлъытэныгъэкIэрэ ужьыгъуэу утыку къихьэр зэрыхъун щыхъуарэ зэрызэфIэкIа lуэхугъуэм теухуащ. Мы и макъ мыхьэнэкIэрэ бзэм холэжьыхьыр ″бл″ макъ зэгуэтри, щыIэгъуэ ужьыгъуэу зэрыхъун хъуарэ щыIэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыхъуар къызэрыIуатэ зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у ″**блы**″р бзэм

хэхьагъэнщ. ″Бл″ макъ зэгуэтыр къызэрыхъуа щlыкlэри мыр къызэрыlуатэ щlыкlэу жыlэпхъэщ.

Щыlэгъуэ ужьыгъуэу зэпыудыгъуэ зимыlэу къекlэкlым мы и щlыпlэр къызэрыlуатэ ″блы″р иужькlэ цlыхум ″бжэн″ lуэхугъуэр къыщигъэунэхум щыгъуэ, зыхуэигъуэ зы бжыгъэр (7) къызэрыlуатэ зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у ″**блы**″р зэрихьэу щlидзагъэнщи, нобэ бзэм зэрыхэтрэ зэрызекlуэ щlыкlэри мыпхуэдэщ.

Щыlэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыхъурэ абы щыlэгъуэ зэригъуэтыр къызэрыlуатэр ″блы″уэщи, щыlэгъуэ ужьыгъуэу къэхъу къекlуэкlыр мыпхуэдэу ″бл″ макъ зэгуэткlэрэ ухуэ псалъэхэм къызэриlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, мыпхуэдэу ″блы″уэ зекlуэкlэ зиlэр ″блы″ кlуэтэгъуэу ″блэ″щи, ар зи глаголыпкъ ″**блэн**″ыр щыlэгъуэ зиlэм и щыlэгъуэр зэрихьрэ зэрыбагъуэри къызэрыlуатэ глаголщ.

Щыlэгъуэ ужьыгъуэм щыlэгъуэ зэригъуэтар къызэрыlуатэу утыку къихьа ″блы″р мы ужьыгъуэм и зы пщалъэу зы увыlэпlэ быдапlэ зи мыхьэнэщи, мыпхуэдэ быдапlэу гъэзащlэри ″бл″ макъ мыхьэнэкlэрэ къэlуатэу ″**блын**″у лъытагъэнщ.

Зэрызэлъытэныгъэ ужьыгъуэрэ кlыхьагъ зиlэ зы псэущхьэри зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у ″**блэ**″уэщ къызэрыlуэтар.

*″**Бл**″ макъ зэгуэтым къытехъукlа **″макъ зэгуэт псалъэ″хэр бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукlыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

Япэрауэ *″**бл**″ макъ зэгуэтым къытехъукlа ″**макъ зэгуэт псалъэ″хэр къыпыхьэ макъкlэрэ** бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ **ухуэ псалъэхэм*** щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

″Бл″ макъ зэгуэт мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, ар зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у утыку къызэрихьэ ″блы″р щыlэгъуэ ужьыгъуэм щыlэгъуэ зэригъуэтыр къызэрыlуатэу, щыlэгъуэр зэрыужьрэ зэрызекlуэу зэрыунэтlым и зы пщалъэр къызэрыlуатэ псалъэщ. Мыпхуэдэ зекlуэкlэр зэрыгъэзащlэри ″блэн″ глаголкlэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, ″блэн″ глаголыр зэрыгъэзащlэ щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр къыпхьэу ухуэж глаголхэм теухуа щапхъэхэмрэ мыбыхэми къатехъукlыж псалъэхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «иблэн, lублэн, гуэблэн, дэблэн, теблэн, щыблэн, щlэблэн, зэщlэблэн, кlэрыблэн, къэблэн, къуэблэн, хэблэн, хуэблэн, пыблэн, фlэблэн, нэблэн»; «ублэн: къэублэн, зэхэублэн»; «щыблэ, щlэблэ, пэублэ; благъэ».

″Блын″ псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэи къэтхьынщ: «блынышхуэ».

Къызэрыхъуа щlыкlэри и мыхьэнэр гурыlуэгъуэу щыт ″блы″ псалъэр иужькlэ игъуэ зы бжыгъэр къызэрыlуатэу бзэм зэрыхэхьар гурыlуэгъуэщи, зы бжыгъэцlэу ″блы″р къыпыхьэ макъхэмкlэ бзэм

зэрыхэлэжьыхьым теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ: «блэ, бланэ, ебланэ, ебланэрей».

Зы псэущхьэр зэрылъыта ″блэ″ макъ зэгуэт псалъэр къыпыхьэ макъкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ухуа псалъэщ мыхэр: «блэшхуэ»; «благъуэ».

*″**Бл**″ макъ зэгуэтым къытехъукlа ″макъ зэгуэт псалъэ″хэр зыхэту ухуэ ″**псалъэ зэгуэт**″*хэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ.

″Блэн″ глагол лэжьэкlэ зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэу лъытапхъэщ мыхэр: «″хьэ, блэ(н)″ → хьэблэ; ″lэ, блэ″ → lэблэ».

″Блын″ псалъэр зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэи къэтхьынщ: «″блын, ху(жь)″ → блыныху; ″блын, плъы(жь)″ → блыныплъ; ″блын, джабэ″ → блын джабэ → блынджабэ».

Зы бжыгъэцlэу щыт ″блы″р зыхэту ухуэ ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «″блы, ищхьэ″ → блыщхьэ»; «″пщlы, блы″ → пщlы-кlу-блы → пщlыкlубл; ″щэ, блы″ → щэ-и-блы → щибл; ″блы, щlы(н)″ → блыщl»; «″цlыху, блы″ → цlыху-и-блы → цlыхуибл; ″шы, блы″ → щы-и-блы → шибл; ″щхьэ, блы″ → щхьэ-и-блы → щхьибл».

Зы псэущхьэцlэу щыт ″блэ″р зыхэту ухуа ″псалъэ зэгуэт″хэм теухуа щапхъэщ мыхэр: «″блэ, кlэ″ → блэкlэ – блакlэ; ″блэ, щхьэ″ → блащхьэ; ″блэ, шыр″ → блэ шыр → блэшыр; ″блэ, щхъуэ″ → блащхъуэ».

*″**Бл**″ макъ зэгуэт мыхьэнэр ″**бзэм зэрыхэлэжьыхькlэрэ ухуэ псалъэхэр**″.*

″Бл″ макъ зэгуэт мыхьэнэр гурыlуэгъуэщ, икlи ар мы и мыхьэнэкlэрэ занщlэу ″блы″рэ ″блэн″у ″макъ зэгуэт псалъэ″у бзэм зэрыхэхьа щlыкlэр ″бл″ макъ зэгуэтыр и мыхьэнэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр езэгърэ елъыта бзэ мыхьэнэхэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Аращ икlи, ″блы, блэн″ псалъэхэр къыпыхьэ макърэ псалъэкlэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьми щыгъуазэ узэрищlщи, щыlэгъуэ ужьыгъуэр къызэрыхъурэ щыlэгъуэ зэригъуэтыр къызэрыlуатэ ″блы″мрэ абы и кlуэтэгъуэу щыlэгъуэм и щыlэгъуэр зэрихьрэ зэрыбагъуэр къизыlуэ ″блэн″ глаголыр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ псалъэхэр къытехъукlыжым теухуа щапхъэхэр зэрымымащlэр гурыlэгъуэнщ.

Щыlэгъуэ лъабжьэ пкъыгъуэхэр зэрызекlуэ щlыкlэр къызэрыlуатэ глаголщ ″блэн″ри, ар нэху бзийр зэрызекlуэм теухуауэщ нэхъыбэу бзэм зэрыхэплъагъуэр. Ауэ, нэху бзийр ″фотон″ жыхуаlэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlуу зэхэлъущ зэралъытэри, мыпхуэдэу дэтхэнэ зы атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlу зекlуэкlэрэ хьэрычэтыр къызэрыlуэтапхъэри ″блэн″ глаголкlэрэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, ″фотон″ым имызакъуэу, атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм къыпкъырыкlрэ щыlэгъуэр зэрызекlуэ къарухэу ялъытэ ″электромагнетикэ, нуклеер, радиоактив, гравитон″ къарухэр зэрызекlуэ щlыкlэр ″блэн″ lуэхугъуэщ.

″Блэн″ глаголыр зытеухуауэ адыгэбзэм щызэрызекlуэр нэху бзийхэм я зэкlуэкlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мыбы къыщымынэу космосыр зэрызекlуэ къарури ″блэн″ глаголкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ. Адыгэбзэм хэту ″блэн″ lуэхугъуэм теухуауэ къэхъу зы псалъэри ″щыблэ″у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ар электон дзыгъуэм къигъэщl нэхугъэр къызэрыlуатэ псалъэращ. Ар электрон дзыгъуэм къигъэхъу фотонхэм къагъэщl нэхугъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, цlыхум и нэм илъагъуэфыр нэхугъэущ зэрилъытэри, ар атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlу фотонхэмкlэ ухуащ. Ауэ космосыр зэрыухуа дэтхэнэ атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэм я зекlуэкlэрэ хьэрычэтри ″блэн″ псалъэм къызэриlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщи, ахэр блэуэ щыщlидзэрэ егъэлеяуэ щыблэм щыгъуэри ″щыблэ″ псалъэм къызэриlуэтапхъэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, космосыр зэрызекlуэу зи гугъу тщla къаруиплlыр зэрызекlуэр ″блэн″klэрэ къызэрыlуэтапхъэм зэрезэгъщи, ахэр блэуэ къыщыщlидзэрэ егъэлеяуэ блэуэ щыщlидзэри ″щыблэ″ псалъэмкlэ къызэрыlуэтапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Щыlэгъуэрэ космосыр зэрызекlуэр ″блэн″klэрэщи, ар атомыр зэрыухуэрэ зэрызекlуэр, ар къэзыгъэхъу атом лъабжьэ пкъыгъуэ цlыкlухэр зэрызекlуэр къызэрыlуатэ псалъэщ. Мыпхуэдэ лъабжьэм къыщlидзэу щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрыр зэрызекlуэрэ зэрыбагъуэри ″блэн″ псалъэр зэрилъабжьэкlэрэщ къызэрыlуатэри, щыlэгъуэр зэрыухуарэ зэрызекlуэр къызэрыlуатэ ″блэн″ псалъэр икlи псэ ужьыгъуэри къызэрыlуатэ псалъэхэми лъабжьэ хуохъур. Мыбыи къыщымынэу, псэущхьэрэ цlыху щlеину къэхъу дэтхэнэ зы lуэхугъуэри ″блэн″ псалъэр лъабжьэ зэрыхъукlэрэ къызэрыlуэтапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Аращи, дэтхэнэ зы щыlэгъуэ зекlуэкlэрэ хьэрычэтыр, щыlэгъуэ зиlэ дэтхэнэ гуэрым и щыlэгъуэр зэрихькlэрэ зэрыбэгъуэр, дэтхэнэ зы lуэхугъуэр зэрызекlуэрэ зэрыбагъуэр къызэрыlуатэ псалъэхэм я лъабжьэр ″блэн″ращи, ар лъабжьэ язэрыхуэхъукlэрэ адыгэбзэм къиlуатэ lуэхугъуэхэм теухуа нэгъуэщl щапхъэхэри къэтхьынщ.

Зы lуэхутхьэбзэ гъэзэщlэну хуежьэнрэ абы пэщlэдзэ хуэщlынри, ″блэн″ lуэху ужьыгъуэщ: «ублэн: къэублэн, зэщlэублэн, зэхэублэн, пэублэн, пэублэ».

Дэтхэнэ зы щыlэгъуэм и щыlэгъуэр зэрихьрэ зэрыбагъуэр ″блэн″ глаголкlэрэщ къызэрыlуэтапхъэри, бэгъуэныгъэр hаlуэ къызэрытхуэхъур псэ зыlутхэрауэ зэрыщытым ипкъ иткlэ, илъабжьэкlэ къэта псалъэхэр нэхъыбэу абыхэм я бэгъуэныгъэм зэрытеухуари гулъытапхъэщ: «зэщlэблэн, къызэщlэблэн, щlэблэ, щlэблэщlэ»; «зэщlэблэу зэхэбагъуэ зы цlыху лъэпкъ гупыр ″хьэблэ″у лъытапхъэщи, ар зэблагъэ цlыхухэр зэхэсу зыдыдэсыр къызэрыlуатэ псалъэщ».

Псэущхьэри зэрыбагъуэр ″блэн″klэрэщи, ар зылъытэрэ абы зыригъэкlуу зи гъащlэр зыхьыр цlыхурауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Мыпхуэдэу щыIэгъуэр зэрыужьрэ щыIэгъуэ къытехъукIыу зэрыбагъуэр ″блы″гъэкIэрэ зэрыгъэзащIэр гурыIуэгъуэ къызхуэхъу цIыхур икIи мыр хабзэ зыхуэхъуаращ, икIи и гъащIэр зэрызырихьэну щIыкIэу ″блы″гъэм екIуныгъэри и хабзэми лъабжьэ зэрыхуэхъужар гурыIуэгъуэщ. Араща, цIыхур зэрыбагъуэрэ зэрызэщIэблэр ″блы″гъэм езэгъыныгъэщи, мыбы къытехъукIа псалъэхэр Адыгэр фIыщэу иджыри зытет лъагъуэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэращ: «благъэ, благъагъэ».

Благъагъэр цIыху бэгъуэныгъэрэ зэрызэщIэблэр зэлъыта зы системэщи, мы системэр къыздыщекIуэкIрэ абы хиубыдэращ ″благъэ″ псалъэм къиIуатэр. Благъагъэ системэм хиубыдэхэр зэблагъуэщи, зы блыгъэм иту зэпыщIахэращ. Ахэр генетикэу зы жыгым щыщхэращ. Благъагъэ системэм икIыныгъэр зы нэрыбгэм елъытауэ ″блы″гъэ зыхуимыIэжращи, а нэрыбгэм ипэ къэхъуа е а нэрыбгэм къыщIэхъуами, ″блы″гъэм икIар а нэрыбгэм дежкIэ ″благъэ″къым, абы и благъагъэ системем щымыщращ. Мыпхэдэщ ″благъагъэ″ системэри, абы хиубыдэхэр зэхуэдэ зы ген жыгыу зэрыщытым папщIэ, зэхэбэгъухькъым, зэрышэжкъым. Абы и щIыбым щыщхэращ зэрышэн хуейрэ генетикэу зэхэбэгъуэныгъэр зыхуэигъуэри, зэрышэхэри генетикэкIэ зэрызэпыщIэкIэрэ ″благъэ″ мэхъухэр.

Араща, ″благъэ″рэ ″благъагъэ″р генетикэ зэпыщIэныгъэ зиIэрэ зэгъунэгъухэщ. Гъунэгъугъэр мыпхуэдэу генетикэу ″блы″гъэрэ ″блэн″ псалъэхэм гурыIуэгъуэ къызэращIрагъэнщи, ″бл″ макъ зэгуэтыр икIи гъунэгъугъэ мыхьэнэми теухуауэ бзэм холэжьыхьыр. Мыпхуэдэщ гъуэнэгъу хуэхъунрэ гъунэгъугъэ зыхуиIэн гугъэкIэ зыгуэрыр къеджэнри къызэрыIуатэ псалъэхэр ″блы″гъэрэ ″блэн″ыгъэм теухуауэ гъэзащIэущ зэрыухуэр: «блэгъэн, къэблэгъэн, еблэгъэн, егъэблэгъэн, къегъэблэгъэн».

Зы псэущхьэ лIэужьыгъуэри ″блэ″уэ къызэрыIуэтар гурыIуэгъуэщи, абы теухуауэщ ″благъуэ″ псалъэри зэралъытэр. Ауэ зы мифологие псэущхьэр зэралъытэ псалъэу зэрыщытми гурыщхъуэ къызэрыуитщи, а псалъэр зытеухуар нобэ зэралъытэм хуэдэу нахуэуи жыIэпхъэкъым: ″благъуэ″ псалъэр икIи ″блы″рэ ″блэн″ lуэхугъуэми теухуарэ елъытауэ къэхъуа зы псалъэуи лъытапхъэщ.

″Благъуэ″ псалъэр икIи гъунэгъугъэ зи мыхьэнэкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьри гурыIуэгъуэщ: «lэгъуэ, благъуэ, lэгъуэ-благъуэ».

Зы псэущхьэм ″блэ″ зэрыфIэщам хуэдэу лъытапхъэщ ″lэблэ″ псалъэри зэрыухуар, ауэ ″блыпкъ″ыр ″блы″гъэрэ ″блэн″ lуэхугъуэ щыт, хьэмэрэ зы бжыгъэцIэу ″блы″м теухуа, ар наIуэкъым.

″Благъуэ″р мифологием зэрыхэтыр цIыхум и гъащIэм зэремызэгъкIэрэщ. Ар цIыху гъащIэрэ гъэшым и бийуэщ зэрылъытэри, мыр зыIисрэ зытеухуар къэгъэунэхуныр мифологие лэжьыгъэм теухуауэ лъытапхъэщ. Ауэ ″бл″ макъ зэгуэт мыхьэнэр щыIэгъуэ ужьыгъуэрэ бэгъуэныгъэу зэрыщытрэ, ″бл″ макъ зэгуэткIэрэ ухуа мы мифологие

псалъэр (благъуэ) щыIэгъуэ ужьыгъуэрэ бэгъуэныгъэм езауэрэ хуэмыфIыр къызэрыIуатэу зэрыщытым езэгъ зы псалъэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ ″гъаблэ″ри. ЦIыхум ″благъуэ″м ″гъаблэ″ къызэрыхуихьущ мифологием къызэрыхэщри, ″гъэ, блэ″кIэрэ зы ″псалъэ зэгуэт″уи еджапхъэ ″гъаблэ″р мифологие тип ″благъуэ″ кулът зыхэлъу зы псалъэу лъытапхъэщ.

″Бл″ макъ зэгуэтыр абы къытехьукIа макъ зэгуэт псалъэхэм езэгъыу бзэм зэрыхэлэжьыхьым нэмыщI, мифологием хэхьарэ ″бл″ макъ зыхэту ухуа псалъэхэми езэгъыу ″бл″ макъ зэгуэт зыхэту ухуа псалъэхэри зэрыщыIэм и щапхъэщ мы зи гугъ тщIар.

″Бл″ макъ зэгуэтыр бзэм зэрыхэлэжьыхьу мы къэта щапхъэхэм нэмыщI, ″блэ″м и ″щхьэ″ри къызэрыIуатэ зы псалъэу щыт ″блащхьэ″м нэгъуэщI мыхьэнэхэри иIэщи, ар бзэм мы щызэрекIуэ щIыкIэр зы ″блэ″ псэущхьэми, зы бжыгъэцIэу ″блы″ми зэрытемыухуар наIуэщ. Араща, кIыхьагъ зиIэр зызэрыдзар къызэрыIуатэу, зы кIапсэм ищхьэр зызэрыдза щIыпIэращ (щIопщыкIэмрэ и тхьэмпэр зэрызэпхыпIэ) мы зи гугъу тщIы ″блащхьэ″ псалъэм къиIуатэр. Мыбы нэмыщI, ″блащхьэ″р икIи зы lэщэу щыт ″гу″м теухуауэ ″гублащхьэ″ псалъэм хэтщи, мы и мыхьэнэри ипэкIэ зи гугъу тщIа lуэхугъуэм зэрещхьыр гурыIуэгъуэщ.

″Бл″ макъ зэгуэтыр бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэм езэгъыу лъытапхъэщи, гъунэгъугъэрэ гъунэгъу лъэныкъуэм теухуауэ гъэзащIэ lуэхугъуэр ″бл, блэ″ макъ зэгуэткIэрэ къэIуатэу псалъэхэр мэухуэжыр. Гъунэгъугъэрэ зи lэгъуэблагъуэм щыгъэзащIэ lуэхугъуэхэр ″бл, блэ″ макъ зэгуэткIрэ къэгъэлъагъуэ префикскIэрэ мэгъэзащIэри, мыпхуэдэу ухуэж глаголхэм теухуа щапхъэхэр илъабжьэкIэ къэтхьынщ, ауэ мыбдежым ″бл″ыкIэрэ утыку къихьэ префиксиал глаголыщIэхэм теухуа щапхъэ къэтхьынщ: «блэцIын – блэцIэн, блэкхъун – блэкхъуэн, блэкIын, блэхын».

*″**Бл**″ макъ зэгуэтым ″**префикс – суффикс къалэн**″у игъэзащIэхэр.*

″Бл″ыр гъунэгъугъэ мыхьэнэи къызтехъукI макъ зэгуэтщи, ар зы лаголыр зэрыгъэзащIэ щIыкIэр къызэрыIуатэу префикс къалэн зыгъэзащIэрщ. Мыпхуэдэу ″бл″ префикскIэрэ ухуэж глагол щапхъэхэр ди ″макъ глагол″хэм щыщхэм теухуауэ къэтхьынщ. Ауэ глагол гуэрхэр зэрыгъэзащIэ щIыкIэм елъытащи, ″бл″ префикскIэрэ къэIуэтэныр хуэигъуэщэ зэрымыхъур гурыIуэгъуэщ; глагол гуэрхэри зэрыгъэзащIэ щIыкIэу кIэух макъи къащтэри, ахэр ″*″ нэгъыщэкIэ къэгъэлъэгъуащ: «блэин, блэун, блэуэн, блэIун, блэIуэн, блэсыхьын*, блэзын, блэдзын, блэгъын – блэгъыхьын*, блэгъуэн - блэгъухьын*, блэджын – блэджыхьын*, блэджэн, блэдын – блэдыхьын*, блэдэн, блэтын – блэтыхьын*, блэтIын – блэтIыхьын*, блэтIэн, блэжын – блэжыхьын*, блэжын – блэжэн, блэжьын, блэжьэн – блэжьыхьын*, блэщын – блэщыхьын*, блэщэн, блэщIын – блэщIыхьын*, блэшэн, блэчын, блэчэн – блэчыхьын*, блэхун – блэхуэн».

″Бл″ макъ зэгуэтыр дэтхэнэ зы псалъэм суффикс хуэхъуу жылэпхъэкъым, ауэ абы и мыхьэнэр гурыӀуэгъуэщи, псалъэхэм суффикс хуэхъункӀэрэ зэрыхущӀэкъури гурыӀуэгъуэнщ.

## ″Ф″ МАКЪЫМКӀЭ КЪЕЖЬЭ МАКЪ ЗЭГУЭТЫР: «ФТ».

*″**Фт**″ макъ зэгуэтым къытехъукӀ ″**макъ зэгуэт псалъэ**″р.*

Пкъыгъуэ кӀуэцӀым къыщыхъу къару мыхьэнэ зиӀэ ″ф″ макъым щхьэщыкӀыныгъэ зи мыхьэнэ ″т″ къыкӀэлъыкӀуэу ухуэ ″фт″ макъ зэгуэт мыхьэнэр пкъыгъуэм къигъэхъу къарум теухуауэ къэхъу щхьэщыкӀыныгъэу лъытапхъэщ. Ар мыпхуэдэ зы Ӏуэхугъуэм теухуа лъытапхъэщ зы Ӏэпкъылъэпкъыр къызэрыӀуатэ щӀыкӀэу зы ″макъ псалъэ″у ″**фты**″уэ бзэми зэрыхэхьар.

*″**Фт**″ макъым къытехъукӀа **″макъ псалъэ″р бзэм зэрыхэлэжьыхьыр:** макъ къыпыхьэу **къытехъукӀыж псалъэхэр**, псалъэ къыпыхьэу ухуэ **″псалъэ зэгуэтхэр″**.*

*″**Фт**″* макъ зэгуэтым къытехъукӀа *″**макъ зэгуэт псалъэ**″*ри ***къыпыхьэ макъкӀэрэ*** бзэм хэлэжьыхьу ***ухуэ псалъэхэмрэ*** зыхэту ухуэ *″**псалъэ зэгуэт**″* щапхъэхэри къэтхьынщ: «фтышхуэ»; «″шы, фты″ → шыфт; ″хьэ, фты″ → хьэфт».

*″**Фт**″ макъ зэгуэт мыхьэнэр **″бзэм зэрыхэлэжьыхькӀэрэ ухуэ псалъэхэр″**.*

Зы къарукӀэрэ щхьэщыкӀыныгъэу гъэзащӀэ Ӏуэхугъуэхэри ″фт″ макъ зэгуэт мыхьэнэкӀэ къызэрыӀуэтапхъэр гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэу зыхуэгъэзащӀэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэр ″фт″ макъ зэгуэтым къыпыхьэу ухуэ псалъэхэщ мыхэр: «щӀэфтын, зэщӀэфтын, зэкӀэщӀэфтын»; «цӀафтэ; щӀэцӀэфтын, тецӀэфтын»; «уфтэрэкъын, уфтэрэкъ».

Мыбыхэм хуэдэрэ мыхьэнэкӀэ мащӀэу зэщхьэщыкӀыныгъэ зиӀэу лъытапхъэщи, зы щӀыналъэм хиубыдэу икӀэкӀэ къыщына и зы къуапэр ″кӀэ″м ″фт″ макъ зэгуэт къыкӀэлъыкӀуэу зэрылъытэу ухуа зы псалъэрщ мыри: «кӀэфт».

*″**Фт**″ макъ зэгуэтым бзэм **″префикс – суффикс къалэн″** хигъэзэщыхькъым.*